# New Testament



Adyghe Language

# Adyghe - Bible - New Testament


| | |
|---|---|
| Маттэ | 3 |
| Марк | 81 |
| Лука | 131 |
| Иуан | 214 |
| Апостолхэм ашIэгъэ Iофхэр | 274 |
| Апостол Якъубэ тхылъэу ытхыгъэр | 350 |
| Апостол Петрэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэр | 358 |
| Апостол Петрэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэр | 367 |
| Апостол Иуан апэрэ тхылъэу ытхыгъэр | 373 |
| Апостол Иуан ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэр | 381 |
| Апостол Иуан ящэнэрэ тхылъэу ытхыгъэр | 382 |
| Апостол Иудэ тхылъэу ытхыгъэр | 384 |
| ШIошъхъуныгъэ зиIэхэу Рим къэлэшхом дэсхэм апостол Паул тхылъэу афитхыгъэр | 387 |
| ШIошъхъуныгъэ зиIэхэу Коринф къалэм дэсхэм апостол Паул апэрэ тхылъэу афитхыгъэр | 421 |
| ШIошъхъуныгъэ зиIэхэу Коринф къалэм дэсхэм апостол Паул ятIонэрэ тхылъэу афитхыгъэр | 454 |
| ШIошъхъуныгъэ зиIэхэу Галатие хэкум исхэм апостол Паул тхылъэу афитхыгъэр | 475 |
| Апостол Паул шIошъхъуныгъэ зиIэхэу Ефес къалэм дэсхэм тхылъэу афитхыгъэр | 487 |
| ШIошъхъуныгъэ зиIэхэу Филиппи къалэм дэсхэм апостол Паул тхылъэу афитхыгъэр | 498 |
| ШIошъхъуныгъэ зиIэхэу Колоссэ къалэм дэсхэм апостол Паул тхылъэу афитхыгъэр | 5/6 |
| ШIошъхъуныгъэ зиIэхэу Фессалоникэ къалэм дэсхэм апостол Паул апэрэ тхылъэу афитхыгъэр | 514 |
| ШIошъхъуныгъэ зиIэхэу Фессалоникэ къалэм дэсхэм апостол Паул ятIонэрэ тхылъэу афитхыгъэр | 521 |
| Апостол Паул апэрэ тхылъэу Тимофей фитхыгъэр | 525 |
| Апостол Паул ятIонэрэ тхылъэу Тимофей фитхыгъэр | 534 |
| Апостол Паул тхылъэу Тит фитхыгъэр | 541 |
| Апостол Паул тхылъэу Филимон фитхыгъэр | 545 |
| Еврей цIыфхэм афэтхыгъэ тхыл | 547 |
| Апокалипсис | 572 |


© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

Institute for Bible Translation

# Adyghe - Bible - New Testament

## Маттэ

## Маттэ 1

### Исус къызхэкIыгъэ лъэпкъыр

(Лука 3:23-38)

1 Мыр Исус Христосэу Даутэ ыкъор, Ибрахьимэ ыкъор къызхэкIыгъэ
лъэпкъым итхылъ.

2 Ибрахьимэ Исхьакъ къыфэхъугъ; Исхьакъ Якъубэ къыфэхъугъ; ащ
Иудэрэ ышхэмрэ къыфэхъугъэх;

3 Иудэ Пэрэцрэ Зарэрэ къыфэхъугъэх; итIумэ янэ Тамар ыцIагъ; Пэрэц
Хэцрон къыфэхъугъ; ащ Рам къыфэхъугъ;

4 ащ Аминадаб къыфэхъугъ; ащ Нахшон къыфэхъугъ; ащ Салмон
къыфэхъугъ;

5 ащ БоIаз къыфэхъугъ; БоIаз янэ Рахьаб ыцIагъ; БоIаз Обид
къыфэхъугъ; Обид янэ Рут ыцIагъ; Обид Ищай къыфэхъугъ;

6 ащ пачъыхьэ Даутэ къыфэхъугъ. Пачъыхьэ Даутэ Сэлмэн къыфэхъугъ;
Сэлмэн янэ Урый зыцIэм ишъузыгъ.

7 Сэлмэн Рехабоам къыфэхъугъ; ащ Абие къыфэхъугъ; ащ Асэ
къыфэхъугъ;

8 ащ Ехъощафат къыфэхъугъ; ащ Иорам къыфэхъугъ; ащ Уззие
къыфэхъугъ;

9 ащ Иотам къыфэхъугъ; ащ Ахаз къыфэхъугъ; ащ Хъызкъый
къыфэхъугъ;

10 ащ Манассэ къыфэхъугъ; ащ Амон къыфэхъугъ; ащ Иосие къыфэхъугъ;

11 ащ Иоаким къыфэхъугъ. Израиль цIыфхэр Бабилэн къэлэшхом
лIыгъэкIэ защэхэ лъэхъаным Иоаким Иехониерэ ышхэмрэ къыфэхъугъэх.

12 Израиль цIыфхэр Бабилэн защэхэ ужым, Иехонием Шеалтиил
къыфэхъугъ; ащ Зоробабел къыфэхъугъ;

13 ащ Абиуд къыфэхъугъ; ащ Элиаким къыфэхъугъ; ащ Азор къыфэхъугъ;

14 ащ Цадокъ къыфэхъугъ; ащ Ахим къыфэхъугъ; ащ Элиуд къыфэхъугъ;

15 ащ Элеазар къыфэхъугъ; ащ Маттан къыфэхъугъ; ащ Якъубэ
къыфэхъугъ;

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

16ащ Юсыф къыфэхъугъ. Ар ХристоскIэ заджэхэрэ Исус къызфэхъугъэ Мерэм илIыгъ.

17Аущтэу Ибрахьимэрэ пачъыхьэ Даутэрэ азыфагу лIыуж пшIыкIуплI дэлъыгъ; пачъыхьэ Даутэрэ израиль цIыфхэр Бабилэным защэхэ лъэхъанымрэ азыфагу лIыуж пшIыкIуплI дэлъыгъ, израиль цIыфхэр Бабилэн защэхэ лъэхъанымрэ Христос къызыхъугъэ лъэхъанымрэ азыфагу лIыуж пшIыкIуплIи дэлъыгъ.

**Исус къызэрэхъугъэр**

(Лука 2:1-7)

18Исус Христос икъэхъукIэ мары: Юсыф Исус янэу Мерэм къыщэнэу ыгъэнэфэгъагъ, ау зэрэщэнхэм ыпэкIэ, Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ илъэкIыкIэ Мерэм сабый къызэрэфэхъущтыр нафэ хъугъэ.

19Мерэм лIы фэхъущт Юсыф шъыпкъагъэ зиIэ лIыгъэти, цIыфмэ апашъхьэ Мерэм ынапэ тырихынэу фэмыеу, шъэфэу къымыщэнэу тыриубытагъ.

20Ау Юсыф аущтэу егупшысэзэ, Зиусхьаным имэлэIич пкIыхьапIэкIэ къыфэкIуагъ. – Даутэ ыкъо Юсыф! – къыIуагъ ащ. – Мерэм къэпщэнэу умыщын, сыда пIомэ, ащ сабыеу къыфэхъущтыр къызхэкIырэр Тхьэм ы Псэ ЛъапI ары.

21Мерэм къо къыфэхъущт, ащ цIэу фэуусыщтыр Исус, сыда пIомэ, ащ илъэпкъ ипсэкIодхэм ялъэкI къыIэкIихыжьынышъ, мыкIодхэу къыгъэнэжьыщтых.

22Мы зэпстэури зыфэхъугъэр Зиусхьаным мы гущыIэхэу пегъымбарым ыгу къырилъхьэхи, къыригъэIуагъэхэр къэшъыпкъэжьынхэр ары:

23– Мары, пшъашъэр лъэрмыхьэ хъунышъ, къо къыфэхъущт. Ащ цIэу фаусыщтыр Еммануил. Ащ къикIырэр: Тхьэр тигъусэ.

24Юсыф къызэущыжьым, Зиусхьаным имэлэIич къызэрэриIуагъэм тетэу зекIуагъэ, Мерэми ыщагъ.

25Ау ар ишъуз фэхъуным ыпэкIэ Мерэм апэрэ къор къыфэхъугъ. Юсыф ащ цIэу фиусыгъэри Исус.

## Маттэ 2

**ТхьэгурымагъоххэрТыгъэ** 

1Ирод пачъыхьэ итетыгъо мафэхэм иудей къалэу Бет-Лэхьэм Исус къызыщэхъум, тхьэгурымагъохэр тыгъэ къокIыпIэмкIэ къикIыхи, къалэу Ерусалим къэкIуагъэх.

2– Тыдэ щыIа джуртхэм япачъыхьэу къэхъугъэр? – кIэупчIагъэх. – Сыда пIомэ, ащ ижъуагъо тыгъэ къокIыпIэмкIэ тэ щытлъэгъугъэти, ар дгъэлъэпIэнэу тыкъэкIуагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

3Ирод пачъыхьэм ар зызэхехым, къэгумэкӀыгъ, Ерусалим зэкӀэ дэс
цӀыфхэри ащ дэгумэкӀыгъэх.

4Арыти, Ирод цӀыфхэм зэкӀэ ядин пэщэшхохэри, я Тэурат егъэджэкӀо
пэщэ пстэури ыугъоихи, яупчӀыгъ: – Тыда Христос къызщыхъун фаер?

5– Иудей хэкум щыщ Бет-Лэхьэм ары, – къыраӀуагъ ахэмэ, – сыда пӀомэ,
пегъымбарым моущтэу къытхыгъ:

6«О, Иудей хэкум щыщ Бет-Лэхьэм. Иудэ лъэпкъым ипащэхэм анахьи
зыкӀи уанахь цӀыкӀоп; сыда пӀомэ, зы пащэ о къыпхэкӀыщт. А пащэм
мэлахъом мэлхэр зэрэзэрищэхэрэм фэдэу, слъэпкъ Израиль зэрищэщт».

7Аущтэу къызыраӀом, Ирод тхьэгурымагъохэм шъэфэу къяджи, жъуагъор
къызкъокӀыгъэ охътэ дэдэр зэригъэшӀагъ.

8Ахэр Бет-Лэхьэм ыгъакӀохэзэ, ариӀуагъ: – ШъукӀуи, сабыим икъэбар
дэгъоу къызэжъугъашӀ. Ар къызыжъугъоткӀэ, макъэ къысэжъугъэӀу, сэри
ар згъэлъэпӀэнэу сыкӀощт.

9Тхьэгурымагъохэр пачъыхьэм къариӀуагъэм едэӀухи, ежьагъэх. Тыгъэ
къокӀыпӀэмкӀэ щалъэгъугъэ жъуагъор ахэмэ апэ итэу кӀохэзэ, сабыир
зыдэщыӀэ чӀыпӀэм зынэсхэм, ащ къышъхьэщыуцуагъ.

10Жъуагъор залъэгъум, лъэш дэдэу гушӀуагъэх.

11Унэм зехьэхэм, сабыири ащ янэу Мерэми алъэгъугъэх. Залъэгъухэм,
сабыим ыпашъхьэ лъэгонджэмышъхьэкӀэ зыщырадзыхи, агъэлъэпӀагъ.
Япхъуантэхэр зэтырахыхи, тынхэу дышъи, ладэни, смирни сабыим
ратыгъэх.

12Ирод дэжь амыгъэзэжьынэу пкӀыхьапӀэкӀэ Тхьэм къагуригъэӀуагъэти,
нэмыкӀ гъогукӀэ яхэгъэгу кӀожьыгъэх.

**Юсыфрэ Мерэмрэ сабыир аӀыгъэу Мысырым зэрэкӀатхъугъэр**

13Тхьэгурымагъохэр зекӀыжьхэм, Зиусхьаным имэлэӀич пкӀыхьапӀэкӀэ
Юсыф къыфэкӀуагъ. – Къэтэджи, – къыӀуагъ мэлэӀичым – сабыимрэ ащ
янэрэ зыдащэхи, Мысырым кӀэтхъу. Макъи къыосэгъэӀуфэ, ащ щыӀ, сыда
пӀомэ, Ирод сабыир ыукӀынэу лъыхъущт.

14Аущтэу Юсыф тэджи, сабыимрэ ащ янэрэ чэщым зыдырищажьэхи,
Мысырым кӀуагъэ.

15Ирод олӀэфэкӀэ ар ащ щыпсэугъ. Аущтэу зыкӀэхъугъэр Зиусхьаным мы
гущыӀэхэу пегъымбарым къыригъэӀуагъэхэр къэшъыпкъэжьынхэр ары:
«Мысырым къикӀыжьынэу с Къо сыкъеджагъ».

**Ирод идзэлӀхэм сабыйхэр зэраригъэукӀыгъэр**

16Тхьэгурымагъохэм къызэрагъэпцӀагъэр Ирод зелъэгъум, лъэшэу
къэгубжыгъ. Тхьэгурымагъохэм къыраӀогъэ уахътэм тетэу, Бет-Лэхьэми

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

ащ зэкӀэ иӀэгъо-благъоми къащыхъугъэкӀэ сабыйхэр илъэситӀу
зыныбжьым нэс аукӀынхэу идзэлӀхэр ыгъэкӀуагъ.

17Джащыгъум мы гущыӀэхэу пегъымбар Иеремие
къыӀуагъэхэр къэшъыпкъэжьыгъэх:

18«Куо-хьау макъэ къуаджэу Рамэ къыщыӀугъ, гъымэкъэшхорэ тхьаусхэ
мэкъэшхорэ ахэтэу. Рахил зигъэсамбырыжьынэу фэмыеу, исабыйхэр
егъэежьы, сыда пӀомэ, ахэр щыӀэжьыхэпышъ ары».

**Юсыфрэ Мерэмрэ сабыир аӀыгъэу Мысырым къызэрикӀыжьыгъэхэр**

19Ирод зэлӀэ ужым, Зиусхьаным имэлэӀич пкӀыхьапӀэкӀэ Юсыф Мысырым
къыщыфакӀуи,

20къыӀуагъ: – Къэтэджи, сабыимрэ ащ янэрэ зыдэщэжьыхи, Израиль
хэгъэгум кӀожь, сыда пӀомэ, сабыим ыпсэ хэзыхынхэу ыуж итыгъэхэр
лӀагъэх.

21Аущтэу Юсыф тэджи, сабыимрэ ащ янэрэ зыдищэжьхи, Израиль
хэгъэгум кӀожьыгъэ.

22Ау Ирод ычӀыпӀэкӀэ ащ ыкъо Архелай Иудей хэкум ипачъыхьэ хъугъэу
Юсыф къэбар зызэхехым, ащ кӀонкӀэ щынагъэ. ПкӀыхьапӀэкӀэ Тхьэм
къызгурегъэӀо ужым, Галилей хэкум кӀуи,

23НазаретыкӀэ заджэхэрэ къалэм дэтӀысхьагъ. Аущтэу зыкӀэхъугъэр мы
гущыӀэхэу пегъымбархэм Исус ехьылӀагъэу къаӀуагъэхэр
къэшъыпкъэжьынхэр ары: «Назарет щыщкӀэ еджэщтых».

## Маттэ 3

**УмэхъэкӀо Иуан Тхьэм игущыӀэхэр зэригъэӀущтыгъэр**
(Марк 1:1-8; Лука 3:1-9, 15-17; Иуан 1:19-28)

1А мафэхэм умэхъэкӀо Иуан къэлъагъуи, Иудей хэкум ишъоф нэкӀ
цӀыфхэм Тхьэм игущыӀэхэр щаригъэӀузэ,

2моущтэу къыӀощтыгъ: – ШъуипсэкӀодшӀагъэхэм шъуафыкӀэгъожь, сыда
пӀомэ, Тхьэу уашъом щыӀэм и Тетыгъошхо къэблэгъагъэшъ ары.

3Иуан ары пегъымбар Ешайа моущтэу зыфиӀуагъэр: «Шъоф нэкӀым джэ
макъэ горэ къыщэӀу: Зиусхьаным игъогу фэжъугъэпси, игъогу лъагъохэр
зэшъхьэ-зашъо фэшъушӀых».

4Иуан мэхъшэцым хэшӀыкӀыгъэу щыгъын щыгъыгъ, ыбги шъо бгырыпх
илъыгъ. Гъомлапхъэу иӀагъэр мацӀэхэмрэ шъоф шъоумрэ арыгъэ.

5Джащыгъум Ерусалим дэс цӀыфхэри, Иудей хэкум зэкӀэ ис цӀыфхэри,
Иордан псыхъом иӀэгъо-благъо зэкӀэ ис цӀыфхэри Иуан дэжь кӀощтыгъэх.

6ПсэкӀодэу ашӀагъэхэр Тхьэм ыпашъхьэ ралъхьэхэти, Иордан псыхъом
Иуан зыщырагъэумэхъыщтыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

7Зырагъэумэхъынэу фарисейхэмрэ саддукейхэмрэ ащыщхэр бэ хъухэу
ыдэжь къакIохэу Иуан зелъэгъум, ахэмэ ариIуагъ: – Шъо,
блэщылъфхэр! Тхьэм игубжэу къэкIощтым шъуIэкIэкIынэу хэта шъушъхьэ
къизылъхьагъэр?

8Шъуипсэкlодшlагъэхэм шъуафыкIэгъожьыным фэшъошэ IофышIухэр
жъугъэцакIэх.

9«Ибрахьимэ тэ тят ары» шъугукIэ шъуIоным шъуфиткIэ шъумыгугъ,
сыда пIомэ, сэ шъосэIо, Тхьэм мы мыжъохэм Ибрахьимэ пае
лъфыгъэхэр къахигъэхъукIын ылъэкIыщт.

10Обзэгъур чъыг лъапсэхэм атыраубытэгъах. Аущтэу сыдрэ чъыгэу
шIугъэ къызпымыкIэрэр раупкIынышъ, машIом падзэщт.

11– Шъуипсэкlодшlагъэхэм шъузэрафыкIэгъожьыгъэр
къэжъугъэлъэгъонэу псымкIэ шъусэумэхъы, ау саужкIэ къэкIощтым сэщ
нахьи нахь лъэкIышхо иI. Ащ ицуакъэхэр фэсхьынхэуи сифэшъуашэп.
Ащ Тхьэм ы Псэ ЛъапIэкIэ ыкIи машIокIэ шъуиумэхъыщт.

12Ащ ихьанцэ ыIэ чIэлъ, ихьамэщи ыукъэбзыжьынышъ, икоци конхэм
аритэкъожьыщт, ау уарзэр мыкIосэжьын машIокIэ ыгъэстыщт.

### Иуан Исус зэриумэхъыгъэр

(Марк 1:9-11; Лука 3:21-22)

13Джащыгъум Исус Галилей хэкум къикIи, Иордан псыхъом къэкIуагъ
Иуан зыригъэумэхъынэу.

14Ау Иуан ымыдэу, Исус моущтэу риIуагъ: – О сэ сыуумэхъын фае. Сэ о
усыумэхъынэу укъысфакIуа?

15– Джы аущтэу орэхъу, – пэгъокI ытыжьыгъ Исус, – сыда пIомэ,
джаущтэу ары шъыпкъэгъэ пстэури зэрэдгъэцэкIэн фаер. Исус аущтэу
къызыреIом, Иуан къезэгъи, ыумэхъыгъ.

16Исус Иуан зызэрэригъэумэхъэу, псым къыхэкIыжьыгъ. Псым
къызыхэкIыжьым, уашъор зэIукIи, Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ тхьаркъом фэдэу
ежь къызэрэфехырэр ылъэгъугъ.

17ЕтIанэ уашъом зы макъэ къиIукIыгъ: – Мары сэ шIу слъэгъурэ с Къо
кIасэу сыгу зэIурэр.

## Маттэ 4

### Исус псэкIод ригъэшIэным шэйтаныр ыуж зэритыгъэр

(Марк 1:12-13; Лука 4:1-13)

1Джащыгъум Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ Исус шъоф нэкIым ыщагъ. Тхьэм ы Псэ
ЛъапIэ Исус ащ зыкIищагъэр шэйтаныр Исус псэкIод ригъэшIэным ыуж
итыныр ары.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

2Исус мэфэ тIокIитIурэ чэщ тIокIитIурэ зенэкI ужым, лъэшэу къэмэлэкIагъ.

3Шэйтанэу цIыфхэм псэкIод язгъэшIэным хэтыр Исус къыбгъодахьи
къырiIуагъ: – О Тхьэм ури Къомэ, мы мыжъохэр хьалыгъу хъунхэу
унашъо шIы.

4– Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт, – къыIожьыгъ Исус, – «Хьалыгъу
закъор арэп цIыфыр зэрэпсэущтыр, сыдрэ гущыIэу Тхьэм ыжэ
къыдэкIырэри ары нахь».

5Ащ нэужым шэйтаным Исус къэлэ лъапIэм зыдищи, Тхьэм иунэшхо нахь
лъэгапIэу иIэм тыригъэуцуи,

6къырiIуагъ: – О Тхьэм ури Къомэ, мыщ дэжьым зыщедзых; сыда пIомэ,
Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт: «Тхьэм имэлэIичхэм о къыохьылIагъэу
унашъо къафишIыщт, о плъакъокIэ мыжъом уемыутэкIыным пае,
аIэхэмкIэ уаIэтыщт».

7– Моущтэуи Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт, – риIожьыгъ Исус, –
«Зиусхьанэу уи Тхьэ умыушэты».

8ЕтIани шэйтаным Исус Iошъхьэ лъэгэ дэдэ горэм дищаий, дунаим тет
пачъыхьагъу пстэури, ахэмэ щытхъушхоу яIэри къыригъэлъэгъуи,

9къырiIуагъ: – ЧIыгум зытеудзэзэ сыбгъэлъапIэмэ, ахэр зэкIэ къыостыщт.

10– Сауж икI, шэйтан! – риIожьыгъ Исус. – Сыда пIомэ, Тхьэм игущыIэ
тхыгъэхэм арыт: «Зиусхьанэу уи Тхьэ бгъэлъапIэзэ, ащ изакъоу
уфэлэжьэн фае».

11Исус ар зырeIом, шэйтаныр ыуж икIыжьыгъ, мэлэIичхэри къыфехыхи,
Исус фэIофтабгэхэу аублагъ.

**Исус иIоф Галилей хэкум зэрэщиублагъэр**

(Марк 1:14-15; Лука 4:14-15)

12Иуан хьапсым чIадзагъэу Исус къэбар зызэхехым, Галилей хэкум
кIожьыгъэ.

13Назарет дэкIыжьи, хэкухэу Забулонрэ Нафталыйрэ зыщIэхэм ащыщэу
псыIушъом Iут къалэу Капернаум кIуи, ащ дэтIысхьагъ.

14Исус ауштэу зыкIишIыгъэр пегъымбар Ешайа мы гущыIэхэу
къыIуагъэхэр къэшъыпкъэжьынхэр ары:

15«Забулон хэкур, Нафталый хэкур, псы Iушъом Iут хэкур, Иордан
псыхъом иадрабгъу щыIэ хэкур, хымэ лъэпкъхэм яхэкоу Галилей!»
(Ахэмэ атегущыIэу пегъымбарым моущтэу къыIуагъ:)

16«ЦIыфхэу шIункIэм хэтхэм нэфынэшхо алъэгъугъ; лIэныгъэм ищынэгъо
хэку шIункIым ис цIыфхэми нэфынэ къатыридзагъ».

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

17 А лъэхъаным къыщегъэжьагъэу Исус Тхьэм игущыӀэхэр цӀыфхэм аригъэӀухэу къыублагъ: – ШъуипсэкӀодшӀагъэхэм шъуафыкӀэгъожь, сыда пӀомэ, Тхьэу уашъом щыӀэм и Тетыгъошхо къэблэгъагъ.

**Исус игъогу рыкӀонхэу пцэжъыешэ нэбгыриплӀым къызэряджагъэр**

(Марк 1:16-20; Лука 5:1-11)

18 Исус Галилей псыхъураем иӀушъо рекӀокӀызэ, зэкъошитӀу ылъэгъугъ. Ахэр Симонэу ПетрэкӀэ заджэхэрэмрэ ащ ыш Индрысрэ арыгъэх. Ахэмэ хъытыур псыхъураем хадзэщтыгъэ, сыда пӀомэ, пцэжъыешэхэти ары.

19 Исус ахэмэ ариӀуагъ: – Сауж шъукъырыкӀу. Пцэжъые къэшъуубытыным ыуж шъузэритыгъэм фэдэу, цӀыфхэр сигъогу къытежъугъэхьанхэм шъузэрэхэтыщтыр шъозгъэшӀэщт.

20 Ахэмэ а гущыӀэхэр зэрэзэхахэу, яхъытыухэр къагъанэхи, Исус ыуж ихьагъэх.

21 Исус нахь чыжьэу кӀозэ, ахэмэ анэмыкӀэу зэкъошитӀоу Зебедей ыкъохэу Якъубэрэ Иуанрэ ылъэгъугъ. Ахэмэ ятэ Зебедей ягъусэу, къуашъом исхэу яхъытыухэр агъэхьазырыщтыгъэх. Исус ахэми яджагъ.

22 Ахэмэ зэряджэу, къуашъори яти къабгынэхи, Исус ыуж ихьагъэх.

**Галилей хэкум Тхьэм игущыӀэхэр Исус зэрэщаригъашӀэщтыгъэр, зэрэщигъэхъужьыщтыгъэхэр**

(Лука 6:17-19)

23 Исус зэкӀэ Галилей хэкур къыкӀухьэзэ, синэгогухэм цӀыфхэм Тхьэм игущыӀэхэр щаригъашӀэщтыгъ, Тхьэм и Тетыгъошхо ехьылӀэгъэ къэбарышӀури аригъэӀущтыгъ, цӀыфхэм ащыщэуи хэтрэ сымаджи, гъойщаий ыгъэхъужьыщтыгъ.

24 Арышъ, Исус икъэбар Сирие хэкум тыдэкӀи щыӀугъ. Сымэджэ зэфэшъхьафи уз зэфэшъхьафи зиӀэ пстэури Исус къыфащэщтыгъэх; джынапцӀэ зыхэсхэри, къытефэхэри, зыӀэпкъ-лъэпкъ узым зэкӀиубытагъэхэри ыгъэхъужьыщтыгъ.

25 Галилей хэкуми, КъэлипшӀ зыцӀэ хэкуми, Ерусалими, Иудей хэкуми, Иордан псыхъом иадрабгъуи ащыщхэр купышхохэу Исус ыуж ихьэщтыгъэх.

## Маттэ 5

**Исус Ӏуашъхьэм тетэу Тхьэм игущыӀэхэр зэригъэӀугъэр**

(Маттэ 5–7)

1 Исус цӀыф купышхохэр зелъэгъум, Ӏуашъхьэм дэкӀуаий, тӀысыгъэ. ЗэтӀысым, игъогу рыкӀохэрэр къыбгъодэхьагъэх,

2 Исус ахэмэ Тхьэм игущыӀэхэр аригъашӀэу ыублагъ.

**Гъогу мафэ теуцуагъэхэр**

(Лука 6:20-23)

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

3– Гурэ псэрэкӀэ тхьамыкӀэхэр гъогу мафэ теуцуагъэх, сыда пӀомэ, ахэр Тхьэу уашъом щыӀэм и Тетыгъошхо ыӀэчӀэгъ чӀэтых.

4Гукъао зиӀэхэр гъогу мафэ теуцуагъэх, сыда пӀомэ, ахэмэ ягукъао Тхьэм ашъхьащихыщт.

5Зыгу пэгагъэ имылъхэр гъогу мафэ теуцуагъэх, сыда пӀомэ, ахэмэ ӀахьышӀоу къалъыӀэсыщтыр чӀылъэр ары.

6Шъыпкъагъэм фэзэщхэу, фалӀэхэрэр гъогу мафэ теуцуагъэх, сыда пӀомэ, ахэмэ афикъун шъыпкъагъэ агъотыжьыщт.

7ГукӀэгъу зыгу илъхэр гъогу мафэ теуцуагъэх, сыда пӀомэ, ахэмэ гукӀэгъу агъотыжьыщт.

8Зыгу къабзэхэр гъогу мафэ теуцуагъэх, сыда пӀомэ, ахэмэ Тхьэр алъэгъущт.

9ЗэшӀуныгъэ цӀыфмэ ахэзылъхьэхэрэр гъогу мафэ теуцуагъэх, сыда пӀомэ, ахэмэ Тхьэм ибынхэкӀэ яджэщтых.

10Шъыпкъагъэм пае цӀыфхэу къин зэрагъэщэчыхэрэр гъогу мафэ теуцуагъэх, сыда пӀомэ, ахэр Тхьэу уашъом щыӀэм и Тетыгъошхо ыӀэчӀэгъ чӀэтых.

11– Сэ сигъогу шъузэрэрыкӀорэм пае, цӀыфхэр къышъохъонхэмэ, къин шъуагъэщэчмэ, шъуимыфэшъуашэу Ӏэегъэ пстэури къышъуаӀуалӀэмэ, гъогу мафэ шъутеуцуагъ.

12ШъугушӀу, шъучэф, сыда пӀомэ, Тхьэм уашъом ӀахьышӀоу къыщышъуфигъэшъошэщтыр инышъ ары. Аущтэу шъо шъуапэкӀи пегъымбархэм къин арагъэщэчыщтыгъ.

**Щыгъумрэ нэфынэмрэ**
(Марк 9:50; Лука 14:34-35)

13– ЧӀылъэм ищыгъур шъоры. Ау щыгъум ищыугъагъэ хэкӀымэ, сыдэущтэу ар пщыущта? ЗыкӀи ишӀуагъэ къэкӀожьыщтэп. Ар ратэкъужьынышъ, цӀыфмэ аулъэгущт.

14– Дунаим инэфынэр шъоры. Ӏуашъхьэм тет къалэр бгъэбылъышъуущтэп.

15Зыми остыгъэ хигъанэу, щэлъэ чӀэгъым чӀигъэуцорэп, тетыпӀэ лъагэм тырегъэуцо нахь. ЕтӀанэ унэм ис пстэуми ащ инэфынэ анэсы.

16Арышъ, цӀыфмэ апашъхьэ шъуинэфынэ щэрэнэф, шъуишӀушӀагъэхэр алъэгъунхэшъ, шъуя Тэ лъапӀэу уашъом щыӀэм шытхъу фашӀыным пае.

**Тэурат хабзэм ехьылӀагъ**

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

17– Муса и Тэурат хабзэ итхэмрэ пегъымбархэм атхыгъэ тхылъхэм арытхэмрэ згъэкIодынхэу сыкъэкIуагъэкIэ шъумыгугъ. Ахэр згъэкIодынхэу арэп сыкъызкIэкIуагъэр, изгъэкъунхэу ары нахь.

18Шъыпкъэр шъосэIо, уашъомрэ чIылъэмрэ щэIэхэфэ, Мусэ и Тэурат хабзэ итхэу хьарыфхэм анахь цIыкIуи зы уцупIи хэкIодыкIыщтэп, ащ ит пстэури къэшъыпкъэжьыфэ.

19ЦIыфэу мы унашъохэм анахь цIыкIухэм ащыщэу зыгорэм емыдэIоу, адрэ цIыфхэри а унашъом емыдэIунхэу язгъашIэрэм Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэт цIыфхэм анахь цIыкIу дэдэкIэ еджэщтых. Ау мы унашъохэр зыгъэцакIэу, цIыфмэ ахэр язгъашIэрэр Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэт цIыф инхэм ащыщкIэ еджэщтых.

20Шъыпкъэр шъосэIо, шъуишъыпкъагъэ Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ фарисейхэмрэ яшъыпкъагъэ нахьи нахь ин мыхъумэ, Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ шъучIэхьащтэп.

### Губжыным ехьылIагъ

21– Пэсэрэ цIыфхэм зэрараIуагъэр шъо зэхэшъухыгъэ: «ЦIыф умыукI. ЦIыф зыукIырэр хьыкумэшIым ыпашъхьэ ращэщт».

22Ау сэ шъосэIо, хэтми ежь ыш фэгубжырэр хьыкумэшIым ыпашъхьэ ращэщт. Ежь ыш «О ушъхьэнэкI!» езыIорэр ТхьэмэтэХэсэшхом ыпашъхьэ ращэщт. Ау ыш «О удел!» езыIорэр джэхьнэм машIом кIоныр фэшъуашэу мысэ хъущт.

23– Арышъ, Тхьэм ептынэу тыныр къурмэншIыпIэм зыпхьыкIэ, о пшы гукъанэ горэ къыпфыриIэу угу къэкIыжьмэ,

24уитын къурмэншIыпIэм ыпашъхьэ къыщыгъани, ыпэ рапшIэу кIуи, пшы ешIужь. ЕтIанэ къакIуи, уитын тыжь.

25– О уидэогъу псынкIэу ешIужь, уригъусэу гъогум утетыфэ. Армырмэ хьыкумэшIым ыпашъхьэ урищэщт. ХьыкумэшIыми иIофшIакIо уIэкIилъхьащт, хьапсыми учIадзэщт.

26Шъыпкъэр осэIо, аужырэ чапычыр отыжьыфэ, хьапсым укъычIэкIыжьыщтэп.

### Зинэ шIэным ехьылIагъ

27– ЗэраIуагъэр зэхэшъухыгъ: «Зинэ умышIэ».

28Ау сэ шъосэIо, хэти бзылъфыгъэ горэм енэцIэу еплъымэ, ыгукIэ зинэ ышIэгъах.

29Арышъ, о унэ джабгъу псэкIод пшIэнэу удихьыхмэ, къитхъыжьи чIэдз. О ппкъы зэкIэ джэхьнэмым хадзэным нахьи, пIэпкъ-лъэпкъхэм ащыщэу зы пшIокIодыныр оркIэ нахьышIу.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

30О пIэ джабгъуи псэкIод пшIэнэу удихьыхмэ, пыупкIыжьи, чIэдз. О ппкъы
зэкIэ джэхьнэмым кIоным нахьи, пIэпкъ-лъэпкъхэм ащыщэу зы
пшIокIодыныр оркIэ нахьышIу.

### Шъхьэгъусэ тIупщыжьыным ехьылIагъ
(Маттэ 19:9; Марк 10:11-12; Лука 16:18)

31– Пасэм мыри аIуагъ: «Зишъуз зытIупщыжьырэм къызэритIупщыжьырэ
тхылъ рерэт».

32Ау сэ шъосэIо, ишъуз зинэ ымышIагъэу, хэтми зытIупщыжьырэм
шъузым зинэ ригъашIэу мэхъу, (етIанэ шъузыр джыри дэкIожьмэ). Ащ
фэдэу хэтми лIы горэм къытIупщыжьыгъэ шъуз къэзыщэжьырэм зинэ
ышIагъэу мэхъу.

### ТхьарыIоным ехьылIагъ

33– Джыри пэсэрэ цIыфхэм зэраралуагъэр шъо зэхэшъуухыгъ: «ЗыкIи
пцIыкIэ тхьарыIо умышIы, ау Зиусхьаным фэпшIыгъэ тхьарыIохэр
гъэшъыпкъэжьых».

34Ау сэ шъосэIо, тхьарыIо зыкIи шъумышIы. УашъомкIи тхьарыIо
шъумышIы, сыда пIомэ, уашъор Тхьэм итIысыпIэ лъапI.

35ЧIылъэмкIи тхьарыIо шъумышIы, сыда пIомэ, ар Тхьэм ылъакъохэр
зытет лъэгукIэтын лъапI. ИерусалимкIи тхьарыIо шъумышIы, сыда пIомэ,
ар пачъыхьэшхом икъал.

36ПшъхьэкIи тхьарыIо умышIы, сыда пIомэ, зы шъхьац налъ нэмыIэми
шIуцIи фыжьи пшIын плъэкIыщтэп.

37Ау «Ары» шъуIуагъэмэ, ар жъугъэцакIэ, «Хьау» шъуIуагъэми, ари
жъугъэцакIэ. Ащ блэкIырэр шэйтаным иIоф щыщ.

### ЦIыф бзаджэм шъупэмыуцужь
(Лука 6:29-30)

38– Мыри зэраIуагъэр зэхэшъуухыгъ: «О унэ къеIэрэм ынэ еIэжь, о пцэ
къеорэм ыцэ еожь»,

39ау сэ шъосэIо, цIыф бзаджэм шъупэмыуцужь. Ау хэти о унэгушъо
джабгъу къеорэм адрэ нэгушъори фэгъаз.

40Зыгорэ уиджанэ пIихынэу къыодэонэу фаемэ, уищыгъын кIыIутелъ
къыфэгъан.

41Лъэбэкъу мин дэпкIунэу уезгъэзырэм лъэбэкъу минитIу дэкIу.

42О зыгорэкIэ къыолъэIурэм ет, чIыфэ пIызыхынэу фаеми уакIыб
фэмыгъаз.

### Шъуипыйхэр шIу шъулъэгъух
(Лука 6:27-28, 32-36)

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

43– ЗэраӀуагъэр зэхэшъухыгъ: «Уигъунэгъу шӀу лъэгъу, уипый уджэгъу».

44Ау сэ шъосэӀо, шъуипыйхэр шӀу шъулъэгъух, цӀыфхэу къин шъозгъэщэчыхэрэм Тхьэм шӀукӀэ шъуафелъэӀу,

45шъуя Тэ лъапӀэу уашъом щыӀэм ибын шъухъуным пае. Ащ итыгъэ цӀыф бзаджэхэми цӀыфышӀухэми къафыкъуегъэкӀы, шъыпкъагъэ зиӀэхэми зимыӀэхэми ощх къафырегъэщхы.

46ШӀу шъузылъэгъухэрэм язакъоу шӀу шъулъэгъухэмэ, сыд фэдэ Ӏахьышӏуа шъузщыгугъырэр? Хьакъулахь ахъщэр хэзыххэрэм а дэдэр арыба ашӀэрэр?

47Шъо шъушыхэм анэмыкӀ зыми ыӀапэ шъумыубытмэ, илыягъэу сыда шӀугъэу шъушӀэрэр? Хымэ лъэпкъхэми а дэдэр ашӀэба?

48Арышъ, шъуя Тэ лъапӀэу уашъом щыӀэм ишъыпкъагъэ щыкӀагъэ зи имыӀэу, ежь зэрэикъугъэм фэдэу, шъори зишъыпкъагъэ щыкӀагъэ зи имыӀэу, цӀыф икъугъэ шъухъун фае.

## Маттэ 6

### Сэдакъэм ехьылӀагъ

1– Шъо шӀу зышъушӀэкӀэ, цӀыфхэм тагъэшӀэгъощт шъуӀоу, ахэмэ алъэгъоу зэрэшъумышӀэнхэм шъуфэсакъ. Армырмэ, шъуя Тэ лъапӀэу уашъом щыӀэм Ӏахьышӏу къышъуфигъэшъошэщтэп.

2– Арышъ, сэдакъэ зыптыкӀэ, цӀыфхэм къэбар ямыгъашӀ, синэгогухэм ачӀэсхэу, урамхэми атетхэу нэпитӀу зиӀэ цӀыфхэм адрэхэм къэбар зэрарагъашӀэрэм фэдэу, ежьхэм зыщагъэтхъунхэм пае. Шъыпкъэр шъосэӀо, аущтэу зышӀэхэрэм яӀахь агъотыгъах.

3Ау о сэдакъэ зыптыкӀэ, пӀэ джабгъу Ӏофэу ышӀырэр пӀэ сэмэгу ымышӀэу орэхъу,

4сэдакъэу о птыгъэр шъэфэу къэнэным пае. Ащыгъум уя Тэ лъапӀэу цӀыфхэм шъэфэу ашӀэрэр зылъэгъурэм уиӀахьышӀу къыуитыщт.

### Тхьэм уелъэӀуным ехьылӀагъ

(Лука 11:2-4)

5– Тхьэм шъуелъэӀу хъумэ, нэпитӀу зиӀэ цӀыфхэм зэрашӀырэм фэдэу шъумышӀы. ЦӀыфхэм зарагъэлъэгъуным пае, Тхьэм елъэӀухэзэ, синэгогухэми урам къуапэхэми къащыуцунхэр якӀас. Шъыпкъэр шъосэӀо, ахэмэ яӀахь агъотыгъах.

6Ау о Тхьэм уелъэӀу зыхъукӀэ, уиунэ ихьажьи, пчъэр къыфэшӀи, уя Тэ лъапӀэу цӀыфхэм амылъэгъурэм елъэӀу. Ащыгъум уя Тэ лъапӀэу цӀыфхэм шъэфэу ашӀэрэр зылъэгъурэм уиӀахьышӀу къыуитыщт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

7Тхьэм шъузелъэІукІэ, бащэ шъумыІо, хымэ лъэпкъхэм зэрашІырэм фэдэу; сыда пІомэ, ахэмэ гущыІабэ къаІомэ, ятхьэлъэІухэм Тхьэр къядэІунэу мэгугъэх.

8Арышъ, ахэмэ зэрашІырэм фэдэу шъумышІ; сыда пІомэ, шъо шъуелъэІуным ыпэкІэ шъуищыкІагъэр шъуя Тэ лъапІэм ешІэшъ ары.

9– Моущтэу Тхьэм шъуелъэІу: «О тя Тэ лъапІэу уашъом щыІэр! ПцІэ цІыфхэм агъэлъапІэ орэхъу.

10Уи Тетыгъошхо къэрэкІу. Узыфаер уашъом зэрэщыхъурэм фэдэу, чІылъэми щэрэхъу.

11Хьалыгъоу тищыкІагъэр непэ къытэт.

12Мыхъунэу тшІагъэхэр къытфэгъэгъу, тэ мыхъун къытэзышІагъэхэм зэрафэдгъэгъурэм фэдэу.

13Шэйтаным псэкІод тигъэшІэнэу фит умышІы, ащи тыщыухъум. МыкІодыжьын тетыгъошхори, лъэкІышхори, щытхъушхори о уиех. Амин».

14– ЦІыфмэ мыхъунэу ашІагъэхэр зафэжъугъэгъухэкІэ, шъуя Тэ лъапІэу уашъом щыІэм шъори мыхъунэу шъушІагъэхэр къышъуфигъэгъущтых, – къыпигъэхъожьыгъ Исус.

15– Ау цІыфмэ мыхъунэу ашІагъэхэр шъо зафэшъумыгъэгъухэкІэ, шъуя Тэ лъапІи шъо мыхъунэу шъушІагъэхэр къышъуфигъэгъущтхэп.

**НэкІым ехьылІагъ**

16– Ащ фэдэу шъунэкІы зыхъукІэ, нэпитІу зиІэ цІыфхэм афэдэу зышъумыгъэнэшхъэй; сыда пІомэ, зэранэкІырэр цІыфмэ арагъэлъэгъуным пае, ахэмэ анахэ зэхагъахьэ. Шъыпкъэр шъосэІо, ахэмэ яІахь агъотыгъах.

17,18Ау о унэкІы зыхъукІэ, цІыфхэм ащ гу лъамытэу, уя Тэ лъапІэу цІыфхэм амылъэгъурэм изакъоу зэрэунэкІырэм гу лъитэным пае, дэгъэ лъапІэ пшъхьэ щыф, унэгуи тхьакІы. Ащыгъум уя Тэ лъапІэу цІыфхэм шъэфэу ашІэрэр зылъэгъурэм уиІахьышІу къыуитыщт.

**Уашъом мылъкушхо щышъуугъой**

(Лука 12:33-34)

19– ЧІылъэм мылъкушхо щышъумыугъой, сыда пІомэ, хъунэмрэ улъыинымрэ чІылъэм щыІэр щагъэкІоды, тыгъуакІохэм чІылъэми унэхэр щатІэкІых, щэтыгъух.

20Ау уашъом мылъкушхо щышъуугъой. Хъунэми улъыиными ащ дэжьым щагъэкІодырэп, тыгъуакІохэми щатІэкІырэп, щатыгъурэп.

21Сыда пІомэ, о уимылъкушхо зыдэщыІэм угуи щыІэщт.

**Пкъым иостыгъэр**

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышІур (Инджыл)

(Лука 11:33-36)

22– Пкъым иостыгъэ – нэр ары. Арышъ, о унэ псаумэ, зэкIэ о ппкъы нэфынэщт.

23Ау о унэ дэимэ, зэкIэ о ппкъы шIункIыщт. Арышъ, о пхэлъ нэфынэр шIункIымэ, а шIункIыр сыдэу шIункIышху!

**Тхьэмрэ ахъщэмрэ**
(Лука 16:13)

24– Зы цIыфыр тхьэмэтитIум афэлэжьэн ылъэкIыщтэп, е зыр ыуджэгъунышъ, адрэр шIу ылъэгъущт, е зым шъыпкъэу фыщтынышъ, адрэр зэрипэсыщтэп. Шъо Тхьэми ахъщэми шъуафэлэжьэн шъулъэкIыщтэп.

**ГумэкIыным ехьылIагъ**
(Лука 12:22-34)

25– Арышъ, шъосэIо, «Сыда тшхыщтыр, сыда тызэшъоощтыр?» шъуIоу, шъуищыIэныгъэ пае шъумыгумэкI. «Сыда тщыгъыщтыр?» шъуIоу, шъупкъы паий шъумыгумэкI. Гъомылэм нахьи щыIэныгъэр нахь лъапIэба, щыгъыным нахьи пкъыр нахь лъапIэба?

26Ошъогум щыбыбырэ бзыухэм шъуяплъ. Ахэмэ чылапхъи апхъырэп, лэжьыгъи ахыжьырэп, конхэм аратэкъожьырэп, ауми шъуя Тэ лъапIэу уашъом щыIэм ахэр егъашхэх. Шъо ахэмэ анахьи бэкIэ шъуанахь лъапIэба?

27ГумэкIэу хэта шъуащыщэу зищыIэныгъэ сыхьат закъокIэ зезгъэукIыхьан зылъэкIыщтыр?

28– Щыгъыным пае сыда шъузкIэгумэкIырэр? Губгъо къэгъагъэхэм якъэкIыкIэ шъуеплъ. Ахэр лажьэхэрэп, ци аджырэп,

29ау сэ шъосэIо, ежь пачъыхьэ Сэлмэн сыд фэдизэу дахэу кIэракIэщтыгъэми, ахэмэ ащыщэу зыгорэм фэдэу фэпэгъагъэп.

30А уцэу губгъом непэ итэу, неущ хьакум радзэжьыщтыр Тхьэм аущтэу зигъэкIэракIэкIэ, ащ нахьи бэкIэ нахьыбэу шъо шъуигъэкIэрэкIэнба, шъо шIошъхъуныгъэ зимакIэхэр?

31Арышъ, «Сыда тшхыщтыр?», е «Сыда тызэшъоощтыр?», е «Сыда тщыгъыщтыр?» шъуIоу шъумыгумэкI.

32Сыда пIомэ, а Iоф пстэури ары дунаим тет лъэпкъхэр зылъыхъухэрэр. А зэпстэури шъо зэрэшъуищыкIагъэр шъуя Тэ лъапIэу уашъом щыIэм ешIэ.

33Ау ыпэ рапшIэу Тхьэм и Тетыгъошхо иIофхэмрэ Тхьэм ишъыпкъагъэрэ ауж шъуит, етIанэ а Iоф пстэури къышъуIэкIэхьащт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

34Арышъ, неущырэ мафэм шъуфэмыгумэкI. Неущырэ мафэр ежь ышъхьэ
фэгумэкIыжьыщт, сыда пIомэ, зыфэгумэкIыжьын икъун Iоф сыдрэ мафи
иIэшъ ары.

## Маттэ 7

### Зыми хьыкум тешъумышIыхь
(Лука 6:37-38, 41-42)

1– Зыми хьыкум тешъумышIыхь, Тхьэм хьыкум
къышъутыримышIыхьаным пае.

2Сыда пIомэ, шъо цIыфхэм хьыкум зэратешъушIыхьэрэм фэдэу, Тхьэм
шъори хьыкум къышъутыришIыхьащт, шъо шапхъэу зэрэшъушырэм
фэдэ шапхъэкIи Тхьэм шъо къышъуфишыжьыщт.

3– О унэ пкъэоу кIэлъым гу лъымытэу, пхъэцалэу о пшы ынэ кIэлъыр сыд
пае плъэгъура?

4Пкъэур о унэ кIэлъ пэтзэ, сыдэущтэу пшы епIон плъэкIыра: «Пхъэцалэу
о унэ кIэлъыр къыкIэсэгъэх» пIоу?

5О, нэпитIу зиIэр, ыпэ рапшIэу пкъэоу о унэ кIэлъыр къыкIэхыжьи, етIанэ
пхъэцалэу пшы ынэ кIэлъыр къызэрэкIэпхыжьыщтыр нафэу плъэгъущт.

6– Iофхэу шъо шъугухэмкIэ лъапIэхэр хьэхэм яшъумыт. Налмэс-
налкъутэхэр къохэм апашъхьэ щишъумыпхъыхь. Армырмэ, ахэмэ ахэр
аулъэгунхэшъ, зыкъызэрагъэзэкIынышъ, шъори шъузэхацунтхъэжьыщт.

### Тхьэм шъуелъэIу, шъулъыхъу, къэлапчъэм шъутеу
(Лука 11:9-13)

7– ШъуелъэIуи, Тхьэм къышъуитыщт; шъулъыхъуи, къэжъугъотыщт;
къэлапчъэми шъутеуи, Тхьэм къышъуфыIуихыщт;

8сыда пIомэ, хэтми Тхьэм елъэIурэм зыкIэлъэIурэр иIэ хъущт,
лъыхъурэми зылъыхъурэр ыгъотыщт; къэлапчъэм теорэми Тхьэм
къыфыIуихыщт.

9Е цIыф къышъухэта, зыкъо хьалыгъу пае къелъэIумэ, мыжъо
езытыщтыр?

10Е пцэжъые пае къелъэIумэ, блэ езытыщтыр?

11Аущтэу шъо шъубзаджэ пэтми, шъуилъфыгъэхэм шIу зэряшъутыщт
шIыкIэр шъошIэмэ, ащ нахьи нахьыбэу шъуя Тэ лъапIэу уашъом щыIэм
ежь елъэIухэрэм тынышIухэр къаритыщтхэба?

12Аущтэу цIыфхэр къыжъудэзекIонхэу шъузэрэфаем фэдэу шъори ахэмэ
сыдигъуи шъуафыщыт. Джары Тэурат хабзэм итхэми пегъымбархэм
атхыгъэхэми къарыкIырэр.

### Къэлэпчъэ зэжъур

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

(Лука 13:24)

13– Къэлэпчъэ зэжъумкӀэ шъудахь; сыда пӀомэ, кӀодыпӀэм икъэлапчъэ шъуамбгъо, ащ кӀорэ гъогури гъогушху. А гъогум рыкӀохэри бэ мэхъух.

14Ау щыӀэныгъэм игъогу узэрытехьэрэ къэлапчъэр зэжъу, ащ кӀорэ гъогури бгъузэ. Ар къэзгъотхэри макӀэх.

**Чъыгыр зыфэдэр къыпыкӀэрэмкӀэ къэпшӀэщт**

(Лука 6:43-44)

15– Пегъымбар нэпцӀхэм шъуафэсакъ. Ахэмэ мэлышъо щыгъын ащыгъэу, ау агухэмкӀэ тыгъужъ цунтхъакӀохэм афэдэхэу шъуадэжь къэкӀох.

16Чъыгыр зыфэдэр къыпыкӀэрэмкӀэ зэрэпшӀэрэм фэдэу, а цӀыфхэм Ӏофхэу агъэцакӀэхэрэмкӀэ зыфэдэхэр къэшъушӀэщт. Пырэжъые куандэм сэнашъхьэ къыпача е шхъум ынджыр къыпача?

17Ащ фэдэу сыдрэ чъыгышӀум шӀу къыпэкӀэ, ау чъыг дэим дэй къыпэкӀэ.

18ЧъыгышӀум дэй къыпыкӀэн ылъэкӀыщтэп, чъыг дэими шӀу къыпыкӀэн ылъэкӀыщтэп.

19Сыдрэ чъыгэу шӀу къызыпымыкӀэрэр раупкӀынышъ, машӀом падзэщт.

20Арышъ, а цӀыфхэм Ӏофхэу агъэцакӀэхэрэмкӀэ ахэр зыфэдэхэр къэшъушӀэщтых.

**ЕгъашӀэми шъусшӀэщтыгъэп**

(Лука 13:25-27)

21– Хэтрэ цӀыфэу «Зиусхьан! Зиусхьан!» къысэзыӀорэр арэп Тхьэу уашъом щыӀэм и Тетыгъошхо ыӀэчӀэгъ чӀэхьащтыр, ся Тэ лъапӀэу уашъом щыӀэр зыфаер зыгъэцакӀэрэр ары нахь.

22А мафэм цӀыфыбэмэ моущтэу къысаӀощт: «Зиусхьан! Зиусхьан! Тхьэм ежь игущыӀэхэр тыгухэм къарилъхьэхэу, ахэр о пцӀэкӀэ къатӀощтыгъэхэба, джынапцӀэхэри о пцӀэкӀэ цӀыфмэ ахэтфыщтыгъэхэба, Ӏофышхо гъэшӀэгъон Ӏаджыхэри о пцӀэкӀэ тшӀэщтыгъэхэба?»

23Ау сэ ахэмэ занкӀэу ясӀощт: «ЕгъашӀэми шъо шъусшӀэщтыгъэп. Санэӏу шъуикӀ, шъо бзэджашӀэхэр».

**Унэ зышӀырэ лӀы акъылышӀомрэ унэ зышӀырэ лӀы акъылынчъэмрэ**

(Лука 6:47-49)

24– Арышъ, хэти сэ сигущыӀэхэр зэхэзыхэу, ахэри зыгъэцакӀэрэр зыфэдэр лӀы акъылышӀоу, зиунэ мыжъо пытэм тезышӀыхьагъэр ары.

25Ощхыр къещхыгъ, псыхэри къиугъэх, жьыбгъэхэри къепщэхэзэ, а унэм тезэрэхьагъэх, ау а унэр къызэхэуагъэп, сыда пӀомэ, мыжъом тырашӀыхьагъэти ары.

26Ау хэти сигущыӀэхэр зэхэзыхэу, ахэри зымыгъэцакӀэрэр зыфэдэр лӀы акъылынчъэу, зиунэ пшахъом тезышӀыхьагъэр ары.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

27Ощхыр къещхыгъ, псыхэри къиугъэх, жьыбгъэхэри къепщэхэзэ, а унэм
тезэрэхьагъэх. А унэр къызэхэуагъ, къызызэхаоми, Іэе дэдэу
къызэхэуагъ.

28Исус мы гущыІэхэр къызеІохэм, цІыф купышхохэм Тхьэм игущыІэхэр
зэраригъашІэщтыгъэ шІыкІэр агъэшІэгъуагъ,

29сыда пІомэ, Тэурат егъэджэкІо пащэхэмрэ фарисейхэмрэ афэмыдэу,
тетыгъошхо иІэу, цІыфхэм Тхьэм игущыІэхэр аригъашІэщтыгъэхэти ары.

## Маттэ 8

### Исус шъоджэ уз Іае зиІэ лІы горэ зэригъэхъужьыгъэр

(Марк 1:40-45; Лука 5:12-16)

1Исус Іуашъхьэм къызехыжьым, цІыф купышхуабэхэр ыуж ихьагъ.

2Ащ дэжьым шъоджэ уз Іае зиІэ лІы горэ Исус къыбгъодахьи,
лъэгонджэмышъхьэкІэ ыпашъхьэ къитІысхьи, къыІуагъ: – О тхьэматэ,
уфаемэ, сыбгъэхъужьын плъэкІыщт.

3Исус ыІэ ыщэий, тырилъхьи, къыІуагъ: – Ары, сыфай, псаоу къэхъужь!
Ардэдэм шъоджэ узыр а лІым хэкІыжьи, ыкІышъо къабзэ хъужьыгъэ.

4Ащ дэжьым Исус а лІым риІуагъ: – Фэсакъ, мыр зыми емыІуат, ау дин
пащэм дэжь кІуи, зегъэлъэгъу. ЕтІанэ пегъымбар Мусэ иунашъо тетэу
къурмэн шІы. Ар узэрэхъужьыгъэмкІэ цІыфхэм апашъхьэ шыхьат хъущт.

### Исус дзэ пащэм иунэІут зэригъэхъужьыгъэр

(Лука 7:1-10; Иуан 4:43-54)

5ЕтІанэ Исус къалэу Капернаум дэхьагъ. Зыдахьэм, дзэ пащэ горэ
къыбгъодахьи, къелъэІугъ:

6– О тхьэматэ, сиунэІут ыІэпкъ-лъэпкъ узым зэкІиубытагъэу, гугъушхом
ыхьэу, унэм илъ.

7– Сэ сыкъэкІонышъ, ар згъэхъужьыщт, – Исус риІуагъ.

8– О тхьэматэ, о сиунэ укъихьаныр сифэшъуашэп, – къыІожьыгъ дзэ
пащэм, – ау зы гущыІэ закъо къаІуи, унашъо шІи, сиунэІут хъужьыщт.

9Сыда пІомэ, сэри зыгорэм унашъо къысфешІы, сыфэІорышІэ, сиунашъо
къедэІунхэу дзэлІхэри сиІ. Зыгорэм «КІо» есІомэ, кІощт. Адрэми «КъакІо»
есІомэ, къэкІощт. СиунэІути «Мыр шІэ» есІомэ, ащи ышІэщт.

10Исус ар зызэхехым, ыгъэшІагъуи, игъусэхэм ариІуагъ: – Шъыпкъэр
шъосэІо, мыщ фэдэ шІошъхъуныгъэ зиІэ цІыф закъо Израиль хэгъэгум
изгъотагъэп.

11Ау сэ шъосэІо, тыгъэ къокІыпІэмкІи тыгъэ къохьапІэмкІи цІыфыбэхэр
къикІынхэшъ, Ибрахьимэ, Исхьакъ, Якъубэ ягъусэхэу Тхьэу уашъом
щыІэм и Тетыгъошхо гухэхъо Іанэ чІыпІэхэр щаубытыщт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

12Ау мы пачъыхьагъум ицIыфхэр шIункIым икуупIэ хадзэщтых. Ащ
куохьаурэ цэ зэрэгъэшхырэ щыхъущт.

13ЕтIанэ Исус дзэ пащэм риIуагъ: – КIо, о пшIошъ зэрэхъугъэм фэдэу
къыбдэхъущт. А сыхьат дэдэм дзэ пащэм иунэIут хъужьыгъэ.

**Исус цIыфыбэхэр зэригъэхъужьыгъэр**

(Марк 1:29-34; Лука 4:38-41)

14ЕтIанэ Исус Петрэ иунэ зехьэм, Петрэ ишIугуащэ плъыр-стыркIэ
сымаджэу, пIэм хэлъэу ылъэгъугъ.

15Исус ащ ыIапэ нэсыгъ, плъыр-стырри хэкIыжьыгъ. ШIугуащэр
къэтэджыжьи, Исус къыхьакIэу ыублагъ.

16Пчыхьэ зэхъум, джынапцIэ зыхэс цIыфыбэхэр Исус дэжь къащагъэх.
Исус джынапцIэхэр зы гущыIэкIэ цIыфмэ ахифыхи, сымэджэ пстэури
ыгъэхъужьыгъ.

17Аущтэу зыкIэхъугъэр пегъымбар Ешайа мы гущыIэхэу
къыIуагъэхэр къэшъыпкъэжьынхэр ары: «Тэ тигъойщэягъэхэр ттырихи,
тиузхэр ежь зытырилъхьажьыгъ».

**Исус игъогу рыкIоным къин щэчыгъоу хэлъыр**

(Лука 9:57-62)

18ЦIыф купышхуабэхэу къеуцокIыгъэхэр Исус зелъэгъум, игъогу
рыкIохэрэм ариIуагъ: – НекIо, псыхъураем иадрабгъу тызэпырыжъугъэкI.

19Джащыгъум Тэурат егъэджэкIо пащэ горэ Исус къыбгъодахьи,
къыриIуагъ: – Дин гъэсакIу, тыдэ укIоми, уауж сыкъырыкIощт.

20– Баджэхэм исынхэу бы яI, ошъогу бзыухэми набгъо яI, ау ЦIыф
Лъэпкъым ы Къо ышъхьэ зэрихьылIэжьын чIыпIэ иIэп, – риIожьыгъ Исус.

21ЕтIанэ игъогу рыкIохэрэм ащыщэу нэмыкI горэм Исус къыриIуагъ: –
Тхьэматэ, ыпэ рапшIэу сыкIонышъ, сятэ чIэслъхьажьынэу фит сыкъэшI.

22– ЛIагъэхэм ежьхэм ялIагъэхэм яхьадэхэр чIарэлъхьажь, ау о сауж
къырыкIу, – риIожьыгъ Исус.

**Исус жьыбгъэ щынэгъошхор зэригъэуцугъэр**

(Марк 4:35-41; Лука 8:22-25)

23Исус къуашъо горэм зетIысхьэм, игъогу рыкIохэри ыуж итхэу къуашъом
итIысхьагъэх.

24ОшIэ-дэмышIэу жьыбгъэ щынэгъошхо псыхъураем къыщыхъуи,
псыорхэр къуашъом къиохэ хъугъэ. Ау Исус чъыещтыгъэ.

25Джащыгъум ахэр Исус къыбгъодахьэхи, къагъэущи, аIуагъ: – Зиусхьан,
тымыкIодэу тыкъэгъэнэжь, тэкIоды.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

26– Сыда шъузкlэщынэрэр, шlошъхъуныгъэр зимакlэхэр? – арилуагъ Исус
ахэмэ. Етlанэ къэтэджи, жьыбгъэшхоми псыми ягыигъ, кlым-сым дэди
хъугъэ.

27– Хэта мыр, жьыбгъэшхори псыри зыгъэдаlорэр? – аlуагъ цlыфхэм
агъэшlагъоу.

**Исус джынапцlэхэр зыхэсхэ нэбгыритlу зэригъэхъужьыгъэр**
(Марк 5:1-20; Лука 8:26-39)

28Етlанэ псыхъураем иадрабгъу ит хэкоу Гергесэ къалэм епхыгъэм Исус
зынэсым, джынапцlэхэр зыхэсхэ нэбгыритlу къэунэхэм къачlэкlхи,
къыпэгъокlыгъэх. А гъогум зы цlыфи бламыгъэкlэу, лlы ебгагъэх.

29– Тхьэм ы Къу, сыда о уиlофэу къытхэлъыр? Игъо къэмысэу къин
тэбгъэщэчынэу укъэкlуагъа? – аlозэ, къэкууагъэх.

30Ау ахэмэ апэчыжьэу къо lэхъогъушхо щыхъущтыгъ.

31Джащыгъум джынапцlэхэр Исус къелъэlугъэх: – Мы лlыхэм
тызахэпфыкlэ, мо къо lэхъогъум тыгъакlуи, къохэм апкъыхэм тахэгъахь.

32– Шъукlу! – арилуагъ Исус ахэмэ. Аущтэу зеlом, джынапцlэхэр лlыхэм
ахэкlыжьхи, къохэм апкъыхэм ахэхьагъэх. Къохэм апкъыхэм захахьэхэм,
lэхъогъур зэкlэ lошъхьэ нэпкъым ечъэхи, псыхъураем хэлъади, псым
хэкlодагъ.

33Къуахъохэр хэхьажьхи, къалэм чъэжьыгъэх, хъугъэ-шlэгъэ пстэури,
джынапцlэхэр зыхэсыгъэ лlитlум къащышlыгъэри щаlотагъ.

34Джащыгъум зэрэкъалэу дэкlыгъ Исус пэгъокlынхэу, ар залъэгъум, яхэку
ыбгынэнэу елъэlугъэх.

## Маттэ 9

**Зыlэпкъ-лъэпкъ узым зэкlиубытэгъэ лlы горэ Исус зэригъэхъужьыгъэр**
(Марк 2:1-12; Лука 5:17-26)

1Етlанэ Исус къуашъом итlысхьи, псыхъураем къызэпырыкlыжьи, икъалэ
къэкlожьыгъ.

2Джащыгъум зыlэпкъ-лъэпкъ узым зэкlиубытэгъэ лlы горэ пlуаблэм
телъэу Исус дэжь къахьыгъ. Исус ахэмэ яшlошъхъуныгъэ зелъэгъум,
зыlэпкъ-лъэпкъ узым зэкlиубытэгъэ лlым рилуагъ: – Угу умыгъэкlоды,
сикlал! Уипсэкlодшlагъэхэр къыпфэгъугъэх.

3Исус ар къызеlом, Тэурат егъэджэкlо пащэхэм ащыщэу заулэмэ агукlэ
аlуагъ: – Мы лlым Тхьэр егъэпцlы.

4Исус ахэмэ агухэм арылъыр ешlэти, къылуагъ: – Шъугухэм мыщ фэдэ
гукъэкl бзаджэхэр сыда зыкlарылъыр?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

5Тара нахь псынкlагъор, «Уипсэкlодшlагъэхэр къыпфэгъугъэх» пlоныр
ара, хьауми «Къэтэджи, къэкlухь» пlоныр ара?

6Ау къэшъуушlэным пае, Цlыф Лъэпкъым ы Къо псэкlодшlагъэхэр
ыгъэгъунхэу дунаим тетыгъо зэрэщырилэр, – джащыгъум Исус зыlэпкъ-
лъэпкъ узым зэкlиубытэгъэ лlым рилуагъ: – Къэтэджи, уипlуаблэ къашти,
шъуадэжь кlожь.

7А лlыр къэтэджи, ядэжь кlожьыгъэ.

8Цlыф купышхохэм ар залъэгъум, агъэшlэгъуагъ. Цlыфхэм ащ фэдэ
тетыгъо къязытыгъэ Тхьэми щытхъу фашlыгъ.

### Исус игъогу рыкlонэу Маттэ къызэреджагъэр
(Марк 2:13-17; Лука 5:27-32)

9Исус нахь чыжьэу кlозэ, хьакъулахь ахъщэр зыщыхахырэ унэм lусэу,
Маттэ зыцlэ лlы горэ ылъэгъугъ. – Сауж къырыкlу, – рилуагъ Исус. Маттэ
къэтэджи, Исус ыуж ихьагъ.

10Етlанэ Исус Маттэ иунэ щышхагъ. Хьакъулахь ахъщэр хэзыххэрэмрэ
псэкlодышlэхэмрэ бэ хъухэу къэкlуагъэхэу, Исусрэ игъогу рыкlохэрэмрэ
адашхэщтыгъэх.

11Фарисейхэм ар залъэгъум, Исус игъогу рыкlохэрэм аралуагъ: – Шъо
шъуидин гъэсакlо хьакъулахь ахъщэр хэзыххэрэмрэ псэкlодышlэхэмрэ
сыда зыкlадашхэрэр, зыкlадешъорэр?

12Ау Исус ар зызэхехым, къыlуагъ: – Псаухэр арэп lазэ зищыкlагъэхэр,
сымаджэхэр ары нахь.

13Шъукlуи, мы гущыlэхэу Тхьэм къыlуагъэхэм къарыкlырэр
къызэжъугъашl: «Къурмэныр арэп сызыфаер, гукlэгъур ары нахь». Сыда
пlомэ, шъыпкъагъэ зилэ цlыфхэм сяджэнэу арэп сыкъызфэкlуагъэр,
псэкlодышlэхэр япсэкlодшlагъэхэм афыкlэгъожьынхэм пае, сяджэнэу ары
нахь.

### Джурт тхьэматэхэр нэкlым ехьылlагъэу Исус къызэреупчlыгъэхэр
(Марк 2:18-22; Лука 5:33-39)

14Джащыгъум Иуан игъогу рыкlохэрэр Исус дэжь къакlохи, къыралуагъ: –
Тэррэ фарисейхэмрэ бэрэ тэнэкlы. О уигъогу рыкlохэрэм сыда
зыкlамынэкlырэр?

15– Шъаор ягъусэфэкlэ, шъаом игъусэхэр шъыгъонхэ алъэкlына? –
ариложьыгъ Исус ахэмэ. – Ау шъаор затырахыщт мафэхэр къэкlощтых. А
мафэхэр къызыкlохэкlэ, анэкlыщт.

16– Шэкlыкlэм щыщ идэжьын щыгъыныжьым зыми фишlырэп, сыда
пlомэ, шэкlыкlэм щыщ идэжьыным щыгъыныжьыр зэlитхъынышъ,
гъуанэр нахь ин ышlыщт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

17Джащ фэдэу, сэнэпс шIыгъакIэр шъонтыжъхэм арагъахъорэп. Аущтэу
ашIымэ, шъонтхэр къызэготхъынхэшъ, сэнэпсыр къичъыжьыщт,
шъонтхэри кIодыщтых. Сэнэпс шIыгъакIэр шъонтыкIэх зэрагъахъорэр.
Джащыгъум тIури мыкIодхэу къэнэжьыщтых.

**Исус тхьэматэ горэм ыпхъоу лIагъэр къызэригъэтэджыжьыгъэр; Исус ищыгъын къынэсыгъэ бзылъфыгъэр зэригъэхъужьыгъэр**

(Марк 5:21-43; Лука 8:40-56)

18Исус цIыфхэм а гущыIэхэр ариIохэзэ, тхьэматэ горэ къыбгъодахьи,
лъэгонджэмышъхьэкIэ Исус ыпашъхьэ къитIысхьи, къыIуагъ: – Сэ спхъу
джыдэдэм лIагъэ, ау о къакIуи, пIэ телъхьи, къэхъужьыщт.

19Джащыгъум Исус къэтэджи, игъогу рыкIохэрэр игъусэхэу а тхьэматэм
дэжь кIуагъэ.

20Бзылъфыгъэ горэ, илъэс пшIыкIутIу хъугъэу, лъыбэ къыкIэкIэу
гуIэщтыгъэ. Ар Исус ыкIыбкIэ къекIуалIи, ищыгъын цыпэ къынэсыгъ;

21сыда пIомэ, ыгукIэ мыщ фэдэу ыIуагъэти ары: «Исус ищыгъын сынэс
къодыеми, сыхъужьыщт».

22Исус зыкъызэригъазэкIи, бзылъфыгъэр къызелъэгъум, къыIуагъ: – Угу
умыгъэкIоды, сипшъашъ. УишIошъхъуныгъэ уигъэхъужьыгъ. А сыхьат
дэдэм къыщегъэжьагъэу а бзылъфыгъэр хъужьыгъэ.

23ЕтIанэ Исус тхьэматэм иунэ ихьи, къамылапщэхэри, цIыф бырсыр
купышхори хьэдагъэ къаIэтэу зелъэгъум,

24къыIуагъ: – ШъуикI, пшъэшъэжъыер лIагъэп, мэчъые нахь. Исус ар
къызеIом, къыдэхьащхыгъэх.

25ЦIыф купышхор зырагъэкIым, Исус пшъэшъэжъыем кIэрыхьи, ыIэ
ыубытыгъ, пшъэшъэжъыери къэтэджыгъ.

26А къэхъугъэм икъэбар а хэкум зэкIэ ис цIыфхэм зэлъашIэ хъугъэ.

**Исус лIы нэшъуитIу зэригъэхъужьыгъэр**

27Исус а чIыпIэм къызекIыжьым, лIы нэшъуитIу ыуж къихьагъ,
къылъыджэхэзэ: – Даутэ ы Къу, гукIэгъу къытфэшI!

28ЕтIанэ Исус унэм зехьэм, а лIы нэшъуитIур къыбгъодэхьагъ. Исус ахэмэ
ариIуагъ: – Ар сэ сшIэн зэрэслъэкIыщтымкIэ шIошъхъуныгъэ шъуиIа? –
ШIошъхъуныгъэ тиI, о тхьэматэ, – къыраIожьыгъ ахэмэ.

29ЕтIанэ Исус ыIэхэр ахэмэ анэхэм атырилъхьи, къыIуагъ: – Шъо
шъушIошъ зэрэхъугъэм фэдэу къыжъудэрэхъу.

30Исус аущтэу къызеIом, ахэмэ анэхэр къэплъэжьыгъэх. – Шъуфэсакъ,
мыр зыми ешъумыIу, – ариIуагъ Исус, унэшъо пытэ афишIэу.

31Ау ахэр унэм къызекIыжьхэм, а къэбарыр хэкум зэкIэ изы ашIыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

### Исус бзакоу, джынапцӀэ зыхэс лӀы горэ зэригъэхъужьыгъэр

32Исусрэ игъогу рыкӀохэрэмрэ унэм икӀыжьхэ зэхъум, бзакоу, джынапцӀэ
зыхэс лӀы горэ цӀыфхэм Исус дэжь къащагъ.

33Исус джынапцӀэр а лӀым зыхефым, лӀы бзэкуагъэр къэгущыӀагъ. Ар
залъэгъум, цӀыф купышхом ыгъэшӀагъоу къыӀуагъ: – Мыщ фэдэ Ӏоф
Израиль хэгъэгум тэ ныбжьи щытлъэгъугъэп.

34Ау фарисейхэм аӀуагъ: – ДжынапцӀэхэм япащэ илъэкӀ ары мы лӀым
джынапцӀэхэр цӀыфмэ зэрахифырэр.

### Исус цӀыф купышхом ыгу зэрэфэгъугъэр

35Исус зэкӀэ къалэхэри, къуаджэхэри къыкӀухьэщтыгъ. Синэгогухэм
цӀыфхэм Тхьэм игущыӀэхэр щаригъашӀэщтыгъ, Тхьэм и Тетыгъошхо
ехьылӀэгъэ къэбарышӀури аригъэӀущтыгъ, хэтрэ сымаджи гъойщаий
ыгъэхъужьыщтыгъ.

36Мэлахъо зимыӀэ мэл Ӏэхъогъум фэдэу улэугъэхэу, заухъумэжьын
амылъэкӀэу цӀыф купышхохэр зелъэгъум, Исус ыгу ягъугъ.

37ЕтӀанэ игъогу рыкӀохэрэм ариӀуагъ: – Лэжьыгъэр бэ, ау лэжьакӀохэр
макӀэх.

38Арышъ, лэжьыгъэр къахыжьыным пае, лэжьакӀохэр къыгъэкӀонхэу
лэжьыгъэр зыем шъуелъэӀу.

## Маттэ 10

### Апостол пшӀыкӀутӀур

(Марк 3:13-19; Лука 6:12-16)

1Исус игъогу рыкӀорэ нэбгырэ пшӀыкӀутӀумэ къяджи, ахэмэ джынэпцӀэ
Ӏаехэр цӀыфмэ ахафынхэу тетыгъо аритыгъ, хэтрэ сымаджи гъойщаий
агъэхъужьынэуи лъэкӀ аритыгъ.

2А апостол пшӀыкӀутӀумэ ацӀэхэр мары: апэу Симонэу ПетрэкӀэ
заджэхэрэр; ащ ышэу Индрыс; Зебедей ыкъуитӀоу Якъубэрэ Иуанрэ;

3Филипп, Бар-Талмай, Фомэ, Маттэу хьакъулахь ахъщэр хэзыхыщтыгъэр,
Алфей ыкъо Якъуб, Таддей;

4Симонэу зихэгъэгу ыпсэ емыблэжьэу фэлажьэщтыгъэр, Иудэ Искариот;
а Иудэр ары нэужым Исус тетыгъо зиӀэхэм язгъэубытыгъэр.

### Исус апостол нэбгырэ пшӀыкӀутӀур Тхьэм фэлэжьэнхэу зэрэдигъэкӀыгъэхэр

(Марк 6:7-13; Лука 9:1-6)

5А апостол пшӀыкӀутӀур Исус зыдегъэкӀым, мы унашъор афишӀыгъ: –
Хымэ лъэпкъхэм адэжь шъумыкӀу, Самарие хэкум щыщ къалэ горэми
шъудэмыхь.

6Ащ нахьи израиль цӀыфэу мэл кӀодыгъэхэм афэдэхэм адэжь шъукӀу.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

7Шъукӏуи, «Тхьэу уашъом щыӏэм и Тетыгъошхо къэблэгъагъ» шъуӏуи,
къэбар яжъугъэӏу.

8Сымаджэхэр жъугъэхъужьых, лӏагъэхэри къэжъугъэтэджыжьых, шъоджэ
уз ӏаер зиӏэхэри псаухэу, къабзэхэу жъугъэхъужьых, джынапцӏэхэри
цӏыфхэм ахэшъуфых. Уасэ хэмылъэу къышъуӏэкӏэхьагъ, шъори уасэ
хэмылъэу яшъутыжь.

9Шъуибгырыпхыхэм арылъэу дышъи, тыжьыни, гъоплъэ ахъщи
зыдэшъумышт.

10Гъогум шъуузытехьэкӏэ, ӏалъмэкъи, джэнитӏуи, цуакъи, бэщи
зыдэшъумыштэх. Сыда пӏомэ, лэжьакӏом игъомлапхъэ ыгъотыныр
ифэшъуаш.

11– Къалэми, къуаджэми, тыдэ шъудахьэми, зифэшъошэ цӏыф горэм
шъукӏэупчӏ. А чӏыпӏэм шъукъекӏыжьыфэ а цӏыфым иунэ шъуис.

12Унэм шъузихьэкӏэ, «Тхьэм шъо мы унэм исхэм гупсэф къышъуерэт»
шъуӏуи, шӏуфэс яшъух.

13Унэм исхэм а шӏуфэс гущыӏэр яфэшъуашэмэ, Тхьэм гупсэф ахэмэ
къаритыщт, ау имыфэшъуашэу къычӏэкӏмэ, гупсэфым шъуадэжь
къерэгъэзэжь.

14Ау зы унэ горэм исхэм, е зы къалэ горэм дэсхэм ащыщэу зыми
шъуримыгъэблагъэмэ е шъуигущыӏэхэм къямыдэӏумэ, а унэм
шъукъызикӏыжькӏэ, е а къалэм шъукъыздэкӏыжьыкӏэ, шъулъакъохэм
ателъ сапэр атешъуутхыпкӏыкӏыжь.

15Шъыпкъэр шъосэӏо, ахърэт мафэм а къалэм къинэу ыщэчыщтым нахьи,
къалэхэу Содомрэ ӏаморрэрэ къинэу ащэчыщтыр нахь мэкӏэщт.

**Сэ сигъогу шъуузэрэрыкӏорэм пае, цӏыфхэм къин шъуагъэщэчыщт**

(Марк 13:9-13; Лука 21:12-17)

16– Мары, мэлхэм шъуафэдэу тыгъужъхэм шъуахэсэгъахьэ. Арышъ,
блэхэм афэдэу зыжъугъэӏуш, гъэпцӏэн зыхэмылъ тхьаркъохэм афэдэуи
шъущыт.

17Цӏыфмэ шъуафэсакъ, сыда пӏомэ, тхьэмэтэ хасэхэм апашъхьэ
шъуаращэщт, ясинэгогухэми къамыщкӏэ къащышъоощтых.

18Сэ сигъогу шъуузэрэрыкӏорэм пае, ӏэшъхьэтетхэмрэ пачъыхьэхэмрэ
апашъхьэ шъуаращэщт. Шъузыращэкӏэ, ахэми хымэ лъэпкъхэми
апашъхьэ къэбарышӏум шыхьат шъуфэхъунэу игъо шъуифэщт.

19Хьыкумэшӏым ыпашъхьэ шъузыращэкӏэ, «Сыда тӏощтыр?» е
«Сыдэущтэу тӏощта?» шъуӏоу шъумыгумэкӏ; сыда пӏомэ, шъуӏон фаер
Тхьэм ы Псэ Лъапӏэ ащ дэжьым шъугухэм къарилъхьащт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)

[20]Къэгущыӏэщтыр шъорэп, шъуя Тэ лъапӏэ ы Псэ Лъапӏэу шъугухэм
арылъыр ары нахь.

[21]– Цӏыфым ежь ыш, тым ежь илъфыгъэ тетыгъо зиӏэхэм арагъэукӏыным
пае, арагъэубытыщт. Лъфыгъэхэри ны-тыхэм апэуцущтых, тетыгъо
зиӏэхэми арагъэукӏыщтых.

[22]Шъо сэ сцӏэ зэрэжъугъэлъапӏэрэм пае, цӏыф пстэуми шъуаужэгъущт.
Ау кӏэухым нэсыфэ теубытагъэ зиӏэр мыкӏодэу Тхьэм къыгъэнэжьыщт.

[23]Зы къалэм къин щышъуагъэщэчымэ, нэмыкӏ къалэ горэм кӏэшъуӏэжь.
Сыда пӏомэ, шъыпкъэр шъосэӏо, Израиль хэгъэгум икъалэхэр
къэшъукӏухьанхэу игъо шъуимыфэзэ, Цӏыф Лъэпкъым ы Къо
къэкӏожьыщт.

[24]– Еджакӏор езгъаджэрэм нахьи нахь инэп, ӏофтабгэри итхьэматэ нахьи
нахь инэп.

[25]Еджакӏор езгъаджэрэм фэдэ хъумэ, ащ фырикъущт, унэӏутри итхьэматэ
фэдэ хъумэ, ащи ар фырикъущт. Унэр зыем Баӏал-Зэбулкӏэ зеджэхэкӏэ,
унагъом исхэми ащ нахьи нахь ӏае афаӏонба?

**Шъузщыщынэн фаер**
(Лука 12:4-7)

[26]– Арышъ, ахэмэ шъуащымыщын, сыда пӏомэ, къэмылъэгъожьынэу
чӏэухъумагъэу зи щыӏэп, цӏыфхэм къамышӏэнэуи гъэбылъыгъэу зи щыӏэп.

[27]Мэзахэм щышъуасӏорэр мэфэ нэфынэм щышъуӏотэжь.
Шъутхьакӏумэхэм къяӏушъашъэхэу къышъуаӏорэр унашъхьэхэм
шъуатетэу цӏыфхэм яжъугъэӏу.

[28]Псэр зыукӏын зымылъэкӏэу, пкъыр зыукӏыхэрэм шъуащымыщын. Ащ
нахьи, псэри пкъыри джэхьнэмым щызгъэкӏодышъущтым шъущыщын.

[29]Бзыу цӏыкӏуитӏур зы чапычкӏэ ащэрэба? Ау щытми, шъуя Тэ лъапӏэ
фэмыеу, ахэмэ ащыщэу зи чӏыгум къытефэщтэп.

[30]Ау шъо шъушъхьэ тет шъхьац нэлъэ пстэури лъытагъэ.

[31]Арышъ, шъумыщын. Шъо бзыубэхэм анахьи шъуанахь лъапӏ.

**Христос игъогу рыкӏохэрэм узэращыщыр цӏыфхэм ябгъэшӏэныр**
(Лука 12:8-9)

[32]– Цӏыфмэ апашъхьэ сэ сигъогу рыкӏохэрэм зэращыщыр хэтми
къыщызыӏорэр, ар сигъогу рыкӏохэрэм зэращыщыр ся Тэу уашъом щыӏэм
ыпашъхьэ сэри щысӏощт.

[33]Ау хэтми сэ сигъогу рыкӏохэрэм ащымыщэу цӏыфмэ апашъхьэ
щызыӏорэр, ар сигъогу рыкӏохэрэм зэращымыщыр ся Тэу уашъом щыӏэм
ыпашъхьэ сэри щысӏощт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

### Зэзэгъыныгъэр чIылъэм къыфэсхьынэу арэп сыкъызфэкIуагъэр, чатэр къыфэсхьынэу ары нахь
(Лука 12:51-53; 14:26-27)

[34]– Зэзэгъыныгъэр чIылъэм къыфэсхьыным пае, сэ сыкъэкIуагъэу
шъумыгугъ. Зэзэгъыныгъэр къэсхьынэу арэп сыкъызфэкIуагъэр, чатэр
къэсхьынэу ары нахь;

[35]сыда пIомэ, сыкъызфэкIуагъэр къор ятэ, пхъури янэ, нысэри игуащэ
пэзгъэуцужьынэу ары.

[36]ЦIыфым ипыйхэр ежь иунагъо исхэр ары.

[37]– Хэтми сэ шIу сызэрилъэгъурэм нахьи, зятэ е зянэ нахьышIу
зылъэгъурэр сфэшъуашэп. Ащ фэдэуи хэтми сэ шIу сызэрилъэгъурэм
нахьи, зыкъо е зыпхъу нахьышIу зылъэгъурэр сфэшъуашэп.

[38]Хэтми зикъащ къэзымыштэу, сауж къырымыкIорэр сфэшъуашэп.

[39]Хэтми зыпсэ мыкIодэу, къызэригъэнэжьыщтым ыуж итым ыпсэ
шIокIодыщт, ау хэтми сэщ пае зыпсэ зышIокIодрэм ыпсэ мыкIодэу
къыгъэнэжьыщт.

### IахьышIу бгъотыныр
(Марк 9:41)

[40]– Шъо шъуезгъэблагъэрэм сэри сыригъэблэгъагъэу мэхъу,
сезгъэблагъэрэми сыкъэзгъэкIуагъэри ригъэблэгъагъэу мэхъу.

[41]Хэти пегъымбар горэ зэрэпегъымбарым пае езгъэблагъэрэм
пегъымбарым иIахьышIу ыгъотыжьыщт, хэти шъыпкъагъэ зиIэ цIыфыр
ащ ишъыпкъагъэ пае езгъэблагъэрэми шъыпкъагъэ зиIэ цIыфым
иIахьышIу ыгъотыжьыщт.

[42]Хэти мы цIыф цIыкIухэм ащыщэу зыгорэ сигъогу зэрэрыкIорэм пае, зы
псы чъыIэ шъоныбжъ нэмыIэми езгъашъорэм, шъыпкъэр шъосэIо, ащ
ифэшъошэ IахьышIур шIокIодыщтэп.

## Маттэ 11

[1]Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIум унашъохэр зафешIыхэ ужым, а
чIыпIэм икIи, джуртмэ якъалэхэм цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр
щаригъэшIэнхэу, щаригъэIунхэу кIуагъэ.

### УмэхъэкIо Иуан Исус дэжь лIыкIохэр зэригъэкIуагъэхэр
(Лука 7:18-35)

[2]Иуан хьапсым чIэсэу Христос Iофэу ышIагъэхэм якъэбар зызэхехым,
игъогу рыкIохэрэм ащыщэу нэбгыритIу ыгъакIуи,

[3]ригъэупчIыгъ: – Ора къэкIон фаер, хьауми нэмыкI горэм тыпэплъэн фая?

[4]– Жъугъэзэжьи, – ариIожьыгъ Исус ахэмэ, – Iофэу зэхэшъухыхэрэмрэ
шъулъэгъухэрэмрэ Иуан ешъуIотэжьых:

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

5нэшъухэр къэплъэжьых, лъащэхэр тэрэзэу зекlо мэхъужьых, шъоджэ уз
lae зиlэхэр псаухэу, къабзэхэу мэхъужьых, дэгухэм зэхахыжьы, лlагъэхэр
къэтэджыжьых, тхьамыкlэхэми къэбарышlур зэхахы.

6Сэщ пае зыгу мыхъун къизымыгъахьэрэр гъогу мафэ теуцуагъ.

7Иуан игъогу рыкlохэрэр зежьэжьхэм, Исус цlыф купышхохэм Иуан
ехьылlагъэу ариlоу ыублагъ: – Шъоф нэкlым шъузыдэкlым, сыда
шъулъэгъунэу шъузыфэягъэр? Жьыбгъэм ыгъэсысырэ къамыл
шъулъэгъунэу арыгъа?

8Армырмэ, сыда шъулъэгъунэу шъузыфэягъэр ащ шъузыдэкlым?
Щыгъын дахэхэр зыщыгъ лlы горэ арыгъа? Щыгъын дахэхэр зыщыгъхэр
зэрысхэр пачъыхьэхэм яунэшхохэр ары.

9Адэ, сыда шъулъэгъунэу шъузыфэягъэр ащ шъузыдэкlым?
Пегъымбара? Сэ шъосэlо, ар пегъымбар къодыеп, ар пегъымбарым
нахьи нахь ин.

10Ар лlыкlоу зикъэбар Тхьэм игущыlэ тхыгъэхэм моущтэу арытыр ары:
«Мары, о уапэ силlыкlо къэсэгъакlо, ащ уигъогу пфигъэпсыщт».

11– Шъыпкъэр шъосэlо, бзылъфыгъэхэм къакlэхъуагъэхэм ащыщэу
умэхъэкlо Иуан нахьи нахь ин щыlэп. Ау щытми, Тхьэу уашъом щыlэм и
Тетыгъошхо ыlэчlэгъ чlэт цlыфхэм ащыщэу анахь цlыкlури Иуан нахьи
нахь ин.

12Умэхъэкlо Иуан имафэхэм къащегъэжьагъэу джы нэс, цlыфхэм Тхьэу
уашъом щыlэм и Тетыгъошхо ыlэчlэгъ чlэт цlыфхэм къин арагъэщэчыгъ,
а тетыгъошхор лlыгъэкlэ аубытынэу бзэджашlэхэри ыуж итых;

13сыда пlомэ, умэхъэкlо Иуан имафэхэм анэсыфэ, пегъымбархэр зэкlэ
пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ итхэмкlи а тетыгъошхор къызэрэкlощтым
къытегущыlагъэх.

14Ар шъуштэнэу шъуфаемэ, умэхъэкlо Иуаныр къэкlон фэегъэ
пегъымбар Иляс ары.

15Рыдэlонэу тхьакlумэ зиlэм зэхерэх!

16– Джырэ цlыфхэр сыда зыфэзгъэдэщтыр? Урамым тес кlалэхэу
моущтэу зыlохэу, яныбджэгъумэ яджэхэрэм афэдэх:

17«Къамылым тышъуфепщагъэ пэтми, шъо шъукъэшъуагъэп; тэ гъыбзэ
орэд къышъуфэтlуагъэ пэтми, шъо шъугъыгъэп».

18– Сыда пlомэ, Иуан къэкlуагъ. Ащ енэкlы, сэнэпси ешъорэп. «Ащ
джынапцlэ хэс» alo.

19Цlыф Лъэпкъым ы Къо къэкlуагъ. Ар машхэ, ешъо. «Шхэн-ешъоныр
зикlасэу, хьакъулахь ахъщэр хэзыххэрэмрэ псэкlод зышlэхэрэмрэ

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

яныбджэгъу» аIо. Ау Тхьэм иакъылышIуагъэ къыхэкIыгъэ хъугъэ-
шIагъэхэм а акъылышIуагъэр къагъэшъыпкъэжьы.

**Гъогу мыгъо утеуцуагъ, къалэу Хоразин! Гъогу мыгъо утеуцуагъ, къалэу Бет-Сайдэ!**

(Лука 10:13-15)

20 Джащыгъум Исус ежь иIофышхо гъэшIэгъонхэм анахьыбэхэр
зыщишIэгъэ къалэхэм ягыеу ыублагъ, ахэр япсэкIодшIагъэхэм
зэрафыкIэмыгъожьыгъэхэм пае.

21 – Гъогу мыгъо утеуцуагъ, къалэу Хоразин! Гъогу мыгъо утеуцуагъ,
къалэу Бет-Сайдэ! Сыда пIомэ, шъуадэжь щысшIэгъэ Iофышхо
гъэшIэгъонхэр къалэхэу Тиррэ Сидонрэ ащысшIэгъагъэхэмэ, бэшIагъэу
шъыгъоныгъэ щыгъын ащыгъэу, анэгухэр яжьэкIэ цIэлагъэхэу
япсэкIодшIагъэхэм афыкIэгъожьыщтыгъэх.

22 Ау шъосэIо, ахърэт мафэм къинэу шъущэчыщтым нахьи, Тиррэ
Сидонрэ къинэу ащэчыщтыр нахь мэкIэщт.

23 О Капернаум, уашъом удэкIоена? Джэхьнэмым икуупIэ унэсыфэ
упхырызыщт нахь, сыда пIомэ, уадэжь щысшIэгъэ Iофышхо
гъэшIэгъонхэр къалэу Содом щысшIэгъагъэхэмэ, ар джы нэсыфэ щытэу
къэнэщтыгъ.

24 Ау сэ шъосэIо, ахърэт мафэм къинэу о пщэчыщтым нахьи, Содом
къинэу ыщэчыщтыр нахь мэкIэщт.

**Садэжь шъукъакIуи, гупсэф шъостыщт**

(Лука 10:21-22)

25 Ащ дэжьым Исус игущыIэ лъигъэкIуатэу ыIуагъ: – Ся Т, уашъоми
чIылъэми я Зиусхьан, мы Iофхэр цIыф акъылышIу зиIэхэмрэ зэхэшIыкI
зиIэхэмрэ ашIоуушъэфыгъэу, сабыйхэм зэрябгъэшIагъэмкIэ щытхъу
пфэсэшIы.

26 Ары, ся Т, о ар аущтэу пшIоигъуагъ.

27 – Ся Тэ щыIэ пстэури къысIэкIилъхьагъ. Къо лъапIэр Ты лъапIэм нэмыкI
зыми ышIэрэп. Ты лъапIэри зыми ышIэрэп, Къо лъапIэмрэ Къо лъапIэм
ар зэхаригъэшIыкIэнэу къыхихырэ цIыфхэмрэ анэмыкI.

28 – ЗэкIэ улэугъэхэу, хьылъэшхо зытелъхэр, садэжь шъукъакIуи, гупсэф
шъостыщт.

29 Сэ сибжь зытешъулъхьи, къасIорэр зэжъугъашIэ, сыда пIомэ, сыгу
шъабэ, пэгагъи илъэп. ЕтIанэ гупсэф жъугъотыщт;

30 сыда пIомэ, сэ сибжь щэчыгъошIу, сихьылъи псынкIэ.

## Маттэ 12

**Шэмбэт мафэм Исус игъогу рыкIохэрэм коцышъхьэхэр къызэрэпачыгъэхэр**

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

(Марк 2:23-28; Лука 6:1-5)

1А лъэхъаным Исус шэмбэт мафэ горэм коц хьасэхэр зэпичыхэзэ
кIощтыгъ. Игъогу рыкIохэрэр мэлакIэ лIагъэхэти, коцышъхьэхэр
къыпачыхэзэ ашхыхэу аублагъ.

2Фарисейхэм ар залъэгъум, Исус къыраIуагъ: – Еплъ, шэмбэт мафэм
хабзэкIэ пшIэ мыхъущтыр уигъогу рыкIохэрэм ашIэ.

3– Даутэрэ игъусэхэмрэ мэлакIэ лIэхэ зэхъум, ащ
ышIагъэм шъуеджагъэба? – ариIожьыгъ Исус.

4– Ар Тхьэм иунэ ихьи, цIыфхэм Тхьэм ыпашъхьэ ралъхьэгъэ
хьалыгъур ежьыри игъусэхэми ашхыгъ. А хьалыгъур дин пащэхэм
анэмыкI хабзэкIэ зыгорэм ышхы хъущтыгъэп, ау Даути игъусэхэми
ашхыгъ.

5Е дин пащэхэр Тхьэм иунэшхо чIэтхэу, шэмбэт мафэм лажьэхэу, а
мафэр амыгъэлъапIэми, лажьэ ямыIэу къызэрэнэрэр Мусэ и Тэурат
хабзэ зэритхагъэм шъуеджагъэба?

6Ау шъосэIо, Тхьэм иунэшхо нахьи нахь инэу зыгорэ къышъухэт.

7«КъурмэншIыныр арэп сызыфаер, гукIэгъур ары нахь» ыIуи, Тхьэм
къыIогъэ гущыIэхэм къарыкIырэр шъушIэщтыгъэмэ, лажьэ зимыIэхэрэр
жъугъэмысэщтыгъэхэп;

8сыда пIомэ, ЦIыф Лъэпкъым ы Къо шэмбэт мафэм итхьэмат.

**ЗыIэ лъэныкъо пыгъукIыгъэ лIы горэ Исус зэригъэхъужьыгъэр**

(Марк 3:1-6; Лука 6:6-11)

9ЕтIанэ Исус а чIыпIэм IукIи, ахэмэ ясинэгогу чIэхьагъ.

10ЗыIэ лъэныкъо пыгъукIыгъэ лIы горэ ащ чIэтыгъ. Исус зэрагъэмысэн
Iоф горэ къагъотыным пае, моущтэу къеупчIыгъэх: – Шэмбэт мафэм
сымаджэр бгъэхъужьыныр хабзэкIэ хъущта, мыхъущта?

11– Хэта шъуащыщэу мэл закъоу иIэр шэмбэт мафэм машэм зифэкIэ,
къизымыхыжьыщтыр? – ариIуагъ Исус ахэмэ.

12– ЦIыфыр мэлым нахьи бэкIэ нахь лъапIэба? Арышъ, шэмбэт мафэм
шIу пшIэныр хабзэкIэ хъущт.

13ЕтIанэ Исус а лIым риIуагъ: – О пIэ къэщэй. ЛIым ыIэ къыщэий, адрэ Iэм
фэдэ хъужьыгъэ.

14Джащыгъум фарисейхэр синэгогум чIэкIыжьхи, Исус агъэкIодынэу
гухэлъ ашIызэ, зэрагъэкIодыщт шIыкIэмкIэ зэупчIыжьыгъэх.

**Тхьэм ежь зыфигъэлэжьэнэу къыхихыгъэр**

Ау Исус ахэмэ ягухэлъ къызешIэм, а чIыпIэм IукIыжьыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

15Цlыфыбэхэр ыуж итхэу кlуагъэх, ахэмэ ахэт сымаджэхэри зэкlэ
ыгъэхъужьыгъ.

16Ау Исус ахэмэ унэшъо пытэ афишlыгъ ежь игугъу цlыфмэ
афамышlынэу.

17Аущтэу зыкlэхъугъэр пегъымбар Ешайа итхылъ итхэу, Тхьэм мы
гущыlэхэу Христос ехьылlагъэу къыlуагъэхэр къэшъыпкъэжьынхэр ары:

18«Мыры къысфэлэжьэнэу къыхэсхыгъэр. Ар шlу слъэгъоу, сикlасэу сыгу
зэlурэр ары. Сэ спсэ ащ ыгу ислъхьанышъ, ащ шъыпкъагъэр хымэ
лъэпкъхэм аригъэlущт.

19Ащ бырсыр макъэ къыlэтыщтэп, куощтэп. Ащ ымакъэ урамхэми хэти
ащызэхихыщтэп.

20Къамыл ныкъо зэпыкl зэпикlыжьыщтэп, макlэу блэрэ
шъагъэри ыгъэкlосэщтэп, шъыпкъагъэр тыригъэкlоным нэсыфэ.

21Цlыф лъэпкъхэр зыщыгугъыщтхэр ежьыр ары».

**Исусрэ джынапцlэхэм япащэу Баlал-Зэбулрэ**

(Марк 3:20-30; Лука 11:14-23; 12:10)

22Ащ дэжьым нэшъоу, бзакоу джынапцlэ зыхэс лlы горэ цlыфхэм Исус
дэжь къащагъ. Исус лlы бзакор гущыlэшъоу, ылъэгъушъоу
ыгъэхъужьыгъ.

23Зэкlэ цlыфхэм лъэшэу агъэшlагъоу аlощтыгъ: – Мыр Даутэ ы Къоу
Христос ара?

24Ау фарисейхэм ар зызэхахым, моущтэу аlуагъ: – Баlал-Зэбулэу
джынапцlэмэ япащэ илъэкl ары джынапцlэхэр цlыфхэм зэрахифырэр.

25Ау ахэмэ ягухэлъхэр Исус ышlэзэ, ариlуагъ: – Сыдрэ пачъыхьагъум
лъэныкъуитlоу зигощымэ, зэхэтэкъощт. Ащ фэдэуи сыдрэ къали, сыдрэ
уни лъэныкъуитlоу гощыгъэ хъумэ, щыlэжьын ылъэкlыжьыщтэп.

26Шэйтаными зы цlыф горэм шэйтаныр хифымэ, ащыгъум ежь ышъхьэкlэ
лъэныкъуитlоу гощыгъэ мэхъу. Сыдэущтэу етlанэ ащ итетыгъо щыlэжьын
ылъэкlын?

27Адэ Баlал-Зэбул илъэкlыкlэ сэ джынапцlэхэр цlыфхэм ахэсэфыхэмэ,
шъо шъуицlыфхэм джынапцlэхэр зэрахафырэр хэт илъэкl хъура?
Арышъ, ахэр шъо хьыкумэшlы къышъуфэхъущтых.

28Ау сэ джынапцlэхэр цlыфхэм зэрахэсфырэр Тхьэм ы Псэ Лъапl арышъ,
Тхьэм и Тетыгъошхо къызэрэшъухэхьагъэр ары ащ къикlырэр.

29– Ащ фэдэу, кlуачlэ зиlэ лlы горэм иунэ ихьэу, ащ ихьапщыпхэр
къытыгъун хэта зылъэкlыщтыр, ыпэ рапшlэу а лlэу кlуачlэ зиlэр
зэкlоцlимыпхэмэ? Ау а лlыр зэкlоцlипхэмэ, иунэ къыхъункlэн ылъэкlыщт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

30– Сэ симыгъусэр къыспэуцу, сэ къыздэзымыугъоирэми ретэкъухьэ.

31Арышъ, шъосэІо, цІыфхэм сыдрэ псэкІодэу ашІагъэри, сыд фэдэу Тхьэр
агъэпцІыгъэми афэгъуштых, ау хэтми Тхьэм ы Псэ ЛъапІэ зыгъэпцІырэм
фэгъуштэп.

32Хэтми ЦІыф Лъэпкъым ы Къо гущыІэ Іае фэзыІорэм фэгъущт, ау Тхьэм
ы Псэ ЛъапІэ гущыІэ Іае фэзыІорэм мы дунаими адрэ дунаими
къащыфэгъуштэп.

**Чъыгыр зыфэдэр къыпыкІэрэмкІэ къэпшІэщт**
(Лука 6:43-45)

33– Чъыгыр шІумэ, къыпыкІэри шІу; чъыгыр дэймэ, къыпыкІэри дэи; сыда
пІомэ, чъыгыр зыфэдэр къыпыкІэрэмкІэ къэпшІэщт.

34Шъо, блэщылъфыхэр, шъуибзэджагъэкІэ сыдэуштэу шІу къэшъуІон
шъулъэкІына? Сыда пІомэ, жэм къыдэкІырэр гум илъыр ары.

35ЦІыфышІум ыгу илъ шІугъэм шІугъэ къыхехы, цІыф бзаджэми ыгу илъ
бзэджагъэм бзэджагъэ къыхехы.

36Сэ шъосэІо, цІыфхэм сыдрэ гущыІэу, пкІэ зимыІэу къаІорэм пае ахърэт
мафэм Тхьэм джэуап ратыжьын фаеу хъущт;

37сыда пІомэ, уигущыІэхэм ялъытыгъэу Тхьэм уигъэхыещт, уигущыІэхэм
ялъытыгъэуи уигъэмысэщт.

**Нэшэнэ гъэшІэгъон горэ уашъом къафыригъэхынэу фарисейхэр Исус къызэрелъэІугъэхэр**
(Марк 8:11-12; Лука 11:29-32)

38Ащ дэжьым Тэурат егъэджэкІо пащэхэмрэ фарисейхэмрэ ащыщхэм
Исус къыраІуагъ: – Дин гъэсакІу, нэшэнэ гъэшІэгъон горэ
тэбгъэлъэгъунэу тыфай.

39– Джырэ цІыф бзаджэхэу Тхьэр зымышІэхэрэр нэшэнэ гъэшІэгъон
фаех, – ариІожьыгъ Исус ахэмэ, – ау пегъымбар Юныс инэшанэ нэмыкІ
Тхьэм ахэмэ къаритыщтэп;

40сыда пІомэ, Юныс пцэшхо иным ыныбэ мэфищырэ чэщищырэ
зэрилъыгъэм фэдэу, ЦІыф Лъэпкъым ы Къо мэфищырэ чэщищырэ
чІылъэм икуупІэ чІэлъыщт.

41Къалэу Нинэвие дэсыгъэ цІыфхэр ахърэт мафэм къэтэджынхэшъ,
джырэ цІыфхэм къядэощтых, къагъэмысэщтых, сыда пІомэ, ахэмэ Тхьэм
игущыІэхэр Юныс аригъэІухэу зызэхаххэм, япсэкІодшІагъэхэм
афыкІэгъожьыгъэх. Мары, пегъымбар Юныс нахьи нахь инэу зыгорэ
къышъуухэт.

42Джащ фэдэу къыблэ хэгъэгум щыщэу бзылъфыгъэ пачъыхьэр ахърэт
мафэм къэтэджынышъ, джырэ цІыфхэм къядэощт, къыгъэмысэщтых,

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышІур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

сыда пIомэ, а бзылъфыгъэ пачъыхьэр пачъыхьэ Сэлмэн
иакъылышIуагъэ едэIунэу чIылъэм икъуапэ къикIи, къэкIуагъ. Мары,
пачъыхьэ Сэлмэн нахьи нахь инэу зыгорэ къышъухэт.

**Джынэпцlэ Іаем къызэригъэзэжьырэр**
(Лука 11:24-26)

43– Джынэпцlэ Іае горэ цІыф горэм зыхэкІыкІэ, зыгъэпсэфыпІэ лъыхъоу,
псы зэрымыт шъоф нэкІым къыщекІухьэ, ау ыгъотырэп.

44Джащыгъум еIо: «Сызхэсыгъэ цІыфэу сиунагъэм дэжь згъэзэжьыщт».
Ащ дэжь къегъэзэжьышъ, унэр нэкІэу, пхъэнкІыгъэу, зэлъыIухыгъэу
къегъотыжьы.

45Джащыгъум макІо, джынэпцІибл ежь нахьи нахь бзаджэхэу
къыздещэхэшъ, унэм етІысхьэх. ЫкIэ ыкІэжьым а цIыфым иIоф ыпэрэм
нахьи нахь дэи мэхъу. Джары джырэ цІыфхэм къяхъулІэщтыр.

**Исус янэрэ ышхэмрэ**
(Марк 3:31-35; Лука 8:19-21)

46Исус а гущыIэхэр цІыф купышхохэм ариIо зэхъум, ежь янэрэ ышхэмрэ
къэкIуагъэхэу, къыдэгущыIэхэмэ ашIоигъоу щагум дэтыгъэх.

47Зыгорэм Исус къыриIуагъ: – КъэдаIолъ, о уянэрэ пшыхэмрэ
къэкIуагъэхэу, къыбдэгущыIэхэмэ ашIоигъоу щагум дэтых.

48– Хэта сянэри, хэта сшыхэри? – риIожьыгъ Исус къезыIуагъэм.

49ЕтIанэ игъогу рыкIохэрэм Iапэ афишIи, къыIуагъ: – Мыхэр ары сэ
сянэри сшыхэри;

50сыда пIомэ, хэти сэ ся Тэу уашъом щыIэр зыфаер зыгъэцакIэрэр ары
сшыри, сшыпхъури, сянэри.

## Маттэ 13

**Чылапхъэр зыпхъырэм ехьылIэгъэ гъэсэпэтхыдэр**
(Марк 4:1-9; Лука 8:4-8)

1А мэфэ дэдэм Исус унэм къикIи, псыхъурэе Iушъом IутIысхьагъ.

2ЦIыф купышхохэу Исус дэжь къыщызэрэугъоигъэхэр зэрэбагъэм пае, ар
къуашъом итIысхьагъ. ЗэкIэ цIыфхэр псыхъураем Iутыгъ.

3ЕтIанэ Исус гъэсэпэтхыдэхэмкIэ цIыфхэм Iофыбэхэр ариIуагъ: –
ШъукъэдаIу. ЛIы горэ чылапхъэ ыпхъынэу дэкIыгъ.

4Чылапхъэр ыпхъызэ, ащ щыщ тIэкIу гъогум тетэкъуагъ. Бзыухэр
къэбыбыхи, ар ашыпыгъ.

5Ау зы тIэкIуи етIэ макIэ зыхэлъ чIыгу мыжъуалъэм тетэкъуагъ. ЧIыгур
куугъэпти, шIэх дэдэу къыхэкIыгъ,

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

6ау тыгъэр къызыдэкӀуаем пыгъукӀыгъ, лъэпсэ куу зэримыӀагъэм пае
гъугъэх.

7НэмыкӀ тӀэкӀуи панэхэм ахэтэкъуагъ. Панэхэр къэкӀыхи, чылапхъэу
къыхэкӀыгъэхэр атхьэлагъэх.

8Ау етӀани зы тӀэкӀу чӀыгу дэгъум хэтэкъуагъ, шъхьэлъагъэх. Зы шъхьэ
налъэм коцишъэ къытыгъ, адрэм тӀокӀищ, адрэми щэкӀ къикӀыгъ.

9ЕтӀанэ Исус къыпигъэхъожьыгъ: – РыдэӀонэу тхьакӀумэ зиӀэм зэхерэх.

### ЦӀыфхэм гъэсэпэтхыдэхэр Исус къызкӀафиӀуатэщтыгъэр
(Марк 4:10-12; Лука 8:9-10)

10Ащ нэужым игъогу рыкӀохэрэр Исус къыбгъодахьэхи, къеупчӀыгъэх: –
ЦӀыфхэм гъэсэпэтхыдэхэмкӀэ сыда узкӀадэгущыӀэрэр?

11– Тхьэу уашъом щыӀэм и Тетыгъошхо ишъэфхэр шъушӀэнхэу Тхьэм
фитыныгъэ къышъуитыгъ, ау ахэмэ къаритыгъэп, – ариӀожьыгъ Исус.

12– Тхьэм зиӀэм нахьыбэ къыритыщт, къелыжьэуи бэ иӀэщт, ау зимыӀэм
иӀэ тӀэкӀури Ӏихыжьыщт Тхьэм.

13Сэ цӀыфхэм гъэсэпэтхыдэхэмкӀэ сазкӀыдэгущыӀэрэр: Ахэр еплъыхэ
пэтми, алъэгъурэп, даӀохэ пэтми, зэхахырэп, къагурыӀорэп.

14Ӏофэу ахэмэ къяхъулӀэрэмкӀэ Тхьэм ежь игущыӀэхэу пегъымбар Ешайа
ыгу къырилъхьэхи, къыригъэӀуагъэхэр къэшъыпкъэжьыгъэх: «Шъо
егъашӀэм зэхэшъух зэпытыщт, ау къыжъугурыӀощтэп; шъо егъашӀэм
шъулъэгъу зэпытыщт, ау гу лъышъутэщтэп.

15Сыда пӀомэ, мы цӀыф лъэпкъым щыщхэм гулъытэ ямыӀэ хъугъэх. Ахэмэ
атхьакӀумэхэмкӀэ жъажъэу зэхахы, анэхэри аупӀыцӀагъэх. Аущтэу
щымытыгъэмэ, анэхэмкӀэ алъэгъущтыгъ, атхьакӀумэхэмкӀи зэхахыщтыгъ,
агухэмкӀи къагурыӀощтыгъ, садэжьи къагъэзэжьыгъэмэ, сэ ахэр
згъэхъужьыщтыгъэх».

16– Ау шъо шъунэхэри шъутхьакӀумэхэри гъогу мафэ теуцуагъэх, ахэмэ
алъэгъу, зэхахы.

17Шъыпкъэр шъосэӀо, пегъымбар Ӏаджыми шъыпкъагъэ зиӀэ цӀыф
Ӏаджыми шъо шъулъэгъурэр алъэгъумэ ашӀоигъуагъ, ау алъэгъугъэп,
шъо зэхэшъухырэри зэхахымэ ашӀоигъуагъ, ау зэхахыгъэп.

### Чылапхъэр зыпхъырэм ехьылӀэгъэ гъэсэпэтхыдэм къикӀырэр
(Марк 4:13-20; Лука 8:11-15)

18– Ащыгъум чылапхъэр зыпхъырэм ехьылӀэгъэ гъэсэпэтхыдэм
къикӀырэм шъукъедэӀу:

19Тхьэм и Тетыгъошхо икъэбар зыгорэм зэхихэу, ау къызыгурымыӀокӀэ,
шэйтаныр къэкӀошъ, чылэпхъэшӀоу а цӀыфым ыгу илъ хъугъэр рехыжьы.
Мыр чылапхъэу гъогум тепхъагъэм фэд.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)

20Адрэ цӀыфыр мыжъуабэ зыхэлъ чӀыгум тепхъэгъэ чылапхъэм фэд. А цӀыфыр ары Тхьэм игущыӀэхэр зэрэзэхиххэу, а гущыӀэхэр гушӀуагъокӀэ зыштэрэр.

21Ау ащ ыгукӀэ лъапсэ зэримыӀэм пае, шӀошъхъуныгъэм игъогу бэрэ тетыжьрэп. Тхьэм игущыӀэхэм апаекӀэ, е гузэжъогъу зэрэхафэу, е цӀыфхэм ащ къин зэрэрагъэщэчэу, шӀошъхъуныгъэм игъогу текӀыжьы.

22ЕтӀани зы цӀыф панэхэм ахэпхъэгъэ чылапхъэм фэд. Ащ Тхьэм игущыӀэхэр зэхехы, ау мы дунаим игугъухэмрэ баиныгъэм игъэпцӀэныгъэрэ Тхьэм игущыӀэхэу ыгу илъхэр атхьалэхэшъ, ащ зи шӀугъэ къыпыкӀырэп.

23ЕтӀани нэмыкӀ цӀыфыр чӀыгу дэгъум хэпхъэгъэ чылапхъэм фэд. Ары Тхьэм игущыӀэхэр зэхэзыхэу, зэхэзышӀыкӀырэр. Ащ шӀугъэ къыпэкӀы, е фэдишъэ, е фэдэ тӀокӀищ, е фэдэ щэкӀ.

### Уц шӀоеу коцым ыгузэгу пыим хипхъагъэм ехьылӀэгъэ гъэсэпэтхыдэр

24Исус нэмыкӀ гъэсэпэтхыди ахэмэ къафиӀотагъ: – Тхьэу уашъом щыӀэм и Тетыгъошхо зыфэдэр лӀэу чылэпхъэшӀу зихьасэ хэзыпхъагъэр ары.

25Ау цӀыфхэр чъыехэзэ, ипый къакӀуи, коцым ыгузэгу уц шӀой хипхъи, ӀукӀыжьыгъ.

26А коцыр къыхэкӀи, шъхьэлъэнэу зырегъэжьэм, уц шӀоири къыхэкӀыгъ.

27Хьасэр зыем дэжь илэжьакӀохэр кӀохи, раӀуагъ: «Тхьэматэ, чылэпхъэшӀуба уихьасэ щыппхъыгъэр? Адэ, мы уц шӀоир тыдэ къикӀыгъа?»

28«Ар пый горэм ышӀагъ», – къариӀожьыгъ тхьэматэм. «Тэ тыкӀонышъ, ар къыхэтчынэу уфая?» – еупчӀыгъэх лэжьакӀохэр тхьэматэм.

29Ау ежь тхьэматэм къыӀуагъ: «Хьау, ар хъущтэп, сыда пӀомэ, уц шӀоим игъусэу коцыри къыхэшъучынкӀи мэхъу.

30ТӀури зэгъусэу хыныгъом нэсыфэ къызэдэрэкӀ. Къахыжьын зыхъукӀэ, хынакӀомэ ясӀощт: „Уц шӀойхэр ыпэ рапшӀэу къыхэшъухи, шъупхых, машӀокӀэ жъугъэстынхэм пае; етӀанэ коцыр Ӏушъухыжьи, сиконхэм арышъутакъу“».

### Андэгурацэмрэ тэджэпсымрэ яхьылӀэгъэ гъэсэпэтхыдэхэр

(Марк 4:30-32; Лука 13:18-21)

31Джыри нэмыкӀ гъэсэпэтхыдэ къафиӀотагъ Исус ахэмэ: – Тхьэу уашъом щыӀэм и Тетыгъошхо зыфэдэр андэгурацэр ары. А цэр лӀы горэм ихьасэ щишӀагъ.

32Цэ пстэуми анахь цӀыкӀу пэтми, ар къызыкӀырэ ужым, зы илъэс зыныбжьэу къэкӀыгъэ пстэуми анахь ин. Ошъогу бзыухэри къэбыбыхэзэ, ащ икъутамэхэм атесынхэу чъыгы мэхъу.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

33ЕтӀани Исус нэмыкӀ гъэсэпэтхыди къафиӀотагъ: – Тхьэу уашъом щыӀэм
и Тетыгъошхо зыфэдэр тэджэпсыри ары. Бзылъфыгъэ горэм тэджэпсыр
къышти, хьаджыгъэу Ӏэнлъищым арыфэрэр зэхипшыхьагъ, зэрэщытэу
къэтэджыфэ.

34А зэпстэури гъэсэпэтхыдэхэмкӀэ цӀыф купышхомэ къафиӀотагъ Исус.
Гъэсэпэтхыдэ хэмытэу адэгущыӀэщтыгъэп.

35Исус цӀыфхэм адэгущыӀэзэ, гъэсэпэтхыдэхэр зыкӀафиӀотагъэр
пегъымбарым мы гущыӀэхэу къыӀуагъэхэр къэшъыпкъэжьынхэр ары:
«Гъэсэпэтхыдэхэр къэсӀуатэхэу сыжэ къызэтесхынышъ, дунаир
къызыхъугъэм щегъэжьагъэу аушъэфыщтыгъэ Ӏофхэр къэсӀощтых».

**Уц шӀоеу коцым ыгузэгу пыим щипхъыгъэм ехьылӀэгъэ гъэсэпэтхыдэм къикӀырэр**

36Ащ нэуж Исус цӀыф купышхохэм къахэкӀи, унэу зэрысыгъэм ихьажьыгъ.
Игъогу рыкӀохэрэр къыбгъодахьэхи, къыраӀуагъ: – Хьасэм къыхэкӀэгъэ уц
шӀоим ехьылӀэгъэ гъэсэпэтхыдэм къикӀырэр къыдгурыгъаӀу.

37– ЧылэпхъэшӀур зыпхъырэр ЦӀыф Лъэпкъым ы Къу ары, – къыӀожьыгъ
Исус.

38– Хьасэр дунаир ары. ЧылэпхъэшӀур Тхьэм и Тетыгъошхо ыӀэчӀэгъ чӀэт
цӀыфхэр ары. Уц шӀоир шэйтаным ицӀыфхэр ары.

39Пыеу а уцыр коц гузэгум хэзыпхъагъэр шэйтаныр ары. Хыныгъор мы
дунаим икӀэух ары, хынакӀохэр мэлэӀичхэр ары.

40Уц шӀоир къыхачэу, машӀомкӀэ зэрагъэстырэм фэдэу ары зэрэхъущтыр
мы дунаим икӀэух:

41ЦӀыф Лъэпкъым ы Къо имэлэӀичхэр ыгъэкӀонхэшъ, уц шӀоир лэжьыгъэм
зэрэхачырэм фэдэу, цӀыфхэм псэкӀод язгъашӀэрэ цӀыфхэри, нэмыкӀ
цӀыфхэу бзэджагъэ зышӀэхэри Тхьэм и Тетыгъошхо ыӀэчӀэгъ
чӀаукъэбзыкӀыщтых.

42МэлэӀичхэм а цӀыфхэр аугъоинхэшъ, мэшӀошхом ихьаку радзэщтых. Ащ
дэжьым куохьаурэ цэ зэрэгъэшхырэ щыхъущтых.

43Джащыгъум шъыпкъагъэ зиӀэ цӀыфхэр тыгъэ нэбзыйхэм афэдэу, Ты
лъапӀэм и Тетыгъошхо ыӀэчӀэгъ чӀэтхэу къыщынэфыщтых. РыдэӀонэу
тхьакӀумэ зиӀэм зэхерэх.

**Гъэсэпэтхыдищ**

44– Ащ нэмыкӀэуи Тхьэу уашъом щыӀэм и Тетыгъошхо зыфэдэр
мылъкушхоу хьасэм щыгъэбылъыгъэр ары. А мылъкушхор цӀыф горэм
къызегъотым, ыгъэбылъыжьи, гушӀозэ кӀуи, иӀэр зэкӀэ ыщэжьи, а хьасэр
къыщэфыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

45– ЕтӀанэ Тхьэу уашъом щыӀэм и Тетыгъошхо зыфэдэр налмэс-налкъутэ
дэгъухэм алъыхъурэ сатыушӀэр ары.

46Налмэс-налкъутэ лъапӀэ зегъотым, кӀуи, иӀэр зэкӀэ ыщэжьи, ар
къыщэфыгъ.

47– Джыри Тхьэу уашъом щыӀэм и Тетыгъошхо зыфэдэр хъытыоу хым
хадзагъэу, пцэжъые зэмылӀэужыгъуабэ къэзыубытыгъэр ары.

48Ащ изы зэхъум, пцэжъыяшэхэм ар хы ныджым къытыралъэшъожьыгъ.
ЕтӀанэ ахэр тӀысхи, пцэжъые дэгъухэр щалъэхэм аралъхьэхи, пцэжъые
дэйхэр чӀадзыжьыгъэх.

49Джащ фэд зэрэхъущтыр мы дунаим икӀэух дэжь. МэлэӀичхэр
къехынхэшъ, шъыпкъагъэ зиӀэ цӀыфхэм цӀыф бзаджэхэр къахащынхэшъ,

50мэшӀошхом ихьаку радзэщтых. Ащ дэжьым куохьаурэ цэ зэрэгъэшхырэ
щыхъущтых.

**МылъкукӀэмрэ мылъкужъымрэ**

51Ащ нэуж яупчӀыгъ Исус игъогу рыкӀохэрэм: – А пстэури шъо дэгъоу
къыжъугурыӀуагъа? – Ары, къыдгурыӀуагъ, Зиусхьан, – пэгъокӀ ратыжьыгъ
ахэмэ.

52– Ащ къыхэкӀыкӀэ хэтрэ Тэурат егъэджэкӀо пащэу Тхьэу уашъом щыӀэм
и Тетыгъошхо ыӀэчӀэгъ чӀахьэрэр унэр зыем фэд, – ариӀуагъ Исус ахэмэ.
– Ащ мылъку гъэтӀылъыпӀэу иӀэм мылъкукӀи мылъкужъи къычӀехы.

**Назарет дэс цӀыфхэм Исус зэрамыштагъэр**

(Марк 6:1-6; Лука 4:16-30)

53А гъэсэпэтхыдэхэм якъэӀотэн Исус къызеухым, а чӀыпӀэм икӀыжьыгъ.

54Янэ икъалэ къэкӀожьи, цӀыфхэм ясинэгогу Тхьэм игущыӀэхэр
щаригъашӀэхэу ыублагъ. ЦӀыфхэм зэраригъашӀэщтыгъэ шӀыкӀэр
агъэшӀагъоу къаӀуагъ: – Мы лӀым мыщ фэдиз акъылышӀу тыдэ
къырихыгъа? Мы лъэкӀ зыхэлъ Ӏофышхохэр тыдэ къикӀыгъэха?

55ПхъашӀэм ыкъор арыба мыр? Мыщ янэба МерэмкӀэ заджэхэрэр? Якъуб,
Иосый, Симон, Иудэ мы лӀым ышхэба?

56Ышыпхъухэри зэкӀэ тэ къытхэсхэба? Аущтэу зыхъукӀэ, мы лӀым мы Ӏоф
пстэури тыдэ къырихыгъа?

57Аущтэу Исус пае агу мыхъун къырагъэхьагъ. – Пегъымбарым
лъытэныгъэ фэзымышӀыхэрэр ежь янэ икъалэ дэсхэмрэ ежь иунагъо
щыщхэмрэ арых ныӀэп, – ариӀуагъ Исус ахэмэ.

58Ахэмэ шӀошъхъуныгъэ зэрямыӀэм пае, Исус Ӏофышхо
гъэшӀэгъоныбэхэр ащ щишӀагъэп.

## Маттэ 14

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

**Умэхъэкӏо Иуан ышъхьэ зэрэпаупкӏыгъэр**
(Марк 6:14-29; Лука 9:7-9)

1 А мафэхэм пщэу Ирод Исус икъэбар зэхихыгъэти,

2 Ӏофтабгэхэм ариӏуагъ: – Ар умэхъэкӏо Иуан арын фае. Ар лӏагъэхэм къахэтэджыкӏыжьыгъ, джары ащ фэдэ лъэкӏ зыхэлъ Ӏофышхохэр зыкӏыӏэкӏэкӏыхэрэр.

3,4 Ирод ар зыкӏиӏуагъэр мыры: ежь ышэу Филипп зыцӏэр псауми, Ирод а Филипп ишъузэу Иродиадэ къыщэжьыгъ. Ар къызэрищэжьыгъэм пае, Иуан Ирод риӏощтыгъ: «О пшы ишъуз къэпщэжьыныр хабзэкӏэ хъущтэп». Ащ нэужым Иродиадэ ихьатыркӏэ Ирод идзэлӏхэм Иуан аригъэубыти, Ӏэхъу-лъэхъу тырарigъалъхьи, хьапсым чӏаригъэдзагъ.

5 Ирод фэягъ Иуан ыукӏынэу, ау цӏыфхэм ащыщынэщтыгъ, сыда пӏомэ, ахэмэ Иуан пегъымбаркӏэ алъытэщтыгъэти ары.

6 Ау Ирод къызыхъугъэ мафэр агъэлъапӏэзэ, Иродиадэ ыпхъу утыгум къиуцуи, къызэрэугъоигъэхэм къафэшъуагъ, пщы Ироди ыгу еӏугъ.

7 Ыгу еӏугъэти, пшъашъэм тхьарыӏо фишӏи, ыӏуагъ: – Сыд щыщми узыфаер остын.

8 Янэ ыуӏушыгъэти, пшъашъэм къыӏуагъ: – Умэхъэкӏо Иуан ышъхьэ лэгъэшхом илъэу къысэт.

9,10 Пачъыхьэм ар зызэхехым, ыгу лъэшэу къеуагъ, ау хьакӏэхэм апашъхьэ пшъашъэм тхьарыӏоу фишӏыгъэм пае зыфаер ратынэу унашъо ышӏи, Иуан ышъхьэ хьапсым къыщыпиупкӏынэу дзэлӏ горэ ыгъэкӏуагъ.

11 Иуан ышъхьэ лэгъэшхом илъэу къахьи, пшъашъэм ратыгъ, пшъашъэми янэ фихьыгъ.

12 Етӏанэ Иуан игъогу рыкӏохэрэр къакӏохи, Иуан ихьадэ хьапсым чӏахыжьи, агъэтӏылъыжьыгъ. Зычӏалъхьажьым, къэбарыр Исус фахьыгъ.

**Исус нэбгырэ минитф зэригъэшхагъэр**
(Марк 6:30-44; Лука 9:10-17; Иуан 6:1-14)

13 Исус а къэбарыр зызэхехым, цӏыфхэм ахэкӏи, къуашъомкӏэ Ӏудзыгъэ чӏыпӏэ горэм изакъоу кӏуагъэ. Ау цӏыфхэм ар зызэхахым, къалэхэм къадэкӏхи, лъэсэу Исус лъыкӏуагъэх.

14 Исус къуашъом къикӏи, цӏыф купышхор зелъэгъум, ыгу ягъуи, сымаджэхэу ахэтхэр ыгъэхъужьыгъэх.

15 Пчыхьэ зэхъум, игъогу рыкӏохэрэр Исус къыбгъодахьэхи, къаӏуагъ: – Мы чӏыпӏэр нэкӏы, мафэри хэкӏотэгъах. Къуаджэхэм адэхьанхэшъ, гъомлапхъэ къызфащэфыжьыным пае, цӏыф купышхохэр тӏупщыжьых.

16 – Зыми кӏонхэу ящыкӏагъэп. Шъо ахэр жъугъашхэх, – ариӏуагъ Исус ахэмэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

17– Тэ хьалыгъуитфрэ пцэжъыитӏурэ нахь тиӏэп, – къыраӏожьыгъ адрэхэм.

18– Моу ахэр сэ къысфэшъухь, – къыӏожьыгъ Исус.

19Етӏанэ Исус цӏыф купышхохэр уцым хэтӏысхьанхэу ариӏуагъ. Хьалыгъуитфымрэ пцэжъыитӏумрэ къыштэхи, уашъом дэплъыий, Тхьэм щытхъу фиӏуагъ. Етӏанэ хьалыгъухэр зэгуичхи, игъогу рыкӏохэрэм аритыгъ; ахэми цӏыф купышхохэм афагощыгъ.

20Цӏыф пстэури шхагъэ, загъэшхэкӏыгъ. Ащ нэужым къялыжьыгъэ хьалыгъу такъырхэр мэтэ пшӏыкӏутӏумэ арызэу аугъоижьыгъэх.

21Шхагъэхэр зэкӏэ, бзылъфыгъэхэмрэ сабыйхэмрэ хэмытхэу, нэбгырэ минитф фэдиз хъущтыгъэх.

### Исус псы кӏыӏум тетэу зэрэкӏуагъэр

(Марк 6:45-52; Иуан 6:16-21)

22Етӏанэ Исус цӏыф купышхохэр етӏупщыжьыфэхэ, игъогу рыкӏохэрэр ежь ыпэ рапшӏэу псыхъураем иадрабгъу зэпырыкӏынхэу къуашъом ригъэтӏысхьагъэх.

23Цӏыф купышхохэр зетӏупщыжьыхэ ужым, Тхьэм елъэӏунэу изакъоу ӏуашъхьэм дэкӏоягъ. Пчыхьэ къызэхъуми, а чӏыпӏэм зэризакъоу тетыгъ.

24Ау къуашъор псыхъураем ыгузэгу нэсыгъагъ, жьыбгъэри къыпеоти, хыорхэм къуашъор къин хадзагъ.

25Атэкъэӏогъум дэжь къуашъом исхэм алъэныкъокӏэ псы кӏыӏум тетэу, Исус къэкӏуагъ.

26Исус псы кӏыӏум тетэу къакӏоу игъогу рыкӏохэрэм залъэгъум, хьэдэджадэу аӏуи, лъэшэу щтагъэхэу кууагъэх.

27Ау зэкуохэм, Исус къариӏуагъ: – Шъугу шъумыгъэкӏоды, сэры ар, шъумыщын.

28– Зиусхьан, орымэ ар, псы кӏыӏум сытетэу, уадэжь сыкъэкӏонэу къысаӏу, – риӏуагъ Петрэ Исус.

29– Къакӏо, – къыриӏожьыгъ Исус. Петрэ къуашъом икӏи, псы кӏыӏум тетэу Исус дэжь кӏоу ыублагъ.

30Ау жьыбгъэшхоу къепщэрэм гу зылъетэм, къэщтагъ. Псым чӏэбэу зеублэм, къэкууагъ: – Зиусхьан, симытхьалэу сыкъэгъэнэжь.

31Петрэ ар къызэриӏоу, Исус ыӏэ ыщэий, къыубыти, риӏуагъ: – О шӏошъхъуныгъэ зимакӏэр, сыда узкӏехъырэхъышагъэр?

32Етӏанэ а нэбгыритӏур къуашъом зетӏысхьажьым, жьыбгъэр уцужьыгъэ.

33Ащ ыуж, къуашъом исхэр лъэгонджэмышъхьэкӏэ Исус ыпашъхьэ къитӏысхьэхи, раӏуагъ: – Шъыпкъэу о Тхьэм ури Къу.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)

### Исус Геннисарет хэкум сымаджэхэр зэрэщигъэхъужьыгъэхэр
(Марк 6:53-56)

34Псыхъураем зызэпырэкIыхэм, Геннисарет хэкум нэсыгъэх.

35А чIыпIэм ис цIыфхэм Исус къызашIэжьым, а хэкум зэрэщытэу макъэ
щагъэIуи, сымаджэхэр зэкIэ Исус къыфахьыгъэх.

36Зи мыхъуми, Исус ищыгъын цыпэ нигъэсынхэу къелъэIугъэх, ищыгъын
цыпи нэсыгъэ пстэури хъужьыгъэ.

## Маттэ 15

### Тыжъхэм къакIэныжьыгъэ хабзэхэр
(Марк 7:1-23)

1Джащыгъум Ерусалим къикIыгъэ фарисейхэмрэ Тэурат егъэджэкIо
пащэхэмрэ Исус дэжь къакIохи, къеупчIыгъэх:

2– О уигъогу рыкIохэрэр тятэжъхэм къытфагъэнэгъэ хабзэхэм сыда
зыкIатекIыхэрэр? Сыда пIомэ, ахэмэ аIэхэр амытхьакIхэу машхэх!

3– Шъори шъуятэжъхэм яхабзэхэм шъуатетыным пае, Тхьэм иунашъо
сыда шъузыкIытекIырэр? – ариIожьыгъ Исус.

4– Сыда пIомэ, Тхьэм ыIуагъ: «Уятэрэ уянэрэ лъытэныгъэ афэшI», «Хэти
зятэ е зянэ IаекIэ тегущыIэрэр шъуукIын фае».

5,6Ау шъо шъоIо: «„Сэ тынэу шъо шъостын слъэкIыщтыгъэр джы Тхьэм
пае тын сшIыщт“ ыIоу, цIыф горэм ежь ятэ е янэ риIомэ, ащыгъум ятэ-
янэхэм лъытэныгъэ афимышIыми хъущт». Аущтэу шъушIэзэ,
шъуятэжъхэм къышъуфагъэнэгъэ хабзэхэмкIэ Тхьэм игущыIэхэр
лъэныкъокIэ ешъогъэзыкIых.

7Шъо, нэпитIу зиIэхэр! Пасэм пегъымбар Ешайа шъыпкъэр
къышъуиIолIагъ моущтэу зеIом:

8«Мы цIыфхэм аIупэхэмкIэ сагъэлъапIэ, ау агухэмкIэ спэчыжьэх.

9Ахэмэ цIыфхэр Тхьэм иIофхэм афагъасэхэзэ, Тхьэм иунашъо ичIыпIэ
цIыф хабзэ зэрэрагъэуцорэм пае, сэ сызэрагъэлъапIэрэр хьаулый».

10Ащ нэужым Исус цIыф купышхомэ къяджи, ариIуагъ: – ШъукъэдаIуи,
зыгурыжъугъаIу.

11ЦIыфыр мыкъабзэ зышIырэр ыжэ дахьэрэр арэп, ыжэ къыдэкIырэр ары
нахь.

12Джащыгъум игъогу рыкIохэрэр Исус къыбгъодахьэхи, къеупчIыгъэх: –
Фарисейхэм а къэпIуагъэхэр зызэхахым, агу мыхъун
къызэрэрагъэхьагъэр ошIа?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

13– Сыдрэ къэкIыгъэу ся Тэу уашъом щыIэм чIым химыгъэтIысхьагъэр
къыхэтхъыжьыгъэ хъущт, – ариIожьыгъ Исус.

14– Ахэмэ ауж шъуикI. Мы фарисейхэр цIыф нэшъухэм япэрыт нэшъух.
Зы нэшъум адрэ нэшъур зэрищэн хъумэ, тIури машэм ифэщт.

15Аущтэу зеIом, Петрэ Исус къыриIожьыгъ: – А гъэсэпэтхыдэу
къэпIотагъэм къикIырэр къыдгурыгъаIу.

16– Джыри зи къыжъугурымыIоу ара? – къыIожьыгъ Исус.

17– Жэм дахьэрэ пстэури ныбэм зэрихьэу, пкъым къызэрэхэкIыжьырэр
къыжъугурыIорэба?

18Ау жэм къыдэкIыхэрэр гу кIоцIым къекIых. Ахэр ары цIыфыр мыкъабзэ
зышIыхэрэр;

19сыда пIомэ, гум къикIыхэрэр мыхэр арых: гупшысэ бзаджэхэр, цIыф
укIыныр, зинэ шIэныр, тыгъоныр, цIыфхэм пцIы ателъхьаныр, IаекIэ
цIыфхэм атегущыIэныр.

20Ахэр ары цIыфыр мыкъабзэ зышIыхэрэр. Ау Iэ мытхьакIыгъэхэмкIэ
шхэным цIыфыр мыкъабзэ ышIырэп.

**Ханаан хэкум щыщ бзылъфыгъэм шIошъхъуныгъэу иIагъэр**

(Марк 7:24-30)

21ЕтIанэ Исус а чIыпIэм икIи, къалэхэу Тиррэ Сидонрэ яIэгъо-благъо
кIуагъэ.

22Джащыгъум а лъэныкъом къикIыгъэу, Ханаан хэкум щыщэу
бзылъфыгъэ горэ Исус къекIолIагъ, куозэ: – Тхьэматэ, Даутэ ы Къу,
гукIэгъу къысфэшI. Зы джынапцIэ горэм сэ спхъу Iаеу ригъэзыгъ.

23Ау Исус а бзылъфыгъэм зы гущыIэ риIожьыгъэп, зы пэгъокIи
ритыжьыгъэп. Игъогу рыкIохэрэр Исус къыбгъодахьэхи, къаIуагъ: – Мыр
куозэ, тауж итышъ, Iугъэк I.

24– Израиль цIыфхэу мэл кIодыгъэхэм афэдэхэр ары ныIэп
сыкъызфэкIуагъэхэр, – къыIожьыгъ Исус.

25Ау бзылъфыгъэр Исус къыбгъодахьи, лъэгонджэмышъхьэкIэ ыпашъхьэ
къитIысхьи, къыIуагъ: – О тхьэматэ, къыздэIэпыI!

26– Хьалыгъур сабыйхэм аIыпхэу хьэхэм ябгъэшхыныр тэрэзэп, – пэгъокI
ытыжьыгъ Исус.

27– Шъыпкъэ, тхьэматэ, – къыIожьыгъ бзылъфыгъэм, – ау хьэхэми
ятхьэматэхэм яIанэ къетэкъохырэ шкъойхэр ашхых.

28– О бзылъфыгъ, шIошъхъуныгъэу уиIэр иныр, – риIуагъ Исус. – О
зэрэпшIоигъом тетэу къыбдэрэхъу. А сыхьат дэдэм къыщегъэжьагъэу а
бзылъфыгъэм ыпхъу хъужьыгъэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

### Исус цӀыфыбэхэр зэригъэхъужьыгъэр

29 Ащ нэужым Исус а чӀыпӀэм икӀи, Галилей псыхъураем рекӀокӀыгъ. Ӏуашъхьэм дэкӀуаий, ащ тетӀысхьагъ.

30 ЦӀыфыбэхэм цӀыф лъащэри, Ӏащэри, нэшъури, дэгури, нэмыкӀрэ уз зиӀэхэри къыздащэхи, Исус дэжь къэкӀуагъэх. Сымаджэхэр ащ ылъакъохэм адэжь щагъэгъолъхи, Исус ахэр ыгъэхъужьыгъ.

31 Бзакохэр гущыӀэхэу, Ӏащэхэр псаухэу, лъащэхэр тэрэзэу зекӀохэу, нэшъухэр къэплъэжьыгъэхэу цӀыфхэм залъэгъум, агъэшӀагъоштыгъ, Израиль и Тхьэ щытхъу фашӀыщтыгъ.

### Исус нэбгырэ миниплӀ зэригъэшхагъэр

(Марк 8:1-10)

32 Исус игъогу рыкӀохэрэм къяджи, ариӀуагъ: – Мы цӀыфхэм сыгу ягъу, сыда пӀомэ, мэфищ хъугъэу сигъусэх, ашхыни яӀэп. МэлакӀэ лӀэхэу стӀупщыжьынхэкӀэ сыфаеп. Гъогум щызэхэфэнхэкӀи мэхъу.

33 – Мыщ фэдиз цӀыф купышхом афикъун хьалыгъу шъоф нэкӀым тыдэ къитхын тлъэкӀына? – къыраӀуагъ игъогу рыкӀохэрэм Исус.

34 – Хьалыгъу тхьапша шъуиӀэр? – яупчӀыгъ Исус ахэмэ. – Хьалыгъуиблырэ пцэжъые тӀэкӀурэ тиӀ, – къаӀожьыгъ ахэмэ.

35 Джащыгъум Исус цӀыф купышхор чӀыгум етӀысэхынэу унашъо афишӀыгъ.

36 Хьалыгъуиблымрэ пцэжъыехэмрэ къыштэхи, Тхьэм щытхъу фишӀыгъ. ЕтӀанэ хьалыгъухэр зэгуичыхи, игъогу рыкӀохэрэм аритыгъ. Ахэми цӀыфхэм афагощыгъ.

37 ЦӀыф пстэури шхагъэ, загъэшхэкӀыгъ. Ащ нэужым хьалыгъу такъырхэу къялыжьыгъэхэр мэтиблымэ арызэу аугъоижьыгъэх.

38 Шхагъэхэр, бзылъфыгъэхэмрэ сабыйхэмрэ хэмытхэу, нэбгырэ миниплӀ фэдиз хъущтыгъэх.

39 ЕтӀанэ Исус цӀыф купышхор ытӀупщыжьи, къуашъом итӀысхьи, Магадан хэкум кӀуагъэ.

## Маттэ 16

### Нэшэнэ гъэшӀэгъон уашъом къафырigъэхынэу фарисейхэр Исус къызэрелъэӀугъэхэр

(Марк 8:11-13; Лука 11:29-32)

1 Фарисейхэмрэ саддукейхэмрэ Исус дэжь къакӀохи, ежь агъэунэфыным пае, нэшэнэ гъэшӀэгъон уашъом къафырigъэхынэу къелъэӀугъэх.

2 Ау Исус ахэмэ ариӀожьыгъ: – Пчыхьэм моущтэу шъоӀо: «Уашъор шэплъышъ, мафэр ошӀу хъущт».

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)

3Пчэдыжьыми моущтэу шъоIо: «Уашъом ошъуапщэр тиз, шэплъы, непэ
оешхо хъущт». Уашъом итеплъэ къикIырэр къыжъугурэIо, ау мы
лъэхъаным инэшанэхэм къарыкIырэр къыжъугурыIон шъулъэкIырэп.

4Джырэ цIыф бзаджэхэу Тхьэр зымышIэхэрэр нэшэнэ гъэшIэгъон фаех,
ау пегъымбар Юныс инэшанэ нэмыкI Тхьэм ахэмэ къаритыщтэп. Ар
къызеIо ужым, Исус ахэмэ ахэкIи, IукIыжьыгъ.

**Фарисейхэмрэ саддукейхэмрэ ятэджэпс**

(Марк 8:14-21)

5ЕтIанэ псыхъураем иадрабгъу зызэпырэкIыжьхэм, игъогу рыкIохэрэм
хьалыгъу къыздахьынэу ащыгъупшэгъагъ.

6Исус ахэмэ ариIуагъ: – Шъуфэсакъ. Фарисейхэмрэ саддукейхэмрэ
ятэджэпс зыщышъуухъум.

7– Хьалыгъу тиIэпышъ ары ащ зыкIиIорэр, – зэраIозэ, игъогу рыкIохэрэр а
Iофым тегущыIагъэх.

8Исус ахэмэ аIорэм гу лъити, къыIуагъ: – ШIошъхъуныгъэ зимакIэхэр,
хьалыгъу зэрэшъуимыIэм сыд пае шъутегущыIэра?

9Джыри зи къыжъугурымыIоу ара? Шъугу къэкIыжьырэба,
хьалыгъуитфыр цIыф минитфым зафызэгосэчым, хьалыгъу такъырхэр
арызэу сыд фэдиз матэу шъуугъоижьыгъэхэр?

10Хьалыгъуиблыри цIыф миниплIым зафызэгосэчым, хьалыгъу
такъырхэр матэхэм арызэу сыд фэдиза шъуугъоижьыгъэхэр?

11«Фарисейхэмрэ саддукейхэмрэ ятэджэпс зыщышъуухъум» зысэIом,
хьалыгъур арэп зыфэсIогъагъэр, ар сыдэущтэу къыжъугурымыIора?

12Исус зыфиIогъагъэр хьалыгъу тэджэпсыр арыгъэп, ау фарисейхэмрэ
саддукейхэмрэ цIыфхэр Iофхэу зыфагъасэщтыгъэхэр ары нахь. Ащ
зыщаухъумэн зэрэфаер Исус игъогу рыкIохэрэм джы къагурыIуагъ.

**«Оры Христосэу Тхьэм ы Къор» Петрэ Исус зэрэриIуагъэр**

(Марк 8:27-30; Лука 9:18-21)

13ЕтIанэ къалэу Кайсарфилипие иIэгъо-благъо Исус къызэкIом, игъогу
рыкIохэрэм яупчIыгъ: – Сэ, ЦIыф Лъэпкъым ы Къо, хэт сыщыщэу
цIыфхэм аIора?

14– Зы купым о уумэхъэкIо Иуанэу аIо, – къаIожьыгъ ахэмэ. – НэмыкIхэми
о упегъымбар Илясэу аIо. ЕтIанэ адрэхэми о упегъымбар Иеремиеу е
пегъымбархэм уащыщ горэу аIо.

15– Адэ шъо, сэ хэт сыщыщэу шъуIора? – яупчIыгъ Исус ахэмэ.

16– Оры Христосэу щыIэныгъэр къыздикIырэ Тхьэм ы Къор, – къыIожьыгъ
Симон Петрэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

17– Гъогу мафэ утеуцуагъ о, Юныс ыкъо Симон, – къыриIожьыгъ Исус. –
Сыда пIомэ, мыр зэхэозгъэшIыкIыгъэр цIыфэп, ся Тэу уашъом щыIэр ары
нахь.

18Сэ осэIо, о у Петрэ, мыжъом уфэд, сэ сичылыс о къыптесшIыхьащт,
лIэныгъэм ыкIуачIэхэри а чылысым текIонхэ алъэкIыщтэп.

19Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо иIункIыбзэхэр остыщт; чIылъэм сыд
щыщми о фит умышIырэр уашъоми фит щыхъущтэп; чIылъэм сыд
щыщми о фит пшIырэри уашъоми фит щыхъущт.

20Джащыгъум ежь зэрэ Христосыр зыми рамыIотэнэу игъогу рыкIохэрэм
Исус унэшъо пытэ афишIыгъ.

**Ежь зэраукIыщтри лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыщтри Исус къызэриIуагъэр**

(Марк 8:31–9:1; Лука 9:22-27)

21А лъэхъаным къыщегъэжьагъэу Исус игъогу рыкIохэрэм къагуригъаIоу
ыублагъ: – Сэ Ерусалим сыкIон фае. Нахьыжъхэми, дин пэщэшхохэми,
Тэурат егъэджэкIо пащэхэми къиныбэ сагъэщэчыни саукIыни фаеу
къыспыщылъ, ящэнэрэ мафэми лIагъэхэм сыкъахэтэджыкIыжьын фае.

22Аущтэу къызеIом, Петрэ Исус лъэныкъокIэ Iуищи, фимыдэу фежьагъ: –
Зиусхьан, Тхьэм ар ерэмыд. Ар зыкIи къыохъулIэ хъущтэп.

23Исус Петрэ зыкъыфигъази, къыриIуагъ: – Сауж икI, шэйтан. Сэ
сигъогукIэ пэрыохъу укъысфэхъу, сыда пIомэ, о уигупшысакIэ Тхьэм
игупшысакIэп, цIыфым игупшысакI нахь.

24Джащыгъум Исус игъогу рыкIохэрэм ариIуагъ: – Зыгорэ сауж
къырыкIонэу фаемэ, ежь зыфэе Iофхэр къерэгъанэхи, лIэныгъэм икъащ
къерэшти, сауж къырэрэкIу;

25сыда пIомэ, хэти зыпсэ мыкIодэу къэзгъэнэжьынэу фаем ыпсэ
шIокIодыщт, ау хэти сэщ пае зыпсэ зышIокIодрэм ыпсэ мыкIодэу
къыгъэнэжьыщт.

26Дунаир зэкIэ цIыфым ие хъоу, ежь кIодмэ, а цIыфым ишIуагъэу
къекIыщтыр сыда? Хьауми цIыфым ыпсэ пае уасэу сыда ытышъущтыр?

27Сыда пIомэ, ЦIыф Лъэпкъым ы Къо имэлэIичхэр игъусэхэу ежь я Тэ
ищытхъушхо фэдэ щытхъушхо иIэу къэкIожьыщт. Ащыгъум хэти
ышIагъэм фэшъуашэр ригъэгъотыжьыщт.

28Шъыпкъэр шъосэIо, ЦIыф Лъэпкъым ы Къо и Тетыгъошхо иIэу къакIоу
алъэгъуфэ, мыщ дэжьым щыт цIыфхэм ащыщхэу заулэм лIэныгъэр
алъэгъущтэп.

## Маттэ 17

**Исус итеплъэ зэрэзэрихъокIыгъэр**

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

(Марк 9:2-13; Лука 9:28-36)

1Мэфих зытешIэм, Исус Петри, Якъуби, ащ ыш Иуани зэригъэгъусэхи, Iошъхьэ лъагэм язакъоу дищэягъэх.

2Джащыгъум ахэмэ апашъхьэ Исус итеплъэ щызэрихъокIыгъ. ЫIнэгу тыгъэм фэдэу къэлыдыгъ, ищыгъынхэри осым фэдэу фыжьыбзэ хъугъэх.

3Зэплъэхэм, пегъымбархэу Мусэрэ Илясрэ Исус къыдэгущыIэхэу игъогу рыкIорэ нэбгырищым къафэлъэгъуагъэх.

4– Зиусхьан, мыщ дэжьым тызэрэщыIэр дэгъу, – риIуагъ Петрэ Исус. – Уфаемэ, чэлищ мыщ дэжьым щызгъэIэн, ощ пае зы, Мусэ паий зы, Иляс паий зы.

5Петрэ къэгущыIэзэ, ошIэ-дэмышIэу ошъопщэ нэфынэ къакIуи, ахэмэ къашъхьэщыхьагъ. Ошъуапщэм макъэ горэ къыхэIукIыгъ: – Мары сэ шIу слъэгъурэ с Къо кIасэу сыгу зэIурэр. Ащ ыIорэм шъуедэIу.

6Ар зызэхахым, Исус игъогу рыкIохэрэр лъэшэу щтагъэхэу чIыгум бгъэгукIэ зырадзэхыгъ.

7Ау Исус ахэмэ абгъодахьи, IапэкIэ анэси, къыIуагъ: – Шъумыщын, шъукъэтэдж.

8Къыздэплъыехэм, Исус нэмыкI зи алъэгъужьыгъэп.

9Ахэр Iуашъхьэм къехыжьхэзэ, Исус унашъо афишIыгъ: – ЦIыф Лъэпкъым ы Къо лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыфэ, шъулъэгъугъэр зыми ешъумыIотэжь.

10Игъогу рыкIорэ нэбгырищыр Исус къеупчIыгъ: – Адэ, Тэурат егъэджэкIо пащэхэм ыпэ рапшIэу пегъымбар Иляс къэкIон фаеу сыда зыкIаIорэр?

11– Шъыпкъэ, Иляс къэкIонышъ, Iоф пстэури тэрэзэу зэтыригъэуцожьын фае, – ариIожьыгъ Исус.

12– Ау сэ шъосэIо, Иляс къэкIогъах, ари къашIэжьыгъэп, ау Iоф бзэджагъэу ащ рашIэнхэу зыфэягъэхэр рашIагъэх. Ащ фэдэу ахэмэ ЦIыф Лъэпкъым ы Къуи къин рагъэщэчыщт.

13Джащыгъум Исус зыфиIорэр умэхъэкIо Иуан арэу Исус игъогу рыкIохэрэм къагурыIуагъ.

### Исус джынапцIэ зыхэс кIалэ горэ зэригъэхъужьыгъэр

(Марк 9:14-29; Лука 9:37-43)

14Ащ нэужым Исусрэ игъусищымрэ цIыф купышхом дэжь къызагъэзэжьым, лIы горэ Исус къыбгъодахьи, ыпашъхьэ лъэгонджэмышъхьэкIэ къитIысхьи,

15къыIуагъ: – Тхьэматэ, скъо гукIэгъу къыфэшI, сыда пIомэ, мэзакIэр къызихьэкIэ, лъэшэу къин ещэчы. Бэрэ машIом е псым хэфэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

16О уигъогу рыкIохэрэм адэжь сщагъэ, ары шъхьакIэ, ахэмэ агъэхъужьын
алъэкIыгъэп.

17– Е-о-ой, шIошъхъуныгъэ зимыIэхэу, джырэ цIыф къуанчэхэр, –
къыриIожьыгъ Исус. – Сыд фэдизрэ сышъухэтын фая? Сыд фэдизрэ
шъусщыIэн фая? А кIалэр къысфашъущ.

18Къызыфащэм, Исус джынапцIэм егыигъ, джынапцIэри кIалэм
хэкIыжьыгъ. А сыхьатым щегъэжьагъэу кIалэр хъужьыгъэ.

19ЕтIанэ Исусрэ игъогу рыкIохэрэмрэ язакъоу къызэнэжьхэм, ахэр Исус
къыбгъодахьэхи, къеупчIыгъэх: – А джынапцIэр тэ хэтфын
зыкIэтымылъэкIыгъэр сыда?

20– Шъо шъуишIошъхъуныгъэ макIэшъ ары, – ариIожьыгъ Исус. –
Шъыпкъэр шъосэIо, андэгурацэм фэдизэу шIошъхъуныгъэ шъуиIэмэ, мы
Iуашъхьэм, «IукIи модэ кIо!» зешъуIокIэ, ар IукIынышъ, кIощт. Ащыгъум
шъо къыжъудэмыхъун Iоф зи къэнэжьыщтэп.

21– Мыщ фэдэ джынапцIэр тхьэлъэIумрэ нэкIымрэ афэшъхьафкIэ
цIыфым хэпфышъущтэп, – къыпигъэхъожьыгъ Исус.

### Ежь зэраукIыщтри лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыщтри ятIонэрэу Исус къызэриIуагъэр

(Марк 9:30-32; Лука 9:43-45)

22Исусрэ игъогу рыкIохэрэмрэ Галилей хэкум зыщызэрэугъоижьхэм, Исус
ариIуагъ: – ЦIыф Лъэпкъым ы Къо цIыфхэм аубытынышъ,

23ахэмэ аукIыщт, ящэнэрэ мафэми лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыщт. Исус
ар зареIом, агу лъэшэу къеуагъ.

### Исусрэ Петрэрэ Тхьэм иунэшхо пае хьакъулахь ахъщэр зэратыгъэр

24Капернаум къызэкIохэм, Тхьэм иунэшхо пае хьакъулахь ахъщэу
дидрахм зыцIэр хэзыхыхэрэр Петрэ дэжь къакIохи, къаIуагъ: – Тхьэм и
унэшхо пае хьакъулахь ахъщэу дидрахмэр шъуидин гъэсакIом ета?

25– Ары, еты, – къыIожьыгъ Петрэ. ЕтIанэ Петрэ унэм зехьэм, зи къыIонэу
игъо имыфэзэ, Исус ащ къыдэгущыIагъ: – О сыдэу ухаплъэра, Симон?
Дунаим тет пачъыхьэмэ хьакъулахьэу хьапщыпхэм атыралъхьэрэмрэ
хьакъулахьэу цIыфмэ атыралъхьэрэмрэ хэта къызыIахырэр? Ежьхэм
акъохэр ара, хьауми нэмыкI цIыфхэр ара?

26– НэмыкI цIыфхэр ары, – къыIожьыгъ Петрэ. – ЗэрэхъурэмкIэ, ежьхэм
акъохэм хьакъулахь атыралъхьэрэп, арыба? – риIожьыгъ Исус Петрэ.

27– Ау мы цIыфхэм агу къетымыгъэоным пае, псыхъураем кIуи,
уипцэкъэнтф хадзи, апэрэ пцэжъыеу къыхэбдзырэр къашти, ыжэ зэтехи,
тыжьын ахъщэ дэбгъотэщт. Ар шти, хьакъулахьэу сэщ паий ощ паий ят.

## Маттэ 18

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

### Тхьэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэт цIыфхэм ащыщэу хэта анахь ин дэдэр?
(Марк 9:33-37; Лука 9:46-48)

1А мафэхэм игъогу рыкIохэрэр Исус къыбгъодахьэхи, къеупчIыгъэх: –
Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэт цIыфхэм ащыщэу хэта
анахь ин дэдэр?

2Исус сабый горэм къеджи, азыфагу дигъэуцуи,

3къыIуагъ: – Шъыпкъэр шъосэIо, шъугухэм арылъыр зэшъухъокIэу,
сабыйхэм шъуафэдэ шъумыхъумэ, Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо
ыIэчIэгъ шъучIэхьащтэп.

4Арышъ, мы сабыим фэдэу хэти зышъхьэ зыгъэцIыкIужьырэр ары Тхьэу
уашъом щыIэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэт цIыфхэм анахь ин дэдэр.

5Хэти мыщ фэдэ сабыир сцIэкIэ къезгъэблагъэрэм сэ сыригъэблэгъагъэу
мэхъу.

### ЦIыфхэм псэкIод ашIэнэу дэзыхьыхырэ Iофхэр
(Марк 9:42-48; Лука 17:1-2)

6– Ау мы цIыкIухэм ащыщэу сэркIэ шIошъхъуныгъэ зиIэм псэкIод ышIэнэу
хэти дэзыхьыхыгъэм мыжъошъхьал рашIэу, хы куупIэм хадзэу
рагъэтхьэлагъэмэ, ежьыркIэ нахьышIуищтыгъ.

7ЦIыфхэм псэкIод ашIэнэу дэзыхьыхырэ Iофхэм апаекIэ дунаир гъогу
мыгъо теуцуагъ. Шъыпкъэ, ащ фэдэ Iофхэр къэхъунхэ фае, ау цIыфэу
къызыпкъырыкIырэр гъогу мыгъо теуцуагъ.

8О пIэ е о плъакъо псэкIод пшIэнэу удихьыхмэ, пыупкIыжьи, чIэдз.
ПIитIури е плъэкъуитIури уиIэхэу мыухыжьын машIом упадзэным нахьи,
уIащэу е улъащэу мыкIодыжьын щыIэныгъэ бгъотыныр оркIэ нахьышIу.

9Ащ фэдэуи, о унэ псэкIод пшIэнэу удихьыхмэ, къитхъыжьи, чIэдз. УнитIу
псаоу джэхьнэмым имашIо упадзэным нахьи, зы нэ нахь уимыIэми,
мыкIодыжьын щыIэныгъэ бгъотыныр оркIэ нахьышIу.

10– Шъуфэсакъ, мы цIыкIухэм ащыщэу зыгори зэшъумыпэсэу шъущымыт;
сыда пIомэ, сэ шъосэIо, мы цIыкIухэм ямэлэIичхэу уашъом щыIэхэм ся
Тэу уашъом щыIэм ынэгу щалъэгъу зэпыт.

11ЦIыф Лъэпкъым ы Къо къызыфэкIуагъэр цIыф кIодыгъэм лъыхъунышъ,
мыкIодэу къыгъэнэжьыныр ары.

### Мэлэу кIодыгъэм ехьылIэгъэ гъэсэпэтхыдэр
(Лука 15:3-7)

12– Шъо сыдэущтэу шъухаплъэра? ЦIыф горэм мэлишъэ иIэу тIон. Ахэмэ
ащыщэу зыр гъуащэмэ, адрэ тIокIиплIырэ пшIыкIубгъуурэр Iуашъхьэмэ
къатыринэнхэшъ, кIонышъ, мэлэу гъощагъэм лъыхъущтба?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

[13]Шъыпкъэр шъосэIо, а мэлыр къызигъотыжькIэ, мэл тIокIиплIырэ
пшIыкIубгъурэу ныбжьи мыгъощагъэхэм анахьи, а мэлым нэхь
щыгушIукIыщт.

[14]Ащ фэдэу шъуя Тэ лъапIэу уашъом щыIэр мы цIыкIухэм ащыщ гори
кIодыным фаеп.

**Пшэу псэкIод зышIэрэр**
(Лука 17:3)

[15]– О пшы оркIэ псэкIод ышIэмэ, ыдэжь кIуи, ар зэрэпсэкIодыр шъуизакъо
зыхъукIэ, гурыгъаIу. КъызыодэIукIэ, ащыгъум о пшы къыпфэнэщт.

[16]Ау къызыомыдэIукIэ, зы нэбгырэ е нэбгыритIу пшы дэжь зыдащ.
Ащыгъум «шыхьатитIумэ е шыхьатищымэ къаIорэмкIэ сыдрэ гущыIи
гъэшъыпкъагъэ хъущт».

[17]Ахэмэ ядэIунэу ымыдэмэ, чылыс зэIукIэм щыщхэм апашъхьэ Iофыр
илъхь. Чылыс зэIукIэми едэIунэу ымыдэмэ, хымэ лъэпкъхэм ащыщэу
зыгорэм фэдэу е хьакъулахь ахъщэр хэзыхырэм фэдэу оркIэ орэхъу.

[18]– Шъыпкъэр шъосэIо, чIылъэм сыд щыщми шъо фит шъумышIырэр
уашъоми фит щыхъущтэп; чIылъэм сыд щыщми шъо фит шъушIырэри
уашъоми фит щыхъущт.

[19]– Джыри шъосэIо, чIылъэм шъуащыщэу нэбгыритIу шъузэгурыIоу, сыд
щыщкIи шъуелъэIумэ, ся Тэу уашъом щыIэм ар къышъуфишIэщт.

[20]Сыда пIомэ, сэ сцIэкIэ нэбгыритIу е нэбгырищ зызэрэугъоихэкIэ, сэри
ахэмэ сахэт.

**ГукIэгъу зыхэмылъ унэIутым ехьылIэгъэ гъэсэпэтхыдэр**

[21]Джащыгъум Петрэ Исус къыбгъодахьи, къеупчIыгъ: – Зиусхьан, сэ сшы
сэркIэ псэкIод ышIэмэ, тхьапшырэ фэзгъэгъун фая? Гъогогъуиблым
нэса?

[22]– Сэ осэIо, гъогогъуибл къодыеп, гъогогъуиблыр тIокIищырэ пшIырэкIэ
штагъэу нахь, – риIожьыгъ Исус.

[23]– Арышъ, Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо зыфэдэр пачъыхьэу
зиунэIутмэ ателъ чIыфэр зылъытэнэу фэягъэр ары.

[24]Ылъытэнэу зыфежьэм, талант минипшI чIыфэ зытелъэу зыгорэ
къыфащагъ.

[25]Ау къыритыжьынэу амал иIэпти, ари, ащ ишъузи, илъфыгъэхэри, иIэр
зэкIэ ащэхэзэ, чIыфэр ригъэпщыныжьынэу пачъыхьэм унашъо ышIыгъ.

[26]– Джащыгъум а унэIутым лъэгонджэмышъхьэкIэ пачъыхьэм ыпашъхьэ
зыщыридзыхи, риIуагъ: «Семыгъэз. ЗэкIэ остыжьыщт».

[27]Пачъыхьэм ыгу унэIутым егъуи, чIыфэр фигъэгъуи, ытIупщыжьыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

Institute for Bible Translation

28– А унэlутыр зыlокlыжьым, адрэ унэlутмэ ащыщэу идинаришъэ чlыфэ зытелъым lукlи, «Сэ сичlыфэу птелъыр къысэтыжь» ыlуи, ытхьалэу ыублагъ.

29– Джащыгъум адрэ унэlутым ащ ыпашъхьэ зыщыридзыхи, елъэlузэ, къыlуагъ: «Семыгъээз, остыжьыщт».

30– Ау мыдрэм ымыдэу, хьапсым чlаригъэдзагъ, чlыфэр къыретыжьыфэ чlэсынэу.

31Адрэ унэlутхэу ар зылъэгъугъэмэ лъэшэу агу къеуагъэти, тхьэматэм дэжь кlохи, хъугъэр зэкlэ раlотэжьыгъ.

32– Тхьэматэм а унэlутыр къаригъащи, риlуагъ: «Унэlут бзадж, укъысэлъэlугъэти, сичlыфэу птелъыгъэр зэкlэ пфэзгъэгъугъ.

33Сэ о гукlэгъу къызэрэпфэсшlыгъэм фэдэу, ори адрэ унэlутым гукlэгъу фэпшlын фэягъэба?»

34Тхьэматэр лъэшэу къэгубжыгъ, ичlыфэу телъыри зэкlэ къыретыжьыфэ аlыгъынэу а унэlутыр хьапс ухъумакlохэм аритыгъ.

35– Шъуащыщэу хэти ыгукlэ ыш фэзымыгъэгъурэм ся Тэу уашъом щыlэр ащ фэдэу къыдэзекlощт, – къыпигъэхъожьыгъ Исус етlанэ.

## Маттэ 19

### Шъхьэгъусэр тlупщыжьыным ехьылlагъ

(Марк 10:1-12)

1Исус а гущыlэхэр къызеlохэм ыуж, Галилей хэкум икlи, Иудей хэкоу Иордан псыхъом иадрабгъу щыlэм кlуагъэ.

2Цlыф купышхохэри ыуж итхэу кlуагъэх, ахэмэ ахэт сымаджэхэри а чlыпlэм щигъэхъужьыгъ.

3Джащыгъум фарисей заулэ Исус къыбгъодахьи, хагъэукъоным пае къеупчlыгъэх: – Сыд фэдэ шъхьаусыгъом къыхэкlыкlэ лlым ишъуз ытlупщыжьыныр хабзэкlэ хъущта?

4– Щыlэр зэкlэ къэзгъэхъугъэ Тхьэм ублапlэм дэжь «хъулъфыгъэрэ бзылъфыгъэрэ къыгъэхъугъ» ыlоу, Тхьэм игущыlэ тхыгъэхэм арытхэм шъуяджагъэба? – пэгъокl ытыжьыгъ Исус.

5– «Ащ къыхэкlыкlэ хъулъфыгъэр ятэ-янэхэм ахэкlынышъ, ишъуз гъусэ фэхъунышъ, итlур зыпкъ хъущтых» ыlоу, Тхьэм зэриlуагъэм шъуеджагъэба?

6Аущтэу ахэр зыпкъыых нахь, пкъитlу хъужьхэрэп. Арышъ, а тlоу Тхьэм гъусэ зэфишlыгъэхэр цlыфым зэгуигъэкlыжь хъущтэп.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

7– Адэ, «лIы горэм зэритIупщыжьырэ тхылъ ишъуз ритымэ, шъузыр
ытIупщыжь хъущт» ыIуи, пегъымбар Мусэ сыд пае унашъо къышIыгъа? –
къыраIуагъ фарисейхэм Исус.

8– Шъуигуркъагъэ пае шъуишъузхэр шъутIупщыжьынхэу пегъымбар Мусэ
фит шъуишIыгъ, – ариIожьыгъ Исус. – Ау ублапIэм дэжь ащ фэдагъэп.

9Ау сэ шъосэIо, ишъуз зинэ ымышIагъэу хэтми зытIупщыжьэу, нэмыкI
бзылъфыгъэ къэзыщэжьырэм зинэ ышIагъэу мэхъу. Ащ фэдэу хэтми лIы
горэм ытIупщыжьыгъэ шъуз къэзыщэжьырэм зинэ ышIагъэу мэхъу.

10– ЛIымрэ шъузымрэ зэрэзэфыщытыр арымэ, ащыгъум къэмыщэныр
нахьышIу, – къыраIуагъ игъогу рыкIохэрэм Исус.

11– Сэ къэсIуагъэр хэти ыштэн ылъэкIыщтэп, – ариIожьыгъ Исус. – Ар
зыштэн зылъэкIхэрэр Тхьэм лъэкI къызэритыгъэхэр ары ныIэп;

12сыда пIомэ, цIыфхэм ащыщхэу зы куп янэмэ къызэралъфэу къащэни
дэкIони амылъэкIынэу къэхъухэшъ, къащэни дэкIони алъэкIырэп.
НэмыкIхэри къащэн амылъэкIынэу цIыфхэм ашIыгъэх. ЕтIанэ нэмыкIхэми
Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэтынхэм пае, ежьхэм
къащэни дэкIони адэрэп. Ар зыштэн зылъэкIырэм ерэшт.

## Исусрэ сабыйхэмрэ

(Марк 10:13-16; Лука 18:15-17)

13Джащыгъум цIыфхэм сабыйхэр Исус къыфащагъэх, Тхьэм ынэшIу
къащифэным пае, Исус ыIэхэр атырилъхьэнхэуи Тхьэм афелъэIунэуи. Ау
Исус игъогу рыкIохэрэм ахэмэ афадагъэп.

14КъыIуагъ Исус: – Сабыйхэр садэжь къэрэкIох, пэрыохъу шъуафэмыхъу,
сыда пIомэ, ащ фэдэхэр Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ
чIэтых.

15ЕтIанэ Исус ыIэхэр ахэмэ атрилъхьагъ. Ащ нэужым а чIыпIэм
икIыжьыгъ.

## КIэлэ баир

(Марк 10:17-31; Лука 18:18-30)

16ЛIы горэ Исус къыбгъодахьи, къыIуагъ: – Дин гъэсакIу, мыкIодыжьын
щыIэныгъэ згъотыным пае, сыд дэгъоу сшIэщтыр?

17– Дэгъумкiэ сыд пае укъысэупчIыра? – риIожьыгъ Исус а лIым. – Тхьэм
нэмыкI дэгъу зи щыIэп. МыкIодыжьын щыIэныгъэ бгъотынэу уфаемэ,
Тхьэм иунашъохэр гъэцакIэх.

18– Сыд унашъоха? – къеупчIыжьыгъ адрэр Исус. – «ЦIыф умыукIы, зинэ
умышIэ, умытыгъу, нэмыкI цIыфхэм пцIы атемылъхь,

19уятэрэ уянэрэ лъытэныгъэ афэшI, о пшъхьэ шIу зэрэплъэгъурэм фэдэу,
уигъунэгъуи шIу лъэгъу», – къыIожьыгъ Исус.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

20– СикIэлэгъу къыщегъэжьагъэу ахэр зэкIэ сэгъэцакIэх, – къыриIожьыгъ кIалэм Исус. – Сыда джыри сищыкIагъэр?

21– Зишъыпкъагъэ щыкIагъэ зимыIэ цIыф икъугъэ ухъунэу уфаемэ, кIуи, уимылъку щэжьи, ахъщэр тхьамыкIэхэм ят, – риIожьыгъ Исус. – Джащыгъум уашъом мылъкушхо щыуиIэ хъущт. ЕтIанэ къакIуи, сауж къырыкIу.

22КIалэм ар зызэхехым, ыгу къеоу IукIыжьыгъ, сыда пIомэ, мылъкушхо иIагъэти ары.

23– Шъыпкъэр шъосэIо, Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэхьаныр баимкIэ къин, – ариIуагъ Исус игъогу рыкIохэрэм.

24– Джыри шъосэIо, баир Тхьэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэхьаным нахьи, махъшэр мэстанэм икIыныр нахь IэшIэх.

25Исус къыIуагъэр игъогу рыкIохэрэм зызэхахым, ар лъэшэу агъэшIагъоу къеупчIыгъэх: – Ащыгъум, ежь зимыгъэкIодэу, хэта зыкъэзгъэнэжьын зылъэкIыщтыр?

26Исус ахэмэ яплъи, ариIуагъ: – ЦIыфхэм ежьхэм замыгъэкIодэу, зыкъагъэнэжьын алъэкIырэп, ау Тхьэм ымылъэкIын Iоф зи щыIэп.

27– Моу къэдаIолъ, тэ тиIэгъэ пстэури къэдгъани, о уауж тыкъихьагъ, – къыриIуагъ Петрэ Исус. – Сыда ащыгъум Iахьыш Iоу тэ къэдгъотыщтыр?

28– Шъыпкъэр шъосэIо, – ариIуагъ Исус, – адрэ дунаим ЦIыф Лъэпкъым ы Къо щытхъушхо иIэу итIысыпIэ лъапIэ зытетIысхьэкIэ, шъо сауж къырыкIуагъэхэр тIысыпIэ лъэпIэ пшIыкIутIумэ шъуатетIысхьанышъ, мысэхэмрэ хыехэмрэ зэхэжъудзыхэзэ, Израиль илIэкъо пшIыкIутIумэ хьыкум атешъушIыхьащт.

29Хэт щыщми е зиунэхэр, е зышхэр, е зышыпхъухэр, е зятэ, е зянэ, е зилъфыгъэхэр, е чIыгухэр сэщ пае къэзгъэнагъэм фэдишъэу къыгъотыщт, мыкIодыжьын щыIэныгъи IахьышIоу къылъысыщт.

30Ау апэ итхэм ащыщхэу бэхэр ауж къинэщтых, ауж итхэри апэ хъущтых.

## Маттэ 20

### Сэнэшъхьэшlхэм яхьылIэгъэ гъэсэпэтхыдэр

1– Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо зыфэдэр мары. Сэнэшъхьэ хатэ зиIэ горэ пчэдыжьым жьэу лэжьакIохэр сэнэшъхьэ хатэм щигъэлэжьэнхэм пае ахэмэ алъыхъунэу дэкIыгъ.

2ЛэжьакIохэр къызегъотхэм, адэгущыIи, мафэм динар зырыз аритынэу зэгурыIохи, Iоф ашIэнэу исэнэшъхьэ хатэ ыгъэкIуагъэх.

3– Пчэдыжьым сыхьатыр бгъум сэнэшъхьэ хатэр зыер дэкIи, ахэмэ анэмыкIхэу Iоф зимыIэ лIыхэр бэдзэрым дэжь Iутхэу ылъэгъугъэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

4Ахэмэ моущтэу ариIуагъ: «Шъори сисэнэшъхьэ хатэ шъукIу,
къышъутефэрэр шъостын». Ахэри кIуагъэх.

5– Щэджагъом дэжьи, сыхьатыр щым дэжьи, сэнэшъхьэ хатэр зыер
джыри дэкIи, ыпэрэм фэдэуи ышIыгъ.

6ЫкIэм ыкIэжьым сыхьатыр тфым дэжьи дэкIи, нэмыкIхэри щытхэу
зегъотхэм, ариIуагъ: «Мэфэ реным зи шъумышIэу, мыщ дэжьым сыда
шъузкIыщытыр?»

7– Адрэмэ къыраIожьыгъ: «Iоф тэзгъэшIэн дгъотыгъэп». – Аущтэу
къызаIом, сэнэшъхьэ хатэр зыем ариIожьыгъ: «Шъори шъукIуи,
сисэнэшъхьэ хатэ шъущылажь. Къышъутефэрэр къышъостын».

8– Пчыхьэ къызэхъум, сэнэшъхьэ хатэр зыем лэжьакIохэм япащэ риIуагъ:
«ЛэжьакIохэм къяджи, ауж къэкIуагъэхэмкIэ къэубли, апэрэхэм анэсэу
мэфапкIэр ят».

9– Сыхьатыр тфым Iофыр зыублагъэхэр къызэкIохэм, лэжьакIомэ япащэ
динар зырыз аритыгъ.

10ЕтIанэ Iофыр апэу зыублагъэхэр къызэкIохэм, нахьыбэ аритынэу
гугъагъэх, ау ахэми динар зырыз аритыгъ.

11Ахъщэр заштэм, сэнэшъхьэ хатэр зыем етхьаусхылIагъэх.

12«Тэ мэфэ реным фэбэ Iаем тыхэтэу, къин тщэчызэ Iоф тшIагъэ пэтми,
мы лIыхэу ауж къэкIуагъэхэу, зы сыхьат нахь Iоф зымышIагъэмэ
тафэбгъэдагъ».

13– Ау сэнэшъхьэ хатэр зыем ахэмэ ащыщэу зыгорэм риIуагъ:
«Синыбджэгъу. Мыхъун зи къыуасшIэрэп. Зы динарба
тызэрэзэгурыIуагъэр?

14УимэфапкIэ шти, кIожь. Мы лIэу ауж къэкIуагъэми о остыгъэм фэдиз
естынэу сыфай.

15Сэ сызыфаер сиахъщэ есшIэн сыфитба? Хьауми о ошъугъуа, сэ сыгу
шIугъэ зэрилъым пае?»

16– Джаущтэу ауж итхэр апэ хъущтых, апэ итхэри ауж къинэщтых; сыда
пIомэ, къеблэгъагъэр бэ, ау хэхыгъэхэр макIэх, – къыпигъэхъожьыгъ
Исус етIанэ.

**Ежь зэраукIыщтри лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыщтри ящэнэрэу Исус къызэриIуагъэр**

(Марк 10:32-34; Лука 18:31-34)

17ЕтIанэ Исус ЕрусалимкIэ дэкIуаеу, гъогум зытетым, игъогу рыкIорэ
нэбгырэ пшIыкIутIур лъэныкъокIэ Iуищыхи, ариIуагъ:

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

18– Мары тэ джы ЕрусалимкIэ тыдэкIуае. Ащ ЦIыф Лъэпкъым ы Къо дин пэщэшхохэмрэ Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ щаIэкIэхьащт. Ахэмэ ежь укI къытыралъхьащт,

19къыкIэнэкIэнхэуи, къамыщкIэ къеонхэуи, къащым тыраIулIэнэуи хымэ лъэпкъхэм аIэкIалъхьащт; ящэнэрэ мафэми ежь лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыщт.

**Зебедей ыкъохэм янэ Исус зыкIелъэIугъэ Iофыр**
(Марк 10:35-45)

20Джащыгъум Зебедей ыкъохэм янэ, ыкъохэри игъусэхэу, Исус къыбгъодахьи, лъэгонджэмышъхьэкIэ ыпашъхьэ итIысхьи, зыгорэкIэ къелъэIунэу зыфигъэзагъ.

21– Сыда узыфаер? – къыриIуагъ Исус бзылъфыгъэм. – О уитетыгъошхо къызысыкIэ, мы скъуитIу зыр уиджабгъукIэ адрэр уисэмэгубгъукIэ къэтIысынхэу фит шIы, – къыриIожьыгъ бзылъфыгъэм.

22– Шъо шъузыкIэлъэIурэр шъушIэрэп, – къыIожьыгъ Исус. – Къиным ишъуалъэ итэу сэ сызэшъощтым шъо шъуешъон шъулъэкIыщта, хьауми цIыфхэм Iаеу сызэраумэхъыщт шIыкIэм фэдэу, зяжъугъэумэхъын шъулъэкIыщта? – ТлъэкIыщт, – къыраIожьыгъ ахэмэ.

23– Сэ сызэшъощт къиным ишъуалъэ итым шъори шъуешъощт, – ариIуагъ Исус. – ЦIыфхэм сэ Iаеу сызэраумэхъыщт шIыкIэм фэдэу, шъори шъуаумэхъыщт. Ау сэ сиджабгъукIи сисэмэгубгъукIи шъукъэтIысынэу фит шъусшIын слъэкIыщтэп. А тIысыпIэхэр ся Тэ зыфигъэхьазырыгъэ цIыфхэм яй.

24Адрэ нэбгырипшIэу Исус игъогу рыкIохэрэм ар зызэхахым, зэшитIумэ афэгубжыгъэх.

25Ау Исус игъогу рыкIохэрэм къяджагъ. – Шъо шъошIэ, – ариIуагъ Исус, – мы дунаим тет пщыхэр цIыфхэм апшъэ зэрэдэсхэрэр, тхьэматэхэу цIыфхэм тетыгъо зэрафыряIэрэри шъошIэ.

26Ау шъо шъузэрэзэфыщытын фаер арэп. Шъуащыщэу ин хъу зышIоигъор Iофтабгэ къышъуфэхъун фае.

27Шъуащыщэу апэ итыныр зышIоигъори пщылI къышъуфэхъун фае.

28Ащ фэдэу ЦIыф Лъэпкъым ы Къо цIыфхэм яшIуагъэ ежь зэригъэкIыжьыныр арэп къызфэкIуагъэр, ежь ишIуагъэ цIыфхэм аригъэкIыныр, цIыфыбэхэми апае ыпсэ шъхьэщэфыжьэу ытыныр ары нахь.

**Исус лIы нэшъуитIур зэригъэхъужьыгъэр**
(Марк 10:46-52; Лука 18:35-42)

29Ащ нэуж Исусрэ игъогу рыкIохэрэмрэ къалэу Ерихон къыдэкIыжьхэ зэхъум, цIыф купышхо ауж итхэу кIощтыгъэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

30А чIыпIэм лIы нэшъуитIу гъогу напцэм Iусыгъ. Ахэмэ Исус
зэрэблэкIырэр зызэхахым, мэкъэшхокIэ къаджэхэу къаублагъ: –
Тхьэматэу Даутэ ы Къу, гукIэгъу къытфэшI!

31Ау цIыф купышхом хэтхэм амыдэу, «Щыжъугъэт!» арaIуагъ, ауми лIы
нэшъуитIур джыри нахь мэкъэшхокIэ къэджагъ: – Тхьэматэу Даутэ ы Къу,
гукIэгъу къытфэшI!

32Исус къызэтеуцуи, къяджи, ариIуагъ: – Сыда шъуфэсшIэнэу
шъузыфаер?

33– Тхьэматэ, тынэхэр къэгъэплъэжь, – къыраIожьыгъ ахэмэ.

34Исус ыгу ахэмэ ягъуи, анэхэм атеIэбагъ. Ардэдэми ахэмэ анэхэр
къэплъэжьыгъэх, Исуси ыуж ихьагъэх.

## Маттэ 21

### Щытхъуушхо иIэу Исус Ерусалим зэрэдэхьагъэр

(Марк 11:1-11; Лука 19:28-38; Иуан 12:12-19)

1Исусрэ игъогу рыкIохэрэмрэ Ерусалим игъунэгъу хъугъэх. Елеон зыцIэ
Iуашъхьэм Iус къуаджэу Бет-Фагие зынэсхэм, Исус игъогу рыкIохэрэм
ащыщхэу нэбгыритIу апэ ыгъэкIуагъ,

2моущтэу ариIозэ: – ШъупэчIынэтIэ къуаджэм шъудахь. Шъузэрэдахьэу
щыдыбз горэ, ищыд къунан игъусэу, епхыгъэу шъуапэ къифэщт. Ахэр
къэшъутIатэхи, къысфашъущэх.

3Зыгорэм зыгорэ къышъуиIомэ, «Зиусхьэныр мыхэм афай» ешъуIуи,
занкIэу къэшъущэнхэу фит шъуишIыщт.

4Ауштэу зыфэхъугъэр пегъымбарым мы гущыIэхэу
къыIуагъэхэр къэшъыпкъэжьынхэр ары:

5«Къалэу Цион пхъум фэдэм ешъуIу: Еплъ, гушъэбагъэ иIэу, щыдым
тесэу, уипачъыхьэ къыпфэкIо; ар зытесыр щыдыбзым икъунан ары».

6Игъогу рыкIохэрэр кIохи, Исус зэрариIуагъэм тетэу ашIыгъ.

7Щыдыбзымрэ щыд къунанымрэ къащэхи, ящыгъынхэр атыралъхьагъэх,
щыгъынхэми акIыIу Исус тетIысхьагъ.

8ЦIыф купышхомэ ящыгъынхэр гъогум тыраубгъоштыгъэ, нэмыкIхэми
къутамэхэр чъыгымэ къапаупкIыхэти, гъогум тыралъхьэщтыгъэх.

9ЦIыф купышхохэу Исус ыпэ итхэу кIощтыгъэхэми, ыуж итхэу
кIощтыгъэхэми мэкъэшхокIэ аIощтыгъ: – Хьусаннэ, Даутэ ы Къо дэжь!
Зиусхьаным ыцIэкIэ къакIорэм щытхъушхор ий! Хьусаннэ! Анахь Лъагэм
щытхъушхор ий!

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

10ЕтIанэ Исус Ерусалим зыдахьэм, зэрэкъалэу къэбырсырыгъ, цIыфми
къаIощтыгъ: – Мыр хэта?

11– Ар Исус ары, Галилей хэкум щыщ Назарет къалэм къикIыгъэ
пегъымбарыр ары, – къаIощтыгъэ цIыф купышхохэм.

**Исус щэн-щэфакIохэр Тхьэм иунэшхо къызэрэчIифыгъэхэр**
(Марк 11:15-19; Лука 19:45-48; Иуан 2:13-22)

12Ащ нэужым Исус Тхьэм иунэшхо чIахьи, щэн-щэфакIохэу чIэтхэр зэкIэ
къычIифыхэу ыублагъ. Ахъщэ зыхъожьхэрэм яIанэхэмрэ тхьаркъо
зыщэхэрэм япхъэнтIэкIухэмрэ зэпыригъэзагъ.

13Исус ахэмэ ариIуагъ: – Тхьэм къызэриIорэр игущыIэ тхыгъэхэм арыт,
«Сэ сиунэ тхьэлъэIупIэщт», ау шъо «хъункIэкIо гъэбылъыпIэм» фэдэ
шъошIы.

14Исус Тхьэм иунэшхо чIэтэу, нэшъухэмрэ лъащэхэмрэ ыдэжь къакIохи,
ащ дэжьым ахэр щигъэхъужьыгъ.

15Ау дин пэщэшхохэмрэ Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ Исус ышIэгъэ Iоф
гъэшIэгъонхэр залъэгъум, сабыйхэр Тхьэм иунэшхо чIэтхэу, «Хьусаннэ
Даутэ ы Къо дэжь!» аIоу, къэзэрэджагъэхэри зызэхахым, амыдэу,

16Исус къыраIуагъ: – Ахэмэ къаIохэрэр зэхэоха? – Зэхэсэхы, –
ариIожьыгъ Исус, – ау ныбжьи шъуеджагъэба Даутэ мыщ фэдэу Тхьэм
зэрэриIуагъэм: «Сабыйхэмрэ сабый быдзашъохэмрэ аIупэхэмкIэ щытхъу
къызфябгъэшIыгъ».

17ЕтIанэ Исус ахэмэ ахэкIи, къалэм дэкIи, къуаджэу Бет-Ание кIуи, ащ
чэщыр щырихыгъ.

**Исус ынджыр чъыгым зэребгыгъэр**
(Марк 11:12-14, 20-24)

18Нэф къызэшъым, Ерусалим къэкIожьзэ, Исус къэмэлэкIагъ.

19Гъогум Iутэу ынджыр чъыг зелъэгъум, ащ къыIухьагъ, ау тхьапэ нэмыкI
зи пигъотагъэпти, моущтэу чъыгым риIуагъ: – ЕгъашIэм о зи
къыппымыкIэжьынэу охъу! Ар къызэриIоу, ынджыр чъыгыр гъугъэ.

20Ар залъэгъум, игъогу рыкIохэрэм агъэшIагъоу аIуагъ: – Сыдэущтэу
ынджыр чъыгыр ащ фэдэу псынкIэу гъугъа?

21– Шъыпкъэр шъосэIо, – ариIуагъ Исус ахэмэ, – шъугу щэч
къыишъумыгъахьэу, шIошъхъуныгъэ шъуиIэмэ, ынджыр чъыгым
къехъулIагъэм имызакъоу шъушIэн шъулъэкIыщт, мы Iуашъхьэми,
«ЗыкъэIэти, хым зыхадз» зешъуIокIэ, аущтэу хъущт.

22ШIошъхъуныгъэ шъуиIэмэ, сыд щыщкIи шъуелъэIумэ, Тхьэм
къышъуфишIэщт.

**Джурт тхьэматэхэр Исус итетыгъо къезытыгъэмкIэ къызэреупчIыгъэхэр**

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

(Марк 11:27-33; Лука 20:1-8)

23ЕтIанэ Исус Тхьэм иунэшхо чIахьи, цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр
аригъашIэхэу ыублагъ. Ахэмэ аригъашIэ зэхъум, дин пэщэшхохэмрэ
цIыфхэм янахьыжъхэмрэ къыбгъодахьэхи, къаIуагъ: – Мы Iофхэр
пшIэнхэу фитыныгъэр тыда къыздипхыгъэр? Ахэр пшIэнхэу тетыгъор
хэта о къыозытыгъэр?

24– Сэри шъо Iоф горэкIэ сышъоупчIыщт, – ариIожьыгъ Исус. – ПэгъокI
къысэшъутыжьмэ, сэри шъосIон мы Iофхэр сшIэнхэу фитыныгъэр
къыздисхыгъэр.

25Иуан цIыфхэр ыумэхъынхэу хэта къэзгъэкIуагъэр? ЦIыфхэр ара,
хьауми Тхьэр ара? – «Тхьэр ары Иуан къэзгъэкIуагъэр» тIомэ, ежь
къытиIожьыщт: «Адэ, сыда Иуан къыIуагъэхэр шъушIошъ
зыкIэмыхъугъэр?» – аIозэ, зэупчIыжьыгъэх ахэр.

26– Ау «Щыфхэр ары Иуан къэзгъэкIуагъэхэр» тIомэ, цIыфхэм
тащыщынэн фае, сыда пIомэ, цIыф пстэуми Иуан пегъымбарэу
алъытэшъ ары.

27Арыти – «ТшIэрэп», – къыраIожьыгъ Исус. – Ащыгъум сэри шъосIощтэп
мы Iофхэр сшIэнхэу фитыныгъэр къыздисхыгъэр, – ариIожьыгъ Исус
ахэмэ.

**КъуитIумэ яхьылIэгъэ гъэсэпэтхыдэр**

28ЕтIанэ Исус къыIуагъ: – Сыдэущтэу шъо шъухаплъэра? ЛIы горэм
къуитIу иIагъ. А лIыр апэрэм бгъодахьи, риIуагъ: «СикIал, кIуи, непэ
сисэнэшъхьэ хатэ щылажь».

29– Ау ащ пэгъокI къыритыжьыгъ: «Сыфаеп». Ары шъхьаем, нэужым
кIэгъожьи, кIуагъэ.

30– ЕтIанэ тыр адрэ кIалэми бгъодахьи, а дэдэр риIуагъ. Ащ къыIожьыгъ:
«СыкIощт, тхьэматэ», – ау кIуагъэп.

31– Хэта тIумэ язэу я Тэ шIоигъор зыгъэцэкIагъэр? – Апэрэр ары, –
къыраIожьыгъ ахэмэ. – Шъыпкъэр шъосэIо, – ариIуагъ Исус, –
хьакъулахь ахъщэр хэзыххэрэмрэ бзылъфыгъэ хэтакIохэмрэ шъо шъуапэ
Тхьэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэхьащтых.

32Сыда пIомэ, Иуан шъыпкъагъэм игъогу шъутыригъэхьанэу къэкIуагъ,
шъо Иуан цыхьэ фэшъушIыгъэп, ау хьакъулахь ахъщэр хэзыххэрэмрэ
бзылъфыгъэ хэтакIохэмрэ Иуан ыIуагъэр ашIошъ хъугъэ. Шъо ахэмэ
ашIошъ зэрэхъугъэр шъулъэгъугъэ пэтми, шъукIэгъожьыгъэп, Иуани
цыхьэ фэшъушIыгъэп.

**СэнэшъхьэшI бзаджэхэм яхьылIэгъэ гъэсэпэтхыдэр**

(Марк 12:1-12; Лука 20:9-19)

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

33– НэмыкӀ гъэсэпэтхыдэми шъукъедэӀу. Унэ зые горэм сэнэшъхьэ хатэ ыгъэтӀысхьагъ. Мыжъо чэукӀэ къышӀыхьи, сэнэшъхьэ фызалъэ хишӀыхьи, унэ плъэпӀэ лъаги дишӀыхьагъ. ЕтӀанэ сэнэшъхьэшӀ горэхэм хатэр аӀэкӀилъхьи, хымэ хэгъэгу горэм кӀуагъэ.

34ЕтӀанэ сэнэшъхьэ пычыжьыгъор къызэсым, исэнэшъхьэ Ӏахь къаӀахынэу сэнэшъхьэшӀхэм адэжь унэӀутхэр ыгъэкӀуагъ.

35– Ау сэнэшъхьэшӀхэм унэӀутхэр къаубытхи, зым къеуагъэх, адрэр къаукӀыгъ, ящэнэрэри мыжъохэмкӀэ къеохэзэ, къаукӀыгъ.

36Сэнэшъхьэ хатэр зыем джыри зэ унэӀутхэр ыгъэкӀуагъ, апэу ыгъэкӀуагъэхэм анахьи нахьыбэжьэу. СэнэшъхьэшӀхэм ахэми а дэдэр къарашӀагъ.

37ЫкӀэм ыкӀэжьым сэнэшъхьэ хатэр зыем, «Сэ скъо лъытэныгъэ къыфашӀын» ыӀуи, ыкъо ахэмэ адэжь ыгъэкӀуагъ.

38– Ау сэнэшъхьэшӀхэм сэнэшъхьэ хатэр зыем ыкъо залъэгъум, зэраӀожьыгъ: «Мыры сэнэшъхьэ хатэр къызыфэнэжьыщтыр. Ар тэжъугъэукӀи, сэнэшъхьэ хатэр къытфэнэжьыщт».

39Аущтэу ари къаубыти, сэнэшъхьэ хатэм къыдадзи, къаукӀыгъ.

40– Арышъ, сэнэшъхьэ хатэр зиер къызыкӀожькӀэ, а сэнэшъхьэшӀмэ сыд аришӀэщтыр? – къыпигъэхъожьыгъ Исус.

41Зэхэзыхыгъэхэм Исус моущтэу къыраӀуагъ: – Сэнэшъхьэ хатэр зыем а бзэджашӀэхэр Ӏаеу ыгъэкӀодынхэшъ, нэмыкӀ сэнэшъхьэшӀхэу сэнэшъхьэ пычыжьыгъор къызыскӀэ, исэнэшъхьэ Ӏахь къезытыжьыщтхэм хатэр аӀэкӀилъхьащт.

**Унэ зышӀыхэрэм зэрамыпэсэу чӀадзыжьыгъэ мыжъор**

42ЕтӀанэ Исус ариӀуагъ: – Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм моущтэу зэрарытым шъуеджагъэба: «Унэ зышӀыхэрэм зэрамыпэсэу чӀадзыжьыгъэ мыжъор унэр зыӀыгъырэ лъэпсэ дэдэ хъугъэ. Мыр Зиусхьаным иӀэшӀэгъэ Ӏоф, ари тэ гъэшӀэгъонэу къытфэлъагъо»?

43– Арышъ, шъосэӀо, – къыпигъэхъожьыгъ Исус. – Тхьэм и Тетыгъошхо ыӀэчӀэгъ шъучӀэхьаным ифитыныгъэ шъо шъутырихынышъ, и Тетыгъошхо фэшъуашэу шӀугъэ зыгъэцакӀэрэ нэмыкӀ лъэпкъ горэм ритыщт.

44Мы мыжъом тефэрэр зэпкъыриутыщт, ау зытефэрэр мыжъом ыщытӀэщт.

45Мы гъэсэпэтхыдэхэр дин пэщэшхохэмрэ фарисейхэмрэ зызэхахым, ежьхэм яхьылӀагъэу Исус ахэр къызэриӀотагъэр къагурыӀуагъэти,

46ар къаубытынэу пылъыгъэх, ау цӀыф купышхохэм ащыщынэщтыгъэх,
сыда пӀомэ, ахэмэ Исус пегъымбаркӀэ алъытэщтыгъэти ары.

## Маттэ 22

### Нысэщэ джэгушхом ехьылӀэгъэ гъэсэпэтхыдэр
(Лука 14:15-24)

1Джыри зэ Исус гъэсэпэтхыдэхэмкӀэ цӀыфхэр ыгъасэщтыгъэх, ариӀозэ:

2– Тхьэу уашъом щыӀэм и Тетыгъошхо зыфэдэр мары. Пачъыхьэ горэм
ыкъо къыригъащи, нысэщэ джэгушхо фишӀыгъ.

3Къыригъэблэгъэнхэу зэриӀогъэгъэ цӀыфхэм пачъыхьэм иунэӀутхэр
алъигъэкӀуагъэх, ау къэкӀонхэу фэягъэхэп.

4ЕтӀанэ пачъыхьэм нэмыкӀ унэӀутхэр ыгъакӀуагъэх, моущтэу ариӀуи:
«Къезгъэблэгъэнхэу зэсӀогъагъэхэм яшъуӀу: Ӏанэр хьазыр, сицухэри
сибылымхэу джэгушхом фэзгъэшхагъэхэри шӀуязгъэбзыгъэх, зэкӀэри
хьазыр; джэгушхом шъукъеблагъ».

5– Ау унэӀутхэм къаӀуагъэм а цӀыфхэр ымыгъапэхэу зэбгырыкӀыгъэх, зыр
ихьасэ кӀуагъэ, адрэри иӀоф ыуж ихьажьыгъ.

6Адрэхэм пачъыхьэм иунэӀутхэр аубытхи, лые арахызэ, къаукӀыгъэх.

7Пачъыхьэм ар зызэхехым, губжи, идзэ ыгъакӀуи, а цӀыф укӀакӀохэр
лъэпсэкӀодэу аригъэгъэкӀодхи, якъали тырагригъэгъэстыкӀыгъ.

8– ЕтӀанэ пачъыхьэм иунэӀутхэм ариӀуагъ: «Джэгушхор ашӀынэу хьазыр,
ау къезгъэблэгъэнхэу зэсӀогъэгъэ цӀыфхэр къэкӀонхэр яфэшъуашэп.

9Арышъ, гъогу зэхэкӀыпӀэхэм шъукӀуи, хэт щыщ жъугъотми, джэгушхом
къежъугъэблагъ».

10А унэӀутхэр гъогухэм атехьэхи, агъотыгъэхэр зэкӀэ, цӀыф дэгъуи цӀыф
бзаджи, къырагъэблэгъагъ; ауштэу джэгур зыщашӀырэ унэм изы хъугъэ.

11– Ау етӀанэ пачъыхьэм хьакӀэхэр зэригъэлъэгъунхэу къызехьэм,
нысащэм фэшъошэ щыгъын щымыгъэу лӀы горэ ылъэгъугъ.

12Зелъэгъум, а лӀым еупчӀыгъ: «Синыбджэгъу, моущтэу уфэпагъэу
сыдэущтэу укъихьагъа?» Ау адрэм зиушъэфыгъ.

13– Джащыгъум пачъыхьэм иунэӀутмэ ариӀуагъ: «Ӏэхъу-лъэхъу а лӀым
тешъулъхьи, шӀункӀым икуупӀэ хэшъудз. Ащ дэжьым куохьаурэ цэ
зэрэгъэшхырэ щыхъущтых».

14– Сыда пӀомэ, къеблэгъагъэхэр бэ, ау къыхахыгъэхэр макӀэх, –
къыпигъэхъожьыгъ Исус.

### Хьакъулахь ахъщэм ехьылӀагъ
(Марк 12:13-17; Лука 20:20-26)

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

15Джащыгъум фарисейхэр кlохи, Исус игущыlэ горэм зэрэтыраубытэн
шlыкlэмкlэ зэупчlыжьыгъэх.

16Аущтэу фарисейхэм ежьхэм ягъогу рыкlохэрэр Исус дэжь агъэкlуагъэх,
пщэу Ирод дезгъаштэхэрэр ягъусэхэу. Ахэмэ къаlуагъ: – Дин гъэсакlу,
шъыпкъагъэ зиlэ лlэу узэрэпсэурэри, шъыпкъагъэм тетэу Тхьэм игъогу
цlыфхэм зэрябгъашlэрэри тэшlэ. Цlыфхэм аlорэми уигъапэрэп, сыда
пlомэ, цlыфмэ ятеплъэ уемыплъэу, цlыф пстэури уизэфэд.

17Арышъ, къытаlу, сыд фэдэу ухаплъэра? Кайсарым хьакъулахь ахъщэр
етты хъущта, мыхъущта?

18Ау Исус ахэмэ ябзэджагъэ гу лъитагъэти, къыlуагъ: – Сыд пае
сыхэжъугъэукъонэу шъупылъа, шъо, нэпитlу зиlэхэр?

19Мо хьакъулахь ахъщэр сэжъугъэлъэгъу. Аущтэу динар ахъщэ Исус
къыфахьыгъ.

20– Хэта зисурэт мыщ итыри, хэта зыцlэ мыщ тетхагъэри? – яупчlыгъ
Исус.

21– Кайсарыр ары, – къаlуагъ ахэмэ. – Ащыгъум Кайсарым иер Кайсарым
ешъутыжь, Тхьэм иери Тхьэм ешъутыжь, – ариlуагъ Исус.

22Ар зызэхахым, агъэшlагъозэ, Исус къагъани, ахэр lукlыжьыгъэх.

**Саддукейхэр лlагъэхэм къэтэджыжьыкlэ афэхъущтым ехьылlагъэу Исус къызэреупчlыгъэхэр**

(Марк 12:18-27; Лука 20:27-40)

23А мэфэ дэдэм лlагъэхэр къызэрэтэджыжьыщтхэр зышlошъ мыхъухэрэ
саддукейхэм ащыщхэр Исус къыбгъодахьэхи, къеупчlыгъэх:

24– Дин гъэсакlу, пегъымбар Мусэ ыlуагъ: «Лlы горэ лъфыгъэ имыlэу
лlэмэ, а лlым унагъо фишlыным пае, ыш шъузабэр къыщэжьын фае».

25Тэ зэкъошибл къытхэтыгъ. Ахэмэ ащыщэу апэрэм шъуз къыщагъэу
дунаим ехыжьыгъ. Лъфыгъэ иlагъэпти, шъузыр ыш къыфэнагъ.

26Ащ фэдэуи ятlонэрэми, ящэнэрэми, яблэнэрэми нэс ар къяхъулlагъ.

27Зэпстэуми ауж дэдэу шъузыри дунаим ехыжьыгъ.

28Джы лlагъэхэр къызытэджыжьхэкlэ, мы зэкъошиблымэ ащыщэу хэта ар
зишъузыщтыр, зэкlэми шъузэу яlагъэмэ?

29– Шъухэукъо, – ариlожьыгъ Исус ахэмэ. – Шъузкlыхэукъорэр Тхьэм
игущыlэ тхыгъэхэмрэ Тхьэм илъэкlышхорэ зэрэшъумышlэхэрэр ары.

30Сыда пlомэ, лlагъэхэр къызытэджыжьхэкlэ, шъуз къащэжьыщтэп, лlыми
дэкlожьыщтхэп, уашъом щыlэ мэлэlичхэм афэдэщтых нахь.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

31Ау «шъыпкъэу лIагъэхэр къэтэджыжьыщтха?» шъуIоу шъукъэупчIымэ,
мы гущыIэхэу Тхьэм ыIуагъэхэм шъуяджагъэба:

32«Сэры Ибрахьими, Исхьакъи, Якъуби я Тхьэр»? Ащ къикIырэр Тхьэр
псэухэмрэ лIагъэхэу зыфаIохэрэмрэ зэря Тхьэр ары.

33ЦIыф купышхохэм ар зызэхахым, Исус Тхьэм игущыIэхэр
зэраригъашIэщтыгъэ шIыкIэр агъэшIэгъуагъ.

**Тхьэм иунашъохэм ащыщэу анахь лъэпIэ дэдэр**
(Марк 12:28-34; Лука 10:25-28)

34Исус саддукеймэ ажэхэр аригъэубытыгъэу фарисеймэ зызэхахым,
зэрэугъоигъэх.

35Ахэмэ ащыщэу зы Тэурат егъэджэкIо пащэ горэ Исус ыгъэунэфыным
пае къеупчIыгъ:

36– Дин гъэсакIу, Тхьэм иунашъохэм ащыщэу анахь лъэпIэ дэдэр тара?

37– «ЗэкIэ о угурэ упсэрэкIи, зэкIэ уизэхэшIыкIыкIи о Зиусхьанэу уи Тхьэ
шIу лъэгъу», – риIожьыгъ Исус.

38– Анахь лъэпIэ дэдэу, апэрэ унашъор джары.

39ЯтIонэрэ унашъори ащ фэд: «О пшъхьэ шIу зэрэплъэгъурэм фэдэу,
уигъунэгъуи шIу лъэгъу».

40Мы унэшъуитIум пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ итхэмрэ зэкIэ адрэ
пегъымбархэм аIуагъэхэмрэ зэкIэ къырагъэубыты.

**Христос хэта зыкъор?**
(Марк 12:35-37; Лука 20:41-44)

41Фарисейхэр къызызэрэугъоихэм, Исус ахэмэ яупчIыгъ:

42– Христос сыда ешъуIуалIэрэр? Хэт ыкъу ар? – Даутэ ыкъу, –
къыраIожьыгъ фарисеймэ.

43– Аущтэу щытмэ, Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ Даутэ ыгу къырилъхьи, Христос
ехьылIагъэу «Си Зиусхьан» ыIозэ, къызэрэригъэIуагъэр сыдэущтэу
хъугъа? – ариIожьыгъ Исус. – Даутэ ыIуагъэба:

44«Тхьэу Зиусхьаным сэ си Зиусхьан къыриIуагъ: „Уипыйхэр плъэкъо
чIэгъ къычIэсэгъэуцофэхэ, сэ сиджабгъукIэ о щыс“»?

45Ежь Даутэ Христос «си ЗиусхьанкIэ» еджэ, – къыпигъэхъожьыгъ Исус. –
Арэу зыхъукIэ, сыдэущтэу Христос Даутэ ыкъо хъура?

46Зыми Исус зы гущыIи къыриIожьын ылъэкIыгъэп. А мафэм
къыщегъэжагъэу ащ нэмыкIыкIэ Исус къеупчIыжьынэу хэти тегушхуагъэп.

## Маттэ 23

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

**Исус Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ фарисейхэмрэ ямысагъэ къызэрэхигъэщыгъэр**
(Марк 12:38-40; Лука 11:37-52; 20:45-47)

1Джащыгъум ариIуагъ Исус цIыф купышхохэмрэ игъогу рыкIохэрэмрэ:

2– Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ фарисейхэмрэ пегъымбар Мусэ
итIысыпIэ лъапIэ тетIысхьагъэх.

3Арышъ, зэкIэ шъушIэн фаеу, жъугъэцэкIэн фаеу ахэмэ къышъуаIорэр
жъугъэцакIэ, ау ашIэрэр шъумышIэ, сыда пIомэ, ахэмэ аIо нахь,
агъэцакIэрэп.

4Хьылъэу щэчыгъуаехэр зэкIоцIапхэзэ, цIыфхэм атамэхэм атыралъхьэ,
ау ежьхэр цIыфхэм адэIэпыIэнхэу зы Iэхъуамби агъэхъыерэп.

5– Ахэмэ яшIушIэ пстэури цIыфхэм арагъэлъэгъуным пае ашIэ. Ахэмэ
янэмаз къэмлэнэжьыехэр агъэшъуамбгъох, яшъошэ кIыхьэхэм
акIапэхэри агъэкIыхьэх.

6Гухэхъо Iанэхэм адэжьи цIыфхэр синэгогухэм защызэIукIэхэкIи тхьэмэтэ
тIысыпIэхэр аубытынхэри шIу алъэгъу.

7ЗэIукIэхэми ежьхэм аIэхэм цIыфхэр ащарагъэбэунхэри, «дин
гъэсакIокIэ» зэрагъэджэнхэри якIас.

8– Ау шъо «дин гъэсакIокIэ» зэшъумыгъаджэх, сыда пIомэ, дин гъэсакIоу
шъуиIэ закъор Христос ары, шъо зэкIэми шъузэкъош.

9ШъуятэкIэ зыми чIылъэм шъущемыдж, сыда пIомэ, шъо шъуятэу шъуиIэ
закъор уашъом щыIэ шъуя Тэ лъапIэр ары.

10Ащ фэдэуи «ушъыякIокIэ» зэшъумыгъаджэх, сыда пIомэ, ушъыякIоу
шъуиIэ закъор Христос ары.

11Шъо шъуащыщэу анахь ин дэдэр Iофтабгэ къышъуфэхъун фае.

12Сыда пIомэ, хэти ежь ышъхьэ зыгъэиныжьырэр Тхьэм ыгъэцIыкIущт,
хэти ежь ышъхьэ зыгъэцIыкIужьыри Тхьэм ыгъэиныщт.

13– Гъогу мыгъо шъутеуцуагъ, Тэурат егъэджэкIо пащэхэри,
фарисейхэри, шъо, нэпитIу зиIэхэр! Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо
икъэлапчъэ цIыфмэ апашъхьэ щышъогъэпытэ. Шъо а тетыгъошхом
ыIэчIэгъ шъучIахьэрэп, чIэхьанхэу фаехэри чIэхьанхэу фит шъушIыхэрэп.

14Гъогу мыгъо шъутеуцуагъ, Тэурат егъэджэкIо пащэхэри, фарисейхэри,
шъо, нэпитIу зиIэхэр! Шъузабэхэм яунэхэр къатешъохых, цIыфмэ
зяжъугъэгъэшIэгъоным паий, тхьэлъэIухэр шъогъэкIыхьэх. Ащ пае Тхьэм
инэу шъуигъэпщынэжьыщт.

15– Гъогу мыгъо шъутеуцуагъ, Тэурат егъэджэкIо пащэхэри,
фарисейхэри, шъо, нэпитIу зиIэхэр! Шъо чIыгуми хыми къащышъокIухьэ,

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

цIыф закъо шъуидин къижъугъэхьаным пае. Ар къызыжъудэхъукIэ, шъощ нахьи фэдитIукIэ нахь Iаеу, джэхьнэм бынэу ар шъогъэхъу.

16– Гъогу мыгъо шъутеуцуагъ, шъо пэщэ нэшъухэу моущтэу зыIохэрэр: «Тхьэм иунэшхо ыцIэкIэ зыгорэм тхьэ ыIомэ, ащ зи къикIырэп, ау Тхьэм иунэшхо идышъэ ыцIэкIэ зыгорэм тхьэ ыIомэ, тхьарыIуагъэ мэхъу».

17Шъо, акъыл зимыIэхэу цIыф нэшъухэр! Тара нахь лъапIэр: дышъэр ара хьауми Тхьэм иунэшхоу дышъэр лъапIэ зышIырэр ара?

18Моущтэуи шъоIо: «КъурмэншIыпIэм ыцIэкIэ зыгорэм тхьэ ыIомэ, ащ зи къикIырэп, ау къурмэныпхъэу къурмэншIыпIэм телъым ыцIэкIэ зыгорэм тхьэ ыIомэ, тхьарыIуагъэ мэхъу».

19Шъо, цIыф нэшъухэр! Тара нахь лъапIэр, къурмэныпхъэр ара, хьауми къурмэншIыпIэу къурмэныпхъэр лъапIэ зышIырэр ара?

20Арышъ, къурмэншIыпIэм ыцIэкIэ тхьэ зыIорэм къурмэншIыпIэм ыцIэкIи, ащ телъ пстэумэ ацIэкIи тхьэ ыIуагъэу мэхъу.

21Джащ фэд, Тхьэм иунэшхо ыцIэкIэ тхьэ зыIорэми Тхьэм иунэшхо ыцIэкIи, ащ чIэсым ыцIэкIи тхьэ ыIуагъэ мэхъу.

22Уашъом ыцIэкIэ тхьэ зыIорэми Тхьэм итIысыпIэ лъапIэ ыцIэкIи, ащ тесым ыцIэкIи тхьэ ыIуагъэ мэхъу.

23– Гъогу мыгъо шъутеуцуагъ, Тэурат егъэджэкIо пащэхэри, фарисейхэри, шъо, нэпитIу зиIэхэр! Хатэм къыдэкIагъэхэм анахь пыутхэм ащыщэу зы пшIанэр Тхьэм пае шъоты, ау Тэурат хабзэм итхэу, нахь Iофхэу жъугъэцэкIэн фаехэу, зэфагъэр, гукIэгъур, Тхьэм шъуфэшъыпкъэныр къэшъогъанэх. Ахэр ары жъугъэцэкIэн фаехэр, адрэ Iофхэри къэшъумыгъанэхэу.

24Шъо, пэщэ нэшъухэр! Шъузашъорэм аргъоир хэшъухызэ, махъшэу хэлъыр шъодыры.

25– Гъогу мыгъо шъутеуцуагъ, Тэурат егъэджэкIо пащэхэри, фарисейхэри, шъо, нэпитIу зиIэхэр! Шъо шъуишъуалъэхэмрэ шъуилагъэхэмрэ акIыбхэр шъогъэкъабзэх, ау акIоцIхэм нэйпсыягъэрэ зымыщыIэныгъэрэ нахь зи арылъэп.

26О фарисей нэшъур! Ыпэ рапшIэу шъуалъэмрэ лагъэмрэ акIоцI гъэкъабзэ, джащыгъум акIыбхэри къабзэ хъущтых.

27– Гъогу мыгъо шъутеуцуагъ, Тэурат егъэджэкIо пащэхэри, фарисейхэри, шъо нэпитIу зиIэхэр. Шъо фыжьэу зыкIыIу гъэлэгъэ къэунэхэм шъуафэд. Ахэр дахэу къэлъагъох, ары шъхьакIэ акIоцIыкIэ хьэдэкъупшъхьэрэ сыдрэ шIоигъэрэ ачIиз.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

28Ащ фэдэу шъори шъуитеплъэкӀэ шъыпкъагъэр зиӀэ цӀыфхэм шъуафэдэу цӀыфхэм шъукъафэлъагъо, ау шъукӀоцӀыкӀэ нэпитӀугъэрэ бзэджагъэрэ шъукӀоцӀиз.

29– Гъогу мыгъо шъутеуцуагъ, Тэурат егъэджэкӀо пащэхэри, фарисейхэри, шъо нэпитӀу зиӀэхэр! Пегъымбархэм апае къэунэхэр шъогъэуцух, шъыпкъагъэ зиӀэ цӀыфхэм якъэнэтӀэхэсхэри шъогъэкӀэракӀэх.

30Ау щытми, «Тятэжъхэм ямафэхэм тэ тыщыӀагъэмэ, ахэмэ пегъымбармэ алъ загъачъэм, гъусэ тафэхъущтыгъэп» шъоӀо.

31Джаущтэу шъуӀозэ, пегъымбархэр зыукӀыгъэмэ шъузэракъохэр шъор-шъорэу къэшъоушыхьатыжьы.

32Дэгъуба ащыгъум, шъуятэжъхэм къаублэгъэ Ӏофыр ижъугъэкъужь.

33– Шъо, блэхэр! Шъо, блэщылъфэхэр! Джэхьнэмым шъукӀонэу Тхьэм къышъутырилъхьащтым сыдэущтэу шъуӀэкӀэкӀын?

34Ащ пае мары пегъымбархэри, акъылышӀу зиӀэ цӀыфхэри, дин гъэсакӀохэри сэ къышъуфэсэгъакӀох. Ахэмэ ащыщэу зы купыр къащым тешъуӀулӀэнышъ, шъуукӀыщт; адрэ купми шъуисинэгогухэм къамыщкӀэ шъущяощт, зы къалэм дэшъуфыхэзэ адрэ къалэм шъуфыщтых.

35Аущтэу дунаим щагъэчъэгъэ лъы хыер зэкӀэ шъо къышъутефэщт, шъыпкъагъэ зиӀэу пегъымбар Хьавэл ылъ щегъэжьагъэу пегъымбар Зэчрееу Барахый ыкъо ылъ къыхиубытэу. Пегъымбар Зэчрей ары Тхьэм иунэшхорэ къурмэншӀыпӀэмрэ азыфагу щышъуукӀыгъагъэр.

36Шъыпкъэр шъосэӀо, мы мыхъо-мышӀэ Ӏоф пстэуми ямысагъэ джырэ цӀыфхэм къатефэщт.

**Ей, Ерусалим!**
(Лука 13:34-35)

37– Ей, Ерусалим, Ерусалим! УицӀыфхэм пегъымбархэр аукӀых, мыжъокӀэ яохэзэ Тхьэм илӀыкӀохэри аукӀых. Бзыум ищырхэр ытамэмэ ачӀэгъ зэрэщычӀиугъуаехэрэм фэдэу, сыд фэдизрэ уибынхэр зэсыугъоилӀэнхэу сыфэягъ, ау шъо шъуфэягъэп.

38Моу зэ шъуеплъ, Тхьэр шъуикъалэ нэшӀукӀэ къеплъыжьыщтэп.

39Сэ шъосэӀо, «Зиусхьаным ыцӀэкӀэ къакӀорэм щытхъуушхор ий!» зыщышъуӀощт мафэм нэсыфэ, сышъулъэгъужьыщтэп.

## Маттэ 24

**Тхьэм иунэшхо зэрэзэхакъутэщтыр Исус къызэриӀуагъэр**
(Марк 13:1-2; Лука 21:5-6)

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

1Исус Тхьэм иунэшхо къычIэкIыжьи, IукIыжь зэхъум, Тхьэм иунэшхо хэт
унэхэр Исус рагъэлъэгъунэу игъогу рыкIохэрэр къыбгъодэхьагъэх.

2– Мы пстэури шъолъэгъуа? – ариIуагъ Исус ахэмэ. – Шъыпкъэр шъосэIо,
мыжъуитIу къызэтемынэжьэу, пстэури къызэхэтэкъощт.

**Къиныбэ щэчыным иублапI**

(Марк 13:3-13; Лука 21:7-19)

3Ащ ыужым Исус Елеон зыцIэ Iуашъхьэм тесызэ, игъогу рыкIохэрэр
язакъоу къыбгъодахьэхи, къеупчIыгъэх: – КъытаIу, о зыфэпIогъэ Iофхэр
сыдигъо къэхъущтых, о дунаим укъызэрэкIожьыщтымрэ дунаим икIэух
къызэрэкIощтымрэ янэшанэри сыд фэда?

4– Зыми шъукъызэримыгъэпцIэщтым шъуфэсакъ, – ариIожьыгъ Исус.

5– Сыда пIомэ, сэ сцIэкIэ зэджэжьхэу, «Сэ сы Христос» аIоу, цIыфхэу
къэкIощтхэр бэ хъущтых, цIыфыбэхэри агъэпцIэщт.

6Благъэми чыжьэми зэо къэбар зэхэшъухыщт, ау шъо шъумыщын. А
Iофхэр къэхъунхэ фае, ау дунаим икIэух ащыгъум къэсыгъэгоп.

7Зы лъэпкъыр адрэ лъэпкъым, зы пачъыхьагъури адрэ пачъыхьагъум
езэонэу къэтэджыщт. Гъаблэхэри къэхъущтых, чIыпIэ-чIыпIэхэми чIыгур
инэу ащысысыщт.

8А Iофхэр зэкIэ къиныбэ щэчыным иублапI ныIэп.

9– ЦIыфхэм шъо къин шъуагъэщэчыным пае, тетыгъо зиIэхэм
шъуарагъэубытынышъ, шъуарагъэукIыщт, сэ сцIэ зэрэжъугъэлъапIэрэм
пайй, лъэпкъ пстэуми шъуаужэгъущт.

10Джащыгъум цIыфыбэ шIошъхъуныгъэм игъогу текIыщт; зым адрэр
тетыгъо зиIэхэм аригъэубытыщт, зым адрэри ыуджэгъущт.

11Пегъымбар нэпцIыбэхэр къэлъэгъощтых, цIыфыбэхэри къагъэпцIэщт.

12Бзэджагъэм къызэрэхэхъощтым къыхэкIэу, цIыфыбэмэ
яшIулъэгъуныгъэ чъыIэ хъущт.

13Ау кIэухым нэсыфэ теубытагъэ зиIэр мыкIодэу Тхьэм къыгъэнэжьыщт.

14Ау Тхьэм и Тетыгъошхо ехьылIэгъэ къэбарышIур чIылъэм тыдэкIи
щагъэIун фае, цIыф лъэпкъ пстэуми апашъхьэ шыхьат щыхъунхэм пае.
Ащ нэужым дунаим икIэух къэсыщт.

**Гузэжъогъушхор**

(Марк 13:14-23; Лука 21:20-24)

15– Арышъ, «Зэхэзыкъутэрэ ГущыкIыгъоу» пегъымбар Даниел зигугъу
ышIыгъэр чIыпIэ лъапIэм щытэу зышъулъэгъукIэ, (еджэрэм къыгурэрэIу),

16ащыгъум Иудей хэкум ис цIыфхэр Iуашъхьэхэм ярэкIолIэжьых.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

17Унашъхьэм тетыри къызехыкIэ, зыгорэ зыдихьынэу унэм ерэмыхьажь.

18Губгъом итыми ищыгъын кIыIутелъ зыдихьынэу къерэмыгъэзэжь.

19А мафэхэм бзылъфыгъэ лъэрмыхьхэмрэ сабый быдзашъо зиIэхэмрэ
гъогу мыгъо теуцощтых.

20Шъузхэхьажьыщт мафэр кIымафэм е шэмбэт мафэм темыфэнэу Тхьэм
шъуелъэIу;

21сыда пIомэ, гузэжъогъушхо а мафэхэм хъущт. Ащ фэдэ гузэжъогъушхо
дунаир къызыхъугъэм щегъэжьагъэу джырэ нэсыфэ щыIагъэп ыкIи
щыIэжьыщтэп.

22А мафэхэр нахь макIэ мыхъугъэхэмэ, зы цIыфи мыкIодэу
къэнэжьыщтыгъэп. Ау ежь къыхихыгъэ цIыфхэм яхьатыркIэ Тхьэм а
мафэхэр нахь макIэ ышIыщтых.

23А мафэхэм «Мары Христос, мыщ дэжьым щыI» ыIоу е «Христос модэ
щыI» ыIоу зыгорэм къышъуиIомэ, шъушIошъ шъумыгъэхъу;

24сыда пIомэ, Христос нэпцIхэмрэ пегъымбар нэпцIхэмрэ
къэлъэгъощтых. Ахэмэ нэшэнэ гъэшIэгъонхэри, Iофышхо гъэшIэгъонхэри
къагъэлъэгъощтых, алъэкIымэ, Тхьэм къыхихыгъэ цIыфхэри
агъэпцIэнхэм пае.

25Джары, а Iофхэр къэхъунхэм ыпэ якъэбар шъосIуагъ.

26– Арышъ, «Мары, Христос шъоф нэкIым щыI» къызышъуаIокIэ, ащ дэжь
шъумыкIу. «Мары, Христос ыкIоцIырэ унэм щыI» аIоми, шъушIошъ
шъумыгъэхъу;

27сыда пIомэ, тыгъэ къокIыпIэм къыщытэджырэ пчыкIэм тыгъэ къохьапIэм
нэс дунаир зэригъэнэфырэм фэдэу, мафэу ЦIыф Лъэпкъым ы Къо
къызыкIожьыщтри хъущт.

28ШъушIэрэба, хьэйуан псэхалIэр зыдэщыIэм бгъэжъхэри
зэрэщызэрэугъоищтхэр.

### ЦIыф Лъэпкъым ы Къо дунаим къызэрэкIожьыщтыр

(Марк 13:24-27; Лука 21:25-28)

29– А гузэжъогъушхо мафэмэ ауж ошIэ-дэмышIэу тыгъэр ушIункIыжьыщт,
мазэри къэнэфыжьыщтэп. Жъуагъохэри уашъом къефэхыщтых, уашъом
щыIэ кIуачIэхэри хъыещтых.

30Джащыгъум ЦIыф Лъэпкъым ы Къо инэшанэ уашъом къыщылъэгъощт,
дунаим тет лъэпкъ пстэури гъыхэзэ абгъэгу еожьыщтых. ЦIыф Лъэпкъым
ы Къо ошъуапщэхэм ахэтэу, лъэкIышхорэ щытхъушхорэ иIэхэу, къакIоу
алъэгъущт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

31ЕтIанэ бжъэмыешхом ымэкъэ чан къэIунышъ, ЦIыф Лъэпкъым ы Къо имэлэIичхэр ыгъэкIощтых, дунэе лъэныкъуиплIым, зы ошъо чапэм къыщегъэжьагъэу адрэ ошъо чапэм нэс, ежь ицIыфхэу къыхихыгъэхэр къыхащыхэзэ, ежь къыфаугъоижьынхэу.

### Ынджыр чъыгым шъыпкъэу къыдгуригъаIорэр

(Марк 13:28-31; Лука 21:29-33)

32– Ынджыр чъыгым къехъулIэрэмкIэ Iоф горэ зэжъугъашIэ: икъутамэхэм псы къахахьэу, итхьапэхэр къыпыкIэхэ зыхъукIэ, гъэмафэр къызэрэблагъэр шъошIэ.

33Ащ фэдэу шъори мы Iофхэр зэкIэ зышъулъэгъухэкIэ, ЦIыф Лъэпкъым ы Къо гъунэгъоу, къэлапчъэм дэжь зэрэщытыр зэжъугъашIэ.

34Шъыпкъэр шъосэIо, мы Iофхэр зэкIэ къэхъунхэм ыпэкIэ, мы лъэпкъыр кIодыщтэп.

35Уашъомрэ чIылъэмрэ кIодыжьыщтых, ау сэ сигущыIэхэр кIодыжьыщтхэп.

### А мафэри а сыхьатри къызысыщтыр зыми ышIэрэп

(Марк 13:32-37; Лука 17:26-30, 34-36)

36– Ау а мафэри а сыхьатри къызысыщтыр зыми ышIэрэп. Уашъохэм ащыIэ мэлэIичхэм ашIэрэп, Тхьэм ы Къуи ышIэрэп. Ты лъэпIэ закъор ары ныIэп ар зышIэрэр.

37Пегъымбар Нухьэ имафэхэм адэжь Iофхэр зэрэщытыгъэхэм фэдэу, ЦIыф Лъэпкъым ы Къо дунаим къызыкIожьыщтым дэжь Iофхэр хъущтых.

38Сыда пIомэ, псы къиугъэшхор къэмыкIуагъэу, а мафэхэм цIыфхэр шхэщтыгъэх, ешъощтыгъэх, къащэщтыгъ, дакIощтыгъэх, Нухьэ къухьэм зитIысхьэгъэ мафэм нэсыфэкIэ.

39Къэхъущтыр амышIэу псы къиугъэшхор къакIуи, ахэр зэкIэ ыхьыгъэх, ытхьэлагъэх. Ащ фэдэу ЦIыф Лъэпкъым ы Къо дунаим къызыкIожьыщтым дэжь Iофхэр хъущтых.

40Ащ дэжьым нэбгыритIу губгъом итыщт, языр мэлэIичхэм уашъом дахьыещт, адрэр къагъэнэщт.

41БзылъфыгъитIу зы шъхьалым щыхьаджэщт, языр мэлэIичхэм уашъом дахьыещт, адрэр къагъэнэщт.

42– Арышъ, шъумычъыеу шъусакъ, сыда пIомэ, Зиусхьаныр дунаим къызыкIожьыщт мафэр шъушIэрэпышъ ары.

43Ау мыр зэжъугъашIэ: унэр зыем тыгъуакIор къызыкIощт сыхьатыр ышIэщтыгъэмэ, чъыещтыгъэп, иуни къыригъахьэу илъыр рыригъэтыгъукIыщтыгъэп.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

44Арышъ, шъори шъухьазырын фае, сыда пIомэ, ЦIыф Лъэпкъым ы Къо
къэкIожьынэу шъузымыгугъэрэ сыхьат горэм дунаим къытехьажьыщт.

**Узщыгугъын е узщымыгугъын унэIут**
(Лука 12:41-48)

45– Хэта адэ, акъылышIу зиIэу, зыщыгугъын унэIутэу тхьэматэм адрэ
унэIутхэу иIэхэм пащэу афишIыгъэр, игъом ашхын аритынэу?

46А унэIутыр гъогу мафэ теуцуагъ, итхьэматэ къэкIожьыгъэу, аущтэу
ышIэу къызигъотыжькIэ.

47Шъыпкъэр шъосэIо, тхьэматэм имылъку зэкIэ а унэIутым ыIэ
рилъхьащт.

48Ау а унэIутым, «сэ ситхьэматэ шIэхэу къэкIожьыщтэп» ыгукIэ ыIоу,

49адрэ унэIутхэм яоу, ешъуакIомэ адашхэу, адешъоу зиублэкIэ,

50а унэIутыр зымыгугъэрэ мафэ горэм, зыщимышIэрэ сыхьат горэм
итхьэматэ къэкIожьыщт.

51А унэIутыр укIыкIаеу ыукIыщт, нэпитIу зиIэхэм къин зыщадищэчыщт
чIыпIэми ыгъэкIощт. Ащ дэжьым куохьаурэ цэ зэрэгъэшхырэ щыхъущтых.

## Маттэ 25

**ПшъэшъипшIымэ яхьылIэгъэ гъэсэпэтхыдэр**

1– А мафэм уашъом щыIэ Тхьэм и Тетыгъошхо зыфэдэщтыр мары.
ПшъэшъипшIмэ яостыгъэхэр аштэхи, шъаом пэгъокIынхэу дэкIыгъэх.

2Ахэмэ ащыщэу тфыр акъылынчъагъ, тфыр Iушыгъ.

3Акъыл зимыIэ пшъашъэхэм яостыгъэхэр заштэхэм, дагъэ зыдаштагъэп.

4Пшъэшъэ Iушхэм яостыгъэмэ ягъусэу, дагъэ зэрыт дэгъалъэхэри
зыдаштагъэх.

5Шъаор къызэгужъом, пшъашъэхэр зэкIэ шъхьаукъэхи, хэчъыягъэх.

6– Ау чэщныкъом макъэ горэ къэIугъ: «Мары, шъаор къэкIо!
ШъукъыпэгъокI!»

7– Джащыгъум а пшъашъэхэр зэкIэ къэтэджыхи, яостыгъэхэр
агъэхьазырыгъ.

8Акъыл зимыIэ пшъашъэхэр пшъэшъэ Iушхэм ялъэIугъэх: «Шъуидагъэ
щыщ къытэшъут, сыда пIомэ, тиостыгъэхэр мэкIуасэх».

9– Ау пшъэшъэ Iушхэм къаIожьыгъ: «Шъори тэри ар тфикъунэп. Дагъэ
зыщэрэмэ адэжь шъукIоу къызфэшъущэфымэ нахьышIу».

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

10– ЩэфакIо ахэр зэкIохэм, шъаор къэсыгъ, хьазырэу щытыгъэ пшъэшъитфыри игъусэхэу джэгу зыщашIырэ унэм ихьэхи, къэлапчъэри къыфашIыжьыгъ.

11– Ащ нэуж адрэ пшъашъэхэри къэкIожьхи, моущтэу аIуагъ: «Титхьэмат, титхьэмат! Къэлапчъэр къытфыIух!»

12– Ау ащ къыIожьыгъ: «Шъыпкъэр шъосэIо, шъо хэтми шъузщыщыр сшIэрэп».

13– Арышъ, шъумычъыеу шъусакъ, – къыпигъэхъожьыгъ Исус, – сыда пIомэ, ЦIыф Лъэпкъым ы Къо дунаим къызыкIожьыщт мафэри сыхьатри шъуушIэрэпышъ ары.

**Талант зыцIэ ахъщэхэм яхьылIэгъэ гъэсэпэтхыдэр**

(Лука 19:11-27)

14– Джыри уашъом щыIэ Тхьэм и Тетыгъошхо къызэрэкIощтыр зыфэдэр мары. ЛIы горэ хымэ хэгъэгу горэм кIон зэхъум, иунэIутмэ къяджи, имылъку аIэкIилъхьагъ.

15Зым талантитф ритыгъ, адрэм талантитIу ритыгъ, нэмыкIми зы талант ритыгъ. Хэти лъэкIэу иIэм фэшъуашэ рити, гъогум техьагъ.

16Талантитф зэритыгъэр занкIэу кIуи, ахэр ыгъэлажьэхи, джыри талантитф къыхьыжьыгъ.

17Джащ фэдэу талантитIу зэритыгъэми джыри талантитIу къыхьыжьыгъ.

18Ау тхьэматэм зы талант зэритыгъэр кIуи, ар чIыгум чIитIи, итхьэматэ иахъщэ ыгъэбылъыгъ.

19Бэ тешIагъэу а унэIутмэ ятхьэматэ къэкIожьыгъ, иунэIутхэм ахъщэр зэрагъэлэжьагъэмкIи яупчIынэу ыублагъ.

20Талантитф зэритыгъагъэр тхьэматэм бгъодахьи, адрэ талантитфэу къыхьыгъэхэр къыфихьыхи, къыIуагъ: «Тхьэматэ, талантитф къысIэкIэплъхьагъ. Мары, ахэмкIэ джыри талантитф къэсхьыжьыгъ».

21Тхьэматэм ащ риIуагъ: «Дэгъоу пшIагъэ. О сыпщыгугъынэу уунэIут дэгъу! Iоф макIэхэмкIэ сызщыгугъын лIэу узэрэщытыгъэм пае, Iофыбэхэр къыпIэкIэслъхьащтых. КъакIуи, уитхьэматэ игушIуагъо къыхахь!»

22Джаущтэу талантитIу зэритыгъагъэри тхьэматэм бгъодахьи, къыIуагъ: «Тхьэматэ, талантитIу къысIэкIэплъхьагъ. Мары, ахэмкIэ джыри талантитIу къэсхьыжьыгъ».

23Тхьэматэм ащ риIуагъ: «Дэгъоу пшIагъэ. О сыпщыгугъынэу уунэIут дэгъу! Iоф макIэхэмкIэ сызщыгугъын лIэу узэрэщытыгъэм пае, Iофыбэхэр къыпIэкIэслъхьащтых. КъакIуи, уитхьэматэ игушIуагъо къыхахь!»

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

24ЕтIанэ зы талант зэритыгъагъэри тхьэматэм бгъодахьи, къыIуагъ:
«Тхьэматэ, о узэрэлI пхъашэр сшIэщтыгъэ, чылапхъэ зыхэмыпхъагъэм
лэжьыгъэр къыщыохыжьы, зыхэмытэкъуагъэми къыщыоугъоижьы.

25Сэщынэти сыкIуи, уиталант чIыгум чIэзгъэбылъхьагъ. Мары, о уиер
осэтыжьы».

26Тхьэматэм ащ риIуагъ: «О уунэIут бзадж, уунэIут фэмыф! О
пшIэщтыгъэ сэ чылапхъэр зыхэсымыпхъагъэм лэжьыгъэ
къызэрэщысхыжьырэри, зыхэсымытэкъуагъэм
къызэрэщысыугъоижьырэри.

27Ащ Iофыр зытеткIэ, сиахъщэ ахъщэхъожьхэм яптын фэягъэба?
Джащыгъум сыкъызыкIожьыкIэ, сиахъщэ хэхъуагъэу
къысIэкIэхьажьыщтыгъ».

28«Мы лIым талантыр Iышъухи, талантипшI зиIэм ешъут.

29Сыда пIомэ, Тхьэм хэт щыщми зиIэм нахьыбэ къыритыщт, къелыжьэуи
бэ иIэщт. Ау Тхьэм зимыIэм иIэ тIэкIури Iихыжьыщт.

30Ау мы унэIутэу пкIэ зимыIэр шIункIым икуупIэ хэшъудз. Ащ дэжьым
куохьаурэ цэ зэрэгъэшхырэ щыхъущтых». Ар къызеIо ужым, Исус
мэкъэшхокIэ къыIуагъ: – РыдэIонэу тхьакIумэ зиIэм зэхерэх.

**ЦIыф Лъэпкъым ы Къо цIыф лъэпкъхэм хьыкум зэратыришIыхьащтыр**

31– ЦIыф Лъэпкъым ы Къо щытхъушхо иIэу, имэлэIич пстэури игъусэу
дунаим къызыкIожьыкIэ, итIысыпIэ лъапIэу щытхъушхо зиIэм
тетIысхьащт.

32Лъэпкъ пстэури ежь ыпашъхьэ къыщызэрэугъоищт, мэлахъом
мэлхэмрэ пчэнхэмрэ зэрэзэхидзыхэрэм фэдэуи, цIыфхэр зэхидзыщт.

33Мэлхэр иджабгъукIэ, пчэнхэр исэмэгубгъукIэ ыгъэуцущтых.

34– Джащыгъум Пачъыхьэм иджабгъукIэ щытхэм ариIощт: «Сэ ся Тэ
лъапIэ ынэшIу зыщифагъэхэр, шъукъакIуи, Тхьэм дунаир
къызигъэхъугъэм къыщегъэжьагъэу къышъуфигъэхьазырыгъэ тетыгъор
шъуиIахьышIоу шъуубыты.

35Сыда пIомэ, мэлакIэ сызэлIэм, сыжъугъэшхагъ; псыфалIэ сызэлIэми,
псы сежъугъэшъуагъ; сызэхымэми, сыкъежъугъэблэгъагъ,

36зыщыслъэн зысемыIэми, сышъуфэпагъ; сызэсымаджэми,
шъукъыслъыплъагъ; хьапсым сызычIэсыми, садэжь шъукъэкIуагъ».

37– Джащыгъум шъыпкъагъэ зиIэ цIыфхэм къыраIожьыщт: «Зиусхьан,
сыдигъуа мэлакIэ улIэу утлъэгъуи, узыдгъэшхагъэр е псыфалIэ улIэу псы
узедгъэшъуагъэр?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

38Сыдигъуа хымэу утлъэгъуи, узедгъэблэгъагъэр е зыщыплъэн уимыӀэу
узытфэпагъэр?

39Усымаджэу е хьапсым учӀэсэу сыдигъуа утлъэгъуи, уадэжь
тыкъызыкӀуагъэр?»

40– Пачъыхьэм ахэмэ пэгъокӀ аритыщт: «Шъыпкъэр шъосэӀо, сэ сшы
анахь цӀыкӀу дэдэхэм ащыщэу зыгорэм фэшъушӀагъэр сэ
къысфэшъушӀагъэу мэхъу».

41– ЕтӀанэ Пачъыхьэм исэмэгубгъукӀэ щытхэм ариӀощт: «Садэжь шъуӀукӀ,
шъо Тхьэм ынае зыщифагъэхэр. Шэйтанымрэ ащ имэлэӀичхэмрэ Тхьэм
афигъэхьазырыгъэ мыкӀосэжьын машӀом шъукӀу.

42Сыда пӀомэ, мэлакӀэ сызэлӀэм, сыжъугъэшхагъэп; псыфалӀэ сызэлӀэми,
псы сежъугъэшъуагъэп;

43хымэу сызыщэтыми, сежъугъэблэгъагъэп, зыщыслъэн зысемыӀэми,
сышъуфэпагъэп; сызэсымаджэми, хьапсым сызычӀэсми,
шъукъыслъыплъагъэп».

44– Джащыгъум ахэми Пачъыхьэм къыраӀожьыщт: «Зиусхьан, мэлакӀэ
улӀэу, е псыфалӀэ улӀэу, е ухымэу, е зыщыплъэн уимыӀэу, е усымаджэу, е
хьапсым учӀэсэу утлъэгъуи, тишӀуагъэ отымыгъэкӀэу сыдигъуа
укъызыдгъэнагъэр?»

45– Джащыгъум Пачъыхьэм пэгъокӀ аритыщт: «Шъыпкъэр шъосэӀо, мы
цӀыкӀу дэдэмэ ащыщэу зыгорэм фэшъумышӀагъэр къысфэшъумышӀагъэу
мэхъу».

46– Аущтэу ахэр мыухыжьын къин ащэчынэу ӀукӀыжьыщтых, ау
шъыпкъагъэ зиӀэ цӀыфхэм мыкӀодыжьын щыӀэныгъэ къалъыӀэсынэу
ӀукӀыжьыщтых.

## Маттэ 26

### Тхьэмэтэ Хэсэшхом хэт тхьэматэхэм Исус тхьагъэпцӀыгъэкӀэ аукӀынэу гухэлъ зэрашӀыгъэр

(Марк 14:1-2; Лука 22:1-2; Иуан 11:45-53)

1Исус а гущыӀэ пстэури къызеӀо ужым, игъогу рыкӀохэрэм ариӀуагъ:

2– ӀутӀыжъ зыцӀэ мэфэкӀ мэфэшхор къэсыным мэфитӀу зэриӀэр шъошӀэ.
ЦӀыф Лъэпкъым ы Къуи къащым тыраӀулӀэнэу тетыгъо зиӀэхэм
аӀэкӀэхьащт.

3Джащыгъум дин пэщэшхохэри, Тэурат егъэджэкӀо пащэхэри, цӀыфмэ
янахьыжъхэри дин пэщэшхоу Кайафэ зыцӀэм иунэшхо къыщызэӀукӀагъэх.

4Ахэмэ Исус тхьагъэпцӀыгъэкӀэ аубытынышъ, аукӀынэу гухэлъ ашӀыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

[5]– Ау цIыфхэм бырсырышхо къамыIэтыным пае, мэфэкI мэфэшхом тефэу орэмыхъу, – аIуагъ ахэмэ.

### Бзылъфыгъэ горэм къуаджэу Бет-Ание дагъэу осэшхо зиIэр Исус зэрэщыщифагъэр

(Марк 14:3-9; Иуан 12:1-8)

[6]ЕтIанэ Исус къуаджэу Бет-Ание кIуагъэу, Симонэу шъоджэ уз Iае зиIагъэм иунэ щыIэзэ,

[7]бзылъфыгъэ горэ унэм къихьагъ. А бзылъфыгъэм алабастэр зыцIэ мыжъом хэшIыкIыгъэу зы дэгъалъэ ыIыгъыгъ. А дэгъалъэм осэшхо зиIэ дагъэу мэ IэшIу зыпихырэр итыгъ. Исус Iанэм пэсэу, бзылъфыгъэр къыбгъодахьи, ышъхьэ дагъэр къытырикIагъ.

[8]Исус игъогу рыкIохэрэм ар залъэгъум, агу римыхьэу моущтэу аIуагъ: – Сыд пае мы дагъэу осэшхо зиIэр хьаулыеу ыгъэкIодыгъа?

[9]Ар осэшIукIэ ащагъэмэ, тхьамыкIэхэм ахъщэр афагощын алъэкIыщтыгъ.

[10]Ау Исус ащ гу лъити, ариIуагъ: – Сыд пае бзылъфыгъэр жъугъэукIытэра? Ащ шIугъэ къысфишIагъ.

[11]ТхьамыкIэхэр къышъухэт зэпытых, ау сэ сышъухэт зэпытыщтэп.

[12]А бзылъфыгъэм мы дагъэр спкъы къызытырекIэм, сызэрэчIалъхьажьыщтым сыфиухьазырыгъ.

[13]Шъыпкъэр шъосэIо, сэ къысфэлажьэрэ цIыфхэм чIылъэм зэкIэ къэбарышIур тыдэ щагъэIуми, мы бзылъфыгъэм ышIагъэр къаIотэжьыщт, цIыфхэм а бзылъфыгъэр шIукIэ агу къагъэкIыжьыным пае.

### Исус дин пэщэшхохэм аригъэубытынэу Иудэ зэрадиштагъэр

(Марк 14:10-11; Лука 22:3-6)

[14]Джащыгъум Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIумэ ащыщэу, Иудэ ИскариоткIэ заджэхэрэр дин пэщэшхохэм адэжь кIуи,

[15]ариIуагъ: – Исус къышъуIэкIэзгъахьэмэ, сыда къысфэшъушIэщтыр? Ахэмэ тыжьын ахъщэ щэкI къыратынэу къагъэгугъагъ.

[16]Ащ щегъэжьагъэу Исус ахэмэ аригъэубытыным пае, Iэрыфэгъу уахътэ Иудэ паплъэу ыублагъ.

### IутIыжъ пчыхьэшъхьашхэр игъогу рыкIохэрэм Исус зэрадишIыгъэр

(Марк 14:12-21; Лука 22:7-14, 21-23; Иуан 13:21-30)

[17]Хьалыгъу мыкIу-мыпшэ зыщашхырэ мэфэкI мэфэшхохэм иапэрэ мафэм игъогу рыкIохэрэр Исус къыбгъодахьэхи, къеупчIыгъэх: – IутIыжъ пчыхьэшъхьашхэр щыпшIынэу тыдэ щыдгъэхьазырынэу уфая?

[18]– Къалэм шъудахь, – къыIожьыгъ Исус. – Мыщ фэдэ лIым дэжь шъукIуи, ешъуIу: «Дин гъэсакIом еIо: Сэ сигъо къэблэгъагъ. Сэррэ сигъогу рыкIохэрэмрэ IутIыжъ пчыхьэшъхьашхэр уиунэ щытшIыщт».

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

19Исус зэрариIуагъэм тетэу, игъогу рыкIохэрэм ашIи, IутIыжъ пчыхьэшъхьашхэр агъэхьазырыгъ.

20Пчыхьэ зэхъум, Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIур игъусэу Iанэм пэтIысхьагъ.

21Ахэр шхэхэзэ, Исус къыIуагъ: – Шъыпкъэр шъосэIо, шъуащыщ горэм тетыгъо зиIэхэм саригъэубытыщт.

22Ахэмэ лъэшэу агу къеуагъ. Зыр зым ыуж итэу къыраIонэу фежьагъэх: – Зиусхьан, сэрэп ар, ныIа?

23– Мы апсым сигъусэу хьалыгъур къыздыхэзгъаорэр ары тетыгъо зиIэхэм сязгъэубытыщтыр, – пэгъокI ытыжьыгъ Исус.

24– Шъыпкъэ, ЦIыф Лъэпкъым ы Къо дунаим ехыжьыщт, ежь ехьылIагъэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу. Ау ЦIыф Лъэпкъым ы Къо тетыгъо зиIэхэм язгъэубытырэр гъогу мыгъо теуцуагъ. А цIыфыр къэмыхъугъэмэ, ежьыркIэ нахьышIущтыгъ.

25Иудэу Исус тетыгъо зиIэхэм язгъэубытыщтым къыIуагъ: – Рабби, ар сэрэп ныIа? – Оры, къызэрэпIорэм фэдэу, – Исус риIуагъ.

### Зиусхьаным ипчыхьэшъхьашх
(Марк 14:22-26; Лука 22:15-20; 1 Кор. 11:23-25)

26Ахэр шхэхэ зэхъум, Исус хьалыгъур къыштагъ, Тхьэм щытхъу фишIи, зэгуичи, игъогу рыкIохэрэм арити, къыIуагъ: – Ма, шъуштэ, шъушхы, мы хьалыгъур сэ спкъы ары.

27ЕтIани шъуалъэр къышти, Тхьэм щытхъу фишIи, арити, къыIуагъ: – Шъо зэкIэми мыщ итым щыщ шъуешъу.

28Мы сэнэпсыр сэ слъэу Тхьэм ежьыррэ ицIыфхэмрэ азыфагу дилъхьэгъэ зэзэгъыныгъэр къэзгъэшъыпкъэжьырэр ары. ЦIыфыбэхэм ишIуагъэ якIынэу, лъэу сэ къыскIэкIыщтыр ары, япсэкIодхэр афэгъунхэм пае.

29Шъосэ Io, джы щегъэжьагъэу сэнэшъхьэпсым сешъожьыщтэп, ся Тэ и Тетыгъошхо сыхэтэу икIэрыкIэу сыкъызыжъудешъожьыщт мафэм нэсыфэ.

30ЕтIанэ Исусрэ игъогу рыкIохэрэмрэ тхьэщытхъу орэд къызаIо ужым, унэм икIыхи, Елеон Iуашъхьэм кIуагъэх.

### «Сэ сызыщыщыр умышIэу къэпIощт» Исус Петрэ зэрэриIуагъэр
(Марк 14:27-31; Лука 22:31-34; Иуан 13:36-38)

31Ащ дэжьым Исус игъогу рыкIохэрэм ариIуагъ: – Нычэпэ шъо пстэуми сизакъоу утыгум сыкъишъунэщт, сыда пIомэ, Тхьэм къызэриIорэр игущыIэ тхыгъэхэм арыт: «Сэ мэлахъор сыукIыщт, мэл Iэхъогъури зэбгырыкIыжьыщт».

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

32Ау лIагъэхэм сыкъызахэтэджыкIыжьыкIэ, шъуапэ Галилей хэкум
сыкIощт.

33– Пстэуми утыгум укъыранэми, сэ ныбжьи укъисынэщтэп, – къыриIуагъ
Петрэ Исус.

34– Шъыпкъэр осэIо, – риIожьыгъ Исус Петрэ, – мы нычэпэ дэдэм атакъэр
Iоным ыпэкIэ, сэ сызыщыщыр умышIэу гъогогъуищэ къэпIощт.

35– Сэ о сыбдэлIэн фаеми, узыщыщыр сымышIэу сIощтэп, –
къыриIожьыгъ Петрэ. Ащ фэдэ къабзэу Исус игъогу рыкIорэ адрэ лIы
пстэуми къаIуагъ.

**Исус Гефсимание хатэм Тхьэм зэрэщелъэIугъэр**

(Марк 14:32-42; Лука 22:39-46)

36Ащ нэуж Гефсимание зыцIэ чIыпIэм Исус игъогу рыкIохэрэр игъусэхэу
кIуагъэ. – Моу шъуетIысэх, сэ модэкIэ сыкIоу, Тхьэм селъэIуфэ, –
ариIуагъ ахэмэ Исус.

37Петрэрэ Зебедей ыкъуитIурэ ащ зыдищагъэх. Къэнэшхъэеу, гумэкIэу
ащ ыублагъ.

38Джащыгъум ахэмэ ариIуагъ: – СилIыкIыным нэсэу инэу сыгу хэкIы.
Шъумычъыеу шъусакъэу гъусэ шъукъысфэхъу.

39ЕтIанэ тIэкIу IукIоти, чIыгум бгъэгукIэ зыридзыхи, Тхьэм елъэIузэ,
къыIуагъ: – Ся Т, амал иIэмэ, мы къин щэчыным ишъуалъэ сIых. Ау сэ
сызыфаер мыхъоу, о узыфаер орэхъу.

40Ащ ыужым Исус игъогу рыкIорэ нэбгырищымэ адэжь къыгъэзэжьи,
чъыехэу къарихьылIэжьыгъ. – Адэ сыхьат закъо шъусигъусэу
шъумычъыеу, шъусакъын шъулъэкIыгъэп, ара? – ыIуи, Исус Петрэ
риIуагъ.

41– Шъумычъыеу шъусакъ, псэкIодшIэным шъудимыхьыхынэуи Тхьэм
шъуелъэIу. Гур фай, ау пкъым ылъэкIырэп.

42ЕтIанэ Исус ятIонэрэу IукIи, Тхьэм елъэIузэ, къыIуагъ: – Сэ ся Т, мы
къин щэчыным ишъуалъэ сIыпхынэу мыхъумэ, о узыфаер орэхъу.

43Джыри Исус къызегъэзэжьым, а нэбгырищыр чъыехэу
къарихьылIэжьыгъ, сыда пIомэ, анапIэхэр онтэгъу хъугъэхэти ары.

44Джыри зэ ахэр къыгъанэхи, IукIи, а гущыIэ дэдэхэмкIэ ящэнэрэу Тхьэм
елъэIугъ.

45ЕтIанэ Исус игъогу рыкIохэрэм адэжь къыгъэзэжьи, ариIуагъ: – Шъо
джыри шъочъыя, зышъогъэпсэфа? Мары, сыхьатыр къэблэгъагъ. ЦIыф
Лъэпкъым ы Къо псэкIод зышIэрэ цIыфхэм аIэкIэхьащт.

46Шъукъэтэдж! НекIо, мары ахэмэ сязгъэубытыщтыр къэблэгъагъ!

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

### Исус зэраубытыгъэр
(Марк 14:43-50; Лука 22:47-53; Иуан 18:3-12)

47Исус джыри къэгущыӀэзэ, игъогу рыкӀорэ нэбгырэ пшӀыкӀутӀумэ ащыщэу Иудэу Исус тетыгъо зиӀэхэм язгъэубытыщтыр къэкӀуагъ. Чатэхэмрэ умэхэмрэ аӀыгъхэу, цӀыф купышхо игъусагъ. Дин пэщэшхохэмрэ цӀыфмэ янахьыжъхэмрэ ары ахэр къэзгъэкӀогъагъэхэр.

48– Сэ сызэбэущтыр ары зыфасӀорэр. Ар шъуубыт, – ыӀуи, аубытыщтыр зэраригъэлъэгъущт шӀыкӀэр игъусэхэм Иудэ ариӀогъагъ.

49Иудэ зэрэнэсэу Исус екӀуалӀи, – Опсэу, рабби! – ыӀуи, Исус ебэугъ.

50– Ныбджэгъу, сыда укъызкӀэкӀуагъэр? – риӀуагъ ащ Исус. Джащыгъум адрэхэр Исус къекӀуалӀэхи, аубытыгъ.

51ОшӀэ-дэмышӀэу Исус игъусэхэм ащыщэу зыгорэм ичатэ къырихи, дин пэщэшхом иунэӀут еуи, ытхьакӀумэ лъэныкъо гуиупкӀыгъ.

52Джащыгъум Исус ащ риӀуагъ: – О уичатэ сапӀэм илъхьажь, сыда пӀомэ, чатэм еӀэрэ пстэури чатэм екӀодылӀэжьыщт.

53Хьаури ся Тэ семылъэӀушъункӀэ огугъа? СелъэӀумэ, ащ джыдэдэм мэлэӀич дзэ пшӀыкӀутӀум ехъу къысфигъэкӀощт.

54Ау етӀанэ сыдэущтэу Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэр къэшъыпкъэжьыщтха? Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм арытба, моущтэу зэрэхъун фаер?

55А сыхьатым Исус а цӀыф купышхом риӀуагъ: – ХъункӀэкӀо горэ шъуубытыщтым фэдэу, чатэхэмрэ умэхэмрэ шъуӀыгъхэу шъукъыспэгъокӀыгъа? Мафэ къэси Тхьэм иунэшхо цӀыфхэм Тхьэм игущыӀэхэр щязгъашӀэхэзэ, сычӀэсыгъ, ары шъхьакӀэ сышъуубытыгъэп.

56Ау мыр зэкӀэ зыкӀэхъугъэр пегъымбармэ атхыгъэхэр къэшъыпкъэжьынхэр ары. Джащыгъум Исус игъогу рыкӀорэ пстэури ежь утыгум къырани, хэхьажьыгъэх.

### Исус Тхьэмэтэ Хэсэшхом ыпашъхьэ зэрэращагъэр
(Марк 14:53-65; Лука 22:54-55; Иуан 18:13-14, 19-24)

57Исус заубыт ужым, дин пэщэшхоу Кайафэ зыцӀэм дэжь ащагъ. Ащ дэжьым Тэурат егъэджэкӀо пащэхэмрэ нахьыжъхэмрэ къыщызэӀукӀагъэх.

58Петри чыжьэкӀэ Исус ыуж итэу, дин пэщэшхом ищагу нэсыфэ къыкӀэлъыкӀуагъ. КӀэухэу Исус фэхъущтыр ылъэгъуным пае, Петрэ щагум дахьи, къэрэгъулэхэм ахэтӀысхьагъ.

59Дин пэщэшхохэри, нахьыжъхэри, Тхьэмэтэ Хэсэшхом хэтхэу адрэ тхьэмэтэ пстэури Исус укӀ тыралъхьаным пае, шыхьат нэпцӀ лъыхъуущтыгъэх.

60Шыхьат нэпцӀыбэхэр къэтэджыхи, Ӏаджи Исус тыралъхьагъэ пэтми, зыфаехэр къагъотыгъэп. Ау ыкӀэм ыкӀэжьым шыхьат нэпцӀитӀу къэтэджи,

61моуэщтэу къаIуагъ: – Мы лIым ыIощтыгъэ: «Тхьэм иунэшхо
зэхэскъутэнышъ, мэфищкIэ зэтезгъэуцожьын слъэкIыщт».

62ЕтIанэ дин пэщэшхор къэтэджыгъ. – Сыд мы лIыхэм о
къыптралъхьэрэр? Сыда зи къызкIэмыIорэр? – къыриIуагъ ащ Исус.

63Ау Исус зи къыIуагъэп. – ЩыIэныгъэр къыздикIырэ Тхьэм ыцIэкIэ
сыолъэIу, къытаIу, ора Христосэу Тхьэм ы Къо? – къыриIуагъ дин
пэщэшхом Исус.

64– Ары, къызэрэпIорэм фэд, – риIуагъ Исус. – Ау сэ шъосэIо, джы
щегъэжьагъэу лъэкIышхор зиIэ Тхьэм иджабгъукIэ госэу, ошъуапщэхэми
ахэтэу, ЦIыф Лъэпкъым ы Къо къакIоу шъулъэгъущт.

65Джащыгъум дин пэщэшхом ищыгъынхэр къызэгуитхъыгъэх. – Тхьэр
ыгъэпцIыгъ, – къыIуагъ ащ. – Сыда нэмыкI шыхьат зэрэтищыкIэгъэжьыр?
Джары, Тхьэр зэригъэпцIыгъэр шъо зэхэшъухыгъ.

66Сыдэущтэу шъухаплъэра? – УкI ифэшъуаш, – пэгъокI къатыжьыгъ
ахэмэ.

67Джащыгъум Исус ынэгу кIэужъунтхагъэх, бжымкIи еуагъэх. НэмыкIхэри
ынэпашъо кIаутызэ,

68раIуагъ: – Христос, упегъымбармэ, хэтми къыоуагъэм ыцIэ къаIо!

**Петрэ Исус зыщыщыр ымышIэу къызэриIуагъэр**

(Марк 14:66-72; Лука 22:54-62; Иуан 18:15-18, 25-27)

69Джащыгъум Петрэ щагум дэсыгъ. УнэIут пшъашъэ горэ къекIуалIи,
къыIуагъ: – Ори а Исусэу Галилей щыщым уригъусагъ.

70– Хьау, зыфапIорэр сшIэрэп, – къыщиIуагъ Петрэ зэкIэмэ апашъхьэ.

71ЕтIанэ Петрэ щагум идэкIыпIэ Iухьэзэ, нэмыкI унэIут пшъашъэ горэм
къылъэгъуи, ащ дэжьым щытхэм ариIуагъ: – Мы лIыри Назарет щыщ
Исус игъусагъ.

72Джыри зэ Петрэ, – А лIыр сшIэрэп, – ыIуи, тхьэ ыIуагъ.

73ТIэкIу тешIагъэу, ащ дэжьым щытхэм Петрэ къыбгъодахьэхи,
къыраIуагъ: – Шъыпкъэу ори ахэмэ уащыщ, сыда пIомэ, уигущыIакIэ ар
нафэ къешIы.

74– Тхьэр сэгъэпцIы, къасIорэр мышъыпкъэмэ, а лIыр сшIэрэп, – ыIуи,
Петрэ тхьарыIо ышIэу ыублагъ. Ардэдэм атакъэр къэIуагъ.

75Джащыгъум Исус къыриIогъэгъэ гущыIэхэр Петрэ ыгу къэкIыжьыгъэх: –
Атакъэр Iоным ыпэкIэ, сэ сызыщыщыр умышIэу гъогогъуищэ къэпIощт.
Ар ыгу къызэкIыжьым, Петрэ щагум дэкIи, лъэшэу гъыгъэ.

## Маттэ 27

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

### Iэшъхьэтет Пилат ыпашъхьэ Исус зэрэращагъэр
(Марк 15:1-5; Лука 23:1-5; Иуан 18:28-38)

1Нэф къызэшъым, дин пэщэшхо пстэумрэ цIыфмэ янахьыжъхэмрэ
зэдеусэхи, Исус укI тыралъхьанэу аухэсыгъ.

2Исус Iэхъу тыралъхьи, Iуащи, Iэшъхьэтет Понтый Пилат IэкIалъхьагъ.

### Иудэ зэрэлIагъэр
(Апостол. 1:18-19)

3Иудэу Исус ахэмэ язгъэубытыгъэм Исус укI зэрэтыралъхьагъэр
зелъэгъум, кIэгъожьи, ратыгъэ тыжьын ахъщэ щэкIыр дин пэщэшхохэмрэ
нахьыжъхэмрэ афихьыжьи,

4ариIуагъ: – ЛIы хыер зэрэшъозгъэубытыгъэмкIэ псэкIод сшIагъэ. – Ащ тэ
тиIоф хэлъэп, о уиIоф нахь, – къыраIуагъ ахэмэ.

5Джащыгъум Иудэ а тыжьын ахъщэхэр Тхьэм иунэшхо кIоцIым
щыритэкъухи, чIэкIыжьыгъ. ЕтIанэ кIуи, зитхьалэжьыгъ.

6Дин пэщэшхохэм тыжьын ахъщэхэр аштэжьхи, къаIуагъ: – Мыхэр Тхьэм
пае ахъщэр зыдэлъ пхъуантэм хабзэкIэ даплъхьэ хъущтэп, сыда пIомэ,
ар лъыуасэшъ ары.

7Ащыгъум зэупчIыжьхи, хымэхэр чIалъхьажьынхэу къошынышIэм ихьасэ
а ахъщэмкIэ къащэфынэу аухэсыгъ.

8Аущтэу непэ нэс а хьасэм «Лъыосэ ХьасэкIэ» еджэх.

9Джащыгъум пегъымбар Иеремие мы гущыIэхэу
къыIуагъэхэр къэшъыпкъэжьыгъэх: «Шъхьэуасэу израиль цIыфхэм ежь
пае агъэнэфэгъэ тыжьын ахъщэ щэкIыр ашти,

10ахэмкIэ къошынышIым ихьасэ къащэфыгъ, Зиусхьаным унашъо
къызэрэсфишIыгъэм тетэу».

### Iэшъхьэтет Пилат Исус зэреупчIыгъэр
(Марк 15:2-5; Лука 23:3-5; Иуан 18:33-38)

11Джащыгъум Iэшъхьэтет Пилат ыпашъхьэ Исус иуцуагъ. – О джуртмэ
уряпачъыхьа? – къеупчIыгъ Iэшъхьэтетыр Исус. – Ары, къызэрэпIорэм
фэд, – къыIожьыгъ Исус.

12Ау дин пэщэшхохэмрэ нахьыжъхэмрэ Исус загъэмысэм, Исус зи
къыIуагъэп.

13Джащыгъум Пилат Исус къыриIуагъ: – Къыптыралъхьэрэр зыфэдизыр
зэхэпхырэба?

14Ау Исус зы гущыIи къыIожьыгъэп. Зи къызэримыIожьыгъэр Iэшъхьэтет
Пилат лъэшэу ыгъэшIэгъуагъ.

### Исус укI зэрэтыралъхьагъэр
(Марк 15:6-15; Лука 23:13-25; Иуан 18:39–19:16)

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

15 IутIыжъ зыцIэ мэфэкI мэфэшхор къэсымэ, цIыфхэр зыкIэлъэIурэ хьапсчIэс горэ къафитIупщыжьыныр Iэшъхьэтет Пилат ихэбзагъ.

16 А мафэхэм Бар-Аббэ ыцIэу, хьапсчIэс цIэрыIо горэ яIагъ.

17 Арыти, ахэр къызызэIокIэхэм, Пилат яупчIыгъ: – Хэта къышъуфэстIупщыжьынэу шъузфаер? Бар-Абба хьауми ХристоскIэ заджэхэрэ Исус ара?

18 Пилат аущтэу зыкIяупчIыгъэр шъугъоным къыхэкIэу ахэмэ Исус къызэрэIэкIалъхьагъэр ешIэти ары.

19 Пилат унэшъошI тIысыпIэм тесызэ, ишъуз лIыкIохэр къыфигъакIохи, къырarigъэIуагъ: – Мы лIэу шъыпкъагъэ зиIэм мыхъун горэ епшIэкъон, сыда пIомэ, нычэпэ пкIыхьэпIэ Iае слъэгъуи, мы лIым пае къин сщэчыгъэ.

20 Ау Пилат Бар-Аббэ къырагъэтIупщыжьынэуи, Исус рагъэгъэкIодынэуи дин пэщэшхохэмрэ нахьыжъхэмрэ цIыф купышхохэм араIуагъ.

21 – ТIумэ язэу хэта къышъуфэстIупщыжьынэу шъузыфаер? – ыIуи, Iэшъхьэтет Пилат джыри зэ цIыфмэ ариIуагъ. – Бар-Абб ары, – къаIуагъ ахэмэ.

22 – Адэ, ХристоскIэ заджэхэрэ Исус сыд есшIэщт? – ариIуагъ Пилат. – Къащым теIулI! – къаIуагъ зэкIэмэ.

23 – Сыда ащ бзэджагъэу ышIагъэр? – яупчIыгъ Пилат. Ау ахэр нахь инэу къэзэрэгъэкууагъэх: – Къащым теIулI!

24 Пилат зи хишIыхьан ымылъэкIэу, цIыфхэр нахь къызэрэбырсырыхэрэр зелъэгъум, псы къышти, цIыфхэм апашъхьэ ыIэхэр щитхьакIыжьхи, къыIуагъ: – Мы лIэу шъыпкъагъэ зиIэм ылъ сэ къыстефэрэп. Ар шъо шъупшъэ илъ!

25 – Ащ ылъ тэри тибынхэми къыттерэф! – къаIуагъ зэкIэ цIыфхэм.

26 Джащыгъум Пилат Бар-Аббэ афитIупщыжьыгъ. ЕтIанэ дзэлIхэр Исус къамыщкIэ ригъаохи, къащым тыраIулIэнэу аIэкIилъхьагъ.

**ДзэлIхэр Исус зэрэкIэнэкIагъэхэр**

(Марк 15:16-20; Иуан 19:2-3)

27 Джащыгъум Iэшъхьэтет Пилат идзэлIхэм Исус преторие зыцIэ унэшхом ыкIоцI чIащагъ, адрэ къэнэгъэ дзэлI купышхори Исус бгъу пстэумкIэ къыкIэлъырытхэу щызэхаугъоягъэх.

28 ЕтIанэ дзэлIхэм Исус ищыгъынхэр къыщахыхи, плъыжь чIапцIэу шъошэ кIыхьэ щалъагъ.

29 Панэм хэшIыкIыгъэ пачъыхьэ тандж фабли, ышъхьэ тыралъхьагъ, ыIэ джабгъуи бэщ IэкIалъхьагъ. Ащ нэужым лъэгонджэмышъхьэкIэ ыпашъхьэ къитIысхьэхи, «Опсэу, джуртмэ япачъыхь!» раIозэ, кIэнэкIагъэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

30Теужъунтхагъэх, бэщымкӀэ ышъхьэ еуагъэх.

31ЗыкӀэнакӀэхэ ужым, шъошэ кӀыхьэр щахыжьи, ежь ищыгъынхэр
щалъэжьыгъ. ЕтӀанэ къащым тыраӀулӀэнэу преторием ращыжьыгъ.

**Исус къащым зэрэтыраӀулӀагъэр**
(Марк 15:21-32; Лука 23:26-43; Иуан 19:17-27)

32Къалэм къыдэкӀхэзэ, Симон ыцӀэу, къалэу Кириние щыщ лӀы горэм
ӀукӀагъэх. Исус икъащ ыхьынэу ар рагъэзыгъ.

33Исус къызащцэм, Голгофэ зыфаӀорэ чӀыпӀэм нэсыгъэх (Голгофэм
къыкӀырэр «Шъхьэпкъ ЧӀыпӀэр» ары).

34Ащ зынэсхэм, сэнэпсрэ зэзыпс дыджырэ зэхэшӀыхьагъэу ешъонэу Исус
ратыгъ; зыхэхъумпӀэм, ешъоным фэежьыгъэп.

35ЕтӀанэ Исус къащым тыраӀулӀагъ. Пхъэдз радзэзэ, Исус ищыгъынхэр
зэфагощыгъэх.

36ЕтӀанэ ащ дэжьым тӀысыгъэхэу, Исус аухъумэщтыгъ.

37Исус къащым зыкӀытыраӀулӀагъэр пхъэмбгъу горэм тетхагъэу, ежь
ышъхьагъкӀэ къащым тыраӀулӀагъ: «Мыр Исус, джуртхэм я Пачъыхь».

38А чӀыпӀэм хъункӀэкӀуитӀу, зыр иджабгъукӀэ адрэр исэмэгубгъукӀэ, Исус
игъусэхэу къащхэм атыраӀулӀагъэх.

39БлэкӀырэ цӀыфхэр Исус ехъоныщтыгъэх, ашъхьэхэр агъэсысхэу,

40моущтэу аӀозэ: – О Тхьэм иунэшхо зэхэзыкъутэу, мэфищкӀэ
зэтезгъэуцожьыщтыр, умыкӀодэу зыкъэгъэнэжь! О Тхьэм ури Къомэ,
къащым къехыжь!

41Ащ фэдэу дин пэщэшхохэми, Тэурат егъэджэкӀо пащэхэми,
нахьыжъхэми Исус кӀэнакӀэхэу къаӀуагъ:

42– НэмыкӀ цӀыфхэр мыкӀодхэу къыгъэнэжьыгъэх, ау ежь
зыкъыгъэнэжьышъурэп. Ежь Израиль ипачъыхьэмэ, къащым
къерэхыжьи, ежьыркӀэ шӀошъхъуныгъэ тиӀэ хъущт.

43Ежь Тхьэм щэгугъы. Джы Тхьэр ежь къыфаемэ, мыкӀодэу къерэгъэнэжь.
Сыда пӀомэ, «Сэ Тхьэм сыри Къу» ыӀощтыгъэ.

44Исус игъусэхэу къащхэм тыраӀулӀэгъэ хъункӀакӀохэри ащ
къехъоныщтыгъэх.

**Исус зэрэлӀагъэр**
(Марк 15:33-41; Лука 23:44-49; Иуан 19:28-30)

45Щэджагъом щегъэжьагъэу сыхьатыр щым нэс а хэгъэгум тыдэкӀи шӀункӀ
къыщыхъугъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

46Сыхьатыр щым Исус мэкъэшхокIэ джагъэ: – Или, Или! Лама
сабахтани? (Ащ къикIырэр: – О си Тхь! Си Тхь! Сыд пае О
сыкъэубгынагъ?)

47А чIыпIэм щытхэм ащыщхэм ар зызэхахым, аIуагъ: – Пегъымбар Иляс
еджэ.

48Ащ лъыпытэу ахэмэ ащыщэу зыгорэ Iулъади, кIышъо зэраIотырэр
къыштагъ. Сэнэпс шIоIугъэр хиз ышIи, бэщ горэм пилъхьи, Исус
кIигъэшъунэу фищэигъ.

49– Зэ, пегъымбар Иляс къакIоу, мыкIодэу къыгъэнэжьмэ, тежъугъэплъ, –
къаIуагъ адрэхэм.

50Ау Исус джыри зэ мэкъэшхокIэ джи, ыпсэ ытыгъ.

51Джащыгъум Тхьэм иунэшхо ипэIухъо ыпшъэкIэ къыщегъэжьагъэу ыхэ
нэсыфэ тIоу къызэготхъыгъ. ЧIыгури къэсысыгъ, мыжъохэри зэгоутыгъэх.

52Къэунэхэри зэIукIыхи, Тхьэм ицIыф лъапIэхэу лIагъэхэм ащыщхэу бэ
къэтэджыжьыгъ.

53Ахэр къэунэхэм къачIэкIыжьыгъэх, Исус лIагъэмэ къызахэтэджыкIыжь
ужыми, къэлэ лъапIэу Ерусалим дахьэхи, бэмэ зыкъарагъэлъэгъугъ.

54Дзэ пащэми ащ игъусэхэу Исус зыухъумэщтыгъэхэми чIыгур
къызэрэсысырэри зэкIэ хъугъэ-шIагъэри залъэгъум, лъэшэу щтагъэхэу
аIуагъ: – Шъыпкъэ дэдэу мыр Тхьэм ы Къуагъ.

55Чыжьэкlэ къаплъэхэу, бзылъфыгъэ Iаджи ащ дэжьым щытыгъ. Ахэр
Исус IэпыIэгъу фэхъухэзэ, игъусэхэу Галилей къикIыгъагъэх.

56Мыхэр ахэмэ ахэтыгъэх: къуаджэу Магдалэ щыщ Мерэми, Зебедей
ыкъохэм яни, нэмыкI Мерэми. Ар Якъубэрэ Иосыйрэ янагъ.

**Исус ихьадэ къэунэм зэрэчIалъхьажьыгъэр**

(Марк 15:42-47; Лука 23:50-56; Иуан 19:38-42)

57Пчыхьэ къызэхъум, Юсыф ыцIэу, къуаджэу Ариматей щыщэу, лIы бай
горэ къэкIуагъ. Ари Исус игъогу рыкIохэрэм ащыщыгъ.

58Ар Пилат дэжь кIуи, Исус ихьадэ кIэлъэIугъ. Джащыгъум хьадэр Юсыф
ратыжьынэу Пилат унашъо ышIыгъ.

59Юсыф хьадэр къышти, чэфын къабзэ рищэкIи,

60къэунакIэу ежь пае Iошъхьэ цакIэм харигъэупкIыгъэм чIилъхьажьыгъ.
ЕтIанэ Юсыф къэунэ чIэхьапIэм мыжъошхо IуигъэукIораий, IукIыжьыгъ.

61Къуаджэу Магдалэ щыщ Мерэмрэ адрэ Мерэмрэ ащ дэжьым щыIагъэх,
къэунэм пэIусхэу.

**Къэунэм икъэрэгъулэхэр**

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

62ЯтIонэрэ мафэу бэрэскэшхом къыкIэлъыкIорэ мафэм дин
пэщэшхохэмрэ фарисейхэмрэ зэрэугъоихи, Iэшъхьэтет Пилат дэжь
кIуагъэх.

63– Тхьэматэ, а пцIыусым псаузэ, «Мэфищ нэужым лIагъэхэм
сыкъахэтэджыкIыжьыщт» зэриIогъагъэр тыгу къэкIыжьыгъ, – къаIуагъ
ахэмэ.

64– Арышъ, ящэнэрэ мафэм нэсыфэ къэунэм фэсакъыхэзэ,
къэрэгъулэхэм аухъумэнэу унашъо шIы. Армырмэ, игъогу рыкIохэрэр
къэкIонхэшъ, ихьадэ атыгъунышъ, цIыфмэ араIощт: «ЛIагъэхэм
къахэтэджыкIыжьыгъ». А аужырэ пцIыр апэрэ пцIым нахьи нахь дэй
хъущт.

65– Къэрэгъулэхэр шъосэтых, шъукIуи, шъо зэрэшъулъэкIэу къэунэр
къэжъугъэгъун, – ариIуагъ Пилат.

66Ахэр кIохи, къэунэм къэрэгъулэхэр Iуагъэуцуагъэх, мыжъоми мыхъур
тырадзагъ.

## Маттэ 28

### Исус лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыгъэр

(Марк 16:1-8; Лука 24:1-12; Иуан 20:1-10)

1Шэмбэтыр блэкIыгъэу, тхьэмафэм иапэрэ мафэм нэф къызэшъым,
Магдалэ щыщ Мерэмрэ адрэ Мерэмрэ къэунэм еплъынхэу кIуагъэх.

2ОшIэ-дэмышIэу чIыгур лъэшэу къэсысыгъ, сыда пIомэ, Зиусхьаным
имэлаIич уашъом къехи, къэунэм Iухьи, мыжъошхор IуигъэукIорэикIи, ащ
тетIысхьагъ.

3Ащ итеплъэ пчыкIэм фэдэу ищыгъынхэри осым фэдэу фыжьыбзагъэх.

4Къэрэгъулэхэр ащ зэрэщыщынэхэрэм пае къэкIэзэзыгъэх, хьадашъуи
яIэ хъугъэ.

5– Шъумыщын, – ариIуагъ мэлаIичым бзылъфыгъэмэ. – Исусэу къащым
тыраIулIагъэм шъузэрэлъыхъурэр сэшIэ.

6Ар мыщ щыIэжьэп. ЗэриIуагъэм тетэу, ар лIагъэхэм
къахэтэджыкIыжьыгъ. ШъуIухьи, шъуеплъ Зиусхьаныр зыдэщылъыгъэ
чIыпIэм.

7Джы псынкIэу шъукIуи, игъогу рыкIохэрэм яшъуIу: «Исус лIагъэхэм
къахэтэджыкIыжьыгъ. Шъо шъуапэ ар Галилей кIощт. Ащ дэжьым ар
щышъулъэгъужьыщт». Джары, къэбарыр сэ шъосIуагъэ.

8Бзылъфыгъэхэр къэунэм IукIыжьхи, агучIэ изыгъэу, ау гушIогъошхуи
яIэу, макъэ арагъэIунэу Исус игъогу рыкIохэрэм адэжь ечъэжьагъэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIу (Инджыл)

9Игъогу рыкIохэрэм макъэ арагъэIунэу а бзылъфыгъэхэр чъэхэзэ, ошIэ-
дэмышIэу Исус къаIукIи, къариIуагъ: – Шъопсэу. Мыдрэхэр Исус
ечъалIэхи, ыпашъхьэ лъэгонджэмышъхьэкIэ итIысхьэхи, ылъакъохэр
аубытыгъ.

10Джащыгъум Исус къариIуагъ: – Шъумыщын. ШъукIуи, сшыхэр Галилей
кIонхэу макъэ яжъугъэIу. Ащ сэри сыщалъэгъущт.

**Дин пэщэшхохэм къэрэгъулэхэр къуалъхьэкIэ зэращэфыгъэхэр**

11Бзылъфыгъэхэр кIохэ зэхъум, къэрэгъулэхэм ащыщхэр къалэу
Ерусалим дахьэхи, дин пэщэшхохэм адэжь кIохи, зэкIэ хъугъэр араIотагъ.

12Дин пэщэшхохэр, нахьыжъхэр ягъусэхэу, зэрэугъоихи, зэупчIыжьыгъэх.
Ахъщабэ къэрэгъулэхэм арати,

13араIуагъ: – «Чэщым тэ тызыхэчъыем, Исус игъогу рыкIохэрэр къакIохи,
ихьадэ атыгъугъ» шъуIон фае.

14А къэбарыр Iэшъхьэтетым зызэхихыкIэ, дгъэсамбырынышъ, шъори зи
къышъуимыIонэу тшIыщт.

15Аущтэу къэрэгъулэхэм ахъщэр ашти, араIуагъэм тетэу зекIуагъэх. Непэ
къынэсыжьэу а къэбарыр джуртмэ зэрахьэу ахэлъ.

**Исус игъогу рыкIохэрэм Iофэу ашIэнэу апшъэ рилъхьагъэр**

(Марк 16:14-18; Лука 24:36-49; Иуан 20:19-23; Апостол. 1:6-8)

16Ащ нэужым Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIузыр Галилей кIохи, ежь
зыфиIогъэгъэ Iуашъхьэм дэкIоягъэх.

17ЕтIанэ Исус залъэгъум, лъэгонджэмышъхьэкIэ ыпашъхьэ итIысхьагъэх;
ау зышIошъ мыхъурэ заулэ ахэмэ ахэтыгъ.

18Исус игъогу рыкIохэрэм къабгъодахьи, ариIуагъ: – Уашъоми чIылъэми
тетыгъошхор зэкIэ щысиIэу сIэ илъ.

19Арышъ, шъукIуи, лъэпкъ пстэури сигъогу къытежъугъахь. Ты лъапIэми,
ы Къуи, Тхьэм ы Псэ ЛъапIи ацIэкIэ шъуумэхъыхи,

20унашъохэу шъосIуагъэхэр зэкIэ агъэцэкIэнхэу яшъуIу. ШъыпкъэмкIэ,
дунаим икIэух нэс сэ ренэу сышъуигъусэщт. Амин.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

# Марк 1

### Тхьэм игущыӀэхэр умэхъэкӀо Иуан зэригъэӀущтыгъэхэр

(Маттэ 3:1-12; Лука 3:1-9, 15-17; Иуан 1:19-28)

1Тхьэм ы Къо Исус Христос ехьылӀэгъэ къэбарышӀур мары
къызэриублэрэр.

2Тхьэм мыщ фэдэу къызэриӀорэр пегъымбархэм ятхылъхэм арыт: «Мары
о уапэ сэ силӀыкӀо къэсэгъакӀо; ащ уигъогу къыпфигъэпсыщт.

3Ащ иджэ макъ ары шъоф нэкӀым къыщыӀурэр, моущтэу ыӀозэ:
Зиусхьаным игъогу фэжъугъэпси, игъогу лъагъохэр зэшъхьэ-зашъо
фэшъушӀых».

4Тхьэм къызэриӀуагъэм тетэу, умэхъэкӀо Иуан шъоф нэкӀым
къыщылъагъуи, цӀыфхэм Тхьэм игущыӀэхэр аригъэӀухэзэ, моущтэу
къыӀощтыгъ: – ШъуипсэкӀодхэм шъуафыкӀэгъожьи, зысэжъугъэумэхъ,
Тхьэм ахэр къышъуфигъэгъунхэм пае.

5Иудей хэкум зэкӀэ ис цӀыфхэри, Иерусалим дэс цӀыф пстэури Иуан дэжь
кӀощтыгъэх. ПсэкӀодэу ашӀагъэхэр Тхьэм ыпашъхьэ ралъхьэхэти, Иордан
псыхъом Иуан зыщырагъэумэхъыщтыгъ.

6Иуан мэхъшэцым хэшӀыкӀыгъэу щыгъын щыгъыгъ, ыбги шъо бгырыпх
илъыгъ, мацӀи шъоф шъоуи ышхыщтыгъ.

7Тхьэм игущыӀэхэр цӀыфхэм аригъэӀухэзэ къыӀощтыгъ: – Сэщ нахьи нахь
лъэкӀышхо иӀэу зыгорэ саужкӀэ къэкӀощт. Зезгъэзыхэу ащ ицокъэлъэпсхэр
фэстӀэтэнхэуи сифэшъуашэп.

8Сэ псымкӀэ шъусыумэхъыгъ, ау ащ Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэкӀэ
шъуиумэхъыщт.

### Иуан Исус зэриумэхъыгъэр

(Маттэ 3:13-17; Лука 3:21-22)

9А мафэхэм Галилей хэкум щыщ къалэу Назарет Исус къыдэкӀи, Иордан
псыхъом Иуан зыщыригъэумэхъыгъ.

10Исус псым къыхэкӀыжь пэтэу, уашъор зэгокӀи, Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ
тхьаркъом фэдэу ежь къызэрэфехырэр ылъэгъугъ.

11Уашъоми макъэ къиӀукӀыгъ: – Сэ шӀу слъэгъурэ с Къо кӀасэу сыгу
зэӀурэр оры.

### Исус псэкӀод ригъэшӀэным шэйтаныр ыуж зэритыгъэр

(Маттэ 4:1-11; Лука 4:1-13)

12Ащ лъыпытэу Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ Исус шъоф нэкӀым ыщагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

13Шэйтаныр Исус псэкӀод ригъэшӀэным ыуж итэу, Исус мэфэ тӀокӀитӀурэ
шъоф нэкӀым итыгъ. ХьэкӀэ-къуакӀэхэм ахэтыгъ. МэлэӀичхэри
фэӀофтабгэщтыгъэх.

### Исус иӀоф Галилей хэкум зэрэщиублагъэр
(Маттэ 4:12-17; Лука 4:14-15)

14УмэхъэкӀо Иуан хьапсым зычӀадзэ ужым, Исус Галилей хэкум кӀуи,
Тхьэм и Тетыгъошхо ехьылӀэгъэ къэбарышӀур щигъэӀоу ыублагъ.

15– Мафэр къэсыгъ, Тхьэм и Тетыгъошхуи къэблэгъагъ.
ШъуипсэкӀодшӀагъэхэм шъуафыкӀэгъожьи, къэбарышӀур шъушӀошъ
жъугъэхъу, – ыӀощтыгъ.

### Исус игъогу рыкӀонхэу пцэжъыешэ нэбгыриплӀым къызэряджагъэр
(Маттэ 4:18-22; Лука 5:1-11)

16Исус Галилей псыхъураем иӀушъо рекӀокӀызэ, Симонрэ ащ ышэу
Индрысрэ хъытыур псым хадзэу ылъэгъугъ, сыда пӀомэ, пцэжъыяшэхэти
ары.

17Исус ахэмэ ариӀуагъ: – Сауж шъукъырыкӀу. Пцэжъые къэшъуубытыным
ыуж шъузэритыгъэм фэдэу, цӀыфхэр сигъогу къытежъугъэхьанхэм
шъузэрэхэтыщтыр шъозгъэшӀэщт.

18Ахэмэ а гущыӀэхэр зэрэзэхахэу, хъытыухэр къагъанэхи, Исус ыуж
ихьагъэх.

19Исус ащ тӀэкӀу ӀукӀотыгъэу, Зебедей ыкъохэу Якъубэрэ Иуанрэ
къуашъом исхэу, яхъытыухэр агъэхьазырхэу ылъэгъугъ.

20Ащ лъыпытэу Исус ахэми яджагъ. Ятэу Зебедейрэ илэжьакӀохэмрэ
къуашъом исхэу къабгынэхи, ахэр Исус ыуж ихьагъэх.

### Исус лӀы горэм джынэпцӀэ Ӏаер зэрэхифыгъэр
(Лука 4:31-37)

21ЕтӀанэ къалэу Капернаум дэхьагъэх. Шэмбэт мафэр къызэсым, Исус
синэгогум чӀахьи, цӀыфхэм Тхьэм игущыӀэхэр аригъашӀэхэу ыублагъ.

22ЦӀыфхэм Исус Ӏофхэр зэраригъашӀэщтыгъэ шӀыкӀэр агъэшӀэгъуагъ,
сыда пӀомэ, Тэурат егъэджэкӀо пащэхэм афэмыдэу, тетыгъошхо иӀэу,
Тхьэм игъогу цӀыфхэм аригъашӀэщтыгъэти ары.

23ОшӀэ-дэмышӀэу джынэпцӀэ Ӏае зыхэс лӀы горэ синэгогум къыщылъагъуи,
къахэкууагъ:

24– Сыд уиӀофэу къытхэлъыр, Назарет щыщ Исус? ТыбгъэкӀодынэу
укъэкӀуагъа? О хэтми узыщыщыр сэшӀэ: Тхьэм дэжь къикӀыгъэ ЛъапӀэр
оры.

25– Щыгъэт, мы лӀым къыхэкӀыжь! – къыӀуагъ Исус, джынапцӀэм егыеу.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

26Джынэпцӏэ ӏаем лӏыр къыгъэкӏэзэзи, мэкъэшхокӏэ къэкууи, лӏым
хэкӏыжьыгъ.

27Цӏыфхэм ар залъэгъум, пстэуми лъэшэу агъэшӏагъуи, зэраӏожьыгъ: –
Сыда мыр? Шӏэныгъакӏэхэр цӏыфхэм арегъашӏэх. Тетыгъошхуи иӏэу,
джынэпцӏэ ӏаехэми унашъо афишӏызэ, егъэдаӏох.

28Аущтэу зэкӏэ Галилей хэкум Исус икъэбар псынкӏэу щыӏугъ.

**Исус цӏыфыбэхэр зэригъэхъужьыгъэр**

(Маттэ 8:14-17; Лука 4:38-41)

29Етӏанэ ахэр синэгогум къызэрэчӏэкӏыжьхэу, Якъубэрэ Иуанрэ ягъусэхэу,
Симонрэ Индрысрэ яунэ кӏуагъэх.

30Симон ишӏугуащэ плъыр-стыркӏэ сымаджэу пӏэм хэлъыгъ. Ар
зэрэсымаджэр занкӏэу Исус къыраӏуагъ.

31Исус ащ дэжь кӏуи, ыӏэ ыубыти, къыгъэтӏысыгъ. Шӏугуащэм плъыр-
стырыр хэкӏыжьыгъ, къэтэджыжьи, ахэр къыхьакӏэхэу ыублагъ.

32Пчыхьэм тыгъэр зыкъохьажь ужым, сымаджэхэмрэ джынапцӏэ
зыхэсхэмрэ зэкӏэ Исус къыфащагъэх.

33Къалэм дэс пстэури пчъэӏупэм къыщызэӏукӏагъ.

34Ащ дэжьым Исус уз зэмылӏэужыгъуабэ зиӏэ сымэджэ ӏэджи
ыгъэхъужьыгъ, джынэпцӏабэхэри цӏыфхэм ахифыгъ, ау джынапцӏэхэр
къэгущыӏэнхэу фит ышӏыгъэхэп, сыда пӏомэ, ахэмэ ар зэрэ Христосыр
ашӏэщтыгъэти ары.

**Исус Галилей хэкур къыкӏухьэзэ, Тхьэм игущыӏэхэр цӏыфхэм зэраригъэӏущтыгъэр**

(Лука 4:42-44)

35Пчэдыжьым жьы дэдэу Исус къэтэджи, къалэм дэкӏи, чӏыпӏэ ӏудзыгъэ
горэм кӏуи, Тхьэм щелъэӏугъ.

36Симонрэ игъусэхэмрэ Исус лъыхъунхэу дэкӏыгъэх.

37Къызагъотыжьым, раӏуагъ: – Зэкӏэ цӏыфхэр къыплъэхъух.

38– Гъунэгъу къуаджэхэми къалэхэми тыжъугъакӏу, ахэми Тхьэм
игущыӏэхэр цӏыфхэм щязгъэӏунхэм пае, – къариӏожьыгъ Исус, – сыда
пӏомэ, джары сэ сыкъызфэкӏуагъэр.

39Аущтэу Галилей хэкур зэкӏэ къыкӏухьэзэ, ясинэгогухэм цӏыфхэм Тхьэм
игущыӏэхэр щаригъэӏущтыгъ, джынапцӏэхэри цӏыфхэм ахифыщтыгъ.

**Исус шъоджэ уз ӏае зиӏэ лӏы горэ зэригъэхъужьыгъэр**

(Маттэ 8:1-4; Лука 5:12-16)

40Шъоджэ уз ӏае зиӏэ лӏы горэ Исус дэжь къакӏуи, лъэгонджэмышъхьэкӏэ
къэтӏыси, къелъэӏугъ: – Уфаемэ, сыбгъэхъужьын плъэкӏыщт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

41Исус ыгу егъугъ, ыlэ ыщэий, тырилъхьи, ыlуагъ: – Ары, сыфай, псаоу хъужь!

42Ардэдэм шъоджэ узыр а лlым хэкlыжьи, къабзэ хъужьыгъэ.

43Ащ лъыпытэу Исус ар ытlупщыжьыгъ, фигъэпытэу риlозэ:

44– Фэсакъ, мыр зыми емыlотэжь, ау дин пащэм дэжь кlуи, зегъэлъэгъу. Узэрэхъужьыгъэм пае, пегъымбар Мусэ иунашъо тетэу къурмэн шlы. Ар узэрэхъужьыгъэмкlэ цlыфхэм апашъхьэ шыхьат щыхъущт.

45Ау а лlыр lукlыжьи, къехъулlэгъэ пстэури ыlуатэзэ, къэбарыр цlыфхэм ариlоу ыублагъ. Арыти, цlыфхэм къалъэгъоу Исус къалэ горэми дэхьан ымылъэкlыжь хъугъэ, ау чlыпlэ lудзыгъэхэм ащыlэщтыгъ. Ау щытми, тыдэкlи къикlыхэу цlыфхэр ыдэжь къакlощтыгъэх.

## Марк 2

### Зыlэпкъ-лъэпкъ узым зэкlиубытэгъэ лlы горэ Исус зэригъэхъужьыгъэр

(Маттэ 9:1-8; Лука 5:17-26)

1Мэфэ заулэ тешlагъэу Исус къалэу Капернаум къызегъэзэжьым, иунэ къызэрэкlожьыгъэр цlыфмэ зэхахыгъ.

2Цlыфхэу къэзэрэугъоигъэхэр зэрэбагъэм пае, унэ пчъэlупэми хэуцуапlэ имыlэжь хъугъэ, Исуси Тхьэм игущыlэхэр аригъэlухэу ыублагъ.

3Джащыгъум цlыф куп къэкlуагъ; ахэмэ ащыщ нэбгыриплlым зыlэпкъ-лъэпкъ узым зэкlиубытэгъэ лlы горэ къыздахьыгъ.

4Цlыфхэр зэрэбагъэм къыхэкlыкlэ, сымаджэр Исус рахьылlэн алъэкlыгъэп. Унашъхьэм дахьыий, Исус зыдэщыlэ лъэныкъомкlэ унашъхьэм щыщ тырахи, сымаджэр пlуаблэм телъэу ратlупщэхыгъ.

5Исус ахэмэ яшlошъхъуныгъэ зелъэгъум, зыlэпкъ-лъэпкъ узым зэкlиубытэгъэ лlым риlуагъ: – Сикlал, уипсэкlодшlагъэхэр къыпфэгъугъэх.

6Тэурат егъэджэкlо пащэхэу ащ дэжьым щысыгъэхэм ащыщхэм агукlэ аlуагъ:

7– Сыд пае мы лlыр моущтэу гущыlэра? Ащ Тхьэр егъэпцlыба? Тхьэм нэмыкlэу, хэта псэкlодшlагъэхэр зыгъэгъун зылъэкlырэр?

8Ардэдэм Исус ыгукlэ ахэмэ агухэм арылъыр ешlэти, ариlуагъ: – Сыд пае ащ фэдэхэр шъо шъугухэмкlэ шъуlора?

9Тара нахь псынкlагъор, зыlэпкъ-лъэпкъ узым зэкlиубытэгъэ лlым «Уипсэкlодшlагъэхэр къыпфэгъугъэх» епlоныр ара, хьауми «Тэджи, уипlуаблэ къашти, къэкlухь» епlоныр ара?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

10Ау шъушIэным пае, ЦIыф Лъэпкъым ы Къо псэкIодшIагъэхэр
ыгъэгъунхэу дунаим тетыгъо зэрэщыриIэр, – Исус зыIэпкъ-лъэпкъ узым
зэкIиубытэгъэ лIым риIуагъ:

11– Сэ осэIо, къэтэджи, уипIуаблэ къашти, шъуадэжь кIожь!

12Ардэдэм лIыр къэтэджи, ипIуаблэ ышти, цIыф пстэуми алъэгъоу унэм
икIыжьыгъ. Ар пстэуми инэу агъэшIагъозэ, Тхьэм щытхъу фашIэу аIуагъ:
– Мыщ фэдэ Iоф тэ ныбжьи тлъэгъугъэп.

**Исус игъогу рыкIонэу Лэуй къызэреджагъэр**

(Маттэ 9:9-13; Лука 5:27-32)

13Исус джыри Галилей псыхъурэе Iушъом Iухьажьыгъ. ЦIыф купышхо
ыдэжь къэкIуагъ, Исуси Тхьэм игущыIэхэр аригъашIэхэу ыублагъ.

14ЕтIанэ нахь чыжьэу кIозэ, хьакъулахь ахъщэр зыщыхахырэ унэм Iусэу,
Алфей ыкъо Лэуй ылъэгъугъ. – Сауж къырыкIу, – риIуагъ Исус. Лэуй
къэтэджи, Исус ыуж ихьагъ.

15ЕтIанэ Исус Лэуй иунэ щышхэ зэхъум, хьакъулахь ахъщэр
хэзыххэрэмрэ псэкIод зышIэхэрэмрэ бэ хъухэу, Исусрэ игъогу
рыкIохэрэмрэ адашхэщтыгъэх; сыда пIомэ, Исус ыуж ихьагъэхэр бэ
хъущтыгъэх.

16Тэурат егъэджэкIо пащэхэу фарисейхэм ащыщхэм хьакъулахь ахъщэр
хэзыххэрэмрэ псэкIод зышIэхэрэмрэ Исус адашхэу залъэгъум, Исус
игъогу рыкIохэрэм араIуагъ: – Хьакъулахь ахъщэр хэзыххэрэмрэ
псэкIодышIэхэмрэ сыда ар зыкIадашхэрэр, зыкIадешъорэр?

17Исус ар зызэхехым, ариIуагъ: – Псаухэр арэп Iазэ зищыкIагъэхэр,
сымаджэхэр ары нахь. Шъыпкъагъэ зиIэ цIыфхэм сяджэнэу арэп
сыкъызфэкIуагъэр, псэкIодышIэхэр япсэкIодшIагъэхэм
афыкIэгъожьынхэм пае сяджэнэу ары нахь.

**Джурт тхьэматэхэр нэкIым ехьылIагъэу Исус къызэреупчIыгъэхэр**

(Маттэ 9:14-17; Лука 5:33-39)

18УмэхъэкIо Иуан игъогу рыкIохэрэмрэ фарисейхэмрэ анэкIыщтыгъ. ЦIыф
заулэ къакIуи, Исус къыраIуагъ: – Иуан игъогу рыкIохэрэмрэ фарисейхэм
ягъогу рыкIохэрэмрэ анэкIы. О уигъогу рыкIохэрэм сыда
зыкIамынэкIырэр?

19– Шъаор ягъусэфэкIэ, шъаом игъусэхэм анэкIын алъэкIына? Хьау,
шъаор ягъусэфэкIэ, анэкIын алъэкIыщтэп, – ариIожьыгъ Исус ахэмэ.

20– Ау шъаор затырахыщт мафэхэр къэкIощтых. А мафэр къызыкIокIэ,
анэкIыщт.

21– ШэкIыкIэм щыщ идэжьын щыгъыныжъым зыми фишIырэп. Аущтэу
ышIымэ, шэкIыкIэм щыщ идэжьыным щыгъыныжъыр зэIитхъынышъ,
гъуанэр нахь ин ышIыщт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

22Джащ фэдэу, зыми сэнэпс шIыгъакIэр шъонтыжъхэм аригъахъорэп. Аущтэу ышIымэ, сэнэпсым шъонтхэр къызэгуитхъынхэшъ, сэнэпсыри къичъыщт, шъонтхэри кIодыщтых. Ау сэнэпс шIыгъакIэр шъонтыкIэхэм арагъэхъон фае.

**Шэмбэт мафэм Исус игъогу рыкIохэрэм коцышъхьэхэр къызэрэпачыгъэхэр**
(Маттэ 12:1-8; Лука 6:1-5)

23Шэмбэт мафэ горэм Исус коц хьасэхэр зэпичыхэзэ кIощтыгъ. Игъогу рыкIохэрэр кIом хэтхэу, коцышъхьэхэр къыпачыхэу аублагъ.

24Фарисейхэм Исус къыраIуагъ: – Еплъ, ахэмэ шэмбэт мафэм хабзэкIэ пшIэ мыхъущтыр сыд пае ашIэра?

25– Даутэрэ игъусэхэмрэ къин хэтхэу, мэлакIэ лIэхэ зэхъум, ащ ышIагъэм зыкIи шъуеджагъэба? – ариIожьыгъ Исус.

26– Абиатар зыцIэ дин пэщэшхом имафэхэм Даутэ Тхьэм иунэ ихьи, цIыфхэм Тхьэм ыпашъхьэ ралъхьэгъэ хьалыгъур ышхыгъ. А хьалыгъур дин пащэхэм анэмыкI хабзэкIэ зыгорэм ышхы хъущтыгъэп, ау Даутэ ышхыгъ, игъусэхэми аригъэшхыгъ.

27ЕтIанэ Исус ариIуагъ: – Тхьэм шэмбэт мафэр цIыфым пае къыгъэхъугъэ нахь, цIыфыр шэмбэт мафэм пае къыгъэхъугъэп.

28Арышъ, ЦIыф Лъэпкъым ы Къо шэмбэт мафэм итхьэмат.

## Марк 3

**ЗыIэ лъэныкъо пыгъукIыгъэ лIы горэ Исус зэригъэхъужьыгъэр**
(Маттэ 12:9-14; Лука 6:6-11)

1Джыри зэ Исус синэгогум чIэхьагъ. ЗыIэ лъэныкъо пыгъукIыгъэу лIы горэ ащ чIэтыгъ.

2Шэмбэт мафэм тефэу Исус а лIыр ыгъэхъужьыщтмэ, фарисейхэр еплъакIощтыгъэх, зэрагъэмысэн Iоф горэ къагъотыным пае.

3Исус зыIэ лъэныкъо пыгъукIыгъэ лIым риIуагъ: – Къэтэджи, утыгум къихь.

4ЕтIанэ ахэмэ ариIуагъ: – Шэмбэт мафэм шIу пшIэныр ара, хьауми бзэджагъэ пшIэныр ара хабзэкIэ хъущтыр, псэ мыкIодэу къэбгъэнэжьыныр ара, хьауми бгъэкIодыныр ара? Ау ахэмэ заушъэфыгъ.

5Ахэмэ яжъалымыгъэ Исус ыгу къеуи, губжыгъэу ахаплъи, лIым риIуагъ: – О пIэ къэщэй. ЛIым ыIэ къыщэигъ, адрэ Iэ псауми фэдэ хъужьыгъэ.

6Джащыгъум фарисейхэр синэгогум чIэкIыжьхи, ежьхэмрэ пачъыхьэ Ирод дезгъаштэхэрэмрэ Исус агъэкIодынэу зэдырахъухьагъ, зэрагъэкIодыщт шIыкIэмкIэ зэупчIыжьхэзэ.

**ЦIыф купышхор Исус зэрэкIэлъыкIуагъэр**

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

7Исус игъогу рыкIохэрэр игъусэхэу а чIыпIэм икIыжьи, Галилей
псыхъураем кIуагъэ. Галилей хэкум щыщ цIыфыбэхэр Исус ыуж
ихьагъэх.

8Исус ышIэгъэ Iоф пстэури зэхахыгъэти, Иудей хэкуми, Ерусалими,
Идумей хэкуми, Иордан псыхъом иадрабгъу щыIэ хэкуми, къалэхэу Тиррэ
Сидонрэ алъэныкъоми цIыфыбэхэр къарыкIыхи, Исус дэжь къэкIуагъэх.

9Ащ дэжьым цIыф купышхор тезэрэмыгъэбэнэным пае, Исус игъогу
рыкIохэрэм къуашъо ежь хьазырэу фаIыгъынэу ариIуагъ.

10Сыда пIомэ, Исус цIыфыбэхэр ыгъэхъужьыщтыгъэти, уз зиIэ пстэури
нэсынхэу задзыщтыгъ.

11ДжынэпцIэ Iаехэми Исус залъэгъукIэ, ыпашъхьэ зырадзыхти,
куощтыгъэх: «О Тхьэм ури Къу».

12Ау Исус ежь зыщыщыр цIыфхэм къарамыгъэшIэнэу джынапцIэхэм
ишъыпкъэу афигъэпытэщтыгъ.

**Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIур зэригъэнэфагъэр**

(Маттэ 10:1-4; Лука 6:12-16)

13Исус Iуашъхьэм дэкIуаий, ежь зыфаехэм къяджагъ, ахэри ыдэжь
къэкIуагъэх.

14Нэбгырэ пшIыкIутIу ежь игъусэнхэуи, Тхьэм игущыIэхэр цIыфхэм
арагъэIунхэм пае, ыгъэкIонхэуи ыгъэнэфагъ.

15Ащ нэмыкIэу, сымаджэхэр агъэхъужьынхэуи, джынапцIэхэр цIыфхэм
ахафынхэуи тетыгъо аритыгъ.

16Исус нэбгырэ пшIыкIутIоу ыгъэнэфагъэр мыхэр арых: Симонэу Исус
ятIонэрэ цIэу Петрэ зыфиусыгъэр;

17Зебедей ыкъуитIоу Якъубэрэ Иуанрэ (ахэмэ ятIонэрэ цIэу Бне-Регеш
афиусыгъ; Бне-Регешым къикIырэр «Шыблэм ыкъохэр» ары);

18етIанэ Индрыс, Филипп, Бар-Талмай, Маттэ, Фомэ, Алфей ыкъо Якъуб,
Таддей, Симонэу зихэгъэгу ыпсэ емыблэжьэу фэлажьэщтыгъэр,

19Иудэ Искариот. А Иудэр ары нэужым Исус тетыгъо зиIэхэм
язгъэубытыгъэр.

**Исусрэ джынапцIэхэм япащэу БаIал-Зэбулрэ**

(Маттэ 12:22-32; Лука 11:14-23; 12:10)

20ЕтIанэ Исус унэм кIожьыгъэ. Ежьыррэ игъогу рыкIохэрэмрэ шхэгъу
имыфэхэзэ цIыф купышхо джыри къэзэрэугъоигъ.

21Исус иунэкъощхэм ежь къызэригъэзэжьыгъэр зызэхахым, «Ащ
зишIэжьырэп» аIуи, къащэжьынэу лъыкIуагъэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

22Тэурат егъэджэкIо пащэхэу Ерусалим къикIыгъэхэм Исус ехьылIагъэу
аIощтыгъ: – БаIал-Зэбулэу ащ хэс, БаIал-Зэбулэу джынапцIэхэм япащэ
илъэкI ары джынапцIэхэр цIыфхэм зэрахифырэр.

23Арыти, Исус ахэмэ къяджи, гъэсэпэтхыдэхэмкIэ ариIуагъ: – Шэйтаным
сыдэущтэу шэйтаныр цIыф горэм хифын ылъэкIына?

24Зы пачъыхьагъум лъэныкъуитIоу зигощымэ, щыIэжьын ылъэкIыщтэп.

25Ащ фэдэу зы унэри лъэныкъуитIоу зигощымэ, щыIэжьын ылъэкIыщтэп.

26Шэйтанри къэтэджэу, ежь ышъхьэ пэуцужьэу, лъэныкъуитIоу зигощымэ,
ари щыIэжьын ылъэкIыщтэп, икIодыжьыгъо къэсыгъэ нахь.

27Зыми кIуачIэ зиIэ лIы горэм иунэ ихьэу, ихьапщыпхэр къырихын
ылъэкIыщтэп, ыпэ рапшIэу а лIэу кIуачIэ зиIэр зэкIоцIимыпхэмэ. Ау а лIыр
зэкIоцIипхэмэ, иунэ къыхъункIэн ылъэкIыщт.

28Шъыпкъэр шъосэIо, цIыфхэм сыд фэдизэу Тхьэр агъэпцIыми, япсэкIод
пстэури къафэгъущтых.

29Ау хэтми Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ зыгъэпцIырэм егъашIэми фэгъущтэп,
мыкIодыжьын псэкIодкIэ мысэ мэхъу нахь.

30Исус ар зыкIиIуагъэр «ДжынэпцIэ Iае хэс» ахэмэ ежь ехьылIагъэу
аIуагъэти ары.

**Исус янэрэ ышхэмрэ**

(Маттэ 12:46-50; Лука 8:19-21)

31Джащыгъум Исус янэрэ ышхэмрэ къэкIуагъэх. Щагум дэтхэу, Исус
къеджэнэу зыгорэ агъэкIуагъ.

32ЦIыф купышхоу Исус къетIысэкIыгъэхэм къыраIуагъ: – О уяни,
пшыхэри, пшыпхъухэри щагум дэтхэу къыпкIэупчIэх.

33– Хэта сяни сшыхэри? – ариIожьыгъ Исус ахэмэ.

34ЕтIанэ къетIысэкIыгъэхэм ахаплъи, къыIуагъ: – Мыхэр ары сэ сянэри
сшыхэри.

35Хэти Тхьэр зыфаер зыгъэцакIэрэр ары сэ сшыри, сшыпхъури, сянэри.

# Марк 4

**Чылапхъэр зыпхъырэм ехьылIэгъэ гъэсэпэтхыдэр**

(Маттэ 13:1-9; Лука 8:4-8)

1Исус джыри псыхъурэе Iушъом дэжь цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр
щаригъашIэхэу ыублагъ. ЦIыфхэу Исус дэжь къыщызэрэугъоигъэхэр
зэрэбагъэм пае, ар псым тет къуашъо горэм итIысхьагъ. ЗэкIэ цIыфхэр
псыIушъом Iутыгъэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

2Гъэсэпэтхыдэхэмкlэ цlыфхэм бэ аригъашlэщтыгъэр, мыщ фэдэу арилозэ:

3– Шъукъэдалу. Лlы горэм чылапхъэ ыпхъынэу дэкlыгъ.

4Чылапхъэр ыпхъызэ, ащ щыщ тlэкlу гъогум тетэкъуагъ. Бзыухэр къэбыбхи, ар ашыпыгъ.

5Зы тlэкlуи етlэ макlэ зыхэлъ чlыгу мыжъуалъэм тетэкъуагъ. Чlыгур куугъэпти, шlэх дэдэу къыхэкlыгъ,

6ау тыгъэр къызыдэкlуаем, пыгъукlыгъ, лъэпсэ куу зэримылагъэм пае гъугъэ.

7Нэмыкl тlэкlуи панэхэм ахэтэкъуагъ. Панэхэр къэкlыхи, чылапхъэу къыхэкlыгъэхэр атхьалэхи, зи къапагъэкlагъэп.

8Етlани зы тlэкlу чlыгу дэгъум хэтэкъуагъ. Ахэр къыхэкlыхи, къыдэкlуаехи, шъхьэлъагъэх. Зы шъхьэ налъэм коцыцэ щэкl къытыгъ, адрэм тlокlищ, адрэми коцыцишъэ къикlыгъ.

9Етlанэ Исус къыпигъэхъожьыгъ: – Рыдэlонэу тхьакlумэ зиlэм зэхерэх.

**Исус цlыфхэм гъэсэпэтхыдэхэр къызкlафиlуатэщтыгъэр**
(Маттэ 13:10-17; Лука 8:9-10)

10Цlыфхэр зэбгырыкlыжьхи, Исус изакъоу къызэнэжьым, игъогу рыкlорэ нэбгырэ пшlыкlутlумрэ игъусэхэмрэ гъэсэпэтхыдэхэм яхьылlагъэу къеупчlыгъэх.

11– Тхьэм и Тетыгъошхо ишъэфхэр шъушlэнхэу Тхьэм фитыныгъэ къышъуитыгъ, – арилуагъ Исус, – ау нэмыкl цlыфхэм гъэсэпэтхыдэхэмкlэ lоф пстэури алъэlэсы.

12Аущтэу «ахэр анэхэмкlэ еплъыхэ пэтми, зи алъэгъущтэп, атхьакlумэхэмкlэ даlохэ пэтми, зи къагурыlощтэп. Армырмэ, Тхьэм дэжь къагъэзэжьыщтыгъ, ащи япсэкlодхэр афигъэгъущтыгъэх».

**Чылапхъэр зыпхъырэм ехьылlэгъэ гъэсэпэтхыдэм къикlырэр**
(Маттэ 13:18-23; Лука 8:11-15)

13Ащ ыуж Исус ахэмэ арилуагъ: – Мы гъэсэпэтхыдэр къыжъугурымыlоу, адрэ гъэсэпэтхыдэ пстэури сыдэущтэу къыжъугурыlощта?

14Зыпхъырэм Тхьэм игущыlэхэр епхъы.

15Цlыфхэм ащыщэу зы купыр гъогум тепхъэгъэ чылапхъэм фэд. Тхьэм игущыlэхэр зэрэзэхаххэу, шэйтаныр къэкlошъ, гущыlэхэу агухэм арылъ хъугъэхэр рехыжьы.

16– Адрэ цlыф купыр чlыгу мыжъуалъэм тепхъэгъэ чылапхъэм фэд. Тхьэм игущыlэхэр зэрэзэхаххэу, а гущыlэхэр гушlуагъокlэ аштэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

[17]Ау ахэмэ агухэмкӀэ лъапсэ зэрямыӀэм пае, шӀошъхъуныгъэм игъогу бэрэ тетыжьхэрэп. Тхьэм игущыӀэхэм апаекӀэ, е гузэжъогъу зэрэхафэхэу, е цӀыфхэм ахэмэ къин зэрарагъэщэчэу, шӀошъхъуныгъэм игъогу текӀыжьых.

[18]ЕтӀанэ зы цӀыф купыр панэхэм ахэпхъэгъэ чылапхъэм фэд. Ахэмэ Тхьэм игущыӀэхэр зэхахых,

[19]ау мы дунаим игугъухэри, баиныгъэм игъэпцӀэныгъи, нэмыкӀ Ӏоф мыхъо-мышӀэхэм акӀэхъопсынхэри агухэм ехьэхэшъ, Тхьэм игущыӀэхэу агухэм арылъхэр атхьалэхэшъ, а цӀыфхэми шӀугъэ къапыкӀырэп.

[20]ЕтӀани нэмыкӀ цӀыф купыр чӀыгу дэгъум хэпхъэгъэ чылапхъэм фэд. Ахэмэ Тхьэм игущыӀэхэр зэхахыхэшъ, а гущыӀэхэр аштэх, ахэми шӀугъэ къапэкӀы, е фэдэ щэкӀ, е фэдэ тӀокӀищ, е фэдишъэ.

**Щэлъэ чӀэгъым чӀэт остыгъэр**

[21]Ащ ыуж Исус ариӀуагъ: – Зыгорэм остыгъэр къыхьэу, щэлъэ чӀэгъым е пӀэкӀор чӀэгъым чӀегъэуцуа? Остыгъэр тетыпӀэ лъагэм тырегъэуцо нахь.

[22]Сыда пӀомэ, сыд щыщми гъэбылъыгъэр къэлъэгъожьыщт, сыд щыщми чӀэухъумагъэри къэнэфэжьыщт.

[23]РыдэӀонэу тхьакӀумэ зиӀэм зэхерэх.

[24]Исус етӀанэ ариӀуагъ: – Зэхэшъухырэм тэрэзэу гу лъышъут. Шъо шапхъэу зэрэшъушырэм фэдэ шапхъэкӀэ Тхьэм шъо къышъуфишыжьыщт, нахьыбэуи къышъуфыхигъэхъощт.

[25]Тхьэм зиӀэм нахьыбэ къыритыщт, ау зимыӀэм иӀэ тӀэкӀури Ӏихыжьыщт Тхьэм.

**Чылапхъэу къэкӀырэм ехьылӀэгъэ гъэсэпэтхыдэр**

[26]Исус мыри къыӀуагъ: – Тхьэм и Тетыгъошхо зыфэдэр мары. ЛӀы горэм чылапхъэр чӀыгум хепхъэ.

[27]Чэщым мэчъые, мафэми къэтэджы, чылапхъэр къэкӀы, къыдэкӀуае, ау ар зэрэхъурэр ащ ышӀэрэп.

[28]ЧӀыгум ежь-ежьырэу къыхэкӀы, ыпэ рапшӀэу пкъыр къыхэкӀы, етӀанэ ар мэшъхьалъэ, етӀанэ мэтӀыргъо.

[29]Шъхьэналъэхэр зытӀыргъохэкӀэ, хыныгъор къэсыгъэшъ, ахыжьы.

**Андэгурацэм ехьылӀэгъэ гъэсэпэтхыдэр**

(Маттэ 13:31-32; Лука 13:18-19)

[30]– Тхьэм и Тетыгъошхо сыдым фэдгъэдэн? – къыӀуагъ Исус. – Хьауми сыд гъэсэпэтхыдэкӀэ ар зыфэдэр къэтӀон?

[31]Ар зыфэдэр андэгурацэр ары. ЧӀыгум хэфэфэ, дунаим тет цэ пстэуми анахь цӀыкӀу.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)

32 Ау чIыгум зыхафэкIэ, къэкIышъ, зы илъэс зыныбжь къэкIыгъэ пстэуми анахь ин мэхъу. Ижьауи къолэбзыухэр чIэсынхэ алъэкIынэу къутэмэ инхэри къыгокIэх.

33 Ащ фэдэ гъэсэпэтхыдабэхэмкIэ цIыфхэм зэхашIыкIын зэралъэкIыщтым тетэу, Исус Тхьэм игущыIэхэр ариIощтыгъ.

34 Гъэсэпэтхыдэ хэмытэу цIыфхэм адэгущыIэщтыгъэп. Ау игъогу рыкIохэрэр язакъоу къызынэжьхэкIэ, пстэури зэхаригъэшIыкIыщтыгъ.

### Исус жьыбгъэ щынэгъошхор зэригъэуцугъэр

(Маттэ 8:23-27; Лука 8:22-25)

35 А мэфэ дэдэм, пчъыхьэм, Исус игъогу рыкIохэрэм ариIуагъ: – НекIо, псыхъураем иадрабгъу тызэпырыжъугъэкI.

36 Игъогу рыкIохэрэр цIыф купышхом къыхэкIыхи, Исус къуашъоу зэрысым къыдитIысхьэхи, ежьагъэх. НэмыкI къуашъохэри игъусагъэх.

37 Жьыбгъэ щынэгъошхо къэхъуи, къуашъом псыорхэр къиохэу, псыр изы хъоу фежьагъ.

38 Исус ышъхьэ шъхьантэм телъэу, къошъо кIоцIым ыкIэкIэ щычъыещтыгъ. Игъусэхэм къагъэущи, раIуагъ: – Дин гъэсакIу, тызэрэкIодырэм уигъэгумэкIырэба?

39 Исус къэтэджи, жьыбгъэшхом егыий, псым риIуагъ: – Самбыр! Щыгъэт! Жьыбгъэр уцужьи, кIым-сым дэдэ къэхъугъ.

40 ЕтIанэ игъогу рыкIохэрэм ариIуагъ: – Сыд пае ащ фэдизэу шъущтэрэ? ШIошъхъуныгъэ джыри шъуимыIэу ара?

41 – Хэта мыр, жьыбгъэшхори псыри зыгъэдаIорэр? – зэраIожьыгъ ахэмэ щтагъэхэу.

## Марк 5

### Исус джынапцIэ зыхэс лIы горэ зэригъэхъужьыгъэр

(Маттэ 8:28-34; Лука 8:26-39)

1 Галилей псыхъураем иадрабгъу ит хэкоу къалэу Гадарэ епхыгъэм нэсыгъэх.

2 Исус къуашъом къызэрикIэу, джынэпцIэ Iае зыхэс лIы горэ къэунэхэм алъэныкъокIэ къикIи, къыпэгъокIыгъ.

3 А лIыр къэунэхэм ахэсыгъ. ГъучI Iэхъу-лъэхъу пытэ зыми тырилъхьан ылъэкIыщтыгъэп.

4 Сыда пIомэ, гъучI Iэхъу-лъэхъу бэрэ тыралъхьэщтыгъ, ау Iэхъур ээпичыщтыгъ, лъэхъури зэпиутыщтыгъ. Аущтэу зыми а лIыр ыгъэуцун ылъэкIыщтыгъэп.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

5Чэщи мафи къэунэхэри Iуашъхьэхэри къыкIухьэ зэпытыщтыгъ, куомэ-
кIыизэ, мыжъохэмкIэ зэожьыщтыгъ.

6Чыжьэкlэ а лIым Исус зелъэгъум, къачъи, лъэгъонджэмышъхьэкlэ
ыпашъхьэ къитIысхьагъ.

7Мэкъэшхокlэ куозэ, къыIуагъ: – Исус, Тхьэу анахь Лъагэм ы Къу, сыда
уиIофэу къысхэлъыр? Тхьэм ыцIэкlэ сыолъэlу, къин сэмыгъэлъэгъу!

8А лIым аущтэу зыкIиIуагъэр, Исус джынапцIэм, «О джынэпцIэ Iай, мы
лIым хэкIыжь!» риIуагъэти ары.

9– Сыда о пцIэр? – еупчIыгъ Исус а лIым. – Сэ сцIэр Дзэ, – пэгъокI
къытыжьыгъ, – сыда пIомэ, бэ тэхъушъ ары.

10ЕтIанэ Исус ахэр а хэкум римыфынхэу лъэшэу къелъэIугъэх.

11А чIыпIэ дэдэм къо Iэхъогъушхо Iошъхьэ нэпкъым щыхъущтыгъ.

12Джащыгъум джынэпцIэ Iаехэр Исус къелъэIугъэх: – Къохэм адэжь
тыгъакIуи, ахэмэ апкъыхэм тахэгъахь.

13Исус ахэр фит ышIыгъ. ДжынэпцIэ Iаехэр лIым хэкIыжьхи, къохэм
апкъыхэм ахэхьагъэх. Къо Iэхъогъур Iошъхьэ нэпкъ зандэм ечъэхи,
псыхъураем хэлъэдагъ, псыми ытхьэлагъ. Ахэр минитIу фэдиз
хъущтыгъэх.

14Къуахъохэр хэхьажьхи, къалэмрэ къуаджэхэмрэ хъугъэ-шIагъэр
щаIотэжьыгъ, цIыфхэри хъугъэр зэрагъэлъэгъунэу къэкIуагъэх.

15Ахэр Исус дэжь къызэкIохэм, джынэпцIабэхэр къызхэкIыжьыгъэ лIыр
фэпагъэу, иакъыл ыгъотыжьыгъэу, а чIыпIэм щысэу алъэгъугъ ыкIи
къэщтагъэх.

16Джащыгъум къэхъугъэр зылъэгъугъэ цIыфхэм джынапцIэхэр зыхэсыгъэ
лIымрэ къохэмрэ къяхъулIагъэр цIыфхэм араIотэжьыгъ.

17ЦIыфхэм ар зызэхахым, Исус яхэку ыбгынэнэу къелъэIугъэх.

18Исус къуашъом итIысхьажь зэхъум, джынапцIэхэр къызхэкIыжьыгъэ
лIыр ащ къелъэIугъ: – Гъусэ сызыфэшI.

19– О уибынхэм адэжь уиунэ кIожьи, Зиусхьаным къыпфишIэгъэ
шIугъэшхомрэ гукIэгъу къызэрэпфишIыгъэмрэ яIотэжь, – риIуагъ Исус ар
фимыдэу.

20Аущтэу ар кIуи, Исус къыфишIагъэр Къэлипшl зыцIэ хэкум щиIуатэу
ыублагъ, цIыфхэми зэкIэ агъэшIэгъуагъ.

**Исус Иаир ыпхъоу лIагъэр къызэригъэтэджыжьыгъэр; Исус ищыгъын къынэсыгъэ бзылъфыгъэр зэригъэхъужьыгъэр**

(Маттэ 9:18-26; Лука 8:40-56)

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

21Исус къуашъомкӀэ Галилей псыхъураем иадрабгъу
къызызэпырэкӀыжьым, цӀыф купышхо ежь дэжь къыщызэрэугъоигъ. Исус
псы Ӏушъом Ӏутэу,

22Иаир зыцӀэ синэгогу пащэ горэ къэкӀуагъ. Ащ Исус зелъэгъум,
ылъакъохэм адэжь зыкъыщыридзыхи,

23лъэшэу къелъэӀугъ: – Сэ спхъу цӀыкӀу малӀэ пэт. Хъужьынышъ, псаоу
къэнэжьыным пае, къакӀуи, пӀэхэр телъхь.

24Джащыгъум Исус а лӀым дежьагъ. ЦӀыф купышхор Исус ыуж итэу
зэтезэрэгъэгуагъэхэу кӀощтыгъэх.

25А цӀыфхэм бзылъфыгъэ горэ ахэтыгъ. Илъэс пшӀыкӀутӀо бэрэ лъы
къыкӀэкӀэу ар гуӀэщтыгъ.

26Ӏэзэ Ӏаджи еплъыгъагъ, къиныби рагъэщэчыгъагъ. Бзылъфыгъэм иӀэ
пстэури ахэмэ атыригъэкӀодэгъагъ, ау нахь Ӏае хъущтыгъэ нахь, яшӀуагъэ
къэкӀуагъэп.

27Ащ Исус икъэбар зэхихыгъэти, цӀыф купышхом хэтэу ыкӀыбкӀэ къакӀуи,
ищыгъын къынэсыгъ;

28сыда пӀомэ, а бзылъфыгъэм мыщ фэдэу ыгукӀэ ыӀощтыгъ: «Исус
ищыгъынхэм санэс къодыеми, сыхъужьыщт».

29Ардэдэм лъыкӀэкӀыныр уцужьыгъэ, зэрэхъужьыгъэри ыпкъыкӀэ
зэхишӀагъ.

30Исус кӀуачӀэ зэрэхэкӀыгъэм гу лъитагъ. ЦӀыф купышхом хэтэу
зыкъызэригъэзэкӀи, ариӀуагъ: – Хэта сищыгъынхэм къанэсыгъэр?

31– ЦӀыф купышхор къызэрэптезэрэгъэгуагъэхэр плъэгъузэ, етӀани «Хэта
къызнэсыгъэр?» оӀуа? – къыраӀуагъ игъогу рыкӀохэрэм.

32Ау Исус ар зышӀагъэр ылъэгъуным пае, зиплъыхьэщтыгъ.

33Джащыгъум бзылъфыгъэм къехъулӀагъэр ешӀэти, щтагъэу, кӀэзэзэу
къыӀухьи, Исус ыпашъхьэ зыкъыщыридзыхи, шъыпкъэр зэкӀэ къыриӀуагъ.

34– Сипшъашъ, – риӀуагъ Исус, – уишӀошъхъуныгъэ уигъэхъужьыгъ. Гъогу
маф, гупсэф уиӀэу опсэу. Узынчъэу ухъужьыгъ.

35Исус джыри ахэр къыӀозэ, лӀы заулэ синэгогу пащэм иунэ къикӀыгъэхэу,
къакӀохи, Иаир къыраӀуагъ: – Ппхъу дунаим ехыжьыгъ. Дин гъэсакӀом сыд
пае джыри къин ебгъэлъэгъужьыра?

36Ау Исус ахэмэ къаӀуагъэр зэрэзэхихэу, синэгогу пащэм риӀуагъ: –
Умыщын, шӀошъхъуныгъэ зигъэӀэ къодый.

37ЕтӀанэ Петри, Якъуби, ащ ыш Иуани нэмыкӀ зыдимыщэу, Исус кӀуагъэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)

38Синэгогу пащэм иунэ зынэсхэм, Исус цIыфхэр бырсырхэу, хьэдагъэ къаIэтэу, пыхьэхэу ылъэгъугъ.

39Исус унэм къызехьэм, ариIуагъ: – Сыд пае бырсыр къэшъуIэтэу, хьадагъэ шъушIыра? Пшъэшъэжъыер лIагъэп, мэчъые нахь.

40Исус ар къызеIом, къыдэхьащхыгъэх. Ау Исус зэпстэури унэм къыригъэкIи, пшъэшъэжъыем ятэ-янэхэмрэ игъусищрэ зыдищэхи, пшъэшъэжъыер зэрылъ унэм ихьагъ.

41ЕтIанэ пшъэшъэжъыем ыIэ ыубыти, риIуагъ: – Талита кум! (Ащ къикIырэр, – Сипшъэшъэжъый, сэ осэIо, къэтэдж!)

42Пшъэшъэжъыер ардэдэм къэтэджыжьи, унэ кIоцIыр къыкIухьагъ. Ар илъэс пшIыкIутIум итыгъ. Ар залъэгъум, лъэшэу агъэшIэгъуагъ.

43Ау Исус хъугъэр зыми рамыIотэжьынэу унэшъо пытэ афишIыгъ. ЕтIанэ пшъэшъэжъыер агъэшхэнэу ариIуагъ.

## Марк 6

### Назарет дэс цIыфхэм Исус зэрамыштагъэр
(Маттэ 13:53-58; Лука 4:16-30)

1Исус игъогу рыкIохэрэр игъусэхэу, а чIыпIэм икIыжьи, янэ икъалэ кIожьыгъэ.

2Шэмбэт мафэр къызэсым, синэгогум цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр щаригъашIэу ыублагъ. ЕдэIущтыгъэ цIыфыбэхэм агъэшIагъоу къаIуагъ: – Мы лIым къыIохэрэр тыдэ къырихыгъэха? Сыдэу акъылышIу Тхьэм къыритыгъа! Сыдэу Iофышхо гъэшIэгъонха къыIэкIэкIыхэрэр!

3Мерэм ыкъо пхъашIэр арыба мыр, Якъубэ, Иосый, Иудэ, Симон ашыр? Ышыпхъухэри тэ къытхэсхэба? Аущтэу Исус пае агу мыхъун къырагъэхьагъ.

4– Пегъымбарым лъытэныгъэ фэзымышIыхэрэр ежь янэ икъалэ дэсхэр, ежь иIахьылхэр, ежь иунагъо щыщхэр арых ныIэп, – ариIуагъ Исус ахэмэ.

5Исус сымэджэ заулэм ыIэхэр атырилъхьэхэу зэригъэхъужьыгъэхэм нэмыкI а чIыпIэм Iофышхо гъэшIэгъон зи щишIагъэп.

6Ахэмэ яшIошъмыхъуныгъи ыгъэшIэгъуагъ.

### Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIур Тхьэм фэлэжьэнхэу зэрэдигъэкIыгъэхэр
(Маттэ 10:1, 5-15; Лука 9:1-6)

ЕтIанэ цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр аригъашIэхэзэ, гъунэгъу къуаджэхэр къыкIухьэщтыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

7Джащыгъум Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIумэ къяджи, тIурытIоу
дигъэкIыхэу ыублагъ. ДжынэпцIэ Iаехэр цIыфхэм ахафынхэу тетыгъо
аритыгъ.

8Мы унашъор афишIыгъ: – Гъогум шъузытехьэкIэ, зы бэщ нэмыкI зи
зыдэшъумышт. Хьалыгъуи, Iалъмэкъи, бгырыпхым илъ ахъщи
зыдэшъумыштэх,

9ау цокъэ къызэрыкIохэр зыщышъулъэх. ДжэнитIуи зыщышъумылъ.

10– ХьакIэу унэ горэм шъуихьэмэ, а чIыпIэм шъукъекIыжьыфэ, бысымыр
зэблэшъумыхъу, – къыпигъэхъожьыгъ Исус.

11– ЧIыпIэ горэм шъущырамыгъэблагъэмэ е къыщышъомыдэIухэмэ, ащ
шъукъикIыжь, мыхъунэу ашIагъэмкIэ шыхьат щыхъуным пае, ахэмэ
апашъхьэ шъуицуакъэхэм ателъ сапэр атешъуутхыпкIыкI. Шъыпкъэр
шъосэIо, ахърэт мафэм а къалэм къинэу ыщэчыщтым нахьи, Содомрэ
Iаморрэрэ къинэу ащэчыщтыр нахь мэкIэщт.

12Аущтэу а нэбгырэ пшIыкIутIур гъогум техьи, «ШъуипсэкIодшIагъэхэм
шъуафыкIэгъожь» араIозэ цIыфхэм, къэбарышIур агъэIоу аублагъ.

13ДжынэпцIабэхэр цIыфмэ ахафыщтыгъэх, сымэджабэхэр дагъэ
ащафэзэ, агъэхъужьыщтыгъэх.

**УмэхъэкIо Иуан ышъхьэ зэрэпаупкIыгъэр**

(Маттэ 14:1-12; Лука 9:7-9)

14Исус цIэрыIо хъугъэти, икъэбар пачъыхьэу Ирод нэсыгъ. Зыгорэхэм
аIощтыгъ: – Мыр умэхъэкIо Иуан ары. Ар лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъ,
джары ащ фэдэ лъэкI зыхэлъ Iофышхохэр зыкIыIэкIэкIыхэрэр.

15– Ар пегъымбар Илияс ары, – аIощтыгъ нэмыкI цIыфхэм. – Ар
пегъымбар гор, пэсэрэ пегъымбархэм афэдэу, – аIощтыгъ етIани
нэмыкIхэми.

16Ау Ирод ахэмэ ягущыIэхэр зызэхехым, ыIуагъ: – Иуанэу зышъхьэ
пязгъэупкIыгъэр лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъ.

17Ирод ар зыкIиIуагъэр мыры: ежь ышэу Филипп зыцIэр псауми, Ирод а
Филипп ишъузэу Иродиадэ къыщэжьыгъ.

18Ар къызэрищэжьыгъэм пае, Иуан Ирод риIощтыгъ: «О пшы ишъуз
къэпщэжьыныр хабзэкIэ хъущтэп».

19Ащ пае Иродиадэ Иуан гужъ фыриIэ хъугъэ. Иродиадэ ихьатыркIэ Ирод
идзэлIхэм Иуан аригъэубыти, хьапсым чIаригъэдзагъ. Иродиадэ Иуан
аригъэукIыным фэягъ, ау къыдэхъущтыгъэп.

20Сыда пIомэ, Иуан шъыпкъагъэ зиIэ зэрэцIыф лъапIэр Ирод
ышIэщтыгъэти, щыщынэщтыгъ, ыухъумэщтыгъ. Иуан къыIохэрэм
зядэIукIэ, инэу гумэкIыщтыгъ, ау игуапэу едэIущтыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

21Мафэ горэм Иродиадэ Iофэу зылъыхъуштыгъэр къыфызэпыфагъ. Ирод
къызыхъугъэ мафэр ыгъэлъэпIэнэу икъулыкъушIэхэм, идзэ
ипэщэшхохэм, Галилей хэкум итхьэматэхэм ешхэ-ешъошхо афишIыгъ.

22Джащыгъум Иродиадэ ыпхъу унэм къихьи, къафэшъуагъ. Иродрэ
ихьакIэхэмрэ агу рихьыгъ. – УзыфаемкIэ къысэлъэIуи,
укъызэрысэлъэIурэр къыпфэсшIэщт, – риIуагъ пачъыхьэм пшъашъэм.

23ТхьарыIуи фишIыгъ: – Сыд щыщми узыфаер остын, сипачъыхьагъу
ыныкъо нэсми.

24Пшъашъэр унэм икIыжьи, янэ еупчIыжьыгъ: – СыдкIэ селъэIущта? –
УмэхъэкIо Иуан ышъхьэ кIэлъэIу, – къыриIожьыгъ янэ.

25Пшъашъэр псынкIэу унэм къилъэдэжьи, пачъыхьэм къыриIуагъ: –
Джыдэдэм умэхъэкIо Иуан ышъхьэ лэгъэшхом илъэу къысэт.

26Пачъыхьэм ар зызэхехым, ыгу лъэшэу къеуагъ, ары шъхьакIэ хьакIэхэм
апашъхьэ пшъашъэм тхьарыIоу фишIыгъэм пае игущыIэ епцIыжьыным
фэягъэп.

27Арыти, ардэдэм дзэлI горэм Иуан ышъхьэ къыхьынэу унашъо фишIи,
ыгъэкIуагъ.

28Ар кIуи, Иуан ышъхьэ хьапсым щыпиупкIи, лэгъэшхом илъэу къыхьи,
пшъашъэм къыритыгъ. Пшъашъэм янэ ритыжьыгъ.

29Иуан игъогу рыкIохэрэм хъугъэ-шIагъэр зызэхахым, къакIохи, Иуан
ихьадэ хьапсым чIахыжьи, къэунэм чIалъхьажьыгъ.

### Исус нэбгырэ минитф зэригъэшхагъэр

(Маттэ 14:13-21; Лука 9:10-17; Иуан 6:1-4)

30Апостолхэр Исус дэжь къыщызэрэугъоихи, Iофэу ашIэгъэ пстэумрэ
цIыфхэм арагъэшIэгъэ пстэумрэ раIотэжьыгъ.

31КъэкIо-накIохэр зэрэбагъэм пае, Исусрэ игъогу рыкIохэрэмрэ шхэгъуи
ифэжьыщтыгъэхэпти, Исус ахэмэ ариIуагъ: – ЧIыпIэ Iудзыгъэ горэм
тизакъоу тыкIонышъ, зыжъугъэпсэфыщт.

32Арыти, къуашъом исхэу Iудзыгъэ чIыпIэ горэм язакъоу ежьагъэх.

33ЦIыфхэм ахэр къуашъом исхэу, IукIыхэу алъэгъугъ, бэми
къашIэжьыгъэх. ЦIыфхэр къэлэ пстэуми лъэсэу къадэчъыхи, Исусрэ
игъогу рыкIохэрэмрэ къуашъомкIэ зыдакIощтыгъэ чIыпIэм нэмысхэзэ
ахэр нэсхи, къэзэрэугъоигъэх.

34Исус къуашъом къикIи, цIыф купышхор зелъэгъум, ахэр мэлахъо
зимыIэ мэл Iэхъогъум фэдэхэу щытыгъэхэти, ыгу ягъуи, Iофыбэхэр
агуригъаIоу ыублагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

35Мафэр зыхэкӀуатэм, игъогу рыкӀохэрэр Исус къыбгъодахьэхи, къаӀуагъ:
– Мы чӀыпӀэр нэкӀы, мафэри хэкӀотэгъах.

36Чылэ-къоджэ гъунэгъухэм кӀонхэшъ, гъомлапхъэ къызфащэфыжьыным
пае, цӀыфхэр тӀупщыжьых; сыда пӀомэ, ашхын яӀэп.

37– Шъо ахэр жъугъашхэх, – ариӀуагъ Исус. – ТыкӀонышъ, динар шъитӀум
ауасэ хьалыгъу къэтщэфына, мы цӀыфхэм ядгъэшхынэу? –
къыраӀожьыгъ адрэхэм.

38– Хьалыгъу тхьапша шъуиӀэр? – ариӀуагъ Исус. – ШъукӀуи,
къызэжъугъашӀ. КъызэрагъашӀи, къаӀуагъ: – Хьалыгъуитфырэ
пцэжъыитӀурэ тиӀ.

39ЕтӀанэ Исус цӀыф пстэури куп-купэу уц къашхъом хагъэтӀысхьанхэу
игъогу рыкӀохэрэм унашъо афишӀыгъ.

40ЦӀыфхэр шъэрышъэу, шъэныкъо-шъэныкъоу тӀысыгъэх.

41ЕтӀанэ Исус хьалыгъуитфымрэ пцэжъыитӀумрэ къыштэхи, уашъом
дэплъыий, Тхьэм щытхъу фишӀыгъ. ЕтӀанэ хьалыгъухэр зэгуичыхи,
цӀыфмэ апашъхьэ ралъхьанхэу игъогу рыкӀохэрэм аритыгъ.
ПцэжъыитӀури зэкӀэми афигощыгъ.

42ЦӀыф пстэури шхагъэ, загъэшхэкӀыгъ.

43Ащ нэужым къялыжьыгъэ хьалыгъу такъырхэмрэ пцэжъыехэмрэ мэтэ
пшӀыкӀутӀумэ арызэу аугъоижьыгъэх.

44Шхагъэхэр лӀы минитф хъущтыгъэх.

**Исус псы кӀыӀум тетэу зэрэкӀуагъэр**
(Маттэ 14:22-33; Иуан 6:16-21)

45Исус цӀыф купышхор етӀупщыжьыфэ, игъогу рыкӀохэрэр ежь ыпэ
псыхъураем иадрабгъу ит къалэу Бет-Сайдэ зэпырыкӀынхэу къуашъом
ригъэтӀысхьагъэх.

46Исус цӀыфхэр зетӀупщыжьыхэ ужым, Тхьэм елъэӀунэу Ӏуашъхьэм
дэкӀоягъ.

47Пчыхьэ къызэхъуми, къуашъор псыхъурэе гузэгум нэсыгъагъ, Исуси
изакъоу чӀыгум къытенагъ.

48Къуашъом исхэм жьыбгъэр къапеоти, къинкӀэ къошъо бэщхэмкӀэ афэу
Исус ылъэгъугъ. АтэкъэӀогъум дэжь къуашъом исхэм алъэныкъокӀэ псы
кӀыӀум тетэу, Исус къэкӀуагъ. Ахэмэ аблэкӀ пэтыгъ.

49Исус псы кӀыӀум тетэу къакӀоу залъэгъум, хьадэджадэу ашӀошӀи,
къэкууагъэх,

50сыда пӀомэ, зэпстэуми ар алъэгъуи, лъэшэу щтагъэхэти ары. Ардэдэм
Исус къадэгущыӀагъ: – Шъугу шъумыгъэкӀоды, Сэры ар, шъумыщын.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

51ЕтӀанэ ахэмэ къуашъом адитӀысхьагъ, жьыбгъэри уцужьыгъэ. Лъэш
дэдэу агъэшӀэгъуагъ,

52сыда пӀомэ, Ӏофышхо гъэшӀэгъонэу Исус хьалыгъухэмкӀэ ышӀагъэр
къагурыӀуагъэп, агухэр зэфэшӀыгъагъэти.

**Исус Геннисарет хэкум сымаджэхэр зэрэщигъэхъужьыгъэр**
(Маттэ 14:34-36)

53Псыхъураем зызэпырэкӀыхэм, Геннисарет хэкум нэсхи, гъурзэр
щырадзыхыгъ.

54Къуашъом къызэрикӀхэу, цӀыфхэм Исус къашӀэжьыгъ.

55ЦӀыфхэм а хэкур зэрэщытэу къачъыхьэу, сымаджэхэр пӀуаблэхэм
акӀоцӀылъхэу Исус зыдэщыӀэу зыфаӀорэ чӀыпӀэм къахьэу къаублагъ.

56Къуаджэми, къалэми, чылэми Исус тыдэ кӀуагъэми сымаджэхэр а
чӀыпӀэхэм ягузэгупӀэхэм ащагъэгъолъыхэти, ищыгъын цыпэ нигъэсынхэ
къодыеу къелъэӀущтыгъэх, Исус ищыгъын цыпэ нэсыгъэ пстэури
хъужьыгъэх.

## Марк 7

**Тыжъхэм къакӀэныжьыгъэ хабзэхэр**
(Маттэ 15:1-20)

1Фарисейхэри Ерусалим къикӀыгъэ Тэурат егъэджэкӀо пащэхэм
ащыщхэри Исус дэжь къыщызэрэугъоигъэх.

2Ахэмэ Исус игъогу рыкӀохэрэм ащыщхэр Ӏэ мыкъабзэхэмкӀэ, нэмыкӀ
къэӀуакӀэкӀэ аӀэхэр амытхьакӀыхэу, зэрэшхэрэм гу лъатагъ.

3Сыда пӀомэ, фарисейхэмрэ адрэ джурт пстэумрэ ятэжъхэм
къакӀэныжьыгъэ хабзэхэм атетэу, аӀэхэр амытхьакӀыхэу шхэхэрэп.

4Бэдзэрым къикӀыжьхэмэ, замыукъэбзэжьэу шхэхэрэп. А хабзэхэм
анэмыкӀэу, ятэжъхэм къакӀэныжьыгъэ хэбзабэхэр зэрахьэ, гущыӀэм пае,
шъуалъэхэри, къумгъанхэри, лэгъупхэри хабзэм тетэу атхьакӀыныр.

5Арыти, фарисейхэмрэ Тэурат егъэджэкӀо пащэхэмрэ Исус къеупчӀыгъэх:
– О уигъогу рыкӀохэрэр тятэжъхэм къытфагъэнэгъэ хабзэхэм атемытхэу,
Ӏэ мыкъабзэхэмкӀэ сыд пае шхэхэра?

6– Пегъымбар Ешайа шъо, нэпитӀу зиӀэхэм, шъыпкъэр къышъуиӀолӀагъ, –
ариӀожьыгъ Исус. – Мыщ фэдэу итхылъ ит: «Мы цӀыфхэм аӀупэхэмкӀэ
сагъэлъапӀэ, ау агухэмкӀэ спэчыжьэх.

7Ахэмэ цӀыфхэр Тхьэм иӀофхэм афагъасэхэзэ, Тхьэм иунашъо ычӀыпэ
цӀыф хабзэ зэрэрагъэуцорэм пае, сэ сызэрагъэлъапӀэрэр хьаулый».

8– Тхьэм иунашъо къэжъугъэнагъэу, цӀыфхэм къакӀэныжьыгъэ хабзэхэм
шъуатет.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

[9]– Шъуятэжъхэм къакlэныжьыгъэ хабзэхэр жъугъэцэкlэнхэм пае, Тхьэм
иунашъо зы лъэныкъокlэ ешъогъэзыкlы, – къыпигъэхъожьыгъ Исус.

[10]– Сыда пlомэ, пегъымбар Мусэ ыlуагъ: «Уятэрэ уянэрэ лъытэныгъэ
афэшl», ыкlи «Хэти зятэ е зянэ lаеклэ тегущыlэрэр шъуукlын фае».

[11,12]Ау шъо шъоlо: «„Сэ тынэу шъо шъостын слъэкlыщтыгъэр джы корбан
сшlыщт“ (ащ къикlырэр Тхьэм пае тын сшlыщт) ыlоу, цlыф горэм ежь ятэ
е янэ риlомэ, ащыгъум а цlыфым ятэ е янэ зи фимышlэн фит».

[13]Аущтэу шъушlызэ, шъуятэжъхэм яхабзэхэу шъо шъукъохэм
къафэжъугъанэхэрэмкlэ Тхьэм игущыlэхэр лъэныкъокlэ ешъогъэзыкlых.
Ащ фэдэ lаджи шъошlэ.

[14]Исус цlыф купышхом джыри зэ къяджи, ариlуагъ: – Шъо пстэуми
шъукъысэдэlу, къасlорэри зыгурыжъугъаlу.

[15]Цlыфыр мыкъабзэ зышlын зылъэкlырэр ышхырэр арэп, ыгу
къикlыхэрэр ары нахь.

[16]Рыдэlонэу тхьакlумэ зиlэм зэхерэх.

[17]Исус цlыф купышхом хэкlыжьи, унэм зехьажьым, игъогу рыкlохэрэр а
гъэсэпэтхыдэм ехьылlагъэу къеупчlыгъэх.

[18]– Шъори зи къыжъугурымыlоу ара? – ариlожьыгъ Исус. – Цlыфым
шхынэу ышхырэм ежь мыкъабзэу ышlын зэримылъэкlырэр
къыжъугурыlорэба?

[19]Сыда пlомэ, цlыфым шхынэу ышхырэр ыгу ихьэрэп, ыныбэ ехьэ нахь,
етlани пкъым хэкlыжьы. (А гущыlэхэмкlэ Исус шхын пстэури хьалэлэу
ыlуагъ.)

[20]– Цlыфым ыгу къикlырэр ары мыкъабзэ зышlырэр, – къыпигъэхъожьыгъ
Исус.

[21]– Сыда пlомэ, цlыфым ыкlоцl, ыгу ары мыхэр къызэрыкlыхэрэр:
гупшысэ бзаджэхэр, зинэ шlэныр, тыгъоныр, цlыф укlыныр,

[22]нэйпсыеныр, бзэджагъэр, тхьагъэпцlыгъэр, мыхъо-мышlэ псэукlэр,
шъугъоныр, цlыфхэм lаекlэ атегущыlэныр, пэгагъэр, делагъэр.

[23]А бзэджэгъэ пстэури гу кlоцlым къекlышъ, цlыфыр мыкъабзэ ашlы.

**Сирофиникие хэкум щыщ бзылъфыгъэм шlошъхъуныгъэу иlагъэр**

(Маттэ 15:21-28)

[24]Етlанэ Исус а чlыпlэм икlи, къалэхэу Тиррэ Сидонрэ яlэгъо-благъо
кlуагъэ. Унэ горэм зехьэм, ащ ежь зэрэщыlэр зыми ышlэнэу фэягъэп, ау
къыдэхъугъэп.

[25]Джынапцlэ зыхэс пхъу зиlэ бзылъфыгъэ горэ Исус къызэрэкlуагъэр
зэрэзэхихэу къакlуи, ылъакъохэм адэжь ыпашъхьэ зыщыридзыхыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

26А бзылъфыгъэр Сирофиникие хэкум щыщыгъ, алыджыбзэм
рыгущыIэщтыгъ. Ыпхъу джынапцIэр хифынэу Исус къелъэIугъ.

27– Ыпэ рапшIэу сабыйхэм зягъэгъэшхэкI, – риIуагъ Исус а
бзылъфыгъэм, – сыда пIомэ, сабыйхэм хьалыгъур аIыпхэу, хьэхэм
ябгъэшхыныр тэрэзэп.

28– Шъыпкъэ, тхьэматэ, – къыриIожьыгъ бзылъфыгъэм, – ау сабыйхэм
къаIэпытэкъурэ хьалыгъу шкъойхэр Iэнэ чIэгъым чIэс хьэхэми ашхы.

29– А гущыIэр къызэрэпIуагъэм пае, джынапцIэр о ппхъу хэкIыжьыгъ, –
риIуагъ Исус. – О уиунэ кIожь.

30Бзылъфыгъэр унэм къызэкIожьым, ыпхъу джынапцIэр хэкIыжьыгъэу
пIэм хэлъэу рихьылIэжьыгъ.

### ГущыIэгъое лIы дэгу горэ Исус зэригъэхъужьыгъэр

31Ащ ыужым Исус къалэхэу Тиррэ Сидонрэ яIэгъо-благъо къикIыжьи,
КъэлипшI зыцIэ хэкум зэпырыкIи, Галилей псыхъураем къекIолIэжьыгъ.

32Джащыгъум дэгоу, гущыIогъое лIы горэ цIыфхэм Исус къыфащи, ыIэ
тырилъхьанэу къелъэIугъэх.

33Исус а лIыр цIыфхэм лъэныкъокIэ ахищи, язакъоу къызэнэхэм,
ыIэхъуамбэхэр лIым ытхьакIумэхэм ариIухи, ужъунтхи, лIым ыбзэгу
теIэбагъ.

34ЕтIанэ уашъом дэплъыий, лъэшэу хэщэтыкIи, а лIым риIуагъ:
«Еффатэ!» (Еффатэм къикIырэр «ПтхьакIумэхэм зыкъызэIуарэхыжь!»)

35Ардэдэм лIым ытхьакIумэхэм зэхахы хъужьыгъэ, ыбзэгуи
къытIупщыжьи, къабзэу къэгущыIэу ыублагъ.

36Исус цIыфхэм ар зыми рамыIотэжьынэу унашъо афишIыгъ. Ау сыд
фэдизэу унашъо афишIыгъэми, а къэбарыр нахьыбэу агъэIуущтыгъ.

37ЦIыфхэм хъугъэ-шIагъэр ин дэдэу агъэшIагъозэ аIощтыгъ: – ЗэкIэри
дэгъоу ышIагъ. Дэгухэр зэхахэу егъэхъужьых, бзакохэри
къегъэгущыIэжьых.

## Марк 8

### Исус нэбгырэ миниплI зэригъэшхагъэр

(Маттэ 15:32-39)

1А мафэхэм джыри зэ цIыф купышхо къэзэрэугъоигъ Ахэмэ ашхын зи
яIагъэпти, Исус игъогу рыкIохэрэм къяджи, ариIуагъ:

2– ЦIыфхэм сыгу ягъу, сыда пIомэ, мэфищ хъугъэу сигъусэх, ашхыни
яIэп.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

3Мэлаклэ лӀэхэу цӀыфхэр стӀупщыжьхэмэ, гъогум щызэхэфэщтых, сыда
пӀомэ, чыжьэу къикӀыгъэхэри ахэмэ ахэтых.

4– Мы шъоф нэкӀым ахэмэ афикъун хьалыгъу зыгорэм тыдэ къырихын
ылъэкӀына? – аӀуи, игъогу рыкӀохэрэм Исус къыраӀожьыгъ.

5– Хьалыгъу тхьапша шъуиӀэр? – яупчӀыгъ Исус – Хьалыгъуибл тиӀ, –
къаӀожьыгъ ахэмэ.

6Джащыгъум Исус цӀыф купышхор чӀыгум етӀысэхынэу унашъо ышӀыгъ.
Хьалыгъуиблыр къышти, Тхьэм щытхъу фишӀыгъ. ЕтӀанэ хьалыгъухэр
зэгуичыхи, цӀыф купышхом ыпашъхьэ ралъхьанхэу игъогу рыкӀохэрэм
аритыгъ. Ахэми аущтэу ашӀыгъ.

7Пцэжъые цӀыкӀу заули яӀагъ. Ахэмэ апаий Исус Тхьэм щытхъу фишӀи,
ахэри цӀыфмэ апашъхьэ ралъхьанхэу игъогу рыкӀохэрэм ариӀуагъ.

8ЦӀыфхэр шхагъэх, загъэшхэкӀыгъ. Ащ нэужым хьалыгъу такъырхэу
къялыжьыгъэхэр мэтиблымэ арызэу аугъоижьыгъэх.

9Шхагъэхэр нэбгырэ миниплӀ фэдиз хъущтыгъэх. ЕтӀанэ Исус цӀыфхэр
ытӀупщыжьыгъэх.

10ЕтӀанэ игъогу рыкӀохэрэр игъусэхэу къуашъом итӀысхьи, къуаджэу
Далманутэ иӀэгъо-благъо кӀуагъэ.

**Нэшэнэ гъэшӀэгъон уашъом къафырригъэхынэу фарисейхэр Исус къызэрелъэӀугъэхэр**

(Маттэ 16:1-4; Лука 11:29-32)

11Фарисейхэр Исус дэжь къакӀохи, гущыӀэкӀэ къеныкъокъухэу къаублагъ.
Ежь агъэунэфыным пае, нэшэнэ гъэшӀэгъон горэ уашъом
къафырригъэхынэу фэягъэх.

12Исус лъэшэу хэщэтыкӀи, къыӀуагъ: – Джырэ цӀыфхэр нэшэнэ
гъэшӀэгъоным сыд пае кӀэупчӀэхэра? Шъыпкъэр шъосэӀо, Тхьэм джырэ
цӀыфхэм нэшэнэ гъэшӀэгъон зи къаритыщтэп.

13ЕтӀанэ Исус ахэр къыгъанэхи, къуашъом итӀысхьи, псыхъураем
иадрабгъу зэпырыкӀыжьынэу ежьагъ.

**Фарисейхэмрэ саддукейхэмрэ ятэджэпс**

(Маттэ 16:5-12)

14Исус игъогу рыкӀохэрэм икъун хьалыгъу къыздахьынэу
ащыгъупшэгъагъ. Къуашъом илъэу, зы хьалыгъу закъо нэмыкӀ яӀагъэп.

15Исус ахэмэ афигъэпытэу ариӀуагъ: – Шъуфэсакъ, фарисейхэм
ятэджэпсырэ пачъыхьэ Ирод итэджэпсырэ защышъуухъум.

16– Хьалыгъу тиӀэпышъ ары ащ зыкӀиӀорэр, – зэраӀозэ, игъогу рыкӀохэрэр
а Ӏофым тегущыӀагъэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

17Исус ахэмэ аӀорэм гу лъити, ариӀуагъ: – Хьалыгъу зэрэшъуимыӀэм сыд пае шъутегущыӀэрэ? Джыри зи зэхэшъумышӀыкӀэу, къыжъугурымыӀоу ара? Ащ фэдизэу шъугуркъа?

18Нэ шъуиӀэ пэтми, шъумылъэгъоу ара? ТхьакӀумэ шъуиӀэ пэтми, зэхэшъумыхэу ара?

19Шъугу къэкӀыжьырэба, хьалыгъуитфыр цӀыф минитфым зафызэгосэчым, хьалыгъу такъырхэр матэхэм арызэу шъуугъоижьыгъэхэр зыфэдизыгъэхэр? – Мэтэ пшӀыкӀутӀу, – къыраӀожьыгъ ахэмэ.

20– Хьалыгъуиблыри цӀыф миниплӀым зафызэгосэчым, хьалыгъу такъыхэр арызэу мэтэ тхьапша шъуугъоижьыгъэр? – Мэтибл, – къыраӀожьыгъ ахэмэ.

21– Джыри зи къыжъугурымыӀоу ара? – ариӀуагъ Исус ахэмэ.

**Исус къуаджэу Бет-Сайдэ щыщэу лӀы нэшъу зэригъэхъужьыгъэр**

22ЕтӀанэ Исусрэ игъогу рыкӀохэрэмрэ къуаджэу Бет-Сайдэ къэкӀуагъэх.
ЦӀыфхэм лӀы нэшъу горэ Исус къыфащи, ыӀэхэр тырилъхьэнхэу
къелъэӀугъэх.

23Исус нэшъум ыӀэ ыубыти, къуаджэм дищыгъ. ЕтӀанэ нэшъум ынэхэм
акӀэужъунтхи, ыӀэхэр нэшъум тырилъхьи, еупчӀыгъ: – Зыгорэ олъэгъуа?

24Нэшъум ышъхьэ къыӀэти, къыӀуагъ: – ЦӀыфхэм къакӀухьэу сэлъэгъу.
Ахэр чъыгхэм афэдэх.

25ЕтӀани Исус ыӀэхэр джыри зэ нэшъум ынитӀумэ атырилъхьагъ. Ащ
дэжьым лӀым тэрэзэу ылъэгъоу хъугъэ. Пстэури нафэу ылъэгъоу, ар
хъужьыгъэ.

26Ащ нэужым Исус а лӀым риӀуагъ: – Къуаджэм удэмыхь, зыми зи емыӀу.
ЕтӀанэ ядэжь ыгъэкӀожьыгъ.

**«Оры Христосыр» Петрэ Исус зэрэриӀуагъэр**

(Маттэ 16:13-20; Лука 9:18-21)

27Исусрэ игъогу рыкӀохэрэмрэ къалэу Кайсарфилипие иӀэгъо-благъо ит
къуаджэхэм адэхьанхэу ежьагъэх. КӀохэзэ, Исус игъогу рыкӀохэрэм
яупчӀыгъ: – ЦӀыфхэм сэ хэт сыщыщэу аӀора?

28– Зы купым о уумэхъэкӀо Иуанэу аӀо, – къыраӀожьыгъ ахэмэ. –
НэмыкӀхэми о упегъымбар Илясэу аӀо. ЕтӀанэ адрэхэми о пегъымбархэм
уащыщ горэу аӀо.

29– Адэ шъо, сэ хэт сыщыщэу шъуӀора? – яупчӀыгъ Исус ахэмэ. – Оры
Христосыр, – къыриӀожьыгъ Петрэ Исус.

30Джащыгъум ар зыми рамыӀотэжьынэу Исус ахэмэ афигъэпытагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)

### Ежь зэраукӀыщтри лӀагъэхэм къызэрахэтэджыкӀыжьыщтри Исус къызэриӀуагъэр

(Маттэ 16:21-28; Лука 9:22-27)

31Джащыгъум Исус игъогу рыкӀохэрэм мыхэр аригъашӀэу ыублагъ: –
ЦӀыф Лъэпкъым ы Къо къиныбэ ыщэчын фаеу къыпыщылъ.
Нахьыжъхэми, дин пэщэшхохэми, Тэурат егъэджэкӀо пащэхэми ежь
зэрамыпэсэу аукӀын фае, мэфищ нэужми лӀагъэхэм къахэтэджыкӀыжьын
фае.

32Исус мы Ӏофхэр шъхьаихыгъэу къыӀуагъ. Джащыгъум Петрэ Исус
лъэныкъуокӀэ Ӏуищи, фимыдэу фежьагъ.

33Ау Исус зыкъызэригъэзэкӀи, игъогу рыкӀохэрэм яплъи, Петрэ егыигъ: –
Сауж икӀ, шэйтан! О уигупшысакӀэ Тхьэм игупшысакӀэп, цӀыфым
игупшысакӀ нахь.

34ЕтӀанэ Исус цӀыф купышхомрэ игъогу рыкӀохэрэмрэ къяджи, ариӀуагъ: –
Зыгорэ сэ сауж къырыкӀонэу фаемэ, ежь зыфэе Ӏофхэр къерэгъанэхи,
лӀэныгъэм икъащ къерэшти, сауж къырэрэкӀу;

35сыда пӀомэ, хэти зыпсэ мыкӀодэу къэзгъэнэжьынэу фаем ыпсэ
шӀокӀодыщт, ау хэти сэщ паерэ къэбарышӀум паерэ зыпсэ зышӀокӀодрэм
ыпсэ мыкӀодэу къыгъэнэжьыщт.

36Дунаир зэкӀэ цӀыфым ие хъоу, ежь кӀодмэ, а цӀыфым ишӀуагъэу
къекӀыщтыр сыда?

37ЦӀыфым ыпсэ пае уасэу сыда ытышъущтыр?

38Джырэ цӀыфхэу Тхьэр зымышӀэхэу, псэкӀод зышӀэхэрэм ащыщэу хэти
сэррэ сэ сигущыӀэхэмрэ къыттеукӀытыхьэрэм, сэ, ЦӀыф Лъэпкъым ы
Къуи, а цӀыфым сытеукӀытыхьажьыщт, мэлэӀич лъапӀэхэр сигъусэхэу ся
Тэ ищытхъушхо фэдэ щытхъушхо сиӀэу сыкъызыкӀожьыкӀэ.

## Марк 9

1– Шъыпкъэр шъосэӀо, – ариӀуагъ Исус ахэмэ, – Тхьэм и Тетыгъошхо
лъэкӀышхокӀэ къэкӀуагъэу алъэгъуфэ, мыщ дэжьым щыт цӀыфхэм
ащыщхэу заулэм лӀэныгъэр алъэгъущтэп.

### Исус итеплъэ зэрэзэрихъокӀыгъэр

(Маттэ 17:1-13; Лука 9:28-36)

2Мэфих зытешӀэм, Исус Петри, Якъуби, Иуани зэригъэгъусэхи, Ӏошъхьэ
лъагэ горэм язакъоу дищэягъэх. Джащыгъум ахэмэ апашъхьэ Исус
итеплъэ щызэрихъокӀыгъ.

3Дунаим тет гыкӀакӀо горэм щыгъынхэр фыжьэу зэригыкӀышъущтхэм
нахьи, Исус ищыгъынхэр нахь фыжьыбзэу, къэлыдэу хъугъэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

4Ащ дэжьым пегъымбархэу Илясрэ Мусэрэ ахэмэ къафэлъэгъуагъэх,
ахэри Исус къыдэгущыIэщтыгъэх.

5– Рабби, дэгъу тэ мыщ тыщыIэныр – риIуагъ Петрэ Исус. – Чэлищ
щыдгъэIэн, ощ пае зы, Мусэ паий зы, Иляс паий зы.

6Петрэ ыIони ышIэщтыгъэп; сыда пIомэ, ахэр щтагъэхэти ары.

7Джащыгъум ошъуапщэ къашъхьэщыхьагъ. Ошъуапщэм макъэ горэ
къыхэIукIыгъ: – Мары сэ шIу слъэгъурэ с Къо кIасэр. Ащ ыIорэм
шъуедэIу.

8ОшIэ-дэмышIэу зызаплъыхьэм, ахэмэ ягъусэу Исус нэмыкI зи
алъэгъужьыгъэп.

9Ахэр Iуашъхьэм къехыжьхэзэ, ежь ЦIыф Лъэпкъым ы Къо лIагъэхэм
къахэтэджыкIыжьыфэ, алъэгъугъэр зыми рамыIотэжьынэу Исус унашъо
афишIыгъ.

10А гущыIэхэр агу раубытагъэх, «ЛIагъэхэм къахэтэджыкIыжьынэу Исус
зэриIуагъэм къыригъэкIыгъэр сыда?» аIозэ, зэупчIыжьыгъэх.

11Ахэр Исус къеупчIыгъэх: – Тэурат егъэджэкIо пащэхэм ыпэ рапшIэу
пегъымбар Иляс къэкIон фаеу сыда зыкIаIорэр?

12– Шъыпкъэ, ыпэ рапшIэу Иляс къэкIонышъ, Iоф пстэури тэрэзэу
зэтыригъэуцожьын фае, – ариIожьыгъ Исус, – ау Тхьэм игущыIэ
тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, ЦIыф Лъэпкъым ы Къо къиныбэ ыщэчын
фаеу къыпыщылъ, цIыфхэми зэрамыпэсын фае.

13Ау сэ шъосэIо, Иляс къэкIогъах, Iоф бзэджагъэу рашIэнхэу
зыфэягъэхэри рашIагъэх, ащ ехьылIагъэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм
зэрарытым фэдэу.

### Исус джынапцIэ зыхэс кIалэ горэ зэригъэхъужьыгъэр

(Маттэ 17:14-20; Лука 9:37-43)

14Исусрэ игъусищрэ адрэ нэбгырэхэу игъогу рыкIохэрэм адэжь
къызагъэзэжьым, цIыф купышхом ахэр къауцухьагъэхэу, Тэурат
егъэджэкIо пэщэ куп къянэкъокъоу алъэгъугъ.

15Исус къызалъэгъум, зэкIэ цIыф купышхом агъэшIагъуи,
къыбгъодэлъадэхи, шIуфэс къырахыгъ.

16– Сыдым ехьылIагъэу мыхэмэ шъуянэкъокъура? – яупчIыгъ Исус игъогу
рыкIохэрэм.

17ЦIыф купышхом хэт горэм къыриIуагъ: – Дин гъэсакIу, сикIалэ
джынапцIэу бзако зышIырэр хэсти, къыпфэсщагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

18Джынапцӏэм кӏалэр зэкӏиубытэ къэс, чӏыгум къытыредзэ, ӏупс тхъурбэр
къыӏуифэу, ыцэхэр зэригъэшхыхэу зэтекъэ. О уигъогу рыкӏохэрэм
джынапцӏэр хафынэу сялъэӏугъ, ау ахэмэ хафын алъэкӏыгъэп.

19– Е-о-ой, шъо, джырэ цӏыфхэу шӏошъхъуныгъэ зимыӏэхэр, – ариӏожьыгъ
Исус, – сыд фэдизрэ сышъухэтын фая? Сыд фэдизрэ шъусщыӏэн фая?
Къысфашъущ а кӏалэр.

20Ахэмэ кӏалэр Исус къыфащагъ. Ау джынапцӏэм Исус зэрилъэгъоу,
кӏалэр къыгъэкӏэзэзыгъ. Ар чӏыгум къытефи, ӏупс тхъурбэр къыӏуифэу,
зигъэукӏорэеу ыублагъ.

21– Сыд фэдиз хъугъа мыщ фэдэу зыщытыр? – еупчӏыгъ Исус кӏалэм ятэ.
– Ицӏыкӏугъэ къыщегъэжьагъэу аущтэу мэхъу, – къыӏожьыгъ тым.

22– Джынапцӏэм ар ыгъэкӏодыным пае, машӏоми псыми бэрэ
ахидзэщтыгъ. Зыгорэ пшӏэн плъэкӏыщтмэ, гукӏэгъу къытфэшӏи,
къыддэӏэпыӏ.

23– «Зыгорэ пшӏэн плъэкӏыщтмэ» оӏо, – риӏуагъ Исус а лӏым. –
Шӏошъхъуныгъэ зиӏэм сыдрэ ӏофи ышӏэн елъэкӏы.

24Ардэдэм кӏалэм ятэ къэкууагъ: – Сэ сшӏошъ мэхъу, сишӏошъхъуныгъэ
хэзгъэхъонэу къыздэӏэпыӏ, тхьэматэ.

25Исус цӏыф купышхо къэзэрэугъоигъэу зелъэгъум, джынэпцӏэ ӏаем
егыий, риӏуагъ: – О, цӏыфхэр бзакоу, дэгоу зышӏырэ джынапцӏ, унашъо
къыпфэсэшӏы, мы кӏалэм хэкӏыжьи, ныбжьи укъыхэмыхьажь.

26Джынэпцӏэ ӏаер къыхэкуукӏи, кӏалэр лъэшэу къыгъэкӏэзэзи, хэкӏыжьыгъ.
Кӏалэр хьадэм фэдэ хъугъэ. Арыти, а цӏыфхэм ащыщыбэхэм «ар лӏагъэ»
аӏуагъ.

27Ау Исус кӏалэм ыӏэ къыубыти, ылъакъохэм атыригъэуцуагъ, кӏалэри
къэтэджыжьыгъ.

28Ащ ыуж Исус унэ горэм ихьагъ. Игъогу рыкӏохэрэр язакъоу
къызынэжьхэм, къеупчӏыгъэх: – А джынапцӏэр тэ хэтфын
зыкӏэтымылъэкӏыгъэр сыда?

29– Мыщ фэдэ лъэпкъыр тхьэлъэӏумрэ нэкӏымрэ афэшъхьафкӏэ цӏыфым
хэпфышъущтэп, – ариӏожьыгъ Исус.

### Ежь зэраукӏыщтри лӏагъэхэм къызэрахэтэджыкӏыжьыщтри ятӏонэрэу Исус къызэриӏуагъэр

(Маттэ 17:22-23; Лука 9:43-45)

30Исусрэ игъогу рыкӏохэрэмрэ а чӏыпӏэм икӏыхи, Галилей хэкум
пхырыкӏыщтыгъэх. Ахэр зыдэщыӏэхэр Исус зыми къышӏэнэу фэягъэп,

31сыда пӏомэ, игъогу рыкӏохэрэм Тхьэм игущыӏэхэр аригъашӏэщтыгъ.
Ахэмэ моущтэу ариӏуагъ: – Цӏыф Лъэпкъым ы Къо цӏыфхэм

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

аубытынышъ, ахэмэ ар аукIыщт, ау заукI ужым мэфищ тешIагъэу лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыщт.

32 Ау игъогу рыкIохэрэм а гущыIэхэм къарыкIырэр къагурыIуагъэп, Исус къеупчIынхэкIи щынэщтыгъэх.

**Хэта анахь ин дэдэр?**
(Маттэ 18:1-5; Лука 9:46-48)

33 Къалэу Капернаум къэкIожьыгъэх. Унэм зехьэхэм, Исус игъогу рыкIохэрэм яупчIыгъ: – Гъогум шъузытетым, сыда шъузытегущыIагъэр?

34 Ау ахэмэ заушъэфыгъ, сыда пIомэ, ахэр гъогум зытетхэм, «Тэ тщыщэу хэта анахь ин дэдэр» аIоти, зэнэкъокъущтыгъэх.

35 Исус тIыси, игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIум къяджи, ариIуагъ: – Зыгорэ апэ итынэу фаемэ, ар ауж дэдэ хъун фае, пстэуми Iофтабгэуи афэхъун фае.

36 Сабый горэм ыIэ къыубыти, агузэгу ригъэуцуи, IаплI рищэкIи, ариIуагъ:

37 – Хэти мыщ фэдэ сабыир сэ сцIэкIэ къезгъэблагъэрэм сэ сыригъэблэгъагъэу мэхъу; хэти сэ сезгъэблагъэрэми сэ сизакъоу арэп ригъэблагъэрэр, сэ сыкъэзгъэкIуагъэри ары.

**Къытпэмыуцурэр тигъус**
(Лука 9:49-50)

38 – Дин гъэсакIу, лIы горэм о пцIэкIэ джынапцIэхэр цIыфхэм ахифхэу тлъэгъугъэ, – къыриIуагъ Иуан Исус. – Ар тэ зэрэтщымыщым пае зэтетIэжьэнэу тыпылъыгъ.

39 – ЗэтешъумыIажь ар, – къыIуагъ Исус, – сыда пIомэ, сэ сцIэкIэ Iофышхо гъэшIэгъон зышIэрэр, ащ лъыпытэу IаекIэ къыстегущыIэн ылъэкIыщтэп.

40 Сыда пIомэ, тэ къытпэмыуцурэр тигъусэшъ ары.

41 Шъыпкъэр шъосэIо, Христос игъогу шъузэрэрыкIорэм пае, псы шъуалъэ шъуезгъашъорэм ифэшъошэ IахьышIу шIокIодыщтэп.

**ЦIыфхэм псэкIод ашIэнэу дэзыхьыхырэ Iофхэр**
(Маттэ 18:6-9; Лука 17:1-2)

42 – Мы цIыкIухэм ащыщэу сэркIэ шIошъхъуныгъэ зиIэм псэкIод ышIэнэу хэти дэзыхьыхырэм ыпшъэ мыжъошхьал рашIэу, хым хадзагъэмэ, ежьыркIэ нахьышIущтыгъ.

43,44 О пIэ псэкIод пшIэнэу удихьыхмэ, пыупкIыжь. ПIитIу псаоу джэхьнэмэу цIыфылыр зышхыщтэу, хьамлыухэр зыщымылIэжьыщтэу, зимашIуи мыкIосэжьыщтым укIоным нахьи, уIащэу мыкIодыжьын щыIэныгъэ бгъотыныр оркIэ нахьышIу.

45,46 О плъакъуи псэкIод пшIэнэу удихьыхмэ, пыупкIыжь. ПлъэкъуитIу псаоу джэхьнэмэу цIыфылыр зышхыщтэу, хьамлыухэр

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

зыщымылIэжьыщтэу, зимашIуи мыкIосэжьыщтым упадзэным нахьи, улъащэу мыкIодыжьын щыIэныгъэ бгъотыныр оркIэ нахьышIу.

[47],[48]Ащ фэдэуи, о унэ псэкIод пшIэнэу удихьыхмэ, къитхъыжь. УнитIу псаоу джэхьнэмэу цIыфылыр зышхыщтэу, хьамлыухэр зыщымылIэжьыщтэу, зимашIуи мыкIосэжьыщтым упадзэным нахьи, зы нэ нахь уимыIэми, Тхьэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ учIэхьаныр оркIэ нахьышIу.

[49]Тхьэм хэтрэ цIыфи машIокIэ ыщыущт, сыдрэ къурмэныпхъэри щыгъукIэ ащыущт.

[50]– Щыгъур дэгъу. Ау щыгъум ищыугъэ хэкIымэ, сыдэущтэу ар шъущыущта? Щыугъэ зыхэжъугъэлъ, шъузэгурыIоуи шъузэдэпсэу.

## Марк 10

### Шъхьэгьусэр тIупщыжьыным ехьылIагъ

(Маттэ 19:1-12)

[1]Исус а лъэныкъом икIыжьи, Иудей хэкоу Иордан псыхъом иадрабгъу щыIэм кIуагъэ. Джыри зэ цIыф купышхохэр ыдэжь къыщызэрэугъоигъэх, зэрихабзэуи Исус ахэмэ Тхьэм игущыIэхэр аригъашIэхэу ыублагъ.

[2]Джащыгъум фарисей заулэ Исус къыбгъодахьи, хагъэукъоным пае, къеупчIыгъэх: – ЛIым ишъуз ытIупщыжьыныр хабзэкIэ хъущта?

[3]– Пегъымбар Мусэ унашъоу сыда къышъуфишIыгъэр? – ариIожьыгъ Исус.

[4]– ЛIы горэм ишъуз зэритIупщыжьырэ тхылъ ытхымэ, шъузыр ытIупщыжьынэу пегъымбар Мусэ фит ышIыгъ, – къаIожьыгъ ахэмэ.

[5]– ШъуигуркъагъэпаепегъымбарМусэ а унашъор къышъуфитхыгъ, – ариIожьыгъ Исус.

[6]– Ау ублапIэм дэжь Тхьэм щыIэр зэкIэ къызегъэхъум, «хъулъфыгъэрэ бзылъфыгъэрэ къыгъэхъугъ».

[7]«Ащ къыхэкIыкIэ хъулъфыгъэм яти яни ыбгынэнхэшъ, ишъуз гъусэ фэхъунышъ,

[8]итIур зыпкъ хъущтых». Ауштэу ахэр зыпкъых нахь, пкъитIу хъужьыхэрэп.

[9]Арышъ, а тIоу Тхьэм гъусэ зэфишIыгъэхэр цIыфым зэгуигъэкIыжь хъущтэп.

[10]ЕтIани унэм исхэу, игъогу рыкIохэрэр а Iофымкlэ Исус къеупчIыгъэх.

[11]Исус ариIуагъ: – Хэтми зишъуз зытIупщыжьэу, нэмыкI бзылъфыгъэ къэзыщэжьырэм апэрэ шъузымкIэ зинэ ышIагъэу мэхъу.

[12]Шъузыри илI гокIыжьэу нэмыкI лIы горэм дэкIожьмэ, ащи зинэ ышIагъэу мэхъу.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

## Исусрэ сабыйхэмрэ

(Маттэ 19:13-15; Лука 18:15-17)

13Етlанэ цlыфхэм сабыйхэр Исус къыфащагъэх, Тхьэм ынэшlу ахэмэ
къащифэным пае, Исус ылэхэр атырилъхьэнхэу Ау Исус игъогу
рыкlохэрэм ахэмэ афадагъэп.

14Исус ащ гу зылъетэм, ыгу ябгъэу арилуагъ: – Сабыйхэр садэжь
къэрэкlох, пэрыохъу шъуафэмыхъу, сыда пlомэ, ащ фэдэхэр Тхьэм и
Тетыгъошхо ылэчlэгъ чlэтых.

15Шъыпкъэр шъосэlо, сабыим Тхьэм и Тетыгъошхо зэридэрэм фэдэу,
хэтми Тхьэм и Тетыгъошхо зымыдэрэр а Тетыгъошхом ылэчlэгъ
чlэхьащтэп.

16Етlанэ Исус сабыйхэм lаплl арищэкlи, ылэхэр атырилъхьи, Тхьэм
ынэшlу къащифэнэу афелъэlугъ.

## Кlэлэ баир

(Маттэ 19:16-30; Лука 18:18-30)

17Исус гъогум зытехьажьым, ыдэжь лlы горэ къачъи,
лъэгонджэмышъхьэкlэ ыпашъхьэ къитlысхьи, къеупчlыгъ: – Дин гъэсэкlо
дэгъу, мыкlодыжьын щыlэныгъэ lахьышlоу къыслъыlэсыным пае, сыда
сшlэщтыр?

18– Сыда дэгъукlэ укъызкlысаджэрэр? – риlожьыгъ Исус а лlым. – Тхьэм
нэмыкlэу зи дэгъу щыlэп.

19Тхьэм иунашъохэр ошlэх: «Цlыф умыукl, зинэ умышlэ, умытыгъу,
нэмыкl цlыфхэм пцlы атемылъхь, цlыфхэм ялэр гъэпцlагъэкlэ къатемых,
уятэрэ уянэрэ лъытэныгъэ афэшl».

20– Дин гъэсаклу, – къыриlожьыгъ а лlым Исус, – сикlэлэгъу
къыщегъэжьагъэу ахэр зэкlэ сэгъэцаклэх.

21Джащыгъум Исус а лlым еплъи, ыгу еlуи, риlожьыгъ: – Узыщыкlэрэр зы.
Кlуи, уилэ пстэури щэжьи, ахъщэр тхьамыкlэхэм ят. Джащыгъум уашъом
мылъкушхо щыуилэ хъущт. Етlанэ къаклуи, сауж къырыкlу.

22Ар Исус къызеlом, лlым ынэгу къызэхахьи, ыгу къеоу lукlыжьыгъ, сыда
пlомэ, мылъкушхо илагъэти ары.

23Исус зиплъыхьи, игъогу рыклохэрэм арилуагъ: – Мылъку зилэхэмкlэ
Тхьэм и Тетыгъошхо ылэчlэгъ чlэхьанхэр сыдэу къин!

24Исус игъогу рыклохэрэм а гущыlэхэр зызэхаххэм, лъэшэу
агъэшlэгъуагъ. Ау Исус джыри зэ арилуагъ: – Синыбджэгъухэр, мылъкум
щыгугъыхэрэмкlэ Тхьэм и Тетыгъошхо ылэчlэгъ чlэхьанхэр сыдэу къин!

25Баир Тхьэм и Тетыгъошхо ылэчlэгъ чlэхьаным нахьи, махъшэр
мэстанэм икlыныр нахь lэшlэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

[26]Исус игъогу рыкIохэрэм ар нахьыбэу агъэшIагъуи, зэраIожьыгъ: – Ащыгъум, ежь зимыгъэкIодэу, хэт зыкъэзгъэнэжьын зылъэкIыщтыр?

[27]Исус ахэмэ яплъи, къыIуагъ: – ЦIыфхэм ежьхэм замыгъэкIодэу зыкъагъэнэжьын алъэкIырэп, ау Тхьэм елъэкIы; сыда пIомэ, Тхьэм ымылъэкIын Iоф зи щыIэп.

[28]– Моу къэдаIолъ, тэ тиIэгъэ пстэури къэдгъани, о уауж тыкъихьагъ, – Петрэ Исус риIоу ыублагъ.

[29,30]– Шъыпкъэр шъосэIо, – къыIуагъ Исус, – хэт щыщми е зиунэ, е зышхэр, е зышыпхъухэр, е зянэ, е зятэ, е зишъуз, е зилъфыгъэхэр, е зичIыгухэр сэщ паерэ къэбарышIум паерэ къэзгъэнагъэу, джы мы дунаим унэхэр, шыхэр, шыпхъухэр, ныхэр, лъфыгъэхэр, чIыгухэр фэдишъэу щызымыгъотыжьыщт цIыф зи щыIэп, а цIыфми къиныбэ рагъэщэчыщт. Адрэ дунаими мыкIодыжьын щыIэныгъэ щыриIэ хъущт.

[31]Ау апэ итхэм ащыщхэу бэхэр ауж къинэщтых, ауж итхэри апэ хъущтых.

## Ежь зэраукIыщтри лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыщтри ящэнэрэу Исус къызэриIуагъэр

(Маттэ 20:17-19; Лука 18:31-34)

[32]ЕрусалимкIэ дэкIуаехэу гъогум зытетхэм, игъогу рыкIохэрэм апэ итэу Исус кIуагъэ. Ахэмэ агъэшIагъоу, щынагъо агухэм арылъэу, ыуж итхэу кIощтыгъэх. Исус джыри зэ игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIур зы лъэныкъокIэ Iуищыхи, ежь къехъулIэщтыр ариIоу ыублагъ.

[33]– Мары, тэ джы ЕрусалимкIэ тыдэкIуае, – ыIуагъ. – Ащ ЦIыф Лъэпкъым ы Къо дин пэщэшхохэмрэ Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ щаIэкIэхьащт. Ахэмэ ежь укI къытыралъхьащт, хымэ лъэпкъхэми аIэкIалъхьащт.

[34]Ахэр къыкIэнэкIэщтых, къытеужъунтхэщтых, къамыщкIэ къеощтых, аукIыщт. Мэфищ нэужми ежь лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыщт.

## Якъубэрэ Иуанрэ Исус зыкIелъэIугъэхэ Iофыр

(Маттэ 20:20-28)

[35]Зебедей ыкъохэу, Якъубэрэ Иуанрэ Исус къыбгъодахьэхи, къыраIуагъ: – Дин гъэсакIу, тэ тыкъызэрэолъэIущтыр къытфэпшIэнэу тыфай.

[36]– Сыда къышъуфэсшIэнэу шъузыфаер? – ариIуагъ Исус.

[37]– О уищытхъушхо къызыскIэ, зыр уиджабгъукIэ адрэр уисэмэгубгъукIэ тыкъэтIысынэу фит тышI, – къыраIожьыгъ ахэмэ.

[38]– Шъо шъузыкIэлъэIурэр шъушIэрэп, – ариIуагъ Исус. – Къиным ишъуалъэ итэу сэ сызэшъощтым шъо шъуешъон шъулъэкIыщта, хьауми цIыфхэм Iаеу сызэраумэхъыщт шIыкIэм фэдэу, зяжъугъэумэхъын шъулъэкIыщта?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

39– Тлъэкlыщт, – къыраlожьыгъ ахэмэ. – Къиным ишъуалъэ итэу сэ
сызэшъощтым шъори шъуешъощт, – ариlуагъ Исус. – Цlыфхэм сэ lаеу
сызэраумэхъыщт шlыкlэм фэдэу, шъори шъуаумэхъыщт.

40Ау сэ сиджабгъукlэ е сисэмэгубгъукlэ шъукъэтlысынэу фит шъусшlын
слъэкlыщтэп. А тlысыпlэхэр Тхьэм зыфигъэхьазырыгъэхэ цlыфхэм яй.

41Адрэ нэбгырипшlэу Исус игъогу рыкlохэрэм ар зызэхахым, Якъубрэ
Иуанрэ афэгубжыгъэх.

42Ащ дэжьым Исус игъогу рыкlохэрэм къяджагъ. – Шъо шъошlэ, –
ариlуагъ Исус, – мы дунаим пщыкlэ заджэхэрэр цlыфхэм апшъэ
зэрэдэсхэрэри, ятхьэматэхэм цlыфхэм тетыгъо зэрафыряlэрэри шъошlэ.

43Шъо шъузэрэзэфыщытын фаер арэп. Шъуащыщэу ины хъу зышlоигъор
lофтабгэ къышъуфэхъун фае.

44Шъуащыщэу апэ ит зышlоигъори пстэуми пщылl афэхъун фае.

45Сыда пlомэ, Цlыф Лъэпкъым ы Къо цlыфхэм яшlуагъэ ежь
зэригъэкlыжьыныр арэп къызкlэкlуагъэр, ежь ишlуагъэ цlыфхэм
аригъэкlыныр, цlыфыбэхэми апае ыпсэ шъхьэщэфыжьэу ытыныр ары
нахь.

### Бар-Тимай зыцlэ нэшъур Исус зэригъэхъужьыгъэр

(Маттэ 20:29-34; Лука 18:35-43)

46Исусрэ игъогу рыкlохэрэмрэ къалэу Ерихон къэкlуагъэх. Цlыф купышхо
ягъусэу ахэр къалэм дэкlыжьхэ зэхъум, Тимей ыкъоу Бар-Тимай зыцlэ
лъэlокlо нэшъу горэ гъогу напцэм lусыгъ.

47Назарет щыщ Исус зэрэблэкlырэр зызэхехым, мэкъэшхокlэ къэджагъ: –
Даутэ ы Къо Исус, гукlэгъу къысфэшl!

48Цlыфыбэхэм амыдэу «Щыгъэт!» – раlуагъ. Ау ар джыри нахь
мэкъэшхокlэ къэджагъ: – Даутэ ы Къу, гукlэгъу къысфэшl!

49Исус къызэтеуцуи, къыlуагъ: – Моу шъукъедж. – Умыщын, къэтэдж, ежь
къыоджэ, – аlуи, нэшъум къеджагъэх.

50Нэшъум ищыгъын кlылутелъ зытыридзи, къызщылъэти, Исус дэжь
къэкlуагъ.

51– Сыда къыпфэсшlэнэу узыфаер? – риlуагъ Исус а лlым. – Рабби,
сынэхэр къэгъэплъэжь, – къыриlуагъ нэшъум.

52– Кlожь, – риlуагъ Исус. – О уишlошъхъуныгъэ уигъэхъужьыгъ. Ардэдэм
нэшъум ынэхэр къэплъэжьыгъэх, Исуси ыуж итэу гъогум техьагъ.

## Марк 11

### Щытхъушхо иlэу Исус Ерусалим зэрэдэхьагъэр

(Маттэ 21:1-11; Лука 19:28-40; Иуан 12:12-19)

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

1Исусрэ игъогу рыкIохэрэмрэ Ерусалим игъунэгъу хъугъэх. Елеон
Iуашъхьэм Iус къуаджэхэу Бет-Фагиерэ Бет-Аниерэ къазынэсхэм, Исус
игъогу рыкIохэрэм ащыщхэу нэбгыритIу апэ ыгъэкIуагъ,

2моущтэу ариIозэ: – ШъупэчIынэтIэ къуаджэм шъудахь. Шъузэрэдахьэу,
щыд къунанэу цIыф ныбжьи зытемытIысхьагъэр епхыгъэу шъуапэ
къифэщт. Ар къэшъутIати, моу къашъущэ.

3«Сыда шъушIэрэр?» ыIоу зыгорэ къышъоупчIымэ, «Зиусхьаныр ащ
фай» ешъуIуи, занкIэу къэшъущэнэу фит шъуишIыщт.

4Ахэр кIохи, урамым тетэу къэлапчъэ горэм епхыгъэу, щыд къунан горэ
къагъоти, къыкIэратIытыкIыгъ.

5А чIыпIэм щытхэм ащыщхэм къараIуагъ: – Сыд пае а щыд къунаныр
къэшъутIатэра?

6Исус зэриIуагъэм фэдэу пэгъокI аратыжьи, адрэхэм щыд къунаныр
Iуащынэу фит къашIыгъэх.

7Щыд къунаныр Исус дэжь къащи, ящыгъынхэр тыралъхьагъ. ЕтIанэ Исус
щыд къунаным тетIысхьагъ.

8ЦIыфыбэхэм ящыгъынхэр гъогум тыраубгъоштыгъ, нэмыкIхэми чъыг
къутамэхэр хатэхэм къащыпаупкIыхэти, гъогум тыралъхьэщтыгъэх.

9ЦIыфхэу Исус ыпэ итхэу кIощтыгъэхэми, ыуж итыгъэхэми мэкъэшхокIэ
аIощтыгъ: – Хьусаннэ! Зиусхьаным ыцIэкIэ къакIорэм щытхъушхор ий!

10Тятэшхоу Даутэ и Тетыгъоу къэкIощтым щытхъушхор ий! Хьусаннэ!
Анахь Лъагэм щытхъушхор ий!

11Исус Ерусалим дахьи, Тхьэм иунэшхо ихьагъ. Зэпстэури
къызеплъыхьэм, мафэр хэкIотагъэти, къалэм дэкIи, игъогу рыкIорэ
нэбгырэ пшIыкIутIур игъусэу къуаджэу Бет-Ание кIуагъэ.

### Исус ынджыр чъыгым зэребгыгъэр

(Маттэ 21:18-19)

12ЯтIонэрэ мафэм Бет-Ание зыдэкIыжьхэм, Исус къэмэлэкIагъ.

13Тхьапэхэр зыпыт ынджыр чъыг чыжьэкIэ зелъэгъум, зыгорэ пытмэ
еплъынэу кIуагъэ. Чъыгым зынэсым, тхьапэ нэмыкI зи пымытэу
къычIэкIыгъ, сыда пIомэ, ынджырым игъуагъэпти ары.

14Аущтэу зэхъум, Исус чъыгым риIуагъ: – Непэ щегъэжьагъэу о
къыппыкIэу егъашIэми зыми зи ерэмышх. Игъогу рыкIохэрэм Исус
къыIуагъэр зэхахыгъ.

### Исус щэн-щэфакIохэр Тхьэм иунэшхо къызэрэчIифыгъэхэр

(Маттэ 21:12-17; Лука 19:45-48; Иуан 2:13-22)

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

15ЕтӀанэ Ерусалим нэсыгъэх. Исус Тхьэм иунэшхо чӀахьи, щэн-щэфакӀохэу чӀэтхэр къычӀифыхэу ыублагъ. Ахъщэ зыхъожьхэрэм яӀанэхэмрэ тхьаркъо зыщэхэрэм япхъэнтӀэкӀухэмрэ зэпыригъэзагъэх.

16Тхьэм иунэшхо кӀоцӀыкӀэ зыми зи щызэпырихыныр ыдагъэп.

17ЦӀыфхэм Тхьэм игущыӀэхэр ригъашӀэхэзэ, мыщ фэдэу риӀуагъ: – Тхьэм къызэриӀорэр игущыӀэ тхыгъэхэм арытба: «Сэ сиунэ лъэпкъ пстэуми тхьэлъэӀупӀэ афэхъущт?» Ау шъо «хъункӀэкӀо гъэбылъыпӀэм» фэдэ шъушӀыгъэ.

18Дин пэщэшхохэмрэ Тэурат егъэджэкӀо пащэхэмрэ Исус къыӀуагъэхэр зызэхаххэм, ар зэрагъэкӀодыщт шӀыкӀэм лъыхъухэу аублагъ; сыда пӀомэ, Исус Ӏофхэу ригъашӀэщтыгъэхэр цӀыф купышхом ыгъэшӀагъоти, дин пэщэшхохэмрэ Тэурат егъэджэкӀо пащэхэмрэ Исус щыщынэщтыгъэх.

19ЕтӀанэ пчыхьэ зэхъум, Исусрэ игъогу рыкӀохэрэмрэ къалэм дэкӀыжьыгъэх.

**Ынджыр чъыг гъугъэр**

(Маттэ 21:20-22)

20Пчэдыжьым ынджыр чъыгым къызыблэкӀыжьхэм, ылъапсэ нэсэу ар зэрэгъугъэр алъэгъугъ.

21Петрэ ащ дэжьым Исус ыӀогъагъэр ыгу къэкӀыжьи, къыриӀуагъ: – Рабби, еплъ, ынджыр чъыгэу узэбгыгъэр гъугъэ!

22– ТхьэмкӀэ шӀошъхъуныгъэ шъугухэм арыжъугъэлъ, – риӀожьыгъ Исус ахэмэ.

23– Шъыпкъэр шъосэӀо, зыгорэм ыгу щэч къыримыгъахьэу, къыӀорэр хъункӀэ шӀошъхъуныгъэ иӀэу, мы Ӏуашъхьэм «ЗыкъэӀэти, хым зыхадз» зиӀокӀэ, ар къыдэхъущт.

24Арышъ, шъосэӀо, сыд щыщкӀи Тхьэм шъуелъэӀумэ, Тхьэм къызэрэшъуфишӀэщтымкӀэ шӀошъхъуныгъэ шъугухэм арыжъугъэлъи, къышъуфишӀэщт.

25Тхьэм шъузелъэӀукӀи, гукъанэ зыгорэм фышъуиӀэмэ, фэжъугъэгъу, шъуя Тэ лъапӀэу уашъом щыӀэм шъо мыхъунхэу шъушӀагъэхэр къышъуфигъэгъунхэм пае.

26Ау шъо фэшъумыгъэгъумэ, шъуя Тэ лъапӀэу уашъом щыӀэм шъо мыхъунхэу шъушӀагъэхэри къышъуфигъэгъущтхэп.

**Исус итетыгъо къезытыгъэмкӀэ джурт тхьэматэхэр къызэреупчӀыгъэхэр**

(Маттэ 21:23-27; Лука 20:1-8)

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

27Джыри зэ Исусрэ игъогу рыкIохэрэмрэ Ерусалим къэкIожьыгъэх. Исус
Тхьэм иунэшхо къыкIухьэзэ, дин пэщэшхохэри, Тэурат егъэджэкIо
пащэхэри, нахьыжъхэри къыбгъодахьэхи,

28къыраIуагъ: – Мы Iофхэр пшIэнхэу фитыныгъэр тыда къыздипхыгъэр е
ахэр пшIэнхэу тетыгъор хэта о къыозытыгъэр?

29– Сэри шъо Iоф горэкIэ сышъоупчIыщт, – ариIуагъ Исус. – ПэгъокI
къысэшъутыжьмэ, сэри шъосIон мы Iофхэр сшIэнхэу фитыныгъэр
къыздисхыгъэр.

30Иуан цIыфхэр ыумэхъынхэу хэта къэзгъэкIуагъэр? ЦIыфхэр ара,
хьауми Тхьэр ара? ПэгъокI къысэшъут.

31– «Тхьэр ары Иуан къэзгъэкIуагъэр» тIомэ, ежь къытиIожьыщт: «Адэ,
сыда Иуан къыIуагъэхэр шъушIошъ зыкIэмыхъугъэр?» – аIозэ, ахэр
зэупчIыжьыгъэх.

32– «ЦIыфхэр ары Иуан къэзгъэкIуагъэхэр» етIожьына? – ау ахэр
цIыфхэм ащыщынэщтыгъэх; сыда пIомэ, цIыф пстэуми Иуан шъыпкъэу
пегъымбарэу алъытэщтыгъэти ары.

33Арыти, – ТшIэрэп, – къыраIожьыгъ Исус. – Ащыгъум сэри шъосIощтэп
мы Iофхэр сшIэнхэу фитыныгъэр къыздисхыгъэр, – ариIожьыгъ Исус
ахэмэ.

## Марк 12

### Сэнэшъхьэшlэ бзаджэхэм яхьылIэгъэ гъэсэпэтхыдэр

(Маттэ 21:33-46; Лука 20:9-19)

1Исус гъэсэпэтхыдэхэмкIэ цIыфхэм адэгущыIэу ыублагъ: – ЛIы горэм
сэнэшъхьэ хатэ ыгъэтIысхьагъ. Мыжъо чэукIэ къышIыхьи, сэнэшъхьэ
фызалъэ хишIыхьи, унэ плъэпIэ лъаги дишIыхьагъ. ЕтIанэ
сэнэшъхьэшI горэхэм хатэр аIэкIилъхьи, хымэ хэгъэгу кIуагъэ.

2Сэнэшъхьэ пычыжьыгъор къызэсым, исэнэшъхьэ Iахь къаIихынэу унэIут
горэ сэнэшъхьэшIхэм адэжь ыгъэкIуагъ.

3Ау ахэмэ унэIутыр къаубыти, къеохи, IэнэкIэу къатIупщыжьыгъ.

4ЕтIани сэнэшъхьэ хатэр зием нэмыкI унэIут горэ сэнэшъхьэшIхэм адэжь
ыгъэкIуагъ. Ащи ышъхьэ къеохи, лые къырахыгъ.

5ЕтIанэ нэмыкI унэIут горэ ыгъэкIуагъ; ар къаукIыгъ; нэмыкI
унэIутыбэхэри ыгъэкIуагъэх; зы купым къеуагъэх, адрэ купыри къаукIыгъ.

6– ШIу ылъэгъурэ къо закъуи иIагъ. «Сэ скъо лъытэныгъэ къыфашIын»
ыIуи, ауж дэдэу ар сэнэшъхьэшIхэм адэжь ыгъэкIуагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

7– Ау сэнэшъхьэшIхэм зэраIожьыгъ: «Мыры сэнэшъхьэ хатэр къызыфэнэжьыщтыр. Ар тэжъугъэукIи, сэнэшъхьэ хатэр тэ къытфэнэжьыщт».

8Аущтэу сэнэшъхьэ хатэр зием ыкъо къаубыти, къаукIи, сэнэшъхьэ хатэм къыдадзыжьыгъ.

9– Сэнэшъхьэ хатэр зием сыда ышIэщтыр? – къыпигъэхъожьыгъ Исус. – Ар къэкIонышъ, сэнэшъхьэшIхэр ыгъэкIодынхэшъ, сэнэшъхьэ хатэр нэмыкIхэм аIэкIилъхьащт.

10Тхьэм мы игущыIэ тхыгъэхэм шъуяджагъэба: «Унэ зышIыхэрэм зэрамыпэсэу чIадзыжьыгъэ мыжъор унэр зыIыгъырэ лъэпсэ дэдэ хъугъэ.

11Мыр Зиусхьаным иIэшIэгъэ Iоф, ари тэ гъэшIэгъонэу къытфэлъагъо»?

12Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ дин пэщэшхохэмрэ мы гъэсэпэтхыдэр ежьхэм яхьылIагъэу Исус къызэриIотагъэр къагурыIуагъэти, Исус къаубытынэу пылъыгъэх, ау цIыф купышхом щыщынэщтыгъэхэти, ыуж икIыжьхи, IукIыжьыгъэх.

**Хьакъулахь ахъщэм ехьылIагъ**
(Маттэ 22:15-22; Лука 20:20-26)

13Ащ нэужым Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ дин пащэхэмрэ гущыIэ горэм тыраубытэным пае, фарисейхэм ащыщхэри пачъыхьэ Ирод дезгъаштэхэрэм ащыщхэри Исус дэжь агъэкIуагъэх.

14Ахэр Исус дэжь къакIохи, къыраIуагъ: – Дин гъэсакIу, шъыпкъагъэ зиIэ лIэу узэрэпсэурэри, цIыфхэм аIорэм узэримыгъапэрэри тэшIэ, сыда пIомэ, цIыфхэм ятеплъэ уемыплъэу, цIыф пстэури уизэфэд, шъыпкъагъэми тетэу, Тхьэм игъогу цIыфхэм яогъашIэ. Кайсарым хьакъулахь ахъщэр етты хъущта, мыхъущта? Еттына, етымытына?

15Ау Исус ахэмэ янэпитIугъэ гу лъитагъэти, ариIуагъ: – Сыд пае сыхэжъугъэукъонэу шъупылъа? Зы динар ахъщэ къысфэшъухьи, сэжъугъэлъэгъу.

16Динарыр къыфахьыгъ. – Хэта зисурэт мыщ итыри, хэта зыцIэ мыщ тетхагъэри? – яупчIыгъ Исус. – Кайсарыр ары, – къыраIожьыгъ ахэмэ.

17– Ащыгъум Кайсарым иер Кайсарым ешъутыжь, Тхьэм иери Тхьэм ешъутыжь, – джэуап аритыжьыгъ Исус. Ахэмэ ар бэу агъэшIэгъуагъ.

**Саддукейхэр лIагъэхэм къэтэджыжьыкIэ афэхъущтым ехьылIагъэу Исус къызэреупчIыгъэхэр**
(Маттэ 22:23-33; Лука 20:27-40)

18ЛIагъэхэр къызэрэтэджыжьыщтхэр зышIошъ мыхъухэрэ саддукейхэм ащыщхэр Исус къыбгъодахьэхи, къеупчIыгъэх:

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

19– Дин гъэсакIу, пегъымбар Мусэ моущтэу къытфитхыгъ: «ЛIы горэм ыш
лIэу, лъфыгъэ имыIэу шъуз къыкIэнмэ, ыш унагъо фишIэным пае, а лIым
шъузабэр къыщэжьын фае».

20Зэкъошибл щыIагъ. Ахэмэ ащыщэу апэрэм шъуз къыщагъ, ау лъфыгъэ
имыIэу дунаим ехыжьыгъ.

21ЯтIонэрэми а шъузыр къыщэжьыгъ. Ащи лъфыгъэ имыIэу дунаим
ехыжьыгъ, ящэнэрэри ащ фэдагъ.

22Блыми а шъузыр къащэжьыгъ, ау лъфыгъэ яIагъэп. Зэпстэуми ауж дэдэ
шъузыри дунаим ехыжьыгъ.

23Джы лIагъэхэр къызытэджыжьхэкIэ, хэта зишъузыщтыр ар? Сыда
пIомэ, нэбгыриблыми шъуззэу яIагъэшъ ары?

24– Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэмрэ Тхьэм илъэкIышхорэ зэрэшъумышIэхэрэр
арыба шъузкIыхэукъорэр? – ариIожьыгъ Исус ахэмэ.

25– Сыда пIомэ, лIагъэхэр къызытэджыжьхэкIэ, шъуз къащэжьыщтэп,
лIыми дэкIожьыщтхэп, уашъом щыIэ мэлаIичхэм афэдэщтых нахь.

26Ау лIагъэхэр къызэрэтэджыжьыщтхэр пегъымбар Мусэ итхылъ зэритым
шъуеджагъэба? Пэнэ куандэм икъэбар зэрыт чIыпIэм дэжь ит Тхьэр
пегъымбар Мусэ къыдэгущыIи, моущтэу къызэриIуагъэр: «Сэры
Ибрахьими, Исхьакъи, Якъуби я Тхьэр».

27Ащ къикIырэр Тхьэр псаухэмрэ лIагъэхэу зыфаIохэрэмрэ зэря Тхьэр
ары. Шъо инэу шъухэукъо.

**Тхьэм иунашъохэм ащыщэу анахь лъэпIэ дэдэр**

(Маттэ 22:34-40; Лука 10:25-28)

28Тэурат егъэджэкIо пащэхэм ащыщэу зыгорэм Исусрэ саддукейхэмрэ
зэнэкъокъухэу зэхихыгъ, Исус дэгъоу пэгъокI къызэраритыгъэри ешIэти,
къыбгъодахьи, къеупчIыгъ: – Тхьэм иунэшъо пстэуми ащыщэу анахь
лъэпIэ дэдэр тара?

29– Анахь лъэпIэ дэдэр мыры: «ШъукъэдаIу, израиль цIыфхэр,
Зиусхьанэу ти Тхьэ ары зизакъоу Зиусхьаныр;

30зэкIэ о угурэ упсэрэкIи, зэкIэ уизэхэшIыкIыкIи, зэкIэ пкIуачIэкIи
Зиусхьанэу уи Тхьэ шIу лъэгъу».

31ЯтIонэрэ унашъор мыры: «О пшъхьэ шIу зэрэплъэгъурэм фэдэу,
уигъунэгъуи шIу лъэгъу». Мы унэшъуитIум анахь унэшъо лъапIэ щыIэп, –
къыIожьыгъ Исус.

32– Дэгъу, дин гъэсакIу, – къыриIожьыгъ Тэурат егъэджэкIо пащэм Исус, –
Тхьэр зэрэзакъор, ащ нэмыкIэу Тхьэ зэрэщымыIэри шъыпкъэу къэпIуагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

33Зэкlэ о угурэ упсэрэкlи, зэкlэ уизэхэшlыкlыкlи, зэкlэ пкlуачlэкlи ар шlу
плъэгъуныр, о пшъхьи шlу зэрэплъэгъурэм фэдэу, уигъунэгъуи шlу
плъэгъуныр, Тхьэм пае агъэстырэ къурмэныпхъэ пстэумрэ тын пстэумрэ
анахьи бэкlэ нахь лъапl.

34Исус Тэурат егъэджэкlо пащэм губзыгъэу пэгъокl къызэритыгъэр
зелъэгъум, риlуагъ: – О Тхьэм и Тетыгъошхо ыlэчlэгъ учlэхьаным
упэчыжьэп. Ащ къыщегъэжьагъэу нэмыкlыкlэ Исус къеупчlыжьынэу хэти
тегушхуагъэп.

**Христос хэта зыкъор?**

(Маттэ 22:41-46; Лука 20:41-44)

35Исус Тхьэм иунэшхо чlэтэу, цlыфхэм Тхьэм игущыlэхэр аригъашlэзэ,
къыlуагъ: – Тэурат егъэджэкlо пащэхэм Христос Даутэ ыкъоу сыдэущтэу
аlора?

36Сыда пlомэ, Тхьэм ы Псэ Лъапlэ ежь Даутэ ыгу къырилъхьи, моущтэу
къыригъэlуагъэба: «Тхьэу Зиусхьаным сэ си Зиусхьан къыриlуагъ: О
уипыихэр плъэкъо чlэгъ къычlэсэгъэуцофэхэ, сэ сиджабгъукlэ къызгос»?

37– Ежь Даутэ Христос «си Зиусхьанкlэ» еджэ, – къыпигъэхъожьыгъ Исус.
– Арэу зыхъукlэ, сыдэущтэу Христос Даутэ ыкъо хъура? Цlыф купышхор
игуапэу Исус едэlущтыгъ.

**Тэурат егъэджэкlо пащэхэм ямысагъэ Исус къызэрэхигъэщыгъэр**

(Маттэ 23:1-36; Лука 20:45-47)

38Исус цlыфхэм Тхьэм игущыlэхэр аригъашlэзэ, къыlуагъ: – Тэурат
егъэджэкlо пащэхэм шъуафэсакъ. Ахэмэ шъошэ кlыхьэхэр ащыгъхэу
къакlухьаныр якlас. Зэlукlэхэми ежьхэм аlэхэм цlыфхэр
щарагъэбэунхэри,

39синэгогухэм цlыфхэр зыщызэlукlэхэкlи, гухэхъо lанэхэм тхьэмэтэ
тlысыпlэхэр щаубытынхэри якlас.

40Шъузабэхэм яунэхэри атырахых. Цlыфхэм агъэшlэгъоным пае,
тхьэлъэlухэр агъэкlыхьэх. Тхьэм ахэр инэу ыпщынэжьыщтых.

**Шъузабэм ахъщэу Тхьэм пае ытыгъэр**

(Лука 21:1-4)

41Цlыфхэм Тхьэм тын фашlэу, ахъщэхэр зыдалъхьэрэ пхъуантэхэм
апашъхьэ Исус тlысыгъэу, ахъщэхэр зэрэдалъхьэхэрэм еплъыщтыгъ.
Цlыф баибэхэм ахъщэ бэу далъхьагъ.

42Шъузэбэ тхьамыкlэ горэ къакlуи, гъоплъэ ахъщитlу пхъуантэм
дилъхьагъ. Ащ дилъхьагъэр зы чапыч фэдиз мэхъу.

43Джащыгъум Исус игъогу рыкlохэрэм къяджи, ариlуагъ: – Шъыпкъэр
шъосэlо, мы шъузэбэ тхьамыкlэм изакъоу адрэ дэзылъхьэгъэ цlыф
пстэуми анахьи нахьыбэ дилъхьагъ;

44сыда пIомэ, ахэмэ ахъщэу къялыжьыгъэм щыщ далъхьагъэр, ау а
шъузабэм анахьыбэ дилъхьагъ – зэрэпсэунэу зэкIэ мэкIэ тIэкIоу иIэр.

# Марк 13

### Тхьэм иунэшхо зэрэззэхакъутэщтыр Исус къызэриIуагъэр

(Маттэ 24:1-2; Лука 21:5-6)

1Исус Тхьэм иунэшхо къычIэкIыжьызэ, игъогу рыкIохэрэм ащыщэу
зыгорэм къыриIуагъ: – Еплъ, дин гъэсакIу! Мыхэр сыдэу мыжъо ин
дэдэха! Мыхэр сыдэу унэ гъэшIэгъонха!

2– Мы унэшхохэр олъэгъуха? – Исус ащ риIожьыгъ. – МыжъуитIу
къызэтемынэжьэу пстэури къызэхэтэкъощт.

### Къиныбэ щэчыным иублапI

(Маттэ 24:3-14; Лука 21:7-19)

3Ащ ыуж Исус Тхьэм иунэшхо къыпэчIынатIэу Елеон Iуашъхьэм тесэу,
Петри, Якъуби, Иуани, Индрыси язакъоу къызэнэжьхэм, къеупчIыгъэх:

4– КъытаIу, о зыфэпIогъэ Iофхэр сыдигъо къэхъущтых, ахэр зэкIэ
къызэрэхъущтхэм янэшанэри сыд фэда?

5– Зыми шъукъызэримыгъэпцIэщтым шъуфэсакъ, – ариIоу ахэмэ ыублагъ
Исус.

6– Сэ сцIэкIэ зэджэжьхэу, «Сэры Христосыр» аIоу, цIыфхэу къэкIощтхэр
бэ хъущтых, цIыфыбэхэри агъэпцIэщтых.

7Ау благъэми чыжьэми зэо къэбар зызэхэшъухыкIэ, шъумыщын. А Iофхэр
къэхъунхэ фае, ау дунаим икIэух ащыгъум къэсыгъэгоп.

8Зы лъэпкъыр адрэ лъэпкъым, зы пачъыхьагъури адрэ пачъыхьагъум
езэонэу къэтэджыщт. ЧIыпIэ-чIыпIэхэми чIыгур инэу ащысысыщт,
гъаблэхэри къэхъущтых. А Iофхэр къиныбэ щэчыным иублапI.

9– Ау шъо шъузыфэсакъыжь. Тхьэмэтэ хасэхэм апашъхьэ шъуаращэщт,
синэгогухэми къамыщкIэ къаощышъоощтых. Сэ сигъогу шъузэрэрыкIорэм
пае, Iэшъхьэтетхэмрэ пачъыхьэхэмрэ апашъхьэ къэбарышIум шыхьат
шъуфэхъунэу шъукъиуцощт.

10Ау ыпэ рапшIэу къэбарышIур лъэпкъ пстэуми арагъэIун фае.

11ХьыкумэшIым ыпашъхьэ шъуращэнэу шъузаубыткIэ, «Сыда тIощтыр?»
шъуIоу, ыпэ рапшIэу шъумыгумэкI. А сыхьат дэдэм гущыIэхэу Тхьэм ы
Псэ ЛъапIэ шъугухэм къарилъхьэхэрэр къашъуIох; сыда пIомэ, шъорэп
къэгущыIэщтыр, Тхьэм ы Псэ ЛъапI ары нахь.

12– ЦIыфым ежь ыш, тым ежь илъфыгъэ тетыгъо зиIэхэм арагъэукIыным
пае, арагъэубытыщт. Лъфыгъэхэри ны-тыхэм апэуцущтых, тетыгъо
зиIэхэми арагъэукIыщтых.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

13Шъо сэ сцIэ зэрэжъугъэлъапIэрэм пае, цIыф пстэуми шъуауджэгъущт.
Ау кIэухым нэсыфэ теубытагъэ зиIэр мыкIодэу Тхьэм къыгъэнэжьыщт.

**Гузэжъогъушхор**

(Маттэ 24:15-28; Лука 21:20-24)

14– Ау «Зэхэзыкъутэрэ ГущыкIыгъоу» пегъымбар Даниел зигугъу
ышIыгъэр зыдэщымытын фэе чIыпIэм щытэу зышъулъэгъукIэ (еджэрэм
къыгурэрэIу), ащыгъум Иудей хэкум ис цIыфхэр Iуашъхьэхэм
ярэкIолIэжьых.

15Унашъхьэм тетыри къызехыкIэ, зыгорэ зыдихьынэу унэм ерэмыхьажь.

16Губгъом итыми ищыгъын кIыIутелъ зыдихьынэу къерэмыгъэзэжь.

17А мафэхэм бзылъфыгъэ лъэрмыхьхэмрэ сабый быдзашъо зиIэхэмрэ
гъогу мыгъо теуцощтых.

18Мы Iофхэр кIымафэм темыфэнхэу Тхьэм шъуелъэIу;

19сыда пIомэ, а мафэхэм гузэжъогъушхо дунаир хэфэщт. Ащ фэдэ
гузэжъогъушхо Тхьэм дунаир къызигъэхъугъэм щегъэжьагъэу джырэ
нэсыфэ щыIагъэп ыкIи щыIэжьыщтэп.

20Зиусхьаным а мафэхэр нахь макIэ ымышIыгъэхэмэ, зы цIыфи мыкIодэу
къэнэжьыщтыгъэп. Ау ежь къыхихыгъэ цIыфхэм яхьатыркIэ Зиусхьаным
а мафэхэр нахь макIэ ышIыгъ.

21А мафэхэм «Мары, Христос мыщ дэжьым щыI» ыIоу е «Христос модэ
щыI» ыIоу, зыгорэм къышъуиIомэ, шъушIошъ шъумыгъэхъу.

22Христос нэпцIхэмрэ пегъымбар нэпцIхэмрэ къэлъэгъощтых. Ахэмэ
нэшэнэ гъэшIэгъонхэри Iофышхо гъэшIэгъонхэри къагъэлъэгъощтых,
амал щыIэмэ, Тхьэм къыхихыгъэ цIыфхэр агъэпцIэнхэм пае.

23Ау шъо шъузфэсакъыжь, а Iоф пстэури къэхъуным ыпэкIэ ахэмэ
якъэбар къышъосIуагъ.

**ЦIыф Лъэпкъым ы Къо дунаим къызэрэкIожьыщтыр**

(Маттэ 24:29-31; Лука 21:25-28)

24– Ау гузэжъогъушхом ыуж а мафэхэм тыгъэр ушIункIыжьыщт, мазэри
къэнэфыжьыщтэп.

25Жъуагъохэри уашъом къефэхыщтых, уашъом щыIэ кIуачIэхэри
хъыещтых.

26Джащыгъум ЦIыф Лъэпкъым ы Къо ошъуапщэхэм ахэтэу, лъэкIышхорэ
щытхъушхорэ иIэхэу, къакIоу цIыфхэм алъэгъущт.

27Джащыгъум ЦIыф Лъэпкъым ы Къо мэлэIичхэр ыгъэкIощтых, дунэе
лъэныкъуиплIым, зы ошъо чапэм къыщегъэжьагъэу адрэ ошъо чапэм

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

нэс, ежь ицӀыфхэу къыхихыгъэхэр къыхащыхэзэ, ежь къыфаугъоижьынхэу.

**Ынджыр чъыгым шъыпкъэу къыдгуригъаӀорэр**
(Маттэ 24:32-35; Лука 21:29-33)

28– Ынджыр чъыгым къехъулӀэрэмкӀэ Ӏоф горэ зэжъугъашӀэ: икъутамэхэм
псы къахахьэу, ытхьапэхэр къыпыкӀэхэ зыхъукӀэ, гъэмафэр зэрэблагъэр
шъошӀэ.

29Ащ фэдэу шъори, мы Ӏофхэр къэхъухэу зышъулъэгъукӀэ, ЦӀыф
Лъэпкъым ы Къо гъунэгъоу, къэлапчъэм дэжь зэрэщытыр зэжъугъашӀэ.

30Шъыпкъэр шъосэӀо, мы Ӏофхэр зэкӀэ къэхъунхэм ыпэкӀэ, мы лъэпкъыр
кӀодыщтэп.

31Уашъомрэ чӀылъэмрэ кӀодыжьыщтых, ау сэ сигущыӀэхэр
кӀодыжьыщтхэп.

**А мафэри а сыхьатри къызысыщтыр зыми ышӀэрэп**
(Маттэ 24:36-44)

32– Ау а мафэр е а сыхьатыр къызысыщтыр зыми ышӀэрэп. Уашъом щыӀэ
мэлэӀичхэми ашӀэрэп, Тхьэм ы Къуи ышӀэрэп. Ты лъэпӀэ закъор ары
ныӀэп ар зышӀэрэр.

33Шъузфэсакъыжь! Шъумычъыеу шъусакъ, Тхьэми шъуелъэӀу; сыда
пӀомэ, а сыхьатыр къызысыщтыр шъушӀэрэпышъ ары!

34Ар зыфэдэр мары: чыжьэу къыкӀухьанэу лӀы горэ иунэ екӀы. Хэти ежь
иӀоф ышӀэнэу иунэӀутхэм иунэ аӀэкӀелъхьэ, къэлапчъэм Ӏут къэрэгъулэми
мычъыеу сакъынэу унашъо фешӀы.

35Арышъ, шъори шъумычъыеу шъусакъ; сыда пӀомэ, пчыхьэшъхьапэр
арыми, чэщныкъор арыми, атэкъэӀогъур арыми, пчэдыжь нэфшъагъор
арыми, унэр зиер къызыкӀожьыщтыр шъушӀэрэпышъ ары!

36Ар шъумышӀахэу къызыкӀожькӀэ, шъучъыеу, шъупэмыплъэу
зыкъешъумыгъэгъот.

37Шъо къышъуасӀорэр зэпстэуми ясэӀо: шъумычъыеу шъусакъ!

## Марк 14

**Исус тхьагъэпцӀыгъэкӀэ аукӀынэу Тхьэмэтэ Хэсэшхом хэт тхьэматэхэм гухэлъ зэрашӀыгъэр**
(Маттэ 26:1-5; Лука 22:1-2; Иуан 11:45-53)

1ӀутӀыжъ зыцӀэ мэфэкӀ мэфэшхомрэ Хьалыгъу мыкӀу-мыпшэ зыщашхырэ
мэфэкӀ мэфэшхохэмрэ къэсынхэкӀэ мэфитӀу къэнэжьыгъагъ. Дин
пэщэшхохэмрэ Тэурат егъэджэкӀо пащэхэмрэ Исус аукӀыным пае,
тхьагъэпцӀыгъэкӀэ зэраубытыщт шӀыкӀэм лъыхъущтыгъэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀу (Инджыл)
Institute for Bible Translation

2Сыда пIомэ, ахэмэ аIуагъ: – ЦIыфхэм бырсырышхо къамыIэтыным пае,
мэфэкI мэфэшхом тефэу орэмыхъу.

**Бзылъфыгъэ горэм осэшхо зиIэ дагъэр Исус зэрэщифагъэр**
(Маттэ 26:6-13; Иуан 12:1-8)

3ЕтIанэ Исус къуаджэу Бет-Ание щыIэу, Симонэу шъоджэ уз Iае зиIагъэм
иIанэ пэсэу шхэщтыгъ. Шхэзэ, бзылъфыгъэ горэ унэм къихьагъ. А
бзылъфыгъэм алабастэр зыцIэ мыжъом хэшIыкIыгъэу, дэгъалъэ
ыIыгъыгъ. Нард зыцIэ къэкIыгъэм идагъэ къабзэу, осэшхо зиIэу, мэ IэшIу
зыпихырэр а дэгъалъэм итыгъ. Бзылъфыгъэм дэгъалъэр ыкъути, Исус
ышъхьэ дагъэр тырикIагъ.

4Ар залъэгъум, зы куп губжи, моущтэу зэраIожьыгъ: – Мы дагъэу осэшхо
зиIэр хьаулыеу сыд пае ыгъэкIодыгъа?

5А дагъэр ащагъэмэ, динар шъищым нахьыбэ къыхьыщтыгъ,
тхьамыкIэхэми афагощын алъэкIыщтыгъ. Аущтэу аIозэ, бзылъфыгъэм
щыхьагъэх.

6– Ыуж шъуикI, – ыIуагъ Исус. – Сыд пае бзылъфыгъэр жъугъэукIытэра?
Ащ шIу къысфишIагъ.

7ТхьамыкIэхэр къышъухэт зэпытых, сыдигъо шъуфаеми шIу афэшъушIэн
шъулъэкIыщт, ау сэ сышъухэт зэпытыщтэп.

8Мы бзылъфыгъэм ылъэкIыгъэр ышIагъ. Ащ сэ спкъы дагъэ щифи,
сызэрэчIалъхьажьыным сыфиухьазырыгъ.

9Шъыпкъэр шъосэIо, чIылъэм зэкIэ къэбарышIур тыдэ щагъэIуми, мы
бзылъфыгъэм ышIагъэр къаIотэжьыщт, цIыфхэм а бзылъфыгъэр шIукIэ
агу къагъэкIыжьыным пае.

**Исус дин пэщэшхохэм аригъэубытынэу Иудэ зэрадиштагъэр**
(Маттэ 26:14-16; Лука 22:3-6)

10Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIум ащыщэу Иудэ Искариот дин
пэщэшхохэм адэжь кIуагъэ, Исус аригъэубытыным пае.

11Ахэмэ ар зызэхахым, гушIуагъэх, ахъщи Иудэ къыратынэу
къагъэгугъагъ. Аущтэу Исус ахэмэ аригъэубытыным пае, Iэрыфэгъу
уахътэ паплъэу Иудэ ыублагъ.

**Исус IутIыжъ пчыхьэшъхьашхэр игъогу рыкIохэрэм зэрадишIыгъэр**
(Маттэ 26:17-25; Лука 22:7-14, 21-23; Иуан 13:21-30)

12Хьалыгъу мыкIу-мыпшэ зыщашхырэ мэфэкI мэфэшхохэм иапэрэ мафэу
IутIыжъ шъынэр зыщышIуабзыщтыгъэм игъогу рыкIохэрэм Исус
къыраIуагъ: – IутIыжъ пчыхьэшъхьашхэр щыпшIынэу тыдэ тыкIонышъ,
щыдгъэхьазырынэу уфая?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

13Аущтэу Исус игъогу рыкIохэрэм ащыщэу нэбгыритIу къалэм ыгъэкIуагъ,
моущтэу ариIозэ: – Къалэм шъудахьи, лъы горэм псы къошын ыхьэу
шъурихьылIэщт. А лIым ыуж шъуитэу шъукIу.

14А лIыр зэрыхьэрэ унэр зием ешъуIу: «Дин гъэсакIом еIо: Сэррэ сигъогу
рыкIохэрэмрэ IутIыжъ пчыхьэшъхьашхэр зыщытшIыщт хьакIэщыр тыдэ
щыIа?»

15Джащыгъум унэ зэтетым ышъхьагърэ къатым тетэу, гъэкIэрэкIагъэу,
хьэкIэщышхоу тегъэпсыхьагъэр шъуигъэлъэгъущт. Ащ зэкIэри
къыщытфэжъугъэхьазыр.

16Исус игъогу рыкIохэрэр ежьэхи, къалэм дэхьагъэх. Исус зэрариIуагъэм
тетэу пстэури къагъоти, IутIыжъ пчыхьэшъхьашхэр агъэхьазырыгъ.

17Пчыхьэ зэхъум, Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIур игъусэу
къэкIуагъ.

18Ахэр Iанэм пэсхэу шхэхэ зэхъум Исус къыIуагъ: – Шъыпкъэр шъосэIо,
шъо сэ къыздашхэхэрэм шъуащыщ горэм тетыгъо зиIэхэм
саригъэубытыщт.

19Ахэмэ агу къеуагъ. Зым зыр ыуж итэу къыраIонэу фежьагъэх: – Ар
сэрэп, ныIа?

20– Шъо пшIыкIутIум шъуащыщэу мы апсым хьалыгъу къыздыхэзгъаорэр
ары тетыгъо зиIэхэм сязгъэубытыщтыр, – ариIуагъ Исус.

21– Шъыпкъэ, ЦIыф Лъэпкъым ы Къо дунаим ехыжьыщт, ежь ехьылIагъэу
Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу. Ау ЦIыф Лъэпкъым ы Къо
тетыгъо зиIэхэм язгъэубытырэр гъогу мыгъо теуцуагъ! А цIыфыр
къэмыхъугъэмэ, ежьыркIэ нахьышIущтыгъ.

**Зиусхьаным ипчыхьэшъхьашх**

(Маттэ 26:26-30; Лука 22:15-20; 1 Кор. 11:23-25)

22Ахэр шхэхэ зэхъум, Исус хьалыгъур къыштагъ, Тхьэм щытхъу фишIи,
зэгуичи, ахэмэ арити, къыIуагъ: – Ма, шъушхы, мы хьалыгъур сэ спкъы
ары.

23ЕтIанэ шъуалъэр къышти, Тхьэм щытхъу фишIи, аритыгъ. Ахэр зэкIэ ащ
итым щыщ ешъуагъэх.

24– Мы сэнэпсыр сэ слъэу Тхьэм ежьыррэ ицIыфхэмрэ азыфагу
дилъхьэгъэ зэзэгъыныгъэр къэзгъэшъыпкъэжьырэр ары, – ариIуагъ Исус.
– ЦIыфыбэхэм ишIуагъэ якIынэу, лъэу сэ къыскIэкIыщтыр ары.

25Шъыпкъэр шъосэIо, Тхьэм и Тетыгъошхо къызыкIощтым нэсыфэ,
сэнэшъхьэпсым сешъожьыщтэп. А мафэм кIэу сешъожьыщт.

26ЕтIанэ Исусрэ игъогу рыкIохэрэмрэ тхьэщытхъу орэд къызаIо ужым,
унэм икIыхи, Елеон Iуашъхьэм кIуагъэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

### «Сэ сызыщыщыр умышIэу къэпIощт» Исус Петрэ зэрэриIуагъэр

(Маттэ 26:31-35; Лука 22:31-34; Иуан 13:36-38)

27– Шъо пстэуми сизакъоу утыгум сыкъиушъунэщт, – ариIуагъ Исус игъогу рыкIохэрэм, – сыда пIомэ, Тхьэм къызэриIорэр игущыIэ тхыгъэхэм арыт: «Сэ мэлахъор сыукIыщт, мэлхэри зэбгырыкIыжьыщтых».

28Ау лIагъэхэм сыкъызахэтэджыкIыжьыкIэ, шъуапэ Галилей хэкум сыкIощт.

29– Пстэуми утыгум укъыранэми, сэ укъисынэщтэп, – къыриIуагъ Петрэ Исус.

30– Шъыпкъэр осэIо, – риIожьыгъ Исус Петрэ, – мы нычэпэ дэдэм атакъэр тIо Iоным ыпэкIэ, сэ сызыщыщыр умышIэу гъогогъуищэ къэпIощт.

31– Сэ сыбдэлIэн фаеми, узыщыщыр сымышIэу сIощтэп, – теубытагъэу къыIуагъ Петрэ. Ащ фэдэ къабзэу Исус игъогу рыкIорэ адрэ лIы пстэуми къаIуагъ.

### Исус Гефсимание хатэм Тхьэм зэрэщелъэIугъэр

(Маттэ 26:36-46; Лука 22:39-46)

32Ащ нэужым Гефсимание зыцIэ чIыпIэм нэсыгъэх. – Моу шъуетIысэх, сэ Тхьэм селъэIуфэ, – ариIуагъ Исус игъогу рыкIохэрэм.

33Исус етIанэ Петри, Якъуби, Иуани зыдищагъэх; къэнэшхъэеу, гумэкIэу ыублагъ.

34– СилIыкIыным нэсэу инэу сыгу хэкIы, – ариIуагъ Исус. – Шъумычъыеу шъусакъэу моу шъущыI.

35ЕтIанэ тIэкIу IукIоти, чIыгум зыридзыхи, амал иIэмэ, къин щэчыным исыхьат блигъэкIынэу Тхьэм елъэIугъ.

36– Аббэу сэ ся Т, о умылъэкIын Iоф зи щыIэп, – ыIуагъ. – Мы къин щэчыным ишъуалъэ сIых. Ау сызыфаер мыхъоу, о узыфаер орэхъу.

37Ащ ыужым Исус игъогу рыкIорэ нэбгырищымэ адэжь къыгъэзэжьи, чъыехэу къарихьылIэжьыгъ. – Симон, очъыя? – риIуагъ Исус Петрэ. – Зы сыхьат закъо умычъыеу усакъын плъэкIыгъэп, ара?

38Шъумычъыеу шъусакъ, псэкIодшIэным шъудимыхьыхынэуи Тхьэм шъуелъэIу. Гур фай, ау пкъым ылъэкIырэп.

39Исус етIанэ IукIыжьи, а гущыIэ дэдэхэмкIэ Тхьэм елъэIугъ.

40Джыри зэ къызегъэзэжьым, а нэбгырищыр чъыехэу къарихьылIэжьыгъ, сыда пIомэ, анапIэхэр онтэгъу хъугъэхэти ары. Ахэмэ Исус къыраIожьыщтыр ашIагъэп.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

41Исус ящэнэрэу къызегъэзэжьым, ахэмэ ариӀуагъ: – Шъо джыри
шъочъыя, зышъогъэпсэфа? Икъун! Сыхьатыр къэсыгъ. Мары, ЦӀыф
Лъэпкъым ы Къо псэкӀодышӀэ цӀыфхэм аӀэкӀэхьащт.

42Шъукъэтэдж! НекӀо, мары, ахэмэ сязгъэубытыщтыр къэблэгъагъ.

**Исус зэраубытыгъэр**

(Маттэ 26:47-56; Лука 22:47-53; Иуан 18:3-12)

43Исус джыри къэгущыӀэзэ, игъогу рыкӀорэ нэбгырэ пшӀыкӀутӀумэ ащыщэу
Иудэу Исус тетыгъо зиӀэхэм язгъэубытыщтыр ардэдэм къэкӀуагъ.
Чатэхэмрэ умэхэмрэ аӀыгъхэу, цӀыф купышхо игъусагъ. Дин
пэщэшхохэри, Тэурат егъэджэкӀо пащэхэри, нахьыжъхэри ары ахэр
къэзгъэкӀогъагъэхэр.

44– Сэ сызэбэущтыр ары зыфасӀорэр, – ыӀуи, аубытыщтыр
зэраригъэлъэгъуущт шӀыкӀэр игъусэхэм ариӀогъагъ Иудэ. – Ар шъуубыти,
шъуфэсакъызэ Ӏушъущ.

45Иудэ къызэрэнэсэу Исус екӀуалӀи, – Рабби! – ыӀуи, Исус ебэугъ.

46Аущтэу Исус аубытыгъ.

47Ащ дэжьым щытхэм ащыщ горэм ичатэ къырихи, дин пэщэшхом иунэӀут
еуи, ытхьакӀумэ лъэныкъо гуиупкӀыгъ.

48– ХъункӀэкӀо горэ шъуубытыщтым фэдэу, чатэхэмрэ умэхэмрэ
шъуӀыгъхэу шъукъыспэгъокӀыгъа? – ариӀуагъ Исус ахэмэ.

49– Мафэ къэси Тхьэм иунэшхо цӀыфхэм Тхьэм игущыӀэхэр щязгъашӀэхэу
сышъухэтыгъ, ары шъхьакӀэ сышъуубытыгъэп. Ау мыр зыкӀэхъугъэр
Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэр къэшъыпкъэжьынхэр ары.

50Джащыгъум Исус игъогу рыкӀорэ пстэури ежь утыгум къырани,
хэхьажьыгъэх.

**КӀалэу хэхьажьыгъэр**

51КӀалэ горэ чэсэй фыжь ыпкъ ещэкӀыгъэу, Исус игъусэхэм ахэтыгъ. А
кӀалэр къаубытэу аублагъ,

52ау кӀалэм чэсэй фыжьыр ахэмэ къаӀэкӀини, пцӀанэу аӀэкӀэкӀи,
хэхьажьыгъ.

**Исус Тхьэмэтэ Хэсэшхом ыпашъхьэ зэрэращагъэр**

(Маттэ 26:57-68; Лука 22:54-55, 63-71; Иуан 18:13-14, 19-24)

53Исус дин пэщэшхом дэжь ащагъ. Адрэ дин пэщэшхохэри, нахьыжъхэри,
Тэурат егъэджэкӀо пащэхэри зэкӀэ ащ дэжь къыщызэӀукӀагъэх.

54Петри чыжьэкӀэ Исус ыуж итэу, дин пэщэшхом ищагу нэсыфэ
къыкӀэлъыкӀогъагъ. Ащ дэжьым машӀом зыщыригъэоу, къэрэгъулхэм
ахэсыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

55Дин пэщэшхохэмрэ Тхьэмэтэ Хэсэшхом щыщхэу адрэ тхьэмэтэ
пстэумрэ Исус укI тыралъхьаным пае, шыхьат лъыхъуштыгъэх, ау зи
къагъотыгъэп.

56Шыхьат нэпцIыбэхэм Исус пцIы Iэджи тыралъхьагъ, ары шъхьакIэ
къаIуагъэхэр зэтефагъэхэп.

57Аущтэу зэхъум, шыхьат нэпцI куп къэтэджи, мыр Исус тырилъхьагъ:

58– Мы лIым мыщ фэдэу къыIоу зэхэтхыгъэ: «Тхьэм иунэшхоу цIыфхэм
аIэкIэ ашIыгъэр сэ зэхэскъутэнышъ, цIыфхэм аIэкIэ амышIыгъэу нэмыкI
унэшхо мэфищкIэ зэтезгъэуцожьыщт».

59Ау а шыхьатхэми Исус тыралъхьагъэхэр зэтефагъэхэп.

60ЕтIанэ дин пэщэшхор къэтэджи, утыгум къиуцуагъ. – Сыд мы лIыхэм о
къыптыралъхьэрэр? Сыда зи къызкIэмыIорэр? – еупчIыгъ ар Исус.

61Исус зиушъэфи, зи къыIуагъэп. – Ора Христосэу щытхъушхор зиIэ
Тхьэм ы Къо? – еупчIыгъ джыри зэ дин пэщэшхор.

62– Сэры, – къыIуагъ Исус, – лъэкIышхор зиIэ Тхьэм иджабгъукIи госэу,
ошъуапщэхэми ахэтэу, ЦIыф Лъэпкъым ы Къо къакIоу шъулъэгъущт.

63Ар къызеIом дин пэщэшхом ищыгъынхэр къызэгуитхъыгъэх. – Сыда
нэмыкI шыхьат зэрэтищыкIэгъэжьыр? – къыIуагъ ащ.

64– Тхьэр зэригъэпцIыгъэр шъо зэхэшъухыгъ. Сыдэущтэу шъухаплъэра?
Ахэмэ зэкIэмэ Исус укI ифэшъуашэу къаIуагъ.

65Зы купым Исус теужъунтхэхэу аублагъ. Ынэгуи рахъуи, бжымкIэ
еуагъэх. – Упегъымбармэ, къыоуагъэм ыцIэ къаIо! – раIуагъ.
Къэрэгъулэхэри Исус енэпэшъоуагъэх.

**Петрэ Исус зыщыщыр ымышIэу къызэриIуагъэр**

(Маттэ 26:69-75; Лука 22:56-62; Иуан 18:15-18, 25-27)

66Петрэ ыхэкIэ щагум зыдэтым, дин пэщэшхом иунэIут пшъашъэхэм
ащыщ къэкIуагъ.

67Петрэ машIом зыщыригъэоу зелъэгъум, еплъи риIуагъ: – Ори а Исусэу
Назарет щыщым уригъусагъ.

68– Хьау, о зыфапIорэр сэ сшIэрэп, къызгурыIорэп, – ыIуагъ Петр. ЕтIанэ
щагум дэкIи, идэхьапIэ уцугъэ. Атакъэр къэIуагъ.

69УнэIут пшъашъэм Петрэ ащ дэжьым щытэу зелъэгъум, а чIыпIэм
щытхэм джыри зэ ариIожьэу ыублагъ: – Мыр ахэмэ ащыщ.

70– Хьау, сэ ахэмэ сащыщэп, – ыIуагъ Петрэ джыри зэ. ТIэкIу тешIагъэу
ащ дэжьым щытхэм джыри зэ Петрэ къыраIожьыгъ: – Шъыпкъэу ори
ахэмэ уащыщ; сыда пIомэ, Галилей хэкум ущыщба? ЯгущыIакIэкIэ
укъэгущыIэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

71– Тхьэр сэгъэпцІы къасІорэр мышъыпкъэмэ, а лІэу зыфашъуІорэр
сшІэрэп, – ыІуи, Петрэ тхьарыІо ышІэу ыублагъ.

72Ардэдэм ятІонэрэу атакъэр къэІуагъ. Джащыгъум Исус къыриІогъэгъэ
гущыІэхэр Петрэ ыгу къэкІыжьыгъэх: – Атакъэр тІо Іоным ыпэкІэ, сэ
сызыщыщыр умышІэу гъогогъуищэ къэпІощт. Ар ыгу къызэкІыжьым,
Петрэ къэгъыгъ.

## Марк 15

### Іэшъхьэтет Пилат ыпашъхьэ Исус зэрэращагъэр
(Маттэ 27:1-2, 11-14; Лука 23:1-5; Иуан 18:28-38)

1Нэф къызэрышъэу, нахьыжъхэри, Тэурат егъэджэкІо пащэхэри, адрэ
тхьэматэхэу Тхьэмэтэ Хэсэшхом хэтхэри ягъусэхэу, дин пэщэшхохэм
хасэ ашІыгъ. Исус Іэхъу тыралъхьи, Іуащи, Іэшъхьэтет
Пилат ІэкІалъхьагъ.

2– О джуртхэм уряпачъыхьа? – къеупчІыгъ Пилат Исус. – Ары,
къызэрэпІорэм фэд, – риІожьыгъ Исус.

3Дин пэщэшхохэм Іэджыкіи Исус агъэмысэщтыгъ.

4Пилат джыри зэ Исус къеупчІыгъ: – Сыда зи къызкІэмыІорэр?
Къыптыралъхьэрэр зыфэдизыр плъэгъурэба?

5Ау Исус зи къыІожьыгъэп. Зи къызэримыІожьыгъэр Пилат
ыгъэшІэгъуагъ.

### Исус укІ зэрэтыралъхьагъэр
(Маттэ 27:15-26; Лука 23:13-25; Иуан 18:39–19:16)

6ІутІыжъ мэфэкІ мэфэшхор къэсымэ, цІыфхэр зыкІэлъэІурэ хьапсчІэс
горэ къафитІупщыжьыныр Пилат ихэбзагъ.

7А мафэхэм цІыфхэм бырсыр къызаІэтым, лІы горэ зыукІыгъэу нэбгырэ
заулэ хьапсым чІэсыгъ. Бар-Аббэ ыцІэу лІы горэ ахэмэ ахэтыгъ.

8ЦІыфхэр купышхоу Пилат дэжь къакІохи, ихабзэ фэдэу къафишІэнэу
къелъэІугъэх.

9– Джуртхэм япачъыхьэ шъхьафитэу къышъуфэстІупщыжьыным
шъуфая? – яупчІыгъ Пилат.

10Пилат аущтэу зыкІяупчІыгъэр шъугъоным къыхэкІэу, дин пащэхэм Исус
къызэрэІэкІалъхьагъэр къыгурыІуагъэти ары.

11Ау Пилат Бар-Аббэ къырагъэтІупщыжьыным пае, дин пэщэшхохэм
цІыфхэр зэкІагъэплъыхьагъэх.

12– Адэ, джуртхэм япачъыхьэу зыфашъуІорэм сыда есшІэщтыр? – джыри
зэ яупчІыгъ Пилат.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышІур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

13– Къащым теIулI! – къэкууагъэх ахэр.

14– Сыда ащ бзэджагъэу ышIагъэр? – яупчIыгъ Пилат. Ау ахэр нахь инэу
къэзэрэгъэкууагъэх: – Къащым теIулI!

15Джащыгъум Пилат цIыф купышхор ыгъэрэзэнэу фэягъэти, Бар-Аббэ
къафитIупщыжьыгъ. ЕтIанэ Исус къамыщкIэ ригъаохи, къащым
тыраIулIэнэу аIэкIилъхьагъ.

### ДзэлIхэр Исус зэрэкIэнэкIагъэхэр
(Маттэ 27:27-31; Иуан 19:2-3)

16ДзэлIхэм преторие зыцIэ унэшхом Исус чIащи, адрэ къэнэгъэ дзэлI
купышхор ащ щызэхаугъоягъ.

17ЕтIанэ плъыжь чIапцIэу шъошэ кIыхьэ Исус щалъи, пэнэ къутамэхэр
аблэзэ, пачъыхьэ тандж хашIыкIи, ышъхьэ тыралъхьагъ.

18Шъхьащэ фашIэу аублагъ: «Опсэу, о джуртхэм япачъыхь!» аIозэ.

19ЕтIанэ бэщкIэ ышъхьэ еощтыгъэх, теужъунтхэщтыгъэх, агъэлъапIэрэм
фэдэу лъэгонджэмышъхьэкIэ ыпашъхьэ къитIысхьэщтыгъэх.

20Ахэр Исус зыкIэнакIэхэ ужым, шъошэ кIыхьэ плъыжь чIапцIэр щахыжьи,
ежь ищыгъынхэр щалъэжьыгъэх. ЕтIанэ къащым тыраIулIэнэу преторием
ращыжьыгъ.

### Исус къащым зэрэтыраIулIагъэр
(Маттэ 27:32-44; Лука 23:26-43; Иуан 19:17-27)

21Къалэу Кирение щыщэу, Симон ыцIэу лIы горэ щыIагъ. Ар
Александрэрэ Рутрэ ятагъ. Ар губгъом къикIыгъэу блэкI пэтэу, Исус
икъащ ыхьынэу рагъэзыгъ.

22Голготэ зыфаIорэ чIыпIэм Исус ащагъ, (Голготэм къикIырэр «Шъхьэпкъ
ЧIыпI» ары).

23Ащ дэжьым зынэсхэм, муркIэ заджэхэрэ мыстхъу горэ зыхэлъ сэнэпс
Исус фащэигъ, ау аIихыгъэп.

24ЕтIанэ Исус къащым тыраIулIагъ. Пхъэдз радзэзэ, ищыгъынхэм
ащыщэу хэти иIахьэу къылъыIэсыщтыр зэфагощыгъ.

25Исус къащым зытыраIулIэм, пчэдыжьым сыхьатыр бгъум нэсыгъагъ.

26Исус къащым зыкIытыраIулIагъэр пхъэмбгъум моущтэу тетхэгъагъ:
«Джуртхэм я Пачъыхь».

27А чIыпIэм хъункIэкIуитIу, зыр иджабгъукIэ адрэр исэмэгубгъукIэ, Исус
игъусэхэу къащхэм атыраIулIагъэх.

28Аущтэу Тхьэм мы игущыIэ тхыгъэхэр къэшъыпкъэжьыгъэх: «Хабзэм
текIыгъэхэм ащыщэу ежь алъытагъ».

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

29Блэкlырэ цlыфхэр Исус ехъоныщтыгъэх, ашъхьэхэр агъэсысхэу,
моущтэу аlозэ: – О Тхьэм иунэшхо зэхэзыкъутэу, мэфищкlэ
зэтезгъэуцожьыщтыр,

30умыкlодэу зыкъэгъэнэжьи, къащым къехыжь!

31Ащ фэдэу дин пэщэшхохэмрэ Тэурат егъэджэкlо пащэхэмрэ Исус
кlэнакlэхэу зэраlожьыгъ: – Нэмыкl цlыфхэр мыкlодэу къыгъэнэжьыгъэх,
ау ежь зыкъыгъэнэжьышъурэп.

32Христосэу Израиль ипачъыхьэ джы къащым къерэхыжь.
Къызэрехыжьыгъэр тлъэгъумэ, шlошъхъуныгъэ тиlэ хъущт. Исус
игъусэхэу къащхэм атыраlулlагъэхэри ежь къехъоныщтыгъэх.

**Исус зэрэлlагъэр**

(Маттэ 27:45-56; Лука 23:44-49; Иуан 19:28-30)

33Щэджагъом щегъэжьагъэу сыхьатыр щым нэс, а хэгъэгум тыдэкlи
шlункl къыщыхъугъ.

34Сыхьатыр щым дэжь Исус мэкъэшхокlэ джагъэ: – Элой, Элой! Лама
сабахтани? (Ащ къикlырэр, «О си Тхь, о си Тхь! Сыд пае о
сыкъэубгынагъ?»)

35А чlыпlэм щытхэм ащыщхэм ар зызэхахым, аlуагъ: – Шъуедэlу, ар
пегъымбар Иляс еджэ.

36Зыгорэ lулъади, кlышъо зэраlотырэм сэнэпс шlоlугъэр хиз ышlи, бэщ
горэм пилъхьи, Исус кlигъэшъунэу фищэигъ. Етlанэ ыlуагъ: – Зэ,
пегъымбар Иляс къакlоу къащым къыпихыжьмэ, тежъугъэплъ.

37Ау Исус мэкъэшхокlэ джи, ыпсэ ытыгъ.

38Джащыгъум Тхьэм иунэшхо ипэlухъо ыпшъэкlэ къыщегъэжьагъэу ыхэ
нэсыфэ тlоу къызэготхъыгъ.

39Дзэлlхэм япащэу Исус фэзанкlэу щытым, ар моущтэу лlэзэ зелъэгъум,
къыlуагъ: – Шъыпкъэ дэдэу, мы лlыр Тхьэм ы Къуагъ.

40Чыжьэкlэ къаплъэхэу, бзылъфыгъэхэри ащ дэжьым щытыгъэх. Ахэмэ
ахэтыгъэх мыхэр: Магдалэ щыщ Мерэми, Саломий, нэмыкl Мерэми. А
Мерэм Якъубэ нахьыкlэу зыфаlорэмрэ ыш Иосыерэ янагъ.

41Исус Галилей хэкум зыщэlэм, ахэр игъусэщтыгъэх, lэпыlэгъу
къыфэхъущтыгъэх. Ахэмэ анэмыкlхэуи бзылъфыгъэ lаджи Исус
игъусэхэу Ерусалим къэкlуагъэхэу а чlыпlэм щытыгъэх.

**Исус ихьадэ къэунэм зэрэчlалъхьажьыгъэр**

(Маттэ 27:57-61; Лука 23:50-56; Иуан 19:38-42)

42Бэрэскэшхо мэфагъ, шэмбэт мафэм ыпэрэ мафэр ары. Пчыхьэшъхьапэ
хъугъэти,

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

[43]къуаджэу Ариматей щыщ Юсыф къэкIуагъ. А Юсыф Тхьэмэтэ
Хэсэшхом хэтэу, лъытэныгъэ зифэшъошэ тхьэмэтагъ. Тхьэм и
Тетыгъошхо къэсыным ар паплъэщтыгъ. Ащ зигъэгушхуи, Пилат дэжь
кIуи, Исус ихьадэ кIэлъэIугъ.

[44]Исус зэрэлIагъэр Пилат ыгъэшIэгъуагъ. ДзэлIхэм япащэ къаригъащи,
еупчIыгъ: – Исус бэшIагъа зылIагъэр?

[45]Дзэ пащэм Исус зэрэлIагъэр Пилат къызыреIом, Юсыф Исус ихьадэ
ыхьыжьынэу фит ышIыгъ.

[46]Юсыф чэфын къыщэфи, хьадэр къащым къыпихыжьи, чэфыныр
рищэкIи, Iошъхьэ цакIэм хаупкIыгъэ къэунэм чIилъхьажьыгъ. ЕтIанэ
къэунэ чIэхьапIэм мыжъошхо Iуигъэуклорэягъ.

[47]Магдалэ щыщ Мерэмрэ Иосый янэ Мерэмрэ Юсыф хьадэр
зычIилъхьажьыгъэр алъэгъугъ.

## Марк 16

### Исус лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыгъэр

(Маттэ 28:1-8; Лука 24:1-12; Иуан 20:1-10)

[1]Шэмбэтыр зыблэкIым, Магдалэ щыщ Мерэм, Саломий, Якъубэ янэ
Мерэми къэунэм кIонхэу, Исус ихьадэ дагъэ щафэным пае, мэ IэшIу
зыпихырэ щыфэн дагъэхэр ащэфыгъэх.

[2]Тхьэмафэм иапэрэ мафэм жьы дэдэу, тыгъэр къыкъокIыгъэ къодыеу,
къэунэм кIонхэу гъогу техьагъэх.

[3]– Къэунэ чIэхьапIэм мыжъошхоу Iулъыр хэт тфыIуигъэукIорэикIына? –
зэраIожьыгъ ахэмэ.

[4]Зэплъэхэм, мыжъошхор, ар мыжъо ин дэдагъ, IугъэукIорэикIыгъэу
алъэгъугъ.

[5]Къэунэм зычIахьэхэм, щыгъын фыжь кIыхьэкIэ фэпагъэу, кIалэ горэ
джабгъу лъэныкъомкIэ щысэу алъэгъуи, агучIэ изыгъ.

[6]– ШъумыгумэкI, – къариIуагъ ащ ахэмэ. – Назарет щыщ Исусэу къащым
тыраIулIагъэм шъузэрэлъыхъурэр сэшIэ. Ар мыщ щыIэжьэп. Ар
лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъ! Мары чIыпIэу зычIалъхьажьыгъэр.

[7]Ау шъо шъукIуи, Петрэрэ адрэ лIыхэу Исус игъогу рыкIохэрэмрэ яшъуIу:
«Шъо шъуапэ ар Галилей кIощт. КъызэрэшъуиIуагъэм тетэу ащ дэжьым
щышъулъэгъущт».

[8]Джащыгъум агучIэ изыгъэти, бзылъфыгъэхэр кIэзэзхэу къэунэм
къычIэкIыжьхи, хэхьажьыгъэх. Зыми зи раIуагъэп, сыда пIомэ, джащ
фэдизэу щынагъэхэти ары.

### Исус Магдалэ щыщ Мерэм зыкъызэрэригъэлъэгъугъэр

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

(Маттэ 28:9-10; Иуан 20:11-18)

9Тхьэмафэм иапэрэ мафэм жьэу Исус лIагъэхэм къызахэтэджыкIыжьым,
ыпэ рапшIэу Магдалэ щыщ Мерэм зыкъыригъэлъэгъугъ. А Мерэм ары
Исус джынэпцIибл зыхифыгъагъэр.

10Ар Исус игъусагъэхэу, джы шъыгъохэу гъыщтыгъэхэм адэжь кIуи,
хъугъэ-шIагъэр арiIуагъ.

11Исус зэрэпсаури Мерэм ар зэрилъэгъугъэри зызэхахым, ашIошъ
хъугъэп.

**Игъогу рыкIохэрэм ащыщхэу нэбгыритIу Исус зыкъызэраригъэлъэгъугъэр**
(Лука 24:13-35)

12ЕтIанэ игъогу рыкIохэрэм ащыщхэу нэбгыритIу губгъомкIэ кIохэзэ,
нэмыкI теплъэ иIэу, Исус зыкъаригъэлъэгъугъ.

13Ахэми агъэзэжьи, адрэ цIыфхэу Исус игъогу рыкIохэрэм къэбарыр
араIотэжьыгъ, ау ахэмэ ашIошъ хъугъэп.

**Исус игъогу рыкIохэрэм апшъэ рилъхьэгъэ Iофыр**
(Маттэ 28:16-20; Лука 24:36-49; Иуан 20:19-23; Апостол. 1:6-8)

14Ащ ыуж игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIузыр шхэхэзэ, Исус
зыкъаригъэлъэгъугъ. Ахэмэ яшIошъмыхъуныгъэмрэ ягуркъагъэрэ апаий,
ежь лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъэу зылъэгъугъэхэм къаIотагъэр
ашIошъ зэрэмыхъугъэм паий ягыигъ.

15– Дунаир зэкIэ къэшъукIухьи, цIыф пстэуми къэбарышIур яжъугъэIу –
ариIуагъ Исус ахэмэ.

16– Хэти зышIошъ хъоу, зязгъэумэхъырэр мыкIодэу Тхьэм
къыгъэнэжьыщт, ау хэти зышIошъ мыхъурэр Тхьэм ыгъэмысэщт.

17ШIошъхъуныгъэ зиIэ цIыфхэм мы нэшанэхэр ягъусэщтых: Сэ сцIэкIэ
цIыфхэм джынапцIэхэр ахафыщтых; амышIэрэ бзэхэмкIэ гущыIэщтых;

18аIэхэмкIи блэхэр къаштэщтых; узгъэлIэн къызхэкIын шъоным
ешъохэми, зи къаришIэщтэп; ахэмэ аIэхэр зытыралъхьэрэ сымаджэхэр
хъужьыщтых.

**Исус уашъом зэрэдэкIоежьыгъэр**
(Лука 24:50-53; Апостол. 1:9-11)

19Зиусхьан Исус игъогу рыкIохэрэм къызадэгущыIэм ыуж, Тхьэм ар
уашъом дищэежьыгъ, Тхьэм иджабгъукIи щысынэу готIысхьагъ.

20Исус игъогу рыкIохэрэр ежьагъэхэу, Тхьэм игущыIэхэр тыдэкIи
щагъэIущтыгъэх. Зиусхьаныр адэлажьэу, нэшэнэ гъэшIэгъонхэу ежь
игущыIэхэм гъусэ афишIыщтыгъэхэмкIэ а гущыIэхэр
ыгъэшъыпкъэжьыщтыгъэх. Амин.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

# Лука 1

### Мы тхылъыр зыкIэстхыгъэр

1Хъугъэ-шIагъэхэу тапашъхьэ щыхъугъэхэм якъэбархэр атхыжьынхэу
цIыфыбэхэр пылъыгъэх.

2Ахэмэ атхыгъэхэр цIыфхэу а Iофхэр ублапIэм щегъэжьагъэу нэкIэ
зылъэгъугъэхэмрэ Тхьэм игущыIэхэм афэлэжьагъэхэмрэ
къызэрэтаIотэжьыгъэхэм атетэу ары.

3Аущтэу сэри мы хъугъэ-шIэгъэ Iоф пстэуми яублапIэ щегъэжьагъэу
сыфэсакъыпэу зысэгъэунэфым, о, лъытэныгъэ зифэшъошэ Теофил,
зэкIэлъыкIоу пфэстхынхэу тесыубытагъ,

4о узфагъэсагъэхэм яшъыпкъагъэ пшIэным пае.

### УмэхъэкIо Иуан къызэрэхъущтыр мэлэIич ДжэбраIил къызэриIуагъэр

5Иудей хэкум ипачъыхьэ Ирод имафэхэм Зэчрей зыцIэ дин пащэ горэ
щыIагъ. Ар АбиекIэ заджэхэрэ дин пэщэ купым хэтыгъ. Ишъхьэгъусэ
Елизабетэ Хьарунэ къытекIыгъэ цIыфхэм ащыщыгъ.

6ТIуми Тхьэу ЗиусхьанымкIэ шъыпкъагъэ яIэу, иунашъохэмрэ
ихабзэхэмрэ атетхэу, зэрагъэмысэнхэ Iоф зи амышIэу псэущтыгъэх.

7Лъфыгъэ яIагъэп, сыда пIомэ, Елизабетэ сабый хэкIыщтыгъэп, тIури
аныбжьыкIэ хэкIотэгъагъэх.

8Зэчрей зыхэт дин пэщэ купым Тхьэм иунэшхо щылэжьэнэу ичэзыу
къызынэсым, Тхьэм ыпашъхьэ Зэчрей дин пэщэ Iоф щишIэу ыублагъ.

9Дин пащэхэм яхабзэ тетэу пхъэдз зырадзэм, Зиусхьаным иунэшхо кIоцI
чIэхьанышъ, мэ IэшIу зыпихырэ уцыр Тхьэм пае ыгъэстынэу Зэчрей
къытефагъ.

10Уцыр зыщагъэстын фэе сыхьатыр къэсыгъ. Зэчрей уцыр егъэстыфэ,
зэкIэ цIыфхэр Тхьэм иунэшхо щагу Тхьэм щелъэIущтыгъэх.

11Джащыгъум уц гъэстыпIэм иджабгъукIэ щытэу, Зиусхьаным имэлэIич
Зэчрей къыщыфэлъэгъуагъ.

12Зэчрей ар зелъэгъум, къащти, щынэгъэшхо хэфагъ.

13Джащыгъум мэлэIичыр къыдэгущыIагъ: – Укъэмыщт, Зэчрей. УилъэIу
Тхьэм къызэхихыгъ. Уишъхьэгъусэ Елизабетэ къо къыфэхъущт, ащи
Иуан цIэу о фэуусыщт.

14Ар оркIэ гушIогъошхорэ тхъэгъошхорэ хъущт, ар къызэрэхъугъэм пае,
цIыфыбэхэри гушIощтых.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

15Зиусхьанымкӏэ лӏышхощт, сэнэпсымрэ узгъэутэшъощт шъонымрэ яшъощтэп, янэ ышъо зыхидзагъэм щегъэжьагъэуи Тхьэм ы Псэ Лъапӏэ инэу ыгу илъыщт.

16Израиль цӏыфыбэхэри Зиусхьанэу я Тхьэ игъогу къытыригъэхьажьыщтых.

17Пегъымбар Иляс ыгу Тхьэм ы Псэ Лъапӏэ зэрилъыгъэм фэдэу, ащ ыгу илъэу, Иляс кӏуачӏэ зэриӏагъэм фэдэуи кӏуачӏэ иӏэу, Зиусхьаныр къэкӏоным ыпэкӏэ, ар къэкӏощт. Тыхэмрэ къохэмрэ агухэмкӏэ зэфэгъэзагъэхэу ышӏыщтых, Тхьэм емыдэӏухэри шъыпкъагъэ зиӏэ цӏыфхэм ягъогу тыригъэхьащтых. Аущтэу Зиусхьаным фэшъошэ лъэпкъ хъунэу ащ израиль лъэпкъыр ыгъэхьазырыщт.

18– Ар зэрэшъыпкъэр сыдэущтэу сшӏэщта? – риӏуагъ Зэчрей мэлэӏичым. – Сэ лӏыжъы сыхъугъ, сишъхьэгъуси ыныбжькӏэ хэкӏотагъ.

19– Тхьэм ыпашъхьэ ит мэлэӏич Джэбраӏилыр сэры, – къыриӏожьыгъ мэлэӏичым. – Мы къэбарышӏур осӏоным пае, сыкъыбдэгущыӏэнэу Тхьэм сыкъыгъэкӏуагъ.

20Джы сэ къыосӏуагъэр пшӏошъ хъугъэпышъ, а зыфэсӏогъэ ӏофхэр охъухэфэ, умыгущыӏэшъоу, бзакоу ущыӏэщт. Игъо къызысыкӏэ, ахэр къэхъунхэ фае.

21Зэчрей Тхьэм иунэшхо къызэрэчӏэмыкӏыжьырэр цӏыфхэм агъэшӏагъоу ащ нэсыфэ ежэщтыгъэх.

22Етӏанэ Зэчрей Тхьэм иунэшхо къызычӏэкӏыжьым, цӏыфхэм къадэгущыӏэн ылъэкӏыгъэп. Джащыгъум Тхьэм иунэшхо зыгорэ къызэрэщыфэлъэгъуагъэр къашӏагъ. Зэчрей зыфаер ыӏэхэмкӏэ къагуригъаӏоу, бзакоу къэнагъ.

23Тхьэм иунэшхо ӏофэу щишӏэщтыгъэхэм ямафэхэр зытекӏыхэм, Зэчрей иунэ ыгъэзэжьыгъ.

24Бэ темышӏэу ишъхьэгъусэ Елизабетэ ышъо сабый хидзагъ, мэзитфырэ цӏыфмэ къахэхьагъэп.

25«Зиусхьаным мыр сэ къысфишӏагъ. Мы мафэхэм ынэшӏу къысщифэу, цӏыфмэ апашъхьэ симыгъуагъэ щыстырихыгъ», – ыӏощтыгъ ащ.

**Мэлэӏичэу Джэбраӏил Исус къызэрэхъущтыр Мерэм къызэрэриӏуагъэр**

26Елизабетэ зылъэрмыхьэр мэзих хъугъэу Тхьэм имэлэӏич Джэбраӏил Галилей хэкум щыщэу, къалэу Назарет къыгъэкӏуагъ.

27Ар къызфигъэкӏуагъэр Мерэм зыцӏэ пшъашъэр ары. Юсыфэу пачъыхьэ Даутэ къытекӏыгъэ цӏыфхэм ащыщым а Мерэм къыщэнэу ыгъэнэфэгъагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)

28Мерэм зыдэщыIэм мэлэIичыр къакIуи, къыIуагъ: – ГушIо, о Тхьэм
ынэшIу зыщифагъэр, Зиусхьаныр уигъусэ!

29МэлэIичым къыIуагъэм Мерэм лъэшэу гузэжъогъу хидзагъ, а шIуфэс
гущыIэу къыриIуагъэм къикIырэми егупшысагъ.

30– Укъэмыщт, Мерэм, – къыриIуагъ ащ мэлэIичым, – Тхьэм ынэшIу
къыпщифагъ.

31О пшъо сабый хидзэнышъ, къо къыпфэхъущт. Ащ Исус цIэу о
фэуусышт.

32Ар цIыфышхо хъущт, анахь Лъагэм ы КъокIи еджэщтых. Я Тэшхо
пачъыхьэ Даутэ итIысыпIэ лъапIэ Зиусхьан Тхьэм ащ къыритыщт,

33мыкIодыжьын тетыгъуи Якъубэ илъэпкъ фыриIэщт. Итетыгъошхуи
егъэшIэм кIэух иIэщтэп.

34– Ар сыдэуштэу хъуна? – еупчIыгъ Мерэм мэлэIичым. – Сэ сыпшъэшъэ
дэмыкIу.

35– Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ къыпфехыщт, анахь Лъагэм ыкIуачIи уигъусэщт, –
къыриIожьыгъ мэлэIичым. – Арышъ, кIэлэ лъапIэу къэхъущтым Тхьэм ы
КъокIэ еджэщтых.

36Мары, уиблэгъэ Елизабетэу сабый зыхэмыкIынэу зыфаIощтыгъэм
ижъышъхьэм ышъо сабый хидзагъэу, джы яхэнэрэ мазэм ит;

37сыда пIомэ, Тхьэм ымылъэкIын Iоф зи щыIэп.

38– Мары, сэ Зиусхьаным сыриIорышI, – къыIуагъ Мерэм. – О
зэрэпIуагъэм тетэу къысэрэхъулI. ЕтIанэ мэлэIичыр, Мерэм къыгъани,
IукIыжьыгъ.

**Мерэм Елизабетэ дэжь зэрэкIуагъэр**

39А мафэхэм Мерэм зигъэхьазыри, Iошъхьэ хэкум щыщэу Иудэ текIыгъэ
лIапкъор зыдэс къуаджэм псынкIэу кIуагъэ.

40А къуаджэм зынэсым, Зэчрей иунэ Мерэм ихьи, Елизабетэ шIуфэс
рихыгъ.

41Елизабетэ Мерэм ишIуфэс гущыIэ зызэхехым, сабыеу ышъо хэлъым
зыкъыгъэхъыягъ. Джащыгъум Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ Елизабетэ ыгу инэу
илъ хъугъэ,

42Елизабети мэкъэшхокIэ къыIуагъ: – Бзылъфыгъэ пстэумэ анахьи Тхьэм
ынэшIу о нахь къыпщифагъ, о ппкъы къыхэкIыщт сабыими Тхьэм ынэшIу
къыщифагъ.

43Сэ сыхэт, си Зиусхьан янэ садэжь къэкIонэу?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

44О уишӏуфэс гущыӏэ сэ стхьакӏумэ къызынэсым, сшъо хэлъ сабыим
гушӏуагъокӏэ зыкъыгъэхъыягъ.

45Зиусхьаным къыриӏуагъэр къехъулӏэнкӏэ зышӏошъ хъугъэр гъогу мафэ
теуцуагъ!

**Зиусхьаным Мерэм щытхъушхо зэрэфишӏыгъэр**

46ЕтӀанэ Мерэм къыӀуагъ: – Сэ спсэкӀэ Зиусхьаным илъэгагъэ
щытхъушхор фэсэшӀы,

47сымыкӀодэу сыкъэзгъэнэжьырэ Тхьэм инэу сегъэгушӀо,

48сыда пӀомэ, Зиусхьаныр иӀорышӀэ тхьамыкӀэ нэшӀукӀэ къеплъыгъ. Мары,
джы щегъэжьагъэу лъэхъан пстэуми яцӀыфхэм сэ гъогу мафэ
сытеуцуагъэу аӀощт,

49сыда пӀомэ, ЛъэкӀышхо ЗиӀэм Ӏоф гъэшӀэгъонхэр къысфишӀагъэх. Ежь
ыцӀэр ары лъапӀэр.

50ШӀолӀыкӀ ежь фызиӀэ цӀыфхэм гукӀэгъу афешӀы Тхьэм, ятэ
щегъэжьагъэу ыкъо нэс.

51Ӏоф гъэшӀэгъонхэр ыӀэкӀэ ыгъэхъагъэх, пэгагъэ зыгу илъхэр
зэбгырифыгъэх.

52Тетыгъо зиехэр ятӀысыпӀэхэм къаридзыхыгъэх, пэгагъэ зыгу имылъхэр
къыӀэтыгъэх.

53ЩыкӀагъэ зиӀэхэм тынышӀухэр аритыгъ, ау байхэр ӀэнэкӀхэу
къыгъэнагъэх.

54,55ИӀорышӀэу израиль лъэпкъым лъэплъэ. Тятэшхохэр
къызэригъэгугъагъэхэм атетэу, Ибрахьимэрэ ащ къытекӀыгъэ цӀыфхэмрэ
гукӀэгъу афишӀыныр ыгу илъ зэпыт.

56Елизабетэ дэжь Мерэм мэзищэ щыӀагъ, етӀанэ ядэжь ыгъэзэжьыгъ.

**УмэхъэкӀо Иуан къызэрэхъугъэр**

57Елизабетэ илъфэгъу мафэ къэси, къо къыфэхъугъ.

58Игъунэгъухэмрэ иблагъэхэмрэ Зиусхьаным гукӀэгъушхо ащ
къызэрэфишӀыгъэр зызэхахым, Елизабетэ фэгушӀуагъэх.

59Яенэрэ мафэм сабыир сунэт ашӀынэу зызэрэугъоихэм, тым ыцӀэкӀэ
еджэнхэу, Зэчрей фаусынэу фэягъэх.

60Ау сабыим янэ афидагъэп. – Хьау, ащ Иуан ыцӀэщт, – ыӀуагъ.

61– О уиблагъэхэм зи ахэтэп ащ фэдэ цӀэ зиӀэ, – къыраӀожьыгъ ахэмэ.

62Ащ нэуж сабыим ятэ ӀэкӀэ зэхырагъэшӀыкӀызэ, цӀэу фиусынэу
зыфаемкӀэ еупчӀыгъэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)

63Ащ пхъэмбгъу цIыкIу къахьынэу агуригъэIуагъ. Ар къызахьым, ащ
тыритхагъ: – Ащ ыцIэщтыр Иуан. Ахэмэ зэкIэми ар агъэшIэгъуагъ.

64Ардэдэм ыбзэ къытIупщыжьыгъ, Тхьэм щытхъу фишIэзэ,
къэгущыIэжьыгъ.

65Гъунэгъухэу къегъэтIысыкIыгъэхэр зэкIэ щынэгъошхом хэфагъэх,
Иудей Iошъхьэ хэкум тыдэкIи а пстэури зэкIэ щызэлъашIагъ.

66А Iофхэр зэхэзыхыгъэ пстэуми ахэр агухэм раубытагъэу аIощтыгъ: –
Мы сабыир сыд фэдэ хъущта? Сыда пIомэ, Зиусхьаным ынэшIу ащ
къыщифагъ.

**Зэчрей ыгу Тхьэм къырилъхьэгъэ гущыIэхэр къызэриIуагъэхэр**

67Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ сабыим ятэу Зэчрей ыгу инэу илъ хъуи, мы
гущыIэхэр къыригъэIуагъэх:

68– Зиусхьанэу Израиль и Тхьэ щытхъушхор ий, сыда пIомэ, ицIыф
лъэпкъэу Израиль нэшIукIэ къеплъи, шъхьафитыныгъэ къыритыгъ.

69Тхьэм ежь фэIорышIэрэ пачъыхьэ Даутэ къытекIыгъэ цIыфхэм ащыщэу
лъэкIышхо зиIэу, тымыкIодэу тыкъэзгъэнэжьыщтыр къытфигъэкIуагъ,

70пасэм щегъэжьагъэу ипегъымбар лъапIэхэм агухэм къарилъхьи,
къызэраригъэIуагъэм фэдэу.

71Ащ типыйхэм тащиухъумэу, тымыкIодэу тыкъыгъэнэжьыщт,
тызыуджэгъухэрэми тыкъаIэкIихыжьыщт.

72Аущтэу Тхьэм тятэжъышхохэм гукIэгъушхо къафешIы, зэзэгъыныгъэ
лъапIэу ежьыррэ тятэжъышхоу Ибрахьимэрэ азыфагу гущыIэ пытэкIэ
дилъхьагъэри егъэцакIэ.

73А гущыIэ пытэр мыры:

74Тэ типыйхэм тыкъаIэкIихыжьыщт, щынагъуи тыгухэм арымылъэу, ежь
тыфэлэжьэныр тигъэлъэкIыщт,

75Ежь ыпашъхьэ тигъашIэкIэ гукъэбзагъэрэ шъыпкъагъэрэ тиIэхэзэ.

76ЕтIанэ Зэчрей къыпигъэхъожьыгъ: – О сикIал, анахь Лъагэм
урипегъымбарэу аIощт, сыда пIомэ, Зиусхьаным игъогу бгъэпсынэу ежь
ыпэ укIощт.

77О Зиусхьаным ицIыф лъэпкъ ебгъэшIэщт, япсэкIодхэр
зэрафигъэгъухэрэмкIэ ахэр мыкIодхэу, Тхьэм къызэригъэнэжьхэрэр.

78Ти Тхьэ гукIэгъоу иIэр ины. Ар къыкъокIырэ тыгъэм фэдэу уашъом
къикIэу къытфэкIощт,

79лIэныгъэм ищынагъо хэтхэмрэ шIункIым хэтхэмрэ атепсэным паий,
мамырныгъэ гъогум тытыригъэхьаным паий.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

80Сабыим зыкъыIэтыгъ, ыгуи ыпси хэхъуагъ. Израиль цIыфмэ апашъхьэ
къызщихьащт мафэм нэс шъоф нэкIым щыIагъ.

# Лука 2

### Исус къызэрэхъугъэр

(Маттэ 1:18-25)

1А мафэхэм Рим къэралыгъошхом зэкIэ ис цIыф пстэуми япчъагъэ
алъытэнхэу, ацIэхэр атхынхэу кайсар Аугуст унашъо къыдигъэкIыгъ.

2Мыр апэ дэдэу цIыфхэр зыщалъытагъэхэр ары. Ар зыхъугъэр Сирие
хэкум иIэшъхьэтет Квириный зыцIэм илъэхъан ары.

3Арыти, хэтрэ цIыфи ежь ыцIэ аригъэтхыным пае, ятэ-янэхэр зыщыщ
къалэм кIуагъэ.

4Аущтэу Юсыф пачъыхьэ Даутэ къытекIыгъэ цIыфхэм зэращыщым пае,
Галилей хэкум ит къалэу Назарет дэкIи, Даутэ икъалэу Иудей хэкум ит
Бет-Лэхьэм дэкIоягъ.

5Юсыф аригъэтхыным пае, къыщэнэу ыгъэнэфэгъэгъэ Мерэмэу сабыир
зышъо хэлъыр игъусэу, Бет-ЛэхьэмкIэ дэкIоягъ.

6Ащ щыIэхэу, лъфэгъу мафэр къэсыгъ.

7Джащыгъум Мерэм ыкъоу щыпэлъфыр къыфэхъугъ, хъэдэным
кIоцIищыхьи, былымхэр зычIэт цощым ит шхынлъэм дилъхьагъ, сыда
пIомэ, хьакIэщым чIыпIэ нэкI иIэжьыгъэп.

### МэлэIичыр мэлэхъохэм къазэрэфэлъэгъуагъэр

8А Iэгъо-благъом мэлэхъо заулэ ямэлхэм апэсхэу чэщым губгъом
итыгъэх.

9Тхьэм имэлэIич горэ ахэмэ къафэлъэгъуагъ. Зиусхьаным инэфынэ
гъэшIэгъон мэлахъохэр къызеуцухьэм, ахэр лъэшэу щтагъэх.

10Ау мэлэIичым къариIуагъ: – Шъумыщын, ау шъукъэдаIу! ЗэкIэ
шъулъэпкъ пае къэбар гушIогъошхо къышъосIощт:

11Шъуи КъэгъэнэжьакIо Даутэ икъалэ непэ къыщыхъугъ, ар Зиусхьанэу
Христос ары.

12Мыр шъоркIэ нэшанэ хъущт: сабыир хъэдэным кIоцIыщыхьагъэу,
шхынлъэм дэлъэу къэжъугъотыщт.

13ЕтIанэ ошIэ-дэмышIэу мэлэIичым дэжь уашъом щыщэу мэлэIич
купышхо къыщылъэгъуагъ. Тхьэм щытхъушхо фашIэу моущтэу къаIуагъ:

14– Щытхъушхор уашъомкIэ Тхьэм ий, чIылъэмкIэ цIыфхэу Тхьэр разэ
зыфэхъухэрэм гупсэфыр яй!

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

15Мэлэlичхэр lукlыжьхи, уашъом зыдэкlоежьхэм, мэлахъохэм
зэраlожьыгъ: – Зиусхьаным зикъэбар къытигъэlугъэ хъугъэ-шlагъэр
тлъэгъунэу Бет-Лэхьэм тыжъугъакlу.

16Арыти, Бет-Лэхьэм псынкlэу кlохи, Мерэми Юсыфи шхынлъэм дэлъ
сабыйри къагъотыгъ.

17Ахэр залъэгъухэм, мэлэlичым сабыим ехьылlагъэу къариlуагъэхэр
аlотэжьыгъэх.

18Мэлахъохэм къаlуагъэхэр зэхэзыхыгъэ цlыф пстэуми агъэшlэгъуагъ.

19Ау Мерэм мы lофхэр зэкlэ ыгу риубытэхи, ягупшысагъ.

20Мэлахъохэм зэхахыгъэ пстэумрэ алъэгъугъэ пстэумрэ апае Тхьэр
агъэлъапlэзэ, щытхъу фашlызэ, агъэзэжьыгъ. Мэлэlичым
къызэрариlуагъэм тетэу зэкlэри хъугъэ.

**Юсыфрэ Мерэмрэ сабыеу Исус Зиусхьаным ыпашъхьэ зэрэрахьагъэр**

21Мэфий тешlагъэу сабыир сунэт ашlын фаеу зэхъум, Мерэм ышъо
хидзэным ыпэкlэ, мэлэlичым ащ къызэрэриlогъагъэм тетэу Исус
фаусыгъ.

22Пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ иунашъо тетэу Юсыфрэ Мерэмрэ
зызщагъэкъэбзэжьын фэе мафэхэр зыблэкlхэм, сабыир Зиусхьаным
ыпашъхьэ рахьаным пае, Ерусалим ахьыгъ,

23мы унашъоу Зиусхьаным ихабзэ итым тетэу: «Хэтрэ хъулъфыгъэ
щыпэлъфыр Зиусхьаным иен фае».

24Ащ нэмыкlэуи Ерусалим зыкlэкlуагъэхэр Зиусхьаным иунашъо тетэу,
ежьхэр къабзэ хъунхэм пае, «губгъо тхьэркъо цlыкlуитlу е тхьэркъо
щыритlу» къурмэныпхъэу ахьыныр ары.

25А мафэхэм Симеон зыцlэ лlы горэ Ерусалим дэсыгъ. Ар шъыпкъагъэ
зиlэу, Тхьэм шlолlыкl фызиlэ лlыгъ. Израиль игукъао Тхьэм
тырихыжьыным ежэщтыгъ. Тхьэм ы Псэ Лъапlи ыгу илъыгъ.

26Тхьэм ы Псэ Лъапlэ Симеон зэхыригъэшlыкlыгъагъ, Зиусхьаным дэжь
къикlын фэе Христос ылъэгъуным ыпэкlэ, лlэныгъэр
къызэрэлъымыlэсыщтыр.

27Аущтэу Тхьэм ы Псэ Лъапlэ Симеон Тхьэм иунэшхо чlищагъ. Тэурат
хабзэм иунашъо тетэу, сабыир Тхьэм ыпашъхьэ рахьаным пае янэрэ
ятэрэ сабыеу Исус Тхьэм иунэшхо къызычlахьэм,

28Симеон сабыир lаплlыкlэ къышти, мы гущыlэхэр ыlохэзэ, Тхьэм щытхъу
фишlыгъ:

29– Зиусхьан, сызэрэбгъэгугъагъэм тетэу, сэ о уиlорышlэр гупсэф сыгу
илъэу джы дунаим серэхыжь;

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

30,31сыда пӀомэ, цӀыф лъэпкъ пстэуми апашъхьэ о щыбгъэхьазырыгъэу,
цӀыфхэр мыкӀодхэу Къэзгъэнэжьыщтыр сэ сынэхэмкӀэ слъэгъугъэ.

32Ар нэфынэу хымэ лъэпкъхэм шъыпкъагъэр язгъэшӀэщтыр ары, о
плъэпкъ Израиль щытхъуушхо иӀэ зыгъэхъущтри ары.

33Сабыим ехьылӀагъэу Симеон къыӀогъэ гущыӀэхэр Юсыфрэ сабыим
янэрэ агъэшӀэгъуагъэх.

34ЕтӀанэ ахэмэ ынэшӀу къащифэнэу Симеон Тхьэм афелъэӀуи, сабыим
янэ Мерэм риӀуагъ: – Израиль щыщ цӀыфыбэхэр мы сабыим текӀодэнхэм
паий, цӀыфыбэхэри мыкӀодхэу къыгъэнэжьынхэм паий, нэшанэу цӀыфхэр
къызпэуцущтыр хъуным паий, Тхьэм ар къыгъэкӀуагъ.

35Аущтэу цӀыфыбэмэ агухэм арылъхэр нафэ къэхъущтых. Чатэм фэдэу
гукъэошхом о угуи къыуӀэщт.

36Ащ дэжьым Ашер лӀакъом щыщэу, Фануил ыпхъоу Аннэ ыцӀэу
пегъымбар бзылъфыгъэ горэ щыӀагъ. ЫныбжькӀэ лъэшэу хэкӀотэгъагъ.
ЗыдэкӀо ужым илъэсиблэ илӀ игъусагъ.

37ЕтӀанэ лӀыр зэлӀэм, бзылъфыгъэр зэрэшъузэбэу ыныбжь тӀокӀиплӀырэ
плӀырэ хъугъэ. Тхьэм иунэшхо къычӀэмыкӀэу, ынэкӀэу, Тхьэм елъэӀоу,
чэщи мафи Тхьэр ыгъэлъапӀэщтыгъ.

38А ныор а сыхьат дэдэм Мерэмрэ Юсыфрэ абгъодахьи, Тхьэм щытхъу
фишӀыгъ. Тхьэм Ерусалим шъхьафитыныгъэ къызэрэритыщтым
паплъэщтыгъэ цӀыфхэм сабыим игугъу афишӀ зэпытыгъ.

39Мерэмрэ Юсыфрэ Зиусхьаным ихабзэ иунашъо тетэу, зэкӀэри
загъэцэкӀэ ужым, Галилей хэкум ит якъалэу Назарет агъэзэжьыгъ.

40Сабыим зыкъыӀэтыщтыгъ, ыгукӀи ыпсэкӀи хахъощтыгъ, акъылышӀу иӀэ
хъущтыгъ, Тхьэм ынэшӀуи къыщифэщтыгъ.

**Исус кӀалэр Тхьэм иунэшхо зэрэкӀуагъэр**

41Илъэс къэс Исус янэ-ятэхэр ӀутӀыжъ мэфэкӀ мэфэшхом ехъулӀэу
Ерусалим кӀощтыгъэх.

42КӀалэр илъэс пшӀыкӀутӀу зэхъум, хабзэм тетэу, мэфэкӀ мэфэшхом тефэу
Ерусалим кӀуагъэх.

43МэфэкӀ мэфэшхохэр зыблэкӀхэм, янэ-ятэхэм якъалэ загъэзэжьым,
ахэмэ амышӀахэу кӀалэу Исус Ерусалим къыдэнагъ.

44Адрэ ягъусэхэм ахэтэу гугъэхэзэ, янэ-ятэхэр зы мафэ гъогум тетыгъэх.
ЕтӀанэ яблагъэхэмрэ яныбджэгъухэмрэ адэжь кӀалэм щылъыхъухэу
аублагъ.

45Къызамыгъотыжьым, лъыхъунхэу Ерусалим къагъэзэжьыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

46Мэфищ ужым Тхьэм иунэшхо чIэсэу къагъотыжьыгъ, дин гъэсакIохэм
ахэсэу, ахэмэ къаIорэм едэIоу, яупчIэу.

47КIалэм ыIорэм къедэIущтыгъэ пстэуми игубзыгъагъэрэ ипэгъокIхэмрэ
агъэшIагъощтыгъэх.

48Янэ-ятэхэм кIалэр залъэгъум, агъэшIэгъуагъ. – А кIал, сыда
къытэпшIагъэр? – къыриIуагъ янэ. – Уяти сэри гумэкIыгъом тыхэтэу
тыкъыплъэхъу.

49– Сыд пае шъукъыслъыхъура? – къариIожьыгъ кIалэм. – Сэ ся Тэ
иунэшхо сычIэсын зэрэфаер шъушIэрэба?

50Ау кIалэм гущыIэхэу къариIуагъэхэр къагурыIуагъэп.

51ЕтIанэ янэ-ятэхэм ягъусэу Исус НазаретькIэ ехыжьыгъ, афэIорышIэуи
щытыгъ. Янэ мы Iофхэр зэкIэ ыгу риубытагъэх.

52Исус зыкъыIэтыщтыгъ, нахь акъылышIуи хъущтыгъ, Тхьэми цIыфхэми
агу къеIущтыгъ.

## Лука 3

### Умэхъэкlо Иуан Тхьэм игущыIэхэр зэригъэIущтыгъэр

(Маттэ 3:1-12; Марк 1:1-8; Иуан 1:19-28)

1Кайсар Тиберые итетыгъо ипшIыкIутфэнэрэ илъэсыр арыгъэ; Понтый
Пилат Иудей хэкум иIэшъхьэтетыгъ; Ироди Галилей хэкум ипщыгъ; ыш
Филипп Итурей хэкумрэ Трахонит хэкумрэ япщыгъ. Лисание Абилиней
хэкум ипщыгъ.

2Аннэрэ Кайафэрэ дин пэщэшхощтыгъэх. А мафэхэр ары Зэчрей ыкъо
Иуанэу шъоф нэкIым щыпсэущтыгъэм Тхьэм игущыIэхэр
къызыфехыгъэхэр.

3Иуан Иордан псыхъом иIэгъо-благъо зэкIэ къыкIухьэзэ, цIыфхэм Тхьэм
игущыIэхэр аригъэIущтыгъ, моущтэу къыIозэ: – ШъуипсэкIодшIагъэхэм
шъуафыкIэгъожьи, зысэжъугъэумэхъ, Тхьэм ахэр къышъуфигъэгъунхэм
пае.

4Мы Iофхэр зэкIэ хъугъэх, пегъымбар Ешайа игущыIэхэр итхылъ зэритым
фэдэу, «Шъоф нэкIым джэ макъэ горэ къыщэIу: Зиусхьаным игъогу
фэжъугъэпси, игъогу лъагъохэр зэшъхьэ-зашъо фэшъушIых.

5Сыдрэ хъуати сэищт, сыдрэ Iуашъхьи бги къефэхыщт. Гъогу
IонтIагъэхэр занкIэ хъущтых. Мызэшъхьэ-зэшъо гъогухэр зэшъхьэ-зашъо
хъущтых.

6ЦIыфхэр мыкIодхэу Тхьэм къызэригъэнэжьхэрэр цIыф пстэуми
алъэгъущт».

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

[7]Цlыф купышхохэм зырагъэумэхъынэу Иуан дэжь къыдэкlыгъэх. Ежь
ахэмэ арилоlщтыгъ: – Шъо блэщылъфхэр! Тхьэм игубжэу къэкlощтым
шъуlэкlэкlынэу хэта шъушъхьэ къизылъхьагъэр?

[8]Шъуипсэкlодшlагъэхэм шъуафыкlэгъожьыным фэшъошэ lофышlухэр
жъугъэцакlэх. «Ибрахьимэ тэ тят» шъугукlэ шъуlоным шъуфитэу
шъумыгугъ, сыда плlомэ, сэ шъосэlо, Тхьэм мы мыжъохэм Ибрахьимэ пае
лъфыгъэхэр къахигъэхъукlын ылъэкlыщт.

[9]Обзэгъур чъыг лъапсэхэм атыраубытэгъах. Аущтэу сыдрэ чъыгэу шlугъэ
къызпымыкlэрэр раупкlынышъ, машlом падзэщт.

[10]Цlыф купышхохэр Иуан къеупчlыгъэх: – Сыда адэ тэ тшlэщтыр?

[11]– Хэти джэнитlу зиlэм джанэ зимыlэм зыр ререт, – арилоlжьыгъ ахэмэ. –
Шхын зиlэми шхын зимыlэм ререт.

[12]Хьакъулахь ахъщэр хэзыххэрэми зырагъэумэхъыным пае, Иуан дэжь
къэкlохи, къеупчlыгъэх: – Дин гъэсакlу, тэ сыда тшlэщтыр?

[13]– Цlыфхэм къаlышъухын фаем нахьыбэ къаlышъумых, – арилоlжьыгъ
ахэмэ.

[14]– Адэ тэ сыда тшlэщтыр? – къеупчlыгъэх дзэлхэри Иуан. – Зыми
егъэзыгъэкlэ иахъщэ къытешъумых, зыми пцlыкlэ шъуемыдау. Ахъщэ
лэжьапкlэу къышъуатырэм шъуезэгъ, – арилоlжьыгъ ахэмэ.

[15]– Мы Иуан Христосэу зыфаlорэр ары шъуlуа? – аlоу, гугъапlэ яlэу
цlыфхэр зэкlэ агухэмкlэ зэупчlыжьыщтыгъэх.

[16]– Сэ псымкlэ шъусэумэхъы, ау сэщ нахьи нахь лъэкlышхо иlэу зыгорэ
къэкlощт, – арилуагъ Иуан зэкlэ ахэмэ. – Ащ ицокъэлъэпсхэр
фэстlэтэнхэуи сифэшъуашэп. Ащ Тхьэм ы Псэ Лъапlэкlэ ыкlи машlокlэ
шъуиумэхъыщт.

[17]Ащ ихьанцэ ыlэ чlэлъ, ихьамэщи ыукъэбзыжьынышъ, икоци иконхэм
аритэкъожьыщт, ау уарзэр мыкlосэжьын машlокlэ ыгъэстыщт.

[18]Аущтэу Иуан цlыфхэр нэмыкlыбэхэми афигъасэхэзэ, къэбарышlур
аригъэlущтыгъ.

[19]Ежь ыш псаоу щыlэми, а шым ишъузэу Иродиадэ пщэу Ирод
къызэрищэжьыгъэм паий, ащ нэмыкl бзэджагъэу ышlэгъэ пстэуми апаий,
Иуан Ирод егыигъ.

[20]Джащыгъум Ирод бзэджагъэу ышlэгъэ пстэуми ахигъахъуи, идзэлlхэм
Иуан хьапсым чlаригъэдзагъ.

**Иуан Исус зэриумэхъыгъэр**
(Маттэ 3:13-17; Марк 1:9-11)

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

21Иуан цIыф пстэури ыумэхъ зэхъум, Исуси ыумэхъыгъ. Исус Тхьэм
зелъэIум, уашъор зэIукIи,

22тхьаркъом ыпкъ фэдэу пкъы иIэу, Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ Исус къыфехыгъ.
Уашъом макъэ къиIукIыгъ: – Оры сэ шIу слъэгъурэ с Къо кIасэр. Сэ сыгу о
къыоIугъ.

### Исус лъэпкъэу къызхэкIыгъэр

(Маттэ 1:1-17)

23Исус иIоф зеублэм, илъэс щэкI ыныбжьыгъ. ЦIыфмэ
къызэрашIошIыгъэм фэдэу, ар Юсыф ыкъуагъ. Ар Илый ыкъуагъ.

24Ар Матфат ыкъуагъ. Ар Лэуй ыкъуагъ. Ар Мелхый ыкъуагъ. Ар Яннай
ыкъуагъ. Ар Юсыф ыкъуагъ.

25Ар Маттафый ыкъуагъ. Ар Амос ыкъуагъ. Ар Наум ыкъуагъ. Ар Еслим
ыкъуагъ. Ар Наггей ыкъуагъ.

26Ар Мааф ыкъуагъ. Ар Маттафый ыкъуагъ. Ар Семей ыкъуагъ. Ар Юсыф
ыкъуагъ. Ар Иудэ ыкъуагъ.

27Ар Иоаннан ыкъуагъ. Ар Рисай ыкъуагъ. Ар Зоробабел ыкъуагъ. Ар
Шеалтиил ыкъуагъ. Ар Нирый ыкъуагъ.

28Ар Мелхый ыкъуагъ. Ар Аддый ыкъуагъ. Ар Косам ыкъуагъ. Ар
Элмодам ыкъуагъ. Ар Ир ыкъуагъ.

29Ар Иосие ыкъуагъ. Ар Элиезер ыкъуагъ. Ар Иорим ыкъуагъ. Ар Матфат
ыкъуагъ. Ар Лэуй ыкъуагъ.

30Ар Симеон ыкъуагъ. Ар Иудэ ыкъуагъ. Ар Юсыф ыкъуагъ. Ар Ионан
ыкъуагъ. Ар Элиаким ыкъуагъ.

31Ар Мелеай ыкъуагъ. Ар Майнан ыкъуагъ. Ар Маттафай ыкъуагъ. Ар
Натан ыкъуагъ. Ар Даутэ ыкъуагъ.

32Ар Ищай ыкъуагъ. Ар Обид ыкъуагъ. Ар БоIаз ыкъуагъ. Ар Сэлмон
ыкъуагъ. Ар Нахшон ыкъуагъ.

33Ар Аминадаб ыкъуагъ. Ар Рам ыкъуагъ. Ар Хэцрон ыкъуагъ. Ар Пэрэц
ыкъуагъ. Ар Иудэ ыкъуагъ.

34Ар Якъубэ ыкъуагъ. Ар Исхьакъ ыкъуагъ. Ар Ибрахьимэ ыкъуагъ. Ар
Терах ыкъуагъ. Ар Нахор ыкъуагъ.

35Ар Серух ыкъуагъ. Ар Рагаб ыкъуагъ. Ар Фалек ыкъуагъ. Ар Ебер
ыкъуагъ. Ар Салэ ыкъуагъ.

36Ар Кайнан ыкъуагъ. Ар Арфаксад ыкъуагъ. Ар Сим ыкъуагъ. Ар Нухьэ
ыкъуагъ. Ар Ламэхъ ыкъуагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

37Ар Метушалах ыкъуагъ. Ар Хьанэхъу ыкъуагъ. Ар Яред ыкъуагъ. Ар
Махьалалел ыкъуагъ. Ар Кайнан ыкъуагъ.

38Ар Енос ыкъуагъ. Ар Сиф ыкъуагъ. Ар Адэм ыкъуагъ. Ар Тхьэм ий.

# Лука 4

### Исус псэкlод ригъэшlэнэу шэйтаныр ыуж зэритыгъэр

(Маттэ 4:1-11; Марк 1:12-13)

1Тхьэм ы Псэ Лъапlэ инэу ыгу илъэу, Исус Иордан псыхъом
къыlукlыжьыгъ.

2Тхьэм ы Псэ Лъапlэ ар шъоф нэкlым ыщагъ. А чlыпlэм шэйтаныр ащ
псэкlод ригъэшlэным мэфэ тlокlитlурэ ыуж итыгъ. А мафэхэм Исус зи
ышхыгъэп, ахэри зытешlэхэ ужым, къэмэлэкlагъ.

3Джащыгъум шэйтаным Исус къыриlуагъ: – О Тхьэм ури Къомэ, мы
мыжъор хьалыгъу хъунэу унашъо фэшl.

4– Тхьэм игущыlэ тхыгъэхэм арыт, – риlожьыгъ Исус, – «Хьалыгъу закъор
арэп цlыфыр зэрыпсэущтыр, сыдрэ гущыlэу Тхьэм дэжь къикlырэр ары
нахь».

5Етlанэ шэйтаным Исус чlыпlэ лъагэ горэм дищаий, зы нэплъэгъукlэ
дунаим тет пачъыхьагъу пстэури къыригъэлъэгъугъ.

6Ащ Исус къыриlуагъ: – Мы пачъыхьагъухэм ятетыгъо пстэумрэ
щытхъушхоу яlэмрэ остыщтых, сыда пlомэ, сlэ илъых, сызфаем естын
сыфит.

7Лъэгонджэмышъхьэкlэ укъэтlысэу сыбгъэлъапlэмэ, ахэр зэкlэ о уие
хъущт.

8– Тхьэм игущыlэ тхыгъэхэм арыт, – риlожьыгъ Исус, – «Зиусхьанэу уи
Тхьэ бгъэлъапlэзэ, ежь изакъоу уфэлэжьэн фае».

9Ащ ыуж шэйтаным Исус Ерусалим ыщи, Тхьэм иунэшхо нахь лъэгапlэу
иlэм тыригъэуцуи, къыриlуагъ: – О Тхьэм ури Къомэ, мыщ дэжьым
зыщедзых;

10,11сыда пlомэ, Тхьэм игущыlэ тхыгъэхэм арыт: «Тхьэм имэлэlичхэм
укъаухъумэнэу унашъо къафишlыщт, о плъакъокlи мыжъом
уемыутэкlыным пае, аlэхэмкlэ уаlэтыщт».

12– Тхьэм игущыlэ тхыгъэхэм арыт, – риlожьыгъ Исус, – «Зиусхьанэу уи
Тхьэ умыушэты».

13Етlанэ шэйтаным Исус псэкlод зэрэригъэшlэн lэмал пстэури зеухым,
игъо ифэмэ, къыгъэзэжьынэу lукlыжьыгъ.

### Исус иlоф Галилей хэкум зэрэщиублагъэр

(Маттэ 4:12-17; Марк 1:14-15)

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

14 ЕтIанэ Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ илъэкIыкIэ Исус Галилей хэкум ыгъэзэжьыгъ. Исус икъэбар а хэкум зэкIэ щыIугъ.

15 ЦIыф пстэуми щытхъу къыфашIэу, Исус ахэмэ ясинэгогухэм Тхьэм игущыIэхэр щаригъашIэщтыгъ.

**Назарет дэс цIыфхэм Исус зэрамыштагъэр**
(Маттэ 13:53-58; Марк 6:1-6)

16 Исус зыщапIугъэ Назарет къэкIуагъ. Зэрихабзэу, шэмбэт мафэм синэгогум чIэхьагъ. Ащ Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм ащыщхэм къафеджэнэу апашъхьэ къиуцуагъ.

17 Пегъымбар Ешайа итхылъ къыратыгъ. Тхылъыр къызэгуихи, моущтэу зэрытхэгъэ чIыпIэр къыгъотыгъ:

18 «Зиусхьаным ы Псэ ЛъапIэ сыгу илъ хъугъэ; сыда пIомэ, Тхьэм дэгъэ лъапIэр къысщифагъ. КъызкIысщифагъэр тхьамыкIэхэм къэбарышIур язгъэIуныр ары. Зыгу кIодыгъэхэр згъэхъужьынхэуи, хьапсчIэсхэр шъхьафит зэрэхъужьыщтхэр язгъэIунэуи, нэшъухэр къэзгъэплъэжьынхэуи, къин зыщэчыхэрэр шъхьафит сшIыжьынхэуи Тхьэм сыкъыгъэкIуагъ

19 Зиусхьаным ынэшIу цIыфхэм къазыщифэщт илъэсыр къызэрэсыгъэм икъэбар язгъэIунэуи сыкъыгъэкIуагъ».

20 Исус етIанэ тхылъыр зэгуипIожьи, синэгогу IофышIэм ритыжьи, тIысыгъэ. Синэгогум чIэс цIыф пстэури анэхэр тырагъэдыкъагъэхэу ащ къеплъыщтыгъэх.

21 Исус ахэмэ ариIоу ыублагъ: – Зэхэшъухызэ, Тхьэм мы игущыIэ тхыгъэхэр непэ къэшъыпкъэжьыгъэх.

22 ЦIыфхэм агу инэу Исус еIугъ, игущыIэ дахэхэри агъэшIэгъуагъэх. Ахэмэ къаIуагъ: – Юсыф ыкъор арыба мыр?

23 – Щэч хэмылъэу, мы гущыIэжъыр къысэшъуIощт: «Iазэр, зыгъэхъужь!» – ариIуагъ Исус. – Къалэу Капернаум Iофэу щыпшIагъэхэу зэхэтхыгъэхэр мы къалэу уянэ икъалэ щышIэх.

24 Исус етIани къыпигъэхъожьыгъ: – Шъыпкъэр шъосэIо, хэтрэ пегъымбари янэ икъалэ щадэрэп.

25 Ау шъыпкъэр шъосэIо, пегъымбар Иляс имафэхэм илъэсищырэ мэзихырэ ощхыр къемышхэу, уашъом щыIэ Тхьэм ошъогур зызэфешIым, хэкум тыдэкIи гъэблэшхуи зыщэхъум, Израильым шъузэбэ Iэджи исыгъ.

26 Ау щытми, ахэмэ ащыщ горэм дэжь Тхьэм Иляс ыгъэкIуагъэп, къалэу Сидон иIэгъо-благъо ит къуаджэу Сарептэ дэс шъузабэ горэм дэжь ыгъэкIуагъэ нахь.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

27Ащ фэдэуи, пегъымбар Елисей имафэхэм шъоджэ уз Iаер зиIэ
цIыфыбэхэр Израиль исыгъэх, ау Елисей ахэмэ ащыщэу зи
ыгъэхъужьыгъэп. Сирие хэкум щыщэу НаIаман зыцIэр ыгъэхъужьыгъ
нахь.

28Ар зызэхахым, синэгогум чIэс цIыф пстэури лъэшэу къэгубжыгъ.

29Къызщылъэтхи, Исус къалэм дафи, къалэр зытет бгышъхьэм
радзыхынэу ащагъ.

30Ау Исус ахэмэ азыфагу дэдэ пхырыкIи, IукIыжьыгъ.

### Исус лIы горэм джынэпцIэ Iаер зэрэхифыгъэр
(Марк 1:21-28)

31ЕтIанэ Исус Галилей хэкум щыщ Капернаум къалэмкIэ къехи, шэмбэт
мафэм цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр аригъашIэу ыублагъ.

32ЦIыфхэм Исус Тхьэм игущыIэхэр зэраригъашIэщтыгъэ шIыкIэр лъэшэу
агъэшIэгъуагъ, сыда пIомэ, тетыгъошхо иIэу, ахэмэ адэгущыIэщтыгъэшъ
ары.

33Синэгогум джынэпцIэ Iае зыхэс лIы горэ чIэтыгъ. Ар мэкъэшхокIэ
къахэкууагъ:

34– Е-о-ой, сыд уиIофэу къытхэлъыр, Назарет щыщ Исус?
ТыбгъэкIодынэу укъэкIуагъа? О хэтми узыщыщыр сэшIэ: Тхьэм дэжь
къикIыгъэ ЛъапIэр оры!

35– Щыгъэт, мы лIым хэкIыжь! – къыIуагъ Исус джынапцIэм егыеу.
ДжынапцIэм зэкIэмэ апашъхьэ лIыр къыриути, зи римышIэу хэкIыжьыгъ.

36ЗэкIэми лъэшэу агъэшIагъоу зэраIожьыщтыгъ: – Мыр сыда?
Тетыгъошхорэ лъэкIышхорэ иIэу, джынэпцIэ Iаехэм унашъо афишIызэ,
цIыфхэм ахефых.

37Джаущтэу Исус икъэбар хэкум иIэгъо-благъо тыдэкIи щыIугъ.

### Исус цIыфыбэхэр зэригъэхъужьыгъэхэр
(Маттэ 8:14-17; Марк 1:29-34)

38Исус синэгогум къычIэкIыжьи, Симон иунэ ихьагъ. Симон ишIугуащэ
плъыр-стырэм лъэшэу ригъэзыгъэу пIэм хэлъыгъ. Исус ар
ыгъэхъужьынэу елъэIугъэх.

39Исус сымаджэм шъхьэщыуцуи, плъыр-стырэм егыий, хигъэкIыжьыгъ.
Бзылъфыгъэр ащ лъыпытэу къэтэджыжьи, ахэр къыхьакIэу ыублагъ.

40Тыгъэр къохьажь зэхъум, уз зэфэшъхьаф зиIэ сымаджэхэр зэкIэ Исус
къыфащэхэу цIыф пстэуми аублагъ. Ахэмэ ащыщ пэпчъ ыIэ
тырилъхьэзэ, ыгъэхъужьыщтыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

41Джынапцӏэхэр цӏыфыбэхэм къахэкӏыжьыщтыгъэх, куохэзэ: – Оры Христосэу Тхьэм ы Къор! Ар зэрэ Христосыр ахэмэ ашӏэщтыгъэти, Исус ягыити, къэгущыӏэнхэу фит ышӏыщтыгъэхэп.

**Исус Галилей хэкур къыкӏухьэзэ, Тхьэм игущыӏэхэр цӏыфхэм зэраригъэӏущтыгъэр**

(Марк 1:35-39)

42Нэф къызэшъым, Исус къалэм дэкӏи, чӏыпӏэ ӏудзыгъэ горэм кӏуагъэ. Ау цӏыф купышхохэр лъыхъухи, къызагъотыжьым, адэжь къагъэнэнэу пылъыгъэх.

43– Нэмыкӏ къалэхэми Тхьэм и Тетыгъошхо ехьылӏэгъэ къэбарышӏур цӏыфмэ щязгъэӏун фае. Джары Тхьэм сыкъызфигъэкӏуагъэр, – ариӏуагъ Исус.

44Аущтэу Галилей хэкум ит синэгогухэм Тхьэм игущыӏэхэр цӏыфмэ щаригъэӏущтыгъ.

## Лука 5

**Исус игъогу рыкӏонхэу апэрэ нэбгырищым къызэряджагъэр**

(Маттэ 4:18-22; Марк 1:16-20)

1Мафэ горэм Исус Геннисарет зыцӏэ псыхъураем ӏутызэ, Тхьэм игущыӏэхэм ядэӏунхэм пае, цӏыф купышхохэр къэзэрэугъоихи, тезэрэгъэгуагъэх.

2А чӏыпӏэм псы ӏушъом къошъуитӏу ӏутэу Исус ылъэгъугъ. Пцэжъыяшэхэр ахэмэ къарыкӏыгъэхэу, яхъытыухэр аукъэбзэщтыгъэх.

3А къуашъохэм язэу Симон ием Исус ихьи, тӏэкӏу ӏукӏотынэу Симон риӏуи, тӏысыгъэ. Етӏанэ къуашъом исэу, цӏыф купышхохэм Тхьэм игущыӏэхэр аригъашӏэхэу ыублагъ.

4Цӏыфхэм Тхьэм игущыӏэхэр зарегъашӏэхэ ужым, Исус Симон риӏуагъ: – Куупӏэм хахьи, пцэжъые къэшъуубытыным пае, шъуихъытыухэр хэшъудзэх.

5– Тхьэматэ, чэщ реным бэрэ тыулэугъ, ау зи къэтыубытыгъэп, – къыӏожьыгъ Симон. – Ау о зэрэпӏорэм тетэу, джыри зэ хъытыухэр хэсыдзэщтых.

6Хъытыухэр зыхадзэхэм, пцэжъыябэ къаубытыгъэти, яхъытыухэр зэготхъыхэу аублагъ.

7Ягъусэхэу адрэ къуашъом исхэр къэкӏонхэшъ, къадэӏэпыӏэнхэу ӏэ афашӏыгъ. Ахэр къакӏохи, чӏэбынкӏэ щынагъоу къошъуитӏумэ пцэжъые арыз ашӏыгъ.

8Симон Петрэ ар зелъэгъум, Исус ылъакъохэм адэжь зыщыридзыхи, ыӏуагъ: – Сэ збгъодэкӏ, Зиусхьан! Сэ сыпсэкӏодышӏэ цӏыф.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)

9Ар зыкIиIуагъэр пцэжъыехэу къаубытыгъэхэр зэрэбагъэм пае, ежьыри
адрэ игъусэхэми агучIэ изыгъагъэти ары.

10Ащ фэдэу Зебедей ыкъуитIоу Якъуби Иуани Симон
дэлажьэщтыгъэхэми агучIэ изыгъагъ. – Умыщын, – риIуагъ Исус Симон. –
Пцэжъые къэуубытыным ыуж узэритыгъэм фэдэу, джы къыщегъэжьагъэу
цIыфхэр сэ сигъогу къытебгъэхьащтых.

11ЕтIанэ ахэмэ якъуашъохэр псым къыхалъэшъужьхи, зэпстэури
къагъани, Исус ыуж ихьагъэх.

### Исус шъоджэ уз Iае зиIэ лIы горэ зэригъэхъужьыгъэр

(Маттэ 8:1-4; Марк 1:40-45)

12Исус къалэ горэм щыIэу, шъоджэ уз Iаем зэлъиубытыгъэ лIы горэ
къэкIуагъ. Ащ Исус зэрилъэгъугъэм тетэу, чIыгум бгъэгукIэ зыридзыхи,
елъэIугъ: – Тхьэматэ, уфаемэ, сыбгъэхъужьын плъэкIыщт.

13Исус ыIэ ыщэий, тырилъхьи, къыIуагъ: – Сыфай, псаоу хъужь! Ардэдэм
шъоджэ узыр а лIым хэкIыжьыгъ.

14Исус ащ фигъэпытэу риIуагъ: – Мыр зыми емыIотэжь, ау дин пащэм
дэжь кIуи, зегъэлъэгъу. Узэрэхъужьыгъэм пае, пегъымбар Мусэ иунашъо
тетэу къурмэн шIы. Ар узэрэхъужьыгъэмкIэ цIыфхэм апашъхьэ шыхьат
щыхъущт.

15Ау Исус икъэбар ыпэм нахьи нахьыбэу цIыфмэ ахэхьагъэ хъугъэ.
Аущтэу цIыф купышхохэр Исус къыIохэрэм къядэIунхэу, яузхэри
рагъэгъэхъужьынхэу ыдэжь къакIохэу хъугъэ.

16Ау Исус цIыфмэ ахэкIызэ, Iудзыгъэ чIыпIэхэм Тхьэм щелъэIуным пае,
кIоныр ихэбзагъ.

### ЗыIэпкъ-лъэпкъ узым зэкIиубытэгъэ лIыр Исус зэригъэхъужьыгъэр

(Маттэ 9:1-8; Марк 2:1-12)

17Мафэ горэм Исус цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр аригъашIэщтыгъ. Галилей
ыкIи Иудей хэкухэм якъоджэ пстэуми, Ерусалими къарыкIыгъэхэу,
фарисейхэри Тэурат егъэджэкIо пащэхэри Исус къедэIущтыгъэ цIыфхэм
ахэсыгъэх. Сымаджэхэр ыгъэхъужьынхэу Зиусхьаным ыкIуачIэ Исус
хэлъыгъ.

18Джащыгъум зыIэпкъ-лъэпкъ узым зэкIиубытэгъэ лIы горэ пIуаблэм
телъэу нэбгырэ заулэмэ къахьыгъ, Исус ыпашъхьэ ралъхьаным пае,
унэм рахьаным пылъыгъэх.

19Ау цIыфхэр зэрэбагъэм къыхэкIыкIэ, сымаджэр унэм рахьан
алъэкIыгъэп. Аущтэу зэхъум, унашъхьэм дэкIуаехи, унашъхьэм щыщ
тырахи, сымаджэр пIуаблэм телъэу, цIыф пстэуми къалъэгъоу Исус
ыпашъхьэ къыратIупщэхыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

20Ахэмэ яшIошъхъуныгъэ зелъэгъум, Исус а лIым риIуагъ: – Уипсэкlодшlагъэхэр къыпфэгъугъэх.

21Ар зеIом, Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ фарисейхэмрэ агухэмкIэ аIоу аублагъ: – Хэта мыр? Тхьэр егъэпцIыба? Тхьэм нэмыкIэу, хэта псэкIодшIагъэхэр зыгъэгъун зылъэкIырэр?

22Ау Исус ахэмэ агухэм арылъыр ешIэти, ариIуагъ: – Сыд пае ащ фэдэ Iофхэр шъо шъугукIэ шъуIора?

23Тара нахь псынкIагъор, «УипсэкIодшIагъэхэр къыпфэгъугъэх» пIоныр ара, хьауми «Къэтэджи къэкIуахь» пIоныр ара?

24Ау къэшъушIэным пае, ЦIыф Лъэпкъым ы Къо псэкIодшIагъэхэр ыгъэгъунхэу дунаим тетыгъо зэрэщыриIэр, – джащыгъум Исус зыIэпкъ-лъэпкъ узым зэкIиубытэгъэ лIым риIуагъ: – Сэ осэIо, къэтэджи, уипIуаблэ къашти, шъуадэжь кIожь!

25Ардэдэм а лIыр ахэмэ апашъхьэ къыщытэджи, пIуаблэу зытелъыгъэр зыдиштэжьи, Тхьэм щытхъу фишIызэ, ядэжь кIожьыгъэ.

26ЗэкIэми агучIэ изыгъэу Тхьэм щытхъу фашIыщтыгъ. Щынагъэхэу къаIощтыгъ: – Сыд гъэшIэгъонышху тэ непэ тлъэгъугъэр!

**Исус игъогу рыкIонэу Лэуй къызэреджагъэр**

(Маттэ 9:9-13; Марк 2:13-17)

27Ащ нэуж Исус къызыдэкIым, хьакъулахь ахъщэ зыщыхахырэ унэм Iусэу, хьакъулахь ахъщэр хэзыхырэ лIы горэу Лэуй зыцIэр ылъэгъугъ. – Сауж къырыкIу, – риIуагъ Исус.

28Лэуй къэтэджи, зэкIэри къыгъани, Исус ыуж ихьагъ.

29ЕтIанэ Лэуй иунэ гухэхъо Iанэ Исус фытыригъэуцуагъ. Хьакъулахь ахъщэр хэзыххэрэмрэ нэмыкI хьакIэхэмрэ бэ хъухэу Iанэм пэсыгъэх.

30Аущтэу залъэгъум, фарисейхэмрэ Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ ар агу римыхьэу, Исус игъогу рыкIохэрэм араIуагъ: – Хьакъулахь ахъщэр хэзыххэрэмрэ псэкIодышIэхэмрэ сыда шъузкIадашхэрэри шъузкIадешъорэри?

31– Псаухэр арэп Iазэ зищыкIагъэхэр, сымаджэхэр ары нахь, – ариIожьыгъ Исус.

32– Шъыпкъагъэ зиIэ цIыфхэм сяджэнэу арэп сыкъызфэкIуагъэр, псэкIодышIэхэр япсэкIодшIагъэхэм афыкIэгъожьынхэм пае сяджэнэу ары нахь.

**Джурт тхьэматэхэр нэкIым ехьылIагъэу Исус къызэреупчIыгъэхэр**

(Маттэ 9:14-17; Марк 2:18-22)

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

33Фарисейхэмрэ Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ Исус къыраIуагъ: – Иуан
игъогу рыкIохэрэм бэрэ анэкIы, Тхьэм елъэIух, фарисейхэм ягъогу
рыкIохэрэри ары, ау о уигъогу рыкIохэрэр машхэх, ешъох.

34– Шъаор ягъусэфэкIэ, шъаом игъусэхэр жъугъэнэкIынха? – ариIожьыгъ
Исус ахэмэ.

35– Ау шъаор затырахыщт мафэхэр къэкIощтых. А мафэхэр
къызыкIохэкIэ, анэкIыщт.

36Джащыгъум зы гъэсэпэтхыдэ къафиIотагъ: – Зыми идэжьын
щыгъыныкIэм къыпитхъэу щыгъыныжъым фишIырэп. Аущтэу ышIымэ,
щыгъыныкIэри зэIитхъыжьыщт, щыгъыныкIэм щыщ идэжьыныр
щыгъыныжъыми екIущтэп.

37Джащ фэдэу зыми сэнэпс шIыгъакIэр шъонтыжъхэм аригъахъорэп.
Аущтэу ышIымэ, сэнэпс шIыгъакIэм шъонтхэр къызэгуитхъынхэшъ,
сэнэпсри къичъыжьыщт, шъонтхэри кIодыщтых.

38Ау сэнэпс шIыгъакIэр шъонтыкIэхэм арагъахъон фае. Ащыгъум тIури
мыкIодхэу къэнэжьыщтых.

39Сэнэпсыжъ ешъуагъэм сэнэпс шIыгъакIэм ыгу еIущтэп; сыда пIомэ,
сэнэпсыжъыр нахь дэгъоу еIошъ ары.

## Лука 6

### Шэмбэт мафэм Исус игъогу рыкIохэрэм коцышъхьэхэр къызэрэпачыгъэхэр

(Маттэ 12:1-8; Марк 2:23-28)

1Шэмбэт мафэ горэм Исус коц хьасэхэр зэпичыхэзэ, игъогу рыкIохэрэм
коцышъхьэхэр къыпачыхэзэ, IэгукIэ аIотхэзэ, ашхыщтыгъэх.

2Фарисей заулэмэ аIуагъ: – Шэмбэт мафэм хабзэкIэ пшIэ
мыхъущтыр сыд пае шъушIэра?

3– Даутэрэ игъусэхэмрэ мэлакIэ лIэхэ зэхъум, ащ ышIагъэм
шъуеджагъэба? – ариIожьыгъ Исус ахэмэ.

4– Ар Тхьэм иунэ ихьи, цIыфхэм Тхьэм ыпашъхьэ ралъхьэгъэ
хьалыгъур ышти, ышхыгъ, игъусэхэми аригъэшхыгъ. А хьалыгъур дин
пащэхэм анэмыкI хабзэкIэ зыгорэм ышхы хъущтыгъэп.

5ЕтIанэ Исус ариIуагъ: – ЦIыф Лъэпкъым ы Къо шэмбэт мафэм итхьэмат.

### ЗыIэ лъэныкъо пыгъукIыгъэ лIы горэ Исус зэригъэхъужьыгъэр

(Маттэ 12:9-14; Марк 3:1-6)

6НэмыкI шэмбэт мафэ горэм Исус синэгогум чIэхьагъэу, цIыфхэм Тхьэм
игущыIэхэр ариъашIэщтыгъ. ЗыIэ джабгъу пыгъукIыгъэ лIы горэ ащ
чIэтыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

7Шэмбэт мафэм тефэу Исус а лIыр ыгъэхъужьыщтмэ, Тэурат егъэджэкIо
пащэхэмрэ фарисейхэмрэ Исус еплъакIощтыгъэх, зэрагъэмысэн Iоф горэ
къагъотыным пае.

8Ау Исус ахэмэ агухэм арылъыр ышIагъ, зыIэ лъэныкъо пыгъукIыгъэ лIым
риIуагъ: – Къэтэджи, мо утыгум къихь. ЛIыр къэтэджи, утыгум къихьагъ.

9ЕтIанэ Исус ахэмэ ариIуагъ: – Сэ сышъоупчIы. Шэмбэт мафэм шIу
пшIэныр ара, хьауми бзэджагъэ пшIэныр ара хабзэкIэ хъущтыр, псэ
мыкIодэу къэбгъэнэжьыныр ара, хьауми бгъэкIодыныр ара?

10ЕтIанэ ахэмэ зэкIэмэ ахаплъи, а лIым риIуагъ: – О пIэ къэщэй. ЛIым ыIэ
къыщэий, адрэ Iэм фэдэу хъужьыгъэ.

11Ау ахэр губжыным къызэкIигъэплъыхьагъэхэти, Исус рашIэщтымкIэ
зэупчIыжьыщтыгъэх.

**Исус апостол нэбгырэ пшIыкIутIур къызэрэхихыгъэр**
(Маттэ 10:1-4; Марк 3:13-19)

12А мафэхэм Тхьэм елъэIуным пае, Исус Iуашъхьэм дэкIоягъ. Тхьэм
елъэIузэ, чэщыр зэкIэ ащ щырихыгъ.

13Нэф къызэрэшъэу, игъогу рыкIохэрэм къяджи, ахэмэ ащыщэу нэбгырэ
пшIыкIутIу къахихи, апостолхэкIэ яджагъ. А апостолхэр мыхэр арыгъэх:

14Симонэу ятIонэрэ цIэу Петрэ зыфиусыгъэр; ащ ышэу Индрыс; етIанэ
Якъуб, Иуан, Филипп, Бар-Талмай,

15Маттэ, Фомэ, Алфей ыкъо Якъуб, Симонэу зихэгъэгу ыпсэ емыблэжьэу
фэлажьэрэмкIэ заджэхэрэр,

16Якъубэ ыкъо Иудэ, Иудэ Искариот. А Иудэ Искариот ары нэужым
тетыгъо зиIэхэм Исус язгъэубытыгъэр.

**Исус цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр зэраригъашIэщтыгъэри сымаджэхэр зэригъэхъужьыщтыгъэри**
(Маттэ 4:23-25)

17Ахэмэ ягъусэу Исус къехыжьи, чIыпIэ зэшъхьэ-зашъом къыщыуцугъ.
Игъогу рыкIохэрэм ащыщхэу зы купышхо а чIыпIэм итыгъ. Ахэмэ
анэмыкIэуи цIыф купышхо Иудей хэкум зэкIэ, Ерусалими, къалэхэу Тиррэ
Сидонрэ яхыIушъохэми къарыкIыхи, ащ дэжьым къыщызэрэугъоигъэх.

18Ахэр зэкIэ Исус гущыIэу къыIохэрэм ядэIунхэуи яузхэр
рагъэгъэхъужьынхэуи къэкIогъагъэх. ДжынэпцIэ Iаехэм къин
зэрагъэщэчырэ цIыфхэри Исус ыгъэхъужьыщтыгъэх.

19Сымэджэ пстэури ыгъэхъужьынэу кIуачIэ ыпкъ къызэрэхэкIыщтыгъэм
пае, цIыфхэр зэкIэ зэрэнэсынхэм ыуж итыгъэх.

**Гъогу мафэ теуцуагъэхэри гъогу мыгъо теуцуагъэхэри**
(Маттэ 5:1-12)

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

[20]Исус игъогу рыкIохэрэм яплъи, къыIуагъ: – Гъогу мафэ шъутеуцуагъ,
шъо, тхьамыкIэхэр, сыда пIомэ, Тхьэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ шъучIэт.

[21]Гъогу мафэ шъутеуцуагъ, шъо, джы мэлакIэ лIэхэрэр, сыда пIомэ, шъо
зыжъугъэшхэкIыжьыщт. Гъогу мафэ шъутеуцуагъ, шъо, джы гъыхэрэр,
сыда пIомэ, шъугушIожьыщт.

[22]Гъогу мафэ шъутеуцуагъ, ЦIыф Лъэпкъым ы Къо игъогу
шъуззэрэрыкIорэм пае, цIыфхэм шъуаyджэгъумэ, шъузыхадзымэ,
къышъохъонхэмэ, шъуцIэ Iаекlэ тегущыIэхэмэ.

[23]А мафэм шъугушIу, шъуззэрэгушIорэм пае, шъудэпкIай, сыда пIомэ,
Тхьэм уашъом Iахьышlоу къыщышъуфигъэшъошэщтыр инышъ ары. А
цIыфхэм ятэжъхэм пегъымбармэ аущтэу арашIэщтыгъ.

[24]Ау гъогу мыгъо шъутеуцуагъ, шъо, байхэр, сыда пIомэ, шъугу
зыгъэтхъэн Iофхэр жъугъотыгъахэх.

[25]Гъогу мыгъо шъутеуцуагъ джы зызгъэшхэкIыгъэхэр, сыда пIомэ,
мэлакIэ шъулIэжьыщт. Гъогу мыгъо шъутеуцуагъ джы гушIохэрэр, сыда
пIомэ, шъугъыщт ыкIи шъупыхьажьыщт.

[26]Гъогу мыгъо шъутеуцуагъ зэкIэ цIыфхэр къышъущытхъухэмэ, сыда
пIомэ, а цIыфхэм ятэжъхэм аущтэу пегъымбар нэпцIхэм арашIэщтыгъ.

**Шъуипыйхэр шIу шъулъэгъух**

(Маттэ 5:38-48; 7:12)

[27]– Ау шъо, къысэдэIухэрэм, шъосэIо. Шъуипыйхэр шIу шъулъэгъух,
шъузыуджэгъухэрэми шIу афашъушI.

[28]КъышъобгыхэрэмиТхьэм ынэшIу къащифэнэу шъуафелъэIу, IаекIэ
къыжъудэзекIохэрэми шIукIэ Тхьэм шъуафелъэIу.

[29]О унэгушъо лъэныкъо къеорэм адрэ нэгушъори фэгъаз. О уищыгъын
кIыIутелъ птезыхырэм джанэри къыфэгъан.

[30]Хэтми зыгорэкIэ къыолъэIурэм ет, уихьапщыпхэр птезыхырэми
къыуитыжьынэу емыIу.

[31]ЦIыфхэр шъо къыжъудэзекIонхэу шъуззэрэфаем фэдэу, шъори ахэмэ
шъуадэзекIу.

[32]– ШIу шъузылъэгъухэрэм язакъоу шIу шъулъэгъухэмэ, шъоркIэ сыд
фэдэ щытхъуа ащ хэлъыр? ПсэкIодышIэхэм ежьхэр шIу
къэзылъэгъухэрэр шIу алъэгъужьхэба?

[33]ШIугъэ къышъуфэзышIэрэ цIыфхэм шIу афэшъушIэжьмэ, шъоркIэ сыд
фэдэ щытхъуа ащ хэлъыр? ПсэкIодышIэхэм арыба ашIэрэр?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

[34]Къышъуатыжьынкlэ шъузыщыгугъыхэрэм чlыфэ яшъутымэ, шъоркlэ
сыд фэдэ щытхъуа ащ хэлъыр? Псэкlодышlэхэм адрэ псэкlодышlэхэм
чlыфэ араты, аратыгъэм фэдиз къаlахыжьынэу щыгугъыхэу.

[35]Ау шъуипыйхэр шlу шъулъэгъух, шlу афашъушl, къышъуатыжьынкlэ
шъущымыгугъэу чlыфи яшъут. Аущтэу зышъушlыкlэ, Тхьэм lахьышlоу
къышъуфигъэшъошэщтыр ины хъущт, анахь Лъагэм ибынхэуи
шъущытыщт; сыда пlомэ, цlыфхэу шlу зыфаlорэр къызгурымыlохэрэмкlи
цlыф бзаджэхэмкlи Тхьэр шlу.

[36]Шъуя Тэ лъапlэ гукlэгъу зэриlэм фэдэу, шъори гукlэгъу зижъугъаl.

**Зыми хьыкум тешъумышlыхь**
(Маттэ 7:1-5)

[37]– Зыми хьыкум тешъумышlыхь, Тхьэми хьыкум
къышъутыришlыхьащтэп. Зы цlыфи шъумыгъэмыси, Тхьэми
шъуигъэмысэщтэп. Цlыфхэм афэжъугъэгъу, Тхьэми къышъуфигъэгъущт.

[38]Цlыфхэм яшъути, Тхьэм шъо къышъуитыщт. Шъуишапхъэ гъэсысыгъэу,
иубагъэу, изэу, къелыжьыгъэу Тхьэм къышъуфишlэжьыщт; сыда пlомэ,
шъо шапхъэу зэрэшъушырэм фэдэ шапхъэкlэ Тхьэм шъо
къышъуфишыжьыщт.

[39]Етlанэ Исус гущыlэжъ ариlуагъ: – Зы нэшъум адрэ нэшъур зэрищэн
ылъэкlына? Тlури машэм ифэнхэба?

[40]Еджакlор езгъаджэрэм нахьи нахь инэп, ау хэти зэкlэ зэригъэшlагъэ
зыхъукlэ, езгъаджэрэм фэдэ мэхъу.

[41]– О унэ пкъэоу кlэлъым гу лъымытэу, пхъэцалэу о пшы ынэ кlэлъыр
сыд пае плъэгъура?

[42]О унэ пкъэоу кlэлъыр умылъэгъоу, сыдэущтэу пшы епlон плъэкlыра,
«Пхъэцалэу о унэ кlэлъыр къыкlэсэгъэх, сшы?» О нэпитlу зиlэр, ыпэ
рапшlэу пкъэоу о унэ кlэлъыр къыкlэхыжьи, етlанэ пхъэцалэу о пшы ынэ
кlэлъыр къызэрэкlэпхыжьыщтыр нафэу плъэгъущт.

**Чъыгыр зыфэдэр къыпыкlэрэмкlэ къэпшlэщт**
(Маттэ 7:17-20; 12:34-35)

[43]– Чъыгышlум дэй къыпыкlэрэп, чъыг дэими шlу къыпыкlэрэп.

[44]Сыдрэ чъыги зыфэдэр къыпыкlэрэмкlэ къэпшlэщт. Пырэжъые куандэм
ынджыр къыпачырэп, шхъуми сэнашъхьэ къыпачырэп.

[45]Цlыфышlум ыгу илъ шlугъэм шlугъэ къыхехы, цlыф бзаджэми ыгу илъ
бзэджагъэм бзэджагъэ къыхехы; сыда пlомэ, жэм къыдэкlырэр гум илъыр
ары.

**Унэ зышlырэ лlы lушымрэ унэ зышlырэ лlы акъылынчъэмрэ**
(Маттэ 7:24-27)

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

46– Сыд пае «Зиусхьан! Зиусхьан!» къысашъуIора, сэ сIорэр
шъумыгъэцакIэу?

47Хэти садэжь къакIоу, сигущыIэхэр зэхэзыхэу, ахэри зыгъэцакIэрэр
зыфэдэр шъозгъэшIэщт.

48Ар зыфэдэр унэ зышIырэ лIэу чIыгур куоу зытIэу, унэ лъапсэр мыжъо
пытэм тезышIыхьагъэр ары. Псышхор къызеум, псым иорхэр а унэм
еуагъэх, ау ар пытэу зэрашIыгъэм пае, ыгъэхъыен ылъэкIыгъэп.

49Ау сигущыIэхэр зэхэзыхэу, ахэри зымыгъэцакIэрэр зыфэдэр лIэу зиунэ
лъэпсэ пытэ имыIэу, чIыгушъхьэм тезышIыхьагъэр ары. Псым иорхэр а
унэм къызэреохэу, зэхэуагъ. А унэр зызэхаоми, Iэе дэдэу зэхэуагъ.

## Лука 7

### Исус дзэ пащэм иунэIут зэригъэхъужьыгъэр

(Маттэ 8:5-13; Иуан 4:43-54)

1Исус а гущыIэхэм зэкIэ цIыфхэр зарегъэдэIухэ ужым, къалэу Капернаум
дэхьагъ.

2Дзэ пащэ горэм шIу ылъэгъурэ унэIут горэ иIагъ. А унэIутыр лIэным
нэсыгъэу сымаджэу щылъыгъ.

3Дзэ пащэм Исус икъэбар зызэхехым, Исус къэкIонышъ, иунэIут
ыгъэхъужьынэу джуртхэм янахьыжъхэм ащыщхэу заулэ лъэIуакIоу
ыдэжь ыгъэкIуагъэх.

4Ахэр Исус дэжь къызэкIохэм, лъэшэу елъэIухэзэ раIуагъ: – О ар
фэпшIэныр ифэшъуаш,

5сыда пIомэ, тэ тлъэпкъ шIу елъэгъу, тисинэгогуи тфаригъэшIыгъ.

6Исус адишти, адэкIуагъ. Дзэ пащэм иунэ пэблагъэ зэхъухэм, дзэ пащэм
иныбджэгъухэр Исус къыпигъэгъокIыхи, къыраригъэIуагъ: – Тхьэматэ,
зымыгъэулэу, о сэ сиунэ укъихьанэу сифэшъуашэп.

7Ар зэрэсимыфэшъуашэм пае, уадэжь сшъхьэкIэ сыкъэкIонэуи
зыфэзгъэшъошагъэп. Ау гущыIэ закъо къаIуи, унашъо шIи, сиунэIут
хъужьыщт.

8Сыда пIомэ, сэри лIы горэм иунашъо ыIэчIэгъ сычIэт, сиунашъуи
ыIэчIэгъ дзэлIхэр чIэтых. Зыгорэм «КIо» есIомэ, кIощт. Адрэми «КъакIо»
есIомэ, къэкIощт. СиунэIути «Мыр шIэ» есIомэ, ышIэщт.

9Исус ар зызэхехым, а лIыр ыгъэшIэгъуагъ, ыуж ит цIыф купышхоми
зыфигъази, ариIуагъ: – Сэ шъосэIо, мыщ фэдэ шIошъхъуныгъэ зиIэ цIыф
Израиль хэгъэгуми изгъотагъэп.

10ЕтIанэ лIыкIохэм унэм агъэзэжьыгъ. Къызагъэзэжьым, унэIутыр
хъужьыгъэу рихьылIэжьыгъэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

### Наин щыщ шъузабэм икIалэу лIагъэр Исус къызэригъэтэджыжьыгъэр

11Охътэ тIэкIу тешIагъэу Исус Наин зыцIэ къалэм кIуагъэ. Игъогу
рыкIохэри цIыф купышхори игъусагъэх.

12Исус къэлапчъэм игъунэгъу зэхъум, хьадэ горэ къыдахыщтыгъ. Ар
шъузабэ горэм ыкъо закъуагъ. ЦIыф купышхуи къалэм щыщэу шъузабэм
игъусагъ.

13Зиусхьаным шъузабэр зелъэгъум, ыгу егъуи, моущтэу риIуагъ: – Умыгъ,
тян.

14ЕтIанэ пхъэмбаим бгъодахьи, теIэбагъ. Хьадэр зыхьыхэрэр
къызэтеуцуагъэх. ЕтIанэ Исус къыIуагъ: – А кIал, къэтэдж осэIо!

15Ар зеIом, лIэгъэ кIалэр къэтэджыжьи, къэгущыIэу фежьагъ. Исуси ар
янэ ритыжьыгъ.

16ЗэкIэми щынэгъошхо агу къихьагъ, Тхьэми щытхъу фашIэу аIуагъ: –
Пегъымбарышхо къытхэкIыгъ. Тхьэр нэшIукIэ илъэпкъ къеплъыгъ.

17Исус ышIагъэм икъэбар зэкIэ Иудей хэкуми зэкIэ Iэгъо-благъоми
ащыIугъ.

### УмэхъэкIо Иуан лIыкIохэр Исус дэжь зэригъэкIуагъэхэр
(Маттэ 11:2-19)

18Мы Iофхэр зэкIэ Иуан игъогу рыкIохэрэм ежь раIотэжьыгъэх.

19Ахэмэ ащыщхэу нэбгыритIу Иуан къяджи, Зиусхьаным дэжь
ыгъэкIуагъэх моущтэу еупчIынхэу: – Ора къэкIон фаер хьауми нэмыкI
горэм тыпэплъэн фая?

20А нэбгыритIур Исус дэжь къызэкIохэм, къаIуагъ: – УмэхъэкIо Иуан
тыкъыоупчIынэу уадэжь тыкъыгъэкIуагъ: «Ора къэкIон фаер хьауми
нэмыкI горэм тыпэплъэн фая?»

21А мафэхэм сымэджэ Iаджи, уз Iае зиIэ Iаджи, джынапцIэ зыхэс цIыф
Iаджи Исус ыгъэхъужьыгъэх. Нэшъу Iаджи къыгъэплъэжьыгъ.

22Исус а къэкIуагъэхэм ариIожьыгъ: – Жъугъэзэжьи, Iофэу
шъулъэгъугъэхэмрэ зэхэшъухыгъэхэмрэ Иуан ешъуIотэжьых: нэшъухэр
къэплъэжьых, лъащэхэр тэрэзэу зекIо мэхъужьых, шъоджэ уз Iаер
зиIэхэр псаухэу, къабзэхэу мэхъужьых, дэгухэми зэхахыжьы, лIагъэхэр
къэтэджыжьых, тхьамыкIэхэми къэбарышIур зэхахы.

23Сэщ пае зыгу мыхъун къизымыгъахьэрэр гъогу мафэ теуцуагъ.

24Иуан илIыкIохэр зыIокIыжьхэм, Исус цIыф купышхохэм Иуан
ехьылIагъэу ариIоу ыублагъ: – Шъоф нэкIым шъузыдэкIым, сыда
шъулъэгъунэу шъузыфэягъэр? Жьыбгъэм ыгъэсысырэ къамыл
шъулъэгъунэу арыгъа?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

25Армырмэ, сыда шъулъэгъунэу шъузыфэягъэр ащ шъузыдэкIым? Дахэу
фэпэгъэ лIы гора? Дэхэ дэдэу фэпагъэхэу, псэукIэшIу зиIэхэр зэрысхэр
пачъыхьэхэм яунэшхохэр ары.

26Адэ, сыда шъулъэгъунэу шъузыфэягъэр ащ шъузыдэкIым?
Пегъымбара? Сэ шъосэIо, ар пегъымбар къодыеп, ар пегъымбарым
нахьи нахь ин.

27Ар лIыкIоу зикъэбар Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм моущтэу арытыр ары:
«Мары, о уапэ силIыкIо къэсэгъакIо, ащ уигъогу пфигъэпсыщт».

28– Сэ шъосэIо, бзылъфыгъэхэм къакIэхъуагъэхэм ащыщэу умэхъэкIо
Иуан нахьи нахь ин щыIэп. Ау щытми, Тхьэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэт
цIыфхэм ащыщэу анахь цIыкIури Иуан нахьи нахь ин.

29Исус гущыIэхэу къыIуагъэхэм ядэIуштыгъэ цIыф пстэуми, хьакъулахь
ахъщэр хэзыххэрэри ахэмэ ахэтхэу, Тхьэм игущыIэхэр зафэхэу
алъытагъ. Ахэр арыгъэх Иуан зезгъэумэхъыгъэхэр.

30Ау фарисейхэмрэ Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ ашIэн фаеу Тхьэр
зыфаер адагъэп. Ахэр арыгъэх Иуан зезымыгъэумэхъыгъэхэр.

31– Джырэ цIыфхэр сыда зыфэзгъэдэщтыр? – къыIуагъ Исус. – Сыда
ахэр зыфэдэхэр?

32Урамым тес кIалэхэу моущтэу зыIохэу, зэджэжьхэрэм афэдэх:
«Къамылым тышъуфепщагъэ пэтми, шъо шъукъэшъуагъэп; тэ гъыбзэ
къышъуфэтIуагъэ пэтми, шъо шъугъыгъэп».

33– Сыда пIомэ, умэхъэкIо Иуан къэкIуагъ. Ащ хьалыгъу ышхырэп,
сэнэпси ешъорэп. «Ащ джынапцIэ хэс» шъоIо.

34ЦIыф Лъэпкъым ы Къо къэкIуагъ. Ар машхэ, ешъо. «Шхэнешъоныр
зикIасэу, хьакъулахь ахъщэр хэзыххэрэмрэ псэкIод зышIэхэрэмрэ
яныбджэгъу» шъоIо.

35Ары шъхьакIэ Тхьэм иакъылышIуагъэ зыдэгъэ пстэуми а
акъылышIуагъэр къагъэшъыпкъэжьы.

**Исус бзылъфыгъэ хэтакIом ипсэкIодшIагъэхэр зэрэфигъэгъугъэр**

36Фарисейхэм ащыщэу зыгорэм Исус ыгъэшхэнэу ригъэблэгъагъ. Исус
фарисеим иунэ ихьи, Iанэм пэтIысхьагъ.

37Къалэм щыщэу псэкIодышIэ бзылъфыгъэ хэтакIо горэм Исус фарисеим
иунэ щышхэнэу зэреблэгъагъэр ышIагъ. Алабастэрым хэшIыкIыгъэу,
къошын горэ осэшхо зиIэ дагъэр итэу къыздихьи, къэкIуагъ.

38Исус ыкIыбкIэ ылъакъохэм къяуцуалIи, лъэшэу гъызэ, ынэпсыхэмкIэ
Исус ылъакъохэр ыгъэуцIынхэу ыублагъ. ЕтIанэ Исус ылъакъохэр

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

ышъхьацыкIэ ылъэкIыжьыгъ, ылъакъохэм ябэугъ, осэшхо зиIэ дагъэри
ащифагъ.

39Фарисееу Исус къезгъэблэгъагъэм ар зелъэгъум, ыгукIэ ыIуагъ: – Мыр
пегъымбарыгъэмэ, мы бзылъфыгъэу къынэсырэр зыфэдэр,
зэрэпсэкIодышIэ бзылъфыгъэ хэтакIор ышIэщтыгъ.

40– Симон, сэ зыгорэ осIощт, – риIуагъ Исус а лIым. – КъаIо, дин гъэсакIу,
– къыIожьыгъ Симон.

41– ЧIыфэ зытырэ лIы горэм ичIыфэ нэбгыритIумэ ателъыгъ, зым динар
шъитф, адрэм шъэныкъо, – ыIуагъ Исус.

42– А чIыфэхэр къапщыныжьын замылъэкIым, тIуми афигъэгъугъ. МитIум
язэу хэта чIыфэ зытырэ лIыр нахь шIу зылъэгъущтыр?

43– СызэрэгугъэрэмкIэ, нахьыбэ зыфигъэгъугъэр ары, – къыIожьыгъ
Симон. – КъэпшIагъ, – риIожьыгъ Исус.

44ЕтIанэ Исус бзылъфыгъэм зыфигъази, Симон риIуагъ: – Мы
бзылъфыгъэр олъэгъуа? Сэ о уиунэ сыкъызехьэм, слъакъохэр
стхьакIынхэу псы къысэптыгъэп, ау мы бзылъфыгъэм ынэпсыхэмкIэ
слъакъохэр къыгъэуцынхи, ышъхьацыкIэ къылъэкIыжьыгъэх.

45О укъысэбэугъэп, ау унэм сыкъызэрихьэу, слъакъомэ къябэуныр мы
бзылъфыгъэм зэпигъэугъэп.

46Сэ сшъхьэ дагъэ къыщыпфагъэп, ау ащ слъакъохэм осэшхо зиIэ дагъэр
къащифагъ.

47Арышъ осэIо, шIулъэгъуныгъэшхо ыгу илъыгъэти, ащ
ипсэкIодшIагъэхэу бэ хъухэрэр фэгъугъэх. Ау макIэ зыфэгъугъэм ыгу
шIулъэгъуныгъэ макIэ илъ.

48ЕтIанэ Исус бзылъфыгъэм риIуагъ: – УипсэкIодшIагъэхэр пфэгъугъэх.

49Джащыгъум адрэ хьакIэхэм агухэмкIэ аIоу аублагъ: – Мы лIэу
псэкIодшIагъэхэри зыгъэгъурэр хэта?

50Ау Исус бзылъфыгъэм риIуагъ: – УишIошъхъуныгъэ умыкIодэу
укъыгъэнэжьыгъ. Гъогумаф. Гупсэф уиIэу опсэу.

## Лука 8

### Исус игъусэгъэ бзылъфыгъэхэр

1Ащ ыуж Тхьэм и Тетыгъошхо ехьылIэгъэ къэбарышIур ыгъэIузэ, Исус
къалэхэмрэ къуаджэхэмрэ къыкIухьэщтыгъ. Игъогу рыкIорэ нэбгырэ
пшIыкIутIур игъусагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

2Джынапцlэхэр зыхифыгъэхэу, зиузхэр ыгъэхъужьыгъэхэу бзылъфыгъэ
заули игъусагъ: Магдалэ щыщ Мерэмэу Исус джынэпцlибл
зыхифыгъагъэр,

3пщэу Ирод имылъкугъэзекlоу Хузэ зыцlэм ишъхьэгъусэ Иуаннэ, етlанэ
Сусаннэ, ащ нэмыкlыбэхэри. А бзылъфыгъэхэр ямылъкукlэ Исусрэ
игъогу рыкlохэрэмрэ lэпыlэгъу афэхъущтыгъэх.

**Чылапхъэ зыпхъырэм ехьылlэгъэ гъэсэпэтхыдэр**
(Маттэ 13:1-9; Марк 4:1-9)

4Ащ нэужым цlыф купышхо къэзэрэугъоигъэу, тыдрэ къуаджэм къикlыгъэ
цlыфхэри Исус дэжь къызэкlохэм, мы гъэсэпэтхыдэр афиlотагъ:

5– Лlы горэ чылапхъэ ыпхъынэу дэкlыгъ. Чылапхъэр ыпхъызэ, ащ щыщ
тlэкlу гъогум тетэкъуагъ. Цlыфхэм ар лъэгукlэ аубагъ, ошъогу бзыухэми
ашыпыгъ.

6Тlэкlуи чlыгу мыжъуалъэм тетэкъуагъ. Ахэр къызыхэкlыхэм, псы
агъотыгъэпти, гъужьыгъэх.

7Нэмыкl тlэкlуи панэхэм ахэтэкъуагъ. Панэхэр ахэмэ ягъусэхэу къэкlыхи,
чылапхъэу къыхэкlыгъэхэр атхьэлагъэх.

8Етlани зы тlэкlуи чlыгу дэгъум хэтэкъуагъ. Ахэр къэкlыхи, шъхьэлъагъэх,
зы шъхьэ налъэм коцишъэ къикlагъ. Ар Исус къызеlотахэм, мэкъэшхокlэ
къыlуагъ: – Рыдэlонэу тхьакlумэ зиlэм зэхерэх!

**Исус цlыфхэр ыгъасэхэзэ, гъэсэпэтхыдэхэр къызкlафиlуатэщтыгъэр**
(Маттэ 13:10-17; Марк 4:10-12)

9Игъогу рыкlохэрэр Исус къеупчlыгъэх: – Мы гъэсэпэтхыдэм сыда
къикlырэр?

10– Тхьэм и Тетыгъошхо ишъэфхэр шъушlэнхэу Тхьэм фитыныгъэ
къышъуитыгъ, – ыlуагъ Исус, – ау нэмыкl цlыфхэм гъэсэпэтхыдэхэмкlэ
садэгущыlэ. Аущтэу «ахэр еплъыхэ пэтми, алъэгъущтэп, даlохэ пэтми,
къагурыlощтэп».

**Чылапхъэр зыпхъырэм ехьылlэгъэ гъэсэпэтхыдэм къикlырэр**
(Маттэ 13:18-23; Марк 4:13-20)

11– Гъэсэпэтхыдэм къикlырэр мыры: чылапхъэр Тхьэм игущыl ары.

12Цlыфхэм ащыщэу зы купыр чылапхъэу гъогум тетэкъуагъэм фэд.
Мыхэр ары Тхьэм игущыlэхэр зэхэзыххэрэр, ау етlанэ шэйтаныр
къэкlошъ, шlошъхъуныгъэ аримыгъэгъотызэ, а гущыlэхэр агухэм
арехыжьы, Тхьэм а цlыфхэр къымыгъэнэжьынхэм пае.

13Адрэ цlыф купыр чlыгу мыжъуалъэм тетэкъогъэ чылапхъэм фэд.
Мыхэр ары Тхьэм игущыlэхэр зэрэзэхаххэу, а гущыlэхэр гушlуагъокlэ
зыштэхэрэр, ау ахэмэ лъапсэ яlэп. Шlошъхъуныгъэм игъогу бэрэ

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

тетыжьхэрэп. ЯшIошъхъуныгъэ ишъыпкъагъэ гъэунэфыгъэ зыхъукIэ, шIошъхъуныгъэм игъогу текIыжьых.

14ЕтIанэ зы цIыф купыр панэхэм ахэтэкъогъэ чылапхъэм фэд. Мыхэр ары Тхьэм игущыIэхэр зэхэзыххэрэр, ау мы дунаим игугъухэмкIи, баиныгъэмкIи, щыIэныгъэм итхъагъохэмкIи мэкIэ-макIэу зырагъэтхьалэ, ахэми шIугъэ къапыкIырэп.

15ЕтIани нэмыкI цIыф куп чIыгу дэгъум хэтэкъогъэ чылапхъэм фэд. Мыхэр ары шIугъэрэ шъыпкъагъэрэ зыгу илъхэу, Тхьэм игущыIэхэр зэхэзыххэу зыубытхэрэр. Ахэмэ теубытагъэ яIэу, шIугъэ къапэкIы. Исус ар къызеIотахэм, мэкъэшхокIэ къыIуагъ: – РыдэIонэу тхьакIумэ зиIэм зэхерэх!

### Щэлъэ чIэгъым чIэт остыгъэр

(Марк 4:21-25)

16– Зыми остыгъэ хигъанэу, щэлъэ чIэгъым е пIэкIор чIэгъым чIигъэуцорэп, ау унэм къихьэхэрэм инэфынэ алъэгъуным пае, тетыпIэ лъагэм тырегъэуцо.

17Сыда пIомэ, къэмылъэгъожьынэу гъэбылъыгъэ зи щыIэп, цIыфхэм къамышIэнэуи къэмылъэгъожьынэуи чIэухъумагъэ зи щыIэп.

18Арышъ, шъуззэдэIущтым шъуфэсакъ. Тхьэм хэт щыщми зиIэм нахьыбэ къыритыщт, ау зи зимыIэм иIэу шIошIырэри Iихыжьыщт Тхьэм.

### Исус янэрэ ышхэмрэ

(Маттэ 12:46-50; Марк 3:31-35)

19Исус янэрэ ышхэмрэ ыдэжь къэкIуагъэх, ары шъхьакIэ цIыфхэр багъэхэти, екIолIэнхэ алъэкIыгъэп.

20Джащыгъум Исус къэбар фахьыгъ: – О уянэрэ пшыхэмрэ уалъэгъумэ ашIоигъоу щагум дэтых.

21– Тхьэм игущыIэхэр зэхэзыххэу зыгъэцакIэхэрэр ары сянэри сшыхэри, – къариIожьыгъ Исус ахэмэ.

### Исус жьыбгъэ щынэгъошхор зэригъэуцугъэр

(Маттэ 8:23-27; Марк 4:35-41)

22Мафэ горэм игъогу рыкIохэрэр игъусэхэу къуашъо горэм Исус итIысхьи, ариIуагъ: – НекIо, псыхъураем иадрабгъу тызэпырыжъугъэкI. Ауштэу ежьагъэх.

23Къуашъом исхэу кIохэзэ, Исус хэчъыягъ. Псыхъураем жьыбгъэшхо къыщепщи, къуашъом псыр изы къэхъоу фежьи, щынэгъошхо хэфагъэх.

24Джащыгъум Исус къыбгъодахьэхи, къагъэущи, аIуагъ: – Зиусхьан, Зиусхьан, тэкIоды! Исус къэтэджи, жьыбгъэшхоми псыорхэми ягыий, зэтыригъэуцуагъэх, кIым-сыми къэхъугъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

25Етlанэ ахэмэ арилуагъ: – Шъуишlошъхъуныгъэ тыдэ щыla? – Хэта мыр?
Жьыбгъэшхоми псыми унашъо афишlызэ егъэдаlох, – щтагъэхэу,
агъэшlагъоу зэупчlыжьыгъэх ахэр.

**Исус джынэпцlабэхэр зыхэс лlы горэ зэригъэхъужьыгъэр**

(Маттэ 8:28-34; Марк 5:1-20)

26Галилей хэкум къыпэlулъ хэкоу къалэу Гадарэ епхыгъэм къуашъомкlэ
нэсыгъэх.

27Исус къуашъом икlи, псы lушъом зытехьэм, къалэм щыщэу
джынапцlэхэр зыхэс лlы горэ къачъэзэ къыпэгъокlыгъ. А лlым бэшlагъэу
щыгъын щыгъыжьыгъэп, унэ горэми исыжьыгъэп, ау къэунэхэм ахэсыгъ.

28Ащ Исус зелъэгъум, ыпашъхьэ чlыгум зыкъыщыридзыхи, мэкъэшхокlэ
куозэ, къыlуагъ: – Исус, Тхьэу анахь Лъагэм ы Къу, сыда уиlофэу
къысхэлъыр? Сыолъэlу, къин сэмыгъэлъэгъу.

29Ар зыкlиlуагъэр джынэпцlэ lаер лlым хэкlыжьынэу Исус унашъо
фишlыгъэти ары. Джынапцlэхэр а лlым бэрэ хахьэщтыгъэх. Цlыфхэм
гъучl lэхъу-лъэхъу ащ тыралъхьэти, къэрэгъулэхэр фашlыщтыгъэх. Ау
lэхъу-лъэхъухэр зэпиутхэти, джынапцlэм а лlыр шъоф нэкlым
ригъэзыхьэщтыгъ.

30– Сыда о пцlэр? – еупчlыгъ Исус а лlым. – Сэ сцlэр дзэ, – къыlожьыгъ
ащ. Ар зыкlиlуагъэр джынэпцlабэхэр хэхьагъэхэти ары.

31Джынапцlэхэр чlылъэм икуупlэу чlэ зимылlэм кlонхэу унашъо
афимышlынэу Исус къелъэlугъэх.

32А чlыпlэ дэдэм къо lэхъогъушхо lошъхьэ нэпкъым щыхъущтыгъ. А
къохэм апкъыхэм ахэхьанхэу фит къышlынхэу джынапцlэхэр Исус
къелъэlугъэх. Исус ахэр фит ышlыгъэх.

33Ардэдэм джынапцlэхэр лlым хэкlыжьхи, къохэм апкъыхэм ахэхьагъэх.
Къо lэхъогъур lошъхьэ нэпкъым къечъэхи, псыхъураем хэлъади, псым
ытхьэлагъэх.

34Къуахъохэм хъугъэ-шlагъэр залъэгъум, хэхьажьхи, къалэмрэ
къуаджэхэмрэ хъугъэ-шlагъэр ащаlотагъ.

35Цlыфхэр хъугъэ-шlагъэр зэрагъэлъэгъунэу дэкlыгъэх. Ахэр Исус дэжь
къызэкlохэм, джынапцlэхэр къызхэкlыгъэ лlыр фэпагъэу, иакъыл
къыгъотыжьыгъэу Исус дэжь щысэу алъэгъугъ. Ар залъэгъум, лъэшэу
къэщтагъэх.

36Хъугъэр зылъэгъугъэ цlыфхэм джынапцlэхэр зыхэсыгъэ лlыр Исус
зэригъэхъужьыгъэр джы ахэмэ къафаlотэжьыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

37Джащыгъум яхэку ыбгынэнэу Гадарэ цIыф пстэури Исус къелъэIугъ,
сыда пIомэ, ахэр щынэгъошхо хэфагъэхэти ары. Аущтэу IукIыжьыным
пае, Исус къуашъом итIысхьагъ.

38Исус къуашъом итIысхьэ пэтзэ, джынапцIэхэр къызхэкIыгъэ лIыр Исус
къелъэIугъ: – Гъусэ сызыфэшI.

39– О уиунэ кIожьи, Тхьэм къыпфишIэгъэ шIугъэшхор яIотэжь! – риIуагъ
Исус а лIым. ЕтIанэ ытIупщыжьыгъ. ЛIыр кIожьи, Исус къыфишIэгъэ
шIугъэшхор къалэм щиIотэжьыгъ.

**Исус Иаир ыпхъоу лIагъэр къызэригъэтэджыжьыгъэр;**
**Исус ищыгъын къынэсыгъэ бзылъфыгъэр зэригъэхъужьыгъэр**
(Маттэ 9:18-26; Марк 5:21-43)

40ЕтIанэ Исус къызегъэзэжьым, цIыф купышхор къыпэгъокIыгъ, сыда
пIомэ, зэкIэри ащ паплъэщтыгъэти ары.

41Иаир зыцIэ синэгогу пащэ горэ къакIуи, Исус ылъакъохэм адэжь
зыкъыщыридзыхи, къелъэIугъ: – Садэжь къакIо.

42Сыда пIомэ, илъэс пшIыкIутIу фэдиз ыныбжьэу пхъу закъо иIагъ. Ар
лIэным нэсыгъэу сымаджэу щылъыгъ. Аущтэу Исус Иаир дэжь кIо
зэхъум, цIыф купышхор тезэрэгъэгуагъ.

43Ахэмэ бзылъфыгъэ горэ ахэтыгъ, илъэс пшIыкIутIу хъугъэу бэрэ лъы
къыкIэкIэу гуIэщтыгъэр. Ащ иIэр зэкIэ Iазэхэм атыригъэкIодэгъагъ, ау
зыми ыгъэхъужьын ылъэкIыщтыгъэп.

44А бзылъфыгъэр Исус ыкIыбкIэ къекIуалIи, ищыгъын цыпэ къынэсыгъ.
Ащ зэрэнэсэу илъыкIэкIын уцужьыгъэ.

45– Хэта къызнэсыгъэр? – ыIуагъ Исус. Зэпстэуми загъэхые зэхъум,
Петрэ къыIуагъ: – Тхьэматэ, цIыфхэм укъауцухьэзэ,
къызэрэптезэрэгъэгуагъэхэр плъэгъурэба?

46– Зыгорэ къысэнэсыгъ, – ыIуагъ Исус. – Сыда пIомэ, кIуачIэ
зэрэсхэкIыгъэр зэхэсшIагъ.

47Ау бзылъфыгъэм ышIагъэр къызэрашIэщтыр зелъэгъум, кIэзэзэу
къыIухьи, Исус ыпашъхьэ зыкъыщыридзыхи, цIыф пстэуми апашъхьэ ащ
зыкIынэсыгъэри, занкIэу зэрэхъужьыгъэри къыIуагъ.

48– Сипшъашъ, уишIошъхъуныгъэ уигъэхъужьыгъ, – риIуагъ Исус. –
Гъогумаф. Гупсэф уиIэу опсэу.

49Исус гущыIэзэ, синэгогу пащэм иунэ зыгорэ къикIыгъэу къыIухьи,
къыIуагъ: – О ппхъу дунаим ехыжьыгъ. Дин гъэсакIом къин джыри
емыгъэлъэгъужь.

50Ау Исус ар зызэхехым, Иаир риIуагъ: – О умыщын. ШIошъхъуныгъэ
зигъэIэ къодый. Ппхъу къэхъужьыщт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

[51]Исус Иаир иунэ зынэсым, Петрэ, Иуан, Якъуб, пшъэшъэжъыем ятэ-янэ
анэмыкI унэм зыдыригъэхьагъэп.

[52]Хьэдагъэ къаIэтызэ, цIыф пстэури абгъэгухэм еожьыщтыгъэх. Ау Исус
ыIуагъ: – Хьэдагъэ шъумышIы. Ар лIагъэп, мэчъые нахь.

[53]Ау ахэмэ ар зэрэлIагъэр ашIэти, Исус ахэр къыдэхьащхыгъэх.

[54]Ау Исус пшъэшъэжъыем ыIэ къыубыти, мэкъэшхокIэ къыIуагъ: –
Сипшъэшъэжъый, къэтэдж!

[55]Пшъэшъэжъыем ыпсэ къыхэхьажьи, ардэдэм къэтэджыжьыгъ. Ар
агъэшхэнэу Исус ариIуагъ.

[56]Пшъэшъэжъыем ятэ-янэхэм лъэшэу агъэшIэгъуагъ, ау Исус хъугъэ-
шIагъэр зыми рамыIотэжьынэу афигъэпытагъ.

## Лука 9

### Игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIур Тхьэм фэлэжьэнхэу Исус зэрэдигъэкIыгъэхэр

(Маттэ 10:5-15; Марк 6:7-13)

[1]Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIур зэIуигъакIи, цIыфмэ
джынапцIэхэр ахафынхэуи, уузхэр агъэхъужьынхэуи лъэкIырэ тетыгъорэ
аритыгъ.

[2]Тхьэм и Тетыгъошхо ехьылIэгъэ къэбарышIур агъэIунэуи, сымаджэхэр
агъэхъужьынхэуи дигъэкIыгъэх.

[3]Моущтэу ариIуагъ: – Гъогум шъузытехьэкIэ, зи зыдэшъумышт, бэщи,
Iалъмэкъи, хьалыгъуи, ахъщи зыдэшъумышт. ДжэнитIуи зыщышъумылъ.

[4]ХьакIэу унэ горэм шъуихьэмэ, а чIыпIэм шъукъекIыжьыфэ, бысымыр
зэблэшъумыхъу.

[5]ЦIыфхэм шъурамыгъэблагъэмэ, якъалэ шъукъыздэкIыжьыкIэ, мыхъунэу
ашIагъэмкIэ ахэмэ апашъхьэ шыхьат щыхъуным пае, шъулъакъохэм
ателъ сапэр атешъуутхыпкIыкI.

[6]Аущтэу Исус игъогу рыкIохэрэр ежьэхи, къуаджэмэ адэхьэ-адэкIхэу
къэбарышIур щагъэIуущтыгъ, тыдэкIи сымаджэхэри
щагъэхъужьыщтыгъэх.

### Пщы Ирод зэрэгумэкIыгъэр

(Маттэ 14:1-12; Марк 6:14-29)

[7]Пщы Ирод Исус ышIэгъэ пстэуми якъэбар зэхихыгъэти, гумэкIыщтыгъэ,
зыфихьын ымышIэу, сыда пIомэ, зы цIыф купым ыIощтыгъ: – Пегъымбар
Иуан лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъ.

[8]– Пегъымбар Иляс къэкIуагъ, – аIощтыгъ нэмыкIхэми. – Пэсэрэ
пегъымбархэм ащыщ горэ къэтэджыжьыгъ, – аIощтыгъ адрэхэми.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

[9]Ау Ирод къыIуагъ: – Иуан ышъхьэ пязгъэупкIыгъ. Адэ, мыщ фэдэ къэбархэр зэраIуалIэрэ лIыр хэта? Аущтэу ыIозэ, Исус зэригъэлъэгъуным ыуж итыгъ.

### Исус нэбгырэ минитф зэригъэшхагъэр

(Маттэ 14:13-21; Марк 6:30-44; Иуан 6:1-14)

[10]Апостолхэм Исус дэжь къызагъэзэжьым, Iофхэу ашIагъэхэр раIотэжьыгъэх. ЕтIанэ Исус цIыфхэм ахэкIи, апостолхэр зыдищэхи, язакъоу Бет-СайдэкIэ заджэхэрэ къалэм кIуагъэх.

[11]Ау цIыф купышхохэм ар къызашIэм, Исус лъыкIуагъэх. Исус ахэмэ дахэкIэ къапэгъокIыгъ, Тхьэм и Тетыгъошхо ехьылIагъэуи къадэгущыIагъ, зэIэзэн фаеу зищыкIагъэхэри ыгъэхъужьыгъэх.

[12]Мафэр хэкIуатэу ыублагъ. Игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIур Исус къыбгъодахьи, къыраIуагъ: – Къоджэ-чылэ гъунэгъухэм кIонхэшъ, гъолъыпIэрэ гъомлапхъэрэ къагъотыным пае, цIыф купышхор тIупщыжь; сыда пIомэ, мы чIыпIэр Iудзыгъ.

[13]– Шъо ахэр жъугъашхэх, – ариIуагъ Исус. – Тэ хьалыгъуитфырэ пцэжъыитIурэ нахь тиIэп, – къаIуагъ ахэмэ, – хьауми мы цIыф пстэуми ашхын къафэтщэфынэу тыкIона?

[14]Ахэр лIы минитф фэдиз хъущтыгъэх. ЕтIанэ Исус игъогу рыкIохэрэм ариIуагъ: – ЦIыфхэр шъэныкъо-шъэныкъоу, куп-купэу ежъугъэтIысэхых.

[15]Игъогу рыкIохэрэм аущтэу ашIызэ, цIыф пстэури рагъэтIысэхыгъ.

[16]ЕтIанэ Исус хьалыгъуитфымрэ пцэжъыитIумрэ къыштэхи, уашъом дэплъыий, ахэмэ апае Тхьэм щытхъу фишIыгъ. ЕтIанэ хьалыгъухэр зэгуичхи, цIыфмэ апашъхьэ ралъхьанхэу игъогу рыкIохэрэм аритыгъ.

[17]ЦIыф пстэури шхагъэ, загъэшхэкIыгъ. Ащ нэужым къялыжьыгъэ хьалыгъу такъырхэр мэтэ пшIыкIутIумэ арызэу аугъоижьыгъэх.

### «Оры Тхьэм и Христос» Петрэ Исус зэрэриIуагъэр

(Маттэ 16:13-19; Марк 8:27-29)

[18]Мафэ горэм чIыпIэ Iудзыгъэ горэм щыIэу, игъогу рыкIохэрэр игъусэхэу Исус Тхьэм зелъэIу ужым, ахэмэ яупчIыгъ: – ЦIыф купышхохэм сэ хэт сыщыщэу аIора?

[19]– Зы купым о уумэхъэкIо Иуанэу аIо, – къыраIожьыгъ ахэмэ. – НэмыкIхэми о упегъымбар Илясэу аIо. ЕтIанэ адрэхэми пэсэрэ пегъымбархэм ащыщэу зыгорэ къэтэджыжьыгъэу аIо.

[20]– Адэ шъо, сэ хэт сыщыщэу шъуIора? – ариIуагъ Исус. – Оры Тхьэм и Христос, – къыIожьыгъ Петрэ.

### Ежь зэраукIыщтри лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыщтри Исус къызэриIуагъэр

(Маттэ 16:20-28; Марк 8:31–9:1)

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

21 Джащыгъум ежь зэрэ Христосыр зыми рамыIотэжьынэу Исус афигъэпытагъ.

22 – ЦIыф Лъэпкъым ы Къо къиныбэ ыщэчын фаеу къыпыщылъ, – ыIуагъ Исус. – Нахьыжъхэми, дин пэщэшхохэми, Тэурат егъэджэкIо пащэхэми ежь зэрамыпэсэу аукIын фае, ящэнэрэ мафэми лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьын фае.

23 – Зыгорэ сауж къырыкIонэу фаемэ, ежь зыфэе Iофхэр къерэгъанэхи, лIэныгъэм икъащ мафэ къэс къерэшти, сауж къырэрэкIу, – ариIуагъ Исус зэкIэмэ.

24 – Сыда пIомэ, хэти зыпсэ мыкIодэу къэзгъэнэжьынэу фаем ыпсэ шIокIодыщт, ау хэти сэщ пае зыпсэ зышIокIодрэм ыпсэ мыкIодэу къыгъэнэжьыщт.

25 Дунаир зэкIэ зы цIыфым ие хъоу, ежь кIодмэ е ыпсэ иягъэ екIыжьмэ, а цIыфым ишIуагъэу къекIыщтыр сыда?

26 Хэти сэррэ сигущыIэхэмрэ къыттеукIытыхьэрэм сэ, ЦIыф Лъэпкъым ы Къуи, а цIыфым сытеукIытыхьажьыщт, Ты лъапIэмрэ мэлэIич лъапIэхэмрэ ящытхъушхо фэдэ щытхъушхо сиIэу сыкъызыкIожькIэ.

27 Шъыпкъэр шъосэIо, Тхьэм и Тетыгъошхо алъэгъуфэ, мыщ дэжьым щыт цIыфхэм ащыщхэу заулэм лIэныгъэр алъэгъущтэп.

### Исус итеплъэ зэрэзэрихъокIыгъэр

(Маттэ 17:1-8; Марк 9:2-8)

28 Исус а гущыIэхэр къызеIохэ ужым мэфий тешIагъэу, Петри, Иуани, Якъуби зыдищэхи, Тхьэм елъэIунэу Iуашъхьэм дэкIоягъ.

29 Тхьэм елъэIузэ, ынапэ итеплъэ зэрихъокIыгъ, ищыгъынхэри фыжьыбзэу, къэлыдэу хъугъэх.

30 Зэплъэхэм, нэбгыритIу Исус къыдэгущыIэу алъэгъугъ. Ахэр пегъымбар Мусэрэ Илясрэ арыгъэх.

31 Нэфынэ гъэшIэгъонышхом къыхэлыдыкIыхэу къэлъэгъуагъэх, Исус Ерусалим дунаим зэрэщехыжьын фаеми тегущыIагъэх.

32 Петрэрэ игъусэхэмрэ хэчъыягъэх, ау къызэущыжьхэм, Исус нэфынэ гъэшIэгъонышхом хэтэу, къыхэлыдыкIэу адрэ нэбгыритIур къыбгъодэтэу алъэгъугъ.

33 А нэбгыритIур IукIыжьхэ зэхъум, Петрэ Исус риIуагъ: – Тхьэматэ, мыщ дэжьым тызэрэщыIэр дэгъу. Чэлищ щыдгъэIэн, ощ пае зы, Мусэ пaий зы, Иляс пaий зы. Петрэ ыIорэр ымышIэу ащ фэдэу къыIуагъ.

34 Петрэ къэгущыIэзэ, ошъуапщэ къакIуи, къашъхьэщыхьагъ. Исус игъогу рыкIохэрэр къэщтагъэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

[35]Ошъуапщэм макъэ горэ къыхэlукlыгъ: – Мары сэ шlу слъэгъурэ с Къо
кlасэр. Ащ ыlорэм шъуедэlу.

[36]А макъэр къызэlу ужым, Исус изакъоу къэнагъ. Ау игъогу рыкlохэрэм
алъэгъугъэр а мафэхэм зыми рамыlуатэу аушъэфыгъ.

**Исус джынапцlэ зыхэс кlалэ горэ зэригъэхъужьыгъэр**
(Маттэ 17:14-18; Марк 9:14-27)

[37]ЯтIонэрэ мафэм ахэр lуашъхьэм къызехыжьхэм, цlыф купышхо Исус
къыпэгъокlыгъ.

[38]Ошlэ-дэмышlэу а цlыф купышхом лlы горэ къыхэкуукlыгъ: – Дин
гъэсакlу, сэ скъо усфеплъынэу сыолъэlу, а къо закъор ары сиlэр.

[39]Джынапцlэ горэм кlалэр зэкlеубытэшъ, ошlэ-дэмышlэу егъэкуо. Кlалэм
lупс къыlуифэу, джынапцlэм къегъэкlэзэзышъ, къинышхо
римыгъэлъэгъоу хэкlыжьырэп.

[40]О уигъогу рыкlохэрэм джынапцlэр хафынэу сялъэlугъ, ары шъхьакlэ
ахэмэ хафын алъэкlыгъэп.

[41]– Е-о-ой, шlошъхъуныгъэ зимыlэхэу, джырэ цlыф къуанчэхэр, –
къыlожьыгъ Исус. – Сыд фэдизрэ сышъухэтын, шъусщыlэн фая? О пкъо
моу къащэ.

[42]Ау кlалэр къакlозэ, джынэпцlэ lаем чlыгум тыридзи, ыгъэкlэзэзыгъ. Исус
джынэпцlэ lаем егыий, кlалэр ыгъэхъужьыгъ, яти ритыжьыгъ.

[43]Цlыф пстэуми Тхьэм илъэкlышхо лъэшэу агъэшlэгъуагъ.

**Ежь цlыфхэм зэраубытыщтыр ятlонэрэу
Исус къызэриlуагъэр**
(Маттэ 17:22-23; Марк 9:30-32)

Цlыф пстэуми Исус lофэу ышlэгъэ пстэури агъэшlагъо зэхъум, игъогу
рыкlохэрэм ариlуагъ:

[44]– Мы гущыlэхэр шъутхьакlумэхэм арыжъугъахь. Цlыф Лъэпкъым ы Къо
цlыфхэм аубытыщт.

[45]Ау а гущыlэхэм къарыкlырэр къагурыlуагъэп. А гущыlэхэр къагурыlон
амылъэкlынэу ахэмкlэ гъэбылъыгъагъэх, а гущыlэхэм яхьылlагъэуи Исус
къеупчlынхэу щынэщтыгъэх.

**Хэта анахь ин дэдэр?**
(Маттэ 18:1-5; Марк 9:33-37)

[46]Исус игъогу рыкlохэрэм, «Тэ тщыщэу хэта анахь иныр?» аlоу,
зэнэкъокъу къахэхьагъ.

[47]Исус ахэмэ агухэм арылъыр ышlэзэ, сабый горэ къышти, ыбгъукlэ
ыгъэуцуи, ариlуагъ:

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

48– Хэти мы сабыир сэ сцӀэкӀэ къезгъэблагъэрэм сэ сыригъэблэгъагъэ
мэхъу, хэти сэ сезгъэблагъэрэми сэ сыкъэзгъэкӀуагъэри ригъэблэгъагъэ
мэхъу, сыда пӀомэ, шъуащыщэу анахь цӀыкӀур ары анахь ин дэдэр.

**Къышъупэмыуцурэр шъуигъус**

(Марк 9:38-40)

49– Тхьэматэ, о пцӀэкӀэ лӀы горэм джынапцӀэхэр цӀыфхэм ахифхэу
тлъэгъугъэ, – къыӀуагъ Иуан. – Ар тэ зэрэтщымыщым пае, зэтетӀэжьэнэу
тыпылъыгъ.

50– ЗэтешъумыӀажь ар, – къыриӀожьыгъ Исус, – сыда пӀомэ, шъо
къышъупэмыуцурэр шъуигъус.

**Самарие къуаджэ горэм дэсхэм**
**Исус рагъэблэгъэнэу зэрамыдагъэр**

51Тхьэм Исус уашъом зыдищэежьыщт мафэр къызэблагъэм, Исус
Ерусалим кӀонэу тыриубытагъ.

52ЛӀыкӀохэр ыпэ рапшӀэу ыгъэкӀуагъэх. Ахэр кӀохи, Самарие хэкум ит
къуаджэ горэм зыщахьэкӀэн чӀыпӀэ къыфагъэхьазырынэу дэхьагъэх.

53Ау Исус Ерусалим зэрэкӀорэм пае, а къуаджэм дэс цӀыфхэм
рагъэблэгъэныр адагъэп.

54Ар залъэгъум, Исус игъогу рыкӀохэрэм ащыщхэу Якъубэрэ Иуанрэ
къаӀуагъ: – Зиусхьан, уашъом машӀо къехынышъ, мы цӀыфхэр
ыгъэстынхэу тӀона?

55Ау Исус ахэмэ зафигъази, афимыдэу ариӀуагъ: – Хьау, ар хъущтэп;

56сыда пӀомэ, ЦӀыф Лъэпкъым ы Къо къызфэкӀуагъэр цӀыфхэр
ыгъэкӀодынхэр арэп, мыкӀодхэу къыгъэнэжьынхэр ары нахь. ЕтӀанэ
нэмыкӀ къуаджэ горэм кӀуагъэх.

**Исус игъогу рыкӀоным къин щэчыгъоу хэлъыр**

(Маттэ 8:19-22)

57Гъогум рыкӀохэзэ, зыгорэм Исус къыриӀуагъ: – Тыдэ укӀоми, уауж
сыкъырыкӀощт.

58– Баджэхэм исынхэу бы яӀ, ошъогу бзыухэми набгъо яӀ, ау ЦӀыф
Лъэпкъым ы Къо ышъхьэ зэрихьылӀэжьын чӀыпӀэ иӀэп, – риӀожьыгъ Исус.

59– Сауж къырыкӀу, – риӀуагъ Исус нэмыкӀ горэм. – Тхьэматэ, –
къыӀожьыгъ адрэм, – ыпэ рапшӀэу сыкӀонышъ, сятэ чӀэслъхьажьынэу фит
сыкъэшӀ.

60– ЛӀагъэхэм ежьхэм ялӀагъэхэм яхьадэхэр чӀарэлъхьажьых, ау о кӀуи,
Тхьэм и Тетыгъошхо ехьылӀэгъэ къэбарышӀур гъэӀу, – риӀожьыгъ Исус.

61– Сэ уауж сыкъырыкӀощт, тхьэматэ, – къыӀуагъ нэмыкӀ горэми, – ау ыпэ
рапшӀэу сэ сибынхэм аӀапэ сыубытыжьынэу фит сышӀ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

62– Пхъэlэшэкlыр зыубытыгъэу къызэплъэкlыжьырэр Тхьэм и
Тетыгъошхо фэлэжьэныр ифэшъуашэп, – риlожьыгъ ащ Исус.

## Лука 10

**Игъогу рыкlорэ нэбгырэ тlокlищырэ пшlырэ Тхьэм фэлэжьэнхэу Исус зэрэдигъэкlыгъэхэр**

1Ащ нэужым нэбгырэ тlокlищырэ пшlырэ ыгъэнафи, тыдрэ къали тыдрэ
чlыпlи ежь зыдэкlон фаем ыпэ рапшlэ тlурытlоу Зиусхьаным
ыгъэкlуагъэх.

2Моущтэу арилуагъ: – Лэжьыгъэр бэ, ау лэжьакlохэр макlэх. Арышъ,
лэжьыгъэр зием шъуелъэlу, лэжьыгъэр къахыжьыным пае лэжьакlохэр
къыгъэкlонхэу.

3Шъукlу! Шъынэхэм шъуафэдэу тыгъужъхэм шъуахэсэгъахьэ.

4Ахъщалъи, lалъмэкъи, цуакъи зыдэшъумыштт. Гъогум зыми шlуфэс
щешъумых.

5– Хьакlэу унэ горэм шъуузихьэкlэ, ыпэ рапшlэу, «Гупсэф шъогъот апщи»
шъуlуи, шlуфэс яшъух.

6А гупсэфыр зифэшъошэ цlыф а унэм исмэ, Тхьэм гупсэф ащ
къыритыщт. Имысмэ, гупсэфыр шъо къышъуфэкlожьыщт.

7Нэгуихыгъэу къызщышъупэгъокlыгъэхэ унэм шъукъини, къышъуатырэри
шъушхы, къышъуфырагъахъорэми шъуешъу, сыда пlомэ, лэжьакlом
илэжьапкlэ ыгъотыныр ифэшъуаш. Бысымыр шъухъожьэу, зы унэм
шъуикlыжьэу, нэмыкl цlыфым иунэ шъуимыхь.

8– Къалэ горэм шъудахьэу шъузырагъэблагъэкlэ, ащ къыщышъуатырэр
шъушхы.

9Сымаджэхэр ащ щыжъугъэхъужьых, моущтэуи яшъуlу: «Тхьэм и
Тетыгъошхо къышъуфэблэгъагъ».

10Ау къалэ горэм шъудахьэу, шъущырамыгъэблагъэмэ, иурамхэм
шъуатехьи, моущтэу шъуlо:

11«Шъуикъалэ исапэу тэ тлъакъохэм ателъыр атетэутхыпкlыкlы, ауми
зэжъугъашlэ Тхьэм и Тетыгъошхо къызэрэблэгъагъэр».

12Сэ шъосэlо, ахърэт мафэм а къалэм къинэу ыщэчыщтым нахьи, къалэу
Содом къинэу ыщэчыщтыр нахь мэкlэщт.

**Гъогу мыгъо утеуцуагъ, Хоразин къал!**
**Гъогу мыгъо утеуцугъ, Бет-Сайдэ къал!**
(Маттэ 11:20-24)

13– Гъогу мыгъо утеуцуагъ, къалэу Хоразин! Гъогу мыгъо утеуцуагъ,
къалэу Бет-Сайдэ! Сыда пlомэ, шъуадэжь щысшlэгъэ lофышхо

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

гъэшIэгъонхэр къалэхэу Тиррэ Сидонрэ ащысшIэгъагъэхэмэ, бэшIагъэу
шъыгъоныгъэ щыгъын ащыгъэу, анэгухэр яжьэкIэ цIэлагъэхэу
япсэкIодшIагъэхэм афыкIэгъожьыщтыгъэх.

14Ау ахърэт мафэм шъо къинэу шъущэчыщтым нахьи, Тиррэ Сидонрэ
къинэу ащэчыщтыр нахь мэкIэщт.

15О Капернаум, уашъом зыпIэтынэу узыщэгугъужьа? Хьау, джэхьнэмым
икуупIэ нэсыфэ упхырызыщт нахь.

16– Шъо къышъодэIурэр, сэри къысэдэIу. Шъо шъузымыдэрэм сэри
сидэрэп, сэ сызымыдэрэми сыкъэзгъэкIуагъэри ыдэрэп.

## Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ тIокIищырэ пшIырэм къызэрагъэзэжьыгъэр

17Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ тIокIищырэ пшIырэмэ гушIуагъокIэ
къагъэзэжьи, аIуагъ: – Зиусхьан, о пцIэ къызытIокIэ, джынапцIэхэри
тIэмычIэ илъ мэхъух.

18– Шъыпкъэ, пчыкIэм фэдэу шэйтаныр уашъом къефэхэу слъэгъугъэ, –
ариIуагъ Исус.

19– Блэхэми скорпионхэми шъуатеуцонэуи, пыим ыкIуачIэ зэкIэ
шъутекIонэуи тетыгъо шъостыгъ; зыми иягъэ къышъокIыщтэп.

20Ау джынапцIэхэр шъуIэмычIэ зэрилъхэм пае, шъумыгушIу, шъуцIэхэр
уашъом итхылъ зэритхэм пае, шъугушIо нахь.

## Исус зэрэгушIуагъэр

(Маттэ 11:25-27; 13:16-17)

21А сыхьатым Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ инэу къыгъэгушIоу Исус къыIуагъ: – Ся
Т, уашъоми чIылъэми я Зиусхьан, мы Iофхэр цIыф акъылышIу зиIэхэмрэ
зэхэшIыкI зиIэхэмрэ ашIоуушъэфыгъэу, сабыйхэм зэрябгъэшIагъэмкIэ
щытхъу пфэсэшIы. Ары, ся Т, о ар аущтэу пшIоигъуагъ.

22ЕтIанэ Исус игъогу рыкIохэрэм зафигъази, къыIуагъ: – Ся Тэ щыIэ
пстэури къысIэкIилъхьагъ. Къо лъапIэр зыфэдэр Ты лъапIэм нэмыкI зыми
ышIэрэп. Ты лъапIэр зыфэдэри Къо лъапIэмрэ Къо лъапIэм ар
зэхаригъэшIыкIынэу къыхихырэ цIыфхэмрэ анэмыкI зыми ышIэрэп.

23Исусрэ игъогу рыкIохэрэмрэ язакъоу къызэнэжьхэм, Исус ахэмэ
зафигъази, ариIуагъ: – Шъо шъунэхэм алъэгъурэр зылъэгъурэ нэхэр
гъогу мафэ теуцуагъэх!

24Сыда пIомэ, сэ шъосэIо, пегъымбар Iаджыми пачъыхьэ Iаджыми шъо
шъулъэгъурэр алъэгъумэ ашIоигъуагъ, ау алъэгъугъэп, шъо
зэхэшъухырэри зэхахымэ ашIоигъуагъ, ау зэхахыгъэп.

## Самарие хэкум щыщэу гукIэгъу зыхэлъ цIыфыр

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

25Тэурат егъэджэкIо пащэ горэ къэтэджи, Исус ыгъэунэфыным пае,
къыIуагъ: – Дин гъэсакIу, мыкIодыжьын щыIэныгъэ IахьышIоу згъотыным
пае, сыда сшIэщтыр?

26– Тэурат хабзэм сыда итыр? – риIожьыгъ Исус. – Сыдэущтэу уеджэра?

27– «ЗэкIэ о угурэ упсэрэкIи, зэкIэ пкIуачIэкIи, зэкIэ уизэхэшIыкIыкIи
Зиусхьанэу уи Тхьэ шIу лъэгъу, о пшъхьи шIу зэрэплъэгъурэм фэдэу,
уигъунэгъуи шIу лъэгъу», – къыIожьыгъ адрэм.

28– Шъыпкъэр къэпIуагъ, – риIуагъ Исус а лIым. – А къэпIуагъэр гъэцакIи,
мыкIодыжьын щыIэныгъэ бгъотыщт.

29Ау Тэурат егъэджэкIо пащэм зигъэхыенэу фэягъэти, Исус риIуагъ: –
Хэта адэ сэ сигъунэгъур?

30– ЛIы горэ Ерусалим дэкIи, Ерихон къалэмкIэ ехызэ, хъункIакIомэ
аIэкIэфагъ, – къыIожьыгъ Исус. – ХъункIакIомэ ар ахъункIыгъ,
ищыгъынхэри щахыгъ, Iаеу еохи, ыпсэ пыт къодыеу къагъани,
хэхьажьыгъэх.

31А сыхьат дэдэм дин пащэ горэ а гъогумкIэ ехынэу хъугъэ. А лIыр
зелъэгъум, гъогум иадрабгъумкIэ блэкIыгъ.

32Ащ фэдэу Лэуй лIакъом щыщэу дин пащэ горэ а чIыпIэм нэси, а лIыр
зелъэгъум, гъогум иадрабгъукIэ блэкIыгъ.

33Ау Самарие хэкум щыщэу лIы горэ а гъогум рыкIозэ, а лIым дэжь
къэсыгъ. Ар зелъэгъум, ыгу егъуи,

34бгъодэхьагъ, иуIагъэхэм дагъэрэ сэнэпсырэкIэ яIази, ыпхыгъэх. ЕтIани
а лIыр къыIэти, ежь зытесыгъэ щыдым тырилъхьи, хьакIэщым нигъэси,
ащи щылъыплъагъ.

35ЯтIонэрэ мафэм динаритIу ыджыбэ къырихи, хьакIэщыр зием рити,
къыIуагъ: «О мы лIым лъыплъи, сыд фэдиз нахьыбэу тебгъэкIуадэми,
къызызгъэзэжькIэ, остыжьыщт».

36– Джы о зэрэпшIошIырэмкIэ, мы нэбгырищым ащыщэу хъункIакIохэм
аIэкIэфэгъэ лIым игъунэгъу фэдэу хэта нахьышIоу дэзекIуагъэр? –
къыпигъэхъожьыгъ Исус.

37– ЛIэу гукIэгъу фэзышIыгъэр ары, – къыIуагъ Тэурат егъэджэкIо пащэм.
– Ори кIуи, ащ фэдэ шIэ, – риIуагъ Исус.

**Мерэмрэ Мартэрэ**

38ЕтIанэ Исусрэ игъогу рыкIохэрэмрэ ягъогу хагъэкIыхэзэ, къуаджэ горэм
зыдахьэхэм, Мартэ зыцIэ бзылъфыгъэм иунэ Исус ригъэблэгъагъ.

39А бзылъфыгъэм Мерэм ыцIэу шыпхъу иIагъ. А шыпхъур Зиусхьаным
игущыIэхэм ядэIоу, ылъакъохэм адэжь щысыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

40Ау ыхьэкIэнхэм пае иIофхэр Мартэ шIобаIо хъугъэ. Арыти, ар Исус
къыбгъодахьи, къыриIуагъ: – Зиусхьан, Iофхэр зэкIэ сизакъоу сшIэнхэу
сшыпхъу сыкъызэригъанэрэр пшIоемыкIуба? Ар къыздэIэпыIэнэу еIу!
41– Ей, Март, Март, – риIожьыгъ Зиусхьаным, – о Iоф бащэмэ
зябгъэгъэгумэкIызэ зыогъалIэ.
42Ау зы ныIэп уищыкIагъэр. Мерэм Iахь нахьышIур къыхихыгъ, а
IахьышIури ащ Iахыжьыщтэп.

## Лука 11

### Тхьэм уелъэIуным ехьылIагъ

(Маттэ 6:9-15; 7:7-11)

1ЧIыпIэ горэм Исус Тхьэм щелъэIущтыгъ. Тхьэм зелъэIу ужым, игъогу
рыкIохэрэм ащыщ горэм къыриIуагъ: – Зиусхьан, умэхъэкIо Иуан игъогу
рыкIохэрэм Тхьэм узэрелъэIун фэе шIыкIэр зэраригъэшIагъэм фэдэу, ори
тэгъашIэ.
2– Тхьэм шъуелъэIу зыхъукIэ, моущтэу шъуIо, – ариIуагъ Исус. «О тя Тэ
лъапIэу уашъом щыIэр! ПцIэ цIыфхэм агъэлъапIэ орэхъу. Уи Тетыгъошхо
къэрэкIу. Узыфаер уашъом зэрэщыхъурэм фэдэу, чIылъэми щэрэхъу.
3Хьалыгъоу тищыкIагъэр мафэ къэси къытэт.
4Тэ типсэкIодшIагъэхэр къытфэгъэгъух, сыда пIомэ, тэри хэти мыхъун
къытэзышIэрэм фэтэгъэгъу. Шэйтаным псэкIод тигъэшIэнэу фит умышIы,
ащи тыщыухъум».
5– Шъо шъуащыщэу зыгорэм ныбджэгъу иIэу тIон, – ариIуагъ Исус. –
Чэщныкъом а ныбджэгъум иунэ макIошъ, реIо: «Синыбджэгъу,
хьалыгъуищ чIыфэу къысэт,
6сыда пIомэ, синыбджэгъу горэ гъогурыкIоу къысфэкIуагъ. Езгъэшхын зи
сиIэп».
7– Аущтэу зеIом, унэм ис ныбджэгъум къыреIожьы: «Сымыгъэулэу.
Къэлапчъэр гъэпытагъэ, сисабыйхэри сигъусэхэу пIэм хэлъых.
Сыкъэтэджэу зыгорэ остын слъэкIыщтэп».
8– Сэ шъосэIо, – къыпигъэхъожьыгъ Исус, – зэриныбджэгъум пае,
къэтэджэу хьалыгъур къыримытыщтми, ыуж зэримыкIыжьырэм пае
къэтэджынышъ, зыфаер зэкIэ къыритыщт.
9– Арышъ, шъосэIо, шъуелъэIуи, Тхьэм къышъуитыщт; шъулъыхъуи,
къэжъугъотыщт; къэлапчъэми шъутеуи, Тхьэм къышъуфыIуихыщт;
10сыда пIомэ, хэтми лъаIорэм зыкIэлъэIурэр иIэ хъущт, лъыхъурэми
зылъыхъурэр ыгъотыщт; къэлапчъэм теорэми Тхьэм къыфыIуихыщт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

11Ты къышъухэта, зыкъо хьалыгъу пае къелъэIумэ, мыжъо езытыщтыр е
пцэжъые пае къелъэIумэ, блэ езытыщтыр,

12е кIэнкIэ пае къелъэIумэ, скорпион езытыщтыр?

13Аущтэу шъо шъубзаджэ пэтми, шъуилъфыгъэхэм шIу зэряшъутын
шIыкIэр шъушIэмэ, ащ нахьи нахьыбэу Ты лъапIэу уашъом щыIэм
елъэIухэрэм ежь ы Псэ ЛъапIэ къаритыщтба?

**Исусрэ джынапцIэхэм япащэу БаIал-Зэбулрэ**
(Маттэ 12:22-30; Марк 3:20-27)

14Исус лIы бзако горэм джынапцIэу ыбзэ зыубытырэр хифыгъ.
ДжынапцIэр зыхэкIыжьым, бзэкогъэ лIыр къэгущыIагъ. ЦIыф купышхохэм
агъэшIэгъуагъ.

15Ау ащыщхэу заулэмэ къаIуагъ: – БаIал-Зэбулэу джынапцIэхэм япащэ
илъэкI ары джынапцIэхэр цIыфхэм зэрахифырэр.

16НэмыкIхэми Исус агъэунэфыным пае, нэшэнэ гъэшIэгъон уашъом
къафыригъэхынэу фэягъэх.

17Ау ахэмэ ягухэлъхэр Исус ешIэти, ариIуагъ: – Сыдрэ пачъыхьагъум
лъэныкъуитIоу зигощымэ, зэхэтэкъощт, унэ гори лъэныкъуитIоу гощыгъэ
хъумэ, къызэхэощт.

18Шэйтанми лъэныкъуитIоу зигощымэ, итетыгъо сыдэущтэу щыIэжьын
ылъэкIына? Ар зыкIасIорэр БаIал-Зэбул илъэкIыкIэ сэ джынапцIэхэр
цIыфхэм ахэсэфыхэу шъоIошъ ары.

19Адэ, БаIал-Зэбул илъэкIыкIэ сэ джынапцIэхэр цIыфхэм ахэсэфыхэмэ,
шъо шъуицIыфхэм джынапцIэхэр зэрахафырэр хэт илъэкIэу хъура?
Арышъ, ахэр шъо хьыкумэшI къышъуфэхъущтых.

20Ау сэ джынапцIэхэр цIыфхэм зэрахэсфырэр Тхьэм ыIэхъуамбэшъ,
Тхьэм и Тетыгъошхо къызэрэшъухэхьагъэр ары ащ къикIырэр.

21– КIуачIэ зиIэ лIы горэм IашэкIэ дэгъоу тегъэпсыхьагъэу, иунэ
къыухъумэ зыхъукIэ, имылъкукIэ щынагъо щыIэп.

22Ау ащ нахьи нахь кIочIэшхо зиIэ лIы горэ ащ къытебанэу къызытекIокIэ,
Iашэу зыщыгугъыхэрэр къытырихынхэшъ, ахэр зэкIэ ыгощыжьыщтых.

23– Сэ симыгъусэр къыспэуцу, сэ къыздэзымыугъоирэми ретэкъухьэ.

**ДжынэпцIэ Iаем къызэригъэзэжьырэр**
(Маттэ 12:43-45)

24– ДжынэпцIэ Iае горэ цIыф горэм зыхэкIыкIэ, зыгъэпсэфыпIэ лъыхъоу
псы зэрымыт шъоф нэкIым къыщекIухьэ. ЗыгъэпсэфыпIэ зимыгъотыкIэ,
«сызыхэсыгъэ цIыфэу сэ сиунагъэм дэжь згъэзэжьыщт» еIо.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

25Ащ дэжь къегъэзэжьышъ, унэр пхъэнкӀыгъэу, зэлъыӀухыгъэу къегъотыжьы.

26Джащыгъум макӀо, джынэпцӀибл ежь нахь бзаджэхэу къыздещэхэшъ, унэм ехьэхэшъ, етӀысхьэх. ЫкӀэм ыкӀэжьым а цӀыфым иӀоф ыпэм нахьи нахь дэи мэхъу.

27А гущыӀэхэр Исус къыӀохэзэ, цӀыф купышхом хэтэу бзылъфыгъэ горэм ымакъэ Ӏэтыгъэу къыриӀуагъ: – Ныбэу узэрылъыгъэри, бгъэу узкӀэшъугъэри гъогу мафэ теуцуагъэх.

28– Шъыпкъэ, – къыӀуагъ Исус, – ау Тхьэм игущыӀэхэр зэхэзыхэу, ахэри зыгъэцакӀэрэр ащ нахьи нахь гъогу мафэ теуцуагъ.

### ЦӀыф Лъэпкъым ы Къо цӀыфхэм нэшанэ зэрафэхъурэр

(Маттэ 12:38-42; Марк 8:12)

29ЦӀыфхэр нахь купышхохэу Исус дэжь къыщызэрэугъоихэ зэхъум, ащ къыӀуагъ: – Джырэ цӀыфхэр бзаджэх. Ахэр нэшэнэ гъэшӀэгъон фаех, ау пегъымбар Юныс инэшанэ нэмыкӀ Тхьэм ахэмэ къаритыщтэп,

30сыда пӀомэ, Юныс къалэу Нинэвие дэсыгъэ цӀыфхэм нэшанэ зэрафэхъугъэм фэдэу, ЦӀыф Лъэпкъым ы Къо джырэ цӀыфхэм нэшанэ афэхъущт.

31Ау сэ шъосэӀо, къыблэ хэгъэгум щыщэу бзылъфыгъэ пачъыхьэр ахърэт мафэм къэтэджынышъ, джырэ цӀыфхэм къядэощт, къыгъэмысэщтых, сыда пӀомэ, а бзылъфыгъэ пачъыхьэр пачъыхьэ Сэлмэн иакъылышӀуагъэ едэӀунэу чӀылъэм ыкъуапэ къикӀи, къэкӀуагъ. Джы мары пачъыхьэ Сэлмэн нахьи нахь инэу зыгорэ къышъухэт.

32Къалэу Нинэвие дэсыгъэ цӀыфхэр ахърэт мафэм къэтэджынхэшъ, джырэ цӀыфхэм къядэощтых, къагъэмысэщтых, сыда пӀомэ, ахэмэ Тхьэм игущыӀэхэр Юныс аригъэӀухэу зызэхаххэм, япсэкӀодшӀагъэхэм афыкӀэгъожьыгъэх. Джы мары Юныс нахьи нахь инэу зыгорэ къышъухэт.

### Пкъым иостыгъ

(Маттэ 5:15; 6:22-23)

33– Зыми остыгъэ хигъанэу, гъэбылъыпӀэ къогъу горэм къуигъэуцорэп е щэлъэ чӀэгъым чӀигъэуцорэп, унэм къихьэхэрэм инэфынэ алъэгъуным пае, тетыпӀэ лъагэм тырегъэуцо нахь.

34Пкъым иостыгъэ – нэр ары. Арышъ, о унэ псаумэ, зэкӀэ ппкъы нэфынэщт. Ау о унэ дэимэ, зэкӀэ о ппкъы шӀункӀыщт.

35Арышъ, о пхэлъ нэфынэр шӀункӀы мыхъуным фэсакъ.

36Аущтэу зэкӀэ о ппкъы шӀункӀ хэмылъэу, нэфынэ хизмэ, зэкӀэ о ппкъы нэфынэ хъущт, остыгъэ нэфынэм укъызэригъэнэфырэм фэдэу.

### Исус Тэурат егъэджэкӀо пащэхэмрэ фарисейхэмрэ ямысагъэ къызэрэхигъэщыгъэр

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

(Маттэ 23:1-36; Марк 12:38-40; Лука 20:45-47)

37Исус а гущыӀэхэр къызеӀо ужым, фарисей горэм ар ыгъэшхэнэу иунэ
ригъэблэгъагъ. Исус ащ иунэ ихьи, Ӏанэм пэтӀысхьагъ.

38Шхэным ыпэкӀэ Исус ыӀэхэр зэримытхьакӀыгъэхэр фарисеим зелъэгъум,
ыгъэшӀэгъуагъ.

39– Шъо, фарисейхэм, шъуишъуалъэхэмрэ шъуилагъэхэмрэ акӀыбхэр
шъогъэкъабзэх, – риӀуагъ Зиусхьаным, – ау нэйпсыягъэрэ бзэджагъэрэ
нахь зи шъукӀоцӀылъэп.

40Шъо акъыл зимыӀэхэр! Тхьэу кӀыбыр къэзгъэхъугъэм кӀоцӀыри
къыгъэхъугъэба?

41Ау шъо шъуишъуалъэхэмрэ шъуилагъэхэмрэ акӀоцӀ илъыр
тхьамыкӀэхэм яжъугъэшх, джащыгъум шъоркӀэ зэкӀэ къабзэ хъущт.

42– Ау гъогу мыгъо шъутеуцуагъ, шъо, фарисейхэр! Хатэм
къыдэкӀагъэхэм анахь пыутхэм ащыщэу зы пшӀанэр Тхьэм пае шъоты, ау
зэфагъэмрэ Тхьэр шӀу зэрэшъулъэгъурэмрэ къэшъогъанэх. Ахэр ары
жъугъэцэкӀэн фаехэр, адрэ Ӏофхэри къэшъумыгъанэхэу.

43– Гъогу мыгъо шъутеуцуагъ, шъо, фарисейхэр! Синэгогухэм тхьэмэтэ
тӀысыпӀэхэр ащышъуубытынхэри, зэӀукӀэхэм цӀыфхэр шъуӀэхэм
щяжъугъэбэунхэри шӀу шъолъэгъу.

44– Гъогу мыгъо шъутеуцуагъ, шъо, Тэурат егъэджэкӀо пащэхэри,
фарисейхэри, шъо, нэпитӀу зиӀэхэр, сыда пӀомэ, хэкӀодэжьыгъэ къэхэм
шъо шъуафэд. ЦӀыфхэр, гу лъамытэу, ахэмэ акӀыӀу рэкӀох.

45Тэурат егъэджэкӀо пащэхэм ащыщ горэм Исус къыриӀуагъ: – Дин
гъэсакӀу, аущтэу пӀомэ, тэри укъытэхъоны.

46– Шъо, Тэурат егъэджэкӀо пащэхэри, гъогу мыгъо шъутеуцуагъ, –
къыӀожьыгъ Исус, – сыда пӀомэ, хьылъэ щэчыгъуаехэр цӀыфхэм
атешъолъхьэх, ау ахэмэ шъуадэӀэпыӀэнэу зы Ӏэхъуамби жъугъэхъыерэп.

47– Гъогу мыгъо шъутеуцуагъ! Пегъымбархэу шъо шъуятэжъхэм
аукӀыгъагъэхэм апае къэунэхэр шъогъэуцухэшъ,

48шъуятэжъхэм ашӀэгъагъэхэм шъори зэрадежъугъаштэрэр
къэшъоушыхьаты; сыда пӀомэ, шъуятэжъхэр арыба пегъымбархэр
зыукӀыгъагъэхэр, шъорыба къэунэхэр афэзгъэуцухэрэр?

49Ащ пае Тхьэм иакъылышӀуагъэкӀэ къыӀуагъ: «Пегъымбархэри
апостолхэри ахэмэ афэзгъэкӀощтых. Ахэмэ ащыщэу зы купыр къаукӀыщт,
зы купыми къин рагъэщэчыщт».

50,51Арышъ, шъосэӀо, пегъымбар Хьавэл ылъ щегъэжьагъэу пегъымбар
Зэчрей ылъ къыхиубытэу, зэкӀэ пегъымбархэм ялъыуасэ джырэ цӀыфхэм
Тхьэм аригъэпщыныжьыщт. Пегъымбар Зэчрей ары къурмэншӀыпӀэмрэ

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

Тхьэм иунэшхорэ азыфагу щагъэкIодыгъагъэр. Шъыпкъэр шъосэIо, ахэмэ зэкIэ ялъыуасэ джырэ цIыфхэм Тхьэм аригъэпщыныжьыщт.

[52]– Гъогу мыгъо шъутеуцуагъ, Тэурат егъэджэкIо пащэхэр, сыда пIомэ, шIэныгъэм иIункIыбзэ шъо шъуштагъэ. Ау шIэныгъэм иунэ шъуихьагъэп, ихьанхэу фэягъэхэри ихьанхэу фит шъушIыгъэхэп.

[53,54]Ащ дэжьым Исус зыIокIыжьым, Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ фарисейхэмрэ ежь хагъэукъоным фаехэу, Iоф горэм хаубытэным ешакIохэу, IофыбэхэмкIэ еупчIыхэзэ, рагъэзэу аублагъ.

## Лука 12

### НэпитIугъэм шъуфэсакъ

[1]Джащыгъум цIыфхэм хэуцуапIэ амыгъотыжьэу, мин пчъагъэ къызызэIокIэхэм, Исус апэу игъогу рыкIохэрэм ариIоу къыублагъ: – Фарисейхэм ятэджэпсэу янэпитIугъэ шъуфэсакъ.

[2]Къэмылъэгъожьынэу чIэухъумагъэ зи щыIэп, цIыфхэм къамышIэнэуи гъэбылъыгъэ зи щыIэп.

[3]Ащ къыхэкIыкIэ, мэзахэм щышъуIуагъэр мэфэ нэфынэм цIыфхэм зэхахыжьыщт, унэ кIоцIым шъущыIушъашъэу тхьакIумэм ишъуIуагъэри унашъхьэхэм атетхэу къыщаIотэжьыщт.

### Шъузщыщынэн фаер

(Маттэ 10:28-31)

[4]– Ау сэ шъосэIо, синыбджэгъухэр, пкъыр зыукIэу ащ нэужым ащ ехъу зи зышIэн зымылъэкIхэрэм шъуащымыщын.

[5]Ау шъо шъузщыщынэн фаер сэ шъосIощт: ЗиукIырэ ужым, джэхьнэмым хэзыдзэжьынэу тетыгъо зиIэр ары шъузщыщынэн фаер. Ары, шъосэIо, ащ шъущыщын.

[6]Бзыу цIыкIуитфыр чапычитIукIэ ащэрэба? Ау щытми, ахэмэ ащыщэу зи щымыгъупшэжьэу Тхьэм ыгу илъ.

[7]Ау шъо шъушъхьэ тет шъхьац нэлъэ пстэури лъытагъэ. Шъумыщын, бзыубэхэм анахьи шъо шъуанахь лъапI.

### Христос игъогу рыкIохэрэм узэращыщыр цIыфхэм ябгъэшIэныр

(Маттэ 10:32-33; 12:32; 10:19-20)

[8]– ШъосэIо, сэ ЦIыф Лъэпкъым ы Къо сигъогу рыкIохэрэм зэращыщыр цIыфхэм апашъхьэ хэтми къыщызыIорэр, сэри ар сигъогу рыкIохэрэм зэращыщыр Тхьэм имэлаIичхэм апашъхьэ къыщысIощт.

[9]Ау хэтми сигъогу рыкIохэрэм ащымыщэу цIыфхэм апашъхьэ щызыIорэр, сэри ар сигъогу рыкIохэрэм зэращымыщыр Тхьэм имэлаIичхэм апашъхьэ щысIощт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

10Хэтми ЦIыф Лъэпкъым ы Къо гущыIэ Iае фэзыIорэм фэгъущт, ау Тхьэм
ы Псэ ЛъапIэ зыгъэпцIырэм фэгъущтэп.

11– Синэгогухэм шъузаратыкIэ, хэку пащэхэмрэ тетыгъо зиIэхэмрэ
апашъхьэ шъузыращэкIэ, «Сыдэущтэу зыдгъэхыен?» шъуIоу, «Сыда
тIощтыр?» шъуIоу шъумыгумэкI;

12сыда пIомэ, къэшъуIон фаер а сыхьатым Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ
шъуигъэшIэшт.

### ЛIы баеу акъыл зимыIэм ехьылIэгъэ гъэсэпэтхыдэр

13ЦIыф купышхом хэтэу лIы горэ Исус къелъэIугъ: – Дин гъэсакIу, тятэ
къыкIэныжьыгъэ мылъкур сшы къыздегъэгощ.

14– Шъузэрыгощэщт шIыкIэр къышъосIонэу хэта сызгъэуцугъэр? –
риIожьыгъ Исус.

15ЕтIанэ цIыфмэ ариIуагъ: – Шъуфэсакъ! Сыд фэдэ нэйпсыягъэ
къызхэшъумыгъаф, сыда пIомэ, цIыфым сыд фэдиз мылъку иIэми, ар
ищыIэныгъэ епхыгъэпышъ ары.

16ЕтIанэ Исус гъэсэпэтхыдэ афиIотагъ: – ЛIы бай горэм игубгъо
лэжьыгъэр щыбэгъуагъ.

17Аущтэу зэхъум, ышъхьэ фиIожьэу къыублагъ: «Сыда сшIэщтыр? Сэ
силэжьыгъэхэр зэрыслъхьан зи сиIэп».

18– ЕтIанэ къыIуагъ: «Моущтэу сшIыщт. Сикъакъырхэр скъутэнхэшъ, нахь
ин сшIыжьынхэшъ, сигъажъорэ симылъкурэ зэкIэ ахэмэ арыслъхьащт.

19ЕтIанэ зэсIожьыщт: Илъэсыбэ пфикъун Iаджи уиI. Зыгъэпсэф, шхэ,
ешъу, зыгъатхъ!»

20– Ау Тхьэм къыриIуагъ: «О акъыл зимыIэ цIыф! Мы чэщ дэдэм о ппсэ
хэсхыщт. БгъэтIылъыгъэхэр хэт къызфэнэжьыщтыр?»

21– Ежь ышъхьэ пае мылъкушхо зыугъоеу, ау Тхьэм дэжькIэ мылъушхо
зимыIэм джары къехъулIэщтыр.

### ГумэкIыным ехьылIагъ

(Маттэ 6:19-21, 25-34)

22– Арышъ, шъосэIо, – ариIуагъ Исус игъогу рыкIохэрэм, – «Сыда
тшхыщтыр?» шъуIоу, шъуищыIэныгъэ пае шъумыгумэкI. «Сыда
тщыгъыщтыр?» шъуIоу, шъупкъы паий шъумыгумэкI.

23ЩыIэныгъэр гъомылэм нахьи нахь лъапI, пкъыри щыгъыным нахьи нахь
лъапI.

24Къуалэхэм шъуяплъ. Ахэмэ чылапхъи апхъырэп, лэжьыгъи ахыжьырэп.
Конхэри къакъырхэри яIэхэп, ау щытми, Тхьэм къареты. Шъо бзыухэм
анахьи бэкIэ шъуанахь лъапI!

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

25Гумэкlэу хэта шъо шъуащыщэу зы lэнтэгъу нэмыlэми илъэгагъэ
хэзгъэхъон зылъэкlыщтыр?

26Ащ фэдэ тlэкlур зышъумылъэкlыкlэ, адрэ къэнэгъэ пстэуми апае сыда
шъузкlэгумэкlырэр?

27– Къэгъагъэхэм якъэкlыкlэ шъуеплъ. Ахэр лажьэхэрэп, ци аджырэп, ау
сэ шъосэlо, ежь пачъыхьэ Сэлмэн сыд фэдизэу дахэу кlэракlэщтыгъэми,
ахэмэ ащыщэу зыгорэми фэдэу фэпэгъагъэп.

28А уцэу губгъом непэ итэу, неущ хьакум радзэжьыщтыр Тхьэм аущтэу
зигъэкlэракlэкlэ, ащ нахьи бэкlэ нахьыбэу шъо шъуигъэкlэрэкlэщт, шъо,
шlошъхъуныгъэ зимакlэхэр!

29Шъо шъушхыщтымрэ шъузэшъощтымрэ ауж шъуимыт,
шъуафэмыгумэкl.

30Сыда пlомэ, ащ фэдэ lоф пстэури ары дунаим тет лъэпкъхэр
зылъыхъухэрэр. Ахэр зэрэшъуищыкlагъэр шъуя Тэ лъапlэ ешlэ.

31Ау ыпэ рапшlэу Тхьэм и Тетыгъошхо иlофхэм ауж шъуит, етlанэ адрэ
къэнэгъэ lофхэри къышъуlэкlэхьащт.

32– Шъумыщын шъо, куп тlэкlур, сыда пlомэ, шъуя Тэ лъапlэ и
Тетыгъошхо къызыскlэ, тетыгъо къышъуитыныр игопэщт.

33Шъуихьапщыпхэр шъущэхи, ахъщэр тхьамыкlэхэм яшъут. Жъы
мыхъужьын ахъщалъэхэр зыфэшъушlых, нахь макlэ мыхъужьын
мылъкушхо уашъом щызэжъугъэгъот. Ащ дэжьым тыгъуакlо горэ а
мылъкушхом щекlолlэшъущтэп, хъунэхэми ашхыщтэп.

34Сыда пlомэ, шъуимылъкушхо зыдэщыlэм шъугухэри щыlэщтых.

**Шъумычъыеу шъусакъ!**
(Маттэ 24:45-51)

35– Шъо шъуицыякlэхэр дэупкlагъэхэу, шъуиостыгъэхэри хэгъэнагъэхэу
хьазырэу шъущыт.

36Цlыфхэу зитхьэматэ нысащэм къикlыжьыным паплъэхэу, къэлапчъэм
къызэрэтеоу фыlузыхынэу хьазырхэм афэдэу шъущыт.

37Тхьэматэр къызыкlожьыкlэ, унэlутхэу мычъыехэу, сакъыхэу
къыгъотыжьхэрэр гъогу мафэ теуцуагъэх. Шъыпкъэр шъосэlо, ицыякlэ
диупкlэнышъ, lанэм пигъэтlысхьащтых, ежьыри къэкlонышъ,
ашъхьащытыщт.

38Чэщныкъом дэжь е нэфшъэгъо атэкъэlогъум дэжь тхьэматэр
къэкlожьыгъэу, а унэlутхэр мычъыехэу, сакъыхэу къызигъотыжьхэкlэ,
ахэр гъогу мафэ теуцуагъэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

39Ау мыр зэжъугъашIэ: унэр зием тыгъуакIор къызыкIощт сыхьатыр
ышIэщтыгъэмэ, чъыещтыгъэп, иуни къыригъахьэу илъыр
рыригъэтыгъукIыщтыгъэп.

40Арышъ, шъори шъухьазырын фае, сыда пIомэ, ЦIыф Лъэпкъым ы Къо
къэкIожьынэу шъузымыгугъэрэ сыхьат горэм дунаим къэкIожьыщт.

41– Зиусхьан, – къыIуагъ Петрэ, – мы гъэсэпэтхыдэр тэщ пае къэпIуагъа,
хьауми цIыф пстэуми апае къэпIуагъа?

42– Хэта адэ, акъылышIу зиIэу, зыщыгугъын мылъкугъэзекIоу тхьэматэм
адрэ унэIутхэу иIэхэм пащэ афишIыщтыр, игъом яшхын аритынэу? –
къыIуагъ Зиусхьаным.

43– А унэIутыр гъогу мафэ теуцуагъ, итхьэматэ къэкIожьыгъэу, аущтэу
ышIэу къызигъотыжькIэ.

44Шъыпкъэр шъосэIо, тхьэматэм имылъку зэкIэ а унэIутым ыIэ
рилъхьащт.

45Ау а унэIутым «Сэ ситхьэматэ шIэхэу къэкIожьыщтэп» ыгукIэ ыIоу, адрэ
унэIутхэм, бзылъфыгъи хъулъфыгъи, яоу, ешхэу, ешъоу, уташъоу
зиублэкIэ,

46а унэIутыр зымыгугъэрэ мафэ горэм, зыщимышIэрэ сыхьат горэм
итхьэматэ къэкIожьыщт. А унэIутыр укIыкIаеу ыукIыщт, шIошъхъуныгъэ
зимыIэхэм къин зыщадищэчын чIыпIэми ыгъэкIощт.

47– Ау итхьэматэ зыфаер ышIэщтыгъэ пэтми, унэIутэу
зызымыгъэхьазырыгъэм е тхьэматэр зыфаер зымыгъэцэкIагъэм утыныбэ
къытефэщт.

48Ау итхьэматэ зыфаер зымышIэу, утын зифэшъуашэ зышIагъэм нахь
утын макIэ къытефэщт. Тхьэм бэ зэритыгъэм бэ ытыжьынкIи
къыщыгугъыщт, бэ зыIэ рилъхьагъэми нахьыбэкIи къыщыгугъыщт.

**Зы унэм зэдисхэр зэрэзэмызэгъыщтхэр**
(Маттэ 10:34-36)

49– ЧIылъэм машIо есыдзыным пае, сэ сыкъэкIуагъ. А машIор
зэхэнэгъагъэмэ, сыдэу сыгопэщтыгъ!

50ЦIыфхэм Iаеу саумэхъыныр къыспыщылъ, ар охъуфэ инэуи сэгумэкIы!

51Зэзэгъыныгъэ чIылъэм къыфэсхьыным пае, сыкъэкIуагъэу шъогугъа?
Хьау, сэ шъосэIо, зэмызэгъыныгъэ къэсхьынэу ары нахь,

52сыда пIомэ, джы щегъэжьагъэу, зы унэм ис нэбгыритфым
лъэныкъуитIоу загощыщт: щыр тIум пэуцущт, тIури щым пэуцущт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

[53]Лъэныкъуитlоу загощынышъ, тыр къом пэуцущт, къори тым пэуцущт,
ныр пхъум пэуцущт, пхъури ным пэуцущт, гуащэри нысэм пэуцущт,
нысэри гуащэм пэуцущт.

**Мы лъэхъаным инэшанэхэм къарыкlырэр зыгурыжъугъаlу**
(Маттэ 16:2-3)

[54]– Тыгъэ къохьапlэмкlэ ошъуапщэ къытехьэу шъулъэгъумэ, «Ощх
къещхыщт», занкlэу шъоlо, аущтэуи мэхъу, – ариlуагъ Исус цlыф
купышхом.

[55]– Къыблэ лъэныкъом къикlырэ жьыбгъэри къепщэ хъумэ, «Фэбэ дэдэ
хъущт» шъоlо, аущтэуи мэхъу.

[56]Шъо, нэпитlу зиlэхэр! Чlылъэмрэ уашъомрэ ятеплъэ къикlырэр
къыжъугурэlо, мы лъэхъаным инэшанэхэм къарыкlырэр сыд пае
къыжъугурымыlора?

**О уидэогъу узэрешlужьыным ыуж ит**
(Маттэ 5:25-26)

[57]– Сыд пае шъо шъушlэн фаер шъор-шъорэу зэхэшъумышlыкlыра?

[58]Гущыlэм пае, о уидэогъу уригъусэу хьыкумэшlым дэжь укlозэ, гъогум
утетыфэ, узэрешlужьыным ыуж ит. Армырмэ, уидэогъу хьыкумэшlым
ыпашъхьэ уригъэуцощт, ащи хьапс къэрэгъулэм уlэкlилъхьащт, хьапс
къэрэгъулэми хьапсым учlидзэщт.

[59]Сэ осэlо, аужырэ чапычыр отыжьыфэ, хьапсым укъычlэкlыжьыщтэп.

## Лука 13

**О уипсэкlодшlагъэхэм афыкlэгъожь е зыбгъэкlодыжьыщт**

[1]А мафэхэм цlыф куп Исус дэжь къакlуи, Галилей цlыфхэу lэшъхьэтет
Пилат аригъэукlыгъагъэхэм якъэбар къыфахьыгъ. А Галилей цlыфхэм
алъырэ ахэмэ къурмэн ашlырэм ылъырэ зэхэлъадэхэу, Пилат ицlыфхэм
ахэр аригъэукlыгъагъэх.

[2]Исус дэжь къэкlуагъэхэм ариlожьыгъ: – Мы Галилей цlыфхэр аущтэу
зэрэкlодыгъэхэм пае, Галилеим щыщхэу адрэ цlыф пстэумэ анахьи нахь
псэкlодышlэхэу шъогугъа?

[3]Хьау, аущтэу щытэп, сэ шъосэlо! Ау шъуипсэкlодшlагъэхэм
шъуафыкlэмыгъожьмэ, шъори зэкlэми, ащ фэдэ къабзэу шъукlодыщт.

[4]Хьаури Силоам зыцlэ чlыпlэм ит унэ плъэпlэ лъагэр нэбгырэ пшlыкlуеу
къызытеуи, чlиукlыхьагъэхэр адрэ цlыфхэу Ерусалим дэс пстэуми анахьи
нахь мысагъэхэкlэ шъогугъа?

[5]Хьау, аущтэу щытэп, сэ шъосэlо! Ау шъуипсэкlодшlагъэхэм
шъуафыкlэмыгъожьмэ, шъори зэкlэ ащ фэдэ къабзэу шъукlодыщт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

### Ынджыр чъыг гъугъэм ехьылIэгъэ гъэсэпэтхыдэр

[6]ЕтIанэ Исус мы гъэсэпэтхыдэр къафиIотагъ: – ЛIы горэм исэнэшъхьэ хатэ ынджыр чъыг хэтэу иIагъ. Зыгорэ къыпыкIагъэмэ еплъынэу зэкIом, къыпыкIагъэу зи ыгъотыгъэп.

[7]Джащыгъум сэнэшъхьэшIым риIуагъ: «Мары, илъэсищ хъугъэу мы чъыгым зыгорэ къыпыкIэмэ сеплъынэу сыкъэкIо, ау зи пытэу згъотырэп. Арышъ, иупкIыжь, сыд пае чIыгум ыкIуачIэ хьаулыеу хихыра?»

[8]– СэнэшъхьэшIым къыриIожьыгъ: «Тхьэматэ, мы илъэсым щыгъэтыгу. Чъыгыр ихъурэягъэкIэ къэстIыхьанышъ, ебз тIэкIуи чIэстэкъон.

[9]КъэкIорэгъым къыпыкIэнкIи мэхъу. Джащыгъуми къызыпымыкIэкIэ, иуупкIын плъэкIын».

### ЗиузэнкIыжьын зымылъэкIэрэ бзылъфыгъэр шэмбэт мафэм Исус зэригъэхъужьыгъэр

[10]Шэмбэт мафэм синэгогу горэм Исус цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр щаригъашIэщтыгъ.

[11]Бзылъфыгъэ горэ илъэс пшIыкIуй хъугъэу, зыгъэсымаджэрэ джынапцIэ хэсэу ащ дэжьым чIэтыгъ. ЗиузэнкIыжьын ымылъэкIэу, ытхыцIэ уфагъэу щытыгъ.

[12]Исус ар зелъэгъум, къеджи, риIуагъ: – Нын, джы щегъэжьагъэу ухъужьыгъ, ушъхьафит.

[13]ЕтIанэ ыIэхэр а бзылъфыгъэм зытырелъхьэм, ардэдэм ащ зиузэнкIыжьи, хъужьыгъэ, Тхьэми щытхъу фишIыгъ.

[14]Ау Исус шэмбэт мафэм сымаджэр зэригъэхъужьыгъэм пае, синэгогу пащэр губжи, цIыфмэ ариIуагъ: – ЦIыфыр лэжьэн фаеу мэфих щыI. А мафэхэм зыжъугъэхъужьынэу шъукъакIу нахь, шэмбэт мафэм шъукъэмыкIу.

[15]– Шъо, нэпитIу зиIэхэр! – риIожьыгъ Зиусхьаным а пащэм. – Шъуащыщэу зыгорэ щыIа, зицу е зищыд шэмбэт мафэми къэзымытIатэу, цощым къычIэзымыщэу псы езымыгъашъорэр?

[16]Арэу зыхъукIэ, мы бзылъфыгъэу Ибрахьимэ къытекIыгъэ цIыфхэм ащыщэу, илъэс пшIыкIуй хъугъэу шэйтаным ыпхыгъэр шэмбэт мафэм шъхьафит сшIынышъ, згъэхъужьын фэягъэба?

[17]Исус ар къызеIом, къыпэгущыIэжьырэ цIыф пстэури укIытэжьыгъэ, къэнэгъэ цIыфхэри Исус Iофышхо гъэшIэгъонхэу ышIэгъэ пстэуми апае гушIуагъэх.

### Андэгурацэмрэ тэджэпсымрэ яхьылIэгъэ гъэсэпэтхыдэхэр

(Маттэ 13:31-33; Марк 4:30-32)

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

[18]– Тхьэм и Тетыгъошхо зыфэдэр сыда? – къыIуагъ Исус. – Ар сыдым фэзгъэдэна?

[19]Ар зыфэдэр андэгурацэр ары. Ар лIы горэм къышти, ихатэ щишIагъ. Ар къэкIи, чъыгы хъугъэ, ошъогу бзыухэри икъутамэхэм атесхэ хъугъэ.

[20]– Тхьэм и Тетыгъошхо сыдым фэзгъэдэна? – джыри зэ къыIуагъ Исус.

[21]– Ар зыфэдэр тэджэпсыр ары. Бзылъфыгъэ горэм ар къышти, Iанлъищым арыфэрэ хьаджыгъэ зэхипшыхьагъ, зэрэщытэу къэтэджыфэ.

**Къэлэпчъэ зэжъур**
(Маттэ 7:13-14, 21-23)

[22]Исус къалэхэмрэ къуаджэхэмрэ къыкIухьэхэзэ, цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр аригъашIэхэзэ, игъогу Ерусалим фигъэзагъ.

[23]Зыгорэ ежь къеупчIыгъ: – Тхьэматэ, мыкIодхэу Тхьэм къыгъэнэжьыщт цIыфхэр макIэха?

[24]– Къэлэпчъэ зэжъумкIэ шъуззэрэдэхьащтым зэрэшъулъэкIэу ыуж шъуит, – ариIожьыгъ Исус, – сыда пIомэ, сэ шъосэIо, цIыфыбэхэр дэхьанхэу ыуж итыщтых, ау алъэкIыщтэп.

[25]Унэ бысимыр къэтэджынышъ, къэлапчъэр зыщыфишIыжьыщт сыхьатыр къэсышт. ЕтIанэ «Тхьэматэ, къэлапчъэр къытфыIух» шъуIоу, кIыбым шъудэтэу, къэлапчъэм шъукъытеонкIи мэхъу. Джащыгъум ащ къышъуиIожьыщт: «Шъо хэтми шъузщыщыр сшIэрэп».

[26]ЕтIанэ шъуублэщт шъуIоу: «Тыуигъусэу тышхэщтыгъ, тешъощтыгъ, тикъалэ иурамхэми Тхьэм игущыIэхэр ащытэбгъашIэщтыгъ».

[27]Ау ащ къышъуиIощт: «Шъо хэтми шъузщыщыр сшIэрэп, санэIу шъуикI, зэкIэ шъо бзэджашIэхэр!»

[28]Ибрахьими, Исхьакъи, Якъуби, адрэ пегъымбар пстэури Тхьэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэхьагъэхэу, ау шъо а Тетыгъошхом ыIэчIэгъ шъукъычIафыгъэу зышъулъэгъукIэ, куохьаурэ цэ зэрэгъэшхырэ къэхъущтых.

[29]ЦIыфхэр тыгъэ къокIыпIэмкIи, тыгъэ къохьапIэмкIи, темырымкIи, къыблэмкIи къикIынхэшъ, Тхьэм и Тетыгъошхо игухэхъо Iанэм чIыпIэхэр щаубытыщтых.

[30]Джащыгъум ауж итхэм ащыщхэр апэ хъущтых, апэ итхэм ащыщхэри ауж къинэщтых.

**Ей, Ерусалим!**
(Маттэ 23:37-39)

[31]А сыхьат дэдэм фарисей куп къакIуи, Исус къыриIуагъ: – Мыщ дэжьым IукI. Армырмэ пщэу Ирод идзэлIхэм уаригъэукIыщт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

32– Шъукlуи, – ариlожьыгъ Исус, – а баджэм ешъуlу: «Сэ непи неущи
джынапцlэхэр цlыфхэм ахэсфыщтых, сымаджэхэри згъэхъужьыщтых,
ящэнэрэ мафэм сиlоф сыухыщт».

33Ау щытми, непи, неущи, неущмыкlи сигъогу сырыкlон фаеу
къыспыщылъ, сыда пlомэ, пегъымбарыр Ерусалим нэмыкl чlыпlэ щылlэ
хъущтэп.

34– Ей, Ерусалим, Ерусалим! Уицlыфхэм пегъымбархэр аукlых, мыжъокlэ
яохэзэ Тхьэм илlыкlохэри аукlых. Бзыум ищырхэр ытамэмэ ачlэгъ
зэрэщычlиугъуаехэрэм фэдэу, сыд фэдизрэ уибынхэр зэсыугъоилlэнхэу
сыфэягъ, ау шъо шъуфэягъэп.

35Моу зэ шъуеплъ, Тхьэр шъуикъалэ нэшlукlэ къеплъыжьыщтэп. Сэ
шъосэlо, «Зиусхьаным ыцlэкlэ къакlорэм щытхъушхор ий!»
зыщышъуlощт мафэм нэсыфэ, сышъулъэгъужьыщтэп.

# Лука 14

### Зэкlэбэгэгъэ лlы горэ шэмбэт мафэм Исус зэригъэхъужьыгъэр

1Шэмбэт мафэ горэм фарисейхэм ятхьэматэхэм ащыщэу зыгорэм иунэ
щышхэнэу Исус зырегъэблагъэм, цlыфхэр Исус еплъакlощтыгъэх.

2Зэкlэбэгэгъэ лlы горэ Исус ыпашъхьэ къиуцуагъэу алъэгъугъ а
сыхьатым.

3Исус Тэурат егъэджэкlо пащэхэмрэ фарисейхэмрэ ащ дэжьым ариlуагъ:
– Шэмбэт мафэм сымаджэр бгъэхъужьыныр хабзэкlэ хъущта, мыхъущта?

4Ау ахэмэ заушъэфыгъ. Исус ыlэхэр сымаджэм тырилъхьи, ыгъэхъужьи,
ытlупщыжьыгъ.

5Етlанэ Исус ахэмэ яупчlыгъ: – Шъуащыщэу зыгорэм ищыд е ицу шэмбэт
мафэм псынэм ифэмэ, а сыхьатым къырихыжьынба?

6Ахэмэ пэгъокl къыратышъугъэп.

### Хьакlэхэмрэ бысымымрэ зэрагъэшlэн фэе lофхэр

7Хьакlэхэм тхьэмэтэ тlысыпlэхэр аубытхэу Исус гу зылъетэм, мы
гъэсэпэтхыдэр къафиlотагъ:

8– Зыгорэм гухэхъо lанэм уригъэблагъэмэ, тхьэмэтэ тlысыпlэм умытlыс,
сыда пlомэ, ощ нахьи нахь тхьэматэ горэ къыригъэблэгъагъэхэм
ахэтынкlи мэхъу.

9Джащыгъум бысымэу ори ари шъукъезгъэблэгъагъэр
къыббгъодэхьанышъ, къыуиlощт: «Мы лlым о уитlысыпlэ ет». Арэу
зыхъурэм, о уукlытэжьыгъэу, аужырэ тlысыпlэр уубытын фаеу хъущт.

10Ау узырагъэблагъэкӀэ, аужырэ тӀысыпӀэм тӀыс. Джащыгъум бысымыр о
къыббгъодэхьанышъ, къыуиӀощт: «ТӀэкӀу дэкӀотай, синыбджэгъу». Ар
адрэ хьэкӀэ пстэуми апашъхьэ оркӀэ нахь щытхъу мэхъу;

11сыда пӀомэ, хэти зышъхьэ зыгъэиныжьырэр Тхьэм ыгъэцӀыкӀущт,
ышъхьэ зыгъэцӀыкӀужьыри Тхьэм ыгъэиныщт.

12ЕтӀанэ Исус ибысым риӀуагъ: – Щэджэгъуашхэ е пчыхьэшъхьашхэ о
зыпшӀыкӀэ, уиныбджэгъухэр, е пшыхэр, е уиблагъэхэр, е уигъунэгъу
байхэр къемыгъэблагъэх. Ахэр къебгъэблагъэхэмэ, афэпшӀагъэр
къыпфашӀэжьынэу урагъэблэгъэжьэнкӀи мэхъу.

13Ау гухэхъо Ӏанэ зытебгъэуцокӀэ, тхьамыкӀэхэр, сэкъатхэр, лъащэхэр,
нэшъухэр къегъэблагъэх.

14АфэпшӀагъэр ахэмэ къыпфашӀэжьын зэрамылъэкӀырэм пае, гъогу мафэ
утеуцуагъ. Шъыпкъагъэ зиӀэ цӀыфхэр къызытэджыжьхэкӀэ, афэпшӀагъэр
Тхьэм къыпфишӀэжьыщт.

**Гухэхъо Ӏанэм ехьылӀэгъэ гъэсэпэтхыдэр**
(Маттэ 22:1-10)

15Исус игъусэхэу Ӏанэм пэсхэм ащыщэу зыгорэм мыр зызэхехым,
къыӀуагъ: – Тхьэм и Тетыгъошхо къызыскӀэ, адрэ хьакӀэхэм ягъусэу Ӏанэм
пэсыщтыр гъогу мафэ теуцуагъ.

16– ЛӀы горэм гухэхъо Ӏанэ къышыгъ, – риӀуагъ Исус а лӀым, –
цӀыфыбэхэри къыригъэблэгъэнхэу ариӀуагъ.

17Гухэхъо Ӏанэр зыщашыщт сыхьатыр къызэсым къыригъэблэгъэнхэу
зэриӀогъэгъэ цӀыфхэм адэжь моущтэу ариӀонэу, унэӀут горэ ыгъэкӀуагъ:
«Джы шъукъеблагъ, пстэури хьазыр».

18Ау зэрэмыкӀощтхэр къафагъэгъунхэу зэпстэури зэфэдэу лъаӀохэу
аублагъ. Апэрэм къыӀуагъ: «Сэ хьасэ къэсщэфыгъ, ар сыкӀоу
зэсымыгъэлъэгъу хъущтэп. Къысфэгъэгъу».

19Адрэм къыӀуагъ: «Цуипшӏ къэсщэфыгъэшъ, язэрэщыт згъэунэфынэу
сэкӀо пэт. Къысфэгъэгъу».

20Ящэнэрэми къыӀуагъ: «Сэ шъуз къэсщагъэшъ, сыкъэкӀон слъэкӀыщтэп».

21Джащыгъум унэӀутым къыгъэзэжьи, хъугъэ-шӀагъэр итхьэматэ
къыриӀожьыгъ. Ащ дэжьым бысымыр къэгубжи, унэӀутым риӀуагъ:
«ПсынкӀэу къалэм иурамышхохэмрэ иурам цӀыкӀухэмрэ атехьи,
тхьамыкӀэхэр, сэкъатхэр, нэшъухэр, лъащэхэр къащэх».

22«Тхьэматэ, уиунашъо згъэцэкӀагъэ, ау джыри тӀысыпӀэ нэкӀхэр щыӀэх», –
къыӀуагъ, унэӀутым къызегъэзэжьым.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

23Джащыгъум тхьэматэм унэӀутым риӀуагъ: «Гъогухэмрэ гъогу
лъагъохэмрэ атехьи, сиунэ из хъуным пае, уапэ къифэрэ цӀыфхэр
къэкӀонхэу шӀы.

24Сэ шъосэӀо, а цӀыфхэу къезгъэблэгъэнхэу зэсӀогъагъэхэм ащыщэу зи
сиӀанэ къыхэӀэнэп». – Сыда пӀомэ, кьеблэгъагъэр бэ, ау къыхэхыгъэхэр
макӀэх, – къыпигъэхъожьыгъ Исус.

**Исус игъогу рыкӀоным къын щэчыгъоу хэлъыр**
(Маттэ 10:37-38)

25ЦӀыф купышхохэр Исус игъусэхэу кӀощтыгъэх. Исус зафигъази, ахэмэ
ариӀуагъ:

26– Хэт щыщми садэжь къакӀоу, зянэ, зятэ, зишъуз, зилъфыгъэхэр,
зышхэр, зышыпхъухэр шӀу зэрилъэгъухэрэм нахьи, зыпси шӀу
зэрилъэгъурэм нахьи, сэ нахьышӀу сызымылъэгъурэр сигъогу рыкӀохэрэм
ащыщ хъун ылъэкӀыщтэп.

27Хэти зикъащ зезымыхьэу, сауж къырымыкӀорэм сигъогу рыкӀохэрэм
ащыщ хъун ылъэкӀыщтэп.

28– Шъуащыщэу зыгорэм унэ плъэпӀэ лъагэ ышӀын фаеу хъумэ, ыпэ
рапшӀэу тӀысэу, тефэщтым еплъэу, а унэр зэрэригъэкъун ахъщэ иӀэмэ,
зэупчӀыжьын фаеба?

29Аущтэу ымышӀымэ, лъапсэр ыгъэуцугъэу, унэр ыухын зимылъэкӀыкӀэ,
къэзылъэгъурэ цӀыф пстэури къыдэхьащхэу,

30моущтэу аӀощт: «Мы лӀым унэр ышӀынэу ригъэжьагъ, ау фэухыгъэп».

31– Ащ фэдэуи, пачъыхьэ горэм нэмыкӀ пачъыхьэм зао ришӀылӀэн ыгу
хэлъмэ, ыпэ рапшӀэу тӀысынышъ, дзэлӀ мин тӀокӀ зиӀэ пыеу къыфакӀорэм
ежь идзэлӀ минипшӀыкӀэ пэуцушъущтмэ, егупшысэн фаеба?

32Пэуцун ымылъэкӀмэ, пыир пэчыжьэзэ, лӀыкӀохэр фигъэкӀонхэшъ,
зэшӀужьынхэу ригъэлъэӀущтых.

33Ащ фэдэу шъуащыщэу хэти иӀэ пстэури къэзымыгъанэрэр сигъогу
рыкӀохэрэм ащыщ хъун ылъэкӀыщтэп.

**ЩыугъакӀэ зыхэмылъ щыгъур**
(Маттэ 5:13; Марк 9:50)

34– Щыгъур дэгъу. Ау щыгъум ищыугъэ хэкӀымэ, сыдэущтэу ар пщыущта?

35ХьасэмкӀи ебзымкӀи ишӀуагъэ къэкӀощтэп, чӀадзыжьыщт нахь.
РыдэӀонэу тхьакӀумэ зиӀэм зэхерэх.

## Лука 15

**КӀодыгъэ мэлым ехьылӀэгъэ гъэсэпэтхыдэр**
(Маттэ 18:12-14)

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

1Хьакъулахь ахъщэр хэзыххэрэмрэ псэкIод зышIэхэрэмрэ зэкIэ Исус
едэIунхэу къекIолIагъэх.

2Ау фарисейхэмрэ Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ агу емыIоу аIуагъ: – Мы
лIым псэкIодышIэ цIыфхэр гъусэ зыфешIых, адэшхэ.

3Аущтэу къызаIом, Исус мы гъэсэпэтхыдэр афиIотагъ:

4– Шъуащыщэу зыгорэм мэлишъэ иIэу тIон. Ахэмэ ащыщэу зыр
шIокIодмэ, адрэ тIокIиплIырэ пшIыкIубгъурэр губгъом къыринэнхэшъ,
кIодыгъэр къегъотыжьыфэ лъыхъонба?

5Ар къызигъотыжькIэ, гушIоу къеIэтышъ, ытамэ къытырелъхьэ.

6Ядэжь къызыкIожькIэ, иныбджэгъухэмрэ игъунэгъухэмрэ къяджэшъ,
арeIо: «Шъукъыздэгушlу, симэлэу сшIокIодыгъэр къэзгъотыжьыгъ».

7Сэ шъосэIо, ащ фэдэу шъыпкъагъэ зиIэ нэбгырэ тIокIиплIырэ
пшIыкIубгъуpэу псэкIод фыкIэгъожьыныр зимыщыкIагъэу зылъытэхэрэм
апае, гушIуагъоу уашъом щыхъурэм нахьи, псэкIод зышIэрэ цIыф закъоу
зипсэкIодхэм афыкIэгъожьырэм пае, уашъом нахь гушIогъошхо
щыхъущт.

**Тыжьын ахъщэу кIодыгъэм ехьылIэгъэ гъэсэпэтхыдэр**

8– Ащ фэдэуи бзылъфыгъэ горэм тыжьын ахъщипшI иIэу тIон. Ахэмэ
ащыщэу зыр шIокIодмэ, остыгъэ хигъанэу, ахъщэр къегъотыжьыфэ,
фэсакъыпэу лъыхъуэ, унэр зэкIэ къыпхъэнкIынба?

9Ар къызигъотыжькIэ, иныбджэгъухэмрэ игъунэгъухэмрэ къяджэшъ,
арeIо: «Шъукъыздэгушlу, сшIокIодыгъэ ахъщэр къэзгъотыжьыгъ».

10Сэ шъосэIо, ащ фэдэ къабзэу псэкIод зышIэрэ цIыфэу кIэгъожьырэм
Тхьэм имэлэIичхэр фэгушIощтых.

**КIодыгъэ кIалэм ехьылIэгъэ гъэсэпэтхыдэр**

11– ЛIы горэм къуитIу иIагъ, – къыIуагъ Исус.

12– Къо нахьыкIэм ятэ риIуагъ: «Сят, мылъкум щыщэу къыстефэщт
Iахьыр къысэт». Арыти, тым мылъкур къуитIумэ афигощыгъ.

13Мэфэ заулэ зытешIэм, къо нахьыкIэм иIэр зэкIэ зэкIиугъуаий, хымэ
хэгъэгу горэм кIуагъэ. А хэгъэгум мыхъо-мышIэ псэукIэкIэ имылъку
щигъэкIодыгъ.

14ЗэкIэри зегъэкIодым, гъэблэшхо а хэгъэгум къыщыхъуи, щыкIэгъэшхо
иIэ хъугъэ.

15Аущтэу зэхъум, а хэгъэгум щыпсэурэ лIы горэм дэжь кIуи, Iоф
къыIихыгъ. А лIым икъохэр губгъом щигъэхъунхэу ыгъэкIуагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

Institute for Bible Translation

16Къохэм яIус щыщ ыныбэ из ышIынэу ехъуапсэщтыгъ, ау а Iусым щыщ хэти къыритыгъэп.

17КIалэм итхьамыкIагъо зыздешIэжьым, ышъхьэ фиIожьыгъ: «Сэ сятэ илэжьакIохэр сыд фэдиз хъухэми, шхын афикъуни къялыжьыни яI, ау сэ гъаблэм сигъалIэу мыщ сыщыI!

18Сятэ дэжь сыкIожьынышъ, есIощт: Сят, уашъомкIи оркIи псэкIод сшIагъэ.

19О сэ скъо къысэпIонэу сифэшъуашэп. О уилэжьакIохэм ащыщэу зым фэдэу сэри сышт».

20ЕтIанэ тэджи, ятэ дэжь кIожьынэу ежьагъ. Ыкъо чыжьэкIэ къэкIожьэу ятэ къызелъэгъум, ыгу егъуи, пэгъочъи, IаплI рищэкIи, ебэоу ыублагъ.

21Ыкъо ятэ риIуагъ: «Сят, уашъомкIи оркIи псэкIод сшIагъэ. О сэ скъо къысэпIоныр сифэшъуашэп».

22Ау ятэ иунэIутхэм ариIуагъ: «Щыгъынхэм анахь дэгъур псынкIэу къыфэшъухьи щышъулъ. Зы Iэлъыни Iэрышъулъхь, цуакъэхэри щышъулъэх.

23Тэнэ гъэшхагъэр къашъущи, шIошъубз. Тыжъугъашх, тыжъугъэгушIу.

24Мы сэ скъо лIэгъагъэ, ау къэхъужьыгъ, кIодыгъэу щытыгъ, ау къэдгъотыжьыгъ». Аущтэу гухэхъо Iанэ къашыгъ.

25Ау тым ыкъо нахьыжъ губгъом итыгъ. КъэкIожьызэ, унэм игъунэгъу къызэхъум, орэд макъэрэ Iэгу тео макъэрэ зэхихыгъ.

26УнэIутхэм ащыщэу зыгорэм еджи, «Сыда къэхъугъэр?» ыIуи, еупчIыгъ.

27УнэIутым къыриIуагъ: «ПшынахьыкIэ къэкIожьыгъ. Уятэ ар псаоу къызэригъотыжьыгъэм пае, тэнэ гъэшхагъэр шIуаригъэбзыгъ».

28Къо нахьыжъым ар зызэхехым, къэгубжи, унэм ихьажьынэу фэягъэп. Ау ятэ унэм къикIи, ихьажьынэу къелъэIоу ыублагъ.

29Къо нахьыжъым ятэ пэгъокI ритыгъ: «КъэдаIу! Сэ мыщ фэдиз илъэс хъугъэу сыпфэлажьэ, о уиунашъохэми зыкIи сатекIыгъэп. Сэ синыбджэгъухэми гухэхъо Iанэ афэсшыным пае, зы чэцIи къысэптыгъэп.

30Ау джы о пкъо зыфапIоу уимылъку бзылъфыгъэ хэтакIохэм атезгъэкIодагъэр къэкIожьыгъэшъ, тэнэ гъэшхагъэр фышIуябгъэбзыгъ!»

31Ау тым къыриIуагъ: «Скъо, о сыдигъуи садэжь ущыI, сиIэ пстэури оуий.

32Ау тэ тыгушIон, тытхъэжьын фаеба? Мы пшынахьыкIэ лIэгъагъэ, ау къэхъужьыгъ, кIодыгъагъэ, ау къэдгъотыжьыгъ».

## Лука 16

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

### Лlы баим имылъкугъэзекlо тхьагъэпцlым ехьылlэгъэ гъэсэпэтхыдэр

1– Лlы бай горэм мылъкугъэзекlо иlагъ, – арилуагъ Исус игъогу рыкlохэрэм. – «Мы лlым уимылъку пшlуегъэкlоды» аlуи, цlыфхэм лlы баим раlуагъ.

2Арыти, лlы баир имылъкугъэзекlо къеджи, риlуагъ: «О къыохьылlагъэу сыд зэхэсхырэр? Симылъку зэрэбгъэзекlорэ шlыкlэр сэгъэлъэгъу. Джыкъынэуж симылъку о бгъэзекlо хъущтэп».

3Мылъкугъэзекlом ышъхьэ фиlожьыгъ: «Сыда сэ сшlэщтыр? Ситхьэматэ сиlоф сlехыжьы. Чlыгур стlынэу кlуачlэ икъун сиlэп, сылъэlонкlи сэукlытэ.

4Сиlоф сlихыжьмэ, сшlэщтыр джы сэшlэ, цlыфхэм яунэхэм сырагъэблэгъэным пае».

5Ауштэу мылъкугъэзекlор цlыфхэу итхьэматэ ичlыфэ зытелъхэм зырызэу къяджи, ахэмэ ащыщэу апэрэм риlуагъ: «Ситхьэматэ ичlыфэу сыд фэдиза птелъыр?»

6Чlыфэр зытелъ лlым къыlуагъ: «Дэгъэ къошынишъэ стелъ». Адрэм риlожьыгъ: «Мары, уичlыфэ тхылъ штэжьи, тlыси, псынкlэу шъэныкъо итх».

7Етlанэ мылъкугъэзекlом нэмыкl горэми риlуагъ: «О чlыфэу сыд фэдиза птелъыр?» Ащ къыlуагъ: «Коц дзыуишъэ стелъ». Адрэм риlожьыгъ: «Уичlыфэ тхылъ штэжьи, тlокlиплl итх».

8Ауштэу зэхъум, тхьэматэр имылъкугъэзекlо тхьагъэпцlым щытхъужьыгъ, акъыл хэлъэу зэрэзекlуагъэм пае, сыда пlомэ, мы дунаим ицlыфхэр ежьхэр зэрэзэдэзекlохэрэмкlэ нэфынэ шъыпкъэм щызекlорэ цlыфхэм анахьи нахь lушых.

9Ау сэ шъосэlо, дунэе мылъкумкlэ ныбджэгъухэр зэжъугъэгъотых, а мылъкур зышъуухыкlэ, мыкlодыжьын псэупlэм шъурагъэблэгъэным пае.

10lоф макlэхэмкlэ узщыгугъын цlыфым lофыбэхэмкlи ущыгугъыщт, lоф макlэхэмкlи узщымыгугъын цlыфым lофыбэхэмкlи ущыгугъыщтэп.

11Ауштэу зыхъукlэ, дунэе мылъкур зешъухьанэу зыщыгугъынхэ цlыфхэу шъущымытыгъэмэ, ащыгъум мылъку шъыпкъэр хэта шъо шъуlэ къизылъхьащтыр?

12Нэмыкlхэм ямылъкукlэ зыщыгугъынхэ цlыфхэу шъущымытыгъэмэ, шъо шъуимылъку шъыпкъэр зешъухьанэу хэта къышъозытыщтыр?

13Зы унэlутыр тхьэмэтитlум афэлэжьэн ылъэкlыщтэп; сыда пlомэ, е зыр ыуджэгъунышъ, адрэр шlу ылъэгъущт, е зым шъыпкъэу фыщтынышъ, адрэр зэрипэсыщтэп. Шъо Тхьэми ахъщэми шъуафэлэжьэн шъулъэкlыщтэп.

### Тэурат хабзэмрэ Тхьэм и Тетыгъошхорэ

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

(Маттэ 11:12-13)

14Ахъщэр шIу дэдэ зылъэгъурэ фарисейхэм а пстэур зызэхахым, Исус дэхьащхыгъэх.

15Ау Исус ахэмэ ариIуагъ: – Шъорыба шъыпкъагъэ зиIэ цIыфхэм зафэзгъадэхэу, цIыфмэ апашъхьэ зафэу зыщызыгъэлъагъохэрэр, ау Тхьэм шъо шъугухэм арылъыр ешIэ; сыда пIомэ, цIыфмэ агъэлъэпIэрэ Iофхэр Тхьэм дэжькIэ лъэшэу пыутых.

16– Пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ итхэмрэ пегъымбархэм атхыгъэхэм арытхэмрэ Тхьэм фэлэжьэрэ цIыфхэм агъэIугъэх, умэхъэкIо Иуан имафэхэм анэсыфэ. Ащ къыщегъэжьагъэу Тхьэм и Тетыгъошхо ехьылIэгъэ къэбарышIур агъэIу, хэти а Тетыгъошхом ыIэчIэгъ чIэхьаным гузэжъогъукIи ыуж ит.

17Ау пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ ит хьарыфхэм анахь цIыкIур хэкIодыкIыным нахьи, уашъори чIылъэри нахь кIодыжьыщтых.

**Шъхьэгъусэ тIупщыжьыным ехьылIагъ**

(Маттэ 5:32; 19:9; Марк 10:11, 12)

18– Хэтми зишъуз зытIупщыжьэу, нэмыкI бзылъфыгъэ къэзыщэжьырэм зинэ ышIагъэу мэхъу. Ащ фэдэу хэтми лIы горэм ытIупщыжьыгъэ шъуз къэзыщэжьырэм зинэ ышIагъэу мэхъу.

**ЛIы баимрэ Лазарырэ**

19– ЛIы бай горэ щыIагъ. Ар щыгъынхэм анахь лъапIэхэмкIэ фэпагъэу, мафэ къэси ешхэ-ешъошхо ышIыщтыгъ.

20ЛIы баим икъэлапчъэ дэжь лIы тхьамыкIэ горэ, Лазар ыцIэу, ыкIышъо бэгухэр тетэу щылъыгъ.

21А лIы тхьамыкIэм лIы баим иIанэ къетэкъохыгъэхэмкIэ имэлэкIалIэ ыгъэуцу шIоигъуагъ. Хьэхэри къекIуалIэхэти, ибэгухэр абзэихьащтыгъэх.

22ЛIы тхьамыкIэр дунаим ехыжьыгъ, мэлэIичхэми ар Ибрахьимэ дэжь ахьыгъ. ЛIы баири дунаим ехыжьи, чIалъхьажьыгъ.

23А лIы баир гугъушхо хэтэу, лIагъэхэм ячIыпIэ щыIэу къыдэплъыий, Лазари бгъодэсэу Ибрахьимэ ылъэгъугъ.

24Ар зелъэгъум, джагъэ: «Тятэ Ибрахьим, гукIэгъу къысфэшIи, Лазар къысфэгъакIуи, ащ ыIэхъомбапэ псым херэгъауи, сыбзэгу ерэгъэучъыI, сыда пIомэ, мы машIом сыхэтэу къинышхо сэлъэгъу».

25Ау Ибрахьимэ къыIуагъ: «СикIал, угу къэгъэкIыжь дунаим узытетым, уиIахьышIу зэрэщыбгъотыщтыгъэр, ау Лазар ащ фэдэу къин ыхьэу зэрэпсэущтыгъэр. Ау джы ащ ыгу зыгъэрэзэн Iофхэр егъотыжьы, о къинышхом ухэт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

26Ащ нэмыкӀэуи шъоррэ тэррэ тазыфагу тауташышхо дэлъ, мыщ дэжьым
икӀыхэу шъуадэжь кӀонхэу фаехэр мыкӀошъунхэм пае. Ащ фэдэу
шъуадэжь къикӀэу тадэжьи зи къэкӀошъурэп».

27Аущтэу зеӀом, лӀы баим къыӀуагъ: «Ащыгъум, тят, сыолъэӀу, сятэ иунэ
Лазар гъакӀо,

28сыда пӀомэ, сэ шитф сиӀ. Мы къинышхо щэчыпӀэм ахэри къэмыкӀонхэм
пае, зыфэсакъыжьынхэу агурерэгъаӀу».

29Ау Ибрахьимэ къыриӀожьыгъ: «Пегъымбар Мусэ ытхыгъэмрэ адрэ
пегъымбархэм атхыгъэхэмрэ яӀэх, ахэмэ ярэдэӀух».

30Ау лӀы баим къыӀуагъ: «Хьау, тятэ Ибрахьим, ау лӀагъэхэм
къахэтэджыкӀыжьыгъэу зыгорэм ыгъэзэжьмэ, ахэр япсэкӀодшӀагъэхэм
афыкӀэгъожьыщтых».

31Ибрахьимэ къыриӀожьыгъ: «Пегъымбар Мусэмрэ адрэ пегъымбархэмрэ
ямыдэӀухэмэ, зыгорэ лӀагъэхэм къахэтэджыкӀыжьыщтми, ашӀошъ
хъущтэп».

## Лука 17

### ЦӀыфхэм псэкӀод ашӀэнэу дэзыхьыхырэ Ӏофхэм, псэкӀод гъэгъуным, шӀошъхъуныгъэм, ӀорышӀэным яхьылӀагъ

(Маттэ 18:6-7, 21-22; Марк 9:42)

1– ЦӀыфхэм псэкӀод ашӀэнэу дэзыхьыхырэ Ӏофхэр къэхъунхэ фае, ау а
Ӏофхэр къызпкъырыкӀырэ цӀыфыр гъогу мыгъо теуцуагъ, – ариӀуагъ Исус
игъогу рыкӀохэрэм.

2– А цӀыфым мы цӀыкӀухэм ащыщэу зыгорэм псэкӀод ышӀэнэу
дихьыхыным нахьи, мыжъошъхьал ежь ыпшъэ рашӀэу хым хадзагъэмэ,
ежьыркӀэ нахьышӀущтыгъ.

3Арышъ, шъузфэсакъыжь. О пшы псэкӀод ышӀэмэ, ар зэрэпсэкӀодыр
еӀожь, кӀэгъожьмэ, фэгъэгъу.

4Зы мафэм къыкӀоцӀ гъогогъуиблэ оркӀэ псэкӀод ышӀэмэ, къыгъэзэжьэу,
«СыкӀэгъожьыгъ» ыӀомэ, фэгъэгъужь.

5– ШӀошъхъуныгъэу тиӀэм къытфыхэгъахъу! – къыраӀуагъ апостолхэм
Зиусхьаным.

6– Андэгурацэм фэдизэу шӀошъхъуныгъэ шъуиӀэу, мы ынджыр чъыгым
«Зыкъыхэтхъыжьи, хым зыщыхэшӀэжь» ешъуӀомэ, къышъодэӀущт, –
къыӀуагъ Зиусхьаным.

7– Шъуащыщэу зыгорэм унэӀутэу иӀэр жъоу е мэлхэр ыгъэхъухэу тӀон. А
унэӀутыр губгъом къызикӀыжькӀэ, «ПсынкӀэу къакӀуи, Ӏанэм къыпэтӀысхь»
риӀона?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

8Ар хэгъэкӀи, риӀощтыр мыры: «Пчыхьэшъхьашхэ къысфэгъэхьазыри,
уицыякӀэ дэупкӀи, сэшхэфэ, сешъофэ, къысшъхьащыт. Ащ нэужым о
ушхэни уешъони уфит».

9УнэӀутым унашъоу фэпшӀыгъэр зэригъэцэкӀагъэм пае, щытхъу
фэпшӀыщта? Сыгугъэрэп.

10Ащ фэдэу шъори унашъоу Тхьэм къышъуфишӀыгъэр зыжъугъэцэкӀэрэ
ужым, моущтэу шъуӀон фае: «Тэ тыунэӀут ныӀэп. Тэ тшӀагъэр тшӀэн фаер
ары ныӀэп».

**Исус шъоджэ уз Ӏаер зиӀэ лӀы нэбгыripшӀ зэригъэхъужьыгъэр**

11Исус Ерусалим кӀозэ, Самарие хэкумрэ Галилей хэкумрэ азыфагу
пхырыкӀыщтыгъ.

12Къуаджэ горэм дахьэ пэтзэ, шъоджэ уз Ӏаер зиӀэ лӀы нэбгырипшӀ
къыӀукӀагъ. Чыжьэу къэуцухи,

13мэкъэшхокӀэ къэджагъэх: – Исус, тхьэматэ, гукӀэгъу къытфэшӀ!

14Ахэр зелъэгъум, Исус къыӀуагъ: – ШъукӀуи, дин пащэхэм
зяжъугъэлъэгъу. Ахэр гъогум рыкӀохэзэ, къабзэ хъужьыгъэх.

15Ахэмэ ащыщэу зым зэрэхъужьыгъэр зелъэгъум, мэкъэшхокӀэ Тхьэм
щытхъу фишӀэзэ къыгъэзэжьыгъ.

16Исус ылъакъохэм адэжь бгъэгукӀэ зыщыридзыхи, щытхъу фишӀыгъ. А
лӀыр Самарие хэкум щыщыгъ.

17– НэбгырипшӀыр къабзэу хъужьыгъэба? – къыӀуагъ Исус. – Адрэ
нэбгырибгъур тыдэ хъугъэха?

18Мы лӀы хымэ закъом нэмыкӀ къыгъэзэжьэу, Тхьэм щытхъу фишӀынэу зи
къахэкӀыгъэп, ара?

19ЕтӀанэ Исус а лӀым риӀуагъ: – Тэджи кӀожь, уишӀошъхъуныгъэ
уигъэхъужьыгъ.

**Тхьэм и Тетыгъошхо къызэрэкӀощтыр**

(Маттэ 24:23-28, 37-41)

20– Тхьэм и Тетыгъошхо сыдигъо къэкӀощта? – аӀуи, фарисейхэр Исус
къызеупчӀыхэм, ариӀожьыгъ: – Тхьэм и Тетыгъошхо нэрылъэгъоу
къэкӀощтэп,

21цӀыфхэми, «Мары, ар мыщ дэжьым щыӀ» е «Муары, модэ щыӀ»
аӀощтэп. Сыда пӀомэ, Тхьэм и Тетыгъошхо шъо къышъухэт.

22ЕтӀанэ Исус игъогу рыкӀохэрэм ариӀуагъ: – ЦӀыф Лъэпкъым ы Къо
имафэхэм ащыщэу мэфэ закъу нэмыӀэми шъулъэгъу зышъушӀоигъо
мафэхэр къэкӀощтых, ау ар шъулъэгъущтэп.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)

[23]«Мары, ЦIыф Лъэпкъым ы Къо мыщ дэжьым щыI» е «Муары, модэ щыI» къышъуаIощт, ау ащ дэжьым шъумыкIу, а цIыфхэми шъуакIэлъымычъ;

[24]сыда пIомэ, зы ошъо къуапэм къыщегъэжьагъэу адрэ ошъо къуапэм нэс пчыкIэм дунаир зэригъэнэфырэм фэдэу, ежь къызыкIожьыщт мафэм дэжь ЦIыф Лъэпкъым ы Къо къэлъэгъожьыщт.

[25]Ау ыпэ рапшIэу къиныбэ ыщэчын фаеу, джырэ цIыфхэми ежь зэрамыпэсын фаеуи къыпыщылъ.

[26]– Пегъымбар Нухьэ имафэхэм адэжь Iофхэр зыфэдагъэхэм фэдэу, ЦIыф Лъэпкъым ы Къо дунаим къызщыкIожьыщтым ыпэрэ мафэхэм Iофхэр афэдэщтых.

[27]ЦIыфхэр шхэщтыгъэх, ешъощтыгъэх, къащэщтыгъ, дакIощтыгъэх, Нухьэ къухьэм зитIысхьэгъэ мафэм нэсыфэкIэ. ЕтIанэ псы къиугъэшхор къакIуи, ахэр зэкIэ ыгъэкIодыгъэх.

[28]– Пегъымбар Лут имафэхэм адэжь Iофхэри ащ фэдагъэх: цIыфхэр шхэщтыгъэх, ешъощтыгъэх, щэщтыгъэх, щафэщтыгъэх, чылапхъэр апхъыщтыгъ, унэхэри ашIыщтыгъ.

[29]Ау Лут къалэу Содом зыдэкIыгъэ мафэм машIорэ тхъомзашхъорэ уашъом къикIэу къещхыхи, ахэр зэкIэ ыгъэкIодыгъэх.

[30]– ЦIыф Лъэпкъым ы Къо къызылъэгъожьыщт мафэм Iофхэр ащ фэдэ къэбзэщтых.

[31]А мафэм унашъхьэм тетыр ихьапщыпхэу унэм илъхэр зыдихьынхэу унэм ерэмыхьажь. Губгъом итыми унэм къерэмыгъэзэжь.

[32]Лут ишъуз къехъулIагъэр шъугу къэжъугъэкIыжь.

[33]Хэтми зыпсэ мыкIодэу къызэригъэнэжьыщтым ыуж итым ыпсэ шIокIодыщт, ау хэти зыпсэ зышIокIодырэм ыпсэ мыкIодэу къыгъэнэжьыщт.

[34]Сэ шъосэIо, а чэщым нэбгыритIу зы пIэм хэлъыщт. Язырэр мэлэIичхэм уашъом дахьыещт, адрэр къагъэнэщт.

[35]БзылъфыгъитIу зэдэхьаджэщт, язырэр мэлэIичхэм уашъом дахьыещт, адрэр къагъэнэщт.

[36]НэбгыритIури губгъом итыщт, язырэр мэлэIичхэм уашъом дахьыещт, адрэр къагъэнэщт.

[37]– Тыда ар зыщыхъущтыр, Зиусхьан? – къыраIуагъ Исус. – Хьайуан псэхалIэр зыдэщыIэм бгъэжъхэри щызэрэугъоищтых, – ариIожьыгъ Исус.

## Лука 18

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

## Шъузабэмрэ шъыпкъагъэ зимыIэ хьыкумэшIымрэ яхьылIэгъэ гъэсэпэтхыдэр

1ЕтIанэ игъогу рыкIохэрэм агу амыгъэкIодэу, Тхьэм елъэIу зэпытынхэм пае, Исус гъэсэпэтхыдэ къафиIотагъ.

2Мыщ фэдэу къыIуагъ: – Тхьэми щымыщынэу, цIыфхэми ащымыукIытэу, хьыкумэшI горэ къалэ горэм дэсыгъ.

3А къэлэ дэдэм зы шъузабэ гори дэсыгъ. «Сидэогъу сифэшъуашэр къысегъэт» ыIозэ, хьыкумэшIым дэжь къэкIо зэпытыщтыгъ.

4ХьыкумэшIым шъузабэр зыкIэлъэIурэр бэрэ фидагъэп. ЕтIанэ ежь хьыкумэшIым зэриIожьыгъ: «Тхьэм сыщымыщынэми, цIыфхэм сащымыукIытэми,

5сэ сшъхьэ ымыгъэуз зэпытыным пае, мы шъузабэм ифэшъуашэ езгъэгъотын. Армырмэ, къысфэчъэ зэпытзэ зысигъэгъэпсэфыщтэп».

6ЕтIанэ Зиусхьаным къыIуагъ: – Шъыпкъагъэ зимыIэ хьыкумэшIым ыIорэр зэхэшъоха?

7Тхьэм ежь къыхихыгъэ цIыфхэу чэщи мафи лъэшэу къелъэIухэрэм яфэшъуашэ аригъэгъотынба? Яфэшъуашэ аригъэгъотыным бэрэ ригъэжэщтха?

8Сэ шъосэIо, ахэмэ яфэшъуашэ псынкIэу аригъэгъотыщт. Ау ЦIыф Лъэпкъым ы Къо мы дунаим къызыкIожькIэ, шIошъхъуныгъэ зиIэхэр щигъотыщтха?

## Фарисеимрэ хьакъулахь ахъщэр хэзыхырэ лIымрэ яхьылIэгъэ гъэсэпэтхыдэр

9Ащ нэмыкIэуи ежьхэм шъыпкъагъэ яIэу зыщыгугъыжьхэу, нэмыкIхэр зэзымыпэсырэ цIыф заулэм Исус мы гъэсэпэтхыдэр къафиIотагъ:

10– НэбгыритIу Тхьэм елъэIунхэу Тхьэм иунэшхо кIуагъэ. Зыр фарисейхэм ащыщыгъ, адрэр хьакъулахь ахъщэр хэзыххэрэм ащыщыгъ.

11Фарисеир ащ дэжьым щытэу, ыгукIэ моущтэу Тхьэм елъэIущтыгъ: «Адрэ цIыфхэу хъункIакIохэми, бзэджашIэхэми, зинэ зышIэхэрэми, модэ щыт хьакъулахь ахъщэр хэзыхырэми сэ сызэрафэмыдэм пае, щытхъу пфэсэшIы, си Тхь.

12Сэ тхьэмафэ къэс мэфитIо сэнэкIы, федэу згъотырэм ипшIанэ Тхьэм пае сэты».

13Ау хьакъулахь ахъщэр хэзыхырэр чыжьэу къэуцугъэу, уашъом дэплъыеным фэмыеу, ыбгъэгу еозэ, Тхьэм елъэIущтыгъ: «Си Тхь, сэ, псэкIод зышIэрэ цIыфым, гукIэгъу къысфэшI».

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

14Сэ шъосэlо, адрэ лlым фэмыдэу мы лlым Тхьэмкlэ шъыпкъагъэ иlэу
ядэжь кlожьыгъэ. Сыда пlомэ, хэти зышъхьэ зыгъэиныжьырэр Тхьэм
ыгъэцlыкlущт, ышъхьэ зыгъэцlыкlужьыри Тхьэм ыгъэиныщт.

### Исусрэ сабыйхэмрэ

(Маттэ 19:13-15; Марк 10:13-16)

15ЕтIанэ цIыфхэм сабыйхэр Исус къыфащагъэх, Тхьэм ынэшlу
къащифэным пае, Исус ыlэхэр ахэмэ атырилъхьэнхэу. Ау игъогу
рыкlохэрэм ар залъэгъум, цIыфхэм афадагъэп.

16Ау Исус сабыйхэм къяджи, къыIуагъ: – Сабыйхэр садэжь къэрэкlох,
пэрыохъу шъуафэмыхъу, сыда пlомэ, ащ фэдэхэр Тхьэм и Тетыгъошхо
ыlэчlэгъ чlэтых.

17Шъыпкъэр шъосэlо, сабыим Тхьэм и Тетыгъошхо зэридэрэм фэдэу,
хэтми Тхьэм и Тетыгъошхо зымыдэрэр а Тетыгъошхом ыlэчlэгъ
чlэхьащтэп.

### Тхьэмэтэ баир

(Маттэ 19:16-30; Марк 10:17-31)

18Тхьэматэ горэ Исус къеупчlыгъ: – Дин гъэсэкlо дэгъу, мыкlодыжьын
щыlэныгъэ lахьышlоу къыслъыlэсыным пае, сыда сшlэн фаер?

19– Сыда дэгъукlэ укъызкlысаджэрэр? – риlожьыгъ Исус а лlым. – Тхьэм
нэмыкlэу зи дэгъу щыlэп.

20Тхьэм иунашъохэр ошlэх: «Зинэ умышlэ, цlыф умыукl, умытыгъу,
нэмыкl цlыфхэм пцlы атемылъхь, уятэрэ уянэрэ лъытэныгъэ афэшl».

21– Сикlэлэгъу къыщегъэжьагъэу ахэр зэкlэ сэгъэцакlэх, – риlожьыгъ
адрэм.

22Ар Исус зызэхехым, риlуагъ: – Джыри зы уищыкlагъ. Уиlэр зэкlэ щэжьи,
ахъщэр тхьамыкlэхэм ят. Джащыгъум уашъом мылъкушхо щыуиlэ хъущт.
Етlанэ саужь къырыкlу.

23Адрэм ар зызэхехым, ыгу лъэшэу къеуагъ, сыда пlомэ, мылъкушхо
иlагъэти ары.

24Ау Исус ащ ыгу къызэреорэр зелъэгъум, къыlуагъ: – Мылъку зиlэхэмкlэ
Тхьэм и Тетыгъошхо ыlэчlэгъ чlэхьанхэр сыдэу къин!

25Баир Тхьэм и Тетыгъошхо ыlэчlэгъ чlэхьаным нахьи, махъшэр
мэстанэм икlыныр нахь lэшlэх.

26Ар зэхэзыхыгъэ цlыфхэм къаlуагъ: – Ащыгъум, ежь зимыгъэкlодэу, хэта
зыкъэзгъэнэжьын зылъэкlыщтыр?

27– Цlыфмэ ашlэн амылъэкlырэр Тхьэм ышlэн елъэкlы, – къыlуагъ Исус.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

28– Моу къэдаІолъ! – къыІуагъ Петрэ. – Тэ тиІэгъэ пстэури къэдгъани, о
уауж тыкъихьагъ.

29– Шъыпкъэр шъосэІо, – ариІожьыгъ Исус, – хэт щыщми е зиунэ, е зятэ-
янэхэр, е зышхэр, е зышыпхъухэр, е зишъуз, е зилъфыгъэхэр Тхьэм и
Тетыгъошхо пае къэзгъэнагъэу,

30иІагъэм нахьи бэкІэ нахьыбэ мы дунаим щызымыгъотыжьыщт цІыф зи
щыІэп, адрэ дунаими мыкІодыжьын щыІэныгъэ щыриІэ хъущт.

**Ежь зэраукІыщтри лІагъэхэм къызэрахэтэджыкІыжьыщтри ящэнэрэу Исус къызэриІуагъэр**

(Маттэ 20:17-19; Марк 10:32-34)

31Исус игъогу рыкІорэ нэбгырэ пшІыкІутІур лъэныкъокІэ Іуищыхи,
ариІуагъ: – Мары, тэ джы ЕрусалимкІэ тыдэкІуае. ЦІыф Лъэпкъым ы Къо
ехьылІагъэу пегъымбархэм атхыгъэ пстэури къехъулІэхэзэ,
къэшъыпкъэжьыщтых.

32Ащ къикІырэр ежь хымэ лъэпкъхэм зэраІэкІэхьащтыр. Ахэри
къыкІэнэкІэщтых, къехъоныщтых, къытеужъунтхэщтых.

33ЕтІанэ къамыщкІэ къеощтых, аукІыщт, ящэнэрэ мафэми ежь лІагъэхэм
къахэтэджыкІыжьыщт.

34Ау игъогу рыкІохэрэм а гущыІэхэу ариІуагъэхэм ащыщэу зи
къагурыІуагъэп. А гущыІэхэм къарыкІырэр ахэмкІэ шъэфыгъ, Исус ахэмэ
къаригъэкІыгъэри къагурыІуагъэп.

**Исус лъэІокІо нэшъу горэ зэригъэхъужьыгъэр**

(Маттэ 20:29-34; Марк 10:46-52)

35Исус къалэу Ерихон къекІуалІэ зэхъум, нэшъу горэ лъэІуакІоу гъогу
напцэм Іусыгъ.

36ЦІыф купышхо блэкІэу зызэхехым, къэупчІагъ: – Сыда мыр?

37– Назарет щыщ Исус мыщ блэкІы, – къыраІуагъ цІыфхэм.

38Ар къызаІом, нэшъур мэкъэшхокІэ къэджагъ: – Даутэ ы Къо Исус,
гукІэгъу къысфэшІ!

39Апэ ит цІыфхэм амыдэу, «Щыгъэт!» – къыраІуагъ. Ау ар джыри нахь
мэкъэшхокІэ къэджагъ: – Даутэ ы Къу, гукІэгъу къысфэшІ!

40Исус къызэтеуцуи, ежь дэжь а лІыр къаригъэщагъ. Нэшъур пэгъунэгъу
къызэхъум, еупчІыгъ:

41– Сыда къыпфэсшІэнэу узыфаер? – Тхьэматэ, сынэхэр къэгъэплъэжь, –
къыІожьыгъ нэшъум.

42– Унэхэр къэплъэжьыщт, – къыриІуагъ Исус. – УишІошъхъуныгъэ
уигъэхъужьыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышІур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

[43]Ардэдэм нэшъум ынэхэр къэплъэжьыгъэх, Тхьэми щытхъу фишIызэ, Исус ыуж ихьагъ. ЦIыф пстэуми ар залъэгъум, ахэми Тхьэм щытхъу фашIыгъ.

# Лука 19

### Исусрэ Закхейрэ

[1]Ащ нэужым Исус къалэу Ерихон дэхьагъэу пхырыкIыщтыгъ.

[2]Закхей ыцIэу лIы горэ ащ дэсыгъ. Ар хьакъулахь ахъщэр хэзыххэрэм япащэхэм ащыщыгъ, цIыф баигъ.

[3]Исус хэтми зыщыщыр зэригъэлъэгъумэ шIоигъуагъ, ары шъхьакIэ ежь лъагэпти, цIыф купышхом хэтэу зи ылъэгъун ылъэкIыщтыгъэп.

[4]Арыти, цIыфхэм апэ ишъи, ынджыр чъыг горэм дэпшыягъ, Исус ылъэгъуным пае, сыда пIомэ, Исус а гъогумкIэ блэкIын фэягъ.

[5]Исус а чIыпIэм зынэсым, дэплъыий, Закхей риIуагъ: – Закхей, псынкIэу къех, непэ уадэжь себлэгъэн фае.

[6]Закхей псынкIэу къехыжьи, игуапэу иунэ Исус ригъэблэгъагъ.

[7]ЦIыф пстэуми ар залъэгъум, агу емыIоу аIуагъ: – ПсэкIод зышIэрэм дэжь хьакIэу ихьагъ.

[8]Закхей къэтэджи, Зиусхьан Исус къыриIуагъ: – Моу къэдаIолъ, Зиусхьан! Симылъку ызыныкъо тхьамыкIэхэм ястыщт. Iоф горэмкIэ цIыф горэ згъэпцIагъэмэ, фэдиплIыкIэ фэспщыныжьыщт.

[9]– ЦIыфхэр мыкIодхэу къэзгъэнэжьырэр непэ мы унагъом дэжь къэкIуагъ, – риIуагъ Исус Закхей, – сыда пIомэ, мы лIыри Ибрахьимэ къытекIыгъэ цIыфхэм ащыщ.

[10]Сыда пIомэ, ЦIыф Лъэпкъым ы Къо къызфэкIуагъэр цIыф кIодыгъэхэм алъыхъуныщъ, мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэр ары.

### Минэ зыцIэ ахъщэхэм яхьылIэгъэ гъэсэпэтхыдэр
(Маттэ 25:14-30)

[11]Исус къыIорэ гущыIэхэм цIыфхэр ядэIухэ зэхъум, мы гъэсэпэтхыдэр къыпигъэхъуагъ; сыда пIомэ, Исус Ерусалим игъунэгъугъ, Тхьэм и Тетыгъошхо ардэдэм къэлъэгъонэуи цIыфхэр гугъэщтыгъэх.

[12]Аущтэу зэхъум, Исус къыIуагъ: – Пщы горэ хэгъэгу чыжьэ горэм кIон фэягъ, ежь ихэгъэгу пае пачъыхьэ заригъэшIынышъ, етIанэ къыгъэзэжьыным пае.

[13]ДэкIыным ыпэкIэ, иунэIутхэм ащыщ нэбгырипшIмэ къяджи, минэ зырыз арити, ариIуагъ: «Къэсэгъэзэжьыфэ, мы ахъщэр жъугъэзекIо, шъущ, шъущаф».

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

14Ау мы пщым ихэгъэгу щыщ цIыфхэм ежь ауджэгъущтыгъэти, «Мы лIыр пачъыхьэ къытфэхъунэу тыфаеп» арагъэIонэу лIыкIохэр пщым ыужкIэ а хэгъэгум агъэкIуагъэх.

15Ащ пае къэмынэу а пщыр пачъыхьэу агъэнэфагъ. ЕтIанэ пщым къызегъэзэжьым, унэIутхэу ахъщэхэр зэритыгъагъэхэм къяджагъ. Ахэмэ ащыщэу хэти ищэн-щэфэн IофкIэ ыгъэхъагъэхэр зэригъашIэмэ шIоигъуагъ.

16Апэрэ унэIутыр къакIуи, къыIуагъ: «Тхьэматэ, къысэптыгъэ минэ ахъщэмкIэ фэдипшI къэзгъэхъагъ».

17Тхьэматэм ащ риIуагъ: «Дэгъоу пшIагъэ, сиунэIут дэгъу! Iоф макIэхэмкIэ сызщыгугъын лIэу узэрэпсэугъэм пае, къэлипшI къыпIэкIэслъхьащт».

18ЯтIонэрэ унэIутыр къакIуи, къыIуагъ: «Тхьэматэ, къысэптыгъэ минэ ахъщэмкIэ фэдитф къэзгъэхъагъ».

19Тхьэматэм ащ риIуагъ: «Къэлитф о къыпIэкIэслъхьащт».

20Ящэнэрэ унэIутри къакIуи, къыIуагъ: «Тхьэматэ, мары о уиминэ ахъщэ. Хъэдэным кIоцIысщыхьи, щызгъэлъыгъ.

21УзэрэлI пхъашэм пае, сыкъыпщыщынагъ. УмыгъэтIылъыгъэр къэоштэжьы, чIыгум о хэмыпхъагъэри охыжьы».

22Итхьэматэ ащ риIуагъ: «О уигущыIэхэмкIэ узгъэмысэщт, о ууннэIут бзадж! О пшIэщтыгъ сэ сызэрэлI пхъашэри, сымыгъэтIылъыгъэр къызэрэсштэжьырэри, чIыгум хэсымыпхъагъэр зэрэсхыжьырэри.

23Сиахъщэ ахъщэхъожьхэм сыда о зыкIямытыгъэр? Ащыгъум къызысэгъэзэжьым, сиахъщэ хэхъуагъэу къычIэсхыжьыщтыгъ».

24ЕтIанэ тхьэматэм къыбгъодэтхэм ариIуагъ: «Мы лIым минэ ахъщэр Iышъухи, минэ ахъщипшI зиIэм ешъут».

25Ахэмэ раIуагъ: «Тхьэматэ, минэ ахъщипшI ащ иIэба?»

26Тхьэматэм къыIожьыгъ: «Сэ шъосэIо, Тхьэм хэт щыщми зиIэм нахьыбэ къыритыщт, ау Тхьэм зи зимыIэм иIэ тIэкIури Iихыжьыщт.

27Ау джы сэ сипыйхэу пачъыхьэ сафэхъунэу фэмыягъэхэр къашъущэхи, сапашъхьэ щышъуукIых».

**Щытхъушхо иIэу, Исус Ерусалим зэрэдэхьагъэр**

(Маттэ 21:1-11; Марк 11:1-11; Иуан 12:12-19)

28Исус а гущыIэхэр къызеIохэм, ЕрусалимкIэ дэкIоенэу игъогу техьажьыгъ.

29Елеон Iуашъхьэм Iус къуаджэхэу Бет-Фагиерэ Бет-Аниерэ зыцIэхэм Исус ягъунэгъу зэхъум, игъогу рыкIохэрэм ащыщхэу нэбгыритIу ыпэ ыгъэкIуагъэх,

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

30моущтэу арiIозэ: – ШъупэчIынэтIэ къуаджэм шъудахь. Шъузэрэдахьэу
щыд къунанэу цIыф ныбжьи зытемытIысхьагъэр епхыгъэу шъуапэ
къифэщт. Ар къэшъутIати, моу къашъущэ.

31«Сыд ар къызкIэшъутIатэрэр?» ыIоу зыгорэ къышъоупчIымэ, моущтэу
ешъуIу: «Зиусхьаныр ащ фай».

32А лIыкIуитIур кIуи, Исус зэрариIуагъэм тетэу зэкIэ къагъотыгъ.

33Щыд къунаныр къызатIатэм, зиехэм къараIуагъ: – Сыда щыд къунаныр
къызкIэшъутIатэрэр?

34– Зиусхьаныр мыщ фай, – къаIуагъ ахэмэ.

35ЕтIанэ щыд къунаныр Исус дэжь къащи, ящыгъынхэр тыралъхьэхи,
Исус тырагъэтIысхьагъ.

36Исус щыд къунаным тесэу кIо зэхъум, цIыфхэм ящыгъынхэр гъогум
фытыраубгъощтыгъэх.

37Ерусалим игъунэгъоу гъогур Елеон Iуашъхьэм къызщехырэ чIыпIэм
Исус зынэсым, Iофышхо гъэшIэгъонхэу алъэгъугъэ пстэуми апае
гушIохэу, мэкъэшхокIэ Тхьэм щытхъу фашIэу, игъогу рыкIорэ куп пстэуми
аIоу аублагъ:

38– Зиусхьаным ыцIэкIэ къакIорэ пачъыхьэм щытхъушхор ий!
Мамырныгъэ уашъом щыI! Анахь Лъагэм щытхъушхор ий!

39ЦIыф купышхом хэтэу фарисей заулэмэ Исус къыраIуагъ: – Дин
гъэсакIу, уигъогу рыкIохэрэм щагъэтынэу яIу!

40– Сэ шъосэIо, – къыIожьыгъ Исус, – ахэмэ щагъэтмэ, мыжъохэр
къэкуощтых.

41Исус Ерусалим нахь игъунэгъоу къэси, къалэр зелъэгъум, ащ фэгъызэ
къыIуагъ:

42– О мамырныгъэ къыпфэзыхьыщт Iофхэр непэ пшIагъот, ау джы о
унэхэм ахэр ашIогъэбылъыгъэх;

43сыда пIомэ, уипыйхэм пытапIэхэмкIэ укъызауцухьащт мафэхэр
къыпфэкIощтых. Ахэмэ о укъаухъурэищт, тыдрэ лъэныкъокIи
къыптезэрэгъэбэнэщтых.

44Уипыйхэм ори уибынхэу къыбдыдэсхэри шъуагъэкIодыщт, мыжъуитIу
зэтелъэуи къагъэнэщтэп, умыкIодэу Тхьэм укъызщигъэнэжьын уахътэм
узэрэригъэфагъэр къызэрэбгурымыIуагъэм пае.

**Исус щэн-щэфакIохэр Тхьэм иунэшхо къызэрэчIифыгъэхэр**

(Маттэ 21:12-17; Марк 11:15-19; Иуан 2:13-22)

45ЕтIанэ Исус Тхьэм иунэшхо чIахьи, щэн-щэфакIохэр къычIифхэу
ыублагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

46Ахэмэ ариIуагъ: – Тхьэм къызэриIорэр игущыIэ тхыгъэхэм арыт: «Сэ
сиунэ тхьэлъэIупIэщт», ау шъо «хъункIэкIо гъэбылъыпIэм» фэдэ
шъушIыгъэ.

47Мафэ къэси Тхьэм иунэшхо чIэтэу, Исус цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр
аригъашIэщтыгъ. Ары шъхьакIэ дин пэщэшхохэм, Тэурат егъэджэкIо
пащэхэм, адрэ тхьэматэхэу цIыфмэ яIэхэм Исус зэрагъэкIодыщт шIыкIэм
лъыхъухэу аублагъ,

48ау цIыф пстэуми ягуапэу Исус едэIущтыгъэхэти, рашIэн мыхъун зи
агъотыгъэп.

## Лука 20

### Джурт тхьэматэхэр Исус итетыгъо къезытыгъэмкIэ къызэреупчIыгъэхэр

(Маттэ 21:23-27; Марк 11:27-33)

1Мафэ горэм Тхьэм иунэшхо чIэтэу, Исус цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр
аригъашIэзэ, къэбарышIур аригъэIущтыгъ. Джащыгъум дин
пэщэшхохэмрэ Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ нахьыжъхэр ягъусэхэу
къыбгъодахьэхи, къеупчIыгъэх:

2– КъытаIу, мы Iофхэр пшIэнхэу фитыныгъэр тыда къыздипхыгъэр, е ахэр
пшIэнхэу тетыгъор хэта о къыозытыгъэр?

3– Сэри шъо Iоф горэкIэ сышъоупчIыщт, – ариIожьыгъ Исус. – ПэгъокI
къысэшъут.

4Иуан цIыфхэр ыумэхъынхэу хэта къэзгъэкIуагъэр, цIыфхэр ара, хьауми
Тхьэр ара?

5– «Тхьэр ары Иуан къэзгъэкIуагъэр» тIомэ, «Адэ, сыда Иуан
къыIуагъэхэр шъушIошъ зыкIэмыхъугъэр?» къыIожьыщт, – аIозэ, ахэр
зэупчIыжьыгъэх.

6– Ау «ЦIыфхэр ары къэзгъэкIуагъэхэр» тIомэ, цIыф пстэури
мыжъохэмкIэ къытаохэзэ, таукIыщт, сыда пIомэ, Иуан
зэрэпегъымбарыгъэр ашIошъ мэхъу.

7Арыти, – Иуан къэзгъэкIуагъэр тшIэрэп, – къаIуагъ.

8– Ащыгъум сэри шъосIощтэп, мы Iофхэр сшIэнхэу фитыныгъэр
къыздисхыгъэр, – ариIожьыгъ Исус ахэмэ.

### Сэнэшъхьэшlэ бзаджэхэм яхьылIэгъэ гъэсэпэтхыдэр

(Маттэ 21:33-46; Марк 12:1-12)

9ЕтIанэ Исус цIыфхэм мы гъэсэпэтхыдэр афиIуатэу ыублагъ: – ЛIы горэм
сэнэшъхьэ хатэ ыгъэтIысхьи, сэнэшъхьэшI горэхэм аIэкIилъхьагъ. Ащ
нэужым хымэ хэгъэгу горэм бэрэ къэтынэу кIуагъэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

10Сэнэшъхьэ пычыжьыгъор къызэсым, исэнэшъхьэ Iахь къыратыжьынэу
сэнэшъхьэшIхэм адэжь унэIут горэ ыгъэкIуагъ. Ау сэнэшъхьэшIхэр
унэIутым къеохи, Iэнэкlэу къатIупщыжьыгъ.

11Хатэр зием етIани унэIут горэ ыгъэкIуагъ, ау ащи къеохи, лые къырахи,
Iэнэкlэу къатIупщыжьыгъ.

12ЕтIани ящэнэрэ унэIут горэ ыгъэкIуагъ. Ари къауIи, къыдафыжьыгъ.

13Джащыгъум сэнэшъхьэ хатэр зием къыIуагъ: «Сыда сшIэщтыр? Сэ шIу
слъэгъурэ скъо кIасэр згъэкIон. Ащ лъытэныгъэ къыфашIынкIи мэхъу».

14Ау сэнэшъхьэшIхэм хатэр зием ыкъо залъэгъум, зэупчIыжьхи,
зэраIожьыгъ: «Мыры сэнэшъхьэ хатэр къызыфэнэжьыщтыр. Ар
тэжъугъэукIи, сэнэшъхьэ хатэр тэ къытфэнэжьыщт».

15Аущтэу сэнэшъхьэ хатэм къыдадзыжьи, къаукIыгъ. – Сэнэшъхьэ хатэр
зием сыда ахэмэ аришIэщтыр?

16Ар къэкIонышъ, сэнэшъхьэшIхэр ыгъэкIодынхэшъ, сэнэшъхьэ хатэр
нэмыкIхэм аIэкIилъхьащт, – къыпигъэхъожьыгъ Исус. – Тхьэм ерэмыд! –
къаIуагъ, цIыфхэм ар зызэхахым.

17Ау Исус ахэмэ яплъи, къыIуагъ: – Ащыгъум мы гущыIэхэу Тхьэм
игущыIэ тхыгъэхэм арытхэм сыда къарыкIырэр: «Унэ зышIыхэрэм
зэрамыпэсэу чIадзыжьыгъэ мыжъор унэр зыIыгъырэ лъэпсэ дэдэ
хъугъэ»?

18– А мыжъом тефэрэр къызэпкъыриутыщт, ау зытефэрэр мыжъом
ыщытIэщт.

19Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ дин пэщэшхохэмрэ Исус мы
гъэсэпэтхыдэр ежьхэм яхьылIагъэу къызэриIотагъэр къагурыIуагъэти, а
сыхьат дэдэм Исус къаубытынэу пылъыгъэх, ау цIыфхэм
ащыщынэщтыгъэх.

**Хьакъулахь ахъщэм ехьылIагъ**

(Маттэ 22:15-22; Марк 12:13-17)

20Арыти, Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ дин пэщэшхохэмрэ Исус
еплъакIощтыгъэх, къуалъхьэкIи ащэфыгъэхэу, шъыпкъагъэ зиIашъо
зытезгъаорэ цIыф куп фагъэкIуагъ. Исус хэкум ипщэу тетыгъор зиIэм
IэкIагъэхьаным пае, гущыIэ горэм тыраубытэнэу гугъэщтыгъэх.

21Ахэр Исус къеупчIыгъэх: – Дин гъэсакIу, о шъыпкъэр къызэрэпIорэри,
цIыфхэм шъыпкъэр зэрябгъашIэрэри тэшIэ. ЦIыфхэм ятеплъэ
уемыплъэу, цIыф пстэури уизэфэд, шъыпкъагъэм тетэуи Тхьэм игъогу
цIыфхэм яогъашIэ.

22Кайсарым хьакъулахь ахъщэр етты хъущта, мыхъущта?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

23Ау Исус ахэмэ ятхьагъэпцӀыгъэ гу лъитагъэти, ариӀуагъ: – Сыд пае
сыхэжъугъэукъонэу шъупылъа?

24Зы динар сэжъугъэлъэгъу. Хэта зисурэт мыщ итыри, хэта зыцӀэ мыщ
тетхагъэри? – Кайсарыр ары, – къаӀуагъ ахэмэ.

25– Ащыгъум Кайсарым иер Кайсарым ешъутыжь, Тхьэм иери Тхьэм
ешъутыжь, – ариӀуагъ Исус.

26Аущтэу цӀыфхэм апашъхьэ гущыӀэ горэм щытыраубытэн алъэкӀыгъэп,
пэгъокӀэу Исус аритыгъэри агъэшӀагъозэ, заушъэфыгъ.

**Саддукейхэр лӀагъэхэм къэтэджыжьыкӀэ афэхъущтым ехьылӀагъэу Исус къызэреупчӀыгъэхэр**
(Маттэ 22:23-33; Марк 12:18-27)

27ЛӀагъэхэр къызэрэтэджыжьыщтхэр зышӀошъ мыхъухэрэ
саддукейхэмэ ащыщхэу заулэ Исус къыбгъодахьи, къеупчӀыгъ:

28– Дин гъэсакӀу, пегъымбар Мусэ моущтэу къытфитхыгъ: «ЛӀы горэм ыш
лӀэу, лъфыгъэ имыӀэу шъуз къыкӀэнмэ, ыш унагъо фишӀэным пае, а лӀым
шъузабэр къыщэжьын фае».

29Зэкъошибл щыӀагъ. Ахэмэ ащыщэу апэрэм шъуз къыщагъ, ау лъфыгъэ
имыӀэу дунаим ехыжьыгъ.

30ЯтӀонэрэми а шъузыр къыщэжьыгъ. Ащи лъфыгъэ имыӀэу дунаим
ехыжьыгъ.

31Ящэнэрэми а шъузыр къыщэжьыгъ. Ащ фэдэуи яблэнэрэм нэс
лъфыгъэ ямыӀэу зэкӀэри дунаим ехыжьыгъэх.

32Зэпстэуми ауж дэдэу шъузыри дунаим ехыжьыгъ.

33Джы лӀагъэхэр къызытэджыжьхэкӀэ, хэта зишъузыщтыр ар? Сыда
пӀомэ, нэбгыриблыми шъузэу яӀагъэшъ ары.

34– Джырэ цӀыфхэм къащэ, дэкӀох, – ариӀожьыгъ Исус ахэмэ.

35– Ау лӀагъэхэм къахэтэджыкӀыжьынхэшъ, адрэ дунаим щыпсэунхэу
зифэшъуашэхэм шъуз къащэжьыщтэп, лӀыми дэкӀожьыщтхэп.

36Ахэр мэлэӀичхэм афэдэх, лӀэн алъэкӀыжьыщтэп, лӀагъэхэм
къахэтэджыкӀыжьыгъэхэшъ, Тхьэм ибыных.

37Ау лӀагъэхэр къызэрэтэджыжьыщтхэр пегъымбар Мусэми нафэу
къыгъэлъэгъуагъ. Сыда пӀомэ, пэнэ куандэм икъэбар Тэурат хабзэм
зэрыт чӀыпӀэм ит пегъымбар Мусэ Тхьэу Зиусхьаным «Ибрахьими,
Исхьакъи, Якъуби я ТхьэкӀэ» зэреджэрэр.

38Ащ къикӀырэр Тхьэр псэухэмрэ лӀагъэхэу зыфаӀохэрэмрэ зэря Тхьэр
ары; сыда пӀомэ, ежьыркӀэ пстэури псэух.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

[39]Исус ар къызеlом, Тэурат егъэджэкlо пащэхэм ащыщхэу заулэмэ
къаlуагъ: – Дин гъэсакly, дэгъоу къэпlуагъ.

[40]Етlанэ ащ нэмыкlыкlэ Исус къеупчlыжьынэу хэти тегушхуагъэп.

**Христос хэта зыкъор?**
(Маттэ 22:41-46; Марк 12:35-37)

[41]Ащ дэжьым Исус ахэмэ арилуагъ: – Христос Даутэ ыкъоу сыдэущтэу
alopa?

[42,43]Сыда пlомэ, ежь Даутэ мыщ фэдэу къызэрилуагъэр Орэд Лъапlэхэм
арытба: «Тхьэу Зиусхьаным сэ си Зиусхьан къырилуагъ: О уипыйхэр
лъэгукlэтын къыпфэсшlыфэхэ, сэ сиджабгъукlэ къызгос»?

[44]– Ежь Даутэ Христос «Си Зиусхьанкlэ» еджэ, – къыпигъэхъожьыгъ
Исус. – Арэу зыхъукlэ, сыдэущтэу Христос Даутэ ы къо хъура?

**Исус Тэурат егъэджэкlо пащэхэм ямысагъэ къызэрэхигъэщыгъэр**
(Маттэ 23:1-36; Марк 12:38-40; Лука 11:37-54)

[45]Цlыф пстэури Исус къедэlухэ зэхъум, игъогу рыкlохэрэм арилуагъ:

[46]– Тэурат егъэджэкlо пащэхэм шъуафэсакъ. Ахэмэ шъошэ кlыхьэхэр
ащыгъхэу къакlухьаныр якlас. Зэlукlэхэми ежьхэм alэхэм цlыфхэр
ащырагъэбэунхэр шly алъэгъу. Синэгогухэм цlыфхэр защызэlукlэхэкlи,
гухэхъо lанэхэм тхьэмэтэ тlысыпlэхэр щаубытынхэри шly алъэгъу.

[47]Шъузабэхэм яунэхэри атырахых. Цlыфхэм агъэшlэгъоным пае,
ятхьэлъэlухэр агъэкlыхьэх. Тхьэм ахэр инэу ыгъэпщынэщтых.

## Лука 21

**Шъузабэм ахъщэу Тхьэм пае ытыгъэр**
(Марк 12:41-44)

[1]Исус Тхьэм иунэшхо чlэтэу зэплъэм, цlыф байхэм Тхьэм тын фашlэу,
ахъщэхэр пхъуантэхэм адалъхьэхэу ылъэгъугъ.

[2]Яплъ зэхъум, шъузэбэ тхьамыкlэ горэми гъоплъэ ахъщитly пхъуантэм
дилъхьэу ылъэгъугъ.

[3]– Шъыпкъэр шъосэlо, – къыlуагъ Исус, – мы шъузэбэ тхьамыкlэм адрэ
пстэуми анахьи нахьыбэ дилъхьагъ;

[4]сыда пlомэ, ахэмэ ахъщэу къялыжьыгъэм щыщ далъхьагъэти ары, ау а
шъузабэм зэрыпсэунэу мэкlэ тlэкloy иlэр зэкlэ дилъхьагъ.

**Тхьэм иунэшхо зэрэзэхакъутэщтыр Исус къызэрилуагъэр**
(Маттэ 24:1-2; Марк 13:1-2)

[5]Тхьэм иунэшхо мыжъо дахэхэмкlи тынхэу цlыфхэм Тхьэм
фашlыгъэхэмкlи дахэу зэрэгъэкlэрэкlагъэм игугъу зашlым, Исус къыlуагъ:

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

[6]– Мыщ щышъулъэгъурэр мыжъуитӏу къызэтемынэжьэу, пстэури
къызызэхэтэкъощт мафэхэр къэсыщтых.

[7]– Дин гъэсакӏу, о зыфэпӏогъэ ӏофхэр сыдигъо къэхъущтха, ахэр
къызэрэхъущтхэм янэшанэри сыд фэда? – къеупчӏыгъэх ахэр.

**Нэшанэхэмрэ къиныбэ щэчынымрэ**
(Маттэ 24:3-14; Марк 13:3-13)

[8]– Цӏыфхэм шъукъызэрамыгъэпцӏэщтым шъуфэсакъ, – къыӏожьыгъ Исус.
– Сыда пӏомэ, сэ сцӏэкӏэ зэджэжьхэу, «Сэры Христосыр» аӏоу, «Мафэр
къэблэгъагъ» аӏоу, къэкӏощт цӏыфхэр бэ хъущтых. Ахэмэ ауж шъуимыхь.

[9]Заохэм якъэбархэмрэ пачъыхьагъухэм ягъэпсыкӏэ акъутэжьынэу
цӏыфхэм зыкъызэраӏэтыхэрэм якъэбархэмрэ зызэхэшъухыкӏэ,
шъукъэмыщт. А ӏофхэр къэхъунхэ фае, ау дунаим икӏэух шӏэхэу
къэсыщтэп.

[10]– Зы лъэпкъыр адрэ лъэпкъым, зы пачъыхьагъури адрэ пачъыхьагъум
езэонэу къэтэджыщт, – етӏанэ ариӏуагъ Исус.

[11]– Чӏыпӏэ-чӏыпӏэхэми чӏыгур ин дэдэу ащысысыщт, зэпахырэ узхэри
гъаблэхэри къэхъущтых. Уашъоми щынэгъошхо нэшанэхэр къикӏыщтых.

[12]– Ау мы ӏоф пстэури къэхъунхэм ыпэкӏэ, сцӏэ зэрэжъугъэлъапӏэрэм пае,
цӏыфхэм шъуаубытыщт, къини шъуагъэщэчыщт. Синэгогухэм
шъуаратыщт, хьапсхэми шъуачӏадзэщт, пачъыхьэхэмрэ ӏэшъхьэтетхэмрэ
апашъхьи шъуращэщт.

[13]Джащыгъум ахэмэ апашъхьэ къэбарышӏум шыхьат шъуфэхъущт.

[14]Ау мыр шъугухэм арыжъугъэлъ: зыжъугъэхыеу яшъуӏощтыр ыпэкӏэ
жъугъэхьазырыным шъупымылъ;

[15]сыда пӏомэ, къышъонэкъокъухэрэр къышъупэмыуцужьышъунхэу,
къышъупэмыгущыӏэжьышъунхэу гущыӏэхэри акъылышӏуи
къышъостыщтых.

[16]Шъуянэ-шъуятэхэми, шъушыхэми, шъуиблагъэхэми,
шъуиныбджэгъухэми тетыгъо зиӏэхэм шъуарагъэубытыщт, шъуащыщэу
зы купи аукӏыщт.

[17]Шъо сцӏэ зэрэжъугъэлъапӏэрэм пае, цӏыф пстэуми шъуауджэгъущт.

[18]Ау зы шъхьац налъи шъо шъушъхьэхэм ахэкӏодыкӏыщтэп.

[19]Теубытагъэ шъуиӏэмэ, шъупсэхэр мыкӏодхэу къэжъугъэнэжьыщтых.

**Ерусалим зэракъутэщтыр Исус къызэриӏуагъэр**
(Маттэ 24:15-21; Марк 13:14-19)

[20]– Ерусалим дзэхэм къауцухьагъэу зышъулъэгъукӏэ, икъутэжьыгъо
къызэрэблэгъагъэр шъушӏэщт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

21Ащыгъум Иудей хэкум ис цIыфхэр Iуашъхьэхэм ярэкIолIэжьых, къалэм
дэсхэри дэрэкIыжьых, губгъом итхэри къалэм дэрэмыхьажьых.

22Сыда пIомэ, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт пстэури
къэшъыпкъэжьынхэм пае, цIыфхэм ашIагъэхэр Тхьэм
зыщаригъэпщыныжьын мафэхэр мырых.

23А мафэхэм бзылъфыгъэ лъэрмыхьхэмрэ сабый быдзашъо зиIэхэмрэ
гъогу мыгъо теуцощтых. Мы хэгъэгум ицIыфхэр къинышхо хэфэщтых,
Тхьэри мы лъэпкъым лъэшэу къыфэгубжыщт.

24Ахэмэ ащыщхэр чатэкIэ аукIыщтых, адрэхэри гъэрэу аубытыгъэхэу
лъэпкъ пстэуми адэжь ащэщтых. Хымэ лъэпкъхэм ялъэхъан аухыфэ,
ахэмэ Ерусалим лъэгукIэ аутэщт.

**ЦIыф Лъэпкъым ы Къо дунаим къызэрэкIожьыщтыр**
(Маттэ 24:29-31; Марк 13:24-27)

25– Нэшэнэ гъэшIэгъонхэр тыгъэм, мазэм, жъуагъохэм
къащылъэгъощтых. ЧIылъэм тет цIыф лъэпкъхэм ашIэщтыр амышIэу агу
кIодыщт. Хыри лъэшэу къыдэуаеу ибырсыр мэкъэшхо къэIущт.

26Дунаим къыщыхъущтхэм паплъэхэу, цIыфхэр щынагъом хэтхэу
мэхыщтых, сыда пIомэ, уашъом щыIэ кIуачIэхэр хъыещтыхэшъ ары.

27Джащыгъум ЦIыф Лъэпкъым ы Къо ошъуапщэм хэтэу, лъэкIышхорэ
щытхъушхорэ иIэхэу къакIоу цIыфхэм алъэгъущт.

28А Iофхэр къэхъухэу заублэкIэ, шъукъэтэджи, шъушъхьэхэр
къэшъуIэтых, сыда пIомэ, Тхьэм къиным шъузщыхихыжьыщт мафэр
къэблэгъагъэшъ ары.

**Ынджыр чъыгым шъыпкъэу къыдгуригъаIорэр**
(Маттэ 24:32-35; Марк 13:28-31)

29ЕтIанэ Исус гъэсэпэтхыдэ ариIуагъ: – Ынджыр чъыгымрэ адрэ чъыг
пстэумрэ шъуяплъ.

30Чъыгхэр къэтIэмхэу зыфежьэхэкIэ, гъэмафэр зэрэблагъэр зыми
къышъуимыIоу шъошIэба?

31Ащ фэдэу шъори мы Iофхэр къэхъухэу зышъулъэгъухэкIэ, Тхьэм и
Тетыгъошхо благъэ къызэрэхъугъэр зэжъугъашIэ.

32– Шъыпкъэр шъосэIо, мы Iофхэр зэкIэ къэхъунхэм ыпэ, мы лъэпкъыр
кIодыщтэп.

33Уашъомрэ чIылъэмрэ кIодыжьыщтых, ау сигущыIэхэр кIодыжьыщтхэп.

**Сыдигъуи шъусакъ!**

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

[34]– Ешхэ-ешъонымкIи, утэшъонымкIи, мы дунаим игугъухэмкIи
шъушъхьэхэр зэIышъумыгъэхьанхэу шъузфэсакъыжь. Армырмэ,
шъумышIахэу а мафэр къышъутеощт.

[35]Сыда пIомэ, а мафэр чIылъэ шъхьашъом тет цIыф пстэуми хъытыум
фэдэу къафэкIощт.

[36]Сыдигъуи шъусакъ, къэхъущт пстэуми шъуахэкIыным паий, кIуачIэ
жъугъотынышъ, ЦIыф Лъэпкъым ы Къо ыпашъхьэ шъуузэрихьащтымкIэ
Тхьэм шъуелъэIу зэпыт.

[37]Мафэ къэс Исус Тхьэм иунэшхо чIэтэу, цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр
аригъашIэщтыгъ, ау чэщ къэхъу къэс, къалэм дэкIыти, Елеон зыцIэ
Iуашъхьэм чэщыр щырихыщтыгъ.

[38]Жьэу пчэдыжь къэс Исус едэIунхэу цIыф пстэури Тхьэм иунэшхо
къакIощтыгъэх.

## Лука 22

### Тхьэмэтэ Хэсэшхом хэт тхьэматэхэм Исус тхьагъэпцIыгъэкIэ аукIынэу гухэлъ зэрашIыгъэр

(Маттэ 26:1-5, 14-16; Марк 14:1-2, 10-11; Иуан 11:45-53)

[1]Хьалыгъу мыкIу-мыпшэ зыщашхырэ мэфэшхохэу IутIыжъкIэ
заджэхэрэр къэблэгъагъэх.

[2]Дин пэщэшхохэмрэ Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ Исус цIыфхэм
амышIэу зэрагъэкIодыщт шIыкIэм лъыхъущтыгъэх, сыда пIомэ, ахэр
цIыфхэм ащыщынэщтыгъэхэти ары.

[3]Джащыгъум Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIумэ ащыщэу
ИскариоткIэ заджэхэрэ Иудэ ыгу шэйтаныр ихьагъ.

[4]ЕтIанэ Иудэ дин пэщэшхохэмрэ Тхьэм иунэшхо икъэрэгъулэхэм
япащэхэмрэ адэжь кIуи, Исус зэраригъэубытыщт шIыкIэмкIэ адэгущыIагъ.

[5]Ахэр гушIуагъэх, ахъщи къыратынэу къагъэгугъагъ.

[6]Аущтэу Иудэ адишти, цIыф купышхохэм амышIэу Исус аригъэубытыным
пае, Iэрыфэгъу уахътэ паплъэу ыублагъ.

### Исус игъогу рыкIохэрэм IутIыжъ пчыхьэшъхьашхэр зэрагъэхьазырыгъэр

(Маттэ 26:17-25; Марк 14:12-21; Иуан 13:21-30)

[7]Хьалыгъу мыкIу-мыпшэ зыщашхырэ мэфэкI мэфэшхохэм ащыщэу
IутIыжъ шъынэр зыщышIуаубзын фэе мафэр къэсыгъ.

[8]Аущтэу зэхъум, Исус Петрэрэ Иуанрэ ыгъэкIуагъэх, моущтэу ариIуагъэу:
– ШъукIуи, IутIыжъ пчыхьэшъхьашхэр тшIыным пае жъугъэхьазыр.

[9]– Тыдэ щыдгъэхьазырынэу уфая? – къыраIожьыгъ ахэмэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

[10]– Шъукъэдаlу! – ариlуагъ Исус. – Къалэм шъузэрэдахьэу, лlы горэм псы
къошын ыхьэу шъурихьылlэщт. А лlым ыуж шъуитэу унэу зэрыхьэрэм
шъори шъуихьи,

[11]унэр зием ешъуlу: «Дин гъэсакlом къыуеlо: Сэррэ сигъогу рыкlохэрэмрэ
lутlыжъ пчыхьэшъхьашхэр зыщытшlыщт хьакlэщыр тыдэ щыlа?»

[12]Джащыгъум унэ зэтетым ышъхьагърэ къатым тетэу гъэкlэрэкlагъэ
хьэкlэщышхо шъуигъэлъэгъущт. Ащ зэкlэри щыжъугъэхьазыр.

[13]Ахэр етlанэ кlохи, Исус къызэрариlуагъэм тетэу къагъоти, lутlыжъ
пчыхьэшъхьашхэр агъэхьазырыгъ.

## Зиусхьаным ипчыхьэшъхьашх

(Маттэ 26:26-30; Марк 14:22-26; 1 Кор. 11:23-25)

[14]Сыхьатыр къызэсым, апостол нэбгырэ пшlыкlутlур игъусэу Исус lанэм
пэтlысхьагъ.

[15]– Къин сщэчыным ыпэкlэ, мы lутlыжъ пчыхьэшъхьашхэр къыжъудэсшlы
лъэшэу сшlоигъуагъ, – ариlуагъ ахэмэ.

[16]– Сыда пlомэ, сэ шъосэlо, Тхьэм и Тетыгъошхо къэсыгъэу, lутlыжъ
мэфэкl мэфэшхом къикlырэр къэшъыпкъэжьыфэ, lутlыжъ
пчыхьэшъхьашхэр сшlыжьыщтэп.

[17]Етlанэ Исус шъуалъэ къышти, Тхьэм щытхъу фишlи, къыlуагъ: – Мыр
шъушти, мыщ итым щыщ шъукъыздешъу;

[18]сыда пlомэ, сэ шъосэlо, Тхьэм и Тетыгъошхо къэсыфэ, сэнэшъхьэпсым
сешъожьыщтэп.

[19]Етlанэ Исус хьалыгъур къыштагъ, Тхьэм щытхъу фишlи, зэгуичи, ахэмэ
арити, къыlуагъ: – Мы хьалыгъур сэ спкъэу шъо сишlуагъэ шъокlынэу
стыщтыр ары. Шъугу сыкъэжъугъэкlыжьыным пае, шъушхы.

[20]Ащ фэдэу пчыхьэшъхьэшхэ ужым шъуалъэр къышти, къыlуагъ: – Мы
шъуалъэм сэнэпсэу итым къикlырэр зэзэгъыныгъакlэу Тхьэм ежьыррэ
шъоррэ шъуазыфагу дилъхьэрэр ары. А зэзэгъыныгъакlэр
къэзгъэшъыпкъэжьырэр лъэу шъо сишlуагъэ шъокlынэу къыскlэкlыщтыр
ары.

[21]Ау тетыгъо зиlэхэм сязгъэубытыщтыр сигъусэу мы lанэм пэс.

[22]Цlыф Лъэпкъым ы Къо Тхьэм зэриухэсыгъэм тетэу, дунаим ехыжьыщт,
ау тетыгъо зиlэхэм ар язгъэубытырэр гъогу мыгъо теуцуагъ.

[23]Исус ар зеlом, игъогу рыкlохэрэр зэупчlыжьхэу аублагъ: – Тэ тщыщэу
хэта ар зышlэн зыгу хэлъыр?

## Исус игъогу рыкlохэрэм ащыщэу анахь инэу алъытэн фаемкlэ зэрэзэнэкъокъугъэхэр

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

24Исус игъогу рыкlохэрэм ащыщэу анахь инэу алъытэн фаемкlэ
зэнэкъокъухэу аублагъ.

25– Дунаим тет пачъыхьэхэр цlыфхэм апшъэ дэсых, – арилуагъ Исус. –
Тетыгъор зилэхэми шlу зышlэхэрэмкlэ цlыфхэр зэрагъаджэх.

26Шъо шъузэрэзэфыщытын фаер арэп. Ар мыхъоу, шъуазыфагу анахь
иныр цlыкlум фэдэ орэхъу, тхьэматэри шъхьагърытым фэдэ орэхъу.

27Хьауми хэта анахь иныр, lанэм пэсыр ара, шъхьагърытыр ара? lанэм
пэсыр арыба? Ау шъхьагърытым фэдэу сэ сышъухэт.

28Сэ къин сщэч зэхъуми, сигъусагъэхэр шъоры.

29Сэ тетыгъо силэнэу ся Тэ къызэрэситыгъэм фэдэу, шъори тетыгъо
шъуилэнэу шъосэты.

30Сэ си Тетыгъошхо къызыскlэ, силанэ шъупэсэу шъушхэщт, шъуешъощт,
Израиль иллэкъо пшlыкlутlум хьыкум атешъушlыхьанэу пачъыхьэ
тlысыплэхэм шъуатетlысхьащт.

**«Сэ сызыщыщыр умышlэу къэплощт» Исус Петрэ зэрэрилуагъэр**

(Маттэ 26:31-35; Марк 14:27-31; Иуан 13:36-38)

31– Симон, Симон, къэдалу. Мэкъу-мэщышlэм коцымрэ уарзэмрэ
зэрэзэхидзыхэрэм фэдэу, шъуигъэунэфыным пае, шэйтаным Тхьэм
фитыныгъэ къылихыгъ.

32Ау шlошъхъуныгъэм игъогу утемыкlынэу Тхьэм сыпфелъэлугъ. О
садэжь къызыбгъэзэжькlэ, пшыхэм агухэр гъэпытэх.

33– Зиусхьан, сэ сыуигъусэу хьапсым сыкlощтми, лlэныгъэм сылукlэщтми,
сыфэхьазыр, – къырилуагъ Симон Петрэ Исус.

34– Петр, сэ осэlо, – къылоlжьыгъ Исус, – непэ атакъэр lоным ыпэкlэ,
сызыщыщыр умышlэу гъогогъуищэ къэплощт.

**Ахъщалъэр, lалъмэкъыр, чатэр**

35– Ахъщалъи lалъмэкъи шъумылыгъхэу, цуакъэхэри шъущымыгъхэу
шъуздэсэгъэкlым, щыкlагъэ горэ шъуилагъа? – арилуагъ Исус. – Хьау,
щыкlагъэ зи тилагъэп, – къалоlжьыгъ ахэмэ.

36– Ау джы, ахъщалъи lалъмэкъи зилэм зыдерэшт, – арилуагъ Исус. –
Чатэ зимылэми ищыгъын кlылутелъ ерэщи, чатэ къерэщэф.

37Сэ шъосэlо, къысэхъулlэхэзэ, къэшъыпкъэжьынхэ фае Тхьэм мы
игущылэ тхыгъэхэр: «Хабзэм текlыгъэхэм ащыщэу ежь алъытагъ». Сыда
плlомэ, сэ къысэхьылlагъэу Тхьэм игущылэ тхыгъэхэр къэхъу пэтхэшъ ары.

38– Зиусхьан, мары, чатитlу тил, – къалуагъ ахэмэ. – Ар икъущт, –
арилоlжьыгъ Исус.

**Елеон lуашъхьэм Исус Тхьэм зэрэщелъэлугъэр**

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

(Маттэ 26:36-46; Марк 14:32-42)

39Исус Ерусалим дэкӀи, ихабзэ тетэу, Елеон Ӏуашъхьэм дэкӀоягъ. Игъогу рыкӀохэри игъусагъэх.

40ЗыдэкӀощт чӀыпӀэм зынэсым, ариӀуагъ: – ПсэкӀодшӀэным шъудимыхьыхынэу Тхьэм шъуелъэӀу.

41ЕтӀанэ Исус зы мыжъо дзыгъо фэдизкӀэ ахэмэ ахэкӀыгъ. ЛъэгонджэмышъхьэкӀэ тӀыси, Тхьэм елъэӀугъ:

42– Сэ ся Т, уфаемэ, мы къин щэчыным ишъуалъэ сэ сӀых. Ау сызыфаер мыхъоу, о узыфаер орэхъу.

43Джащыгъум мэлэӀич горэ уашъом къехи, кӀуачӀэ ригъэгъотынэу къыфэлъэгъуагъ.

44Исус гумэкӀышхом хэтэу, нахь лъэшэу Тхьэм елъэӀугъ. ИпкӀэнтӀэпсхэри лъы ткӀопсхэм афэдэу чӀыгум теткӀощтыгъэх.

45Тхьэм зелъэӀум, Исус къэтэджыжьи, игъогу рыкӀохэрэм адэжь зэкӀожьым, гумэкӀышхо зэряӀэм пае, хэчъыягъэхэу арихьылӀэжьыгъ.

46– Сыд пае шъучъыера? – ариӀуагъ Исус. – Шъукъэтэджи, псэкӀодшӀэным шъудимыхьыхынэу Тхьэм шъуелъэӀу.

### Исус зэраубытыгъэр

(Маттэ 26:47-56; Марк 14:43-50; Иуан 18:3-12)

47Исус джыри къэгущыӀэзэ, игъогу рыкӀорэ нэбгырэ пшӀыкӀутӀум ащыщэу Иудэ апэ итэу цӀыф купышхо къэкӀуагъ. Иудэ Исус ебэунэу къыбгъодэхьагъ.

48– Иуд, ЦӀыф Лъэпкъым ы Къо укъызэребэурэмкӀэ тетыгъо зиӀэхэм аубытыщтыр яогъэлъэгъоу ара? – риӀуагъ Исус.

49Исус игъусэхэм къэхъущтым гу зылъатэм, къаӀуагъ: – Зиусхьан, чатэмкӀэ тахэона?

50Исус игъусэхэм ащыщэу зыр дин пэщэшхом иунэӀутым еуи, иджабгъу тхьакӀумэ гуиупкӀыгъ.

51– Икъун! Ыуж икӀ! – къыӀуагъ Исус. ЕтӀанэ унэӀутым ытхьакӀумэ нэси, ыгъэхъужьыгъ.

52Ащ нэужым Исус ежь зыубытынэу къэкӀогъэ дин пэщэшхохэми, Тхьэм иунэшхо икъэрэгъулэхэм япащэхэми, нахьыжъхэми ариӀуагъ: – ХъункӀакӀо горэ шъуубытыщтым фэдэу, чатэхэмрэ умэхэмрэ шъуӀыгъхэу шъукъэкӀуагъа?

53Мафэ къэси Тхьэм иунэшхо сыщышъухэтыгъ, ары шъхьакӀэ сышъуубытыгъэп. Ау джы шъо шъуигъу, мы сыхьатми шӀункӀыгъо бзаджэм тетыгъор ие хъугъэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

### Петрэ Исус зыщыщыр ымышIэу къызэриIуагъэр
(Маттэ 26:57-58, 69-75; Марк 14:53-54, 66-72; Иуан 18:15-18, 25-27)

54Аущтэу ахэмэ Исус аубыти, Iуащи, дин пэщэшхом иунэ ращагъ. Петрэ
чыжьэкIэ ауж итэу алъыкIуагъ.

55Щагу гузэгум машIор рашIыхьи, къызетIысэкIхэм, Петри ахэтIысхьагъ.

56УнэIут пшъашъэ горэм Петрэ машIом пэсэу ылъэгъуи, къызеплъыпэм,
къыIуагъ: – Мыри Исус игъусагъ.

57– Хьау, – къыIуагъ Петрэ, – ар сшIэрэп, пшъашъ.

58Зы тIэкIу тешIагъэу нэмыкI горэми Петрэ къылъэгъуи, къыIуагъ: – Ори
ахэмэ уащыщ. – Хьау, синыбджэгъу, сэ ахэмэ сащыщэп, – къыIожьыгъ
Петрэ.

59Зы сыхьат фэдиз тешIагъэу, етIани зыгорэм теубытагъэу къыIуагъ: –
Щэч хэмылъэу мы лIыри ащ игъусагъ, сыда пIомэ, ар Галилей щыщ.

60– Хьау, синыбджэгъу, а зыфапIорэр сшIэрэп, – къыIожьыгъ Петрэ.
КъэгущыIэзэ, ардэдэм атакъэр къэIуагъ.

61Зиусхьаным зыкъызэригъэзэкIи, Петрэ еплъыгъ. Джащыгъум
Зиусхьаным къыриIогъэгъэ гущыIэхэр Петрэ ыгу къэкIыжьыгъэх: – Непэ
атакъэр Iоным ыпэкIэ, сэ сызыщыщыр умышIэу гъогогъуищэ къэпIощт.

62Ар ыгу къызэкIыжьым, Петрэ щагум дэкIи, лъэшэу гъыгъэ.

### Къэрэгъулэхэр Исус зэрэкIэнэкIагъэхэр
(Маттэ 26:67-68; Марк 14:65)

63Къэрэгъулэхэр Исус кIэнакIэщтыгъэх, еощтыгъэх.

64Исус ынэхэр кIапхэхи, еупчIыгъэх: – Упегъымбармэ, хэтми къыоуагъэм
ыцIэ къаIо!

65Ехъонхэзэ, нэмыкI Iаджи раIуагъ.

### Исус Тхьэмэтэ Хэсэшхом ыпашъхьэ зэрэращагъэр
(Маттэ 26:59-66; Марк 14:55-64; Иуан 18:19-24)

66Нэф къызэшъым, цIыфмэ анахьыжъхэри, дин пэщэшхохэри, Тэурат
егъэджэкIо пащэхэри къызэIукIэхи, Тхьэмэтэ Хэсэшхом ыпашъхьэ Исус
ращагъ.

67– Христосыр орымэ, къытаIу, – къыраIуагъ. – Сэ къышъуасIомэ,
шъушIошъ хъущтэп, – ариIожьыгъ Исус.

68– Сэри сышъоупчIымэ, пэгъокI къысэшъутыщтэп,
сышъутIупщыжьыщтэп.

69Ау джы щегъэжьагъэу ЦIыф Лъэпкъым ы Къо лъэкIышхо зиIэ Тхьэм
иджабгъукIэ госыщт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

70– Ащыгъум о Тхьэм ури Къоу ара? – къаІуагъ зэкІэмэ. – Ары, шъо зэрэшъуІорэм фэд, – ариІожьыгъ Исус.

71– Сыда нэмыкІ шыхьат зэрэтищыкІэгъэжьыр? – къаІуагъ ахэмэ. – Ежь ижэдэкІэу зэхэтхыгъэба?

## Лука 23

**Исус Іэшъхьэтет Пилат ыпашъхьэ зэрэращагъэр**
(Маттэ 27:1-2, 11-14; Марк 15:1-5; Иуан 18:28-38)

1ЕтІанэ хасэм хэт пстэури къэтэджыжьи, Исус Іэшъхьэтет Пилат дэжь ащагъ.

2Исус агъэмысэу къаублагъ, моущтэу аІоу: – Мы лІым тэ тлъэпкъ къыгъэбырсырэу, Кайсарым хьакъулахь ахъщэр раримыгъэтэу, ежь Христос пачъыхьэу зыфиІожьэу тыубытыгъэ.

3– О джуртхэм уряпачъыхьа? – къеупчІыгъ Пилат Исус – Ары, къызэрэпІорэм фэд, – риІожьыгъ Исус.

4Джащыгъум Пилат дин пэщэшхохэмрэ цІыф купышхохэмрэ ариІуагъ: – Мы лІыр зи зэрызгъэмысэн езгъотылІэрэп.

5– Галилей хэкум къыщегъэжьагъэу мыщ нэсыфэ, Иудей хэкум зэкІэ тыдэ укІоми, мы лІым цІыфхэм Іофхэу аригъашІэхэрэмкІэ къегъэбырсырых, – аІуи, ыуж имыкІыхэу къаІуагъ ахэмэ.

**Исус пщэу Ирод ыпашъхьэ зэрэращагъэр**

6Пилат Галилей гущыІэр зызэхехым, къэупчІагъ: – Мы лІыр Галилей щыща?

7Хэкоу Ирод зипщым Исус зэрэщыщыр Пилат къызешІэм, Ирод дэжь Исус аригъэщагъ, сыда пІомэ, а мафэхэм атефэу Ирод Ерусалим къэкІогъагъэти ары.

8Ирод Исус зелъэгъум, лъэшэу гушІуагъэ, сыда пІомэ, Исус игугъу зэхихыгъэти, бэ шІагъэу зэригъэлъэгъу шІоигъуагъ. Исус нэшэнэ гъэшІэгъон горэ къыригъэлъэгъунэу гугъэщтыгъэ.

9Ар Исус бэкІэ къеупчІыгъ, ау Исус зи риІуагъэп.

10Дин пэщэшхохэу, Тэурат егъэджэкІо пащэхэу ащ дэжьым щытхэм Исус лъэшэу агъэмысэщтыгъ.

11Иродрэ идзэлІхэмрэ агъэпыутэу Исус дэзекІуагъэх, кІэнакІэщтыгъэх. ЕтІани Ирод идзэлІхэм Исус шъошэ фыжькІэ пачъыхьэм фэдэу аригъэфапи, Пилат дэжь аригъэщэжьыгъ.

12А мафэм Иродрэ Пилатрэ ныбджэгъу зэфэхъугъэх. Ащ ыпэкІэ зэпыищтыгъэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

### Исус укI зэрэтыралъхьагъэр

(Маттэ 27:15-26; Марк 15:6-15; Иуан 18:39–19:16)

13Iэшъхьэтет Пилат дин пэщэшхохэри, адрэ тхьэматэхэу Тхьэмэтэ
Хэсэшхом хэтхэри, цIыфхэри къызэIуигъакIэхи,

14ариIуагъ: – ЦIыфхэр къыгъэбырсырхэу шъуIуи, мы лIыр
къысфэшъущагъ. Джы шъуапашъхьэ сыщеупчIыгъ, ау
зэрыжъугъэмысэрэмкIэ лажьэ иIэу езгъотылIагъэп.

15Пщы Ироди мысэу ылъытагъэп, сыда пIомэ, къытфаригъэщэжьыгъ.
ЗэрэшъулъэгъурэмкIэ, укI зыкIытефэрэ Iоф мы лIым зи ышIагъэп.

16Арышъ, къамыщкIэ езгъэонхэшъ, стIупщыжьыщт.

17IутIыжъ мэфэкI мэфэшхом пае хьапсчIэсхэм ащыщэу зы нэбгырэ Пилат
цIыфхэм шъхьафитэу къафитIупщыжьын фэягъ.

18ЦIыфхэр зэкIэ къэзэрэгъэкуухэу аублагъ: – Мыр Iущ, Бар-Аббэ
къытфэтIупщыжь.

19А Бар-Аббэ къэлэдэсхэр къызэригъэбырсырыгъэхэм паий, цIыф горэ
зэриукIыгъэм паий хьапсым чIадзэгъагъ.

20Пщэу Пилат Исус шъхьафит ышIыжьыныр шIоигъуагъэти, цIыфхэм
джыри зэ зафигъази, адэгущыIагъ.

21Ау ахэр куо зэпытыгъэх: – Къащым теIулI! Къащым теIулI!

22– Мы лIым сыд бзэджагъа ышIагъэр? УкI зыкIытефэрэ Iоф зи ышIагъэу
езгъотылIагъэп. Арышъ, къамыщкIэ езгъэонхэшъ, стIупщыжьыщт, –
ящэнэрэу ариIуагъ пщы Пилат ахэмэ.

23– Къащым теIулI! – аIозэ, мэкъэшхокIэ цIыфхэм зэпамыгъэоу аIощтыгъ.
Якуо макъэкIэ зыфаери къадэхъугъ.

24Аущтэу цIыфхэр зыфэягъэр Пилат къафишIэнэу тыриубытагъ.

25ЦIыфхэр къызэригъэбырсырыгъэхэмрэ цIыф горэ зэриукIыгъэмрэ апае,
хьапсым чIадзэгъэгъэ Бар-Аббэу цIыфхэр зыкIэлъэIугъэр шъхьафит
къафишIыжьыгъ. Ау Исус зыфаер рашIэн фитхэу ахэмэ аIэкIилъхьагъ.

### Исус къащым зэрэтыраIулIагъэр

(Маттэ 27:32-44; Марк 15:21-32; Иуан 19:17-27)

26Исус къащым тыраIулIэнэу преторием зыращым, къалэу Кириние щыщ
Симон губгъом къикIыжьызэ IукIагъэх. Ар къаубыти, къащыр ытамэ
тыралъхьи, Исус ыуж итэу къащыр ыхьынэу рагъэзыгъ.

27ЦIыф купышхо Исус лъыкIощтыгъ. Абгъэгухэм яожьхэу, Исус зыгъэерэ
бзылъфыгъэхэри ахэтыгъэх.

28Ахэмэ Исус зафигъази, ариIуагъ: – Ерусалим ибзылъфыгъэхэр, сэщ
пае шъумыгъ, шъо шъушъхьэ пае, шъуилъфыгъэхэм апаий шъугъ нахь;

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

29сыда пIомэ, «Бзылъфыгъэхэу сабый зыхэмыкIыгъэхэри, джыри
мылъфагъэхэри, быдз езымыгъэшъуагъэхэри гъогу мафэ теуцуагъэх»
зыщаIощт мафэхэр къэсыщтых.

30Ащыгъум къушъхьэхэм «Шъукъыттеф!» Iуашъхьэхэми
«Тыкъэшъуухъум!» араIо хъущт.

31Сыда пIомэ, чъыгыр къэтIэмыгъэ зыхъукIэ, цIыфхэм мыщ фэдэ Iофхэр
зашIэхэкIэ, чъыгыр гъужьыгъэ хъумэ, ащ нахьи нахь бзэджагъэхэр
ашIэщтба?

32Бзэджэшlитlу Исус игъусэу къащхэм атыраIулIэнэу дащыгъэх.

33«Шъхьэпкъ» зыфаIорэ чIыпIэм зынэсхэм, ащ дэжьым Исус къащым
щытыраIулIагъ. БзэджэшIитIур, зыр иджабгъукIэ адрэр исэмэгубгъукIэ,
Исус игъусэхэу къащхэм атыраIулIагъэх.

34– Сэ ся Т, къафэгъэгъу! – къыIуагъ Исус. – Мы цIыфхэм ашIэрэр
къагурыIорэп. ДзэлIхэми пхъэдз радзэзэ, Исус ищыгъынхэр
зэфагощыгъэх.

35ЦIыфхэу ащ дэжьым щытхэр хъурэм еплъыщтыгъэх. Тхьэмэтэ
Хэсэшхом хэт тхьэматэхэми Исус кIэнакIэхэу къаIуагъ: – НэмыкI цIыфхэр
мыкIодхэу къыгъэнэжьыгъэх. Тхьэм къыхихыгъэ Христос ежьырмэ,
мыкIодэу зыкъерэгъэнэжь.

36ДзэлIхэри Исус кIэнакIэхэу къыбгъодахьэхи, сэнэпс шIоIугъэ
къыфащэизэ,

37къыраIуагъ: – О джуртхэм уряпачъыхьэмэ, умыкIодэу зыкъэгъэнэжь.

38«Джуртхэм я Пачъыхьэр мыры» ыIоу алыджыбзэкIи, латинабзэкIи,
джуртыбзэкIи тетхагъэу Исус ышъхьагъкIэ пхъэмбгъу къащым
тыраIулIэгъагъ.

39БзэджашIэхэу ащ дэжьым тыраIулIэгъитIум язым, Исус къехъони,
къыIуагъ: – Орыба Христосыр? Ори тэри тымыкIодэу тыкъэгъэнэжь!

40Ау адрэр ащ егыеу къыIуагъ: – Тхьэм ущыщынэрэба? Хьыкумэу мы
лIым тырашIыхьагъэр ори къыптырашIыхьагъэба?

41ЗэфагъэкIэ тэ тагъэпщынэжьы, сыда пIомэ, бзэджагъэу тшIагъэхэм
яфэшъуашэ тагъэгъотыжьы. Ау мы лIым мыхъун зи ышIагъэп.

42ЕтIанэ къыIуагъ: – Исус, уи Тетыгъошхо къызыскIэ, угу сыкъэгъэкIыжь.

43– Шъыпкъэр осэIо, непэ джэнэтым ущысигъусэщт, – риIожьыгъ Исус а
лIым.

**Исус зэрэлIагъэр**

(Маттэ 27:45-56; Марк 15:33-41; Иуан 19:28-30)

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

44Щэджагъо хъугъагъэ, а хэгъэгуми тыдэкIи шIункI къыщыхъугъ сыхьатыр
щым нэс,

45сыда пIомэ, тыгъэр ушIункIыгъэти ары. Тхьэм иунэшхо ипэIухъо тIо
къызэготхъыгъ.

46– Ся Т, спсэ о къыпIэкIэсэлъхьэ, – мэкъэшхокIэ къыIуагъ Исус. А
гущыIэхэр къызеIохэ ужым, ыпсэ ытыгъ.

47ДзэлIхэм япащэ хъугъэр зелъэгъум, Тхьэм щытхъу фишIи, къыIуагъ: –
Шъыпкъэ дэдэу, мы лIыр шъыпкъагъэ зиIэ лIыгъ.

48А зэкIэри зэрагъэлъэгъунэу къызэрэугъоигъэ цIыф купышхо пстэуми
хъугъэр залъэгъум, абгъэгухэм яожьхэзэ, яунэхэм якIолIэжьыгъэх.

49Исус иныбджэгъу пстэури, бзылъфыгъэхэу ежь игъусэхэу Галилей
къикIыгъагъэхэри ахэмэ ахэтхэу, чыжьэкIэ уцугъэхэу мы хъугъэ-
шIагъэхэм яплъыщтыгъэх.

**Исус ихьадэ къэунэм зэрэчIалъхьажьыгъэр**
(Маттэ 27:57-61; Марк 15:42-47; Иуан 19:38-42)

50Юсыф зыцIэу лIы горэ Тхьэмэтэ Хэсэшхом итхьэматэхэм ащыщыгъ. Ар
шъыпкъагъэ зиIэ лIы дэгъугъ.

51Тхьэмэтэ Хэсэшхом итхьэматэхэм ашIэнэу аухэсыгъагъэр
адиштэгъагъэп. А Юсыф Иудей хэкум ит къуаджэу Ариматей щыщыгъ.
Тхьэм и Тетыгъошхо къэсыным паплъэщтыгъ.

52Ар пщы Пилат дэжь кIуи, Исус ихьадэ кIэлъэIугъ.

53ЕтIанэ хьадэр къащым къыпихыжьи, чэфын рищэкIи, Iошъхьэ цакIэу
акъутагъэм хашIыкIыгъэ къэунэу ыпэкIэ цIыф зи зычIамылъхьажьыгъэм
чIилъхьажьыгъ.

54А мафэр бэрэскэшхо мэфагъ, шэмбэт мафэри къэблэгъагъ.

55Исус игъусэхэу Галилей къикIыгъагъэ бзылъфыгъэхэр Юсыф игъусэхэу
кIохи, къэунэри Юсыф хьадэр къэунэм зэрэчIилъхьажьырэри алъэгъугъ.

56ЕтIанэ унэм къызагъэзэжьым, мэIэшIу зыпихырэ щыфэн дагъэхэмрэ
осэшхо зиIэ дагъэхэмрэ агъэхьазырыгъэх. Хабзэм тетэу етIанэ шэмбэт
мафэм загъэпсэфыгъ.

## Лука 24

**Исус лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыгъэр**
(Маттэ 28:1-10; Марк 16:1-8; Иуан 20:1-10)

1Тхьэмафэм иапэрэ мафэм нэф къызэшъым, бзылъфыгъэхэм осэшхо
зиIэхэу, мэIэшIу зыпихырэ щыфэн дагъэхэу агъэхьазырыгъэхэр
зыдахьхи, къэунэм кIуагъэх, нэмыкI горэхэри ягъусэхэу.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

2Зынэсхэм, мыжъошхор къэунэм ичlэхьапlэ lугъэукlорэикlыгъэу рихьылlагъэх.

3Ау къэунэм зычlахьэхэм, Зиусхьан Исус ихьадэ чlагъотыжьыгъэп.

4Ар зыфахьын амышlэу щытхэзэ, зэплъэхэм, щыгъын фыжьыбзэкlэ фэпагъэхэу лlитlу амышlахэу апашъхьэ къиуцуагъ.

5Бзылъфыгъэхэр къэщтагъэхэу ашъхьэхэр чlыгум зырагъэзыххэм, а лlитlумэ къаралуагъ: – Лlагъэхэм адэжь псаум сыд пае шъущылъыхъура?

6Ар мыщ дэжьым щыlэжьэп, лlагъэхэм къахэтэджыкlыжьыгъ. Ар Галилей хэкум щыlэзэ, моущтэу къызэрэшъуиlогъагъэр шъугу къэжъугъэкlыжь:

7«Цlыф Лъэпкъым ы Къо псэкlод зышlэрэ цlыфхэм аlэкlэхьэныр къыпыщылъ, къащыми тыраlулlэнышъ, ящэнэрэ мафэм лlагъэхэм къахэтэджыкlыжьын фай».

8Ар къызаlом, Исус игущыlэхэр агу къэкlыжьыгъэх.

9Бзылъфыгъэхэр къэунэм къычlэкlыжьхи, Исус игъогу рыкlорэ нэбгырэ пшlыкlузымрэ адрэ ягъусэгъэ пстэумрэ а зэкlэри араlотэжьыгъ.

10Апостолхэм ар языlотагъэхэр мы бзылъфыгъэхэр арыгъэх: Магдалэ щыщ Мерэми, Иуани, Якъубэ янэ Мерэми, адрэ бзылъфыгъэхэу ахэмэ ягъусагъэхэри.

11Бзылъфыгъэхэм къаlуагъэхэм зи къарымыкlэу апостолхэм къащыхъугъ, ашlошъи хъугъэп.

12Ау Петрэ тэджи, къэунэм чъагъэ. Зыриуфэхи, къэунэм зычlэплъэм, чэфынхэм анэмыкl зи ылъэгъугъэп. Хъугъэр ыгъэшlагъоу иунэ ыгъэзэжьыгъ.

**Къуаджэу Эммаус кlорэ гъогур**

(Марк 16:12-13)

13А мэфэ дэдэм Исус игъогу рыкlохэрэм ащыщхэу нэбгыритlу километрэ пшlыкlузкlэ Ерусалим пэчыжьэу щыт Эммаус зыцlэ къуаджэм кlощтыгъэх.

14Кlохэзэ, хъугъэ-шlэгъэ пстэуми арыгущыlэщтыгъэх.

15Зэдэгущыlэхэу, зэупчlыжьхэу кlохэзэ, Исус абгъодахьи, ягъусэу кlуагъэ.

16Ау ахэмэ анэхэм техъо яlэм фэдагъ, зэрэ Исусыр ашlэжьыгъэп.

17– Гъогум шъутетэу сыда шъузэрыгущыlэхэрэр, сыд паий шъунэшхъэйра? – ариlуагъ Исус.

18– Мы мафэхэм Ерусалим къыщыхъугъэ lофхэр ащ дэсхэм ащыщэу зымышlэрэ закъор орыщтын, – ылуи, ахэмэ ащыщэу Клеопэ зыцlэм Исус къыриlожьыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

19– Сыд Iофха? – яупчIыгъ Исус. – Назарет щыщ Исус къехъулIагъэр
ары, – къыраIуагъ ахэмэ. – Ар Тхьэмрэ цIыф пстэумрэ адэжькIэ
игущыIэхэмкIи Iофхэу ышIагъэхэмкIи лъэкIышхо зиIэ пегъымбарыгъ.

20Дин пэщэшхохэмрэ Тхьэмэтэ Хэсэшхом итхьэматэхэмрэ Пилат укI
тырырагъэлъхьаным пае, Пилат ар IэкIагъахьи, къащым
тырырагъэIулIагъ.

21Израил лъэпкъым шъхьафитыныгъэ къезытыщтыр ежь арэу тэ
тыщыгугъыщтыгъ.

22Ащ нэмыкIэу, а зэпстэури зыхъугъэр непэ мэфищ мэхъу,
тибзылъфыгъэхэм ащыщхэми къэбар гъэшIэгъон къытфаIотагъ. Ахэр
пчэдыжьым жьэу къэунэм кIуагъэх,

23ау Исус ихьадэ къагъотыжьыгъэп. Къызагъэзэжьым, мэлэIичитIу
къафэлъагъуи, Исус псаоу ахэмэ къараIуагъэу къаIотэжьыгъ.

24Тэ тщыщ зыгорэхэр етIанэ къэунэм кIохи, бзылъфыгъэхэм зэраIуагъэм
тетэу пстэури къагъотыгъ, ау Исус ышъхьэкIэ алъэгъугъэп.

25– Сыдэу къыжъугурыIогъуай, пегъымбархэм аIогъэ пстэури шъушIошъ
хъуныр сыдэу къин къышъуфэхъурэ! – ариIуагъ Исус ахэмэ.

26– Христос ищытхъушхо иIэ хъуным нэсыфэ, мы къинхэр ыщэчынхэ
фэягъэба?

27ЕтIанэ Исус пегъымбар Мусэмрэ адрэ пегъымбар пстэухэмрэ
къащегъэжьагъэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэ пстэуми ежь ехьылIагъэу
арытхэр зэхаригъэшIыкIыгъ.

28Къуаджэу зыдакIощтыгъэхэм игъунэгъу зэхъухэм, Исус къэмыуцоу
блэкIырэм фэдагъ.

29Ау ахэмэ къагъэуцуи, къыраIуагъ: – Мафэр хэкIотагъ, пчыхьи мэхъу пэт.
Арышъ, тигъусэу къанэ. Ар къызаIом, Исус адишти, адэжь къэнагъ.

30ЕтIанэ Исус ахэмэ ягъусэу шхэнэу Iанэм зыпэтIысхьэм, хьалыгъур
къыштагъ, Тхьэм щытхъу фишIи, зэгуичи, аритыгъ.

31Джащыгъум анэхэр къэплъэжьхи, зэрэ Исусыр къашIэжьыгъ.
КъызашIэжьым, Исус кIодыжьи, анэхэмкIэ алъэгъужьыгъэп.

32– Гъогум тызытетым, Исус къыддэгущыIэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэр
къыдгуригъаIо зэхъум, игущыIэхэмкIэ тызэригъэгушIуагъэм пае, тыгухэр
машIом фэдэу къызэкIигъанэщтыгъэба? – зэраIожьыгъ ахэмэ.

33Ардэдэм ахэр къэтэджыжьхи, Ерусалим агъэзэжьыгъ. Апостол
пшIыкIузымрэ адрэ ягъусэхэмрэ зэрэугъоигъэхэу къагъотыгъэх.

34– Зиусхьаныр шъыпкъэ дэдэу лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъ, Симони
зыкъыригъэлъэгъугъ, – аIуагъ апостолхэм.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

35Ежьхэми гъогум къыщяхъулIагъэри, Исус хьалыгъур зызэгуечым,
къызэрашIэжьыгъэри къаIотэжьыгъ.

### Исус игъогу рыкIохэрэм зыкъызэраригъэлъэгъугъэр
(Маттэ 28:16-20; Марк 16:14-18; Иуан 20:19-23; Апостол. 1:6-8)

36Ахэмэ мы Iофхэр къаIуатэзэ, ежь Исус азыфагу къиуцуи, къариIуагъ: –
Гупсэф шъуиIэу шъопсэу.

37Ахэр къызэрэщтагъэхэм пае, агучIэ изыгъэу, хьэдэджадэ алъэгъоу
къашIошIыгъ.

38– Сыд пае шъугумэкIыра? – къариIуагъ Исус. – Сыд пае шъугу щэч
къихьэра?

39Сэ сIэхэмрэ слъакъохэмрэ шъукъяплъ. Сэр дэдэр ары. ШъукъыстеIаби,
шъуеплъ, сыда пIомэ, хьэдэджадэм шъори, лыри, къупшъхьэри иIэхэп,
ахэр сэ сиIэу зэрэшъулъэгъурэм фэдэу.

40Мы гущыIэхэр къызеIохэм, ыIэхэмрэ ылъакъохэмрэ аригъэлъэгъугъ.

41ГушIуагъом къыхэкIэу ашIошъ мыхъоу агъэшIагъо зэхъум, къариIуагъ: –
Мыщ дэжьым шхын горэ щышъуиIа?

42Пцэжъые гъэжъэгъэ ныкъо ратыгъ.

43Ар къаIихи, апашъхьэ щишхыгъ.

44– Сызышъухэтым къышъуасIощтыгъэр мыры: пегъымбар Мусэ и Тэурат
хабзи, адрэ пегъымбархэм ятхылъхэми, Орэд ЛъапIэхэм сэ
къысэхьылIагъэу арыт пстэури къысэхъулIэхэзэ, къэшъыпкъэжьынхэ
фаех, – къариIуагъ Исус ахэмэ.

45ЕтIанэ Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэр зэхаригъэшIыкIхэзэ,

46къариIуагъ: – Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт: Христос къин ыщэчын
фаеу къыпыщылъ, етIани лIэнышъ, ящэнэрэ мафэм лIагъэхэм
къахэтэджыкIыжьын фае.

47Сэ сцIэкIэ мы къэбарыр Ерусалим къыщегъэжьагъэу дунаим тет лъэпкъ
пстэуми арагъэIущт: шъуипсэкIодшIагъэхэм шъуафыкIэгъожьи, Тхьэм
ахэр къышъуфигъэгъущтых.

48Шъо а Iоф пстэуми шъуряшыхьат.

49ШъукъэдаIу, сэ ся Тэ шъукъызэригъэгугъагъэр къышъуфезгъэхыщт. Ау
уашъом къикIэу кIуачIэ къышъуфехыфэ, къалэу Ерусалим шъукъыдан.

### Исус уашъом зэрэдэкIоежьыгъэр
(Марк 16:19-20; Апостол. 1:9-11)

50ЕтIанэ Исус ахэр Ерусалим дищыхи, къуаджэу Бет-Ание игъунэгъоу
ыщэхи, ыIэхэр къыIэти, Тхьэм ынэшIу къащифэнэу афелъэIугъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

51Тхьэм афелъэIузэ ахэкIи, Тхьэм ар уашъом дищэежьыгъ.

52Аущтэу зэхъум, ежь щытхъу фашIэу, лъэгонджэмышъхьэкIэ тIысыгъэх.
ЕтIанэ гушIогъошхом хэтхэу Ерусалим агъэзэжьыгъ.

53Тхьэм щытхъу фашIэу, Тхьэм иунэшхо чIэт зэпытыщтыгъэх. Амин.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

# Иуан

## Иуан 1

### Гущыlэр цlыфы зэрэхъугъэр

1Ублапlэм дэжь Гущыlэр щыlагъ. Ар Тхьэм дэжь щыlагъ, а Гущыlэри Тхьэр арыгъэ.

2Ублапlэм щегъэжьагъэу а Гущыlэр Тхьэм дэжь щыlагъ.

3Тхьэм а Гущыlэм зэкlэри къыригъэгъэхъугъ. Тхьэм къыгъэхъугъэ пстэумэ ащыщэу а Гущыlэм къыримыгъэгъэхъугъэ зи щыlэп.

4Мыкlодыжьын щыlэныгъэ а Гущыlэм хэлъыгъ, а щыlэныгъэри цlыфхэм нэфынэ афэхъугъ.

5Нэфынэр шlункlым щэнэфы, шlункlыри нэфынэм текlуагъэп.

6Тхьэм къыгъэкlуагъэу, лlы горэ дунаим къытехьагъ. Ащ ыцlагъэр Иуан.

7Цlыф пстэуми а нэфынэмкlэ шlошъхъуныгъэ яlэ хъуным пае, Иуан нэфынэм шыхьат фэхъунэу къэкlуагъ.

8Ежьырэп нэфынагъэр, ау нэфынэм шыхьат фэхъунэу Тхьэм ар къыгъэкlуагъ.

9Нэфынэ шъыпкъэу цlыф пстэури къэзгъэнэфырэр дунаим къытехьанэу щытыгъ.

10А Гущыlэр дунаим къытехьагъ. Тхьэм а Гущыlэм дунаир зэкlэ къыригъэгъэхъугъ, ау щытми дунаим ицlыфхэм ар къашlэжьыгъэп.

11Ежь ихэгъэгу къэкlуагъ, ау ицlыфхэм ежь аштагъэп.

12Ау ежь зэкlэ зыштэгъэ цlыфхэу ежьыркlэ шlошъхъуныгъэ зиlэхэр Тхьэм ибын хъунхэу фитыныгъэ аритыгъ.

13Ахэр Тхьэм ибын зэрэхъугъэ шlыкlэр сабый къызэрыхъурэ шlыкlэм фэдэп. Ащ къикlырэр ахэр Тхьэм ибын зэрэхъугъэхэр хъулъфыгъэ бзылъфыгъэм зэрехъуапсэрэм фэдэп, е лlы горэ лъфыгъэ зэрэфаем фэдэп, ау Тхьэм бын фэхъуныр къызхэкlыгъэр Тхьэр ары.

14А Гущыlэр цlыфы хъугъэ ыкlи къытхэтыгъ, шlугъэрэ, гукlэгъурэ, шъыпкъагъэрэ хэлъэу. Ежь ищытхъушхоу Ты лъапlэм ы Къо закъо ищытхъушхуи ары. Нэшlу щыфэныгъэрэ шъыпкъэрэ ежь ыгу илъыгъэх.

15Иуан ежь шыхьат фэхъугъ. Мэкъэшхокlэ моущтэу ыlуагъ: – Мары зыфэсlуагъэр, «Сэ саужкlэ къэкlощтыр сэщ нахьи нахь ин, сыда пlомэ, сэ сыкъэхъуным ыпэкlэ, ар щыlагъ».

16Ежь ишlугъэшхоу гъунэ зимыlэм щыщэу зы нэшlу щыфэныр адрэ нэшlу щыфэным къыкlэлъыкlоу къытлъигъэlэсыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

[17]Сыда пIомэ, Тэурат хабзэр Тхьэм иунашъокIэ къытфэзгъэнагъэр
пегъымбар Мусэ ары, ау шIугъэрэ, гукIэгъурэ, шъыпкъагъэрэ
къызпкъырыкIыгъэр Исус Христос ары.

[18]Тхьэр егъашIэми нэкIэ зыми ылъэгъугъэп. Къо закъоу Ты лъапIэм дэжь
щыIэм Тхьэр зыфэдэр къытфигъэнэфагъ.

**УмэхъэкIо Иуан Исус шыхьат зэрэфэхъугъэр**

(Маттэ 3:1-12; Марк 1:2-8; Лука 3:15-17)

[19]Иуан Исус шыхьат зэрэфэхъугъэр мары: Ерусалим щыщ джуртхэм дин
пащэхэри лэуитхэри Иуан еупчIынхэу ыдэжь агъэкIуагъэх. – Ухэта о? –
аIуи къызеупчIыхэм,

[20]Иуан шъыпкъэр ымыушъэфэу, нафэу къыIуагъ: – Сэрэп Христосыр.

[21]– Адэ ухэта о? – къеупчIыжьыгъэх ахэр. – Пегъымбар Иляс ора? –
Хьау, – ыIуагъ Иуан. – Пегъымбарыр ора? – къеупчIыжьыгъэх. – Хьау, –
ыIуагъ.

[22]– Ухэта о адэ? – къыраIуагъ. – ТыкъэзгъэкIуагъэмэ пэгъокI яттыжьынэу
къытаIу. Сыда о зэпIолIэжьырэр?

[23]– Пегъымбар Ешайа моущтэу зыфиIогъэ макъэр сэры: «Зиусхьаным
игъогу занкIэ шъушIы ыIозэ, шъоф нэкIым джэ макъэ горэ къыщэIу», –
къыIуагъ Иуан.

[24]А лIыкIохэр фарисейхэм ащыщыгъэх. Ахэр Иуан къеупчIыгъэх:

[25]– Христос орымырмэ, Иляс орымырмэ, пегъымбарыри орымырмэ, сыд
пае ащыгъум цIыфхэр уумэхъыхэра?

[26]– Сэ псымкIэ цIыфхэр сэумэхъых, – ариIуагъ Иуан. – Ау шъумышIэрэ
горэ къышъухэт.

[27]Ежьыр ары саужкIэ къэкIощтыр. Ежь сэщ нахьи нахь ин. Ащ
ицокъэлъэпсхэр фэстIэтэнхэуи сифэшъуашэп.

[28]Ар зэкIэ зыщыхъугъэр къуаджэу Бет-Ание ары, Иордан псыхъом
иадрабгъоу Иуан цIыфхэр зыщиумэхъыщтыгъэхэр.

**Тхьэм икъурмэныпхъэ шъынэр**

[29]ЯтIонэрэ мафэм Иуан Исус къакIоу зелъэгъум, къыIуагъ: – Мары Тхьэм
икъурмэныпхъэ шъынэу дунаим ицIыфхэм япсэкIодхэр атезыхыжьырэр.

[30]Мары зыфэсIуагъэр: «ЛIэу саужкIэ къэкIощтыр сэщ нахьи нахь ин, сыда
пIомэ, сэ сыкъэхъуным ыпэкIэ ар щыIагъ».

[31]Ар сэ сшIэщтыгъэп, ау сэ цIыфхэр псымкIэ сыумэхъынхэу
сыкъызкIэкIуагъэр ар хэтми зыщыщыр израиль цIыфмэ язгъэшIэныр ары.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

32ЕтІанэ Иуан, Исус шыхьат фэхъуэ, къыІуагъ: – Тхьэм ы Псэ ЛъапІэр тхьаркъом фэдэу уашъом къехи, Исус къыфехи, къызэрэшъхьащытыр слъэгъугъэ.

33Ежь сэ сшІэщтыгъэп, ау цІыфхэр псымкІэ сыумэхъынхэу сыкъэзгъэкІуагъэм къысиІуагъ: «Тхьэм ы Псэ ЛъапІэ къызфехэу, къызшъхьащыт цІыфыр ары Тхьэм ы Псэ ЛъапІэкІэ цІыфхэр зыумэхъыщтыр».

34Аущтэу зэрэхъугъэр слъэгъугъэ, ежь Тхьэм зэры Къори къэсэушыхьаты.

**Апэрэ лІыхэу Исус игъогу техьагъэхэр**

35ЯтІонэрэ мафэм Иуан игъогу рыкІорэ нэбгыритІу игъусэу а чІыпІэм щыІагъ.

36Ащ дэжьым Иуан Исус зелъэгъум, къыІуагъ: – Мары Тхьэм икъурмэныпхъэ шъынэр.

37Иуан игъогу рыкІорэ нэбгыритІум ар къыІоу зызэхахым, Исус ыуж ихьагъэх.

38Исус зыкъызэригъэзэкІи, ахэр ежь ыуж ихьагъэхэу зелъэгъум, къариІуагъ: – Сыда шъузыфаер? – Рабби, тыдэ ущыпсэура? – къыраІожьыгъ ахэмэ. (Раббим къикІырэр «Дин ГъэсакІу»).

39– ШъукъакІуи, шъулъэгъущт, – ариІуагъ Исус. Аущтэу ахэр кІохи, Исус зыщыпсэурэр алъэгъугъ, а мафэми Исус дэжь къэнагъэх. Сыхьатыр плІым дэжьыгъ.

40Иуан Исус ехьылІагъэу ыІуагъэхэр зэхэзыхыгъэхэу, Исус ыуж ихьэгъэ нэбгыритІумэ язырэр Симон Петрэ ыш Индрыс арыгъэ.

41Индрыс ыпэ рапшІэу ыш Симон къыгъоти, риІуагъ: – Мэссихьыр къэдгъотыгъ. (Мэссихьым къикІырэр «Христос» ары.)

42ЕтІанэ Индрысэ Исус дэжь Симон къыщагъ. Исус Симон зелъэгъум, къыриІуагъ: – О у Симонэу Иуанэ урикъу. КифэкІэ къыоджэщтых (Кифэм къикІырэр «Мыжъо»).

**Исус игъогу рыкІонхэу Филиппрэ Натанаилрэ зэряджагъэр**

43ЯтІонэрэ мафэм Исус Галилей хэкум кІонэу тыриубытагъ. ЕтІанэ Исус Филипп ІукІи, риІуагъ: – Сауж къырыкІу.

44А Филипп Индрысрэ Петрэрэ зыщыщ къалэу Бет-Сайдэ щыщыгъ.

45Филипп кІуи, Натанаил къыгъоти, риІуагъ: – Тэурат хабзэм итэу, пегъымбар Муси, адрэ пегъымбархэми зигугъу къашІыгъэр къэдгъотыгъ. Ар Юсыф ыкъоу Назарет щыщ Исус ары.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышІур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

46– Назарет шIу зыхэлъ горэ къыдэкIына? – къырииIожьыгъ Натанаил. –
КъакIуи еплъ, – риIожьыгъ Филипп.

47Исус Натанаил къакIоу зелъэгъум, ащ ехьылIагъэу ыIуагъ: – Мыр
израиль лIы шъыпкъэу зыпари тхьагъэпцIыгъэ зыхэмылъыр ары.

48– Тыдэ сыщыпшIэра? – къеупчIыгъ Натанаил Исус. – Филипп
къыоджэным ыпэкIэ, ынджыр чъыгым ычIэгъ учIэтэу услъэгъугъ, –
риIожьыгъ Исус.

49– Рабби, о Тхьэм ури Къу, Израиль урипачъыхь, – къырииIожьыгъ
Натанаил.

50– Ынджыр чъыгым ычIэгъ учIэтэу услъэгъугъэу къызэрэосIуагъэм пае,
пшIошъ хъугъэ, – риIуагъ Исус. – Ащ нахьи нахь гъэшIэгъонхэр
плъэгъущтых.

51ЕтIанэ Исус Натанаил риIуагъ: – Шъыпкъэ дэдэр шъосэIо, уашъор
зэIухыгъэу, ЦIыф Лъэпкъым ы Къо ышъхьагъкIэ мэлэIичхэр дэкIуаехэуи
къехыхэуи шъулъэгъущт.

## Иуан 2

### Канэ нысащэу щыIагъэр

1Ящэнэрэ мафэм Галилей хэкум ит къуаджэу Канэ нысащэ дэтыгъ. Исус
янэ а нысащэм щыIагъ.

2Исуси игъогу рыкIохэрэри а нысащэм рагъэблэгъэгъагъэх.

3Сэнэпсыр заухым, янэ Исус риIуагъ: – Сэнэпс яIэжьэп.

4– О бзылъфыгъ, сыда сэ сиIофэу ащ хэлъыр? Сэ сигъо къэсыгъэгоп, –
къырииIожьыгъ Исус янэ.

5– Исус сыд къышъуиIоми, жъугъэцакIэ, – ариIуагъ Исус янэ унэIутхэм.

6А чIыпIэм мыжъом хэшIыкIыгъэ къошыних Iутыгъ, джуртхэм ядин хабзэ
тетэу загъэкъэбзэжьыным пае. Къошын пэпчъ литрэ тIокIиплI-шъэрэ
тIокIырэ фэдиз ифэщтыгъ.

7– Къошынхэм псы арызэу арыжъугъахъу, – ариIуагъ Исус унэIутхэм.
Аущтэу ахэмэ къошынхэм арызыбзэу рагъэхъуагъ.

8Исус етIанэ ариIуагъ: – Къошынхэм тIэкIу-тIэкIу къахэшъухи, хьатыякIом
фэшъухь. Аущтэуи ашIыгъ.

9ХьатыякIор псэу сэнэпс хъугъэм ехъумпIыгъ. Сэнэпсыр къыздикIыгъэр
ышIагъэп, ау унэIутхэу а псыр къошынхэм къахэзыхыгъэхэм ашIэщтыгъ.
ХьатыякIор шъаом къеджи,

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

10риIуагъ: – Ыпэ рапшIэу сэнэпс дэгъур Iанэм къытырагъэуцо. ХьакIэхэр
бэу зешъохэ ужым, сэнэпс нахь пыутыр Iанэм къытырагъэуцожьы, ау о
сэнэпс дэгъур джы нэс щыбгъэтыгъ.

11Исус инэшэнэ гъэшIэгъонхэм ащыщхэм апэрэр мырыгъэ. А нэшэнэ
гъэшIэгъоныр Галилей хэкум ит къуаджэу Канэ щигъэлъэгъуагъ. Аущтэу
ищытхъушхо къыгъэнэфагъ, игъогу рыкIохэрэм ежьыркIэ
шIошъхъуныгъэу яIэри нахь пытэ хъугъэ.

12Ащ нэуж яни, ышхэри, игъогу рыкIохэри игъусэхэу Исус Капернаум
къалэмкIэ къехыгъ. Ащ мэфэ заулэрэ щыIагъэх.

### Исус щэн-щэфакIохэр Тхьэм иунэшхо къызэрэчIифыгъэхэр

(Маттэ 21:12-13; Марк 11:15-17; Лука 19:45-46)

13Джуртхэм ямэфэкI мэфэшхоу Iутыжъ зыцIэр къэблэгъагъ, Исуси
ЕрусалимкIэ дэкIоягъ.

14Тхьэм иунэшхо чIэхьагъ. ЗычIахьэм, цухэр, мэлхэр, тхьаркъохэр
зыщэхэрэри Iанэхэм апэсхэу ахъщэр зыхъожьхэрэри ащ чIилъэгъуагъ.

15Джащыгъум кIапсэм къамыщ хишIыкIи, яозэ, Тхьэм иунэшхо чIэт
пстэури, цухэри мэлхэри ягъусэхэу, къычIифыгъ. Ахъщэ зыхъожьхэрэми
яIанэхэр зэпыригъэзагъ, яахъщэхэри ритэкъухьагъ.

16– Мыхэр Iушъухых, ся Тэ иунэ бэдзэр шъумышIы, – ариIуагъ Исус
тхьаркъохэр зыщэхэрэм.

17Аущтэу зэхъум, «О уиунэ сызэрэфэгумэкIырэм сигъэлIэщт» зыфиIорэ
гущыIэхэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытхэр Исус игъогу рыкIохэрэм
агу къэкIыжьыгъ.

18Джащыгъум джуртхэм Исус къыраIожьыгъ: – Мыр пшIэнэу фитыныгъэ
зэрэуиIэмкIэ сыд фэдэ нэшэнэ гъэшIэгъон тэбгъэлъэгъуна?

19– Мы тхьэунэр зэхэшъукъути, сэ мэфищкIэ зэтезгъэуцожьыщт, – пэгъокI
аритыжьыгъ Исус ахэмэ.

20– Мы тхьэунэр илъэс тIокIитIурэ хырэкIэ зэтырагъэуцуагъ, – къаIуагъ
джуртхэм. – О мэфищкIэ зэтебгъэуцожьышъущта?

21Ау Исус тхьэунэу зыфиIуагъэр ежь ыпкъ арыгъэ.

22Исус лIагъэхэм къызахэтэджыкIыжьым ыуж, игъогу рыкIохэрэм а
гущыIэхэу къыIогъагъэхэр агу къэкIыжьхи, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэмкIи
Исус гущыIэхэу къыIуагъэхэмкIи шIошъхъуныгъэ яIэ хъугъэ.

### ЦIыф пстэуми агухэм арылъыр Исус ешIэ

23Iутыжъ мэфэкI мэфэшхом Ерусалим Исус щыIээ, нэшэнэ
гъэшIэгъонхэу къыгъэлъэгъуагъэхэр алъэгъугъэхэти, цIыфыбэмэ
ежьыркIэ шIошъхъуныгъэ яIэ хъугъэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

24Ау Исус цIыфхэм цыхьэ афишIыгъэп, сыда пIомэ, ахэр зэкIэ
ышIэщтыгъэхэти ары.

25Зыгорэ цIыфхэм яхьылIагъэу шыхьат къыфэхъунэу Исус
ищыкIэгъагъэп, сыда пIомэ, цIыфхэм агухэм арылъыр ышIэщтыгъэти
ары.

# Иуан 3

### ИкIэрыкIэу шъукъалъфыжьын фае

1Никодим ыцIэу, фарисейхэм ащыщэу лIы горэ щыIагъ. Ар джурт
тхьэматэхэм ащыщыгъ.

2Ар Исус дэжь чэщым къакIуи, къыриIуагъ: – Рабби, о Тхьэм дэжь
къикIыгъэ дин гъэсакIоу узэрэщытыр тэшIэ; сыда пIомэ, Тхьэр
уимыгъусэмэ, нэшэнэ гъэшIэгъонхэу о къэбгъэлъагъохэрэр зыми
къыгъэлъэгъон ылъэкIыщтэп.

3– Шъыпкъэ дэдэр осэIо, цIыф горэ икIэрыкIэу къамылъфыжьмэ, Тхьэм и
Тетыгъошхо ылъэгъун ылъэкIыщтэп, – риIожьыгъ Исус.

4– ЦIыфыр жъы хъумэ, сыдэущтэу къалъфыжьыщта? – къыриIожьыгъ
Никодим. – Ежь янэ ыныбэ ихьажьынышъ, икIэрыкIэу къалъфыжьыщта?

5– Шъыпкъэ дэдэр осэIо, – пэгъокI ытыжьыгъ Исус, – псымрэ Тхьэм ы Псэ
ЛъапIэрэ къахэкIэу цIыфыр икIэрыкIэу къамылъфыжьмэ, Тхьэм и
Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэхьан ылъэкIыщтэп.

6ЦIыфым къыфэхъурэр цIыфы, ау цIыфэу Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ
къыхэкIырэр Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ зыгу илъ цIыфыр ары.

7«ИкIэрыкIэу шъукъалъфыжьын фае» къызэрэосIуагъэр умыгъэшIагъо.

8Жьыбгъэр ежь зыфаемкIэ щепщэ. Ымакъэ зэхэохы, ары шъхьакIэ
къыздикIырэри зыдакIорэри пшIэрэп. Джары хэтрэ цIыфэу Тхьэм ы Псэ
ЛъапIэ къыхэкIыгъэм иIоф зытетыр.

9– Ар сыдэущтэу хъура? – къеупчIыгъ Никодим Исус.

10– О израиль дин гъэсакIохэм уащыщ, ар умышIэу ара? – пэгъокI
ритыжьыгъ Исус.

11– Шъыпкъэ дэдэр осэIо, тэ тшIэрэр ары тызэрыгущыIэрэр, тлъэгъугъэри
ары шыхьат тызфэхъурэр, ау етIани тэ шыхьатэу тызтеуцорэр шъо
шъудэрэп.

12Мы дунаим иIофхэм ягугъу къышъуфэсшIыгъ, ау шъо шъушIошъ
хъугъэп. Уашъом иIофхэм ягугъу къышъуфэсшIымэ, сыдэущтэу
шъушIошъ хъуна?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

13Зы цӀыфи уашъом дэкӀоягъэп, ау ЦӀыф Лъэпкъым ы Къоу зиунэ уашъом
щыӀэр уашъом къехыгъ.

14Пегъымбар Мусэ шъоф нэкӀым блэр зэрэщиӀэтыгъагъэм фэдэу, ЦӀыф
Лъэпкъым ы Къуи цӀыфхэм аӀэтын фае,

15ЕжьыркӀэ шӀошъхъуныгъэ зиӀэ пстэуми мыкӀодыжьын щыӀэныгъэ яӀэ
хъуным пае.

16– Сыда пӀомэ, Тхьэм дунаим ицӀыфхэр ащ фэдизэу шӀу
зэрилъэгъугъэхэм къыхэкӀэу, ежь ы Къо закъо ытыгъ, хэти Тхьэм ы
КъокӀэ шӀошъхъуныгъэ зиӀэр мыкӀодэу къэнэжьыным, мыкӀодыжьын
щыӀэныгъэ иӀэ хъуным пае.

17Тхьэм дунаим ицӀыфхэр ыгъэмысэнхэр арэп ежь ы Къо дунаим
къызфигъэкӀуагъэр, ау ы Къо дунаим ицӀыфхэр мыкӀодхэу
къыригъэгъэнэжьынхэр ары нахь.

18Тхьэм ежь ы КъокӀэ хэти шӀошъхъуныгъэ зиӀэр ыгъэмысэщтэп, ау хэти
шӀошъхъуныгъэ зимыӀэр Тхьэм ыгъэмысэгъах, ы Къо закъокӀэ
шӀошъхъуныгъэ иӀэ зэрэмыхъугъэм пае.

19Тхьэм цӀыфхэр зыкӀигъэмысэхэрэр мары: нэфынэр дунаим къытехьагъ,
ау цӀыфхэм нэфынэм нахьи шӀункӀыр нахьышӀу алъэгъугъ, сыда пӀомэ,
Ӏофхэу ашӀагъэхэр бзаджэхэшъ ары.

20Хэти бзэджагъэр зышӀэрэм нэфынэр еуджэгъу, Ӏофхэу ышӀагъэхэри
нафэ къэмыхъунхэм пае, нэфынэм екӀуалӀэрэп.

21Ау хэтми шъыпкъэр зыгъэцакӀэрэр нэфынэм екӀуалӀэ, Ӏофхэу
ышӀагъэхэр Тхьэр ыгу зэрилъым пае, зэригъэцэкӀагъэхэр нафэ
къэхъуным пае.

**УмэхъэкӀо Иуан Исус зэрэтегущыӀагъэр**

22Ащ нэужым Исусрэ игъогу рыкӀохэрэмрэ Иудей хэкум кӀуагъэх. Ахэмэ
ягъусэу Исус а чӀыпӀэм къэнагъэу, цӀыфхэр щиумэхъыщтыгъ.

23Къуаджэу Салим пэгъунэгъу Енон зыцӀэ чӀыпӀэу псыр зыщыбагъэм
Иуани цӀыфхэр щиумэхъыщтыгъ. Ахэр Иуан дэжь къакӀохэти,
зырагъэумэхъыщтыгъ.

24А лъэхъаным Иуан хьапсым джыри чӀадзэгъагъэгоп.

25Иуан игъогу рыкӀохэрэм ащыщхэмрэ джурт горэмрэ диным тетэу
зызэрэбгъэкъэбзэжьыщт ӀофымкӀэ зэнэкъокъухэу фежьагъэх.

26Игъогу рыкӀохэрэр Иуан дэжь къакӀохи, къыраӀуагъ: – Рабби, еплъ
Иордан псыхъом иадрабгъу о узигъусэгъэ лӀэу шыхьат узыфэхъугъэм
цӀыфхэр еумэхъых, цӀыфхэри зэкӀэ ащ дэжь къэкӀох.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

27– Тхьэм римыгъэлъэкIымэ, зыми зи ышIэн ылъэкIыщтэп, – къыIожьыгъ
Иуан.

28– «Христосыр сэрэп, ау Христос ыпэ Тхьэм сыкъыгъэкIуагъ»
зэрэсIуагъэмкIэ шъо шъусишыхьат.

29Нысэр зиер шъаор ары. Ау шъаом игъусэу ащ дэжьым щытэу, шъаом
ымакъэ зэхэзыхырэр щэгушIукIы. А гушIуагъоу гъунэ зимыIэр сэ
сигушIуагъоуи хъугъэ.

30Ежь нахь ин хъун фае, сэри нахь цIыкIу сыхъун фае.

**Уашъом къехырэр**

31ЫпшъэкIэ къехырэр зэкIэмэ апшъэ щыI. Ау чIылъэм щыщыр чIылъэм
ий, чIылъэм щыщхэр зэрэгущыIэхэрэм фэдэу мэгущыIэ. Уашъом
къехырэр зэкIэмэ апшъэ щыI.

32Ащ Iофхэу ылъэгъугъэхэмрэ зэхихыгъэхэмрэ къеушыхьатыжьы, ау ащ
ишыхьатныгъэ зыми ыдэрэп.

33Ау ащ ишыхьатныгъэ зыдагъэм Тхьэр зэрэшъыпкъэр ыдагъэу мэхъу.

34Сыда пIомэ, Тхьэм къыгъэкIуагъэм Тхьэм игущыIэхэр ары къыIохэрэр.
А цIыфым ыгу Тхьэм ежь ы Псэ ЛъапIэ гъунэ имыIэу къырелъхьэ.

35Ты лъапIэм ежь ы Къо шIу елъэгъу, зэпстэури ыIэ къырилъхьагъ.

36Тхьэм ы КъокIэ шIошъхъуныгъэ зиIэм мыкIодыжьын щыIэныгъэ иIэ
хъугъэ, ау ы Къо емыдэIурэм мыкIодыжьын щыIэныгъэ ылъэгъущтэп,
Тхьэм игубж телъыщт нахь.

# Иуан 4

**Исус Самарие бзылъфыгъэм зэрэдэгущыIагъэр**

1Иуан игъогу рыкIохэрэм анахьи Исус игъогу рыкIохэрэр нахьыбэ хъухэу,
Исус ахэр зэриумэхъыщтыгъэхэм икъэбар фарисейхэм зэранэсыгъэр
Исус къышIагъ.

2(Ау ахэр зыумэхъыщтыгъэхэр Исус игъогу рыкIохэрэр арыгъэ, ежь Исус
арыгъэп.)

3А къэбарыр Исус зызэхехым, Иудей хэкум икIи, Галилей хэкум
кIожьыгъэ.

4Аущтэу Самарие хэкум пхырыкIын фаеу хъугъэ.

5Исус кIозэ, Самарие хэкум ит къалэу Сихар нэсыгъ; а къалэр Якъубэ
ыкъо Юсыф ритыгъэгъэ чIыгу Iахьым пэгъунэгъугъ.

6А чIыпIэм Якъубэ ипсынэ итыгъ. Исус гъогууанэм ыгъэпшъыгъэти,
псынэм дэжь тIысыгъэ. Сыхьатыр пшIыкIутIум дэжьыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

[7]Исус псынэм дэжь щысэу самарие бзылъфыгъэ горэ псыхьэ къэкӀуагъ. – Псы тӀэкӀу сегъашъу, – риӀуагъ Исус а бзылъфыгъэм.

[8]Джащыгъум Исус игъогу рыкӀохэрэр гъомылэ къащэфынэу къалэм кӀогъагъэх.

[9]– О уджурт, сэ сы самарие бзылъфыгъ, – къыриӀуагъ бзылъфыгъэм. – Сыдэущтэу псы уезгъэшъонэу укъысэлъэӀушъура? – (Аущтэу зыкӀиӀуагъэр джуртхэмрэ самарие цӀыфхэмрэ зэхахьэщтыгъэхэпти ары.)

[10]– Тхьэм итын зыфэдэри, «Псы тӀэкӀу сегъашъу» къыозыӀорэр хэтми зыщыщри пшӀэщтыгъэмэ, о ащ уелъэӀущтыгъ, ащи о щыӀэныгъэ къыозытыщт псым уригъашъощтыгъ, – пэгъокӀ ритыжьыгъ Исус.

[11]– Тхьэматэ, – къыриӀожьыгъ бзылъфыгъэм, – псынэр куу, о псы къызэрипхыни уиӀэп. Ащыгъум а псэу щыӀэныгъэ къысэзытыщтыр тыда къыздипхыщтыр?

[12]Тятэжъышхоу Якъуб ары мы псынэр къытфэзгъэнагъэр. Ежьыри ыкъохэри мы псым ешъощтыгъэх, ябылымхэри рагъашъощтыгъэх. Ащ нахьи унахь ина о?

[13]– Мы псым хэт ешъоми, псыфалӀэ лӀэжьыщт, – пэгъокӀ ритыжьыгъ Исус.

[14]– Ау сэ псэу естырэм ешъорэр ныбжьи псыфалӀэ лӀэжьыщтэп. Сэ псэу естырэр цӀыфым ыгу илъэу, псы лъэшэу къызэрычъ зэпытырэ псынэкӀэчъ фэхъужьыщт; а псыми мыкӀодыжьын щыӀэныгъэ иӀэ ыгъэхъущт.

[15]– Тхьэматэ, – къыриӀуагъ бзылъфыгъэм, – псыфалӀи сымылӀэжьынэу, псыхьи сыкъэмыкӀожьынэу а псым щыщ къысэт.

[16]– КӀуи, уилӀ къеджи, къэкӀожь, – риӀуагъ Исус.

[17]– Сэ лӀы сиӀэп, – къыриӀожьыгъ бзылъфыгъэм. – Тэрэз, – риӀуагъ Исус бзылъфыгъэм. – ЛӀы зэрэуимыӀэр шъыпкъэу къэпӀуагъ.

[18]ЛӀитф уиӀагъ, джы уиӀэри о уилӀэп. КъэпӀуагъэр шъыпкъэ.

[19]– Тхьэматэ, узэрэпегъымбар горэр къэсшӀагъ, – къыриӀожьыгъ бзылъфыгъэм.

[20]– Тэ тятэжъхэр мы Ӏуашъхьэм Тхьэм щелъэӀущтыгъэх, ау шъо, джуртхэм, шъоӀо Ерусалим арэу Тхьэм узыщелъэӀун фаер.

[21]– О бзылъфыгъ, – риӀуагъ Исус, – пшӀошъ гъэхъу, мы Ӏуашъхьэми Ерусалими Ты лъапӀэм шъуузыщемылъэӀун мафэ къэкӀощт.

[22]Шъо, самарие цӀыфхэм, Тхьэу шъуузэлъэӀурэр шъушӀэрэп, ау тэ Тхьэу тызэлъэӀурэр тэшӀэ, сыда пӀомэ, мы дунаим ицӀыфхэр мыкӀодхэу къэзгъэнэжьырэр джуртхэм ащыщ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)

23Исус етIанэ ыIуагъ: – Ты лъапIэм шъыпкъэу елъэIухэрэр агу етыгъэу,
шъыпкъагъэкIэ зыщелъэIурэ мафэр къэсыщт ыкIи къэсыгъ. Ащ фэдэу
елъэIухэрэр ары Ты лъапIэм икIасэхэр.

24Тхьэр псэ, ащ елъэIухэрэри Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ илъэкIыкIи
шъыпкъагъэкIи елъэIунхэ фае.

25– Мэссихьэу ХристоскIэ заджэхэрэр къызэрэкIощтыр сэшIэ, –
къырииIожьыгъ бзылъфыгъэм. – Ар къызыкIокIэ, Iоф пстэури
къыдгуригъэIощт.

26– А зыфапIорэр сэры, джы къыбдэгущыIэрэр ары, – риIуагъ Исус.

27Джащыгъум Исус игъогу рыкIохэрэр къэкIожьыгъэх. Исус бзылъфыгъэ
горэм дэгущыIэу залъэгъум, агъэшIэгъуагъ, ары шъхьакIэ «Сыда
узыфаер?» е «Сыда ащ узкIыдэгущыIэрэр?» ыIоу, ахэмэ ащыщ
къыIуагъэп.

28ЕтIанэ бзылъфыгъэм ипсы къошын къыгъани, къалэм кIожьи, цIыфхэм
ариIуагъ:

29– ШъукъакIу, модэ лIы горэм сэ сшIэгъэ пстэури къысиIожьыгъ.
Христосыр ары шъуIуа?

30Ахэр къалэм къыдэкIхи, Исус дэжь къэкIуагъэх.

31Ахэр джыри къэмысхэзэ, игъогу рыкIохэрэр Исус къелъэIугъэх: – Рабби,
шхэ.

32Ау Исус ариIуагъ: – Шъо шъумышIэрэ шхын сиI.

33Ащ къыхэкIэу игъогу рыкIохэрэм, «Зыгорэм шхын къыфихьыгъ
шъуIуа?» аIуи, зыр адрэм еупчIыжьыгъ.

34– Сэ сишхын сыкъэзгъэкIуагъэр зыфаер згъэцэкIэнри, ащ иIоф
сыухынри ары, – ариIуагъ Исус ахэмэ.

35– Джыри мэзиплIыкIэ хыныгъор къэсыщт, арыба шъуIорэр? Ау сэ
шъосэIо, шъунапIэхэр къэшъуIэтхи, губгъо хьасэхэм шъуяплъ!
Лэжьыгъэхэм ягъо къэхъуи, яхыныгъо къэсыгъ.

36Джы лэжьыгъэр къэзыхыжьырэм ифэшъошэ Iахь егъотыжьы,
мыкIодыжьын щыIэныгъэм пае лэжьыгъэр къехыжьы. Аущтэу чылапхъэр
зыпхъырэри лэжьыгъэр къэзыхыжьырэри зэдэгушIощтых.

37Аущтэу «Зым чылапхъэр епхъы, адрэм лэжьыгъэр къехыжьы»
зыфаIорэ гущыIэр шъыпкъэ мэхъу.

38Шъо шъуздэмыулэугъэ лэжьыгъэр къэшъухыжьынэу шъузгъэкIуагъ. А
лэжьыгъэм нэмыкIхэр дэулэугъэх, шъо ахэмэ яIоф шъухэхьагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

39 А къалэм дэсхэу самарие цӀыфыбэми ИсускӀэ шӀошъхъуныгъэ яӀэ хъугъэ, а бзылъфыгъэр Исус шыхьат фэхъоу, «Сэ сшӀэгъэ пстэури къысиӀуагъ» зэриӀуагъэм пае.

40 Аущтэу самарие цӀыфхэр Исус дэжь къызэкӀохэм, адэжь тӀэкӀурэ щыӀэнэу Исус къелъэӀугъэх. Исус ахэмэ адэжь мэфитӀукӀэ къэнагъ.

41 Исус игущыӀэхэр зызэхаххэм, ежьыркӀэ шӀошъхъуныгъэ зиӀэ хъугъэхэр нахьи нахьыбэ хъугъэх.

42 – Джы о къэпӀуагъэхэм язакъоп шӀошъхъуныгъэ тиӀэ зыгъэхъугъэхэр, – раӀуагъ ахэмэ бзылъфыгъэм. – Ау тэ ттхьакӀумэхэмкӀэ ежь къыӀохэрэр зэхэтхыгъ, дунаим ицӀыфхэр мыкӀодхэу къэзгъэнэжьырэри шъыпкъэмкӀэ зэрээжьырыр къэтшӀагъ.

**Исус пачъыхьэм фэлэжьэрэ Ӏэшъхьэтетым ыкъо зэригъэхъужьыгъэр**
(Маттэ 8:5-13; Лука 7:1-10)

43 А мэфитӀум ыуж Исус а чӀыпӀэм икӀи, Галилей хэкум кӀуагъэ;

44 сыда пӀомэ, пегъымбарым янэ икъалэ дэсхэм лъытэныгъэ зэрэфамышӀырэр ежь Исус къыушыхьатыгъагъ.

45 ЕтӀанэ Галилей хэкум Исус къызэкӀом, ащ ис цӀыфхэм къырагъэблэгъагъ, сыда пӀомэ, мэфэкӀ мэфэшхом ахэр Ерусалим щыӀагъэхэти, а мафэхэм Исус ащ дэжьым щишӀэгъэ пстэури алъэгъугъагъ.

46 Джаущтэу Галилей хэкум ит къуаджэу Канэ Исус джыри къэкӀожьыгъ. А къуаджэр ары псыр сэнэпс зыщишӀыгъагъэр. Пачъыхьэм фэлэжьэрэ Ӏэшъхьэтет горэ къалэу Капернаум дэсыгъ. Ащ ыкъо сымаджэу щылъыгъ.

47 Исус Иудеим къикӀи, Галилей къызэрэкӀуагъэр а Ӏэшъхьэтетым зызэхехым, Исус дэжь къэкӀуагъ. – КъыздакӀуи, скъо сымаджэу лӀэным нэсыгъэр сфэгъэхъужь, – къелъэӀугъ.

48 – Нэшэнэ гъэшӀэгъонхэмрэ Ӏофышхо гъэшӀэгъонхэмрэ шъумылъэгъухэмэ, шӀошъхъуныгъэ шъуиӀэ хъущтэп, – риӀуагъ Исус.

49 – Тхьэматэ, сэ скъо мылӀэзэ къакӀуи, ыдэжь ех, – къыриӀожьыгъ пачъыхьэм фэлажьэрэ Ӏэшъхьэтетым Исус.

50 – КӀожь, пкъо псэущт, – риӀуагъ Исус. Исус риӀогъэ гущыӀэхэр а лӀым ышӀошъ хъуи, кӀожьыгъэ.

51 Ӏэшъхьэтетыр гъогум тетызэ, иунэӀутхэр къыпэгъокӀыхи, къыраӀуагъ: – Пкъо псау.

52 – Сыхьатыр тхьапшыхэм адэжь хъужьынэу къызиублагъэр? – яупчӀыгъ Ӏэшъхьэтетыр. – Тыгъуасэ щэджэгъоужым сыхьатыр зым дэжь плъырстырыр хэкӀыжьыгъ, – къыраӀожьыгъ ахэмэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

53Ар къызаIом, кIалэм ятэ къышIагъ плъыр-стырыр ыкъо
зыщыхэкIыжьыгъэ уахътэр «Пкъо псэущт» Исус къызщыриIогъэгъэ
сыхьат дэдэм зэрэтефагъэр. Джащыгъум Iэшъхьэтетыми зэкIэ иунагъуи
шIошъхъуныгъэ яIэ хъугъэ.

54Исус Иудеим къикIи, Галилей къызэкIом, джары ятIонэрэ нэшэнэ
гъэшIэгъонэу къыгъэлъэгъуагъэр.

## Иуан 5

**Псыхъурэе зыгъэпскIыпIэм дэжь Исус лIы горэ зэрэщигъэхъужьыгъэр**

1Ащ нэужым джурт мэфэкI мэфэшхо щыIагъ, Исуси Ерусалим къэкIуагъ.

2Ерусалим Мэл Къэлапчъ зыцIэм дэжь псыхъурэе зыгъэпскIыпIэ горэ,
джуртыбзэкIэ Бет-Хьазд ыцIэу, дэт. Шъхьэ зытелъ пкъэу къэлэпчъитф а
зыгъэпскIыпIэм иI.

3А чIыпIэм сымэджэ Iаджи чIэлъыгъ, нэшъуи, лъащи, зыIэпкъ-лъэпкъ
узым зэкIиубытагъи. Ахэр псым зыкъыгъэхъыеным ежэщтыгъэх;

4сыда пIомэ, Зиусхьаным имэлэIич загъорэ а зыгъэпскIыпIэм хахьэти,
псыр къыгъэхъыещтыгъ. Псыр къызыхъыекIэ, апэу ащ хэхьагъэр сыд уз
иIэми хъужьыщтыгъ.

5Илъэс щэкIырэ ирэ сымэджэгъэ лIы горэ а сымаджэхэм ахэлъыгъ.

6Исус ар щылъэу зелъэгъум, бэ шIагъэу зэрэсымаджэр ешIэти, еупчIыгъ:
– Ухъужьынэу уфая?

7– Тхьэматэ, – къыриIожьыгъ сымаджэм, – псыр зыхъыекIэ,
зыгъэпскIыпIэм сыхэзгъэхьан гъусэ сиIэп. Сэ сыкIо къэс, сапэ нэмыкI горэ
псым хэхьэ.

8– Къэтэдж, уипIуаблэ къашти, къэкIухь, – риIуагъ Исус.

9Исус ар къызэреIоу, а лIыр хъужьыгъэ. ИпIуаблэ къыштэжьи,
къыкIухьагъ. Ар зыхъугъэр шэмбэт мэфагъ.

10Арыти, джуртмэ а лIэу хъужьыгъэм раIуагъ: – Непэ шэмбэт маф,
хабзэкIэ уипIуаблэ пштэжьы хъущтэп.

11– Сэ сызгъэхъужьыгъэм «УипIуаблэ къашти, къэкIухь» къысиIуагъ, –
къариIожьыгъ а лIым.

12– «УипIуаблэ къашти, къэкIухь» къыозыIуагъэр хэт щыщ? – еупчIыгъэх
ахэр.

13Ау лIэу хъужьыгъэм зыгъэхъужьыгъэр зыщыщыр ышIэщтыгъэп; сыда
пIомэ, а чIыпIэм цIыф купышхо щыIагъэти, Исус IукIыжьыгъэхагъ.

14Ащ нэужым Исус а лIым Тхьэм иунэшхо щыIукIи, риIуагъ: – Джы дэгъоу
ухъужьыгъ. Нахь Iае къыомыхъулIэным пае, псэкIод умышIэжь.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

15А лIыр IукIыжьи, джуртмэ адэжь кIуи, зыгъэхъужьыгъэр зэрэ Исусыр
ариIотэжьыгъ.

16Шэмбэт мафэм ащ фэдэ Iофхэр зэришIэхэрэм пае, джуртхэм Исус къин
рагъэщэчэу аублагъ, аукIынэуи ыуж ихьагъэх.

17– Джы къызнэсыгъэм ся Тэ Iоф ешIэ, сэри Iоф сэшIэ, – ариIуагъ Исус
ахэмэ.

18Ащ пае джуртхэм Исус аукIынэу нахьи нахь лъэшэу ыуж итыгъэх. ЫIуж
зыкIитыгъэхэр шэмбэт мафэм яхабзэкIэ мыхъуштыр Исус зэришIагъэм
имызакъоу, Тхьэм зыфигъадэу, Тхьэр ежь я Тэу зэриIуагъэри ары.

**Къо лъапIэм иIэ тетыгъор**

19– Шъыпкъэ дэдэр шъосэIо, – ариIуагъ Исус ахэмэ, – ежь-ежьырэу Къо
лъапIэм зи ыгъэцэкIэн ылъэкIыщтэп; Ты лъапIэм ыгъэцакIэу ылъэгъурэм
нэмыкI зи ыгъэцэкIэн ылъэкIыщтэп. Ты лъапIэм сыд ыгъэцакIэми, ы Къуи
ар егъэцакIэ.

20Сыда пIомэ, Ты лъапIэм ежь ы Къо шIу елъэгъу. Ежь ыгъэцакIэрэ
пстэури ы Къо къырегъэлъэгъу, жъугъэшIэгъоным паий, мы Iофхэм
анахьи нахь Iофышхохэр ы Къо ригъэлъэгъущтых.

21Аущтэу лIагъэхэр Ты лъапIэм къыгъэтэджыжьхэзэ
къызэригъэпсэужьхэрэм фэдэу, ы Къуи ежь зыфэе цIыфхэр
къегъэпсэужьых.

22Ты лъапIэм зыми хьыкум тыришIыхьэрэп, ау хьыкум шIын Iоф пстэури
ы Къо къыфигъэзагъ,

23цIыф пстэуми Ты лъапIэм лъытэныгъэ зэрэфашIырэм фэдэу, ы Къуи
лъытэныгъэ фашIыным пае. Ы Къо лъытэныгъэ фэзымышIырэм Ты
лъапIэу ар къэзгъэкIуагъэми лъытэныгъэ фимышIэу мэхъу.

24– Шъыпкъэ дэдэр шъосэIо, сэ сигущыIэхэм ядэIоу, сыкъэзгъэкIуагъэмкIэ
шIошъхъуныгъэ зиIэ хъурэм мыкIодыжьын щыIэныгъэ иIэ хъугъэ. Тхьэм
ар ыгъэмысэщтэп, ау ар лIэныгъэм IэкIэкIыжьи, щыIэныгъэм IэкIэхьагъ.

25Шъыпкъэ дэдэр шъосэIо, лIагъэмэ Тхьэм ы Къо ымакъэ зэхахынышъ,
ежь едэIухэрэм щыIэныгъэ зыщагъотыщт мафэр къэкIощт ыкIи
къэкIогъах.

26Сыда пIомэ, Ты лъапIэм цIыфхэм щыIэныгъэ зэраритырэм фэдэу, ежь
ы Къуи цIыфхэм щыIэныгъэ аритынэу тетыгъо къыритыгъ.

27Сэ ЦIыф Лъэпкъым сызэры Къом пае, цIыфхэм хьыкум атесшIыхьанэу
Ты лъапIэм тетыгъо къыситыгъ.

28– Ар шъумыгъэшIагъо, сыда пIомэ, къэхэм ачIэлъ пстэуми Тхьэм ы Къо
ымакъэ зэхахынышъ, къэхэм къазщычIэкIыжьыщт мафэр къэкIощт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

29Шlу зышlагъэхэр псэунхэу къэтэджыжьыщтых, ер зышlагъэхэри ямысагъэ фэшъуашэр агъотыжьынэу къэтэджыжьыщтых.

30Сэр-сэрэу зи сшlэн слъэкlыщтэп, ау Тхьэм къыlоу зэрэзэхэсхырэм фэдэу, цlыфмэ хьыкум атесэшlыхьэ; хьыкумэу сэ атесшlыхьэрэри зафэ, сыда пlомэ, сэ сызыфаем ыуж симытэу, сэ сыкъэзгъэкlуагъэр зыфаер згъэцэкlэным ыуж сит.

**Исус шыхьат фэхъухэрэр**

31– Сэр-сэрэу шыхьат сызфэхъужьмэ, сишыхьатныгъэ хъущтэп,

32ау нэмыкl горэ шыхьат къысфэхъунэу щыl. Ащ сэ къысэхьылlагъэу къыушыхьатырэр зэрэшъыпкъэр сэшlэ.

33– Шъо лlыкlохэр Иуан фэжъугъэкlуагъэх, ежьыри шъыпкъэм шыхьат фэхъугъ.

34Цlыф горэ шыхьат къысфэхъунэу сищыкlагъэп, ау шъо шъумыкlодэу Тхьэм шъукъыгъэнэжьыным пае, ар къэсэlо.

35Иуан остыгъэу къэнэфырэм фэдагъ. Ащ инэфынэ тlэкlурэ шъукlэгушlунэу шъуфэягъ.

36– Иуан шыхьатэу къысфишlыгъэм нахьи нахь шыхьатышхо сиl. Сэ згъэцэкlэн фэе lофхэу Ты лъапlэм спшъэ къырилъхьагъэхэр сэгъэцакlэх. А lофхэр ары Ты лъапlэм сыкъызэригъэкlуагъэмкlэ шыхьат къысфэхъухэрэр.

37Ты лъапlэу сыкъэзгъэкlуагъэр ежь ышъхьэкlэ шыхьат къысфэхъугъ. Ащ ымакъэ егъашlэми зэхэшъухыгъэп, ынапи шъулъэгъугъэп.

38Ащ сыкъызэригъэкlуагъэмкlэ шlошъхъуныгъэ зэрэшъуимыlэм пае, ащ игущыlэхэр шъугухэм арылъ зэпытхэп.

39Тхьэм игущыlэ тхыгъэхэм мыкlодыжьын щыlэныгъэ ахэжъугъотэн шъушlошlэу, лъэшэу шъуахэплъэ. Ахэр ары шыхьат къысфэхъухэрэр.

40Ау щытми, а щыlэныгъэр шъуиlэ хъуным пае, садэжь шъукъэкlонэу шъуфаеп.

41– Цlыфхэр къысщытхъунхэм ыуж ситэп.

42Ау шъо шъусэшlэ: Тхьэм ишlулъэгъу шъо шъугухэм арылъэп.

43Сэ ся Тэ ыцlэкlэ сыкъэкlуагъ, ау шъо сышъуштэрэп; ау нэмыкl горэ ежь ыцlэкlэ къакlомэ, ар шъуштэщт.

44Тхьэ закъом дэжь къикlырэ щытхъум ыуж шъуимытэу, зыр адрэм щэтхъужьмэ, сыдэущтэу шlошъхъуныгъэ шъуиlэ хъуна?

45– Ты лъапlэм ыпашъхьэ шъуищызгъэмысэнкlэ шъумыгугъ. Шъо шъуzгъэмысэщтыр пегъымбар Мусэу шъуzыщыгугъырэр ары.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

46Мусэкlэ шlошъхъуныгъэ шъуиlагъэмэ, сэркlи шlошъхъуныгъэ
шъуиlэщтыгъ, сыда пlомэ, Мусэ зигугъу ышlыгъэр сэры.

47Ащ ытхыгъэхэр шъушlошъ зымыхъукlэ, сэ сlохэрэр сыдэущтэу
шъушlошъ хъуных?

## Иуан 6

### Исус нэбгырэ минитф зэригъэшхагъэр
(Маттэ 14:13-21; Марк 6:30-44; Лука 9:10-17)

1Ащ нэуж Галилей псыхъураем (Тибериадэ зэраlорэ псыхъураер ары)
Исус къуашъомкlэ зэпырыкlыжьыгъ.

2Сымаджэхэр ыгъэхъужьхэзэ, нэшэнэ гъэшlэгъонхэу Исус
къыгъэлъэгъуагъэхэр зэралъэгъугъэхэм пае, цlыф купышхо ыуж итэу
кlощтыгъ.

3Исус lуашъхьэм дэкlоягъ, ащ тетlысхьагъ, игъогу рыкlохэрэр игъусэхэу.

4Джуртмэ ямэфэкl мэфэшхоу lутыжъ зыцlэр къэблэгъэщтыгъ.

5Исус ынапlэхэр къыlэти, цlыфыбэхэр ыдэжь къакlохэу зелъэгъум, игъогу
рыкlохэрэм ащыщэу Филипп зыцlэм риlуагъ: – Мы цlыфхэм ядгъэшхынэу
хьалыгъу тыдэ къыщытщэфыщта?

6Исус ар зыкlиlуагъэр Филипп ыгъэунэфынэу ары; сыда пlомэ, ежь ышlэн
фаер ышlэщтыгъ.

7– Хэти тlэкlу ышхынэу динар шъитlур хьалыгъу уасэ икъущтэп, – пэгъокl
ритыжьыгъ Филипп.

8Исус игъогу рыкlохэрэм ащыщэу Симон Петрэ ышэу Индрыс къыlуагъ:

9– Хьэ хьалыгъуитфырэ пцэжъыитlурэ зыlыгъ кlэлэцlыкlу къытхэт, ау
мыщ фэдиз цlыфмэ ар сыдэущтэу афикъуна?

10– Цlыфхэр ежъугъэтlысэхых, – къыlуагъ Исус. А чlыпlэр уц къэшхъуагъ.
Етlысэхыгъэ хъулъфыгъэхэр минитф фэдиз хъущтыгъэх.

11Етlанэ Исус хьалыгъухэр къыштэхи, Тхьэм щытхъу фишlи, игъогу
рыкlохэрэм аритыгъ. Ахэми цlыфхэу щысхэм афагощыгъ, пцэжъыехэми
ащыщэу хэти зыфаем фэдиз ратыгъ.

12Зызагъэшхэкlыхэм, Исус игъогу рыкlохэрэм ариlуагъ: – Зи
хэмыкlодэжьыным пае, къялыжьыгъэ хьалыгъу такъырхэр
шъуугъоижьых.

13Аущтэу хьэ хьалыгъуитфым щыщэу шхагъэмэ къялыжьыгъэ такъырхэр
мэтэ пшlыкlутlумэ арызэу аугъоижьыгъ.

14Нэшэнэ гъэшlэгъонхэу Исус къыгъэлъэгъуагъэр цlыфмэ залъэгъум,
аlуагъ: – Дунаим къэкlон фэе пегъымбарыр шъыпкъэу мырын фаеба?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

15Ау цIыфхэр къэкIонхэшъ, ежь аубытынышъ, лIыгъэкIэ пачъыхьэ
ашIынэу агу зэрэхэлъыр Исус ешIэти, IукIыжьи, изакъоу Iуашъхьэм
дэкIоежьыгъ.

### Исус псы кIыIум тетэу зэрэкIуагъэр

(Маттэ 14:22-27; Марк 6:45-52)

16Пчыхьэр къызэсым, Исус игъогу рыкIохэрэр псыIушъомкIэ ехыгъэх.

17Ащ дэжьым къуашъом итIысхьэхи, псыхъураем зэпырыкIхэу
КапернаумкIэ ежьагъэх. Мэзахэ хъугъэхагъ, ау Исус ахэмэ адэжь джыри
къэкIожьыгъагъэгоп.

18Псыхъураер ыгъэуалъэу жьыбгъэшхо къепщэщтыгъ.

19Стадие тIокIырэ тфырэ-щэкI фэдиз къуашъор зафым ыуж, псы кIыIум
тетэу Исус къакIоу, къуашъом пэгъунэгъу къэхъоу алъэгъугъ. Ар
залъэгъум, къэщтагъэх.

20Ау Исус къариIуагъ: – Сэры ар, шъумыщын!

21Джащыгъум Исус къуашъом къырагъэтIысхьанэу фэягъэх, ардэдэми
къуашъор зыдэкIощтыгъэ псыIушъом нэсыгъ.

### Исус – цIыфхэм щыIэныгъэ языттырэ хьалыгъу

22ЯтIонэрэ мафэм цIыф купышхоу псыхъураем иадрабгъу щытхэм Исус
игъогу рыкIохэрэр зэрытIысхьэгъэгъэ къуашъом нэмыкI къуашъо горэ ащ
дэжьым зэрэIумытыгъэм гу лъатагъ. Исус а къуашъом игъогу рыкIохэрэм
адимытIысхьэгъагъэу, язакъоу ахэр зэрэIукIыгъагъэхэми гу лъатагъ.

23ЕтIанэ Зиусхьан Исус Тхьэм щытхъу зыфешIым ыуж, цIыфмэ
хьалыгъухэр зыщашхыгъэгъэ чIыпIэм пэгъунэгъоу, къалэу
ТибериадэкъикIыгъэхэу, нэмыкIрэ къуашъохэр къыIухьагъэх.

24А цIыф купышхом Исуси игъогу рыкIохэри а чIыпIэм щымыIэжьхэу
залъэгъум, ежьхэр къуашъохэм арытIысхьэхи, Исус лъыхъухэу къалэу
Капернаум кIуагъэх.

25Исус псыхъураем иадрабгъу щыIэу къызагъотым, къыраIуагъ: – Рабби,
сыдигъо мыщ укъэкIуагъа?

26– Шъыпкъэ дэдэр шъосэIо, – ариIуагъ Исус ахэмэ, – шъо нэшэнэ
гъэшIэгъонхэр зэрэшъулъэгъугъэхэр арэп шъукъызкIыслъыхъурэр,
хьалыгъухэм ащыщ шъушхи, зыжъугъэшхэкIыгъэти ары нахь.

27Шхынэу кIодырэм ыуж шъуимыт, шхынэу мыкIодэу цIыфмэ
мыкIодыжьын щыIэныгъэ яIэ зыгъэхъурэм ыуж шъуит нахь. А шхыныр
ары ЦIыф Лъэпкъым ы Къо къышъуитыщтыр; сыда пIомэ, Тхьэу Ты
лъапIэм ЦIыф Лъэпкъым ы Къо зэриштэрэм имыхъур къытырилъхьагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

28Джащыгъум Исус къеупчӏыгъэх: – Адэ, Тхьэр зыфэе Iофхэр
дгъэцэкӏэнхэм пае, тэ сыда тшӏэн фаер?

29– Тхьэм къыгъэкӏуагъэмкӏэ шӏошъхъуныгъэ шъуиӏэныр ары Тхьэр
зыфэе Iофыр, – ариӏуагъ Исус ахэмэ.

30– Сыд фэдэ нэшэнэ гъэшӏэгъон тэбгъэлъэгъуна, ар тлъэгъоу, оркӏэ
шӏошъхъуныгъэ тиӏэным пае? Сыда пшӏэщтыр? – къыраIожьыгъ ахэмэ.

31– Тятэжъхэм шъоф нэкӏым мэнн зыцӏэ шхыныр щашхыщтыгъ, Тхьэм
игущыӏэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, «Уашъом къикӏырэ хьалыгъу
ашхынэу Тхьэм къаритыгъ».

32– Шъыпкъэ дэдэр шъосэӏо, – ариӏуагъ Исус, – пегъымбар Мусэр арэп
уашъом къикӏырэ хьалыгъур къышъозытыгъагъэр, сэ ся Тэ ары уашъом
къикӏырэ хьалыгъу шъыпкъэр къышъозытырэр;

33сыда пӏомэ, уашъом къехэу, дунаим ицӏыфмэ щыӏэныгъэ къязытырэр
ары Тхьэм ихьалыгъу.

34– А хьалыгъур къытэт зэпыт, тхьэматэ, – къыраӏуагъ ахэмэ.

35– Цӏыфмэ щыӏэныгъэ язытырэ хьалыгъур сэры, – ариӏуагъ Исус. –
Садэжь къакӏорэр мэлакӏэ лӏэжьыщтэп, сэркӏэ шӏошъхъуныгъэ зиӏэр
егъашӏэми псыфалӏи лӏэжьыщтэп.

36Ау къызэрэшъосӏуагъэм фэдэу, сэ сышъулъэгъугъэ пэтми,
шӏошъхъуныгъэ шъуиӏэ хъурэп.

37Ты лъапӏэм къыситырэ цӏыф пстэухэри садэжь къэкӏощтых, хэт щыщми
садэжь къакӏорэри Iузгъэкӏыжьыщтэп.

38Сыда пӏомэ, сэ сызыфаер згъэцэкӏэнэу арэп уашъом сыкъызфехыгъэр,
сыкъэзгъэкӏуагъэр зыфаер згъэцэкӏэныр ары нахь.

39Сэ ся Тэу сыкъэзгъэкӏуагъэр зыфаер ежь цӏыфэу къыситыгъэхэм
ащыщэу зи мыкӏодынэу ары, ахърэт мафэми а цӏыфыр
къэзгъэтэджыжьыныр ары.

40Шъыпкъэ, хэт щыщми Къо лъапӏэр зылъэгъоу, ежьыркӏэ
шӏошъхъуныгъэ зиӏэм мыкӏодыжьын щыӏэныгъэ иӏэ зэрэхъущтыр ары ся
Тэ зыфаер; ахърэт мафэми а цӏыфыр къэзгъэтэджыжьыщт.

41«Уашъом къехыгъэ хьалыгъур сэры» Исус зэриӏуагъэм пае, джуртхэм
ар агу римыхьэу,

42аӏуагъ: – Юсыф ыкъоу Исус арыба мыр? Ятэрэ янэрэ тэшӏэ. «Уашъом
сыкъехыгъ» ыӏоу, сыдэущтэу къыӏон ылъэкӏыра?

43– Сэ къэсӏуагъэм сыда шъугу зыкӏемыӏурэр? – ариӏуагъ Исус.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)

44– Ты лъапӏэу сыкъэзгъэкӏуагъэм къысфимыщэмэ, зы цӏыфи садэжь къэкӏон
ылъэкӏыщтэп. Садэжь къакӏорэри ахърэт мафэм
къэзгъэтэджыжьыщт.

45Пегъымбархэм моущтэу атхыгъ: «Тхьэм зэкӏэмэ ахэмэ шъыпкъэр
аригъэшӏэщт». Хэт щыщми Ты лъапӏэм къыӏохэрэм ядэӏоу, ахэр
зэзгъашӏэрэр садэжь къэкӏощт.

46Тхьэм щыщ Исус нэмыкӏ Ты Лъапӏэр зыми ылъэгъугъэп. Ежьыр ары Ты
лъапӏэр зылъэгъугъэр.

47Шъыпкъэ дэдэр шъосэӏо, сэркӏэ шӏошъхъуныгъэ зиӏэ хъурэм
мыкӏодыжьын щыӏэныгъэ иӏэ хъугъэ.

48Цӏыфмэ щыӏэныгъэ язытырэ хьалыгъур сэры.

49Шъуятэжъхэм шъоф нэкӏым мэнн гъомылыр щащхыщтыгъ, ау щытми
лӏагъэх.

50Ау уашъом къехыгъэ хьалыгъур мары. Зыгорэм ар ышхымэ,
лӏэжьыщтэп.

51Цӏыфмэ щыӏэныгъэ язытырэ хьалыгъоу уашъом къехыгъэр сэры. А
хьалыгъум щыщ зышхырэр егъашӏэми щыӏэщт. Дунаим ицӏыфхэм
щыӏэныгъэ яӏэ згъэхъуным пае, хьалыгъоу стыщтыр сэ спкъы ары.

52– Мы лӏым ыпкъ сыдэущтэу тигъэшхын ылъэкӏыщт? – аӏуи, джуртхэм
лъэшэу зэнэкъокъухэу аублагъ.

53– Шъыпкъэ дэдэр шъосэӏо, – ариӏуагъ Исус ахэмэ, – Цӏыф Лъэпкъым ы
Къо ыпкъ шъумышхэу, ылъи шъуемышъомэ, щыӏэныгъэ шъухэлъыщтэп.

54Сэ спкъы зышхэу, слъи ешъорэм мыкӏодыжьын щыӏэныгъэ иӏэ хъугъэ,
ахърэт мафэми сэ ар къэзгъэтэджыжьыщт.

55Сыда пӏомэ, сэ спкъы шхын шъыпкъ, сэ слъи шъон шъыпкъэшъ ары.

56Сэ спкъы зышхэу, слъи ешъорэм ыгу силъ зэпытыщт, ежьыри сыгу илъ
зэпытыщт.

57Щыӏэныгъэ шъыпкъэ къыздикӏырэ Ты лъапӏэм сыкъыгъакӏуи,
ищыӏэныгъэ ежь дэжь къызэрикӏырэм фэдэу, сэ спкъы зышхырэм
ищыӏэныгъэ садэжь къикӏыщт.

58Мыры уашъом къехыгъэ хьалыгъур. А хьалыгъур шъуятэжъхэм
ашхыщтыгъэ мэнн гъомылэм фэдэп. Ар ашхыщтыгъэми, лӏагъэх, ау мы
хьалыгъур зышхырэр егъашӏэми щыӏэщт.

59Исус къалэу Капернаум дэт синэгогум чӏэтэу, цӏыфхэм Тхьэм
игущыӏэхэр аригъашӏэхэ зэхъум, а гущыӏэхэр къыӏуагъ.

**Цӏыфхэм мыкӏодыжьын щыӏэныгъэ яӏэ зыгъэхъурэ гущыӏэхэр**

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

60Исус къыIуагъэхэр зызэхаххэм, игъогу рыкIохэрэм ащыщхэу бэмэ къаIуагъ: – Мыщ къыIохэрэр сыдэу гущыIэ къинха! Хэт ахэмэ ядэIун зылъэкIырэр?

61Исус къыIуагъэхэм ахэмэ агухэр зэремыIухэрэр ыгукIэ ешIэти, ариIуагъ: – Сэ къэсIуагъэхэр шъугу рихьырэп, ара?

62Ау ЦIыф Лъэпкъым ы Къо ыпэкIэ зыдэщыIагъэм дэкIоежьэу шъулъэгъумэ, сыда етIанэ шъуIощтыр?

63Тхьэм ы Псэ ЛъапI ары цIыфхэм мыкIодыжьын щыIэныгъэ къязытырэр. Сэ спкъы шъозгъэшхынэу арэп зыфасIорэр. Ащ ишIуагъэ къакIорэп. ГущыIэхэу къышъосIуагъэхэм Тхьэм ы Псэ ЛъапIи мыкIодыжьын щыIэныгъи шъуиIэхэ къашIы.

64Ау шIошъхъуныгъэ зимыIэхэр къышъухэтых. Исус аущтэу зыкIиIуагъэр ахэмэ ащыщхэу шIошъхъуныгъэ зимыIэхэри, тетыгъо зиIэхэм ежь язгъэубытыщтри апэм щегъэжьагъэу ышIэщтыгъэти ары.

65ЕтIани Исус къыпигъэхъожьыгъ: – Джары, «Ты лъапIэм римыгъэлъэкIмэ, зы цIыфи садэжь къэкIон ылъэкIыщтэп» зыкIэсIуагъэр.

66Ащ щегъэжьагъэу Исус игъогу рыкIохэрэм ащыщхэу бэхэр игъогу текIыжьхи, гокIыжьыгъэх.

67Аущтэу зэхъум, Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIумэ ариIуагъ: – Шъори шъузбгъодэкIыжьынэу шъуфая?

68– Зиусхьан, хэт дэжь тыкIона, адэ? – къыриIуагъ Симон Петрэ Исус. – МыкIодыжьын щыIэныгъэ тиIэ зыгъэхъурэ гущыIэхэр о уиIэх,

69Христосэу щыIэныгъэ шъыпкъэ къыздикIырэ Тхьэм узэры Къор тшIошъ хъугъэ ыкIи тшIагъэ.

70– Шъо пшIыкIутIур, сигъогу шъукъырыкIонэу шъукъыхэсхыгъэба? Ау щытми, шъуащыщэу зыр джынапцI, – ариIуагъ Исус ахэмэ.

71Исус зыфиIуагъэр Симон Искариот ыкъоу Иудэ ары. Ар Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIумэ ащыщыгъэми, нэужым Исус тетыгъо зиIэхэм язгъэубытыщтыр ары.

## Иуан 7

### Исус ышхэм яшIошъмыхъуныгъ

1Ащ нэужым Исус Галилей хэкум къыщикIухьэщтыгъ. Ежь аукIынэу джуртхэр ыуж итыгъэхэти, Иудей хэкум къыщикIухьанэу фэягъэп.

2Джурт мэфэкI мэфэшхохэу цIыфхэр чэлхэм зыщачIэсхэрэр къэблэгъагъэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

3Арыти, ышхэм Исус къыраlуагъ: – lофышхо гъэшlэгъонхэу пшlэхэрэр уигъогу рыкlохэрэм алъэгъунхэм пае, мыщ дэжьым lукlыжьи, Иудей хэкум кlожь.

4Цlыфхэм зязгъэшlэнэу фаем шъэфэу lоф ышlэрэп. Мы lофышхо гъэшlэгъонхэр огъэцакlэхэмэ, дунаим ицlыфхэм зягъэлъэгъу.

5Сыда пlомэ, ыш дэдэхэми Исускlэ шlошъхъуныгъэ яlагъэп.

6Арыти, Исус ахэмэ ариlуагъ: – Шъоркlэ сыдигъуи игъу, ау сэ сигъо къэсыгъэгоп.

7Дунаим ицlыфхэм шъо шъуаужжэгъун алъэкlыщтэп, ау сэ сауджэгъу. Ахэмэ lофхэу ашlэхэрэр зэрэбзаджэхэмкlэ сэ шыхьат сызэрэхъурэр ары сызкlауджэгъурэр.

8Шъо мэфэкl мэфэшхохэм апае Ерусалим шъукlу. Сэ а мафэхэм апае сыкlощтыгоп, сыда пlомэ, сигъо къэсыгъэгопышъ ары.

9Исус аущтэу ариlуи, Галилей хэкум къинагъ.

**Мэфэкl мэфэшхохэр ыгъэмэфэкlэнхэм пае, Исус Ерусалим зэрэкlуагъэр**

10Ау мэфэкl мэфэшхохэр агъэмэфэкlынхэу Исус ышхэр зэкlохэм ыуж, Исуси кlуагъэ, ау цlыфмэ амышlэу, къамылъэгъоу.

11А мэфэкl мэфэшхохэм джуртхэр, «Исус тыдэ щыlа?» аlозэ, лъыхъущтыгъэх.

12Цlыф купышхохэм Исус игугъу бэрэ ашlэу зэlушъашъэщтыгъэх. Ахэмэ ащыщхэм аlощтыгъ: – Ар цlыф дэгъу. – Хьау, ар цlыф дэгъоп, цlыфхэр гъогу занкlэм тырещых, – аlощтыгъ адрэхэм.

13Ау джуртхэм зэращыщынэщтыгъэхэм пае, цlыфмэ апашъхьэ зыми Исус игугъу щишlыщтыгъэп.

14А мэфэкl мэфэшхохэм азыныкъо зыблэкlым, Исус Тхьэм иунэшхо чlахьи, цlыфхэм Тхьэм игущыlэхэр аригъашlэхэу ыублагъ.

15– Мы лlыр емыджагъэу, мыщ фэдиз шlэныгъэ тыдэ къырихыгъа? – агъэшlагъозэ, аlуагъ джуртхэм.

16– Цlыфхэм язгъашlэрэ гущыlэхэр садэжь къикlыхэрэп, сэ сыкъэзгъэкlуагъэм дэжь къекlыхэ нахь.

17Тхьэр зыфаер зыгъэцэкlэнэу фаем гущыlэхэу сэ цlыфхэм язгъашlэхэрэр Тхьэм дэжь къикlыхэми, сэ садэжь къикlыхэми ышlэщт.

18Ежь ыцlэкlэ къэгущыlэрэр ежь ышъхьэ ищытхъу ыуж ит, ау къэзгъэкlуагъэм ищытхъу ыуж итым шъыпкъагъэ иl, мышъыпкъагъи хэлъэп.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

19Пегъымбар Мусэ Тэурат хабзэр къышъуфигъэнагъэба? Ау щытми, Тэурат хабзэм итхэр зыгъэцакӀэрэ цӀыф къышъухэтэп. Сыда сышъуукӀынэу сауж шъузкӀитыр? – ариӀуагъ Исус ахэмэ.

20– ДжынапцӀэ о пхэс, – къаӀожьыгъ цӀыфхэм. – Хэта о узыукӀынэу уауж итыр?

21– Ӏофышхо гъэшӀэгъон закъо шэмбэт мафэм зэрэсшӀагъэм пае, шъо зэкӀэми шъогъэшӀагъо, – ариӀожьыгъ Исус ахэмэ.

22– Шъуеплъ, пегъымбар Мусэ сунэт шӀыныр хабзэу къышъуфигъэнагъэшъ, (ау, шъыпкъэмкӀэ, сунэт шӀыныр зыдэжь къикӀыгъэр Мусэп, тятэжъыышхохэр ары нахь), шъо шэмбэт мэфэ дэдэми цӀыфыр сунэт шъошӀыба?

23Джы, пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ ит унашъоу сунэт шӀыным ехьылӀагъэм шъуемыдэӀоу шъумыхъуным пае, шэмбэт мэфэ дэдэми цӀыфыр сунэт шъушӀын шъуфит. Аущтэу зыхъукӀэ, сыд пае шъукъысфэгубжыра, лӀы горэ шэмбэт мафэм зэрэзгъэхъужьыгъапэм пае?

24Теплъэу иӀэм шъуеплъэу хьыкум шъумышӀы, ау шъыпкъэм тетэу хьыкум шъушӀы.

### Исус шъуӀуа Христосыр?

25Джащыгъум Ерусалим щыщ цӀыфхэм ащыщхэм аӀуагъ: – АукӀынэу зыуж итхэр мырба?

26Шъуеплъ, цӀыф пстэуми апашъхьэ къызэрэщыгущыӀэрэм, ау щытми зи раӀорэп. Тэ титхьэматэхэм ар зэрэ Христосыр зэрагъэшӀагъэ шъуӀуа?

27Тэ мыр зыщыщыр тэшӀэ. Ау Христос къызыкӀокӀэ, зыщыщыр зыми ышӀэщтэп.

28Джащыгъум Исус Тхьэм иунэшхо чӀэтэу, цӀыфхэм Тхьэм игущыӀэхэр аригъашӀэхэзэ, мэкъэшхокӀэ къыӀуагъ: – Сэ сышъошӀэ, сызыщыщыри шъошӀэ. Сэр-сэрэу мыщ дэжьым сыкъэкӀуагъэп, сэ сыкъэзгъэкӀуагъэм шъыпкъагъэ иӀ. Ар шъо шъушӀэрэп,

29ау сэ ар сэшӀэ, сыда пӀомэ, сэ ащ сыщыщ, ежьыр ары сыкъэзгъэкӀуагъэри.

30Исус ар къызеӀом, аубытынэу фежьагъэх, ау зыщаубытыщтым игъо къэсыгъэгопти, цӀыф зи ӀэкӀэ нэсыгъэп.

31Ау цӀыф купышхом щыщхэу бэмэ ежьыркӀэ шӀошъхъуныгъэ яӀэ хъугъэ. – Мы лӀым нахьи нахьыбэу нэшэнэ гъэшӀэгъонхэр, Христос къызыкӀокӀэ къыгъэлъэгъошъун шъуӀуа? – аӀощтыгъ ахэмэ.

### Фарисейхэмрэ дин пэщэшхохэмрэ Исус аубытынэу Ӏофтабгэхэр зэрагъэкӀуагъэхэр

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

32Цlыф купышхор ащ фэдэу Исус ехьылlагъэу lушъашъэхэу фарисейхэм
зызэхахым, ахэмрэ дин пэщэшхохэмрэ Исус арагъэубытынэу
lофтабгэхэр агъэкlуагъэх.

33Ау Исус къыlуагъ: – Сэ тlэкlурэ сышъухэтыщт, етlанэ сыкъэзгъэкlуагъэм
дэжь сыкlожьыщт.

34Шъукъыслъыхъужьыщт, ау сыкъэжъугъотыжьыщтэп, сыздэщыlэми
шъукъэкlон шъулъэкlыщтэп.

35– Тыда ар дгъотын тымылъэкlынэу зыдэкlонэу ыгу хэлъыр? – аlуи,
джуртхэм зэраlожьыгъэ. – Тэ тицlыфхэу алыджхэм ахэгощагъэхэу
псэухэрэм адэжь кlонышъ, алыджхэм lофхэр аригъэшlэщт шъуlуа?

36«Шъукъыслъыхъужьыщт, ау сыкъэжъугъотыжьыщтэп, сыздэщыlэми
шъукъэкlон шъулъэкlыщтэп» зыфиlуагъэм сыда къыригъэкlыгъэр?

**Псыхъохэу цlыфхэм щыlэныгъэ шъыпкъэ яlэ зыгъэхъухэрэр**

37Мэфэкl мэфэшхохэм ащыщэу аужырэ мафэу анахь мэфэ лъапlэм Исус
къэуцуи, мэкъэшхокlэ къыlуагъ: – Псыфалlэ лlэрэр садэжь къэрэкlуи,
ерэшъу.

38Тхьэм игущыlэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, «Сэркlэ шlошъхъуныгъэ
зиlэм псыхъохэу щыlэныгъэ шъыпкъэ иlэ зыгъэхъухэрэр ыгу
къичъыщтых».

39Исус зыфиlуагъэр ежьыркlэ шlошъхъуныгъэ зиlэхэм Тхьэм ежь ы Псэ
Лъапlэу агухэм къарилъхьащтыр ары. Ащ нэсыфэ Тхьэм ежь ы Псэ
Лъапlэр шlошъхъуныгъэ зиlэхэм агухэм къарилъхьэгъагъэгоп, сыда
пlомэ, Исус ищытхъушхо джыри иlэ хъугъагъэгоп.

**Цlыфхэр Исус ехьылlагъэу зэрэзэгурымыlуагъэхэр**

40А гущыlэхэр зызэхаххэм, цlыф купышхом хэт заулэмэ аlощтыгъ: –
Шъыпкъэмкlэ, мыры пегъымбарыр.

41– Джары Христосыр, – аlощтыгъ адрэхэм. Ау нэмыкlхэми аlощтыгъ: –
Христосыр Галилей хэкум щыщыщтэп, арыба?

42Тхьэм игущыlэ тхыгъэхэм арытба, Христос Даутэ къытекlыгъэ цlыфхэм
зэращыщыщтри, Даутэ зыщыщ къалэу Бет-Лэхьэм зэрэщыщыщтри?

43Аущтэу Исус ехьылlагъэу цlыфхэм куп-купэу загощыгъ.

44Ахэмэ ащыщэу зы купым Исус ыубытыным фэягъ, ау зыгори ащ lэкlэ
нэсыгъэп.

**Тетыгъо зиlэхэм яшlошъмыхъуныгъ**

45Аущтэу а lофтабгэхэр дин пэщэшхохэмрэ фарисейхэмрэ адэжь
къэкlожьыгъэх. Къызэкlожьхэм, адрэхэм яупчlыгъэх: – Сыд пае Исус
къыздэшъумыщагъа?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

46– А лIыр къызэрэгущыIэрэм фэдэу зы цIыф егъашIэми гущыIагъэп, – аIуагъ Iофтабгэхэм.

47– Ащыгъум шъори шъудихьыхыгъэба? – араIожьыгъ фарисейхэм.

48– Тэ титхьэматэхэм ащыщэу зыгорэми, фарисейхэм ащыщэу зыгорэми
ИсускIэ шIошъхъуныгъэ иIэ хъугъа?

49Ау мы цIыф купышхоу пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ зымышIэрэм
Тхьэм ынае къащифагъ.

50Фарисейхэм ащыщэу Никодим (ары Исус дэжь чэщым къэкIогъагъэр)
адрэмэ ариIуагъ:

51– Ыпэ рапшIэу емыупчIэу, ышIэрэр тэрэзэу зэримыгъашIэу, цIыфым
хьыкум тырешIыхьа тихабзэ?

52– Ори Галилей хэкум ущыща? – къыраIуагъ Никодим. – Тхьэм игущыIэ
тхыгъэхэм ахаплъи, пегъымбар горэ Галилей зэрэщымыщыр къэпшIэщт.

53Ахэр зэбгырыкIыжьхи, хэти ядэжь кIожьыгъэ етIанэ.

# Иуан 8

### Зинэ зышIэ пэтэу аубытыгъэ бзылъфыгъэр

1Елеон Iуашъхьэм Исус кIуагъэ.

2Нэф къызэшъым, Тхьэм иунэшхо джыри чIэхьагъ, зэкIэ цIыфхэри ежь
дэжь къэкIуагъэх. Исус тIыси, Тхьэм игущыIэхэр аригъашIэхэу ыублагъ.

3Ащ дэжьым бзылъфыгъэ горэ, зинэ зышIэ пэтэу къаубытыгъэр Тэурат
егъэджэкIо пащэхэми фарисейхэми Исус къыфащи, утыгум
къырагъэуцуи,

4къыраIуагъ: – Дин гъэсакIу, мы бзылъфыгъэр, зинэ ышIэ пэтэу,
къаубытыгъ.

5Мыщ фэдэхэм мыжъохэмкIэ тяозэ, тыукIынхэу Тэурат хабзэм зэритэу
пегъымбар Мусэ унашъо къытфишIыгъ. О сыда епIуалIэрэр?

6Аущтэу зыкIаIуагъэр Исус Iоф хагъэфэнышъ, зэрагъэмысэн горэ
къагъотыныр ары. Ау Исус зиуфи, IапэкIэ чIыгум зыгорэ тыритхагъ.

7Зэпамыгъэоу къеупчIыхэ зэхъум, Исус зыкъыуузэнкIыжьи, ариIуагъ: –
Шъуащыщэу псэкIод зимыIэр апэу бзылъфыгъэм мыжъокIэ ерэу.

8Ар зареIом, зиуфэжьи, чIыгум тетхэу ыублэжьыгъ.

9Ар зызэхахым, агухэмкIэ загъэмысэжьэу, анахьыжъхэр апэ итхэу, зым
ыуж адрэр итэу, аужырэм нэс зэкIэ IукIыжьыгъ. Исус изакъоу къэнагъ,
бзылъфыгъэри утыгум къинагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

10Исус зыкъыузэнкӀыжьи, бзылъфыгъэм нэмыкӀ зи ылъэгъужьыгъэпти, риӀуагъ: – О бзылъфыгъ, узгъэмысэщтыгъэхэр тыдэ щыӀэха? Узгъэмысэн цӀыф зи къэнагъэп, ара?

11– Хьау, Зиусхьан, – къыӀуагъ бзылъфыгъэм, – цӀыф зи къэнагъэп. – Сэри узгъэмысэрэп, – къыӀуагъ Исус. – КӀожь, джы щегъэжьагъэу псэкӀод умышӀэжь.

**Исус – мы дунаим инэфын**

12Исус джыри цӀыфмэ адэгущыӀи, къыӀуагъ: – Дунаим инэфынэр сэры. Сэ сауж къырыкӀорэр шӀункӀым хэтэу зекӀощтэп, щыӀэныгъэм инэфынэ ыгъотыщт нахь.

13– О ор-орэу шыхьат узфэхъужьы, – къыраӀуагъ фарисейхэм. – Арышъ, шыхьат ухъущтэп.

14– Сэ шыхьат сызфэхъужьми, сишыхьатныгъэ шъыпкъэ, – ариӀожьыгъ Исус, – сыда пӀомэ, сэ сызщыщри сыздакӀорэри сэшӀэ. Ау шъо сызщыщри сыздакӀорэри шъушӀэрэп.

15Мы дунаим ицӀыфхэм Ӏофхэм хьыкум зэратырашӀыхьэрэм фэдэу хьыкум шъошӀы. Сэ зыми хьыкум тесшӀыхьэрэп.

16Ау зыгорэм хьыкум тесшӀыхьэ хъумэ, ащыгъум хьыкумэу тесшӀыхьэрэр шъыпкъэ, сыда пӀомэ, сэ зизакъоп, Ты лъапӀэу сыкъэзгъэкӀуагъэри сигъус.

17НэбгыритӀумэ къаушыхьатырэр шыхьат хъунэу шъуи Тэурат хабзэ ит.

18Сэр-сэрэу шыхьат сызфэхъужьы. Ты лъапӀэу сыкъэзгъэкӀуагъэри шыхьат къысфэхъу.

19Арыти къеупчӀыгъэх: – Тыдэ щыӀа уятэ? – Сэри ся Ти шъо тышъушӀэрэп, – пэгъокӀ ытыжьыгъ Исус. – Сэ сышъушӀэщтыгъэмэ, ся Ти шъушӀэщтыгъэ.

20Исус Тхьэм иунэшхо чӀэтэу, Тхьэм тын фашӀэу ахъщэр зыдалъхьэрэ пхъуантэхэм адэжь щытэу, цӀыфхэм Тхьэм игущыӀэхэр аригъашӀэ зэхъум, а гущыӀэхэр къыӀуагъэх. Зыми ар ыубытынэу фежьагъэп, сыда пӀомэ, зыщаубытыщтым игъо къэсыгъэгопти ары.

**Сэ сыздакӀорэм шъо шъукъэкӀон шъулъэкӀыщтэп**

21Исус джыри ахэмэ ариӀуагъ: – Сэ сышъухэкӀыжьыщт, шъори шъукъыслъыхъущт, ау шъуипсэкӀодшӀагъэхэр шъутелъхэу шъулӀэжьыщт. Сэ сыздакӀорэм шъо шъукъэкӀон шъулъэкӀыщтэп.

22– Ежь-ежьырэу зиукӀыжьыщта? – аӀуагъ джуртхэм. – Ара «Сэ сыздакӀорэм шъо шъукъэкӀон шъулъэкӀыщтэп» зыкӀиӀорэр?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

23– Шъо ыхэ шъущыщ, сэ ыпшъэ сыщыщ, – ариIуагъ Исус. – Шъо мы дунаим шъущыщ, сэ мы дунаим сыщыщэп.

24«ШъуипсэкIодшIагъэхэр шъутелъхэу шъулIэжьыщт» шъосIуагъэ. Шъыпкъэ, сэ хэтми сызщыщыр къызышъуасIокIэ, шъушIошъ мыхъумэ, шъуипсэкIодшIагъэхэр шъутелъхэу шъулIэжьыщт.

25– О хэта узщыщыр адэ? – къыраIуагъ ахэмэ. – Апэм щегъэжьагъэу сэ хэтми сызщыщыр къызэрэшъосIуагъэм сытет, – ариIожьыгъ Исус.

26– Шъо къышъохьылIагъэу шъузэрызгъэмысэн Iаджи къэсIонэу сиI, ау сыкъэзгъэкIуагъэр шъыпкъэ, ащ къыIохэу зэхэсхыгъэхэр дунаим ицIыфмэ ясэIо.

27Исус Ты лъапIэм ехьылIагъэу къызэрадэгущыIэрэр къагурыIуагъэп.

28Арыти, Исус ариIуагъ: – ЦIыф Лъэпкъым ы Къо зышъуIэтыкIэ, хэтми сэ сызщыщри сэр-сэрэуи зи сымыгъэцакIэу, ся Тэ гущыIэхэу сигъэшIагъэхэр къызэрэсIохэрэр къэшъушIэщт.

29Сыкъэзгъэкlуагъэр сигъусэ, сизакъоу сыкъыгъэнагъэп, сыда пIомэ, ежь игъоу ылъытэрэ Iофхэр сыдигъуи сэгъэцакIэхэшъ ары.

30Исус а гущыIэхэр къыIохэзэ, цIыфыбэмэ ежьыркIэ шIошъхъуныгъэ яIэ хъугъэ.

**Шъыпкъагъэм шъхьафит шъуишIыжьыщт**

31Исус джуртхэу шIошъхъуныгъэ къыфызиIэ хъугъэхэм ариIуагъ: – Сэ сигущыIэхэр шъугухэм арылъхэмэ, шъыпкъэмкIэ сигъогу рыкIохэрэм шъуащыщ.

32Джащыгъум шъыпкъэр къэшъушIэщт, шъыпкъэми шъхьафит шъуишIыжьыщт.

33– Тэ Ибрахьимэ къытекIыгъэ цIыфхэм тащыщ, егъашIэми зыми тырипщылIыгъэп, – къыраIожьыгъ ахэмэ. – «Шъхьафит шъухъужьыщт» зыфапIорэм сыда къыбгъэкIырэр?

34– Шъыпкъэ дэдэр шъосэIо, – ариIуагъ Исус. – Хэти псэкIод зышIэрэр псэкIодшIэным пщылIы фэхъужьы.

35Ау унэм къинэжьынэу пщылIым къыфанэрэп. Тым ыкъу ары унэм къинэжьырэр.

36Арышъ, Къо лъапIэм шъхьафит шъуишIыжьмэ, шъхьафит шъыпкъэ шъухъужьыщт.

37Ибрахьимэ къытекIыгъэ цIыфхэм шъузэращыщыр сэшIэ, ау сигущыIэхэр шъугухэм арылъхэпышъ, сышъуукIынэу сауж шъуит.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

38Сэ ся Тэ дэжь щыслъэгъугъэхэр ары къасIохэрэр, шъори шъуятэ дэжь
щышъулъэгъугъэ Iофхэр ары жъугъэцакIэхэрэр.

**Шъуятэр шэйтаныр ары**

39– Тэ тятэр Ибрахьим ары, – къыраIуагъ джуртхэм Исус. – Ибрахьимэ
шъурибыныгъэмэ, Ибрахьимэ иIофхэр жъугъэцэкIэщтыгъэх, –
ариIожьыгъ Исус.

40– Ау джы сышъуукIынэу сауж шъуит, Тхьэм къыIорэ шъыпкъэр
зэхэсхыгъэу къышъосIуагъэ пэтми. Ибрахьимэ ащ фэдэ Iофхэр
ышIэщтыгъэхэп.

41Шъо шъуятэ Iофхэу ыгъэцакIэхэрэр шъори шъогъэцакIэх. – ЗинэкIэ тэ
тыкъэхъугъэп, – къыраIуагъ Исус. – Ты закъоу тиIэр Тхьэр ары.

42– Тхьэр шъуятагъэмэ, сэ шIу сышъулъэгъущтыгъ, – ариIуагъ Исус, –
сыда пIомэ, сэ Тхьэм сыщыщэу мыщ сыкъэкIуагъ. Сэр-сэрэу
сыкъэкIуагъэп, ежь сыкъыгъэкIуагъ нахь.

43Сэ къасIохэрэр сыд пае къыжъугурымыIохэра? Сэ къасIохэрэм
шъуядэIун шъулъэкIырэпышъ ары къызкIыжъугурымыIорэр.

44Шъуятэр шэйтаныр ары. Шъуятэ зыфаер ары шъо жъугъэцэкIэнэу
шъузыфаер. Апэм щегъэжьагъэу ар цIыф укIакIу, шъыпкъэми тетэп, сыда
пIомэ, шъыпкъэ зи хэлъэпышъ ары. Ащ пцIы зиусыкIэ, ыгу илъыр къеIо,
сыда пIомэ, ар пцIыусышъ, пцIыри къызхэкIырэр ежьырышъ ары.

45Ау сэ шъыпкъэр къызэрэсIорэм пае, къасIохэрэр шъушIошъ хъурэп.

46Сэ псэкIод сшIагъэу шъуащыщ горэм къыушыхьатын ылъэкIына?
Шъыпкъэр къэсэIо пэтми, сыд пае къасIохэрэр шъушIошъ мыхъура?

47Тхьэм ибынхэр ежь игущыIэхэм ядэIух, ау шъо Тхьэм игущыIэхэм
шъузкIямыдэIурэр Тхьэм шъурибынэпышъ ары.

**Ибрахьимэ къэхъуным ыпэкIэ сэ сыщыI**

48– Самарие цIыфхэм уащыщ, джынапцIи о пхэс тэIо. Тэ къатIорэр
шъыпкъэба? – къыраIожьыгъ джуртхэм Исус.

49– ДжынапцIэ сэ схэсэп, – апигъодзыжьыгъ Исус. – Сэ ся Тэ лъытэныгъэ
фэсэшIы, ау шъо шъукъысэхъоны.

50Сэ сищытхъу ыуж ситэп, ау сищытхъу ыуж итэу, цIыфхэм хьыкум
атезышIыхьэрэр щыI.

51Шъыпкъэ дэдэр шъосэIо, сигущыIэхэр зыгъэцакIэрэм егъашIэми
лIэныгъэр ылъэгъущтэп.

52Исус ар зеIом, джуртхэм къыраIожьыгъ: – ДжынапцIэр о зэрэпхэсыр
джы тшIагъэ. Ибрахьимэ лIагъэ, пегъымбархэри лIагъэх, ау о «Сэ
сигущыIэхэр зыгъэцакIэрэр егъашIэми лIэжьыщтэп» оIо.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

53Тятэжъыпшхо Ибрахьимэ нахьи унахь ина о? Ар лIагъэ, пегъымбархэри
лIагъэх. О ухэтэу зыплъытэжьыра?

54– Сэ сыкъызщытхъужьмэ, сищытхъу зи уасэ иIэп, – пэгъокI ытыжьыгъ
Исус. – Ау сищытхъу зышIырэр ся Тэу шъо шъуи Тхьэу зыфашъуIорэр
ары.

55Ар шъо шъушIэрэп, ау сэ сэшIэ. Ар сымышIэу сIуагъэмэ, сэри шъощ
фэдэу пцIыус сыхъущтыгъ. Ау ар сэшIэ, игущыIэхэри сэгъэцакIэх.

56Шъуятэжъыпшхо Ибрахьимэ симафэ зэрилъэгъущтымкIэ гушIощтыгъэ.
Ар ылъэгъугъ ыкIи гушIуагъэ.

57– Илъэс шъэныкъо умыныбжьэу, ау щытми Ибрахьимэ плъэгъугъэу оIо,
– къыраIуагъ джуртхэм Исус.

58– Шъыпкъэ дэдэр шъосэIо, – ариIожьыгъ Исус. – Ибрахьимэ къэхъуным
ыпэкIэ сэ сыщыI.

59Исус ар зареIом, аукIыным пае еонхэу мыжъохэр къаштагъэх, ау Исус
амылъэгъоу къахэкIыжьи, Тхьэм иунэшхо къычIэкIыжьыгъ.

# Иуан 9

**Нэшъоу къэхъугъэ лIы горэ Исус зэригъэхъужьыгъэр**

1Исус къыкIухьэзэ, нэшъоу къэхъугъэ лIы горэ ылъэгъугъ.

2Игъогу рыкIохэрэр ежь къеупчIыгъэх: – Рабби, мы лIыр нэшъоу
къэхъунэу хэта псэкIод зышIагъэр, ежьыра, ятэ-янэхэр ара?

3– Мы лIыри ятэ-янэхэри арэп зилажьэр, ау нэшъоу къызкIэхъугъэр ежь
къехъулIэрэмкIэ Тхьэм иIофхэр нафэ къэхъунхэр ары, – пэгъокI
ытыжьыгъ Исус.

4– Мафэу щэтыфэ, сыкъэзгъэкIуагъэм иIофхэр згъэцэкIэнхэ фае. Чэщыр
къэсыщт. Чэщыр къызысыкIэ, зыми зи ышIэн ылъэкIыщтэп.

5Дунаим сытетыфэкIэ, дунаим инэфынэр сэры.

6Исус ар къызеIом, чIыгум теужъунтхи, IупсыкIэ етIагъо зэхишIыхьи,
зэхишIыхьагъэр нэшъум ынэмэ ащифагъ.

7– Силоам псыхъурэе зыгъэпскIыпIэм кIуи, зыщытхьакI, – риIуагъ Исус
нэшъум. (Силоам къикIырэр «АгъэкIуагъэр» ары.) Нэшъур кIуи, зитхьакIи,
ылъэгъу хъугъэу къэкIожьыгъ.

8Гъунэгъухэми, ар зэрэнэшъугъэр зылъэгъугъагъэхэми аIуагъ: –
ЛъэIуакIоу щысыщтыгъэр арыба мыр?

9– Ары, – ыIуагъ зы купым. – Хьау, арэп, ащ фэд ныIэп, – аIуагъ
нэмыкIхэм. – Сэры ар, – ыIуагъ ежь.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

10– О унэхэр сыдэущтэу къаплъэхэу хъугъа? – еупчӀыгъэх ахэр.

11– Исус зыцӀэ лӀым етӀагъо зэхишӀыхьи, а зэхишӀыхьагъэр сынэмэ
къащифи, «Силоам псыхъурэе зыгъэпскӀыпӀэм кӀуи, зыщытхьакӀ»
къысиӀуагъ. Аущтэу сыкӀуи, зызысэтхьакӀым, сынэхэр къаплъэхэу хъугъэ,
– къариӀожьыгъ а лӀым.

12– Тыдэ щыӀа ар? – къеупчӀыгъэх ахэр. – СшӀэрэп, – къариӀожьыгъ ащ.

**Исус Ӏофышхо гъэшӀэгъонэу ышӀагъэр фарисейхэм зэрагъэунэфыгъэр**

13Джащыгъум а лӀэу нэшъугъэр фарисейхэм адэжь ащагъ.

14Ау Исус етӀагъо зэхишӀыхьи, нэшъум ынэхэр къызигъэплъэгъэ мафэр
шэмбэт мэфагъ.

15Арыти, фарисейхэр а лӀым къеупчӀыгъэх: – Сыдэущтэу унэхэр
къаплъэхэу хъугъэ? – ЯтӀэ сынэхэм ащ къатырилъхьи, зызысэтхьакӀым,
слъэгъу хъугъэ, – къариӀожьыгъ а лӀым.

16– Мы лӀыр Тхьэм дэжь къикӀырэп, – аӀуагъ фарисейхэм ащыщ заулэмэ,
– сыда пӀомэ, шэмбэт мафэр ыгъэлъапӀэрэп. – ПсэкӀодышӀэ лӀы горэм ащ
фэдэ нэшэнэ гъэшӀэгъонхэр ышӀэн ылъэкӀына? – аӀуагъ нэмыкӀхэм.
Аущтэу ахэмэ куп-купэу загощыгъ.

17– О унэхэр ары ащ къыгъэплъагъэхэр. А лӀым сыда епӀуалӀэрэр? –
джыри еупчӀыгъэх нэшъугъэм. – Ар пегъымбар гор, – пэгъокӀ ытыжьыгъ а
лӀым.

18Ау щытми, а лӀэу зынэхэр къэплъэжьыгъэм ятэ-янэхэр къарагъащэхэу
яупчӀыфэхэ, ар зэрэнэшъугъэри, ынэхэр къаплъэхэу зэрэхъугъэри
джуртмэ ашӀошъ хъугъэп.

19– Шъо шъукъоу нэшъоу къэхъугъэу зыфашъуӀорэр ара мыр? –
яупчӀыгъэх ахэмэ. – Сыдэущтэу ылъэгъу хъугъа?

20– Мыр тэ зэрэткъори, нэшъоу къызэрэхъугъэри тэшӀэ, – къаӀуагъ ятэ-
янэмэ.

21– Ау джы ылъэгъу зэрэхъугъэри, ынэхэр къэзгъэплъагъэри тшӀэрэп.
Ежь шъуеупчӀ, ежь ышъхьэкӀэ джэуап къышъуитыжьынэу ыныбжь икъугъ.

22Ятэ-янэхэм аущтэу къызкӀаӀуагъэр джуртхэм ащыщынэщтыгъэхэти ары;
сыда пӀомэ, хэт щыщми Исус зэрэ Христосыр зыдагъэр синэгогум
чӀафынэу джуртмэ зэдаштагъэти ары.

23Джары, «Ыныбжь икъугъ, ежь шъуеупчӀ» къызкӀаӀуагъэр ятэ-янэхэм.

24Арыти, джуртхэр нэшъугъэм ятӀонэрэу къеджэхи, раӀуагъ: – Тхьэм
щытхъу фэшӀ. Мы лӀыр зэрэпсэкӀодышӀэр тэ тэшӀэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

25– Ар лIы псэкIодышIэми сшIэрэп, – къыIожьыгъ нэшъугъэм. – Ау мы зыр
сэшIэ, сэ сынэшъугъ, джы слъэгъу хъугъэ.

26– Сыд къыуишIагъэр? – еупчIыгъэх етIани. – Сыдэущтэу унэхэр
къыгъэплъагъэха?

27– ШъосIогъах, ау шъукъедэIугъэп, сыд пае джыри зэ зэхэшъухынэу
шъуфая? – къариIуагъ нэшъугъэм. – Шъори ащ игъогу шъурыкIонэу
шъуфая?

28Ауущтэу къызареIом, ехъоныхи, раIуагъ: – О мы лIым игъогу рыкIохэрэм
уащыщ, ау тэ пегъымбар Мусэ игъогу рыкIохэрэм тащыщ.

29Тхьэр пегъымбар Мусэ къызэрэдэгущыIагъэр тэшIэ, ау мы лIыр
къыздикIыгъэр тшIэрэп.

30– Ар къыздикIыгъэр зэрэшъумышIэрэр арыба гъэшIэгъоныр, ау ащ
сынэхэр къыгъэплъагъэх, – къариIуагъ лIым.

31– Тхьэр псэкIодышIэ цIыфхэм зэрямыдэIурэр тэшIэ, ау Тхьэм шIолIыкI
фызиIэу, Тхьэм игъоу ылъытэрэ Iофхэр зыгъэцакIэрэр ары Тхьэр
зэдэIурэр.

32Ау цIыф горэм нэшъоу къалъфыгъэр къыгъэплъагъэу егъашIэми
цIыфмэ зэхахыгъэп.

33Мы лIыр Тхьэм дэжь къимыкIыгъэмэ, ащ зи ыгъэцэкIэн ылъэкIыщтгъэп.

34– О хъурэябзэу упсэкIодышIэу укъалъфыгъ, – раIожьыгъ ахэмэ. –
Зыгорэ о тэбгъэшIэщт, ара? ЕтIанэ синэгогум къычIафыгъ.

**Фарисейхэм янэшъугъ**

35А лIыр синэгогум къызэрэчIафыгъэр Исус зэхихыгъ, ащ нэужми ар
зелъэгъум, риIуагъ: – Тхьэм ы КъокIэ шIошъхъуныгъэ уиIа?

36– Тхьэматэ, – пэгъокI къытыжьыгъ а лIым, – шIошъхъуныгъэ фысиIэнэу
хэта зыфапIорэр, къысаIу!

37– Ар о плъэгъугъэ, джы къыбдэгущыIэрэр ары, – риIуагъ Исус.

38– ШIошъхъуныгъэ сиIэ хъугъэ, Зиусхьан, – ыIуи, а лIыр Исус ыпашъхьэ
лъэгонджэмышъхьэкIэ итIысхьагъ.

39– Зымылъэгъухэрэм алъэгъу хъужьынэу, зылъэгъоу зышIошIыхэрэм
амылъэгъужь хъуным пае, цIыфхэм хьыкум атесшIыхьанэу мы дунаим
сыкъытехьагъ, – къыIуагъ Исус.

40Фарисейхэм ащыщхэу Исус игъусагъэхэм Исус ар къыIуагъэу
зызэхахым, къеупчIыгъэх: – Тэри тынэшъоу ара зыфапIорэр?

41– Шъунэшъугъэмэ, псэкIод шъуиIэщтыгъэп, ау «тэлъэгъу» шъоIошъ,
шъуипсэкIод къышъутенэжьы, – ариIожьыгъ Исус.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

# Иуан 10

**Мэлэхъо дэгъур**

1– Шъыпкъэ дэдэр сэ шъосэlо, мэлэщым къэлапчъэмклэ дэмыхьэу,
нэмыкl чlыпlэклэ дэпшыеу дахьэрэр тыгъуакlу, хъункlакlу.

2Ау къэлапчъэмкlэ дахьэрэр мэлхэм ямэлахъу ары.

3Къэрэгъулэм мэлахъом къэлапчъэр къыфыlуехы, мэлхэри мэлахъом
ымакъэ едэlух. Мэлахъор ежь имэлхэм ацlэклэ яджэ, къыдещых.

4Мэлахъом имэл пстэури къыздищхэклэ, апэ итэу макlо. Мэлхэри ащ
лъэкlох, сыда пlомэ, ымакъэ ашlэжьышъ ары.

5Ау хымэм ыуж ихьэхэрэп, кlатхъужьы нахь, сыда пlомэ, хымэ макъэр
ашlэрэпышъ ары.

6А гъэсэпэтхыдэр Исус ариlуагъ. Ау ащ къикlырэр ахэмэ къагурыlуагъэп.

7Арыти, Исус джыри къыlуагъ: – Шъыпкъэ дэдэр шъосэlо, мэлэщым
икъэлапчъэр сэры.

8Сапэклэ къэкlогъэ пстэури тыгъуакlох, хъункlакlох, мэлхэри ахэмэ
ядэlугъэхэп.

9Къэлапчъэр сэры. Сэрклэ дахьэрэр мыкlодэу къэнэжьыщт, дэхьащт,
къыдэкlыжьыщт, хъупlи ыгъотыщт.

10Тыгъуакlор къызфакlорэр тыгъонэуи, ыукlынэуи, ыгъэкlодынэуи ары. Сэ
сыкъызфэкlуагъэр щыlэныгъэшхоу икъугъэр цlыфмэ ястыныр ары.

11– Мэлэхъо дэгъур сэры. Мэлэхъо дэгъум ыпсэ мэлхэм апае еты.

12Мэлхэр зимыеу пклэ хэлъэу лажьэрэ мэлахъом тыгъужъыр къакlоу
зилъэгъукlэ, мэлхэр къегъанэхэшъ, кlетхъужьы. Етlанэ тыгъужъыр
мэлхэм къахэлъадэшъ, елlых, зэбгырефых.

13А лlым зыкlыкlитхъужьырэр ыпклэ хэлъэу лажьэу, мэлхэм
зэрафэмыгумэкlырэр ары.

14,15– Мэлэхъо дэгъур сэры. Ты лъапlэм сызэришlэу, сэри Ты лъапlэр
зэрэсшlэрэм фэдэу, симэлхэр сэшlэх, мэлхэми сашlэ. Сэ спси симэлхэм
апае сэты.

16Мы мэл lэхъогъум щымыщхэу нэмыкl мэлхэри сиlэх. Ахэри къэсщэнхэ
фае, ахэри сымакъэ къедэlущтых. Аущтэу зы мэл lэхъогъу хъущтых, зы
мэлахъуи яlэщт.

17Сэ спсэ къэсштэжьынэу зэрэстырэр ары Ты лъапlэм шlу
сызкlилъэгъурэр.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

18Сэ спсэ зыми стырихырэп, сэр-сэрэу сэты. Ар стынэуи къэсштэжьынэуи
лъэкӀ сиӀ. А унашъор сэ ся Тэ къысфишӀыгъ.

19А гущыӀэхэм апае джыртхэм джыри зэ куп-купэу загощыгъ.

20– Ащ джынапцӀэ хэс, ыӀорэр ышӀэжьырэп. Сыда ащ шъуэзкӀедэӀурэр? –
аӀощтыгъэ ахэмэ ащыщыбэмэ.

21Ау нэмыкӀхэм аӀощтыгъ: – А къыӀохэрэр джынапцӀэ зыхэс лӀым
игущыӀэхэп. ДжынапцӀэм нэшъур къыгъэплъэн ылъэкӀына?

**Джуртхэм Исус зэрамыштагъэр**

22ЕтӀанэ Тхьэм иунэшхо Тхьэм фагъази, зэрэратыжьыгъагъэм пае,
мэфэкӀ мэфэшхохэу Ерусалим щагъэмэфэкӀхэрэр къэсыгъэх. Ащыгъум
кӀымэфагъ.

23Исуси Тхьэм иунэшхо чӀэтэу, пачъыхьэ Сэлмэн ыцӀэкӀэ заджэхэрэ
щагоу шъхьэ зытелъ къэлапчъэхэр зиӀэм къыщикӀухьэщтыгъэ.

24Джуртмэ Исус къауцухьи, къеупчӀыгъэх: – Нафэу къытэмыӀоу, сыд
фэдизрэ джыри тэмыгъашӀэу тыщыбгъэӀэщта? Христосыр орымэ, занкӀэу
къытаӀу.

25– ШъосӀуагъэба, ау шъо шъушӀошъ хъурэп, – ариӀожьыгъ Исус. – Сэ ся
Тэ ыцӀэкӀэ згъэцакӀэрэ Ӏофхэр шыхьат къысфэхъух.

26Ау шъо шъушӀошъ хъурэп, сыда пӀомэ, зэрэшъосӀуагъэм тетэу,
симэлхэм шъо шъуащыщэп.

27Симэлхэр сымакъэ къедэӀух. Сэ ахэр сэшӀэх, ахэри сауж итхэу къэкӀох.

28Ахэмэ мыкӀодыжьын щыӀэныгъэ ясэты, егъашӀэми кӀодыжьыщтхэп.
Зыми ахэр сӀэкӀихынхэ ылъэкӀыщтэп.

29Сэ ся Тэу ахэр къысэзытыгъэр зэкӀэмэ анахь ин. Зыми ахэр ся Тэ
ӀэкӀихынхэ ылъэкӀыщтэп.

30Ты лъапӀэмрэ сэррэ тыз.

31Исус ар зареӀом, джуртхэм ежь аукӀыным пае, еонхэу мыжъохэр
къаштагъэх.

32Ау Исус ариӀуагъ: – Ты лъапӀэм дэжь къикӀыгъэу, Ӏофышхо гъэшӀэгъон
Ӏаджи шъозгъэлъэгъугъэ. Ахэмэ ащыщэу тара мыжъохэмкӀэ
шъукъысаозэ, сызфэшъуукӀынэу шъузыфаер?

33– Ӏофышхо гъэшӀэгъон горэ о зэрэпшӀагъэр арэп мыжъохэмкӀэ
тыкъыуаозэ, утыукӀынэу тызыкӀыфаер, ау о уцӀыфэу «Сытхь» пӀоу, Тхьэр
зэрэбгъэпцӀырэр ары, – къыраӀожьыгъ джуртхэм.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

[34]– Шъо шъуи Тэурат хабзэ итба, Тхьэм моущтэу зэриIуагъэр: «Сэ сIуагъэ
шъо шъузэрэтхьэхэр?» – ариIожьыгъ Исус. – Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэри
укъуагъэ хъущтхэп.

[35]Аущтэу ежь игущыIэхэр цIыфхэу къызфэкIуагъэхэм «Шъо шъутхьэх», –
ариIуагъ Тхьэм.

[36]Арышъ, сэ Ты лъапIэм къыгъэнэфагъэу мы дунаим къыгъэкIуагъэм, «Сэ
Тхьэм сыри Къу», зэрэсIуагъэм пае, сыдэущтэу «О Тхьэр огъэпцIы»,
къысэшъуIон шъулъэкIыра?

[37]Сэ ся Тэ иIофхэр сымыгъэцакIэхэмэ, сэркIэ шIошъхъуныгъэ
зишъумыгъаI.

[38]Ау ся Тэ иIофхэр сэгъэцакIэхэмэ, сэркIэ шIошъхъуныгъэ шъуимыIэ
пэтми, а IофхэмкIэ шIошъхъуныгъэ зижъугъаI. Ащыгъум сэ Ты лъапIэм
сыщыщэу ыгу сызэрилъ зэпытри, Ты лъапIэри къысщыщэу сыгу зэрилъ
зэпытри къэшъушIэщт, къыжъугурыIощт.

[39]Джыри зэ Исус аубытынэу фежьагъэх, ау аIэпыкIыгъ.

[40]Ащ нэужым Исус Иордан зыцIэ псыхъом джыри зэпырыкIыжьи, Иуан
цIыфхэр зыщиумэхъыщтыгъэ чIыпIэм кIуи, ащ къэнагъ.

[41]ЦIыфыбэхэри ыдэжь къэкIуагъэх. – Иуан зы нэшэнэ гъэшIэгъони
къыгъэлъэгъуагъэп, ау мы лIым ехьылIагъэу къыIуагъэхэр зэкIэ
шъыпкъэх, – къаIуагъ ахэмэ.

[42]А чIыпIэми цIыфыбэмэ ИсускIэ шIошъхъуныгъэ яIэ хъугъэ.

## Иуан 11

### Лазар зэрэлIагъэр

[1]Лазар зыцIэ лIы горэ сымэджагъ. Ар къуаджэу Бет-Ание щыщыгъ.
Мерэми ышыпхъу Марти а къуаджэм щыпсэущтыгъэх.

[2]А Мерэмыр ары осэшхо зиIэ дагъэр Зиусхьаным ылъакъохэм ащифи,
ышъхьацкIэ зылъэкIыжьыгъэр. Ащ ыш Лазар ары сымэджагъэр.

[3]Арыти, зэшыпхъуитIум Исус лIыкIо фагъакIуи, рырагъэIуагъ: – Зиусхьан,
о шIу плъэгъурэр сымадж.

[4]Исус ар зызэхехым, къыIуагъ: – А узыр лIэныгъэ къызхэкIырэ узэп,
Тхьэм щытхъушхо фэзышIыщт уз нахь. А узым къыхэкIыкIэ цIыфхэм
Тхьэм ы Къо щытхъушхо фашIыщт.

[5]Марти, Мартэ ышыпхъуи, Лазари Исус шIу ылъэгъущтыгъэх.

[6]Лазар зэрэсымаджэр Исус зызэхехым, зыдэщыIэ чIыпIэм джыри
мэфитIукIэ къэнагъ

[7]Ащ нэуж игъогу рыкIохэрэм ариIуагъ: – Иудей хэкум тэжъугъэгъэзэжь.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

8– Рабби, джуртхэр мыжъохэмкӀэ къыоонхэу, уаукӀынэу уауж зитыгъэхэр
бэшӀагъап, джыри ащ окӀожьа? – къыраӀуагъ игъогу рыкӀохэрэм.

9– Мафэр сыхьат пшӀыкӀутӀу мэхъуба? – къыӀожьыгъ Исус. – Мафэм
зекӀорэр лъэпаорэп, сыда пӀомэ, дунаим инэфынэ елъэгъушъ ары.

10Ау чэщым зекӀорэр мэлъэпао, сыда пӀомэ, нэфынэм хэтэпышъ ары.

11Исус а гущыӀэхэр зареӀохэ ужым, пигъэхъожьыгъ: – Тиныбджэгъу Лазар
хэчъыягъ, ау къэзгъэущыжьынэу сэкӀо.

12– Зиусхьан, хэчъыягъэмэ, хъужьыщт, – къыраӀуагъ игъогу рыкӀохэрэм.

13Ау Исус зыфиӀуагъэр Лазар зэрэлӀагъэр ары, ау игъусэхэм
къызэрагурыӀуагъэр чъыен къызэрыкӀом Исус игугъу ышӀэу ары.

14Джащыгъум Исус нафэу ариӀуагъ: – Лазар лӀагъэ.

15Ау шъощ пае сигуапэ ащ дэжьым сызэрэщымыӀагъэр, шӀошъхъуныгъэ
шъуиӀэ хъуным пае. Ау некӀо, ыдэжь тыжъугъакӀу.

16Исус аущтэу зареӀом, Фомэу ТӀуазэкӀэ заджэхэрэм адрэ нэбгырэхэу
Исус игъогу рыкӀохэрэм ариӀуагъ: – НекӀох, тэри Исус тыдэрэкӀод.

**Исус – лӀагъэхэр къэзгъэтэджыжьэу, щыӀэныгъэ язытырэр**

17ЕтӀанэ ащ зынэсым, Лазар къэунэм зычӀалъхьажьыгъэр мэфиплӀ
зэрэхъугъэр Исус къышӀагъ.

18Къуаджэу Бет-Ание стадие пшӀыкӀутфыкӀэ Ерусалим пэчыжь.

19Лазар зэрэлӀагъэм пае, джуртыбэ тхьаусхакӀо Мартэрэ Мерэмрэ
къафэкӀуагъ.

20Мартэ Исус къызэрэкӀорэр зызэхехым, пэгъокӀыгъ, ау Мерэм унэм
къинагъ.

21– Зиусхьан, – риӀуагъ Исус Мартэ. – О мыщ ущыӀагъэмэ, сэ сшы
лӀэщтыгъэп.

22Ау о Тхьэм сыд щыщкӀи уелъэӀумэ, джыдэдэми ар къызэрэпфишӀэщтыр
сэшӀэ.

23– О пшы къэтэджыжьыщт, – къыриӀуагъ Исус.

24– Аужырэ мафэу лӀагъэхэр къызщытэджыжьыщтым ари
къызэрэтэджыжьыщтыр сэшӀэ, – къыриӀожьыгъ Мартэ.

25– ЛӀагъэхэр къэзгъэтэджыжьэу, щыӀэныгъэр язытырэр сэры; сэркӀэ
шӀошъхъуныгъэ зиӀэр лӀэми, щыӀэщт;

26хэти ащ фэдэ щыӀэныгъэ зиӀэ хъоу, сэркӀэ шӀошъхъуныгъэ зиӀэр
егъашӀэми лӀэжьыщтэп. Ар пшӀошъ мэхъуа? – къеупчӀыгъ Исус.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

27– Ары, Зиусхьан, – риIожьыгъ Мартэ. – Тхьэм ы Къоу дунаим къэкIон фэегъэ Христосыр зэрэорыр сшIошъ мэхъу.

28Мартэ ар къызеIом, ыгъэзэжьи, ышыпхъу Мерэм къеджи, шъэфэу риIуагъ: – Дин гъэсакIор къэкIуагъэу къыоджэ.

29Мерэм ар зызэхехым, псынкIэу къэтэджи, Исус дэжь кIуагъэ.

30Исус джыри къуаджэм дэхьэгъэгъэгоп, Мартэ зыщыIукIагъэм дэжь щытыгъ.

31Джуртхэу тхьаусхакIо къэкIуагъэхэу Мерэм игъусэхэу унэм исыгъэхэм псынкIэу тэджи, ар унэм икIыгъэу залъэгъум, къэунэм кIонышъ, ащ дэжь щыгъынэу ашIошIи, ыуж ихьагъэх.

32Ау Мерэм Исус зыдэщыIэм кIуи, Исус зелъэгъум, ылъакъохэм адэжь зыщыридзыхи, риIуагъ: – Зиусхьан, о мыщ ущыIагъэмэ, сшы лIэщтыгъэп.

33Исус Мерэм гъэу, ащ игъусэхэу къэкIогъэ джуртхэри гъыхэу зелъэгъум, ыгу къеуи, лъэшэу къэчэфынчъагъ.

34– Тыда хьадэр зыщычIэшъулъхьажьыгъэр? – яупчIыгъ Исус. – Зиусхьан, къакIуи, еплъ, – къыраIуагъ ахэмэ.

35Джащыгъум Исус къэгъыгъ.

36Ар залъэгъум, джуртмэ къаIуагъ: – Ащ шIу зэрилъэгъущтыгъэм шъуеплъ!

37– Мы лIэу нэшъум ынэхэр къэзгъэплъагъэм а лIыр ымыгъэлIэн ылъэкIыщтыгъэба? – къаIуагъ ахэмэ ащыщхэу заулэмэ.

**Исус Лазар лIагъэхэм къызэрахигъэтэджыкIыжьыгъэр**

38Исус ыгу лъэшэу хэкIэу, къэунэм кIуагъэ. Ар гъочIэгъыгъ, мыжъуи Iуалъхьажьыгъагъ.

39– Мыжъор Iушъух, – къыIуагъ Исус. – Зиусхьан, – къыриуIагъ лIагъэм ыщыпхъу Мартэ Исус, – ар зылIагъэр мэфиплI мэхъу, мэ Iае къыпихы хъугъэ.

40– ШIошъхъуныгъэ уиIэмэ, Тхьэм ищытхъушхо зэрэплъэгъущтыр къыосIуагъэба? – риIуагъ Исус.

41Аущтэу лIагъэр зычIэлъ гъочIэгъым Iулъ мыжъор Iуахыгъ. Исуси уашъом дэплъыий, къыIуагъ: – Сэ ся Т! СилъэIу укъызэредэIугъэмкIэ щытхъу къыпфэсэшIы.

42Сыдигъуи силъэIухэм укъызэрядэIурэр сэшIэ. О сыкъызэрэбгъэкIуагъэмкIэ мыщ дэжьым щыт цIыф купышхом шIошъхъуныгъэ яIэ хъуным пае, мы гущыIэхэр къэсIуагъ.

43Исус ар къызеIом ыуж, мэкъэшхокIэ къыIуагъ: – Лазар, къычIэкI!

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

44Лlагъэм ылэхэми ылъакъохэми чэфынхэр къящэкlыгъэу, ынэгуи шэкl
фыжь ещэкlыгъэу къычlэкlыгъ. – Чэфынхэу ещэкlыгъэхэр
къытешъухыжьи, орэкlожь! – арilуагъ Исус.

### Тхьэмэтэ Хэсэшхом хэт тхьэматэхэм Исус тхьагъэпцlыгъэкlэ аукlынэу гухэлъ зэрашlыгъэр

(Маттэ 26:1-5; Марк 14:1-2; Лука 22:12)

45Исус lофышхо гъэшlэгъонэу ышlагъэр залъэгъум, Мерэм дэжь
къэкlогъэгъэ джуртхэм ащыщхэу бэмэ Исускlэ шlошъхъуныгъэ ялэ хъугъэ.

46Ау а джуртхэм ащыщэу куп фарисеймэ адэжь кlуи, Исус ышlагъэр
араlотэжьыгъ.

47Дин пэщэшхохэмрэ фарисейхэмрэ хъугъэ-шlагъэр зызэхахым,
Тхьэмэтэ Хэсэшхом хэтхэр зэlуагъэкlагъэх. – Сыда тшlэщтыр? – аlозэ,
зэхэупчlыхьажьыгъэх. – Мы лlым нэшэнэ гъэшlэгъон lаджи къегъэлъагъо.

48Ащ тыпэмыуцоу къэдгъанэмэ, цlыф пстэуми ежьымкlэ шlошъхъуныгъэ
ялэ хъущт. Рим къэралыгъошхом щыщхэу, мы хэгъэгур зылэ илъхэр
къэкlонхэшъ, Тхьэм иунэшхуи ттырахынышъ, тлъэпкъи агъэкlодыщт.

49Джуртхэм ащыщэу, а илъэсым дин пэщэшхоу Кайафэ зыцlэм адрэмэ
арilуагъ: – Шъо зи шъушlахэрэп.

50Тэ тлъэпкъ зэкlэ кlодыным нахьи, лъэпкъым пае нэбгырэ закъо лlэмэ,
тэркlэ зэрэнахьышlур къыжъугурыlорэба?

51Ар ежь-ежьырэу къыlуагъэп, ау а илъэсым дин пэщэшхуагъэти, джурт
лъэпкъым пае Исус ыпсэ зэритыщтыр Тхьэм ащ ыгу къырилъхьи,
къыригъэlуагъ.

52Исус ыпсэ зыфитыщтыр джурт лъэпкъым пае закъор армырэу, Тхьэм
ибынхэу зэбгырыдзыгъэхэр зы хъунхэуи зы чlыпlэ щиугъоижьынхэуи ары.

53Арыти, а мафэм щегъэжьагъэу Исус аукlынэу рахъухьагъ.

54Ащ къыхэкlэу цlыфхэм алъэгъоу Исус джуртхэм къахэхьажьыгъэп, ау а
чlыпlэм икlи, шъоф нэкlым ылъэныкъокlэ ит къуаджэу Ефраим кlуи,
игъогу рыкlохэрэр игъусэхэу ащ къэнагъ.

55Джуртхэм ямэфэкl мэфэшхоу lутыжъ зыцlэр къэблэгъагъэти, диным
къызэриlорэм тетэу, мэфэкl мэфэшхом ыпэкlэ загъэкъэбзэжьынэу а
хэкум щыщхэу цlыфыбэхэр Ерусалим къэкlуагъэх.

56Джащыгъум Исус лъыхъущтыгъэх, Тхьэм иунэшхо чlэтхэуи
зэхэупчlыхьажьыщтыгъэх: – Сыда шъуlорэр шъо? Мэфэкl мэфэшхом пае
ар къэкlонба?

57Ау дин пэщэшхохэмрэ фарисейхэмрэ Исус аубытыным пае, унашъо
къыдагъэкlыгъагъ: – Хэти Исус зыдэщыlэр зышlэрэм макъэ къытигъэlун
фае.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

# Иуан 12

### Мерэм осэшхо зиӏэ дагъэр Исус ылъакъохэм зэращифагъэр

(Маттэ 26:6-13; Марк 14:3-9)

1Мэфэкӏ мэфэшхоу ӏутыжъ зыцӏэр къэсынкӏэ мэфих къэнагъэу, Исус
къуаджэу Бет-Ание къэкӏуагъ. Лазарэу Исус лӏагъэхэм
къахигъэтэджыкӏыжьыгъэр ащ щыпсэущтыгъ.

2Исус пчыхьэшъхьашхэ къыфагъэхьазырыгъ, Марти бысымгощагъ. Исус
игъусэу ӏанэм пэсыгъэхэм Лазари ахэсыгъ.

3Джащыгъум Мерэм нард дэгъэ къабзэу, осэшхо зиӏэу, мэӏэшӏу
зыпихырэр зэрыт дэгъалъэр къышти, Исус ылъакъохэм ащифи,
ышъхьацкӏи ылъэкӏыжьыгъэх. Дагъэм къыпихырэ мэ ӏэшӏур унэм изы
хъугъэ.

4Ау Исус игъогу рыкӏохэрэм ащыщэу Иудэ Искариотэу, Исус тетыгъо
зиӏэхэм язгъэубытыщтым къыӏуагъ:

5– Мы дагъэу осэшхо зиӏэр динар шъищкӏэ тщэу тхьамыкӏэхэм сыда
зыкӏятымытыгъэр?

6Иудэ ар зыкӏиӏуагъэр тхьамыкӏэхэм ыгу афэгъукӏэ арэп, тыгъокӏуагъэти
ары нахь. Ащ ахъщалъэр ыӏыгъыгъэти, ахъщэу ащ ралъхьэрэм
хэтыгъухьэщтыгъ.

7– Мы бзылъфыгъэм ыуж икӏ, – къыӏуагъ Исус. – Сэ
сызщычӏалъхьажьыщт мафэм пае мы дагъэр сфиӏыгъыгъ.

8Сыда пӏомэ, тхьамыкӏэхэр шъо къышъуухэт зэпытых, ау сэ сышъуухэт
зэпытыщтэп.

9Цӏыф купышхоу джуртхэм ащыщхэм Исус ащ дэжь зэрэщыӏэр
зэхахыгъэти, къэкӏуагъэх, ау къызфэкӏуагъэхэр Исус изакъоп, Лазарэу
лӏагъэхэм къахигъэтэджыкӏыжьыгъэри зэрагъэлъэгъунэу арыгъэ.

10Ауштэу дин пэщэшхохэм Лазари аукӏынэу рахъухьагъ,

11сыда пӏомэ, Лазар пае джуртыбэхэр ятхьэматэхэм агокӏыхи, Исускӏэ
шӏошъхъуныгъэ яӏэ хъугъэ.

### Щытхъушхо иӏэу Исус Ерусалим зэрэдэхьагъэр

(Маттэ 21:1-11; Марк 11:1-11; Лука 19:28-40)

12Ятӏонэрэ мафэм мэфэкӏ мэфэшхом пае къэкӏогъэ цӏыф купышхохэм
Исус Ерусалим къызэрэкӏорэр зэхахыгъ.

13Зызэхахым, пальмэ чъыгым икъутамэхэр аштэхи, Исус пэгъокӏынхэу
дэкӏыгъэх, мэкъэшхокӏэ къаӏозэ: – Хьусаннэ! Израиль ипачъыхьэу
Зиусхьаным ыцӏэкӏэ къакӏорэм щытхъушхор ий!

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

14ЕтӀанэ Исус зы щыд къунан къыгъоти, тетӀысхьагъ, Тхьэм игущыӀэ
тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу,

15«Умыщын, къалэу Цион. Мары, уипачъыхьэ щыд къунаным тесэу
къэкӀо».

16Исус игъогу рыкӀохэрэм а хъугъэ-шӀагъэм къикӀырэр къагурыӀуагъэп, ау
Исус щытхъушхо иӀэ хъугъэу, уашъом зыдэкӀоежьым ыуж, Исус
ехьылӀагъэу Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм а гущыӀэхэр зэрарытхэри, а
гущыӀэхэм атетэу цӀыфхэр Исус зэрэдэзекӀуагъэхэри агу къэкӀыжьыгъ.

17ЦӀыфхэу купышхом хэтхэу Исус игъусагъэхэм адрэ цӀыфхэм араӀуатэ
зэпытыщтыгъ, Исус Лазар еджи, къэунэм къычӀигъэкӀыжьи, лӀагъэхэм
къызэрахигъэтэджыкӀыжьыгъэр.

18А нэшэнэ гъэшӀэгъоныр къызэригъэлъэгъуагъэр цӀыфыбэмэ
зэхахыгъэти, Исус пэгъокӀынхэу дэкӀыгъэх.

19Ар залъэгъум, фарисеймэ зэраӀожьыгъ: – Шъуеплъ, ащ зи ешъушӀэн
зэрэшъумылъэкӀырэр шъолъэгъу. Мары, дунаим ицӀыф пстэури ащ ыуж
ехьэ.

**Исус ежь зэраукӀыщтыр къызэриӀуагъэр**

20МэфэкӀ мэфэшхом Тхьэм елъэӀунхэу къэкӀуагъэхэм алыдж цӀыф
заулэхэр ахэтыгъэх.

21Ахэр Галилей хэкум ит къалэу Бет-Сайдэ щыщ Филипп дэжь кӀохи,
елъэӀугъэх: – Тхьэматэ, Исус тлъэгъунэу тыфай.

22Филиппи кӀуи, Индрыс риӀуагъ. ЕтӀанэ Филиппрэ Индрысрэ кӀохи, Исус
раӀуагъ.

23– ЦӀыф Лъэпкъым ы Къо ищытхъушхо цӀыфхэм зыщалъэгъущт
сыхьатыр къэсыгъ, – къариӀуагъ Исус.

24– Шъыпкъэ дэдэр шъосэӀо, коцыцэр чӀыгум хафэу мылӀэмэ, изакъоу
къэнэжьы, ау чӀыгум хафэу зылӀэкӀэ, гъэбэжъушхо къыхьыщт.

25Зыпсэ шӀу зылъэгъурэм ыпсэ шӀокӀодыщт, ау зыпсэ мы дунаим
щызыуджэгъурэм сыдигъуи щыӀэнэу къыгъэнэжьыщт.

26Сэ къысфэлажьэрэр сауж къырэрэкӀу. Сэ сыздэщыӀэми
къысфэлажьэрэри щыӀэщт. Сэ зыгорэ къысфэлажьэмэ Ты лъапӀэм ащ
лъытэныгъэ фишӀыщт.

27– Джы сэгумэкӀы. Сыд сӀона? Сэ ся Т, мы къиныгъом сыхэхыжь есӀона?
Мы къиныгъор сщэчынэу ары дунаим сыкъызфэкӀуагъэр.

28Сэ ся Т, о пцӀэ ищытхъушхо цӀыфхэм ягъэлъэгъу. Исус ар зеӀом,
уашъом макъэ къиӀукӀыгъ: – Сэ сцӀэ ищытхъушхо цӀыфхэм язгъэлъэгъугъ,
джыри язгъэлъэгъущт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

29Цlыф купышхом хэт цlыфхэу ащ дэжьым щытхэм ар зызэхахым, аlуагъ:
– Ар шыблэ гъогъо макъ. – Мэлэlич горэ ащ къыдэгущыlагъ, – аlуагъ
нэмыкlхэм.

30– Мы макъэр сэщ пае къэlугъэп, шъощ пае нахь, – къыlуагъ Исус.

31– Джы Тхьэм дунаим ицlыфхэм хьыкум атыришlыхьащт. Джы Тхьэм мы
дунаим ипщ тыридзыщт.

32Ау цlыфхэм сэ сыкъызаlэтыкlэ, цlыф пстэури садэжь къэсщэщт.

33Ежь зэрэлlэщт шlыкlэр ахэмэ агуригъэlоным пае, Исус а гущыlэхэр
къыlуагъ.

34– Христос егъашlэми зэрэщыlэщтыр Тэурат хабзэм тигъэшlагъ, –
къыриlуагъ цlыф купышхом. – Цlыфхэм Цlыф Лъэпкъым ы Къо
къызэраlэтыщтыр къэоlо, ар сыдэу хъура? Цlыф Лъэпкъым ы Къоу
зыфапlорэр хэта?

35– Нэфынэр джыри зы тlэкlурэ къышъухэтыщт, – ариlуагъ Исус ахэмэ. –
Шlункlыр къышъутемыоу нэфынэр шъуиlэфэ шъукlу. Шlункlым хэтэу
зекlорэм зыдакlорэр ышlэрэп.

36Нэфынэм ибын шъухъуным пае, нэфынэр шъуиlэфэ, нэфынэмкlэ
шlошъхъуныгъэ зижъугъаl. А гущыlэхэр Исус къызеlохэм ыуж, ахэмэ
ахэкlи, амылъэгъужь хъугъэ.

**Джуртхэм яшlошъмыхъуныгъ**

37Исус ащ фэдиз нэшэнэ гъэшlэгъонхэр ахэмэ апашъхьэ
къыщигъэлъэгъуагъэхэми, ежьыркlэ шlошъхъуныгъэ яlэ хъугъэп.

38Аущтэу зыфэхъугъэр мы гущыlэхэу пегъымбар Ешайа
къыlуагъэхэр къэшъыпкъэжьынхэр ары: «Зиусхьан, къэбарэу дгъэlугъэр
хэта зышlошъ хъугъэр? Тхьэу Зиусхьаным ыкlочlэшхуи хэта нафэ
зыфэхъугъэр?»

39А гущыlэхэр шъыпкъэх. А цlыфхэм шlошъхъуныгъэ яlэ хъун
алъэкlыщтыгъэп, сыда пlомэ, пегъымбар Ешайа итхылъ итэу нэмыкl
чlыпlэм къызэрэщиlуагъэм фэдэу,

40«Тхьэм ахэмэ анэхэр нэшъоу къыгъэхъугъэх, агухэри гуркъэхэу
къыгъэхъугъэх. Аущтэу анэхэмкlэ алъэгъурэп, агухэмкlи къагурыlорэп,
ыгъэхъужьынхэм пайи, Тхьэм дэжь агъэзэжьрэп».

41Пегъымбар Ешайа Исус щытхъушхоу иlэн фэягъэр зэрилъэгъугъэм
пае, а гущыlэхэр къыlуагъ. Зигугъу ышlыгъэр Исус ары.

42Ау щытми, джурт тхьэматэхэм ащыщхэу бэмэ Исускlэ шlошъхъуныгъэ
яlэ хъугъэ, ау цlыфмэ апашъхьэ ар къыщаlуагъэп, «Синэгогум
тыкъычlафыщт» аlозэ, фарисейхэм ащыщынэщтыгъэхэти.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

[43]Сыда пIомэ, Тхьэм ищытхъу нахьи цIыфмэ ящытхъу нахь шIу алъэгъущтыгъ.

[44]ЕтIанэ Исус мэкъэшхокIэ къыIуагъ: – СэркIэ шIошъхъуныгъэ зиIэ хъурэм шIошъхъуныгъэ зыфыриIэ хъурэр сизакъоу арэп, сыкъэзгъэкIуагъэмкIи шIошъхъуныгъэ иIэ мэхъу.

[45]Сэ сызылъэгъурэм сыкъэзгъэкIуагъэри елъэгъу.

[46]СэркIэ шIошъхъуныгъэ зиIэр шIункIым къыхэмынэным пае, нэфынэу дунаим сыкъэкIуагъ.

[47]– Сэ сигущыIэхэр зэхэзыххэу, ахэмэ ямыдэIурэр згъэмысэщтэп. Сыда пIомэ, дунаим ицIыфхэр згъэмысэнхэу арэп сыкъызфэкIуагъэр, ахэр мыкIодхэу къэзгъэнэжьынхэу ары нахь.

[48]Сэ сызэзымыпэсэу сигущыIэхэри зымыдэрэм ежь зыгъэмысэн иI. ГущыIэхэу къэсIуагъэхэм ахърэт мафэм а цIыфыр агъэмысэщт.

[49]Сыда пIомэ, сэр-сэрэу сигущыIэхэр къэсIуагъэхэп, ау Ты лъапIэу сыкъэзгъэкIуагъэм къэсIощтхэр унашъо къысфишIыгъ.

[50]Ащ иунашъо цIыфхэм мыкIодыжьын щыIэныгъэ яIэ зэригъэхъурэр сэшIэ. Арышъ, къасIохэрэр зэкIэ Ты лъапIэм къызэриIуагъэм тетэу сэ къэсэIожьых.

## Иуан 13

### Исус игъогу рыкIохэрэм алъакъохэр зэритхьакIыгъэхэр

[1]Iутыжъ зыцIэ мэфэкI мэфэшхор къэсыщтыгъ. Дунаим ехыжьынышъ, Ты лъапIэм дэжь зыщигъэзэжьыщт сыхьатыр къызэрэсыгъэр Исус ышIэщтыгъ. Ежь ицIыфхэу дунаим тетхэр шIу ылъэгъущтыгъэх, кIэухыми нэсыфэ шIу ылъэгъущтыгъэх.

[2]Пчыхьэшъхьашхэ ашIыщтыгъ. Исус тетыгъо зиIэхэм аIэкIигъэхьанэу шэйтаным Симон Искариот ыкъоу Иудэ ыгу рилъхьэгъах.

[3]Исус ыIэ Ты лъапIэм зэкIэ къызэрэрилъхьагъэри, Тхьэм зэрэщыщри, Тхьэм дэжь зэригъэзэжьыщтри ышIэщтыгъ.

[4]Аущтэу Исус Iанэм пэкIи, ищыгъын кIыIутелъ зыщихи, Iэплъэкl къышти, ыбг къырищэкIыгъ.

[5]ЕтIанэ лэджэным псы ригъахъуи, игъогу рыкIохэрэм алъакъохэр афитхьакIыхэу, IэплъэкIэу ыбг ещэкIыгъэмкIи афилъэкIыжьхэу ыублагъ.

[6]Исус Симон Петрэ зыбгъодахьэм, Симон Петрэ ащ къыриIуагъ: – Зиусхьан, слъакъохэр о птхьакIыхэ хъуна?

[7]– Сэ сшIэрэр джы о къыбгурыIорэп, ау етIанэ къыбгурыIощт, – риIожьыгъ Исус.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

8– Сэ слъакъохэр егъашIэми озгъэтхьакIынхэп, – къырипIуагъ Петрэ. –
Пфэсымытхьак Iымэ, сигъогу рыкIохэрэм уащыщэп, – рилIожьыгъ Исус.

9– О Зиусхьан, ащыгъум слъакъомэ ямызакъоу сIэхэри сшъхьи
сфэтхьакIых, – къырипIуагъ Симон Петрэ.

10– Зызгъэпскlыгъэм ылъакъохэр ары ныIэп ытхьакIын фаер, – рилуагъ
Исус, – сыда пIомэ, ар зэкIэ къабзэ; шъори шъукъабз, ауми шъо зэкIэми
шъукъабзэп.

11Исус «Шъо зэкIэми шъукъабзэп» зыкIиIуагъэр ежь тетыгъо зиIэхэм
язгъэубытыщтыр зэрахэтыр ышIэщтыгъэти ары.

12Исус ахэмэ алъакъохэр ытхьакIыхи, ищыгъынхэр зыщилъэжьхи,
зэтIысыжьым, яупчIыгъ: – КъышъуфэсшIагъэр шъошIа?

13Шъо «Дин ГъэсакIокIэ», «ЗиусхьанкIэ» шъукъысэджэ; шъуIорэр тэрэз,
аущтэуи сыщыт.

14Сэ шъуи Зиусхьанэу, шъуи ГъэсакIоу сыщыт пэтми, шъо шъулъакъохэр
къышъуфэстхьакIыгъ. Шъори шъулъакъохэр зэфэшъутхьакIыжьынхэ
фае.

15ШъушIэн фаер шъозгъэлъэгъугъ, сэ къышъуфэсшIагъэм фэдэу, шъори
шъушIэным пае.

16Шъыпкъэ дэдэр шъосэIо, Iофтабгэр итхьэматэ нахьи нахь инэп; ащ
фэдэуи лIыкIор ар зыгъэкIуагъэм нахьи нахь инэп.

17Мы Iофхэр къыжъугурыIохэу, шъогъэцакIэхэмэ, гъогу мафэ
шъутеуцуагъ.

18– Ау шъо зэкIэми къышъохьылIагъэу ар къасIорэп. Сэ къыхэсхыгъэхэр
сэшIэх, ау Тхьэм мы игущыIэ тхыгъэхэр къэшъыпкъэжьынхэ фае:
«Сихьалыгъу зышхыгъэм ылъэдакъэ къысфигъэзэжьи, пый
къысфэхъугъ».

19– Ар къэмыхъузэ, джы шъосэIо, ар хъу зыхъукIэ, сэ сызэрэ
ХристосымкIэ шIошъхъуныгъэ шъуиIэ хъуным пае.

20Шъыпкъэ дэдэр шъосэIо, сэ къэзгъакIорэр къезгъэблагъэрэм сэри
сыригъэблэгъагъэ мэхъу, сэ сезгъэблагъэрэми сэ сыкъэзгъэкIуагъэри
ригъэблэгъагъэу мэхъу.

**Исус игъогу рыкIохэрэм ащыщ горэм ежь тетыгъо зиIэхэм**
**зэраригъэубытыщтыр къызэриIуагъэр**
(Маттэ 26:20-25; Марк 14:17-21; Лука 22:21-23)

21Исус а гущыIэхэр къызеIохэм ыуж, къэгумэкIи, къыушыхьатэу къыIуагъ:
– Шъыпкъэ дэдэр шъосэIо, шъуащыщ горэм тетыгъо зиIэхэм
саригъэубытыщт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

22Ар къызеIом, Исус ахэмэ ащыщэу зыфиIорэр игъогу рыкIохэрэм
амышIэу зэплъыжьыгъэх.

23Игъогу рыкIохэрэм ащыщэу Исус анахь шIу ылъэгъурэр ежь
къыбгъодэсэу Iанэм пэсыгъ.

24Симон Петрэ а нэбгырэу Исус къыбгъодэсым Iэ фишIыгъ, Исус
зыфиIорэмкIэ еупчIынэу.

25А лIым Исус ыбгъэгу зычIидзи, еупчIыгъ: – Зиусхьан, хэта а
зыфапIорэр?

26– Мы хьалыгъу Iулъхьэр апсым хэзгъэонышъ, зэстыщтыр ары
зыфасIорэр, – пэгъокI ытыжьыгъ Исус. ЕтIанэ хьалыгъу Iулъхьэр апсым
хигъауи, Симон Искариот ыкъо Иудэ ритыгъ.

27Иудэ а хьалыгъу Iулъхьэр зештэм, ыгу шэйтаныр къихьагъ. – ПшIэнэу о
угу илъыр шIэхэу шIэ! – риIуагъ Исус Иудэ.

28Ау Исус ащ аущтэу зыкIыриIуагъэр Iанэм пэсыгъэмэ ащыщэу зыми
къыгурыIуагъэп.

29Иудэ ахэмэ яахъщалъэ ыIыгъыгъэти, е «Iутыжъ мэфэшхом пае
тищыкIагъэр къэщэф», е «ТхьамыкIэхэм зыгорэ ят» Исус ащ риIуагъэу
заулэмэ къашIошIыгъ.

30Иудэм хьалыгъу Iулъхьэр Исус къызэрэIихэу, унэм икIыгъ. Чэщыгъэ.

### УнэшъуакIэр

31Иудэ унэм зекIым, Исус къыIуагъ: – Джы цIыфхэм ЦIыф Лъэпкъым ы
Къо ищытхъушхо алъэгъущт, ежьыри Тхьэм ищытхъушхо
аригъэлъэгъущт.

32Ащ Тхьэм ищытхъушхо цIыфхэм арегъэлъэгъушъ, ежь Тхьэми ЦIыф
Лъэпкъым ы Къо ищытхъушхо цIыфхэм аригъэлъэгъущт. Бэ темышIэуи
Тхьэм ащ ищытхъушхо аригъэлъэгъущт.

33– Сибынхэр, сышъуигъусэнэу къэнэжьырэр бэп. Шъо
шъукъыслъыхъущт, ау «СыздакIорэм шъо шъукъэкIон шъулъэкIыщтэп»
сIуи, джуртмэ зэрясIуагъэм фэдэу, джы шъори шъосэIо.

34– УнэшъуакIэ шъосэты: ШIу шъузэрэлъэгъу. Сэ шIу
шъузэрэслъэгъугъэм фэдэу, шъори шIу шъузэрэлъэгъу.

35Шъо шIу шъузэрэлъэгъумэ, шъо сигъогу шъузэрэрыкIорэр цIыф
пстэуми ашIэщт.

### «Сэ сызыщыщыр умышIэу къэпIощт» Исус Петрэ зэрэриIуагъэр

(Маттэ 26:31-35; Марк 14:27-31; Лука 22:31-34)

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

36Симон Петрэ Исус къыриӏуагъ: – Зиусхьан, тыда уздакӏорэр? – Сэ
сыздакӏорэм джы укъыскӏэлъыкӏон плъэкӏыщтэп, ау етӏанэ
укъыскӏэлъыкӏощт, – риӏожьыгъ Исус.

37– Зиусхьан, – къыриӏуагъ Петрэ. – Сыд джы сыкъыпкӏэлъыкӏон
зыкӏэсымылъэкӏыщтыр? Ощ пае сэ спсэ стыщт.

38– Сэщ пае о ппсэ птыщта? – джэуап ытыжьыгъ Исус. – Шъыпкъэ дэдэр
осэӏо, атакъэр ӏоным ыпэкӏэ сэ сызыщыщыр умышӏэу гъогогъуищэ
къэпӏощт!

## Иуан 14

### Исус – Ты лъапӏэм дэжь кӏорэ гъогур

1– Шъумыгумэкӏ. Тхьэмкӏэ шӏошъхъуныгъэ зижъугъаӏ, сэркӏи
шӏошъхъуныгъэ зижъугъаӏ.

2Сэ ся Тэ иунэшхо унэу хэтхэр бэ; армырыгъэмэ, шъосӏощтыгъэ: «Чӏыпӏэ
къышъуфэзгъэхьазырынэу сыкӏощт».

3Сыкӏоу, чӏыпӏэ къызышъуфэзгъэхьазыркӏэ, сыкъэкӏожьынышъ,
сыздэщыӏэм шъори шъущыӏэнэу шъуздэсщэщт.

4Сыздакӏорэм игъогу шъо шъошӏэ.

5– Зиусхьан, – къыриӏуагъ Фомэ Исус, – уздакӏорэр тшӏэрэп. Арышъ,
уздакӏорэм игъогу сыдэущтэу тшӏэн тлъэкӏына?

6– Гъогури, шъыпкъэри, щыӏэныгъэри сэры, – риӏожьыгъ Исус. – Сэ
сигъогу рымыкӏомэ, Ты лъапӏэм дэжь цӏыф зи кӏошъущтэп.

7Сэ сышъошӏэмэ, ся Ти шъошӏэ. Джы щегъэжьагъэу ся Тэ шъошӏэ,
шъулъэгъугъэ.

8– Зиусхьан, – къыӏуагъ Филипп, – Ты лъапӏэр тэгъэлъэгъуи, ар
тфикъущт.

9– Мыщ фэдизрэ сышъуигъусагъэу, джыри о сымышӏэу ара, Филипп? –
риӏуагъ Исус. – Сэ сызылъэгъугъэм Ты лъапӏэри ылъэгъугъ. Арышъ, о
«Ты лъапӏэр тэгъэлъэгъу» сыдэущтэу пӏошъура?

10Сэ Ты лъапӏэм сыщыщэу, ежь ыгу сызэрилъ зэпытри, Ты лъапӏэри сэ
къысщыщэу, сыгу зэрилъ зэпытри пшӏошъ хъурэба? Гущыӏэхэу
къышъуасӏохэрэр сэр-сэрэу къасӏохэрэп. Ты лъапӏэу къысщыщэу, сыгу
илъ зэпытым иӏофхэр егъэцакӏэх.

11Сэ Ты лъапӏэм сыщыщэу, ежь ыгу сызэрилъ зэпытри, Ты лъапӏэри
къысщыщэу, сыгу зэрилъ зэпытри зысӏокӏэ, шъушӏошъ жъугъэхъу. Ар
мыхъуми, ӏофхэу сэ згъэцакӏэхэрэм апае шӏошъхъуныгъэ зижъугъаӏ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)

12Шъыпкъэ дэдэр шъосэІо, сэркІэ шІошъхъуныгъэ зиІэм Іофхэу згъэцакІэхэрэр ыгъэцэкІэщтых, ахэмэ анахьи нахь Іофышхохэри ыгъэцэкІэщтых, сыда пІомэ, сэ Ты лъапІэм дэжь сыкІожьыщт.

13Сэ сцІэкІэ сыд щыщкІи Ты ЛъапІэм шъуелъэІумэ, къышъуфэсшІэщт, ы Къо Ты лъапІэм ищытхъушхо цІыфхэм аригъэлъэгъуным пае.

14Сэ сцІэкІэ сыд щыщкІи шъукъысэлъэІумэ, къышъуфэсшІэщт.

### Тхьэм ы Псэ ЛъапІэ къафыригъэхынэу Исус игъогу рыкІохэрэр зэригъэгугъагъэхэр

15– Шъо сэ шІу сышъулъэгъумэ, сиунашъохэр жъугъэцэкІэщтых.

16Сэ Ты лъапІэм селъэІунышъ, ащ шъуигукъао Шъушъхьэщызыхыжьын нэмыкІ горэ къышъуфыригъэхыщт. Ар шъуигъусэ зэпытыщт.

17Тхьэм ы Псэ ЛъапІэу цІыфхэм шъыпкъэр язгъашІэрэр ары. Дунаим ицІыфхэм ар зэрамылъэгъурэм ыкІи зэрамышІэрэм пае, ар агу илъынэу адэн алъэкІырэп, ау шъо ар шъошІэ, сыда пІомэ, шъуигъусэшъ, шъугу илъ зэпытышъ ары.

18Шъыпкъэ, шъо ибэу шъукъэзгъэнэщтэп; шъуадэжь сыкъэкІожьыщт.

19ТІэкІу шІэмэ, дунаим ицІыфхэм салъэгъужьыщтэп, ау шъо сышъулъэгъущт, сыда пІомэ, сэ сыщыІэшъ, шъори шъущыІэщт.

20Ау ся Тэ ыгу сызэрилъ зэпытри, шъори сыгу шъузэрилъ зэпытри, сэри шъо шъугухэм сызэрарылъ зэпытри а мафэм шъо шъушІэщт.

21Сиунашъохэр зиІэу, ахэр зыгъэцакІэрэр ары сэ шІу сызылъэгъурэр. Сэ шІу сызылъэгъурэр ся Ти шІу къылъэгъущт. Сэри ар шІу слъэгъущт ыкІи зыкъезгъэлъэгъущт.

22Джащыгъум Иудэ (Иудэ Искариотыр арэп) Исус къыриІуагъ: – Зиусхьан, дунаим ицІыфхэм о зямыгъэлъэгъоу, тэ зыкъытэбгъэлъэгъунэу оІо, ар сыдэущтэу хъура?

23– Сэ шІу сызылъэгъурэм сигущыІэхэр ыгъэцэкІэщтых, – риІожьыгъ Исус. – Сэ ся Ти ар шІу къылъэгъущт, а цІыфыми дэжь тэ тыкъэкІонышъ, ащ ыгу тилъыщт.

24ШІу сызымылъэгъурэм сигущыІэхэр ыгъэцакІэхэрэп. ГущыІэхэу къасІохэу зэхэшъуххэрэр сэ сигущыІэхэп, Ты лъапІэу сыкъэзгъэкІуагъэм игущыІэх нахь.

25– Сышъуигъусэфэ, а гущыІэхэр къышъосІуагъ.

26Ау шъуигукъао Шъушъхьэщызыхыжьрэр, Тхьэм ы Псэ ЛъапІ ары, сэ сцІэкІэ Ты лъапІэм къышъуфыригъэхыщт. Ащ зэкІэ шъуигъэшІэщт, сэ къышъосІуагъэхэри зэкІэ шъугу къыгъэкІыжьыщтых.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышІур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

27Гупсэф къышъуфэсэгъанэ, сигупсэф шъосэты. Гупсэфэу сэ шъостырэр дунаим къышъуитын ылъэкIырэп. Шъумыгумэкl, шъумыщын.

28– «СышъухэкIыжьми, шъуадэжь сыкъэкIожьыщт» зэрэшъосIуагъэр зэхэшъухыгъэ. Сэ шIу сышъулъэгъугъэмэ, «Ты лъапIэм дэжь сыкIожьыщт» зэрэсIуагъэмкIэ шъугушIощтыгъ, сыда пIомэ, Ты лъапIэр сэщ нахьи нахь ин.

29Мы Iофыр къэхъуным ыпэкIэ шъосIуагъэ, ар хъу зыхъукIэ, шIошъхъуныгъэ шъуиIэ хъуным пае.

30Ащ нахьыбэрэ сыкъыжъудэгущыIэжьыщтэп, сыда пIомэ, мы дунаим ипщ къэкIо пэт. Ащ иIоф сэ къысхэлъэп.

31Ау Ты лъапIэр шIу зэрэслъэгъурэри, унашъоу къысфишIыгъэхэр зэрэзгъэцакIэхэрэри дунаим ицIыфхэм ашIэн фае. Шъукъэтэджи, мыщ тыIужъугъэкIыжь.

## Иуан 15

### Сэнэшъхьэ къулэ шъыпкъэр – Исус

1– Сэнэшъхьэ къулэ шъыпкъэр сэры, сэнэшъхьэшIэри ся Т ары.

2Сикъутамэхэм ащыщэу зи къызпымыкIэрэр пеупкIы. Сыдрэ къутамэуи къызпыкIэрэр еукъэбзы, нахьыбэ къыпыкIэным пае.

3ГущыIэхэу шъосIуагъэхэмкIэ шъо шъугухэр укъэбзыгъахэх.

4Сэ шъугухэм сарыжъугъэлъ зэпыт, шъори сыгу шъуилъ зэпытыщт. Къутамэр сэнэшъхьэ къулэм пымытмэ, зи къызэрэпымыкIэшъуущтым фэдэу, шъори шъугухэм сарышъумыгъэлъ зэпытмэ, шIугъэ къышъупыкIыщтэп.

5– Сэнэшъхьэ къулэр сэры, къутамэхэри шъоры. ЦIыф горэм ыгу сэ силъ зэпытэу, ежьыри сыгу илъ зэпытмэ, а цIыфым бэу шIугъэ къыпыкIыщт; сыда пIомэ, сэ сышъуимыгъусэмэ, зи шъушIэн шъулъэкIыщтэп.

6ЦIыф горэм ыгу симылъ зэпытмэ, къутамэм фэдэу ар чIадзыжьынышъ, гъужьыщт. Ащ фэдэ къутамэхэр аугъоинхэшъ, машIом падзэнхэшъ, агъэстыжьыщтых.

7Шъо шъугухэм сарылъ зэпытэу, сигущыIэхэри шъугухэм арылъ зэпытхэмэ, сыдми шъузыфаемкIэ ся Тэ шъуелъэIу, ащыгъум шъузэрелъэIурэри шъуиIэ хъущт.

8ЦIыфмэ сэ ся Тэ щытхъушхо зэрэфяжъугъэшIыщтыр шъо бэу шIугъэ къызэрэшъупыкIырэр ары. Аущтэу сигъогу шъузэрэрыкIорэр къэжъугъэлъэгъощт.

9– Ты лъапIэм шIу сызэрилъэгъугъэм фэдэу, сэри шъо шIу шъуслъэгъугъ. СишIулъэгъуныгъэ зыхэшъумыгъэн.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

10Сиунашъохэр зыжъугъэцакlэхэкlэ, шlу шъуслъэгъу зэпытыщт, сэри ся
Тэ иунашъохэр зэрэзгъэцэкlагъэхэм пае, ащ шlу сызэрилъэгъу зэпытрэм
фэдэу.

11А lофхэр къызфышъосlуагъэхэр сигушlуагъо шъугухэм арылъынышъ,
шъуигушlуагъуи икъугъэ хъуныр ары.

12Мыры сиунашъо: Сэ шlу шъузэрэслъэгъугъэм фэдэу, шъори шlу
шъузэрэлъэгъун фае.

13Цlыфэу ежь иныбджэгъухэм апае зыпсэ зытырэм ишlулъэгъуныгъэ
нахь шlулъэгъуныгъэшхо щыlэп.

14Сиунашъохэр шъогъэцакlэхэмэ, шъори шъусиныбджэгъу.

15Джы шъо lофтабгэхэкlэ сышъоджэжьрэп, сыда пlомэ, lофтабгэм ежь
итхьэматэ игухэлъ ышlэрэп. Сэ шъо синыбджэгъухэкlэ сышъоджагъ,
сыда пlомэ, ся Тэ къыlохэу зэхэсхыгъэхэр зэкlэ къышъуфэсlотэжьыгъэх.

16Шъо сэ сыкъыхэшъухыгъэп, ау шъо шъукъыхэсхыгъ. Шъо шъукlонышъ,
шlугъэ къышъупыкlынышъ, а шlугъэри къэнэжьынэу згъэнэфагъэ.
Джащыгъум сэ сцlэкlэ сыд щыщкlи Ты лъапlэм шъуелъэlумэ,
къышъуфишlэщт.

17Шlу шъузэрэлъэгъуныр ары унашъоу къышъуфэсшlырэр.

**Дунаим ицlыфхэм Исус игъогу рыкlохэрэр зэрауджэгъухэрэр**

18– Дунаим ицlыфхэм шъуауджэгъумэ, шъо шъуауджэгъуным ыпэкlэ,
сэри сызэрауджэгъугъэр зыщышъумыгъэгъупш.

19Мы дунаим шъущыщыгъэмэ, мы дунаим ицlыфхэм ежьхэм афэдэу шlу
шъуалъэгъущтыгъ. Джы зэрэщытымкlэ, мы дунаим шъущыщэп, ау мы
дунаим шъуиlахь хэмылъынэу шъо шъукъыхэсхыгъ. Джары дунаим
ицlыфхэм шъузыкlауджэгъурэр.

20Сэ къышъосlогъэ гущыlэхэр зыщышъумыгъэгъупшэх: lофтабгэр
итхьэматэ нахьи нахь инэп. Сэ къин сагъэщэчыгъ, шъори къин
шъуагъэщэчыщт. Сэ сигущыlэхэм ядэlугъэхэмэ, шъо шъуигущыlэхэми
ядэlущтых.

21Ау сэ сцlэ зэрэжъугъэлъапlэрэм пае, а бзэджагъэ пстэури
къышъуашlэщт, сыда пlомэ, сэ сыкъэзгъэкlуагъэр ашlэрэпышъ ары.

22Сэ сыкъакlуи, сигущыlэхэр ясымыlуагъэхэмэ, псэкlод ялэщтыгъэп, ау
джы псэкlодэу ашlагъэхэм апае фэгъэгъу зи ялэп.

23Сэ сызыуджэгъурэм ся Ти еуджэгъу.

24Сэщ нэмыкl зыми ымыгъэцэкlэгъэ lофышхохэр ахэмэ апашъхьэ
щысымышlагъэхэмэ, ахэмэ псэкlод ялэщтыгъэп. Ау джы а lофышхохэу сэ
сшlагъэхэр алъэгъугъэхэ пэтми, сэри ся Ти тауджэгъу.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

25Ау аущтэу зыфэхъун фаер мы гущыIэхэу ахэмэ я Тэурат хабзэ
итхэр къэшъыпкъэжьынхэр ары: «Сэ лажьэ симыIэ пэтми, сауджэгъугъ».

26– Ау Ты лъапIэм дэжь къикIэу шъуигукъао Шъушъхьэщызыхыжьрэр
къышъуфезгъэхыщт. Ар Ты лъапIэм дэжь къикIэу, Тхьэм ы Псэ ЛъапIэу
цIыфхэм шъыпкъэр язгъашIэрэр ары. Ар къызыкIокIэ, шыхьат сэ
къысфэхъущт.

27Шъори шыхьат шъукъысфэхъущт, сыда пIомэ, апэм щегъэжьагъэу
шъусигъусагъэшъ ары.

## Иуан 16

1– А Iофхэр зэкIэ къызыфышъосIуагъэхэр сэ сигъогу шъутемыкIыныр
ары.

2Синэгогухэм шъуакъычIафыщт. Ащ имызакъоу, хэт щыщми
шъузыукIырэр Тхьэм фэлажьэкIэ зыгугъэщт мафэри къэсыщт.

3Ты лъапIэри сэри тызэрамышIагъэм пае, а Iофхэр ашIэщт.

4Ау а Iофхэр джы къызкIышъосIуагъэхэр а мафэр къызыскIэ, ахэр
къызэрэшъосIуагъэхэр шъугу къэжъугъэкIыжьынхэу ары.
Сышъуигъусагъэти, нахьыпэкIэ ахэр сэ къышъуасIощтыгъэхэп.

**Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ ыгъэцакIэрэ Iофхэр**

5– Джы сыкъэзгъэкIуагъэм дэжь сыкIожьыщт. Ау шъуащыщ гори «Тыдэ
укIорэ?» ыIоу къысэупчIырэп.

6Ау а Iофхэр зэрэшъосIуагъэхэм пае, шъугу мапэ.

7Ау шъыпкъэр шъосэIо, сэ сызэрэшъухэкIырэр шъоркIэ нахьышIу; сыда
пIомэ, сышъухэмыкIымэ, шъуигукъао Шъушъхьэщызыхыжьрэр
къышъуфэкIощтэп. СызыкIокIэ, ар къышъуфезгъэхыщт.

8Шъуигукъао Шъушъхьэщызыхыжьрэр къызыкIокIэ, псэкIодшIэныр
зыфэдэри, шъыпкъэр зыфэдэри, Тхьэм мы дунаим ицIыфхэм хьыкум
зэратыришIыхьащтри зэхаригъэшIыкIыщт:

9сэркIэ шIошъхъуныгъэ яIэ зэрэмыхъугъэр зэрэпсэкIодыр
зэхаригъэшIыкIыщт.

10Шъыпкъэр зэрэсиIэри зэхаригъэшIыкIыщт, сыда пIомэ, сэ Ты лъапIэм
дэжь сыдэкIоежьынышъ, сышъулъэгъужьыщтэп.

11Тхьэм ихьыкум цIыфхэм атыришIыхьаныр зыфэдэри
зэхаригъэшIыкIыщт, сыда пIомэ, Тхьэм мы дунаим ипщ ыгъэмысэгъах.

12– Джыри къышъосIонэу щыIэр бэ, ау джы шъо ар шъущыIэн
шъулъэкIыщтэп.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

13Ау Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэу цӀыфхэм шъыпкъэр язгъашӀэрэр къызыкӀокӀэ,
шъыпкъэр зэкӀэ зэхышъуигъэшӀыкӀыщт. Ежь-ежьырэу зи къыӀощтэп,
Тхьэм къыӀохэу зэхиххэрэр ары къыӀощтхэр, къэхъущт-къэшӀэщтхэри
къышъуигъэӀущтых.

14Ащ щытхъуушхо къысфишӀыщт, сыда пӀомэ, Ӏофхэу шъуигъэшӀэщтхэр
зэкӀэ сэ садэжь къекӀыхэшъ ары.

15Ты лъапӀэм иӀэр зэкӀэ сэсый. Ары зыкӀэсӀуагъэр Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэм
сигущыӀэхэр зэрэшъуигъэшӀэщтхэр.

**Исус игъогу рыкӀохэрэм ягукъао атырихынышъ, гушӀуагъокӀэ зэрэзэблихъущтыр**

16– ТӀэкӀу шӀэмэ, сышъулъэгъужьыщтэп, етӀани тӀэкӀу шӀэмэ
сышъулъэгъужьыщт; сыда пӀомэ, Ты лъапӀэм дэжь сыдэкӀоежьыщтышъ
ары.

17Исус ар зеӀом, игъогу рыкӀохэрэм ащыщхэм зэраӀожьыгъ: – «ТӀэкӀу
шӀэмэ, сышъулъэгъужьыщтэп, етӀани тӀэкӀу шӀэмэ, сышъулъэгъужьыщт»,
етӀани «Ты лъапӀэм дэжь сыдэкӀоежьыщт» зиӀокӀэ къаригъэкӀырэр сыд
шъуӀуа?

18Аущтэу ахэмэ аӀо зэпытыщтыгъ: – «ТӀэкӀу шӀэмэ» зыфиӀорэм
къыригъэкӀырэр тшӀэрэп.

19Исус ахэр къеупчӀыхэмэ зэрашӀоигъор къышӀи, ариӀуагъ: – «ТӀэкӀу
шӀэмэ, сышъулъэгъужьыщтэп, етӀани тӀэкӀу шӀэмэ, сышъулъэгъужьыщт»
зыфэсӀуагъэмкӀэ шъузэупчӀыжьа?

20Шъыпкъэ дэдэр шъосэӀо, шъо шъугъыщт, шъупыхьащт, ау дунаим
ицӀыфхэр гушӀощтых. Шъо шъугу къеощт, ау шъуигукъао текӀынышъ,
гушӀуагъокӀэ зэблэхъугъэ хъущт.

21Бзылъфыгъэр хъушъэн ихьэмэ, къин ещэчы, сыда пӀомэ, къин
зыщищэчын фэе уахътэр къэсыгъэшъ ары. Ау сабыир къызыфэхъукӀэ,
гушӀозэ къинэу ыщэчыгъэр щэгъупшэжьы, сыда пӀомэ, дунаим зы цӀыф
къытехъуагъэшъ ары.

22Ащ фэдэу шъори джы гукъао шъуиӀ, ау сэ шъуслъэгъужьыщт.
Джащыгъум шъори шъугушӀожьыщт, а гушӀуагъори зыми
шъутырихыщтэп.

23А мафэм зыкӀи шъукъысэупчӀыщтэп. Шъыпкъэ дэдэр шъосэӀо, сэ сцӀэкӀэ
Ты лъапӀэм сыд щыщкӀи шъуелъэӀумэ, къышъуфишӀэщт.

24Джы нэс сэ сцӀэкӀэ ся Тэ зыкӀи шъуелъэӀугъэп. ШъуелъэӀуи,
шъузэрелъэӀурэри шъуиӀэ ыгъэхъущт, шъуигушӀуагъо икъугъэ хъуным
пае.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

25– А Іофхэр гъэсэпэтхыдэхэмкІэ шъосІуагъэх. Ау гъэсэпэтхыдэхэмкІэ
сыкъызыжъудэмыгущыІэжьын мафэр къэсыщт. А мафэр къызыскІэ, Ты
лъапІэм ехьылІагъэу нафэу шъосІощт.

26А мафэм сэ сцІэкІэ Ты лъапІэм шъуелъэІущт. Шъо къышъохьылІагъэу
Ты лъапІэм селъэІунэу шъуасІорэп;

27сыда пІомэ, шъо шІу сышъулъэгъугъэу, Тхьэм сызэрэщыщымкІэ
шІошъхъуныгъэ шъуиІэ зэрэхъугъэм пае, ежь Ты лъапІэми шъо шІу
шъуелъэгъу.

28Ты лъапІэм сыщыщэу дунаим сыкъытехьагъ. Джыри зэ дунаим
сытекІыжьынышъ, Ты лъапІэм дэжь сыдэкІоежьыщт.

29– Джы гъэсэпэтхыдэ хэмытэу, нафэу укъэгущыІэ, – къаІуагъ Исус игъогу
рыкІохэрэм.

30– О зэкІэри зэрэпшІэрэри, цІыф горэм ыгу илъыр пшІэным пае, а
цІыфыр къыоупчІыжьынэу щыкІагъэ зэрэуимыІэри джы зэдгъэшІагъ. Ащ
пае Тхьэм о узэрэщыщымкІэ шІошъхъуныгъэ тиІ.

31– Джы шІошъхъуныгъэ шъуиІэ хъугъа? – ариІуагъ Исус ахэмэ.

32– Мары, шъо шъузэбгырыкІыжьэу, шъуащыщэу хэти иунэ зигъэзэжьыщт
игъор къэсы пэт ыкІи къэсыгъах. Сэ сизакъоу утыгум сыкъишъунэщт, ау
сизакъоп, сыда пІомэ, Ты лъапІэр сигъусэшъ ары.

33– А Іофхэр сэ къызфышъосІуагъэхэр сэ шъугухэм сызэрарылъым пае,
гупсэф шъуиІэ хъуныр ары. Дунаим къин щышъущэчыщт, ау шъугу
шъумыгъэкІоды: сэ дунаим сытекІуагъ.

## Иуан 17

### Исус Тхьэм зэрелъэІугъэр

1А гущыІэхэр къызеІохэм, Исус уашъом дэплъыий, къыІуагъ: – Сэ ся Т,
игъо къэсыгъ. О п Къо ищытхъушхо цІыфхэм ягъэлъэгъу, о п Къуи
уищытхъушхо цІыфхэм аригъэлъэгъуным пае.

2Сыда пІомэ, цІыф пстэуми тетыгъо афыриІэнэу о п Къо ыІэ ахэр
иплъхьагъэх, о ащ ыІэ иплъхьэгъэ цІыф пстэуми мыкІодыжьын
щыІэныгъэ аритыным пае.

3ЦІыфхэм мыкІодыжьын щыІэныгъэ яІэ зэрэхъурэ гъогур о Тхьэ шъыпкъэ
закъор узэрашІэщтри, о къэбгъэкІогъэ Исус Христос зэрашІэщтри ары.

4Сэ Іофэу згъэцэкІэнэу спшъэ къиплъхьагъэр зэрэзгъэцэкІагъэмкІэ
дунаим ицІыфхэм о уищытхъушхо язгъэлъэгъугъ.

5Джы, ся Т, дунаир къэхъуным ыпэкІэ, уадэжь щысиІэгъэ щытхъушхом
фэдэ щытхъушхо уадэжь щысиІэ гъэхъу.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышІур (Инджыл)

6– Дунаим яIахь хэмылъынэу сIэ къиплъхьэгъэ цIыфмэ о уязгъэшIагъ.
Ахэр о уицIыфыгъэх, сIэ къиплъхьагъэх, уигущыIэхэри агъэцэкIагъэх.

7Сэ сIэ къиплъхьагъэр зэкIэ уадэжь къызэрикIыгъэр ахэмэ джы ашIэ;

8сыда пIомэ, о сIэ къиплъхьэгъэ гущыIэхэр сэ ахэмэ аIэ ислъхьажьыгъэх.
Ахэмэ а гущыIэхэр аштагъэх. Сэ о сызэрэпщыщым ишъыпкъагъэ
зэрагъэшIагъ, о сыкъызэрэбгъэкIуагъэмкIи шIошъхъуныгъэ яIэ хъугъэ.

9Сэ ахэмэ апае сыолъэIу. Дунаим ицIыфхэр арэп сыкъызфыолъэIурэр, о
сэ сIэ къиплъхьэгъэ цIыфхэр ары нахь, сыда пIомэ, ахэр оуиех.

10ЦIыфхэу сIэ илъхэр зэкIэри о уиех, уицIыфхэри зэкIэ сэ сиех. Ахэми
сищытхъуушхо агъэнафэ.

11Сэ джы дунаим сытетыжьыщтэп, ау ахэр джыри дунаим тетых. Сэ
уадэжь сыкъэкIожьыщт. Ся Тэ лъапI, о пцIэу сэ къысэптыгъэм ыкIуачIэкIэ
ахэр къэухъумэх, оррэ сэррэ зы тызэрэхъурэм фэдэу, ахэри зы хъунхэм
пае.

12Сэ ахэмэ сызырягъусэм, о пцIэу къысэптыгъэм ыкIуачIэкIэ ахэр
къэсыухъумэщтыгъэх, сафэсакъыщтыгъ. КIодын фэе цIыфым нэмыкI
ахэмэ ащыщэу зи кIодыгъэп, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэр
къэшъыпкъэжьынхэм пае.

13– Ау джы уадэжь сыкъэкIожьыщт. Дунаим сытетыфэ, мы гущыIэхэр
къэсэIох, сигушIуагъо ахэмэ агухэм икъугъэу арылъ хъуным пае.

14О уигущыIэхэр ахэмэ аIэ ислъхьажьыгъэх. Сэ мы дунаим
сызэрэщымыщым фэдэу, ахэри мы дунаим зэрэщымыщхэм пае, мы
дунаим ицIыфхэм ахэр ауджэгъугъэх.

15Сыкъызэрэолъэ1урэр ахэр дунаим тепхыжьынхэр арэп, шэйтаным о
щыуухъумэнхэр ары нахь.

16Сэ мы дунаим сызэрэщымыщым фэдэу, ахэри мы дунаим щыщхэп.

17Ахэмэ шъыпкъэмкIэ зыкъыуатыжьынэу гъэхъу. О уигущыIэхэр ары
шъыпкъэхэр.

18О дунаим сыкъызэрэбгъэкIуагъэм фэдэу, сэри ахэр дунаим
згъэкIуагъэх.

19Сэ ахэмэ яхьатыркIэ зыкъыосэты, ахэми шъыпкъэу зыкъыуатыгъэ
хъуным пае.

20– Ахэмэ язакъоп сэ сыкъызфыолъэIурэр, ахэмэ ягущыIэхэмкIэ сэркIэ
шIошъхъуныгъэ зиIэ хъущт цIыфхэми сакъыфыолъэIу.

21Ахэри зэкIэ зы орэхъух. О ся Тэ, сыгу уилъ зэпытэу, сэри о угу
сызэрилъ зэпытым фэдэу, тэ ахэми агухэм тарылъ зэпытынэу

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

сыкъыолъэlу. Ащыгъум о сыкъызэрэбгъэкlуагъэмкlэ дунаим ицlыфмэ шlошъхъуныгъэ яlэ хъущт.

22 О сэ щытхъушхо сиlэ зэрэбгъэхъугъэм фэдэу, сэри ахэмэ щытхъушхо яlэ згъэхъугъэ, тэ тызэрэзым фэдэу, ахэри зы хъунхэм пае:

23 сэ ахэмэ агухэм сарылъ зэпытэу, о сэ сыгу уилъ зэпытэу, шъыпкъэмкlэ зы орэхъух. Ащыгъум о сыкъызэрэбгъэкlуагъэри, шlу сызэрэплъэгъугъэм фэдэу, ахэри шlу зэрэплъэгъугъэхэри дунаим ицlыфхэм ашlэщт.

24 – Ся Т, цlыфхэу о сlэ къиплъхьагъэхэр сыздэщыlэм сигъусэхэу щыlэхэ сшlоигъу, щытхъушхоу сиlэ бгъэхъугъэр алъэгъуным пае. А щытхъушхор сиlэ зыкlэбгъэхъугъэр дунаир къэхъуным ыпэкlэ шlу сызэрэплъэгъугъэр ары.

25 – Ся Тэ заф, дунаим ицlыфхэм о уашlэрэп, ау сэ усэшlэ. Сицlыфхэм о сыкъызэрэбгъэкlуагъэр ашlэ.

26 Сэ ахэмэ уязгъэшlагъ, уязгъэшlэщт, шlулъэгъуныгъэу о къысфыуиlэр ахэми агухэм арылъ зэпытыным паий, сэри ахэмэ агухэм сарылъ зэпытыным паий.

## Иуан 18

### Исус зэраубытыгъэр

(Маттэ 26:47-56; Марк 14:43-50; Лука 22:47-53)

1 Исус а гущыlэхэр къызэlохэ ужым, дэкlи, игъогу рыкlохэрэр игъусэхэу Кедрон зыцlэ къуладжэм зэпырыкlыгъ. Ащ дэжьым хатэ горэ lулъыгъ. Исусрэ игъогу рыкlохэрэмрэ а хатэм дэхьагъэх.

2 Иудэу Исус тетыгъо зиlэхэм язгъэубытыщтым а чlыпlэр ышlэщтыгъ, сыда пlомэ, Исусрэ игъогу рыкlохэрэмрэ а чlыпlэм бэрэ щызэlукlэщтыгъэх.

3 Джаущтэу дзэлl купрэ къэрэгъулэ купэу дин пэщэшхохэми фарисейхэми агъэкlуагъэмрэ Иудэ зыдищагъэх. Ахэр машlо зыхэгъэнэгъэ бэщхэри, остыгъэхэри, lашэхэри аlыгъхэу къэкlуагъэх.

4 Исус къехъулlэщтыр зэкlэ ешlэти, апэгъокlи, яупчlыгъ: – Хэта шъуузлъыхъурэр?

5 – Назарет щыщ Исус ары, – къыраlуагъ ахэмэ. – Сэры ар, – ариlуагъ Исус. Иудэу Исус ахэмэ язгъэубытыщтыр ахэтыгъ.

6 «Сэры ар», – Исус зареlом, зэкlакlохи, ахэмэ чlыгум зырадзыхыгъ.

7 – Хэта шъуузлъыхъурэр? – яупчlыгъ джыри зэ Исус. – Назарет щыщ Исус ары, – къыраlожьыгъ ахэмэ.

8 – Сэры ар шъуосlуагъэба? – ариlуагъ Исус. – Сэрымэ шъуузлъыхъурэр, сигъусэхэм зи яшъумышlэу, орэкlожьых!

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

[9]Исус аущтэу зыфиIуагъэр ежь мы гущыIэхэу Ты лъапIэм риIогъагъэхэр
къэшъыпкъэжьынхэр ары: – О сIэ къиплъхьэгъэ цIыфхэм ащыщэу зи
згъэкIодыгъэп.

[10]Симон Петрэ чатэ зыдиIыгъыгъэти, ар къырихи, дин пэщэшхом иунэIут
еуи, иджабгъу тхьакIумэ гуиупкIыгъ. А унэIутым ыцIагъэр Малх.

[11]– Чатэр сапIэм илъхьажь, – риIуагъ Петрэ Исус. – Ты лъапIэм
къыситыгъэ къиным ишъуалъэ итым сешъон фаеба?

**Исус дин пэщэшхом ыпашъхьэ зэрэращагъэр**
(Маттэ 26:57-58; Марк 14:53-54; Лука 22:54)

[12]ЕтIанэ дзэ пащэр ягъусэу дзэлI купымрэ джурт къэрэгъулэхэмрэ Исус
аубыти, Iэхъу тыралъхьагъ.

[13]Ыпэ рапшIэу Аннэ зыцIэм дэжь ащагъ. Кайафэу а илъэсым дин
пэщэшхуагъэм ишIупщыгъ Аннэр.

[14]А Кайафэ ары адрэ джуртхэм агурызгъаIозэ, моущтэу языIогъагъэр:
«Тэ тлъэпкъ зэкIэ лIэным нахьи, нэбгырэ закъо лIэмэ, нахьышIу».

**Петрэ Исус зыщыщыр ымышIэу къызэриIуагъэр**
(Маттэ 26:69-70; Марк 14:66-68; Лука 22:55-57)

[15]Симон Петрэрэ Исус игъогу рыкIохэрэм ащыщэу нэмыкI горэмрэ Исус
кIэлъыкIощтыгъэх. А лIэу Исус игъогу рыкIорэр дин пэщэшхом
инэIосагъэти, Исус игъусэу дин пэщэшхом ищагу дэхьагъ.

[16]Ау Петрэ дэмыхьэу, къэлэпчъэ кIыбым къэнагъ. Ащ нэужым Исус игъогу
рыкIорэ лIэу дин пэщэшхом инэIуасэр къыдэкIыжьи, пчъэIут пшъашъэм
дэгущыIи, Петрэ щагум дищагъ.

[17]– Ори а лIым игъогу рыкIохэрэм уащыщба? – къыриIуагъ пчъэIут
пшъашъэм Петрэ. – Хьау, сэ ахэмэ сащыщэп, – ыIуагъ Петрэ.

[18]ЧъыIагъэти, унэIутхэмрэ адрэ лIыхэмрэ шIомыкI машIо ашIыгъэу,
зырагъэоу щытыгъэх. Петри ахэмэ задыригъэоу ахэтыгъ.

**Дин пэщэшхор Исус зэреупчIыгъэр**
(Маттэ 26:59-66; Марк 14:55-64; Лука 22:66-71)

[19]Джащыгъум дин пэщэшхор Исус къеупчIыгъ: – О уигъогу рыкIохэрэр
хэтха? Iофхэу цIыфхэм ябгъашIэхэрэр сыдха?

[20]– Шъэф хэмылъэу дунаим ицIыфмэ садэгущыIэщтыгъ, – джэуап
ритыжьыгъ Исус. – Синэгогуми, Тхьэм иунэшхуи, джуртхэр зэкIэ
зыщызэIукIэхэрэми, цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр щязгъэшIэ зэпытыщтыгъ.
Шъэфэу зи сIуагъэп.

[21]Сыда сэ укъызкIысэупчIырэр? ГущыIэхэу ясIуагъэхэр зэхэзыхыгъэмэ
яупчI. Ахэмэ гущыIэу сIуагъэхэр ашIэба?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

22Исус аущтэу къызеӀом, къэрэгъулэхэм ащыщэу пэгъунэгъум, Исус
къенэпэшъуауи, ыӀуагъ: – Дин пэщэшхом сыдэущтэу удэгущыӀэра?

23– Мыхъун къэсӀуагъэмэ, къысэгъэлъэгъу, – риӀуагъ Исус. – Ау
шъыпкъэр къэсӀуагъэмэ, сыд пае укъысаора?

24Исус Ӏэхъу телъэу дин пэщэшхоу Кайафэ дэжь Аннэ дзэлӀхэм итӀанэ
аригъэщэгъагъ.

**Петрэ Исус зыщыщыр ымышӀэу джыри зэ зэриӀуагъэр**
(Маттэ 26:71-75; Марк 14:69-72; Лука 22:58-62)

25Ащ нэсыфэ Симон Петрэ машӀом Ӏутэу зыригъэущтыгъ. – Ори а лӀым
игъогу рыкӀохэрэм уащыщба? – къыраӀуагъ адрэхэм. – Хьау, сэ ахэмэ
сащыщэп, – ыӀуагъ Петрэ афемыуцолӀэжьэу.

26Дин пэщэшхом иунэӀутхэм ащыщэу зытхьакӀумэ Петрэ гуиупкӀыгъэм
иблагъэ горэм къыӀуагъ: – А лӀым уригъусэу хатэм удэслъэгъуагъэба?

27– Хьау, ар шъыпкъэп, – ыӀуи, Петрэ джыри зэ еуцолӀэжьыгъэп. Ардэдэм
атакъэр къэӀуагъ.

**Исус Пилат Ӏэшъхьэтетым ыпашъхьэ зэрэращагъэр**
(Маттэ 27:1-2, 11-14; Марк 15:1-5; Лука 23:1-5)

28Ащ нэуж Кайафэ иунэ Исус ращыжьи, рим Ӏэшъхьэтетым иунэшхоу
преторие зыцӀэм чӀащагъ. Нэф шъыгъагъэ. А джуртхэр преторием
чӀэхьагъэхэп, сыда пӀомэ, Ӏутыжъ мэфэкӀ мэфэшхо пчыхьэшъхьашхэр
ашӀышъуным пае, мыкъабзэ зашӀыным фэягъэхэп.

29Арыти, Ӏэшъхьэтет Пилат преторием къычӀэкӀи, къяупчӀыгъ: – Мы лӀыр
сыда зэрыжъугъэмысэрэр?

30– Мы лӀым бзэджагъэ ымышӀагъэмэ, уадэжь къэтщэщтыгъэп, –
раӀожьыгъ ахэмэ.

31– Шъо шъущэжьи, шъуихабзэ тетэу ышӀагъэм фэшъуашэу хьыкум
тешъушӀыхь! – къариӀуагъ Пилат. – Тэ зыгорэм укӀ тетлъхьан тыфитэп, –
раӀуагъ джуртмэ Пилат.

32Аущтэу зыкӀэхъугъэр Исус лӀакӀэ фэхъущтыр агуригъэӀоным пае,
къыӀогъэгъэ гущыӀэхэр къэшъыпкъэжьынхэр ары.

33Джащыгъум Пилат джыри преторием чӀэхьажьи, Исус чӀаригъащи,
риӀуагъ: – Джуртхэм уряпачъыхьа?

34– Ар ор-орэу къэоӀуа, хьауми нэмыкӀхэр къыбдэгущыӀэхэзэ, сэ
къысэхьылӀагъэу аӀуагъа? – къыӀожьыгъ Исус.

35– Сэ сыджурта? – джэуап къытыжьыгъ Пилат. – О плъэпкъырэ дин
пэщэшхохэмрэ укъысфащагъ. Сыда пшӀагъэр?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

36– Сипачъыхьагъу мы дунаим щыщэп, – пэгъокI къытыжьыгъ Исус. –
Сипачъыхьагъу мы дунаим щыщыгъэмэ, джуртхэм саIэкIэмыфэным пае,
къысфэлажьэхэрэр заощтыгъэх. Ау сэ сипачъыхьагъу мы дунаим
щыщэп.

37– О упачъыхь ащыгъум? – еупчIыгъ Пилат Исус. – Ары, къызэрэпIорэм
фэд, сэ сыпачъыхь, – къыIожьыгъ Исус. – Шъыпкъэ, сэ
сыкъызфэхъугъэри, дунаим сыкъызфытехьагъэри шъыпкъэр
къэсыушыхьатыныр ары. Хэтми шъыпкъэм ыуж итыр сигущыIэ
къедэIущт.

38– Шъыпкъэу зыфапIорэр сыда? – еупчIыгъ Исус Пилат.

**Исус укI зэрэтыралъхьагъэр**

(Маттэ 27:15-31; Марк 15:6-20; Лука 23:13-25)

Пилат ар къызэреIоу, джыри джуртмэ адэжь чIэкIи, ариIуагъ: – Мы лIыр
зэрызгъэмысэн езгъотылIэрэп.

39Ау Iутыжъ мэфэкI мэфэшхо къэс, хьапсчIэс горэ
къышъуфэстIупщыжьыныр шъуихабзэ. Арышъ, «Джуртхэм япачъыхь»
зыфаIорэр къышъуфэстIупщыжьыным шъуфая?

40– Мы лIыр арэп тызыфаер, Бараббэ шъхьафит къытфэшIыжь! – аIозэ
къэзэрэгъэкууагъэх ахэр. Бараббэ зыцIэр хъункIэкIуагъ.

## Иуан 19

1Ащ нэужым Пилат дзэлIхэм Исус аригъэубыти, къамыщкIэ ригъэуагъэх.

2ДзэлIхэм панэм хэшIыкIыгъэ пачъыхьэ тандж абли, Исус ышъхьэ
тыралъхьагъ. Плъыжь чIапцIэу шъошэ кIыхьи щалъагъ.

3ЕтIанэ къыбгъодахьэхэти, аIощтыгъ: – Опсэу, джуртмэ япачъыхь! ЕтIанэ
енэпэшъуаощтыгъэх.

4Пилат джыри зэ преторием къычIэкIи, джуртмэ ариIуагъ: –
Зэрызгъэмысэн зи зэресымыгъотылIэрэр шъушIэным пае, мары,
къышъуфэсэщэ.

5Ащ нэуж Исус пэнэ танджыр ышъхьэ телъэу, шъошэ кIыхьэ плъыжь
чIапцIэр щыгъэу къычIэкIыгъ. Пилат цIыфхэм ариIуагъ: – Мары а цIыфыр.

6Ау дин пэщэшхохэмрэ къэрэгъулэхэмрэ Исус залъэгъум,
къэзэрэгъэкуощтыгъэх: – Къащым теIулI! Къащым теIулI! – Ар шъо
шъущэжьи, къащым тешъуIулI, – ариIуагъ Пилат, – сыда пIомэ, сэ
зэрызгъэмысэн зи езгъотылIэрэп.

7– Тэ хабзэ тиI, – къыраIожьыгъ джуртхэм. – А хабзэу тиIэм тетэу ар лIэн
фае, сыда пIомэ, Тхьэм ы Къо зишIыгъэшъ ары.

8Пилат а гущыIэхэр зызэхехым, лъэшэу къэщтагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

9Джыри преторием чIэхьажьи, Исус риIуагъ: – Тыдэ ущыща? Исус джэуап къыритыжьыгъэп.

10– УкъыздэгущыIэрэп, ара? – еупчIыгъ Пилат Исус. – ПшIэрэба шъхьафитэу устIупщыжьынэуи, къащым утырязгъэIулIэнэуи тетыгъо зэрэсиIэр.

11– Ыпшъэ щыIэ Тхьэм къыуимытыгъэмэ, зыгорэ къысэпшIэнэу тетыгъо уиIэщтыгъэп, – къыриIожьыгъ Исус. – Аущтэу зэрэщытым пае, о сыкъыпIэкIэзгъэхьагъэм псэкIод нахьыбэ иI.

12Ащ щегъэжьагъэу Исус зэритIупщыжьыщтым Пилат ыуж итыгъ. Ары шъхьакIэ джуртхэр къэзэрэгъэкуоштыгъэх: – Ар шъхьафитэу птIупщыжьмэ, Кайсарым уриныбджэгъоп. Хэтми ежь пачъыхьэ зызышIыжьырэр Кайсарым ипый.

13Пилат а гущыIэхэр зызэхехым, Исус къычIищи, хьыкум тIысыпIэм тетIысхьагъ. А тIысыпIэр зыдэщыIэ чIыпIэм ыцIэ Литосторотон, джуртыбзэкIи Габбэтэ ары.

14А мафэр Iутыжъ зыцIэ мэфэкI мэфэшхом ыпэ бэрэскэшхо мэфагъ. Сыхьатыр пшIыкIутIум дэжьыгъ. – Мары шъуипачъыхьэ! – ариIуагъ Пилат джуртмэ.

15– Iущ, Iущ, ар къащым теIулI, – къэзэрэгъэкуощтыгъэх ахэр. – Шъуипачъыхьэ къащым тесIулIэна? – ариIожьыгъ Пилат. – Кайсарым нэмыкI пачъыхьэ тиIэп, – аIожьыгъ дин пэщэшхохэм.

16Аущтэу къызыраIом, Пилат Исус къащым тыраIулIэнэу аIэкIилъхьагъ.

**Исус къащым зэрэтыраIулIагъэр**

(Маттэ 27:32-44; Марк 15:21-32; Лука 23:26-43)

ЕтIанэ Исус зыдащи, IукIыжьыгъэх.

17Исус икъащ ыхьэу, къалэм дэкIи, чIыпIэу «Шъхьапкъ ЧIыпIэ» зыфаIорэм ащагъ. А чIыпIэр джуртыбзэкIэ Голгофэ зыцIэр ары.

18А чIыпIэм Исус къащым щытыраIулIагъ. НэбгыритIу игъусэуи, зыр зы бгъумкIэ адрэр адырабгъукIэ, Исус азыфагу дэтэу къащхэм атыраIулIагъэх.

19Пилат пхъэмбгъу горэм «Назарет щыщ Исусэу джуртмэ я Пачъыхь» ыIоу, идзэлIхэм тыраригъатхи, къащым тыраригъэгъэуцуагъ. Ар джуртыбзэкIи, латинабзэкIи, алыджыбзэкIи тетхэгъагъ.

20Исус къащым зыщытраIулIэгъэ чIыпIэр къалэм игъунэгъути, джуртхэм ащыщхэу ащ еджагъэр бэ.

21Ау джуртхэм ядин пэщэшхохэм Пилат раIуагъ: – «Джуртмэ я Пачъыхь» пIоу темытх, ау «Сэ джуртхэм сыря Пачъыхь мы лIым ыIуи» зэриIощтыгъэр тетх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

22– Сэ тестхагъэр тестхэгъах, – къыIожьыгъ Пилат.

23ДзэлIхэм Исус къащым зытыраIулIэм, ищыгъынхэр аштэхи, хэтрэ дзэлIым Iахь фашIэу, IахьиплIэу агощыгъ. Джанэри аштагъ, ары шъхьакIэ джанэр мыдыгъэу, ыпшъэ щегъэжьагъэу ылъапэ нэс шъагъэу, зы шэкIышхуагъ.

24– Мыр зэготэшъумыгъэтхъэу, пхъэдз итэжъугъадзи, зытефэрэм еттыщт, – зэраIожьыгъ ахэмэ. Аущтэу зыкIэхъугъэр мы гущыIэхэу Исус ехьылIагъэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэр къэшъыпкъэжьынхэр ары: – Сэ сищыгъынхэр зэфагощыгъэх, сиджанэ пае пхъэдз радзагъ. А гущыIэу тхыгъэхэм атетэу дзэлIмэ ашIагъ.

25Исус икъащ дэжь яни, янэ ышыпхъуи, Клеопэ зыцIэм ишъхьэгъусэ Мерэми, къуаджэу Магдэлэ щыщ Мерэми щытыгъэх.

26Исус янэрэ игъогу рыкIохэрэм ащыщэу ежь анахь шIу ылъэгъурэмрэ ащ дэжьым щытхэу зелъэгъухэм, янэ риIуагъ: – О бзылъфыгъ, джы мары о пкъо!

27ЕтIанэ а нэбгырэу игъогу рыкIорэм риIуагъ: – Джы мары уянэ! А сыхьатым къыщегъэжьагъэу а лIэу Исус игъогу рыкIорэм ежь иунэ Исус янэ щигъэпсэунэу ыщагъ.

**Исус зэрэлIагъэр**

(Маттэ 27:45-56; Марк 15:33-41; Лука 23:44-49)

28Ащ нэужым иIоф зэриухыгъэр Исус ешIэти, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэр къэшъыпкъэжьынхэм пае къыIуагъ: – ПсыфалIэ сэлIэ.

29Ащ дэжьым сэнэпс шIоIугъэ изэу апс горэ щытыгъ. КIышъор зэраIотырэ горэ сэнэпс шIоIугъэм хагъауи, хьисоп зыцIэ къамыл бэщым палъхьи, Исус ыIупэ рахьылIагъ.

30Исус сэнэпс шIоIугъэм зыкIэшъу ужым, ыIуагъ: – СиIоф ухыгъэ. ЕтIанэ ышъхьэ къыуфи, ыпсэ ытыгъ.

31Бэрэскэшхо мэфагъ. Ащ къыкIэлъыкIорэ шэмбэтыр мэфэшхуагъ. Шэмбэт мафэм хьадэхэр къащхэм апамыгъэлъынхэм пае, джуртхэр Пилат елъэIугъэх: – Унашъо шIы. Къащхэм атыраIулIагъэхэм алъэкIэнхэр зэпарэутхи, хьадэхэр къащхэм къапарэхыжьых.

32ДзэлIхэр къакIохи, апэрэм ылъэкIэнхэр зэпаутыгъ. ЕтIанэ адрэ нэбгырэу адрэ къащым тыраIулIагъэм ылъэкIэнхэр зэпаутыгъ.

33Ары шъхьакIэ, ящэнэрэ къащым, Исус дэжь, Iухьэхи, зэрэлIагъэр залъэгъум, ащ ылъэкIапIэхэр зэпаутыгъэхэп.

34Ау дзэлIмэ ащыщэу зыгорэ Исус ычапэ пчыкIэ хэпыджагъ. Зэрэхэпыджэу, лъи пси къикIыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

35Хъугъэр зылъэгъугъэм ар къыушыхьатыгъ, къыушыхьатыгъэри
шъыпкъэ. Ар зэрэшъыпкъэр ащ ешIэ. Шъо шIошъхъуныгъэ шъуиIэныр
ары ащ къызкIиушыхьатырэр.

36Мы Iофхэр зэкIэ аущтэу зыкIэхъугъэхэр Тхьэм мы игущыIэ
тхыгъэхэр къэшъыпкъэжьынхэр ары: – Ащ ыкъупшъхьэхэм ащыщэу зи
зэпыутыщтэп.

37Ащ нэмыкIэуи Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм моущтэу арыт: –
Зыхэпыджагъэхэм еплъыщтых.

**Исус ихьадэ къэунэм зэрэчIалъхьажьыгъэр**

(Маттэ 27:57-61; Марк 15:42-47; Лука 23:50-56)

38Юсыф ыцIэу, къуаджэу Ариматей щыщэу, лIы горэ щыIагъ. Ар Исус
игъогу рыкIохэрэм шъэфэу ащыщыгъ, сыда пIомэ, джуртмэ
ащыщынэщтыгъэти ары. Ар Пилат дэжь кIуи, елъэIугъ: – Исус ихьадэ
къащым къыпысхыжьынэу фит сышI. Пилат фит зешIым, Юсыф кIуи,
Исус ихьадэ къащым къыпихыжьыгъ.

39Юсыф игъусэу Никодими къэкIуагъ. А Никодимыр ары Исус дэжь
чэщым къэкIогъагъэр. Ащ литришъэ фэдиз зэхэгъэкIухьагъэу, мэ IэшIу
зыпихырэ уцхэу смирнэрэ алоерэ къыздихьыгъ.

40ЕтIанэ а нэбгыритIумэ Исус ихьадэ къащым къыпахыжьи, джуртмэ
хьадэр зэрэчIалъхьажьырэ хабзэм тетэу, мэIэшIу зыпихырэ уцхэр
хэкIагъэхэу чэфынхэр хьадэм ращэкIыгъэх.

41Исус къащым зыщытыраIулIэгъэ чIыпIэм хатэ горэ Iулъыгъ. А хатэм
къэунакIэу егъашIэми зы хьадэ зычIамылъхьажьыгъэр дэтыгъ.

42Джуртмэ шэмбэт мафэм пае зызыщагъэхьазырырэ мафэти, а къэунэри
гъунэгъугъэти, Исус ихьадэ ащ чIалъхьажьыгъ.

## Иуан 20

**Исус лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыгъэр**

(Маттэ 28:1-10; Марк 16:1-8; Лука 24:1-12)

1Тхьэмафэм иапэрэ мафэм, пчэдыжьым жьэу, джыри мэзахэу, Магдалэ
щыщ Мерэм къэунэм кIуагъэ. ЗэкIом, мыжъошхор къэунэм
IугъэукIорэикIыгъэу ылъэгъугъ.

2Мерэм Симон Петрэрэ игъогу рыкIохэрэм ащыщэу Исус анахь шIу
ылъэгъурэмрэ адэжь чъи, арiIуагъ: – Зиусхьаныр къэунэм чIахыгъ,
зыдахьыгъэри тшIэрэп.

3Петрэрэ адрэ лIэу Исус игъогу рыкIорэмрэ унэм икIыхи, къэунэмкIэ
ежьагъэх.

4ТIури зэгъусэхэу чъагъэх, ау адрэ лIэу Исус игъогу рыкIорэр Петрэ нахьи
нахь псынкIэу чъи, апэ къэунэм нэсыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

5Зиуфи, чӀаплъи, чэфынхэр щылъхэу ылъэгъугъ, ау къэунэм чӀэхьагъэп.

6Ащ ыуж итэу, Симон Петрэ къэси, къэунэм чӀэхьагъ. ЗычӀахьэм, чэфынхэр ащ дэжьым щылъхэу ылъэгъугъ,

7ау Исус ышъхьэ ещэкӀыгъэгъэ чэфыныр адрэ чэфынхэм абгъодэмылъэу, зэкӀоцӀыщыхьагъэу чӀыпӀэ шъхьаф щылъыгъ.

8ЕтӀанэ адрэ лӀэу Исус игъогу рыкӀорэу апэ къэсыгъагъэр къэунэм чӀэхьагъ. Ащи зэкӀэ ылъэгъуи, ышӀошъ хъугъэ;

9сыда пӀомэ, Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, Исус лӀагъэхэм къахэтэджыкӀыжьын зэрэфэягъэр ахэмэ къагурыӀогъагъэгоп.

10ЕтӀанэ а лӀыхэу Исус игъогу рыкӀохэрэм ядэжь агъэзэжьыгъ.

**Исус Магдалэ щыщ Мерэм зыкъызэрэригъэлъэгъугъэр**

(Марк 16:9-11)

11Мерэм къэунэм дэжь щытэу гъыщтыгъ. Гъызэ къэунэм чӀэплъэнэу зызеуфэм,

12мэлэӀичӀитӀу фыжьыкӀэ фэпагъэхэу, Исус ихьадэ зыдэщылъыгъэм дэжь, зыр ышъхьэкӀэ адрэр ылъапэкӀэ, щысхэу ылъэгъугъ.

13– О бзылъфыгъ! Сыда узкӀэгъырэр? – къыраӀуагъ ахэмэ Мерэм. – Си Зиусхьан ихьадэ чӀахыгъ, зыдахьыгъэри сшӀэрэп, – ариӀожьыгъ Мерэм.

14Ар къыӀуагъэу зыкъызызэрегъэзэкӀым, Исус щытэу ылъэгъугъ, ау ар зэрэ Исусыр ышӀагъэп.

15– О бзылъфыгъ, сыда узкӀэгъырэр? – къыриӀуагъ Исус. – Хэта узлъыхъурэр? Мерэм хатэм пэсырэ лӀыр арэу къышӀошӀи, риӀуагъ: – Тхьэматэ, орымэ ар чӀэзыхыгъэр, зыдэпхыгъэр къысаӀуи, сэ схьыжьыщт.

16– Мерэм! – къыриӀуагъ Исус. Ар зеӀом, Мерэм зыкъызэригъэзэкӀи, джуртыбзэкӀэ риӀуагъ: – Раббуни! (Раббуним къикӀырэр «Дин ГъэсакӀор» ары.)

17– Укъызнэмыс, – къыӀуагъ Исус, – сыда пӀомэ, Ты лъапӀэм дэжь джыри сыдэкӀоежьыгъэгопышъ ары, ау сшыхэм адэжь кӀуи, яӀу: «Сэ ся Тэ шъори шъуя Тэу, сэ си Тхьэу, шъори шъуи Тхьэм дэжь сыдэкӀоежьыщт».

18Ар къызыреӀом, Магдалэ щыщ Мерэм Исус игъогу рыкӀохэрэм адэжь кӀуи, Зиусхьаныр зэрилъэгъугъэри мы гущыӀэхэр къызэриӀуагъэхэри ариӀотэжьыгъ.

**Исус игъогу рыкӀохэрэм зыкъызэраригъэлъэгъугъэр**

(Маттэ 28:16-20; Марк 16:14-18; Лука 24:36-49)

19А тхьэмафэм иапэрэ мэфэ дэдэм пчыхьэм Исус игъогу рыкӀохэрэр унэ горэм щызэрэугъоигъэх. Джуртмэ ащыщынэщтыгъэхэти, унэу

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

зыщызэlукlагъэхэм ипчъэхэр агъэпытагъэх. Джащыгъум Исус адэжь къакlуи, пчэгум къиуцуи, къарилуагъ: – Гупсэф шъуилэу шъопсэу!

20Ар къызеlом, ылэхэри ычапи къаригъэлъэгъугъ. Зиусхьаныр залъэгъум, игъогу рыкlохэрэр гушlуагъэх.

21– Гупсэф шъуилэу шъопсэу! – къарилуагъ Исус джыри зэ. – Ты лъапlэм сэ сыкъызэригъэкlуагъэм фэдэу, сэри шъусэгъакlо.

22Ар къызеlо ужым, игъогу рыкlохэрэм япщи, арилуагъ: – Тхьэм ы Псэ Лъапlэ шъугухэм арысэжъугъалъхь.

23Псэкlодхэр шъо зыфэжъугъэгъурэм фэгъущтых, зыфэшъумыгъэгъурэми фэгъущтхэп.

### «О уси Зиусхьан ыкlи уси Тхь» Фомэ Исус зэрэрилуагъэр

24Исус игъогу рыкlорэ нэбгырэ пшlыкlутlумэ язэу Фомэу Тlуазэкlэ заджэхэрэр Исус къызэкlом, адрэмэ ягъусагъэп.

25Адрэ лlыхэу Исус игъогу рыкlохэрэм къыралуагъ: – Зиусхьаныр тлъэгъугъэ. – Гъучlылунэ опlэ гъуанэхэр Исус ылэмэ атесымылъагъохэу, сэ сlэхъуамбэ а гъучlылунэ уапlэ гъуанэхэм атесымылъхьэу, сэ сlи Исус ычапэ тесымылъхьэу сшlошъ хъущтэп, – арилуагъ Фомэ ахэмэ.

26Мэфий зытешlэм ыуж, Исус игъогу рыкlохэрэр джыри унэм исыгъэх, Фоми ягъусагъ. Пчъэхэр агъэпытагъэхэ пэтми, Исус къакlуи, пчэгум къиуцуи, къарилуагъ: – Гупсэф шъуилэу шъопсэу!

27Етlанэ Исус Фомэ рилуагъ: – О пlэхъуамбэ моу къытелъхь, сlэмэ къяплъ. Пlи къэщэий, сэ счапэ къытелъхь, пшlошъ мыхъоу ущымыт, шlошъхъуныгъэ зигъаl.

28– О уси Зиусхьан ыкlи уси Тхь! – рилуагъ Фомэ Исус.

29– Сэ сыплъэгъугъэти, пшlошъ хъугъэ, – къырилуагъ Исус. – Мы lофхэр амылъэгъугъэхэ пэтми, шlошъхъуныгъэ зиlэ хъугъэхэр гъогу мафэ теуцуагъэх.

### Мы тхылъыр зыкlэттхыгъэр

30Мы нэшэнэ гъэшlэгъонхэм анэмыкlэу Исус игъогу рыкlохэрэм апашъхьэ мы тхылъым имытхэу, нэшэнэ гъэшlэгъон lаджыхэри къыгъэлъэгъуагъэх.

31Ау мы lофхэр зыкlэттхыгъэр Исус Христос Тхьэм зэры Къомкlэ шlошъхъуныгъэ шъуилэ хъуныр ары, а шlошъхъуныгъэмкlи Исус ыцlэкlэ мыкlодыжьын щылэныгъэ шъуилэ хъуныр ары.

## Иуан 21

### Исус игъогу рыкlохэрэм ащыщхэу нэбгыриблымэ зыкъызэраригъэлъэгъугъэр

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

1Ащ нэуж Тибериадэ зыцӀэ псыхъураем игъогу рыкӀохэрэм джыри зэ Исус
зыкъаригъэлъэгъугъ. Ар зэрэхъугъэр мары:

2Симон Петрэрэ, Фомэу ТӀуазэкӀэ заджэхэрэмрэ, Галилей хэкум ит
къуаджэу Канэ щыщ Натанаилрэ, Зебедей ыкъуитӀурэ, нэмыкӀ
нэбгыритӀоу Исус игъогу рыкӀохэрэмрэ зэгъусагъэх.

3– Пцэжъыяшэ сыкӀощт, – ариӀуагъ Симон Петрэ адрэхэм. – Тэри
тыкъыбдэкӀощт, – къыраӀожьыгъ ахэмэ. ЕтӀанэ ежьэхи, къуашъом
итӀысхьэхи, кӀуагъэх. А чэщым зи къаубытыгъэп.

4Нэф къызэшъыым, Исус псыӀушъом Ӏутыгъ, ау ар зэрэ Исусыр игъогу
рыкӀохэрэм ашӀэжьыгъэп.

5– Ныбджэгъухэр, – ариӀуагъ Исус, – пцэжъые къэшъуубытыгъа? – Хьау,
зи къэтыубытыгъэп, – къыраӀожьыгъ ахэмэ.

6– Къуашъом иджабгъу лъэныкъокӀэ хъытыур хэшъудзи,
къэшъуубытыщт, – ариӀуагъ Исус. Ар къызеӀом, хъытыур хадзи,
пцэжъыябэ хъытыум къызэрихьагъэм пае, хъытыур къыхахыжьын
алъэкӀыгъэп.

7Игъогу рыкӀохэрэм ащыщэу Исус анахь шӀу ылъэгъурэм Петрэ риӀуагъ: –
Мыр Зиусхьаныр ары. Симон Петрэ ар зэрэ Зиусхьаныр зызэхехым,
ищыгъын кӀыӀутелъ зыщихыгъагъэти, ар къызэрищэкӀыжьи, псым
зыхидзагъ.

8Адрэ лӀыхэу Исус игъогу рыкӀохэрэм пцэжъыехэр зэрылъ хъытыур
къыздалъэшъузэ, къуашъом исхэу къэсыгъэх, сыда пӀомэ, псыӀушъом
пэчыжьэу щытыгъэхэп, ӀэнтэгъуІ шъитӀум фэдиз ныӀэп
зэрэпэчыжьагъэхэр.

9ПсыӀушъом къэзынэсхэм, шӀомыкӀ машӀор хэгъэнагъэу, ащ пцэжъые
телъэу, хьалыгъуи бгъодэлъэу алъэгъугъ.

10– Джы къэшъуубытыгъэ пцэжъыехэм ащыщ къэшъухь, – ариӀуагъ Исус.

11Симон Петрэ къуашъом дэжь кӀуи, пцэжъые инхэр зэрыз хъытыур
Ӏушъом къытырилъэшъуагъ. Пцэжъыехэу хъытыум илъыгъэхэр шъэрэ
шъэныкъорэ щырэ хъущтыгъэ. Ащ фэдиз илъыгъэми, хъытыур
зэӀэтхъыгъэп.

12– ШъукъакӀуи, пчэдыжьышхэ шъушӀы, – ариӀуагъ Исус. – О хэт ущыща?
– ыӀоу, игъогу рыкӀохэрэм ащыщэу зи Исус къеупчӀынэу тегушхуагъэп. Ар
зэрэ Зиусхьаныр ашӀагъ.

13Исус къакӀуи, хьалыгъур къышти, аритыгъ. Ащ фэдэу пцэжъыехэри
аритыгъ.

14Исус лӀагъэхэм къызахэтэджыкӀыжь ужым, игъогу рыкӀохэрэм
зыкъызэраригъэлъэгъугъэр мыр ящэнэрагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)

### Исус Петрэ зэрэдэгущыӀагъэр

[15]Зэшхэхэм ыуж, Исус Симон Петрэ еупчӀыгъ: – Иуан ыкъо Симон, мыхэм
сызэралъэгъурэм нахьи нахь шӀу сыолъэгъуа? – Ары, Зиусхьан, –
къыриӀожьыгъ Петрэ. – ШӀу узэрэслъэгъурэр о ошӀэ. – Сэ сишъынэхэр
гъэхъух, – риӀуагъ Исус.

[16]– Иуан ыкъо Симон, шӀу сыолъэгъуа? – еупчӀыгъ ятӀонэрэу Исус Петрэ.
– Ары, Зиусхьан, – къыриӀожьыгъ Петрэ. – ШӀу узэрэслъэгъурэр о ошӀэ. –
Сэ симэлхэм Ӏахъо афэхъу, – риӀуагъ Исус.

[17]– Иуан ыкъо Симон, шӀу сыолъэгъуа? – еупчӀыгъ ящэнэрэу Исус Петрэ.
«ШӀу сыолъэгъуа?» ыӀуи, ящэнэрэу Исус зэреупчӀыгъэм пае, Петрэ ыгу
къеуи, къыриӀожьыгъ: – Зиусхьан, зэкӀэри о ошӀэ, шӀу узэрэслъэгъурэри
ошӀэ. – Симэлхэр гъэхъух, – риӀуагъ Исус.

[18]– Шъыпкъэ дэдэр осэӀо, уикӀэлэгъум ор-орэу убг бгырыпх иплъэхьэти,
узыфаем укӀощтыгъ. Ау жъы узыхъукӀэ, о пӀэхэр фэпщэйхэзэ, нэмыкӀ
горэм бгырыпхыр убг къырилъхьанышъ, уздэкӀонэу узыфэмыем уищэщт.

[19]Исус ащ фэдэу зыкӀыриӀуагъэр лӀакӀэу Петрэ фэхъущтэу, Тхьэм
щытхъушхо зэрыфишӀыщт шӀыкӀыр туригъэӀоныр арыгъэ. Исус ащ етӀанэ
риӀуагъ: – Сэ сауж къырыкӀу.

### Исусрэ игъогу рыкӀохэрэм ащыщэу анахь шӀу ылъэгъурэмрэ

[20]Петрэ зыкъызызэрегъэзэкӀым, игъогу рыкӀохэрэм ащыщэу Исус анахь
шӀу ылъэгъурэр ауж итэу къакӀоу ылъэгъугъ. А лӀыр ары
пчыхьэшъхьашхэм дэжь Исус къыбгъодэсэу Ӏэнэм пэсэу къезыӀогъагъэр:
– Зиусхьан, хэт тетыгъо зиӀэхэм уязгъэубытыщтыр?

[21]Петрэ а лӀыр зелъэгъум, Исус къеупчӀыгъ: – Зиусхьан, мы лӀыр сыдэу
хъущт?

[22]– Сэ дунаим къэсэгъэзэжьыфэ, ар щыӀэнэу сыфаемэ, сыда уиӀофэу ащ
хэлъыр? – риӀожьыгъ Исус. – О сауж къырыкӀу!

[23]Аущтэу, «А лӀэу Исус игъогу рыкӀорэр лӀэщтэп» зыӀорэ къэбар
шӀошъхъуныгъэ зиӀэ къошхэм ахэхьагъ. Ары шъхьакӀэ, «Ар лӀэщтэп»
ыӀоу, Исус Петрэ къыриӀогъагъэп. Исус къыриӀогъагъэр мары: «Сэ
къэсэгъэзэжьфэ, ар щыӀэнэу сыфаемэ, сыд уиӀофэу ащ хэлъыр?»

[24]А лӀэу Исус игъогу рыкӀорэр ары мы Ӏофхэр къэзыушыхьатырэри ахэр
зытхыгъэри. Ащ къыушыхьатырэр зэрэшъыпкъэр тэ тэшӀэ.

[25]Исус нэмыкӀ Ӏофыбэхэри ышӀагъ. СызэрэгугъэрэмкӀэ, ахэр зэкӀэ
зырызэу тхыгъэхэмэ, тхыгъэн фэе тхылъхэр дунаим тефэщтыгъэхэп.
Амин.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

# Апостолхэм ашIэгъэ Iофхэр 1

### Тхьэм ежь ы Псэ ЛъапIэ апостолхэм къафырисгъэхынэу къызэригъэгугъагъэхэр

[1],[2]Теофил лъапI, апэм къыщегъэжьагъэу Тхьэм Исус уашъом
зыдищэежьыгъэ мафэм нэсыфэ, Исус ышIэгъэ Iоф пстэури, цIыфхэм
аригъэшIэгъэ Iоф пстэури апэрэ тхылъэу сэ стхыгъэм ит. Исус, Тхьэм ежь
уашъом дищэежьыным ыпэкIэ, къыхихыгъэ апостолхэм Тхьэм ы Псэ
ЛъапIэ илъэкIыкIэ унашъохэр афишIыгъ.

[3]Исус къин зещэчым ыуж, щэч хэмылъэу лIагъэхэм
къызэрахэтэджыкIыжьыгъэр бэрэ афигъэшъыпкъэжьэу ахэмэ
заригъэлъэгъущтыгъ. Мэфэ тIокIитIум къыкIоцI апостолхэм бэрэ
заригъэлъэгъущтыгъ, Тхьэм и Тетыгъошхо иIофхэм яхьылIагъэуи
къадэгущыIэщтыгъ.

[4]Исус ахэмэ ягъусэ зэхъум, унашъо афишIыгъ: – Къалэу Ерусалим
шъудэмыкI, ау сэ зигугъу къышъуфэсшIыгъэу, Ты лъапIэм
шъукъызэригъэгугъагъэм шъупаплъ;

[5]сыда пIомэ, Иуан псыкIэ цIыфхэр ыумэхъыщтыгъэх, ау мэфэ заулэ
зытешIэкIэ, Тхьэм ежь ы Псэ ЛъапIэкIэ шъуиумэхъыщт.

### Исус уашъом зэрэдэкIоежьыгъэр

[6]Апостолхэр зызэрэугъоихэм, Исус къеупчIыгъэх: – Зиусхьан, Израиль
ипачъыхьагъу мы мафэхэм зэтебгъэуцожьыщта?

[7]– Ты лъапIэм итетыгъошхокIэ уахътэхэуи лъэхъанэхэуи ыгъэнэфагъэхэр
шъушIэнхэ шъуфитэп, – ариIожьыгъ Исус.

[8]– Ау Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ къызышъуфехыкIэ, лъэкI шъуиIэ хъунышъ,
Ерусалими, зэкIэ Иудей хэкуми, Самарие хэкуми, дунаим ыкъуапэ нэс
шыхьат шъукъыщысфэхъущт.

[9]Исус а гущыIэхэр къызеIохэм ыуж, ахэмэ алъэгъоу Тхьэм ар уашъом
дищэежьыгъ. Зы ошъуапщэ горэ Исус къышъхьащыхьи, ежь
амылъэгъужьы хъугъэ.

[10]Исус уашъом зыдэкIоежьым, апостолхэм анэхэр уашъом
тырагъэдыкъагъэхэу, ошIэ-дэмышIэу лIитIу шъошэ фыжькIэ
фэпагъэхэу ахэмэ адэжькIэ къэуцугъэх.

[11]Шъо, Галилей цIыфхэр, – къаIуагъ а лIитIумэ, – сыд пае мыщ дэжьым
шъущытэу уашъом шъудэплъыера? Мы Исусэу Тхьэм уашъом
дищэежьыгъэр уашъом дэкIоежьыгъэу зэрэшъулъэгъугъэм фэдэ къабзэу
къехыжьыщт.

### Апостолхэм ежьхэм ащыщ хъунэу Иудэ ычIыпIэкIэ Матфый зэрэхахыгъэр

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

12 Ащ нэужым апостолхэр Елеон Іуашъхьэм ехыжьхи, Ерусалим агъэзэжьыгъ. Елеон Іуашъхьэр Ерусалим игъунэгъоу щыт, шэмбэт гъогум икІыхьагъэ фэдизэу.

13 Къалэм дэхьажьхи, ахэр зэрыс унэ лъагэм дэкІоежьыгъэх; ахэр мыхэр арыгъэх: Петрэ, Иуан, Якъуб, Индрыс; етІанэ Филипп, Фомэ, Бар-Талмай, Маттэ; Алфей ыкъо Якъуб, Симонэу ихэгъэгу ыпсэ емыблэжьэу фэлажьэщтыгъэр, Якъубэ ыкъо Иуд.

14 Бзылъфыгъэ заулэ, Исус янэу Мерэм, Исус ышхэр ягъусэхэу, ахэмэ зэкІэ зэдаштэу Тхьэм елъэІу зэпытыщтыгъэх.

15 А мафэхэм ИсускІэ шІошъхъуныгъэ зиІэ купэу нэбгыришъэрэ тІокІырэ фэдиз хъущтыгъэм Петрэ къыхэуцуи, къыІуагъ:

16 – Сшыхэр, Тхьэм игущыІэ тхыгъэхэр Тхьэм ы Псэ ЛъапІэ пачъыхьэ Даутэ ыгу къырилъхьэхи, Иудэ зыцІэм ехьылІагъэу къыригъэІуагъэхэр къэшъыпкъэжьынхэ фэягъэх. А Иудэр ары Исус къэзыубытыгъэхэм гъогур язгъэлъэгъугъэр.

17 Ари тэ тщыщыгъ, мы Іофыми тигъусэу фэлажьэщтыгъ.

18 Бзэджагъэу ышІагъэм пае пкІэу ратыгъэмкІэ Иудэ хьасэ къыщэфыгъ. А хьасэм бгъэгукІэ хафи, ыныбэ зэгоути, икІэтІыйхэр зэкІэ къикІыгъэх.

19 Ерусалим дэс цІыф пстэуми Иудэ къехъулІагъэм икъэбар зэхахыгъ, абзэкІи а хьасэм АкелдамэкІэ еджэщтыгъэх. Ащ къикІырэр «Лъыосэ Хьас».

20 ЕтІанэ Петрэ къыхигъэхъожьыгъ: – Орэд ЛъапІэхэм мыщ фэдэу арыт: «ИпсэупІэ нэкІ орэхъу. Зи ерэмыс». Мыщ фэдэуи арыт: «Ащ ипшъэрылъ нэмыкІ горэм ерэштэжьи, ычІыпІэ ерэуцожь».

21,22 – Арыти, Исус лІагъэхэм къызэрахэтэджыкІыжьыгъэр Иудэ ычІыпІэкІэ нэмыкІ горэм къыддиушыхьатын фае. А шыхьатыр Исус къытхахьэу, къытхэкІэу зыщытыгъэ лъэхъаным зэкІэ, Иуан Исус зиумэхъыгъэ мафэм щегъэжьагъэу Тхьэм Исус уашъом дищэежьыфэ, тигъусагъэхэм ащыщын фае.

23 Аущтэу нэбгыритІу агъэуцугъ: Юсыфэу Бар-ШаббэкІэ заджэхэрэмрэ (ащ Иусти раІуагъ) Матфыйрэ.

24,25 ЕтІанэ Тхьэм елъэІухэзэ аІуагъ: – Зиусхьан, о цІыф пстэуми агухэм арылъыр ошІэ. Мы нэбгыритІумэ ащыщэу, апостолым иІоф ышІэнэу хэпхыгъэр къытэгъэлъэгъу; сыда пІомэ, Иудэ а Іофыр къыгъани, ежь фэшъошэ чІыпІэм кІуагъэ.

26 ЕтІанэ пхъэдз радзи, пхъэдзыр Матфый тефагъ. Аущтэу апостол пшІыкІузымэ ягъусэу Матфыий апостол хъугъэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышІур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

# Апостолхэм ашIэгъэ Iофхэр 2

### Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэм къызэрафехыгъэр

1Пэнтэкост зыцIэ мэфэкI мэфэшхор къызэсым, шIошъхъуныгъэ зиIэхэр
зэкIэ зы чIыпIэм щытыгъэх.

2ОшIэ-дэмышIэу жьыбгъэшхоу къепщэрэм ибырсыр мэкъэшхо фэдэ
макъэ уашъом къехи, унэу зэрысхэм зэкIэ мэкъэшхор из хъугъэ.

3МашIом фэдэу бзэгухэр къафэлъэгъуагъэх. А бзэгухэм загощи, ахэмэ
ащыщэу хэтрэ цIыфи зы бзэгу къытенагъэу хъугъэ.

4Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ зэкIэми агухэм инэу арылъ хъуи, хымабзэхэмкIэ
къэгущыIэхэу аублагъ, Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ къызэригъэгущыIагъэхэм
фэдэу.

5Дунаим сыдрэ лъэпкъи щыщхэу Тхьэм шIолIыкI фызиIэ джуртхэр
Ерусалим дэсыгъэх.

6А бырсыр мэкъэшхор къызэхъум, зыфахьын амышIэу, цIыфыбэхэр
зэхэлъэдагъэх; сыда пIомэ, хэти ежь ыбзэкIэ ахэр къэгущыIэхэу
зэхахыгъэти ары.

7Лъэшэу агъэшIагъоу зэраIожьыщтыгъ: – Мы къэгущыIэрэ лIыхэр зэкIэ
Галилей хэкум щыщхэба?

8Ащыгъум тэ тщыщэу, хэти ежь ыбзэкIэ ахэр къэгущыIэхэу зэхихын
ылъэкIэу сыдэущтэу хъура?

9Партие хэгъэгум щыщхэми, Мидие хэгъэгум щыщхэми, Елам хэгъэгум
щыщхэми, Месопотамие хэгъэгум исхэми, хэкухэу Иудейрэ Каппадокиерэ
арысхэми, хэкухэу Понтрэ Асиерэ арысхэми,

10хэкухэу Фригиерэ Памфилиерэ арысхэми, Мысырымрэ Либие хэгъэгум
щыщ Кириние къалэм пэгъунэгъу лъэныкъомрэ арысхэми, Рим
къэлэшхом къикIыгъэхэми,

11джуртхэми, прозелитхэми, Крит хыгъэхъунэм щыщхэми, арабхэми, тэ
зэкIэ тыбзэхэмкIэ Тхьэм Iофышхохэу ышIагъэхэм якъэбар ахэмэ
къаIуатэу зэхэтэхы.

12ЦIыф пстэуми агъэшIагъоу, зыфахьын амышIэу зэраIожьыщтыгъ: –
Сыдым щыща мы къэхъугъэр?

13Зыгорэхэми акIэнакIэхэу къаIуагъ: – Сэнэпс IэшIум ыгъэутэшъуагъэх.

### Пэнтэкост мэфэкI мэфэшхом Петрэ цIыф купышхоу зэхэтхэм апашъхьэ къызэрэщыгущыIагъэр

14Джащыгъум Петрэ апостол пшIыкIузымэ ягъусэу къэтэджи, ымакъэ
къыIэти, гущыIэр къыублагъ. – Сшы джуртхэмрэ Ерусалим дэсхэмрэ, мыр
зэжъугъашIэ, къасIохэрэми шъукъядэIу.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

15Шъо къызэрэшъушIошIырэм фэдэу мы лIыхэр утэшъуагъэхэп, сыда
пIомэ, пчэдыжь сыхьатыр бгъу хъугъэ ныIэп.

16Ау мыщ дэжьым къыщыхъугъэр пегъымбар Иоил Iофэу зытегущыIагъэр
ары:

17«Тхьэм моущтэу еIо: дунаим иаужырэ мафэхэм сэ с Псэ ЛъапIэ цIыф
пстэуми къафезгъэхыщт. СигущыIэхэр шъо шъукъохэмрэ шъупхъухэмрэ
агухэм къарыслъхьанхэшъ, къязгъэIощт. ШъуикIалэхэми Iофхэр
къафэзгъэлъэгъощтых, шъуинахьыжъхэми пкIыхьапIэхэр
язгъэлъэгъущтых.

18А мафэхэм къысфэIорышIэрэм, хъулъфыгъэми бзылъфыгъэми, сэ с
Псэ ЛъапIэ къафезгъэхыщт, сигущыIэхэри ахэм агухэм
къарыслъхьанхэшъ, къязгъэIощтых.

19Уашъом Iофышхо гъэшIэгъонхэр къыщызгъэлъэгъощтых, чIылъэми
нэшэнэ гъэшIэгъонхэр къыщызгъэлъэгъощтых, лъы, машIо, Iугъошхо
къэхъущтых.

20Зиусхьаным имэфэшхоу щытхъушхо зиIэр къэкIоным ыпэкIэ, тыгъэри
шIункI къэхъущт, мазэри лъым фэдэ хъущт.

21Хэт щыщи Зиусхьаныр къыдэIэпыIэнэу елъэIурэр мыкIодэу
къэнэжьыщт».

22Ащ нэужым Петрэ джыри ипсалъэ къыпидзэжьыгъ: – Шъо, израиль
лIыхэр, мы гущыIэхэм шъукъядэIу: Назарет щыщ Исус ежь зэрэщыщыр
шъо Тхьэм къышъуфигъэшъыпкъэжьыгъ. Тхьэм ар
къызэригъэшъыпкъэжьыгъэр Исус лъэкI зыхэлъ Iофышхохэмрэ Iофышхо
гъэшIэгъонхэмрэ шъуадэжь зэрэщыригъэшIагъэхэри, нэшэнэ
гъэшIэгъонхэр зэрэщыригъэгъэлъэгъуагъэхэри ары.

23Тхьэм гухэлъэу ыухэсыгъэм тетэуи, Тхьэм ар къэхъуным ыпэ къэхъунэу
зэришIэщтыгъэм фэдэуи, Исус къышъуIэкIэхьагъ. ЦIыф бзаджэхэм шъо
къащым тыряжъугъэIулIи, яжъугъэукIыгъ.

24Ау Тхьэм ар лIэныгъэм икъин щэчыным хищыжьыгъэу, лIагъэхэм
къахигъэтэджыкIыжьыгъ; сыда пIомэ, лIэныгъэм ар зыIэкIиубытэн
ылъэкIыщтыгъэп.

25Пегъымбар Даутэ Исус ехьылIагъэу моущтэу къыIуагъ: «Зиусхьаныр
сапашъхьэ итэу слъэгъу зэпытыгъ. ЗыкIи симыгъэгумэкIыным пае, ар
сиджабгъукIэ къызгот.

26Арышъ, сыгу мэгушIо, сыбзэгуи мэгушIо. Спкъи гугъэпIэшIу иIэу
псэфыжьыщт,

27сыда пIомэ, лIагъэхэм ядунаи сэ спсэ къыфэбгъэнэжьыщтэп. УиIорышIэ
лъапIэм ихьадэ бгъэшъущтэп.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

28Щыlэныгъэм дэжь кlорэ гъогухэр сэбгъэшlагъэх. Уадэжь сэ
сыщыбгъэгушlожьыщт».

29– Сшыхэр, тятэжъышхо Даутэ ехьылlагъэу гушхоныгъэкlэ сыкъэгущыlэн
сыфит. Ар дунаим ехыжьыгъагъ ыкlи чlалъхьажьыгъагъ, непэ къэсыфэ
икъэунэ тадэжь щыl.

30Даутэ пегъымбарыгъ, ащи ышlэщтыгъ, Христосэу ежь Даутэ къытекlын
фэегъэ цlыфхэм ащыщыр ежь Даутэ ипачъыхьэ тlысыпlэ
тыригъэтlысхьанэу Тхьэм гущыlэ пытэкlэ къызэригъэгугъагъэр.

31Арышъ, Даутэ къэхъущтыр ешlэти, Христос игугъу ышlэу «Тхьэм ар
лlагъэхэм ядунай къыригъэнэжьыщтэп», «ащ ихьади ыгъэшъущтэп»
къызеlом, зыфиlуагъэр Христос лlагъэхэм къызэрахэтэджыкlыжьыщтыр
ары.

32А Исусыр ары Тхьэм лlагъэхэм къахигъэтэджыкlыжьыгъэр, а lофыми тэ
зэкlэри тыришыхьат.

33Тхьэм Исус уашъом дищэежьи, иджабгъукlэ зызыгуегъэтlысхьэм ыуж,
Ты лъапlэм ежь ы Псэ Лъапlэу къызэригъэгугъагъэр къыритыгъ,
зэрэшъулъэгъурэми зэрэзэхэшъухырэми фэдэу Исус Тхьэм ы Псэ Лъапlэ
къытфыригъэхыгъ.

34Сыда пlомэ, Даутэ уашъом дэкlоежьыгъэп, ау моущтэу къыlуагъ:
«Тхьэу Зиусхьаным сэ си Зиусхьан къыриlуагъ:

35Уипыйхэр лъэгукlэтын пфэсшlыфэхэ, сиджабгъукlэ о щыс».

36– Арышъ, израиль цlыф пстэуми мыр яшъыпкъэу арэшl: Мы Исусэу
шъо къащым тешъуlулlагъэр Тхьэм Зиусхьанэу ыкlи Христосэу
къыгъэхъугъ.

37Цlыфхэм ар зызэхахым, агу хэуlагъ. Ахэмэ Петрэрэ адрэ апостолхэмрэ
къараlуагъ: – Тшыхэр, сыда тэ тшlэн фаер?

38– Шъуипсэкlодшlагъэхэм шъуафыкlэгъожьи, Исус Христос ыцlэкlэ шъо
пстэуми зытэжъугъэумэхъ, Тхьэм шъуипсэкlодшlагъэхэр
къышъуфигъэгъунхэм пае, – ариlожьыгъ Петрэ. – Ащыгъум Тхьэм итынэу
ежь ы Псэ Лъапlэ шъугухэм къарилъхьащт.

39Тхьэм ежь ы Псэ Лъапlэ къызыфыригъэхынэу къыгъэгугъагъэхэр
шъори, шъуибынхэри, зэкlэ чыжьэу щыlэ цlыфхэри – зэкlэ цlыфхэу ежь
ибын хъунхэу Зиусхьанэу ти Тхьэ заджэхэрэр ары.

40Нэмыкl гущыlабэкlэ Петрэ ахэмэ афигъэпытэу ялъэlугъ: – Мы лъэпкъ
къуанчэм Тхьэм зыхежьугъэщыжьи, шъумыкlодэу зыкъежъугъэгъэнэжь.

41Аущтэу Петрэ игущыlэхэр зыштагъэхэм зарагъэумэхъыгъ. А мафэм
шlошъхъуныгъэ зиlэхэм япчъагъэ минищ фэдиз хэхъуагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

42Апостолхэм арагъашIэрэ Тхьэм игущыIэхэм агу етыгъэу
шIошъхъуныгъэ зиIэ хъугъэ цIыфхэр ядэIущтыгъэх, зэкъошхэм фэдэуи
зэхэтыгъэх, хьалыгъур зэгуач зэпытыщтыгъ, Тхьэми елъэIу
зэпытыщтыгъэх.

**ШIошъхъуныгъэ зиIэхэм язэкъошныгъ**

43Апостолхэм Iофышхо гъэшIэгъон Iаджыхэр ашIагъэхэти, нэшэнэ
гъэшIэгъон Iаджыхэри къагъэлъэгъуагъэхэти, цIыфхэм зэкIэ агухэм
щынагъо арылъ хъугъэ.

44ШIошъхъуныгъэ зиIэхэр зэкIэ зэгъусагъэх, яIэри зэкIэ язэфэдагъ.

45Ямылъкухэмрэ яхьапщыпхэмрэ ащэхи, къыкIэкIыгъэм щыщ хэти
ищыкIагъэм фэдиз ратыгъ.

46Зыгу-зыпсэу мафэ къэси Тхьэм иунэшхо щызэIукIэ зэпытыщтыгъэх.
Яунэхэми хьалыгъур ащызэгуачыщтыгъ, гушIохэу, агу шъыпкъагъэ
зэфилъэу зэдашхэщтыгъэх.

47Тхьэм ищытхъу аIощтыгъ, цIыф пстэуми агуи яIущтыгъ. ЦIыфхэу
мыкIодхэу къыгъэнэжьхэрэмкIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэм япчъагъэ мафэ
къэс Зиусхьаным хигъахъощтыгъ.

## Апостолхэм ашIэгъэ Iофхэр 3

**Петррэ Иуанрэ ылъакъохэм атеуцон зымылъэкIырэ лIы горэ зэрагъэхъужьыгъэр**

1Мафэ горэм, щэджэгъоужым, цIыфхэр Тхьэм зыщелъэIурэ уахътэу
сыхьатыр щымэ адэжь Петрэрэ Иуанрэ Тхьэм иунэшхо кIощтыгъэх.

2ЛIы горэ къызыхъугъэм щегъэжьагъэу ылъакъохэм атеуцон
зымылъэкIырэр, Тхьэм иунэшхо икъэлапчъэхэм ащыщэу «Къэлэпчъэ
дах» зыфаIорэм дэжь къахьыщтыгъ. Ар мафэ къэс къахьыти, Тхьэм
иунэшхо чIахьэхэрэм сэдакъэкIэ ялъэIунэу а къэлапчъэм дэжь
агъэтIысыщтыгъ.

3А лIым Петрэрэ Иуанрэ Тхьэм иунэшхо чIахьэхэзэ зелъэгъум, ялъэIугъ:
– Сэдакъэ къысэшъут!

4Петрэрэ Иуанрэ анэхэр а лIым тырагъэдыкъагъэхэу еплъыхэзэ, Петрэ
къыIуагъ: – Мо зэ къытэплъ!

5Зыгорэ къыратынкIэ ащыгугъэу а лIыр афыдэплъыягъ.

6– Дышъи тыжьыни сэ зи сиIэп, – къыIуагъ Петрэ, – ау сиIэр осэты:
Назарет щыщ Исус Христос ыцIэкIэ унашъо пфэсэшIы, къэтэджи,
къэкIyхь!

7ЕтIанэ Петрэ а лIым ыIэ джабгъу къыубыти, къыгъэтэджыгъ. Ардэдэм а
лIым ылъакъохэмрэ ылъэгуанджэхэмрэ кIуачIэ къахэхьагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

8Ар къызщылъэти, ылъакъохэм атеуцожьи, къыкӀухьэу ыублагъ. ЕтӀанэ Петрэрэ Иуанрэ ягъусэу Тхьэм иунэшхо чӀахьи, къыкӀухьэмэ, дэпкӀаезэ Тхьэм щытхъу фишӀыгъ.

9КъыкӀухьэу, Тхьэм щытхъу фишӀэу ар цӀыф пстэуми алъэгъугъ.

10Джащыгъум, Тхьэм иунэшхо «и Къэлэпчъэ дах» зыфаӀорэм дэжь лъэӀуакӀоу щысыщтыгъэр къашӀэжьыгъ, агучӀи изыгъэу, а лӀым къехъулӀагъэр лъэшэу агъэшӀэгъуагъ.

### Петрэ цӀыф купышхом ыпашъхьэ къызэрэщыгущыӀагъэр

11ЛӀэу агъэхъужьыгъэр ауж имыкӀэу Петрэрэ Иуанрэ пачъыхьэ Сэлмэн ыцӀэкӀэ заджэхэрэ щагоу шъхьэ зытелъ къэлапчъэхэр зиӀэм дэжь щытыгъэх. Лъэшэу агъэшӀагъоу зэкӀэ цӀыфхэр чъэхи, ахэмэ адэжь щызэрэугъоигъэх.

12Петрэ ар зелъэгъум, цӀыфмэ ариӀуагъ: – Израиль лӀыхэр, сыд пае ар жъугъэшӀагъора? Сыд пае ащ фэдизэу тэ шъукъытэплъыра? Тэр-тэрэу лъэкӀышхо тиӀэу, е Тхьэр инэу тэ тэгъэлъапӀэшъ, мы лӀым зекӀон едгъэлъэкӀыгъэу шъогугъа?

13Ибрахьимэ, Исхьакъ, Якъубэ я Тхьэу тятэжъышхохэм я Тхьэ ежь ы Къо Исус ищытхъушхо къыгъэлъэгъуагъ. Ар тетыгъо зиӀэхэм шъо аӀэкӀэжъугъэхьагъ. Ӏэшъхьэтет Пилат ар шъхьафитэу къытӀупщыжьынэу тыриубытагъэ пэтми, ащ ыпашъхьэ Исус щызэшъупэсыгъэп.

14ЦӀыф ЛъапӀэу ыкӀи Зафэр зэшъупэсыгъэп, укӀакӀо горэ шъхьафитэу къышъуфитӀупщыжьынэуи Ӏэшъхьэтет Пилат шъуелъэӀугъ.

15ЩыӀэныгъэ шъыпкъэр цӀыфмэ язытырэр аущтэу шъуукӀыгъэ, ау Тхьэм ар лӀагъэхэм къахигъэтэджыкӀыжьыгъ. Тэри а Ӏофым тырищыхьат.

16Мы лӀэу шъулъэгъурэм ыкӀи шъуушӀэрэм Исус ыцӀэ зэрэщыгугъыгъэм пае, кӀуачӀэ иӀэ хъугъэ. Исус ыцӀэрэ Исус дэжь къикӀырэ шӀошъхъуныгъэмрэ ары шъо пстэуми шъуапашъхьэ мы лӀыр щызгъэхъужьыпагъэр.

17– Ащ нэмыкӀэу, сшыхэр, шъори шъуитхьэматэхэми Исус ешъушӀагъэр зэхэшъумышӀыкӀэу зэрэшъушӀагъэр сэшӀэ.

18Тхьэм пегъымбар пстэуми агухэм къарилъхьи, къаригъэӀуагъ, ежь и Христос къиныбэ ыщэчын зэрэфэягъэр, Тхьэм зэриухэсыгъэм тетэуи хъугъэ.

19Арыти, Тхьэм шъуипсэкӀодхэр къышъуфигъэгъунхэм пае, ахэмэ шъуафыкӀэгъожьи, Тхьэм игъогу шъутехь.

20Ащыгъум шъугухэм зызщагъэпсэфыжьын лъэхъанхэр Зиусхьаным дэжь къикӀыщтых, Тхьэм Христосэу къышъуфигъэнэфэгъэ Исуси къыгъэкӀожьыщт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

21Тхьэм зэпстэури тэрэзэу зэтыригъэуцожьыфэ, Христос уашъом щыIэн фае, Тхьэм ипегъымбар лъапIэхэм агухэм къарилъхьи, къызэраригъэIуагъэм тетэу.

22Гущыӏэм пае, пегъымбар Мусэ къыIуагъ: «Зиусхьанэу шъуи Тхьэм шъушыхэм ащыщэу, сэ сфэдэ пегъымбар къыгъэкIощт. Ащ къышъуиIощт пстэуми шъуядэIун фае.

23А пегъымбарым къыIохэрэм хэт щыщми ямыдэIурэр лъэпкъым хэкIынышъ, кIодыжьыщт».

24– Адрэ пегъымбар пстэуми, пегъымбар Самуел щегъэжьагъэу ащ къыкIэлъыкIуагъэхэми, пегъымбархэу Тхьэм игущыIэхэр зыгу къырилъхьэхи, къызэригъэIогъэ пстэуми мы мафэхэм ягугъу ашIыщтыгъ.

25Пегъымбархэм аIупэкIэ Тхьэм цIыфхэр къызэригъэгугъэгъэ Iофхэр зыгъотхэрэр шъоры; Тхьэм ежьыррэ шъуятэжъышхохэмрэ азыфагу дилъхьэгъэ зэзэгъыныгъэм иIахьышIуи зыгъотхэрэр шъоры; сыда пIомэ, Тхьэм пегъымбар Ибрахьимэ риIуагъ: «О къыптекIыщт цIыфым дунаим илъэпкъ пстэуми сынэшIу щыфэныр анигъэсынэу сшIыщт».

26Тхьэм ежь ы Къуи къызегъэлъагъом, лъэпкъхэм апэу ежь ы Къо къызфигъэкIуагъэр шъоры, шъуащыщэу хэти ащ иIэмыркIэ игъогу бзаджэ тыригъэкIэу, ынэшIу къыщифэным пае.

## Апостолхэм ашIэгъэ Iофхэр 4

### Тхьэмэтэ Хэсэшхом ыпашъхьэ Петрэрэ Иуанрэ зэрэращагъэхэр

1Петрэрэ Иуанрэ цIыфхэм адэгущыIэхэзэ, дин пащэхэр, Тхьэм иунэшхо икъэрэгъулэхэм ятхьэматэ, саддукейхэр лъэшэу губжыгъэхэу итIум къабгъодэхьагъэх;

2сыда пIомэ, Петрэрэ Иуанрэ цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр арагъашIэхэу, Исус лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыгъэм пае, лIагъэхэр къызэрэтэджыжьыщтхэмкIэ макъэ агъэIущтыгъэти ары.

3Аущтэу ахэмэ Петрэрэ Иуанрэ аубытхи, пчыхьэ хъугъахэти, ятIонэрэ мафэм нэс хьапсым чIагъэсыгъэх.

4Петрэрэ Иуанрэ къэбарэу агъэIурэр зэхэзыхыгъэхэм ащыщхэу бэмэ ИсускIэ шIошъхъуныгъэ яIэ хъугъэ. Ахэмэ япчъагъэ нэбгырэ минитф фэдиз хъугъэ.

5ЯтIонэрэ мафэм джурт тхьэматэхэр, нахьыжъхэр, Тэурат егъэджэкIо пащэхэр Ерусалим щызэIукIагъэх.

6Дин пэщэшхоу Аннэ зыцIэр ащ дэжьым щыIагъ, етIанэ Кайафэ, Иуан, Александр, нэмыкI лIыхэу дин пэщэшхом иунагъо щыщхэр ащ щыIагъэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

7Ахэмэ Петрэрэ Иуанрэ утыгум къыращэхи, яупчӀыгъэх: – Сыд фэдэ лъэкӀыкӀэ е хэт ыцӀэкӀэ а лӀыр хъужьыгъа?

8Ар заӀом, Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ Петрэ ыгу инэу илъ хъуи, ариӀуагъ: – Шъо тэ тлъэпкъ итхьэматэхэри, инахьыжъхэри!

9ЛӀэу зылъакъохэм атеуцон зымылъэкӀыщтыгъэм тэ шӀоу фэтшӀагъэм иӀоф шъухаплъэзэ, «Сыдэущтэу ар хъужьыгъа?» шъуӀозэ, непэ шъукъытэупчӀы.

10Арышъ, шъо зэпстэуми, Израиль лъэпкъым зэкӀэ мыр зэжъугъашӀэ: къалэу Назарет щыщ Исус Христос ыцӀэ илъэкӀ ары мы лӀыр зыгъэхъужьыгъэр, ащ ишӀушӀэкӀэ ар шъуапашъхьэ ит. Исус ары къащым тешъуӀулӀагъэр, ау Тхьэм ар лӀагъэхэм къахигъэтэджыкӀыжьыгъ.

11Ежьыр ары «Унэ зышӀыхэрэм зэрамыпэсэу чӀадзыжьыгъэ мыжъор унэр зыӀыгъырэ лъэпсэ дэдэ хъугъэ».

12– ЦӀыфхэр мыкӀодхэу къэзгъэнэжьырэ закъор Исус ары. Тхьэм уашъом ычӀэгъ чӀэт цӀыфхэм аритыгъэу ащ ыцӀэ нэмыкӀ тымыкӀодэу тыкъэзгъэнэжьын зылъэкӀын зи щыӀэп.

13Джурт тхьэматэхэм Петрэрэ Иуанрэ ягушхоныгъэ залъэгъум, лӀы къызэрыкӀохэу гъэсэныгъэ зэрямыӀэм гу зылъатэм, агъэшӀэгъуагъ, Исус зэригъусагъэхэри къашӀэжьыгъ.

14Ау а лӀэу агъэхъужьыгъэр ахэмэ ягъусэу ащ дэжьым щытэу алъэгъугъэти, ащ нахьыбэ араӀожьын алъэкӀыгъэп.

15Аущтэу зэхъум, Синедрион хэсэ унэм Петрэрэ Иуанрэ чӀагъэкӀыжьхи, ежьхэр зэупчӀыжьхэу аублагъ.

16ЗэупчӀыжьхэзэ, моущтэу зэраӀожьыгъ: – Мы лӀитӀум сыда ятшӀэщтыр? Ерусалим дэс цӀыф пстэуми ахэмэ Ӏофышхо гъэшӀэгъон зэрашӀагъэр ашӀэ. «Ӏофышхо ашӀагъэп» тэ тӀо хъущтэп.

17Ау хъугъэм икъэбар ащ нахьи нахьыбэу цӀыфмэ ахэмыхьаным пае, «Исус ыцӀэкӀэ зы цӀыф горэм шъудэгущыӀэмэ, къиныбэ шъодгъэщэчыщт» тӀонышъ, мы лӀыхэм афэдгъэпытэн фае.

18ЕтӀанэ Петрэрэ Иуанрэ хэсэ унэм къычӀащэжьхи, Исус ыцӀэкӀэ зи къамыӀожьынэуи, цӀыфхэм зи арамыгъэшӀэжьынэуи афагъэпытагъ.

19Ау Петрэрэ Иуанрэ ахэмэ араӀожьыгъ: – Тхьэм тедэӀуным нахьи, шъо тышъодэӀуныр ТхьэмкӀэ тэрэза, мытэрэза, шъор-шъорэу хьыкум тешъушӀыхьан фае.

20Ау тэ Ӏофхэу тлъэгъугъэхэмрэ зэхэтхыгъэхэмрэ къэтымыӀо хъущтэп.

21ЕтӀанэ джурт тхьэматэхэм, «ШъукъытэмыдэӀумэ, къиныбэ шъодгъэщэчыщт» аӀуи, джыри зэ афагъэпыти, къатӀупщыжьыгъэх. Ахэмэ

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)

къин арагъэщэчынэу ушъхьагъу агъотыгъэп, сыда пIомэ, а хъугъэ-шIагъэм пае, цIыф пстэуми Тхьэм щытхъу фашIыщтыгъэти ары.

22Мы Iофышхо гъэшIэгъонымкIэ апостолхэм агъэхъужьыгъэ лIым ыныбжь илъэс тIокIитIум ехъущтыгъ.

**ШIошъхъуныгъэ зиIэхэр Тхьэм зэрелъэIугъэхэр**

23Петрэрэ Иуанрэ къызатIупщыжьхэм, ягъусэхэм адэжь агъэзэжьи, дин пэщэшхохэмрэ нахьыжъхэмрэ къараIуагъэр аIотэжьыгъ.

24Ахэмэ ар зызэхахым, зэдаштэу амакъэ инэу къаIэти, Тхьэм елъэIугъэх:
– Зиусхьан, уашъори, чIыри, хыри, ахэмэ ащыIэ пстэури къэзгъэхъугъэр
оры.

25Тятэжъышхо Даутэ ыIупэкIэ о укъэгущыIагъ. Ар о уиIорышIагъ, о п Псэ
ЛъапIэ илъэкIыкIи мы гущыIэхэр ащ ебгъэIуагъэх: «Хымэ лъэпкъхэр сыда
зыкIэгубжыхэрэр? ЦIыфхэм пкIэ зимыIэ гухэлъхэри сыда зыкIашIыхэрэр?

26Дунаим ипачъыхьэхэм зыкъаIэтыгъ, пащэхэри зэрэугъоихи, Зиусхьанэу
Тхьэмрэ Ащ и Хэхи апэуцунхэу зэгурыIуагъэх».

27– А гущыIэхэр шъыпкъэх, сыда пIомэ, пщы Иродрэ Iэшъхьэтет Понтый
Пилатрэ хымэ лъэпкъхэмрэ израиль цIыфхэмрэ ягъусэхэу, о п Къо
лъапIэ Исусэу дагъэ зыщыпфагъэм пэуцунхэу мы къалэм
щызэрэугъоигъэх.

28О пкIочIэшхокIи, уигухэлъ тетэуи хъун фэегъэ Iофхэу ыпэкIэ бгъэнэфагъэхэр ахэмэ агъэцэкIагъэх.

29Джы, Зиусхьан, «ШъукъытэмыдэIумэ, къиныбэ шъодгъэщэчыщт» аIозэ,
ахэмэ къызэраIорэм еплъ, уигущыIэхэр гушхоныгъэ пстэури тиIэу
дгъэIунхэу тэ, уиIорышIэхэм, кIуачIэ къытэт.

30Арышъ, п Къо лъапIэу Исус ыцIэкIэ сымаджэхэр бгъэхъужьынхэуи,
нэшэнэ гъэшIэгъонхэр къэбгъэлъэгъонхэуи, Iофышхо гъэшIэгъонхэр
пшIэнхэуи о пIэ къэщэй.

31Тхьэм зелъэIухэ ужым, чIыпIэу зыщызэрэугъоигъэр къэсысыгъ. Тхьэм ы
Псэ ЛъапIэ зэкIэмэ агухэм инэу арылъ хъуи, гушхокIэ Тхьэм игущыIэхэр
агъэIоу рагъэжьагъ.

**ШIошъхъуныгъэ зиIэхэм ямылъку зэрэзэфэдагъэр**

32ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэр зэкIэ зыгу-зыпсэу зэхэтыгъэх. Зыми имылъку ехьылIагъэу «Мыр сэсый» ыIуагъэп, зэкIэ язэфэдагъ.

33Апостолхэр Исус лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыгъэм лъэкIышхокIэ шыхьат фэхъугъэх, Тхьэм ынэшIуи зэкIэми инэу къащифэщтыгъ.

34ЩыкIагъэ зиIэ цIыф зи ахэтыгъэп; сыда пIомэ, е чIыгу, е унэ зиIэ пстэуми ахэр ащэжьхэти, ахъщэу къыкIэкIыгъэр къахьыти,

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

35апостолхэм апашъхьэ ралъхьэщтыгъ. А ахъщэм щыщэу апостолхэм
хэти ищыкIагъэм фэдиз ратыщтыгъ.

36Кипр хыгъэхъунэм щыщэу, Лэуй лIакъом щыщэу лIы горэ щыIагъ. А
лIым Юсыф ыцIагъ. Апостолхэр ащ Бар-НаббэкIэ еджэщтыгъэх. (Бар-
Наббэ зыфаIорэ лIыцIэм къикIырэр «ЦIыфхэр Зыгъэгушхорэр» ары.)

37Ащ хьасэу иIагъэр ыщи, ахъщэр къыхьи, апостолхэм апашъхьэ
къырилъхьагъ.

## Апостолхэм ашIэгъэ Iофхэр 5

### Ананыйрэ Сапфирэрэ якъэбар

1Ананый ыцIэу лIы горэ щыIагъ. Ежьыррэ ишъхьэгъусэу Сапфирэрэ
мылъку горэ ащагъ.

2Шъузым ышIэзэ, Ананый мылъкум кIэкIыгъэм щыщ ежь пае тIэкIу хихи,
къэнагъэр апостолхэм апашъхьэ рилъхьагъ.

3– Ананый, – къыIуагъ Петрэ, – Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ пцIы фэуусынэуи,
чIыгум ыуасэ щыщ ощ пае хэпхынэуи шэйтаным угу къырилъхьанэу
сыдэущтэу хъугъа?

4ЧIыгур пщэным ыпэкIэ орыба зиягъэр? Зыощэм ыуж ахъщэм узыфаер
епшIэн плъэкIыщтыгъэба? Мыщ фэдэу пшIэнэу сыд пае угу
къэбгъэкIыгъ? ПцIы зыфэуусыгъэр цIыфхэр арэп, Тхьэр ары нахь.

5Ананый а гущыIэхэр зызэхехым, зэхафи, ыпсэ хэкIыгъ. Хъугъэ-шIагъэр
зэхэзыхыгъэхэр зэкIэ щынэгъошхом хэфагъэх.

6КIэлэ ныбжьыкIэ куп къакIуи, ихьадэ чэфын ращэкIи, унэм рахыжьи,
къэхалъэм щычIалъхьажьыгъ.

7Сыхьэтищ фэдиз тешIагъэу, къэхъугъэр ымышIэу Ананый ишъхьэгъусэ
унэм къихьагъ.

8– КъысаIу, – риIуагъ Петрэ, – чIыгур мыщ фэдиз ахъщэкIэ шъущагъа? –
Ары, ащ фэдиз ахъщэр ары зэрытщагъэр, – къыIуагъ бзылъфыгъэм.

9– Сыд пае Зиусхьаным ы Псэ ЛъапIэ шъууплъэкIунэу
шъузэрэгъэгугъэжьыгъа? – риIуагъ Петрэ. – Еплъ, уилI ихьадэ къэм
чIэзылъхьажьыгъэхэр пчъэIупэм Iутых, о уихьади рахыжьыщт.

10Ардэдэм бзылъфыгъэр Петрэ ылъакъохэм адэжь щызэхафи, ыпсэ
хэкIыгъ. КIэлэ ныбжьыкIэхэр къызехьэхэм, ари лIагъэу щылъыгъ. Ихьадэ
унэм рахыжьи, дахи, ишъхьэгъусэ бгъодэлъэу чIалъхьажьыгъ.

11Чылыс зэIукIэм щыщ пстэури, хъугъэ-шIагъэхэр зэхэзыхыгъэ пстэури
щынэгъошхом хэфагъэх.

### Апостолхэм Iофышхо гъэшIэгъон Iаджи зэрашIагъэр

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

12 Апостолхэм цӀыфхэм апашъхьэ нэшэнэ гъэшӀэгъон Ӏаджи къыщагъэлъагъощтыгъ, Ӏофышхо гъэшӀэгъон Ӏаджи щашӀэщтыгъ. ШӀошъхъуныгъэ зиӀэ пстэуми зэдаштэу, пачъыхьэ Сэлмэн ыцӀэкӀэ заджэхэрэ щагоу шъхьэ зытелъ къэлапчъэхэр зиӀэм щызэӀукӀэщтыгъэх.

13 ШӀошъхъуныгъэ зиӀэхэм ахэхьанхэу цӀыфхэм загъэгушхощтыгъэп, ау лъытэныгъэ афыряӀагъ.

14 Ащ имызакъоу, цӀыф нахьыбэ, хъулъфыгъэхэми бзылъфыгъэхэми, Зиусхьанымкӏэ шӀошъхъуныгъэ яӀэ хъоу, агохьэ зэпытыщтыгъэх.

15 Арышъ, Петрэ зыблэкӀыкӀэ, зи мыхъуми, иныбжьыкъу сымаджэхэм ащыщхэм къатыридзэным пае, цӀыфхэм ясымаджэхэр пӀэхэми пӀуаблэхэми ателъхэу къахьыхэти, урамхэм къатыралъхьащтыгъэх.

16 Ерусалим игъунэгъу къалэхэми цӀыфыбэхэр къарыкӀыхэти, ясымаджэхэмрэ джынэпцӀэ Ӏаехэм рагъэзыгъэхэмрэ къахьыщтыгъэх. Апостолхэм ахэр зэкӀэ агъэхъужьыщтыгъэх.

**Джурт тхьэматэхэм апостолхэм къин зэрарагъэщэчыгъэр**

17 ЕтӀанэ дин пэщэшхомрэ дин пэщэшхом игъусэ пстэухэмрэ шъугъоныр агу къиихьагъ. Дин пэщэшхом игъусэхэр диныр зылэжьырэ цӀыф купэу саддукей купкӀэ заджэхэрэм щыщыгъэх.

18 Апостолхэр аубытхи, къалэм ихьапс чӀадзагъэх.

19 Ау чэщым Зиусхьаным имэлаӀич хьапсым ипчъэхэр Ӏуихыхи, ахэр къычӀищыжьхи, къыӀуагъ:

20 – ШъукӀожьи, Тхьэм иунэшхо шъучӀахьи, мы щыӀэныгъэ лъапӀэм икъэбар зэкӀэ цӀыфмэ яшъуӀуат.

21 Апостолхэр едэӀухи, нэф къызэшъым, Тхьэм иунэшхо чӀахьэхи, а къэбарыр цӀыфхэм арагъашӀэу аублагъ. Дин пэщэшхомрэ ащ игъусэхэмрэ къызэкӀохэм, Тхьэмэтэ Хэсэшхом хэтхэм (израиль цӀыфмэ янахьыжъхэр ары) къяджэхи, апостолхэр къащэнхэм пае къэрэгъулэхэр хьапсым агъэкӀуагъэх.

22 Ахэр хьапсым зэкӀохэм, апостолхэр агъотыгъэхэпти, къагъэзэжьи, къаӀуагъ:

23 – Хьапсыр пытэу гъэпытагъэу, къэрэгъулэхэри пчъэхэм аӀутхэу къэдгъотыгъ, ау пчъэхэр Ӏутхи, тызычӀахьэм, зи чӀэдгъотагъэп.

24 Тхьэм иунэшхо икъэрэгъулэхэм ятхьэматэмрэ дин пэщэшхохэмрэ ар зызэхахым, зыфахьын ашӀагъэп.

25 Джащыгъум зыгорэ къакӀуи, хъугъэр ахэмэ къариӀуагъ: – Шъо хьапсым чӀэшъудзэгъэгъэ лӀыхэр Тхьэм иунэшхо чӀэтхэу, цӀыфхэр Исус икъэбар фагъасэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

26Ар зареIом, лIыхэр игъусэу къэрэгъулэхэм ятхьэматэ кIуи, апостолхэр
къащагъэх, ау лIыгъэкIэ къащагъэхэп, сыда пIомэ, цIыфхэр мыжъохэмкIэ
къяонхэшъ, аукIынхэм щыщынэщтыгъэхэти ары.

27Апостолхэр къащэхи, Тхьэмэтэ Хэсэшхом ыпашъхьэ ращагъэх. Дин
пэщэшхор яупчIэу ыубли, моущтэу ыIуагъ:

28– «Мы лIым ыцIэкIэ цIыфхэм зи яшъумыгъашI!» тIуи, унэшъо пытэ
къышъуфэтшIыгъэба? Ау шъо цIыфхэр зыфэжъугъасэхэрэ къэбархэр
Ерусалим диз шъушIыгъэ. Джы мы лIым ылъ къыттежъугъэфэн шъугу
хэлъ.

29– ЦIыфхэм анахьи Тхьэм нахь тедэIун фае, – пэгъокI къатыжьыгъ
Петрэрэ адрэ апостолхэмрэ.

30– Тятэжъхэм я Тхьэ Исус лIагъэхэм къахигъэтэджыкIыжьыгъ. Ар шъо
пкъэум ешъуIулIи, шъуукIыгъэ.

31Исус израиль цIыфхэр япсэкIодшIагъэхэм афыкIигъэгъожьынхэшъ,
къафэгъунхэм пае, Тхьэм Исус Зиусхьанэу ыкIи КъэгъэнэжьакIоу уашъом
дищэежьи, ежь иджабгъукIэ зыгуигъэтIысхьагъ.

32Тэри Тхьэм ы Псэ ЛъапIи мы Iоф пстэуми тыряшыхьат. Тхьэм ежь ы
Псэ ЛъапIэ ежь фэIорышIэрэ цIыфхэм агухэм къарелъхьэ.

33Тхьэмэтэ Хэсэшхом хэтхэм ар зызэхахым, къызэкIэплъыхьэхи,
апостолхэр аукIы ашIоигъо хъугъэх.

34Ау фарисей горэ, Гамалиил ыцIэу, цIыф пстэуми лъытэныгъэ зыфыряIэ
Тэурат егъэджэкIо пащэр Тхьэмэтэ Хэсэшхом хэсэу къэтэджи,
апостолхэр унэм тIэкIукIэ чIащынхэу унашъо ышIыгъ.

35ЕтIанэ Тхьэмэтэ Хэсэшхом хэтхэм ариIуагъ: – Израиль лIыхэр, мыхэмэ
яшъушIэщтымкIэ шъузфэсакъыжь,

36сыда пIомэ, бэмышIэу Фебдэ ыцIэу, лIы горэ щыIагъ. Ежь лIы инэу
цIыфхэм ашIуигъэшIэу, нэбгырэ шъиплI фэдиз гъусэ къыфэхъугъ, ау
цIыфхэм ар аукIыгъ, игъусэхэри зэбгырыкIыжьхи, кIодыжьыгъэх.

37Ащ къынэуж цIыфхэм япчъагъэ залъытэм, Иудэ зыцIэ лIэу Галилей
хэкум щыщыр къэтэджи, цIыф Iэджи гъусэ къыфэхъугъ. ЦIыфхэм ари
аукIыгъ, игъусэ пстэури зэбгырыкIыжьыгъэх.

38Джы мыр шъосэIо: «Мы лIыхэм ауж шъуикIыжьи, шъутIупщыжьых.
Ахэмэ ягухэлъри яIофи къызхэкIырэр цIыфыр арымэ, кIодыжьыщт.

39Ау яIоф къызхэкIырэр Тхьэр арымэ, ахэр жъугъэуцунхэ шъулъэкIыщтэп.
Шъузфэсакъыжь, Тхьэм шъупэуцоу къычIэкIынкIи мэхъу».

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

40Аущтэу Гамалиил къыIуагъэхэм ядэIугъэх. ЕтIанэ апостолхэм
къяджэжьхи, къамыщкIэ яуагъэх. Ащ нэужым Исус ыцIэкIэ цIыфмэ зи
арамыIонэу унашъо афашIи, атIупщыжьыгъэх.

41Аущтэу Исус ыцIэкIэ лые къарахынэу Тхьэм къызэрафигъэшъошагъэм
щыгушIукIхэу, апостолхэр Тхьэмэтэ Хэсэшхо унэм къычIэкIыжьыгъэх.

42Мафэ къэси Тхьэм иунэшхуи унэхэми цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр
щарагъашIэ зэпытыщтыгъ, къэбарышIоу Исусыр зэрэ Христосри цIыфхэм
арагъэIу зэпытыщтыгъ.

## Апостолхэм ашIэгъэ Iофхэр 6

### Апостолхэм ежьхэм адэIэпыIэнхэу нэбгырибл зэрагъэнэфагъэр

1А мафэхэм ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэр нахьыбэ хъухэ зэхъум,
алыджыбзэкIэ гущыIэрэ джуртхэм джуртыбзэкIэ гущыIэрэ
джуртхэм афэтхьаусыхэхэу аIуагъ: – Мафэ къэс шхын зыжъугощыкIэ, тэ
тишъузабэхэр пхъэтэпэмыхь шъошIых.

2Джащыгъум, апостол пшIыкIутIур зэкIэ ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэ
цIыфхэм къяджэхи, къаIуагъ: – Шхын дгощыным пае, Тхьэм игущыIэхэм
цIыфхэр ятымыгъэдэIунхэр тэрэзэп.

3Ащ пае, тшыхэр, цIыф пстэуми лъытэныгъэ зыфыряIэу, Тхьэм ы Псэ
ЛъапIэ инэу зыгу илъхэу, акъылышIу зиIэ нэбгырибл шъуащыщэу
къыхэшъух. Мы Iофыр ахэмэ апшъэ итлъхьан.

4Тэри Тхьэм телъэIуни, Тхьэм игущыIэхэр цIыфмэ ядгъэIунхэми тыпылъ
зэпытыщт.

5ЗэкIэ зэIукIэгъэ цIыфхэм мы гущыIэхэр агу рихьыгъэх. Ауштэу Стефанэу
шIошъхъуныгъэмрэ Тхьэм ы Псэ ЛъапIэрэ инэу зыгу илъ лIыр къыхахыгъ.
Ащ нэмыкIэу Филипп, Прохор, Никан, Тимон, Пармен, Николасэу
Антиохие къалэм щыщэу джурт хъугъэр къахахыгъэх.

6Ахэр апостолхэм апашъхьэ рагъэуцуагъэх. Апостолхэр Тхьэм
елъэIугъэх, аIэхэри ахэмэ ашъхьэхэм атыралъхьагъэх.

7Ауштэу Тхьэм игущыIэхэм а лъэныкъом инэу зыщаубгъуштыгъ. ИсускIэ
шIошъхъуныгъэ зиIэхэм япчъагъэ Ерусалим бэу щыхэхъуагъ. Дин
пащэхэм ащыщ купышхоми шIошъхъуныгъэ иIэ хъугъэ.

### Стефан зэраубытыгъэр

8Стефан Тхьэм ынэшIу инэу къызщифагъэу, лъэкIышхо зиIэ лIыгъ. Ащ
Iофышхо гъэшIэгъонхэр ышIэщтыгъ, нэшэнэ гъэшIэгъонхэри цIыфмэ
апашъхьэ къыщигъэлъагъощтыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

9Шъхьафитыныгъэ зиlэ хъугъэхэу зыфаlорэ лlыхэм ясинэгогу щыщхэм
(ахэр Кириние къалэм, Александрие къалэм, Киликие хэкум, Асие хэкум
щыщыгъэх) Стефан енэкъокъухэу аублагъ.

10Ау Стефан иакъылышlуагъэ паий, игущыlэхэр Тхьэм ы Псэ Лъапlэ
къызэрэригъэlуагъэхэм паий пэуцужьынхэ алъэкlыщтыгъэп.

11Джащыгъум ахэмэ цlыф заулэмэ моущтэу арагъэlуагъ: – Мы лlыр
пегъымбар Мусэмрэ Тхьэмрэ яхъонэу зэхэтхыгъ.

12Аущтэу заlом, цlыфхэри, нахьыжъхэри, Тэурат егъэджэкlо пащэхэри
зэкlагъэплъыхьагъэх. Ахэми Стефан аубыти, Тхьэмэтэ Хэсэшхом
ыпашъхьэ ращагъ.

13Шыхьат нэпцlхэри къащагъэх. А шыхьатхэм мырэущтэу аlуагъ: – Мы
лlыр мы чlыпlэ лъапlэмрэ Тэурат хабзэмрэ яхъон зэпыт.

14Сыда пlомэ, Назарет щыщ Исус мы чlыпlэр зэхикъутэщт ыкlи
пегъымбар Мусэ къытфигъэнэгъэ хабзэхэри зэблихъущтых, мы лlым
джахэр къыlоу зэхэтхыгъ.

15Тхьэмэтэ Хэсэшхом хэт пстэури Стефан езэрэгъэплъыгъ. Ащ ынапэ
мэлэlич напэм фэдэу къащыхъугъ.

## Апостолхэм ашlэгъэ lофхэр 7

### Стефан Тхьэмэтэ Хэсэшхом ыпашъхьэ къызэрэщыгущыlагъэр

1Етlанэ дин пэщэшхор Стефан еупчlыгъ: – Мы лlыхэм къаlохэрэр
шъыпкъэха?

2– Тшыхэри, тятэхэри, шъукъэдаlу! – къыlожьыгъ Стефан. – Тятэжъышхо
Ибрахьимэ Хьаран къалэм дэмытlысхьэзэ, щытхъушхо зиlэ Тхьэр
Месопотамие хэгъэгум ащ къыщыфэлъэгъуагъ.

3Тхьэм моущтэу къыриlуагъ: «О уихэгъэгуи, уиблагъэхэми ахэкlи, сэ
озгъэлъэгъущт хэгъэгум кlо!»

4Аущтэу Ибрахьимэ Халдей хэгъэгум икlи, Хьаран къалэм кlуи,
дэтlысхьагъ. Ятэ зэлlэ ужым, мы хэгъэгоу шъо шъуузэрысым Тхьэм
къыгъэкощи, къэкlуагъ.

5Мыщ дэжьми Тхьэм Ибрахьимэ мылъку зи къыщыритыгъэп, лъэкъо
тегъэуцуапlэ фэдиз чlыгум щыщи къыритыгъэп. Ау Ибрахьимэ а
мафэхэм сабыий имыlагъэми, мы хэгъэгур ежьыррэ ежь
къытекlыщтхэмрэ хэгъэгу афэхъунэу Тхьэм къыгъэгугъагъ.

6Ащ ехьылlагъэу Тхьэм моущтэу къыlуагъ: «О къыптекlыщтхэр илъэс
шъиплlэ хымэ хэгъэгум щыпсэущтых, цlыфхэм ахэр агъэпщылlхэзэ,
лыехэри къарахыщтых.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

7Ау ахэр зыгъэпщылIырэ лъэпкъым сэ езгъэпщыныжьыщт. Ащ ыуж о
къыптекIыщтхэр а хэгъэгум къикIынхэшъ, мы чIыпIэм сыщагъэлъэпIэщт».

8ЕтIанэ Тхьэм ежьыррэ Ибрахьимэрэ азыфагу зэзэгъыныгъэ
зэрэдилъхьагъэм итамыгъэу, Ибрахьимэ сунэтшIыныр къыфигъэнагъ.
ЕтIанэ Ибрахьимэ Исхьакъ къыфэхъуи, яенэрэ мафэм сунэт ышIыгъ. Ащ
нэужым Исхьакъи къыщи, Якъубэ къыфэхъугъ. Якъуби тэ тятэжъышхоу
пшIыкIутIумэ ты афэхъугъ.

9Ау тятэжъышхохэр ежьхэм аш Юсыф ешъугъухэти, пщылIэу Мысырым
ащэнэу лIы куп горэм ращагъ. Ау Тхьэр Юсыф игъусагъ,

10икъин пстэуми къахищыжьыгъ. Тхьэм Юсыф акъылышIу къырити,
Мысырым ипачъыхьэ, Фырхьауным ынэшIу къыщыригъэфагъ.
Фырхьауным Мысырыми ежь иунэшхуи Юсыф пащэ афишIыгъ.

11Ащ нэужым гъэблэшхорэ тхьамыкIэгъэшхорэ зэкIэ Мысыр хэгъэгуми
Ханаан хэгъэгуми къащыхъугъ. Тятэжъышхохэми шхын агъотыщтыгъэп.

12Якъубэ Мысырым гъомлапхъэ щыIэу зызэхехым, апэу тятэжъхэр ащ
ыгъэкIуагъэх.

13Ахэр Мысырым ятIонэрэу зэкIохэм, Юсыф ышхэм зыкъаригъэшIэжьыгъ.
Фырхьаунми Юсыф иунагъо ышIэу хъугъэ.

14ЕтIанэ Юсыф ышхэр ыгъакIохи, ятэу Якъубэ къэбар фаригъэхьыгъ,
зэкIэ иунэкъощхэр, нэбгырэ тIокIищырэ пшIыкIутфырэ, Мысырым
къэкIонхэу.

15Аущтэу Якъубэ Мысырым кIуагъэ. Ащ ежьыри тятэжъхэри щылIагъэх.

16Ахэмэ яхьадэхэр Шехэм къалэм ахьыжьхи, Ибрахьимэ тыжьын
ахъщэкIэ Эмор ыкъохэм къащищэфыгъэ къэунэм чIалъхьажьыгъэх.

17Тхьэм Ибрахьимэ къызэригъэгугъагъэм игъэшъыпкъэжьыгъо нахь
благъэ хъу къэс, тэ тлъэпкъ Мысырым нахьыбэ щыхъущтыгъ,

18нэмыкI лIэу Юсыф зымышIэщтыгъэр пачъыхьэ хъуным нэсыфэ.

19А пачъыхьэр тицIыфхэм тхьагъэпцIыгъэкIэ адэзекIощтыгъ, тицIыфхэм
ясабыйхэри ымыгъэпсэунхэм пае, чIаригъэдзыжьхэзэ, тятэжъхэм лые
арихыщтыгъ.

20А мафэхэм пегъымбар Мусэ къэхъугъ, Тхьэм дэжькIи сабый дэхагъ.
Мэзищэ ятэ иунэ щаIыгъыгъ, етIанэ губгъом къыранагъ.

21Губгъом къыранагъэр фырхьауным ыпхъу ыхьи, ыкъом фэдэу ыпIугъ.

22Аущтэу мысыр цIыфхэм акъылышIуагъэу ахэлъ пстэури Мусэ
рагъэшIагъ, Муси игущыIэхэмкIи ышIэгъэ IофхэмкIи лъэкI зиIэ лIы хъугъэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

23Мусэ ыныбжь илъэс тIокIитIум зынэсым, ышхэу израиль цIыфхэр
зэригъэлъэгъунхэу рихъухьагъ.

24Мысыр лIы горэм израиль лIыхэм ащыщэу зыгорэм лые рихэу
зелъэгъум, IэпыIэгъу фэхъуи, лые къезыхырэм ышIэгъэ Iофым ипэгъокI
ригъэгъотызэ, ыукIыгъ.

25Мусэ ышхэм зэхашIыкIын шIошIыгъ Тхьэм ежь ахэр къиным
къызэрэхыригъэщыжьыщтхэр, ау ахэмэ зэхашIыкIыгъэп.

26ЯтIонэрэ мафэм ышхэм ащыщхэу нэбгыритIу зэзаохэу Мусэ зелъэгъум,
зэригъэшIужьынхэм пае ариIуагъ: «Шъо, лIитIум, шъузэкъош, сыд пае
лые зэшъухыра?»

27Ау ыш лые езыхырэр Мусэ еIункIи, риIуагъ: «Хэта о тхьэматэ
укъытфэхъунэуи хьыкум къыттепшIыхьанэуи укъэзгъэлъэгъуагъэр?

28Тыгъуасэ мысыр лIыр зэрэуукIыгъэм фэдэу сыуукIынэу уфая?»

29А гущыIэхэр Мусэ зызэхехым, хэхьажьи, Мадиам хэгъэгум кIуи,
итIысхьагъ. Ащ къуитIу къыщыфэхъугъ.

30Илъэс тIокIитIу зытешIэм, Синай къушъхьэм дэжь шъоф нэкIым пэнэ
куандэу машIо зыхэнагъэм хэтэу, мэлэIич горэ Мусэ къыщыфэлъэгъуагъ.

31Мусэ ар зелъэгъум, ыгъэшIэгъуагъ. Нахь тэрэзэу еплъынэу зекIуалIэм,
Зиусхьаным ымакъэ къэIугъ:

32«Уятэжъыышхохэм я Тхьэу, Ибрахьимэ, Исхьакъ, Якъубэ я Тхьэр сэры».
Мусэ къэкIэзэзи, Iуплъэнэу тегушхуагъэп.

33ЕтIанэ Зиусхьаным къыриIуагъ: «О уицуакъэхэр зыщых, сыда пIомэ,
уздэщытыр чIыпIэ лъапIэшъ ары.

34Сэ слъэпкъ гузэжъогъу Мысырым зэрэщыхэтыр слъэгъугъэ, ящэIу
макъэхэри зэхэсхыгъэ. Ахэр къиным къыхэсщыжьынхэу сыкъехыгъ. КIо, о
Мысырым узгъэкIожьыщт».

35(ЕтIанэ Стефан ипсалъэ джыри къыпидзэжьыгъ:) – Ахэмэ амыдэу,
«хэта о тхьэматэ укъытфэхъунэуи хьыкум къыттепшIыхьанэуи
укъэзгъэлъэгъуагъэр?» зыфаIогъэгъэ Мусэр ары. А Мусэ дэдэр ары
ахэмэ тхьэматэ афэхъунэуи шъхьафит ышIынхэуи Тхьэм къыгъэкIуагъэр,
мэлэIичэу пэнэ куандэм хэтэу къыфэлъэгъуагъэм иIэпыIэгъукIэ.

36Муси ары израиль цIыфхэр Мысырым къизыщыжьыгъэр, Мысырыми,
Хы Плъыжьми, илъэс тIокIитIо шъоф нэкIыми Iофышхо гъэшIэгъонхэр
ащызышIагъэр, нэшэнэ гъэшIэгъонхэри къащызгъэлъэгъуагъэр.

37А Мусэр ары израиль цIыфхэм языIуагъэри: «Шъушыхэм ащыщэу сэ
сфэдэу пегъымбар Зиусхьанэу Тхьэм къышъуфигъэкIощт».

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

[38]Мусэр ары тятэжъхэу шъоф нэкIым щызэрэугъоигъэхэм ахэтыгъэр.
Мусэ мэлэIичэу Синай къушъхьэм къыщыдэгущыIагъэм игъусагъ,
мыкIодыжьын гущыIэхэри тэ къытфигъэнэжьынхэу къыIэкIэхьагъэх.

[39]Ау тятэжъхэр Мусэ едэIунхэу фаещтыгъэхэп. Мусэ зэрамыпэсэу
агухэмкIэ Мысырым зыфагъэзагъ.

[40]Ахэмэ Хьарунэ раIуагъ: «Тапэ итхэу ахьынхэу тхьэ сурэтхэр тфэшIых!
Мысырым тыкъизыщыжьыгъэ Мусэ къехъулIагъэр тшIэрэп».

[41]А мафэхэм шкIэ теплъэ иIэу тхьэ нэпцI ашIи, къурмэн ащ фашIыгъ.
Ахэмэ ежьхэм аIэкIэ ашIыгъэ тхьэ нэпцIым щыгушIукIхэу, ешхэ-ешъошхо
ашIыгъ.

[42]Ау Тхьэм ыкIыб ахэмэ къафигъази, ахэмэ уашъом ипкъыгъохэм тхьэ
пIалъэу ялъэIунхэу къыгъэнагъэх, пегъымбархэм ятхылъ зэритым фэдэу:
«Шъо, израиль цIыфхэр, илъэс тIокIитIо шъоф нэкIым шъузетым,
къурмэныпхъэу шIошъубзыщтыгъэр сэра къызфэшъушIыщтыгъэр?

[43]Хьау, къурмэн зыфэшъушIыщтыгъэр сэрэп, ау къэшъухьыщтыгъэр
шъуитхьэ нэпцIэу Молох зыцIэм итхьэлъэIупIэ щэтыр, шъуитхьэ нэпцIэу
Ремфан ижъуагъу, сурэтхэри ары. Мыхэр арых шъуялъэIунхэу тхьэ
нэпцIхэу шъушIыгъэхэр. Арышъ, къэлэшхоу Бабилэн нахьи нахь чыжьэу
шъуипыйхэм шъуязгъэщэщт».

[44]– Тятэжъхэм шыхьатныгъэм итхьэлъэIупIэу чэтэнгъэIагъэр шъоф
нэкIым щыряIагъ. А чэтэнгъэIагъэр Тхьэм Мусэ унашъо
къызэрэфишIыгъагъэм фэдэу ашIыгъагъ, чэтэнгъэIагъэм ишапхъэу Мусэ
ылъэгъугъагъэм тетэу.

[45]Ащ ыужым тэ тятэжъхэм а чэтэнгъэIагъэр къакIэныгъэу, къыздахьыгъ.
Тхьэм ахэмэ апашъхьэ хымэ лъэпкъхэр къырифыхэзэ, Нун ыкъо Ехьошуа
тятэжъхэм япащэу а лъэпкъхэм яхэгъэгу къызатырахым, а чэтэнгъэIагъэр
къыздахьыгъ. ЕтIанэ пачъыхьэ Даутэ имафэхэм анэсыфэ, чэтэнгъэIагъэр
а хэгъэгум къинагъ.

[46]Тхьэм ынэшIу къызщифэгъэ Даутэ Тхьэм елъэIугъ: «О Якъубэ ури Тхь,
унэшхо къыпфэсшIынэу фит сыкъэшI».

[47]Ау пачъыхьэ Сэлмэн ары Тхьэм унэшхор фэзышIыгъэр.

[48]АрышъхьэкIэ Анахь Лъагэр цIыфхэм аIэкIэ ашIыгъэ унэхэм арысэп.
Зиусхьаным къызэриIорэр пегъымбарым итхылъ зэритым фэд:

[49]«Уашъор ары сипачъыхьэ тIысыпIэ, чIылъэри ары силъэгукIэтыныр.
Сыд фэдэ уна къысфэшъушIыщтыр? Тыдэ щыIа зызщызгъэпсэфыщт
чIыпIэр?

[50]Мыхэр зэкIэ къэзгъэшIыгъэр сэрыба?»

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

51– Шъо, цIыф къаигъэхэр! ШъугухэмкIи шъутхьакIумэхэмкIи Тхьэр
зымышIэрэ цIыфхэм шъуафэд. Шъо шъуятэжъхэм шъуафэдэу, Тхьэм ы
Псэ ЛъапIэ шъупэуцу зэпыт.

52Шъуятэжъхэм къин зэрамыгъэщэчыгъэ пегъымбар горэ щыIагъа?
Шъыпкъагъэ ЗиIэр дунаим къызэрэтехьащтымкIэ макъэ къэзгъэIугъэхэри
аукIыгъэх. Шъори тетыгъо зиIэхэм ар аIэкIэжъугъахьи, яжъугъэукIыгъ.

53МэлэIичхэм Тэурат хабзэр къызыIэкIалъхьагъэр шъоры, ау щытми
Тэурат хабзэм итхэр жъугъэцакIэхэрэп.

**Стефан мыжъокIэ еохэзэ зэраукIыгъэр**

54Тхьэмэтэ Хэсэшхом хэтхэм Стефан къыIорэр зызэхахым,
къызэкIэплъыхьагъэхэу, ацэхэр зэрагъэшхыщтыгъэх.

55Ау Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ Стефан ыгу инэу илъ хъуи, уашъом дэплъыий,
Тхьэм ищытхъуушхуи Исус Тхьэм иджабгъукIэ готэуи ылъэгъугъ.

56– Шъуеплъ, – къыIуагъ Стефан, – уашъохэр зэIухыгъэхэу, ЦIыф
Лъэпкъым ы Къо Тхьэм иджабгъукIэ готэу сэлъэгъу.

57Джащыгъум ахэмэ атхьакIумэхэр акудэхи, мэкъэшхокIэ куохэзэ
тезэрэгъэбэнагъэх.

58ЕтIанэ Стефан къалэм далъэшъуи, мыжъокIэ еохэзэ, аукIэу аублагъ.
Шыхьатхэм ящыгъынхэр Шаул зыцIэу кIалэ горэм ылъакъохэм адэжь
щагъэтIылъыгъэх.

59АукIынэу мыжъохэмкIэ еохэ зэхъум, Стефан лъэIуагъэ: – Зиусхьан
Исус, спсэ хэх!

60ЕтIанэ лъэгонджэмышъхьэкIэ тIыси, лъэшэу мэкъэшхокIэ къэкууи,
къыIуагъ: – Зиусхьан, мы псэкIодыр мы цIыфхэм апшъэ имылъхь! Ар
къыIуи, ыпсэ хэкIыгъ.

## Апостолхэм ашIэгъэ Iофхэр 8

1Стефан зэраукIыгъэр Шаул игъоу ылъэгъугъ.

**Шаул чылыс зэIукIэм щыщхэм къин зэраригъэщэчыщтыгъэр**

А мэфэ дэдэм цIыфхэм чылыс зэIукIэм щыщхэу Ерусалим дэсхэм
лъэшэу къин арагъэщэчэу аублагъ. Апостолхэм анэмыкIэу,
шIошъхъуныгъэ зиIэ пстэури Иудей хэкумрэ Самарие хэкумрэ
ащызэбгырыкIыжьыгъэх.

2Тхьэм шIолIыкI фызиIэ лIыхэм Стефан чIалъхьажьи, хьэдэгъэшхо
фашIыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

3Ау Шаул чылыс зэlукlэм щыщхэр ыгъэкlодынхэу ауж итыгъ. Зы унэм икlымэ адрэ унэм ихьэзэ, хъулъфыгъэхэри бзылъфыгъэхэри лlыгъэкlэ раригъэщыхэти, хьапсым чlаригъадзэщтыгъэх.

**Филипп къэбарышlур Самарие хэкум зэрэщигъэlущтыгъэр**

4Цlыфхэу зэбгырыкlыжьыгъагъэхэм къакlухьэзэ, Къэбарышlур цlыфхэм арагъэlущтыгъ.

5Филипп Самарие хэкум щыщ къалэ горэм къакlуи, ащ дэс цlыфмэ Христос ехьылlэгъэ къэбарышlур аригъэlугъ.

6Цlыф купышхохэм Филипп къэгущыlэу зэхахэу, lофышхо гъэшlэгъонхэу ышlэщтыгъэхэри залъэгъум, къыlохэрэм яшъыпкъэу ядэlущтыгъэх;

7сыда пlомэ, цlыфыбэхэм ахэс джынэпцlэ lаехэр кlыихэзэ ахэкlыщтыгъэх, зыlэпкъ-лъэпкъ узым зэкlиубытэгъэ цlыфыбэхэри, лъащэхэри Филипп ыгъэхъужьыщтыгъэх.

8Аущтэу а къалэм ицlыфхэм гушlогъошхо яlэ хъугъэ.

9Ау а къалэм Симон ыцlэу лlы горэ дэсыгъ. Зы заулэрэ ушхъухьаным пылъыгъэу, ежь лlы инэу ашlуигъэшlэу, Самарие хэкум ис цlыфмэ ашlогъэшlэгъоныщтыгъ Симон.

10– Мы лlыр Тхьэм илъэкlышхоу «Лъэкlыныгъэ Инэу» зыфаlорэр ары, – аlозэ, цlыф пстэури, ини цlыкlуи, Симон къыlохэрэм агу етыгъэу ядэlущтыгъэх.

11Бэшlагъэу иушхъухьанкlэ ахэмэ инэу агъэшlагъоти, яшъыпкъэу едэlущтыгъэх.

12Ау Тхьэм и Тетыгъошхо ехьылlэгъэ къэбарышlумрэ Исус Христос ыцlэ ехьылlэгъэ къэбарышlумрэ Филипп аригъэlухэу, цlыфхэм шlошъхъуныгъэ яlэ хъу зэхъум, хъулъфыгъэхэми бзылъфыгъэхэми Филипп зырагъэумэхъыгъ.

13Ежь Симони Исускlэ шlошъхъуныгъэ иlэ хъуи, Филипп зыригъэумэхъыгъэу, ыуж итэу кlощтыгъ. Филипп нэшэнэ гъэшlэгъонхэу къыгъэлъагъощтыгъэхэри lофышхо гъэшlэгъонхэу ышlэщтыгъэхэри Симон зилъэгъухэкlэ, ыгъэшlагъощтыгъэх.

14Ерусалим дэс апостолхэм Самарие цlыфхэм Тхьэм игущыlэхэр зэрадагъэхэр зызэхахым, Петрэрэ Иуанрэ ахэмэ адэжь агъэкlуагъэх.

15Петрэрэ Иуанрэ зынэсхэм, Тхьэм ы Псэ Лъапlэ шlошъхъуныгъэ зиlэхэм агухэм арылъ хъунэу Тхьэм афелъэlугъэх;

16сыда пlомэ, Тхьэм ы Псэ Лъапlэ ахэмэ ащыщэу зыми къыфехыгъагъэгоп, Зиусхьан Исус ыцlэкlэ Филипп ахэр ыумэхъыгъагъэх ныlэп.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

17Джащыгъум Петрэрэ Иуанрэ аlэхэр ахэмэ атыралъхьэхи, Тхьэм ы Псэ
Лъапlэ а шlошъхъуныгъэ зиlэхэм агухэм арылъ хъугъэ.

18Апостолхэм аlэхэр затыралъхьэм, а цlыфхэм Тхьэм ы Псэ Лъапlэ
агухэм арылъ зэрэхъугъэр Симон зелъэгъум, апостолхэм ахъщэ
къафихьи, моущтэу къыlуагъ:

19– Сэ сlэхэр цlыф горэм теслъхьэмэ, Тхьэм ы Псэ Лъапlэ ыгу илъ
хъуным пае, сэри мы лъэкlыр къысэшъут.

20– Тхьэм итын ахъщэкlэ къэпщэфышъун пшlошlыгъэшъ, уиахъщи ори
шъузэдэрэкlод, – риlуагъ Петрэ.

21– Тхьэм дэжькlэ угу шъыпкъагъэ илъэпышъ, мы lофым ущыщэп,
уиlахьи хэлъэп.

22Арышъ, мы бзэджэшlагъэм фыкlэгъожьи, Тхьэм елъэlу. Мыхъун
гухэлъэу уиlэр Тхьэм къыпфигъэгъункlи мэхъу;

23сыда пlомэ, шъугъоныр о угу инэу илъэу, бзэджагъэми узэкlиубытагъэу
сэлъэгъу.

24– Къэшъуlуагъэхэм ащыщ зи къысэмыхъулlэнэу Тхьэм
шъукъысфелъэlу, – къыlожьыгъ Симон.

25Апостолхэр Зиусхьаным шыхьат фэхъухи, игущыlэхэр къызагъэlухэ
ужым, Самарие хэкум щыщ къоджабэмэ Къэбарышlур ащагъэlузэ,
Ерусалим агъэзэжьыгъ.

**Филиппрэ Ефиопие хэгъэгум щыщ lэшъхьэтетымрэ**

26– Тэджи, Ерусалим дэкlи, Газэ къалэм кlорэ гъогум щэджагъом дэжь
техь! – ыlуи, Зиусхьаным имэлэlич Филипп къыриlуагъ. Ар шъоф нэкlым
пхырыкlырэ гъогугъ.

27Аущтэу Филипп тэджи, гъогум техьагъ. Кlозэ, Ефиопие хэгъэгум щыщ
лlы горэм lукlагъ. Ефиопием ибзылъфыгъэ пачъыхьэу Кандакие
фэлажьэрэ lэшъхьэтетхэм а лlыр ащыщыгъ. Бзылъфыгъэ пачъыхьэм
имылъку зэкlэ ащ ылэ илъыгъ. Ар Ерусалим Тхьэм щелъэlунэу
къэкlогъагъ.

28Ихэгъэгу ыгъэзэжьынэу кум итlысхьагъэу, пегъымбар Ешайа тхылъэу
ытхыгъэм еджэщтыгъ.

29– Кум екlуалlи, ащ готэу кlо! – къыриlуагъ Тхьэм ы Псэ Лъапlэ Филипп.

30Филипп кум екlуалlи, а лlыр пегъымбар Ешайа тхылъэу ытхыгъэм
еджэу зызэхехым, къыlуагъ: – Узаджэрэм къикlырэр къыбгурэlуа?

31– Зыгорэм зэхэсимыгъэшlыкlмэ, сыдэущтэу къызгурыlон слъэкlына? –
къыlожьыгъ lэшъхьэтетым. Етlанэ ар Филипп елъэlугъ: – Кум къитlысхьи,
къызготlысхь.

32Іэшъхьэтетыр Тхьэм игущыІэ тхыгъэхэу зэджагъэр мы гущыІэхэр ары:
«Мэлым фэдэу шІуабзынэу ащагъ. Зыупхъорэм ыпашъхьэ зи ымыІоу
шъынэр зэрэщытым фэдэу, ежь ыжэ зэтырихыгъэп.

33Ежь агъэпыутыгъ, зэфагъи хэмылъэу хьыкум тырашІыхьагъ. А
лъэхъаным ицІыфхэм ябзэджагъэ зынэсыгъэр хэта къэзыІон
зылъэкІырэр? Сыда пІомэ, ыпсэ мы дунаим щыхахыгъ».

34– Мыр къысэпІонкІэ сыолъэІу, – къыриІуагъ Іэшъхьэтетым Филипп, –
пегъымбарым зигугъу ышІырэр хэта? Ежьыра, нэмыкІ цІыф гора?

35Джащыгъум Филипп а гущыІэ дэдэхэу Тхьэм игущыІэ тхыгъэхэм
арытхэмкІэ къыубли, Исус ехьылІэгъэ КъэбарышІур Іэшъхьэтетым
фиІотагъ.

36Гъогум рыкІохэзэ, псы горэм нэсыгъэх. Іэшъхьэтетым къыІуагъ: – Мыщ
псы щыІ. Сэ сыуумэхъымэ хъуна?

37– ЗэкІэ о угукІэ шІошъхъуныгъэ уиІэмэ, усыумэхъ хъущт, – риІуагъ
Филипп. – Исус Христос Тхьэм зэри КъомкІэ шІошъхъуныгъэ сиІ, –
къыІожьыгъ Іэшъхьэтетым.

38ЕтІанэ Іэшъхьэтетым шыкуаом кур къыригъэгъэуцуи, Іэшъхьэтетымрэ
Филиппрэ псым хахьэхи, Филипп адрэр ыумэхъыгъ.

39Псым къызыхэкІыжьхэм, Зиусхьаным ы Псэ ЛъапІэ Филипп нэмыкІ
чІыпІэ горэм ошІэ-дэмышІэу ыхьыгъ, Іэшъхьэтетми Филипп
ылъэгъужьыгъэп. ГушІуагъом хэтэу Іэшъхьэтетыр игъогу техьажьыгъ.

40Ау Филипп Азот къалэм къыщылъэгъуагъ. Кесарие къалэм нэс
къыкІухьэзэ, КъэбарышІур къэлэ пстэуми ащигъэІущтыгъ.

## Апостолхэм ашІэгъэ Іофхэр 9

### Шаул Исус игъогу зэрэтехьагъэр

(Апостол. 22:6-16; 26:12-18)

1Шаул ИсускІэ шІошъхъуныгъэ зиІэхэм инэу афэгубжэу, «Исус игъогу
шъутемыкІымэ, шъутыукІыщт» ариІо зэпытыщтыгъ. Дин пэщэшхом дэжь
кІуи, елъэІугъ:

2– Дамаск къалэм щыІэ синэгогухэм тхылъхэр афэтхыхи, къысэтых. Шаул
ар зыкІишІагъэр Исус игъогу тетхэм ащыщхэр Дамаск къыщигъотхэмэ,
хъулъфыгъэхэми бзылъфыгъэхэми, игъусэ лІыхэм ахэмэ Іэхъухэр
атырарigъэлъхьанышъ, Ерусалим къыщэнхэр ары.

3Шаул гъогум рыкІозэ, Дамаск игъунэгъу зэхъум, ошІэ-дэмышІэу нэфынэ
уашъом къехи, къыуцухьагъ.

4Шаул чІыгум тефагъэу, макъэ горэм къыриІоу зэхихыгъ: – Шаул, Шаул,
сыд пае къин сэбгъэщэчырэ?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышІур (Инджыл)

5– О ухэта, Зиусхьан? – къыIуагъ Шаул. – Исусэу къин зэбгъэщэчырэр
сэры, – къыIожьыгъ адрэ макъэм. – Цур зием ибэщ кIыхьэ папцIэ цур
ылъакъокIэ къызэрешъутырырэм фэдэу ошIымэ, уиягъэ зэогъэкIыжьы.

6Ау къэтэджи, къалэм дахь. О пшIэн фаер ащ зыгорэм къыщыуиIощт.

7Шаул игъусэхэм гущыIэ горэ къамыIоу, ащ дэжьым щытхэу къэнагъэх.
Макъэр зэхахыгъ, ау цIыф зи алъэгъугъэп.

8Шаул чIыгум къытетэджыкIыжьыгъ, ау ынэхэр къызызэтырехыжьхэм, зи
ылъэгъужьыгъэп. Арыти, Шаул ыIэ aIыгъэу Дамаск дащагъ.

9Шаул мэфищым зи ымылъэгъоу къэнагъ, шхагъэп ыкIи, ешъуагъэп ыкIи.

10ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэм ащыщэу Ананый Дамаск дэсыгъ.
Зиусхьаныр ащ къыфэлъагъуи, къеджагъ: – Ананый! – Сэры, Зиусхьан, –
къыIожьыгъ Ананый.

11– Тэджи, «Урам ЗэнкI» зыфаIорэ урамым тет Иудэ иунэ кIо, –
къыриIуагъ Зиусхьаным Ананый. – Ащ дэжьым Шаул ыцIэу Тарс къалэм
щыщым кIэупчI, сыда пIомэ, ар Тхьэм елъэIу.

12ЫIнэхэри къыгъэплъэжьынхэм пае, Ананый зыцIэ лIыр ежь дэжь
къакIоу, ыIэхэр къытырилъхьэхэу къыфэлъэгъуагъ.

13– Зиусхьан, – къыIожьыгъ Ананый, – мы лIым уицIыф лъапIэхэу
Ерусалим дэсхэм къинэу аригъэщэчыгъэхэр зыфэдизыр цIыфыбэмэ
къысаIуагъ.

14Джы дин пэщэшхохэм фитыныгъэ къаIихыгъэу, игъусэ лIыхэм о
къыолъэIурэ цIыф пстэуми Iэхъухэр атыраригъэлъхьанхэм пае, мыщ
къэкIуагъ.

15Ау Зиусхьаным Ананый къыриIуагъ: – КIо! Хымэ лъэпкъхэми,
пачъыхьэхэми, израиль цIыфхэми сэ сцIэ икъэбар анигъэсынэу мы лIыр
къыхэсхыгъ.

16Сэ сцIэ пае къинэу ыщэчын фаер зыфэдизыр сэ сшъхьэкIэ
езгъэлъэгъущт.

17Аущтэу Ананый а унэм ихьагъ. ЫIэхэр Шаул ышъхьэ тырилъхьи,
къыIуагъ: – Шаул, сэ сшы, мыщ укъакIо зэхъум, Зиусхьан Исусэу гъогум
къыщыпфэлъэгъуагъэм сыкъыгъэкIуагъ, о унэхэр къэплъэжьынхэм паий,
Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ инэу угу илъ хъуным паий.

18Ар къызэIом, пцэжъые шъомпIэ цIыкIухэм афэдэхэу Шаул ынэхэм
зыгорэхэр къакIэтэкъухи, ынэхэри къэплъэжьыгъэх. ЕтIанэ Шаул
къэтэджи, Ананый ар ыумэхъыгъ.

19Ащ нэужым Шаул шхагъэ, ыкIуачIи къыгъотыжьыгъ.

**Шаул КъэбарышIур Дамаск къалэм зэрэщигъэIущтыгъэр**

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

ЕтIанэ ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэу Дамаск къалэм дэсхэм адэжь Шаул мафэ заулэрэ щыIагъ.

20Исус Тхьэм зэры Къор синэгогухэм ардэдэм ащигъэIоу ыублагъ.

21Ар зэхэзыхыгъэ цIыфхэм зэкIэм агъэшIагъоу къаIощтыгъ: – Мы лIыр
арыба Исус елъэIурэ цIыфхэм Ерусалим къин щязгъэщэчыщтыгъэр?
ИлIыхэу Исус елъэIухэрэм Iэхъухэр атыраригъэлъхьанхэшъ, дин
пэщэшхохэм адэжь ыщэнхэу мыщ къэкIуагъэба?

22Ау Шаул нахь лъэкI иIэ хъугъэ. Исус зэрэ Христосыр
къыгъэшъыпкъэжьызэ, Дамаск дэс джуртхэм ежь къыраIожьыщтыр
амышIэу къыгъэнагъэх.

**Шаул джуртхэм зэраIэпыкIыгъэр**

23Мэфэ пчъагъэ зытешIэ ужым, Шаул аукIынэу джуртхэм гухэлъ ашIыгъ,

24ау ахэмэ ягухэлъ Шаул къышIагъ. Ар аукIынэу чэщи мафи къэлапчъэмэ
аIутхэу паплъэщтыгъэх.

25Ау шIошъхъуныгъэ зиIэхэм чэщым Шаул зыдащи, къэлэ дэпкъым хэт
гъуанэ горэмкIэ мэтэшхом исэу дэпкъым ратIупщэхыгъ.

**ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэу Ерусалим дэсхэм адэжь Шаул зэрэкIуагъэр**

26Шаул Ерусалим зынэсым, ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэм ахэхьаным
пылъыгъ, ау ащ ИсускIэ шIошъхъуныгъэ иIэ зэрэхъугъэр ашIошъ мыхъоу
щыщынэщтыгъэх.

27Ау Бар-Наббэ Шаул зыдищи, апостолхэм адэжь кIуагъэ. Шаул гъогум
Зиусхьаныр зэрэщилъэгъугъэри, Зиусхьаныр Шаул
къызэрэдэгущыIагъэри, Шаул етIанэ Исус ыцIэкIэ къэбарышIур гушхокIэ
Дамаск зэрэщигъэIущтыгъэри Бар-Наббэ ахэмэ ариIотэжьыгъ.

28Аущтэу зэхъум, Шаул ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэм ахахьэмэ-
ахэкIыжьызэ, ахэмэ адэжь къани, Ерусалим щыIагъ, Зиусхьаным ыцIэкIи
цIыфмэ къэбарышIур гушхокIэ аригъэIущтыгъ.

29АлыджыбзэкIэ гущыIэрэ джуртхэм адэгущыIэщтыгъ ыкIи
янэкъокъущтыгъ, ау ар къаукIыным ахэр пылъыгъэх.

30Зэшыхэм ар къызашIэм, Шаул Кесарие къалэм ращэхи, Тарс
къалэм агъэкIуагъ.

31Аущтэу зэкIэ Иудей хэкум, зэкIэ Галилей хэкум, зэкIэ Самарие хэкум
арыт чылыс зэIукIэхэм мамыр яIэ хъугъэ. ШIошъхъуныгъэ зиIэхэм гурэ
псэрэкIэ нахь лъэкI агъотызэ, Зиусхьаным шIолIыкI фыряIэу, Тхьэм ы Псэ
ЛъапIэ ыгъэгушхохэу, нахьыбэ хъугъэх.

**Петрэ Эней зэригъэхъужьыгъэр**

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

32 Петрэ хэкур къыкIухьэ зэхъум, Тхьэм ицIыф лъапIэхэу Лиддэ
къалэм дэсхэм адэжь кIуагъэ.

33 Ащ Эней ыцIэу лIы горэм щыIукIагъ. Илъэсий хъугъэу, ыIэпкъ-лъэпкъ
узым зэкIиубытагъэу ар пIэм хэлъыгъ.

34 – Эней, – риIуагъ Петрэ, – Исус Христос уегъэхъужьы. Къэтэджи, уипIэ
Iухыжь! Ардэдэм Эней къэтэджыжьыгъ.

35 Лиддэ къалэм зэкIэ дэсхэми Шарон зыцIэ шъоф зэшъхьэ-зашъом зэкIэ
тесхэми Эней залъэгъум, Зиусхьаным игъогу техьагъэх.

### Петрэ Табитэ лIагъэхэм къызэрахигъэтэджыкIыжьыгъэр

36 Иоппие къалэм ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэ бзылъфыгъэ горэ Табитэ
ыцIэу дэсыгъ. Табитэм къикIырэр Мэз Пчэн. ШIубэ ышIэу, сэдакъэхэр ыт
зэпытыщтыгъ.

37 А мафэхэм ар сымаджэ хъуи, лIагъэ. Ар агъэпскIыжьи, унэ зэтетым
ишъхьагърэ къатым дахьыий, унэм ралъхьагъ.

38 Лиддэ къалэр Иоппие къалэм игъунэгъути, Петрэ ащ зэрэщыIэр ИсускIэ
шIошъхъуныгъэ зиIэхэм зызэхахым, «Зымыгъэгужъоу, тадэжь къакIо!»
Петрэ раIонэу лIыкIуитIу лъагъэкIуагъ.

39 Петрэ къэтэджи, къадэкIуагъ. Иоппие къалэм зынэсым, унэ зытетым
ишъхьагърэ къатым ращагъ. Шъузабэхэм зэкIэ Петрэ къауцухьи, Табитэ
ягъусэ зэхъум, джанэхэуи щыгъынхэуи ышIыгъагъэхэр, гъыхэзэ
къырагъэлъэгъугъэх.

40 Петрэ цIыфхэр зэкIэ унэм ригъэкIыхи, лъэгонджэмышъхьэкIэ тIыси,
Тхьэм елъэIугъ. ЕтIанэ хьадэм зыфигъази, къыIуагъ: – Табитэ, къэтэдж!
Табитэ ынапIэхэр къызэтырихи, Петрэ зелъэгъум, къызэшIотIысхьагъ.

41 Петрэ ащ ыIэ ыубыти, къыгъэтэджыгъ. ЕтIанэ Тхьэм ицIыф лъапIэхэмрэ
шъузабэхэмрэ къяджи, Табитэ псаоу аритыжьыгъ.

42 А къэбарыр Иоппие къалэм дэсхэм зэкIэмэ зэлъашIэ хъугъэ,
цIыфыбэхэми ЗиусхьанымкIэ шIошъхъуныгъэ яIэ хъугъэ.

43 ЕтIанэ Симон ыцIэу, шъошIэ горэм ихьакIэу Петрэ мэфэ пчъагъэрэ
Иоппие къалэм къыдэнагъ.

## Апостолхэм ашIэгъэ Iофхэр 10

### Корнелый илIыкIохэм Петрэ къызэраригъэщагъэр

1 Корнелый зыцIэ лIы горэ Кесарие къалэм дэсыгъ. Италие хэгъэгум щыщ
дзэм хэтхэу, нэбгыришъэ хъурэ купхэм япащэхэм ар ащыщыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

2 Ежьыри зэкIэ иунагъуи Тхьэр агъэлъапIэщтыгъ, Тхьэм шIолIыкIи фыряIэу псэущтыгъэх. Джуртхэм ахэт тхьамыкIэхэм сэдакъэ бэу аритыщтыгъ, Тхьэм елъэIу зэпытыщтыгъ.

3 Щэджэгъоужым сыхьатыр щым пэгъунэгъу хъугъэу, Тхьэм имэлэIич ащ къекIуалIи, «Корнелый!» ыIомэ къеджэзэ, нафэу къыфэлъэгъуагъ.

4 Корнелый къэщыни, ынэхэр тедыкъагъэхэу риIуагъ: – Зиусхьан, сыда узыфаер? – Уитхьэлъэlухэри уисэдакъэхэри Тхьэм ыпашъхьэ ихьагъэх, Тхьэми ахэр щымыгъупшэжьыгъэхэу ыгу илъых, – къыриIожьыгъ мэлэIичым.

5 – ПетрэкIэ заджэхэрэ Симон къащэнэу Иоппие къалэм лIыкIохэр гъакIох.

6 Ар шъошIэ Симонэу зиунэ хы Iушъом Iутым ихьакI.

7 Ар къезыIогъэ мэлэIичыр зыIокIыжьым, Корнелый иунэIутхэм ащыщхэу нэбгыритIурэ иIофтэбгэ дзэлIхэм ащыщэу Тхьэр зыгъэлъапIэрэмрэ къяджи,

8 хъугъэ-шIагъэхэр зэкIэ афиIотэжьи, Иоппие къалэм ыгъэкIуагъэх.

9 ЯтIонэрэ мафэм ахэр гъогум рыкIохэзэ, къалэм пэгъунэгъу зэхъухэм, сыхьатыр пшIыкIутIу фэдиз хъугъэу, Петрэ Тхьэм елъэIунэу унашъхьэм дэкIоягъ.

10 Джащыгъум мэлакIэ къэлIагъэти, зыгорэ ышхынэу фэягъ. Шхыныр агъэхьазыр зэхъум, Тхьэм Петрэ зыгорэ къыфигъэлъэгъуагъ.

11 Уашъор зэIухыгъэу, шэкI фыжь иным фэдэу зыгорэ къехэу ылъэгъугъ. Ар къопиплIымкIэ кIэшIагъэу, чIыгум къырагъэлэлэхыгъэм фэдагъ.

12 Сыд фэдэрэ лъэпкъыгъуи щыщхэу лъэкъуиплIыкIэ кIорэ псэушъхьэхэр, ныбэкIэ цуахъорэ псэушъхьэхэр, ошъогу бзыухэр а шэкI фыжьым кIоцIылъыгъэх.

13 ЕтIанэ макъэ горэм Петрэ къыриIуагъ: – Петрэ, къэтэдж. ШIобзи, шхы.

14 – Хьау, Зиусхьан, – къыIожьыгъ Петрэ, – ар хъухэщтэп. Мышхыпхъи, хьэрами сэ егъашIэми сшхыгъэп.

15 ЯтIонэрэу а макъэм Петрэ къыриIуагъ: – Тхьэм къабзэу, шхыпхъэу зыфиIуагъэр о хьэрам умыIо.

16 Аущтэу гъогогъуищэ хъугъэ. ЕтIанэ шэкI фыжьыр уашъом дэкIоежьыгъ.

17 Къыфэлъэгъуагъэм къикIырэм Петрэ егупшысэ пэтэу, Корнелый къыгъэкIогъэ лIыхэр Симон иунэ кIэупчIэхэзэ, ар къагъотыгъэу къэлапчъэм къыIууцуагъэх.

18 – ПетрэкIэ заджэхэрэ Симон мы унэм иса? – аIозэ, джагъэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

19Петрэ къыфэлъэгъуагъэм егупшысэзэ, Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ къыриIуагъ:
– Мары, нэбгырищ къыплъэхъу.

20Къэтэджи, ех, угу щэч къимыгъахьэу ахэмэ адакIу; сыда пIомэ, ахэр
къэзгъэкIуагъэр сэры.

21Петрэ ехи, лIыхэм ариIуагъ: – Шъо шъуузлъыхъурэр сэры. Iоф горэ
шъуиIэу шъукъэкIуагъа?

22– Тэ тыкъэзгъэкIуагъэр дзэ пащэу Корнелый ары, – къаIуагъ лIыхэм. –
Ащ шъыпкъагъэ хэлъ, Тхьэм шIолIыкI фыриI, зэкIэ джурт лъэпкъым
лъытэныгъэ зыфыриIэ лIы шъыпкъ. Ащ иунэ лIыкIохэм ураригъэщэнышъ,
къапIохэрэм ядэIунэу мэлэIич лъапIэ горэм унашъо къыфишIыгъ.

23Джащыгъум Петрэ ахэр къыригъэблагъэхи, ыхьэкIагъэх. ЯтIонэрэ
мафэм Петрэ ахэмэ ягъусэу гъогум техьагъ. Иоппие къалэм щыщ ыш
заули игъусагъ.

24Ащ къыкIэлъыкIорэ мафэм Кесарие къалэм нэсыгъэх. Корнелый
иунэкъощхэри иблагъэхэри къыугъоигъэхэу, Петрэрэ игъусэхэмрэ
апаплъэщтыгъ.

25Петрэ унэм зехьэм, Корнелый къыпэгъокIи, ылъакъохэм адэжь
зыщыридзыхи, лъэгонджэмышъхьэкIэ тIысыгъэ.

26Ау Петрэ Корнелый къыгъэтэджыжьи, ыIуагъ: – Къэтэдж, сэри сыцIыф
ныIэп.

27ЕтIанэ Петрэ Корнелый дэгущыIэзэ унэм зехьэм, цIыфыбэхэр
щызэрэугъоигъэхэу ылъэгъугъ.

28– Джурт горэ хымэ лъэпкъым щыщхэм е ахэхьанэу, е яунэ ихьанэу
тихабзэкIэ зэрэмыхъущтыр шъори шъошIэ, – ариIуагъ Петрэ ахэмэ. – Ау
цIыф горэ мыкъабзэу е шIоеу сымылъытэн фаеу Тхьэм
зэхысигъэшIыкIыгъ.

29Арыти, мы лIыкIохэм сыкъызяшъогъащэм, зыми семынэгуеу
сыкъэкIуагъ. Джы сышъоупчIы, Iоф горэ шъуиIэу сыкъяжъугъэщагъа?

30– МэфиплIыкIэ узэкIэIэбэжьмэ, мы сыхьатым, щэджэгъоужым сыхьатыр
щым, сиунэ Тхьэм сыщелъэIущтыгъ, – къыIожьыгъ Корнелый. – ОшIэ-
дэмышIэу щыгъын фыжь лыдхэр щыгъхэу, лIы горэ сапашъхьэ къиуцуи,

31къыIуагъ: «Корнелый, Тхьэм уитхьэлъэIу зэхихыгъ, уисэдакъэхэри
щымыгъупшэжьыгъэхэу ыгу илъых.

32ПетрэкIэ заджэхэрэ Симон къыздащэнэу Иоппие къалэм лIыкIохэр
гъакIох. Ар шъошI Симонэу зиунэ хыIушъом Iутым ихьакI. Ар къэкIонышъ,
къыбдэгущыIэщт».

33Арыти, занкlэу къыплъызгъэкlуагъэх. Укъызэрэкlуагъэр дэгъоу пшlагъэ.
Джы тэ зэпстэури о къэпlонэу, Зиусхьаным унашъо къыпфишlыгъэхэм
тядэlунэу, мы чlыпlэм Тхьэм ыпашъхьэ тит.

**Петрэ Корнелый иунэ къэбарышlур къызэрэщиlотагъэр**

34Етlанэ Петрэ моущтэу къыlуатэу ыублагъ: – Тхьэр цlыфхэм ятеплъэ
емыплъэу, цlыф пстэури изэфэдэу зэрилъытэрэр шъыпкъэу зэзгъэшlагъ.

35Сыд фэдэрэ лъэпкъыми щыщэу, ежь шlолlыкl фыриlэу шъыпкъагъэр
зыгъэцакlэрэр Тхьэм ештэ.

36Къэбарышlоу Тхьэм израиль цlыфхэм анигъэсыгъэр шъо шъошlэ.
Моущтэу зыlорэ къэбарышlур ары: Исус Христосэу цlыф пстэуми я
Зиусхьан ары цlыфхэр Тхьэм езгъэшlужьырэр.

37Иуан ежь зырагъэумэхъынэу цlыфхэм макъэ зарегъэlум ыуж, Галилей
хэкум къыщегъэжьагъэу зэкlэ Иудей хэкум къыщыхъугъэхэр шъо
шъошlэх.

38Назарет щыщ Исус икъэбар шъошlэ. Тхьэм ежь ы Псэ Лъапlэрэ
лъэкlышхомрэ ащ къыфыригъэхыгъэх. Тхьэр ащ зэригъусагъэм пае, шlу
ышlэу, шэйтаным илъэкlыкlэ ригъэзыгъэ цlыф пстэури ыгъэхъужьхэу
къыкlухьащтыгъ.

39Исус джуртхэм яхэгъэгуи Ерусалими а lофхэу щишlагъэхэм зэкlэмэ тэ
тыряшыхьат. Ар пкъэум тыраlулlи, агъэлlагъ.

40Ау ящэнэрэ мафэм Тхьэм ар лlагъэхэм къахигъэтэджыкlыжьыгъ ыкlи
цlыфхэм аригъэлъэгъугъ.

41Ау Тхьэм ар зэригъэлъэгъугъэр цlыф пстэури арэп, Тхьэм ыпэкlэ
къыгъэнэфэгъэгъэ шыхьатхэр ары нахь. Исус лlагъэхэм
къызахэтэджыкlыжьым, тэ ежь игъусэу дашхэхэу, дешъощтыгъэхэр арых
Тхьэм ар зэригъэлъэгъугъэхэр.

42Тхьэм игущыlэхэр цlыфмэ ядгъэlунхэуи, псаухэми, лlагъэхэми хьыкум
атезышlыхьанэу Тхьэм къыгъэнэфагъэр зэрэ Исусыр
къэтыушыхьатынэуи Тхьэм унашъо къытфишlыгъ.

43Хэтми Исускlэ шlошъхъуныгъэ зиlэм ипсэкlодшlагъэхэр Исус ыцlэкlэ
зэрэфэгъущтхэмкlэ пегъымбар пстэури Исус шыхьат фэхъух.

**Тхьэм ы Псэ Лъапlэ хымэ лъэпкъхэм ащыщхэм къызэрафехыгъэр**

44Петрэ а гущыlэхэр къыlохэзэ, ахэр зэхэзыхыгъэ пстэуми Тхьэм ы Псэ
Лъапlэ къафехыгъ.

45Петрэ игъусэхэу къэкlогъэгъэ шlошъхъуныгъэ зиlэ лlыхэу сунэт
ашlыгъэхэм Тхьэм итынэу ежь ы Псэ Лъапlэ хымэ лъэпкъхэм ащыщхэми
къызэрафыригъэхыгъэр агъэшlэгъуагъ;

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

[46]сыда пIомэ, а хымэхэм амышIэрэ бзэхэмкIэ къэгущыIэхэу, Тхьэм щытхъу фашIэу зэхахыгъ. Джащыгъум Петрэ къыIуагъ:

[47]– Мы цIыфхэу тэщ фэдэу Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ зыгу илъ хъугъэхэр псыкIэ тэ тыумэхъыхэмэ, зыгорэм ымыдэн ылъэкIына?

[48]ЕтIанэ Исус Христос ыцIэкIэ ахэр аумэхъынхэу унашъо ышIыгъ. Ащ ыуж мэфэ заулэрэ ахэмэ адэжь щыIэнэу Петрэ къелъэIугъэх.

## Апостолхэм ашIэгъэ Iофхэр 11

### Петрэ Ерусалим ичылыс зэIукIэ щыщхэм хъугъэ-шIагъэр зэрариIотэжьыгъэр

[1]Хымэ лъэпкъхэм ащыщхэми Тхьэм игущыIэхэр зэраштагъэхэр апостолхэмрэ Иудей хэкум ис зэшхэмрэ зэхахыгъ.

[2]Ауштэу Петрэ ЕрусалимкIэ зыдэкIуаем, сунэт ашIыгъэхэм Петрэ ышIагъэр амыдэу,

[3]ащ къыраIуагъ: – О сунэт амышIыгъэхэм яунэ уихьи, уадэшхагъ.

[4]Джащыгъум Петрэ хъугъэ-шIагъэхэр хэзыгъэнчъэу къагуригъэIонэу ыублагъ:

[5]– Иоппие къалэм сэ Тхьэм сыщелъэIущтыгъ. Джащыгъум Тхьэм сэ сиакъыл щыригъэхи, шэкI фыжь иным фэдэу зыгорэ уашъом къехэу сигъэлъэгъугъ. Ар къопиплIымкIэ кIэшIагъэу, уашъом къырагъэлэлэхыгъэм фэдэу къысфехыгъ.

[6]ШэкI фыжьым сызеплъым, лъэкъуиплIыкIэ кIорэ былымхэри, хьэкIэ-къуакIэхэри, ныбашъокIэ цуахъорэ псэушъхьэхэри, ошъогу бзыухэри слъэгъугъэх.

[7]«Петрэ, къэтэдж. ШIобзи, шхы», – макъэ горэм къысиIоу зэхэсхыгъ.

[8]– «Хьау, Зиусхьан, ар хъухэщтэп, мышхыпхъи, хьэрами егъашIэми зыIуслъхьагъэп», – есIожьыгъ.

[9]– А макъэм ятIонэрэу уашъом къиIукIэу къыIожьыгъ: «Тхьэм къабзэу, шхыпхъэу зыфиIуагъэхэр о хьэрам умыIо».

[10]Ауштэу гъогогъуищэ хъугъэ. ЕтIанэ зэкIэ уашъом дэкIоежьыгъ.

[11]– Ардэдэм Кесарие къалэм къикIыхэу садэжь къагъэкIогъэ нэбгырищ сызэрыс унэм икъэлапчъэ къыIууцуагъ.

[12]Сыгу щэч къисымыгъахьэу ахэмэ садэкIонэу Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ къысиIуагъ. Мы зэш нэбгырихыри сигъусэу тыкIуи, а лIым иунэ тихьагъ.

[13]Ащ къытиIотагъ мэлэIич горэ иунэ итэу моуштэу ыIозэ, зэрэщилъэгъугъэр: «ПетрэкIэ заджэхэрэ Симон къыздащэнэу лIыкIохэр гъакIох.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

[14]Оррэ зэкlэ уиунагъорэ шъумыкlодэу, шъукъэзгъэнэжьыщт гущыlэхэр ащ къыуиlощт».

[15]– Сэ сыкъэгущыlэнэу зысэублэм, Тхьэм ы Псэ Лъапlэ ахэмэ къафехыгъ, апэу тэри къызэрэтфехыгъагъэм фэдэу.

[16]«Иуан псыкlэ цlыфхэр ыумэхъыщтыгъ, ау Тхьэм ежь ы Псэ Лъапlэкlэ шъо шъуиумэхъыщт», – къызеlом, Зиусхьаным къыlогъэгъэ гущыlэхэр джащыгъум сыгу къэкlыжьыгъэх.

[17]Зиусхьанэу Исус Христоскlэ шlошъхъуныгъэ тиlэ зэхъум, Тхьэм ы Псэ Лъапlэ къызэрэтфыригъэхыгъэм фэдэу, ахэми къафыригъэхыгъэу, сэ сыхэта, Тхьэм сыпэуцужьынэу?

[18]Ахэмэ мы lофхэр зызэхаххэм, заушъэфыгъ. Тхьэм щытхъу фашlэу къаlуагъ: – Ащыгъум хымэ лъэпкъхэри япсэкlодхэм афыкlэгъожьынхэшъ, мыкlодыжьын щыlэныгъэ яlэ хъунэу Тхьэм игъоу ылъытагъ.

**Антиохие къалэм чылыс зэlукlэ щыlэнэу зэрэхъугъэр**

[19]Стефан мыжъокlэ еохэзэ, заукlым ыуж, Исускlэ шlошъхъуныгъэ зиlэхэм къиныбэ зэрагъэщэчыщтыгъэм пае, ахэр зэбгырыкlыжьыгъэх. Исус ехьылlэгъэ къэбарышlур джуртхэм анэмыкlэу зыми рамыlуатэу, ахэр Финикие хэкум, Кипр зыцlэ хыгъэхъунэм, къалэу Антиохие анэс кlуагъэх.

[20]Ау ахэмэ ащыщхэу зы купэу Кипр хыгъэхъунэм щыщ лlыхэри, Кириние къалэм щыщ лlыхэри Антиохие къалэм зэкlохэм, Зиусхьан Исус ехьылlэгъэ къэбарышlур алыджхэми араlуатэщтыгъ.

[21]Зиусхьаныр ягъусагъ, шlошъхъуныгъэ яlэу, цlыфыбэри Зиусхьаным игъогу техьагъэх.

[22]Мы lофхэм якъэбар Ерусалим щыlэ чылыс зэlукlэм щыщхэм анэсыгъ. Занэсым, Бар-Наббэ Антиохием агъэкlуагъ.

[23]Бар-Наббэ Антиохием кlуи, Тхьэм ынэшlу ахэмэ къызэращифагъэр зелъэгъум, гушlуагъэ, агу етыгъэу, емызэщхэу Зиусхьаным фэшъыпкъэнхэуи афигъэпытагъ.

[24]Бар-Наббэ цlыф дэгъугъ. Тхьэм ы Псэ Лъапlи шlошъхъуныгъэри инэу ыгу илъыгъэх. Аущтэу Зиусхьанымкlэ шlошъхъуныгъэ зиlэ цlыфхэм япчъагъэ инэу хэхъуагъ.

[25]Етlанэ Шаул лъыхъунэу Тарс къалэм Бар-Наббэ кlуагъэ. Шаул къызегъотым, Антиохием зыдищагъ.

[26]Илъэс псаум икlыхьагъэкlэ чылыс зэlукlэм щыщхэм ягъусэу зэрэугъоихэзэ, цlыф купышхом Тхьэм игущыlэхэр арагъашlэщтыгъэх. Исускlэ шlошъхъуныгъэ зиlэхэм «Чыристанхэкlэ» апэ дэдэу зыщяджагъэхэр Антиохиер ары.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

27А мафэхэм пегъымбар куп Ерусалим къикӀи, Антиохие къэкӀуагъ.

28Ахэмэ ащыщэу Агаб зыцӀэр къэтэджи, зэкӀэ дунаим гъэблэшхо
къызэрэщыхъущтыр Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ ащ ыгу къырилъхьи,
къыригъэӀуагъ. Кайсар Клаудый итетыгъоми аущтэу хъугъэ.

29Джащыгъум ИсускӀэ шӀошъхъуныгъэ зиӀэхэм, хэти зэрилъэкӀырэм
фэшъуашэу, Иудей хэкум ис ашыхэм ӀэпыӀэгъу афэхъунхэу тыраубытагъ.

30ШӀошъхъуныгъэ зиӀэхэм аущтэу ашӀызэ, аугъоигъэ ахъщэр Бар-
Наббэрэ Шаулрэ аӀэкӀалъхьи, ахэми чылыс зэӀукӀэм
инахьыжъхэм афарагъэхьыгъ.

## Апостолхэм ашӀэгъэ Ӏофхэр 12

### Тетыгъо зиӀэхэм Якъубэ зэраукӀыгъэр ыкӀи Петрэ хьапсым зэрэчӀадзагъэр

1А мафэхэм пачъыхьэ Ирод идзэлӀхэм чылыс зэӀукӀэм щыщхэу нэбгырэ
заулэ аригъэубыти, лые арариғъэхэу ыублагъ.

2Иуан ышэу Якъубэ чатэкӀэ аригъэукӀыгъ.

3Ар джуртхэм агу зэрэрихьырэр Ирод зелъэгъум, ащ ыуж идзэлӀхэм
Петри аригъэубытыгъ. Ар зыхъугъэр Хьалыгъу мыкӀу-мыпшэ зыщашхырэ
мэфэкӀ мэфэшхохэр ары.

4Ирод Петрэ зарегъэубытым, хьапсым чӀаригъадзи, дзэм щыщхэу
нэбгырэ плӀырыплӀэу купиплӀмэ ар къагъэгъунэнэу аӀэкӀилъхьагъ. ЕтӀанэ
ӀутӀыжъ мэфэкӀ мэфэшхор зыблэкӀыкӀэ, хьыкумэшӀым ыпашъхьэ рищэнэу
Ирод ыгу хэлъыгъ.

5Аущтэу Петрэ хьапсым чӀадзэгъагъ, ау чылыс зэӀукӀэм щыщхэр
яшъыпкъэу Тхьэм ащ фелъэӀущтыгъэх.

### МэлэӀич горэм Петрэ хьапсым къызэрэчӀищыжьыгъэр

6Пачъыхьэ Ирод Петрэ хьыкумэшӀым ыпашъхьэ зыщырищэщт мафэм
ыпэрэ чэщым Петрэ ӀэхъуитӀу телъэу, дзэлӀитӀум азыфагу дэлъэу
чъыещтыгъ. Пчъэм Ӏутхэу къэрэгъулэхэм хьапсыр къаухъумэщтыгъ.

7ОшӀэ-дэмышӀэу Зиусхьаным имэлэӀич а унэм къыщылъагъуи, унэр
къызэпэнэфыгъ. ЫбгъукӀэ етӀыргуи, мэлэӀичым Петрэ къыгъэущыгъ. –
ПсынкӀэу тэдж! – ыӀуагъ. Петрэ ӀэхъуитӀоу телъхэр тезыгъэх.

8– Зыфап, уицуакъэхэри зыщылъ, – риӀуагъ мэлэӀичым Петрэ. Петрэ
аущтэу ышӀыгъ. ЕтӀанэ мэлэӀичым къыриӀуагъ: – Уищыгъын кӀыӀутелъ
зыщылъэжьи, сауж уитэу къакӀо.

9Джаущтэу Петрэ мэлэӀичым ыуж итэу хьапсым къычӀэкӀыжьыгъ. Ау
мэлэӀичым ышӀагъэхэр шъыпкъэмэ, мышъыпкъэмэ Петрэ ышӀэщтыгъэп,
зыгорэ къыфэлъагъоу къышӀошӀыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

10Апэрэ къэрэгъул купми, ятIонэрэ къэрэгъул купми къаблэкIхи, къэлэ
дэхьапIэм Iулъ гъучI къэлапчъэм нэсыгъэх. Къэлапчъэр ежь-ежьырэу
къафызэIукIыгъ. Къэлапчъэм дэкIхи, зы урамым икIыхьагъэкIэ зырэкIохэ
нэужым, ошIэ-дэмышIэу Петрэ къыгъани, мэлэIичыр IукIыжьыгъ.

11Петрэ зыкъызешIэжьым, къыIуагъ: – Зиусхьаным имэлэIич къыгъакIуи,
Ирод сыкъыIэкIихи, джурт цIыфхэми къысэхъулIэнэу зыфаIорэ Iэегъэ
пстэури симыгъэлъэгъоу, сымыкIодэу сыкъызэригъэнэжьыгъэр джы
зэрэшъыпкъэр къэсшIагъ.

12Петрэ къехъулIагъэр зыздешIэжьым, Иуанэу МарккIэ заджэхэрэм янэу
Мерэм иунэ кIуагъэ. ЦIыфыбэ ащ дэжьым щызэрэугъоигъэх, Тхьэм
елъэIущтыгъэх.

13Петрэ къэлапчъэм зытеом, къызэIуихынэу Родэ зыцIэ унэIут пшъашъэр
къыIухьагъ.

14Петрэ ымакъэ къызешIэжьым, гушIом хэтэу къэлапчъэр Iуимыхэу унэм
илъэдэжьи, Петрэ къэлапчъэм зэрэIутыр адрэмэ ариIуагъ.

15– КъапIорэр пшIэрэп, – къыраIожьыгъ ахэмэ. Ау ыIуагъэм пшъашъэр
текIыгъэп. Джащыгъум къаIуагъ: – Ар Петрэ имэлэIичын фае.

16Ау Петрэ къэлапчъэм зэпымыоу теощтыгъэ. Къэлапчъэр Iуахи, Петрэ
залъэгъум, лъэшэу агъэшIэгъуагъ.

17Заушъэфынэу Петрэ Iэ афишIи, Зиусхьаным хьапсым
къызэрэчIищыжьыгъэр ахэмэ афиIотэжьыгъ. ЕтIанэ къыIуагъ: –
Якъуби адрэ тшыхэми хъугъэ-шIагъэр яжъугъашI. Ар къызеIом ыуж, а
унэм икIи, нэмыкI чIыпIэ горэм кIуагъэ.

18Нэф къызэшъым, дзэлIхэр гузэжъогъушхо хэфагъэхэу зэупчIыжьыгъэх:
– Петрэ сыда къехъулIагъэр?

19Пачъыхьэ Ирод дзэлIхэр Петрэ лъигъэхъухи, къызамыгъотым,
къэрэгъулэхэм тэрэзэу яупчIи, а къэрэгъулэхэр аригъэукIыгъ. Пачъыхьэ
Ирод етIанэ Иудей хэкум икIи, къалэу КесариекIэ ехи, ащ къыдэнагъ.

**Пачъыхьэ Ирод зэрэлIагъэр**

20Пачъыхьэ Ирод Тир къалэм дэсхэмрэ Сидон къалэм дэсхэмрэ губж
лъэш афишIыгъагъ. А къалэхэм адэсхэр зэгурыIохи, пачъыхьэм дэжь
къэкIуагъэх. Пачъыхьэм фэлэжьэрэ Iэшъхьэтет Власт гурыIохи,
пачъыхьэр къаригъэшIужьынэу елъэIугъэх. Сыда пIомэ, пачъыхьэм
ихэгъэгу къикIырэ гъомлапхъэхэр ары ахэр зэрыпсэущтыгъэхэр.

21Ирод ыгъэнэфэгъэ мафэм ипачъыхьэ щыгъынхэр щыгъхэу, пачъыхьэ
тIысыпIэм тетIысхьи, ахэмэ апашъхьэ къыщыгущыIагъ.

22– Мыр цIыф макъэп, Тхьэм ымакъ нахь, – цIыфхэм аIоти, джэщтыгъэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

23Пачъыхьэ Ирод Тхьэм щытхъушхор зэрэфимышIыгъэм пае, Тхьэм
имэлэIич горэ ардэдэм ащ къыригъауи, хьамылыухэм ашхызэ, ыпсэ
хэкIыгъ.

24Ау Тхьэм игущыIэхэр нахь цIыфыбэмэ анэсхэзэ, зыщаубгъущтыгъ.

25Бар-Наббэрэ Шаулрэ яIоф заухым, Ерусалим къыдэкIыжьхи, МарккIэ
заджэхэрэ Иуан ягъусэу Антиохие къалэм агъэзэжьыгъ.

## Апостолхэм ашIэгъэ Iофхэр 13

### Антиохием щыIэ чылыс зэIукIэм щыщхэм Бар-Наббэрэ Шаулрэ Тхьэм фэлэжьэнхэу зэрагъэнэфагъэхэр

1Пегъымбархэри, дин гъэсакIохэри Антиохием щыIэ чылыс зэIукIэм
щыщхэм ахэтыгъэх: Бар-Наббэ, «ШIуцIэкIэ» заджэхэрэ Симон, Кириние
къалэм щыщ Луцый, Манаил (ар пщы Ирод дапIугъагъ) ыкIи Шаул.

2Тхьэм елъэIухэзэ, чэщи мафи ахэмэ анэкIы зэхъум, Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ
къариIуагъ: – Бар-Наббэрэ Шаулрэ сыкъызфяджэгъэ Iофым пае
къысфыхэшъухых.

3ЕтIанэ ахэмэ чэщи мафи занэкI ужым, Тхьэм елъэIугъэх, аIэхэри
ашъхьэхэм атыралъхьи, яIоф ашIэнэу агъэкIуагъэх.

### Апостолхэм Кипр хыгъэхъунэм Тхьэм игущыIэхэр зэрэщагъэIущтыгъэхэр

4Бар-Наббэрэ Шаулрэ, Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ ыгъэкIуагъэхэр, къалэу
Селевкие нэсыгъэх. Ащ къухьэм щитIысхьэхи, Кипр хыгъэхъунэм
кIуагъэх.

5Саламин къалэм зыдахьэхэм, джуртхэм ясинэгогухэм Тхьэм игущыIэхэр
ащагъэIущтыгъэх. Иуан ахэмэ яIэпыIэгъоу ягъусагъ.

6Хыгъэхъунэм икIыхьагъэкIэ Пафос къалэм нэс зэкIохэм, ушхъухьан
Iофым пылъ джурт пегъымбар нэпцI горэм IукIагъэх. А лIым Бар-Иешуа
ыцIагъ.

7Ар хыгъэхъунэм иIэшъхьэтет Сергый Паул игъусагъ. Сергый Паул цIыф
губзыгъагъ. Ар Тхьэм игущыIэхэм ядэIунэу фэягъэти, Бар-Наббэрэ
Шаулрэ къаригъэщагъэх.

8Ау ушхъухьаным пылъ Елымэ (Елимэм къикIырэр «Ушхъухьаным
пылъыр» ары) Iэшъхьэтетыр шIошъхъуныгъэм игъогу тыримыгъэхьаным
ыуж итыгъэти, Бар-Наббэрэ Шаулрэ апэуцужьыщтыгъ.

9Ау Шаулэу ПаулкIи заджэхэрэм Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ ыгу лъэш дэдэу илъ
хъугъэти, ынэхэр Елымэ тыригъэдыкъэхи, къыIуагъ:

10– О шэйтаным урикъу, о шъыпкъагъэм зэкIэм урипый. ТхьагъэпцIыгъэ
пстэури, бзэджэгъэ пстэури угу инэу илъ. Тхьэм игъогу занкIэхэр къуащэ
пшIынхэу упылъыным ыуж уикIыжьыщтба?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

11Джы Зиусхьаным ыIэ къыптелъ. Заулэрэ тыгъэм инэфынэ умылъэгъоу,
нэшъу ухъущт. Ардэдэм пщагъори шIункIыри Елымэ къыфехыгъэх.
ЕтIанэ къыкIухьэзэ, къезыщэкIын цIыф горэм лъыхъущтыгъ.

12Iэшъхьэтетым хъугъэ-шIагъэр зелъэгъум, шIошъхъуныгъэ иIэ хъугъэ.
Бар-Наббэрэ Паулрэ Iофхэу Зиусхьаным ехьылIагъэу Елымэ
рагъашIэхэрэр ыгъэшIагъоущтыгъэх.

**Паулрэ Бар-Наббэрэ Писидие хэкум ит Антиохие къалэм зэрэкIуагъэхэр**

13ЕтIанэ Паулрэ игъусэхэмрэ Пафос къалэм къухьэкIэ щежьэхи,
Памфилие хэкум ит Пергие къалэм кIуагъэх. Ащ игъусэхэр Иуан
къыдинэхи, Ерусалим ыгъэзэжьыгъ.

14Адрэ нэбгыритIур Пергие къалэм блэкIхи, Писидие хэкум ит Антиохие
къалэм нэсыгъэх. Шэмбэт мафэм синэгогум чIахьэхи, тIысыгъэх.

15Тэурат хабзэм итхэмрэ пегъымбархэм атхыгъэ тхылъхэм арытхэмрэ
ащыщ горэхэм зяджэхэ ужым, синэгогу пащэхэм зыгорэ агъакIуи,
арарагъэIуагъ: – Тэ тшыхэр, мы цIыфхэр зэрыжъугъэгушхон гущыIэхэр
шъуиIэхэмэ, къашъуIох.

16Паул къэтэджи, Iэ афишIи, къыIуагъ: – Шъо, израиль цIыфхэри, Тхьэм
шIолIыкI фызиIэхэри, шъукъэдаIу.

17Израиль лъэпкъым и Тхьэ тятэжъхэр къыхихыгъэх. Тэ тлъэпкъ Мысыр
хэгъэгум зесым, лъэпкъышхо ышIи, лъэкIышхокIэ ащ къырищыжьыгъэх.

18ЕтIанэ илъэс тIокIитIо шъоф нэкIым щигъэшхагъэх.

19Ханаан хэгъэгум щыпсэурэ лъэпкъиблыр ыгъэкIоди, ахэмэ яхэгъэгу
израиль лъэпкъым иIахь хъунэу къыфигъэнэжьыгъ.

20А зэпстэур илъэс шъиплIырэ шъэныкъорэ фэдиз хъугъэ. – Ащ ыужым,
хьыкумэшIыхэр Тхьэм аритыгъэх, пегъымбар Самуел имафэхэм
анэсыфэхэ.

21ЕтIанэ пачъыхьэ афигъэнэфэнэу израиль цIыфхэр Самуел елъэIугъэх.
Бен-Ямин илъэпкъ щыщэу, Кис ыкъо Шаул пачъыхьэ афэхъунэу Тхьэм
аритыгъ. ЕтIанэ илъэс тIокIитIурэ ар пачъыхьагъ.

22Тхьэм ар тыригъэкIыжьи, Даутэ пачъыхьэ афишIыгъ. Тхьэм Даутэ
моущтэу шыхьат фэхъугъ: «Ищай ыкъоу Даутэ сыгу зэIурэ цIыфэу
къэзгъотыгъ. Сэ сызыфаехэр зэкIэ ащ ыгъэцэкIэщт».

23Мы лIым къытекIыгъэ цIыфхэм ащыщэу, израиль цIыфхэр мыкIодхэу
къэзгъэнэжьырэр Исус ары, Тхьэм къафигъэкIуагъ, ятэжъхэр
къызэригъэгугъэгъагъэхэм фэдэу.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

24Исус къэкIоным ыпэкIэ Иуан, «ШъуипсэдкIодшIагъэхэм
шъуафыкIэгъожьи, зысэжъугъэумэхъ» ыIозэ, зэкIэ израиль цIыфхэм
макъэ аригъэIугъ.

25Иуан иIоф ыухызэ, къыIуагъ: «Сэ хэтэу сышъушIошIыра? Шъо
шъузпаплъэрэр сэрэп. Шъо шъузпаплъэрэр саужкIэ къэкIощт, ащ ицокъэ
лъэпсхэр фэстIэтэнхэуи сифэшъуашэп».

26(Паул джыри ипсалъэ къыпидзэжьыгъ:) – Сэ сшыхэу Ибрахьим
къытекIыгъэ цIыфхэри, шъо къышъухэтхэу нэмыкI цIыфхэу Тхьэм
шIолIыкI фызиIэхэри, Тхьэм цIыфхэр мыкIодхэу къызэригъэнэжьхэрэм
икъэбар къызнэсыгъэхэр тэры.

27Ерусалим дэсхэмрэ ахэмэ ятхьэматэхэмрэ цIыфхэр мыкIодхэу
къэзгъэнэжьырэр зэрэ Исусыр къашIэжьыгъэп. УкI ежь къытыралъхьагъ,
ау аущтэу пегъымбархэм ягущыIэхэу шэмбэт мафэ къэсми синэгогухэм
ащызаджэхэрэр къагъэшъыпкъэжьыгъэх.

28УкI Исус зыкIытыралъхьащт Iоф амыгъотыгъэми, Iэшъхьэтет Пилат ар
ыукIынэу елъэIущтыгъэх.

29Исус ехьылIагъэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэр зэкIэ ахэмэ
загъэцакIэ ужым, Исус игъусэхэм ихьадэ къащым къытырахыжьи,
къэунэм чIалъхьажьыгъ.

30Ау Тхьэм ар лIагъэхэм къахигъэтэджыкIыжьыгъ.

31ЕтIанэ Исус ежь игъусэхэу Галилей хэкум къикIыгъэхэу, Ерусалим
къэкIогъагъэхэм мэфэ пчъагъэхэм къакIоцI заригъэлъэгъущтыгъ. Джы
ахэр ары тэ тлъэпкъ ыпашъхьэ Исус шыхьат щыфэхъухэрэр.

32– Джы мы къэбарышIур тэ къышъотэIо: Тхьэм Исус лIагъэхэм
къызэрахигъэтэджыкIыжьыгъэмкIэ тятэжъхэр къызэригъэгугъэгъэ Iофхэр
къыгъэхъухэзэ, тэ, ахэмэ атекIыгъэ цIыфхэм къытфигъэшъыпкъэжьыгъ.

33ЯтIонэрэ Орэд ЛъапIэм Тхьэм Исус къызэрэщыриIорэм фэдэу: «Оры с
Къор, непэ ты сыпфэхъугъ».

34Тхьэм Исус лIагъэхэм къызэрахигъэтэджыкIыжьыгъэр егъашIэми
мылIэжьыным пае, мы гущыIэхэмкIэ Тхьэм къыIуагъ: «СынэшIу
щыфэныгъэ лъапIэр шъыпкъэмкIэ шъо къышъулъызгъэIэсыщт, Даутэ
зэрэзгъэгугъэгъагъэм фэдэу».

35Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм ащыщэу нэмыкI чIыпIэм зэритым фэдэу, «О
уиIорышIэ ихьадэ бгъэшъущтэп».

36– Сыда пIомэ, Тхьэм игухэлъ тетэу Даутэ имафэхэм Тхьэм
фэлажьэщтыгъ, етIанэ дунаим ехыжьыгъ. Ятэжъхэм адэжь къэунэм
чIалъхьажьи, ихьади шъугъэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

37Ау Тхьэм лӀагъэхэм къахигъэтэджыкӀыжьыгъэр джыри зэ лӀэжьыгъэп,
ихьади шъужьыгъэп.

38Арышъ, сэ сшыхэр, мыр зэжъугъашӀэ, шъо шъуипсэкӀодшӀагъэхэр Исус
къызэрэшъуфигъэгъухэрэм икъэбар къышъотэгъэӀу.

39Хэти ИсускӀэ шӀошъхъуныгъэ зиӀэм ипсэкӀод пстэури ежь Исус тырехых,
ау пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ псэкӀодхэр къышъутырихын
ылъэкӀырэп.

40Шъуздфэсакъыжь, пегъымбархэм мы гущыӀэхэу
къаӀуагъэхэр къышъорэмыхъулӀэх:

41«Шъукъэдаӏу, шъо Тхьэм къыӀуагъэхэм нэмыплъ языххэрэр,
жъугъэшӀагъуи, шъукӀод; сыда пӀомэ, шъо шъуимафэхэм Ӏофышхо горэ
згъэцэкӀэщт. А Ӏофышхом икъэбар зыгорэм къышъуиӀуагъэми, шъо
шъушӀошъ хъущтыгъэп».

42Паулрэ Бар-Наббэрэ синэгогум къычӀэкӀыжьхэзэ, къыкӀэлъыкӀорэ
шэмбэт мафэм а Ӏофхэм атегущыӀэжьынхэу цӀыфхэр къялъэӀугъэх.

43ЗэӀукӀэр зызэбгырэкӀыжьым, джуртхэм ащыщхэу бэхэри, хымэхэу джурт
хъугъэхэм ащыщхэу бэхэри Паулрэ Бар-Наббэрэ ягъусэхэу кӀощтыгъэх.
ИтӀур ахэмэ адэгущыӀэхи, Тхьэм ынэшӀу къызэращифэщтым ыуж ит
зэпытынхэу афагъэпытагъ.

44КъыкӀэлъыкӀорэ шэмбэт мафэм Тхьэм игущыӀэхэм ядэӀунхэм пае,
къалэм дэс цӀыф пстэури къэнэгъэ шӀагъо щымыӀэу зэрэугъоигъэх.

45Ау джуртхэм цӀыф купышхохэр залъэгъум, шъугъоныр агу къихьи,
ехъонхэзэ, Паул къыӀохэрэм апэужьыгъэх.

46Джащыгъум Паулрэ Бар-Наббэрэ гушхокӀэ къаӀуагъ: – Тхьэм
игущыӀэхэр ыпэ рапшӀэу шъо къышъотӀонхэ фэягъ. Ау шъо Тхьэм
игущыӀэхэр щыжъугъэзыехэу, аущтэу мыкӀодыжьын щыӀэныгъэ шъуиӀэ
хъунэу зыфэжъугъэшъуашэрэп. Арышъ, хымэ лъэпкъхэм ащыщхэм тэ
зафэтэгъазэ;

47сыда пӀомэ, Тхьэм моущтэу унашъо къытфишӀыгъ: «Хымэ лъэпкъхэм
нэфынэ уафэхъунэу узгъэуцугъ, дунаим ыкъуапэхэм анэсыфэ, цӀыфхэр
мыкӀодхэу Тхьэм къыуигъэгъэнэжьынхэм пае».

48Хымэ лъэпкъхэм ащыщхэм ар зызэхахым, гушӀохи, Зиусхьаным
игущыӀэхэм щытхъу афашӀыгъ. МыкӀодыжьын щыӀэныгъэ яӀэ хъунэу
Тхьэм ыгъэнэфэгъэ цӀыф пстэуми шӀошъхъуныгъэ яӀэ хъугъэ.

49Зиусхьаным игущыӀэхэр а хэкум тыдэкӀи цӀыфхэм анэсхэу хъугъэ.

50Ау джуртхэм лъытэныгъэ зиӀэ бзылъфыгъэхэу Тхьэр
зыгъэлъапӀэхэрэмрэ къалэм итхьэматэхэмрэ къызэкӀагъэплъыхьагъэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

ЕтIанэ цIыфхэр Паулрэ Бар-Наббэрэ атебэнэнхэу зэкIагъэблагъэх,
яхэкуи къырафыгъэх.

51Паулрэ Бар-Наббэрэ алъакъохэм ателъ сапэр цIыфхэм апашъхьэ
атыраутхыпкIыкIыжьи, къалэу Иконие кIуагъэх.

52Ау ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэм агухэм гушIуагъорэ Тхьэм ы Псэ
ЛъапIэрэ инэу арылъ хъугъэх.

## Апостолхэм ашIэгъэ Iофхэр 14

**Паулрэ Бар-Наббэрэ къалэу Иконие Тхьэм игущыIэхэр зэрэщагъэIущтыгъэхэр**

1Иконие къалэм Паулрэ Бар-Наббэрэ зынэсхэм, яхабзэ тетэу, джуртхэм
ясинэгогу чIэхьагъэх. Джуртхэмрэ алыджхэмрэ ащыщхэу бэмэ
шIошъхъуныгъэ яIэ агъэхъузэ, адэгущыIагъэх.

2Ау шIошъхъуныгъэ зиIэ хъунхэу зымыдэрэ джуртхэм хымэ лъэпкъхэм
ащыщхэр зэкIагъэплъыхьэхи, шIошъхъуныгъэ зиIэ зэшхэм
къафагъэгубжыгъэх.

3Паулрэ Бар-Наббэрэ Зиусхьаным икъэбар гушхокIэ цIыфхэм араIозэ, а
къалэм бэрэ щыIагъэх. Зиусхьаными ынэшIу щыфэным ехьылIэгъэ
КъэбарышIур ыгъэшъыпкъэжьызэ, нэшэнэ гъэшIэгъонхэр
къагъэлъэгъонхэуи Iофышхо гъэшIэгъонхэр ашIэнхэуи Паулрэ Бар-
Наббэрэ лъэкI аритыгъ.

4Ау къалэм ицIыфхэм лъэныкъуитIоу загощыгъ. Зы купыр джуртхэм
агохьагъ, адрэ куприя – апостолхэм.

5ЕтIанэ хымэ лъэпкъхэм ащыщхэри, джуртхэри, ахэмэ ятхьэматэхэри
ягъусэхэу зэгурыIохи, Паулрэ Бар-Наббэрэ лые къарахынэуи
мыжъохэмкIэ къяохэзэ, къаукIынхэуи гухэлъ ашIыгъ.

6Паулрэ Бар-Наббэрэ ахэмэ ягухэлъ къызашIэм, Ликаоние хэкум щыщ
къалэхэу Листрэрэ Дербиерэ, ахэмэ яIэгъо-блэгъо хэкум ылъэныкъокIи
кIатхъужьыгъ.

7А чIыпIэхэми КъэбарышIур ащагъэIугъ.

**Паулрэ Бар-Наббэрэ къалэу Листрэ Тхьэм игущыIэхэр зэрэщагъэIущтыгъэхэр**

8Листрэ къалэм лIы сэкъат горэ дэсыгъ. Къызыхъугъэм щегъэжьагъэу
ылъакъохэм атеуцон ымылъэкIэу, егъашIэми мызекIошъоу щысыгъ.

9Паул къыIорэм а лIыр едэIущтыгъ. Паул а лIым къызеплъым,
хъужьынымкIэ ащ шIошъхъуныгъэ иIэу ылъэгъугъ,

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

10мэкъэшхокIи къыIуагъ: – Зиусхьан Исус Христос ыцIэкIэ къыосэIо: Къэтэджи, плъакъохэм къатеуцу. А лIыр къызщылъэти, къыкIухьэу ыублагъ.

11Паул ышIагъэр цIыф купышхохэм залъэгъум, мэкъэшхокIэ Ликаоние хэкум ыбзэкIэ къаIуагъ: – Тхьэхэр цIыф плъышъо яIэу къытфехыгъэх.

12Бар-Наббэ ЗевскIэ еджагъэх, къэгущыIэрэр Паул арыти, ащ ЕрмыйкIэ еджагъэх.

13Зевс иунэшхоу къалэм тIэкIу дэдзыгъэу щытым идин пащэ цIыфхэм цухэр къэлапчъэм дэжь къаригъэщагъэх, танджыхэри къаригъахыгъэх, ежьыри цIыф купышхори фэягъэх Бар-Наббэрэ Паулрэ къурмэн афашIынэу.

14Ау апостолхэу Бар-Наббэрэ Паулрэ ар зызэхахым, афамыдэу ящыгъынхэр зэIатхъыжьхи, цIыф купышхом хэлъадэхи, куохэзэ къаIуагъ:

15– Шъо, лIы купыр, сыда шъушIэхэрэр? Шъо тышъуфэдэу тэри тыцIыф. Мы тхьэ нэпцIхэу зишIуагъэ къэмыкIощтхэм шъуакIыб афэжъугъэзэжьэу Тхьэ шъыпкъэу псаум зыфэжъугъэзэжьыным пае, Къэбарышlур къышъотэгъэIу. Тхьэр ары уашъори, чIыри, хыри, ахэмэ ащыпсэурэ пстэури къэзгъэхъугъэр.

16БлэкIыгъэ лъэхъанхэм лъэпкъэхэр зэкIэри зэрэфаехэу ягъогу рыкIонхэу фит ышIыгъагъэх.

17Ау щытми, Тхьэм шыхьат имыIэу зыкъыгъэнагъэп. Уашъом къикIэу ощх къышъуфыригъэщхызэ, игъом гъажъор къышъуфигъэкIызэ, гъомылэ шъуущимыгъакIэзэ, шъуигъэгушIозэ шIугъэ къышъуфишIагъ.

18Паулрэ Бар-Наббэрэ аущтэу аIозэ, къурмэн зыфарамыгъэшIэу, цIыф купышхор ерагъэу зэтыраIэжьагъ.

19Ащ нэужым къалэхэу Антиохиерэ Икониерэ къарыкIыхи, джурт куп къэкIуагъ. Апостолхэм гушхокIэ Тхьэм игущыIэхэр агъэIухэзэ, а джуртхэм цIыфхэр апостолхэм агуагъэкIыгъэх, моущтэу аIозэ: «Мы лIыхэм зи шъыпкъэ къаIорэп, пцIы къаусы нахь». ЕтIанэ а джуртхэм цIыф купышхор зэкIагъэплъыхьи, Паул мыжъокIэ къеохэзэ, къаукIынэу пылъыгъэх, лIагъэуи аIозэ, къалэм дагъэшъугъ.

20Ау етIанэ Паул игъусэхэм къызауцухьэм, ар къэтэджыжьи, а къалэми дэхьажьыгъ. ЯтIонэрэ мафэм Бар-Наббэ игъусэу Паул къалэм Дербие кIуагъэ.

**Паулрэ Бар-Наббэрэ Сирие хэкум щыщ Антиохие къалэм зэрагъэзэжьыгъэр**

21Паулрэ Бар-Наббэрэ Дербие къалэми къэбарышIур щагъэIузэ, цIыфыбэхэр Исус игъогу зытырагъахьэхэ ужым, къалэхэу Листрэ, Иконие, Антиохие агъэзэжьыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

22А къалэхэм Исускlэ шlошъхъунгъэ зиlэ хъугъэхэр щагъэгушхохи,
шlошъхъуныгъэм игъогу темыкlынхэу афагъэпытэзэ аралуагъ: – Тхьэм и
Тетыгъошхо ылэчlэгъ къин тщэчызэ тычlэхьан фае.

23Паулрэ Бар-Наббэрэ тыдрэ чылыс зэlукlэм нахьыжъхэр фагъэнафэхи,
Тхьэм елъэlухэзэ, чэщи мафи анэкlэу, ахэмэ Зиусхьанэу шlошъхъуныгъэ
зыфыряlэ хъугъэм ынаlэ къатыригъэтынэу фагъэзагъэх.

24Ащ нэужым Писидие хэкум пхырыкlыхи, Памфилие хэкум нэсыгъэх.

25Пергие къалэм Зиусхьаным игущыlэхэр зыщагъэlухэ ужым, Атталие
къалэмкlэ ехыгъэх.

26А къалэм къыдэкlыхи, къухьэкlэ Антиохие къалэм кlуагъэх. Антиохиер
ары чылыс зэlукlэм щыщхэм Паулрэ Бар-Наббэрэ джы агъэцэкlэгъэ
lофым пае, Тхьэм ынэшlу къащифэнэу зыщыфагъэзагъэр.

27Паулрэ Бар-Наббэрэ Антиохием зынэсхэм, чылыс зэlукlэм щыщхэр
аугъоихи, Тхьэм ахэмэ аригъэгъэцэкlэгъэ lоф пстэури къаlотэжьыгъ,
хымэ лъэпкъхэм ащыщхэми шlошъхъуныгъэ яlэ хъунэу Тхьэм пчъэр
зэрафыlуихыгъэри къаlотэжьыгъ.

28Етlанэ Исускlэ шlошъхъуныгъэ зиlэхэм адэжь бэрэ щыlэнхэу къэнагъэх.

## Апостолхэм ашlэгъэ lофхэр 15

### Апостолхэмрэ нахьыжъхэмрэ Ерусалим зэlукlэ зэрэщашlыгъэр

1Лlы горэхэр Иудей хэкум къикlыхи, Антиохием къакlохи, зэшхэр
агъасэхэу аублагъ, моущтэу аlозэ: – Пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ
сунэт шъуашlын фаеу зэритым пае, сунэт шъуамышlымэ, шъумыкlодэу
Тхьэм шъукъыгъэнэжьыщтэп.

2Паулрэ Бар-Наббэрэ ахэмэ агурымыlохэу, лъэшэу янэкъокъугъэх.
Арыти, Паулрэ Бар-Наббэрэ цlыф заулэ ягъусэу, мы lофым ехьылlагъэу
Ерусалим дэс апостолхэмрэ нахьыжъхэмрэ адэжь агъэкlонхэу зэшхэм
тыраубытагъ.

3Аущтэу чылыс зэlукlэм щыщхэр Паулрэ Бар-Наббэрэ адэкlуатэхэзэ,
гъогум тырагъэхьагъэх. Паулрэ Бар-Наббэрэ хэкухэу Финикиерэ
Самариерэ пхырыкlыгъэх. Пхырыкlыхэзэ, хымэ лъэпкъхэм ащыщхэр
Тхьэм игъогу зэрэтехьагъэхэм икъэбар афаlотэжьызэ, ашыхэр зэкlэ инэу
агъэгушlуагъэх.

4Ерусалим зынэсхэм, чылыс зэlукlэм щыщхэми, апостолхэми,
нахьыжъхэми ахэр рагъэблэгъагъэх. Тхьэм ахэмэ ашlэнхэу
аригъэлъэкlыгъэ lоф пстэури араlотэжьыгъ.

5Ау шlошъхъуныгъэ зиlэ лlы горэхэу диныр зылэжьырэ цlыф купэу
фарисей купкlэ заджэхэрэм ащыщхэм къэтэджхи, къаlуагъ: – Хымэ

лъэпкъхэм ащыщхэри сунэт шъушIынхэ фае, пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ итхэри яжъугъэгъэцэкIэнхэ фае.

6А Iофым тегущыIэнхэу апостолхэри нахьыжъхэри зэрэугъоигъэх.

7Бэрэ зызэнэкъокъухэ ужым, Петрэ къэтэджи, адрэхэм ариIуагъ: – Сшыхэр, шъори шъошIэба, хымэ лъэпкъхэм ащыщхэм Зиусхьанымкlэ шIошъхъуныгъэ яIэ хъуным пае, КъэбарышIур язгъэIунэу блэкIыгъэ мафэхэм Тхьэм шъо сыкъызэрэшъухихыгъэр?

8ЦIыфхэм агухэм арылъыр зышIэрэ Тхьэм ежь ы Псэ ЛъапIэ тэ къызэрэтфыригъэхыгъэм фэдэу, хымэ лъэпкъхэм ащыщхэми къафыригъэхызэ, ахэр зэридэхэрэр къыгъэлъэгъуагъ.

9Тэррэ ахэмрэ Тхьэм тызэхидзыгъэп, сыда пIомэ, ахэми агухэр шIошъхъуныгъэмкIэ ыгъэкъэбзэжьыгъэх.

10Тэри тятэжъхэми тфэмыхьыгъэ хьылъэр ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэм атешъулъхьэзэ, Тхьэр жъугъэунэфыным сыда ыуж шъузыкIитыр?

11Ау ти Зиусхьан Исус Христос ынэшIу щыфэным игъогукIэ тэ тымыкIодэу Тхьэм тыкъызэригъэнэжьырэр тшIошъ мэхъу, ынэшIу щыфэным игъогукIэ хымэ лъэпкъхэм ащыщхэри мыкIодхэу Тхьэм къызэригъэнэжьыхэрэм фэдэу.

12Джащыгъум зэIукIэгъэ цIыф пстэуми заушъэфи, хымэ лъэпкъхэм адэжь Тхьэм Бар-Наббэрэ Паулрэ нэшэнэ гъэшIэгъонхэу къыщаригъэгъэлъэгъуагъэхэри, Iофышхо гъэшIэгъонхэу щаригъэшIагъэхэри къызэраIотэжьырэм ядэIугъэх.

13ЕтIанэ ахэмэ якъэIотэн заухым, Якъубэ игущыIэ къыублагъ: – Сшыхэр, къасIорэм шъукъедэIу.

14Лъэпкъэу ежь ыцIэкIэ зэджэщтыр Тхьэм къыхихыным пае, хымэ лъэпкъхэм ащыщхэм яплъынэу апэу зэрэхъугъэр Симон зэхытигъэшIыкIыгъ.

15Пегъымбархэм ягущыIэхэр Петрэ къыIуагъэхэм атефэх, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу:

16«ЕтIанэ къэзгъэзэжьынышъ, пачъыхьэ Даутэ иунэу зэхэуагъэр зэтезгъэуцожьыщт», – Зиусхьаным еIо. «Зэхэкъутагъэхэри сшIыжьынхэшъ, а унэр зэтезгъэуцожьыщт,

17дунаим ицIыфхэу къэнагъэхэмрэ сэ сицIыф хъунхэу сызэджэгъэ хымэ лъэпкъ пстэумрэ Зиусхьаным лъыхъунхэм пае.

18Моущтэу зыIуагъэр Зиусхьанэу мы Iофхэр бэшIагъэу цIыфмэ язгъэшIагъэр ары».

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

19Якъубэ етIанэ къыпигъэхъожыгъ: – Арышъ, сэ сызэрэгугъэрэмкIэ,
хымэ лъэпкъхэм ащыщхэу, Тхьэм игъогу техьэхэрэм къин атетлъхьэ
хъущтэп.

20Ау цIыфхэм афэттхын фае тхьэ нэпцIхэм афашIыгъэ къурмэным ыл,
зинэ шIэным, атхьэлэгъэ псэушъхьэхэм ал, лъым зыщадзыенэуи, ежьхэм
къарашIэнэу зыфэмыер нэмыкI цIыфхэм арамышIэнэуи;

21сыда пIомэ, пэсэрэ зэманхэм къащегъэжьагъэу пегъымбар Мусэ и
Тэурат хабзэм итхэр къэлэ пстэуми ащызгъэIунхэр щыIэх, шэмбэт къэси
ащ итхэм синэгогухэми ащеджэх.

### Апостолхэмрэ нахьыжъхэмрэ хымэ лъэпкъхэм ащыщхэу шIошъхъуныгъэ зиIэ хъугъэхэм тхылъэу афатхыгъэр

22Ауштэу чылыс зэIукIэр зэрэщытэу ягъусэу апостолхэмрэ нахьыжъхэмрэ
тыраубытагъ ежьхэм яцIыфхэм ащыщхэу лIы заулэ хахынхэу, Паулрэ
Бар-Наббэрэ Антиохие адагъэкIонхэм пае. Зэшхэм ятхьэматэхэм
ащыщхэу Иудэу Бар-ШаббэкIэ заджэхэрэмрэ Силэрэ хахыгъэх.

23Мыщ фэдэ тхылъи аратыгъ: «Тэ, шъушыхэу, апостолхэри,
нахьыжъхэри, шъо хымэ лъэпкъхэм ащыщ тшыхэу Антиохие къалэм
дэсхэми, Сирие хэкуми, Киликие хэкуми арысхэми, шIуфэс
къышъотэхыжьы.

24ЦIыф заулэ тэ къытхэкIи, „Сунэт шъуашIын фае, Мусэ и Тэурат хабзэ
итхэми шъуядэIун фае“, – аIозэ, ягущыIэхэмкIэ шъузэIагъэхьагъэуи
шъуагъэгумэкIыгъэуи зэхэтхыгъ, ау тэ ахэр къэдгъэкIуагъэхэп.

25Арышъ, тэ тызэIукIагъ. ЛIы заулэ тэ къыхэтхынышъ, шIу тлъэгъурэ Бар-
Наббэрэ Паулрэ ягъусэхэу къышъуфэдгъэкIонхэу тызэгурыIуагъ.

26ИтIур Зиусхьанэу Исус Христос ыцIэ фэлажьэхэзэ, апсэ еблэжьыгъэхэп.

27Ауштэу Иудэрэ Силэрэ къышъуфэтэгъакIох. Ахэми ттхыгъэр жэдэкIэу
къыжъугурагъэIощт.

28Тхьэм ы Псэ ЛъапIи тэри игъоу тлъытагъэ мы унашъохэу шъузэдэIун
фаехэм анэмыкIэу, зи къышъутетымылъхьанэу:

29цIыфхэм тхьэ нэпцIхэм афашIыгъэ къурмэным ыл, лъым, атхьэлэгъэ
псэушъхьэхэм ал, зинэ шIэным защышъудзый. Шъо къышъуашIэнэу
шъузыфэмыери нэмыкI цIыфхэм яшъумышI. Моуштэу шъупсэумэ, дэгъоу
шъушIэщт. Шъотхъэжь».

30Ауштэу а лIыхэр гъогум тырагъэхьагъэх. Ахэр Антиохие зынэсхэм,
чылыс зэIукIэм щыщхэр аугъоихи, тхылъыр аратыгъ.

31Ахэр тхылъым зеджэхэм, къэбарэу ащ итым ыгъэгушхуагъэх ыкIи
ыгъэгушIуагъэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

32Иудэрэ Силэрэ, ежьхэр пегъымбархэти, гущыIабэкIэ ашыхэм агухэр
къагъэпытэхэзэ, агъэгушхуагъэх.

33Ахэр тIэкIурэ ащ зыдэсхэм, къэзгъэкIуагъэхэм адэжь агъэзэжьынэу
ашыхэм гъогумафэкIэ гъогум къытырагъэхьажьыгъэх.

34Ау Силэ Антиохие къыдэнэнэу тыриубытагъ, Иудэ Ерусалим
ыгъэзэжьыгъ.

35Паулрэ Бар-Наббэрэ Антиохие къыдэнагъэх. НэмыкIыбэхэм ягъусэхэу,
цIыфхэм Зиусхьаным игущыIэхэр арагъашIэу, къэбарышIури арагъэIоу,
Антиохие дэсыгъэх.

**Паулрэ Бар-Наббэрэ зэрэзэгокIыгъэхэр**

36Зы тIэкIу тешIагъэу Паул Бар-Наббэ риIуагъ: – Тхьэм игущыIэхэр
зыщыдгъэIугъэ къэлэ пстэуми адэс тшыхэм адэжь тэгъэгъэзэжьи, язытет
зыфэдэр зэтэгъэгъэлъэгъу.

37Бар-Наббэ МарккIэ заджэхэрэ Иуан ягъусэу зыдищэнэу фэягъ.

38Ау Паул ар зыдищэныр игъоу ылъытагъэп; сыда пIомэ, Иуан МарккIэ
заджэхэрэр Памфилие хэкум ахэмэ щагокIи, Iоф адишIэнэу
адэкIогъагъэп.

39Паулрэ Бар-Наббэрэ лъэшэу зэрэзэнэкъокъугъэхэм къыхэкIэу,
зэгокIыгъэх. Бар-Наббэ Марк зыдищи, Кипр хыгъэхъунэм къухьэкIэ
кIуагъэ.

40Ау Паул гъусэ фэхъунэу Силэ къыхихыгъ. Ашыхэм Тхьэм ынэшIу ахэмэ
къащифэнэу зызыфагъазэ ужым, ахэр гъогум техьагъэх.

41Чылыс зэIукIэхэм ащыщхэр агъэгушхохэзэ, Сириемрэ Киликиемрэ
къакIухьэщтыгъэх.

## Апостолхэм ашIэгъэ Iофхэр 16

**Паулрэ Силэрэ Тимофей гъусэ зэрафэхъугъэр**

1Ащ нэуж Паул къалэхэу Дербие, етIанэ Листрэ анэсыгъ. Тимофей зыцIэу
ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэ лIы горэ а къалэм дэсыгъ. Ащ янэ
шIошъхъуныгъэ зиIэ джуртыгъ, ятэ алыджагъ.

2Къалэхэу Листрэрэ Икониерэ адэс зэшхэм а лIым лъытэныгъэ фыряIагъ.

3Паул Тимофей зыдищэнэу фэягъ. Джуртхэу а лъэныкъом щыпсэухэрэм
апае Паул Тимофей сунэт аригъэшIыгъ; сыда пIомэ, Тимофей ятэ
зэрэалыджыр зэкIэми ашIэщтыгъэти ары.

4Къалэхэр къакIухьэхэу, Ерусалим дэс апостолхэмрэ нахьыжъхэмрэ
ашIыгъэ унашъохэм ядэIунхэм пае, шIошъхъуныгъэ зиIэхэм а унашъохэр
араIуагъэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

5 Аущтэу чылыс зэIукIэхэм ащыщхэм нахь шIошъхъуныгъэшхо яIэ хъузэ, мафэ къэс шIошъхъуныгъэ зиIэхэм япчъагъэ хахъощтыгъ.

**Троадэ къалэм Тхьэм Паул зыгорэ къызэрэщыфигъэлъэгъуагъэр**

6 Паулрэ игъусэхэмрэ Асие хэкум Тхьэм игущыIэхэр щагъэIунхэу Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ фит ымышIыхэзэ, Фригиерэ Галатиерэ яхэку зэпырыкIыгъэх.

7 Мисие хэкум зынэсхэм, Битиние хэкум ихьанхэу пылъыгъэх, ау Исус ы Псэ ЛъапIэ ихьанхэу фит ышIыгъэхэп.

8 Аущтэу Мисие хэкум пхырыкIыхи, Троадэ къалэмкIэ ехыгъэх.

9 Чэщым Тхьэм Паул къыфигъэлъэгъуагъ: Македоние хэкум щыщ лIы горэ ыпашъхьэ къиуцуи, къелъэIугъ: – Македонием къакIуи, IэпыIэгъу къытфэхъу.

10 Паул ар къызэрэфэлъагъоу, КъэбарышIур а цIыфхэми ядгъэIунэу Тхьэр къызэрэтэджагъэм тицыхьэ телъэу, Македоние хэкум тыкIонэу зыдгъэхьазырыгъ.

**Лидие зыцIэ бзылъфыгъэр Исус игъогу зэрэтехьагъэр**

11 Аущтэу Троадэ къалэм къухьэкIэ тыщежьи, занкIэу Самофракие хыгъэхъунэм тыкIуи, ятIонэрэ мафэми Неапол къалэм тынэсыгъ.

12 ЕтIанэ ащ тыдэкIи, Филиппи къалэм тыкIуагъ. Ар Македоние хэкум щыщэу а лъэныкъом икъэлэшхуагъ. А къалэр зыгъэуцугъагъэхэр Рим къэралыгъошхом ицIыфхэр ары. А къалэм мэфэ заулэ тыдэсыгъ.

13 Шэмбэт мафэм къалэм тыдэкIи, псыхъом тыкIуагъ. Ащ дэжьым цIыфхэр Тхьэм зыщелъэIурэ чIыпIэ щыдгъотыщт тIуи, тытIыси, зэрэугъоигъэ бзылъфыгъэмэ тадэгущыIагъ.

14 Бзылъфыгъэ горэ, Лидие ыцIэу, къэдаIощтыгъ. Ар Тиатирэ къалэм щыщэу, шэкI плъыжь чIэпцIэ лъапIэр зыщэхэрэм ащыщыгъ. Ар Тхьэр зыгъэлъэпIэрэ бзылъфыгъэу къычIэкIыгъ. Паул къыIохэрэм ыгу етыгъэу ядэIунэу Зиусхьаным ащ ыгу зэIуихыгъ.

15 Ари ащ иунэ исхэри тыумэхъыгъэх. Зытэумэхъхэм, бзылъфыгъэр къытэлъэIуи, къыIуагъ: – ЗиусхьанымкIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэм сащыщэу шъолъытэмэ, сиунэ шъуисынэу шъукъеблагъ. Аущтэу ыIозэ, тыкъыгъэнагъ.

**Паулрэ Силэрэ къалэу Филиппи хьапсым зэрэщычIадзагъэхэр**

16 Мафэ горэм цIыфхэр Тхьэм зыщелъэIурэ чIыпIэм тыкIозэ, джынапцIэ зыхэсэу, къэхъущт-къэшIэщт Iофхэр къэзыIон зылъэкIырэ унэIут пшъашъэ горэ къытIукIагъ. Къэхъущт-къэшIэщтхэр къыIохэзэ, итхьэматэхэм ахъщабэ къафигъахъэщтыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

17А пшъашъэр Паулрэ тэррэ тауж имыкӀэу, кууозэ моущтэу ыӀощтыгъ: –
Мы лӀыхэр Тхьэу анахь Лъагэм илӀыкӀох. ШъумыкӀодэу, Тхьэм
шъукъызэригъэнэжьырэ гъогур мыхэмэ къышъуагъэӀу.

18Джаущтэу мэфэ пчъагъэрэ пшъашъэр ауж итыгъ. ЕтӀанэ Паул губжи,
зыкъызэригъэзэкӀи, джынапцӀэм риӀуагъ: – Исус Христос ыцӀэкӀэ мы
пшъашъэм ухэкӀынэу унашъо къыпфэсэшӀы. Ардэдэм джынапцӀэр
пшъашъэм хэкӀыжьыгъ.

19Ахъщэ къэкӀуапӀэу зыщыгугъыхэрэр зэрэщымыӀэжьыр пшъашъэм
итхьэматэхэм залъэгъум, Паулрэ Силэрэ аубытхи, къалэм изэхэхьапӀэм
тетыгъо зиӀэхэм апашъхьэ кӀуачӀэкӀэ ралъэшъуагъэх.

20Ӏэшъхьэтетхэм апашъхьэ зыращэхэм, моущтэу къаӀуагъ: – Мы лӀыхэр
джуртых. Тикъалэ инэу зэӀагъахьэ.

21Тэ Рим къэралыгъошхом ицӀыфхэм хабзэхэу зетымыхьапхъэхэри
тымышӀапхъэхэри мы лӀыхэм агъэӀух.

22ЦӀыф купышхор ахэмэ ягъусэу Паулрэ Силэрэ атебэнагъэх.
Ӏэшъхьэтетхэм Паулрэ Силэрэ ящыгъынхэр зэӀатхъыхи, къамыщкӀэ
яонхэу дзэлӀхэм унашъо афашӀыгъ.

23Утыныбэ зарах ужым, хьапсым чӀадзагъэх. Хьапс къэрэгъулэми
афэсакъыпэу ыухъумэнхэу унашъо фашӀыгъ.

24Аущтэу унашъо зыфашӀым, къэрэгъулэм ахэр хьапсым иунэ кӀоцӀ дэдэм
чӀидзэхи, алъакъохэри пкъэум рипхыгъ.

25Чэщныкъом Паулрэ Силэрэ Тхьэм елъэӀущтыгъэх, тхьэщытхъу
орэдхэри къаӀощтыгъ. Адрэ хьапсчӀэсхэри ахэмэ ядэӀущтыгъэх.

26ОшӀэ-дэмышӀэу хьапсым ылъапсэхэр хъыехэзэ, чӀыгур лъэшэу
къэсысыгъ. Ардэдэм хьапсым ипчъэхэр зэкӀэ къызэӀукӀыгъэх. ГъучӀ
лъэхъухэу хьапсчӀэсхэм ателъыгъэхэри зэкӀэ атезыгъэх.

27Хьапс къэрэгъулэр къэущи, хьапсым ипчъэхэр зэӀухыгъэхэу зелъэгъум,
хьапсчӀэсхэр хэхьажьыгъэхэу ыӀуи, ичатэ къырихыгъ, зиукӀыжь шӀоигъоу.

28Ау Паул мэкъэшхокӀэ къэкууи, къыӀуагъ: – Лые зэмыхыжь! Тэ зэкӀэми
мыщ тыщыӀ!

29ЕтӀанэ хьапс къэрэгъулэм остыгъэ нэфынэ къаригъэхьи, хьапсым
чӀэлъади, Паулрэ Силэрэ апашъхьэ кӀэзэзэу зыщыридзыхыгъ.

30ЕтӀанэ хьапсым чӀищыхи, моущтэу къыӀуагъ: – Шъо, тхьэматэхэр,
сымыкӀодэу Тхьэм сыкъыгъэнэжьыным пае, сыда сшӀэн фаер?

31– Зиусхьан ИсускӀэ шӀошъхъуныгъэ зигъаӀи, ори уиунагъуи
шъумыкӀодэу Тхьэм шъукъыгъэнэжьыщт, – къаӀожьыгъ ахэмэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

32ЕтӀанэ Паулрэ Силэрэ хьапс къэрэгъулэми, ащ иунэ ис пстэуми
Зиусхьаным игущыӀэхэр араӀотагъэх.

33Чэщым а сыхьат дэдэм хьапс къэрэгъулэм Паулрэ Силэрэ унэ горэм
рищэхи, яуӀагъэхэр афитхьакӀыгъ. Ащ лъыпытэу ежьыри иунагъо ис
пстэуми зарагъэумэхъыгъ.

34Ащ нэужым хьапс къэрэгъулэм ахэр ежь иунэ рищэхи, Ӏанэ
къафызэӀуихыгъ. ТхьэмкӀэ шӀошъхъуныгъэ яӀэ зэрэхъугъэм пае, ежьыри
иунагъуи гушӀуагъэх.

35Нэф къызэшъым, Ӏэшъхьэтетхэм яӀофтабгэхэм «Мы лӀыхэр
тӀупщыжьых» раӀонэу хьапс къэрэгъулэм дэжь агъэкӀуагъэх.

36Хьапс къэрэгъулэм а къэбарыр Паул къыриӀуагъ: – Ӏэшъхьэтетхэм
шъуатӀупщыжьынэу яӀофтабгэхэр къагъэкӀуагъэх. Арышъ, джы
шъучӀэкӀыжь. Гъогумафэх.

37– Тэ рим цӀыфхэм тащыщми, хьыкумэшӀым ыпашъхьэ тырамыщэу,
цӀыфмэ алъэгъоу къамыщкӀэ къытаохи, хьапсым тычӀадзагъ, –
ариӀожьыгъ Паул. – Джы шъэфэу татӀупщыжьы ара? Хьау, ар хъущтэп!
Ежьхэр къэрэкӀохи, тыкъычӀарэщыжь!

38Ӏофтабгэхэм а гущыӀэхэр Ӏэшъхьэтетмэ араӀотэжьыгъ. Паулрэ Силэрэ
Рим къэралыгъошхом ицӀыфхэм зэращыщхэр Ӏэшъхьэтетмэ зызэхахым,
щынагъэх.

39Ахэр къакӀохи, «Губгъэн къытфэшъумылъэгъу» аӀуи, хьапсым
къычӀащыжьхи, къалэм дэкӀыжьынхэу къялъэӀугъэх.

40Паулрэ Силэрэ хьапсым къызычӀэкӀыжьхэм, Лидие иунэ кӀуагъэх. Ащ
дэжьым зэшхэр щалъэгъухи, агъэгушхуагъэх. ЕтӀанэ къалэм
дэкӀыжьыгъэх.

## Апостолхэм ашӀэгъэ Ӏофхэр 17

### Фессалоникэ къалэм ицӀыфхэм Паулрэ игъусэхэмрэ къин зэрарагъэщэчыгъэр

1Паулрэ игъусэхэмрэ Амфипол къалэмрэ Аполлоние къалэмрэ
къаблэкӀхи, Фессалоникэ къалэм къэкӀуагъэх. Джуртхэм а къалэм
синэгогу щыряӀагъ.

2Паул ихабзэ тетэу ахэмэ адэжь синэгогум чӀахьи, зэкӀэлъыкӀорэ шэмбэт
мэфищым Тхьэм игущыӀэ тхыгъэмэ ащыщ къафеджэзэ, янэкъокъугъ.

3Христос къин ыщэчынышъ, лӀагъэхэм къахэтэджыкӀыжьын зэрэфэягъэр
зэхаригъэшӀыкӀызэ, къафигъэшъыпкъэжьыгъ. – Исусэу зикъэбар сэ
къышъозгъэӀурэр Христос ары, – ариӀуагъ Паул.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

4Джуртхэм ащыщхэм шIошъхъуныгъэ яIэ хъуи, Паулрэ Силэрэ гъусэ
къафэхъугъэх. Ащ нэмыкIэу Тхьэр зыгъэлъапIэрэ алыджхэм ащыщхэу
бэхэми, зэлъашIэрэ бзылъфыгъэмэ ащыщхэу бэхэми шIошъхъуныгъэ яIэ
хъугъэ.

5Ау шIошъхъуныгъэ зиIэ мыхъугъэ джуртхэр мэшъугъохэти, цIыф
зэхэхьапIэм къырамыдзэрэ хъулъфыгъэхэр къыщагъотхи, цIыф купышхо
аугъоий, къалэр къагъэбырсырыгъ. ЕтIанэ Иасон иунэ Iулъадэхи, Паулрэ
Силэрэ къыращынхэшъ, цIыфхэм апашъхьэ къыращэнхэу ауж итыгъэх.

6Ахэр замыгъотхэм, Иасонрэ зэш заулэ къалэм итхьэматэхэм апашъхьэ
ралъашъохи, куохэзэ, моущтэу аIуагъ: – Дунаир зэкIэ зэIэзгъэхьэрэ
цIыфхэр мыщи къэкIуагъэх.

7Иасон ахэр иунэ ригъэблэгъагъэх. «НэмыкI пачъыхьэу Исус зыцIэр щыI»
аIозэ, Кайсарым иунашъохэм апэуцужьых.

8Ахэмэ аущтэу аIозэ, а гущыIэхэр зэхэзыхыгъэ цIыф купышхомрэ къалэм
итхьэматэхэмрэ къагъэбырсырыгъэх.

9Ащ нэужым къалэм итхьэматэхэм Иасонрэ игъусэхэмрэ шэсы ахъщэр
къаIахи, атIупщыжьыгъэх.

**Берие къалэм ицIыфхэм ащыщхэу бэхэр Исус игъогу зэрэтехьагъэхэр**

10Чэщ зэрэхъоу, зэшхэм Паулрэ Силэрэ Берие къалэм агъэкIуагъэх. Ахэр
зынэсхэм, джуртхэм ясинэгогу чIэхьагъэх.

11Фессалоникэ къалэм дэсхэм анахьи Берие къалэм дэсхэм нахь
шъыпкъагъэ яIагъ. Тхьэм игущыIэхэр ягуапэу аштагъэх. Паул
къыIуагъэхэр Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэм атефэхэмэ алъэгъуным
пае, мафэ къэс Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм ахэплъыхьэщтыгъэх.

12Джуртхэм ащыщхэу бэхэми, лъытэныгъэ зиIэ алыдж бзылъфыгъэхэмрэ
хъулъфыгъэхэмрэ ащыщ купхэми шIошъхъуныгъэ яIэ хъугъэ.

13Паул Берие къалэми Тхьэм игущыIэхэр зэрэщигъэIурэр Фессалоникэ
щыщ джуртхэм зашIэм, ащ къакIохи, цIыф купышхор зэкIагъэплъыхьагъ
ыкIи агъэбырсырыгъ.

14Ардэдэм зэшхэм Паул хыIушъом агъэкIуагъ, ау Силэрэ Тимофейрэ
Берие къалэм къыдэнагъэх.

15Паул зыгъэкIуатэхэрэр къалэу Афинэ дынэсыгъэх. Силэрэ Тимофейрэ
ыдэжь шIэхэу къэкIонхэу Паул зыщагъэхэм унашъо зафешIым, ахэмэ
агъэзэжьыгъ.

**Паул къалэм дэс цIыфхэм апашъхьэ къызэрэщыгущыIагъэр**

16Паул къалэу Афинэ Силэрэ Тимофейрэ щапаплъэзэ, тхьэ нэпцI
сурэтхэр къалэм дизэу зелъэгъум, ыгу къеуагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

17 Аущтэу Паул джуртхэмрэ Тхьэр зыгъэлъапIэхэрэмрэ синэгогум гущыIэгъу афэхъузэ щянэкъокъуущтыгъ, мафэ къэс зэхэхьапIэм цIыфхэу щызэIукIэхэрэм щянэкъокъуущтыгъ.

18 Философхэу эпикурейхэмрэ стоикхэмрэ ащыщхэу зы куп Паул къенэкъокъоу ыублагъ. – Сыда къыIонэу мы шъхьаубатэр зыфаер? – aIуагъ заулэмэ. – Мы лIым хымэ тхьэхэм якъэбар зэрехьэ, – aIуагъ адрэхэм. Аущтэу зыкIaIуагъэр Паул Исус ехьылIэгъэ КъэбарышIумрэ лIагъэхэр къызэрэтэджыжьыщтхэм ехьылIэгъэ КъэбарышIумрэ зэраригъэIущтыгъэхэр ары.

19 ЕтIанэ а философхэм Ареопаг Iуашъхьэм щызэIукIэрэ хасэм дэжь Паул зыдащи, къыраIуагъ: – КъэбарыкIэхэу о цIыфхэм ябгъашIэхэрэр зэхэтэбгъэшIыкIынха?

20 Сыда пIомэ, гущыIэ гъэшIэгъонхэр ттхьакIумэхэм о къареогъадзэх. Ахэмэ къарыкIырэр тшIэ тшIоигъу.

21 Афинэ къалэм щыщ пстэуми, хымэхэу ащ дэсхэми къэбарыкIэхэр къаIонхэмрэ ядэIунхэмрэ нэмыкIыкIэ мафэхэр агъакIощтыгъэхэп.

22 ЕтIанэ Паул Ареопаг Iуашъхьэм щызэIукIэрэ хасэм ыпашъхьэ къиуцуи, моущтэу къыIуагъ: – Шъо, Афинэ лIыхэр! Лъэныкъо пстэумкIэ шъо тхьэ Iаджыхэр инэу жъугъэлъапIэхэу сэлъэгъу;

23 сыда пIомэ, къэскIухьэзэ, шъуитхьэлъэIупIэхэм сызяплъым, моущтэу зытетхэгъэ къурмэншIыпIэ горэ къэзгъотыгъ: «ТымышIэрэ Тхьэм пае». Джа шъо шъумышIэрэ Тхьэу жъугъэлъапIэрэм икъэбар ары шъо къышъозгъэIурэр.

24 – Тхьэу дунаири дунаим тетхэри къэзгъэшIыгъэр уашъоми чIылъэми я Зиусхьан. Ар цIыфхэм aIэкIэ ашIыгъэ тхьэлъэIупIэ унэшхохэм арысэп.

25 Ащ щыкIагъэ горэ иIэм фэдэу, цIыфхэр IэкIэ фэлэжьэнхэу ищыкIагъэп. Ежьыр ары псэ зыхэт пстэури щызгъаIэрэри, жьы къязгъащэрэри, ящыкIэгъэ пстэури къязытырэри.

26 Тхьэм зы цIыф закъом цIыф лъэпкъ пстэури къытыригъэкIыгъ, дунаим тыдэкIи щыпсэунхэм пае. Ятетыгъохэмрэ япсэупIэхэмрэ гъунэу афэхъущтхэр къыгъэнэфагъ.

27 Тхьэм цIыфхэр къызфигъэхъугъэр ежь лъыхъухэзэ, Iэбэ-лъабэхэзэ, зыгорэущтэу къагъотыныр ары.

28 Ау щытми, Тхьэр тэ хэти тпэчыжьэп. «Тэ тырибын», шъо шъуитхакIохэм ащыщ заулэхэм къызэраIуагъэм фэдэу.

29 – Арышъ, Тхьэм тызэрибыным пае, цIыфхэм яIэпэIэсагъэрэ яакъылыгъэрэкIэ ашIыгъэхэу дышъэм, тыжьыным, мыжъом ахашIыкIыгъэхэм Тхьэр афэдгъадэ хъущтэп.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

30Блэкlыгъэ лъэхъанхэм цlыфмэ шlэныгъэ зямыlэм, Тхьэр наеклэ ахэмэ къяплъыгъагъэп, ау джы цlыф пстэури, тыдэ щыlэхэми, япсэкlодшlагъэхэм афыкlэгъожьынхэу унашъо къафешlы;

31сыда пlомэ, Тхьэм зы мафэ къыгъэнэфагъ. А мафэм Тхьэм ежь ыгъэнэфэгъэ лlым иlэмыркlэ дунаим ицlыф пстэуми шъыпкъагъэкlэ хьыкум атыришlыхьащт. Ащ фэдэу зэрэхъущтыр Тхьэм цlыф пстэуми къафигъэшъыпкъэжьыгъ а лlыр лlагъэхэм къызэрахигъэтэджыкlыжьыгъэмкlэ.

32Лlагъэхэр къызэрэтэджыжьыщтхэм икъэбар Паул къыlоу зызэхахым, зы куп Паул дэхьащхыгъ, ау адрэ купым ыlуагъ: – О къэбарэу къэпlуатэрэм етlанэ тедэlущт.

33Аущтэу Паул ахэмэ ахэкlыжьыгъ.

34Ау цlыф заули Паул гъусэ фэхъуи, шlошъхъуныгъэ яlэ хъугъэ. Ареопаг lуашъхьэм щызэlукlэрэ хасэм щыщ Дионисый, Дамар зыцlэ бзылъфыгъэ гори, анэмыкlхэри а шlошъхъуныгъэ зиlэ хъугъэхэм ащыщыгъэх.

## Апостолхэм ашlэгъэ lофхэр 18

### Коринф къалэм Тхьэм игущыlэхэр Паул зэрэщигъэlущтыгъэхэр

1Ащ нэужым Паул Афинэ къалэм дэкlыжьи, Коринф къалэм кlуагъэ.

2Паул а къалэм Акилэ зыцlэ джурт горэу, Понт хэкум къыщыхъугъэр къыщигъоти, зыlуигъэкlагъ. Ежьыррэ ишъхьэгъусэ Прискиллэрэ Италие хэгъэгум къикlыгъэкlагъэх; сыда пlомэ, Кайсар Клаудый джуртхэр зэкlэ Рим къэлэшхом дэкlыжьынхэу унашъо афишlыгъагъ. Паул Акилэрэ Прискиллэрэ адэжь кlуагъэ.

3Ясэнэхьэтхэр зэрэзэфэдэм къыхэкlэу, Паул ахэмэ адэжь къэнагъэу адэлажьэщтыгъ. Ахэмэ ясэнэхьат чэтэнгъэlэгъэ шlыныр арыгъэ.

4Шэмбэт мафэ къэс Паул къыlохэрэр джуртхэмрэ алыджхэмрэ ашlошъ ыгъэхъуным ыуж итэу, синэгогум щянэкъокъущтыгъ.

5Силэрэ Тимофейрэ Македоние хэкум къикlыхи, къызэкlохэм, Паул ыгу етыгъэу Тхьэм игущыlэхэр цlыфмэ ариlотэным пылъзэ, Исус зэрэ Христосыр джуртмэ апашъхьэ къыщиушыхьатыщтыгъ.

6Ау джуртхэр Паул пэуцужьхи, зехъонхэм, ищыгъынхэр ахэмэ апашъхьэ щиутхыпкlыхи, моущтэу ариlуагъ: – Шъо шъулъы шъушъхьэ къытерэфэжь! Сэ лажьэ сиlэп. Джы щегъэжьагъэу хымэ лъэпкъхэм зафэзгъэзэщт.

7Аущтэу Паул синэгогум къычlэкlыжьи, Тхьэр зыгъэлъэпlэрэ лlэу Иуст иунэ кlуагъэ. Ащ иунэ синэгогум бгъодэтыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlу (Инджыл)
Institute for Bible Translation

8Синэгогум ипащэу Крисп, зэкӏэ иунагъо игъусэу, Зиусхьанымкӏэ
шӏошъхъуныгъэ иӏэ хъугъэ. Коринф къалэм дэсхэу Паул едэӏухэрэм
ащыщхэу цӏыфыбэми шӏошъхъуныгъэ яӏэ хъуи, зырагъэумэхъыгъ.

9Чэщ горэм Зиусхьаным Паул зыкъыригъэлъэгъуи, къыриӏуагъ: –
Умыщын, зымыушъэфэу, гущыӏэ зэпыт,

10сыда пӏомэ, сэ сыуигъусэщт. О лые къыуихынэу зыми ыӏэ
къыбнэсыщтэп. Сэ сицӏыфхэм ащыщыбэ мы къалэм дэс.

11Аущтэу Паул цӏыфхэм Тхьэм игущыӏэхэр аригъашӏэхэзэ, илъэсырэ
ныкъорэ а къалэм дэсыгъ.

12Галлион Ахаие хэкум иӏэшъхьэтет зэхъум, джуртхэр зэгъусэ хъухи,
Паул тебанэхи, хьыкумэшӏым ыпашъхьэ ращагъ.

13– Хабзэм иунашъо темытэу Тхьэр агъэлъэпӏэнэу мы лӏым цӏыфхэм
арегъашӏэ, – къаӏуагъ ахэмэ.

14Паул къэгущыӏэнэу къызщыригъэжьэщтым, Галлион джуртхэм ариӏуагъ:
– Шъо, джуртхэр, мы лӏым мыхъун горэ е бзэджагъэ горэ ышӏагъэмэ,
сигуапэу сышъодэӏущтыгъ.

15Ау джы гущыӏэхэмкӏи, цӏэхэмкӏи, шъуи Тэурат хабзэкӏи
шъузэрэзэнэкъокъурэм пае, шъор-шъорэу мы ӏофым шъухаплъ. Сэ мы
ӏофым хьыкум тесшӏыхьанэу сыфаеп.

16Ащ нэужым Галлион ахэр хьыкумэшӏ унэм къычӏигъэкӏыжьыгъэх.

17Етӏанэ зэкӏэ ахэмэ синэгогум ипащэу Сосфен аубыти, хьыкумэшӏ унэм
ипчъэӏупэ щеуагъэх. Ау Галлион ащ ынаӏэ тыридзагъэп.

**Паул Сирие хэкум щыщ Антиохие къалэм зэригъэзэжьыгъэр**

18Паул Коринф къалэм мэфэ пчъагъэрэ дэсыгъ. Етӏанэ зэшхэм аӏапэ
ыубытыжьи, Прискиллэрэ Акилэрэ игъусэхэу, Сирие хэкум кӏонэу къухьэ
горэм итӏысхьагъ. Кенхрей къалэм Паул ышъхьэ джашъоу
щаригъэупсыгъ; сыда пӏомэ, тхьэрыӏо ышӏыгъагъэти ары.

19Ефес къалэм къызынэсхэм, Паул Прискиллэрэ Акилэрэ къыгъанэхи,
синэгогум чӏахьи, джуртхэм гущыӏэгъу афэхъузэ щянэкъокъугъ.

20Паул ахэмэ адэжь нахь баӏорэ щыӏэнэу къызелъэӏухэм, ыдагъэп.

21Ау ежьэжьынэу аӏапэ зеубытыжьым, ариӏуагъ: – Къэкӏощт мэфэкӏ
мэфэшхом Ерусалим сыщыӏэн фае, ау Тхьэм ыӏомэ, шъуадэжь
къэзгъэзэжьыщт. Етӏанэ Ефес къалэм къухьэкӏэ щежьэжьыгъ.

22Кесарие къалэм зынэсым, Ерусалимкӏэ дэкӏоягъ. Чылыс зэӏукӏэм
щыщхэм шӏуфэс арихи, етӏанэ Антиохие къалэмкӏэ ехыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)

[23]Зы тӀэкӀурэ Антиохием зыдэс нэужым, Паул гъогум техьажьи, ИсускӀэ
шӀошъхъуныгъэ зиӀэ пстэуми агухэр ыгъэпытэхэзэ, зэкӀэлъыкӀоу
Галатиерэ Фригиерэ яхэку къыкӀухьагъ.

**Тхьэм игущыӀэхэр Аполлос Ефес къалэм зэрэщигъэӀущтыгъэхэр**

[24]А мафэхэм Александрие къалэм щыщэу, Аполлос зыцӀэ джурт горэ
Ефес къэкӀуагъ. Ар жэшӀуагъ, Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэмкӀи шӀэныгъэшхо
иӀагъ.

[25]Зиусхьаным игъогу икъэбар ащ рагъэшӀэгъагъ. Ыгу етыгъэу
къэгущыӀэзэ, шъыпкъэм тетэу Исус икъэбар цӀыфхэм аригъашӀэщтыгъ.
Ау щытми, умэхъыныгъэу Иуан зигугъу ышӀыщтыгъэм
нэмыкӀ умэхъыныгъэр зэрэщыӀэр ышӀэщтыгъэп.

[26]Ар гушхокӀэ синэгогум къыщыгущыӀэу ригъэжьагъ. Прискиллэрэ
Акилэрэ Аполлос къэгущыӀэу зызэхахым, яунэ ащи, Зиусхьаным игъогу
икъэбар нахь дэгъоу гурагъэӀуагъ.

[27]Аполлос Ахаие хэкум кӀонэу гухэлъ зешӀым, зэшхэм а къалэм дэс
шӀошъхъуныгъэ зиӀэхэм тхылъ афатхыгъ, «Аполлос къызыкӀокӀэ
ежъугъэблагъ» аӀозэ. Аполлос ащ зынэсым, Тхьэм ынэшӀу
къызэращифагъэм пае, шӀошъхъуныгъэ зиӀэ хъугъэхэм инэу
адэӀэпыӀэщтыгъ.

[28]Сыда пӀомэ, Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм арытхэмкӀэ Исус зэрэ Христосыр
къафигъэшъыпкъэжьызэ, гущыӀэ лъэшхэмкӀэ цӀыфхэм апашъхьэ
джуртхэм щатекӀуагъ.

## Апостолхэм ашӀэгъэ Ӏофхэр 19

**Тхьэм игущыӀэхэр Паул Ефес къалэм зэрэщигъэӀущтыгъэхэр**

[1]Коринф къалэм Аполлос щыӀэ зэхъум, Паул ыпшъэрэ хэкухэм
апхырыкӀи, Ефес къалэм нэсыгъ. Ащ ИсускӀэ шӀошъхъуныгъэ зиӀэ
нэбгырэ куп къыщигъоти, яупчӀыгъ:

[2]– ШӀошъхъуныгъэ шъуиӀэ зэхъум, Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ шъугухэм арылъ
хъугъа? – Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ щыӀэуи тэ зэхэтхыгъэп, – къыраӀожьыгъ
ахэмэ.

[3]– Сыд умэхъыныгъа шъузэраумэхъыгъэр? – яупчӀыгъ Паул. –
Умэхъыныгъэу Иуан зигугъу ышӀыгъэр ары, – къаӀожьыгъ ахэмэ.

[4]– ЗипсэкӀодхэм афыкӀэгъожьыгъэхэр Иуан ыумэхъыщтыгъэх, – къыӀуагъ
Паул. – Иуан ежь ыуж къэкӀощтымкӀэ, Христос ИсускӀэ цӀыфхэм
шӀошъхъуныгъэ яӀэн фаеу ариӀуагъ.

[5]Ар зызэхахым, Зиусхьан Исус ыцӀэкӀэ зарагъэумэхъыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

6 Паул ыӀэхэр затырелъхьэм, Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ къафехи, амышӀэрэ
бзэхэмкӀэ къэгущыӀагъэх. Тхьэм игущыӀэхэри ахэмэ агухэм къарилъхьэхи,
ахэр къаригъэӀуагъэх.

7 Купыр нэбгырэ пшӀыкӀутӀу фэдиз хъущтыгъэ.

8 ЕтӀанэ Паул синэгогум чӀахьи, цӀыфхэм гушхокӀэ янэкъокъузэ, ашӀошъ
ыгъэхъузэ, Тхьэм и Тетыгъошхо икъэбар мэзищэ аригъэӀущтыгъ.

9 Ау зы куп къаигъагъэкӀэ зекӀуагъэ, цӀыфхэм апашъхьэ Зиусхьаным
игъогу ӀаекӀэ щытегущыӀэу, шӀошъхъуныгъэ иӀэ хъуныр ыдагъэп.
Джащыгъум Паул ахэмэ къахэкӀыжьи, ИсускӀэ шӀошъхъуныгъэ зиӀэхэр
къахищыжьыгъэх, мафэ къэси Тиранн иеджапӀэ Тхьэм игущыӀэхэр
щигъэӀущтыгъ.

10 Асие хэкум ис алыджхэри джуртхэри зэкӀэ Зиусхьанэу Исус ехьылӀэгъэ
КъэбарышӀум ригъэдэӀухэзэ, Паул илъэситӀо ыкъудыигъ.

**Джынапцӏэхэр цӏыфхэм ахафынхэм Скевэ ыкъохэр зэрэпылъыгъэхэр**

11 Тхьэм Паул Ӏофышхо гъэшӀэгъон дэдэхэр ышӀэнхэу ригъэлъэкӀыщтыгъ.

12 Паул ыкӀышъо нэсыгъэ ӀэплъэкӀхэри кӀыӀутелъхэри сымаджэхэм
атыралъхьащтыгъэх. ЗатыралъхьэхэкӀэ, ахэр хъужьыщтыгъэх, ахэс
джынапцӀэхэри ахэкӀыжьыщтыгъэх.

13 Ау джурт купэу цӀыфхэм джынапцӀэхэр ахэзыфыхэу
къэзыкӀухьэщтыгъэхэм Исус ыцӀэ къаӀозэ, джынапцӀэхэр цӀыфхэм
ахафыным пылъыгъэх. – Исусэу зикъэбар Паул ыгъэӀурэм ыцӀэкӀэ мы
цӀыфым шъухэкӀынэу унашъо къышъуфэсэшӀы, – аӀощтыгъ ахэмэ.

14 Джурт дин пэщэшхоу Скевэ ыкъуибли аущтэу ашӀыщтыгъ.

15 – Исус сэшӀэ, Паул икъэбари зэхэсхыгъ, ау шъо хэт шъущыщ? – пэгъокӀ
упчӀэ къаритыжьыгъ джынэпцӀэ Ӏаем.

16 ЕтӀанэ джынапцӀэр зыхэс цӀыфыр атебани, зэкӀэми атекӀуагъ. Ахэмэ
лыешхо зэрарихыгъэм пае, пцӀанэхэу, уӀагъэхэу унэм ичъыжьыгъэх.

17 Мы къэбарыр зэкӀэ Ефес дэс алыджхэми джуртхэми зызэхахым, зэкӀэри
щынэгъошхом хэфагъэх. Джаущтэу Зиусхьан Исус ыцӀэ щытхъу
фашӀыщтыгъ.

18 ШӀошъхъуныгъэ зиӀэ хъугъэхэм ащыщыбэхэр къакӀохэзэ, цӀыфмэ
зэхахэу бзэджагъэу ашӀагъэхэм яуцолӀэжьыщтыгъэх.

19 Ушхъухьаным хэт цӀыф Ӏаджыми ятхылъхэр къаугъоихи, цӀыф пстэумэ
апашъхьэ щагъэстыгъэх. А тхылъхэм ауасэхэр залъытэхэм, тыжьын
ахъщэ мин шъэныкъо хъугъэ.

20 Аущтэу Зиусхьаным игущыӀэхэр цӀыф нахьыбэхэм анэсэу, инэу
зыщаубгъущтыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

**Ефес къалэм дэсхэм бырсырышхо зэрашIыгъэр**

21Мы Iофхэр зэкIэ къызэхъухэ ужым, Паул хэкухэу
Македониерэ Ахаиерэ апхырыкIынышъ, Ерусалим кIонэу ыгу риубытагъ.
– Ерусалим сызыкIуахэкIэ, Рим къэлэшхоми сыкIон фае, – ыIуагъ.

22Паул иIэпыIэгъухэм ащыщэу нэбгыритIу, Тимофейрэ Эрастрэ,
Македоние хэкум ежь ыпэ ыгъэкIуагъэх. Ежь Асие хэкум охътэ кIэкIыкIэ
къэнагъ.

23А мафэхэм Зиусхьаным игъогу пае бырсырышхо къэхъугъ.

24Сыда пIомэ, Димитрый зыцIэ тыжьынашIэ горэ а къалэм дэсыгъ.
Артемидэ зыфаIорэ бзылъфыгъэ тхьэ нэпцIым итхьэлъэIупIэ унэ
цIыкIужъыехэр тыжьыным хишIыкIыхэзэ, адрэ тыжьынашIэмэ федабэ
Димитрый къафихьыщтыгъ.

25Димитрый а тыжьынашIэхэри ащ фэдэ IэшIагъэ Iоф зиIэхэри ыугъоихи,
моущтэу къыIуагъ: – Тиныбджэгъухэр, мы Iофым тибаиныгъэ
къызэрэхэкIырэр шъошIэ.

26Ефес къалэм имызакъоу, Асие хэкум нахьыбэрэми, «ЦIыфхэм IэкIэ
ашIыгъэхэр тхьэ шъыпкъэхэп» ыIозэ, цIыфыбэхэм ашIошъ ыгъэхъузэ, мы
Паул зэрэщигъэгъощагъэхэр шъолъэгъу, зэхэшъохы.

27Тэ тиIэшIэгъэ Iофыр цIыфхэм зэрэзэрамыпэсыщтым изакъоп
щынагъор, Артемидэ бзылъфыгъэ тхьэшхом итхьэлъэIупIэ унэшхоуи
пхъатэ зэрэпамыхьыжьыщтри, зэкIэ Асие хэкуми зэрэдунаеуи
щыдгъэлъэпIэрэ Артемидэ ищытхъушхо зэрэкIодыжьыщтри ары
щынагъор.

28Ар зызэхахым, ахэр лъэшэу губжи, куощтыгъэх: – Ефес къалэм и
Артемидэ лъэпIэ дэд!

29Бырсырышхо къалэм къыщыхъугъ. Македонием щыщхэу Паул
игъогогъухэу Гайрэ Аристархрэ аубытхи, зыдащэхэзэ, зэкIэ зэхэтхэу
зэIукIэпIэ пчэгум илъэдагъэх.

30Паул цIыфмэ ахэхьанэу фэягъ, ау ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэм
фадагъэп.

31Асие хэкум итхьэматэхэм ащыщхэу, Паул къыпэблагъэу щытхэм макъэ
къырагъэIуи, «ЗэIукIапIэм умыкIу» аIозэ, къелъэIугъэх.

32Джащыгъум зым зыр, адрэми нэмыкI аIозэ, цIыфхэр
зэрэгъэкуощтыгъэх, сыда пIомэ, зэIукIэгъэ цIыфхэм бырсырышхо
къахэхъухьагъэти ары. Нахьыбэми зыкIызэIукIагъэхэр ашIэщтыгъэп.

33Джуртмэ Александрэ купышхом къыхащи, цIыфхэм апашъхьэ
къырагъэуцуагъ. ЦIыфхэм апашъхьэ къыщыгущыIэ шIоигъоу, Александрэ
ыIэ къыIэтыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

34Ау ар зэрэджуртыр зашIэм, зэдырагъаштэу зы макъэкIэ сыхьатитIо
зэкIэри кууагъэх: – Ефес къалэм и Артемидэ лъэпIэ дэд!

35Аужыпкъэм къалэм итхакIо цIыф купышхор ыгъэсамбыри, къыIуагъ: –
Ефес лIыхэр! Бзылъфыгъэ тхьэшхоу Артемидэрэ ащ исурэтэу уашъом
къефэхыгъэмрэ Ефес къалэр зэряухъумакIор зымышIэрэ цIыф щыIа?

36Ефес къалэр ахэмэ зэряухъумакIом щэч хэлъэпышъ, шъо
зыжъугъэсамбыр, шъхьэпсынкIэуи шъумызекIу.

37Мы лIыхэр тхьэлъэIупIэ унэшхохэм ямытыгъуагъэхэу, титхьэу
бзылъфыгъэм къемыхъоныгъэхэу, шъо мыщ къэшъущагъэх.

38Димитрыйрэ ежь игъусэу IэшIэгъэ Iоф зиIэхэмрэ цIыф горэм дэон Iоф
фыряIэмэ, Iэшъхьэтетхэр цIыфхэм ядэон Iофхэм зыщахаплъэрэ мафэхэр
щыIэх. Дэон Iоф азыфагу дэлъмэ, зэрэдаох.

39Ащ нэмыкIэу зыгорэм шъуфаемэ, къалэм дэсхэм яхасэу хабзэм тетым
а Iофыр зэшIуихын фае.

40Iофхэу непэ хъугъэхэм апае, «ЗыкъэшъоIэты» аIонышъ, рим тетыгъо
зиIэхэм тагъэмысэнэу щынагъо щыI. Сыда пIомэ, мы бырсырышхор
къызэрэтIэтыгъэм пае, къытфагъэгъунэу ушъхьагъу тшIын зи тиIэп. А
гущыIэхэр къызеIом, цIыфхэр зэбгыригъэкIыжьыгъэх.

## Апостолхэм ашIэгъэ Iофхэр 20

**Македоние хэкумрэ Греције хэгъэгумрэ Паул зэрэкIуагъэр**

1Бырсырышхор зэуцужьым, ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэр Паул
къаригъащэхи, ыгъэгушхуагъэх. ЕтIанэ аIапэхэр ыубытыжьи, Македоние
хэкум кIонэу гъогум техьагъ.

2А лъэныкъохэр къыкIухьэхэзэ, шIошъхъуныгъэ зиIэхэр гущыIабэкIэ
ыгъэгушхохэзэ, Грецием нэсыгъ.

3Ащ мэзищэ щыIагъ. Сирием къухьэкIэ кIон фае зэхъум, джуртхэм
гъэбылъыгъэкIэ аукIынэу агу зэрэхэлъым пае, Македонием игъогукIэ
ыгъэзэжьынэу тыриубытагъ.

4Паул игъусагъэх мы лIыхэр: Берие къалэм щыщэу Пирр ыкъо
Сосипатер; Фессалоникэ къалэм щыщхэу Аристархрэ Секундрэ; Дербие
къалэм щыщэу Гай; етIанэ Тимофей; етIанэ Асие хэкум щыщхэу Тихикрэ
Трофимрэ.

5Ахэр тэ тапэ итхэу кIохи, Троадэ къалэм къыщытпэплъагъэх.

6Ау Хьалыгъу мыкIу-мыпшэ зыщашхырэ мэфэкI мэфэшхохэр
зыблэкIыхэм, Филиппи къалэм къухьэкIэ тыщежьагъ. Троадэ къалэм
мэфитфыкIэ тынэсыгъ. Ащи мэфиблэ тыщыIагъ.

**Троадэ къалэм Паул лIагъэхэм Евтих къызэрахигъэтэджыкIыжьыгъэр**

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

7Тхьэмафэм иапэрэ мафэм хьалыгъу зэготчынэу тызэрэугъоигъ. Паул
ятIонэрэ мафэм гъогум техьанэу ыгу риубытагъэти, шIошъхъуныгъэ
зиIэхэм Тхьэм игущыIэхэр ариIохэзэ, чэщныкъом нэсыфэ гущыIэныр
ыкъудыигъ.

8Тэ тызыщызэрэугъоирэ унэ зэтетым иящэнэрэ къат остыгъэ бэу
къыщыблэщтыгъэ.

9Евтих зыцIэ кIалэ горэ шъхьангъупчъашъхьэм тесыгъ. Паул гущыIэныр
ымыух зэхъум, ар куоу хэчъыягъэти, ящэнэрэ къатым ефэхи, укIыгъэу
къагъотыжьыгъ.

10Паул ехи, кIалэм зытыридзи, IаплI рищэкIи, къыIуагъ: – ШъумыгумэкI.
ЫIпсэ хэт!

11Паул етIанэ къыдэкIоежьи, хьалыгъур зэгуичи, адрэхэм ягъусэу
ышхыгъ. Нэф ошъыфэ, ахэмэ бэрэ адэгущыIагъэу, ар гъогум техьагъ.

12Агухэр лъэшэу Iэтыгъэу, кIалэр ядэжь псаоу ащэжьыгъ.

**Паул Милит къалэм зэрэкIуагъэр**

13Тэ ыпэ къухьэм титIысхьи, Асс къалэу Паул
къызыщидгъэтIысхьажьыщтым тежьагъ. Паул а къалэм нэс лъэсэу кIон
ыгу хэльти, Iофыр аущтэу ыгъэпсыгъагъ.

14ЕтIанэ Асс къалэм къызыщытIокIэжьым, Паул къухьэм къидгъэтIысхьи,
Митилинэ къалэм тыкIуагъ.

15А къалэм тыщежьи, ятIонэрэ мафэм Хиос хыгъэхъунэм фэзанкIэу
тыуцугъ. Ыужырэ мафэм Самос хыгъэхъунэм тыкIуагъ. Трогиллие
къалэм тыщыуцуи, ыужырэ мафэм Милит къалэм тынэсыгъ.

16Асие хэкум уахътэр щимыгъэкIодыным пае, Паул Ефес къалэм
къыщымыуцоу, блэкIынэу тыриубытэгъагъ. Сыда пIомэ, амал иIэмэ,
Пэнтэкост зыцIэ мэфэкI мэфэшхор къэсыным ыпэкIэ, Ерусалим нэсынэу
гузажъощтыгъ.

**Ефес къалэм щыIэ чылыс зэIукIэм инахьыжъхэм аужырэ къэбарэу Паул ариIуагъэр**

17Милит къалэм тызыщэIэм, Паул Ефес щыIэ чылыс зэIукIэм
инахьыжъхэр къаригъэщагъэх.

18Ахэр къызэкIохэм, Паул ариIуагъ: – Апэрэ мафэм щегъэжьагъэу Асие
хэкум сыкъызехьэм, шъуадэжь зэкIэ щызгъэкIогъэ уахътэм сищыIакIэ
зыфэдагъэр шъошIэ.

19Пэгагъэ зи сыгу имылъэу, бэрэ сыгъызэ, джуртхэм шъэфэу агу
хэлъыгъэ бзэджагъэхэу къысашIэщтыгъэхэмкIэ къиныбэ сагъэщэчызэ,
Зиусхьаным сыфэлажьэщтыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

20Зишlуагъэ къышъоклыщт къэбархэр къышъосlонхэм зыкlи
зыщысымыдзыеу, цlыфхэм апашъхьи шъуиунэхэми
къащышьозгъэlугъэх, ащышъозгъэшlагъэх.

21Джуртхэри алыджхэри япсэкlодхэм афыкlэгъожьынхэшъ, Тхьэм
зыфагъэзэжьынэуи, Зиусхьанэу Исускlэ шlошъхъуныгъэ зырагъэlэнэуи
афэзгъэпытэзэ, макъэ язгъэlущтыгъ.

22– Джы къысэхъулlэщтыр сымышlэу, Тхьэм ы Псэ Лъапlэ
сыфэlорышlэзэ, Ерусалим сэкlо.

23Ау lэхъу-лъэхъухэри гузэжъогъухэри сапэ зэрилъхэр Тхьэм ы Псэ
Лъапlэ сигъашlэзэ, къэлэ пстэуми къащеушыхьаты.

24Сищыlэныгъэ сэркlэ лъапlэу, уасэ иlэу слъытэрэп, ау Зиусхьан Исус
lофэу спшъэ къырилъхьагъэр згъэцэкlэн фае: Тхьэм ынэшlу
къащифэным ехьылlэгъэ Къэбарышlур цlыфхэм язгъэlуныр ары.

25– Тхьэм и Тетыгъошхо ехьылlэгъэ къэбарыр шъозгъэlузэ, шъо зэкlэми
шъуадэжь къыщыскlухьэщтыгъ. Шъуащыщэу зыми сынапэ
зэримылъэгъужьыщтыр сэшlэ.

26Арышъ, зы цlыф ылъ спшъэ къызэрэдэмыфэщтыр непэ шъыпкъэу
къышъосэlо;

27сыда пlомэ, Тхьэр зыфэе пстэури шъозгъэшlэным зыщысыдзыягъэп.

28Шъо шъузфэсакъыжь, Тхьэм ы Псэ Лъапlэ ухъумакlоу
шъузыфигъэуцугъэ цlыф купыми шъуфэсакъ. Мэлахъом мэлхэм ынаlэ
зэратыригъэтырэм фэдэу, Зиусхьанми Тхьэми ячылыс зэlукlэм щыщхэу,
Исус ылъ уасэкlэ къыщэфыгъэхэм шъунаlэ атежъугъэт.

29Сыда пlомэ, сэ дунаим сызехыжьыкlэ, lэхъогъум шъхьамысыщт
тыгъужъ мэхъаджэхэр къызэрэшъухэхьащтхэр сэшlэ.

30Шъо, Исускlэ шlошъхъуныгъэ зиlэхэми, цlыфхэр къышъухэкlыщтых,
зигъогу пхэндж тырагъэхьанхэм пае, шъыпкъагъэр зэзыхъокlыным
пылъыщтхэр.

31Арышъ, шъумычъыеу шъусакъ! Сынэпс къехызэ, илъэсищым чэщи
мафи зэпымыоу шъуащыщэу хэти къызэрэжъугурызгъэlуагъэр
зыщышъумыгъэгъупш.

32– Джы Тхьэми ынэшlу щыфэныгъэ ехьылlэгъэ гущыlэхэми
шъуафэсэгъазэ. А гущыlэхэм гурэ псэрэкlэ кlуачlэ шъуагъэгъотын
алъэкlы, Тхьэм ицlыфхэу ежь зезытыгъэ пстэуми шъурягъусэу lахьышlу
къышъулъагъэlэсыни алъэкlы.

33Зы цlыф итыжьыни, идышъи, ищыгъыни сенэцlыгъэп.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

34Сигъусэхэмрэ сэррэ тищыкӀагъэхэр сӀэхэмкӀэ къызэрэзгъэхъагъэр
шъошӀэ.

35Моущтэу тыулэузэ, лъэкӀ зимыӀэхэм тадэӀэпыӀэн зэрэфаер лъэныкъо
пстэумкӀи шъозгъэлъэгъугъэ. Ежь Зиусхьан Исус гущыӀэхэу къыӀуагъэхэр
зыщыдгъэгъупшэжьынхэ фаеп: «Къыуатыным нахьи яптыныр нахь
сыхатмаф».

36А гущыӀэхэр къызеӀом, Паул лъэгонджэмышъхьэкӀэ тӀыси, ахэмэ зэкӀэмэ
ягъусэу Тхьэм елъэӀугъ.

37ЗэкӀэри лъэшэу гъыгъэх, Паул ӀаплӀи ращэкӀыгъ, ебэугъэх.

38Анахьыбэу агу къезгъэуагъэр Паул ынапэ егъашӀэми
амылъэгъужьыщтэу къазэрэриӀуагъэр ары. ЕтӀанэ къухьэм нэс Паул
дэкӀотагъэх.

## Апостолхэм ашӀэгъэ Ӏофхэр 21

### Паул Ерусалим зэрэкӀуагъэр

1Ахэмэ тыкъызахэкӀыжьым, къухьэмкӀэ тежьи, занкӀэу Кос къалэм
тыкӀуагъ. ЯтӀонэрэ мафэм Родос къалэм тыкӀуи, ащ тыщежьи, Патарэ
къалэм тынэсыгъ.

2Финикие хэкум кӀорэ къухьэ горэ къэдгъоти, титӀысхьи, тежьагъ.

3Кипр хыгъэхъунэр къызэлъагъом, къухьэм исэмэгубгъукӀэ ар
къэдгъанэзэ, Сирие хэкум тыкӀуи, Тир къалэм къухьэр щеуцолӀагъ, сыда
пӀомэ, а къалэм къухьэр щаунэкӀын фэягъ.

4ИсускӀэ шӀошъхъуныгъэ зиӀэхэр а къалэм къыщыдгъотхи, мэфиблэ
ахэмэ адэжь тыкъэнагъ. Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ ахэмэ зэхаригъэшӀыкӀыгъэу,
Ерусалим мыкӀонэу Паул къыраӀуагъ.

5Ау а къалэм тызэрэщыӀэн фэе уахътэр зытешӀэм, ащ тыдэкӀи, тигъогу
тытехьажьыгъ. ШӀошъхъуныгъэ зиӀэхэр зэкӀэ, бзылъфыгъэхэри
сабыйхэри ягъусэхэу, къалэм къыддыдэкӀыгъэх. ЕтӀанэ хыӀушъом
лъэгонджэмышъхьэкӀэ тыщытӀыси, Тхьэм телъэӀугъ.

6ТӀапэхэр зэрэдгъэубытыжьхи, тэ къухьэм титӀысхьажьыгъ, адрэхэми
ядэжь агъэзэжьыгъ.

7ЕтӀанэ Тир къалэм тыщежьи, къухьэкӀэ тикӀон тыухи, Птолемаидэ
къалэм тынэсыгъ. А чӀыпӀэм тшыхэм шӀуфэс щятхи, зы мафэ адэжь
тыщыӀагъ.

8ЯтӀонэрэ мафэм ащ тыдэкӀыжьи, Кесарие къалэм тыкӀуагъ. Тхьэм
игущыӀэхэр зыгъэӀурэ Филипп иунэ тихьи, ащ тыкъинагъ. Ар
нэбгыриблым ащыщыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

9Филипп дэмыкIуагъэхэу пхъуиплI иIагъ. Тхьэм игущыIэхэр ахэмэ агухэм
къарилъхьагъэхэу къаригъаIощтыгъэх.

10Мэфэ заулэрэ ащ дэжь тыщыIагъэу, Агаб зыцIэ пегъымбар горэ Иудей
хэкум къикIи, къэкIуагъ.

11Тадэжь къакIуи, Паул ибгырыпх къышти, ежь ыIэхэри ылъакъохэри
зэтырипхэхи, къыIуагъ: – Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ моущтэу къеIо: «Джуртхэм
мы бгырыпхыр зиер Ерусалим щызэкIоцIапхэнышъ, хымэ
лъэпкъхэм аIэкIалъхьащт».

12А гущыIэхэр зызэхэтэххэм, тэри а чIыпIэм щыпсэурэ тшыхэри Ерусалим
мыкIонэу Паул телъэIугъ.

13Джащыгъум Паул пэгъокI гущыIэ къытыжьыгъ: – Сыда шъуушIэрэр?
Сыда шъузкIэгъырэр? Сыда сыгу къызкIежъугъаорэр? Си Зиусхьан Исус
ыцIэ пае Ерусалим сыщырапхыщт закъоп, ары пакъошъ сыщылIэщтми
сыфэхьазыр.

14Паул къедгъэзэгъын зытэмылъэкIым, «Тхьэм ыIуагъэр орэхъу» тIуи,
щыдгъэтыжьыгъ.

15А мафэхэм ауж зыдгъэхьазыри, Ерусалим тыкIуагъ.

16Кесарием щыщхэу, ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэ нэбгырэ заулэ
тигъусагъ. Ахэмэ Мнасон зыцIэм иунэу тызыщыпсэущтым тащагъ.
Мнасон Кипр хыгъэхъунэм щыщыгъ, ежьыри апэ дэдэу ИсускIэ
шIошъхъуныгъэ зиIэ хъугъэхэм ащыщыгъ.

**Якъубэ дэжь Паул зэрэкIуагъэр**

17Ерусалим тызынэсым, тшыхэм ягуапэу тырагъэблэгъагъ.

18ЯтIонэрэ мафэм Паул тигъусэу Якъубэ дэжь тыкIуагъ. Нахьыжъхэр
зэкIэ ащ дэжь щыIагъэх.

19Паул ахэмэ шIуфэс арихи, иIофкIэ Тхьэм хымэ лъэпкъхэм адэжь
щишIагъэхэр зырызэу афиIотэжьыгъ.

20Паул ахэр къыIуатэхэу зызэхахым, ахэмэ Тхьэм щытхъу фашIыгъ.
ЕтIанэ Паул къыраIуагъ: – О тшы, джуртхэм ащыщхэу мин пчъагъэхэм
шIошъхъуныгъэ яIэ зэрэхъугъэри, Мусэ и Тэурат хабзэ яшъыпкъэу
зэрэпылъхэри олъэгъу.

21Ясабыйхэр сунэт амышIынхэуи яхабзэхэм атемытынхэуи пIоу, джуртхэу
хымэ лъэпкъхэм ахэсхэри зэкIэ пегъымбар Мусэ игъогу текIынхэу о
ябгъашIэу аIозэ, цIыфхэм зэрахьэрэ къэбар пхэнджыр а шIошъхъуныгъэ
зиIэхэм зэхахыгъ.

22Сыда тшIэщтыр? ЦIыфхэр къэзэрэугъоищтых; сыда пIомэ, о
укъызэрэкIуагъэр зэхахыщт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

23Арышъ, тэ къызэрэуатӀорэм фэдэу зекӀо. ТхьарыӀо зышӀыгъэ
нэбгыриплӀ тиӀ.

24Ахэр зыдащэхи, урягъусэу Тэурат хабзэм иунашъо тетэу
зыгъэкъэбзэжьи, ашъхьэхэр ябгъэупсынхэм пае ахъщэ ят. Ар
залъэгъукӀэ, о къыохьылӀагъэу зэхахыгъэ къэбархэр
зэрэмышъыпкъэхэри, ор-орэуи Тэурат хабзэм утетэу, ащ итхэр
зэрэбгъэцакӀэхэри цӀыф пстэуми ашӀэщт.

25Ау хымэ лъэпкъхэм ащыщхэу ИсускӀэ шӀошъхъуныгъэ зиӀэ хъугъэхэм тэ
зэдэтштэгъэ Ӏофыр тхылъкӀэ зэрядгъэшӀагъэм фэдэу, цӀыфхэм тхьэ
нэпцӀхэм афашӀыгъэ къурмэным ыл, лъым, атхьалэгъэ псэушъхьэхэм ал,
зинэ шӀэным защадзыен фае.

26ЯтӀонэрэ мафэм Паул а лӀыхэр зыдищэхи, ахэр игъусэу
зигъэкъэбзэжьыгъ. ЕтӀанэ Тхьэм иунэшхо чӀахьи, ежьыррэ а лӀыхэмрэ
зызыщагъэкъэбзэжьырэ мафэхэр заухыщтри, якъурмэн зырыз дин
пащэм зырагъэшӀыщт мафэри дин пащэхэм ариӀуагъ.

**Тхьэм иунэшхо джуртхэр Паул зэрэщытебэнагъэхэр**

27А мэфиблыр зыщыблэкӀыным, Асие хэкум щыщ джурт заулэмэ Тхьэм
иунэшхо Паул щалъэгъугъ. ЦӀыф купышхор зэкӀэ зэкӀагъэплъыхьи, Паул
аубыти,

28моущтэу кууагъэх: – Шъо, израиль лӀыхэр, шъукъыддэӀэпыӀ! Тэ
тлъэпкъыми, ти Тэурат хабзэми, мы чӀыпӀэ лъапӀэми къапэуцунхэу тыдэкӀи
цӀыфхэм зэкӀэ щязыгъашӀэрэ лӀыр мыры. Ащ нэмыкӀэу алыджхэри Тхьэм
иунэшхо чӀигъахьэхэзэ, мы чӀыпӀэ лъапӀэр ыуцӀэпӀыгъ.

29Аущтэу зыкӀаӀуагъэр ыпэкӀэ Ефес къалэм щыщ Трофим Паул игъусэу
къалэм щалъэгъугъагъэти ары. Паул ар чӀэмыхьапхъэу Тхьэм иунэшхо
чӀигъэхьагъэу ашӀошӀыгъ.

30Къалэм дэс цӀыфхэр зэкӀэ къэзэрэгъэбырсырыгъэх, зэхэлъэдагъэх.
Паул аубыти, Тхьэм иунэшхо къычӀащыжьыгъ. Ардэдэми пчъэхэр
агъэпытагъэх.

31Паул аукӀынэу зыпэхьэхэм, Ерусалим зэкӀэ зэрэщызэӀыхьагъэм икъэбар
рим дзэ пэщэшхом нэсыгъ.

32Дзэ пэщэшхом ардэдэм дзэлӀхэри, дзэ пащэхэри зыдищэхи, цӀыфхэм
ахэлъэдагъ. ЦӀыфхэм дзэ пэщэшхори дзэлӀхэри залъэгъухэм, Паул
еонхэм ыуж икӀыжьыгъэх.

33Джащыгъум дзэ пэщэшхор къыӀухьи, Паул дзэлӀхэм аригъэубыти, гъучӀ
Ӏэхъуитӏу тыралъхьанэу унашъо афишӀыгъ. ЕтӀанэ яупчӀыгъ: – Мыр хэта?
Сыда ышӀагъэр?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

34Цlыф купышхом хэтхэм ащыщэу зым зыр, адрэм нэмыкl аlозэ
зэрэгъэкуощтыгъэх. Бырсырышхом къыхэкlыкlэ дзэ пэщэшхом шъыпкъэр
зэригъэшlэн ылъэкlыгъэпти, Паул пытапlэм дзэлlхэм аригъэщагъ.

35Дэкlояпlэм Паул зынэсым, цlыф купышхор къызэрэтебэнагъэхэм пае,
дзэлlхэм ар lэкlэ ахьын фаеу хъугъэ.

36Цlыф купышхом хэтхэу Паул къыкlэлъыкlощтыгъэхэр куощтыгъэх: –
Укlы ар!

**Паул цlыф купышхом ыпашъхьэ къызэрэщыгущыlагъэр**

37Дзэлlхэм Паул пытапlэм ащэн фае зэхъум, дзэ пэщэшхом риlуагъ: –
Зыгорэ къыосlонэу фит сыкъэпшlына? – Алыджыбзэ ошlа? – къыlожьыгъ
ащ.

38– Мысырым щыщэу, бэмышlэу цlыфхэм зыкъязгъэlэтыгъэу, укlэкlо
миниплl шъоф нэкlым изыщагъэр орыба?

39– Сэ сыджурт, – къыlожьыгъ Паул, – Киликие хэкум щыщэу,
лъытэныгъэ зиlэ Тарс къалэм ицlыфхэм сащыщ. Цlыфмэ апашъхьэ
сыкъыщыгущыlэнэу фит сыкъэшl, сыолъэlу.

40Дзэ пэщэшхом фит къызешlым, Паул дэкlояпlэм теуцуи, ылэ цlыфхэм
афиlэтыгъ. Зэкlэри къызэlасэхэм, Паул джуртыбзэкlэ моущтэу къыlуагъ:

## Апостолхэм ашlэгъэ lофхэр 22

1– Тэ тшыхэри тятэхэри, зызгъэхыежьынэу къышъосlощтым шъукъедэlу.

2Ахэмэ Паул джуртыбзэкlэ адэгущыlэу зызэхахым, нахь заушъэфыгъ.
Етlанэ Паул къыlуагъ:

3– Сэ сыджурт, Киликие хэкум щыщэу Тарс къалэм сыкъыщыхъугъ. Мы
къалэм сыщапlугъ. Гамалиил сыкlэлъырысэу, тятэжъхэм я Тэурат хабзэ
фэсакъыпэзэ сигъэшlагъэ. Непэ шъо пстэури Тхьэм шъузэрэфэлажьэрэм
фэдэ къабзэу, сыгуи спси етыгъэу Тхьэм сыфэлажьэ.

4Зиусхьаным игъогу рыкlохэрэм олlэхэфэкlэ, къин язгъэщэчыщтыгъ.
Сицlыфхэм ахэмэ яхъулъфыгъэхэми ябзылъфыгъэхэми lэхъу
атырязгъалъхьэти, хьапсым чlязгъадзэщтыгъэх.

5Ар зэрэшъыпкъэр дин пэщэшхоми Тхьэмэтэ Хэсэшхом хэт пстэуми
къысфаушыхьатын алъэкlыщт. Ахэмэ Дамаск дэс джурт тшыхэм
тхылъхэр афатхыхи, къысатыгъэх. Етlанэ Дамаск сыкlуагъ, lэхъухэр
ателъхэу Зиусхьаным игъогу рыкlохэрэу ащ щыlэхэр Ерусалим
къязгъэщэнхэшъ, къинкlэ агъэпщынэнхэм пае.

**Паул Зиусхьанэу Исус игъогу зэрэтехьагъэм икъэбар къызэриlотэжьыгъэр**
(Апостол. 9:1-19; 26:12-18)

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

6– Дамаск сыкIозэ, къалэм иIэгъо-благъо сызынэсым, щэджагъом дэжь
ошIэ-дэмышIэу уашъом къехыгъэ нэфынэшхом сыкъиуцухьагъ.

7ЧIыгум сытефагъэу, макъэ горэм къысиIоу зэхэсхыгъ: – «Шаул, Шаул,
сыд пае къин сэбгъэщэчырэ?»

8– «О ухэта, Зиусхьан?» – сIуагъэ. – «Назарет щыщ Исусэу къин
зэбгъэщэчырэр сэры» – къысиIожьыгъ ащ.

9Сигъусэхэм нэфынэр алъэгъугъ, ау сэ къыздэгущыIагъэм ымакъэ
зэхахыгъэп.

10– «Сыда сшIэщтыр, Зиусхьан?» – сIуагъэ. – «Къэтэджи, Дамаск кIо» –
къысиIожьыгъ Зиусхьаным. – «О пшIэнхэу Тхьэм къыпфигъэнэфагъэхэр
зэкIэ ащ зыгорэм къыщыуиIощтых».

11А нэфынэшхом къыхэкIыкIэ сынэхэм зи амылъэгъужь зэрэхъугъэм пае,
сигъусэхэм сIэ аIыгъэу Дамаск сыдащагъ.

12– Ананый ыцIэу, Тэурат хабзэм итхэр ыгъэцакIэу, Тхьэм шIоIыкI
фызиIэ лIы горэ Дамаск дэсыгъ. Джурт пстэуми ащ лъытэныгъэ
фыряIагъ.

13Ар садэжь къакIуи, къызбгъодахьи, къысиIуагъ: – «Сшы Шаул, о унэхэр
къэплъэжьыщтых». – Ардэдэм сынэхэр къэплъэжьхи, а лIыр слъэгъугъэ.

14– «Тхьэр зыфаер зэбгъэшIэнэу, Шъыпкъагъэр Зиер плъэгъунэуи ащ
ымакъэ зэхэпхынэуи тятэжъхэм я Тхьэ укъыгъэнэфагъ», – къыIуагъ
Ананый. –

15«Арышъ, о Iофхэу плъэгъугъэхэмрэ зэхэпхыгъэхэмрэ цIыфхэм зэкIэ
апашъхьэ къыщыпIохэзэ, Шъыпкъагъэр Зием уришыхьатыщт.

16Джы сыда зызкIэбгъэгужъорэр? Къэтэджи, зысэгъэумэхъи, Зиусхьаным
елъэIуи, ащ уипсэкIодшIагъэхэр угу рырегъэукъэбзыкIыжьых».

**Хымэ лъэпкъхэм ежь игущыIэхэр аригъэIунхэу Зиусхьаным Паул зэригъэкIуагъэр**

17– ЕтIанэ Ерусалим къэзгъэзэжьи, Тхьэм иунэшхо сычIахьи, ащ сычIэтэу
сызыщелъэIум, зыгорэ къысфэлъэгъуагъ.

18Исус сэ слъэгъуи, ащ къысиIуагъ: – «ЗыгъэпсынкIи, шIэхэу Ерусалим
дэкI, сыда пIомэ, шыхьат укъызэрэсфэхъурэр адэщтэп».

19– «Зиусхьан, – къэсIожьыгъ сэ, – оркIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэр хьапсым
зэрэчIязгъадзэщтыгъэхэри, синэгогухэм зэрэщязгъаощтыгъэхэри мы
цIыфхэм ашIэ.

20О уишыхьатэу Стефан ылъ загъачъэм, сэ а чIыпIэм сыщытыгъ.
ЗэраукIыгъэри афэсыдагъ, зыукIыгъэхэми ящыгъынхэр
афэсыухъумагъэх».

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

21– «КӀожь», – къысиӀуагъ Зиусхьаным. – «Хымэ лъэпкъхэм адэжь чыжьэу узгъэкӀощт».

**Паулрэ рим дзэ пэщэшхомрэ**

22Паул мы гущыӀэхэр къеӀофэ, цӀыфхэр едэӀущтыгъэх. Ау мыщ дэжьым мэкъэшхокӀэ къэзэрэгъэкууагъэх: – А лӀыр дунаим терэмытыжь. Псэуныр фэшъуашэп! – аӀуи.

23Ахэр къэзэрэгъэкуохэзэ, ящыгъынхэр дадзыехэзэ, сапэр датэкъуаещтыгъ.

24Джащыгъум дзэ пэщэшхом дзэлӀхэм Паул пытапӀэм аригъэщагъ. Паул пэуцухэзэ, цӀыфхэр аущтэу зыкӀэкуохэрэр зэригъэшӀэным пае, къамыщкӀэ еохэзэ еупчӀынхэу дзэ пэщэшхом дзэлӀхэм унашъо афишӀыгъ.

25КъамыщкӀэ Паул еонхэм пае, шъо кӀапсэхэмкӀэ зырапхым, Паул ащ дэжьым щыт дзэ пащэм риӀуагъ: – ХьыкумэшӀым ыпашъхьэ ишъумыщэу, рим цӀыфхэм ащыщэу зыгорэм къамыщкӀэ шъуеомэ, шъуихабзэкӀэ хъущта?

26Дзэ пащэм ар зызэхехым, дзэ пэщэшхом дэжь кӀуи, къэбар ригъэшӀагъ. – Сыда пшӀэрэр? Мы лӀыр рим цӀыфхэм ащыщ, – риӀуагъ ащ.

27Дзэ пэщэшхор Паул къыбгъодахьи, къыриӀуагъ: – КъысаӀу! О рим цӀыфхэм уащыща? – Сащыщ, – ыӀуагъ Паул.

28– Рим цӀыфхэм сащыщ хъуным пае, ахъщабэ тезгъэкӀодагъ, – ыӀуагъ дзэ пэщэшхом. – Ары пакӀошъ, сэ рим цӀыфэу сыкъэхъугъ, – ыӀуагъ Паул.

29Паул еупчӀынхэу щытыгъэхэр ащ лъыпытэу зэкӀэкӀожьыгъэх. Дзэ пэщэшхом Паул рим цӀыфхэм зэращыщыр зешӀэм, Паул Ӏэхъу зэрэтырарыгъэлъхьагъэм пае щынагъэ.

**Тхьэмэтэ Хэсэшхом ыпашъхьэ Паул зэрэращагъэр**

30ЯтӀонэрэ мафэм джуртхэм Паул зэрагъэмысагъэр дзэ пэщэшхом зэригъэшӀэпэнэу фэягъэти, Паул къаригъэтӀэтэжьи, дин пэщэшхохэри Тхьэмэтэ Хэсэшхом хэт пстэури зэрэугъоинхэу унашъо ышӀыгъ. ЕтӀанэ Паул къыщи, апашъхьэ къыригъэуцуагъ.

## Апостолхэм ашӀэгъэ Ӏофхэр 23

1Паул Тхьэмэтэ Хэсэшхом хэтхэм ахаплъи, ариӀуагъ: – Сшыхэр, сэ непэрэ мафэм нэс Тхьэм ыпашъхьэ мыхъун зи зыдэсымышӀэжьэу гукъэбзагъэкӀэ сыщыпсэугъ.

2Дин пэщэшхоу Ананый Паул дэжь щытхэм ыӀупашъо еонхэу ариӀуагъ.

3Джащыгъум Паул ащ риӀуагъ: – Тхьэр къыоожьыщт, фыжьэу къэлъэгъоным пае, агъэлэгъэ дэпкъым уфэд! Хабзэм тетэу хьыкум

къыстепшIыхьанэу ущыс, ау щытми, ор-орэу хабзэм утекIэу
къысэогъаоха?

4Ащ дэжьым щытхэм Паул къыраIуагъ: – Тхьэм идин пэщэшхом уехъона?

5– Сшыхэр, ар зэрэдин пэщэшхор сшIэщтыгъэп, – ыIуагъ Паул. – Сыда
пIомэ, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт: «О плъэпкъ итхьэматэ IаекIэ
утегущыIэ хъущтэп».

6Тхьэмэтэ Хэсэшхом хэт зы купыр саддукейхэу, адрэ купыри
фарисейхэу Паул ышIэщтыгъэти, Тхьэмэтэ Хэсэшхом хэтэу ариIуагъ: –
Сшыхэр, сэ сыфарисей, сяти фарисеигъ. ЛIагъэхэр
къызэрэтэджыжьыщтхэм сызэрэщыгугъырэм пае, хьыкумэшIым
ыпашъхьэ сыращагъ.

7Аущтэу къызеIом, фарисейхэмрэ саддукейхэмрэ зэщыхьэхэу аублагъ,
лъэныкъуитIоуи загощыгъ;

8сыда пIомэ, саддукейхэм «ЛIагъэхэр къэтэджыжьхэрэп, мэлэIич щыIэп,
псэ щыIэп» – аIо, ау саддукейхэм афэмыдэхэу фарисейхэм а зэкIэхэмкIэ
шIошъхъуныгъэ яI.

9Джащыгъум Тхьэмэтэ Хэсэшхом хэтхэр мэкъэшхокIэ къэзэрэгъэкуохэу
къаублагъ. Фарисейхэм ащыщхэу Тэурат егъэджэкIо пэщэ заулэ
къэтэджи, адрэхэм янэкъокъухэу къаIуагъ: – Мы лIым мыхъун горэ
етлъэгъулIэрэп. Псэ горэ е мэлэIич горэ къыдэгущыIэгъэнкIи мэхъу.
Тхьэм тыпэшъумыгъэуцу.

10Лъэшэу зэрэзэщыхьагъэхэм пае, ахэмэ Паул зэпкъыратхъыным дзэ
пэщэшхор щыщыни, Паул къахащынышъ, пытапIэм ащэнэу дзэлIхэм
унашъо афишIыгъ.

11ЯтIонэрэ чэщым Зиусхьаным Паул къыфэлъагъуи, къыриIуагъ: – Угу
умыгъэкIод! Ерусалим шыхьат укъыщызэрэсфэхъугъэм фэдэу, Рим
къэлэшхоми шыхьат укъыщысфэхъун фае.

**Паул шъэфэу аукIынэу джуртхэм гухэлъ зэрашIыгъэр**

12КъыкIэлъыкIорэ пчэдыжьым джурт заулэ зэгурыIуи, тхьэ аIуагъ: – Паул
тэукIыфэ, тышхэщтэп ыкIи тешъощтэп.

13Тхьэ зыIуагъэхэр нэбгырэ тIокIитIум нахьыбэ хъущтыгъэх. Ахэр дин
пэщэшхохэмрэ нахьыжъхэмрэ адэжь кIохи, араIуагъ:

14– Паул тэукIыфэ, тымышхэнэу тхьэ тIуагъэ.

15Арышъ, «Паул иIоф нахь тэрэзэу тыхэплъэным пае, тадэжь къащэ»
шъуIуи, шъоррэ Тхьэмэтэ Хэсэшхом хэтхэмрэ дзэ пэщэшхом шъуелъэIу.
Паул мыщ дэжьым къэмысызэ, тыукIынэу тэ тыхьазыр.

16Ау Паул ышыпхъу ыкъо ахэмэ ягухэлъ къышIи, пытапIэм кIуи, Паул а
къэбарыр ригъэшIагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

17Паул дзэ пащэхэм ащыщ горэм къеджи, риӀуагъ: – Дзэ пэщэшхом дэжь
мы кӀалэр щэ. Зыгорэ риӀонэу фай.

18Дзэ пащэм кӀалэр зыдищи, дзэ пэщэшхом дэжь кӀуи, риӀуагъ: –
ТихьапсчӀэсэу Паул зыцӀэр къысаджи, мы кӀалэм зыгорэ къыуиӀонэу
фаешъ, уадэжь къэсщэнэу къысэлъэӀугъ.

19Дзэ пэщэшхом кӀалэм ыӀэ ыубыти, лъэныкъомкӀэ Ӏуищи, еупчӀыгъ: –
КъысэпӀонэу сыда узыфаер?

20– «Паул иӀоф нахь тэрэзэу тыхэплъэным пае, неущ Тхьэмэтэ Хэсэшхом
ыпашъхьэ къащэ» аӀонышъ, джуртхэр къыолъэӀунхэу зэгурыӀуагъэх, –
ыӀуагъ кӀалэм.

21– Ау ахэмэ уямыдэӀу; сыда пӀомэ, ахэмэ ащыщ нэбгырэ тӀокӀитӀум ехъу,
Паул аукӀыным пае, шъэфэу пэсых. Ахэмэ ар аукӀыфэ, мышхэнхэуи
емышъонхэуи тхьэ аӀуагъ. Загъэхьазырыгъэу уиунашъо къыпэплъэх
ныӀэп.

22Дзэ пэщэшхом кӀалэр къыгъэкӀотэжьызэ, къыриӀуагъ: – Мыр
къызэрэсэпӀуагъэр зыми емыӀу!

**Паул Ӏэшъхьэтет Феликс дэжь зэращагъэр**

23ЕтӀанэ дзэ пэщэшхор дзэ пащэхэм ащыщхэу нэбгыритӀумэ къяджи,
ариӀуагъ: – ДзэлӀ нэбгырэ шъитӀу, шыухэу нэбгырэ тӀокӀищырэ пшӀырэ,
пчыхэр зыӀыгъ дзэлӀхэу нэбгырэ шъитӀу нычэпэ сыхьатыр бгъум Кесарие
къалэм кӀонхэу жъугъэхьазырых.

24Шыхэри Паул фэжъугъэхьазырхи, шы горэм тежъугъэтӀысхьи,
Ӏэшъхьэтет Феликс дэжь шъущэ.

25Дзэ пэщэшхом мыщ фэдэ гущыӀэхэр зэрыт тхылъыри ытхыгъ:

26«Сэ, Клаудый Лисый, о лъытэныгъэшхо зиӀэ Ӏэшъхьэтет Феликс, шӀуфэс
осэхы.

27Мы лӀыр джуртхэм аубыти, аукӀынэу фежьэгъагъэх, ау сидзэлӀхэр
сигъусэхэу сыкӀуи, рим цӀыфхэм зэращыщыр сшӀагъэти,
къаӀэкӀэсхыжьыгъ.

28Зэрагъэмысэрэр зэзгъэшӀэнэу сыфаеу, я Тхьэмэтэ Хэсэшхо ыпашъхьэ
дзэлӀхэм къырязгъэщагъ.

29Ахэмэ зэрагъэмысэхэрэр яхабзэ епхыгъэх нахь, е укӀ, е хьапс
зифэшъошэ Ӏоф а лӀым зи ымышӀагъэу зэзгъэшӀагъ.

30Ау джуртхэм мы лӀыр шъэфэу аукӀынэу агу зэрэхэлъыр зыгорэм
сигъэшӀагъэти, дзэлӀхэм уадэжь занкӀэу къязгъэщагъ. Къедаохэрэми
зэрагъэмысэрэ Ӏофхэр уапашъхьэ къыщаӀонхэу макъэ язгъэӀугъ.
Отхъэжь!»

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)

31 Аущтэу яунашъо тетэу дзэлIхэм Паул зыдащи, чэщым Антипатридэ къалэм нагъэсыгъ.

32 ДзэлIхэм ятIонэрэ мафэм Паул Кесарием ащэнэу шыухэм къафагъани, ежьхэм пытапIэм агъэзэжьыгъ.

33 Шыухэр Кесарие къалэм зынэсхэм, Iэшъхьэтетым тхылъыр ратыгъ, Паули ащ фагъэзагъ.

34 Iэшъхьэтетыр тхылъым еджи, Паул зыщыщ хэкумкIэ къеучIыгъ. Киликие хэкум щыщэу зызэхехым, къыIуагъ:

35 – Къыодаохэрэр къызысхэкIэ, тэрэзэу сыоупчIыщт. ЕтIанэ Iэшъхьэтетым Ирод пачъыхьэ унэшхоу преторие зыцIэу ыгъэуцугъагъэм дзэлIхэм Паул щаухъумэнэу унашъо ышIыгъ.

## Апостолхэм ашIэгъэ Iофхэр 24

### Iэшъхьэтет Феликс ыпашъхьэ джуртхэр Паул зэрэщедэуагъэхэр

1 Мэфитф зытешIэм, дин пэщэшхоу Ананый, нахьыжъхэм ащыщ купрэ гъэмысэкIо Тертуллрэ игъусэхэу, Кесарие къалэмкIэ къехыгъэх. Паул зэрагъэмысэхэрэр Iэшъхьэтетым ыпашъхьэ къыщаIотагъ.

2 Паул пчэгум къызыращэм, Тертулл ар къыгъэмысэу моущтэу игущыIэ къыублагъ: – Лъытэныгъэшхо зиIэ Феликс, о уитетыгъокIэ мамырныгъэшхо тиIэу тэпсэу; унаIи тебгъэтызэ, мы хэгъэгур нахь зэтегъэпсыхьагъэ хъугъэ.

3 Арышъ, сыдигъуи, тыдэ тыщыIэми, щытхъу къыпфэтэшIы.

4 Бащэрэ усымыгъэулэунэу, зэрэуихабзэу, гушъэбагъэ пхэлъэу тилъэIу кIэкI укъедэIунэу сыкъыолъэIу.

5 – Мы лIыр, къызэрэтшIагъэмкIэ, емынэ гор, дунаим тет джурт пстэуми зыкъарегъэIэты, диныр зылэжьырэ цIыф купэу Назарет купкIэ заджэхэрэм ятхьэмат.

6 Тхьэм иунэшхуи мыкъабзэ ышIыным пылъыгъ. Ар къызытэубытым, тэ тихабзэ тетэу хьыкум тетшIыхьанэу тыфэягъ,

7 ау дзэ пэщэшхо Лисый къакIуи, лIыгъэкIэ ттырихыжьи, уадэжь дзэлIхэм къаригъэщагъ.

8 ЕтIанэ Лисый тэ а лIым тыридзэогъоу уадэжь тыкъэкIонэу унашъо ышIыгъ. Ор-орэу ащ уеупчIымэ, зэрыдгъэмысэхэрэм яшъыпкъагъэ зэбгъэшIэн плъэкIыщт.

9 ГъэмысэкIо Тертулл а гущыIэхэу къыIуагъэхэр джуртхэм шъыпкъэхэу аIозэ, ащ IэпыIэгъу фэхъугъэх.

### Iэшъхьэтет Феликс ыпашъхьэ Паул зызэрэщиухыижьыгъэр

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

10Iэшъхьэтетым Паул Iэ зыфешIым, Паул къыIуагъ: – Илъэсыбэ хъугъэу мы лъэпкъым ихьыкум Iоф о пшъэ зэрилъыр сшIэзэ, зысыухыижьэу, сиIоф сигуапэу уапашъхьэ къисэлъхьэ.

11Мэфэ пшIыкIутIум нахьыбэ темышIагъэу Ерусалим Тхьэм сыщелъэIунэу сыкъызэрэкIуагъэм ишъыпкъагъэ зэбгъэшIэн плъэкIыщт.

12Тхьэм иунэшхуи цIыф горэм сыщенэкъокъоу, синэгогуми, къалэми цIыфхэр щызгъэбырсырыгъэп.

13Сидэогъухэм сызэрагъэмысэрэ Iоф пстэуми ащыщэу зи къагъэшъыпкъэжьын алъэкIыщтэп.

14Ау тятэжъхэм я Тхьэ сыфэлажьэзэ, мы цIыфхэм пхэнджэу зыфаIорэ гъогум сызэрэрыкIорэм сеуцуалIэ. Тэурат хабзэм ит пстэумкIи пегъымбархэм атхыгъэ тхылъхэм арыт пстэумкIи шIошъхъуныгъэ сиI.

15Шъыпкъагъэ зиIэхэмрэ зимыIэхэмрэ Тхьэм къызэригъэтэджыжьынхэу мо щыт лIыхэр Тхьэм зэрэщыгугъыхэрэм фэдэу, сэри Тхьэм сыщэгугъы.

16Арышъ, Тхьэми цIыфхэми апашъхьэ гукъэбзагъэкIэ мыхъун зи зыдэсымышIэжьэу сызэрэпсэуным сыдигъуи ыуж сит.

17– Илъэсыбэ Ерусалим сыщымыIагъэу, сэдакъэхэр слъэпкъ фэсхьынхэуи къурмэн сшIынэуи джыри зэ сыкъэкIуагъ.

18Аущтэу сшIэ пэтзэ, Тэурат хабзэм иунашъо тетэу зызгъэкъэбзэжьыгъэу, Тхьэм иунэшхо сычIэтэу сыкъыщагъотыгъ. ЦIыф купышхоми сахэтыгъэп, бырсыри щыIагъэп.

19Ау Асие хэкум щыщ джурт куп а чIыпIэм щыIагъ. Ахэмэ сызэрагъэмысэн щыIэмэ, джы уапашъхьэ къыщылъагъохэу ар къаIон фэягъ.

20Е мо щытхэм къарэIу, сэ Тхьэмэтэ Хэсэшхом ыпашъхьэ сызыращэм, бзэджагъэу сшIагъэу къагъотыгъэр.

21«ЛIагъэхэр къызэрэтэджыжьыщтхэмкIэ шIошъхъуныгъэ зэрэсиIэм пае, непэ хьыкумэшIым ыпашъхьэ сишъущагъ» сIуи, мы цIыфхэм сахэтэу мэкъэшхокIэ къызэрэсIогъагъэр арыщтын сызэрагъэмысэрэр.

22Джащыгъум Зиусхьаным игъогу икъэбар тэрэзэу зышIэщтыгъэ Феликс, яIоф зыщыхэплъэщт пIалъэр лъигъэкIуатэзэ, къыIуагъ: – Дзэ пэщэшхо Лисый къызэрэкIоу, шъуиIоф хьыкум тесшIыхьан.

23ЕтIанэ Феликс дзэ пащэм унашъо фишIыгъ Паул къагъэгъунэнэу, ау къин рамыгъэлъэгъунэуи, къыпэблэгъэ цIыфхэу игъусэхэри лъыплъэнхэ фит ышIынхэуи.

**Феликсрэ Друзиллэрэ Паул зэрадэгущыIагъэр**

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

24Мэфэ заулэ тешIагъэу, Феликс ишъхьэгъусэ Друзиллэ игъусэу
къэкIуагъ. Друзиллэ джуртыгъ. Феликс ицIыфхэм Паул къаригъащи, Паул
Христос ИсускIэ шIошъхъуныгъэм къызэрэтегущыIэрэм едэIугъ.

25Ау шъыпкъагъэм, зыпщыIэным, къэкIощт ахърэт мафэм Паул
къызатегущыIэм, Феликс къащти, къыIуагъ: – ДжырэкIэ кIожь, игъо
сифэмэ, етIанэ укъязгъэщэщт.

26Паул ахъщэ къыритынкIэ ар гугъэщтыгъ. Арыти, бэрэ къаригъащэзэ
дэгущыIэщтыгъ.

27Илъэситlу зытешIэ ужым, Феликс ычIыпIэ Порцый Фест зыцIэр
къытехьагъ. Ау Феликс джуртхэм шIугъэ горэ афишIэнэу фэягъэти, Паул
хьапсым къычIигъэнэгъагъ.

## Апостолхэм ашIэгъэ Iофхэр 25

### «Кайсарым сиIоф хьыкум тырерэшIыхь» – ыIуи, Паул зэриIуагъэр

1Iэшъхьэтет Фест зыцIэр хэкум къэкIуагъэу мэфищ зытешIэм, Кесарие
къалэм дэкIи, Ерусалим кIуагъэ.

2Джащыгъум дин пэщэшхохэмрэ джуртхэм ятхьэматэхэмрэ Паул
едэонхэм пае, Фест дэжь къэкIуагъэх.

3Ахэмэ яхьатыркIэ Паул Ерусалим къаригъэщэнэу ыуж имыкIхэу Фест
елъэIугъэх, сыда пIомэ, Паул гъогум рыкIозэ, шъэфэу аукIын агу
хэлъыгъ.

4Ау Фест ариIуагъ: – Паул Кесарие хьапсым чIэс. Сэри бэ темышIэу ащ
сыкIощт.

5А лIым бзэджагъэ горэ ышIагъэмэ, шъуитхьэматэхэм ащыщэу зы куп
сигъусэу къэрэкIуи, къерэдау.

6Фест мэфий е мэфипшI нахьыбэ ахэмэ адэжь щымыIагъэу, КесариемкIэ
ехыгъ. ЯтIонэрэ мафэм хьыкум ышIынэу итIысыпIэ тетIысхьи, дзэлIхэм
Паул къаригъэщагъ.

7Паул къызэлъагъом, Ерусалим къикIыгъэ джуртхэм къауцухьи,
бзэджэшIэгъэшхо пчъагъэкIэ агъэмысэу аублагъ, ау къаIуагъэхэр
къагъэшъыпкъэжьын алъэкIыгъэп.

8– Джуртхэм я Тэурат хабзэкIи, Тхьэм иунэшхокIи, КайсарымкIи мыхъо-
мышIэу зи сшIагъэп, – къыIуагъ Паул зиухыижьэу.

9Джуртхэм шIугъэ горэ афишIэнэу Фест фэягъэти, Паул риIуагъ: – Мы
Iофым хьыкум тесшIыхьаным пае, Ерусалим укIонэу уфая?

10– ХьыкумэшIэу Кайсарым ихьыкум сиIоф тезышIыхьан фаем ыпашъхьэ
сит, – къыIожьыгъ Паул. – О дэгъоу зэрэпшIэу, джуртхэм зи мыхъун
ясшIагъэп.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

11Укl зифэшъошэ мыхъун горэ сшlагъэу силажьэмэ, укlым
зыщысыдзыенэу сыфаеп. Ау къызэрысэдаохэрэм шъыпкъагъэ
ахэмылъмэ, зыми ахэмэ саlэкlигъэхьан ылъэкlыщтэп. Кайсарым сиlоф
хьыкум тырерэшlыхь!

12Фест иlэпылэгъухэм задэгущыlэ ужым, къыlуагъ: – «Кайсарым сиlоф
хьыкум тырерэшlыхь» къызэрэпlуагъэм пае, Кайсарым дэжь укlощт!

**Паул икъэбар пачъыхьэ Агриппэ Фест зэрэриlуагъэр**

13Мэфэ заулэ зытешlэ ужым, пачъыхьэ Агриппэрэ ышыпхъу Вереникэрэ
Фест шlуфэс къырахынэу Кесарием къэкlуагъэх.

14Ахэр мэфэ заулэрэ щыlагъэхэу, Паул иlоф пачъыхьэм ыпашъхьэ Фест
рилъхьи, риlуагъ: – Лlы горэ хьапсым чlэсэу Феликс къысфигъэнагъ.

15Сэ Ерусалим сызыщэlэм, джуртхэм ядин пэщэшхохэмрэ джуртхэм
янахьыжъхэмрэ садэжь къакlохи, а лlым едаохэу, згъэмысэнэу
къысэлъэlугъэх.

16– Ау сэ ахэмэ ясlожьыгъ: «Лlы горэ къедаохэрэм апашъхьэ къихьэу,
зэрагъэмысэрэм ипэгъокl аритэу, зиухыижьынэу фитыныгъэ рамытмэ, укl
тыралъхьанэу рим хабзэмкlэ хъущтэп».

17Ахэр садэжь къызэкlохэм, lофыр сымыгъэгужъоу ятlонэрэ мафэм
хьыкум тесшlыхьанэу ситlысыпlэ сытетlысхьи, а лlыр дзэлlхэм
къязгъэщагъ.

18Къедаохэрэр къэтэджыгъэх. lоф мыхъо-мышlэкlэ агъэмысэщт
сшlошlыгъ, ау зэрагъэмысэн бзэджэшlагъэхэу сызэрэгугъагъэхэм
ащыщкlэ агъэмысагъэп.

19Ежьхэр ядин ехьылlагъэу lоф заулэхэмкlэ зэгурыlощтыгъэхэп. Исус
зыцlэу лlагъэу, ау Паул псаоу зыфиlуагъэмкlи зэгурыlощтыгъэхэп.

20Мыщ фэдэ lофхэм хьыкум зэратесшlыхьащт шlыкlэр сшlагъэпти, а лlым
сеупчlыгъ: «Ерусалим укlоу, ащ хьыкум къыщыптесшlыхьанэу уфая?»

21Паул иlоф Кайсарым хьыкум тырешlыхьэфэ, хьапсым чlагъэсынэу
къызэлъаlом, ар Кайсарым дэжь сэгъэкlофэ, хьапсым чlагъэсынэу
унашъо сшlыгъэ.

22– Сэ сшъхьэкlэ а лlым къыlохэрэм сядэlунэу сыфай, – къыриlуагъ
Агриппэ Фест. – Неущ уезгъэдэlун, – къыlожьыгъ Фест.

23Ятlонэрэ мафэм цlыфхэм лъытэныгъэшхо къафашlызэ, Агриппэрэ
Вереникэрэ цlыфхэм хьыкум зыщатырашlыхьэрэ унэшхом къычlэхьагъэх.
Ахэмэ ягъусагъэх дзэ пэщэшхохэри къалэм итхьэматэхэри. Етlанэ Фест
унашъо ышlи, Паул къащагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

24– Ори, пачъыхьэ Агриппэ, шъори тигъусэхэу щыIэ цIыф пстэури, мы лIым шъуеплъ! – къыIуагъ Фест. – Джуртхэр зэкIэ Ерусалими мыщи садэжь къакIохи, агъэмысэзэ, «Мы лIыр нахьыбэрэ псэу хъущтэп», – аIозэ, зыфэкуощтыгъэхэр мыры.

25УкI зифэшъошэ бзэджагъэ зи ымышIагъэу къэзгъотыгъ, ау ежь «Кайсарым сиIоф хьыкум тырерэшIыхь», – ыIуи, лъэIуагъэти, Кайсарым дэжь згъэкIонэу тесыубытагъ.

26Ау гъэнэфэгъэ къэбар зи ащ ехьылIагъэу Кайсарым фэстхынэу сиIэп. Арыти, шъуапашъхьэ, зэкIэми анахьэу оры, пачъыхьэ Агриппэ, къырязгъэщагъ, хьапсчIэс Паул теупчIызэ, иIоф тызыхаплъэ ужым, стхыщтыр сшIэным пае;

27сыда пIомэ, зэрыдгъэмысэрэр ятымыгъашIэу, хьапсчIэс горэ афядгъэщэныр емыкIоу сэлъытэ.

## Апостолхэм ашIэгъэ Iофхэр 26

### Пачъыхьэ Агриппэ ыпашъхьэ Паул зызэрэщиухыижьыгъэр

1Ащ нэужым Агриппэ Паул риIуагъ: – Зыуухыижьэу укъэгущыIэн уфит. Паул ыIэ къыIэти, зиухыижьэу къыIуагъ:

2– Пачъыхьэ Агриппэ, джуртхэм сызэрагъэмысэрэ Iоф пстэумкIи о уапашъхьэ зызэрэщысыухыижьырэр насыпышIуагъэу зыфэсэлъытэжьы.

3Анахьэу, джуртхэм яхабзэхэри зэрызэнэкъокъурэ Iоф пстэури дэгъоу зэрэпшIэхэрэм паешъ ары. Арышъ, сэ къасIохэрэм щэIагъэ уиIэу укъядэIункIэ сыолъэIу.

4– СикIэлэгъу къыщегъэжьагъэу, слъэпкъ сыхэсэу Ерусалим сызэрэщыпсэурэр джурт пстэуми дэгъоу ашIэ.

5Ахэмэ сызашIэрэр бэшIагъэ. Диныр зылэжьырэ цIыф купхэм ащыщэу анахь пытэу, фарисей купкIэ заджэхэрэм игъогу сызэрэрыкIощтыгъэр, ахэр фаехэмэ, къаушыхьатын алъэкIыщт.

6Тхьэм тятэжъхэр къызэригъэгугъэгъэ Iофым сызэрэщыгугъырэм пае, джы хьыкумэшIым ыпашъхьэ сыкъыращагъ.

7Тхьэм тятэжъхэр къызэригъэгугъэгъэ дэдэр ары тлъэпкъ илIэкъо пшIыкIутIур чэщи мафи агу етыгъэу, Тхьэм фэлажьэхэзэ, къагъотынэу зыщыгугъыхэу зыпаплъэхэрэр. О пачъыхь, сэри ащ сызэрэщыгугъырэр ары джуртхэр къызкIысэдаохэрэр.

8Тхьэм лIагъэхэр къызэригъэтэджыжьыщтхэр къэмыхъун Iофэу сыд пае шъулъытэрэ?

9– ЗэрэслъэкIэу Назарет щыщ Исус ыцIэ сыпэуцужьын фаеу сэри сшIошъ хъущтыгъэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

10Ерусалим аущтэу щысшIыщтыгъ. Дин пэщэшхохэм фитыныгъэ
къаIысхыти, сицIыфхэм Тхьэм ицIыф лъапIэхэм ащыщхэу бэхэр хьапсым
чIязгъадзэщтыгъэх. Тетыгъо зиIэхэм ахэмэ укI хьыкум затыралъхьэм,
сэри ар игъоу слъытагъэ.

11Синэгогу пстэуми ахэмэ бэрэ къин щязгъэщэчыщтыгъ, Исус
езгъэхъонынхэуи сыпылъыщтыгъ. Лъэшэу сафэгубжэу, къин
язгъэщэчынэу хымэ къалэхэми анэс сакIэлъыкIощтыгъ.

**Зиусхьан Исус игъогу Паул зэрэтехьагъэм икъэбар къызэриIотэжьыгъэр**

(Апостол. 9:1-19; 22:6-16)

12– Аущтэу дин пэщэшхохэм фитыныгъэ къаIысхыгъэу, пшъэрылъи
къысатыгъэу, Дамаск гъогум сытетыгъ.

13Щэджагъом гъогум сырыкIозэ, тыгъэм нахьи нахь лыдырэ нэфынэ горэ
уашъом къехэу, сигъусэхэмрэ сэррэ тыкъиуцухьэу слъэгъугъэ,
типачъыхь.

14Тэ зэкIэ чIыгум тытефагъэу, джуртыбзэкIэ макъэ горэм моущтэу къыIоу
зэхэсхыгъ: – «Шаул, Шаул, сыд пае къин сэбгъэщэчыра? Цур зием ибэщ
кIыхьэ папцIэ цур ылъакъокIэ къызэрешъутырырэм фэдэу ошIымэ,
уиягъэ зэогъэкIыжьы».

15– «О ухэта, Зиусхьан?» – сIуагъэ. – «Исусэу къин зэбгъэщэчырэр
сэры», – къыIожьыгъ Зиусхьаным. –

16«Ау джы къэтэджи, о плъакъомэ къатеуцожь. Сэ къысфэлажьэрэ лIы
ухъунэу, Iофхэу плъэгъугъэхэмрэ озгъэлъэгъущтхэмрэ
къэуушыхьатынхэуи узгъэнэфагъ, зыозгъэлъэгъугъ.

17О плъэпкъэрэ хымэхэу узфэзгъэкIощтхэмрэ укъаIэпысхыжьыщт.

18Ахэр шIункIым къыхэкIынхэшъ, нэфынэм зыкъыфагъэзэным паий,
шэйтаным итетыгъо къычIэкIынхэшъ, Тхьэм зыкъыфагъэзэным паий,
ахэмэ анэхэр къэбгъэплъэжьынхэу адэжь усэгъакIо. Аущтэу сэркIэ
шIошъхъуныгъэ зэряIэм пае, япсэкIодшIагъэхэр афэгъущтых, Тхьэм
ицIыфхэу ежь зыкъезытыгъэхэм IахьышIоу къалъыIэсыщтри ахэми
къалъыIэсыщт».

**Паул джуртхэмрэ хымэ лъэпкъхэмрэ апашъхьэ Исус шыхьат зэрэщыфэхъугъэр**

19– Арышъ, пачъыхьэ Агриппэ, уашъом щыIэу зыкъысэзгъэлъэгъугъэм
сыпэуцужьыгъэп.

20Апэу Дамаск къалэм дэсхэм, етIанэ Ерусалим дэсхэм, Иудей хэкум
зэкIэ исхэми, хымэ лъэпкъхэм ащыщхэми язгъэIущтыгъ,
япсэкIодшIагъэхэм афыкIэгъожьынхэшъ, Тхьэм игъогу техьанхэу
зэрэфаери, япсэкIодшIагъэхэм зэрафыкIэгъожьыгъэм фэшъошэ
IофышIухэр агъэцэкIэнхэ зэрэфаери.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

21Джары джуртхэм Тхьэм иунэшхо сыщаубыти, саукӀыным
зыкӀыпылъыгъэхэр.

22Ау непэ нэсыфэкӀэ Тхьэр ӀэпыӀэгъу къысфэхъузэ, цӀыкӀуми инми
апашъхьэ мыщ дэжьым сыщытэу шъыпкъэм шыхьат сыфэхъу.
Пегъымбархэмрэ пегъымбар Мусэрэ къэхъун фэе Ӏофхэу зыфаӀуагъэхэм
анэмыкӀхэр къасӀохэрэп;

23Христос къин ыщэчын зэрэфэягъэри, апэрэу лӀагъэхэм
къахэтэджыкӀыжьыгъэу, ежь илъэпкърэ хымэ лъэпкъхэмрэ нэфынэм
икъэбар къаригъэӀун зэрэфэягъэри ары зыфасӀохэрэр.

**Агриппэ шӀошъхъуныгъэ зыригъэӀэнэу Паул зэрелъэӀугъэр**

24Паул аущтэу зиухыижь зэхъум, Фест мэкъэшхокӀэ къыӀуагъ: – Паул,
уиакъыл уиежьэп о. УишӀэныгъэшхо пшъхьэ зэригъэкӀокӀыгъ.

25– Сэ сшъхьэ зэкӀокӀыгъэп, лъытэныгъэ зиӀэ Фест, – къыӀожьыгъ Паул, –
сэ къасӀохэрэр гущыӀэ шъыпкъэх, гущыӀэ губзыгъэх.

26Пачъыхьэм мы Ӏофхэр ешӀэ, ащ ыпашъхьи гушхокӀэ сыкъыщэгущыӀэ.
Ащ гу зылъимытэгъэ Ӏоф а Ӏофхэм зэрахэмытым сицыхьэ телъ, сыда
пӀомэ, мы Ӏофхэр зэкӀэ зы къогъу горэм къыщыхъугъэхэп.

27Пачъыхьэ Агриппэ, пегъымбархэм атхыгъэхэмкӀэ шӀошъхъуныгъэ уиӀа?
ШӀошъхъуныгъэ зэрэуиӀэр сэшӀэ.

28– Ауштэу псынкӀэу Христос игъогу сытебгъэхьанэу огугъа? – къыриӀуагъ
Агриппэ Паул.

29– ПсынкӀэми мыпсынкӀэми о уимызакъоу, ау непэ сэ къасӀохэрэр
зэхэзыхырэ пстэури сэ сфэдэ хъунхэу Тхьэм селъэӀу, ау Ӏэхъу-лъэхъу
атерэмылъ, – къыӀожьыгъ Паул.

30Ащ нэужым пачъыхьэр, Ӏэшъхьэтетыр, Вереникэ, ахэмэ ягъусэхэу
щысыгъэхэр къэзэрэгъэтэджыжьыгъэх.

31Унэм зекӀыжьхэм, зэраӀожьыгъ: – УкӀ е хьапс зифэшъошэ Ӏоф мы лӀым
зи ышӀагъэп.

32ЕтӀанэ Агриппэ Фест риӀуагъ: – Мы лӀым иӀоф Кайсарым хьыкум
тыришӀыхьанэу мылъэӀуагъэмэ, шъхьафитэу ттӀупщыжьын
тлъэкӀыщтыгъэ.

## Апостолхэм ашӀэгъэ Ӏофхэр 27

**Рим къэлэшхом кӀонэу Паул къухьэ горэм зэритӀысхьагъэр**

1Италием къухьэкӀэ тэ тызэрэкӀощтым, Ӏэшъхьэтет Фест зытыреубытэм,
Паули нэмыкӀрэ хьапсчӀэс купи Кайсарым идзэ ыцӀэкӀэ заджэхэу, нэбгырэ
шъих хъурэ дзэлӀ купым ипащэхэм ащыщэу, Иулый зыцӀэм ыӀэ
рилъхьагъэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

[2]Адрамит къалэм къикIырэ къухьэу Асие хэкум ихыIушъо Iут къалэхэм анэсыщтым титIысхьи, тежьагъ. Аристарх зыцIэу Македоние хэкум ит Фессалоникэ къалэм щыщыр тигъусагъ.

[3]ЯтIонэрэ мафэм къалэу Сидон тынэсыгъ. Иулый нэшIукIэ Паул къеплъи, Паул иныбджэгъухэу ащ дэсхэм Паул ищыкIагъэхэр къыратынхэм пае, ахэмэ адэжь кIонэу фит ышIыгъ.

[4]Ащ тыщежьи, жьыбгъэр къызэрэтпеорэм пае, Кипр хыгъэхъунэм ылъэныкъоу жьыбгъэ къызыщемыпщэрэм тыготэу тыкIуагъ.

[5]Киликие хэкумрэ Памфилие хэкумрэ афэзэнкIэ хым тызэпырыкIи, Ликие хэкум икъалэу Мирэ тынэсыгъ.

[6]Ащ Александрие къалэм къикIэу, Италием кIонэу къухьэ горэ дзэ пащэм къыщигъоти, тыригъэтIысхьагъ.

[7]Мэфэ заулэрэ мэкIэ-макIэу тыкIозэ, къинкIэ Книд къалэм пэчъынатIэ тыхъугъ. Ау жьыбгъэм занкIэу тигъэкIуагъэпти, хым къыхэщэикIыгъэ чIыгу къуапэу Салмонэ зыцIэм тыблэкIызэ, Крит хыгъэхъунэм ылъэныкъоу жьыбгъэр къызыщемыпщэрэм тыготэу тыкIуагъ.

[8]Хы гъунэм тыготэу къинкIэ тыкIозэ, Ласей къалэм пэгъунэгъоу «КъухьэуцупIэшIухэр» зыфаIорэ чIыпIэм тынэсыгъ.

[9]Охътабэ тешIэгъагъ, къухьэкIи узекIоныр щынагъо хъугъагъэ, сыда пIомэ, нэкI мафэри блэкIыгъэхагъ. Арыти, Паул лIыхэм агуригъаIозэ,

[10]моущтэу ариIуагъ: – Шъо, лIы купыр, сэ зэрэслъэгъурэмкIэ, тигъогу щынагъо хэлъ, хьылъэхэмрэ къухьэмрэ ямызакъоу, тпсэхэри тшIокIодынхэкIэ щынагъо щыI.

[11]Ау дзэ пащэр Паул къыIуагъэхэм анахьи, къухьэм итхьэматэми къухьэр зиеми къаIуагъэхэм нахь ядэIущтыгъ.

[12]КIымафэр ащ дэжьым щыдгъэкIонэу зэрэкъухьэмыуцупIэшIум пае, а чIыпIэм тыкъыщежьэжьынышъ, амал иIэмэ, Финик зыцIэ къухьэуцупIэм тынэсынышъ, кIымафэр ащ щыдгъэкIонэу нахьыбэр зэгурыIуагъ. Финик зыцIэ къухьэуцупIэр Крит хыгъэхъунэм икъухьэуцупIэхэм ащыщыгъ, къыблэ тыгъэ къохьэпIэ лъэныкъомкIи, темыр тыгъэ къохьэпIэ лъэныкъомкIи фэгъэзагъ.

**Хым жьыбгъэшхо зэрэщыхъугъэр**

[13]КъыблэмкIэ къикIэу жьыбгъэ тIэкIу къепщэ зэхъум, агу хэлъыр къадэхъугъэу ашIошIи, ежьагъэх Крит хыгъунэм готхэу.

[14]Ау бэ темышIэу, «Темыр тыгъэ къокIыпIэмкIэ къикIырэ жьыбгъэшхор» хыгъэхъунэм ылъэныкъокIэ къикIэу къапеуагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

15Жьыбгъэшхом къухьэр зэкӀиубытагъ. Къухьэр жьыбгъэшхом пэдгъэуцужьын тымылъэкӀ зэхъум, ыуж тикӀыжьыгъ, псыорхэм къухьэр къырахьакӀэу жьыбгъэм тырифыжьагъ.

16Клаудэ зыцӀэ хыгъэхъунэ цӀыкӀу горэм ылъэныкъоу жьыбгъэ къызыщемыпщэрэм тыготэу тыкӀозэ, къинкӀэ къухьэм икъуашъо мыкӀодэу къэдгъэнэжьыгъ.

17Къуашъор къаӀэти, къухьэм ыкӀоцӀ къызырагъэуцом ыуж, кӀэпсэшхохэр къухьэм къыращэкӀыгъ жьыбгъэшхом зэпкъыримыутыным пае. Къухьэр Сыртис зыцӀэ щэнджыпӀэм къытенэнкӀэ щынагъэхэти, чэтэнхэр къырагъэхыгъ, аущтэуи жьыбгъэшхом зырагъэфыщтыгъ.

18ЯтӀонэрэ мафэми жьыбгъэр щынэгъошхуагъэти, хьылъэхэр хым хадзэу аублагъ.

19Ящэнэрэ мафэм къухьэм иӀэмэ-псымэхэм ащыщхэр тэр-тэрэу тӀэхэмкӀэ хым хэтыдзагъ.

20Мэфэ заулэрэ тыгъи жъуагъуи къэмылъагъохэу, жьыбгъэшхор зэпыугъэпти, тымыкӀодэу тыкъэнэжьыным игугъапӀэ тиӀэжьыгъэп.

21ЛӀыхэр мышхэхэу бэ зытешӀэм, Паул ахэмэ апашъхьэ къиуцуи, къыӀуагъ: – Шъо, лӀы купыр, сэ шъукъысэдэӀоу Крит шъукъыщемыжьэгъагъэмэ, зэрар зи шъуиӀэщтыгъэп, шъуащыщэу зи кӀодыщтыгъэп.

22Ау джы шъугу шъумыгъэкӀоды, къышъосэӀо, шъуащыщэу зи кӀодыщтэп. Къухьэр ары ныӀэп кӀодыщтыр.

23Тхьэу зибын сыщыщэу, сызыфэлажьэрэм имэлэӀич нычэпэ къысфэлъагъуи,

24къысиӀуагъ: «Умыщын, Паул! Кайсарым ыпашъхьэ уиуцон фае. Къухьэм исхэу къыбдакӀохэрэ пстэури о уихьатыркӀэ Тхьэм ынэшӀукӀэ мыкӀодхэу къыгъэнэжьыщтых».

25Арышъ, шъо, лӀы купыр, шъугу шъумыгъэкӀоды. Тхьэм къызэрэсиӀуагъэм фэдэу зэрэхъущтымкӀэ ежь сыщэгугъы.

26Ау жьыбгъэшхом хыгъэхъунэ горэм тырифылӀэн фае.

27ЯпшӀыкӀуплӀэнэрэ чэщым Адриэ хым тытетэу жьыбгъэшхом къухьэр ыфызэ, чэщныкъом лӀыхэм чӀыгу горэ гъунэгъу къызэрэхъугъэм гу лъатагъ.

28Хым икуугъэ зашым, ӀэплӀэкӀу тӀокӀ хъугъэ. ТӀэкӀу джыри тыкӀуи, етӀани икуугъэ зашым, ӀэплӀэкӀу пшӀыкӀутф хъугъэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

29Жьыбгъэшхом къухьэр мыжъошхохэм ашIуигъэнэнкIэ щынагъэхэти, къухьэм ыкIэкIэ гъурзиплI радзыхыгъэу, нэф къэшъыным гузажъохэу паплъэщтыгъэх.

30Шъэфэу хэхьажьынхэр ягухэлъэу къухьэр зыфыхэрэм ащ ыпэкIэ гъурз заулэ радзыхырэм фэдэ зашIи, къуашъор хым ратIупщэхыгъ.

31Джащыгъум Паул дзэ пащэмрэ дзэлIхэмрэ ариIуагъ: – А лIыхэр къухьэм къимынэхэмэ, шъупсэхэр мыкIодхэу къэжъугъэнэжьынхэ шъулъэкIыщтэп.

32Паул аущтэу зареIом, дзэлIмэ къуашъом икIэпсэшхохэр зэпаупкIыхи, къуашъор рагъэфэхыгъ.

33Нэф зэшъым, Паул зэкIэми шхэнхэу ялъэIуи, къыIуагъ: – Непэ мэфэ пшIыкIуплI мэхъу гузэжъогъум шъухэтэу зи зышъумышхыгъэр.

34Арышъ, шъушхэнэу лъэшэу сышъолъэIу, шъумыкIодэу шъукъэнэжьыным пае, ар шъуищыкIагъ. Шъуащыщэу зыми ышъхьац налъэ кIодыщтэп.

35Паул аущтэу къызеIом, хьалыгъу къышти, зэкIэмэ апашъхьэ Тхьэм щытхъу щыфишIи, хьалыгъур зэгуичи, ышхэу ыублагъ.

36ЗэкIэми гу къызыIэпашIыхьажьи, ахэри шхагъэх.

37Тэ къухьэм ис пстэури нэбгырэ шъитIурэ тIокIищырэ пшIыкIухырэ тыхъущтыгъ.

38Ахэмэ зызагъэшхэкIыжьым, коц хьылъэхэр хым хадзэхэзэ, къухьэр нахь псынкIэ ашIыгъ.

**Къухьэр зэрэзэхэкъутагъэр**

39Нэф къызэшъым, хыIушъор ашIэжьыгъэп, ау пшахъо Iулъэу зы хытIуалэ горэ алъэгъугъ. Амал иIэмэ, ащ къухьэр рафылIэнэу тыраубытагъ.

40Гъурзыхэм якIэпсэшхохэр зэпаупкIи, хым къыханагъэх. Ардэдэм къухьэр зыгъэIорышIэрэ хьанцэхэм якIэпсэшхохэри атIэтагъэх. ЕтIанэ чэтэн цIыкIур жьыбгъэм щагъаIи, хыIушъом фаузэнкIыгъ.

41Ау къухьэр пшэхъолъэ чIыпIэ горэм хахьи, къытенагъ. Къухьэр мыхъыешъоу щэнджыпIэм ыпэкIэ хэнагъ, хыор лъэшхэми ыкIэ зэпкъыраутэу аублагъ.

42ХьапсчIэсхэм ащыщэу зыгорэ есызэ хэмыхьажьыным пае, дзэлIхэм ахэр аукIынхэ агу хэлъыгъ.

43Дзэ пащэм Паул мыкIодэу къыгъэнэжьынэу фэягъэти, дзэлIхэр зэтыриIэжагъэх ягухэлъ аримыгъашIэу, есыкIэ зышIэхэрэм апэ псым зыхадзэнышъ, хыIушъом Iусыхьанхэу унашъо афишIыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

44Къэнагъэхэри пхъэмбгъухэмрэ къухьэм щыщ къутафэхэмрэ ателъхэу хыӀушъом зынагъэсынэу ариӀуагъ. Аущтэу зэкӀэри хыӀушъом нэсхи, псаухэу къэнэжьыгъэх.

## Апостолхэм ашӀэгъэ Ӏофхэр 28

### Мелит хыгъэхъунэм Паул къыщехъулӀагъэхэр

1Тыпсаоу тыкъызэнэжьым, а хыгъэхъунэм МелиткӀэ зэреджэхэрэр зэдгъэшӀагъ.

2Хыгъэхъунэм исхэр шӀугъэшхокӀэ къытпэгъокӀыгъэх. Ощхышхо къещхэу, чъыӀэшхоти, машӀо ашӀи, зэкӀэми тырагъэблэгъагъ.

3Паул чы гъугъабэ къыугъоий, машӀом зыпелъхьэм, машӀом блэ горэ чыхэм къахифи, ыӀэ къеуи, къыпынагъ.

4Хыгъэхъунэм исхэм блэр Паул ыӀэ къыпылэлэу залъэгъум, зэраӀожьыгъ: – Мы лӀыр укӀэкӀо горэн фае; сыда пӀомэ, хым псаоу къыхэкӀыжьыгъэми, Тхьэм ишъыпкъагъэ псэунэу фит ышӀыгъэп.

5Ау Паул ыӀэ ыгъэсыси, блэр машӀом хидзи, блэм иягъэ Паул къекӀынэу хъугъэп.

6«А лӀыр бэгыщт е ошӀэ-дэмышӀэу зэхэфэнышъ, лӀэщт», – аӀуагъ ахэмэ, ау бэрэ пэплъагъэхэу, Паул зи къыщымышӀыгъэу залъэгъум, ягупшысакӀэ зэблахъуи, «Мыр тхьэ гор», – аӀуагъ.

7А чӀыпӀэм игъунэгъоу, хыгъэхъунэм итхьэматэу Публый зыцӀэм чӀыгушхохэр щыриӀагъ. Ащ тыригъэблагъи, мэфищэ игуапэу тихьэкӀагъ.

8Публый ятэ плъыр-стырымрэ ныбэузымрэ зыкӀаубытагъэу пӀэм хэлъыгъ. Паул сымаджэм дэжь ихьи, Тхьэм фелъэӀуи, ыӀэхэр тырилъхьи, ыгъэхъужьыгъ.

9Аущтэу зэхъум, хыгъэхъунэм щыӀэ нэмыкӀ сымаджэхэри Паул дэжь къакӀохи, ахэри ыгъэхъужьыгъэх.

10Лъытэныгъэ къытфашӀэу тын пчъагъэхэр къытатыгъ, тыкъызежьэжьыми, тищыкӀагъэхэр къытфахьыгъ.

### Рим къэлэшхом Паул зэрэнэсыгъэр

11Мэзищ зытешӀэм, Александрие къалэм щыщэу, «Тхьэ ЗэтӀуазэхэр» зыфаӀорэ къухьэу, а хыгъэхъунэм кӀымафэм щыӀагъэм титӀысхьи, ащ тыкъыщежьэжьыгъ.

12Сиракуз къалэм тыӀухьи, мэфищэ ащ тыщыӀагъ.

13Ащ тыкъыщежьэжьи, Ригие къалэм тынэсыгъ. Зы мафэ зытешӀэм, къыблэмкӀэ къикӀырэ жьыбгъэр къепщэу къыубли, ятӀонэрэ мафэм Путеол къалэм тынэсыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

[14]Ащ тшы заулэ къыщыдгъотыгъ, ахэмэ адэжь мэфиблэ тыщыIэнэу
къытэлъэIухи, тырагъэблэгъагъ. Ащ нэужым Рим къэлэшхом тыкIонэу
гъогум тытехьажьыгъ.

[15]Рим дэс тшыхэм тыкъызэрэкIощтыр зэхахыгъагъэти, «Аппый
Зэхэхьапl» зыцlэ къалэмрэ «ХьэкIэщыпIищ» зыцlэ къалэмрэ анэс
къытпэгъокIынхэу къэкIуагъэх. Паул ахэр зелъэгъум, Тхьэм щытхъу
фишIыгъ, гу къызыIэпишIыхьажьыгъ.

[16]Рим тыкъызынэсым, рим тетыгъо зиIэхэм Паулрэ ежь икъэрэгъул
дзэлIымрэ шъхьафэу язакъоу дэсынхэу фит ашIыгъэх.

**Рим къэлэшхом Паул КъэбарышIур зэрэщигъэIущтыгъэр**

[17]Мэфищ зытешIэм, Паул джуртхэм ятхьэматэхэр къаригъэщагъ. Ахэр
къызызэрэугъоихэм, ариIуагъ: – Сшыхэр, тэ тлъэпкъ мыхъун зи
есымышIагъэу, тятэжъхэм яхабзэхэми сатемыкIыгъэми, Ерусалим
сыщаубыти, рим цIыфхэм саIэкIалъхьагъ.

[18]Ахэр сиIоф зыхэплъэхэм, укI зифэшъошэ мыхъун зи
къысагъотылIагъэпти, сыкъатIупщыжьынэу фэягъэх.

[19]Ау джуртхэр рим цIыфхэм сызэратIупщыжьыщтым зыпэуцужьхэм,
Кайсарым сиIоф хьыкум тыришIыхьанэу сылъэIон фаеу хъугъэ. Ау
слъэпкъ седэоныр арэп ауштэу зыкIэсшIыгъэр.

[20]Iофхэр ауштэу зэрэхъугъэхэр ары шъуслъэгъунэуи
сыкъыжъудэгущыIэнэуи шъукъызкIязгъэщагъэр. Шъыпкъэ, израиль
цIыфхэр зыщыгугъыхэу, зыпаплъэхэрэм пае Iэхъухэр стелъых.

[21]– О уикъэбар зэрыт тхылъ горэ Иудей хэкум къикIэу къытфэкIуагъэп, –
къыраIожыгъ ахэмэ. – Ащ дэжьым къикIыхэу, мыщ къэкIогъэ тшыхэми ощ
пае къэбар Iае гори къытфахьыгъэп ыкIи къытаIуагъэп.

[22]Ау о уигупшысэхэр къапIохэзэ, тябгъэдэIу тшIоигъу; сыда пIомэ,
цIыфхэр тыдэкIи а дин пхэнджым зэрэщыпэуцухэрэр тэ тэшIэ.

[23]Мафэ горэ агъэнафи, Паул зэрыс унэм цIыф купышхо къэкIуагъ.
Пчэдыжьым щегъэжьагъэу пчыхьэм нэс Тхьэм и Тетыгъошхо икъэбар
Паул агуригъаIозэ, а тетыгъошхом шыхьат фэхъугъ. Пегъымбар Мусэ и
Тэурат хабзэ итхэмрэ пегъымбархэм атхыгъэ тхылъхэм
арытхэмрэ ащыщхэм къяджэзэ, Паул Исус ехьылIагъэу къыIохэрэр
ашIошъ ыгъэхъуным пылъыгъ.

[24]Паул къыIуагъэхэр зы куп ышIошъ хъугъэ, нэмыкIхэм ашIошъ хъугъэп.

[25]А джуртхэр зэгурымыIохэу зэбгырыкIыжьынхэм ыпэкIэ, Паул мы
гущыIэхэр къыIуагъ: – Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ пегъымбар Ешайа
шъуятэжъхэм яхьылIагъэу шъыпкъэр къыригъэIуагъ:

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

26«Мы лъэпкъым дэжь кIуи, моущтэу еIу: Шъо егъашIэм зэхэшъух зэпытыщт, ау къыжъугурыIощтэп; шъо егъашIэм шъулъэгъу зэпытыщт, ау гу лъышъутэщтэп.

27Сыда пIомэ, мы цIыф лъэпкъым щыщхэм агухэм гулъытэ ямыIэ хъугъэ. Ахэмэ атхьакIумэхэм жъажъэу зэхахы, анэхэри упIыцIагъэх. Аущтэу щымытыгъэмэ, анэхэмкIэ алъэгъущтыгъ, атхьакIумэхэмкIи зэхахыщтыгъ, агухэмкIи къагурыIощтыгъ, садэжьи къагъэзэжьыгъэмэ, ахэр згъэхъужьыщтыгъэх».

28– Арышъ, цIыфхэр мыкIодхэу Тхьэм къызэригъэнэжьхэрэм икъэбар хымэ лъэпкъхэм Тхьэм къызэралъигъэIэсыгъэр зэжъугъашIэ. Ахэри а къэбарым едэIущтых!

29Паул а гущыIэхэр къызеIом, джуртхэр лъэшэу зэнэкъокъухэзэ, унэм икIыжьыгъэх.

30Паул фэтэрэу ыубытыгъэм илъэситIум щыпсэугъ, ыдэжь къакIорэ цIыф пстэури ригъэблагъэщтыгъ.

31Зы цIыфи зыкIи къыпэмыуцоу, Тхьэм и Тетыгъошхо икъэбар ыгъэIущтыгъ, Зиусхьан Исус Христос икъэбари гушхокIэ цIыфхэм аригъашIэщтыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

# Якъубэ

## Якъубэ 1

### ШIуфэс

1Сэ сы Якъуб, Тхьэмрэ Зиусхьан Исус Христосрэ сафэлажьэ. Шъо,
дунаим щитэкъухьагъэу щыпсэурэ лIэкъо пшIыкIутIум шIуфэс шъосэхы.

### ШIошъхъуныгъэмрэ акъылышIуагъэмрэ

2Сшыхэр, шъуишIошъхъуныгъэ ишъыпкъагъэ зыгъэунэфырэ къин
зэфэшъхьафхэм шъуахафэмэ, шъугушIу,

3сыда пIомэ, мы къинхэм шъуишIошъхъуныгъэ ишъыпкъагъэ загъэунэф
ужым, а къинхэм теубытагъэ къазэрыкIэкIырэр шъошIэ.

4Теубытагъэми иIоф рерэгъэкъу, лъэныкъо пстэумкIи зишъыпкъагъэ
щыкIагъэ зимыIэ цIыф икъугъэхэу шъухъуным пае.

5Ау шъуащыщ горэм иакъылышIуагъэ щыкIагъэ иIэмэ, Тхьэм ерэлъэIу,
ащи акъылышIу къыритыщт. Сыда пIомэ, зыми емыгыеу, игуапэу Тхьэм
зэкIэми аретышъ ары.

6Ау емыхъырэхъышэу, шIошъхъуныгъэкIэ ерэлъэIу, сыда пIомэ, Тхьэм
ехъырэхъышэрэр хыорэу жьыбгъэм адыкIи мыдыкIи ыфызэ, зэридзэрэм
фэд.

7Тхьэм зыгорэ къыритынкIэ ащ фэдэ цIыфыр орэмыгугъэ.

8Ар темыубытагъэу, акъыл тIуанэ зиIэ цIыф, ышIэрэ пстэумкIи
теубытагъэ иIэп.

### ТхьамыкIагъэмрэ баиныгъэмрэ

9Къош тхьамыкIэр Тхьэм зэриIэтыгъэмкIэ орэгушIо.

10Ау баир Тхьэм зэригъэцIыкIугъэмкIи орэгушIо, сыда пIомэ, уцым
икъэгъагъ фэдэу кIодыжьыщт.

11Тыгъэр къыкъокIы, къыдэкIуае, фэбэ дэдэ мэхъу, фэбаем уцыр егъэгъу,
икъэгъагъ пэтэкъу, идэхагъэ мэкIодыжьы. Джащ фэдэу лIы баир иIофхэм
апылъызэ кIодыжьыщт.

### Шъыпкъагъэр зыгъэунэфырэ къинхэмрэ псэкIодшIэным дэзыхьыххэрэ Iофхэмрэ

12Зишъыпкъагъэ гъэунэфыгъэу, теубытагъэ зиIэ цIыфыр гъогу мафэ
теуцуагъ, сыда пIомэ, ишъыпкъагъэ гъэунэфыгъэ зыхъурэ ужым,
мыкIодыжьын щыIэныгъэ танджэу ежь шIу зылъэгъухэрэр
къызэригъэгугъагъэхэр Тхьэм а цIыфым къыритыщт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

13Ишъыпкъагъэ зыгъэунэфын къин цӀыф горэ хафэмэ, «Тхьэр ары
сызгъэунэфэу сыдэзыхьыхырэр» ерэмыӀу. Бзэджагъэм Тхьэр
зыӀэпищэшъуштэп. Бзэджагъэ ышӀэнэу зы нэбгыри Тхьэм дихьыхыщтэп.

14Хэти ежь ихъопсэ Ӏаехэр ары зыӀэпызыщэхэу, зыгъэнацӀэхэу
дэзыхьыххэрэр.

15Хъопсэ Ӏаер лъэрмыхь хъумэ, псэкӀодшӀэныр къелъфы; псэкӀодшӀэнри
икъугъэ зыхъукӀэ, лӀэныгъэр къелъфы.

16Сшы лъапӀэхэр, зыми зешъумыгъэгъапцӀ.

17Сыдрэ тын дэгъуи тын шъыпкъи уашъом къекӀы, уашъом щыӀэ
нэфынэхэм я Тэ лъапӀэ дэжь къекӀы. ЗызэзыхъокӀырэ жьаухэм афэдэу
ащ зызэблихъужьырэп.

18Ежь шӀоигъуагъэти, шъыпкъэм игущыӀэхэмкӀэ тыкъыгъэхъугъ,
къыгъэхъугъэ пстэуми ащыщэу апэрэу тыхъуным пае.

**Тхьэм игущыӀэхэм уядэӀуныр мрэ бгъэцэкӀэнхэмрэ**

19Сшы лъапӀэхэр, мыр зэжъугъашӀэ. Хэти дэӀонымкӀэ псынкӀэу орэхьазыр,
ау шӀэхэу орэмыгущыӀ, псынкӀэуи орэмыгубж.

20Сыда пӀомэ, цӀыфым игубж Тхьэм дэжькӀэ шъыпкъагъэр ыгъэцакӀэрэп.

21Арышъ, къышъухэнэгъэ гу шӀоигъэ пстэури бзэджэгъэ пстэури
хэшъунэжь. Тхьэм шъугухэм къарилъхьэгъэ гущыӀэхэу шъупсэхэр
мыкӀодхэу къэзгъэнэжьын зылъэкӀыщтхэр гушъэбагъэкӀэ шъуубытых.

22Тхьэм игущыӀэхэм шъуядэӀу къодыекӀэ хъущтэп, ахэр жъугъэцэкӀэнхэ
фае. Армырмэ зышъогъэпцӀэжьы.

23Сыда пӀомэ, а гущыӀэхэм ядэӀоу зымыгъэцакӀэрэр, гъунджэм иплъэу
ынапэ изэхэлъыкӀэ еплъыжьрэ цӀыфым фэд.

24Ар зэплъыжьышъ, ӀокӀыжьы, итеплъи зыфэдагъэр ащ лъыпытэу
щэгъупшэжьы.

25Ау цӀыфэу ышӀэрэ пстэумкӀэ гъогу мафэ теуцуагъэр мыры: Тхьэм
иунашъохэу щыкӀагъэ зимыӀэхэу, икъугъэхэу, цӀыфхэм шъхьафитыныгъэ
яӀэ зыгъэхъухэрэм дэгъоу ахэплъэ зэпытэу, Ӏофхэу зэдэӀугъэри
щымыгъупшэжьэу зыгъэцакӀэрэр ары.

26«Тхьэм шӀолӀыкӀ фысиӀэу сэпсэу» зыфиӀожьэу, ау етӀани ыбзэгу
зымыубытырэм зегъэпцӀэжьы, идини пкӀэ иӀэп.

27Ау Тхьэу Ты лъапӀэм дэжькӀэ шӀолӀыкӀ къабзэу щыкӀагъэ зимыӀэр мары:
гузэжъогъум хэтхэу ибэхэмрэ шъузабэхэмрэ уалъыплъэнри, лажьэ
уимыӀэнэу мы дунаим ибзэджагъэ зыщыудзыенри ары.

## Якъубэ 2

**Ятеплъэ шъуемыплъэу, цIыф пстэури шъуизэфэдэн фае**

1Сшыхэр, ти Зиусхьан Исус Христосэу щытхъушхо зиIэмкIэ
шIошъхъуныгъэ шъуиIэзэ, цIыфхэм ятеплъэ шъуемыплъэу, пстэури
шъуизэфэдэн фае.

2Дышъэ Iэлъын ыIэхъуамбэ пылъэу, щыгъын лъапIэхэр щыгъэу лIы бай
гори, щыгъыныжъхэр щыгъхэу лIы тхьамыкIэ гори шъуизэIукIэ
къыхэхьагъэу тIон.

3Щыгъын лъапIэхэр зыщыгъ лIым шъуеплъэу, «моу, къеблагъи къэтIыс»
ешъуIомэ, ау тхьамыкIэм, «модэ щыт» шъуIоу, е «мо слъакъохэм адэжь
къэтIыс» ешъуIомэ,

4ащыгъум цIыф зэхэдз шъошIыба? ХьыкумэшIхэу гупшысэ Iаехэр зиIэхэм
афэдэ шъухъугъэба?

5Сшы лъапIэхэр, шъукъэдаIу. Мы дунаим ицIыф тхьамыкIэхэр арыба
Тхьэм къыхихыгъэхэр, шIошъхъуныгъэмкIэ баиныгъэ шъыпкъэр
агъотыжьыным паий, ежь шIу зылъэгъухэрэр къызэригъэгугъэгъэ
тетыгъошхомкIэ Iахьышху къалъысыным паий?

6Ау шъо тхьамыкIэр зэшъупэсыгъэп. Байхэр арыба шъуезгъэзыхэрэри,
хьыкумэшIыхэм апашъхьэ шъуизыщэхэрэри?

7Ахэр арыба шъо къызэрышъуаджэхэрэ цIэу Исус Христос ыцIэ лъапIэ
IаекIэ тегущыIэхэрэр?

8Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытэу, типачъыхьэ иунашъоу, «О пшъхьэ шIу
зэрэплъэгъурэм фэдэу, уигъунэгъуи шIу лъэгъу» зэриIорэр
шъыпкъагъэкIэ шъогъэцакIэмэ, дэгъоу шъошIэ.

9Ау цIыфхэм ятеплъэ шъуеплъэу, цIыф пстэури шъуизэфэмыдэмэ,
псэкIод шъогъахъэ, Тхьэм иунашъохэми шъуатекIыгъэу мысэ шъохъу.

10Зыгорэ Тхьэм зэкIэ иунашъохэм ядэIоу, ау зы унэшъо закъом текIымэ,
унэшъо пстэуми атекIыгъэу мысэ мэхъу.

11Сыда пIомэ, «зинэ умышIэ» зыIуагъэм, «цIыфи умыукIы» ыIуагъ.
Арышъ, зинэ умышIэу, ау цIыф горэ уукIымэ, Тхьэм иунашъо утекIыгъэу
мэхъу.

12Арышъ, Тхьэм иунашъохэу цIыфхэм шъхьафитыныгъэ яIэ
зыгъэхъухэрэм атетэу Тхьэм хьыкум зытыришIыхьащт цIыфхэм
зэрафэшъуашэм фэдэу, шъугущыI, шъузекIу.

13Сыда пIомэ, гукIэгъу зыгу имылъым Тхьэм гукIэгъу фимышIэу хьыкум
тыришIыхьащт. Ау гукIэгъур гъэмысэным текIощт.

**ШIошъхъуныгъэмрэ шIушIэнымрэ**

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

14Сшыхэр, зыгорэм шIу ымышIэу, «шIошъхъуныгъэ сиI» ыIомэ, сыда ащ
ишIуагъэу къэкIощтыр? Ащ фэдэ шIошъхъуныгъэм а цIыфыр мыкIодэу
къыгъэнэжьын ылъэкIына?

15Шъушы горэм е шъушыпхъу горэм щыгъыни, мафэм ышхыни имыIэу
тIон.

16«Гъогумафэх, гупсэф шъуиIэу шъопсэу. Зыжъугъэфаб, зыжъугъэшхэкI»
ыIоу шъуащыщэу зыгорэм ахэмэ ариIоу, ау ящыкIагъэр аримытмэ, сыда
ащ ишIуагъэу къэкIощтыр?

17ШIошъхъуныгъэм иIоф ащ фэд. ШIу зымышIэрэм ишIошъхъуныгъэ
лIагъэм фэд.

18Ау зыгорэм къыIонкIи мэхъу: – Зы цIыфым шIошъхъуныгъэ иI, адрэм
шIушIагъэхэр иI. Ащ фэдэ цIыфым сэ есIон: – ШIушIагъэхэр зимыгъусэ
шIошъхъуныгъэу зыфапIорэр сэгъэлъэгъу, шIоу сшIэхэрэмкIэ
сишIошъхъуныгъэ озгъэлъэгъущт.

19Зы Тхьэ нахь зэрэщымыIэмкIэ шIошъхъуныгъэ уиI. Ар дэгъу.
ДжынапцIэхэми ар ашIошъ мэхъушъ, мэкIэзэзых.

20О, зэхэшIыкI зимыIэ цIыф, шIушIагъэхэр зимыгъусэ шIошъхъуныгъэм
ишIуагъэ къызэрэмыкIощтыр къыбгурызгъэIонэу уфая?

21Тятэжъышхо Ибрахьимэ ыкъо Исхьакъ къурмэншIыпIэм зытырелъхьэм,
ышIагъэм пае Тхьэм ежь дэжькIэ ащ шъыпкъагъэ иIэу ылъытагъэба!

22Аущтэу Ибрахьимэ ишIошъхъуныгъэрэ ишIушIагъэхэмрэ
зэрэзэгъусагъэхэр олъэгъу. Ибрахьимэ ишIушIагъэхэр ары
ишIошъхъуныгъэ изгъэкъугъэхэр.

23Мы гущыIэхэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэри къэшъыпкъэжьыгъэх:
«Ибрахьимэ ТхьэмкIэ шIошъхъуныгъэ иIэ хъугъэ. Арыти, Тхьэм ежь
дэжькIэ ащ шъыпкъагъэ иIэу ылъытагъ». Тхьэм иныбджэгъукIи
Ибрахьимэ еджэщтыгъэх.

24Аущтэу шъолъэгъуба, цIыфым шIошъхъуныгъэ зэриIэм имызакъоу шIу
зэришIэрэри ары Тхьэм ежь дэжькIэ ащ шъыпкъагъэ иIэу зыкIилъытэрэр?

25Ащ фэдэу бзылъфыгъэ хэтакIоу Рахьаб зыцIэм джурт лIыкIохэр
ригъэблагъэхи, нэпэмыкI гъогукIэ зыкIарегъэтхъужьым, ышIагъэм пае
Тхьэм ежь дэжькIэ ащ шъыпкъагъэ иIэу ылъытагъэба?

26Аущтэу псэ зимыIэ пкъыр зэрэлIагъэм фэдэу, шIушIагъэхэр зимыгъусэ
шIошъхъуныгъэри лIагъэм фэд.

## Якъубэ 3

### Бзэгур уубытыныр

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

1 Сшыхэр, шъуащыщэу нэбгырабэ гъэсакІо орэмыхъу, сыда пІомэ, Тхьэм тэ, гъэсакІохэм, хьыкумэу къыттыришІыхьащтыр нахь хьыкумышхо зэрэхъущтыр шъошІэ.

2 Тэ зэкІэми псэкІодыбэ тэгъахъэ. ЦІыф горэм игущыІэхэмкІэ псэкІод ымышІэмэ, зишъыпкъагъэ щыкІагъэ зимыІэ цІыф икъугъэ хъущт, ыпкъ зэкІэ ыгъэІорышІэн ылъэкІыщт.

3 Шыхэм шхоІур ажэмэ адэтэлъхьэ, дгъэІорышІэнхэм пае. АщкІэ зэкІэ апкъ зетэщэ.

4 Къухьэхэми шъуяплъ. Ахэр иных, жьыбгъэшхохэми афых. Ау щытми, къухьэр зезыфэрэм къухьэм ыкІэ пыт хьанцэ цІыкІумкІэ зыфэе лъэныкъомкІэ егъазэ.

5 Ащ фэдэу бзэгури пкъым щыщэу зы пкъыгъо цІыкІу, ау бэ егъахъэ. Шъуеплъ мэшІо цІыкІум мэзышхор зэрэзэкІигъанэрэм.

6 Бзэгури машІоу зэкІэ зыгъэкІодырэм фэд. Мы дунаим ибзэджагъэ ащ тиз. Пкъым щыщхэм ащыщэу бзэгур ары пкъыр зэкІэ мыкъабзэ зышІырэр, щыІэныгъэм ищэрэхъи

3:6 щыІэныгъэм ищэрэхъ – цІыф горэм зэкІэ ищыІэныгъ ары машІо хэзгъанэрэр. Джэхьнэмым имашІу ары ежь бзэгум машІо къыкІэзыдзагъэр.

7 Сыдрэ хьэкІэ-къуакІи, бзыуи, ныбэкІэ цуахъорэ псэушъхьи, псым хэс псэушъхьи цІыфхэм агъэІэсэн алъэкІы ыкІи агъэІэсагъэх,

8 ау бзэгур зыми ыгъэІэсэн ылъэкІырэп. Ар къэбгъэуцун умылъэкІыщт бзаджэ гор, лІэныгъэ къызхэкІырэ щынаутри хиз.

9 БзэгумкІэ Тхьэу Ты лъапІэм щытхъу фэтэшІы, ежь фэдэнхэу Тхьэм къыгъэхъугъэ цІыфхэм бзэгумкІи тяхъоны.

10 А жэ дэдэм щытхъури хъоныри къыдэкІых. Аущтэу щытмэ хъущтэп, сшыхэр.

11 А зы псынэ дэдэм псы ІэшІури псы дыджыри къикІын ылъэкІына?

12 Сшыхэр, ынджыр чъыгым зейтун къыпыкІэн ылъэкІына? Е сэнэшъхьэ къулэм ынджыр къыпыкІэн ылъэкІына? Джащ фэдэу псынэ щыугъэм псы ІэшІу къикІын ылъэкІыщтэп.

**АкъылышІуагъэу уашъом къикІырэр**

13 Шъо шъущыщэу хэта акъылышІуагъи гулъыти зиІэр? Ащ изекІокІэ дэгъукІэ гушъэбагъэу акъылышІуагъэм къикІырэр иІэу, ишІушІагъэхэр къерэгъэлъагъу.

14 Ау шъугъон дыджымрэ зэщыхьанымрэ шъугухэм арылъхэмэ, шъузыщымытхъужь, шъыпкъагъэри шъумыгъэпцІы.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышІур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

15Ащ фэдэ акъылышIуагъэ уашъом къикIырэп, ар мы дунаим щыщ нахь.
Тхьэм ы Псэ ЛъапIи хэлъэп, джынапцIэхэр хэлъхэ нахь.

16Сыда пIомэ, шъугъонырэ зэщыхьанырэ зыдэщыIэм, Iофхэр зэIыхьагъэ
щэхъух, сыдрэ дэигъэри щыIэ мэхъу.

17Ау уашъом къикIырэ акъылышIуагъэр ыпэ рапшIэу къабзэ, етIанэ
зэшIужьыныгъэ хэлъ, гушъаб, IорышI, гукIэгъу хэлъ зэпыт, шIу ешIэ
зэпыт, зафэ, тхьагъэпцIыгъи хэлъэп.

18ЗэшIужьыныгъэ зышIыхэрэр ары шъыпкъагъэр къызхэкIырэ чылапхъэр
гупсэфкIэ цIыфхэм агухэм арызылъхьэрэр.

## Якъубэ 4

### Мы дунаим ныбджэгъу уфэхъуныр

1Зэпыинымрэ зэщыхьанымрэ тыдэ къикIыхэу къышъухахьэхэра? Хъопсэ
Iаехэу шъугухэм ащызаохэрэр арыба къызхэкIыхэрэр?

2Зыгорэм шъуфай, ау къыжъудэхъурэп. ШъоукIы, шъохъуапсэ, ау
шъузыфаер къышъуIэкIахьэрэп. Шъузэщэхьэ, шъузэпыи. Тхьэм
къышъуитынэу шъуелъэIурэпышъ, зи шъуиIэп.

3Тхьэм шъуелъэIуми, зи къышъуитырэп, сыда пIомэ, Iэягъэ шъугухэм
арылъэу, шъугухэр зыкIэхъопсырэ Iофхэм атежъугъэкIодыныр ары Тхьэм
шъузфелъэIурэр.

4Шъо зинэ зышIэхэрэм шъуафэд. Мы дунаим ныбджэгъу шъуфэхъуным
Тхьэм пый шъуфэхъуныр ары къикIырэр, шъошIэба ар? Аущтэу хэти
дунаим ныбджэгъу фэхъунэу фаер Тхьэм пый фэхъу.

5Хьауми Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм моущтэу зэрарытыр хьаулыекIэ
шъогугъа: «Тыгухэм арылъ псэр лъэшэу мэшъугъо»?

6Ау тыгухэм арылъым нахьи, Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэ нахь ин. Арышъ,
Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм моущтэу арыт: «Тхьэр пэгагъэ зыгу илъ
цIыфым пэуцужьы, ау пэгагъэ зыгу имылъым ынэшIу къыщефэ».

7Арышъ, Тхьэм шъуфэIорышI. Шэйтаным шъупэуцуи, шъуапашъхьэ
икIынышъ, кIитхъужьыщт.

8Тхьэм пэгъунэгъу шъухъуи, ежьыри къышъупэгъунэгъу хъущт. ШъуIэхэр
жъугъэкъабзэх, шъо, псэкIод зышIэхэрэм, шъугухэр жъугъэкъабзэх, шъо
теубытагъэ зимыIэхэу, акъыл тIуанэхэр зиIэхэм.

9Шъунэшхъэй, шъугъ, шъупыхь. Шъуишхын гъынкIэ, шъуигушIуагъуи
нэшхъэигъэкIэ зэблэхъугъэ орэхъу.

10Тхьэм ыпашъхьэ зыщыжъугъэцIыкIуи, ежьыри шъукъыIэтыщт.

### Пшы хьыкум тепшIыхьаныр

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

11 Сшыхэр, IаекIэ шъузэтемыгущыIэжь. ЦIыфэу зыш IаекIэ тегущыIэу зыгъэмысэрэр Тхьэм иунашъохэм IаекIэ атегущыIэ, ахэри егъэмысэх. Ау Тхьэм иунашъохэр бгъэмысэхэмэ, ахэр умыгъэцэкIагъэхэу мэхъу, хьыкум атепшIыхьагъэуи мэхъу.

12 ЦIыфхэм унашъохэр афэзышIэу, хьыкум атезышIыхьэрэр зы закъу, цIыфхэр мыкIодхэу къэзгъэнэжьынэу ыкIи зыгъэкIодынэу лъэкI ЗиIэр ары. Ау о хэт ущыщ, уигъунэгъу бгъэмысэнэу?

**Узщымытхъужь**

13 Джы шъукъэдаIу, шъо, моущтэу зыIохэрэр: «Непэ е неущ мо къалэм е адрэ къалэм тыкIонышъ, зы илъэс тыкъэтыщт, щэф-щэжьынымкIэ ахъщэ къэдгъэхъэщт».

14 Ау неущ хъущтыр шъушIэрэп. ШъуищыIэныгъэ сыд фэда? Зы тIэкIурэ къэлъагъоу, етIанэ кIодыжьырэ пахъэм шъуфэд.

15 Ау аущтэу шъумыIоу моущтэу шъуIон фае: «Зиусхьаныр фаемэ, тыпсэущт, мыхэр е мохэр тшIэщтых».

16 Ау джы шъузышIошIыжьы ыкIи шъузыщэтхъужьы. Ащ фэдэ зыщытхъужьыныр зэкIэ дэи.

17 Арышъ, шIугъэу ыгъэцэкIэн фаер гурыIо пэтми, зымыгъэцакIэрэм псэкIод ешIэ.

## Якъубэ 5

**Шъо, байхэр, шъузфэсакъыжь**

1 Шъо, цIыф байхэр, шъукъэдаIу. Насыпынчъагъэу къышъулъыIэсыщтым пае шъугъ ыкIи шъупыхь.

2 Шъуимылъку шъугъэ, хъунэхэми шъуищыгъынхэр ашхыгъ.

3 Шъуидышъи шъуитыжьыни улъыигъэх. Ахэмэ яулъыигъэ шыхьатэу къышъупэуцущт, шъупкъыхэри ыгъэкIодыщт, машIом зэригъэкIодырэм фэдэу. Мы дунаим иаужырэ мафэхэм мылъку шъуугъоигъэ.

4 IофшIакIохэу шъуихьасэхэр зыхыжьыгъэхэу, лэжьапкIэ зэшъумытхэу къэжъугъэнагъэхэр шъуагъэмысэзэ къэкуох. ХынакIохэм якуо макъэ Зиусхьан Сэбаот ытхьакIумэхэм анэсыгъ.

5 Мы дунаим ахъщабэ зытежъугъэкIодэжьэу, зыжъугъэтхъэжьэу шъущыпсэугъ. ШIуабзынэу агъэшхэгъэ былымым фэдэу, шъузышIуабзыщт мафэм пае псэкIодшIэнымкIэ зыжъугъэшхэкIыгъ.

6 Шъыпкъагъэ зиIэ цIыфыр жъугъэмыси, шъуукIыгъэ. Ар шъо къышъупэуцужьыгъэп.

**ЩэIагъэ зибгъэIэнымрэ тхьэлъэIумрэ**

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

7Арышъ, сшыхэр, Зиусхьаныр къэкIожьыфэ, щэIагъэ зижъугъаI. МэкъумэщышIэм чIыгум хипхъэгъэ чылэпхъэ лъапIэр къэкIэу лэжьыгъэ охъуфэ, зэрэпаплъэрэм шъуеплъ. ЫIпэрэ ощхыри ыужырэ ощхыри къещхыфэ, щэIагъэ иIэу пэплъэ.

8Джащ фэдэу шъори щэIагъэри гупытэныгъэри зижъугъаI, сыда пIомэ, Зиусхьаныр дунаим къызыкIожьыщт мафэр къэблэгъагъ.

9Сшыхэр, шъузэфэмытхьаусых, Тхьэм шъуимыгъэмысэным пае. ЦIыфхэм хьыкум АтезышIыхьэрэр пчъэIупэм Iут.

10Сшыхэр, Зиусхьаным ыцIэкIэ къэгущыIэгъэ пегъымбархэм щысэ атешъух. Къин ащэч зэхъум, щэIагъэ къызхагъэфагъ.

11Теубытагъэ зиIэхэр гъогу мафэ теуцуагъэхэу тэIо. Пегъымбар Аюбэ итеубытагъэ икъэбар зэхэшъухыгъэ. Аужьыпкъэм Зиусхьаным ащ шIу къызэрэлъигъэIэсыжьыгъэри шъошIэ, сыда пIомэ, Зиусхьаным гукIэгъушхо иI, ыгу къытэгъу.

12Сшыхэр, зэкIэми анахьэу, тхьарыIо шъумышIы. УашъомкIи, чIылъэмкIи, сыд щыщкIи тхьарыIо шъумышIы. «Ары» шъуIуагъэмэ, жъугъэшъыпкъэжь, «хьау, арэп» шъуIуагъэми, ари жъугъэшъыпкъэжь, Тхьэм шъуимыгъэмысэным пае.

13Шъуащыщэу зыгорэм къин ыщэчмэ, Тхьэм ерэлъэIу. Зыгорэ гушIомэ, тхьэщытхъу орэдхэр къерэIу.

14Шъуащыщэу зыгорэ сымаджэмэ, чылыс зэIукIэм инахьыжъхэм къярэдж. Ахэмэ Зиусхьаным ыцIэкIэ дагъэ щарэфи, Тхьэм ферэлъэIух,

15шIошъхъуныгъи яIэу Тхьэм елъэIухэмэ, сымаджэр хъужьыщт. Зиусхьаным ар къыгъэтэджыжьыщт. ПсэкIод ышIагъэми, фэгъущт.

16Арышъ, Тхьэм шъуигъэхъужьыным пае, шъуипсэкIодхэр зым адрэм ыпашъхьэ рерэлъхьэхи, Тхьэм шъузэфелъэIужь. Шъыпкъагъэ зиIэ цIыфым итхьэлъэIу лъэкI иI, бэ егъахъэ.

17Пегъымбар Иляс тэщ фэдэ цIыфыгъ. Ощх къемыщхыным пае, Тхьэм ишъыпкъэу елъэIуи, илъэсищырэ мэзихырэ чIыгум ощх къытещхагъэп.

18ЕтIани Тхьэм елъэIужьи, Тхьэм ощх къыригъэщхи, чIыгум хэлъхэр къэкIыжьынхэу ежьагъэх.

19Сшыхэр, шъуащыщэу зыгорэ шъыпкъагъэм игъогу текIы хъумэ, ар гъогу занкIэм тезгъэхьажьырэм мыр ерэшI:

20псэкIодышIэ цIыфэу игъогу пхэндж тетыр хэтми гъогу занкIэм тезгъэхьажьырэм адрэр лIэныгъэм къыхищыжьынышъ, псэкIодыбэхэри къыфэгъущтых.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

# 1 Петрэ

## 1 Петрэ 1

### Шlуфэс

1Сэ сы Петр, Исус Христос сыриапостол. Шъо Тхьэм ицlыф лъапlэхэу
зэбгырыкlыгъэхэу хэкухэу Понт, Галатие, Каппадокие, Асие, Битиние
ащыпсэухэрэм мы тхылъыр къышъуфэсэтхы.

2Тхьэу Ты лъапlэм ыпэкlэ зэриухэсыгъэм тетэу, ибынхэм ащыщ
шъухъунэу шъукъыхихыгъ, ежь ы Псэ Лъапlи шъугухэр егъэкъэбзэ зэпыт,
Исус Христос нахьыбэрэ шъуедэlуным паий, ащ ылъэу къащым
щыкlэкlыгъэмкlэ къабзэ шъухъуным паий. Тхьэм ынэшlу инэу
къышъущерэфэ зэпыт, гупсэфышхуи къышъуерэт зэпыт.

### Мыкlодыжьын гугъапl

3Тхьэу, ти Зиусхьан Исус Христос я Тэ щытхъушхор ий! Исус лlагъэхэм
къызэрахигъэтэджыкlыжьыгъэмкlэ Тхьэм игукlэгъушхокlэ икlэрыкlэу
тыкъалъфыжьыгъэу тигъэхъугъ. Аущтэу мыкlодыжьын гугъапlэ тиlэ
хъугъэ,

4lахьышlоу Тхьэм ицlыфхэм афигъэхьазырыгъэри къытлъыlэсыщт. А
мыкlодыжьын lахьышlоу щыкlагъэ зимыlэу, зэрэщытэу къанэрэр Тхьэм
уашъом къыщышъуфеухъумэ.

5Шlошъхъуныгъэ зэрэшъуиlэм пае, Тхьэм илъэкlыкlэ шъукъеухъумэ,
шъумыкlодэу шъукъызэригъэнэжьыгъэр дунаим иаужырэ мафэхэм нафэу
къэхъуным пае.

6Арышъ, зы тlэкlурэ къин зэфэшъхьаф зэрэшъущэчырэм пае, джы шъугу
къеон фаеми, шъугушlу.

7А къинхэр зыфэшъущэчыхэрэр шъуишlошъхъуныгъэ загъэунэфыхэкlэ,
ащ ишъыпкъагъэ нафэ хъуныр ары. Дышъэм ишъыпкъагъэ машlомкlэ
агъэунэфыми, а дышъэр кlодыжьыщт. Шъуишlошъхъуныгъэ а дышъэм
нахьи нахь лъапl. Аущтэу Исус Христос къызыкlожьыщт мафэм
шъуишlошъхъуныгъэ ишъыпкъагъэ пае, Тхьэм шъхьэкlафи, щытхъуи,
лъытэныгъи къышъуфишlыщт.

8Исус Христос шъумылъэгъугъэми, шlу шъолъэгъу. Джы дэдэми
шъумылъэгъуми, ежьыркlэ шlошъхъуныгъэ шъуиl, гущыlэкlэ къэпlон
умылъэкlынэу, щытхъушхо зыхэлъ гушlогъошхуи шъугухэм арылъ.

9Сыда пlомэ, аужыпкъэм шъуишlошъхъуныгъэкlэ шъумыкlодэу Тхьэм
шъукъызэригъэнэжьыщтым шъунэсы.

10Тхьэм ынэшlу къызэрэшъущифэщтым икъэбар зыгъэlугъэ
пегъымбархэм цlыфхэр мыкlодхэу Тхьэм къызэригъэнэжьыщтхэм
ехьылlэгъэ къэбар пстэури ауплъэкlущтыгъэх, ахэри агъэунэфыщтыгъэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

11Христос къинхэр ыщэчынхэшъ, ащ нэужым щытхъушхо иӀэ зэрэхъущтыр пегъымбархэм агухэм арылъ Христос ы Псэ ЛъапӀэ къызеӀом, уахътэу зигугъу ышӀыгъэри Христос къызэрэкӀожьыщт шӀыкӀэри пегъымбархэм зэрагъэшӀэнэу ыуж итыгъэх.

12Пегъымбархэм Ӏофхэу зигугъу ашӀыщтыгъэхэр ежьхэм ялъэхъан къэмыхъузэ, шъо шъуилъэхъан къызэрэхъущтыр Тхьэм къагуригъэӀогъагъ. Тхьэм ежь ы Псэ ЛъапӀэу уашъом къафыригъэхыгъэм илъэкӀыкӀэ КъэбарышӀур къышъозгъэӀугъэхэм мы Ӏофхэм якъэбар къышъуаӀотагъ. МэлэӀичхэри мы Ӏофхэм ахэплъыхьанхэу фаех.

**Гу къабзэкӀэ шъузекӀу**

13Арышъ, шъуицыякӀэхэр дэупкӀагъэхэу, шъугухэмкӀэ шъухьазырэу шъущыт. ЩэӀагъэ зижъугъаӀ. Исус Христос къызыкӀожьыщт мафэм Тхьэм ынэшӀу къызэрэшъущифэщтым шъуишъыпкъэу шъущыгугъэу шъупаплъ.

14Шъыпкъэр зыфэдэр шъумышӀэу, шъуихъопсэ Ӏаехэм шъукъызэрэращэкӀыщтыгъэм фэдэу, джы сабый ӀорышӀэхэм афэдэу зыкъыряшъумыгъэщэкӀ.

15Ау Тхьэу зибынхэм ащыщ шъухъунэу къышъоджагъэр зэрэлъапӀэм фэдэу, шъори шъугу лъапӀэу, шъугу къабзэу шъушӀэрэ пстэури шъушӀэ.

16Сыда пӀомэ, Тхьэм къызэриӀорэр игущыӀэ тхыгъэхэм арыт: «Сэ сызэрэлъапӀэм пае, шъори шъулъэпӀэн фае».

17ЦӀыфхэм ятеплъэ емыплъэу, цӀыф пстэури зизэфэдэу, хэти ышӀагъэм тетэу шъыпкъагъэкӀэ хьыкум тезышӀыхьэрэ Тхьэм шъузелъэӀукӀэ, «О, Ты лъапӀ», – ешъоӀо. Арышъ, шъухымэу мы дунаим щыжъугъакӀорэ уахътэр Тхьэм шӀолӀыкӀ фышъуиӀэу щыжъугъакӀу.

18Сыда пӀомэ, зэрэшъушӀэрэм фэдэу, шъуятэжъхэм къакӀэныжьыгъэ псэукӀэу пкӀэ зимыӀэм шъухищыжьынэу Христос шъушъхьэ ыщэфыжьыгъ. Шъушъхьэ зэрищэфыжьыгъэр кӀодыжьын тыжьыныр е дышъэр арэп,

19Ежь ылъэу уасэ зыфэпшӀын умылъэкӀыщтыр ары нахь. Ежьыр щыкӀагъэ зимыӀэу, бжьыгъэ зытемылъ шъынэм фэд.

20Дунаир къыгъэхъуным ыпэкӀэ, Тхьэм Христос къыхихыгъ, ау джы дунаим икӀэухым шӀугъэ къыжъудигъэхъунэу Христос къэлъэгъуагъ.

21Христос ТхьэмкӀэ шӀошъхъуныгъэ шъуиӀэ ыгъэхъугъ. Тхьэр ары Христос лӀагъэхэм къахэзгъэтэджыкӀыжьыгъэр, щытхъушхори къезытыгъэр. Ащ пае ТхьэмкӀэ шӀошъхъуныгъэ шъуиӀэ хъугъэ, Тхьэми шъущэгугъы.

22Шъыпкъэм шъузэредэӀугъэм пае, шъугухэр къабзэ хъугъэх. Джаущтэу шъушыхэр пцӀы хэмылъэу шӀу шъулъэгъух. Арышъ, гу къабзэкӀэ шӀу шъузэрэлъэгъу зэпыт,

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

[23]сыда пIомэ, икIэрыкIэу шъукъалъфыжьыгъэшъ ары. ИкIэрыкIэу
шъукъызэралъфыжьыгъэр кIодыжьын чылапхъэп, мыкIодыжьын чылапхъ
нахь. А чылапхъэу щыIэныгъэ къызхэкIэу, Тхьэм игущыIэу егъашIэм
зытетым тетэу къэнэжьыщтыр ары.

[24]Сыда пIомэ, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытэу, «ЦIыф пстэури уцым
фэд, зэкIэ ящытхъуи уцым икъэгъагъэ фэд. Уцыр мэгъужьы, къэгъагъэри
мэкIодыжьы.

[25]Ау Тхьэм игущыIэхэр мыкIодыжьхэу егъашIэм къэнэх». А гущыIэхэр ары
Тхьэм иIорышIэхэм къышъуагъэIугъэхэр.

## 1 Петрэ 2

### Лъэпкъ лъапIэр

[1]Арышъ, бзэджэгъэ пстэури, тхьагъэпцIыгъэ пстэури, нэпитIугъэри,
шъугъони, цIыфхэм IаекIэ шъуатегущыIэнри хэшъунэжьых.

[2]КъалъфыгъакIэ сабыйхэр янэ ибыдзыщэ зэрэкIэхъопсыхэрэм фэдэу,
шъори Тхьэм игущыIэхэу щэ къабзэм фэдэхэм шъуакIэхъопс, ахэмкIэ
ины шъухъоу, шъумыкIодэу Тхьэм шъукъыгъэнэжьыным пае.

[3]Сыда пIомэ, Зиусхьаныр зэрэшIур зэжъугъэшIагъэ.

[4]Зиусхьаным пэгъунэгъу шъухъу. Ары щыIэныгъэ зиIэ мыжъоу, цIыфхэм
зэрамыпэсэу чIадзыжьыгъэр, ау Тхьэм ар къыхихыгъ, ежьыркIэ ащ
осэшхо иI.

[5]Шъори щыIэныгъэ зиIэ мыжъохэм шъуафэдэу, Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ
зыдэщыIэ унэшхом щыщ шъухъу. Джаущтэу дин пэщэ лъапIэ шъухъущт,
Исус Христос Iофэу ышIагъэм пае, къурмэныпхъэхэу Тхьэм ыгу
зэIухэрэри гурэ псэрэкIэ Тхьэм ешъухьылIэшъущтых.

[6]Сыда пIомэ, Тхьэм къызэриIуагъэр игущыIэ тхыгъэхэм арыт:
«ШъукъэдаIу, сэ къыхэсхыгъэу, мыжъо лъапсэу осэшхо зиIэр Цион
къалэм щысэгъэтIылъы. А мыжъомкIэ шIошъхъуныгъэ зиIэр
кIэгъожьыщтэп».

[7]Шъо, шIошъхъуныгъэ зиIэхэмкIэ, а мыжъом осэшхо иI. Ау
шIошъхъуныгъэ зимыIэхэмкIэ «Унэ зышIыхэрэм чIадзыжьыгъэ мыжъор
унэр зыIыгъырэ лъэпсэ дэдэ хъугъэ»,

[8]ащ нэмыкIэуи, «ЦIыфхэр зыгъэлъэпаорэ мыжъоуи, цIыфхэр чIыгум
тезгъэфэрэ мыжъошхоуи» хъугъэ. Тхьэм игущыIэхэм зэрямыдэIухэрэм
пае, мэлъэпаох, Тхьэм ахэмэ зэрафигъэнэфагъэм фэдэу.

[9]Ау шъо Тхьэм къыхихыгъэ лIакъоу, Тхьэу пачъыхьэм иIорышIэ дин
пащэхэу, лъэпкъ лъапIэу, Тхьэм ицIыфхэу шъущыт. Аущтэу зыкIэхъугъэр
шIункIым шъукъыхэкIыжьынышъ, нэфынэ гъэшIэгъонышхом шъухэхьанэу
къышъоджэгъэ Тхьэм иIоф гъэшIэгъонхэр жъугъэIунхэр ары.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

10 Пасэм Тхьэм шъурилъэпкъыгъэп, джы Тхьэм шъурилъэпкъ. Пасэм Тхьэм гукIэгъу къышъуфишIыщтыгъэп, джы гукIэгъу къышъуфешIы.

**Тхьэм иIорышIэхэм яфэшъуашэу шъузекIу**

11 СилъапIэхэр, шъо, хымэхэу мы дунаим хымэхэсхэу щыпсэухэрэм, хъопсэ Iаехэу шъупсэ къыпэуцухэрэм защышъудзыенэу сышъолъэIу.

12 Тхьэр зымышIэхэрэм апашъхьэ дахэу шъущызекIу. Сыда пIомэ, «Мы цIыфхэр бзэджашIэх» аIозэ, IаекIэ шъуигугъу ашIыми, шъуишIушIагъэхэр алъэгъунхэшъ, Тхьэр ахэмэ зяплъыщт мафэм ахэми Тхьэм щытхъу фашIыщт.

13 Зиусхьаным игъогу шъузэрэрыкIорэм пае, тетыгъо зиIэ цIыф пстэуми шъуафэIорышI: зэкIэмкIи, тетыгъо зиIэ пачъыхьэр арыми, ащ шъуфэIорышI,

14 бзэджашIэхэм къин атезылъхьанэуи, шIу зышIэхэрэм ащытхъунхэуи пачъыхьэм къыгъэкIогъэ Iэшъхьэтетхэр арыми, ахэмэ шъуафэIорышI.

15 Сыда пIомэ, шIу зэрэтшIэрэмкIэ гулъытэ зимыIэ цIыфхэу зи зымышIэхэрэм ажэ ядгъэубытыныр ары Тхьэр зыфаер.

16 ШъхьафитыныгъэкIэ шъузекIу, ау бзэджэшIэнымкIэ шъхьафитыныгъэр ушъхьагъу шъумышIы, ау Тхьэм иIорышIэхэм яфэшъуашэу шъузекIу.

17 ЦIыф пстэуми лъытэныгъэ афэшъушI, шъушыхэри шIу шъулъэгъух, Тхьэми шъущыщын, пачъыхьэми лъытэныгъэ фэшъушI.

**Христос илъэужхэм шъуарыкIу**

18 Шъо, унэIутхэр, пстэумкIи шъуитхьэматэхэм шъуафэIорышI, тхьэмэтэ шъабэу, шэнышIом изакъоп, тхьэмэтэ пхъашэри ары.

19 Сыда пIомэ, лажьэ имыIэми, къин зырагъэщэчкIэ, Тхьэм егупшысэу ыгукIэ щэIагъэ зиIэр ары Тхьэм ыгу зэIурэр.

20 Ау мыхъун шъушIагъэу къызышъуаохэкIэ, шъугухэмкIэ щэIагъэ зижъугъаIэмэ, шъоркIэ сыд фэдэ щытхъуа ащ хэлъыр? Ау шIу шъушIэ пэтми, къин зышъуагъэщэчкIэ, шъугухэмкIэ щэIагъэ зижъугъэIэныр ары Тхьэм ыгу зэIурэр.

21 Ауштэу шъузекIонэу Тхьэр къышъоджагъ, сыда пIомэ, Христоси шъощ пае къин ыщэчыгъ, илъэужхэм шъуарыкIонэу шъушIапхъэхэри шъуигъэлъэгъугъ.

22 «Ежь псэкIод зи ышIагъэп, узгъэпцIэн гущыIи ыжэ къыдэкIыгъэп».

23 Къехъоныщтыгъэхэми, яхъоныжьыщтыгъэп. Къин езгъэщэчыщтыгъэ цIыфхэми, «Сэ къин шъозгъэщэчыжьыщт» ариIуагъэп, ау а Iофыр цIыфхэм хьыкум зэфагъэкIэ атезышIыхьэрэ Тхьэм фигъэзагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

24Къащым зытыраӀулӀэм, типсэкӀодхэр ттырихызэ, ахэмэ яфэшъошэ
къиныр ежь ыпкъ тырилъхьагъ, псэкӀодым лъэкӀ къытфыримыӀэным ыкӀи
шъыпкъэм тыфэпсэуным апае. Ежь иуӀагъэхэмкӀэ шъуигъэхъужьыгъ.

25Сыда пӀомэ, шъо мэл гъощагъэхэм шъуафэдагъ, ау шъупсэхэм
яухъумакӀоу, шъуимэлахъо дэжь джы шъукъэкӀожьыгъ.

## 1 Петрэ 3

### ЛӀыхэмрэ шъузхэмрэ зэрэзэфыщытынхэ фаер

1Шъо, шъузхэм, шъосэӀо, шъуилӀыхэм шъуафэӀорышӀ. Ар шъушӀэмэ,
ахэмэ ащыщхэр Тхьэм игущыӀэхэм ямыдэӀухэми, шъо, шъузхэм, зи
шъумыӀоу, шъуизекӀуакӀэкӀэ шӀошъхъуныгъэ яӀэ хъущт,

2гукъэбзагъэ шъуиӀэу Тхьэм шъушӀолӀыкӀэу шъузэрэпсэурэр залъэгъукӀэ.

3Дахэ шъузышӀырэр шъуитеплъэу щэрэмыт, шъхьац блэнри, дышъэкӀэ
зыжъугъэдэхэнри, щыгъын дахэхэри арэу орэмыхъу,

4ау цӀыфхэм амылъэгъоу, шъугухэм арылъэу, гушъэбагъэмрэ
гупсэфымрэ къарыкӀырэ дэхагъэу мыкӀодыжьыщтыр арэу орэхъу дахэ
шъузышӀырэр. ТхьэмкӀэ ащ осэшхо иӀ.

5Сыда пӀомэ, джары пасэм бзылъфыгъэ лъапӀэхэу Тхьэм
щыгугъыщтыгъэхэм зызэрагъэдахэщтыгъэр, ялӀыхэми
афэӀорышӀэщтыгъэх.

6Аущтэу Сарэ тхьэматэкӀэ еджэу, Ибрахьимэ едэӀущтыгъ. ШӀу шъушӀэу,
зыми шъущымыщынэмэ, шъори Сарэ шъурибын.

7Шъо, лӀыхэм, шъосэӀо, гурыӀоныгъэкӀэ шъуишъузхэм шъуадэзекӀу. Сыда
пӀомэ, ахэмэ акӀуачӀэ шъо шъукӀуачӀэ нахьи нахь макӀэшъ ары.
Лъытэныгъи афэшъушӀ, сыда пӀомэ, шъо шъуигъусэу Тхьэм ынэшӀу
щыфэныгъэкӀэ ахэми ӀахьышӀоу щыӀэныгъэ къаретышъ ары. Аущтэу
шъушӀэмэ, шъуитхьэлъэӀухэм зи къапэуцужьыщтэп.

### ШӀу зэрашӀэрэм пае, ХристоскӀэ шӀошъхъуныгъэ зиӀэхэм къин ащэчы

8Аужыпкъэм шъо пстэуми зыгу-зыпсэу шъущыт. Зыр зым фэгумэкӀэу,
шъузэкъошэу шъузэрэхъугъэм пае, шӀу шъузэрэлъэгъоу, гукӀэгъу
шъуиӀэу, пэгагъэ шъугухэм арымылъэу шъузекӀу.

9Бзэджагъэм бзэджагъэкӀэ шъупэмыгъокӀыжь, хъуанэрэми
шъуемыхъоныжь. Ащ ычӀыпӀэкӀэ, «Тхьэм ынэшӀу къышъуещэрэф» яшъуӀу;
сыда пӀомэ, ибынхэм ащыщ шъухъунэу Тхьэр къызфышъоджагъэр
ынэшӀу къызэрэшъуущифэрэр ӀахьышӀоу къышъулъыӀэсыныр ары.

10Сыда пӀомэ, «ЩыӀэныгъэр шӀу зылъэгъоу, мэфэшӀухэр зылъэгъу
зышӀоигъо цӀыфым, бзэджэ Ӏоным ыбзэгу щерэухъум, ыӀупэхэри
тхьагъэпцӀыгъэм щерэухъумэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

11Бзэджагъэм зыщерэдзыий, шIу ерэшI. Зэзэгъыныгъэм игъогу лъыхъоу
ыуж ерэт.

12Сыда пIомэ, Зиусхьаным ынаIэ шъыпкъагъэ зиIэ цIыфхэм атырегъэты.
ЫтхьакIумэхэри ахэмэ ятхьэлъэIухэм ядэIух. Ау бзэджашIэхэм
Зиусхьаным ыкIыб афегъазэ,

(дунаим тыригъэкIодыкIынхэм пае)».

13Шъуишъыпкъэу шIушIэным ыуж шъуитмэ, хэт зиягъэ къышъозгъэкIын
зылъэкIыщтыр?

14Ау шъыпкъагъэм пае къин шъущэчми, гъогу мафэ шъутеуцуагъ.
Арышъ, цIыфхэм зяшъумыгъэгъащт, зыми зешъумыгъэгъэгумэкI.

15Зиусхьанэу Тхьэр шъугухэмкIэ жъугъэлъапIэ. ГугъапIэу шъуиIэмкIэ хэт
къышъоупчIыми, гушъэбагъэ шъуиIэу Тхьэм шъушIолIыкIэу пэгъокI
ешъутыжьынэу сыдигъуи хьазырэу шъущыт.

16Мыхъун зи зыдэшъумышIэжьэу шъугухэр къабзэу щыжъугъэтых,
Христос зыгу илъхэм яфэшъуашэу шъуизекIокIэ дэгъу ехъоныхэрэр
аIуагъэхэмкIэ укIытэжьынхэм пае.

17Тхьэр аущтэу фаемэ, шIу зэрэшъушIэрэм пае, къин шъущэчыныр
нахьышIу, бзэджэшIэным пае къин шъущэчыным нахьи.

18Сыда пIомэ, Христос Тхьэм пэгъунэгъу тигъэхъуным пае, типсэкIодхэм
апае зэ къин ыщэчыгъ, джыри зэ ахэмэ къин афимыщэчыжьынэу. Ежь
шъыпкъагъэ иIэу, шъыпкъагъэ зимыIэхэм апае къин ыщэчыгъ. ЦIыфхэм
загъалIэм, лIэн фэе цIыфыгъ. Тхьэм ар лIагъэхэм
къызахегъэтэджыкIыжьым, мылIэн псагъ.

19Ы Псэ илъэкIыкIэ чIыпIэ шIункIым хэс псэхэм адэжь кIуи, Тхьэм
икъэбар аригъэIугъ.

20Ахэр арыгъэх Нухьэ къухьэр ышIынэу зыпылъыгъэ мафэхэм Тхьэр
щэIэгъэшхокIэ къапаплъэщтыгъэми, ежь емыдэIугъэхэр. Къухьэм исхэу
нэбгырэ заулэ нахь нафэу къапIомэ, нэбгырий хъухэу, псым
хэмыкIуадэхэу къэнэжьыгъэх.

21Ащ фэдэу, зызэряжъугъэумэхъырэмкIэ Исус Христос лIагъэхэм
къызэрахэтэджыкIыжьыгъэм пае, шъумыкIодэу Тхьэм джы
шъукъегъэнэжьы. Зяжъугъэумэхъыныр зыфасIорэр шъупкъыхэм шIоир
атешъуукъэбзыкIыныр арэп, шъугухэмкIэ мыхъун зи зыдэшъумышIэжьэу,
Тхьэм шъуфэшъыпкъэнэу гущыIэ ешъутыныр ары нахь.

22Исус Христос уашъом дэкIоягъэу джы мэлэIичхэри, тетыгъорэ лъэкIрэ
зиIэхэри ежь фэIорышIэхэу Тхьэм иджабгъукIэ гос.

## 1 Петрэ 4

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

### ШӀошъхъуныгъэ зимыӀэхэм афэдэу шъумызекӀу

1Арышъ, Христос ыпкъыкӀэ къин зэрищэчыгъэм пае, шъори ежь игупшысакӀэкӀэ лъэкӀ зижъугъэӀэн фае, сыда пӀомэ, хэтми ыпкъыкӀэ къин зыщэчыгъэм псэкӀодым иӀоф хэлъыжьэп.

2Аущтэу мы дунаим тыщыпсэунэу къытфэнэжьырэ мафэхэм цӀыфхэр зыкӀэхъопсырэ Ӏофхэм атетэу тымызекӀожьэу, Тхьэр зэрэфаем тетэу тэзекӀо.

3Тхьэр зымышӀэрэ цӀыфхэр зекӀонхэу зэрякӀасэм фэдэу, шъори пасэм шъуззэрэзекӀощтыгъэр икъугъэба? Мыхъо-мышӀэ псэукӀэм зешъутызэ шъупсэущтыгъ, хъопсэ шӀойхэми шъукъыращэкӀыщтыгъ, утэшъоными, ешхэ-ешъоными шъушъхьарытӀупщэу шъуапылъыщтыгъ. Тхьэ нэпцӀ гъэлъэпӀэн емыкӀуми шъухэтыщтыгъ.

4Ахэмэ ямыхъо-мышӀэ псэукӀэу гъунэ зимыӀэм джы гъусэ шъуззэрэфэмыхъурэм пае, агъэшӀагъо ыкӀи къышъохъоных.

5Ау бэ темышӀэу псэухэми лӀагъэхэми хьыкум атезышӀыхьащтым джэуап ратын фае.

6Сыда пӀомэ, Христос лӀагъэхэми КъэбарышӀур зыкӀаригъэӀугъэр мыры: адрэ цӀыфхэм афэдэу ахэр лӀэнхэу Тхьэм хьыкум атыришӀыхьагъэ пэтми, ахэри псэунхэр ары, Тхьэр зэрэпсэурэм фэдэу.

7Ау Ӏоф пстэуми якӀэух къэблэгъагъ. Арышъ, Тхьэм шъуишъыпкъэу шъуелъэӀушъуным пае, гурыӀоныгъи щэӀэныгъи зижъугъаӀ.

8ЗэкӀэмэ апэу шъугу етыгъэу шӀу шъузэрэлъэгъу, сыда пӀомэ, шӀулъэгъуныгъэм псэкӀодыбэ егъэгъу.

9ШъумытхьаусыхэушъуззэрэгъэхьакӀ.

10Тхьэм ынэшӀу щыфэныгъэкӀэ лъэкӀ зэфэшъхьафхэу шъуӀэ къырилъхьагъэхэм шӀоу шъуарылажьэу, лъэкӀэу Тхьэм хэти ыӀэ къырилъхьагъэмкӀэ ишӀуагъэ адрэхэм арерэгъэкӀыжь.

11КъэгущыӀэрэм Тхьэм дэжь къикӀырэ гущыӀэхэр къерэӀожьых. ЦӀыфхэм зишӀуагъэ язгъэкӀырэм Тхьэм лъэкӀэу къыритырэмкӀэ ишӀуагъэ арерэгъэкӀ. Ар шъушӀэмэ, Исус Христос шъугухэм зэрарылъым пае, шъушӀэрэ пстэумкӀи цӀыфхэм Тхьэм щытхъу фяжъугъэшӀыщт. МыкӀодыжьын щытхъушхори лъэкӀышхори Тхьэм ий. Амин.

### Христос игъогу шъуззэрэрыкӀорэм пае, къин шъущэчыщт

12СилъапӀэхэр, шъуишъыпкъагъэ зыгъэунэфырэ къинышхоу шъущэчырэр шъумыгъэшӀагъо, къышъохъулӀэрэри гъэшӀэгъонэу къышъущэрэмыхъу.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

13 Ау Христос къинхэу ыщэчыгъэхэмкIэ Iахь зэрэшъуиIэм пае шъугушIу, сыда пIомэ, Христос щытхъушхо иIэу къызылъэгъощт мафэм гушIогъошхо шъуиIэщт.

14 Христос ыцIэ зэрэжъугъэлъапIэрэм пае, цIыфхэр къышъохъонхэмэ, гъогу мафэ шъутеуцуагъ, сыда пIомэ, Тхьэм ы Псэ ЛъапIэу щытхъушхо зиIэр шъуигъусэ.

15 Шъуащыщэу зыгорэм къин ыщэч хъумэ, зыкIищэчырэр цIыф укIакIоу, е тыгъуакIоу, е бзэджашIэу, е иIоф зыхэмылъым пылъышъ арэу орэмыхъу.

16 Ау Христос игъогу зэрэрыкIорэм пае, зыгорэм къин ыщэчымэ, орэмыукIытэ, ау Христос игъогу рыкIохэрэм зэращыщым пае, Тхьэм щытхъу ферэшI.

17 Сыда пIомэ, Тхьэм ежь иунагъо хьыкум тыришIыхьанэу зиублэщт уахътэр къэсыгъ. ХьыкумшIэныр тэркIэ къеублэмэ, Тхьэм икъэбарышIу емыдэIухэрэм сыда къяхъулIэщтыр?

18 «ШъыпкъагъэзиIэ цIыфхэри ерагъэу мыкIодхэу къэнэжьхэмэ, Тхьэм шIоIыкI фызимыIэхэми псэкIод зышIэхэрэми сыда къяхъулIэщтыр?»

19 Арышъ, Тхьэр зыфаем тетэу къин зыщэчыхэрэм, Тхьэу ахэр къэзгъэхъугъэу узщыгугъыщтым ыIэ зырарэлъхьи, шIу арэшIэ зэпыт.

## 1 Петрэ 5

**Мэлахъом мэлхэм ынаIэ зэратыригъэтырэм фэдэу, Тхьэм ицIыфхэм шъунаIэ атежъугъэт**

1 Чылыс зэIукIэм инахьыжъхэу къышъухэтхэм сышъолъэIу. Сэри чылыс зэIукIэ горэм инахьыжъхэм сащыщ. Христос къинэу ыщэчыгъэхэм сыряшыхьат, Христос ищытхъушхоу къэлъэгъощтымкIи Iахь сиIэщт. СызэрэшъолъэIурэр мыры:

2 Мэлахъом мэлхэм ынаIэ зэратыригъэтырэм фэдэу, шъори Тхьэм ицIыфхэу шъуадэжь щыIэхэм мэлахъо шъуафэхъуи, шъунаIэ атежъугъэт, егъэзыгъэ хэмылъэу, ау шъуигуапэу, Тхьэм ыгу зэIурэм фэдэу. МылъкумшъукIэмыхъопсэу, шъугу етыгъэу ахэмэ шъуафэлажь.

3 Ау шъуIэ илъ цIыфхэм лIыгъэкIэ тетыгъо афышъуиIэу шъуадэмызекIу, ау шапхъэ шъуафэхъуным пае, шIу шъушIэ.

4 ЕтIанэ Христосэу апэрэ мэлахъор къызылъэгъожькIэ, текIоныгъэм итанджэу щытхъушхо зиIэу мыкIодыжьыщтыр къышъуитыщт.

5 Шъо, ныбжьыкIэхэри, нахьыжъхэм шъуафэIорышI. Пэгагъэ шъугухэм арымылъэу шъузэфыщыт, сыда пIомэ, «Тхьэр пэгагъэ зыгу илъ цIыфым пэуцу, ау пэгагъэ зыгу имылъым ынэшIу къыщефэ».

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

6Арышъ, лъэкI зиIэ Тхьэм ыпашъхьэ зыщыжъугъэцIыкIу, ежь
ыгъэнэфэгъэ уахътэр къызыскIэ, шъукъыIэтыжьыным пае.

7Шъуигумэкl пстэури Тхьэм фэжъугъаз, сыда пIомэ, ащ ынаIэ
къышъутырегъэтышъ ары.

8ЩэIагъэ зижъугъаI, шъумычъыеуи шъусакъ. Гъуахъорэ аслъаным
фэдэу, шъуипыеу шэйтаным зыгорэ зэхицунтхъэным лъыхъузэ къекIухьэ.

9ШIошъхъуныгъэм игъогу шъукъызэкIэмыкIожьэу шъутетэу, шэйтаным
шъупэуцужь, сыда пIомэ, шъушыхэм, дунаим тыдэ щыIэхэми, ащ фэдэ
къинхэр зэращэчыхэрэр шъошIэ.

10ЗэкIэ шIугъэрэ гукIэгъурэ зиIэ Тхьэм ищытхъушхоу мыкIодыжьыщтымкIэ
Iахь шъуиIэнэу къышъоджагъ, Христос Исус шъугухэм зэрарылъым пае.
Зы тIэкIурэ къин зышъущэчырэ ужым, ежь Тхьэм
шъукъызэтыригъэуцожьынышъ, шъугухэр ыгъэпытэнхэшъ,
шIошъхъуныгъэм игъогу шъукъызэкIэмыкIожьэу, пытэу шъутыригъэтыщт.

11МыкIодыжьын лъэкIышхор Тхьэм ий. Амин.

**Аужырэ шIуфэс гущыIэхэр**

12Сшы шъыпкъэу слъытэрэ Силуан иIэпыIэгъукIэ тIэкIу къышъуфэсэтхы.
КъызыкIэстхырэр шъушIошъ згъэхъунэуи, къыжъугурызгъэIонэуи, Тхьэм
ишIугъэрэ игукIэгъурэ яхьылIагъэу стхыгъэр зэрэшъыпкъэм шыхьат
сыфэхъунэуи ары. Гъогу шъыпкъэм шъутемыкIэу, Тхьэм ынэшIущыфэн
зыхэшъумыгъэн.

13Тхьэм шъукъызэрэхихыгъэм фэдэу, Бабилэн щыIэ чылыс зэIукIэу Тхьэм
къыхихыгъэм шIуфэс къышъуехыжьы. Скъо Марки шIуфэс
къышъуехыжьы.

14ШIулъэгъукIэ IаплI зэшъущэкIызэ, шIуфэс зэшъухыжь. Шъо зэкIэ
Христос зыгу илъхэм гупсэф Тхьэм къышъуерэт. Амин.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

# 2 Петрэ

## 2 Петрэ 1

### Шlуфэс

1Исус Христос фэлажьэрэ иапостолэу Симон Петрэ ары мы тхылъыр къэзытхырэр. Сэ сы Симон Петрэ, Исус Христос сыфэлажьэ, сыриапостол. Ти Тхьэу, тымыкlодэу тыкъэзгъэнэжьырэ Исус Христос изэфагъэкlэ осэшхо зиlэ шlошъхъуныгъэу тиlэм фэдэ шlошъхъуныгъэ зиlэ хъугъэ цlыфхэр арых мы тхылъыр зыфэстхыхэрэр.

2Ти Тхьэрэ ти Зиусхьан Исус Христосрэ нахьышlоу зэрэшъушlэхэрэмкlэ Тхьэм ынэшlу инэу къышъуещерэфэ зэпыт, гупсэфышхуи къышъуерэт зэпыт.

### Тхьэм ибынхэм ащыщ шъухъунэу къызэрэшъоджагъэри шъукъызэрэхихыгъэри къэжъугъэшъыпкъэжьых

3Тхьэм шlолlыкl фытиlэу тыпсэуным пае, тищыкlэгъэ пстэури Тхьэм илъэкlышхокlэ Христос къытитыгъ. Аущтэу зыкlишlагъэр зищытхъушхокlи зишlугъэшхокlи ибынхэм ащыщ тыхъунэу къытэджэгъэ Тхьэр зэрэтшlэрэр ары.

4Аущтэу Тхьэм тыкъызэригъэгугъэгъэ lахьышхохэу осэшхо зиlэхэр къытитыгъэх, ахэмкlи дунаим тет хъопсэ lаехэу цlыфхэр зыгъэкlодхэрэм защышъудзыенышъ, Тхьэм ищытыкlэ-псэукlэ щыщ lахь жъугъотыным пае.

5Арышъ, шъуишlошъхъуныгъэ шlугъэри зэрэхэжъугъэхъоным ыуж шъуит; шlугъэми шlэныгъэр хэжъугъахъу;

6шlэныгъэми щэlэныгъэ хэжъугъахъу; щэlэныгъэми теубытагъэ хэжъугъахъу; теубагъэми Тхьэм шlолlыкlэу фышъуиlэныр хэжъугъахъу;

7Тхьэм шlолlыкlэу фышъуиlэм зэкъошныгъэр хэжъугъахъу; зэкъошныгъэми шlулъэгъур хэжъугъахъу.

8Мыхэр зэкlэ шъухэлъхэу, ахахъохэмэ, зи шъумыгъахъэу, шlугъи къышъухэмыкlэу шъукъэнэщтэп, ти Зиусхьан Исус Христоси нахьышlоу шъушlэщт.

9Ау мы lофхэр зыхэмылъ цlыфыр нэшъу, ынэхэри зэтепlуагъэх. А цlыфым ипсэкlодшlагъэхэр Тхьэм зэрэригъэукъэбзыкlыжьыгъэхэр щыгъупшэжьыгъ.

10Аущтэу зэрэщытым пае, сшыхэр, Тхьэм ибынхэм ащыщ шъухъунэу къызэрэшъоджагъэри шъукъызэрэхихыгъэри къызэрэжъугъэшъыпкъэжьыным нахьыбэу ыуж шъуит зэпыт. Джаущтэу шъушlымэ, Тхьэм игъогу егъашlэми шъутекlыщтэп,

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

11сыда пIомэ, аущтэу тымыкIодэу тыкъэзгъэнэжьырэ ти Зиусхьан Исус
Христос и Тетыгъошхоу мыкIодыжьыщтым шъучIэхьанэу фит шъухъущт.

12Арышъ, мы Iофхэр шъошIэми, шъыпкъагъэми пытэу шъутет пэтми,
мыхэр зэкIэ шъугу къэзгъэкIыжь зэпытыщт.

13Спкъы ичэтэнгъэIагъэ сычIэтэу сэпсэуфэ, мы Iофхэр шъугу
къызэрэзгъэкIыжьырэмкIэ шъукъэзгъэущыныр тэрэзэу сэлъытэ.

14Бэ темышIэу спсэ спкъы зэрэхэкIыжьыщтыр сэшIэ, ти Зиусхьан Исус
Христос къызэрэзгуригъэIуагъэм фэдэу.

15Мы дунаим сызехыжьырэ ужми, мы Iофхэр сыдигъуи шъугу
къыжъугъэкIыжьышъуным джы сыпылъыщт.

### Апостолхэм къаIогъэ къэбарыр шъыпкъэ

16Исус Христос лъэкIышхоу иIэмрэ дунаим къызэригъэзэжьыщтымрэ
якъэбар къызышъотэгъэIум, зэгъэкIугъэу къэтыугупшысыгъэ тхыдэжъхэр
къышъуфэтIотагъэкIэ арэп, тэ тынэхэмкIэ ежь ищытхъушхо тлъэгъугъэ
нахь.

17Сыда пIомэ, «Мары сэ шIу слъэгъурэ с Къо кIасэу сыгу зэIурэр» – ыIоу,
щытхъушхо зиIэ анахь Лъагэм ымакъэ къызынэсым, Тхьэу Ты лъапIэм
лъытэныгъэшхорэ щытхъушхорэ ащ фигъэшъошагъ.

18А макъэу уашъом къиIукIыгъэр тэ ттхьакIумэхэмкIэ зэхэтхыгъ, сыда
пIомэ, тыригъусэу Iошъхьэ лъапIэм тытетыгъ.

19Джы нахь лъэшэу цыхьэ афэтэшIы пегъымбархэм къаIогъэ гущыIэхэм.
Нэф къэшъынышъ, нэфылъ жъуагъор шъугу къыщыкъокIыфэ, ахэмэ
къаIуагъэхэу, чIыпIэ мэзахэ горэм къыщынэфырэ остыгъэм фэдэхэм
шъуафэсакъызэ шъуядэIумэ, шIу шъошIэ.

20ЗэкIэми анахьэу мыр шъушIэн фае: Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэу
пегъымбархэм къаIуагъэхэр зыми ежь-ежьырэу зэхифынхэ ылъэкIыщтэп.

21Пегъымбархэм ягущыIэхэр ежь-ежьырэу къаIуагъэхэп, ау Тхьэм ы Псэ
ЛъапIэ а гущыIэхэр пегъымбархэм агухэм къарилъхьэхи, къаригъэIуагъ.

## 2 Петрэ 2

### Пегъымбар нэпцIхэмрэ дин гъэсэкIо нэпцIхэмрэ

(Иудэ 4-13)

1Ау Тхьэм илъэпкъ пегъымбар нэпцIхэри хэтыгъэх. Ащ фэдэу дин
гъэсэкIо нэпцIхэр шъори къышъухэтыщтых. ЦIыфхэр зыгъэунэхъун
Iофхэм афагъэсэщтых. Ашъхьэ зыщэфыжьыгъэ Зиусхьанри адэщтэп.
Аущтэу псынкIэу ежьхэм загъэунэхъужьы.

2Ахэмэ ямыхъо-мышIэ псэукIэ игъогу цIыфыбэ техьащт, аущтэуи
шъыпкъагъэм игъогу цIыфыбэ къырагъэхъонэщт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

3Янэйпсыягъэкlэ гущыlэ нэпцlхэр къаlохэзэ, шъуишlуагъэ зэрагъэкlыщт.
Тхьэм ахэр зигъэмысэхэрэр бэшlагъэ, Тхьэу ахэр зыгъэкlодыщтри
чъыерэп.

4Сыда пlомэ, мэлэlичхэу псэкlод зышlагъэхэми Тхьэр ашъхьасыгъэп, ау
lэхъу-лъэхъухэр атырилъхьи, цlыфхэм хьыкум зыщатыришlыхьащт
ахърэт мафэм нэс, джэхьнэмым ишlункl хэтынхэу фигъэзагъэх.

5Тхьэр пасэми дунаим къышъхьасыгъэп, псы къиушхор Тхьэм шlолlыкl
фызимыlэ цlыфхэм ядунай къызытырегъаом. Ау пегъымбар Нухьэ
шъыпкъагъэм игъогу икъэбар зэригъэlущтыгъэм пае, нэбгырибл игъусэу
Тхьэм ар мыкlодэу къыгъэнэжьыгъ.

6Къалэхэу Содомрэ lаморрэрэ кlодынхэу ыгъэмысэхи, машlокlэ
ыгъэстыхи, яжьэ ыгъэхъугъэх. Аущтэу ахэмэ къяхъулlагъэмкlэ ежь
шlолlыкl фызимыlэ цlыфхэм къяхъулlэщтыр Тхьэм къыгъэлъэгъуагъ.

7Шъыпкъагъэ зиlэ Лутэу а цlыфхэу Тхьэм иунашъохэм атекlыгъэхэм
ямыхъо-мышlэ псэукlэ къыхэкlыкlэ улэугъэр ахэмэ адэмыкlодэу Тхьэм
къыгъэнэжьыгъ,

8сыда пlомэ, мы лlэу шъыпкъагъэ зиlэр адэпсэоу, хабзэ зыхэмылъ lофхэу
ашlэщтыгъэхэр зилъэгъукlэ ыкlи зызэхиххэкlэ, мафэ къэси ыгоу
шъыпкъагъэ зиlэм къеощтыгъ.

9Ащ фэдэу Тхьэм шlолlыкl фызиlэхэм яшlошъхъуныгъэ гъэунэфыгъэ хъу
зыхъукlэ, зэрэхищыжьыщт шlыкlэр ешlэ ащ. Шъыпкъагъэ зимыlэхэми
ябзэджагъэ аригъэпщыныжьызэ, ахърэт мафэм нэс къызэригъэнэщт
шlыкlэри ешlэ Тхьэм,

10зэкlэми апэу цlыфхэу зипсэкlодышlэ шэныжъым ихъопсэ мыкъабзэхэм
къыращэкlхэу, тетыгъо зиlэхэр зэзымыпэсхэрэр ары. Дысыхэу,
къаигъэхэу, уашъом щытхъушхо щызиlэхэми яхъоныным щыщынэхэрэп.

11Мэлэlичхэм а цlыфхэм анахьи нахь лъэкlи, тетыгъуи яlэ пэтми, Тхьэм
ыпашъхьэ ахэмэ щяхъонхэрэп ыкlи щагъэмысэхэрэп.

12Ау мы цlыфхэр зыфэдэхэр акъыл зимыlэ хьэкlэ-къуакlэхэу зипсэукlэ
къырищэкlхэрэм фэдэхэу зекlохэрэр ары. А цlыфхэр аубытынхэм ыкlи
агъэкlодынхэм пае къэхъугъэх. Зи зыхамышlыкlрэ lофхэм яхъоных ахэр.
Нэмыкlрэ цlыфхэр зэрагъэунэхъухэрэмкlэ ежьхэм загъэунэхъужьы.

13Бзэджагъэу ашlагъэм ифэшъуашэ агъотыжьыщт а цlыфхэм. Мэфэ
реным ахъщабэ зытырагъэкlодэжьыныр, загъэтхъэжьыныр ягуап.
Къызыжъудашхэхэкlэ, укlытагъохэу загъэпсы, нэпэтеххэу мэзекlох,
шъузэрагъапцlэрэмкlэ загъэтхъэжьы.

14Зинэ шlэным анэхэр фалlэхэу, псэкlодшlэнымкlэ загъэшхэкlын
алъэкlырэп. Тхьэм игъогу яшъыпкъэу темытхэр зыlэпащэх. Агухэр
нэйпсыягъэм есагъэх, ахэмэ Тхьэм ынае къащифагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

15Гъогу занкӀэм текӀыхи, гъощагъэх. Босор ыкъоу БалаӀам игъогу техьагъэх. Ахъщэ къыгъэхъэным пае, бзэджэшӀэныр зигуапэу щыӀагъэр ары.

16Ау бзэджагъэу ышӀагъэм пае, щыдыр къегыигъ. Щыдэу бзэ зимыӀэр цӀыф макъэкӀэ къэгущыӀи, пегъымбарым иакъылынчъагъэ пэуцугъ.

17А цӀыфхэр псынэ игъукӀыжьыгъэхэми жьыбгъэшхом зэрифэрэ ошъуапщэхэми афэдэх. МыкӀодыжьын шӀункӀым икуупӀэ Тхьэм ахэмэ афигъэнэфагъ.

18Ахэмэ пэгагъэ зыхэлъ гущыӀэхэмрэ пкӀэ зимыӀэ гущыӀэхэмрэ къаӀохэзэ, гъогу пхэнджым гъощагъэхэу тетхэм къаӀэпыкӀыжьхэу зыублэгъэ цӀыфхэр зыӀэпащэх. Ахэр зэрызыӀэпащэхэрэ шӀыкӀэр мары: цӀыфым ипсэкӀодышӀэ шэныжъыр зыкӀэхъопсыхэрэ Ӏофхэр агъэцэкӀэнхэуи, мыхъо-мышӀэ псэукӀэм зыратынэуи агъэгушхох.

19Шъхьафитыныгъэу зыфаӀорэмкӀи агъэгугъэх, ау ежьхэр кӀодыным ипщылӀых, сыда пӀомэ, сыд щыщми тетыгъо къыпфызиӀэм ипщылӀ ухъугъ.

20А цӀыфхэм ти Зиусхьанэу, тымыкӀодэу тыкъэзгъэнэжьырэ Исус Христос зэрашӀагъэмкӀэ дунаим ибзэджэгъэ шӀоим зыщадзыягъэу, ау етӀанэ бзэджагъэм зырагъэубытыжьэу, тетыгъо къафыриӀэу хъужьмэ, кӀэухым дэжь ахэмэ яӀоф ыпэм нахьи нахь Ӏае мэхъу.

21Шъыпкъагъэм игъогу ашӀагъэу, етӀанэ текӀыжьхэу унэшъо лъапӀэу къафагъэнагъэм акӀыб фагъэзэным нахьи, Христос икъэбарышӀу игъогу амышӀагъэмэ, а цӀыфхэмкӀэ нахьышӀущтыгъ.

22ГущыӀэжъ шъыпкъэм тетэу ахэмэ къяхъулӀагъ: «Хьэм къыжыгъэм фегъэзэжьы», ыкӀи «Къоу агъэпскӀыгъэм шӀоим зыхигъэукӀорэенэу егъэзэжьы».

## 2 Петрэ 3

### Дунаим къыгъэзэжьынэу Зиусхьаным тыкъыгъэгугъагъ

1Мыры ятӀонэрэ тхылъэу къышъуфэстхырэр, силъапӀэхэр. Мы тхылъитӀур къызкӀышъуфэстхыгъэр мы Ӏофхэр шъугу къэзгъэкӀыжьызэ, акъылыгъэ хэлъэу шъуязгъэгупшысэныр ары.

2Пегъымбар лъапӀэхэм къаӀогъэ гущыӀэхэри, ти Зиусхьанэу тымыкӀодэу Тыкъэзгъэнэжьырэм шъуиапостолхэм къаригъэӀогъэ унашъори шъугу къэжъугъэкӀыжьынэу сыфай.

3ЗэкӀэмэ анахьэу мыр шъушӀэн фае: мы дунаим иаужыпкъэрэ мафэхэм мыукӀытэрэ кӀэнэкӀакӀохэр къэлъэгъощтых. Яхъопсэ Ӏаехэм къыращэкӀхэзэ, ахэмэ

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

[4]моущтэу аlощт: «Исус къыгъэзэжьынэу тыкъыгъэгугъагъ. Адэ тыдэ щыlа? Сыда пlомэ, тятэжъхэр дунаим ехыжьыгъэх, ау Тхьэм дунаир къызигъэхъугъэм щегъэжьагъэу зэкlэ зытетыгъэм тет».

[5]Аущтэу егупшысэхэу, бэшlагъэу Тхьэм игущыlэкlэ уашъохэмрэ чlылъэмрэ псым къыхигъэшlыкlыхэу, псымкlэ къызэригъэхъугъэхэр ашlэрэп.

[6]Псыри Тхьэм пэсэрэ дунаим къытыригъауи, ыгъэкlодыгъагъ.

[7]Ащ фэдэу джырэ уашъохэмрэ джырэ чlылъэмрэ а гущыlэ дэдэмкlэ Тхьэм машlом къыфигъэнэжьыгъэх. Тхьэм цlыфхэм хьыкум атыришlыхьанышъ, ежь шlолlыкl фызимыlэхэр зыкlодыжьыщт ахърэт мафэм нэс ахэр къыгъэнэщтых.

[8]Мы шъыпкъэр шъоркlэ мынафэу щэрэмыт, силъапlэхэр: Зиусхьаным дэжькlэ зы мафэр илъэс миным фэд, илъэс минри зы мафэм фэд.

[9]Цlыф куп зэрэгугъэрэм фэдэу, Зиусхьаным lофхэу цlыфхэр къызэригъэгугъагъэхэр ыгъэцэкlэнхэр ыгъэгужъощтэп. Ау Тхьэм щэlагъэ къышъуфырил, сыда пlомэ, зы цlыфи кlодынэу фэмыеу, цlыф пстэури япсэкlодхэм афыкlэгъожьынхэу фаешъ ары.

[10]Ау Зиусхьаныр къызыкlожьыщт мафэр тыгъуакlом фэдэу амышlахэу къэсыщт. А мафэм мэкъэшхо пыlукlызэ, уашъохэр кlодыжьыщтых, мы дунаир зыхэшlыкlыгъэ пстэури машlом хэстыхьанхэшъ, кlодыжьыщтых. Чlылъэри ащ тет пстэури машlом хэстыхьажьыщтых.

[11],[12]Зэкlэри аущтэу зэрэкlодыжьыщтым пае, Тхьэм имафэ шъупаплъэу, а мафэр нахь псынкlэу къызэрэсыщтым ыуж шъуитэу, гу къабзэкlи Тхьэм шъушlолlыкlэу шъупсэун фае. А мафэр къызыскlэ, уашъохэр машlокlэ кlодыжьыщтых. Дунаир зыхэшlыкlыгъэхэри фэбэшхом ыгъэткlущтых.

[13]Ау Тхьэм тыкъызэригъэгугъагъэм тетэу, шъыпкъагъэ зыдэщыlэ ошъуакlэри чlылъакlэри щыlэ зэрэхъущтым тыщыгугъэу тыпэплъэ.

[14]Арышъ, силъапlэхэр, ахэмэ шъузэрапаплъэрэм пае, лажьэ зи шъуимыlэу, зыми шъузэригъэмысэн зи щымыlэу, гупсэфи шъуиlэу, Тхьэм ыпашъхьэ шъузэрихьащтым ыуж шъуит.

[15]Шъумыкlодэу шъукъыгъэнэжьынэу игъо шъуригъэфэныр ары Зиусхьаным щэlагъэ зыкlиlэр, ар зыгурыжъугъаlу, тэ тшы Паулэу шlу тлъэгъурэм Тхьэм къыритыгъэ акъылышlуагъэкlэ къызэрэшъуфитхыгъэм фэдэу.

[16]Мы lофхэм къатегущыlэзэ, итхылъ пстэуми аущтэу аритхагъ. Итхылъхэм гурыlогъуаехэри арытых. Зэхэшlыкl зимыlэхэу, агухэмкlэ теубытагъэ зимыlэ цlыфхэм Паул итхылъхэр зэlагъахьэ, адрэ тхылъ лъапlэхэр зэрэзэlагъахьэхэрэм фэдэу. Аущтэу зэрашlырэмкlэ загъэкlодыжьы.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

17Арышъ, силъапІэхэр, мыр шъушІэгъахэшъ, Тхьэм иунашъохэм атекІырэ цІыфхэм ягъогу пхэнджхэм шъузэрэдамыхьыхыними, шъыпкъагъэу шъузытетым шъузэрэтемыкІыжьыными шъуфэсакъ.

18Ти Зиусхьанэу тымыкІодэу Тыкъэзыгъэнэжьырэ Исус Христос игукІэгъурэ ишІугъэрэ фэдэхэр нахь шъухэлъэу, Тхьэри нахьышІоу зэрэшъушІэным ыуж шъуит. Джырэ мафэми мыухыжьын мафэм нэсыфи щытхъушхор ий. Амин.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышІур (Инджыл)

# 1 Иуан

## 1 Иуан 1

**ЩыIэныгъэ шъыпкъэ къытэзытырэ ГущыIэр**

1Ублап1эм къыщегъэжьагъэу щыIагъэу, тэ зэхэтхыгъэу, тынэхэмкIи тлъэгъугъэу, тызэплъыгъэу, тIэхэмкIи тызтеIэбагъэр – цIыфхэм щыIэныгъэ язытырэ ГущыIэр ары, ежьыри ары зикъэбар къэтIуатэрэр.

2А щыIэныгъэр къэлъэгъуагъ. Ар тлъэгъугъэ, шыхьати тыфэхъугъ. А мыкIодыжьын щыIэныгъэу Ты лъапIэм дэжь щыIагъэу, тэ къытфэлъэгъуагъэм икъэбар къышъуфэтэIуатэ.

3Гъусэ шъукъытфэхъуным пае, тлъэгъугъэу, зэхэтхыгъэм икъэбар къышъуфэтэIуатэ. Гъусэныгъэ зыфытиIэхэр Ты лъапIэмрэ ежь ы Къоу Исус Христосрэ ары.

4Мыр зыкIэттхырэр шъуигушIуагъо щыкIагъэ имыIэу, икъугъэ хъуныр ары.

**Тхьэр – нэфын**

5Къэбарэу Тхьэм ы Къо тэ къытиIуагъэу къышъодгъэIурэр мары: Тхьэр – нэфын, шIункIыгъи ащ хэлъэп.

6Тхьэм тыригъусэу тIо пэтми, ау шIункIым тыхэтэу тызекIомэ, пцIы тэусы, шъыпкъагъэри дгъэцакIэрэп.

7Тхьэр нэфынэм зэрэхэтым фэдэу, нэфынэм тыхэтэу тызекIомэ, гъусэныгъэ зэфытиI, ы Къоу Исус ылъэу къащым щыкIэкIыгъэми псэкIод пстэури тыгухэм ареукъэбзыкIыжьы.

8ПсэкIод зи тимыIэу тIомэ, зытэгъэпцIэжьы, шъыпкъагъи тыгухэм арылъэп.

9Ау типсэкIодхэр Тхьэм ыпашъхьэ итлъхьэхэмэ, ар шъыпкъэныгъэ хэлъэу, зафэу зэрэщытым пае, типсэкIодхэр къытфигъэгъущтых, зэкIэ къончагъэхэри тыгухэм ариукъэбзыкIыжьыщт.

10Тэ псэкIод тымышIагъэу тIомэ, Тхьэр пцIыусэу тIуагъэу мэхъу, игущыIэхэри тыгухэм арылъхэп.

## 1 Иуан 2

**Христос Ты лъапIэм тфелъэIу**

1Шъо, сибынхэр, псэкIод шъумышIэным пае, мыр къышъуфэсэтхы. Ау зыгорэм псэкIод ышIэмэ, Ты лъапIэм тэ тфелъэIун тиI – ар шъыпкъагъэ зиIэ Исус Христос ары.

2Къурмэныпхъэу типсэкIодхэр тфэзыпщыныжьырэр джары, ау тэ типсэкIодхэм язакъоп, дунаим ицIыф пстэуми япсэкIодхэри ары.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

3Тхьэр зэрэтшІэрэ шъыпкъэр тэзыгъашІэрэр иунашъохэр зэрэдгъэцакІэхэрэр ары.

4ЦІыф горэм «Тхьэр сэшІэ» – еІо пэтми, Тхьэм иунашъохэр ымыгъэцІакІэхэмэ, ар пцІыус, шъыпкъагъи хэлъэп.

5Ау зыгорэм Тхьэм игущыІэхэр егъэцакІэхэмэ, шъыпкъэу Тхьэм ишІулъэгъуныгъэ щыкІагъэ зи имыІэу, икъугъэу а цІыфым ыгу илъ; джары Тхьэр тыгухэм зэрарылъыр тэзгъашІэрэр.

6«Тхьэр сыгу илъ» – зыІорэр Исус зэрэзекІощтыгъэм фэдэу зекІон фае.

**УнэшъуакІэр**

7СилъапІэхэр, унэшъуакІэ горэп сэ къышъуфэстхырэр, апэм къыщегъэжьагъэу шъуиІэгъэ унэшъожъыр ары нахь. А унэшъожъыр къэбарэу зэхэшъухыгъэр ары.

8Ау щытми, унашъоу къышъуфэстхырэр унэшъуакІ; а унашъом ишъыпкъагъэ Христос шъо къышъуигъэлъэгъугъ, сыда пІомэ, шІункІыр мэкІодыжьы, нэфынэ шъыпкъэр къэлъэгъогъах.

9ЦІыф горэм «Сэ нэфынэм сыхэт» еІо пэтми, ыш ыуджэгъумэ, ар шІункІым джыри хэт.

10Зыш шІу зылъэгъурэр нэфынэм хэт, псэкІод ышІэнэу ар зыгъэлъэпэон зи щыІэп.

11Ау зыш зыуджэгъурэр шІункІым хэт, шІункІыми хэтэу мэзекІо, зыдакІорэри ышІэрэп, сыда пІомэ, шІункІым ынэхэм амылъэгъу ышІыгъэхэшъ ары.

12Шъо, сибынхэр, шъуипсэкІодхэр Христос ыцІэкІэ къызэрэшъуфэгъугъэхэм пае, къышъуфэсэтхы.

13Шъо, тыхэр, ублапІэм къыщегъэжьагъэу ЩыІэр зэрэшъушІэрэм пае, къышъуфэсэтхы. Шъо, кІалэхэр, шэйтаным шъузэрэтекІуагъэм пае, къышъуфэсэтхы. Шъо, сабыйхэр, Ты лъапІэр зэрэшъушІэрэм пае, къышъуфэсэтхы.

14Шъо, тыхэр, ублапІэм къыщегъэжьагъэу ЩыІэр зэрэшъушІэрэм пае, къышъуфэсэтхы. Шъо, кІалэхэр, лъэкІ зэрэшъуиІэм пае къышъуфэсэтхы. Тхьэм игущыІэхэр шъугухэм арылъых, шэйтаными шъутекІуагъ.

15Мы дунаири, мы дунаим иІофхэри шІу шъумылъэгъух. Мы дунаир шІу зылъэгъурэ цІыфым ыгу Ты лъапІэм ишІулъэгъуныгъэ илъэп.

16Сыда пІомэ, мы дунаим иІофхэу – цІыфхэм япсэкІодышІэ шэныжъ зыкІэхъопсырэ Іофхэри, цІыфхэм анэхэр зыкІэхъопсырэ Іофхэри, цІыфхэр зэрыпэгэрэ Іофхэри – Ты лъапІэм дэжь къикІыхэрэп, мы дунаир ары нахь къыздикІыхэрэр.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышІур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

17Мы дунаири, мы дунаим иІофхэу цІыфхэр зыкІэхъопсыхэрэри
мэкІодыжьых, ау Тхьэр зыфаер зыгъэцэкІэрэ цІыфыр егъашІэми щыІэщт.

**Антихрист**

18Шъо, сибынхэр, мыр аужырэ сыхьат дэдэр ары.
Антихрист къызэрэкІощтыр зэрэзэхэшъухыгъэм фэдэу, джы антихрист
Іаджи къэкІуагъ. Аущтэу аужырэ сыхьат дэдэр къызэрэсыгъэр тэшІэ.

19А цІыфхэр тэ тхэкІыгъэх, ау ахэр тэ тщыщыгъэхэп. Сыда пІомэ, ахэр тэ
тщыщыгъэхэмэ, тадэжь къанэщтыгъэх. Ау тэ тхэкІыгъэх, аущтэуи ахэмэ
ащыщэу зи зэрэтщымыщыр нафэ хъугъэ.

20Ау Христос ы Псэ ЛъапІэ къышъуфыригъэхыгъ, шъо зэкІэми
шъыпкъагъэри шъошІэ.

21Шъыпкъагъэр шъумышІэу сІоу арэп тхылъ къызкІышъуфэстхырэр, ар
шъошІэшъ ары нахь. Шъыпкъагъэм пцІы къызэрэхэмыкІыщтри шъошІэ.

22Хэта адэ пцІы зыусырэр? Исус зэрэ Христосыр зымыдэрэр ары. Ащ
фэдэ цІыфыр ары антихристыр. Ты лъапІэри Къо лъапІэри ащ ыдэхэрэп.

23Хэти Къо лъапІэр зымыдэрэм ыгу Ты лъапІэри илъэп. Къо лъапІэр
зыдэрэм ыгу Ты лъапІэри илъ.

24Арышъ, апэм къыщегъэжьагъэу зэхэшъухыгъэр шъугухэм арыжъугъэлъ
зэпыт. Апэм къыщегъэжьагъэу зэхэшъухыгъэр шъугухэм арылъ зэпытмэ,
Къо лъапІэри Ты лъапІэри шъугухэм арылъ зэпытыщтых.

25Христос тыкъызэригъэгугъагъэр мыкІодыжьын щыІэныгъэр ары.

26Тхьэм игъогу шъо шъутезгъэкІынэу ыуж итхэм яхьылІагъэу мы Іофхэр
къышъуфэсэтхы.

27Ау шъо Христос ежь ы Псэ ЛъапІэ къышъуфыригъэхыгъ, ы Пси
шъугухэм арылъ зэпыт, зыгорэми зыгорэ шъуигъэшІэнэу шъуищыкІагъэп,
сыда пІомэ, Христос ы Псэ ЛъапІэ Іоф пстэуми яхьылІагъэу шъуегъашІэ.
Ащ шъыпкъагъэ иІ, зы пцІы ащ хэлъэп. Ащ зэрэшъуигъэшІагъэм фэдэу,
Христос шъугухэм арыжъугъэлъ зэпыт.

**Тхьэм ибынхэр**

28Аущтэу шъо, сибынхэр, Христос дунаим къызыкІожьыщт мафэр
къэсыгъэу ар къызылъагъокІэ, ежь ыпашъхьэ гушхо щытиІэу,
тымыукІытэжьыным пае, ежь шъугухэм арыжъугъэлъ зэпыт.

29Христос шъыпкъагъэ зэриІэр шъошІэшъ, хэтми шъыпкъагъэр
зыгъэцакІэрэри Тхьэм зэрибыныр шъошІэ.

## 1 Иуан 3

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

1Ты лъапIэм шIулъэгъуныгъэшхоу къытфыриIэм шъуегупшыс, «Шъо
шъусибын» еIо. Тэри ежь тырибын. Мы дунаим ицIыфхэм
тызкIамышIэрэр Ты лъапIэр зэрамышIагъэр ары.

2СилъапIэхэр, джы Тхьэм тырибын, тэ тызфэдэ хъущтыр джыри нафэп.
Ау ар нафэ зыхъукIэ, ежь фэдэ тызэрэхъущтыр тэшIэ, сыда пIомэ, ежь
зыфэдэр тлъэгъущт.

3Хэти Христос щыгугъэу, ащтэу зэрэхъущтыми щыгугъэу паплъэрэ
цIыфым ыгу егъэкъабзэ, Христос ыгу зэрэкъабзэм фэдэу.

4Хэти псэкIод зышIэрэр Тхьэм иунашъо текIы, сыда пIомэ, псэкIодшIэныр
унашъом текIыныр ары.

5Ау Христос типсэкIодхэр ттырихынхэу къызэрэкIуагъэр шъошIэ. ПсэкIод
ащ хэлъэп.

6Хэти Христос зыгу илъ зэпытым ыкIыб псэкIодшIэным фигъэзагъ. Ау
хэти псэкIод зышIэрэм Тхьэр шIошъхъуныгъэкIэ ылъэгъугъэп ыкIи
ышIагъэп.

7Шъо, сибынхэр, зыми зыкъешъумыгъэгъапцI. Шъыпкъагъэр
зыгъэцакIэрэм шъыпкъагъэ иI, Христос шъыпкъагъэр зэриIэм фэдэу.

8ПсэкIод зышIэрэр шэйтаным ибын, сыда пIомэ, ублапIэм щегъэжьагъэу
шэйтаным псэкIод ешIэшъ ары. Тхьэм ы Къо мы дунаим къызфэкIуагъэр
шэйтаным иIофхэр ыгъэкIодыныр ары.

9Хэти Тхьэм ибын хъугъэм псэкIодшIэным ыкIыб фигъэзагъ, сыда пIомэ,
Тхьэм ащ ыгу къырилъхьагъэр ежь ы Псэ ЛъапI ары, ари Тхьэм ибыны
ыгу илъ зэпытыщт. Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ псэкIод ышIэн зэримылъэкIырэм
пае, Тхьэм ибын псэкIодшIэным ыкIыб фигъэзагъ.

10Тхьэм ибынхэри шэйтаным ибынхэри зэрэзэхэбдзыщтхэр мары: хэти
шъыпкъагъэр зымыгъэцакIэрэр Тхьэм ибынхэм ащыщэп, ащ фэдэуи хэти
зыш шIу зымылъэгъурэр Тхьэм ибынхэм ащыщэп.

**ШIу шъузэрэлъэгъу**

11Апэм къыщегъэжьагъэу къэбарэу зэхэшъухыгъэр мыры: шIу
шъузэрэлъэгъу.

12Шэйтаным ибынхэм ащыщэу Каин зыцIэу, зыш зыукIыгъэм фэдэ
шъумыхъу. Ыш сыда зыкIиукIыгъэр? Ежь ышIагъэхэр бзэджагъэхэти, ыш
ышIагъэхэр шъыпкъэхэти ары.

13Сшыхэр, мы дунаим ицIыфхэм шъуауджэгъумэ, шъумыгъэшIагъо.

14Тшыхэр шIу зэрэтлъэгъухэрэм пае, лIэныгъэм тыIэкIэкIи, щыIэныгъэм
тызэрэIэкIэхьагъэр тэшIэ. Зыш шIу зымылъэгъурэр лIэныгъэм ыIэ илъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

15Хэти зыш зыуджэгъурэр – укӀакӀу. МыкӀодыжьын щыӀэныгъэ цӀыф
укӀакӀом ыгу зэримылъыр шъо шъошӀэ.

16ШӀулъэгъуныгъэр зыфэдэр тэзгъашӀэрэр мыры: Исус Христос ы псэ
тфитыгъ. Тэри тпсэ тшыхэм афэттын фае.

17Зыгорэм дунаим имылъку иӀэу, ау ыш щыкӀагъэ иӀэу зилъэгъукӀэ, ыгу
фигъэпытэмэ, Тхьэм ишӀулъэгъуныгъэ сыдэущтэу ыгу илъын?

18Шъо, сибынхэр, бзэгумрэ гущыӀэмрэ язакъокӀэ шӀу тызэрэлъэгъумэ
икъущтэп. ШӀушӀагъэхэмрэ шъыпкъагъэхэмрэкӀэ шӀу тызэрэлъэгъун фае.

### Тхьэм ыпашъхьэ гушхо щытиӀэныр

19ШӀу тызэрэлъэгъуныр ары шъыпкъагъэм тызэрэтетыр тэзгъашӀэрэри,

20тыгухэм тагъэмысэ къэсми, Тхьэм ыпашъхьэ тыгухэр
щызгъэпсэфырэри. Сыда пӀомэ, Тхьэр тыгухэм анахьи нахь ин, зэкӀэри
ешӀэ.

21Аущтэу, силъапӀэхэр, тыгухэм тамыгъэмысэмэ, гушхокӀэ Тхьэм
пэгъунэгъу тэхъу.

22Тхьэм иунашъохэри, ежь Ӏофхэу игъоу ылъытэхэрэри
зэрэдгъэцакӀэхэрэм пае, тызкӀэлъэӀурэр къытфешӀэ.

23Мары иунашъо: ы Къо Исус Христос ыцӀэкӀэ шӀошъхъуныгъэ тиӀэнри,
Христос унашъо къызэрэтфишӀыгъэм фэдэу, шӀу тызэрэлъэгъунри ары.

24Тхьэм иунашъохэр зыгъэцакӀэрэ цӀыфым ыгу Тхьэр илъ зэпыт, а
цӀыфри Тхьэм ыгу илъ зэпыт. Тхьэр тыгу зэрилъ зэпытыр тэзгъашӀэрэр
ежь ы Псэ ЛъапӀэу тыгухэм къарилъхьагъэр ары.

## 1 Иуан 4

### Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэрэ антихрист ыпсэрэ

1СилъапӀэхэр, «Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ сыгу илъ» ыӀоу, хэти зыӀорэр
шъуушӀошъ шъумыгъэхъу, ау агухэм арылъыр Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ арымэ
жъугъэунэфы, сыда пӀомэ, пегъымбар нэпцӀ Ӏаджи дунаим
къыщылъэгъуагъ.

2Зыгорэм Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ ыгу илъмэ, къэшъозгъэшӀэщтыр мары:
Исус Христос дунаим цӀыфэу къызэрэкӀуагъэр хэтми зыдэрэм ыгу Тхьэм
ы Псэ ЛъапӀэ илъ.

3Хэтми Исус Христос дунаим цӀыфэу къызэрэкӀуагъэр зымыдэрэм ыгу
Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ илъэп. А цӀыфым ыгу илъыр антихрист ыпс ары. Ар
къызэрэкӀощтыр зэхэшъухыгъ. Джы ар дунаим къэкӀогъах.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

4Шъо, сибынхэр, Тхьэм шъурибын, пегъымбар нэпцIхэми шъуатекIуагъ, сыда пIомэ, псэу шъугухэм арылъыр псэу мы дунаим ицIыфхэм агухэм арылъым нахьи нахь ин.

5А пегъымбар нэпцIхэр мы дунаим ибыных. Арышъ, мы дунаим иIофхэм атегущыIэх, мы дунаим ицIыфхэри ахэмэ ядэIух.

6Ау тэ Тхьэм тырибын. ЦIыфэу Тхьэр зышIэрэр тэ къытэдэIу, ау Тхьэм имыбыныр къытэдэIурэп. Джары шъыпкъагъэм ы Псэ зыгу илъыри, гъэпцIэным ы псэ зыгу илъыри тэзгъашIэрэр.

**Тхьэр – шIулъэгъуныгъ**

7СилъапIэхэр, шIу тызэрэжъугъэлъэгъу, сыда пIомэ, шIулъэгъуныгъэр Тхьэм дэжь къекIы. Хэти шIулъэгъуныгъэ зыгу илъыр Тхьэм ибын, Тхьэр ешIэ.

8ШIулъэгъуныгъэ зыгу имылъым Тхьэр ышIэрэп, сыда пIомэ, Тхьэр – шIулъэгъуныгъ.

9Тхьэм шIу тызэрилъэгъурэр моущтэу къыгъэнэфагъ: ежь ы Къо закъо щыIэныгъэ къытитыным пае, Тхьэм дунаим къыгъэкIуагъ.

10ШIулъэгъуныгъэу зыфасIорэр мыры: шIулъэгъуныгъэу Тхьэм фытиIэр арэп, ау тэ Тхьэм шIу тилъэгъуи, типсэкIодхэр тфэзыпщыныжьырэ къурмэныпхъэ хъунэу ежь ы Къо къызэригъэкIуагъэр ары.

11СилъапIэхэр, Тхьэм ащ фэдизэу шIу тызэрилъэгъугъэм пае, тэри шIу тызэрэлъэгъун фае.

12Зыми Тхьэр егъашIэми нэкIэ ылъэгъугъэп, ау шIу тызэрэлъэгъумэ, Тхьэр тыгухэм арылъ зэпыт, ишIулъэгъуныгъи икъугъэу тыгухэм арылъ.

13Тхьэм ыгу тызэрилъ зэпытри, ежь тыгухэм зэрарылъ зэпытри тэзгъашIэрэр Тхьэм ежь ы Псэ ЛъапIэу тыгухэм къарилъхьагъэр ары.

14Ты лъапIэм дунаим ицIыфхэр мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэм пае, ежь ы Къо къызэригъэкIуагъэр тлъэгъугъэ ыкIи шыхьат тыфэхъу.

15Исус Тхьэм зэры Къор зыдэрэ цIыфым ыгу Тхьэр илъ зэпытыщт, а цIыфри Тхьэм ыгу илъ зэпытыщт.

16Аущтэу Тхьэм шIулъэгъуныгъэу къытфыриIэр тшIагъэ, а шIулъэгъуныгъэми тыщэгугъы. Тхьэр – шIулъэгъуныгъ. ШIулъэгъуныгъэр зыгу илъ зэпыт цIыфыр Тхьэм ыгу илъ зэпытыщт, Тхьэри а цIыфым ыгу илъ зэпытыщт.

17Ахърэт мафэм гушхо тиIэнэу Тхьэм ишIулъэгъуныгъэ икъугъэу тыгухэм арылъ, сыда пIомэ, Христос зэрэпсэурэм фэдэу, тэри мы дунаим тыщэпсэу.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

18Тхьэм ишІулъэгъуныгъэ зыгу илъыр щынэрэп, шІулъэгъуныгъэ икъугъэми щынагъор хефыжьы. Щынагъор ахърэт мафэм икъин щэчыным епхыгъ. ШІулъэгъуныгъэ икъугъэр щынэрэ цІыфым ыгу илъэп.

19Тхьэм ыпэ рапшІэу тэ шІу тызэрилъэгъугъэм пае, тыгухэми шІулъэгъуныгъэ арылъ.

20Зыгорэм, «Тхьэр шІу сэлъэгъу» еІо пэтми, ыш ыуджэгъумэ, ар пцІыус. Сыда пІомэ, ышэу нэкІэ ылъэгъугъэр шІу зымылъэгъурэм, нэкІэ ымылъэгъугъэ Тхьэр шІу ылъэгъун ылъэкІыщтэп.

21Тхьэм мы унашъор къытфишІыгъ: Тхьэр шІу зылъэгъурэм ыши шІу ылъэгъун фае.

## 1 Иуан 5

### Дунаим текІорэр шІошъхъуныгъэр ары

1Хэтми Исус зэрэ ХристосымкІэ шІошъхъуныгъэ зиІэр Тхьэм ибын. Хэтми тыр шІу зылъэгъурэм, ыкъуи шІу елъэгъу.

2Тхьэм ибынхэр шІу зэрэтлъэгъухэрэр тэзгъашІэрэр Тхьэр шІу зэрэтлъэгъурэмрэ иунашъохэр зэрэдгъэцакІэхэрэмрэ ары.

3Тхьэр шІу тэлъэгъумэ, иунашъохэр дгъэцэкІэщтых. Иунашъохэри къинхэп.

4Сыда пІомэ, хэтми Тхьэм ибынхэм ащыщыр дунаим ипсэкІодшІэн Іофхэм атекІо. Дунаим ипсэкІодшІэн Іофхэм тызэратекІуагъэр тишІошъхъуныгъ ары.

5Хэта дунаим текІорэр? Исус Тхьэм зэры Къор зышІошъ хъурэр ары ныІэп.

### Къо лъапІэм ехьылІэгъэ шыхьатныгъэр

6Исус Христос ары псырэ лъырэкІэ къэкІуагъэр. Псым изакъокІэ къэкІуагъэп, псырэ лъырэкІэ нахь. Тхьэм ы Псэ ЛъапІ ары ар къэзыушыхьатырэр, сыда пІомэ, Тхьэм ы Псэ ЛъапІ ары шъыпкъэр.

7Шыхьатэу хъухэрэр щы мэхъух,

8Тхьэм ы Псэ ЛъапІ, псыр, лъыр, а щыми къаІорэр зэтефэ.

9ЦІыфхэм яшыхьатныгъэ тэдэ, ау Тхьэм ишыхьатныгъэ нахь ин, сыда пІомэ, ар Тхьэм шыхьатныгъэу ежь ы Къо фишІыгъэр ары.

10Тхьэм ы КъокІэ шІошъхъуныгъэ зиІэ цІыфым ыгу шыхьатныгъэр илъ. ТхьэмкІэ шІошъхъуныгъэ зимыІэ цІыфым Тхьэр пцІыусэу ыІуагъэу мэхъу, сыда пІомэ, Тхьэм ежь ы Къо фишІыгъэ шыхьатыр ышІошъ хъугъэпышъ ары.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышІур (Инджыл)

11Шыхьатныгъэр мары: Тхьэм мыкIодыжьын щыIэныгъэ къытитыгъ, а
мыкIодыжьын щыIэныгъэри Тхьэм ежь ы Къо къытитынэу ышIыгъ.

12Къо лъапIэр зыгу илъ цIыфым а щыIэныгъэр иI. Къо лъапIэр зыгу
имылъым а щыIэныгъэр иIэп.

**МыкIодыжьын щыIэныгъэр**

13Шъо, Тхьэм ы Къо ыцIэкIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэм, мыкIодыжьын
щыIэныгъэ шъуиIэ зэрэхъугъэр шъушIэным пае, мы Iофхэр
къышъуфэсэтхых.

14Тхьэр зэрэфаем тетэу зыгорэкIэ телъэIумэ, къызэрэтэдэIущтыр
тэшIэшъ, гушхо тиIэу ащ ыпашъхьэ теуцо.

15Сыд щыщкIи телъэIумэ, къызэрэтэдэIущтыр тэшIэшъ, тызэрелъэIугъэр
тиIэ зэрэхъугъэр тэшIэ.

16Ыш лIэныгъэ къызхэмыкIырэ псэкIод ышIэу зылъэгъурэр Тхьэм
ерэлъэIу, Тхьэми а тшы щыIэныгъэ къыритыщт – лIэныгъэ
къызхэмыкIырэ псэкIод зышIагъэр ары зыфасIорэр. ЛIэныгъэ
къызхэкIырэ псэкIодри щыI. Ащ фэдэ псэкIодым пае Тхьэм ерэлъэIу
сIорэп.

17Къончагъэ пстэури псэкIод мэхъу, ау лIэныгъэ къызхэмыкIырэ псэкIоди
щыI.

18Хэтми Тхьэм ибыным псэкIодшIэным ыкIыб зэрэфигъэзагъэр тэшIэ; ау
Тхьэм ибын зыфэсакъыжьы, шэйтанри ащ къынэсыщтэп.

19Тэ Тхьэм тызэрибыныр тэшIэ, дунаир зэкIэ шэйтаным ыIэ зэрилъыри
тэшIэ.

20Тхьэм ы Къо къакIуи, Тхьэ шъыпкъэр тшIэнэу зэхэшIыкI
къызэрэтитыгъэр тэшIэ. Шъыпкъагъэ ЗиIэр тыгухэм арылъ – Тхьэм ы
Къоу Исус Христос ары. Ар Тхьэ шъыпкъ, цIыфхэм мыкIодыжьын
щыIэныгъэ язытырэр ежьыр ары.

21Шъо, сибынхэр, тхьэ нэпцIхэм защышъуухъум. Амин.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

# 2 Иуан

## 2 Иуан 1

**ШIуфэс**

1Сэ чылыс зэIукIэм инахьыжъхэм сащыщэу, Тхьэм къыхихыгъэ о, гощэ
лъапIэу ыкIи уибынхэу шъыпкъагъэкIэ шIу слъэгъухэрэм, мы тхылъыр
къышъуфэсэтхы. Шъо шIу шъузылъэгъурэр сэ сизакъоп, шъыпкъагъэр
зэзгъэшIэгъэ пстэуми шIу шъуалъэгъу.

2Шъыпкъагъэу тыгухэм арылъэу, егъашIэми илъыщтым къыхэкIыкIэ шъо
шIу шъутэлъэгъу.

3Тхьэу Ты лъапIэмрэ Ты лъапIэм ы Къоу Зиусхьан Исус Христосрэ тэ
шъыпкъэр зышIэхэрэми шIу зэрэлъэгъухэрэми анэшIу къытщафэщт,
гукIэгъушхуи къытфашIыщт, гупсэфи къытатыщт.

**Шъыпкъагъэмрэ шIулъэгъуныгъэмрэ**

4Ты лъапIэм къытфишIыгъэ унашъом фэдэу, уибынхэм ащыщэу куп
шъыпкъагъэм тетэу зекIоу зысэлъэгъум, лъэшэу сыгушIуагъ.

5Джы гощэ лъапI, сыолъэIу: шIу тызэрэжъугъэлъэгъу. Ар унэшъуакIэм
фэдэу къыпфэстхырэп, ар апэм къыщегъэжьагъэу тиIэгъэ унашъу.

6ШIулъэгъуныгъэу зыфасIорэр Тхьэм иунашъохэм татетэу тызекIоныр
ары. Апэм къыщегъэжьагъэу зэхэшъухыгъэ унашъор – шIулъэгъуныгъэ
шъухэлъэу шъузэрэзекIорэр ары.

7Исус Христос дунаим цIыфэу къызэрэкIуагъэр зымыдэрэ цIыфыбэу
нэмыкI цIыфхэр зыгъапцIэхэрэр дунаим къыщылъэгъуагъэх. Ащ фэдэ
цIыфхэр гъэпцIакIох ыкIи антихристых.

8Iофэу къэжъугъэхъагъэр шъумыгъэкIодэу, шъуиIахьышIу
лъыкIэжъугъахьэу жъугъотыжьыным пае, шъузфэсакъыжь.

9Хэти Христос тигъэшIэгъэ Iофхэм атемыт зэпытэу, атекIырэ цIыфым ыгу
Тхьэр илъэп, ау Христос тигъэшIэгъэ Iофхэм атет зэпытым ыгу Ты
лъапIэри Къо лъапIэри илъых.

10Шъуадэжь зыгорэ къакIоу, Исус тигъэшIэгъэ Iофхэм атемытэу
шъуигъашIэмэ, ар шъуиунэ къишъумыгъахь, шIуфэси ешъумых.

11Сыда пIомэ, ащ шIуфэс езыхырэр ащ ибзэджэшIагъэхэмкIи игъус.

**Аужырэ шIуфэс гущыIэхэр**

12Джыри къышъуфэстхынэу сиIэр бэ, ау тхылъыпIэрэ мэрчэп
къамзыйрэкIэ стхынэу сыфаеп. Ау тигушIуагъо икъугъэ хъуным пае,
шъуадэжь сыкъэкIонышъ, тызэдэтIысэу тызэдэгущыIэным сыщэгугъы.

13Тхьэм къыхихыгъэ пшыпхъу ибынхэм шIуфэс къыуахыжьы. Амин.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

# 3 Иуан 1

### ШIуфэс

[1]Сэ чылыс зэIукIэм инахьыжъхэм сащыщэу, о, Гай лъапIэу шъыпкъэкIэ
шIу слъэгъурэм, мы тхылъыр къыпфэсэтхы.

[2]СилъапI, упсэоу, пстэумкIи утхъэжьэу ущыIэнэу Тхьэм селъэIу, угурэ
упсэрэ зэрэпсэфыхэрэм фэдэу.

[3]Сыда пIомэ, тшы куп заулэ къакIуи, о уишъыпкъагъэ игугъу ашIызэ,
шъыпкъагъэм тетэу узэрэзекIорэр къызаушыхьатым, лъэшэу сыгушIуагъ.

[4]Сибынхэр шъыпкъагъэм тетхэу зэрэзекIохэрэр зызэхэсхыкIэ, ащ нахь
гушIогъошхо зи силэп.

[5]СилъапI, тшыхэр хымэхэми, шIоу афапшIэрэмкIэ шъыпкъагъэ уиIэу
озекIо.

[6]Ахэмэ чылыс зэIукIэм ыпашъхьэ уишIулъэгъу къыщаушыхьатыгъ. Тхьэм
ыгу зэреIурэм тетэу, ягъогукIэ ахэмэ IэпыIэгъу уафэхъумэ, шIу пшIагъэу
мэхъу.

[7]Сыда пIомэ, а тшыхэм шIошъхъуныгъэ зимыIэхэм IэпыIэгъу зи
къаIамыхэу, Христос ыцIэ пае гъогум техьагъэх.

[8]Арышъ, ащ фэдэ цIыфхэм IэпыIэгъу тафэхъун фае, Iофэу шъыпкъэм
фашIэрэмкIэ гъусэ тафэхъуным пае.

### Диотрефрэ Димитрыйрэ

[9]Чылыс зэIукIэм тхылъ фэстхыгъ, ау Диотрефэу ахэмэ пащэу афэхъунэу
фаем тидэрэп.

[10]Арышъ, сыкъызыкIокIэ, Iофхэу ащ ышIэхэрэр къыхэзгъэщыщтых,
гущыIэ IаехэмкIэ къызэрэттегущыIэрэр къэсIощт. Ащи къыщымыуцоу,
тшыхэр ригъэблагъэхэрэп, езгъэблэгъэнхэу фаехэми афимыдэу апэуцу,
чылыс зэIукIэми чIефыжьых.

[11]СилъапI, ер зышIэрэм илъэужхэм шъуарымыкIоу, шIу зышIэрэм
илъэужхэм шъуарыкIу. ШIу зышIэрэр ары Тхьэм ибын. Ер зышIэрэм
шIошъхъуныгъэкIэ Тхьэр ылъэгъугъэп.

[12]ЦIыф пстэури Димитрый шIукIэ шыхьат къыфэхъух, ежь шъыпкъэри
шIукIэ ащ шыхьат фэхъу. Тэри шIукIэ шыхьат тыфэхъу, тишыхьатныгъи
зэрэшъыпкъэр ошIэ.

### Аужырэ шIуфэс гущыIэхэр

[13]Къыпфэстхынэу силэр бэ, ау джы къэлэмрэ мэрчэп къамзыйрэкIэ
къыпфэстхынэу сыфаеп.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

14Шlэхэу услъэгъунышъ, тызэдэтlысэу тызэдэгущыlэным сыщэгугъы.

15Гупсэф уиlэу опсэу. Мыщкlэ щыlэ ныбджэгъухэми шlуфэс къыуахыжьы.
Модыкlэ щыlэ ныбджэгъухэм ацlэкlи шlуфэс сфяхыжьи, аlапэ
сфэубытыжь. Амин.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

# Иудэ 1

### ШІуфэс

1Сэ сы Иуд, Исус Христос сыфэлажьэ, Якъуби сырыш. Шъо, Тхьэу Ты
лъапІэм ибынхэм ащыщ хъунхэу къызэджагъэхэу, зыгу ыгъэкъабзэхэу,
Исус Христос къыухъумэхэрэм, мы тхылъыр къышъуфэсэтхы.

2Тхьэм гукІэгъушхо къышъуферэшІ зэпыт, гупсэфышхуи шІулъэгъушхуи
къышъуерэт зэпыт.

### Дин гъэсэкІо нэпцІхэр

(2 Пет. 2:1-17)

3СилъапІэхэр, шъори тэри тымыкІодэу Тхьэм тыкъызэригъэнэжьыгъэм
ехьылІагъэу къышъуфэстхыным лъэшэу сыфэягъ. Ау етІанэ
шІошъхъуныгъэу Тхьэм ицІыф лъапІэхэм аІэ зэ къырилъхьагъэм пытэу
шъутетынэу сышъолъэІуным пае, къышъуфэстхын фаеу слъытагъэ.

4Сыда пІомэ, цІыф заулэмэ шъумышІахэу зыкъышъухагъэкІокІагъ. Тхьэм
ахэр зэригъэмысэщтхэр игущыІэ тхыгъэхэм бэшІагъэу арыт. Тхьэм
шІолІыкІ фыряІэп ахэмэ. Ти Тхьэ ынэшІу цІыфхэм къызэращифэрэм
икъэбар мыхъо-мышІэ псэукІэм зыратынэу ушъхьагъу ашІы. Типащэу
ыкІи ти Зиусхьан закъоу Исус Христосыр адэрэп.

5Мыр шъуушІэ пэтми, шъугу къэзгъэкІыжьынэу сыфай: Зиусхьаным ежь
илъэпкъ Мысыр хэгъэгум къырищыжьи, мыкІодэу къыгъэнэжьыгъэ пэтми,
шІошъхъуныгъэ зимыІэхэр ащ нэужым ыгъэкІодыгъэх.

6МэлэІичхэу тетыгъоу яІэр къэзгъэнагъэхэу Тхьэм къафигъэнэфэгъэ
чІыпІэм икІыгъэхэр, Тхьэм цІыфхэм хьыкум зыщатыришІыхьащт
мэфэшхом нэсыфэ, егъашІэм мыкІодыжьын Іэхъу-лъэхъухэр ателъхэу
шІункІым хегъэтых.

7Ащ фэдэу къалэхэу Содомрэ Іаморрэрэ яцІыфхэмрэ а къалэхэм яІэгъо-
благъохэм арыт къалэхэм яцІыфхэмрэ зинэри, цІыфмэ амышІэпхъэ
емыкІу Іофхэри ашІэщтыгъэх. Ныбжьи мыухыжьын машІом икъинышхо
Тхьэм ахэмэ аригъэщэчэу, ахэмэ ягъогу тырымыкІоным пае, ахэр шапхъэ
къытфишІыгъ.

8Ащ фэдэу мы цІыфхэм пкІыхьапІэхэу алъэгъухэрэм апае, апкъыхэр
аушІоих; тетыгъо зиІэхэр адэхэрэп, уашъом щытхъушхо щызиІэхэми
яхъоных.

9Апэрэ мэлэІичэу Михаилымрэ шэйтанымрэ пегъымбар Мусэ ихьадэ
зэтырахы зэхъум, Михаил хъонэн гущыІэкІэ шэйтаныр ыгъэмысэнэу
тегушхуагъэп, «Зиусхьаным къыпферэмыд!» риІуагъ ныІэп.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышІур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

10А цӀыфхэр зэхамышӀыкӀырэ Ӏофхэми яхъоных; ау акъыл зимыӀэ хьэкӀэ-
къуакӀэхэм ящытыкӀэ-псэукӀэ игъогукӀэ Ӏофхэр зэрэзэхашӀыкӀхэрэм фэдэу,
а цӀыфхэм Ӏофхэу зэхашӀыкӀхэрэр ары зыгъэунэхъухэрэр.

11Ахэр гъогу мыгъо теуцуагъэх, сыда пӀомэ, ахэр Каин игъогу техьагъэх,
БалаӀами зэрэзекӀуагъэм фэдэу, ахэми ахъщэм пае бзэджагъэ ашӀэ,
Корах фэдэу якъаигъагъэ теунахъох.

12Ащ фэдэ цӀыфхэр гухэхъо Ӏанэ къыжъудыпэсхэмэ, шъоркӀэ укӀытагъо
мэхъу. Сыда пӀомэ, загъэшхэкӀышъурэп, укӀытэ яӀэпышъ ары. Ахэр
жьыбгъэм зэрифэхэу, ощх къызхэмыкӀырэ ошъуапщэхэм афэдэх.
Бжыхьэми зи къызпымыкӀагъэу, зылъапсэ чӀатхъыжьыгъэхэу, тӀо лӀэгъэ
чъыгхэр ары зыфэдэхэр.

13Хыорышхохэу зишӀой дэзыдзыехэрэм афэдэх, жъогъо гъощагъэхэу,
шӀункӀым икуупӀэ егъашӀэм хэтынхэу Тхьэм зыфигъэнэфагъэхэм афэдэх.

14Адэм къытекӀыгъэ цӀыфхэм ащыщэу Хьанэхъуэу яхэнэрэм ыгу Тхьэм
ежь игущыӀэхэу къырилъхьагъэхэр къыӀохэзэ, а цӀыфхэм яхьылӀагъэу
мыщ фэдэу къыӀуагъ: «ШъукъэдаӀу, пчъагъэ зимыӀэ мэлэӀич лъапӀэхэр
игъусэхэу Зиусхьаныр къэкӀощт.

15КъызфэкӀощтыр цӀыф пстэуми хьыкум атыришӀыхьанэу ары, ахэмэ
ащыщхэу Тхьэм шӀолӀыкӀ фызимыӀэ пстэуми ямысэгъэ пстэури
аригъэлъэгъунэуи ары. Тхьэм шӀолӀыкӀ фырямыӀэу, бзэджагъэ Ӏофхэу
ашӀэгъэ пстэумэ апаий, гущыӀэ пхъашэхэу Зиусхьаным ехьылӀагъэу
аӀогъэ пстэуми апаий мысэ зэрэхъугъэхэр а псэкӀодышӀэ цӀыфхэу Тхьэм
шӀолӀыкӀ фызимыӀэхэм аригъэлъэгъущт».

16Ахэр зыкӀи мыразэхэу мэтхьаусыхэ зэпытых. Яхъопсэ Ӏаехэм
къыращэкӀхэу мэзекӀох. Ажэхэм гущыӀэ пэгагъэхэм анэмыкӀ къадэкӀырэп.
ЦӀыфхэм яшӀуагъэ ежьхэм къызэрагъэкӀыным пае, ащэтхъух.

**Теубытагъэ зижъугъаӀ**

17Ау шъо, силъапӀэхэр, ти Зиусхьан Исус Христос иапостолхэм Ӏофхэу
къэхъунхэу къаӀощтыгъэхэр шъугу къэжъугъэкӀыжьых.

18КъышъуаӀощтыгъэр мыры: «Мы дунаим иаужыпкъэрэ уахътэ
кӀэнэкӀалъэ зышӀыхэрэ цӀыфхэу зихъопсэ Ӏае мыкъабзэхэм къыращэкӀхэу
зекӀохэрэр къэлъэгъощтых».

19Ащ фэдэ цӀыфхэр ары шъузэгурызымыгъаӀохэрэр. Ахэмэ ящытыкӀэ-
псэукӀэ къырищэкӀхэрэм фэдэу мэзекӀох, Тхьэм ы Псэ ЛъапӀи агухэм
арылъэп.

20Ау шъо, силъапӀэхэр, гурэ псэрэкӀэ нахь лъэкӀ зыфэжъугъотыжьэу,
шъуишӀошъхъуныгъэ лъэпӀэ дэдэм ишъыпкъагъэ шъузэрэтетыщтым ыуж
шъуит. Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ илъэкӀыкӀи Тхьэм шъуелъэӀу.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

21Ти Зиусхьанэу Исус Христос гукӀэгъу къышъуфишӀынышъ,
мыкӀодыжьын щыӀэныгъэ къызэрэшъуитыщтым шъупаплъэзэ, Тхьэм
ишӀулъэгъуныгъэ зыхэшъумыгъэн.

22ТишӀошъхъуныгъэ ехъырэхъышэхэрэм гукӀэгъу афэшъушӀ.

23НэмыкӀхэри машӀом къыхэшъущыжьхи, мыкӀодхэу къэжъугъэнэжьых.
ЕтӀанэ нэмыкӀ цӀыфхэми гукӀэгъу афэшъушӀ, щынэкӀэ, ары пакӀошъ,
апкъымэ агъэушӀоигъэ щыгъынхэми защышъудзыезэ.

## Тхьэм щытхъу фэтэжъугъэшӀ

24Ежь игъогу шъутекӀыным Тхьэм шъущиухъумэн ылъэкӀыщт, лажьи
шъуимыӀэу, гушӀогъошхуи шъухэлъэу, щытхъушхо ЗиӀэм ыпашъхьэ
шъуригъэуцон ылъэкӀыщт.

25Тхьэ закъоу тымыкӀодэу, Исус Христос тыкъезгъэгъэнэжьыгъэм
щытхъушхори, иныгъэри, лъэкӀышхори, тетыгъошхори иех, лъэхъан
пстэумэ апэуи, джыри, егъашӀэми. Амин.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

# Рим

## Рим 1

### ШIуфэс

1Сэ сы Паул, Исус Христос сыфэлажьэ. Христос иапостол сыхъунэу
Тхьэр къысаджи, ежь дэжь къикIырэ къэбарышIур згъэIунэу сигъэнэфагъ.

2А къэбарышIур ипегъымбархэм ажэ къыдэкIэу Тхьэм цIыфхэр
ыгъэгугъагъэх, игущыIэ тхыгъэ лъапIэхэм зэрарытым фэдэу.

3А къэбарышIур ы Къо ехьылIагъ. Ар цIыфэу къэхъугъ, пачъыхьэ Даутэ
къытекIыгъэ цIыфхэм ащыщыгъ.

4Исус лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыгъэмкIэ Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ ар
Тхьэм зэры Къор лъэкIыкIэ къыгъэнэфагъ. Ежьыр ары Исус Христосэу ти
Зиусхьаныр.

5Христос иIэмыркIэ Тхьэм ынэшIу сэ къысщифи, Христос ыцIэкIэ лъэпкъ
пстэуми шIошъхъуныгъэ яIэ згъэхъоу, ежь езгъэдэIунхэм пае, апостолэу
сигъэнэфагъ.

6Шъори ахэмэ шъуащыщ, Исус Христос шъори ибынхэм ащыщ
шъухъунэу къышъоджагъ.

7Шъо, Рим къэлэшхом дэсхэу, Тхьэм шIу ылъэгъухэу, ицIыф лъапIэхэм
ащыщ хъунхэу къызэджагъэхэм, мы тхылъыр къышъуфэсэтхы. Тхьэу тя
Тэ лъапIэмрэ Зиусхьан Исус Христосрэ анэшIу къышъущарэфи, гупсэф
къышъуарэт.

### Паул Рим къэлэшхом кIонэу зэрэфэягъэр

8Ыпэ рапшIэу шъуишIошъхъуныгъэ икъэбар дунаим тыдэкIи цIыфхэм
зэрэщагъэIурэм пае, Исус Христос ыцIэкIэ пстэуми шъощ пае Тхьэм
щытхъу фэсэшIы,

9сыда пIомэ, Тхьэм ы Къо ехьылIэгъэ къэбарышIур згъэIузэ, сыгу етыгъэу
сызфэлажьэрэ Тхьэр сишыхьат. Ащ селъэIу зыхъукIэ, сыдигъуи
зэпымыоу шъуигугъу зэрэсшIырэмкIи ар сишыхьат.

10Тхьэм ыIомэ, шъуадэжь зэгорэм сыкъэкIоныр къыздэхъункIэ селъэIу.

11Сыда пIомэ, Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ дэжь къикIэу, шъугухэр зыгъэпытэн
шIугъэ шъозгъэгъотыным пае, лъэшэу шъуслъэгъу сшIоигъу.

12А зы шIошъхъуныгъэу тиIэмкIэ тызэрэгъэгушхоныр ары зыфасIорэр.

13Шъуадэжь сыкъэкIонэу бэрэ сыгу зэрэхэлъыгъэр шъушIэн фае, сшыхэр,
ау джы нэсыфэ пэрыохъу горэ къысфэхъущтыгъ. НэмыкI лъэпкъхэм

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

адэжь шIугъэ къызхэкIырэ Iоф зэрэщысшIагъэм фэдэу, шъуадэжьи Iоф щысшIэнэу сыфай.

14Алыджхэми нэмыкI лъэпкъхэми, акъылышIу зиIэхэми, зимыIэхэми пшъэрылъ афысиI.

15Джары шъо Рим къэлэшхом дэсхэм къэбарышIур шъозгъэIу лъэшэу зыкIысшIоигъор.

**Къэбарышlум лъэкIэу хэлъыр**

16Христос ехьылIэгъэ къэбарышIум сытеукIытыхьэрэп, сыда пIомэ, къэбарышIур ары Тхьэм илъэкIэу хэти шIошъхъуныгъэ зиIэр мыкIодэу къэзгъэнэжьырэр, апэу джуртыр, етIанэ мыджуртыр.

17Сыда пIомэ, Тхьэм ежь дэжькIэ цIыфым шъыпкъагъэ иIэу зэрилъытэрэ гъогур къэбарышIум къегъэнафэ. Ыпэ къыщегъэжьагъэу ыкIэ нэс а Iофыр зэрэхъурэр шIошъхъуныгъэм игъогукIэ ары, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, «ШIошъхъуныгъэ зэриIэм пае, Тхьэм дэжькIэ шъыпкъагъэ зиIэр псэущт».

**ЦIыф пстэуми Тхьэм дэжькIэ лажьэу яIэр**

18Тхьэм шIолIыкI фырямыIэу цIыфхэр зэрэпсэухэрэм паий, ябзэджэгъэ пстэуми апаий игубжэу уашъом къехырэр Тхьэм къегъэнафэ, сыда пIомэ, ябзэджагъэкIэ шъыпкъэр аулъэгу.

19Тхьэм ехьылIагъэу цIыфмэ ашIэшъущтыр ахэмкIэ нафэ, Тхьэм ар къафигъэнэфагъ.

20Сыда пIомэ, Тхьэм дунаир къызигъэхъугъэм щегъэжьагъэу, ежь ищытыкIэ-псэукIэу амылъэгъушъурэм Тхьэм къыгъэхъугъэхэмкIэ цIыфхэм нафэу гу лъатэн алъэкIы. ИщытыкIэ-псэукIэ амылъэгъушъоу зыфасIорэр илъэкIышхоу мыкIодыжьыщтри ары, ежь зэрэ Тхьэри ары. Арышъ, цIыфхэм зызэрагъэхыен зи щыIэп.

21Тхьэр ашIагъэ пэтми, ащ фэшъуашэу лъытэныгъи щытхъушхуи фашIыгъэп. Ау ягупшысэхэр хьаулые хъугъэх, агухэу зэхэшIыкI зимыIэхэри ушIункIыгъэх.

22АкъылышIу яIэу зашIошIыжьэу, зэхэшIыкI ямыIэ хъугъэх.

23Щытхъушхо зиIэ Тхьэу мыкIодыжьыщтыр агъэлъапIэщтыгъэп. Тхьэм ычIыпIэ рагъэуцо ежьхэм аIэкIэ ашIыгъэ сурэтхэу кIодыжьыщт цIыфхэм, бзыухэм, лъэкъуиплIыкIэ зекIохэрэм, ныбэкIэ цуахъохэрэм афэдэхэр. Ахэр тхьэпапкIэу агъэлъэпIагъэх.

24Арышъ, ахэмэ агухэр Iоф мыхъунхэм акIэхъопсхэу, апкъыхэмкIэ мыхъун зэрашIэжьынэу, шIоим хэтхэу Тхьэм къыгъэнагъэх.

25Тхьэм ишъыпкъэ ычIыпIэ пцIыр рагъэуцуагъ. Тхьэу зэкIэ къэзгъэхъугъэр амыгъэлъапIэу, ащ фэмылажьэхэу, Тхьэм

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

къыгъэхъугъэхэр агъэлъэпIагъэх, ахэми афэлэжьагъэх. Ежь Тхьэм мыкIодыжьын щытхъушхор ий. Амин.

26Арышъ, агу зыкIэхъопсырэ Iоф мыхъунхэм апылъынхэу Тхьэм ахэр къыгъэнагъэх. Ябзылъфыгъэхэри зэрэпсэунхэ фаем текIыхи, зым адрэм мыхъун ришIэжьыгъ.

27Ащ фэдэу хъулъфыгъэхэри зыфэдэнхэ фаем текIыхи, яшъузхэм якIолIэжьынхэр ханэжьи, зы лIыр адрэ лIым кIэхъопс хъугъэ. Аущтэу хъулъфыгъэхэми мыхъун зэрашIэжьи, апкъыхэмкIэ язекIокIэ емыкIу ифэшъуашэ агъотыжьыгъ.

28Ащ нэмыкIэу, Тхьэр зыфэдэр ашIэнэу зэрамыдагъэм пае, емыкIу Iофхэр ашIэнхэу акъыл къуанчэр яIэу Тхьэм къыгъэнагъэх.

29Мышъыпкъэ пстэури, зинэ пстэури, тхьагъэпцIыгъэ пстэури, нэйпсыягъэ пстэури, бзэджэгъэ пстэури агухэм арыз хъугъэ. Шъугъонри, цIыф укIынри, зэщыхьанри, пцIы усынри, уджэгъунри агухэм арылъ зэпытых.

30Ахэр бзэгухьэх, цIыфхэм IаекIэ атегущыIэх, Тхьэр ауджэгъу, цIыфхэм агу хагъэкIы, зыщэтхъужьых, загъэпагэ, бзэджагъэхэр къаугупшысых, ятэ-янэхэми афэIорышIэхэрэп.

31ЗэхэшIыкI яIэп, ягущыIэхэр агъэцакIэхэрэп, гуфэбагъи ахэлъэп, зэшIужьынхэри гукIэгъури зыфэдэхэр ашIэрэп.

32А цIыфхэм Тхьэм иунэшъо зафэ ашIэ, ащ фэдэ Iофхэр зышIэхэрэм укI зэряфэшъуашэри. Ау щытми, ежьхэм ащ фэдэхэр зэрашIэхэрэм имызакъоу, а Iофхэр зышIэхэри адэх.

## Рим 2

### Тхьэм цIыфхэм хьыкум зэратыришIыхьэрэр зафэ

1О хэт ущыщми, нэмыкI горэ бгъэмысэмэ, зызэрэбгъэхыежьын зи щыIэп. Ар зэрэбгъэмысэрэмкIэ о зыогъэмысэжьы, сыда пIомэ, адрэр зэрыбгъэмысэрэ Iофхэр ори ошIэх.

2Ащ фэдэ Iофхэр зышIэхэрэм Тхьэм шъыпкъэм тетэу хьыкум зэратыришIыхьащтыр тэшIэ.

3Ау а Iофхэр зышIэхэрэр о бгъэмысэхэзэ, ори ахэмэ ашIагъэм фэдэ пшIэу, Тхьэм ихьыкум къыптыримышIыхьанэу огугъа?

4Хьауми Тхьэм ишIугъэшхо, ыгу ишъэбэгъэшхо, ищэIэгъэшхо зэмыпэсхэу ара? Тхьэм ишIугъэшхокIэ уипсэкIодхэм уафыкIэгъожьынэу игъо узэрэригъафэрэр къыбгурыIорэба?

5Ау уигуркъагъэкIи, угукIэ уипсэкIодхэм узэрафыкIэмыгъожьырэмкIи Тхьэм игубжырэ ихьыкум зафэрэ къызылъэгъощт мафэм Тхьэм губжэу къыптырилъхьащтым хэогъахъо.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

6Тхьэм хэти Iофэу ышIагъэхэм яфэшъуашэ ригъэгъотыжьыщт.

7ШIушIэным ыуж имыкIхэу, щытхъушхом, лъытэныгъэшхом, мылIэныгъэм
ауж итхэм мыкIодыжьын щыIэныгъэ аритыщт.

8Ау зызгъэкъаигъэхэу, шъыпкъэм фэмыIорышIэхэу, бзэджагъэм ыIэ
зизылъхьэрэ цIыфхэм Тхьэм игубжышхо къалъигъэIэсыщт.

9Тхьэм хэти бзэджагъэ зышIэрэм гузэжъогъурэ гухэкIрэ
къылъигъэIэсыщт, апэу – джуртым, етIанэ – мыджуртым.

10Ау Тхьэм хэти шIу зышIэрэм щытхъур, лъытэныгъэр, гупсэфыр
къылъигъэIэсыщт, апэу – джуртым, етIанэ – мыджуртым.

11Сыда пIомэ, ятеплъэ емыплъэу, цIыф пстэури Тхьэм изэфэд.

12Пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ зимыIэхэу, псэкIод зышIэгъэ цIыф
пстэури хэбзэнчъэхэу кIодыжьыщтых, Тэурат хабзэр ямыIагъэ пэтми.
Тэурат хабзэм ыIэчIэгъ чIэтхэу, псэкIод зышIэгъэ цIыф пстэури Тэурат
хабзэм тетэу Тхьэм ыгъэмысэщтых.

13Сыда пIомэ, Тэурат хабзэм итхэр зэхэзыххэрэр арэп Тхьэм дэжькIэ
шъыпкъагъэ зиIэхэр, Тэурат хабзэм итхэр зыгъэцакIэхэрэр ары нахь.

14Хымэ лъэпкъхэм ащыщхэу Тэурат хабзэр зимыIэхэм гурыIоныгъэу
ахэлъымкIэ Тэурат хабзэм итхэр загъэцакIэхэкIэ, Тэурат хабзэр ямыIэ
пэтми, хабзэр зыфэдэр зэрашIэрэр къагъэлъагъо,

15сыда пIомэ, Тэурат хабзэм иунашъохэр агухэм арытхагъэхэу
зэрарылъхэр а цIыфхэм къагъэлъагъо. Аущтэу зэрэхъугъэр агухэми
къаушыхьаты, а цIыфхэм ягупшысэхэмкIи зэ загъэмысэ, зэ загъэхые.

16А Iофыр ащ зэрэтетыр нафэ хъущт, къэбарышIоу згъэIурэм тетэу,
цIыфхэм агухэм арылъ шъэфхэм Тхьэм Исус Христос иIэмыркIэ хьыкум
зыщатыришIыхьащт мафэм.

**Джуртхэмрэ Тэурат хабзэмрэ**

17Мары – «сэ сыджурт», – оIо. Тэурат хабзэм ущэгугъы, «Тхьэр сэшIэ»
пIозэ, узщэтхъужьы.

18Тэурат хабзэм итхэр зэрэуагъэшIагъэм пае, Тхьэр зыфаер ошIэ, дэгъур
зыфэдэри зэхэпшIыкIын плъэкIыщт.

19ШIэныгъэ пстэури шъыпкъэ пстэури зэрыт Тэурат хабзэр о пIэ илъэу,
нэшъухэм уряпэрытэу, шIункIым хэтхэми урянэфынэу узщэгугъыжьы.

20ШIэныгъэ зимыIэхэм агурызгъэIощтыр орэу, ныбжьыкIэхэми Iофхэр
язгъэшIэщтыр орэу узщэгугъыжьы.

21НэмыкI цIыфыр огъасэ, ау ор-орэу зыогъаса?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

22Цӏыфхэм мытыгъонхэу яоӏо, о пшъхьэкӏэ отыгъуа? «Зинэ шъумышӏы» цӏыфхэм яоӏо, о пшъхьэкӏэ зинэ ошӏа? Ӏэрышӏ тхьэ нэпцӏхэр зэмыпэсхэзэ, ахэр зычӏэт унэхэр охъункӏэха?

23Тэурат хабзэр зэрэуиӏэм пае узщэтхъужьы, ау Тэурат хабзэм итхэм узэратекӏырэмкӏэ Тхьэр огъэпыута?

24Тхьэм игущыӏэ тхыгъэхэм зэрарытэу: «Шъощ пае хымэ лъэпкъхэм ащыщхэр Тхьэм ыцӏэ ехъоных».

25Сунэт уашӏыным пкӏэ иӏ, Тэурат хабзэм итхэр зыбгъэцакӏэхэкӏэ. Ау Тэурат хабзэм итхэм уатекӏымэ, сунэт уашӏыгъэ пэтми, сунэт уамышӏыгъэм фэд.

26Сунэт амышӏыгъэ цӏыфым Тэурат хабзэм иунашъохэр ыгъэцакӏэхэмэ, сунэт амышӏыгъэми, Тхьэм ар сунэт ашӏыгъэ цӏыфым фэдэу ылъытэнба?

27Ащыгъум пкъымкӏэ сунэт амышӏыгъэ цӏыфэу Тэурат хабзэм итхэр зыгъэцакӏэрэм, о, сунэт ашӏыгъэр, уигъэмысэщт. Сыда пӏомэ, Тэурат хабзэу тхыгъэр о пӏэ илъэу, сунэт уашӏыгъэ пэтми, Тэурат хабзэм итхэм уатекӏы.

28Сыда пӏомэ, итеплъэкӏэ джуртым фэдэу къэлъагъорэр арэп джурт шъыпкъэр, сунэтэу пкъым къыхэщэу ашӏырэри арэп сунэт шъыпкъэр.

29Ау джурт шъыпкъэр ыгукӏэ джуртыр ары. Сунэт шъыпкъэр сунэтэу гум илъыр ары. Ар зыпкъ къикӏырэр тхыгъэ горэп, Тхьэм ы Псэ Лъапӏ ары нахь. Ащ фэдэ цӏыфым ищытхъу цӏыфым дэжь къикӏырэп, Тхьэм дэжь къекӏы нахь.

## Рим 3

1Ащыгъум уджуртыныр сыда зэрэнахьышӏур? Е сунэт уашӏыгъэмэ, сыд ишӏуагъэу къакӏорэр?

2Лъэныкъо пстэумкӏи ишӏуагъэу къакӏорэр бэу ины. Ыпэ рапшӏэу, Тхьэм игущыӏэхэр къызӏэкӏилъхьагъэхэр джуртхэр ары.

3Ахэмэ ащыщ пчъагъэхэр шъыпкъагъэ ямыӏэу къычӏэкӏыгъэхэмэ, ахэмэ ямышъыпкъагъэ Тхьэм ишъыпкъагъэ ыгъэкӏодышъущта?

4Хьау, ыгъэкӏодышъущтэп. Тхьэр сыдигъуи шъыпкъэ, ау хэтрэ цӏыфи пцӏыус, Тхьэм игущыӏэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, «О Тхьэ, гущыӏэхэу къапӏохэрэмкӏэ узаф, уагъэмысэми, уишъыпкъагъэ атекӏощт».

5Тэ тибзэджагъэ Тхьэр зэрэшъыпкъэр нахь къегъэнафэмэ, сыд тӏона? Игубж къызыттырилъхьэкӏэ, Тхьэр мызафэу тӏона? Цӏыфхэр къызэрэгущыӏэхэрэм фэдэу, ахэр къэсэӏох.

6Хьау, ар хъухэщтэп. Тхьэр зафэ. Тхьэр мызафэмэ, дунаим ицӏыфхэм сыдэущтэу хьыкум атыришӏыхьэшъущта?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

7Зыгорэм моущтэу къыIонкIи мэхъу: «Сэ симышъыпкъагъэ Тхьэр
зэрэшъыпкъэр нахь къыхигъэщэу, Тхьэм ищытхъушхо цIыфхэм
нахьышIоу къаригъэлъэгъумэ, псэкIод зышIэрэм фэдэу Тхьэм сыда
сызкIигъэмысэщтыр?»

8ШIугъи къыхэкIыным пае, бзэджагъэ тшIэна? А гущыIэ дэдэхэр тыжэ
къыдэкIыгъэхэу аIозэ, цIыф заулэхэм IаекIэ тигугъу ашIы. Тхьэм ащ фэдэ
цIыфхэм яфэшъуашэр аригъэпщыныжьыщт.

**Шъыпкъагъэ зиIэ цIыф зи щыIэп**

9Сыд етIанэ, тэ, джуртхэр, нэмыкI цIыфхэм танахьышIуа? Хьау, тэ зыкIи
танахьышIоп. Джурт пстэури, нэмыкI лъэпкъхэм ащыщ пстэури псэкIодым
ыIэ зэрилъхэр къэдгъэнэфагъ,

10Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, «Шъыпкъагъэ зиIэ цIыф зи
щыIэп.

11ЗэхэшIыкI зиIэ цIыфи щыIэп, Тхьэм игъогу лъыхъурэ цIыфи щыIэп.

12ЗэкIэри Тхьэм игъогу текIыгъэх; зэкIэми пкIэ ямыIэжь хъугъэ. ШIу
зышIэрэ зи щыIэп.

13Ачыйхэр шъхьэ зытемылъ къэ шIоихэм афэдэх. АбзэгукIэ цIыфхэр
агъапцIэх. Блэм ищэнаут аIупэхэм ателъ.

14Ажэхэми хъонэным идыдж адиз.

15Ахэр цIыфым ылъ агъэчъэным лъэчъэх.

16Тыдэ кIуагъэхэми, цIыфхэр щагъэкIодых, къин щарагъэщэчы.

17Зэзэгъыныгъэм игъогу ашIэрэп.

18Тхьэм ишIолIыкI агухэм арылъэп».

19Тэурат хабзэм къыIохэрэр Тэурат хабзэм ыIэчIэгъ чIэт цIыфхэм
зэрариIохэрэр тэшIэ. Аущтэу цIыф пстэуми ажэ аригъэубытыгъэу хъугъэ,
дунаим тет цIыф пстэури Тхьэм дэжькIэ мысэ хъугъэ,

20сыда пIомэ, цIыф горэм Тэурат хабзэм итхэр зэригъэцакIэхэрэмкIэ
Тхьэм дэжькIэ шъыпкъагъэ иIэ хъущтэп. Ау Тэурат хабзэм итхэр арых
псэкIод зэрэтшIагъэр тэзгъашIэхэрэр.

**ЦIыфхэм яшIошъхъуныгъэкIэ Тхьэм дэжькIэ шъыпкъагъэ яIэ зэрэхъурэр**

21Джы Тэурат хабзэм иIоф хэмылъэу, Тхьэм ежь дэжькIэ цIыфхэм
шъыпкъагъэ яIэу зэрилъытэрэ гъогур къыгъэнэфагъ. Тэурат хабзэм
итхэмрэ пегъымбархэм къаIуагъэхэмрэ а гъогум шыхьат фэхъух.

22Исус ХристоскIэ шIошъхъуныгъэу яIэм игъогу ары Тхьэм ежь дэжькIэ
цIыфхэм шъыпкъагъэ яIэу зэрилъытэрэ гъогур. ХристоскIэ

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

шIошъхъуныгъэ зиIэ пстэуми шъыпкъагъэ яIэу елъытэ. ЦIыф зэхэдз зи щыIэп,

23сыда пIомэ, цIыф пстэуми псэкIод ашIагъ, Тхьэм дэжь къикIырэ щытхъушхомкIи Iахь яIэп.

24Христос Исус ашъхьэ зэрищэфыжьыгъэм пае, Тхьэм ынэшIу щыфэнымкIэ уасэ амытэу ежь дэжькIэ шъыпкъагъэ яIэу елъытэ.

25ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэр ащ ылъэу къащым щыкIэкIыщтымкIэ Тхьэм ежь зэригъэшIужьынхэм пае, Исус къурмэныпхъэу ыгъэнэфагъ. Тхьэм ишъыпкъагъэ къыгъэшъыпкъэжьынэу ары Исус къурмэныпхъэу зыкIигъэнэфагъэр. Сыда пIомэ, Тхьэм игушъэбагъэкIэ пасэм цIыфхэм япсэкIодшIагъэхэр аригъэпщыныжьыгъагъэхэп.

26Ащ нэмыкIэу Тхьэм Исус къурмэныпхъэу зыкIигъэнэфагъэр джырэ лъэхъаными ежь ишъыпкъагъэ къыгъэшъыпкъэжьыныр ары: ежь шъыпкъагъэ зэриIэри, ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэми ежь дэжькIэ шъыпкъагъэ яIэу зэрилъытэхэрэри ары Тхьэм ащ фэдэу къыгъэлъагъорэр.

27Ащыгъум тызэрэзыщытхъужьрэр щыIэжьа? Хьау, щыIэжьэп. Тара хабзэу ар зыIорэр? Iофхэу тшIэн фаехэр зыIорэ хабзэр ара? Хьау, шIошъхъуныгъэм ихабз ары.

28Сыда пIомэ, цIыфым шIошъхъуныгъэ зэриIэм пае, Тхьэм ежь дэжькIэ ащ шъыпкъагъэ иIэу зэрилъытэрэр тшIошъ мэхъу. Тэурат хабзэм иIоф ащ хэлъэп.

29Тхьэр джурт закъохэм я Тхьа, хьауми нэмыкI лъэпкъхэми я Тхьа? Ары адэ, нэмыкI лъэпкъхэми я Тхь.

30Сыда пIомэ, зы Тхьэ закъо нахь щыIэп. Сунэт ашIыгъэхэм шIошъхъуныгъэ зэряIэм пае, Тхьэм ежь дэжькIэ ахэмэ шъыпкъагъэ яIэу ылъытэщтых, сунэт амышIыгъэхэми яшIошъхъуныгъэкIэ Тхьэм дэжькIэ шъыпкъагъэ яIэщт.

31Аущтэу тIомэ, шIошъхъуныгъэмкIэ Тэурат хабзэр тэгъэкIода? Хьау, дгъэкIодырэп, Тэурат хабзэр къэтэгъэшъыпкъэжьы нахь.

## Рим 4

### Ибрахьимэ икъэбар шIошъхъуныгъэм къикIырэр къызэригъэнафэрэр

1Тятэжъышхо Ибрахьимэ ехьылIагъэу сыда тIощтыр? Ежь-ежьырэу сыд ыгъэхъагъэр?

2Ибрахьимэ ышIэгъэ Iофхэм апае, Тхьэм ежь дэжькIэ шъыпкъагъэ иIэу ылъытагъэмэ, Ибрахьимэ зызэрызыщытхъужьынэу горэ иIэщтыгъ – ау Тхьэм дэжьыкIэп.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

3Сыда пIомэ, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм сыда арытыр? «Ибрахьимэ ТхьэмкIэ шIошъхъуныгъэ иIэ хъугъэти, Тхьэм ежь дэжькIэ ащ шъыпкъагъэ иIэу ылъытагъ».

4Зыгорэм Iоф зишIэкIэ, лэжьапкIэр тынэу къыратырэп, ифэшъуашэшъ къыраты нахь.

5Ау шIушIагъэхэм ащымыгугъырэ цIыфэу ТхьэмкIэ шIошъхъуныгъэ зиIэм иIоф зытетыр мары. А цIыфым ТхьэмкIэ шIошъхъуныгъэ зэриIэм пае, ащ къикIырэр Тхьэу псэкIод зышIэгъэ цIыфхэм ежь дэжькIэ шъыпкъагъэ яIэу зылъытэн зылъэкIырэмкIэ шIошъхъуныгъэ зэриIэм пае, Тхьэм ежь дэжькIэ а цIыфым шъыпкъагъэ иIэу ылъытэщт.

6Джары пачъыхьэ Даути зытегущыIагъэр, шIушIагъэхэм яIоф хэмылъэу, Тхьэм ежь дэжькIэ шъыпкъагъэ иIэу ылъытэрэ цIыфыр гъогу мафэ зэрэтеуцуагъэр къызеIом:

7«ЗибзэджэшIагъэхэр Тхьэм зыфигъэгъугъэхэу, зипсэкIодхэр зыфигъэкIодыгъэ цIыфхэр гъогу мафэ теуцуагъэх.

8Зиусхьаным зипсэкIодхэр зыфимылъытэрэ цIыфыр гъогу мафэ теуцуагъ».

9А гъогу мафэр зыгъотхэрэр сунэт ашIыгъэхэм язакъоу ара, хьауми сунэт амышIыгъэхэри ара? Сунэт амышIыгъэхэри ары, сыда пIомэ, Ибрахьимэ шIошъхъуныгъэ иIэ зэрэхъугъэм пае, Тхьэм ежь дэжькIэ ащ шъыпкъагъэ иIэу зэрилъытагъэр къэтIуагъ.

10Тхьэм ежь дэжькIэ Ибрахьимэ шъыпкъагъэ иIэу зилъытагъэр Ибрахьимэ сунэт ашIыным ыпа, хьауми ыужа? Ыужэп, ып.

11Ибрахьимэ сунэт ашIыным ыпэкIэ, шIошъхъуныгъэ зэриIагъэм пае, Тхьэм ежь дэжькIэ ащ шъыпкъагъэ иIэу зэрилъытагъэр къэзгъэлъагъорэ мыхъурэу е тамыгъэу сунэт шIыныр ащ къыфигъэнагъ. А Iофыр ащ зытеткIэ, Ибрахьимэ сунэт амышIыгъэ цIыфхэу шIошъхъуныгъэ зиIэхэм ятэ фэдэу афэхъу, Тхьэм ежь дэжькIэ ахэми шъыпкъагъэ яIэу ылъытэным пае.

12Ибрахьимэ сунэт ашIыгъэ цIыфхэми ятэм фэдэ афэхъу. Ахэми ты фэдэу зыкIафэхъугъэр сунэт зэрашIыгъэхэм изакъоп, ахэр Ибрахьимэ илъэужхэм атехьагъэхэу, ар сунэт ашIыным ыпэ, шIошъхъуныгъэм игъогоу зэрыкIуагъэм ахэри зэрэрыкIохэрэри ары.

**Ибрахьимэ Тхьэм зэрэщыгугъыгъэм пае, Тхьэм къызэригъэгугъагъэр иIэ хъугъэ**

13Тхьэм Ибрахьимэрэ ащ къытекIыщт цIыфхэмрэ къыгъэгугъагъэх чIылъэр яIахьышIоу къызэралъыIэсыщтымкIэ. Ибрахьимэ Тэурат хабзэм итхэр ыгъэцэкIагъэхэу арэп Тхьэм а IахьышIумкIэ зыкIигъэгугъагъэр, ау

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

Ибрахьимэ шIошъхъуныгъэ зэриIагъэм пае, Тхьэм ежь дэжькIэ ащ шъыпкъагъэ иIэу зэрилъытагъэр ары нахь.

14Тэурат хабзэм итхэр зыгъэцакIэхэрэр арыгъэмэ, Тхьэм цIыфхэр къызэригъэгугъэгъэ IахьышIур къызылъыIэсыщтхэр, ащыгъум шIошъхъуныгъэр хьаулые хъущтыгъ, Тхьэм къызэригъэгугъагъэми пкIэ иIэщтыгъэп.

15Сыда пIомэ, Тэурат хабзэм Тхьэм игубж къеxьы, ау хэбзэ унашъо зыдэщымыIэм хэбзэ укъони щыIэп.

16Арышъ, Тхьэм къыгъэгугъагъэхэр шIошъхъуныгъэ зиIэхэр ары. Аущтэу зыкIэхъугъэр Тхьэм тыкъызэригъэгугъэгъэ Iофхэр ынэшIу щыфэныгъэкIэ къызэрэтитырэр нафэ хъунри ары, шIошъхъуныгъэ зиIэхэу, Ибрахьимэ къытекIыгъэ цIыф пстэуми Тхьэм къызэригъэгугъэгъэ Iофхэр агъотышъунри ары. Ибрахьимэ къытекIыгъэ цIыфхэу зыфасIохэрэр Тэурат хабзэм тетхэм ямызакъоу, Тэурат хабзэм темытхэу Ибрахьимэ шIошъхъуныгъэу иIагъэм фэдэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэри ары. Шъыпкъэ, Ибрахьимэ тэ пстэуми тятэм фэд,

17Тхьэм Ибрахьимэ риIуагъэу, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, «Лъэпкъ Iаджыми ты уафэхъунэу узгъэнэфагъ». Тхьэм дэжькIэ Ибрахьимэ тэ пстэуми тят. Тхьэр ары Ибрахьимэ шIошъхъуныгъэ зыфыриIагъэр – Тхьэу лIагъэхэр къэзгъэхъужьрэр, илъэкIыкIи щымыIэ Iофхэр къэзгъэхъурэр.

18ГугъапIэ зыщэмыIэжьым, Ибрахьимэ Тхьэм щыгугъэу, шIошъхъуныгъэ иIагъ. Аущтэу, «О къыптекIыщт цIыфхэр уашъом ижъуагъохэм афэдизхэу бэ хъущтых» ыIуи, Тхьэм ащ къызэрэриIогъагъэм фэдэ къабзэу, Ибрахьимэ лъэпкъ Iаджыми ты афэхъугъ.

19ИшIошъхъуныгъэ зи къыщымыкIэу, ыпкъ лIэныгъэм пэблагъэ зэрэхъугъэм еплъыгъэп, сыда пIомэ, илъэсишъэм пэгъунэгъугъэти ары – Сарэ сабый къызэрэхэмыкIыщтми еплъыгъэп.

20ШIошъхъуныгъэ иIэу Тхьэм къызэригъэгугъагъэмкIэ гуцафэ ышIыгъэп Ибрахьимэ. ИшIошъхъуныгъэ нахь пытэ хъуи, Тхьэм щытхъу фишIыгъ.

21Тхьэм къызэригъэгугъагъэр ыгъэцэкIэн зэрилъэкIыщтым гугъэпIэшхо фыриIагъ ащ.

22ТхьэмкIэ ащ фэдизэу шIошъхъуныгъэ зэриIагъэм пае, Тхьэм ежь дэжькIэ ащ шъыпкъагъэ иIэу ылъытагъ.

23«Тхьэм ежь дэжькIэ ащ шъыпкъагъэ иIэу ылъытагъ» зыфаIорэ гущыIэхэр зэхьылIагъэхэр Ибрахьимэ изакъоп,

24тэри ары. Тхьэм ежь дэжькIэ шъыпкъагъэ тиIэу ылъытэщт – тэ, Исус Христосэу ти Зиусхьан лIагъэхэм къахэзгъэтэджыкIыжьыгъэ ТхьэмкIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэр.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

25Тэ псэкlод зэрэтшlагъэм пае, Тхьэм Исус лlэныгъэм lэкlигъэфагъ, ежь
дэжькlэ шъыпкъагъэ тиlэу тилъытэным пайй, Тхьэм ар лlагъэхэм
къахигъэтэджыкlыжьыгъ.

## Рим 5

**Тхьэм ежь дэжькlэ шъыпкъагъэ тиlэу тызэрилъытэрэм шlугъэу къыхэкlырэр**

1Арышъ, шlошъхъуныгъэ зэрэтиlэм пае, Тхьэм ежь дэжькlэ шъыпкъагъэ
тиlэу елъытэ. Аущтэу зэрэщытым пае, ти Зиусхьан Исус Христос Тхьэм
дэжькlэ гупсэф къытитыгъ.

2Христос ары шlошъхъуныгъэ зэрэтиlэм пае, Тхьэм ынэшlу къытщифэнэу
гъогу къытфызэlузыхыгъэр. Тхьэм ынэшlущыфэныр къытлъегъэlэс
зэпыт, ежь ищытхъушхокlи lахьэу къытлъыlэсыщтым тыщыгугъэу,
тызэрэпаплъэрэм пае, тэгушlо.

3Ау ахэмэ язакъоп, гузэжъогъухэу тщэчыхэрэми тащэгушlукlы, сыда
пlомэ, гузэжъогъу щэчыным теубытагъэр къызэрэхэкlырэр тэшlэ.

4Теубытагъэми Тхьэм ыгу зэlурэ шэнышlур къыхэкlы. Шэнышlуми Тхьэм
lахьышlур къызэрэтлъигъэlэсыщтым тызэрэщыгугъырэр къыхэкlы.

5А щыгугъыныгъэми тыкlигъэгъожьырэп, сыда пlомэ, Тхьэм ежь ы Псэ
Лъапlэу тыгу къырилъхьагъэмкlэ ишlулъэгъуныгъэ инэу тыгухэм
къарилъхьагъ.

6Христос Тхьэм ыухэсыгъэ уахътэм лlагъэ, тшъхьэкlэ lэпыlэгъу
тызфэмыхъужьышъоу, тэ, цlыфхэу Тхьэм шlолlыкl фызимыlэхэм апае.

7Шъыпкъагъэ зиlэ цlыфым ычlыпlэкlэ зыгорэ лlэныр бэу хъугъуае.
Цlыфышlум ычlыпlэкlэ зыгорэ зэрэлlэщтым еуцолlэнкlи мэхъу.

8Ау шlулъэгъоу къытфыриlэр Тхьэм моущтэу къыгъэлъэгъуагъ: тэ
тыпсэкlодышlэ пэтызэ, Христос тэщ пае лlагъэ.

9Джы Христос къащым лъэу щыкlэкlыгъэм пае, Тхьэм ежь дэжькlэ
шъыпкъагъэ тиlэу елъытэшъ, бэкlэ нахь цыхьэшlэгъу Христос Тхьэм
игубж тыкъызэрэlэкlихыжьыщтыр.

10Сыда пlомэ, тэ Тхьэм тырипыизэ, ежь ы Къо илlэныгъэкlэ Тхьэм ежь
тызэригъэшlужьыгъ. Джы ежь тызэрэзэригъэшlужьыгъэм пае, ащ
нахьыбэрэ тымыкlодэу тыкъыгъэнэжьыщт!

11Тымыкlодэу Тхьэм тыкъызэригъэнэжьыщтым имызакъоу, ти Зиусхьан
Исус Христос ихьатыркlэ Тхьэм тыщэгушlукlы. Христос ары Тхьэм
тезгъэшlужьыгъэр.

**Христосрэ Адэмрэ зэрэзэфэмыдэхэр**

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

12Псэкlодыр дунаим къытехьанэу зыпкъ къиклыгъэр зы цlыф. Псэкlодым
игъусэу лlэныгъэри дунаим къытехьагъ. Аущтэу цlыф пстэуми псэкlод
зэрашlагъэм пае, лlэныгъэр алъыlэсыныр яlахь хъугъэ.

13Сыда пlомэ, Тэурат хабзэр къэкlоным ыпэкlэ, псэкlодыр дунаим тетыгъ.
Ау хэбзэ унашъохэр щымыlэхэу, Тхьэм цlыфхэм япсэкlодхэр
афилъытэхэрэп.

14Ары шъхьаклэ Адэм зыцlэм имафэхэм къащегъэжьагъэу пегъымбар
Мусэ имафэхэм анэс лlэныгъэм цlыфхэм тетыгъо афырилагъ. Ахэмэ
псэкlодхэу ашlагъэхэр, Тхьэм иунашъо Адэм зытеклым, псэкlодэу
ышlагъэм фэмыдэщтыгъэ пэтми, лlэныгъэм тетыгъо къафырилагъ. Джы
дунаим къэкlон фэегъэ Христосымрэ Адэмрэ зэтэжъугъэгъапщэх.

15Адэм ипсэкlодшlагъэ Тхьэм ынэшlу щыфэныгъэкlэ тынышхоу
къытитырэм фэдэп. Сыда пlомэ, нэбгырэ закъом псэкlодэу ышlагъэм
къыхэкlыкlэ цlыфыбэ лlагъэ. Ау а псэкlодшlагъэм нахьи, Тхьэм ынэшlу
щыфэныгъэ бэкlэ нахь ин, итынышхоу зы нэбгырэу Исус Христос ынэшlу
щыфэныгъэкlэ цlыфыбэмэ аритырэри бэкlэ нахь ин.

16Ащ фэдэуи Тхьэм итынышхо къыхэкlырэр а нэбгырэ закъом
ипсэкlодшlагъэ къыхэкlыгъэм ебгъэпшэнэп. Сыда пlомэ, а нэбгырэ
закъом псэкlодэу ышlагъэм къыхэкlыгъэр Тхьэм зэригъэмысагъэр ары.
Ау цlыфхэм псэкlодыбэ ашlагъэ пэтми, Тхьэм ежь дэжькlэ ахэмэ
шъыпкъагъэ яlэу зэрилъытэхэрэр ары Тхьэм ынэшlу щыфэныгъэкlэ
тынышхоу аритырэр.

17Сыда пlомэ, нэбгырэ закъом ипсэкlодшlагъэ къыхэкlыкlэ лlэныгъэм
дунаим ицlыфхэм тетыгъо афырилэ хъугъэ. Ау ащ нахьи бэкlэ нахьыбэу,
нэбгырэ закъоу Исус Христос ышlагъэм пае цlыфхэу Тхьэм ынэшlу инэу
зыщифэхэу, уасэ амытэу ежь дэжькlэ шъыпкъагъэ яlэу ылъытэхэрэм
щыlэныгъэ агъотынышъ, тетыгъо яlэ хъущт.

18Арышъ, зы псэкlодшlэгъэ закъом къыхэкlыгъэр Тхьэм цlыф пстэури
мысэхэу зэрилъытагъэр ары. Ащ фэдэу зы нэбгырэ закъом шъыпкъэгъэ
lофэу ышlагъэм къыхэкlырэр Тхьэм цlыф пстэуми щыlэныгъэ аритызэ,
ежь дэжькlэ шъыпкъагъэ яlэу зэрилъытэхэрэр ары.

19Сыда пlомэ, зы нэбгырэ закъо Тхьэм зэремыдэlугъэм пае, цlыфыбэ
псэкlодышlэ хъугъэ. Ащ фэдэу зы нэбгырэ закъо Тхьэм зэредэlугъэм
паий, Тхьэм ежь дэжькlэ цlыфыбэми шъыпкъагъэ яlэу ылъытэщтых.

20Етlанэ Тэурат хабзэр къызэкlом, псэкlодшlагъэхэр нахьыбэ хъугъэх. Ау
псэкlодшlагъэхэр нахьыбэ хъу зэхъум, Тхьэм ынэшlу щыфэныгъэри нахь
ин хъугъэ.

21Арышъ, псэкlодым цlыфхэм тетыгъо зэрафырилэм пае, лlэныгъэр
lахьэу къалъыlэсыгъ. Ащ фэдэ къабзэу Тхьэм ынэшlу щыфэным цlыфхэм
тетыгъо афырилэ хъумэ, Исус Христосэу ти Зиусхьан lофэу ышlагъэм

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

пае, Тхьэм ежь дэжькӀэ цӀыфхэм шъыпкъагъэ яӀэу ылъытэщтых, мыкӀодыжьын щыӀэныгъи аритыщт.

## Рим 6

**ПсэкӀодым иӀоф къытхэмылъыжьэу, Христос тыгухэм зэрарылъым пае, тэпсэу**

1Джы сыд тӀона? ПсэкӀодшӀэным тыхэтын фая, Тхьэм ынэшӀу къызэрэтщифэрэм хэхъоным пае?

2Хьау, ар хъухэщтэп. ПсэкӀодым иӀоф къытхэмылъыжьмэ, псэкӀодшӀэным ылъэныкъокӀэ цӀыф лӀагъэхэм тафэд. Сыдэущтэу адэ псэкӀод тшӀэ зэпытэу тыпсэушъущта?

3Христос Исус тыгухэм арылъынэу тэ зэкӀэ тызаумэхъым, Христос илӀэныгъэ тиӀахь хэлъынэу тызэраумэхъыгъэр шъошӀэба?

4Тызаумэхъым, Христос тыригъусэу тылӀи, ежь тыригъусэу тычӀалъхьажьыгъэм фэд. Аущтэу зыкӀэхъурэр, Ты лъапӀэм илъэкӀэу щытхъушхо зиӀэмкӀэ Христос лӀагъэхэм къызэрахэтэджыкӀыжьыгъэм фэдэу, тэри щыӀэныгъакӀэ тиӀэу тыпсэуныр ары.

5Христос гъусэ тыфэхъуи, ар зэрэлӀагъэм фэдэу тэри тызэрэлӀагъэм пае, ар лӀагъэхэм къызэрахэтэджыкӀыжьыгъэм фэдэу, тэри тыригъусэу лӀагъэхэм тыкъахэтэджыкӀыжьыщт.

6Сыда пӀомэ, тишэныжъ бзаджэ Христос игъусэу къащым зэрэтыраӀулӀагъэр тэшӀэ, тыгухэм арылъ псэкӀодым илъэкӀ кӀодыным пае. Ащ пае тэ псэкӀодым тырипщылӀыжьыщтэп.

7Сыда пӀомэ, цӀыфэу лӀагъэр псэкӀодым ыӀэмычӀэ чӀэкӀыжьыгъ.

8Христос тыригъусэу тызэрэлӀагъэм пае, ежь тыригъусэу тызэрэщыӀэщтри тшӀошъ мэхъу.

9Тхьэм лӀагъэхэм ахигъэтэджыкӀыжьыгъэу, Христос зэрэмылӀэжьыщтыр тэшӀэ. ЛӀэныгъэм тетыгъо къыфыриӀэжьэп.

10Христос зэлӀэм, ащ нахьыбэрэ мылӀэжьынэу, псэкӀодым дэжькӀэ лӀагъэ. Джы щыӀэныгъэ иӀэу Тхьэм фэпсэу.

11Аущтэу Христос Исусэу ти Зиусхьан шъугухэм зэрарылъым пае, шъори псэкӀодым иӀоф къышъухэмылъыжьэу, псэкӀодым дэжькӀэ цӀыф лӀагъэхэм шъуафэдэу, Тхьэм шъуфэпсэоу зышъулъытэжь.

12Арышъ, псэкӀодым шъупкъыхэу лӀэщтхэми тетыгъо афыриӀэу орэмыхъу, шъуихъопсэ мыхъунхэм шъуафэмыӀорышӀэнэу.

13Шъупкъы щыщхэм псэкӀод ашӀэнэу бзэджагъэм иӀашэхэм афэдэхэу шъумыгъэхъух, лӀагъэхэм къахэтэджыкӀыжьыгъэ цӀыфхэми шъуафэдэу

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

Тхьэм зешъут. Шъупкъы щыщхэри шъыпкъагъэм иӀашэхэм афэдэхэу Тхьэм фэжъугъазэх.

14 ПсэкӀодым тетыгъо къышъуфыриӀэщтэп, сыда пӀомэ, хэбзэ унашъохэм аӀэчӀэгъ шъучӀэтэп, Тхьэм ынэшӀу щыфэныгъэм ыӀэчӀэгъ шъучӀэт нахь.

**Шъыпкъагъэр дгъэцэкӀэнэу типшъэрылъ**

15 Сыд етӀанэ? Хабзэм иунашъохэм ачӀэгъ тычӀэмытэу, Тхьэм ынэшӀу щыфэныгъэм ычӀэгъ тызэрэчӀэтырэм пае, псэкӀод дгъэхъэнэу тыфита? Хьау, ар хъухэщтэп.

16 Шъо шъошӀэба, ипщылӀхэм афэдэу шъуедэӀунэу зыгорэм зешъутымэ, шъузэдэӀурэ цӀыфым шъурипщылӀ шъыпкъэ шъузэрэхъурэр? ПсэкӀодым шъурипщылӀмэ, лӀэныгъэм игъогу шъутет, ау Тхьэм шъуедэӀумэ, ежь дэжькӀэ шъыпкъагъэ шъуиӀэу шъуилъытэщт.

17 Ау Тхьэм щытхъу фэтэшӀы, сыда пӀомэ, псэкӀодым шъурипщылӀыщтыгъ, ау тишӀошъхъуныгъэ тигъэшӀэрэ Ӏофхэу зызэшъутыгъэхэм джы шъугу етыгъэу шъуядэӀу.

18 Тхьэм псэкӀодым илъэкӀ шъукъыӀэкӀихыжьи, шъхьафит шъуишӀыжьыгъ, шъыпкъагъэми пщылӀ шъуфэхъужьыгъ.

19 ШъуигурыӀоныгъэ зэримыкъугъэм пае, цӀыфхэр къызэрэгущыӀэхэрэм фэдэу, къыжъугурызгъэӀонэу мыр къэсэӀо. Шъупкъы щыщхэм бзэджагъэ яжъугъэшӀэнэу шӀоигъэмрэ бзэджагъэмрэ пщылӀхэу зызэряшъутыщтыгъэм фэдэу, джы гукъэбзагъэм игъогу шъурыкӀонэу шъупкъы щыщхэр шъыпкъагъэм фэпщылӀынхэу фэжъугъазэх.

20 Сыда пӀомэ, псэкӀодым шъурипщылӀ зэхъум, шъыпкъагъэр шъозыгъэгъэцэкӀэн зи щыӀагъэп.

21 Ащыгъум ишӀуагъэу къышъокӀыгъэр сыда? ИшӀуагъэ зи къышъокӀыгъэп. Ащ фэдэ Ӏофхэу шъузтеукӀытыхьажьхэрэм къахэкӀырэр лӀэныгъэр ары.

22 Ау джы Тхьэм псэкӀодым илъэкӀ шъукъыӀэкӀихыжьи, шъхьафит шъуишӀыжьыгъ, Тхьэми пщылӀ шъуфэхъугъ. Ащ шӀугъэу къыхэкӀырэр гукъэбзагъэм игъогу шъузэрэрыкӀорэр ары, Ӏахьышӏоу къышъулъыӀэсыщтри мыкӀодыжьын щыӀэныгъэр ары.

23 Сыда пӀомэ, псэкӀодым къыхэкӀырэр лӀэныгъэр ары. Ау Исус Христосэу ти Зиусхьан тыгухэм зэрарылъым пае, Тхьэм тынышхоу къытитырэр мыкӀодыжьын щыӀэныгъэр ары.

## Рим 7

**ЗэлӀ-зэшъузыным ехьылӀэгъэ хабзэмрэ Христос тызэрэфыщытын фаемрэ**

1 Сшыхэр, хабзэм ит тхыгъэхэр шъошӀэшъ, цӀыфыр опсэуфэ хабзэм тетыгъо зэрэфыриӀэр шъошӀэба?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

2Гущыlэм пае, шъузым илl опсэуфэ, хабзэмкlэ а шъузыр а лlым епхыгъ. Ау илl зылlэкlэ, хабзэм шъузыр шъхьафит ешlы.

3Арышъ, илl псэузэ, шъузыр нэмыкl лlы горэм дэпсэумэ, зинэ ышlагъэу аlощт. Ау илl зылlэкlэ, а унашъом шъузым тетыгъо фыриlэжьэп. Нэмыкlрэ лlы горэм дэкlожьмэ, зинэ ышlагъэу хъурэп.

4Ащ фэдэу, сшыхэр, Христос ыпкъ зэрэлlагъэм пае, Тэурат хабзэм иlоф къышъухэмылъыжьэу, а хабзэм дэжькlэ шъо лlагъэхэм шъуафэд. Джы Христосэу Тхьэм лlагъэхэм къахигъэтэджыкlыжьыгъэм ие шъухъугъ, Тхьэм ищытхъукlэ шlу дгъэцэкlэным пае.

5Сыда пlомэ, типсэкlодышlэ шэныжъ игъогу тырыкlо зэхъум, Тэурат хабзэм зэкlигъэплъыхьагъэ псэкlодышlэ хъопсэхэр тпкъы щыщхэм ахэлъыгъэх, лlэныгъэр а хъопсэхэм къахэкlэу.

6Ау джы Тэурат хабзэу тызыпхыщтыгъэм иlоф къытхэмылъыжьэу, а хабзэм дэжькlэ цlыф лlагъэхэм афэдэ тыхъуи, Тхьэм Тэурат хабзэм ыlэчlэгъ тыкъычlихыжьи, шъхьафит тишlыжьыгъ. Арышъ, Тхьэм тызэрэфэлажьэрэ шlыкlэр ыпэрэм фэдэу тхыгъэ хабзэм тетэп, Тхьэм ы Псэ Лъапlэ ихэбзэ тет нахь.

**Тэурат хабзэмрэ псэкlодымрэ**

7Джы сыд тlона? Тэурат хабзэм псэкlод хэлъа? Хьау, ар хъухэщтэп! Ау Тэурат хабзэм иунашъохэр щымыlагъэхэмэ, псэкlодыр зыфэдэр сшlэщтыгъэп, сыда пlомэ, Тэурат унашъом «Хъопсэ мыхъун угу имыгъэлъ» къымыlуагъэмэ, хъопсэ мыхъуныр зыфэдэр сшlэщтыгъэп.

8Ау псэкlодым игъо ифи, а унашъомкlэ сыд щыщырэ хъопсэ мыхъуныр сыгу къырилъхьагъ; сыда пlомэ, Тэурат хабзэр щымыlэмэ, псэкlодри лlагъэм фэд.

9Зэгорэм Тэурат хабзэр сымышlэу сыпсэущтыгъ. Ау Тхьэм иунашъо къызэкlом, псэкlодым кlуачlэ иlэ хъуи,

10сэри лlагъэм фэдэ сыхъугъ. Аущтэу цlыфхэм щыlэныгъэ агъотыным пае, унашъоу Тхьэм къытфишlыгъэм сигъэлlагъ.

11Тхьэм иунашъо ыгъэфеди, псэкlодым сигъэпцlагъ, а унашъомкlи сигъэлlагъ.

12Аущтэу Тэурат хабзэр лъапlэ, унашъори лъапlэ, зафэ ыкlи, дэгъу ыкlи.

13Ащыгъум lоф дэгъу горэм сигъэлlагъэу ара? Хьау, ар хъухэщтэп! Ау псэкlодыр зыфэдэр нафэ хъуным пае, Тэуратым ихэбзэшlукlэ псэкlодым сигъэлlагъ. Аущтэу унашъомкlэ псэкlодыр зэрэдэи дэдэр нафэ мэхъу.

14Тэурат хабзэр Тхьэм дэжь къызэрикlыгъэр тэшlэ. Ау сэ сыцlыф тхьамыкl, псэкlодми сырипщылl.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

15Iофэу сэ сшIэрэр къызгурыIорэп; сыда пIомэ, Iофэу сшIэнэу сызыфаер
згъэцакIэрэп, ау сыуджэгъурэ Iофыр сэгъэцакIэ.

16Ау Iофэу сшIэнэу сызыфэмыер сэгъэцакIэмэ, Тэурат хабзэр зэрэдэгъум
дезгъаштэу ары ащ къикIырэр.

17Арышъ, а бзэджагъэр зышIэрэр сэрэп, сыгу илъ псэкIодыр ары нахь.

18СипсэкIодышIэ шэныжъ сеплъымэ, шIу сыгу зэримылъыр сэшIэ; сыда
пIомэ, шIу сшIэнэу сыфаеми, згъэцэкIэнэу скIуачIэ къыхьырэп.

19ШIоу сшIэнэу сызыфаер згъэцакIэрэп, ау бзэджагъэу сшIэнэу
сызыфэмыер сэгъэцакIэ.

20Ащыгъум Iофэу сшIэнэу сызыфэмыер сэгъэцакIэмэ, ар зыгъэцакIэрэр
сэрэп, сыгу илъ псэкIодыр ары нахь.

21Аущтэу мыщ фэдэ хабзэ мы Iофым хэлъэу сэлъэгъу: шIу згъэцэкIэнэу
сыфаемэ, бзэджагъэр сапэ къысшIуефэ.

22Сыда пIомэ, сыгукIэ Тхьэм ихабзэ сыщэгушIукIы,

23ау спкъы щыщхэм нэмыкI хэбзэжъ ахэсэлъагъо. А хэбзэжъыр сиакъыл
ыдэрэ хэбзэшIум пэуцу. А хэбзэжъым спкъы щыщхэм ахэлъ псэкIод
хэбзэжъым сыфегъэпщылIы.

24Сыдэу сыцIыф тхьамыкIа! Спкъэу сызгъэкIодырэм сыкъыхищыжьэу,
сымыкIодэу хэт сыкъэзгъэнэжьыщтыр?

25Тхьэм щытхъушхор ий. Исус Христосэу ти Зиусхьан иIэмыркIэ спкъэу
сызгъэкIодырэм сыкъыхищыжьэу, сымыкIодэу сыкъэзгъэнэжьыщтыр
ежьыр ары. Аущтэу сиакъылкIэ Тхьэм ихабзэ сырипщылI, ау
сипсэкIодышIэ шэныжъкIэ псэкIодым ихабзэ сырипщылI. Тхьэм ы Псэ
ЛъапIэ илъэкIыкIэ тыпсэуныр

## Рим 8

1Арышъ, зипсэкIодышIэ шэныжъ игъогу рымыкIохэу, Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ
игъогу рыкIорэ цIыфхэу, Христос Исус зыгу илъхэр Тхьэм зыкIи
ыгъэмысэщтхэп.

2Сыда пIомэ, Исус Христос тыгухэм арылъэу, Тхьэм ы Псэ ЛъапIэу
щыIэныгъэ шъыпкъэр къытэзытырэм ихабзэ псэкIодымрэ лIэныгъэмрэ
яхабзэ ычIэгъ сыкъычIихыжьи, шъхьафит сишIыжьыгъ.

3ТипсэкIодышIэ шэныжъ ибзэджагъэ пае, Тэурат хабзэм лъэкI имыIэу
ымышIэшъугъэр Тхьэм ышIагъ. Ежь ы Къо псэкIодышIэ цIыфхэм апкъ
фэдэу пкъы иIэу, псэкIодхэм апае къурмэныпхъэ хъунэу Тхьэм
къыгъэкIуагъ, аущтэуи а пкъымкIэ псэкIодыр ыгъэмысагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

4Тхьэм аущтэу зыкӀишӀагъэр тэ, Тхьэм ы Псэ Лъапӏэ игъогу рыкӏохэрэм, типсэкӏодышӏэ шэныжъ игъогу тырымыкӏоу, шъыпкъагъэр дгъэцэкӏэныр ары, Тэурат хабзэм зэритым фэдэу.

5Сыда пӏомэ, цӏыфхэу зипсэкӏодышӏэ шэныжъ игъогу рыкӏохэрэр яшэныжъ зыкӏэхъопсырэ ӏофхэм ягупшысэ зэпытых, ау Тхьэм ы Псэ Лъапӏэ игъогу рыкӏохэрэр Тхьэм ы Псэ Лъапӏэ иӏофхэм ягупшысэх.

6Шъуипсэкӏодышӏэ шэныжъ зыкӏэхъопсырэ ӏофхэм шъуягупшысэным ӏэягъэу къыхэкӏырэр лӏэныгъэр ары, ау Тхьэм ы Псэ Лъапӏэ иӏофхэм шъуягупшысэным шӏу къыхэкӏырэр щыӏэныгъэрэ гупсэфырэ ары,

7сыда пӏомэ, цӏыфэу зипсэкӏодышӏэ шэныжъ зыкӏэхъопсырэ ӏофхэм ягупшысэрэр Тхьэм ипый мэхъу. А цӏыфыр Тхьэм ихабзэ иунашъо едэӏурэп, едэӏуни ылъэкӏырэп.

8Шъыпкъэ, цӏыфхэу зипсэкӏодышӏэ шэныжъым игъогу рыкӏохэрэм Тхьэм ыгу яӏурэп.

9Ары шъхьакӏэ шъо шъуипсэкӏодышӏэ шэныжъ игъогу шъурыкӏорэп, Тхьэм ы Псэ Лъапӏэ шъыпкъэу шъугухэм арылъмэ, Тхьэм ы Псэ Лъапӏэ игъогу шъурэкӏо нахь. Христос ы Псэ Лъапӏэ зыгу имылъыр Христос ицӏыфхэм ащыщэп.

10Ау Христос шъугухэм арылъмэ, шъуипсэкӏодхэм къахэкӏыкӏэ шъупкъыхэр лӏэщтхэми, Тхьэм ежь дэжькӏэ шъыпкъагъэ шъуиӏэу шъузэрилъытэрэм пае, шъугурэ шъупсэрэкӏэ шъупсэу.

11Тхьэу Исус лӏагъэхэмэ къахэзгъэтэджыкӏыжьыгъэм ы Псэ Лъапӏэ шъугухэм арылъмэ, ащыгъум Тхьэу Христос лӏагъэхэм къахэзгъэтэджыкӏыжьыгъэм ы Псэ Лъапӏэу шъугухэм арылъым илъэкӏыкӏэ шъупкъыхэу лӏэщтхэми щыӏэныгъэ къаритыщт.

12Арышъ, тшыхэр, типсэкӏодышӏэ шэныжъ игъогу тырыкӏонэу тпшъэ илъэп.

13Сыда пӏомэ, шъуипсэкӏодышӏэ шэныжъ игъогу шъурыкӏомэ, шъукӏодыщт, ау Тхьэм ы Псэ Лъапӏэ илъэкӏыкӏэ бзэджагъэу шъушӏэхэрэр жъугъэкӏодхэмэ, щыӏэныгъэ шъыпкъэр жъугъотыщт.

14Тхьэм ы Псэ Лъапӏэ ыгъэӏорышӏэрэ цӏыф пстэури Тхьэм ибыных.

15Тхьэм ежь ы Псэ Лъапӏэу шъугухэм къарилъхьагъэм шъуигъэпщылӏырэп ыкӏи шъуигъэщынэрэп. Ау Тхьэм ежь ы Псэ Лъапӏэу шъугухэм къарилъхьагъэм Тхьэм ибын фэдэу шъуедэ. А Псэ Лъапӏэм, «Аббэу Ты лъапӏэ!» тӏоу, Тхьэм тырегъаджэ.

16Тхьэм ы Псэ Лъапӏэ Тхьэм тызэрибынхэр къыӏозэ, тыгухэм ягъусэу къеушыхьаты.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

17Тхьэм тызэрибыным пае, Тхьэм ибынхэм Iахьыш Iоу къалъыIэсырэр тэри къытлъигъэIэсыщт. А IахьышIоу Тхьэм Христос къылъигъэIэсырэри Христос тыригъусэу тэри къытлъигъэIэсыщт, сыда пIомэ, Христос тыригъусэу къин тщэчмэ, Христос тыригъусэуи Тхьэм щытхъушхо тиIэ ышIыщт.

**Щытхъушхоу къэлъэгъоштыр**

18Мы лъэхъаным тщэчыхэрэ къинхэр Тхьэм джы нэсыфэ цIыфхэм аримыгъэшIэгъэ щытхъушхоу тиIэ ыгъэхъущтым фэбгъэдэныр зэрифэмышъуашэм сыщэгугъы.

19Тхьэм ежь ибынхэм а щытхъушхор яIэ зэригъэхъурэр къыгъэхъугъэ пстэуми къызыщаригъэлъэгъущт мафэм зэкIэ къыгъэхъугъэхэр гузажъозэ пэплъэх.

20Сыда пIомэ, Тхьэм ежь къыгъэхъугъэ пстэуми ягухэлъ амыгъотынэу ыухэсыгъ. Аущтэу зыкIэхъугъэр ежьхэр ауштэу фэягъэхэкIэ арэп, ау ягухэлъ амыгъотынэу зыухэсыгъэ Тхьэм шIоигъуагъэти ары.

21Ау Тхьэм къыгъэхъугъэ пстэури Iофхэу зыщыгугъыхэу зыпалъэхэрэр мыхэр ары: Тхьэм ахэр кIодыным ипщылIыпIэ къыхихыжьхэу, шхьафит ышIыжьынхэри, Тхьэм ибынхэм яшъхьафитыныгъэрэ ящытхъушхорэ ахэми яIэ хъунри ары.

22Сыда пIомэ, Тхьэм къыгъэхъугъэ пстэури джы нэсыфэ щэIухэзэ, хъушъэн ихьэгъэ бзылъфыгъэм къин зэрищэчырэм фэдэу, къин зэращэчырэр тэшIэ.

23Ау къин зыщэчыхэрэр Тхьэм къыгъэхъугъэхэм язакъоп. Тхьэм итынхэм ащыщэу апэрэу ежь ы Псэ ЛъапIэ тэ зыгу къырилъхьагъэхэри, тыгукIэ тэщэIу, Тхьэм ибын фэдэу тидэнышъ, тпкъыхэр шъхьафит зыщишIыжьыщт мафэм тишъыпкъэу тыпаплъэзэ.

24Сыда пIомэ, мы Iофхэм тащыгугъэу тызэрапаплъэрэм пае, тымыкIодэу Тхьэм тыкъыгъэнэжьыгъ. Ау Iофхэу тызщыгугъыхэу тызпаплъэхэрэр къэлъагъохэмэ, ащыгъум ахэмэ тапаплъэрэп. Сыда пIомэ, ынэкIэ ылъэгъурэм хэта щыгугъэу паплъэрэр?

25Ау тэ тынэкIэ тымылъэгъурэм тыщыгугъэу тыпэплъэшъ, теубытагъэ тиIэу тыпэплъэ.

26Ащ фэдэу тэ, лъэкI зимыIэхэм, Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ къыддэIэпыIэ; сыда пIомэ, Тхьэм тызэрелъэIун фэе шIыкIэр тшIэрэп. Ау гущыIэхэм къамыIошъурэ щэIухэмкIэ Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ Тхьэм къытфелъэIу.

27Тхьэу цIыфхэм агухэм арылъыр зыгъэунэфырэм ежь ы Псэ ЛъапIэ ыгу илъыри ешIэ, сыда пIомэ, Тхьэр зэрэфаем тетэу ы Псэ ЛъапIэ Тхьэм ицIыф лъапIэхэм афелъэIу.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

28Тхьэр шӀу зылъэгъурэ цӀыфхэу, игухэлъ тетэу ибынхэм ащыщ хъунхэу
зэджагъэхэм Ӏоф пстэуми яшӀуагъэ Тхьэм зэраригъэкӀырэр тэшӀэ.

29Тхьэм цӀыфхэу къыхихыгъэхэр ежь ы Къо фэдэнхэу ыгъэнэфагъэх, ы
Къо къошыбэмэ апэ итыным пае.

30Тхьэм цӀыфхэу ыгъэнэфагъэхэр ибынхэм ащыщ хъунхэуи яджагъ.
Зэджагъэхэри ылъытагъэх ежь дэжькӀэ шъыпкъагъэ яӀэу. Ежь дэжькӀэ
шъыпкъагъэ зиӀэхэу ылъытагъэхэми щытхъушхо яӀэ ыгъэхъугъ.

**Тхьэм къытфыриӀэ шӀулъэгъур**

31Ахэр зытӀорэ ужым, джыри сыд тӀона? Тхьэр тигъусэмэ, хэта
къытпэуцужьын зылъэкӀыщтыр?

32Тхьэу зы Къо шъхьамысэу тэ зэкӀэми апае къурмэныпхъэ зышӀыгъэм ы
Къо тыригъусэуи шӀу пстэури къытитынба?

33Тхьэм къыхихыгъэ цӀыфхэр хэт зыгъэмысэн зылъэкӀыщтыр? Тхьэр ары
ежь дэжькӀэ ахэмэ шъыпкъагъэ яӀэу зылъытэрэр.

34Хэта тызгъэмысэн зылъэкӀыщтыр? Сыда пӀомэ, Христос Исус лӀи,
лӀагъэхэм къахэтэджыкӀыжьыгъ. Джы Тхьэм иджабгъукӀэ гос, Тхьэми
къытфелъэӀу.

35Тхьэм шӀулъэгъоу къытфыриӀэм хэт тыпызгъэзыкӀын зылъэкӀыщтыр?
Гузэжъогъу тыхэтми, гухэкӀыгъо тиӀэми, къин тагъэщэчми, мэлакӀэ
тэлӀэми, зыщытлъэн тимыӀэми, щынагъо тыхэтми, чатэкӀэ тагъэщынэми –
мы къэтӀуагъэ пстэуми Тхьэм ишӀулъэгъу тыпагъэкӀын алъэкӀырэп.

36Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, «(О, Тхьэ) Ау тыуиешъ,
мэфэ реным тпсэ хахынэу щынагъом тыхэт, шӀуабзыщт мэлмэ афэдэу
талъытэ».

37Ау мы Ӏоф пстэумкӀи шӀу тызылъэгъугъэм илъэкӀыкӀэ текӀоныгъэшхор
тиӀ.

38Сыда пӀомэ, хэти Тхьэм шӀулъэгъоу къытфыриӀэм тыпигъэкӀын
зэримылъэкӀыщтым сыщэгугъы; лӀэныгъэми, псэуныгъэми, мэлэӀичхэми,
джынэ пащэхэми, лъэкӀ зиӀэ джынэхэми, джы Ӏофхэу щыӀэхэми, къэкӀощт
уахътэм Ӏофхэу щыӀэщтхэми,

39уашъом сыд щыщ щыӀэми, чӀылъэ чӀэгъым сыд щыщ щыӀэми а
шӀулъэгъум тыпызгъэкӀын зи щыӀэп. Тхьэм къыгъэхъугъэ пстэуми
ащыщэу ти Зиусхьан Исус Христос ыӀэмыркӀэ Тхьэм къытигъэлъэгъугъэ
шӀулъэгъуныгъэм зи тыпызгъэкӀын щыӀэп.

## Рим 9

**Израиль лъэпкъыр**

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

1Христос сыгу зэрилъым пае, къасIорэр шъыпкъэ, пцIы сыусырэп. Тхьэм
ы Псэ ЛъапIэ игъусэу сыгуи ар зэрэшъыпкъэр къысфеушыхьаты.

2Сэ зыфасIорэр мары: гухэкIышхорэ зэпымыужьырэ гукъаорэ сиI.

3Сшыхэу слъэпкъ щыщхэм ащкIэ сишIуагъэ якIыщтыгъэмэ, Тхьэм ынае
къысщифэзэ, Христос сызыпигъэкIыныр нахь къыхэсхыщтыгъ.

4А сшыхэр израиль лъэпкъыр ары. Ахэр арых ибынхэм афэдэу Тхьэм
ыдагъэхэр. Ахэр ары ищытхъушхо зэригъэлъэгъугъэхэр. Ахэр арых
ибынхэм афэдэу Тхьэм ыштагъэхэр, ищытхъушхо зэригъэлъэгъугъэхэр.
Тхьэм ежьыррэ ахэмрэ азыфагу зэзэгъыныгъэхэр дилъхьагъ. Ахэр ары
Тэурат хабзэр зэритыгъэр. Ахэри ары ежь зэрагъэлъэпIэн фэе шIыкIэр
зэригъэлъэгъугъэхэр. Ахэри арых IахьышIукIэ къыгъэгугъагъэхэр.

5Ахэр арых тятэжъышхохэм къатекIыгъэ цIыфхэр. ЦIыфым фэдэу ежь
Христоси ахэмэ ялъэпкъ щыщ. Ежьыр ары зэкIэмэ анахь Лъагэу,
мыкIодыжьын щытхъушхор зиIэ Тхьэр. Амин!

6Ау Тхьэм игущыIэхэр ымыгъэшъыпкъагъэхэу арэп сIорэр. Сыда пIомэ,
израиль лъэпкъым щыщ цIыф пстэури арэп израиль цIыф шъыпкъэхэр.

7Ибрахьимэ къытекIыгъэ цIыф пстэури арэп Ибрахьимэ ибын
шъыпкъэхэр. Ау Тхьэм Ибрахьимэ къыриIуагъ: «Исхьакъ къытекIыщт
цIыфхэр ары о уибын шъыпкъэкIэ зэджэщтхэр».

8Ащ къикIырэр, Ибрахьимэ къытекIыгъэ бын пстэури арэп Тхьэм
ибынхэр. Ау Тхьэм Ибрахьимэ къызэригъэгугъагъэм тетэу, ащ
къытекIыгъэ бынхэр ары Тхьэм Ибрахьимэ къытекIыгъэ цIыф
шъыпкъэхэу ылъытэхэрэр.

9Сыда пIомэ, Тхьэм Ибрахьимэ къызэригъэгугъагъэр мары:
«Згъэнэфэгъэ лъэхъаным сыкъызыкIожьыкIэ, Сарэ къо къыфэхъущт».

10Ащ нэмыкIэуи, Ребеккэ Исхьакъ иехэу къуитIу къыфэхъунэу лъэрмыхьэ
зэхъум, Iофыр зытетыгъэр ащ фэдагъ.

11,12КIалэхэр къэмыхъугъэхэу, шIуи бзаджи амышIагъэу, Тхьэм Ребеккэ
къыриIуагъ: «Нахьыжъыр нахьыкIэм фэIофтэбгэщт». Тхьэм аущтэу
зыкIиIуагъэр цIыф горэ къызэрэхихырэмкIэ ежь игухэлъ ыгъэцэкIэныр
ары. Аущтэу цIыфым Iофхэу ышIагъэхэм ямылъытыгъэу, цIыфэу зыфаер
Тхьэм къыхехы,

13игущыIэ тхыгъэхэм арытэу Тхьэм зэриIуагъэм фэдэу, «Якъубэ шIу
слъэгъугъэ, ау Эсау сыуджэгъугъэ».

14Джы сыд тIона? Тхьэр мызафа? Хьау, ар хъухэщтэп.

15Сыда пIомэ, Тхьэм пегъымбар Мусэ къыриIуагъ: «ЦIыф горэм сыгу
езгъэгъунэу сыфаемэ, сыгу егъущт. Зыгорэм гукIэгъу фэсшIэнэу
сыфаеми, гукIэгъу фэсшIыщт».

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

16Аущтэу Тхьэм цӀыф горэ къызэрэхихырэр зэпхыгъэр цӀыфыр зыфаер, е
цӀыфым Ӏофхэу ышӀэхэрэр арэп, Тхьэм игукӀэгъэшху ары нахь а Ӏофыр
зэпхыгъэр.

17Сыда пӀомэ, Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм арыт Тхьэм Мысырым
ипачъыхьэ фырхьаунэ къызэрэриӀуагъэр: «Мыры пачъыхьэу
узфэзгъэуцугъэр: цӀыфхэм зэрэдунаеу сцӀэ щагъэӀуныр, силъэкӀ
къэозгъэгъэнэфэныр ары».

18Аущтэу Тхьэм цӀыф горэм гукӀэгъу къыфишӀынэу фаемэ, гукӀэгъу
къыфешӀы, цӀыф горэ гуркъэ ыгъэхъунэу фаеми, гуркъэ егъэхъу.

**Тхьэм игубжрэ игукӀэгъурэ**

19О къысэпӀонкӀи мэхъу: «Арымэ Ӏофыр зытетыр, Тхьэм цӀыфхэр сыда
зыкӀигъэмысэхэрэр? Хэта Тхьэм ыӀуагъэм пэуцун зылъэкӀыщтыр?»

20Ау о, цӀыфыр, о хэт ущыщ, Тхьэм уенэкъокъунэу? ЦӀыфэу хьакъу-
шыкъур зышӀыгъэм «Сыд мыщ фэдэу сызкӀэпшӀыгъэр?» – къыриӀона?

21АнахьышӀу хьакъу-шыкъури къызэрыкӀо хьакъу-шыкъури къошынышӀэм
а зы етӀагъом хишӀыкӀын фитба?

22Ау игубж къыгъэнэфэнэуи илъэкӀышхо цӀыфмэ аригъэшӀэнэуи Тхьэм
шӀоигъуагъэти, зыфэгубжырэ цӀыфхэу ыгъэкӀодын фэягъэхэм
щэӀэгъэшхокӀэ ашъхьасыгъ.

23Тхьэр ахэмэ зыкӀашъхьасыгъэр гукӀэгъу зыфишӀырэ цӀыфхэу
щытхъушхо зиӀэ хъунхэу ыгъэпсыгъэхэм ежь ищытхъушхо иинагъэ
аригъэшӀэныр ары.

24Ибынхэм ащыщ хъунхэу Тхьэр къызэджагъэхэр тэры – тэ, джуртхэм,
тимызакъоу нэмыкӀрэ лъэпкъхэми ащыщхэр арых.

25Пегъымбар Хьошеа итхылъ итэу, Тхьэм къызэриӀорэм фэдэу, «Слъэпкъ
щымыщ цӀыфхэм „сэ слъэпкъкӀэ“ сяджэщт; шӀу сымылъэгъугъэ
лъэпкъыми „шӀу слъэгъурэ лъэпкъкӀэ“ седжэщт».

26ЫкӀи «„Шъо слъэпкъ шъущыщэп“ Тхьэм зыщиӀогъэ чӀыпӀэм

„ЩыӀэныгъэ къэзытырэ Тхьэм ибынхэкӀэ“ щяджэщтых».

27Пегъымбар Ешайа израиль лъэпкъым ехьылӀагъэу къыӀуагъ: «Израиль
лъэпкъым ипчъагъэ хым ипшахъо фэдизми, ахэмэ ащыщхэу мыкӀодхэу
Тхьэм къыгъэнэжьыщтхэр макӀэ ныӀэп.

28Сыда пӀомэ, псынкӀэу, зи къэмынэу Тхьэм мы дунаим ицӀыфхэм хьыкум
атыришӀыхьащт».

29Пегъымбар Ешайа ыпэкӀэ къызэриӀуагъэм фэдэу, «Зиусхьанэу
Сэбаот лъфыгъэнчъэу тыкъыгъэнагъэмэ, къалэхэу Содомрэ
Ӏаморрэрэ тафэдэщтыгъ».

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

### Израильрэ Христос ехьылIэгъэ къэбарышIумрэ

30Джы сыд тIона? Хымэ лъэпкъхэм шъыпкъагъэ зэряIэщтым ыуж имытыгъэхэми, шIошъхъуныгъэ зэряIагъэм пае, Тхьэм ахэмэ шъыпкъагъэ яIэу ылъытагъ.

31Ау израиль цIыфхэу Тхьэм дэжькIэ шъыпкъагъэ яIэ зыгъэхъун хабзэм ыуж итыгъэхэм а хабзэр агъотыгъэп.

32Сыда зыкIамыгъотыгъэр? ШIошъхъуныгъэм игъогу амыдэу, Iофэу ашIагъэхэм ягъогукIэ Тхьэм дэжькIэ шъыпкъагъэ зэряIэщтым ыуж итыгъэхэти ары. ЦIыфхэр зыгъэлъэпаорэ мыжъом елъэпэуагъэх.

33ИгущыIэ тхыгъэхэм арытэу Тхьэм къызэриIорэм фэдэу, «ЦIыфхэр зыгъэлъэпаорэ мыжъоу, мыжъошхоу цIыфхэр чIыгум тезгъафэрэр, Цион зыцIэ къалэм щысэгъэтIылъы. А мыжъошхомкIэ шIошъхъуныгъэ зиIэр кIэгъожьыщтэп».

## Рим 10

1Сшыхэр, сыгу зыкIэхъопсырэри Тхьэм сызэрелъэIу зэпытырэри Израиль, слъэпкъ, мыкIодэу ащ къыгъэнэжьыныр ары.

2Агу етыгъэу Тхьэм зэрэфэлажьэхэрэмкIэ сыряшыхьат, ау зэхэшIыкI яIэу лажьэхэрэп.

3Тхьэм ежь дэжькIэ цIыфхэм шъыпкъагъэ яIэу зэрилъытэрэ гъогур къагурымыIоу, ежьхэм ягъогукIэ Тхьэм дэжькIэ шъыпкъагъэ зэряIэщтым ыуж зэритыгъэхэм пае, Тхьэм ежь дэжькIэ шъыпкъагъэ яIэу зэрилъытэрэ гъогур адагъэп.

4Сыда пIомэ, Тэурат хабзэм игугъапIэр Христос ары. Хэти ХристоскIэ шIошъхъуныгъэ зиIэр Тхьэм ежь дэжькIэ шъыпкъагъэ иIэу елъытэ.

### Хэти мыкIодэу Тхьэм къыгъэнэжьын ылъэкIыщт

5ЦIыфым Тэурат хабзэм итхэр зэригъэцакIэрэм пае, Тхьэм ежь дэжькIэ ащ шъыпкъагъэ иIэу зэрилъытэрэм ехьылIагъэу пегъымбар Мусэ моущтэу ытхыгъ: «Тэурат хабзэм итхэр зыгъэцакIэрэм Тэурат хабзэм ишIуагъэкIэ щыIэныгъэ иIэщт».

6Ау цIыфым шIошъхъуныгъэ зэриIэм пае, Тхьэм ежь дэжькIэ ащ шъыпкъагъэ иIэу зэрилъытэрэм ехьылIагъэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм моущтэу арыт: «Хэта уашъом дэкIоещтыр? – умыIо угукIэ», (а гущыIэхэм къарыкIырэр уашъом удэкIоеныр ары, Христосэу цIыфхэр мыкIодхэу къэзгъэнэжьырэр къырищэхыным пае).

7Е «Хэта чIылъэм икуупIэ ехыщтыр?» умыIо, (Христос лIагъэхэм къахищыжьыным пае, къыдищэежьыныр ары а гущыIэхэм къарыкIырэр).

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

8Ау Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм сыда арытыр? «Тхьэм игущыIэхэр
къыппэгъунэгъух, ужи дэлъых, угуи илъых».

9Ужэкlэ цIыфхэм апашъхьэ Исус зэрэ Зиусхьаныр къыщыпIомэ, Тхьэм ар
лIагъэхэм къызэрахигъэтэджыкIыжьыгъэмкIи угукIэ шIошъхъуныгъэ
уиIэмэ, умыкIодэу Тхьэм укъыгъэнэжьыщт.

10Сыда пIомэ, цIыфэу зыгукIэ шIошъхъуныгъэ зиIэм Тхьэм ежь дэжькIэ
шъыпкъагъэ иIэу ылъытэщт, цIыфмэ апашъхьэ Исус зэрэ Зиусхьаныр
къыщызыIорэри мыкIодэу Тхьэм къыгъэнэжьыщт.

11Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм Христос ехьылIагъэу зэрарытым фэдэу,
«Хэти ежьыркIэ шIошъхъуныгъэ зиIэр кIэгъожьыщтэп».

12Джуртхэри алыджхэри зэрэзэтекIыхэрэ зи щыIэп. А зы Зиусхьаныр
зэкIэми я Зиусхьан, Ащ елъэIурэ пстэуми шIу къафешIэ.

13Сыда пIомэ, «Хэти къыдэIэпыIэнэу ащ елъэIурэр мыкIодэу Зиусхьаным
къыгъэнэжьыщт».

14Ау ЗиусхьанымкIэ шIошъхъуныгъэ ямыIэмэ, сыдэущтэу елъэIунха? Ащ
икъэбари зэхамыхыгъэмэ, сыдэущтэу шIошъхъуныгъэ яIэ хъущта?
Икъэбари зыми аримыгъэIумэ, сыдэущтэу зэхахына?

15Тхьэми цIыфхэр къымыгъакIохэмэ, сыдэущтэу Христос ехьылIэгъэ
къэбарышIур агъэIуна? Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу,
«КъэбарышIур зыгъэIурэ цIыфхэм алъакъохэр сыдэу дахэха!»

16Ау щытми, къэбарышIум едэIунхэу цIыф пстэуми адагъэп. Сыда пIомэ,
пегъымбар Ешайа моущтэу къыIуагъ: «Зиусхьан, къэбарышIоу дгъэIугъэр
хэта зышIошъ хъугъэр?»

17Аущтэу КъэбарышIур зэрэзэхахырэмкIэ цIыфхэм шIошъхъуныгъэ яIэ
мэхъу, зыгорэм Тхьэм игущыIэхэр зэригъэIухэрэмкIи а КъэбарышIур
зэхахы.

18Ау сэ сыкъэупчIэ: КъэбарышIур зэхахыгъэба? Бэу зэхахыгъ, сыда
пIомэ, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, «КъэбарышIур
зыгъэIугъэмэ амакъэ чIылъэм тыдэкIи цIыфхэм щызэхахыгъ,
ягущыIэхэри чIылъэм ыкъуапэхэм анэсыгъэх».

19Джыри сыкъэупчIэ: израиль цIыфхэм къэбарышIур къагурымыIуагъэу
ара? Хьау, бэу къагурыIуагъ, сыда пIомэ, Тхьэм ыцIэкIэ пегъымбар Мусэ
апэрэу къыIуагъ: «Зы лъэпкъ горэм щымыщхэм шъуязгъэшъугъощт,
зэхэшIыкI зимыIэ лъэпкъыми шъуфэзгъэгубжыщт».

20ЕтIанэ Тхьэм ыцIэкIэ пегъымбар Ешайа гушхоу къыIуагъ:
«Къыслъымыхъугъэ цIыфхэм сыкъагъотыгъ, къыскIэмыупчIагъэхэми
зязгъэлъэгъугъ».

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

21Ау израиль лъэпкъым ехьылIагъэу моущтэу къеIо: «Къысэмыдэlурэ
лъэпкъ къаигъэр къысэшlужьыным пае, мэфэ реным сlэхэр
фэсщэигъэх».

## Рим 11

### Тхьэм израиль лъэпкъым гукlэгъу къызэрыфишlырэр

1Арышъ, сыкъэупчlэ: Тхьэр ежь илъэпкъ фэмыежьэу хъугъа? Хьау, ар
хъухэщтэп. Сыда пIомэ, сэри израиль лъэпкъым сыщыщ, Ибрахьимэ
къытекIыгъэхэм сащыщ, Бен-Ямин илIакъо сыщыщ.

2Шъыпкъэ, Тхьэм лъэпкъэу къыхихыгъэм фэмыежьэу хъугъэп. Тхьэм
игущыIэ тхыгъэхэм арытэу, пегъымбар Иляс ехьылIэгъэ къэбарыр
шъошIэба? Иляс израиль цIыфхэм яхьылIагъэу Тхьэм ыпашъхьэ
моущтэу щытхьаусхагъ:

3«Зиусхьан, уипегъымбархэр аукIыгъэх, уикъурмэншIыпIэхэри
зэхакъутагъэх. Сэ сизакъоу сыкъэнагъ, спси ыуж итых».

4Ау Тхьэм Иляс сыда къыриIожьыгъэр? «Тхьэ нэпцIэу БаIал ыпашъхьэ
лъэгонджэмышъхьэкIэ мытIысыгъэхэу цIыф минибл къызфэзгъэнагъ».

5Джыри ары зытетыр. Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэкIэ ежь къыхихыгъэу,
цIыф куп къэнагъэу щыI.

6Тхьэм ахэр къызкIыхихыгъэхэр ынэшIу ащифагъэти ары. Ахэмэ
Iофышlухэу ашIагъэхэм яIоф ащ хэлъэп. Армырмэ Тхьэм ынэшIоу
ащифагъэр нэшIу щыфэныгъэ хъужьрэп.

7Сыд етIанэ? Израиль лъэпкъыр зылъыхъугъэр ыгъотыгъэп, ау Тхьэм
къыхихыгъэ цIыф купым ыгъотыгъ. Къэнагъэхэр гуркъэ хъугъэх.

8Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, «Тхьэм ахэмэ агухэм
гулъытэ арымылъ ышIыгъ. Анэхэми амылъэгъоу, атхьакIумэхэми
зэхамыхэу ыгъэхъугъэх, непэрэ мафэм нэсыфэ».

9Пачъыхьэ Даути къыIуагъ: «Ахэмэ ягухэхъо Iанэ лъахъи, хъытыуи, ахэр
зыгъэлъэпэорэ мыжъуи афэрэхъу. Тхьэм яфэшъуашэ арерэгъэпщыныжь.

10Ахэмэ амылъэгъушъунэу Тхьэм анэхэр ерэгъэушIункI, егъашIэми
атхыцIэхэр амыузэнкIыжьышъунэу ерэуфэх».

### Хымэ лъэпкъхэр мыкIодхэу Тхьэм къызеригъэнэжьхэрэр

11Арышъ, сэкъэупчIэ: джуртхэр зэлъэпаохэм, къэмытэджыжьышъунхэу
тефэгъапэха? Хьау, ар хъухэщтэп. Ау джуртхэр гъогу занкIэм
зэрэтекIыгъэхэм пае, нэмыкIрэ лъэпкъхэр мыкIодхэу къэнэжьынхэу Тхьэм
гъогу афишIыгъ, джуртхэр ахэмэ аригъэшъугъунхэм пае.

12Джуртхэр гъогу занкIэм зэрэтекIыгъэхэм пае, дунаим тет нэмыкIрэ
цIыфхэм шIубэ агъотыгъ, джуртхэми яIоф къызэрадэмыхъугъэм пае,

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

нэмыкӀрэ лъэпкъхэм шӀубэ агъотыгъ. Арышъ, джуртхэу мыкӀодхэу Тхьэм къыгъэнэжьыщтхэм япчъагъэ зикъукӀэ, сыдэу шӀуба ащ къыхэкӀыщтыр!

[13]Джы шъо, хымэ лъэпкъхэм, къышъосэӀо: шъо хымэ лъэпкъхэм шъуиапостолэу сызэрэхъугъэм пае, сиӀоф сэгъэлъапӀэ.

[14]СиӀоф зыкӀэзгъэлъапӀэрэр слъэпкъ щыщхэр шъо хымэ лъэпкъхэм къышъозгъэшъугъунхэшъ, ахэмэ ащыщэу зы куп мыкӀодэу Тхьэм къыгъэнэжьынэу ары.

[15]Сыда пӀомэ, Тхьэм джуртхэр ымыдэхэ зэхъум, дунаим тет нэмыкӀ цӀыфхэр ежь зэригъэшӀужьыгъэх. Ащыгъум Тхьэм джуртхэр джыри зэ зидэжьыхэкӀэ, сыд хъущт? ЛӀагъэхэм къызэрахэтэджыкӀыжьхэрэм ахэр фэдэщт.

[16]Тхьацум иапэрэ Ӏахь Тхьэм ратымэ, тхьацур зэкӀэ Тхьэм ий. Чъыгым ылъапсэ Тхьэм иемэ, чъыг къутамэхэри Тхьэм иех.

[17]Хатэм дэт зейтун чъыгым икъутамэхэм ащыщхэу заулэ Тхьэм гуикӀыкӀи, о шъофым ит зейтун чъыг къутамэм фэдэр адрэ къутамэхэм ачӀыпӀэ угуигъэкӀыхьагъ. Хатэм дэт зейтун чъыгым икъутамэхэу къэнагъэхэм урягъусэу а чъыгым ылъапсэми ипсыми яшӀуагъэ къыуагъэкӀы.

[18]Арышъ, Тхьэм а чъыгым гуикӀыкӀыгъэ къутамэхэм апашъхьэ узщыщымытхъужь. Узщэтхъужьмэ, мыр зыщымыгъэгъупш: о уишӀуагъэ лъапсэм ебгъэкӀырэп, лъапсэм ишӀуагъэ о къыуегъэкӀы нахь.

[19]Ащыгъум о къысэпӀонкӀи мэхъу: «Чъыгым сэ сыгуигъэкӀыхьанэу Тхьэм чъыгым а къутамэхэр гуикӀыкӀыгъэх».

[20]Шъыпкъэ, ахэмэ шӀошъхъуныгъэ зэрямыӀэм пае, Тхьэм чъыгым гуикӀыкӀыгъэх, ау о шӀошъхъуныгъэ зэрэуиӀэм пае, пчӀыпӀэ укъенэ. Арышъ, зымыгъэпаг, щынагъо зигъаӀ.

[21]Сыда пӀомэ, хатэм дэт чъыгым икъутамэхэм Тхьэр ашъхьамысыгъэмэ, о къыпшъхьасыщта?

[22]Мары Тхьэм ишӀугъэрэ ипхъэшагъэрэ: игъогу текӀыгъэхэм афэпхъаш, ау О Тхьэм ишӀугъэ зыхэмыгъэнмэ, ишӀугъэ къыплъигъэӀэсыщт. Армырмэ, ори а чъыгым угуикӀыкӀыщт.

[23]Джуртхэми яшӀошъмыхъуныгъэ ханэжьмэ, Тхьэм ахэри чъыгым гуигъэкӀыхьажьыщтых, сыда пӀомэ, Тхьэм ахэр икӀэрэкӀэу гуигъэкӀыхьажьынхэ ылъэкӀыщт.

[24]О, (хымэ лъэпкъыр), шъофым ит зейтун чъыгым Тхьэм угуикӀыкӀи, хатэм дэт зейтун чъыгым угуигъэкӀыхьагъ. Ащыгъум хатэм дэт зейтун чъыгым щыщ къутамэхэр (джуртхэр), ежьхэм ячъыг гуигъэкӀыхьажьынхэр ТхьэмкӀэ нахь къинына?

**Израиль лъэпкъым Тхьэм ежь дэжь къызэрыригъэгъэзэжьыщтыр**

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

25Сшыхэр, Iушыщэу шъузышIомышIыжьыным пае, мы шъэфыр
шъумышIэным сыфаеп. Хымэ лъэпкъхэм ащыщхэу Тхьэм игъогу
техьащтхэм япчъагъэ екъуфэ, израиль лъэпкъым щыщ куп гуркъэнэу
Тхьэм ыгъэхъугъ.

26Аущтэу израиль лъэпкъыр зэкIэ мыкIодэу Тхьэм къыгъэнэжьыщт,
игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, «ЦIыфхэр мыкIодхэу
къэзгъэнэжьыщтыр Цион къалэм къыдэкIыщт. Ар къызыкIокIэ,
бзэджагъэр Якъубэ илъэпкъ хигъэкIодыкIыжьыщт».

27(ЕтIанэ Тхьэм ыIуагъ:) «Мы зэзэгъыныгъэр ары сэррэ ахэмрэ тазыфагу
дэслъхьащтыр, япсэкIодхэр затесхыжьхэкIэ».

28Джуртхэм къэбарышIур зэрамыдагъэм пае, шъо а Iофым ишIуагъэ
къышъокIэу Тхьэм ипый хъугъэх. Ау Тхьэм джуртхэр къызэрэхихыгъэхэм
пае, ахэр шIу елъэгъух, ятэжъышхохэм яхьатыркIэ.

29Сыда пIомэ, Тхьэм цIыфхэм тынхэр заритхэкIэ, ибынхэм ащыщ
хъунхэуи зяджэкIэ, аущтэу зэришIагъэм фыкIэгъожьырэп.

30Шъо, хымэ лъэпкъхэр, Тхьэм шъуедэIущтыгъэп, ау израиль лъэпкъыр
Тхьэм зэремыдэIугъэм пае, джы Тхьэм шъо гукIэгъу къышъуфишIыгъ.

31Ащ фэдэу джы джуртхэр Тхьэм едэIухэрэп, шъо гукIэгъоу
къышъуфишIыгъэмкIэ Тхьэм ахэми гукIэгъу къафишIыным пае.

32Сыда пIомэ, Тхьэм цIыф пстэури мыдэIоным хэтхэу къыгъэнагъэх,
ахэмэ зэкIэмэ гукIэгъу къафишIыным пае.

33Тхьэм ишIугъэшхо, иакъылышIогъэшхо, ишIэныгъэшхо сыдэу инха!
Игухэлъышхохэр зыми зэхифын ылъэкIыщтэп. ИIофхэм ауж зи ихьан
ылъэкIыщтэп.

34«Хэта Зиусхьаным ыгу илъыр зышIэрэр? Хэта ащ упчIэжьэгъу
фэхъугъэр?

35Хэта Тхьэм зыгорэ езытыгъэр, Тхьэм ащ тын къыритыжьынэу?»

36Iоф пстэури Тхьэм ыIэ къикIыгъ. ИлъэкIыкIи ищытхъушхо пайи Iоф
пстэури щыI. МыкIодыжьын щытхъушхор Тхьэм ий. Амин.

## Рим 12

### Христос тыгухэм арылъэу тызэрэзекIон фаер

1Арышъ, Тхьэм гукIэгъу къызэрэтфишIыгъэм пае, инэу сышъолъэIу:
Тхьэм ыгу зэIурэ къурмэныпхъэ псаоу, къурмэныпхъэ лъапIэм фэдэу
зешъут. Ары гурэ псэрэкIэ Тхьэр зэрэжъугъэлъэпIэн фаер.

2Мы лъэхъаным ихабзэхэм шъукъыращэкIэу шъущымыт. Ау Тхьэм
шъугухэм арылъхэр зэрерэхъокIых, шэнышIо шъухъуным пае. Ауштэу

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

шъушIымэ, Тхьэр зыфаер къыжъугурыIощт, дэгъур зыфэдэри, Тхьэм ыгу зэIурэри, щыкIагъэ зимыIэ икъугъэр зыфэдэри къыжъугурыIощт.

3Тхьэм ынэшIу сэ къызэрэсщифагъэм пае, шъуащыщ пэпчъ есэIо: узышIомышIыжь ыкIи зымыгъэин, шIошъхъуныгъэу Тхьэм о къыпфигъэшъошагъэм ишапхъэ тетэуи гурыIоныгъэкIэ зэплъыжь.

4Сыда пIомэ, пкъым щыщхэр бэ, ау ахэмэ зэкIэмэ Iофэу ашIэрэр зэп.

5Джащ фэдэу тэри бэ тэхъу пэтми, Христос тыгухэм зэрарылъым пае, зыпкъ закъо тэхъу, хэт пэпчъи адрэхэм ащыщ.

6Тхьэм ынэшIу хэти къызэрэщифагъэм елъытыгъэу лъэкI зэфэшъхьафхэр тиIэх. Тхьэм игущыIэхэр зыгорэм ыгу къырилъхьэхэу, ахэр къыIонхэу лъэкI къыритыгъэмэ, а цIыфым шIошъхъуныгъэу иIэм тетэу Тхьэм игущыIэхэр къерэIу.

7ЦIыфхэм ишIуагъэ аригъэкIынэу Тхьэм зыгорэм лъэкI къыритыгъэмэ, а цIыфым ишIуагъэ ахэмэ арерэгъэкI. ЦIыфхэм Iофхэр аригъэшIэнхэу Тхьэм зыгорэм лъэкI къыритыгъэмэ, а цIыфым Iофхэр арерэгъашI.

8ЦIыфхэр ыгъэгушхонхэу Тхьэм зыгорэм лъэкI къыритыгъэмэ, ерэгъэгушхох. ИIэр цIыфхэм адигощынэу Тхьэм зыгорэм лъэкI къыритыгъэмэ, игуапэу адерэгощ. Тхьэмэтэнэу Тхьэм зыгорэм лъэкI къыритыгъэмэ, егугъоу орэтхьэмат. ЦIыфхэм гукIэгъу афишIынэу Тхьэм зыгорэм лъэкI къыритыгъэмэ, гушIуагъокIэ гукIэгъу аферэшI.

**ШIулъэгъур**

9ШъуишIулъэгъу шIулъэгъу шъыпкъэ орэхъу. Бзэджагъэм зыщышъудзый, дэгъум ыуж шъуит.

10Зэкъошхэм фэдэу шIу шъузэрэлъэгъу; шъушъхьэ зэрэшъулъытэрэм нахьи, адрэхэр нахь шъулъытэх.

11Гуетыныгъэшхо зижъугъэIэ зэпыт, Зиусхьаным шъуфэлэжьэным гурэ псэрэкIэ зешъут.

12Iофхэу шъузщыгугъыхэу, шъузпаплъэхэрэм шъуакIэгушIу. Гузэжъогъу шъухафэмэ, теубытагъэ зижъугъаI. Тхьэм шъуелъэIу зэпыт.

13Тхьэм ицIыф лъапIэхэм щыкIагъэ яIэмэ, шъуадэIэпыI. ХьакIэр жъугъэлъэпIэными шъупылъ.

14Къин шъозгъэщэчыхэрэм ынэшIу къащифэнэу Тхьэм шъуелъэIу. Ары сэIо, ахэмэ шъуямыбгэу, ынэшIу къащифэнэу Тхьэм шъуелъэIу.

15ГушIохэрэм шъуадэгушIу, гъыхэрэми шъуадэгъ.

16ШъуигупшысакIэ зы орэхъу. Зышъумыгъэпаг, цIыф цIыкIухэми ныбджэгъуныгъэ адэшъушI. ШъузышIомышIыжь.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

17 Зыгорэм ибзэджагъэ бзэджагъэкIэ шъупэмыгъокIыжь. ЦIыф пстэуми шIоу алъытэрэр зэрэшъушIэным ыуж шъуит.

18 Амал иIэмэ, шъулъэкIыщтым фэдизкIэ цIыф пстэуми шъузэрагурыIоным ыуж шъуит.

19 СилъапIэхэр, зыгорэм бзэджагъэ къышъуихмэ, бзэджагъэ ешъумыхыжь, ау Тхьэм цIыфым ибзэджагъэ рерэгъэпщыныжь, сыда пIомэ, Зиусхьаным къыIорэр игущыIэ тхыгъэхэм арыт: «ЦIыфхэм ябзэджагъэ языгъэпщыныжьыщтыр сэры, яфэшъуашэ язгъэгъотыжьыщт».

20 Аущтэу «Уипый мэлакIэ малIэмэ, гъашхэ, псыфалIэ малIэмэ, егъашъу; сыда пIомэ, аущтэу зыпшIырэм, шIомыкI плъыгъэхэр ащ ышъхьэ теплъхьащтых».

21 Бзэджагъэр къызтемыгъакIоу, шIушIэнымкIэ бзэджагъэм текIу.

## Рим 13

### Тетыгъо зиIэхэм шъуафэIорышI

1 Хэти тетыгъо зиIэхэм афэрэIорышI. Сыда пIомэ, Тхьэм ымыдэмэ, зыми тетыгъо иIэ хъущтэп. Тетыгъо зиIэхэу щыIэхэр зыгъэнэфагъэр Тхьэр ары.

2 Арышъ, тетыгъо зиIэхэм апэуцурэ цIыфыр Тхьэм ыгъэнэфэгъэ цIыфхэр арых зыпэуцухэрэр. Аущтэу зышIэхэрэм мысагъэ зытыралъхьажьы.

3 Сыда пIомэ, шIугъэ зышIэхэрэр тетыгъо зиIэхэм ащыщынэнхэр ящыкIагъэп, бзэджагъэ зышIэхэрэр ары ахэмэ ащыщынэнхэ фаехэр. Тетыгъо зиIэм ущымыщынэнэу уфая? ШIу шIи, ар къыпщытхъущт.

4 Сыда пIомэ, тетыгъо зиIэм ишIуагъэ къыуигъэкIынэу Тхьэм фэлажьэ. Ау бзаджэ пшIэмэ, ущыщынэн фае, сыда пIомэ, тетыгъо зиIэм чатэр хьаулыеу ыIыгъырэп. БзэджашIэхэм яфэшъошэ къин атырилъхьанэу ар Тхьэм фэлажьэ.

5 Арышъ, тетыгъо зиIэхэм уафэIорышIэн зыкIыфаер уифэшъошэ къиныр Тхьэм къыптырилъхьанымкIэ узэрэщыщынэрэ закъор арэп, ахэмэ уафэIорышIэныр зэрэтэрэзыр угукIэ зэрэпшIэрэри ары.

6 Ары хьакъулахь ахъщэр ахэмэ зыкIяшъутырэр; сыда пIомэ, тетыгъо зиIэхэр а Iофым пылъхэ зыхъукIэ, Тхьэм фэлажьэх.

7 Арышъ, цIыф пстэуми яфэшъуашэ яшъутыжь. Хьакъулахьэу цIыфхэм атыралъхьэрэр арыми, ар яшъутыжь; хьакъулахьэу хьапщыпхэм атыралъхьэрэр арыми, ари яшъутыжь; гъэлъэпIэныр арыми, жъугъэлъапIэх, лъытэныгъэр арыми, лъытэныгъэ афэшъушI.

### Зэкъошхэм фэдэу шIу шъузэрэлъэгъу

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

[8]ШӀу шъузэрэлъэгъуным ичӀыфэ нэмыкӀэу, зыми ичӀыфэ
зытешъумыгъэлъ; сыда пӀомэ, зигъунэгъу шӀу зылъэгъурэм Тэурат
хабзэм итхэр ыгъэцэкӀагъэх.

[9]Мы унашъохэу «Зинэ умышӀэ», «ЦӀыф умыукӀы», «Умытыгъу», «НэмыкӀ
цӀыфхэм пцӀы атемылъхь», «Хъопсэ мыхъун угу имыгъэлъ»
зыфаӀохэрэмрэ адрэ унэшъо пстэумрэ зэкӀэзыубытэрэр мы унашъор ары:
«О пшъхьэ шӀу зэрэплъэгъурэм фэдэу, уигъунэгъуи шӀу лъэгъу».

[10]Зигъунэгъу шӀу зылъэгъурэм иягъэ ригъэкӀырэп. Арышъ, шӀулъэгъу
уиӀэмэ, хабзэм итхэр бгъэцэкӀагъэхэу мэхъу.

**Христос дунаим къызыкӀожьыщт мафэр къэблэгъагъ**

[11]Арышъ, джаущтэу шъузекӀу. Уахътэр зынэсыгъэр шъошӀэ,
шъукъызыущын фэе сыхьатыр къэсыгъ. Сыда пӀомэ, апэу
шӀошъхъуныгъэ тиӀэ зыхъугъэ мафэм нахьи, тымыкӀодэу Тхьэм
тыкъызигъэнэжьыщт мафэр джы нахь къытпэблагъэ хъугъэ.

[12]Чэщыр хэкӀотагъ, мафэри къэблэгъагъ. Арышъ, шӀункӀым иӀоф
бзаджэхэр хэтэжъугъэнэжьых, нэфынэм иӀашэхэри къэтэжъугъаштэх.

[13]Мафэм инэфынэ щыпсэурэ цӀыфхэм афэдэу, хабзэм тетэу
тыжъугъэзекӀу; шъхьарытӀупщ ешхэ-ешъошхомрэ утэшъонымрэ
орэмыхъу, зинэ шӀэныр, мыхъо-мышӀэ псэукӀэр, зэщыхьаныр, шъугъоныр
къэрэмыхъух.

[14]Ау Зиусхьан Исус Христос шъуишъуашэ фэдэ орэхъу, шъуипсэкӀодышӀэ
шэныжъ ихъопсэ мыхъунхэми шъуафэмыӀорышӀ.

## Рим 14

**Шъушы шъумыгъэмысэ**

[1]ШӀошъхъуныгъэ макӀэ зиӀэр пыдзы шъумышӀы, ишӀошӀхэмкӀэ
шъуемынэкъокъу.

[2]Зы нэбгырэм сыд фэдэ гъомлапхъи ышхынэу зэрэфитымкӀэ
шӀошъхъуныгъэ иӀ, ау шӀошъхъуныгъэ макӀэ зиӀэм хатэм къыдакӀэхэрэм
анэмыкӀ ышхырэп.

[3]Шхэрэм мышхэрэр зэримыпэсы хъущтэп. Мышхэрэми шхэрэр ыгъэмысэ
хъущтэп, сыда пӀомэ, Тхьэм а цӀыфыри ыдагъ.

[4]О хэт ущыщ, нэмыкӀ горэм фэлажьэрэр бгъэмысэнэу? Ар гъогу тэрэзым
тетми, темытми, ежь изиусхьан иӀофба? Ари гъогу тэрэзым тетыщт, сыда
пӀомэ, изиусхьан тыригъэтын ылъэкӀыщт.

[5]Зы цӀыфым мафэ горэ нахь егъэлъапӀэ, адрэ цӀыфым мафэхэр
зэфэдэхэу елъытэ. Хэти ежь ыгукӀэ зэрэтыриубытагъэм тетэу зекӀон фае.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

6 Мафэ горэ зыгъэлъапІэрэм Зиусхьаным лъытэныгъэ фишІынэу а мафэр егъэлъапІэ. ЗымыгъэлъапІэрэми, Зиусхьаным лъытэныгъэ фишІынэу аущтэу ешІы. Сыд щыщ зышхырэми Зиусхьаным лъытэныгъэ фишІынэу ешхы, сыда пІомэ, ышхырэм пае Тхьэм щытхъу фешІы. Мышхэрэми Зиусхьаным лъытэныгъэ фишІынэу аущтэу ешІы, ащи Тхьэм щытхъу фешІы.

7 Зы цІыфи ежь ышъхьэ закъо пае псэурэп. Джащ фэдэу, зи ежь ышъхьэ закъо пае лІэрэп.

8 Тыпсэуми, Зиусхьаным тыфэпсэу, тылІэми, Зиусхьаным тыфэлІэ. Арышъ, тыпсэуми тылІэми, Зиусхьаным тырий.

9 Христоси лІи, лІагъэхэм къахэтэджыкІыжьи, къэпсэужьыгъ, псаухэмрэ лІагъэхэмрэ я Зиусхьан хъуным пае.

10 О пшы сыда зыкІэбгъэмысэрэр? Е о пшы сыд пае зэмыпэсыра? Тэ пстэуми Тхьэм ихьыкум тІысыпІэ лъапІэ ыпашъхьэ тиуцон фае.

11 Сыда пІомэ, Тхьэм игущыІэ тхыгъэхэм арыт: «Сэ сыпсау, – къеІо Зиусхьаным, сапашъхьи цІыф пстэуми алъэгуанджэхэр щауфэщтых. Сыдрэ бзэгуи сызэрэ Тхьэр къыІощт».

12 Аущтэу тэ пстэуми Тхьэм ыпашъхьэ тихьанышъ, джэуап еттыжьын фае.

**Шъо шъуилажьэкІэ шъушы псэкІод ерэмышІ**

13 Арышъ, тэ тызэрэгъэмысэн фаеп. Ау зыгъэлъэпаорэ мыжъо шъушы игъогу тешъумылъхьанэу е псэкІод ышІэнэу дэзыхьыхырэ Іоф шъумышІэнэу тешъуубытэн фае.

14 Зиусхьанэу Исус сыгу зэрилъым пае, гъомылэ горэ зэрэмыхьэрамыр сэшІэ, сицыхьи телъ. Ау зыгорэм хьэрамэу елъытэмэ, ежьыркІэ хьэрам мэхъу.

15 О гъомылэу пшхырэм пае пшы ыгу хэогъэкІымэ, шІулъэгъум тетэу узекІожьрэп. О гъомылэу пшхырэмкІэ Христос зыфэлІэгъэ пшы умыгъэкІоды.

16 Шъо дэгъоу шъулъытэрэр цІыфхэм дэеу алъытэнэу орэмыхъу.

17 Сыда пІомэ, Тхьэм и Тетыгъошхо иІофхэр зэхьылІагъэхэр шхынымрэ ешъонымрэ арэп, Тхьэм ы Псэ ЛъапІэ дэжь къикІырэ шъыпкъагъэр, гупсэфыр, гушІуагъор арых нахь.

18 Христос аущтэу фэлажьэрэ цІыфым Тхьэм ыгу еІу, цІыфхэми ар ягуап.

19 Арышъ, зэзэгъыныгъэ къэзыхьырэ Іофхэми, гурэ псэрэкІэ нахь лъэкІ зэрэдгъотырэ Іофхэми ауж тижъугъэт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышІур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

20 Шхыным пае Тхьэм иӀоф умыгъэкӀоды. Шхын пстэури хьалэл, ау
гъомылэу о пшхырэмкӀэ зыгорэм игъогу зыгъэлъэпаорэ мыжъо
теплъэхьэмэ, псэкӀод мэхъу.

21 Лы умышхынри, сэнэпс уемышъонри, о пшы игъогу зыгъэлъэпаорэ
мыжъо тезылъхьэрэ Ӏоф упымылъынри, е псэкӀод ышӀэнэу дэзыхьыхырэ
Ӏофым упымылъынри шӀу. Ащ фэдэу о пшы зыгъэлъэпэорэ Ӏофым
упымылъынри шӀу.

22 Мы Ӏофхэм яхьылӀагъэу шӀошъхъуныгъэу уиӀэр Тхьэмрэ оррэ
шъуазыфагу дэлъэу орэхъу. Гъомылэу ышхырэм пае
зызымыгъэмысэжьрэр гъогу мафэ теуцуагъ.

23 Ау гъомылэу ышхырэр зэрэхьалэлымкӀэ гуцафэ ышӀэу шхэрэм
шӀошъхъуныгъэ имыӀэу зэрэшхэрэм пае, Тхьэм егъэмысэ, сыда пӀомэ,
шӀошъхъуныгъэ тимыӀэу тшӀэрэ пстэури псэкӀод мэхъу.

**Паул Тхьэм щытхъушхо зэрэфиӀорэр**

24 Сэ сикъэбарышӀоу, Исус Христос ехьылӀэгъэ къэбарышӀоу згъэӀурэм
тетэу, къэбарэу мыухыжьын лъэхъанхэм къащегъэжьагъэу Тхьэм
шъэфэу къыгъэнагъэу, ау джы къыгъэнэфагъэм тетэу Тхьэм шъугухэр
ыгъэпытэнхэ ылъэкӀыщт.

25 Джы Тхьэу мыкӀодыжьыщтым иунашъокӀэ пегъымбархэм атхыгъэхэм а
къэбарыр къагъэнэфагъ, Тхьэм фэлажьэхэрэм лъэпкъ пстэуми ТхьэмкӀэ
шӀошъхъуныгъэ яӀэ хъунышъ, ежь едэӀунхэм пае, а къэбарыр арагъэӀугъ.

26 АкъылышӀогъэшхо зиӀэ Тхьэ закъом Исус Христос ышӀэгъэ Ӏофхэм апае
щытхъушхор ий. Амин.

## Рим 15

**Тшъхьэ изакъоп, тигъунэгъуи ары тишӀуагъэ зэдгъэкӀын фаер**

1 Тэ, шӀошъхъуныгъэшхо зиӀэхэр, тишӀуагъэ зэдгъэкӀыжьыным ыуж
тимытэу, шӀошъхъуныгъэ макӀэ зиӀэхэм яхэукъоныгъэхэм щэӀагъэ
афытиӀэн фае.

2 Тэ тщыщэу хэти игъунэгъу шӀу къыфыхигъэкӀызэ ыгъэрэзэн фае, ащ
ыгурэ ыпсэрэкӀи нахь лъэкӀ ригъэгъотын фае.

3 Сыда пӀомэ, Христоси ежь ишӀуагъэ зэригъэкӀыжьыгъэп, ау Тхьэм
игущыӀэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, «О си Тхь, къыохъоныгъэх, ау
къаӀуагъэхэр сэ къыстефагъэх».

4 Сыда пӀомэ, Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм арыт пстэури зыкӀатхыгъэр
шъыпкъэр тагъэшӀэныр ары. Аущтэу Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм
теубытагъэрэ гушхоныгъэрэ тиӀэ агъэхъузэ, Тхьэм Ӏахьышӏур
къызэрэтлъигъэӀэсыщтым тыщагъэгугъы.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

5Теубытагъэрэ гушхуагъэрэ къытэзытырэ Тхьэм зы гупшысакlэ шъуиlэу, Христос Исус игъогу шъурыкlоу шъуерэгъэпсэу.

6Аущтэу Тхьэу ти Зиусхьанэу Исус Христос я Тэ щъо зыгу-зыпсэу шъужэ къыдэкlызэ, щытхъу фэшъушlыщт.

7Аущтэу шъо Христос шъуззэридагъэм фэдэу, шъори зым зыр ыдэн фае, цlыфхэм Тхьэм ищытхъу ашlыным пае.

8Сыда пlомэ, сэ сэlо, джуртхэм ишlуагъэ аригъэкlынэу Исус Христос къэкlуагъ. Ахэмэ ишlуагъэ аригъэкlынэу къызкlэкlуагъэр тятэжъышхохэр Тхьэм къызэригъэгугъэгъэ lофхэр Исус къызэригъэшъыпкъэжьхэрэмкlэ Тхьэм ишъыпкъагъэ аригъэлъэгъунэу ары.

9Ащ нэмыкlэуи Исус ишlуагъэ ахэмэ аригъэкlынэу къызфэкlуагъэр хымэ лъэпкъхэм Тхьэм игукlэгъу пае щытхъу фаригъэшlыныр ары, Тхьэм игущыlэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, «Ащ пае, О, си Зиусхьан, хымэ лъэпкъхэм апашъхьэ уищытхъу щысlощт, щытхъу орэдхэри о пцlэ къыфэсlощт».

10Тхьэм игущыlэ тхыгъэхэм моущтэуи арыт: «Шъо, хымэ лъэпкъхэр, Тхьэм илъэпкъ шъуригъусэу шъугушlу».

11Моущтэуи арыт: «Шъо, хымэ лъэпкъ пстэури, Зиусхьаным щытхъу фэшъушl, ищытхъу шъуlэты, зэкlэ цlыф лъэпкъ пстэури».

12Пегъымбар Ешайаи моущтэу къыlуагъ: «Ищай къытекlыщт бын лъапlэр къэкlонышъ, хымэ лъэпкъхэм тхьэматэ афэхъущт. Хымэ лъэпкъхэр ащ щыгугъыхэу, пэплъэщтых».

13lахьышlур ежь къызэрэтлъигъэlэсыщтым Тхьэм тыщегъэгугъэ. Ежьыркlэ шlошъхъуныгъэ зэрэшъуиlэм пае гушlогъошхорэ гупсэфышхорэ шъугухэм къарерэлъхь. Арышъ, Тхьэм ы Псэ Лъапlэ илъэкlыкlэ шъугухэм щыгугъыныгъэшхо арыз хъущт.

**Гушхоу Паул тхэнэу зыкlэхъурэр**

14Сшыхэр, шъугухэм шlугъэшхо зэрарылъымкlи, шlэныгъэшхо зэрэшъуиlэмкlи, зыр адрэм Тхьэм иlофхэм афигъэсэн зэрилъэкlырэмкlи цыхьэ къышъуфэсэшlы.

15Ау щытми, мы lофхэр шъугу къэзгъэкlыжьынхэу чlыпlэ-чlыпlэу гушхоныгъэ хэлъэу къышъуфэсэтхы. Гушхоныгъэ хэлъэу зыкlэстхырэр, хымэ лъэпкъхэм адэжь Исус Христос сыщыфэлэжьэнэу Тхьэм шlукlэ сыхихыгъэшъ ары.

16Тхьэм дэжь къикlыгъэ къэбарышlур згъэlузэ, дин пэщэ lоф сэшlэ. Тхьэм дэжь къикlыгъэ къэбарышlур зыкlэзгъэlурэр Тхьэм ы Псэ Лъапlэ хымэ лъэпкъхэм агухэр зэригъэкъэбзэжьыгъэхэм пае, ахэр Тхьэм ыгу зэlурэ къурмэныпхъэм фэдэу хъунхэр ары.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

17Исус Христос сыгу илъэу Iофэу Тхьэм фэсшIагъэм сыщэгушIукIы.

18,19Сэ сигущыIэхэмкIи, Iофхэу сшIагъэхэмкIи, нэшэнэ гъэшIэгъонхэмрэ
Iофышхо гъэшIэгъонхэмрэ ялъэкIыкIи, Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ илъэкIыкIи,
хымэ лъэпкъхэр Тхьэм езгъэдэIунхэу Христос Iофхэу сигъэгъэхъагъэхэм
анэмыкI сытегущыIэнэу сытегушхорэп. Аущтэу Ерусалим щегъэжьагъэу
Иллирик хэкум нэсыфэ, Христос ехьылIэгъэ къэбарышIур тыдэкIи
цIыфхэм икъунэу щязгъэIугъ.

20НэмыкI цIыф горэм ыгъэуцугъэ лъапсэм сиIоф тесымыгъэуцоу, Христос
ыцIэ зыщамышIэгъэ чIыпIэмэ къэбарышIур зэращызгъэIуным ренэу ыуж
ситыгъ.

21Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, «Ащ икъэбар
зынэмысыгъэхэм ежь щалъэгъущт, икъэбар зэхэзымыхыгъэхэми
зэхашIыкIыщт».

**Рим къэлэшхом кIонэу Паул ыгу зэрэхэлъыгъэр**

22Джары шъуадэжь сыкъэкIонэу бэрэ ыуж ситыгъэми,
къызкIыздэмыхъугъэр.

23Ау джы мы лъэныкъом сэркIэ Iоф щымыIэжьэу, илъэсыбэ хъугъэу
шъуадэжь сыкъэкIонэу сызэрэфэягъэм паий,

24Испание хэгъэгум сыкIо зыхъукIэ, шъуадэжь сыкъэкIощт. Сыда пIомэ,
сигъогукIэ сыкъышъухэхьанышъ, шъуслъэгъунэуи, шъуиныбджэгъугъэ
сыгу ыгъэпсэфынышъ, сигъогукIэ IэпыIэгъу шъукъысфэхъунэуи
сышъущэгугъы.

25Джы Тхьэм ицIыф лъапIэхэм IэпыIэгъу афэхъущт ахъщэр сIыгъэу,
Ерусалим сыкIон сыгу хэлъ.

26Сыда пIомэ, хэкухэу Македониерэ Ахаиерэ ащыпсэухэу шIошъхъуныгъэ
зиIэхэм, Тхьэм ицIыф лъапIэхэу Ерусалим дэсхэм ахэт тхьамыкIэхэм
IэпыIэгъу афэхъунхэу, ахъщэ афызэхалъхьанэу ягуапэу аухэсыгъ.

27Ар ягуапэуи аухэсыгъ, адэIэпыIэнхэуи япшъэрылъ. Сыда пIомэ, Тхьэм
джуртхэр зэригъэгугъэгъэ IахьышIум щыщ хымэ лъэпкъхэми яIэ хъугъэ.
Арышъ, хымэ лъэпкъхэми мы дунаим иIахьышIоу яIэмкIэ яшIуагъэ
джуртхэм арагъэкIын фае.

28А пшъэрылъыр згъэцакIэзэ, ахъщэу зэхалъхьагъэр Ерусалим дэсхэм
заIэкIэслъхьэ ужым, шъуадэжькIэ сыкъэкIонышъ, етIанэ Испанием
сыкIощт.

29Шъуадэжь сыкъызыкIокIэ, Христос ынэшIу щыфэныгъэшхом
сыригъусэу сыкъызэрэкIощтыр сэшIэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

30Сшыхэр, мыщкӀэ сышъолъэӀу: Ти Зиусхьанэу Исус Христос ыцӀэкӀи,
Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ дэжь къикӀырэ шӀулъэгъум пай, гъусэ
шъукъысфэхъу, шъугу етыгъэу Тхьэм шъукъысфелъэӀу.

31Иудей хэкум исхэу шӀошъхъуныгъэ зимыӀэхэм Тхьэм сащиухъумэнэуи,
Тхьэм ицӀыф лъапӀэхэу Ерусалим дэсхэм ӀэпыӀэгъу афэхъун ахъщэу
афэсхьыщтым агу еӀунэуи шъуелъэӀу.

32Джащыгъум, Тхьэм ыӀомэ, гушӀуагъокӀэ шъуадэжь сыкъэкӀонышъ,
сышъуигъусэу зызгъэпсэфыщт.

33Гупсэф къытэзытырэ Тхьэр шъуерэгъус. Амин.

## Рим 16

### ШӀуфэс

1Тшыпхъоу Фибэ зыцӀэу, Кенкрей къалэм щыӀэ чылыс зэӀукӀэм ӀэпыӀэгъу
фэхъурэм нэӀуасэ шъуфэсшӀынэу щытхъукӀэ игугъу къышъуфэсшӀы
сшӀоигъу.

2Зиусхьаныр ащ ыгу зэрилъым пае, Тхьэм ицӀыф лъапӀэхэм
зэрэрагъэблэгъэн фаем фэдэу ежъугъэблагъи, ищыкӀагъэмкӀи ӀэпыӀэгъу
шъуфэхъу, сыда пӀомэ, цӀыфыбэмэ сэри сахэтэу, ар ӀэпыӀэгъу
къытфэхъугъ.

3Прискиллэрэ Акилэрэ сигъусэхэу Исус Христос фэлажьэхэрэм аӀапэхэр
сфэшъуубытыжьых.

4Ахэмэ сэ спсэ мыкӀодэу къэнэжьыным пае, ежьхэм апсэ
шъхьасыжьыгъэхэп. Ахэмэ афэразэу щытхъу афэзышӀырэр сэ сизакъоп,
хымэ лъэпкъхэм ячылыс зэӀукӀэ пстэури ары. ШӀошъхъуныгъэ зиӀэхэу
яунэ щызэрэугъоихэрэми аӀапэ сфэшъуубытыжь.

5ШӀу слъэгъурэ Епенет ыӀапэ сфэшъуубытыжь. Ахаие хэкум апэрэу
ХристоскӀэ шӀошъхъуныгъэ зиӀэ хъугъэр ары.

6Мерэмэу бэрэ къышъуфэлэжьагъэм ыӀапэ сфэшъуубытыжь.

7Сиунэкъощхэу хьапсым къыздычӀэсыгъэ Андроникрэ Юныйрэ аӀапэ
сфэшъуубытыжь. Ахэр апостол цӀэрыӀохэм ащыщых. Сэ сапэкӀэ ахэмэ
ХристоскӀэ шӀошъхъуныгъэ яӀэ хъугъэ.

8Христос зыгу илъэу, шӀу слъэгъурэ Амплый ыӀапэ сфэшъуубытыжь.

9Урбанэу тигъусэу Христос фэлэжьагъэмрэ шӀу слъэгъурэ Стахыйрэ
аӀапэ сфэшъуубытыжь.

10Христос зыгу илъэу, Тхьэм зишъыпкъагъэ ыгъэунэфыгъэ Апеллес
ыӀапэ сфэшъуубытыжь. Арисистобул иунагъо щыщхэм аӀапэ
сфэшъуубытыжь.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

11Сиунэкъощ Иродион ыIапэ сфэшъуубытыжь. Зиусхьаныр зыгу илъхэу,
Наркисс иунагъо щыщхэм аIапэ сфэшъуубытыжь.

12Зиусхьаным бэрэ фэлажьэрэ бзылъфыгъэхэу Трифенэрэ Трифосэрэ
аIапэ сфэшъуубытыжь. ЕтIани Зиусхьаным бэрэ фэлэжьэгъэ
бзылъфыгъэу Персидэу шIу тлъэгъурэм ыIапэ сфэшъуубытыжь.

13Рутэу Зиусхьаным къыхихыгъэмрэ ащ янэу сянэ фэдэмрэ аIапэ
сфэшъуубытыжь.

14Асинкрит, Флегон, Гермес, Патроб, Ермый, ахэмэ ягъусэ адрэ тшыхэми
аIапэ сфэшъуубытыжь.

15Филолог, бзылъфыгъэ Юлие, Нирей, ащ ышыпхъу, Олимпан, ахэмэ
ягъусэ Тхьэм ицIыф лъэпIэ пстэуми аIапэ сфэшъуубытыжь.

16Гукъэбзагъэкlэ lаплl зэшъущэкlэу, шlуфэс зэшъухыжь. Христос ичылыс
зэlукlэ пстэуми шlуфэс къышъуахыжьы.

17Сшыхэр, тишIошъхъуныгъэ пае тшIэрэ Iофхэм къапэуцухэзэ,
шъузэгурызымыгъаIохэу, цIыфхэу адрэ цIыфхэр гъогу занкIэм
тезгъэкIхэрэм защышъуухъумэнэу сышъолъэIу. Ахэмэ защышъудзый.

18Сыда пIомэ, ащ фэдэ цIыфхэр ти Зиусхьанэу Исус Христос
фэлажьэхэрэп, ахэр зыфэлажьэхэрэр аныб ары. ГъэшIуабзэкIи гущыIэ
дахэхэмкIи цIыф къызэрыкIохэр дахьыхых.

19КъэбарышIум шъузэредэIурэм икъэбар цIыф пстэуми зэхахыгъ. Сэ
сыкъышъущэгушIукIы, ау шIугъэр зыфэдэр зэхэшъушIыкIынэуи,
бзэджагъэ зи шъушъхьэ къимыхьанэуи сыфай.

20Гупсэф къытэзытырэ Тхьэм бэмышIэу шэйтаныр шъулъэкъо чIэгъ
чIышъуигъэщытIыхьащт. Ти Зиусхьан Исус ынэшIу къышъущерэф. Амин.

21Къыздэлажьэрэ Тимофей, сиунэкъощхэу Луцый, Иасон, Сосипатрэ
шIуфэс къышъуахыжьы.

22Сэ Тертыеу, Паул къыIозэ, мы тхылъыр къэзытхырэм, Зиусхьаныр сыгу
илъэу шIуфэс къышъосэхыжьы.

23Гаеу, сэри Паули тибысымыми, чылыс зэIукIэм зэкIэми ибысымыми,
шIуфэс къышъуехыжьы. Къалэм иахъщэ зыIэ илъ Эрастрэ тшы Квартрэ
шIуфэс къышъуахыжьы.

24Ти Зиусхьан Исус Христос ынэшIу пстэуми къышъущерэф. Амин.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

# 1 Коринф

## 1 Коринф 1

### ШIуфэсымрэ Тхьэм ищытхъумрэ

1Сэ сы Паул. Тхьэм шIоигъуагъэти, Исус Христос иапостол сыхъунэу
къысэджагъ. Тэ тшы Сосфен сигъусэу мы тхылъыр сэтхы.

2Зыфэстхыхэрэр шъоры, Коринф къалэм ичылыс зэIукIэ щыщхэр ары.
Тхьэм Христос Исус шъугухэм арылъынэу шъуигъэнэфагъ, тыдэкIи ти
Зиусхьан Исус Христос елъэIурэ цIыф пстэуми шъурягъусэу, ежь ицIыф
лъапIэхэм ащыщ шъухъунэу къышъоджагъ. Христос ахэми тэри ти
Зиусхьан.

3Тхьэу тя Тэ лъапIэрэ Зиусхьан Исус Христосрэ анэшIу къышъуцарэфи,
гупсэф къышъуарэт.

4Христос шъугухэм зэрарылъымкIэ Тхьэм ынэшIу къызэрэшъущифагъэм
пае, Тхьэм ищытхъу сэшI зэпыт.

5Сыда пIомэ, Христос шъугухэм зэрарылъымкIэ зэкIэмкIи Тхьэм ынэшIу
къышъущифагъ. Лъэныкъо пстэумкIи зэхэшъушIыкIынэуи,
шъукъэгущыIэнэуи лъэкI къышъуитыгъ,

6сыда пIомэ, тэ Христос шыхьат тызэрэфэхъугъэм шъугухэм лъапсэ
афишIыгъ.

7Аущтэу зэрэхъугъэм пае, ти Зиусхьан Исус Христос къызылъэгъожьыщт
мафэм шъупаплъэзэ, тынхэу Тхьэм ибынхэм аритхэрэм ащыщэу
шъуимыIэ зи щыIэп.

8Ти Зиусхьан Исус Христос къызылъэгъожьыщт мафэм зыми
шъуузэригъэмысэн щымыIэу, кIэухым нэс гъогу занкIэм пытэу
шъутыригъэтыщт.

9Тхьэр шъыпкъэ. Ежьыр ары ы Къоу Исус Христосэу ти Зиусхьан гъусэ
шъуфэхъунэу къышъоджагъэр.

### Чылыс зэIукIэм щыщхэр зэрэзэгурымыIуагъэхэр

10Сшыхэр, шъо зэкIэми шъуузэгурыIонэуи, куп-купэу шъуузэрэмыгощэу
зыгу-зыпсэу шъуузэхэтынэуи ти Зиусхьан Исус Христос ыцIэкIэ
сышъолъэIу.

11Сшыхэр, шъуузэрэзэгурымыIорэр Хлой зыцIэ бзылъфыгъэм иунагъо
щыщхэм сагъэшIагъэ.

12Сэ зыфасIорэр мары: шъуащыщ горэм еIо: «Сэ Паул икуп сыщыщ»,
нэмыкI горэм еIо: «Сэ Аполлос икуп сыщыщ», нэмыкI горэми еIо: «Сэ
Кифэ икуп сыщыщ», етIани нэмыкI горэми еIо: «Сэ Христос икуп
сыщыщ».

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

13Христос гощыгъэ хъугъа? Паул ара шъощ пае къащым тыраIуллагъэр?
Хьауми, Паул ыцIэкIэ шъуаумэхъыгъа?

14Криспрэ Гайрэ анэмыкIэу шъуащыщэу зи зэрэсымыумэхъыгъэмкIэ
Тхьэм щытхъу фэсэшIы.

15Арышъ, сэ сцIэкIэ шъуаумэхъыгъэу зыми къыIон ылъэкIыщтэп.

16Шъыпкъэ, Стефан иунагъо щыщхэри сыумэхъыгъэх. Ащ нэмыкIэу,
зыгорэ сыумэхъыгъэу сшIэрэп.

17Сыда пIомэ, Христос сыкъызфигъэкIуагъэр цIыфхэр сыумэхъынхэу
арэп, къэбарышIур язгъэIунэу ары нахь – ау цIыфхэм акъылышIуагъэу
зыфаIорэр зыхэлъ гущыIэхэмкIэ арэп. Аущтэу щымытмэ, Христос
къащым зэрэтелIыхьагъэм икъэбар лъэкIэу хэлъыр кIодыжьыщтыгъ.

**Христос ары Тхьэм иакъылышIуагъэри илъэкIышхори**

18Сыда пIомэ, кIодыпIэм игъогу тетхэмкIэ къащым икъэбар делагъэ, ау тэ
мыкIодхэу Тхьэм къыгъэнэжьхэрэмкIэ Тхьэм илъэкIышхо къащым хэлъ.

19Сыда пIомэ, Тхьэм къызэриIорэр игущыIэ тхыгъэхэм арыт: «АкъылышIу
зиIэхэм яакъылышIуагъэу зыфаIорэр згъэкIодыщт, Iушхэм яIушыныгъэу
зыфаIорэр сымыдэу, лъэныкъокIэ езгъэзыкIыщт».

20АкъылышIу зиIэ цIыфыр тыдэ щыIэу къэнагъа? Тэурат егъэджэкIо
пащэр тыдэ щыIэу къэнагъа? Мы лъэхъаным щыщ цIыфэу гущыIэхэмкIэ
нэкъокъоным фэIазэр тыдэ щыIэу къэнагъа? Мы дунаим иакъылышIуагъэ
Тхьэм делагъэу къыгъэлъэгъуагъэба?

21Сыда пIомэ, Тхьэм иакъылышIуагъэкIэ зэриухэсыгъэм тетэу, мы дунаим
ицIыфхэм яакъылышIуагъэу зыфаIорэмкIэ Тхьэр зыфэдэр ашIагъэп, ау
тэ дгъэIурэ къэбарышIоу ахэмэ делагъэу къашIошIырэмкIэ ХристоскIэ
шIошъхъуныгъэ зиIэхэр мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэр Тхьэм игъоу
ылъытагъ.

22Джуртхэр нэшэнэ гъэшIэгъонхэм афаех, алыджхэри акъылышIуагъэм
лъэхъух.

23Ау къащым тыраIулIэгъэ Христос икъэбар тэ тэгъэIу: джуртхэмкIэ ар агу
зэмыIун Iоф мэхъу, нэмыкIрэ лъэпкъхэмкIи делагъэ мэхъу.

24Ау тэ, Тхьэм ибынхэм ащыщ хъунхэу къызэджагъэхэмкIэ, джуртми
алыджми, Христос ары Тхьэм илъэкIышхори иакъылышIуагъэри.

25Сыда пIомэ, Тхьэм имыакъылышIуагъэу зыфаIорэм нахьи цIыфхэм
яакъылышIуагъэу зыфаIорэр нахь акъылышIуагъ, Тхьэм икIочIэнчъагъэу
зыфаIорэри цIыфхэм ялъэкI нахьи нахь лъэш.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

26Сшыхэу Тхьэм ибынхэм ащыщ хъунхэу къызэджагъэхэр, шъуэзэплъыжь. Мы дунаим ицIыфхэм акъылышIу зиIэхэу алъытэхэрэри, тетыгъо зиIэхэри, унэгъо байхэм ащыщхэри бэ хъухэу къышъухэтхэп.

27Ау акъылышIу зиIэ цIыфхэр ыгъэукIытэжьынхэм пае, мы дунаим ицIыфхэм акъылынчъэхэу зыфаIорэ цIыфхэр Тхьэм къыхихыгъэх. ЛъэкI зиIэхэри ыгъэукIытэжьынхэм пае, мы дунаим лъэкI щызимыIэхэри Тхьэм къыхихыгъэх.

28Мы дунаим ицIыфхэм тхьамыкIэхэу зыфаIорэ цIыфхэри, зэрамыпэсырэ цIыфхэри Тхьэм къыхихыгъэх. Ащтэу пкIэ зимыIэхэу зыфаIорэ цIыфхэр ары Тхьэм къыхихыгъэхэр, пкIэ зиIэхэу зыфаIорэ цIыфхэр ыгъэцIыкIунхэм пае.

29Тхьэм ащтэу зыкIишIагъэр ежь ыпашъхьэ зы нэбгыри зыщыщымытхъужьыным паешъ ары.

30Христос Исус шъугухэм арылъэу зыгъэхъугъэр Тхьэр ары. Христос Исус Тхьэм къытфыригъэхыгъэ акъылышIуагъ. Ежь Исус ары Тхьэм дэжькIэ шъыпкъагъэ тиIэу езгъэлъытэрэри, тыгухэр зыгъэкъэбзэжьыгъэри, тшъхьэхэр зыщэфыжьыгъэри.

31Арышъ, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, «Зыгорэ зыгорэм щэтхъумэ, Зиусхьаным щэрэтхъу».

# 1 Коринф 2

### Христос къащым зэрэтелIыхьагъэм икъэбар

1Тхьэм ехьылIэгъэ къэбарыр шъозгъэIунэу шъуадэжь сыкъызэкIом, сшыхэр, гущыIэ дахэхэр къасIохэу, акъылышIуагъэкIэ сыжъудэгущыIэу арэп а къэбарыр зэрэшъозгъэIугъэр.

2Шъуадэжь сызыщэIэм, Исус Христос икъэбар нэмыкIэу зи сшъхьэ имылъынэу тесыубытагъ, зэкIэми анахьэу ар къащым зэрэтыраIулIагъэр ары.

3КIуачIэ симыIэу, сыщынэу, сыгуи лъэшэу кIэзэзэу шъуадэжь сыщыIагъ.

4КъэсIуагъэхэмрэ къэбарэу згъэIугъэмрэ цIыфым иакъылышIуагъэ зыхэлъхэу, пшIошъ зыгъэхъун гущыIэхэр ахэлъыгъэхэп, ау сигущыIэхэр къэзгъэшъыпкъэжьэу, Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ илъэкI ахэмэ ягъусагъ.

5Ащтэу зыфэхъугъэр шъуишIошъхъуныгъэ цIыфым иакъылышIуагъэ темытэу, Тхьэм илъэкI тетыныр ары.

### Тхьэм иакъылышIуагъ

6Ау щытми, цIыфхэу Тхьэм иIофхэмкIэ зизэхэшIыкI икъугъэхэм акъылышIуагъэ зыхэлъ къэбар ятэгъэIу, ау мы лъэхъанми, мы лъэхъаным тетыгъо зиIэхэу кIодыжьыщтхэми яакъылышIуагъэ арэп.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

7 Ау акъылышӀуагъэу зикъэбар дгъэӀурэр Тхьэм иакъылышӀогъэ шъэфыр ары. Тхьэм а акъылышӀуагъэр цӀыфхэм аригъэшӀэгъагъэп, ау лъэхъанхэм апэ Тхьэм зэриухэсыгъэм тетэу, а акъылышӀуагъэм игъогукӀэ тэ щытхъушхо тиӀэ хъущт.

8 Мы лъэхъаным тетыгъо зиӀэхэм ащыщэу зыми а акъылышӀуагъэр ышӀагъэп. Ахэмэ ашӀагъэмэ, щытхъушхо зиӀэ Зиусхьаныр къащым тыраӀулӀэщтыгъэп.

9 Ау Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, «Ӏофхэу нэм ымылъэгъугъэхэри, тхьакӀумэм зэхимыхыгъэхэри, цӀыфым ыгу къэмыкӀыгъэхэри, а Ӏофхэр ары Тхьэм цӀыфхэу ежь шӀу зылъэгъухэрэм афигъэхьазырыгъэхэр».

10 А Ӏофхэр Тхьэм ежь ы Псэ ЛъапӀэкӀэ тэ къытфигъэнэфагъэх; сыда пӀомэ, Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ Ӏоф пстэури егъэунэфы, Тхьэм иӀофхэм якуупӀэхэми анэсы.

11 Сыда пӀомэ, цӀыфым ыгу илъыр ежь ышъхьэ нэмыкӀэу цӀыфхэм ащыщэу хэт ышӀэна? Ащ фэдэ къабзэу Тхьэм ыгу илъыр Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ нэмыкӀэу зыми ышӀэрэп.

12 Ау Тхьэм тыгухэм къарилъхьэгъэ псэр мы дунаим ыпсэп, ежь ы Псэ ЛъапӀ ары, Тхьэм тынхэу къытитыгъэхэр къэтшӀэнхэм пае.

13 Аущтэу цӀыфхэу Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ зыгу илъхэм Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ иӀофхэр зэхядгъэшӀыкӀхэу, Тхьэм тынхэу къытитыгъэхэм татегущыӀэ, ау тызэрыгущыӀэхэрэр цӀыфым иакъылышӀуагъэ тигъэшӀэгъэ гущыӀэхэп, Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ тигъэшӀэгъэ гущыӀэхэр ары нахь.

14 Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ зыгу имылъ цӀыфым Ӏофхэу Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ дэжь къыкӀыхэрэр ыдэхэрэп. Ахэр ежьыркӀэ делагъэх, ахэр зэхишӀыкӀынхи ылъэкӀыщтэп, сыда пӀомэ, Тхьэм ы Псэ ЛъэпӀэ закъу ары цӀыфхэм ахэр зэхязгъэшӀыкӀышъущтыр.

15 ЦӀыфэу Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ зыгу илъым Ӏоф пстэури зэхешӀыкӀы, ау зыми а цӀыфыр зэхишӀыкӀын ылъэкӀыщтэп.

16 «Зиусхьаным ыгу илъыр хэта зышӀагъэр зыгорэ ащ ригъэшӀэнэу?» Ау Христос ыгу илъыр тэ тыгухэми арылъ.

## 1 Коринф 3

### Тызэгъусэу Тхьэм тыфэлажьэ

1 Сшыхэр, Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ зыгу илъ цӀыфхэм сызэрадэгущыӀэрэм фэдэу, сыкъыжъудэгущыӀэн слъэкӀыщтыгъэп, ау мы дунаим ицӀыфхэм сызэрадэгущыӀэрэм фэдэу сыкъыжъудэгущыӀэщтыгъ. Сыда пӀомэ, Христос иӀофхэмкӀэ сабый цӀыкӀухэм шъуафэдагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

[2]Сэ гъомылэ шъозгъэшхыщтыгъэп, щэ шъуезгъашъощтыгъэ нахь.
Гъомылэ шъушхын шъулъэкlыщтыгъэп, джыри шъулъэкlырэп.

[3]Сыда пlомэ, джыри мы дунаим ицlыфхэм шъуафэд. Шъугъонымрэ
зэщыхьанымрэ шъуазыфагу илъхэшъ, мы дунаим ицlыфхэм
шъуафэдэба? Адрэ цlыфхэр зэрэзекlохэрэм фэдэу, шъори шъозекlоба?

[4]Сыда пlомэ, шъуащыщ горэм «сэ Паул икуп сыщыщ», нэмыкl горэми «сэ
Аполлос икуп сыщыщ» зиlокlэ, мы дунаим ицlыфхэм шъуафэдэба?

[5]Паул хэт щыща? Аполлос хэт щыща? Тэ Тхьэм фэлажьэрэ тыцlыф
ныlэп, шlошъхъуныгъэ шъуиlэ дгъэхъугъ, Зиусхьаным хэти lоф ыпшъэ
къызэрэрилъхьагъэм фэдэу.

[6]Сэ кlэхэр хэслъхьагъэх, Аполлос псыр кlигъэхъуагъ, ау Тхьэр ары
къэзгъэкlыгъэр.

[7]Аущтэу кlэхэр хэзылъхьэрэми, псыр кlэзгъахъорэми пкlэ яlэп,
къэзгъэкlырэ Тхьэ закъор ары нахь.

[8]Кlэхэр хэзылъхьэрэри псыр кlэзгъахъорэри зэфэдэх. Хэти иlоф
фэшъуашэу иlахьышlу ыгъотыжьыщт.

[9]Сыда пlомэ, тызэгъусэу Тхьэм тыфэлажьэ. Шъо Тхьэм ихьасэ шъуфэд,
Тхьэм ышlырэ унэм шъуфэд.

[10]Тхьэм ынэшlу къызэрэсщифагъэм тетэу, акъылышlу зиlэу унэ
зышlырэм фэдэу а унэм лъапсэ фэзгъэуцугъ. Нэмыкl горэми а лъапсэм
тырешlыхьэ, ау хэтми а лъапсэм зэрэтыришlыхьэрэ шlыкlэм дэгъоу
ерэплъ.

[11]Сыда пlомэ, Тхьэм ыгъэуцугъэ лъапсэр Исус Христос ары. Ащ нэмыкl
лъапсэ зыми ыгъэуцун ылъэкlыщтэп.

[12]Зыгорэм дышъэм, тыжьыным, мыжъо лъапlэхэм, пхъэм, уцым е уарзэм
хишlыкlэу а лъапсэм тыришlыхьэмэ,

[13]хэти иlоф зыфэдэр нафэ хъущт, сыда пlомэ, Зиусхьаныр
къызылъэгъожьыщт мафэм ар къыгъэнэфэщт. А мафэр машlокlэ
къэкlощт, машlоми хэти иlоф зыфэдэр къыгъэунэфыщт.

[14]Зыгорэм а лъапсэм тыришlыхьагъэр къанэмэ, ащ ифэшъошэ lахьышlу
ыгъотыжьыщт.

[15]Ау зыгорэм лъапсэм тыришlыхьагъэр машlом хэстыхьэмэ, ащ
иlахьышlу шlокlодыщт. Ежь мыкlодэу къэнэжьыщт, ау машlом
къыхэкlыжьырэ цlыфыр къызэрэнэжьырэм фэдэу, ерагъэу къэнэжьыщт.

[16]Тхьэм иунэшхо шъузэрэфэдэри, Тхьэм ы Псэ Лъапlэ шъугухэм
зэрарылъыри шъошlэба?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

17Зыгорэм Тхьэм иунэшхо зэхикъутэмэ, Тхьэм а цIыфыр
ыгъэкIодыжьыщт, сыда пIомэ, Тхьэм иунэшхо лъапIэ. А унэшхоми
шъуфэд.

18Зыми зерэмыгъэпцIэжь. Шъуащыщэу зыгорэм мы лъэхъаным
акъылышIу иIэу зелъытэмэ, акъылышIу имыIэу орэхъу, шъыпкъэмкIэ,
акъылышIу иIэным пае.

19Сыда пIомэ, мы дунаим ицIыфхэм акъылышIуагъэ зыфаIорэр Тхьэм
дэжькIэ акъылынчъагъ, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу,
«АкъылышIу зиIэхэм зэхэшIыкIэу зыфаIорэмкIэ Тхьэм ыубытыщтых».

20Моущтэуи Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт: «АкъылышIу зиIэхэм
ягухэлъхэм пкIэ зэрямыIэр Зиусхьаным ешIэ».

21Арышъ, хэт щыщ цIыфи цIыф горэм щэрэмытхъу, сыда пIомэ, зэкIэри
шъуие,

22Паул, Аполлос, Кифэ, дунаир, щыIэныгъэр, лIэныгъэр, джы щыIэри
щыIэщтри шъуиех.

23Ау шъо Христос шъурий, Христоси Тхьэм ий.

## 1 Коринф 4

### Христос иапостолхэр

1Аущтэу Христос фэлэжьэрэ цIыфхэуи, Тхьэм ишъэфхэр зыIэ
къырилъхьэгъэ цIыфхэуи талъытэн фае.

2ЦIыфэу Iоф горэ зыIэ иплъхьэрэр узщыгугъун цIыфын фае.

3Шъори нэмыкI цIыфхэри шъукъызэрэсэплъырэм сэркIэ зи хэлъэп. Сэри
хьыкум зытесшIыхьэжьрэп.

4Сэ сыгукIэ мыхъун горэ зыдэсшIэжьрэп, ау ащкIэ зи симылажьэу
сыхъугъэп. СиIоф хьыкум тезышIыхьэрэр Зиусхьаныр ары.

5Арышъ, игъо къэмысэу, Зиусхьанри къэмыкIоу, Iоф горэм хьыкум
тешъумышIыхь. Зиусхьаным Iофхэу шIункIым хэгъэбылъхьагъэхэр
къыгъэнэфэщтых, цIыфхэм агухэм арылъхэри нафэ къышIыщтых.
Ащыгъум Тхьэм хэти щытхъоу фэшъуашэр къыритыжьыщт.

6Сшыхэр, ишIуагъэ къышъокIыным пае, сIуагъэхэр сэ сшъхьэрэ
Аполлосрэ тигугъу сшIэу сIуагъэх, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм
шъуатемыкIынэу шъодгъэшIэным пае. Ащыгъум зы цIыфым нэмыплъ
рихэу, нэмыкI цIыфым рыпагэу шъуащыщэу зи къэнэжьыщтэп.

7Адрэ цIыфхэм анахьи унахь инэу хэт узылъытэрэр? Тхьэм
къыуимытыгъэу сыда уиIэр? УиIэр къыозытыгъэр Тхьэр арышъ, сыд пае
узщытхъужьра, Тхьэм ар къыуимытыгъэм фэдэу?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

8 Зыжъугъэшхэкӏыгъаха? Бай шъухъугъаха? Тэ тышъуимыгъусэу пачъыхьэ шъухъугъа? Шъыпкъэмкӏэ пачъыхьэ шъухъугъагъот, ащыгъум тэри тышъуигъусэу пачъыхьэ тыхъущтыгъ.

9 Тэ, апостолхэм, тиӏоф сызэреплъырэр мары: укӏ зытыралъхьэгъэ цӏыфхэм тафэдэу аужырэ чӏыпӏэ дэдэм тэ, апостолхэр, Тхьэм тигъэуцугъэм фэд. Зэрэдунаеу, мэлэӏичхэри, цӏыфхэри, ӏаекӏэ къытэплъынхэу зэкӏэмэ апашъхьэ тырагъэуцуагъэм фэд.

10 Христос игъогу тызэрэрыкӏорэм пае, акъыл зимыӏэ цӏыфхэм тафэд, ау шъо Христос зыгу илъ цӏыф акъылышӏоу зышъолъытэжьы. Тэ лъэкӏ тиӏэп, ау шъо лъэкӏ шъуиӏ. Цӏыфхэм лъытэныгъэ къышъуфашӏы, ау тэ нэмыплъ къытахы.

11 Мы сыхьат дэдэм нэсыфэ мэлакӏи псыфалӏи тэлӏэ, зыщытлъэни тызэрысын уни тиӏэп, цӏыфхэми лые къытахы.

12 Тэ тӏэхэмкӏэ тылажьэзэ, тэулэу. Цӏыфхэр къызытэхъонхэкӏэ, «Тхьэм ынэшӏу къышъущерэф», – ятэӏожьы. Цӏыфхэм къин зытагъэщэчкӏэ, тэщыӏэ.

13 Цӏыфхэм ӏаекӏэ тигугъу зашӏыкӏэ, дахэкӏэ тапэгъокӏыжьы. Дунаим ихэкӏэу, чӏыгум ишӏоим фэдэу тыкъэнэжьыгъ.

14 Шъузгъэукӏытэжьынэу арэп мыр къызкӏэстхырэр, ау шъо сибын лъапӏэхэм шъуафэдэу къыжъугурызгъэӏонэу ары.

15 Христос игъогу ехьылӏагъэу шъуагъэшӏэнэу цӏыф мин шъуиӏэми, ты бэу шъуиӏэп. Сыда пӏомэ, къэбарышӏур къызышъосэгъэӏум, ты фэдэу сыкъышъуфэхъугъ, Христос Исус шъугухэм арылъ зэрэхъугъэм пае.

16 Арышъ, сышъолъэӏу, силъэужхэм шъуарыкӏу.

17 Ащ пае Зиусхьаныр зыгу илъэу, узщыгугъышъун Тимофееу сикӏэлэ лъапӏэм фэдэр къышъуфэсэгъакӏо. Чылыс зэӏукӏэ пстэуми зэрязгъашӏэрэм тетэу, Христос игъогу сытетэу сызэрэзекӏорэ шӏыкӏэр Тимофей шъугу къыгъэкӏыжьыщт.

18 Шъуадэжь сыкъэмыкӏонэу гугъэхэу, шъущыщ заулэмэ зашӏошӏыжьы.

19 Ау Зиусхьаным ыӏомэ, бэ темышӏэу шъуадэжь сыкъэкӏощт. Ащыгъум а зызшӏошӏыжьхэрэм ягущыӏэхэм ямызакъоу ялъэкӏи згъэунэфыщт,

20 сыда пӏомэ, Тхьэм и Тетыгъошхо иӏоф зыдэщыӏэр гущыӏэныр арэп, Тхьэм илъэкӏ ары нахь.

21 Сыда шъузыфаер? Бэщ сӏыгъэу шъуадэжь сыкъэкӏонэу ара, хьауми шӏулъэгъурэ гушъэбагъэрэкӏэ сыкъэкӏонэу ара?

## 1 Коринф 5

### Паул зинэ зышӏэгъэ лӏыр зэригъэмысагъэр

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

1Зинэ шӀэн зэрэшъухэлъыр цӀыфхэм къаӀуатэ: зыгорэм ятэ ишъуз
егъэшъузы. Ащ фэдэ зинэ шӀэн хабзэ хымэ лъэпкъхэми ахэлъэп.

2Ау етӀани, шъузышӀошӀыжьы! Аущтэу шъузышӀошӀыжьыным ычӀыпӀэкӀэ
шъугу къеоу, ар зышӀэгъэ лӀыр зыхэжъугъэкӀын фэягъ.

3Сэ сшъхьэрэ спкъиплӀырэкӀэ шъуадэжь сыщымыӀэми, сыгурэ спсэрэкӀэ
шъуадэжь сыщыӀ, шъуадэжьи шъыпкъэу сыщыӀэм фэдэу, ар зышӀагъэр
згъэмысэгъахэ.

4Арышъ, ти Зиусхьан Исус ыцӀэкӀэ шъузэӀукӀэу, сэри сыгурэ спсэрэкӀэ
шъуадэжь сыщыӀэ зыхъукӀэ, ти Зиусхьан Исус Христос илъэкӀыкӀэ

5а лӀыр шэйтаным фэжъугъаз, ыпкъ кӀодэу, Зиусхьаныр къызыкӀожьыщт
мафэм ыпсэ мыкӀодэу къэнэжьыным пае.

6Шъузэрэзыщытхъужьырэр дэгъоп. Тэджэпс тӀэкӀум тхьацур зэкӀэ
зэригъэшӀоӀурэр шъошӀэба?

7Арышъ, псэкӀодым итэджэпсыжъ зыхэшъух, тхьацукӀэ къабзэм фэдэу
шъухъуным пае – шъо тхьацу мышӀоӀу къабзэу шъущыт. Сыда пӀомэ,
Христос къурмэныпхъэ къытфэхъугъ. Ар шъынэу ӀутӀыжь мэфэкӀ
мэфэшхохэм адэжь Тхьэм къурмэныпхъэ фашӀыщтыгъэм фэд.

8Арышъ, мэфэкӀ мэфэшхор тэжъугъэгъэлъапӀэ, ау бзэджагъэмрэ
дэигъэмрэ ятэджэпсыжъ орэмыхъу, ау гукъэбзагъэмрэ шъыпкъагъэмрэ
яхьалыгъу мыкӀу-мыпшэ къабзэкӀэ мэфэкӀ мэфэшхор тэжъугъэгъэлъапӀэ.

9Зинэ зышӀэхэрэм гъусэ шъуафэмыхъунэу къышъуфэстхыгъ.

10Сэ къизгъэкӀыгъэр мы дунаим ицӀыфхэм ащыщхэу зинэ зышӀэхэрэри,
нэйпсыехэри, хъункӀакӀохэри, тхьэ нэпцӀхэр зыгъэлъапӀэхэрэри арэп. Ащ
Ӏофыр тетыгъэмэ, дунаим шъутекӀыжьын фаеу хъущтыгъ.

11Ау къышъуфэстхыгъэр мыры: зыгорэ шъушыкӀэ зэджэжьми, ау зинэ
ышӀэмэ, е нэйпсыемэ, е тхьэ нэпцӀхэр егъэлъапӀэхэмэ, е нэмыкӀ цӀыфхэм
ӀаекӀэ атегущыӀэмэ, е ешъуакӀомэ, е хъункӀакӀомэ, ащ фэдэ цӀыфым гъусэ
шъуфэмыхъу. Ары пакӀошъ, ащ фэдэ цӀыфым шъудэмышх.

12Чылыс зэӀукӀэм щымыщхэм сэ хьыкум атесшӀыхьанэу сиӀоф хэлъа?
Чылыс зэӀукӀэм щыщхэр арыба хьыкум зытешъушӀыхьан фаер?

13Чылыс зэӀукӀэм щымыщхэм Тхьэм хьыкум атришӀыхьащт. «Арышъ,
цӀыф бзаджэр зыхэжъугъэкӀ».

# 1 Коринф 6

### Чыристанхэр зэдао хъущтэп

1Шъуащыщ горэм дэон Ӏоф нэмыкӀ горэм фыриӀэмэ, Тхьэм ицӀыф
лъапӀэхэм апашъхьэ римыщэу, хьыкумэшӀыхэу ТхьэмкӀэ шӀошъхъуныгъэ
зимыӀэхэм апашъхьэ рищэнэу сыдэущтэу тегушхора?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

[2]Тхьэм ицIыф лъапIэхэм дунаим ицIыфхэм хьыкум зэратырашIыхьащтыр
шъошIэба? Дунаим ицIыфхэм хьыкум атешъушIыхьащтмэ, дэон Iоф
цIыкIухэмкIи хьыкум шъушIынэу шъуифэшъуашэба?

[3]МэлэIичхэм хьыкум тэ зэратетшIыхьащтыр шъошIэба? Ащ нахьи
нахьыбэу мы дунаим иIофхэмкIэ хьыкум тшIышъунба?

[4]Ащ фэдэ дэон Iоф шъуиIэ зыхъукIэ, чылыс зэIукIэм щыщхэм
лъытэныгъэ зыфамышIырэ цIыфхэм а Iофым хьыкум
тыряшъумыгъэшIыхь.

[5]ШъузгъэукIытэжьынэу къэсэIо: зэшыхэм язэдэон IофыкIэ хьыкум зышIын
зылъэкIынэу, акъылышIу зиIэ горэ къышъухэтба?

[6]Ау джы зэрэхъурэмкIэ, зэшхэр хьыкумэшIым ыпашъхьэ изэрэщэх –
шIошъхъуныгъэ зимыIэхэм апашъхьэ ащ фэдэ щашIэ.

[7]Шъыпкъэм шъуфаемэ, шъуащыщэу зыгорэм адрэ къошыр хьыкумэшIым
ыпашъхьэ зэрэрищэрэр шъоркIэ емыкIу. Аущтэу шъушIыным нахьи,
адрэхэм яягъэ къызэряжъугъэгъэкIымэ нахьышIу, зяжъугъэгъапцIэми
нахьышIу.

[8]Ау шъо шъушъхьэкIи шъушы дэдэхэм шъуиягъэ яшъогъэкIы,
шъогъапцIэх.

[9]Хьаумэ шъыпкъагъэ зимыIэ цIыфхэм Тхьэм и ТетыгъошхокIэ Iахь
къызэралъымыIэсыщтыр шъумышIа? ЗышъумыгъэпцIэжь: зинэ
зышIэхэрэми, тхьэ нэпцIхэр зыгъэлъапIэхэрэми, хъулъфыгъэхэм
шъузпапкIэу якIуалIэхэрэми,

[10]тыгъуакIохэми, нэйпсыехэми, ешъуакIохэми, нэмыкI цIыфхэм IаекIэ
атегущыIэхэрэми, хъункIакIохэми Тхьэм и ТетыгъошхокIэ Iахь
къалъысыщтэп.

[11]Шъуащыщ горэхэри ахэмэ афэдэ цIыфыгъэх. Ау ти Зиусхьан Исус
Христос ыцIэкIи, ежь ы Псэ ЛъапIэ илъэкIыкIи Тхьэм шъуипсэкIодхэр
шъугухэм ариукъэбзыкIыжьыгъэх, ежь ибынхэуи шъуигъэнэфагъ, ежь
дэжькIи шъыпкъагъэ шъуиIэу ылъытагъ.

**ШъупкъыхэмкIэ Тхьэр жъугъэлъапIэ**

[12]«Сыд щыщи сшIэн сыфит», – цIыфхэм аIо. Ар шъыпкъэ, ау Iоф пстэуми
яшIуагъэ къытэкIыщтэп. Сыд щыщи сшIэн сыфит, ау Iоф горэми тетыгъо
къысфыриIэ хъущтэп.

[13]«Гъомылэр ныбэм пае щыI, ныбэри гъомылэм пае», – цIыфхэм аIо. Ари
шъыпкъэ, ау Тхьэм тIури ыгъэкIодыщт. Ау пкъыр зинэ шIэным пае щыIэп,
Зиусхьаным пае нахь. Зиусхьанри пкъым пае щыI.

[14]Тхьэм Зиусхьаныр лIагъэхэм къахигъэтэджыкIыжьыгъ. ИлъэкIыкIэ тэри
лIагъэхэм тыкъахигъэтэджыкIыжьыщт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

15Шъупкъыхэр Христос ыпкъ щыщхэм зэрафэдэхэр шъошIэба? Ащыгъум Христос ыпкъ щыщхэр бзылъфыгъэ хэтакIом ыпкъ щыщхэу згъэхъуна? Хьау, ар хъухэщтэп.

16Зыгорэ бзылъфыгъэ хэтакIо горэм гъусэ фэхъумэ, а нэбгыритIур зыпкъ зэрэхъурэр шъушIэрэба? Сыда пIомэ, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт: «ИтIур зыпкъ хъущтых».

17Ау зыгорэ Зиусхьаным гъусэ фэхъумэ, зыгу-зыпсэу дэхъущт.

18Зинэ шIэным зыщышъудзый! Сыд фэдэрэ нэмыкI псэкIодэу цIыфым ышIэрэр ыпкъ епхыгъэп, ау зинэ зышIырэм ежь ыпкъ псэкIод рехыжьы.

19Шъупкъыхэр Тхьэм ы Псэ ЛъапIэу шъугухэм арылъым зэриунэ лъапIэр, шъупкъыхэри зэрэшъуимыехэр шъушIэрэба?

20Тхьэм осэ лъапIэкIэ шъуищэфыгъ. Арышъ, шъупкъыхэмкIи шъупсэхэмкIи Тхьэр жъугъэлъапIэ.

# 1 Коринф 7

### ЗэлI-зэшъузыныр

1Къысфэшъутхыгъэ Iофхэм яхьылIагъэу мыр къэсэIо: лIым шъуз къымыщэныр шIу.

2Ау зинэ шIэным зыщиухъумэным пае, хэти шъуз ерэI, хэтрэ шъузми ежь илI ерэI.

3ЛIым шъузым фишIэн фаер ферэшI, шъузыми лIым фишIэн фаер ферэшI.

4Шъузым ежь ыпкъ тетыгъо фыриIэп, тетыгъо фызиIэр илI ары нахь. Ащ фэдэуи, лIым ыпкъ тетыгъо фыриIэп, тетыгъо фызиIэр ишъуз ары нахь.

5ТIуми шъузэгурыIоу, уахътэу жъугъэнэфагъэм нэкIымрэ тхьэлъэIумрэ шъуапылъынэу мыхъумэ, зызэщышъумыдзый. ЕтIанэ зышъумыщэIэшъумэ, шъузэкIолIэжь, шэйтаным шъудимыхьыхыным пае.

6Мыр унашъоу къышъуфэсшIырэп, ауштэу шъушIэнэу фит шъусэшIы нахь.

7Сэщ фэдэу цIыфхэр зэкIэ псэунхэу сыфаещтыгъ. Ау Тхьэм хэти ежь итын къыритыгъ, зым зы тын, адрэми нэмыкI тын къыритыгъ.

8Къэзымыщэгъэ-дэмыкIуагъэхэм, шъузабэхэм мыр ясэIо: Сэ къызэрэсымыщагъэм фэдэу къанэхэмэ шIу.

9Ау защыIэн амылъэкIымэ, къарэщ. ХъопсэнымкIэ машIом фэдэу гур стыным нахьи, къащэныр нахьышIу.

10Къэзыщэгъэ-дэкIуагъэхэм моущтэу унашъо афэзышIырэр сэрэп, Зиусхьаныр ары нахь: шъузыр илI гокIыжь хъущтэп.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

11Ау шъузыр илI гокIыжьмэ, дэмыкIожьэу къэнэн фае, е илI ешIужьын фае. Ащ фэдэу лIыми ишъуз ытIупщыжь хъущтэп.

12Адрэ къанэрэ цIыфхэм сэ ясэIо, Зиусхьаныр арэп языIорэр: шъушы горэм шIошъхъуныгъэ зимыIэ шъуз иIэмэ, шъузми ащ дэпсэунэу ыдэмэ, ар ытIупщыжь хъущтэп.

13Ащ фэдэу шъуз горэм шIошъхъуныгъэ зимыIэ лIы иIэмэ, лIыми ащ дэпсэунэу ыдэмэ, шъузыр лIым гокIыжь хъущтэп.

14Сыда пIомэ, шIошъхъуныгъэ зимыIэ лIыр, ишъуз ихьатыркIэ, Тхьэм иеу къыхихыгъ. Ащ фэдэуи, шIошъхъуныгъэ зимыIэ шъузыри, илI ихьатыркIэ, Тхьэм иеу къыхихыгъ. Армырмэ шъуилъфыгъэхэр къэбзэщтхэп, ау джы ахэри Тхьэм иех.

15Ау шIошъхъуныгъэ зимыIэр ишъхьэгъусэ гокIыжьынэу фаемэ, горэкIыжь. Аущтэу зыхъукIэ, шIошъхъуныгъэ зиIэ шыр е шыпхъур ишъхьэгъусэ епхыгъэп. Сыда пIомэ, гупсэфэу тыпсэунэу Тхьэр къытэджагъ.

16О шъуз, сыдым уигъашIэра – уилI мыкIодэу къэбгъэнэжьынкIи мэхъу. О лIы, сыдым уигъашIэра – уишъуз мыкIодэу къэбгъэнэжьынкIи мэхъу.

**Хэти Тхьэм псэукIэу къыфигъэнэфагъэм тетэу зекIон фае**

17Хэти Тхьэм псэукIэ къызэрэфигъэнэфагъэм фэдэу, Зиусхьаныр ибынхэм ащыщ хъунэу къызеджэм, зэрэпсэугъэм фэдэу, псэун фае. Чылыс зэIукIэ пстэумкIи ары сиунашъор.

18Тхьэр цIыф горэм къызеджэм, сунэт ашIыгъахэмэ, зытетыгъэм терэт. Тхьэр цIыф горэм къызеджэм, сунэт амышIыгъахэмэ, ари зытетыгъэм терэт.

19Сунэт ташIыгъэми тамышIыгъэми арэп Iофыр зэлъытыгъэр. Iофыр зэлъытыгъэр Тхьэм иунашъохэр дгъэцэкIэнхэр ары.

20Тхьэр хэти къызеджэм, зытетыгъэм терэт.

21Тхьэр о къызыоджэм, упщылIыгъэмэ, ащ земыгъэгъэгумэкI. Ау шъхьафит ухъун плъэкIмэ, игъор блэмыгъэкI.

22Сыда пIомэ, Зиусхьаныр къызеджэм, пщылIыгъэр шъхьафит хъугъэ, Зиусхьаныр ащ ыгу илъ зэрэхъугъэм пае. Ащ фэдэуи Зиусхьаныр къызеджэм, шъхьафитыгъэр Христос фэлажьэхэрэм ащыщ хъугъэ.

23Тхьэм пкIэ лъапIэкIэ шъуищэфыгъ. Арышъ, нэмыкIырэ цIыфхэм пщылI шъуафэмыхъу.

24Аущтэу, сшыхэр, хэти Тхьэр къызеджэм, зытетыгъэм Тхьэм ыпашъхьэ терэт.

**Къэзымыщэгъэ-дэмыкIуагъэхэмрэ шъузабэхэмрэ**

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

25Пшъашъэхэм яхьылIагъэу Зиусхьаным ышIыгъэ унашъо сиIэп. Ау
Зиусхьаным ынэшIу щыфэныгъэкIэ узщыгугъышъун цIыфэу
сызэрэщытым пае, мы Iофым сызэрэхаплъэрэр шъосэIо.

26Джырэ гузэжъогъоу тызхэтым пае, шъузтетыгъэм шъутетыныр
нахьышIоу сэлъытэ.

27Шъуз горэм уепхыгъэмэ, птIупщыжьыным ыуж уимыт. Шъуз уимыIэмэ,
шъуз улъымыхъу.

28Ау къапщэмэ, ащкIэ псэкIод пшIагъэ хъурэп; пшъашъэ гори дакIомэ,
ащкIэ псэкIод ышIагъэ хъурэп. Ау къэзыщэхэрэри дакIохэрэри мы дунаим
игузэжъогъу хэфэщтых, ар къышъомыхъулIэнэуи сыфай.

29Сшыхэр, зыфасIорэр мыры: уахътэу къэнэжьырэр макIэ. Уахътэр
зэрэмакIэм пае, джы щегъэжьагъэу шъуз зиIэхэр шъуз зимыIэхэм афэдэ
орэхъух;

30гъыхэрэри мыгъыхэрэм афэдэ орэхъух; гушIохэрэри мыгушIохэрэм
афэдэхэ орэхъух; зыгорэ къэзыщэфхэрэр зи зыIэкIэмыхьэхэрэм афэдэ
орэхъух;

31мы дунаим иIофхэм апылъхэри а Iофхэм апымылъыхэрэм афэдэ
орэхъух; сыда пIомэ, мы дунаим ипсэукIэ мэкIод пэт.

32ГумэкI шъуимыIэнэу сыфай. Къэзымыщагъэм Зиусхьаным иIофхэм
ынаIэ атырегъэты – Зиусхьаным ыгу къызэрэрeIуным ыуж ит.

33Къэзыщагъэми дунаим иIофхэм ынаIэ атырегъэты – шъузым ыгу
къызэрэрeIуным ыуж ит. Шъузымрэ пшъашъэмрэ яIоф зытетыр
зэфэшъхьафы.

34ДэмыкIогъэ пшъашъэм Зиусхьаным иIофхэм ынаIэ атырегъэты,
ыпкъырэ ыгурэкIэ зэрэкъэбзэщтым ыуж ит. ДэкIуагъэм дунэе Iофхэм
ынаIэ атырегъэты – илI ыгу къызэрэрeIуным ыуж ит.

35Мы Iофхэр къызкIасIорэр Iэхъу-лъэхъу къышъутеслъхьанэу арэп, ау
сишIуагъэ шъозгъэкIэу, хабзэм тетэу зэпымыоу, зыми шъуимыгъэуцоу
Зиусхьаным шъуфэзгъэлэжьэныр ары.

36ЛIы горэм къыщэнэу ыгъэнэфэгъэ пшъашъэу зыныбжь икъугъэр
къымыщэу къыгъэнэныр емыкIоу ылъытэмэ, къерэщ, псэкIод ышIагъэ
хъурэп. Ахэмэ къарэщ.

37Ау лIы горэм къымыщэнэу ыгукIэ пытэу тыриубытагъэу, зыкIи
емыгъэзыгъэу, ишIоигъоныгъи ыIэ илъэу, ыгъэнэфэгъэ пшъашъэр
къымыщэмэ, тэрэзэу мэзекIо.

38Арышъ, аущтэу ыгъэнэфэгъэ пшъашъэр къэзыщэрэри тэрэзэу мэзекIо,
ау къэзымыщэрэр нахь тэрэзэу мэзекIо.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

39ИлI псэуфэ шъузыр ащ епхыгъ. Ау лIыр лIэмэ, шъузыр хэтми зыфаем
дэкIожьын фит, ау зыдакIорэ лIым ыгу Зиусхьаныр илъын фае.

40Ау сызэрэхаплъэрэмкIэ, зэрэщытэу къанэмэ, нахь гъогу мафэ теуцощт
– сэ сыгуи Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ илъэу сэгугъэ.

# 1 Коринф 8

**КъурмэныпхъэуТхьэ нэпцIхэм афашIыгъэм ыл ехьылIагъ**

1КъурмэныпхъэуТхьэ нэпцIхэм афашIыгъэм ыл ехьылIагъэу мыр къэсэIо:
– Тэ зэкIэми шIэныгъэ зэрэтиIэр тэшIэ. ШIэныгъэм цIыфхэм
зашIуегъэшIыжьы, ау шIулъэгъум цIыфхэм гурэ псэрэкIэ лъэкI
арегъэгъоты.

2ЦIыф горэм шIэныгъэ иIэу шIошIмэ, зэришIэн фаем фэдэу джыри
ышIэрэп.

3Ау цIыфэу Тхьэр шIу зылъэгъурэр Тхьэм ешIэ.

4Арышъ, къурмэныпхъэу тхьэ нэпцIхэм афашIыгъэм ыл ехьылIагъэу мыр
сэIо: а тхьэ нэпцIхэр дунаим зыкIи зэрэщымыIэхэри, зы Тхьэ закъом
нэмыкI Тхьэ зэрэщымыIэри тэшIэ.

5Уашъоми чIылъэми цIыфхэм тхьэу алъытэхэрэр щыIэхэми, (цIыфхэм
тхьэу алъытэхэрэмрэ зиусхьанхэу алъытэхэрэмрэ бэу зэрэщыIэхэм
фэдэу)

6тэ зы Тхьэ закъоу тиIэр Ты лъапIэр ары. ЗэкIэри къэзгъэхъугъэр ары,
ежь паий тыщыI. Зы Зиусхьан закъоу тиIэр Исус Христос ары. Тхьэм ащ
зэкIэри къыригъэгъэхъугъ, ащи щыIэныгъэ къытеты.

7Ау зэкIэми а шIэныгъэр яIэп. ЦIыф заули тхьэ нэпцIхэм ясагъэхэшъ, ащ
фэдэ лы зашхыкIэ, тхьэ нэпцI горэм къурмэн фэхъугъэ шъыпкъэм фэдэу,
а лыр ашхы. Арышъ, а лыр хьалэлмэ е мыхьалэлмэ амышIэу, агухэмкIэ
еджэнджэшхэу, а лыр зашхыкIэ, агухэр аушIоих.

8Гъомылапхъэм Тхьэм нахь пэгъунэгъу тигъэхъурэп. Тшхымэ, ишIуагъэ
къытэкIырэп, тымышхыми иягъэ къытэкIырэп.

9Ау шIошьхъуныгъэ макIэ зиIэхэм ягъогу шъуифитыныгъэ зыгъэлъэпаорэ
мыжъоу щафэмыхъуным шъуфэсакъ.

10Сыда пIомэ, а лыр хьалэлмэ е мыхьалэлмэ ымышIэу, ыгукIэ
еджэнджэшрэм о, шIэныгъэ зиIэм, тхьэ нэпцIым иунэшхо ащ фэдэ лыр
щыпшхэу ылъэгъумэ, а лыр ащи ебгъэшхынба?

11Аущтэу уишIэныгъэкIэ шIошъхъуныгъэ макIэ зиIэ пшэу Христос ыпсэ
зыфитыгъэр огъэкIоды.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

12Шъушыхэу а лыр хьалэлмэ е мыхьалэлмэ амышlэу агухэмкlэ
еджэнджэшхэрэм псэкlод яшъушlэу, агухэмкlэ зяжъугъэгъэмысэмэ,
Христос ары псэкlодыр зашъушlэрэр.

13Арышъ, сшхырэмкlэ сшы псэкlод есэгъашlэмэ, лы сшхыжьыщтэп, сшы
псэкlод есымыгъэшlэным пае.

## 1 Коринф 9

### Апостолым фитыныгъэу иlэхэр

1Сэ сыапостолба? Сэ сышъхьафитба? Исус Христосэу ти Зиусхьан
слъэгъугъэба? Шъорыба Зиусхьаным lофэу фэсшlагъэм къыкlэкlуагъэр?

2Нэмыкl цlыфхэмкlэ сымыапостолми, шъоркlэ сыапостол. Зиусхьаныр
шъугухэм арылъ зэрэхъугъэм пае, сызэрэапостолыр
къэзгъэшъыпкъэжьырэ мыхъурыр шъоры.

3Хьыкум сэ къыстезышlыхьанэу фаехэм мары яслорэр:

4тэри тышхэнэуи, тешъонэуи тыфитба?

5Кифэ, адрэ апостолхэм, Зиусхьаным ышхэм тафэдэу, тэри
шlошъхъуныгъэ зиlэ шъуз гъусэ зыфэтшlынэу тыфитба?

6Зызылыгъыжьынэу ежь зыlэхэмкlэ лэжьэн фэе закъохэр сэррэ Бар-
Наббэрэ ара?

7Дзэлlыр ежь иахъщэкlэ къулыкъу ехьа? Хэта сэнэшъхьэ хатэ зышlэу
сэнашъхьэ зымышхырэр? Ащ фэдэу, щэ емышъоу lэхъогъур хэта
зыгъэхъурэр?

8Цlыфхэм ягупшысакlэ фэдэу, мыхэр къэсэlоха? Хьаумэ, Тэурат хабзэм
ащ фэдэ къабзэу итба?

9Сыда пlомэ, пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ моущтэу ит: «Лэжьыгъэр
зылlожьырэ цум ыжэ зэтемыпх». Аущтэу къызиlокlэ, цухэр ара Тхьэр
зыфэгумэкlырэр?

10Щэч хэмылъэу Тхьэм зыфиlорэр тэрыба? Ары, тэщ пае ар тхыгъэ; сыда
пlомэ, лlэу жъорэми лэжьыгъэр зылlожьырэми лэжьыгъэм щыщ яlахь
къалъылlэсынэу гугъэ ямылlэу лажьэхэ хъущтэп.

11Ащ фэдэу, Тхьэм ы Псэ Лъапlэ ичылэпхъэшlу шъугухэм
арытлъхьагъэшъ, шъо тиlоф шlугъэу къыхэкlырэр зыгъотхэрэм мы
дунаим тищыкlагъэр къытэшъутымэ, баща?

12Нэмыкl цlыфхэм ящыкlагъэр зэряшъутыщтым щыгугъынхэу фитыныгъэ
яlэмэ, ахэмэ анахьыбэу тэ бэкlэ нахь фитыныгъэ тиlэба? Ау а
фитыныгъэм ишlуагъэ къызэдгъэкlыгъэп. Ар мыхъоу, Христос ехьылlэгъэ
къэбарышlум пэрыохъу тыфэмыхъуным пае, пстэури тэщылlэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

13Цlыфхэм Тхьэм иунэшхо пае псапэу атырэм щыщ ащ щылажьэхэрэм яшхын lахь зэрагъотырэр шъошlэба? Къурмэншlыпlэм щылажьэхэрэми къурмэныпхъэу ащ телъым щыщ яlахь зэрагъотырэр шъошlэба?

14Ащ фэдэу, къэбарышlур зыгъэlухэрэм зэрыпсэун lахь къэбарышlумкlэ зэрагъотын фаемкlэ Зиусхьаным унашъо ышlыгъ.

15Ащ фэдэ фитыныгъэм ишlуагъэ къызэзгъэкlыгъэп, а фитыныгъэри къэзгъотынэу арэп мыр зыкlэстхырэр. Сызэрыпагэрэ lофыр зыгорэм ыгъэкlодыным нахьи, лlэныгъэр нахь къэсэштэ.

16Ау къэбарышlур зэрэзгъэlурэм сырыпэгэн слъэкlыщтэп, сыда пlомэ, къэбарышlур сымыгъэlу хъущтэп. Къэбарышlур сымыгъэlумэ, гъогу мыгъо сытеуцуагъ.

17Ар сыфаеу сшlэмэ, lахьышlу згъотыщт. Ау сыфэмыеу сшlэмэ, lофэу Тхьэм спшъэ къырилъхьагъэр сэгъэцакlэ ныlэп.

18Сыда ащыгъум сиlахьышlур? Сиlахьышlур мыры: къэбарышlум сыфэлажьэу, сифитыныгъэ ишlуагъэ зэсымыгъэкlэу, уасэ хэмылъэу ар зэрэзгъэlурэр ары.

19Сыда пlомэ, зыми тетыгъо къысфыримылэу, сышъхьафит пэтми, цlыфыбэ Христос игъогу тезгъэхьаным пае, цlыф пстэуми lофтабгэ сафэхъугъ.

20Джуртхэр Христос игъогу тезгъэхьанхэм пае, джуртхэм афэдэ зысшlыгъ. Тэурат хабзэм ылэчlэгъ сычlэмытми, Тэурат хабзэм ылэчlэгъ чlэт цlыфхэр Христос игъогу тезгъэхьанхэм пае, Тэурат хабзэм ылэчlэгъ чlэт цlыфхэм афэдэ зысшlыгъ.

21Ащ фэдэу, Тэурат хабзэм ылэчlэгъ чlэмыт цlыфхэри Христос игъогу тезгъэхьанхэм пае, Тэурат хабзэм ылэчlэгъ чlэмыт цlыфхэм афэдэ зысшlыгъ. Тхьэм ихабзэ ылэчlэгъ сычlэмытэу арэп ащ къикlырэр, Христос ихабзэ ылэчlэгъ сычlэт.

22Шlошъхъуныгъэ макlэ зиlэхэм сишlуагъэ язгъэкlыным пае, шlошъхъуныгъэ макlэ зиlэхэм афэдэ зысшlыгъ. Лъэныкъо пстэумкlи цlыф пстэуми афэдэ зысшlыгъ, зи мыхъуми цlыф заулэ мыкlодхэу къэнэжьынхэм пае.

23Къэбарышlум сишlуагъэ езгъэкlыным пае, мы lоф пстэури сэшlэ, къэбарышlум шlугъэу къыхэкlырэм щыщ lахь згъотыным пае.

24Зэпачъэхэрэр зэкlэ мачъэх, ары шъхьакlэ ахэмэ ащыщэу зыр ары ныlэп текlоныгъэм итандж къэзыхьырэр, ари шъошlэба? Ар къэшъухьыным пае, шъучъ.

25Хэт чъэми, зэкlэмкlи зещыlэ. Ахэр кlодыжьын тандж къахьыным пае мачъэх, ау тэ мыкlодыжьын тандж къызэрэтхьыным ыуж тит.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

26Арышъ, сызэрэчъэрэр, сыздачъэрэ чӀыпӀэр сымышӀэкӀэ арэп. Жьыбгъэм бжымкӀэ хаорэм сыфэдэп.

27Ау спкъы къин есэгъэщэчы, сэгъэдаӀо, адрэ цӀыфхэм къэбарышӀур зязгъэӀу ужым, Тхьэм симыдэу сыкъэмынэным пае.

# 1 Коринф 10

**Тхьэ нэпцӀхэм шъуафэсакъ**

1Сшыхэр, тятэжъхэр пегъымбар Мусэ игъусэхэу пстэуми ошъуапщэр пащэ афэхъоу, а ошъуапщэм ычӀэгъ зэрэщызекӀощтыгъэхэри, ахэр зэкӀэ хым зэпырыкӀыжьхи, къызэрэхэкӀыжьыгъэхэри шъумышӀэным сыфаеп.

2Ошъуапщэр пащэ афэхъоу, хым зэпырыкӀыжьыгъэ цӀыф пстэури пегъымбар Мусэ игъогу рыкӀонхэу зэрагъэумэхъыгъэм фэдагъ.

3Ахэмэ зэкӀэми Тхьэм дэжь къикӀыгъэ гъомылэр ашхыщтыгъ.

4Ахэр зэкӀэ Тхьэм къаритыщтыгъэ псым ешъощтыгъэх, сыда пӀомэ, псэу зашъощтыгъэхэр къадакӀощтыгъэ мыжъошхом къыхэкӀыщтыгъ. А мыжъошхор Христос арыгъэ.

5Ау ахэмэ анахьыбэхэм Тхьэм ыгу яӀугъэп. Аущтэу шъоф нэкӀым щыкӀодыгъэх.

6Ахэр Ӏоф бзаджэхэм зэракӀэхъопсыщтыгъэхэм фэдэу такӀэмыхъопсынэу, ахэмэ къяхъулӀагъэр тэркӀэ нэшан.

7Ахэмэ ащыщ купым фэдэу тхьэ нэпцӀхэр шъумыгъэлъапӀэх, Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, «ЦӀыфхэр шхэнхэу, ешъонхэу тӀысыгъэх. ЕтӀанэ джэгунхэу тэджыжьыгъэх».

8Ахэмэ ащыщ купым зэришӀэщтыгъэм фэдэу, зинэ тэшъумыгъэшӀ. Аущтэу нэбгырэ мин тӀокӀырэ щырэ зы мэфэ закъокӀэ кӀодыгъэ.

9Зиусхьанри тэшъумыгъэгъэунэфы, ахэмэ ащыщ купым зэригъэунэфыщтыгъэм фэдэу. Ахэр блэхэм аукӀыгъэх.

10Шъумытхьаусых, ахэмэ ащыщ купым зэришӀыщтыгъэм фэдэу. Ахэр лӀэныгъэ къэзыхьырэ мэлэӀичым ыгъэкӀодыгъэх.

11Мы Ӏофхэр ахэмэ къяхъулӀагъэх, цӀыфхэм нэшанэ къафэхъуным пае. Лъэхъанхэм якӀэух тэ цӀыфхэу къызэнэсыгъэхэм къыдгурагъэӀоным пае, мы Ӏофхэр атхыгъэх.

12Ау цӀыфэу пытэу щытэу гугъэрэр емыбэджыным фэрэсакъ.

13ЦӀыфхэм псэкӀод ашӀэнэу дэзыхьыхын Ӏофхэу адрэ цӀыфхэм апэ къыифэхэрэм анэмыкӀ шъуапэ къыифагъэп. Тхьэм шъыпкъагъэ хэлъ, зэрэшъулъэкӀыщтым блэкӀэу, псэкӀод шъушӀэнэу дэзыхьыхын Ӏоф горэ

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

шъуапэ къифэнэу фит ышIыщтэп. Ау псэкIод шъушIэнэу шъудэзыхьыхын
Iоф горэ шъуапэ къызифэкIэ, ащ шъупэуцужьышъунэу Тхьэм гъогу
къышъуфишIыщт.

14Арышъ, силъапIэхэр, тхьэ нэпцI гъэлъэпIэным зыщышъудзый.

15Шъо, зэхэшIыкI зиIэхэм, ахэр шъосэIо. Сэ къасIорэм шъо шъушъхьэкIэ
хьыкум тешъушIыхьажь.

16Ти Зиусхьан Исус зэрэлIагъэр тыгу къэдгъэкIыжьэу, тызэдашхэзэ,
шъуалъэм ит сэнэпсым пае Тхьэм щытхъу фэтшIэу тызешъокIи, Христос
ылъэу къащым щыкIэкIыгъэмкIэ ежь щыщ тэхъуба? Хьалыгъур
зызэготчыкIэ, Христос ыпкъ щыщ тэхъуба?

17Хьалыгъур зызакъоу зэрэщытым пае, тэ бэ тыхъуми, зы тэхъу; сыда
пIомэ, а зы хьалыгъу закъом тиIахь хэлъ.

18Израиль лъэпкъым шъуеплъ. Къурмэным щыщ лыр зышхыхэрэр Тхьэу
къурмэн зыфашIырэм гъусэ фэхъухэба?

19Сэ зыфасIорэр сыда? Къурмэныпхъэм ыл зыгорэу щытэу, е тхьэ
нэпцIыр зыгорэу щытэу сэIуа?

20Хьау, ар сIуахэрэп. Ау хымэ лъэпкъхэм къурмэн зашIыкIэ,
джынапцIэхэм шъыпкъэмкIэ къурмэн афашIы нахь, Тхьэм фашIырэп. Ау
шъо джынапцIэхэм гъусэ шъуафэхъунэу сыфаеп.

21Зиусхьаным ишъуалъэми джынапцIэхэм яшъуалъэми шъуарешъо
хъущтэп. Зиусхьаным иIанэми джынапцIэхэм яIанэми шъуапэсы
хъущтэп.

22Хьауми Зиусхьаныр дгъэгубжыным тыпылъа? Ежь нахьи тынахь
лъэша?

**Сыд шъушIэми, цIыфхэм Тхьэм щытхъу фяжъугъэшIыным пае, шъушIэ**

23«Сыд щыщи тшIэн тыфит», – цIыфхэм аIо. Ар шъыпкъэ, ау Iоф пстэури
IэпыIэгъу къытфэхъурэп. Сыд щыщи тшIэн тыфит, ау Iоф пстэуми
яшIуагъэ къытэкIырэп.

24Хэти ежь ишIуагъэ ыуж ерэмыт, нэмыкI цIыфхэм яшIуагъэ ыуж ерэт
нахь.

25Бэдзэрым щащэрэр зэкIэ шъушхы, щэч зи шъугу къишъумыгъахьэу.

26Сыда пIомэ, «чIылъэри чIылъэм тет пстэури Зиусхьаным ий».

27ШIошъхъуныгъэ зимыIэ горэм шъуигъэшхэнэу шъуригъэблэгъагъэмэ,
шъукIонэуи шъуфаемэ, щэч шъугу къишъумыгъахьэу, Iанэм
къытыралъхьэрэр шъушхы.

28Ау цIыф горэм «мыр тхьэ нэпцIхэм афашIыгъэ къурмэным ыл»
къышъуиIомэ, къышъозыIуагъэм паерэ гум илъым паерэ ар шъумышхы.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

29Гум илъэу зыфасIорэр шъо шъугухэм арылъыр арэп, къышъозыIуагъэм
ыгу илъыр ары нахь; сыда пIомэ, нэмыкI цIыф горэм щэчэу ыгу
къыригъахьэрэм сифитыныгъэ сыд пае ыгъэмысэна?

30Тхьэм щытхъу сэ фэсшIэу зыгорэ сшхымэ, зэрэсшхырэмкIэ сыд пае
цIыфхэм сагъэмысэщта?

31Арышъ, шъушхэми, шъуешъоми е нэмыкI горэ шъушIэми, цIыфмэ
Тхьэм щытхъушхо фяжъугъэшIыным пае ар шъушIэ.

32Джуртхэми, алыджхэми, Тхьэм ичылыс зэIукIэм щыщхэми ягъогукIэ
зыгъэлъэпаорэ мыжъо шъуафэмыхъу.

33Сэри Iофэу сшIэрэ пстэумкIэ цIыф пстэуми агу къызэрэсэIуным
сыпылъ, сыда пIомэ, сэ сишIуагъэ зэзгъэкIыжьыным ыуж ситэп,
цIыфыбэмэ сишIуагъэ язгъэкIыным ыуж сит нахь, ахэр мыкIодхэу Тхьэм
къыгъэнэжьынхэм пае.

## 1 Коринф 11

1Христос илъэужхэм сызэрарыкIорэм фэдэу, шъори силъэужхэм
шъуарыкIу.

**Бзылъфыгъэхэр Тхьэм елъэIухэ зыхъукIэ, шъхьэтехъо зытырахъон фае**

2КъэсIогъэ пстэури шъугу къызэрэжъугъэкIыжьырэм паий, Iофхэу
шъозгъэшIагъэхэм шъузэратетым паий сышъущэтхъу.

3Мыр шъушIэнэу сыфай: Хэтрэ лIи ышъхьэ Христосыр ары, хэтрэ шъузи
ышъхьэр илI ары, Христос ышъхьэри Тхьэр ары.

4Хэтрэ хъулъфыгъэу шъхьэтехъо зытезыхъуагъэу Тхьэм елъэIурэм е
Тхьэм ежь игущыIэхэр зыгу къырилъхьэхэу, ахэр къэзыIорэм ышъхьэ
егъэпыутыжьы.

5Ащ фэдэу хэтрэ бзылъфыгъэу шъхьэтехъо зытезымыхъуагъэу Тхьэм
елъэIурэм е Тхьэм ежь игущыIэхэр зыгу къырилъхьэхэу, ахэр къэзыIорэм
ышъхьэ егъэпыутыжьы, сыда пIомэ, а бзылъфыгъэм ышъхьэ упсыгъэм
фэд.

6Бзылъфыгъэ горэм шъхьэтехъо зытырихъонэу фэмыемэ, ышъхьац
перэупкI. Ау бзылъфыгъэмкIэ ышъхьац пиупкIыныр е ышъхьэ ыупсыныр
зэрэемыкIум пае, шъхьэтехъо зытырерэхъу.

7Хъулъфыгъэм ышъхьэ техъон фишIын фаеп, сыда пIомэ, хъулъфыгъэр
Тхьэм итеплъэ фэдэшъ ары, Тхьэм ищытхъуи къегъэлъагъошъ ары. Ау
шъузым илI ищытхъушхо къегъэлъагъо.

8Сыда пIомэ, хъулъфыгъэр бзылъфыгъэм къыхэкIыгъэп, бзылъфыгъэр
хъулъфыгъэм къыхэкIыгъэ нахь.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

9Тхьэм хъулъфыгъэри бзылъфыгъэм къыфигъэхъугъэп, бзылъфыгъэр хъулъфыгъэм къыфигъэхъугъ нахь.

10Ащ пае, лIым итетыгъо ыIэчIэгъ шъузыр зэрэчIэтым инэшанэу, мэлэIичхэм апае, ышъхьэ шъхьэтехъо тырерэхъу.

11Ау щытми, тэ, Зиусхьаныр зыгу илъ цIыфхэмкIэ, бзылъфыгъэри хъулъфыгъэм епхыгъ, хъулъфыгъэри бзылъфыгъэм епхыгъ.

12Сыда пIомэ, бзылъфыгъэр хъулъфыгъэм къызэрэхэкIыгъэм фэдэу, хъулъфыгъэри бзылъфыгъэм къыхэкIы, ау Iоф пстэури къызхэкIырэр Тхьэр ары.

13Шъори хьыкум тешъушIыхь: ышъхьэ зи тыримыхъуагъэу бзылъфыгъэр Тхьэм елъэIумэ, емыкIуба?

14ЦIыфым ыгукIэ ешIэба, хъулъфыгъэм ышъхьац кIыхьэмэ, къызэремыкIурэр,

15ау бзылъфыгъэм ышъхьац кIыхьэмэ, къызэрекIурэр? Сыда пIомэ, Тхьэм бзылъфыгъэм шъхьац кIыхьэ ритыгъ, ышъхьэ тырихъоным пае.

16Ау зыгорэ мы IофымкIэ къытэнэкъокъунэу фаемэ, тэри Тхьэм ичылыс зэIукIэхэми нэмыкI хабзэ зэрэтимыIэр ерэшI.

**Зиусхьаным ипчыхьэшъхьашх**
(Маттэ 26:26-29; Марк 14:22-25; Лука 22:14-20)

17Ау мы унашъохэр сэ къышъуфэсшIызэ сышъущытхъурэп, сыда пIомэ, шъузэрэзэIукIэрэм шIу къыхэкIырэпышъ, къыхэкIырэри дэишъ ары.

18АпэрэмкIэ, чылысым шъущызэIукIэмэ, куп-купэу шъузэрэзэхэкIырэр зэхэсэхы. Зы лъэныкъокIэ, ар сэ сшIошъ мэхъу.

19Куп-купэу шъузэхэкIын фае, шъуащыщхэу шъыпкъагъэ зиIэхэр нафэ хъунхэм пае.

20Ащ нэмыкIэу шъушхэнэу шъузызэIукIэкIэ, Зиусхьаным ипчыхьэшъхьашхэп шъушхырэр.

21Сыда пIомэ, шъушхэ зыхъукIэ, шъуащыщэу хэти адрэм емыжэу, ежь ишхын ышхэу еублэ. Аущтэу зыр мэлакIэ лIэу къэнэ, адрэр мэуташъо.

22Шъущышхэнэуи шъущешъонэуи унэхэр шъуиIэба? Хьауми Тхьэм ичылыс зэIукIэ зэшъумыпэса, зи зимыIэхэри шъогъэукIытэжьха? Сыда шъосIощтыр? Сэ сышъущытхъуна? Хьау, сышъущытхъунэп.

23Сыда пIомэ, мы Iофхэу къышъуфэзгъэнагъэхэр ежь Зиусхьаным къысфигъэнагъэх: Зиусхьаныр тетыгъо зиIэхэм заубытыгъэ чэщым хьалыгъур къыштагъ,

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

24Тхьэм щытхъу фишIи, зэгуичи, къыIуагъ: «Мы хьалыгъур сэ спкъэу ишIуагъэ къышъокIынэу зэгочыщтыр ары. Шъугу сыкъэжъугъэкIыжьыным пае, мы хьалыгъур шъушхы».

25Ащ фэдэу, пчыхьэшъхьашхэм ыуж Зиусхьаным шъуалъэр къышти, къыIуагъ: «Мы шъуалъэм сэнэпсэу итым къикIырэр зэзэгъыныгъакIэу Тхьэм ежьыррэ шъоррэ шъуазыфагу дилъхьэрэр ары. А зэзэгъыныгъакIэр къэзгъэшъыпкъэжьырэр лъэу сэ къыскIэкIыщтыр ары. Мы сэнэпсым шъуешъо къэсми, шъугу сыкъэжъугъэкIыжьыным пае, шъуешъу».

26Сыда пIомэ, Зиусхьаныр къэкIожьыфэ, мы хьалыгъур шъушхы къэсми, мы шъуалъэм итым шъуешъо къэсми, Зиусхьаныр зэрэлIагъэм икъэбар шъогъэIу.

27Арышъ, хэтми фэмышъуашэу Зиусхьаным ихьалыгъу зышхырэм е ащ ишъуалъэ итым ешъорэм Зиусхьаным ыпкъырэ ылъырэ яхьылIагъэу псэкIод ышIагъэшъ, мысэ мэхъу.

28Хэтми ежь ыгу илъыр ерэгъэунэф, етIанэ хьалыгъур ерэшх, шъуалъэм итыми ерэшъу.

29Хьалыгъур Зиусхьаным зэрипкъыр зэхимышIыкIэу, фэмышъуашэу ар зышхэу, сэнэпсыми ешъорэм, зэрэшхэрэмкIи зэрешъорэмкIи мысагъэ зылъегъэIэсыжьы.

30Ащ пае лъэкI зимыIэуи сымаджэуи цIыфыбэ къышъухэт, лIагъэхэри макIэп.

31Тэ зыдгъэунэфыжьыгъэмэ, Тхьэм аущтэу тигъэпщынэщтыгъэп.

32Ау мы уахътэм Зиусхьаным хьыкум къызыттришIыхьэкIэ, тегъэдаIо, дунаим ицIыфхэм тырягъусэу мысэ тымыхъуным пае.

33Арышъ, сшыхэр, шъушхэным пае шъузэIукIэмэ, зыр зым ерэж.

34Зыгорэ мэлакIэ лIэмэ, иунэ щэрэшх, шъузызэIукIэкIэ, мысэ шъумыхъуным пае. Адрэ Iофхэу къанэхэрэм яхьылIагъэу сыкъызыкIокIэ, унашъо сшIыщт.

## 1 Коринф 12

### Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ цIыфхэм къаритырэ лъэкIхэр

1Сшыхэр, Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ цIыфхэм къаритрэ лъэкIхэр зыфэдэхэр шъумышIэу шъукъэзгъэнэнэу сыфаеп.

2Христос шъумышIэ зэхъум, тхьэ нэпцI бзакохэм шъукъызэрэращэкIыщтыгъэм фэдэу, ахэмэ адэжь шъузэрэкIощтыгъэр шъошIэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

3Арышъ, мыр къыжъугурызгъэӀонэу сыфай: Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ илъэкӀыкӀэ къэгущыӀэу, хэти Исус ебгын ылъэкӀыщтэп, Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ илъэкӀыкӀи мыхъоу, «Исусыр ары Зиусхьаныр» ыӀошъуущтэп.

4Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ цӀыфхэм лъэкӀхэу къаритхэрэр зэфэшъхьафых, ау Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ зы.

5Ӏофхэу цӀыфхэм Зиусхьаным фашӀэхэрэр зэфэшъхьафых, ау а цӀыф пстэури зы Зиусхьан дэдэм фэлажьэх.

6Тхьэм цӀыфхэм Ӏоф ашӀэнэу лъэкӀ зэраритырэр зэфэдэп, ау а Ӏофхэр зэкӀэ цӀыф пстэуми ашӀэнхэу лъэкӀ язытырэ Тхьэр зы.

7Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ хэти зэфэмыдэу зыкъырегъэлъэгъу, шӀошъхъуныгъэ зиӀэ пстэуми ишӀуагъэ аригъэкӀыным пае.

8Тхьэм ежь ы Псэ ЛъапӀэ къыбгъодэкӀэу, акъылышӀу зыхэлъ гущыӀэхэр къыӀонхэу цӀыф горэм лъэкӀ къыреты, нэмыкӀ цӀыфми Тхьэм ежь ы Псэ ЛъапӀэ фэшъуашэу, шӀэныгъэ зиӀэ гущыӀэхэр къыӀонхэу лъэкӀ къыреты.

9НэмыкӀ цӀыфми а Псэ ЛъэпӀэ дэдэм къыбгъодэкӀэу, шӀошъхъуныгъэ иӀэнэу лъэкӀ къыреты; нэмыкӀ цӀыфми а Псэ ЛъэпӀэ дэдэм къыбгъодэкӀэу, сымаджэхэр ыгъэхъужьынхэу лъэкӀхэр къыреты.

10НэмыкӀ цӀыфми Ӏофышхо гъэшӀэгъонхэр ышӀэнхэу лъэкӀ къыреты; нэмыкӀ цӀыфым ыгу Тхьэм ежь игущыӀэхэр къырилъхьэхэу, ахэр къыӀонхэу лъэкӀ къыреты; нэмыкӀ цӀыфми Ӏоф горэ Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ дэжь къикӀырэ-къимыкӀырэр зэхишӀыкӀынэу лъэкӀ къыреты; етӀанэ нэмыкӀ цӀыфми ымышӀэрэ бзэхэмкӀэ къэгущыӀэнэу лъэкӀ къыреты; нэмыкӀ цӀыфми а бзэхэр зэридзэкӀынхэу лъэкӀ къыреты.

11А Псэ ЛъэпӀэ дэдэр ары цӀыфхэм ахэр ашӀэнхэу лъэкӀхэр къязытырэр. Хэти шъхьафэу, Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ зэрэфаем тетэу реты.

**Пкъыр зы, пкъым щыщхэр бэ**

12Пкъым щыщхэр бэ хъухэми, пкъыр зы. Пкъым щыщ пстэури бэ хъуми, зы пкъым щыщых. Христос иӀоф ащ фэд.

13Сыда пӀомэ, тэ, тыджуртми, тыалыджми, тыпщылӀми, тышъхьафитми, тэ зэкӀэ а зы Псэ ЛъапӀэр тыгухэм арылъынэу тызаумэхъым, Христос ыпкъ щыщ тыхъугъ, Христосми а зы Псэ ЛъапӀэм тэ пстэуми тиӀахь хэлъэу ыгъэхъугъ.

14Сыда пӀомэ, пкъым щыщхэр зэп, бэ мэхъух.

15Лъакъом «сыӀэпышъ, пкъым сыщыщэп» ыӀомэ, ащ пае пкъым щымыщ мэхъуа?

16ТхьакӀумэми «сынэпышъ, пкъым сыщыщэп» ыӀомэ, ащ пае пкъым щымыщ мэхъуа?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

17Пкъыр нэ зэкIагъэмэ, зэхэхыным иIоф сыдэущтэу хъущтыгъ? Ащ
фэдэуи пкъыр зэкIэ тхьакIумагъэмэ, мэм иIоф сыдэущтэу хъущтыгъ?

18Ау Тхьэм пкъым щыщ пстэури зэхилъхьагъ, сыд фэди ежь зэрэфаем
тетэу.

19Пкъым щыщхэр зэкIэ зэкъуагъэхэмэ, пкъыр тыдэ къэнэщтыгъа?

20Ау джы зытетымкIэ, пкъым щыщхэр бэ мэхъух, ау пкъыр зызакъу.

21Нэм «сэ усищыкIагъэп» ыIоу, Iэм риIошъущтэп. Шъхьэми «сэ
шъусищыкIагъэп» ыIоу, лъакъохэм ариIошъущтэп.

22Ау пкъым щыщхэу адрэмэ анахьи нахь кIуачIэ зимыIэхэу
къэлъагъохэрэр нахь тищыкIагъэх.

23Пкъым щыщхэу лъытэныгъэ зифэмышъуашэу тлъытэхэрэми нахь
тафэсакъы.

24Пкъым щыщхэу тызтеукIытэхьэхэри нахь екIоу тэгъэбылъых. Пкъым
щыщхэу тызтемыукIытыхьэхэрэм ар ящыкIагъэп. Ау пкъым щыщхэу
лъытэныгъэ зимыIэхэм адрэ щыщхэм анахьи нахь лъытэныгъэ аритэу,
Тхьэм пкъыр зэхилъхьагъ.

25Тхьэм аущтэу зыкIишIыгъэр тэ ежь ыпкъ щыщхэр тызэпэмыуцоу,
тызэфэдэу тызэфэсакъыжьыныр ары.

26Арышъ, пкъым щыщэу зыгорэм къин ыщэчмэ, а пкъым щыщ пстэуми
дащэчы. Ащ фэдэу, пкъым щыщэу зыгорэм лъытэныгъэ ыгъотымэ, а
пкъым щыщ пстэури дэгушIо.

27Шъо Христос шъурипкъ, шъуащыщэу хэти а пкъым щыщ.

28Чылыс зэIукIэм фэлэжьэнхэу Тхьэм, апэрэмкIэ, цIыф заулэ апостолхэу
къыгъэнэфагъ. ЯтIонэрэмкIи, цIыф заулэ пегъымбархэу къыгъэнэфагъ.
ЯщэнэрэмкIи, цIыф заулэмэ адрэ цIыфхэм Iофхэр арагъэшIэнхэу
къыгъэнэфагъ. ЕтIанэ Iофышхо гъэшIэгъонхэр ашIэнхэу цIыф заули
къыгъэнэфагъ. ЕтIанэ сымаджэхэр агъэхъужьынхэм пае, лъэкIхэр яIэнхэу
цIыф заули къыгъэнэфагъ. НэмыкIхэри адрэ цIыфхэм Iэпыгъу
афэхъунхэу, нэмыкIхэри тхьэмэтэнхэу, етIанэ нэмыкIхэми ежьхэм
амышIэрэ бзэхэмкIэ къэгущыIэнхэу къыгъэнэфагъэх.

29ЦIыф пстэури апостолхэп, арыба? ЦIыф пстэури пегъымбархэп,
арыба? ЦIыф пстэуми адрэ цIыфхэм Iофхэр арагъашIэхэрэп, арыба?
ЦIыф пстэуми Iофышхо гъэшIэгъонхэр ашIэхэрэп, арыба?

30ЦIыф пстэуми сымаджэхэр агъэхъужьынхэу лъэкIхэр яIэхэп, арыба?
АмышIэрэ бзэхэмкIи цIыф пстэури къэгущыIэрэп, арыба? ЦIыф пстэуми
ащ фэдэ бзэхэр зэрадзэкIыхэрэп, арыба?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

31Ау лъэкIхэу анахь инхэм ауж шъуит. Джы анахьышIу гъогур
шъозгъэлъэгъущт.

# 1 Коринф 13

### ШIулъэгъур

1ЦIыфхэмрэ мэлэIичхэмрэ абзэхэмкIэ сыгущыIэу, ау шIулъэгъу сыгу
имылъмэ, жъгъыу макъэ зыпыIукIырэ гъуаплъэмрэ мэкъае зыпыIукIырэ
одыджынымрэ сафэд.

2Тхьэм ежь игущыIэхэр сыгу къырилъхьэхэу, ахэр къэсIонхэу лъэкI
къысситыгъэу сиIэми, шъэф пстэури сэшIэми, шIэныгъэ пстэури сиIэми,
къушъхьэхэр нэмыкI чIыпIэм згъэкощынхэу шIошъхъуныгъэ сиIэми, ау
шIулъэгъу сыгу имылъмэ, зэуи сыщытэп.

3СиIэр зэкIэ щыкIагъэ зиIэхэм ястыми, цIыфхэм спкъы машIокIэ
агъэстынэу ястыми, шIулъэгъу сыгу имылъмэ, ишIуагъэ къысэкIыщтэп.

4ШIулъэгъум щэIагъэ иI, гукIэгъуи иI. ШIулъэгъур шъугъорэп,
зыщытхъужьрэп, зышIошIыжьрэп.

5ШIулъэгъур емыкIоу зекIорэп, ежь ышъхьэ ишIуагъэ ыуж итэп,
зигъэгусэрэп, бзэджагъэм егупшысэрэп.

6ШIулъэгъур бзэджагъэм ыгъэгушIорэп, шъыпкъагъэм егъэгушIо нахь.

7ШIулъэгъум мыхъун пстэури егъэгъу, ТхьэмкIэ шIошъхъуныгъэ иIэ
зэпыт, Тхьэм щэгугъ зэпыт, теубытагъэ иIэ зэпыт.

8ШIулъэгъур ныбжьи кIодыжьыщтэп. Тхьэм ежь игущыIэхэр цIыфхэм
агухэм къарилъхьэхэу, цIыфхэм къызэраIохэрэм илъэкI уцужьыщт.
ЦIыфхэм амышIэрэ бзэхэмкIи къызэрэгущыIэхэрэм илъэкIи зэпыужьыщт.
ШIэныгъэри кIодыжьыщт.

9Аущтэу зыкIэхъущтыр тишIэныгъэ щыкIэгъэнчъэу зэрэщымытыр,
зэримыкъугъэр ары, Тхьэм ежь игущыIэхэр цIыфхэм агухэм
къарилъхьэхэу, цIыфхэм ахэр къызэраIохэрэм илъэкIи щыкIагъэ зэриIэр,
зэримыкъугъэр ары,

10Ау щыкIагъэ зимыIэу, икъугъэ Iофыр къызыкIокIэ, щыкIагъэ зиIэу,
имыкъугъэ Iофыр кIодыжьыщт.

11Сызэсабыим, сабыим фэдэу сыгущыIэщтыгъ, сабыим фэдэу
сыгупшысэщтыгъ, сабыим фэдэуи къызгурыIощтыгъ. Ау лIы сызэхъум,
сисабыигъэ хэсынэжьыгъ.

12Джы Iоф пстэури шIункIышъо гъунджэм типлъэрэм фэдэу тэлъэгъу, ау
а мафэм зэкIэ нафэу тлъэгъущт, цIыф горэм тыпэIутым фэдэу. Джы
сишIэныгъэ щыкIагъэ иI, икъугъэп, ау а мафэм зэкIэ сшIэщт, Тхьэм
сызэришIэрэ шъыпкъэм фэдэу.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

13Аущтэу джы мы Iофищыр мыкIодыжьынхэу щыIэх: шIошъхъуныгъэр,
Тхьэм IахьышIур къызэрэтитыщтым тыщыгугъыныр, шIулъэгъуныгъэр. Ау
ахэмэ ащыщэу анахь иныр шIулъэгъуныгъэр ары.

## 1 Коринф 14

**Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ нэмыкI лъэкIхэу цIыфхэм къаритхэрэр**

1ШIулъэгъуныгъэр шъугухэм зэрарылъыщтым шъуишъыпкъэу ыуж
шъуит. Тхьэм лъэкIхэр къызэрэшъуитыщтхэм ыуж шъуит, анахьэу Тхьэм
ежь игущыIэхэр шъугухэм къарилъхьанхэшъ, ахэр къэшъуIонхэу лъэкI
къызэрэшъуитыщтым ыуж шъуит.

2Сыда пIомэ, Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ илъэкIыкIэ ымышIэрэ бзэкIэ
къэгущыIэрэр цIыфмэ адэгущыIэрэп, Тхьэм дэгущыIэ нахь, сыда пIомэ,
къыIохэрэр зыми къыгурыIохэрэп. Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ илъэкIыкIэ
шъэфхэр къеIо.

3Ау Тхьэм ежь игущыIэхэр цIыфэу зыгу къырилъхьэу, ахэр къэзыIорэр
цIыфмэ адэгущыIэ, гурэ псэрэкIэ нахь лъэкI арегъэгъоты, агурегъаIо ыкIи
егъэгушхох.

4ЦIыфэу ымышIэрэ бзэкIэ къэгущыIэрэм гурэ псэрэкIэ нахь лъэкI
зыфегъотыжьы, ау Тхьэм ежь игущыIэхэр зыгу къырилъхьэу, ахэр
къэзыIорэм чылыс зэIукIэм щыщхэм гурэ псэрэкIэ нахь лъэкI
арегъэгъоты.

5Шъо зэкIэми шъумышIэрэ бзэхэмкIэ шъукъэгущыIэнэу сыфай, ау ащ
нахьи Тхьэм ежь игущыIэхэр шъугухэм къарилъхьанхэшъ, ахэр
къызэрэшъуIонхэм илъэкI шъуиIэнэу сыфай. Тхьэм ежь игущыIэхэр зыгу
къырилъхьэу ахэр къэзыIорэр, ымышIэрэ бзэкIэ къэгущыIэрэ цIыфым
нахьи нахь ин, ау а бзэр зэрадзэкIыжьмэ, чылыс зэIукIэм щыщхэм гурэ
псэрэкIэ лъэкI агъоты.

6Джы, сшыхэр, шъуадэжь сыкъакIоу сымышIэрэ бзэкIэ сыкъэгущыIэмэ,
сыда сишIуагъэу шъозгъэкIыщтыр? Тхьэм къысфигъэнэфэгъэ Iофхэр
шъосымыIохэу, е шIэныгъэ къышъосымытэу, е Тхьэм ежь игущыIэхэу
сыгу къырилъхьэхэрэр къэсымыIохэмэ, е Iоф горэхэр
шъосымыгъашIэхэмэ, сишIуагъэ зи шъозгъэкIырэп, арыба?

7Ащ фэдэу, шыкIэпщынэрэ, къамылрэ, е адрэ псэ зыхэмылъэу макъэ
къызпыIукIырэмэ мэкъэ зэфэшъхьафхэр ямыIэмэ, орэдэу къарагъаIорэр
сыдэущтэу зэхэпшIыкIыщта?

8Бжъэмыешхом ымакъэ икъоу зэхамыхмэ, хэта заом
зыфэзгъэхьазырыщтыр?

9Шъо шъуиIоф зытетыр ащ фэд. Шъо шъубзэгукIэ цIыфхэм
зэхамышIыкIырэ гущыIэхэр къашъуIохэмэ, сыдэущтэу къашъуIорэр
агурыIощта? Жьыбгъэм шъудэгущыIэщт ныIэп.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

10Дунаим бзэ зэфэшъхьафыбэ тет, зэкӏэ ахэми зыгорэ къарэкӏы.

11Ау бзэм къикӏырэр зэхэсымышӏыкӏымэ, къэгущыӏэрэм хымэ сыфэхъущт,
ежьыри хымэ къысфэхъущт.

12Аущтэу шъори Тхьэм ежь ы Псэ Лъапӏэ къыбгъодэкӏэу, лъэкӏхэр
къызэрэшъуитыщтхэм ыуж шъуитышъ, чылыс зэӏукӏэм щыщхэм агурэ
апсэрэкӏэ нахь лъэкӏ яжъугъэгъотыным пае, ащ фэдэ лъэкӏхэр
щыкӏэгъэнчъэу икъугъэу шъуиӏэ зэрэхъущтым ыуж шъуит.

13Арышъ, цӏыфэу ымышӏэрэ бзэкӏэ къэгущыӏэрэм а бзэр зэридзэкӏынэуи
лъэкӏ къыритынкӏэ Тхьэм ерэлъэӏу.

14Сыда пӏомэ, сымышӏэрэ бзэкӏэ Тхьэм селъэӏумэ, спсэкӏэ селъэӏу, ау
сиакъыл лажьэрэп.

15Сыда ащыгъум сшӏэщтыр? Спсэкӏи сиакъылкӏи Тхьэм селъэӏущт.
Спсэкӏи сиакъылкӏи тхьэщытхъу орэдхэр къэсӏощт.

16Сыда пӏомэ, умышӏэрэ бзэкӏэ Тхьэм ы Псэ Лъапӏэ илъэкӏыкӏэ Тхьэм
ищытхъу пӏомэ, мы ӏофхэр зэхэзымышӏыкӏырэ цӏыфхэм ащыщэу зыгорэм
уитхьэщытхъу сыдэущтэу «Амин» фиӏон ылъэкӏына? Къапӏорэр
гурыӏощтэп, арыба?

17О дэгъоу Тхьэм щытхъу фэоӏо, ау адрэм ишӏуагъэ къакӏорэп.

18Тхьэм ы Псэ Лъапӏэ илъэкӏыкӏэ сымышӏэрэ бзэкӏэ шъо пстэуми анахьи
нахьыбэу сызэрэгущыӏэрэмкӏэ Тхьэм щытхъу фэсэшӏы.

19Ау чылыс зэӏукӏэм сыщыӏэу, сымышӏэрэ бзэкӏэ гущыӏэ мин къэсӏоным
нахьи, цӏыфхэр згъэсэнхэм пае, сиакъылкӏэ гущэӏитф къэсӏоныр нахь
къэсэштэ.

20Сшыхэр, шъуигупшысакӏэкӏэ сабыйхэм афэдэ шъумыхъу. Ау
бзэджагъэмкӏэ сабыйхэм лажьэ зэрямыӏэм фэдэу, шъори шъухъу,
шъуигупшысакӏэкӏи зыныбжь икъугъэ цӏыфхэм афэдэ шъухъу.

21Зиусхьаным моущтэу къызэриӏорэр Тэурат хабзэм ит: «Хымабзэхэмкӏи
хымэхэм аӏупэхэмкӏи мы лъэпкъым сыдэгущыӏэщт, ау щытми
къысэдэӏущтхэп».

22Арышъ, Тхьэм ы Псэ Лъапӏэ илъэкӏыкӏэ цӏыф горэ ымышӏэрэ бзэхэмкӏэ
гущыӏэмэ, ар нэшанэ зыфэхъухэрэр шӏошъхъуныгъэ зиӏэхэр арэп,
шӏошъхъуныгъэ зимыӏэхэр ары нахь. Ау Тхьэм ежь игущыӏэхэр зыгу
къырилъхьэрэ цӏыфым ахэр къызиӏохэкӏэ, ар нэшанэ зыфэхъухэрэр
шӏошъхъуныгъэ зимыӏэхэр арэп, шӏошъхъуныгъэ зиӏэхэр ары нахь.

23Чылыс зэӏукӏэм щыщ пстэури зэрэугъоигъэу, шъумышӏэрэ бзэхэмкӏи
шъо зэкӏэ шъугущыӏэу, ащ фэдэ ӏофхэр зымышӏэрэ цӏыф заулэ е
шӏошъхъуныгъэ зимыӏэ цӏыф заулэ а зэӏукӏэм къыхахьэмэ, «шъо
шъуакъылынчъ» аӏонба?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

24 Ау шъо пстэуми Тхьэм ежь игущыIэхэу шъугухэм къарилъхьэхэрэр къашъуIохэ зыхъукIэ, шIошъхъуныгъэ зимыIэ цIыф горэ е ащ фэдэ Iофхэр зымышIэрэ цIыф горэ шъуизэIукIэ къыхахьэмэ, шъо зэкIэми къашъуIорэ гущыIэхэм зэхырагъэшIыкIыщт зэрэпсэкIодышIэ цIыфыр, ыгу илъыри агъэунэфыщт.

25 Аущтэу а цIыфым ыгу илъ шъэфхэр нафэ къэхъух. ЫбгъэгукIэ чIыгум зытыридзэнышъ, Тхьэр ыгъэлъэпIэщт, «шъыпкъэмкIэ Тхьэр шъуигъусэ» къыIозэ.

**Чылыс зэIукIэм екIоу, зэгъэзэфагъэу Тхьэр ыгъэлъэпIэн фае**

26 Сыд етIанэ, сшыхэр? ШъузызэIукIэкIэ, зым тхьэщытхъу орэд къерэIу, адрэм Iоф горэ шъуерэгъашIэ, нэмыкIми Тхьэм къыфигъэнэфэгъэ Iоф горэ къерэIуат, нэмыкIри ымышIэрэ бзэкIэ орэгущыIэ, нэмыкIми ар зэрерэдзэкI. Мы Iоф пстэуми гурэ псэрэкIэ нахь лъэкI шъуагъэгъотынэу орэхъу.

27 Ежьхэм амышIэрэ бзэкIэ цIыф горэхэр къэгущыIэхэ хъумэ, нэбгыритIу е нэбгырищ, нахьыбэ орэмыхъу, зыр зым ыуж итэу орэгущыIэ. НэмыкIми ахэмэ къаIорэр зэрерэдзэкI.

28 Ау зэзыдзэкIышъун цIыф щымыIэмэ, ымышIэрэ бзэкIэ къэгущыIэрэм чылыс зэIукIэм зыщерэушъэф. ЫгукIэ орэгущыI, Тхьэми дэрэгущыI.

29 ЦIыфхэу Тхьэм ежь игущыIэхэр зыгу къырилъхьэхэу, ахэр къаIонхэу лъэкI зэритхэрэм ащыщхэу нэбгыритIу е нэбгырищ шъуизэIукIэ къыщэрэгущыI, къаIохэрэри адрэхэм арэгъэунэфых.

30 ЗэIукIэм хэсхэм ащыщ горэм Iоф горэ Тхьэм къыфигъэнафэмэ, гущыIэр зиягъэм зерэушъэф.

31 Сыда пIомэ, зэкIэ шъо Тхьэм ежь игущыIэхэу шъугухэм къарилъхьэхэрэр зыр зым ыуж итэу къэшъуIонхэ шъулъэкIыщт, адрэ цIыфхэм зэкIэми зыгорэ зэрагъэшIэным паий, зэкIэри гушхонхэм паий.

32 ЦIыфхэу Тхьэм ежь игущыIэхэр зыгу къырилъхьэхэу, ахэр къаIонхэу лъэкI зэритхэрэм aIэ а лъэкIыр илъ,

33 сыда пIомэ, Тхьэр гупсэфым и Тхь нахь, зэхэтхъогъэ Iофым и Тхьэп. Тхьэм ицIыф лъапIэхэм ячылыс зэIукIэ пстэуми яIоф зытетыр ащ фэд.

34 Бзылъфыгъэхэм чылыс зэIукIэм зыщарэушъэф. Ахэр къэгущыIэн фитхэп, ау Тэурат хабзэм зэритым фэдэу, ялIыхэм афэIорышIэнхэ фае.

35 Iоф горэ зэрагъэшIэнэу фаехэмэ, яшъхьэгъусэмэ унэм щяраупчIых; сыда пIомэ, чылыс зэIукIэм хэсэу бзылъфыгъэр къэгущыIэныр екIурэп.

36 Тхьэм игущыIэхэр шъуадэжь къикIыгъэха, сэIо? Хьауми а гущыIэхэр цIыфхэу зынэсыгъэхэр шъо шъуизакъуа?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

37Цӏыф горэм ыгу Тхьэм ежь игущыӏэхэр къырилъхьэхэу, ахэр къыӏонхэу
лъэкӏ иӏэу шӏошӏымэ, е Тхьэм ы Псэ Лъапӏэ ыгу илъэу шӏошӏымэ, мы
къышъуфэстхырэр Зиусхьаным зэриунашъор къыгурэрэӏу.

38Ар къызыгурымыӏорэ цӏыфым къыгурэрэмыӏу.

39Арышъ, сшыхэр, Тхьэм ежь игущыӏэхэр шъугухэм къарилъхьанхэшъ,
ахэр къэшъуӏонхэу лъэкӏ къызэрэшъуитыщтым ыуж шъуит, амышӏэрэ
бзэхэмкӏи цӏыфхэр къэшъумыгъэгущыӏэнхэм шъупымылъ.

40Ау ӏофхэр зэкӏэ екӏухэу, зэгъэзэфагъэхэу орэхъу.

## 1 Коринф 15

### Христос лӏагъэхэм къызэрахэтэджыкӏыжьыгъэм ехьылӏагъ

1Къэбарышӏоу къышъозгъэӏугъэр шъугу къэзгъэкӏыжьынэу сыфай. А
къэбарышӏур шъуштагъэу, ащ игъогу шъуишъыпкъэу шъутет.

2А къэбарышӏумкӏи шъумыкӏодэу Тхьэм шъукъегъэнэжьы, шъозгъэшӏэгъэ
ӏофхэм пытэу шъуатетмэ. Армырмэ, хьаулыеу шӏошъхъуныгъэ шъуиӏэ
хъугъэ.

3Сыда пӏомэ, ӏоф пстэуми анахьэу къэбарышӏоу Христос
къысӏэкӏилъхьагъэр къышъуфэзгъэнагъ: Тхьэм игущыӏэ тхыгъэхэм
атетэу, Христос типсэкӏодхэр ыпщыныжьынхэм пае, лӏагъэ.

4Къэунэм чӏалъхьажьыгъ, ау ящэнэрэ мафэм Тхьэм лӏагъэхэм ар
къахигъэтэджыкӏыжьыгъ, Тхьэм игущыӏэ тхыгъэхэм атетэу.

5Етӏанэ Христос Кифэ зыкъырыригъэлъэгъугъ. Ащ ыуж игъогу рыкӏорэ
нэбгырэ пшӏыкӏутӏумэ зыкъаригъэлъэгъугъ.

6Етӏанэ шӏошъхъуныгъэ зиӏэ зэш шъитфым къехъумэ
зыкъаригъэлъэгъугъ. Ахэмэ ащыщэу анахьыбэр джыри псэу, заули
дунаим ехыжьыгъ.

7Ащ ыуж Якъуби зыкъыригъэлъэгъугъ, етӏани апостол пстэуми
зыкъаригъэлъэгъугъ.

8Зэкӏэми ауж сэ сабыйхэр къызэралъфырэ хабзэм фэмыдэу къалъфыгъэ
сабыим фэдэм зыкъысигъэлъэгъугъ.

9Сыда пӏомэ, апостолхэм ащыщэу анахь цӏыкӏур сэры, апостол
къысаӏонэуи сифэшъуашэп, сыда пӏомэ, Тхьэм ичылыс зэӏукӏэ щыщхэм
къин язгъэщэчыщтыгъэшъ ары.

10Ау Тхьэм ынэшӏу къызэрэсщифагъэм пае, джы сызытетым фэдэ
сыхъугъ. Ынэшӏу къызэрэсщифагъэр хьаулые хъугъэп. Адрэхэм зэкӏэми
анахьи нахьыбэу сылэжьагъ, ау сэр-сэрэу сылэжьагъэп, Тхьэм ынэшӏу
къысщифи, сигъэлэжьагъ нахь.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)

11Къэбарышlур цlыфхэм языгъэlурэр сэрми, адрэ апостолхэр арми, а зы
къэбарышlур ары дгъэlурэр. А къэбарышlумкlэ шъори шlошъхъуныгъэ
шъуиlэ хъугъэ.

**Лlагъэхэм якъэтэджыжьын**

12Тхьэм Христос лlагъэхэм къызэрахигъэтэджыкlыжьыгъэм икъэбар
тэгъэlуми, шъуащыщэу заулэм, «лlагъэхэр къэтэджыжьыщтхэп»
сыдэущтэу аlон алъэкlыра?

13Лlагъэхэр къэмытэджыжьыщтхэмэ, ащыгъум Тхьэм Христоси лlагъэхэм
къахимыгъэтэджыкlыжьыгъэу хъущтыгъэ.

14Ау Тхьэм Христос лlагъэхэм къахимыгъэтэджыкlыжьыгъэмэ,
къэбарышlоу шъодгъэlурэм пкlэ иlэщтыгъэп, тишlошъхъуныгъи пкlэ
иlэщтыгъэп.

15Ащ нэмыкlэуи, Тхьэм шыхьат нэпцl тыфэхъугъэу къычlэкlыщтыгъ, сыда
пlомэ, Тхьэм Христос лlагъэхэм къызэрахигъэтэджыкlыжьыгъэм шыхьат
тыфэхъугъ, ау «Тхьэм лlагъэхэр къыгъэтэджыжьыщтхэп» аlо, ар
цlыфхэм зэраlорэм тетэу шъыпкъэмэ, Тхьэм Христоси
къымыгъэтэджыжьыгъэу хъущтыгъэ.

16Сыда пlомэ, Тхьэм лlагъэхэр къымыгъэтэджыжьыщтхэмэ, Христоси
къымыгъэтэджыжьыгъэу хъущтыгъэ.

17Ау Тхьэм Христос лlагъэхэм къахимыгъэтэджыкlыжьыгъэмэ,
шъуишlошъхъуныгъэ хьаулые хъущтыгъ, шъуипсэкlодхэри джыри
шъутелъыщтыгъэх.

18Ащыгъум цlыфхэу Христоскlэ шlошъхъуныгъэ зиlэхэу лlагъэхэр
кlодыгъэхэу къэнэщтыгъэх.

19Мы дунаим ищыlэныгъэ закъо пае Христос тыщыгугъымэ, цlыф пстэуми
анахьи нахь гъогу мыгъо теуцуагъэхэр тэры.

20Ау lофыр зытетымкlэ, Тхьэм Христос лlагъэхэм
къахигъэтэджыкlыжьыгъ, Тхьэм адрэ лlагъэхэр
къызэригъэтэджыжьыщтхэмкlэ Христос шэсы къытфэхъуным пае.

21Сыда пlомэ, лlэныгъэр къызпкъырыкlыгъэр зы цlыф, ащ фэдэуи
лlагъэхэм якъэтэджыжьын къызпкъырыкlырэри зы цlыф.

22Цlыф пстэури Адэм къызэрэтекlыгъэхэм пае, зэрэлlэхэрэм фэдэу,
Христос зыгу илъ цlыф пстэури Тхьэм къыгъэпсэужьыщт.

23Ау а lофхэр къызэкlэлъыкlощтых хэти чэзыу иlэу: апэу лlагъэхэм
къахэтэджыкlыжьыгъэр Христос ары. Етlанэ ащ дунаим къызигъэзэжькlэ,
ицlыфхэр къэтэджыжьыщтых.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

24Ащ ыуж дунаим икIэух къэсыщт. Ар къызыскIэ, Христос Iэшъхьэтет
пстэури, тетыгъо зиIэ пстэури, лъэкI зиIэ пстэури зегъэкIод ужым, ащ
Тхьэу Ты лъапIэм тетыгъошхор ритыщт.

25Сыда пIомэ, Христос тетыгъор иIэн фае, Тхьэм Христос ипыйхэр зэкIэ
Христос ылъэгу чIэгъ чIигъэуцофэ нэс.

26Ыужырэ пыеу Тхьэм ыгъэкIодыжьыщтыр лIэныгъэр ары;

27сыда пIомэ, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, «Тхьэм
зэкIэри Христос ылъэгу чIэгъ чIигъэуцуагъ». Тхьэм зэкIэри Христос
итетыгъо ыIэчIэгъ чIигъэуцуагъэу ыIозэ, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм
арытышъ, зэкIэри Христос итетыгъо ыIэчIэгъ чIэзгъэуцогъэ Тхьэр
зэрямыгъусэр нафэ.

28Тхьэм ы Къоу Христос итетыгъо ыIэчIэгъ зэкIэри зычIигъэуцокIэ, Тхьэу
ыIэчIэгъ зэкIэри чIэзгъэуцуагъэм ыIэчIэгъ ы Къуи чIэуцожьыщт. Аущтэу
Тхьэр зэкIэ цIыфхэм адэжькIэ зэкIэу мэхъу.

29Тхьэм лIагъэхэр къымыгъэтэджыжьыщтхэмэ, лIагъэхэм ачIыпIэкIэ
зязгъэумэхъыхэрэм сыда агу хэлъыр? Тхьэм лIагъэхэр
къымыгъэтэджыжьыщтхэмэ, лIагъэхэм ачIыпIэкIэ сыд пае
зарагъэумэхъыра?

30Тэри сыхьат къэс щынагъом сыд пае зыхэдгъафэра?

31Сшыхэр, Христос Исусэу ти Зиусхьан шъугухэм зэрарылъымкIэ
сызэрэпагэрэр зэрэшъыпкъэм фэдэу, мафэ къэси лIэныгъэм
сызэрэпэIутри шъыпкъэ.

32ЦIыфхэм ягупшысакIэ тетэу сегупшысэщтыгъэмэ, Ефес къалэм
сыщыIэу, цIыфхэу хьэкIэ-къуакIэхэм афэдэхэм сызябэным, сыда
ишIуагъэу къэкIуагъэр? Тхьэм лIагъэхэр къымыгъэтэджыжьыщтхэмэ,
«Тыжъугъашх, тешъугъашъу, сыда пIомэ, неущ тылIэщт».

33Арышъ, цIыфхэм зяшъумыгъэгъапцI: ныбджэгъу дэихэм шэнышIу зиIэр
агъэкIоды.

34Шъукъэущыжь, акъыл зэжъугъэгъот. ПсэкIодшIэным ыуж шъуикI; сыда
пIомэ, Тхьэр зымышIэрэ заулэ къышъухэт. ШъузгъэукIытэжьынэу ар
къэсэIо.

**ЛIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъэ цIыфхэм апкъ**

35Ау зыгорэм къыIонкIи мэхъу: «ЛIагъэхэр сыдэущтэу къэтэджыжьыщтха?
Апкъыхэр сыд фэдэщтха?»

36О гурыIоныгъэ зимыIэ цIыф! ЧIым хаплъхьэрэр мылIэмэ,
къэпсэужьышъущтэп.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

[37]Зыгорэ чIым зыхаплъхьэкIэ, къыхэкIыщтым ыпкъ арэп хаплъхьэрэр, чылэпхъэ къодый нахь, коцым ичылапхъи е нэмыкIым ичылапхъи.

[38]Тхьэр зэрэфаем тетэу пкъы къыреты, сыдрэ чылэпхъэ лъэпкъми ежь иунаеу пкъы къыреты.

[39]Пкъыхэр зэкIэ зэфэдэхэп. ЦIыфым ыпкъ зы, хьэкIэ-къуакIэхэм апкъи шъхьафы, бзыухэми апкъ нэмыкI, пцэжъыехэри ары.

[40]Ошъогум ит пкъыхэри щыIэх. ЧIылъэм тет пкъыхэри щыIэх. Ошъогум ит пкъыхэм ящытхъу зы, чIылъэм тет пкъыхэм ящытхъу шъхьафы.

[41]Тыгъэм ежь ищытхъу иI, мазэми нэмыкI щытхъу иI, жъуагъохэри ары. ЯщытхъукIэ жъуагъохэри зэтекIых.

[42]ЛIагъэхэм якъэтэджыжьын иIоф джары зыфэдэщтыр. Чылапхъэу чIым халъхьэрэм фэдэу, пкъэу чIалъхьэрэр кIодыщт, ау пкъэу къэтэджыжьыщтыр мыкIодэу къэнэжьыщт.

[43]Уасэ имыIэу чIым чIалъхьэ, ау щытхъушхо иIэу къэтэджыжьыщт. ЛъэкI имыIэу чIалъхьэ, ау лъэкIышхо иIэу къэтэджыжьыщт.

[44]ЧIалъхьэрэр лымрэ къупшъхьэмрэ къахэкIыгъэ пкъыр ары, ау къэтэджыжьыщтыр Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ цIыфым пкъэу къыритыщтыр ары. Лымрэ къупшъхьэмрэ къахэкIыгъэ пкъы щыIэмэ, пкъэу Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ цIыфым къыритырэри щыI.

[45]Моущтэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт: «Апэрэ цIыфэу Адэм псэ зыхэлъ цIыф хъугъэ», ау аужыпкъэрэ Адэмыр мыкIодыжьын щыIэныгъэ къытэзытырэ псэр ары.

[46]Апэу къакIорэр Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ цIыфым къыритырэ пкъыр арэп, лымрэ къупшъхьэмрэ къахэкIыгъэ пкъыр ары нахь. ЫужкIэ Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ цIыфым къыритырэ пкъыр къэкIощт.

[47]Апэрэ цIыфыр мы дунаим щыщыгъ, Тхьэм ар етIагъом къыхигъэхъукIыгъ. ЯтIонэрэ цIыфыр уашъом щыщ, Зиусхьаныр ары.

[48]Мы дунаим тет цIыфхэр Тхьэм етIагъом къыхигъэхъукIыгъэ цIыфым фэдэх. Ащ фэдэу, уашъом щыпсэурэ цIыфхэри уашъом щыщым фэдэщтых.

[49]Тхьэм етIагъом къыхигъэхъукIыгъэ цIыфым тызэрэфэдэу, уашъом щыщми тыфэдэщт.

[50]Ау, сшыхэр, мыр шъосэIо: лымрэ лъымрэ къахэкIыгъэ цIыфым Тхьэм и ТетыгъошхокIэ Iахь къылъыIэсышъущтэп. Ащ фэдэу кIодын фаем мыкIодыжьын щыIэныгъэ Iахьышiоу къылъыIэсыщтэп.

[51]Шъукъэдаiу, шъэф горэ шъосэIо: тэ зэкIэми тылIэщтэп, ау

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

52ошIэ-дэмышIэу, нэгъэупIэпIэгъум дунаим икIэух дэжь бжъэмыешхом ымакъэ къызыIукIэ, Тхьэм тэ зэкIэ тызэблихъущт. Сыда пIомэ, бжъэмыешхом ымакъэ къэIущт, лIагъэхэри мыкIодыжьынэу къэтэджыжьыщтых, Тхьэми тызэблихъущт.

53Сыда пIомэ, кIодыжьыщт пкъым мыкIодыным ишъуашэ зыщилъэн фае, лIэжьыщт пкъыми мыкIодыжьын щыIэныгъэм ишъуашэ зыщилъэн фае.

54ЕтIанэ кIодыжьыщт пкъым мыкIодыным ишъуашэ зызщилъэрэ ужым, пкъыми мыкIодыжьын щыIэныгъэм ишъуашэ зызщилъэрэ ужыми, Тхьэм мы игущыIэ тхыгъэхэр къэшъыпкъэжьыщтых: «Тхьэм текIоныгъэр къыхьи, лIэныгъэр ыгъэкIодыгъ».

55«О лIэныгъ, уищэ ыкIуачIэ тыдэ щыIа? О джэхьнэм, уитекIоныгъэ тыдэ щыIа?»

56ЛIэныгъэм ищэ псэкIодыр ары, унашъохэмкIи псэкIодым тетыгъо къытфыриI.

57Ау Тхьэм щытхъушхор ий. Ащ ти Зиусхьан Исус Христос текIоныгъэр къытитынэу ышIыгъ.

58Арышъ, сшы лъапIэхэр, зыми Тхьэм игъогу шъутыригъэкIынэу амал ешъумыгъэгъот, шъузытет шъыпкъагъэм шъутет. Шъузышъхьамысыжьэу Зиусхьаным иIоф ыуж шъуит зэпыт, сыда пIомэ, Зиусхьаным Iофэу фашъушIэрэр хьаулые зэрэмыхъущтыр шъошIэшъ ары.

## 1 Коринф 16

### Коринф цIыфхэм зэхалъхьэрэ ахъщэр

1Тхьэм ицIыф лъапIэхэм апае зэхалъхьэрэ ахъщэм ехьылIагъэу мыр шъосэIо. Галатие хэкум щыIэ чылыс зэIукIэхэм ашIэнэу зэрясIуагъэм фэдэу, шъори шъушIэ:

2Хэти къыгъэхъагъэм фэшъуашэу Iахь горэ тхьэмафэм иапэрэ мафэ къэс зэIуерэгъакIи, ерэгъэтIылъ. Сэ сыкъызыкIокIэ, зэхэшъулъхьаным пае, аущтэу шъушIэ.

3СыкъызыкIокIэ, къошхэу хэшъухыгъэхэм тхылъ ястынышъ, шъуитын зыдязгъахьынышъ, Ерусалим згъэкIощтых.

4Сэри сыкIомэ хъунэу тлъытэмэ, ахэр къыздэкIощтых.

### Паул игухэлъхэр

5Македоние хэкум сызызэпырыкIыкIэ, шъуадэжь сыкъэкIощт; сыда пIомэ, Македоние хэкум сыпхырыкIын сыгу хэлъ.

6Шъуадэжь тIэкIурэ сыкъэнэнкIи е кIымафэр щызгъэкIонкIи мэхъу. Аущтэу тыдэ сыкIощтми, сигъогухэмкIэ IэпыIэгъу шъукъысфэхъун.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

7 Мызэгъогум гузэжъогъуклэ шъуслъэгъоу шъуикъалэ сыблэкIынэу сыфаеп, ау Зиусхьаным ыIомэ, шъуадэжь тIэкIурэ сыкъэнэн сыгу хэлъ.

8 Пэнтэкост зыцIэ мэфэкI мэфэшхом нэс Ефес къалэм сыкъыдэнэщт,

9 сыда пIомэ, къэлэпчъэшхоу, къэлэпчъэ шъуамбгъоу Тхьэм къысфызэIуихыгъ, къыспэуцухэрэри бэ.

10 Тимофей къызыкIокIэ, щынагъо имыIэу шъуадэжь зэрэщыIэным шъупылъ. Сэщ фэдэу ащи Зиусхьаным иIоф егъэцакIэ.

11 Зыми пхъэтэпымыхь ерэмышI. Разэу садэжь къэкIонэу игъогукIэ IэпыIэгъу шъуфэхъу. Сшыхэр сигъусэхэу ащ сыпэплъэ.

12 Тшы Аполлос ехьылIагъэу мыр шъосэIо. Тшыхэм ягъусэу шъуадэжь къэкIонэу инэу селъэIугъ. Ау джы кIонэу фэегъахэп. Игъо зыщифэрэм, къэкIощт.

**Аужырэ шIуфэс гущыIэхэр**

13 Шъумычъыеу шъусакъ, шIошъхъуныгъэм игъогу шъутемыкI, лIыгъи пытагъи зыхэжъугъэлъ.

14 ШъушIэрэр зэкIэ шIу шъулъэгъоу шъушIэ.

15 Сшыхэр, Iоф горэмкIэ сышъолъэIу. ЗэрэшъушIэрэм фэдэу, Ахаие хэкум ис цIыфхэм ащыщэу Стефан иунагъу ары апэу шIошъхъуныгъэ зиIэ хъугъэр. Тхьэм ицIыф лъапIэхэм адэIэпыIэнхэм иIоф зыратыгъ.

16 СышъолъэIу, ащ фэдэ цIыфхэм, хэт ахэмэ адэлажьэми, адэулэуми, шъуафэIорышI.

17 Стефан, Фортунат, Ахаик садэжь къызэкIохэм, сыгушIуагъ. Шъо мыщ шъузэрэщымыIэм пае, шъучIыпIэ аубытыгъ.

18 Ахэмэ сэ сыгуи шъо шъугухэри агъэпсэфыжьыгъэх. Ащ фэдэ цIыфмэ лъытэныгъэ афэшъушI.

19 Асие хэкум щыIэ чылыс зэIукIэхэм шIуфэс къышъуахыжьы. Зиусхьаныр шъо шъугухэми ахэмэ агухэми зэрарылъым пае, Акилэрэ Прискиллэрэ гуфэбагъэ зыхэлъ шIуфэс къышъуахыжьы. Ахэмэ яунэ щашIырэ чылыс зэIукIэм щыщхэми шIуфэс къышъуахыжьы.

20 Тшы пстэуми шIуфэс къышъуахыжьы. ГукъэбзагъэкIэ IаплI зэшъущэкIи, шIуфэс зэшъухыжь.

21 Сэ Паул сIэкIэ сишIуфэс мыщ дэжьым къэсэтхы.

22 Зыгорэм Зиусхьаныр шIу ымылъэгъумэ, Тхьэм ынае ащ къыщерэф. Мараната!

23 Ти Зиусхьан Исус ынэшIу къышъущерэф.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

24Христос Исус шъугухэм зэрарылъым пае, шъо зэкlэми шlу шъусэлъэгъу. Амин.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

## 2 Коринф 1

### ШIуфэс

1Сэ сы Паул. Тхьэм шIоигъуагъэти, Исус Христос иапостол сыхъугъ. Тшы
Тимофей сигъусэу шъо, Тхьэм ичылыс зэIукIэу Коринф къалэм щыIэм
щыщхэмрэ Тхьэм ицIыф лъапIэхэу Ахаие хэкум зэкIэ щыпсэухэрэмрэ, мы
тхылъыр къышъуфэсэтхы.

2Тхьэу тя Тэ лъапIэрэ Зиусхьан Исус Христосрэ анэшIу къышъуещарэфи,
гупсэф къышъуарэт.

### Паул Тхьэм щытхъу зэрэфишIырэр

3Тхьэу ти Зиусхьан Исус Христос я Тэ щытхъуушхор ий. ГукIэгъушхо зиIэ
Ты лъапIэу, гукъаоу тиIэхэр зэкIэ тшъхьащызызыхырэу къыткъот Тхьэм,

4сыд фэдэ гузэжъогъу тыхэтми, тегъэгушхо. Аущтэу Тхьэр къыткъотэу
тызэригъэгушхорэм фэдэ къабзэу, тэри сыд фэдэ гузэжъогъу хэтхэри
дгъэгушхонхэ тлъэкIыщт.

5Сыда пIомэ, Христос ыщэчыгъэ къинхэм тиIахьышхо зэрахэлъым фэдэу,
Христос тыгухэм арылъэу Тхьэм инэу тегъэгушхо.

6Тэ гузэжъогъу тызыхэткIэ, ащ тызкIыхэтыр шъо Тхьэм шъуигъэгушхонэу,
шъумыкIодэу шъукъыгъэнэжьынэу ары. Тхьэм тызигъэгушхокIэ,
тызкIигъэгушхорэр тэ къинхэу тщэчыхэрэм фэдэ къинхэр теубытагъэкIэ
шъущэчынэу шъуигъэлъэкIызэ, Тхьэм шъуигъэгушхонэу ары.

7Инэу тыкъышъуещэгугъы, сыда пIомэ, къинхэу тщэчыхэрэм шъуиIахь
къыддэшъущэчынэу ахэлъышъ, Тхьэм шъори шъузэригъэгушхощтыр
тэшIэ.

8Асие хэкум гузэжъогъоу тызщыхэтыгъэм икъэбар шъумышIэным
тыфаеп. Псэоу тыкъэнэжьынэу гугъапIэ тимыIэжьэу, тфэщэчыщтым
нахьи нахьыбэрэ гузэжъогъушхо дэдэм тыхэтыгъ.

9ШъыпкъэмкIэ, хьыкумэшIым укI хьыкум къыттыралъхьанэу къыIуагъэм
фэдэу къытщыхъугъ. Ар зыкIэхъугъэр тшъхьэ тыщымыгугъэу, лIагъэхэр
къэзгъэтэджыжьырэ Тхьэм тыщыгугъыныр ары.

10Ащ фэдэ лIэныгъэу къытпыщылъым Тхьэм тыкъыIэкIихыжьыгъ, джыри
тыкъыIэкIихыжьыщт. ШъуитхьэлъэIухэмкIи шъукъыддэIэпыIэзэ, Тхьэм
къиным тыкъыIэкIихищыжьынэу ежь тыщэгугъы.

11Аущтэу цIыфыбэ къытфелъэIунышъ, Тхьэм ынэшIу къытщифэщт,
ынэшIу къызэрэтщифагъэм паий, цIыфыбэмэ тэ тцIэкIэ Тхьэм ищытхъу
аIотэщт.

### Паул игухэлъ зыкIызэблихъугъэр

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

[12]Мыры тызэрызыщытхъужьырэр: тызэрагъэмысэн зи щымыIэу, Тхьэм
ыгу зэIурэ гухэлъ къабзэ тиIэу мы дунаим, пстэуми апэу шъуадэжь,
тызэрэщызекIуагъэмкIэ тыгухэр шыхьат къытфэхъух. Тхьэм ынэшIу
къызэрэтщифагъэм тетэу, аущтэу тызекIуагъ, мы дунаим ицIыфхэм
яакъылышIуагъэу зыфаIорэм тетэу арэп.

[13],[14]Сыда пIомэ, шъузэджэшъуным, къыжъугурыIошъуным нэмыкI
къышъуфэттхырэп. Икъоу къыжъугурымыIуагъэри ижъугъэкъужьэу
къызэрэжъугурыIощтым сыщэгугъы. Ащыгъум ти Зиусхьан Исус
къызыкIожьыщт мафэм шъоркIэ тызэрэзыщытхъужьыщтым фэдэу,
шъори тэркIэ шъузщытхъужьыщт.

[15]Ащ сыщэгугъыти, апэу шъуадэжь сыкъэкIонэу сыфэягъ, тIо сишIуагъэ
къышъозгъэкIыным пае.

[16]Македоние хэкум сызежьэкIэ, шъуадэжь сыкъекIолIэн сыгу хэлъыгъ; ащ
сыкъызикIыжькIи, шъуадэжь сыкъыдырекIолIэжь сшIоигъуагъ. Иудей
хэкум сыкIоным пае, сигъогукIэ Iэпылэгъу шъукъысфэхъунэуи
сышъущыгугъыгъ.

[17]Аущтэу гухэлъ сиIэ зэхъум, сыгу илъыр сымышIэу сызекIуагъэу ара? Е
мы дунаим ицIыфхэм ягухэлъхэр зэрашIыхэрэм фэдэу, сигухэлъхэр
сэшIыха? Зэ «Ары», зэ «Хьау, арэп» сIонэу сихабза?

[18]ГущыIэу къышъотIуагъэр зэ арэу, зэ зэрэармырыр Тхьэм
ишъыпкъагъэмкIэ сэIо.

[19]Сыда пIомэ, Силуан, Тимофей, сэры, Тхьэм ы Къо Исус Христосэу
зикъэбар шъуадэжь щыдгъэIугъэр зэ арэу, зэ армырэу хъурэп, ау Исус
Христосыр ары Тхьэм тыкъызэригъэгугъэгъэ Iофхэр къэзгъэхъурэр,
шъыпкъэу зышIырэр.

[20]Сыда пIомэ, Тхьэм тыкъызэригъэгугъэгъэ Iоф пстэуми «Ары» ыкIи
«Амин» афэхъоу, ахэр къэзгъэхъурэр, шъыпкъэуи зышIырэр Христос
ары, тэ Тхьэм щытхъушхо фэтшIыным пае.

[21]Тхьэр ары шъори тэри Христос игъогу пытэу тытезгъэтырэри, тиIоф
тшIэнэу тпшъэ къизылъхьагъэр.

[22]Ежьыр ары ибынхэм тызэращыщыр тэзгъашIэрэ мыхъурэу, шIугъэ
къызэрэтигъэгъотыщтым ишэсэу ежь ы Псэ ЛъапIэ тыгухэм
къарызылъхьагъэр.

[23]Шъыпкъэр сымыIомэ, сэрэкIод. Сыкъышъушъхьасыти ары Коринф
къалэм джырэ нэс сыкъызкIэмыкIуагъэр. АщкIэ шыхьат къысфэхъунэу,
Тхьэм зыфэсэгъазэ.

[24]Шъо шъуишIошъхъуныгъэ тетыгъо фытиIэнэу тыфаеп,
шъудгъэгушIонэу тыкъыжъудэлажьэ нахь, сыда пIомэ, шIошъхъуныгъэм
игъогу пытэу шъутет.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

# 2 Коринф 2

1Арышъ, шъугу джыри хэсымыгъэкӀынэу шъуадэжь сыкъэмыкӀожьынэу
тесыубытагъ.

2Сыда пӀомэ, сэ шъугу хэзгъэкӀымэ, шъо зыгу хэзгъэкӀыхэрэм анэмыкӀэу
сызгъэгушӀонэу хэта къэнэжьырэр?

3Шъо, сызгъэгушӀон фаехэм, сыкъызыкӀокӀэ, сыгу хэшъумыгъэкӀынэу ары
джы къызэрэстхыгъэм фэдэу къызкӀышъуфэстхыгъэр. Ӏофэу сэ
сызгъэгушӀорэм шъо зэкӀэми шъуузэригъэгушӀорэм сицыхьэ телъ.

4Сыда пӀомэ, гузэжъогъушхорэ гумэкӀыгъошхорэ сиӀэу, сыгъэуи
къышъуфэстхыгъ. Шъугу хэзгъэкӀынэу арэп къызкӀэстхыгъэр,
шӀулъэгъушхоу къышъуфысиӀэр шъозгъэшӀэнэу ары нахь.

**Паул ыгу хэзгъэкӀыгъэм зэрэфигъэгъугъэр**

5Зыгорэм нэмыкӀ горэм ыгу хигъэкӀыгъэмэ, зыгу хигъэкӀыгъэр сэрэп,
есымыгъэлыенэу шъо зэкӀэми гухэкӀ Ӏахь къышъуфэхъугъ.

6Шъуащыщэу нахьыбэмэ ащ фэдэ цӀыфым а къинэу тешъулъхьагъэр
икъущт.

7Арышъ, гухэкӀышхом а цӀыфыр ымыгъэкӀодыным пае, ащ фэжъугъэгъун,
жъугъэгушхон фае.

8Ащ пае шъуишӀулъэгъу шъыпкъэ ежъугъэлъэгъунэу сышъолъэӀу.

9СыкъызкӀэтхагъэр шъуишъыпкъагъэ зынэсырэр згъэунэфынэуи, сыд
щыщымкӀэ шъукъысфэӀорышӀэмэ зэзгъэшӀэнэуи ары.

10Шъо зыфэжъугъэгъурэ цӀыфым сэри фэсэгъэгъу. Ӏофэу згъэгъугъэр,
згъэгъун Ӏоф щыӀагъэмэ, сишӀуагъэ шъозгъэкӀыным пае Христос
ыпашъхьэ щызгъэгъугъ,

11шэйтаным тыкъымыгъэпцӀэным пае. Сыда пӀомэ, ащ игухэлъхэр тэ
тымышӀэу щытэп.

**Троадэ къалэм Паул зыщыӀукӀэгъэ гумэкӀыр**

12Христос ехьылӀэгъэ къэбарышӀур згъэӀунэу Троадэ къалэм сызэкӀом,
Зиусхьаным зы пчъэ къысфызэӀуихыгъэ пэтми,

13гупсэф сиӀагъэп, сыда пӀомэ, сшы Тит ащ щызгъотыгъэп. Ауштэу,
сшыхэм аӀапэ сыубытыжьи, Македоние хэкум сыкӀонэу гъогум
сытехьажьыгъ.

**Христос текӀоныгъэр къызэрэтигъэхьырэр**

14Тхьэм щытхъушхор ий. Христос тыгухэм арылъэу Тхьэм текӀоныгъэр
къытегъэхь зэпыт, тэ Ӏофэу тшӀэрэмкӀи Христос ехьылӀэгъэ къэбарэу мэ
ӀэшӀум фэдэр тыдэкӀи цӀыфхэм ахегъахьэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

15Сыда пIомэ, цIыфхэу мыкIодхэу Тхьэм къыгъэнэжьхэрэми, цIыфхэу
кIодыпIэм игъогу тетхэми тахэтэу, тэ тызфэдэр уцэу мэ IэшIу къызпихэу,
Тхьэм ыпашъхьэ Христос рихьылIэрэр ары.

16Зы цIыфхэм алъэныкъокIэ лIэныгъэ къызхэкIырэ мэ Iаем тыфэд, адрэ
цIыфхэм алъэныкъокIи щыIэныгъэ къызхэкIырэ мэ IэшIум тыфэд. Ащ
фэдэу Iоф зыгъэцэкIэн хэта зылъэкIыщтыр?

17Сыда пIомэ, Тхьэм игущыIэхэр зэIызгъахьэхэрэ цIыфыбэмэ тафэдэп.
Аущтэу мыхъоу, Христос тыгухэм арылъэу, шъыпкъагъэ тиIэу Тхьэм
тырилIыкIошъ, ежь ыпашъхьэ игущыIэхэр щытэгъэIух.

## 2 Коринф 3

### ЗэзэгъыныгъакIэм икъэбар цIыфхэм ятэгъашIэ

1Тызщытхъужьынэу джыри зэ къэтэубла? Хьауми зыгорэм
къышъуфитхыгъэу е шъо шъутхыгъэу къытщытхъурэ тхылъ горэ
тищыкIагъа, цIыф заулэмэ зэрящыкIагъэм фэдэу?

2Тыгухэм арытхагъэу, къытщытхъурэ тхылъыр шъоры. ЦIыф пстэуми а
тхылъыр ашIэн, аджын алъэкIыщт.

3ТиIоф шIугъэу къыхэкIыгъэу, Христос тхылъэу ытхыгъэм шъузэрэфэдэр
къэшъогъэлъагъо. А тхылъыр къамзый мэрчэпкIэ тхыгъэп, щыIэныгъэ
къытэзытрэ Тхьэм ы Псэ ЛъапIэкIэ тхыгъэ нахь. Мыжъобгъухэми
атетхагъэп, цIыфхэм агухэм арытхагъ нахь.

4Христос Тхьэм тызэрэщигъэгугъырэм пае, аущтэу тэIо.

5Тэр-тэрэу тилъэкIыкIэ зыгорэ къэтыгупшысын амал тиIэу тIорэп, ау лъэкI
къытэзытырэр Тхьэр ары.

6Ащ зэзэгъыныгъакIэм тыфэлэжьэнэу лъэкI къытитыгъ. А зэзэгъыныгъэр
гущыIэ тхыгъэхэм атет зэзэгъыныгъэп, Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ дэжь
къикIырэ зэзэгъыныгъ нахь; сыда пIомэ, гущыIэ тхыгъэм егъалIэх, ау
Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ къегъэпсэужьых.

7ХьарыфхэмкIэ мыжъобгъухэм атетхэгъэ Тэурат хабзэм Iофэу ышIагъэм
лIэныгъэ цIыфхэм къафигъэкIонэу арыгъэми, щытхъушхо иIэу къэкIуагъ.
Аущтэу пегъымбар Мусэ ынэгу нэфынэшхоу къыкIэщырэр кIодыжь пэтми,
израиль цIыфхэр ынэгу еплъынхэ алъэкIыщтыгъэп.

8Аущтэу зэрэщытым пае, Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ Iофэу ышIэрэм ащ нахьи
нахь щытхъушхо иIэн фаеба?

9Тэурат хабзэу цIыфхэр зыгъэмысэрэм Iофэу ышIагъэм щытхъушхо
иIагъэмэ, Тхьэм ы Псэ ЛъапIэу цIыфхэм Тхьэм дэжькIэ шъыпкъагъэ яIэу
зыгъэхъурэм Iофэу ышIэрэм ащ нахьи бэкIэ нахь щытхъушхо иIэн фае.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

10Сыда пIомэ, Тэурат хабзэу щытхъушхо зиIагъэм щытхъу зи имыIэжьэу
къэнэ, ыужкIэ къэкIогъэ къэбарышIоу нахь щытхъушхо зиIэм фэбгъадэмэ.

11Тэурат хабзэу кIодыжьыщтыгъэм щытхъушхо иIагъэмэ, къэбарышIоу
мыкIодэу къэнэжьырэм ащ нахьи бэкIэ нахь щытхъушхо иIэн фае.

12Арышъ, ащ фэдэ гугъэ зэрэтиIэм пае, тыгушхоу тыкъэгущыIэ.

13Пегъымбар Мусэ зэрэзекIуагъэм фэдэу тызекIорэп. Израиль цIыфхэм
ащ ынэгу кIэт нэфынэшхор зэрэкIодырэр амылъэгъуным пае, ынэгу
рихъуагъ.

14Яакъылхэр гуркъэ хъугъэх. Непэрэ мафэм нэс пэсэрэ зэзэгъыныгъэм
итхылъхэм зяджэхэкIэ, яакъылхэр ихъуагъэхэу къэнэх, сыда пIомэ,
Христос закъор ары а нэгурыхъор Iузыхыжьын зылъэкIырэр.

15Израиль цIыфхэр непи пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ зеджэхэкIэ, агу
техъон иI.

16Ау зыгорэм Зиусхьаным зызэрэфигъазэу, а техъуагъэр техыгъэ мэхъу.

17Зиусхьаныр Тхьэм ы Псэ ЛъапI ары, ар зыдэщыIэми
шъхьафитыныгъэри щыI.

18Тэ зэкIэ зынэгу имыхъуагъэу Зиусхьаным ищытхъушхо гъунджэм
къызэрищырэм фэдэу еплъыхэрэм, нахь щытхъушхо тиIэ хъу зэпытэу,
ежь фэдэ тыхъоу, зэблэхъугъэ тэхъу зэпыт. А пстэур къызхэкIырэр
Зиусхьаным ы Псэ ЛъапI ары.

## 2 Коринф 4

### ЕтIагъом хэшIыкIыгъэ хьакъушыкухэм мылъкушхоу арылъыр

1Арышъ, Тхьэм ынэшIущыфэнкIэ мы Iофыр тэ тпшъэ къырилъхьагъэшъ,
тыгу дгъэкIодырэп.

2Гъэбылъыгъэ емыкIу Iофхэми зафэдгъазэрэп. ТхьагъэпцIыгъэкIэ
тызекIорэп, Тхьэм игущыIэхэри зэIыдгъахьэхэрэп. Ау шъыпкъэр
зэрафэдгъэнафэрэмкIэ цIыф пстэуми агухэмкIэ тызэрадэным Тхьэм
ыпашъхьэ тыпылъ.

3Ау дгъэIурэ къэбарышIур мынафэмэ, кIодыпIэм игъогу тетхэр ары нафэ
зыфэмыхъухэрэр.

4Шэйтанэу мы дунаим итхьэм шIошъхъуныгъэ зимыIэхэм агухэр нэшъу
ышIыгъэх. Аущтэу зыкIишIыгъэр Христосэу Тхьэм фэдэ къабзэм
ищытхъушхо ехьылIэгъэ къэбарышIум инэфынэу ахэмэ къатепсэрэр
амылъэгъуныр ары.

5Къэбарэу цIыфхэм ядгъэIурэр зэхьылIагъэр тэрэп, Исус Христос зэрэ
Зиусхьаныр ары нахь. Тэри Исус игъогу тызэрэрыкIорэм пае
тыкъышъуфэлажьэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

6Сыда пIомэ, «ШIункIым нэфынэ къыхэрэкI» зыIогъэ Тхьэм инэфынэ тыгухэм къаридзагъ. А нэфынэм Тхьэм ищытхъушхоу Христос ынэгу къыкIэщырэр зыфэдэр тегъашIэ.

7Ау мы мылъкушхор тэ, етIагъом хэшIыкIыгъэ хьакъу-шыкъухэм афэдэхэм, тыгухэм арылъэу тиI. Аущтэу зыкIэхъугъэр лъэкIышхо зиIэр Тхьэр арэу, тэрмырэу нафэ хъуныр ары.

8Лъэныкъо пстэумкIи чIыпIэ зэжъу тыраубытагъэм фэд, ау тыдэкъузагъэп. ТшIэщтыр тшIахэрэп, ау тыгу дгъэкIодырэп.

9ЦIыфхэм къин тагъэщэчы, ау Тхьэм тизакъоу тыкъыгъанэрэп. ЧIыгуми тытырадзэ, ау тыкIодырэп.

10Тэ тпкъыхэм ахэлъэу Зиусхьан Исус илIэныгъэ къетэхьакI зэпыт, Исус ищыIэныгъэ тпкъыхэмкIэ нафэу къэлъэгъоным пае.

11Сыда пIомэ, тыщыIэ пэтэу Исус тызэрэфэлажьэрэм пае, лIэныгъэм тыIэкIалъхьэ зэпыт, Исус ищыIэныгъэ тпкъыхэу лIэщтхэм зэрахэлъыр нафэу къэлъэгъоным пае.

12Аущтэу тэ къытхэлъэу лIэныгъэм Iоф ешIэ, ау шъо къышъухэлъэу щыIэныгъэм Iоф ешIэ.

13«ШIошъхъуныгъэ сиIэти, сыкъэгущыIагъ» Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт. Ащ фэдэ шIошъхъуныгъэ тэри тиIэу, тыкъэгущыIэ,

14сыда пIомэ, Тхьэу Зиусхьан Исус лIагъэхэм къахэзгъэтэджыкIыжьыгъэм Исус тыгухэм арылъэу тэри тыкъыгъэтэджыжьынышъ, шъо тышъуигъусэу ежь ыпашъхьэ тызэрэригъэуцощтыр тэшIэ.

15Мыр зэкIэ зыкIэхъурэр ишIуагъэ шъо къышъокIыныр ары. Аущтэу Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэ цIыф нахьыбэмэ алъыIэс къэс, нахьыбэми ищытхъушхо ашIыщт, илъытэныгъэшхо къагъэлъагъозэ.

### Тыгу дгъэкIодырэп

16Арышъ, тыгу дгъэкIодырэп. Тпкъыхэр кIод зэпытми, Тхьэм мафэ къэс тыгухэм арылъыр егъэкIэжь зэпыт.

17Сыда пIомэ, джы гузэжъогъу макIэу ыкIи кIакоу тызхэтым шIугъэу къыхэкIырэр гузэжъогъум фэмыгъэдэшъун щытхъушхоу мыкIодыжьыщтыр ары.

18Аущтэу цIыфхэм Iофэу алъэгъушъухэрэм тяплъырэп, Iофэу амылъэгъушъухэрэм тяплъы нахь. Сыда пIомэ, Iофэу алъэгъушъухэрэр кIодыжьыщтых, ау Iофэу амылъэгъушъухэрэр мыкIодыжьхэу къэнэжьыщтых.

## 2 Коринф 5

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

1Мы дунаим тызэрыщыпсэурэ чэтэнгъэІэгъэ тпкъы кІодмэ, Тхьэм
къытфишІыгъэ псэупІэу, ІэкІэ мышІыгъэу, мыкІодыжьын псэупІэ уашъом
зэрэщытиІэщтыр тэшІэ.

2Ащ нэсыфэ уашъом щыщ псэупІэм тыщыпсэунэу тыкІэхъопсэу
тыхэщэтыкІы.

3Сыда пІомэ, аущтэу тыфэпагъэу, тыкъэнэщтэп пцІанэу.

4Мы тпкъэу чэтэнгъэІагъэм фэдэм тыщэпсэуфэ, тыхэщэтыкІы,
гузэжъогъуи тыхэт, сыда пІомэ, лІэн фэе пкъыр дгъэтІылъынэу
тыфэмыеу, уашъом щыщ пкъыр къытхалъхьаным тыфай. Аущтэу лІэн
фаем ычІыпІэ щыІэныгъэм ыубытыщт.

5Тхьэр ары мы Іофым пае тыкъэзгъэхъугъэр, шэсым фэдэу ы Псэ ЛъапІи
тыгухэм къарызылъхьагъэр.

6Арышъ, сыдигъуи тэгушхо, тпкъи тыщэпсэуфэ, Зиусхьаным
тызэрэпэчыжьэр тэшІэ.

7Сыда пІомэ, шІошъхъуныгъэм тетэу тэзекІо нахь, тлъэгъурэм тетэу
тызекІорэп.

8Тэгушхо, тпкъыхэм тахэкІынышъ, Зиусхьаным тыригъусэу тыщыІэныр
нахь къэтштэщтыгъ.

9Арышъ, пкъым тыхэлъми тыхэмылъми, Зиусхьаным ыгу къызэдгъэІуным
лъэшэу ыуж тит.

10Сыда пІомэ, тэ зэкІэми Христос хьыкум къыттыришІыхьанэу итІысыпІэ
лъапІэ ыпашъхьэ тиуцон фае, мы дунаим хэти щишІагъэм ифэшъуашэ,
шІугъэми бзэджагъэми, ыгъотыжьыным пае.

**Христос къыпкъырыкІэу Тхьэм ежь тызэригъэшІужьыгъ**

11Зиусхьаным шІолІыкІ фытиІэныр зыфэдэр зэрэтшІэрэм пае, цІыфхэр
ащ игъогу тедгъэхьанхэм тыпылъ. Тыгухэм арылъыр ТхьэмкІэ нафэ,
шъори шъугухэмкІэ тыгухэм арылъыр зэрэшъушІэрэм сыщэгугъы.

12Шъуапашъхьэ джыри зэ тызщытхъужьрэп, ау цІыфхэу агухэм арылъым
емыплъыхэу, ятеплъэкІэ зыщытхъужьхэрэм яшъуІон шъуиІэным пае,
шъукъытщытхъунэу игъо шъуитэгъафэ.

13Сыда пІомэ, тэ тшъхьэ зэкІокІыгъэмэ, ар Тхьэм ищытхъу къэкІоным пае.
Тшъхьэ зэмыкІокІыгъэмэ, шъо ащ ишІуагъэ къышъокІы.

14Сыда пІомэ, Христос шІулъэгъоу къытфыриІэм тызІэкІиубытагъ. Зы
нэбгырэ закъо цІыф пстэуми ыпсэ зэрафитыгъэм пае, зэкІэри лІагъэхэм
зэрафэдэхэм тыщэгугъы.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышІур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

15 Псэухэр ежьхэм ашъхьэкӀэ зыфэмыпсэухэу, ау ахэмэ апае лӀагъэу, лӀагъэхэми къахэтэджыкӀыжьыгъэм фэпсэунхэм фэшӀ, цӀыф пстэуми апае Христос лӀагъэ.

16 Арышъ, джы щегъэжьагъэу мы дунаим ицӀыфхэр цӀыфхэм зэряплъыхэрэм фэдэу, тэ зыми теплъыжьрэп. Аущтэу зэгорэм Христос теплъыщтыгъэми, джы теплъыжьрэп.

17 Арышъ, Христос цӀыф горэм ыгу илъ хъумэ, а цӀыфыр Тхьэм икӀэрыкӀэу къыгъэхъужьыгъ. А цӀыфым ищыӀэкӀэжъ блэкӀыгъ, щыӀэкӀакӀэ ыублагъ.

18 А зэкӀэри Тхьэм дэжь къекӀы. Христос къыпкъырыкӀэу Тхьэм ежь тызригъэшӀужьыгъ, цӀыфхэр ежь едгъэшӀужьын Ӏофи тэ тпшъэ къырилъхьагъ.

19 Сэ зыфасӀорэр мыры: цӀыфхэм псэкӀод ашӀагъэ пэтми, Тхьэм ежь дэжькӀэ ахэр мысэхэу ымылъытэхэзэ, Христос къыпкъырыкӀэу дунаим ицӀыфхэр Тхьэм ежь зэригъэшӀужьыгъ. ЦӀыфхэр ежь зэрэзэригъэшӀужьыгъэм икъэбар ахэмэ ядгъэшӀэнэу тпшъэ къырилъхьагъ.

20 Арышъ, тэ Христос тырилӀыкӀоу, тӀупэкӀэ Тхьэр къышъоолъэӀу. Христос ыцӀэкӀэ тышъолъэӀу: Тхьэм шъуешӀужь.

21 Сыда пӀомэ, псэкӀод зи зымышӀэгъэ Христосыр псэкӀодыр зыпщыныжьырэ къурмэныпхъэ Тхьэм ышӀыгъ, Христос тыгухэм арылъэу Тхьэм ежь дэжькӀэ шъыпкъагъэ тиӀэу тилъытэным пае.

## 2 Коринф 6

1 Тхьэм ынэшӀу хьаулыеу къышъущифагъэу къычӀэмыкӀыным шъуфэсакъынэу Тхьэм тызэрэдэлажьэрэм пае тышъолъэӀу.

2 Сыда пӀомэ, Тхьэм къызэриӀорэр игущыӀэ тхыгъэхэм арыт: «Игъоу зыслъытэгъэ мафэм сыкъыодэӀугъ, цӀыфхэр мыкӀодхэу, къызызгъэнэжьырэ мафэми ӀэпыӀэгъу сыкъыпфэхъугъ». ШъукъэдаӀу, Тхьэм игъоу ылъытэрэ уахътэр джыдэдэр ары, цӀыфхэр мыкӀодхэу Тхьэм къызигъэнэжьырэ мафэри джыдэдэр ары.

3 ЦӀыфхэм Ӏофэу тшӀэрэр ашӀомытэрэзыным пае, зыкӀи цӀыф горэм игъогу зыгъэлъэпаорэ мыжъо тетлъхьанэу тыфаеп.

4 Ащ пае, Тхьэм тызэрэфэлажьэрэр лъэныкъо пстэумкӀи тэгъэлъагъо: теубытэгъэшхо зэрэтиӀэмкӀи, гузэжъогъу тыхэтми, къин тлъэгъуми, гухэкӀ тиӀэми,

5 къытаохэми, хьапсым тычӀадзагъэу тычӀэсми, бырсырышхо тыхафэми, тыулэуми, тичъые щыкӀагъэ фэхъуми, мэлакӀэ тылӀэми;

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

6гукъэбзагъэкIи, шIэныгъэкIи, щэIагъэкIи, шIугъэкIи; Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ
тыгухэм зэрарылъымкIи, пцIы зыхэмылъ шIулъэгъукIи Тхьэм
тызэрэфэлажьэрэр тэгъэлъагъо;

7шъыпкъэр зэрэтIорэмкIи, Тхьэм илъэкIышхокIи, Iэ джабгъуми Iэ
сэмэгуми арылъэу шъыпкъэм иIашэхэмкIи;

8цIыфхэм лъытэныгъэ къытфашIыми, къытфамышIыми, IаекIэ
къыттегущыIэхэми, къытщытхъухэми, Тхьэм тызэрэфэлажьэрэр
тэгъэлъагъо; цIыфхэр тэгъэгъуащэхэу алъытэ, ау шъыпкъагъэ зиIэ
тыцIыф;

9тамышIэ фэдэу цIыфхэр къытэплъыых, ау цIыф пстэуми ташIэ; тылIагъэ
фэдэу къытэплъых, ау мары тыщыI; къин къыттыралъхьэ, ау таукIырэп;

10тыгу хагъэкIы, ау тэгушIо зэпыт; тэ тытхьамыкI, ау цIыфыбэхэр бай
тэшIых; зи тимыIэу къэлъагъо, ау зэкIэри тиI.

11Шъо, Коринф цIыфхэр, нафэу тыкъыжъудэгущыIагъ, тыгухэри
къышъуфызэIутхыгъ.

12Тыгухэр къышъуфэдгъэпытагъэп, ау шъо шъугухэр
къытфэжъугъэпытагъ.

13Ащ ипэгъокI фэдэу, шъори шъугухэр къытфызэIушъухых. Сабыйхэм
сызэрадэгущыIэрэм фэдэу сыкъыжъудэгущыIэ.

**ЩыIэныгъэ зиIэ Тхьэм ипсэупIэр тэры**

14ШIошъхъуныгъэ зимыIэхэм гъусэ шъуафэхъунэу зыбжь
шъуадыкIэмыуцу. Шъыпкъагъэмрэ бзэджагъэмрэ сыдэущтэу гъусэ
зэфэхъущтха? Нэфынэмрэ шIункIымрэ сыд фэдэ гъусагъа зыфыряIэр?

15Христосрэ Белиаррэ сыд фэдэ зэзэгъыныгъэ азыфагу дэлъына?
ШIошъхъуныгъэ зиIэмрэ зимыIэмрэ сыдэущтэу яIахь зэхэлъына?

16Тхьэм иунэшхорэ тхьэ нэпцIхэмрэ сыд фэдэ зэзэгъыныгъэ азыфагу
дэлъына? Сыда пIомэ, щыIэныгъэ зиIэ Тхьэм иунэшхо лъапIэ тэры,
Тхьэм къызэриIуагъэм фэдэу: «Сэ ахэмэ сахэсыщт ыкIи сахэтыщт. Сэ
ахэмэ сыря Тхьэщт, ахэри сэ слъэпкъыщтых.

17„Арышъ“, къеIо Зиусхьаным, „ахэмэ шъуакъыхэкIи, зы лъэныкъо
шъухъу. Мыкъабзэм шъунэмыси, ащыгъум сэ шъусштэщт.

18Сэ Ты сыкъышъуфэхъущт, шъори къорэ пхъурэ шъукъысфэхъущт“, –
зэкIэ зыфызэшIокIырэ Зиусхьаным къеIо».

## 2 Коринф 7

1ТилъапIэхэр, а Iофхэмкіэ Тхьэм тыкъызэригъэгугъагъэм пае,
тпкъыхэмрэ тыгухэмрэ зыгъэушIоирэ пстэури

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

зыхэтэжъугъэукъэбзыкIыжьи, Тхьэм шIоIыкI фытиIэу, тыгухэм якъэбзагъэ зэридгъэкъуным ыуж тижъугъэт.

**Паул зэрэгушIорэр**

2Шъугухэр къытфызэIушъухых: зыми тиягъэ едгъэкIыгъэп, зи
дгъэунэхъугъэп, зыми ишIуагъэ зэдгъэкIыгъэп.

3Шъо шъузгъэмысэнэу арэп ар зыкIасIорэр; сыда пIомэ, ыпэкIэ
къызэрэсIогъагъэм фэдэу, тызэгъусэу тыпсэунэу, тызэгъусэуи тылIэнэу
тыгухэм шъуарылъ.

4Инэу сыкъышъущэгугъы. Бэу сызэрыпагэрэр шъоры. Гузэжъогъу
пстэуми тахэтми, гушхорэ гушIогъошхорэ тиIэх.

5Сыда пIомэ, Македоние тыкъызэкIом, тэ тпкъыхэмкIэ гупсэф
дгъотыгъэп, лъэныкъо пстэумкIи гузэжъогъу тыхэтыгъ, зэнэкъокъухэми
тахэтыгъ, щынагъуи тыгухэм арылъыгъ.

6Ау зыгу кIодыгъэхэр зыгъэгушхорэ Тхьэм, Тит къызэрэкIуагъэмкIэ,
тигъэгушхуагъ.

7Ау ар къызэрэкIуагъэм изакъоп тызгъэгушхуагъэр, шъо Тит
зэрэжъугъэгушхуагъэм икъэбари ары. Сышъулъэгъунэу инэу
зэрэшъушIоигъори, шъузэрэгъырэри, шъукъызэрэсфэгумэкIырэри
къытиIотэжьыгъ. Аущтэу ыпэрэм нахьи нахь сыгушIуагъ.

8Тхылъэу къышъуфэстхыгъэмкIэ шъугухэр хэзгъэкIыгъэми, ащ
сыфыкIэгъожьырэп. СыкIэгъожьын слъэкIыщтыгъ; сыда пIомэ, а тхылъым
шъугухэр зэрэхигъэкIыгъэр сэлъэгъу, ау шъугухэр зэрэхигъэкIыгъэр зы
зэман макI ныIэп.

9Ау джы сэгушIо. СызгъэгушIорэр шъугухэр зэрэхэкIыгъэр арэп,
шъуигухэкIымкIэ шъуипсэкIодшIагъэхэм шъузэрафыкIэгъожьыгъэр ары
нахь; сыда пIомэ, Тхьэр зыфаем тетэу шъугу хэдгъэкIыгъ. Аущтэу тиягъэ
зи шъодгъэкIыгъэп.

10ГухэкIэу Тхьэм ыдэрэм шIугъэу къыхэкIырэр типсэкIодшIагъэхэм
тафыкIэгъожьыныр ары. ТипсэкIодшIагъэхэм тафыкIэгъожьыным шIугъэу
къыхэкIырэри тымыкIодэу Тхьэм тыкъызэригъэнэжьырэр ары. Ащ фэдэ
гухэкIым уфыкIэгъожьыщтэп, ау мы дунаим игухэкI Iэягъэу къыхэкIырэр
лIэныгъэр ары.

11Сыда пIомэ, Тхьэм мы ыдэрэ гухэкIым шъоркIэ шIугъэу къыхэкIыгъэм
шъуеплъ: мы IофымкIэ сыд гузэжъогъушху шъуиIэ хъугъэр,
зыжъугъэхыенэу сыд фэдизэ шъупылъыгъ, мысэми сыд фэдизэ
шъуфэгубжыгъ, сыд щынэгъошхо шъугухэм арылъ хъугъэ, сыд фэдизэ
шъукъысфэягъ, сыд гуетыныгъэшхо шъуиIэ хъугъэ, мыхъун зышIагъэм
ифэшъуашэр ежъугъэпщыныжьыным сыд фэдизэ шъупылъыгъ!
Лъэныкъо пстэумкIи мы IофымкIэ шъузэрэхыер къэжъугъэнэфагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

12Арышъ, сыкъышъуфэтхагъэми, мыхъун зышӀагъэр е мыхъун
зэришӀагъэр арэп анахьэу сызэгупшысагъэр, ау
тыкъызэрэшъуфэгумэкӀырэр Тхьэм ыпашъхьэ къышъуфэзгъэнэфэнэу
сыфэягъ.

13А Ӏоф пстэуми тагъэгушхуагъ. Тызэрэгушхорэм къыхахъоу шъо Тит ыгу
зэрэжъугъэпсэфыжьыгъэм пае, ар зэрэгушӀуагъэр зытэлъэгъум, тэри
гушӀогъошхо тиӀэ хъугъэ.

14Тит ыпашъхьэ сыкъышъущытхъугъ, шъори сыжъугъэукӀытэжьыгъэп. Ау
шъыпкъэр зэкӀэ къызэрэшъотӀуагъэм фэдэу, Тит ыпашъхьэ Ӏофхэу
тыкъызэрэшъущытхъугъэхэри шъыпкъэу къычӀэкӀыжьыгъэх.

15Шъо зэкӀэ ежь шъузэредэӀугъэу, шъущынэу, шъугухэр кӀэзэзхэу
шъузэрэпэгъокӀыгъэр Тит ыгу къызыкӀыжьыкӀэ, лъэшэу къышъуфэразэ
мэхъу.

16Сыд щыщымкӀи сышъущыгугъын зэрэслъэкӀырэр сигуапэ.

## 2 Коринф 8

### ЩыкӀагъэ зиӀэ къошхэм ахъщэ афызэхалъхьыныр

1Джы, сшыхэр, Македоние хэкум ит чылыс зэӀукӀэхэм Тхьэм ынэшӀу
къызэраӀщифагъэр шъодгъэшӀэнэу тыфай.

2Гузэжъогъу хэтхэу, яшъыпкъагъэ инэу гъэунэфыгъэ зэхъум, тхьамыкӀэ
дэдэхэм, ягушӀогъошхокӀэ ямылъку шъхьамысыжьхэу тшыхэм
адэӀэпыӀагъэх.

3АлъэкӀыщтыгъэми нахьыби ежьхэр фаехэу зэратыгъэмкӀэ сыряшыхьат.

4Тигъусэхэу Тхьэм ицӀыф лъапӀэхэм адэӀэпыӀэнкӀэ фит тшӀынхэу
яшъыпкъэу къытэлъэӀугъэх.

5Тызыщыгугъыгъэм изакъоп къатыгъэр, ау ыпэ рапшӀэу Зиусхьаным
ежьхэм зырати, етӀанэ Тхьэр зэрэфаем тетэу тэ зыкъытатыжьыгъ.

6Аущтэу Тит ахъщэр зэхэлъхьан Ӏофыр ыублагъэти, мы ӀофышӀур
шъуигъэухыжьынэу телъэӀугъ.

7ШӀошъхъуныгъэмкӀи, гущыӀэнымкӀи, шӀэныгъэмкӀи, гуетыныгъэшхо
пстэумкӀи, шӀулъэгъоу къытфышъуиӀэмкӀи, а Ӏоф пстэумкӀэ шъузэрэбаим
фэдэу, шъуимылъку шъушъхьамысыжьэу мы Ӏофыр жъугъэцакӀэ.

8Мыр унашъо сэ къышъуфэсшӀырэп, ау нэмыкӀхэм гуетыныгъэшхоу яӀэм
фэзгъадэзэ, шӀулъэгъоу шъуиӀэм ишъыпкъагъэ згъэунэфынэу сыфай.

9Сыда пӀомэ, ти Зиусхьан Исус Христос ынэшӀу къызэрэтщифагъэр
шъошӀэ. Ар баигъэми, тэщ пае тхьамыкӀэ хъугъэ, итхьэмыкӀагъэкӀэ бай
шъухъуным пае.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

10 Ахъщэ зэхэшъулъхьан Iофым сызэрэхаплъэрэр шъосэIo; сыда пIомэ, ащ ишIуагъэ къышъокIыщт. БлэкIыгъэ илъэсым къыщыублагъэу мы Iофыр зэрежъугъэжьагъэм имызакъоу, мы Iофыр апэ дэдэ ашIэнэу зыгу хэлъ хъугъэхэр шъоры.

11 Джы а Iофыр ыкIэм нэжъугъэс, шъушIэнэу шъуишъыпкъэу шъузкIэхъопсыгъэр мылъкоу шъуиIэм ифэшъуашэу жъугъэцэкIагъэ хъуным пае.

12 Сыда пIомэ, цIыфыр тэным фэхьазырмэ, иIэм елъытыгъэу ары нахь, имыIэм елъытыгъэу арэп, Тхьэм а тыныр зэридэрэр.

13 НэмыкI цIыфхэм псынкIагъо афэхъоу, шъо гузэжъогъу шъухэфэн фаеу арэп зыфасIорэр, ау шъо шъуитIум шъузэфэдэу шъузэдэIэпыIэн фае.

14 Джырэ уахътэм шъо къышъолыжьыгъэ мылъкумкIэ ахэмэ ящыкIагъэр яшъутын фае. ЕтIанэ шъо щыкIагъэ шъуиIэ хъумэ, ахэмэ къялыжьыгъэ мылъкумкIэ шъо шъуищыкIагъэр къышъуатыщт. Аущтэу шъо шъуитIум шъузэфэдэщт.

15 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, «Бэ зыугъоигъэм къелыжьыгъэ щыIагъэп, макIэ зыугъоигъэми зыфэныкъо иIагъэп».

**Титрэ игъогогъухэмрэ**

16 Сэ шъощ пае гумэкIэу сиIэм фэдэ гумэкI Тхьэм Тит ыгу къызэрэрилъхьагъэм пае, щытхъу фэсэшIы.

17 Тит тызэрелъэIугъэр ыдэгъэ къодыеп, ау ыгу лъэшэу етыгъэу ежь фаеу шъуадэжь къэкIо.

18 Ащ игъусэу къэбарышIур зэригъэIурэмкIэ чылыс зэIукIэ пстэури зыщытхъурэ тшы къэтэгъакIо.

19 Ащ нэмыкIэу Зиусхьаным щытхъу фэтшIыным паий, гумэкIышхоу къышъуфытиIэр шъодгъэлъэгъуным паий мы Iофэу зишIуагъэ къакIорэр тшIэ зыхъукIэ, къыддэкIонэу чылыс зэIукIэхэм а тшы къыхахыгъ.

20 Аущтэу мы тынышхомкIэ тызэрызекIорэ шIыкIэм пае, цIыфхэм тызэрагъэмысэщтым зыщытыдзыенэу тыфай.

21 Сыда пIомэ, Зиусхьаным дэжькIи цIыфмэ адэжькIи шIу зэрэтшIэным тыпылъ.

22 Ащ нэмыкIэу тшэу зигуетыныгъэшхо бэрэ ыкIи лъэныкъо IаджыкIэ къытфэзгъэшъыпкъэжьыгъэр адрэхэм ягъусэу къышъуфэтэгъакIо. Джы инэу къызэрэшъущыгугъырэм пае, ыпэрэм нахьи нахь гуетыныгъэшхо иIэ хъугъэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

23Титкlэ шъукъысэупчlымэ, ар сигъусэу къышъуфэлажьэ. Мы тшыхэмкlэ
шъукъысэупчlымэ, ахэр чылыс зэlукlэхэм ялlыкlохэу Христос щытхъу
фэзыlохэрэр ары.

24Арышъ, чылыс зэlукlэхэм апашъхьэ шlулъэгъу зэрэшъуиlэри
шъыпкъагъэм тетэу тыкъызэрэшъущытхъугъэри мы тшыхэм
къафэжъугъэшъыпкъэжь.

## 2 Коринф 9

**Игуапэу зытырэр ары Тхьэм шlу ылъэгъурэр**

1Мы lэпыlэгъоу Тхьэм ицlыф лъапlэхэм афядгъэхьырэм ехьылlагъэу
къышъуфэстхыныр ищыкlагъэп,

2сыда пlомэ, шъуигуетыныгъэшхо сэшlэ. Шъо, Ахаие хэкум исхэм,
блэкlыгъэ илъэсым щегъэжьагъэу Тхьэм ицlыф лъапlэхэм lэпыlэгъу
шъуафэхъуным шъуфэхьазыр сlуи, Македоние хэкум щыщхэм апашъхьи
сыщышъущытхъугъ. Шъуигуетыныгъэшхо ахэмэ анахьыбэри lэпыlэгъу
хъунхэу ыгъэгушхуагъ.

3Ау мы lофымкlэ шъуищытхъоу сшlыгъэр пкlэ имыlэу къычlэмыкlыным,
зэрэсlуагъэм фэдэу шъухьазырыным пае, тшыхэр шъуадэжь
къэсэгъакlох.

4Сыда пlомэ, Македоние хэкум щыщхэр къызыздакlохэкlэ,
шъумыхьазырэу къычlэкlымэ, тыкъызэрэшъущыгугъыгъэм пае
тыукlытэжьыщт – шъо шъузэрэукlытэжьыщтыр къэсlонэу ищыкlагъэп.

5Арыти, тшыхэр шъуадэжь сапэ итхэу кlонхэшъ, ыпэкlэ
тыкъызэрыжъугъэгугъэгъэ тыным игъэхьазырын пылъынхэу сялъэlун
фаеу сэлъытэ. Ауштэу шъуимыгуапэ хъурэ тын мыхъоу, шъуигуапэ хъурэ
тынэу ар хьазырыщт.

6Сэ зыфасlорэр мары: макlэ зыпхъырэм макlэ ыхыжьыщт. Бэ
зыпхъырэми бэ ыхыжьыщт.

7Хэти ыгукlэ зэрэтыриубытагъэм фэдэу ерэт, гухэкl хэмылъэу,
емыгъэзыгъэу ерэт; сыда пlомэ, игуапэу зытырэр ары Тхьэм шlу
ылъэгъурэр.

8Тхьэм гъунэ имыlэу ынэшlу инэу къышъущифэн ылъэкlыщт. Ауштэу
лъэныкъо пстэумкlи шъуищыкlагъэр зэкlэ шъуиlэ зэпытыщт, сыд
щыщырэ lоф дэгъум паий къэшъутынэу икъуным нахьи нахьыбэ
шъуиlэщт.

9Тхьэм игущыlэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, «Бэу тхьамыкlэхэм
афигощыгъ. Ишъыпкъагъэ егъашlэми щыlэщт».

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

10Зыпхъырэм чылапхъэ езытырэ Тхьэу, хьалыгъуи ышхынэу езытырэм чылапхъэ къышъуитынышъ, ыгъэбэгъощт. Шъуишъыпкъагъэ шIугъэу къыхэкIырэри ыгъэбэгъощт.

11Сыдигъуи тынкIэ шъуимылъку шъушъхьамысыжьынэу сыдрэмкIи Тхьэм бай шъуишIыщт. Аущтэу тынкIэ шъуимылъку шъуззэрэшъхьамысыжьырэм пае, а тыныр тшыхэм заIэкIэдгъахьэкIэ, цIыфыбэмэ Тхьэм ищытхъушхо яжъугъэIощт.

12IэпыIэгъу шъуззэрэхъурэмкIэ Тхьэм ицIыф лъапIэхэм ящыкIагъэмкIэ IэпыIэгъу шъуззэрафэхъурэм имызакъоу, цIыфыбэми Тхьэм ищытхъушхо инэу яшъогъаIо.

13Аущтэу тшыхэм IэпыIэгъу шъуззэрафэхъурэмкIэ шъуишъыпкъагъэ къызыжъугъэшъыпкъэжькIэ, Христос ехьылIэгъэ къэбарышIум шыхьат шъуззэрэфэхъурэм ыкIи шъуззэредэIурэм пае, тшыхэм Тхьэм щытхъу фаIощт. Ащ нэмыкIэуи шъушъхьамысыжьэу шъуимылъку щыщ ахэми нэмыкI цIыфхэми зэряшъутырэм пае, тшыхэм Тхьэм щытхъу фаIощт.

14Аущтэу Тхьэм ынэшIу инэу къызэрэшъущифагъэм пае, гуфэбэныгъэ къышъуфыряIэу Тхьэм къышъуфелъэIущтых.

15Тхьэм итынышхоу къэмыIошъущт иным пае, Тхьэм щытхъу фэтэжъугъаIу.

## 2 Коринф 10

### Паул апостол тетыгъоу иIэр

1Сэ, Паул, зэрэшъуIорэмкIэ, шъуапашъхьэ сит зыхъукIэ, сэщынэ, ау сышъупэчыжьэ зыхъукIэ, сэгушхо – сэ Христос игушъэбагъэрэ иIэсагъэрэкIэ сышъолъэIу.

2Мы дунаим ицIыфхэм афэдэу шъозекIо аIоу тызгъэмысэрэ цIыфхэр щыIэх. Шъуадэжь сыкъызыкIокIэ, гушхоныгъэ хэлъэу ахэмэ сапэгъокIынэу сыгу зэрэхэлъым фэдэу, гушхоныгъэ хэлъэу сыкъышъупэгъокIынэу щыкIагъэ шъуимыIэнэу сышъолъэIу.

3Сыда пIомэ, мы дунаим тытет пэтми, мы дунаим ицIыфхэм ягухэлъ тыгу хэлъэу тызаорэп.

4Iашэхэу тызэрэзаохэрэр мы дунаим иIашэхэп, ау бзэджагъэм ипытапIэхэр зэхакъутэнхэу Тхьэм дэжь къикIырэ кIуачIэ ахэлъ. Гупшысэ пхэнджхэри,

5цIыфхэм Тхьэр зэрашIэным пэуцунэу зыкъэзыIэтырэ пэгэныгъэри зэкIэ тэгъэкIоды, сыд щыщрэ гухэлъи Христос едэIунэу тэубыты.

6Шъо шъуидэIоныгъэ щыкIагъэ зи имыIэу, икъугъэ зэрэхъоу, хэтми мыдаIорэми ифэшъуашэ едгъэпщыныжьынэу тыхьазыр.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

7Шъунэ къыпэкIафэрэр шъолъэгъу ныIэп. Шъуащыщэу зыгорэм ыгу
Христос илъэу ышIошъ хъумэ, ащ фэдэ къабзэу Христос тэри тыгухэм
зэрарылъым ерэгупшыс.

8ШъусимыгъэкIодынэу, ау гурэ псэрэкIэ нахь лъэкI шъозгъэгъотынэу
Зиусхьаным тетыгъоу къыситыгъэм ехьылIагъэу бащэу сызщытхъужьэу
сыублэмэ, сыукIытэрэп.

9Ситхылъхэмкlэ шъузгъэщынэным сыпылъ фэдэу къэлъэгъонэу сыфаеп.

10Сыда пIомэ, зыгорэм моущтэу къеIо: «Итхылъхэмкlэ пхъашэ ыкIи
лъэшы, ау ежь лъэкI зимыIэ гор, ыIорэри пхъатэ пахьырэп».

11Аущтэу зыIорэм мыр ерэшI: шъуадэжь тыщымыIэу титхылъхэмкlэ
къатIорэр, шъуадэжь тыкъызыкIокIи дгъэцэкIэщт.

12Зышъхьэ щытхъужьхэрэм запэтшIыжьынэу е зафэдгъэдэнэу
тытегушхорэп. Зым адрэм зызыригъэпшэжькIи, зызыфигъэдэжькIи,
акъылышIу яIэп.

13Гъунэ имыIэу тызщытхъужьынэу тыфаеп, Тхьэм Iофэу
къытфигъэнэфагъэм игъунапкъэхэми таблэкIыщтэп. А Iофым
игъунапкъэхэм акIоцI шъо шъуит.

14Гъунапкъэхэу тиIэхэм таблэкIырэп, шъуадэжь тыкъэмыкIогъагъэм
фэдэу. Сыда пIомэ, Христос ехьылIэгъэ къэбарышIур зыгъэIунхэу
апэрэхэу шъуадэжь къэкIуагъэхэр тэры.

15Тхьэм Iофэу къытфигъэнэфагъэм игъунапкъэхэм акIыбкIэ адрэ
цIыфхэм Iофэу ашIагъэмкlэ тызщытхъужьрэп, ау шъуишIошъхъуныгъэ
нахь пытэ хъунэу, Iофэу шъуадэжь щытшIагъэм зызэриушъобгъущтым
тыщэгугъы, Тхьэм гъунапкъэу къытфигъэнэфагъэхэм атетэу.

16Аущтэу нэмыкI цIыфым гъунапкъэу иIэхэм ягъунапкъэ Iофэу
щишIагъэмкlэ тызщымытхъужьэу, шъуакIыбкIэ щыIэ хэкухэми
къэбарышIур ащыдгъэIущт.

17Ау зыгорэ зыгорэм щытхъумэ, Зиусхьанымрэ Зиусхьаным ышIагъэмрэ
ащэрэтхъу.

18Сыда пIомэ, ышъхьэ щытхъужьрэр арэп Зиусхьаным ыдэрэр, ежь
Зиусхьаныр зыщытхъурэр ары нахь.

## 2 Коринф 11

### Апостол нэпцIхэм Паул зэратегущыIэрэр

1Сэ сиделагъэ тIэкIу къыздэшъущыIэгъагъот. Шъо ар къыздэшъущыIэщт.

2Тхьэм дэжь къикIырэ шъугъоныгъэмкIэ шъо сышъуфэшъугъо, сыда
пIомэ, шъо пшъэшъэ къабзэм фэдэу, лIы закъоу Христос ыпашъхьэ
шъуизгъэхьанышъ, ащ шъудэкIонэу шъузгъэнэфагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

3Ау блэжъым итхьагъэпцӀыгъэкӀэ бзылъфыгъэу Хьао зыцӀэр
зэригъэпцӀэгъагъэм фэдэу, шъори шъуушъхьэ зэӀигъахьэзэ, шъыпкъагъэу
Христос фышъуиӀэм шъуакӀыб фэжъугъэзэнкӀэ сэщынэ.

4Сыда пӀомэ, зыгорэ шъуадэжь къакӀоу, Исус ехьылӀэгъэ къэбарэу тэ
шъодгъэӀугъэм нэмыкӀ къэбар ыгъэӀумэ, шъуигуапэу ар шъощыӀэ. Е
Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэу шъугухэм арылъ дгъэхъугъэм нэмыкӀ псэ горэ
шъугухэм арылъ ыгъэхъумэ, ари шъуигуапэу шъощыӀэ. Е шъуушӀошъ
хъугъэ къэбарышӀум нэмыкӀ къэбарышӀоу зыфиӀорэр зыгорэм ыгъэӀумэ,
ари шъуигуапэу шъощыӀэ.

5Ау а апостол инхэу зыфашъуӀохэрэм анахьи зыкӀи сынахь цӀыкӀоу
зыслъытэжьрэп.

6ГущыӀэнкӀэ сымыӀазэми, шӀэныгъэм сырыӀаз. ШӀэныгъэмкӀэ сызэрэӀазэр
сыдигъуи лъэныкъо пстэумкӀи къышъуфэзгъэнэфагъ.

7Уасэ хэмылъэу Тхьэм дэжь къикӀыгъэ къэбарышӀур къышъозгъэӀузэ,
шъузгъэиныным пае, зызэрэзгъэцӀыкӀугъэмкӀэ емыкӀу сшӀагъэу хъугъа?

8НэмыкӀ чылыс зэӀукӀэхэм ахъщэ къаӀысхызэ, язгъэгъэкӀодыгъ
сышъуфэлэжьэным пае. Шъуадэжь сызыщэӀэм, щыкӀагъэ сиӀагъэми,
зыми хьылъэ сыфэхъугъэп.

9Сыда пӀомэ, сшыхэу Македонием къикӀыгъэхэм сищыкӀагъэр рагъэкъугъ.
ЗыкӀи хьылъэ сызэрэшъуфэмыхъуным сыпылъыгъ ыкӀи сыпылъыщт.

10Христос ишъыпкъагъэу сыгу илъымкӀэ сэӀо, Ахаие хэкум зэкӀэ исхэм
ащыщэу зыми а щытхъоу сиӀэр сӀихын ылъэкӀыщтэп.

11Сыд пае аущтэу сызекӀора? ШӀу шъусымылъэгъоу ара? Хьау, шӀу
шъузэрэслъэгъурэр Тхьэм ешӀэ.

12Ау сызэрэзекӀощтыгъэм фэдэу, сызекӀо зэпытыщт. «Паул зэрэлажьэрэм
фэдэ къабзэу тэри тэлажьэ» зыӀоу зыщытхъужьхэрэр зыщытхъужьынхэу
игъо изгъэфэнхэм сыфаеп.

13Ащ фэдэ цӀыфхэр апостол нэпцӀых, лэжьэкӀо гъэпцӀакӀох. Христос
иапостолхэм афэдэу загъэлъагъо ныӀэп.

14Ар гъэшӀэгъонэп. Ежь шэйтанми нэфынэм имэлэӀич фэдэу нэпцӀыкӀэ
зегъэлъагъо.

15Арышъ, шэйтаным фэлажьэхэрэр шъыпкъагъэм фэлажьэхэрэм афэдэу
нэпцӀыкӀэ загъэлъагъомэ, ар Ӏофышхоп. Ау кӀэухэу афэхъущтыр Ӏофэу
ашӀэхэрэм яфэшъошэщт.

**Зэрэапостолым пае Паул ыщэчыщтыгъэ къинхэр**

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

16 Джыри сэIо, зыми зэхэшIыкI зимыIэм фэдэу серэмылъыт. Ау аущтэу сышъолъытэмэ, зэхэшIыкI зимыIэм шъуузэрэпэгъокIырэм фэдэу шъукъыспэгъокI, тIэкIу сызщытхъужьын слъэкIыным пае.

17 Джы сIорэр Зиусхьаныр арэп къэсэзгъаIорэр. Аущтэу сыгушхоу сызщытхъужьмэ, зэхэшIыкI зимыIэм фэдэу сэгущыIэ.

18 Мы дунаим иуцIыфхэм яхабзэ фэдэу, цIыфыбэхэр зэрэзыщытхъужьхэрэм пае, сэри сызщытхъужьыщт.

19 Шъо шъуузэрэIушым пае, зэхэшIыкI зимыIэхэр шъуигуапэу шъоцыIэх.

20 Зыгорэм шъуигъэпщылIми, е шъуигъомылэ шъушIуешхыжьми, е шъуихъункIэми, е шъуапашъхьэ зыщигъэпагэми, е шъунэпашъо къеоми, шъоцыIэ.

21 СыукIытэзэ сэIо, ащ фэдэ Iофхэр тшIэнхэу лъэкI тиIагъэп. ЦIыфыр Iоф горэмкIэ зыщытхъужьыным тегушхомэ, сэри а IофымкIэ сызщытхъужьыным сытегушхо – зэхэшIыкI зимыIэм фэдэу сэгущыIэ.

22 Ахэр джуртха? Сэри сыджурт. Ахэр израиль цIыфха? Сэри сыизраиль цIыф. Ахэр Ибрахьимэ къытекIыгъэ цIыфхэм ащыщха? Сэри сащыщ.

23 Ахэр Христос фэлажьэха? Ахэмэ анахьи нахьыбэу сыфэлажьэ. Акъыл зимыIэм фэдэу сэгущыIэ. Ахэмэ анахьи нахьыбэу сылэжьагъ, нахьыбэуи хьапсым сычIэсыгъ, цIыфхэр къамыщкIэ нахьыбэуи къысэуагъэх, нахьыбэуи лIэныгъэм пэгъунэгъу сыхъугъ.

24 Къамыщ огъу тIокIитIум зы щыкIэу джуртхэр гъогогъуитфэ къысэуагъэх.

25 Гъогогъуищэ (рим тетыгъо зиIэхэр) бэщкIэ къысэуагъэх. Зэ цIыфхэм саукIыным пае, мыжъокIэ къысэуагъэх, сызэрытIысхьэгъэ къухьэхэм ащыщэу щыр чIихьагъ, зы чэщрэ зы мафэрэ хыорхэм сахэлъыгъ.

26 Гъогухэми бэрэ сатетыгъ. Псыхъохэм сазызэпырэкIым, щынагъо сыхэфагъ, хъункIакIохэми сахафэу, слъэпкъ щыщхэми сахэтэу, хымэ лъэпкъхэм ащыщхэми сахэтэу щынагъо сыхэфагъ; къалэхэми сащыIэу, шъоф нэкIхэми сарытэу, хыми сытетэу щынагъо сыхэфагъ; сшы нэпцIхэми сахэтэу щынагъо сыхэфагъ.

27 Бэрэ сылажьэзэ, зызгъэулэугъ, сымычъыеу чэщыби исхыгъ; мэлакIи псыфалIи сылIагъ, бэри шхын симыIэу къыхэкIыгъ; чъыIэми щыгъын фабэ сщымыгъэу къысэкIугъ.

28 Iоф пстэуми анэмыкIэу чылыс зэIукIэ пстэуми сафэгумэкIызэ, мафэ къэси сэгузажъо.

29 Хэти гурэ псэрэкIэ лъэкI зимыIэми сыригъус. ПсэкIодым хэт зыIэпищэми, сыгу машIом ыстырэм фэдэ мэхъу.

30 Сызщытхъужьын фаемэ, лъэкI зэрэсимыIэм пае сызщытхъужьыщт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

31Тхьэу ти Зиусхьан Исус Христос я Тэу мыкӀодыжьын щытхъушхор зием
пцӀы зэрэсымыусырэр ешӀэ.

32Пачъыхьэ Аретэ фэлажьэрэ Ӏэшъхьэтетым саригъэубытыным пае,
ицӀыфхэр Дамаск къалэм икъэлапчъэхэм къэрэгъулэхэу Ӏуигъэуцуагъэх.

33Ау къэлэ дэпкъым хэт шъхьангъупчъэ горэмкӀэ матэм сисэу
синыбджэгъухэм сыкъыратӀупщэхи, Ӏэшъхьэтетым сыкъыӀэпыкӀыжьыгъ.

## 2 Коринф 12

### Зиусхьаным Паул Ӏофхэу къыригъэлъэгъугъэхэри къыфигъэнэфагъэхэри

1ИшӀуагъэ къэмыкӀощтми, сызщытхъужьын фае. Зиусхьаным
сигъэлъэгъугъэ Ӏоф гъэшӀэгъонхэми, къысфигъэнэфэгъэ Ӏоф
гъэшӀэгъонхэми сакъытегущыӀэщт.

2Христос зыгу илъ лӀы горэ сэшӀэ. Илъэс пшӀыкӀуплӀыкӀэ узэкӀэӀэбэжьмэ,
Тхьэм ар ящэнэрэ уашъом дихьыягъ. Пкъы хэлъыгъа, хэмылъыгъа, сэ
сшӀэрэп, Тхьэм ар ешӀэ.

3,4Тхьэм а лӀыр дихьыий, джэнэтым зэрэригъэхьагъэр сэшӀэ. Пкъы
хэлъыгъа, хэмылъыгъа, сэ сшӀэрэп, Тхьэм ар ешӀэ. КъэпӀон умылъэкӀын
гущыӀэхэу, цӀыфым къыӀотэжьынхэу зыфимытхэр а лӀым зэхихыгъэх.

5А лӀым сыщытхъунэу сыфай; сэ сшъэхьэкӀэ лъэкӀ зэрэсимыӀэм
нэмыкӀыкӀэ сызщытхъунэу сыфаеп.

6Сызщытхъужьынэу сыфэягъэми, зэхэшӀыкӀ зимыӀэм сыфэдэщтыгъэп,
сыда пӀомэ, шъыпкъэр къасӀощтыгъ. Ау зысэщыӀэ, зыгорэм Ӏофхэу
сшӀэхэрэр зилъэгъухэкӀэ, е гущыӀэхэу сэ къасӀохэрэр зызэхихыхэкӀэ,
сызэрилъытэрэм нахьи нахьыбэу симылъытэным пае.

7Тхьэм къысфигъэнэфэгъэ Ӏофышхохэм апае зысымыгъэиныщэным пае,
уз горэу къысхэорэ панэм фэдэр спкъы хэлъ хъугъэ. Ар шэйтаным
иӀофтабгэ фэд. Зысымыгъэиныщэным пае, лые къысехы.

8А панэр хихыжьынэу Зиусхьаным гъогогъуищэ селъэӀугъ.

9Ау Зиусхьаным къысиӀуагъ: «Сэ сынэшӀу къызэрэпщысфэрэр оркӀэ
икъун, сыда пӀомэ, о лъэкӀ уимыӀэ зыхъукӀэ, силъэкӀышхо нахь
къэлъагъо». Аущтэу Христос илъэкӀ къысхэлъыным пае, лъэкӀ
зэрэсимыӀэмкӀэ нахь сигуапэу сызщытхъужьыщт.

10Арышъ, Христос сызэрэфэлажьэрэм пае, лъэкӀ симыӀэми,
къысэхъонхэми, къин слъэгъуми, къин сагъэщэчми, гухэкӀ сиӀэми сэгушӀо;
сыда пӀомэ, лъэкӀ симыӀэ зыхъукӀэ, нахь лъэш сэхъу.

### Паул шӀошъхъуныгъэ зиӀэ цӀыфхэу Коринф дэсхэм зэрафэгумэкӀырэр

11ЗэхэшӀыкӀ зимыӀэм фэдэу сыкъэгущыӀагъ, ау аущтэу сыкъэгущыӀэнэу
шъо сежъугъэзыгъ. Шъо шъукъысщытхъун фэягъ, сыда пӀомэ, сэ пкӀэ

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

симыIэми, а апостол инхэу зыфашъуIохэрэм анахьи сэ зыкIи санахь
цIыкIоп.

12Сызэрэапостолыр къэзгъэшъыпкъэжьырэ Iофхэу нэшэнэ
гъэшIэгъонхэри, Iофышхо гъэшIэгъонхэри, лъэкI зыхэлъ Iофышхохэри
шъуадэжь теубытэгъэшхокIэ сэ щысшIагъэх.

13Сэ хьылъэ сызэрэшъуфэмыхъугъэм нэмыкIэу, адрэ чылыс зэIукIэхэм
сызэрадэзекIуагъэм нахьи нахь дэеу сыкъыжъудэзекIуагъа? Хьылъэ
сызэрэшъуфэмыхъугъэмкIэ губгъэн къысфэшъумылъэгъу.

14Джы ящэнэрэу шъуадэжь сыкъэкIонэу сыхьазыр, ау хьылъэ
сышъуфэхъущтэп, сыда пIомэ, сызыфаер шъуимылъкоп, шъоры нахь.
Лъфыгъэхэм ятэ-янэхэм апае мылъку аугъоинэу апшъэ илъэп, ау ны-
тыхэр ары ялъфыгъэхэм афэзыугъоин фаехэр.

15Сэ инэу шъо шIу шъуслъэгъоу, шъо нахь макIэу шIу
сышъулъэгъужьыми, шъо шъупсэхэм апае зэкIэ сиIэр згъэкIодэу, сэ
зызгъэлIэжьыщтми сигопэщт.

16Сыд фэдэу щытми, хьылъэ сышъуфэхъугъэп. Ау тхьагъэпцIыгъэкIэ
сыжъудэзекIуи, шъусыубытыгъэу шъоIо.

17Шъуадэжь сэ къэзгъэкIогъэ лIыхэм ащыщ горэмкIэ шъуишIуагъэ
зэзгъэкIыжьыгъа?

18Тит шъуадэжь къэкIонэу селъэIугъ, сшыхэм ащыщэуи зы гъусэ
фэсшIыгъ. Тит шъуишIуагъэ къызэригъэкIыгъэп, арыба? Зыгу-зыпсэкIэ
тызекIоу, а зы гъогум тытетыгъэба?

19Мыщ фэдизэу тызпылъыгъэр шъуапашъхьэ зыщыдгъэхыеныр арэу
шъогугъа? Ау Христос тыгухэм арылъэу Тхьэм ыпашъхьэ тыщыгущыIагъ,
силъапIэхэр, мы Iоф пстэури зыфатшIэрэр гурэ псэрэкIэ нахь лъэкI
шъодгъэгъотыныр ары.

20Сыда пIомэ, шъуадэжь сыкъызыкIокIэ, сызэрэфаем шъутемытэу
шъузгъотэу, шъори шъузэрэфаеу сышъумыгъотынкIэ сэщынэ.
Зэщыхьаныр, шъугъоныр, губжыныр, зэмызэгъыныр, нэмыкI цIыфхэм
IаекIэ атегущыIэныр, бзэгухьаныр, зышIошIыжьыныр, зэхэтхъогъэ Iофхэр
къэхъунхэкIэ сэщынэ.

21Шъуадэжь сыкъызыкIожькIэ, шъуапашъхьэ Тхьэм сыщигъэцIыкIуным
сыщэщынэ, псэкIод зышIэгъэ цIыфыбэу зыгухэр мыкъэбзэным, зинэ
шIэным, зимыхъо-мышIэ псэукIэу зыхэтхэм афыкIэмыгъожьыгъэхэм сыгу
къырагъэоным сыщэщынэ.

## 2 Коринф 13

**Паул шIошъхъуныгъэ зиIэ цIыфхэу Коринф дэсхэм аужырэ Iофхэу агуригъэIуагъэхэр**

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

[1]Шъуадэжь сыкъызэрэкIорэр мыр ящэнэрэу мэхъу. Ащыгъум сыдрэ Iофэу шъуащыщэу зыгорэ зэрыжъугъэмысэрэр анахь макIэми шыхьатитIум е шыхьатищым къаIорэмкIэ гъэшъыпкъагъэ хъун фае.

[2]ЯтIонэрэу шъуадэжь сызыщэIэм, мыр къышъуфэзгъэпытэгъагъ. Джы шъуадэжь сыщымыIэу джыри зэ къышъуфэсэгъэпытэ: ыпэкIэ псэкIод зышIагъэхэмрэ адрэ къэнэгъэ цIыф пстэумрэ сыкъызыкIокIэ сашъхьасыщтэп,

[3]сыда пIомэ, къасIохэрэр къэсэзгъаIорэр зэрэ Христосыр къэзгъэшъыпкъэжьынэу шъуфай. Христос шъуалъэныкъокIэ кIочIаджэп, илъэкIышхо шъудэжь къыщегъэлъагъо.

[4]ЛъэкI имыIэу къащым тыраIулIагъэ пэтми, Тхьэм илъэкIыкIэ джыри псэу. Ащ фэдэу Христос тыгухэм арылъэу тэри лъэкI тимыIэми, Тхьэм илъэкIыкIэ тэри Христос тигъусэу тыпсэущт, тышъуфэлэжьэным пае.

[5]ШъуишIошъхъуныгъэ шъыпкъэмэ зэжъугъэшIэным пае зыжъугъэунэфыжь. Шъо шъушъхьэкIэ Исус Христос шъугухэм зэрарылъыр шъошIэба! Армырмэ шъузтетын фаем шъутемытэу къычIэкIыщт.

[6]Тэ тызтетын фаем тызэрэтетыр зэрэшъушIэщтым сицыхьэ телъ.

[7]Мыхъо-мышIагъэ горэ шъумышIэнэу Тхьэм телъэIу. Аущтэу тызфелъэIурэр тызтетын фаем тытетэу къычIэкIыныр арэп, тэ тызтетын фаем тытемытэу цIыфхэм къащэхъуми, шъо шIугъэр жъугъэцэкIэныр ары нахь.

[8]Сыда пIомэ, шъыпкъэм тыпэуцоу зи тшIэн тлъэкIыщтэп, ау шъыпкъэм пае зыгорэ тшIэн тлъэкIыщт.

[9]ЛъэкI тэ тимыIэми, шъо лъэкI шъуиIэ зыхъукIэ, тэгушIо. Зишъыпкъагъэ щыкIагъэ зи зимыIэ цIыф икъугъэхэу шъуигъэхъунэу Тхьэм телъэIу.

[10]Шъуадэжь сыщымыIэу мы Iофхэр къызкIышъуфэстхырэр шъуадэжь сыкъызыкIокIэ, Зиусхьаным къыситыгъэ тетыгъомкIэ пхъашэу сыкъыжъудэзекIон фаеу мыхъунэу ары. Шъузгъэунэхъунэу арэп, гурэ псэрэкIэ нахь лъэкI шъозгъэгъотынэу ары нахь, Зиусхьаным а тетыгъор къызкIыситыгъэр.

**Аужырэ шIуфэс гущыIэхэр**

[11]Аужыпкъэм, сшыхэр, шъотхъэжь, зишъыпкъагъэ щыкIагъэ зи зимыIэ цIыф икъугъэхэу шъухъуным ыуж шъуит, зысэжъугъэгъэгушху, шъуигупшысакIэ зы орэхъу, гупсэф шъуиIэу шъопсэу. ЕтIанэ Тхьэу шIулъэгъумрэ гупсэфымрэ зыдэжь къикIырэр шъуигъусэщт.

[12]ГукъэбзагъэкIэ IаплI зэшъущэкIэу шIуфэс зэшъухыжь. Тхьэм ицIыф лъэпIэ пстэуми шIуфэс къышъуахыжьы.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

13Ти Зиусхьан Исус Христос ынэшӀу щыфэныгъэ, Тхьэм ишӀулъэгъу,
Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ шъо пстэуми шъуерэгъусэх. Амин.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

# Галатие

## Галатие 1

### ШIуфэс

1Сэ сыапостол Паул. Апостол сыхъунэу сыкъыхэзыхыгъэхэр цIыфхэр
арэп, цIыф горэми сыкъыгъэкIуагъэп, сыкъыхэзыхыгъэхэр Исус
Христосрэ ар лIагъэхэм къахэзгъэтэджыкIыжьыгъэ Тхьэу Ты лъапIэмрэ
ары.

2Сэррэ сигъусэ сшы пстэумрэ Галатие хэкум щыIэ чылыс зэIукIэхэм
шIуфэс шъотэхыжьы.

3Тхьэу тя Тэ лъапIэрэ Зиусхьан Исус Христосрэ анэшIу къышъуещарэфи,
гупсэф къышъуарэт.

4Исус Христос ары джырэ дунаим ибзэджагъэ илъэкI тыIэкIихыжьыным
пае, ти Тхьэу, тя Тэ ЛъапIэ зэрэфэягъэм тетэу, типсэкIодхэр
ыпщыныжьынхэм пае, зыпсэ зытыгъэр.

5МыкIодыжьын щытхъушхор ий. Амин.

### НэмыкI къэбарышIу зи щыIэп

6Христос ынэшIу щыфэныгъэкIэ Тхьэу зибынхэм ащыщ шъухъунэу
къышъоджагъэм игъогу шъутекIэу, нэмыкI къэбарышIоу зыфаIорэм
игъогу ащ фэдэу псынкIэу шъузэрэтехьагъэр лъэшэу сэгъэшIагъо.

7НэмыкI къэбарышIу зи щыIэп. Ау цIыф заулэмэ шъушъхьэхэр зэIагъэхьэ,
Христос ехьылIэгъэ къэбарышIури зэблахъунэу фаех.

8КъэбарышIоу тэ шъодгъэIугъэм нэмыкI къэбарышIоу зыфиIорэр
къышъозгъэIурэм, тэрми уашъом щыщ мэлэIичми, Тхьэм ынае
къыщерэф.

9ЫпэкIэ къэтIогъагъэр джыри къэсэIожьы: КъэбарышIоу шъудагъэм
нэмыкI къэбарышIоу зыфиIорэр къышъозгъэIурэм Тхьэм ынае
къыщерэф.

10Джы цIыфхэм сызэрадэным сыпылъа, хьауми Тхьэм сызэридэныр ара
сызыпылъыр? Хьауми цIыфхэм агу къызэрэсэIуныр ара сызыпылъыр?
Джырэ нэс цIыфхэм агу къызэрэсэIуным сыпылъыгъэмэ, Христос
сыфэлажьэщтыгъэп.

### Паул апостол зэрэхъугъэр

11Сшыхэр, сэ шъозгъэIугъэ къэбарышIур цIыфым дэжь
къызэримыкIыгъэр шъушIэнэу сыфай.

12ЦIыф горэм а къэбарышIур къыIысхыгъэп, зыми ар сигъэшIагъэп, ау
ежь Исус Христос а къэбарышIур къысфигъэнэфагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

[13]Джурт диныр сылэжьэу сищыIэкIагъэр зэхэшъухыгъэ. Тхьэм ичылыс зэIукIэ щыщхэм къин дэдэ язгъэщэчэу, згъэкIодыным ыуж ситыгъ.

[14]Слъэпкъ щыщхэу силэгъубэхэм анахьи, джурт диным сызэрэхэтыгъэмкIэ апэ ситыгъ. Тятэжъхэм къытфагъэнэгъэ хабзэхэм сыгу етыгъэу сапылъыгъ.

[15],[16]Ау сянэ ышъо сыхэлъэу Тхьэм сыкъыхихыгъ. ЫнэшIу щыфэныгъэкIи ибынхэм ащыщ сыхъунэу къысэджагъ. ЕтIанэ ы Къо ехьылIэгъэ къэбарышIур хымэ лъэпкъхэм язгъэIуным пае, ы Къо сигъэлъэгъунэу Тхьэм игъоу зелъытэм, зы цIыфи упчIэжьэгъу сшIыгъэп.

[17]Сэ сапэ апостол хъугъэ цIыфхэу Ерусалим дэсыгъэхэм адэжь сыкIуагъэп, ау Арабие хэгъэгум сыкIуи, етIанэ Дамаск къалэм згъэзэжьыгъэ.

[18]Илъэсищ зытешIэм, тызэрэшIэнэу Кифэ дэжь Ерусалим сыкIуагъ, ащ дэжьи мэфэ пшIыкIутфэ сыщыIагъ.

[19]Зиусхьаным ыш Якъубэ нэмыкIэу, адрэ апостолхэм ащыщэу зи слъэгъугъэп.

[20]Тхьэ сэIо, къышъуфэстхырэмкIэ пцIы сыусырэп.

[21]Ащ ыуж Сириерэ Киликиерэ зыцIэ хэкухэм сащыIагъ.

[22]Христос ичылыс зэIукIэхэу Иудей хэкум щыIэхэм сынапэ алъэгъугъэу сашIэщтыгъэп.

[23]Ахэмэ цIыфхэм моущтэу зэраIорэр зэхахыщтыгъ ныIэп: «ЫпэкIэ къин тэзгъэщэчыгъэ лIэу, тишIошъхъуныгъэ зыгъэкIодынэу тауж итыгъэм а шIошъхъуныгъэм икъэбарышIу джы цIыфхэм арегъэIу».

[24]Аущтэу сэщ пае Тхьэм щытхъу фашIыщтыгъ.

## Галатие 2

### Адрэ апостолхэм Паул зэрадагъэр

[1]ЕтIанэ илъэс пшIыкIуплI тешIагъэу, Бар-Наббэ сигъусэу Ерусалим сыкIуагъ. Тити гъусэу зыдэсщагъ.

[2]Ерусалим сыкIон фаеу Тхьэм къызгуригъэIуагъэти, сыкIуагъ. КъэбарышIоу хымэ лъэпкъхэм язгъэIурэр тхьэматэхэм язакъоу апашъхьэ ислъхьагъ, Iофэу сшIэрэри сшIагъэри хьаулые мыхъуным пае.

[3]Титэу сигъусагъэр алыджыми, сунэт заригъэшIынэу рагъэзыгъэп.

[4]Къош нэпцI заулэхэу тшыхэм захэзгъэкIокIагъэхэр аущтэу фэягъэх. Христос Исус тыгухэм зэрарылъым пае, шъхьафитыныгъэу тиIэм еплъакIохэу, ахэмэ Тэурат хабзэм ыIэчIэгъ тычIагъэуцожьыным ыуж итыгъэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

5Ау къэбарышIум ишъыпкъагъэ мыкIодэу къышъуфэдгъэнэным пае, а
цIыфхэм зыкIи тафызэкIэкIуагъэп, тафэIорышIагъэп.

6Тшыхэм тхьэматэхэу алъытэхэрэм – ахэр тхьэматэхэми
мытхьэматэхэми сэ сизэфэдэх: цIыфхэм ятеплъэ емыплъэу, пстэури
Тхьэм изэфэд – къэбарышIоу згъэIурэм зи хагъэхъуагъэп.

7Ау сунэт ашIыгъэхэм къэбарышIур аригъэIунэу Тхьэм Петрэ ыпшъэ
къызэрэрилъхьагъэм фэдэу, сунэт амышIыгъэхэм къэбарышIур
язгъэIунэу Тхьэм спшъэ къызэрэрилъхьагъэр агурыIуагъ.

8Сыда пIомэ, Петрэ сунэт ашIыгъэхэм апостол Iофэу афишIэрэмкIэ
къыдэлажьэщтыгъэ Тхьэр, сэри сунэт амышIыгъэхэм апостол Iофэу
афасшIэрэмкIэ къыздэлажьэщтыгъ.

9Тшыхэм тхьэмэтэ пкъэухэу алъытэхэрэ Якъубэ, Кифэ, Иуан Тхьэм
ынэшIу къызэрэсщифагъэр ашIагъэти, тызэрэзэдэлажьэрэм инэшанэ
фэдэу ахэмэ сэррэ Бар-Наббэрэ тIэхэр аубытыгъэх: тэ хымэ лъэпкъхэм
адэжь тыкIон фэягъ, ахэри сунэт ашIыгъэхэм адэжь кIонхэ фэягъ.

10«ТитхьамыкIэхэм шъуадэIэпыIэнэу зыщышъумыгъэгъупш» аIозэ, а Iоф
закъор ары къызэрытэлъэIугъэхэр. А Iоф дэдэми сишъыпкъэу
сыпылъыгъ.

### Паул Петрэу КифэкIэ заджэхэрэм зэрэпэуцугъэр

11Кифэ Антиохие къалэм къызэкIом, мысэ хъугъэти, ыпашъхьэ сихьи,
сыпэуцугъ.

12Сыда пIомэ, Якъубэ дэжь лIы заулэ къимыкIыхэзэ, Петрэ мыджуртхэм
адашхэщтыгъ. Ау а лIыхэр къызэкIохэм, сунэт ашIыгъэхэм
ащыщынагъэти, Петрэ зэкIэкIожьи, мыджуртхэм ыкIыб афигъэзагъ.

13Адрэ джуртхэри Петрэ инэпитIугъэкIэ гъусэ фэхъугъэх. Бар-Набби
ахэмэ янэпитIугъэкIэ зыхащагъ.

14КъэбарышIум ишъыпкъагъэ темытхэу зэрэзекIуагъэхэр зысэлъэгъум,
зэкIэмэ апашъхьэ Петрэ щесIуагъ: «О уджурт пэтми, джурт хабзэхэм
уатемытэу, хымэ лъэпкъхэм яхабзэхэм уатетэу опсэу. Арышъ, сыд паекIэ
джурт хабзэкIэ мыджуртхэр бгъэпсэунхэм упылъа?»

### Адрэ лъэпкъхэм афэдэхэу, джуртхэми Исус ХристоскIэ шIошъхъуныгъэ яIэмэ, мыкIодхэу къэнэжьыщтых

15Тэ джуртэу тыкъэхъугъ. Хымэхэу псэкIод зышIэхэрэм тащыщэп.

16Ау тэ тыджуртми, мыр тэшIэ: цIыф горэм Тэурат хабзэм итхэр
зэригъэцакIэхэрэр арэп, Тхьэм ежь дэжькIэ шъыпкъагъэ иIэу
зыкIилъытэрэр, Исус ХристоскIэ шIошъхъуныгъэ зэриIэм пае ары нахь.
Тэри Христос ИсускIэ шIошъхъуныгъэ тиIэ хъугъэ, ХристоскIэ
шIошъхъуныгъэ тиIэ зэрэхъугъэм фэшIыкIэ, Тхьэм ежь дэжькIэ

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

шъыпкъагъэ тиӏэу тилъытэным пае. Тэурат хабзэм итхэр дгъэцэкӏэным иӏоф ащ хэлъэп, сыда пӏомэ, цӏыф горэм Тэурат хабзэм итхэр зэригъэцакӏэхэрэр арэп Тхьэм ежь дэжькӏэ ащ шъыпкъагъэ иӏэу зыкӏилъытэрэр.

17Ау Христос тыгухэм зэрарылъым пае, Тхьэм ежь дэжькӏэ шъыпкъагъэ тиӏэу тызэрилъытэщтым ыуж титэу, псэкӏодышӏэ цӏыфхэм ащыщэу тыкъычӏэкӏымэ, Христос псэкӏод тигъэшӏагъэу мэхъуа? Хьау, ар хъухэщтэп.

18Сыда пӏомэ, зэхэскъутагъэр зэхэзгъэуцожьмэ, Тхьэм иунашъохэм сызэратекӏыгъэр ащыгъум къэсэгъэшъыпкъэжьы.

19Тэурат хабзэм иӏоф къысхэмылъыжьэу, Тэурат хабзэм дэжькӏэ цӏыф лӏагъэм сыфэд – ар къызпкъырыкӏыгъэр Тэурат хабзэр ары – Тхьэм сыфэпсэуным пае. Христос сыригъусэу къащым сытыраӏулӏагъэм фэд.

20Арышъ, джы псэурэр сэрэп, сыгу илъ Христос ары нахь. Мы дунаим щыӏэныгъэу щысиӏэр, Тхьэм ы Къокӏэ шӏошъхъуныгъэ сыгу илъэу, сиӏ. Ащ шӏу силъэгъуи, ыпсэ сэщ пае ытыгъ.

21Тхьэм ынэшӏу щыфэныгъэ сыфэмыеу сӏорэп, сыда пӏомэ, Тхьэм ежь дэжькӏэ Тэурат хабзэм итхэр зыгъэцакӏэрэ цӏыфым шъыпкъагъэ иӏэу ылъытагъэмэ, ащыгъум Христос хьаулыеу лӏагъэу хъущтыгъ.

## Галатие 3

### Тэурат хабзэм игъогуа, хьауми шӏошъхъуныгъэм игъогуа?

1Шъо, зэхэшӏыкӏ зимыӏэ Галатие цӏыфхэр! Хэт шъо шъудэзыхьыхыгъэр? Зэхэугуфыкӏыгъэу къышъуфэтӏотэжьыгъэба Исус Христос къащым зэрэтыраӏулӏагъэр?

2Мы зы закъор сэжъугъэшӏэнэу сыфай. Тхьэм ы Псэ Лъапӏэ шъугухэм арылъ зэрэхъугъэр Тэурат хабзэм итхэр жъугъэцэкӏэнхэм игъогукӏэ арыгъа, хьауми къэбарышӏоу зэхэшъухыгъэмкӏэ шӏошъхъуныгъэ шъуиӏэ хъуным игъогукӏэ арыгъа?

3Ащ фэдизэу зэхэшӏыкӏ шъуимыӏа? Къызышъуублагъэм дэжь Тхьэм ы Псэ Лъапӏэ шъуищыгугъыщтыгъ, джы зишъыпкъагъэ щыкӏагъэ зимыӏэ цӏыф икъугъэхэу шъузэрэхъуным шъо шъукӏуачӏэкӏэ шъунэсынэу шъуфая?

4Хьаулыеу ащ фэдиз къиныбэ шъущэчыгъа? Хьау, хьаулыеп, арыба?

5Тхьэм ежь ы Псэ Лъапӏэ шъугухэм къарелъхьэ, ӏофышхо гъэшӏэгъонхэри шъуадэжь щешӏэх. Аущтэу зыкӏишӏырэр Тэурат хабзэм итхэр шъогъэцакӏэхэшъ ара, е къэбарышӏоу зэхэшъухыгъэмкӏэ шӏошъхъуныгъэ шъуиӏэ хъугъэшъ ара?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

6Джащ фэд, Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, «Ибрахьимэ
ТхьэмкӀэ шӀошъхъуныгъэ иӀэ хъугъэти, Тхьэм ежь дэжькӀэ ащ
шъыпкъагъэ иӀэу ылъытагъ».

7Аущтэу шӀошъхъуныгъэ зиӀэхэр Ибрахьимэ зэрибын шъыпкъэхэр
зэжъугъашӀэ.

8Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм арыт, хымэ лъэпкъхэм ащыщхэми ежьыркӀэ
шӀошъхъуныгъэ зэряӀэм пае, ежь дэжькӀэ шъыпкъагъэ яӀэу Тхьэм
зэрилъытэщтхэр. Арэу зыхъукӀэ, Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм арыт, Тхьэм
моущтэу ыӀозэ, Ибрахьимэ къэбарышӀур къызэрэриӀуагъэр: «Лъэпкъ
пстэуми сынэшӀу щыфэныгъэ алъыбгъэӀэсынэу сшӀыщт».

9Аущтэу Ибрахьимэу ТхьэмкӀэ шӀошъхъуныгъэ зиӀэм Тхьэм ынэшӀу
къызэрэщифагъэм фэдэу, ежьыркӀэ шӀошъхъуныгъэ зиӀэ пстэуми ынэшӀу
къащифэщт.

10Тэурат хабзэм итхэр агъэцакӀэхэмэ, Тхьэм ежь дэжькӀэ шъыпкъагъэ
яӀэу зэрилъытэщтхэм щыгугъырэ пстэуми Тхьэм ынае къащифагъ, сыда
пӀомэ, Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм арыт: «Тэурат хабзэм итхылъ ит пстэури
сыдигъуи зымыгъэцакӀэрэм Тхьэм ынае къыщефэ».

11Тэурат хабзэм итхэм ягъэцэкӀэн игъогукӀэ Тхьэм дэжькӀэ зыми
шъыпкъагъэ зэримыӀэр нафэ, сыда пӀомэ, Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм
зэрарытым фэдэу, «ШӀошъхъуныгъэ зэриӀэм пае, Тхьэм дэжькӀэ
шъыпкъагъэ зиӀэр псэущт».

12Тэурат хабзэм итхэр бгъэцэкӀэнхэм иӀоф шӀошъхъуныгъэ уиӀэным иӀоф
епхыгъэп, ау Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, «Тэурат
хабзэм итхэр зыгъэцакӀэрэр ащкӀэ псэущт».

13Ау тимысагъэ фэшъошэ къиныр Христос зэрэзытырилъхьагъэмкӀэ
Тэурат хабзэм тызэригъэмысэгъэ Ӏофыр ттырихыжьи, тшъхьэхэр
къыщэфыжьыгъэх, сыда пӀомэ, Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм зэрарытым
фэдэу, «Хэтми чъыгым палъагъэм, Тхьэм ынае къыщефэ».

14Христос тшъхьэхэр къызкӀищэфыжьыгъэхэр Тхьэм Ибрахьимэ
къызэригъэгугъэгъэ нэшӀу щыфэныгъэр ежь Христос Исус хымэ
лъэпкъхэми алъигъэӀэсынри шӀошъхъуныгъэ зэретиӀэм пае Тхьэм
тызэригъэгугъэгъэ ы Псэ ЛъапӀи тыгумэ къарилъхьанри ары.

**Тэурат хабзэмрэ Тхьэм къызэригъэгугъагъэхэмрэ зэрэзэфэмыдэхэр**

15Сшыхэр, мы дунаим иӀофхэм шапхъэ атесэхы: цӀыфмэ зэдаштэгъэ
зэзэгъыныгъэр къызагъэшъыпкъэжьрэ ужым, зыми ар ыгъэкӀодын
ылъэкӀыщтэп, зыми ащ хигъэхъони ылъэкӀыщтэп.

16Ащ фэдэу Тхьэм Ибрахьимэрэ ащ къытекӀыщт бынымрэ ӀахьышӀухэмкӀэ
къыгъэгугъагъэх. «О къыптекӀыщт быныр» ыӀоу зы нэбгырэ закъо

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

къырагъэкІэу Тхьэм игущыІэ тхыгъэхэм арыт. Ащ къикІырэр Христос
ары. «О къыптекІыщт цІыфхэр» ыІомэ, бэ пчъагъэ къырагъэкІэу арытэп.

17Сэ зыфасІорэр мары: илъэс шъиплІырэ щэкІырэ Тхьэм ежьыррэ
Ибрахьимэрэ азыфагу зэзэгъыныгъэ зыделъхьэ ужым, къэлъэгъогъэ
Тэурат хабзэм а зэзэгъыныгъэр ыгъэкІодын ылъэкІыщтэп, Тхьэм
ІахьышІоу Ибрахьимэрэ ащ къытекІыщт бынымрэ къызэригъэгугъагъэри
ымыгъэхъун ылъэкІыщтэп.

18Ау Тхьэм цІыфхэм ІахьышІур къалъигъэІэсыныр Тэурат хабзэм итхэм
ягъэцэкІэн епхыгъэмэ, ащыгъум Тхьэм ІахьышІур къызэригъэгугъагъэхэм
епхыгъэжьэп. Ау шъыпкъэмкІэ, Тхьэм Ибрахьимэ къызэригъэгугъагъэр
ары ынэшІу щыфэныгъэкІэ а ІахьышІур зыкІылъигъэІэсыгъэр.

19Ащыгъум Тэурат хабзэр зыкІыщыІэр сыда? Хабзэм текІыныр зыфэдэр
цІыфмэ агуригъэІоным пае, Тхьэм Тэурат хабзэр къафыригъэхыгъ.
Ибрахьимэ къытекІыщт бынэу Тхьэм къызэригъэгугъагъэр къэкІофэ,
Тэурат хабзэм тетыгъо иІэн фэягъ. Тхьэм Тэурат хабзэр мэлэІичхэм
аІэкІилъхьи, ахэми лІыкІо горэм ІэкІалъхьажьыгъ.

20Зы нэбгырэ нахь щымыІэмэ, лІыкІо ищыкІагъэп, ау Тхьэр зы.

**ПщылІхэмрэ къохэмрэ**

21Тхьэм Ибрахьимэ ІахьышІухэу къызэригъэгугъагъэхэм Тэурат хабзэр
апэуцуа? Хьау, ар хъухэщтэп. Ау цІыфхэм щыІэныгъэ яІэ зыгъэхъун
зылъэкІырэ хабзэ щыІагъэмэ, а хабзэмкІэ Тхьэм дэжькІэ цІыфхэм
шъыпкъагъэ яІэ хъущтыгъ.

22Ау дунаим ицІыф пстэури псэкІодым ыІэ зэрилъхэр Тхьэм игущыІэ
тхыгъэхэм арыт. Аущтэу зыкІэхъугъэр Исус ХристоскІэ шІошъхъуныгъэ
зиІэхэр Тхьэм ІахьышІоу къызэригъэгугъагъэр а цІыфхэу шІошъхъуныгъэ
зиІэхэм агъотыжьыныр ары.

23ШІошъхъуныгъэм игъогу щымыІэу, Тэурат хабзэм тызэкІоцІипхагъэу
тиухъумэу тиІыгъыгъ, шІошъхъуныгъэм игъогу къэлъэгъофэ.

24Аущтэу шІошъхъуныгъэ зэрэтиІэм фэшІ, Тхьэм ежь дэжькІэ
шъыпкъагъэ тиІэу ылъытэным пае, Исус Христос дэжь тищэнэу Тэурат
хабзэр пащэ къытфэхъугъ.

25Ау джы шІошъхъуныгъэм игъогу къызэлъэгъо ужым, Тэурат хабзэм
тетыгъо къытфыриІэжьэп.

26Сыда пІомэ, Христос ИсускІэ шІошъхъуныгъэ зэрэшъуиІэм пае, шъо
пстэуми Тхьэм шъурибын.

27Шъо пстэуми Христос зыгу илъынэу аумэхъыгъэхэм Христос ишэн
шъуашэу зэшъущэкІыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышІур (Инджыл)

28Джуртрэ алыджырэ, пщылIрэ шъхьафитрэ, хъулъфыгъэрэ бзылъфыгъэрэ пIозэ зэхэбдзынхэр ищыкIэгъэжьэп, сыда пIомэ, Христос Исус шъугухэм зэрарылъым пае, шъо зэкIэ зы шъухъугъ.

29Христос шъузэрием пае, Ибрахьимэ къытекIыгъэ цIыфхэм шъуащыщ. Ащыгъум Тхьэм Ибрахьимэрэ ащ къытекIыгъэ цIыфхэмрэ Iахьышоу къызэригъэгугъагъэхэр шъори къышъулъыIэсыщт.

## Галатие 4

1Сэ зыфасIорэр мары: къоу я Тэ имылъку къызIэкIэхьащтыр оцIыкIуфэ, мылъкур зэкIэ къыIэкIэхьащтми, унэIутым зэрэтекIырэ щыIэп.

2ЦIыфхэу зынаIэ ащ къытетхэмрэ имылъку зезыхьэхэрэмрэ афэIорышIэн фае, ятэ ыгъэнэфэгъэ мафэр къэсыфэ.

3Джащ фэдэу, тэри Тхьэм иIофхэмкIэ джыри тызэцIыкIум, цIыфхэм мы дунаим ехьылIагъэу къызэрыкIо гурыIоныгъэу яIэхэм тыряпщылIыщтыгъ.

4Ау уахътэр зекъум, Тхьэм ы Къо къыгъэкIуагъ. Ар бзылъфыгъэм къыхэкIыгъ, Тэуратым ихабзэ ыIэчIэгъ чIэтыгъ.

5Тхьэм ар къызкIигъэкIуагъэр ащ Тэурат хабзэм ыIэчIэгъ чIэтыгъэхэр къычIихыжьынхэшъ, ашъхьэ ыщэфыжьынэу ары. Тхьэм тэ зэкIэри ибын фэдэу тидэным пае.

6Тхьэм шъузэрибынхэм пае, ы Къо ы Псэ ЛъапIэу «Аббэу тя Т!» зыIоу джэрэр Тхьэм шъугумэ къарилъхьагъ.

7Арышъ, о уунэIутыжьэп, къо ухъугъ нахь. Къо узэрэхъугъэм пае, Тхьэм ибынхэм IахьышIоу къалъигъэIэсырэр ори къыплъигъэIэсыщт.

### Паул Галатие цIыфхэм зэрафэгумэкIырэр

8Пасэм Тхьэр шъумышIэ зэхъум, тхьэ зыфаIохэу, ау шъыпкъэмкIэ мытхьагъэхэм шъуафэлажьэщтыгъ.

9Ау джы Тхьэр шъушIэ хъугъэу хьауми Тхьэм шъукъышIагъэу сIомэ нахьышIуба, а къызэрыкIо гурыIоныгъэхэу лъэкI зимыIэхэу, тхьамыкIэхэм зафэжъугъэзэжьынэу шъузкIыфаер сыда? Джыри зэ ахэмэ пщылI шъуафэхъужьынэу ара?

10Гъэнэфэгъэ мафэр, мазэр, уахътэр, илъэсыр шъогъэлъапIэх.

11Сэ сышъуфэгумэкIы, хьаулыеу шъощ пае сыулэугъэкIэ сэщынэ.

12СышъолъэIу, сшыхэр, сэщ фэдэ шъухъу, сыда пIомэ, сэри шъощ фэдэ сыхъугъ. Мыхъун зи къысэшъушIагъэп.

13Апэ дэдэу къэбарышIур зышъосэгъэIум, сызэрэсымэджагъэр шъошIэ.

14 Сэ сисымэджагъэ къин шъуигъэлъэгъугъэ пэтми, нэмыплъ къысэшъухыгъэп, шъукъысфэмыеуи хъугъэп. Тхьэм сыримэлэIичыгъэм фэдэу, сы Христос Исус фэдэу, шъукъыспэгъокIыгъ.

15 Бэу шъутхъэжьыщтыгъ. ШъулъэкIыгъэмэ, шъунэхэри къызэришъутхъыщтгъагъэмкIэ сышъуишыхьат.

16 Шъыпкъэр къызэрэшъосIуагъэм пае, пыи сыкъышъуфэхъугъа?

17 А цIыфхэр шъо къышъогугъух, ау ахэмэ ягухэлъ шIоп. Тэ шъудбгъодащыным пылъых, шъо ахэмэ шъуягугъужьыным пае.

18 Гухэлъыр дэгъумэ, зыр зым егугъуныр сыдигъуи дэгъу, сэ шъуадэжь сыщымыIэми, джары Iофыр зытетыр.

19 Сибынхэр, шъощ пае бзылъфыгъэу хъушъэн ихьагъэм сыфэд, Христос шъугухэм арылъ охъуфэ.

20 Джы шъуадэжь сыщыIагъэмэ, сымакъэ мэкъэ шъабэкIэ зэблэсхъу сшIоигъоштыгъ, сыда пIомэ, шъосIон сшIэрэп.

### Хьэджэррэ Сарэрэ

21 Къысашъуу, шъо, цIыфхэу Тэурат хабзэм ыIэчIэгъ чIэтынхэу фаехэм, Тэурат хабзэм итхэр зэхэшъушIыкIхэрэба?

22 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт Ибрахьимэ къуитIу зэриIагъэр, зыр иунэIут бзылъфыгъэмкIэ, адрэри шъхьэгъусэ шъыпкъэмкIэ.

23 УнэIут бзылъфыгъэм ыкъо къызэрыкIо шIыкIэу къэхъугъ, ау ишъхьэгъусэ ыкъо Тхьэм Ибрахьимэ къызэригъэгугъагъэм тетэу къэхъугъ.

24 А Iофым зы гъэбылъыгъэ Iоф горэ къикIэу хэлъ, сыда пIомэ, а бзылъфыгъитIур зэзэгъынигъитIум фэбгъэдэн плъэкIыщт. УнэIут бзылъфыгъэу Хьэджэр Синай къушъхьэм Тхьэм ежьыррэ пегъымбар Мусэрэ азыфагу щыдилъхьэгъэ зэзэгъыныгъэм фэд. А бзылъфыгъэм къыфэхъугъэхэр пщылIыгъэх.

25 Хьэджэр Арабие хэкум щыIэ Синай къушъхьэм фэбгъэдэн плъэкIыщт. А бзылъфыгъэр джырэ Ерусалими фэд. Сыда пIомэ, Ерусалимрэ ащ дэс цIыфхэмрэ пщылIыпIэм хэтых.

26 Ау уашъом щыIэ Ерусалим шъхьафит. Ар тэ зэкIэми ны фэдэ къытфэхъу.

27 Сыда пIомэ, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм моущтэу арыт: «ГушIо, о сабый къызхэмыкIэу, сабый къызфэмыхъугъэ бзылъфыгъ. О, хъушъэн имыхьагъэр, мэкъэшхокIэ гушIо! Сыда пIомэ, лIы зиIэм нахьи лIым ытIупщыжьыгъэ бзылъфыгъэм сабыеу иIэхэр нахьыб».

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

28Сшыхэр, Тхьэм Ибрахьимэ къызэригъэгугъагъэм пае, Исхьакъ Ибрахьимэ ибын зэрэхъугъэм фэдэу, тэри Тхьэм ибын тыхъугъ.

29Хьэджэр зыцIэ бзылъфыгъэ унэIутымкIэ Ибрахьимэ къыфэхъугъэ ыкъо Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ Ибрахьимэ къызэригъэгугъагъэм тетэу къэхъугъэ ыкъом а уахътэм къин ригъэщэчыгъ. Джыри ащ фэд.

30Ау Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытыр сыда? Моущтэу арыт: «Мы унэIут бзылъфыгъэмрэ ащ ыкъорэ IугъэкIыжьых, сыда пIомэ, шъхьэгъусэ шъыпкъэм ыкъо мылъкоу къыфэнэжьырэмкIэ унэIут бзылъфыгъэм ыкъо Iахь иIэщтэп».

31Арышъ, сшыхэр, тыкъызтекIыгъэр бзылъфыгъэ унэIутэп, шъхьэгъусэ шъыпкъэр ары нахь.

## Галатие 5

### Христос шъхьафитыныгъэ къызэрэтитыгъэр

1Арышъ, шъхьафитыныгъэу Христос къышъуитыгъэм игъогу пытэу шъутетэу, джыри зэ пщылIыныгъэм ибжь цIыфхэм зытыряшъумыгъэлъхьажь.

2Сэ, Паул, шъуасIорэм шъукъедэIу, цIыфхэм сунэт зяжъугъэшIымэ, Христос ишIуагъэ къышъокIыщтэп.

3Джыри сэ къэсэушыхьаты, хэтми сунэт зязгъэшIырэм Тэурат хабзэм ит пстэури ыгъэцэкIэн фае.

4Шъо Тэурат хабзэм итхэр жъугъэцэкIэнхэм игъогукIэ Тхьэм ежь дэжькIэ шъыпкъагъэ шъуиIэу шъузэрилъытэщтым ыуж шъуитмэ, Христос шъубгъодэкIыгъ. Тхьэм ынэшIуи къышъущимыфэжьэуи хъугъэ.

5Ау тэ шIошъхъуныгъэ зэрэтиIэм пае, Тхьэм ежь дэжькIэ шъыпкъагъэ тиIэу тызэрилъытэщтым тыпэплъэ. Тхьэм ы Псэ ЛъапIи аущтэу зэрэхъущтым тыщегъэгугъы.

6Сыда пIомэ, Христос Исус тыгухэм арылъмэ, сунэт ташIыгъэми, тамышIыгъэми арэп Iофыр зыдэщыIэр. Iофыр зыдэщыIэр тишIошъхъуныгъэ шIулъэгъу къызэрэхэкIырэр ары.

7Гъогу занкIэм шъутетэу шIоу шъурыкIощтыгъ. Шъыпкъагъэм шъуримыгъэдэIоу, хэта пэрыохъу къышъуфэхъугъэр?

8Аущтэу шъозгъэшIагъэр Тхьэу зибынхэм ащыщ шъухъунэу къышъуаджэрэр арэп.

9«Тэджэпсыр макIэми, тхьацур зэкIэ егъэшIоIу».

10Зиусхьаныр тыгухэм зэрарылъым пае, Iофхэр сэ къызэрэзгурыIохэрэм фэдэу, шъори къыжъугурыIонхэм сыщэгугъы. Хэт щыщми шъуузгъэгумэкIырэм имысагъэ фэшъуашэр ыгъотыжьыщт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

11Сшыхэр, цIыфхэр сунэт ашIынхэ фаеу джыри ясэIо зэпытмэ, (сэ
язгъэIугъэу аIозэ, цIыфхэм пцIыкIэ зэраIорэм фэдэу), сыд пае цIыфхэм
джыри къин сагъэщэчыра? ЦIыфхэр сунэт ашIынхэ фаеу джыри язгъэIу
зэпытыгъэмэ, ащыгъум Христос къащым зэрэтелIыхьагъэм икъэбар
цIыфхэм агу зэмыIун зи къыхэнэжьыщтыгъэп.

12ШъузгъэгумэкIыхэрэр IуагъэкIыгъагъэхэмэ!

13Сшыхэр, шъхьафитыныгъэ шъуиIэнэу Тхьэр къышъоджагъ. Ау
шъуишъхьафитыныгъэ шъуипсэкIодышIэ шэныжъ зыкIэхъопсырэр
шъушIэнэу ушъхьагъу орэмыхъу. Ау шIулъэгъумкIэ зыр зым Iофтабгэ
фэрэхъу.

14Сыда пIомэ, Тэурат хабзэм ит пстэури мы унэшъо закъом къеубыты: «О
пшъхьэ шIу зэрэплъэгъурэм фэдэу, уигъунэгъуи шIу лъэгъу».

15Ау шъуузэцакъэу, шъуузэрэшх зэпытмэ, шъуузэрэгъэкIодыжьыным
шъуфэсакъ.

### ШIугъэу Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ дэжь къикIыхэрэмрэ Iэягъэу цIыфым ипсэкIодышIэ шэныжъ къыхэкIыхэрэмрэ

16Арышъ, къышъосэIо: Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ къызэрэжъугуригъаIорэм
тетэу шъузекIу. Ащыгъум шъуипсэкIодышIэ шэныжъ зыкIэхъопсырэр
жъугъэцэкIэщтэп.

17ЦIыфым ипсэкIодышIэ шэныжъ зыфаер Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ зыфаем
пэуцу. Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ зыфаери цIыфым ипсэкIодышIэ шэныжъ
зыфаем пэуцужьы. Шъузыфаер шъумыгъэцэкIэшъунэу ахэр
зэпэуцужьых.

18Ау Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ къызэрэжъугуригъаIорэм тетэу шъузекIомэ,
Тэурат хабзэм ыIэчIэгъ шъучIэтыжьыщтэп.

19ЦIыфым ипсэкIодышIэ шэныжъ Iэягъэу къыхэкIыхэрэр нафэх. Мыхэр
арых: зинэ шIэныр, гумыкъэбзагъэр, мыхъо-мышIэ псэукIэр,

20тхьэ нэпцIхэр гъэлъэпIэгъэнхэр, ушхъухьаныр, зэпыиныр, зэщыхьаныр,
шъугъоныр, губжыныр, цIыфым ежь ышъхьэ нэмыкI шIу ымылъэгъуныр,
зэмызэгъыныр, куп-купэу зэхэкIыныр,

21зэрэуджэгъуныр, цIыф укIыныр, утэшъоныр, шъхьарытIупщэу ешхэ-
ешъошхо шIыныр, ащ фэдэ нэмыкI Iофхэри. ЫIпэм къызэрэшъосIуагъэм
фэдэу джыри шъосэIожьы, ащ фэдэхэр зышIэхэрэм Тхьэм и
ТетыгъошхокIэ Iахь къалъыIэсыщтэп.

22Ау шIугъэу Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ дэжь къикIыхэрэр мыхэр арых:
шIулъэгъур, гушIуагъор, гупсэфыр, щэIагъэр, шIугъэр, гукIэгъур,
шIошъхъуныгъэр,

23гушъэбагъэр, зыщыIэныр. Мы Iофхэм къапэуцужьырэ хабзэ зи щыIэп.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

24Христос зыгу илъ цӀыфхэм япсэкӀодышӀэ шэныжъи, шӀу алъэгъугъэ
бзэджагъэхэри, яхъопсэ мыхъунхэри къащым тыраӀулӀагъэхэм фэд.

25Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ илъэкӀыкӀэ тэпсэушъ, ащ къызэрэдгуригъаӀорэм
тетэу тызекӀон фае.

26ТызышӀошӀыжьэу, тызэрэгъэгубжэу, тызэшъугъоу тырэмыпсэу.

## Галатие 6

### Зым ихьылъэ адрэм ерэӀэт

1Сшыхэр, цӀыф горэм псэкӀод ышӀэмэ, шъо Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ зыгу
илъхэм, гушъэбагъэкӀэ ар гъогу тэрэзым къытежъугъэхьажь. Ау
псэкӀодшӀэным зыдешъумыгъэхьыхыным шъуфэсакъ.

2Зым ихьылъэ адрэм ерэӀэт. Аущтэу шъушӀымэ, Христос иунашъо
жъугъэцэкӀагъэу мэхъу.

3Зыгорэ цӀыкӀуми, инэу зелъытэжьмэ, ышъхьэ егъэпцӀэжьы.

4Хэти ежь иӀоф зытетыр ерэгъэунэф. А Ӏофыр дэгъумэ, нэмыкӀ цӀыфым
иӀоф емыплъэу ежь иӀоф зытетым рыпэгэн ылъэкӀыщт,

5сыда пӀомэ, хэти ихьылъэ ежь ыпшъэ илъ.

6Тхьэм игущыӀэхэр зэзгъашӀэрэм шӀоу иӀэ пстэуми щыщ езгъашӀэрэм
иӀахьэу рерэт.

7ЗышъумыгъэпцӀэжь. Тхьэм ыдэщтэп ежь жъугъэпцӀэныр. ЦӀыфым
хьасэм чылапхъэ зэрэхилъхьэрэм фэдэу лэжьыгъэр ыгъотыжьыщт.

8ЦӀыфэу зипсэкӀодышӀэ шэныжъ ихьасэ чылапхъэ хэзылъхьэрэм
кӀодыныгъэр ыгъотыжьыщт. Ау Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ ихьасэ чылапхъэ
хэзылъхьэрэм мыкӀодыжьын щыӀэныгъэ ыгъотыжьыщт.

9Темызэщэу шӀу тшӀэным тыпыжъугъэлъ зэпыт. Темызэщэу тыпылъмэ,
игъо къызыскӀэ, шӀугъэ дгъотыжьыщт.

10Арышъ, игъо тифэрэм къэс, цӀыф пстэуми шӀу афэтэжъугъашӀ, зэкӀэмэ
апэу шӀошъхъуныгъэ зиӀэхэм яунагъо щыщхэр ары шӀу зыфэтшӀэн
фаехэр.

### Аужырэ Ӏофхэр

11Сэ сӀэкӀэ къышъуфэстхыгъэ хьарыфышхохэм шъуяплъ.

12Дунаим ицӀыфмэ ящытхъу фэе цӀыфхэр ары сунэт зяжъугъэшӀынэу
шъуезгъэзхэу пылъхэр. Аущтэу зыфашӀэрэ закъор Христос икъащ пае
ежьхэм къин зэрамыгъэщэчыныр ары.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

13Цlыфхэу сунэт ашlыгъэ дэдэхэми Тэурат хабзэм итхэр агъэцакlэхэрэп,
ау сунэт шъуашlынхэу шъуауж итых, сунэт шъузэрашlыгъэмкlэ
зыщытхъужьынхэм пае.

14Ау ти Зиусхьанэу Исус Христос икъащ нэмыкl сыщытхъужьынэу
сыфаеп. Исус къащым зэрэтелlыхьагъэм пае, мы дунаим иlофхэм пкlэ зи
ямылlэжьэу, садэжькlэ ахэр къащым тыраlулlагъэхэм фэд, сэри мы
дунаим иlофхэм адэжькlэ цlыфхэм къащым сытыраlулlагъэм фэд.

15Сунэт ташlыгъэми тамышlыгъэми, арэп lофыр зыдэщыlэр. lофыр
зыдэщыlэр икlэрыкlэу тыкъалъфыжьыгъэ тыхъуныр ары.

16Мы унашъом тет цlыф пстэумрэ Тхьэм иизраиль цlыфхэмрэ Тхьэм
гупсэф къарерэт, гукlэгъуи къаферэшl.

17Аужыпкъэм зыми серэмыгъэгумэкl, сыда пlомэ, уlэгъэ тыркъохэр сэ
спкъы зыкlытелъхэр Исус сызэрэфэлажьэрэр ары.

18Сшыхэр, ти Зиусхьан Исус Христос ынэшlу шъугухэм къащерэф. Амин.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

# Ефес

## Ефес 1

### ШIуфэс

1Сэ сы Паул. Тхьэм шIоигъуагъэти, Исус Христос иапостол сыхъугъ.
Шъо, Тхьэм ицIыф лъапIэхэу Ефес къалэм дэсхэу, Исус Христос зыгу
илъхэу, ежь фэшъыпкъэхэм, мы тхылъыр къышъуфэсэтхы.

2Тхьэу тя Тэ лъапIэрэ Зиусхьан Исус Христосрэ анэшIу къышъуещарэфи,
гупсэф къышъуарэт.

### Христос тыгухэм зэрарылъым пае, гурэ псэрэкIэ Тхьэм ынэшIу къызэрэтщифэрэр

3Тхьэу ти Зиусхьанэу Исус Христос я Тэ щытхъуушхор ий. Христос
тыгухэм зэрарылъым пае, уашъом епхыгъэу, лъэныкъо пстэумкIи гурэ
псэрэкIэ Тхьэм ынэшIу къытщифагъ.

4Сыда пIомэ, Тхьэм дунаир къыгъэхъуным ыпэкIэ, Христос тыгухэм
зэрарылъымкIэ ежь ибынхэм ащыщ тыхъунэу тыкъыхихыгъ, тыгухэр
къабзэхэу, лажьэ зи тимыIэу, шIулъэгъу тыгухэм арылъэу ежь ыпашъхьэ
тыщыпсэуным пае.

5Исус Христос къыпкъырыкIэу, Тхьэм ежь ибынхэм ащыщ тыхъунэу
бэшIагъэу тигъэнэфагъ, игъоу зэрилъытагъэм, ыгу хэлъыгъэм тетэу.

6Аущтэу зыкIишIагъэр ищытхъуушхо тетэу ынэшIу къызэрэтщифагъэм
пае, тэ щытхъу фэтшIыныр ары. Сыда пIомэ, ежь ы Къоу шIу ылъэгъурэм
къыпкъырыкIэу Тхьэм инэу ынэшIу къытщифагъ.

7Христос ылъэу къащым щыкIэкIыгъэмкIэ гукIэгъушхо ыкIи шIугъэшхо
къытфэзышIэрэ Тхьэм тэ тшъхьэ ыщэфыжьыгъ, типсэкIодхэри
къытфигъэгъугъ.

8Акъылышlуагъэ пстэумрэ гурыIоныгъэ пстэумрэ хэлъэу

9игухэлъ шъэфэу Христос ригъэгъэцэкIэнэу ухэсыгъэр игъоу
зэрилъытагъэм тетэу Тхьэм къыдгуригъэIуагъ.

10Тхьэм игухэлъэу игъо къызыскIэ ыгъэцэкIэщтыр, уашъохэми чIылъэми
ащыIэр зэкIэ зы ышIыхэзэ, Христос итетыгъо ыIэчIэгъ чIигъэуцоныр ары.

11Христос тыгухэм зэрарылъым пае, Тхьэм тэри Iахьышlур
къытфигъэшъошагъ. Тхьэм гухэлъэу ыухэсыгъэм тетэу, а Iахьышlур
къытлъыIэсынэу бэшIагъэу ыгъэнэфагъ. Ежьыр ары игухэлърэ
ишIоигъоныгъэрэ атетэу Iоф пстэури зыгъэцакIэрэр.

12Тхьэм аущтэу зыкIишIагъэр тэ апэрэхэу Христос щыгугъыхэу,
пэплъагъэхэм Тхьэм илъытэныгъэшхо щытхъу фэтшIыныр ары.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

13Шъо шъугухэми Христос арылъ хъугъэ. Христос шъугухэм арылъ
зыхъугъэр шъыпкъагъэм ехьылIэгъэ къэбарэу, шъумыкIодэу
шъукъэзгъэнэжьырэ къэбарышIур зызэхэшъухыгъэр ары. ХристоскIэ
шIошъхъуныгъэ шъуиIэ зэхъум, Тхьэм ежь ы Псэ ЛъапIэу
тыкъызэригъэгугъагъэр мыхъурым фэдэу шъугухэм къарилъхьагъ.

14Тэ, Тхьэм ицIыфхэм, тшъхьэхэр ыщэфыжьыхэфэ, Iахьышыр
къызэрэтлъигъэIэсыщтымкIэ Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ тишэсы, Тхьэм
илъытэныгъэшхо щытхъу фэтшIыным пае.

**Паул Тхьэм зэрелъэIурэр**

15Арышъ, Зиусхьан Исус шIошъхъуныгъэу фышъуиIэмрэ шIулъэгъоу
Тхьэм ицIыф лъапIэхэм афышъуиIэмрэ якъэбар зызэхэсхыгъэм
щегъэжьагъэу,

16Тхьэм селъэIу зыхъукIэ, шъуигугъу сэшIы, шъощ паий Тхьэм щытхъу
фэсэшI зэпыт.

17Ти Зиусхьан Исус Христос и Тхьэу, щытхъушхо зиIэ Ты лъапIэм
сызэрелъэIурэр, шъо ежь нахьышIоу шъушIэным пае, ежь ы Псэ ЛъапIэу
акъылышIу тиIэ зыгъэхъурэри, Тхьэр зыфэдэр къытфэзгъэнафэрэри
шъугухэм къарилъхьаныр ары.

18Шъугухэр къыгъэплъэжьынхэуи Тхьэм селъэIу. Ащ фэдэу
сызфелъэIурэр гугъапIэу Тхьэр къызфышъоджагъэр шъушIэныр ары,
ицIыф лъапIэхэм тырягъусэу щытхъушхо зиIэ Iахьышхоу
къытлъигъэIэсырэри

19шъушIэныр ары, тэ, шIошъхъуныгъэ зиIэхэм, тыгухэм арылъэу, Тхьэм
илъэкIышхоу гъунэ зимыIэри шъушIэныр ары.

20А лъэкIышхор зыфэдэр лъэкIышхоу Тхьэм Христос лIагъэхэм
къызэрахигъэтэджыкIыжьэу, иджабгъукIэ уашъом
зэрыщызыгуигъэтIысхьагъэр ары.

21Iэшъхьэтетхэми, тетыгъо зиIэ пстэуми, кIочIэшхо пстэуми, пэщэ
пстэуми, мы дунаим имызакъоу къэкIощт дунаими зигугъу щашIырэ цIэ
пстэуми Тхьэм Христос апшъэ ышIыгъ.

22ЩыIэ пстэури Христос ылъэгу чIэгъ чIигъэуцуи, зэкIэми апшъэ
щыIэнэуи, чылыс зэIукIэм ышъхьэнэуи ыгъэнэфагъ Тхьэм.

23Чылыс зэIукIэр – Христос ыпкъ. Христосэу тыдэкIи щыIэ пстэуми
щыкIагъэ зи ямыIэу, икъугъэу зыгъэхъурэр икъугъэу чылыс зэIукIэм хэлъ.

## Ефес 2

**Христос тыгухэм арылъ зэрэхъугъэм пае, икIэрыкIэу тыкъалъфыжьыгъ**

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

[1]Шъуибзэджагъэрэ шъуипсэкІодхэмрэ къахэкІыкІэ, лІагъэхэм шъуафэдагъ.

[2]А Іофхэм ягъогу шъурыкІощтыгъ. Мы дунаим ихэбзэжъ Іае шъутетэу, жьыбгъэм тетыгъо щызиІэ Іэшъхьэтетэу, джынапцІэу Тхьэм емыдэІухэрэм агухэм арылъыр зэрэфаем тетэу шъузекІощтыгъ.

[3]Тэ пстэури а цІыфхэм тахэтэу, типсэкІодышІэ шэныжъ зыкІэхъопсыщтыгъэ Іоф мыхъунхэм атетэу тыпсэущтыгъ. ТипсэкІодышІэ шэныжърэ тигупшысэхэмрэ зыкІэхъопсыщтыгъэ Іофхэр дгъэцакІэщтыгъэх. Тишэныжъ уеплъымэ, нэмыкІ цІыфхэм тафэдэу, тэри Тхьэм игубж ыІэчІэгъ тычІэтыгъ.

[4],[5]ТипсэкІодхэм къахэкІыкІэ лІагъэхэм тафэдагъэ пэтми, Тхьэу гукІэгъушхо зиІэм шІулъэгъоу къытфыриІэм пае, Христос тыригъусэу тыкъыгъэпсэужьыгъ. Тхьэм ынэшІу щыфэныгъэкІэ тымыкІодэу тыкъыгъэнэжьыгъ.

[6]Христос тыгухэм зэрарылъым пае, ащ тыригъусэу Тхьэм тыкъыгъэтэджыжьыгъ, ащ тыригъусэуи уашъом тІысыпІэ къыщытитыгъ.

[7]Тхьэм аущтэу зыкІишІагъэр Христос Исус къыпкъырыкІэу шІугъэу къытфишІагъэмкІэ ежь ынэшІу щыфэныгъэшхоу гъунэ зимыІэр къэкІощт лъэхъанхэм яцІыфхэми аригъэлъэгъуныр ары.

[8]Тхьэм ынэшІу щыфэныгъэкІэ шъумыкІодэу шъукъыгъэнэжьыгъ, шІошъхъуныгъэ шъуиІэ зэрэхъугъэм пае. Ар къызпкъырыкІыгъэр шъорэп, ар Тхьэм итын нахь.

[9]ШІу зэрэтшІагъэр арэп тымыкІодэу Тхьэм тыкъызкІигъэнэжьырэр. ЦІыфыр зыщымытхъужьыным пае, Тхьэм а Іофыр аущтэу ыгъэпсыгъ.

[10]Сыда пІомэ, тыкъэзгъэхъурэр Тхьэр ары. Тхьэм тыкъыгъэхъугъ Христос тыгухэм зэрарылъымкІэ, ІофышІухэу Тхьэм къытфигъэпсыгъагъэхэр дгъэцэкІэнхэм пае.

**ХристоскІэ шІошъхъуныгъэ зиІэхэр зы лъэпкъ зэрэхъухэрэр**

[11]Арышъ, шъо, хымэ лъэпкъэу къалъфыгъэхэр, шъукъэдаІу. Сунэт ашІыгъэхэр (ІэкІэ сунэт ашІыгъэхэр ары зыфасІохэрэр) шъо, «сунэт амышІыгъэхэкІэ» заджэхэрэм, мыр шъугу къэжъугъэкІыжьын фае:

[12]пасэм Христос шъугухэм арымылъэу шъупсэущтыгъ. Израиль лъэпкъым шъущымыщэу, Тхьэм а лъэпкъыр къызэригъэгугъэгъэ Іофхэм атет зэзэгъыныгъэхэмкІэ Іахь шъуимыІэу, шъухымагъ. ГугъапІэ шъуимыІэу, Тхьэр шъумышІэу мы дунаим шъутетыгъ.

[13]Ау джы, Христос шъугухэм арылъ зэрэхъугъэм пае, шъо, зэгорэм Тхьэм пэчыжьагъэхэр, Христос ылъэу къащым щыкІэкІыгъэмкІэ джы Тхьэм пэгъунэгъу шъухъугъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышІур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

14Сыда пIомэ, ежь Христос ары тызэзгъэшIужьыгъэр. Ежьыр ары итIур зы
зышIыгъэри, ыпкъыкIэ ахэмэ азыфагу дэлъыгъэ пыиныгъэм идэпкъ
зэхэзгъэуагъэри.

15Унашъохэмрэ хабзэхэмрэ зэрыт Тэурат хабзэр лъэныкъокIэ
ригъэзэкIыгъ. Христос аущтэу зыкIишIыгъэр цIыфхэр ежь
зэригъэшIужьыныр, а лъэпкъитIур зы лъэпкъ ыгъэхъуныр арых,

16зэпыиныгъэри къащым щигъэкIодэу, итIур зыпкъ хъугъэу, Христос
къащым зэрэтелIыхьагъэмкIэ ахэр Тхьэм ригъэшIужьынхэр ары.

17Христос къакIуи, шъо, Тхьэм пэчыжьэгъэ цIыфхэми, пэгъунэгъугъэ
цIыфхэми, зэшIужьыным икъэбар къышъуигъэIугъ.

18Сыда пIомэ, Христос Iофэу ышIагъэм пае, а Псэ ЛъапIэр тыгухэм
арылъэу, титIуи Ты лъапIэм пэгъунэгъу тыхъун тэлъэкIы.

19Арышъ, шъухымэжьэп, шъухэхэсыжьэп, ау Тхьэм ицIыф лъапIэхэм
ащыщ шъухъугъ, Тхьэм иунагъо щыщи шъухъугъ.

20Апостолхэмрэ пегъымбархэмрэ лъапсэу агъэуцугъэм шъутет. Ежь
Христос Исус ары унэр зыIыгъ лъэпсэ мыжъошхор.

21Зиусхьан Исус ары унэр зэкIэри зэтезгъэуцорэр, ежьыри а унэм
зэрэщыIэм пае, Тхьэм иунэшхо лъапIэ хъунэу хэхъо.

22Шъо Христос шъугухэм арылъэу мыжъохэм шъуафэдэу, Тхьэм ы Псэ
ЛъапIэ зэрыс унэм Христос шъори шъухегъэуцо.

## Ефес 3

### Паул хымэ лъэпкъхэм Iофэу афишIагъэм къызэрэтегущыIэрэр

1Ащ пае, сэ, Паул, Христос Исус сыфэлажьэу, шъо хымэ лъэпкъхэм
къэбарышIур къызэрэшъозгъэIурэм пае, хьапсым сычIадзагъэу сычIэс.

2Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэкIэ Iоф къышъуфэсшIэнэу спшъэ
къызэрэрилъхьагъэм икъэбар зэхэшъухыгъэн фае.

3Тхьэм игухэлъ шъэф къысфигъэнафи, сигъэшIагъэ, кIэкIэу
къызэрэшъуфэстхыгъэм фэдэу.

4Мы тхылъым шъузеджэкIэ, Христос ехьылIэгъэ шъэфым зэхэшIыкIэу
фысиIэм гу лъышъутэн шъулъэкIыщт.

5А шъэфыр Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ мы уахътэм апостол лъапIэхэмрэ
пегъымбар лъапIэхэмрэ зэрафигъэнэфагъэм фэдэу, ыпэрэ лIэшIэгъухэм
ащыпсэущтыгъэ цIыфхэм Тхьэм аригъэшIэгъагъэп.

6А шъэфыр мыры: Христос Исус хымэ лъэпкъхэм агухэм арылъ хъоу,
къэбарышIур зэрадэрэмкIэ Тхьэм израиль лъэпкъым IахьышIоу
фигъэшъуашэрэр ахэми къалъегъэIэсы; а лъэпкъхэри Израиль игъусэхэу

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

зы пкъым щыщых, Тхьэм израиль лъэпкъыр IофышIухэу къызэригъэгугъагъэхэм ахэми яIахь ахэлъ.

[7]Тхьэм лъэкIэу къысхилъхьагъэм тетэу, мы Iофыр згъэцэкIэнэу ынэшIу щыфэныгъэкIэ тынэу къызэрэситыгъэмкIэ, мы къэбарышIум сыфэлэжьэнэу сигъэнэфагъ.

[8]Тхьэм ицIыф лъапIэхэм санахь цIыкIуми, Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэкIэ мы Iофыр спшъэ къырилъхьагъ: Христос хэлъ баиныгъэшхоу зыми ымыгъэунэфышъуущтым икъэбар хымэ лъэпкъхэм язгъэIунри,

[9]Тхьэм игухэлъ шъэф цIыф пстэуми нафэ афэсшIынри ары. БлэкIыгъэ лъэхъанхэм ащегъэжьагъэу а гухэлъ шъэфыр Тхьэу зэкIэ къэзгъэхъугъэм аригъэшIэгъагъэп.

[10]Тхьэм аущтэу зыкIишIагъэр чылыс зэIукIэмкIэ иакъылышIогъэ зэмылIэужыгъом икъэбар ошъо лъэныкъом щыIэ Iэшъхьэтетхэми, тетыгъо зиIэхэми джырэ уахътэм щаригъэшIэныр ары.

[11]МыкIодыжьын гухэлъэу иIэм тетэу Тхьэм а Iофыр ыгъэцэкIагъ – ти Зиусхьан Христос Исус иIэмыркIэ.

[12]Христос тыгухэм арылъэу, ежьыркIэ шIошъхъуныгъэ зэрэтиIэм пае, тыгушхоу, ежь тыщыгугъэу Тхьэм пэблагъэ тыхъун тэлъэкIы.

[13]Арышъ, шъо сишIуагъэ шъозгъэкIынэу къин зэрэсщэчырэм пае, шъугу шъумыгъэкIодынэу сышъолъэIу. А къинэу сэ сщэчырэм шъоркIэ щытхъу хэлъ.

**Паул шIошъхъуныгъэ зиIэхэу Ефес дэсхэм Тхьэм зэрафелъэIурэр**

[14]Арышъ, Ты ЛъапIэм ыпашъхьэ лъэгонджэмышъхьэкIэ сетIысхьэ.

[15]Уашъоми чIылъэми ащыIэу, сыдрэ унагъоу зыфаIорэми ыцIэ къызхэкIырэр ежьыр ары.

[16]Тхьэм сызэрелъэIурэр мыры: ищытхъушхо тетэу, ежь ы Псэ ЛъапIэкIэ шъугухэмкIэ кIуачIэ шъуигъэгъотыныр,

[17]шъушIошъ зэрэхъугъэмкIэ Христос шъугухэм арылъыныр,

[18]шъулъапсэхэр шIулъэгъум хэлъхэу, ащ шъутетэу, Тхьэм ицIыф лъэпIэ пстэуми шъурягъусэу, Христос ишIулъэгъу ишъомбгъуагъи, икIыхьагъи, икууагъи, илъэгагъи къыжъугурыIонхэм пае, лъэкI шъуиIэныр,

[19]а шIулъэгъоу шIэныгъэ пстэури зынэмысырэр шъушIэныр арых, Тхьэм ишэн зэкIэ шъухэлъыным пае.

[20]Тхьэм щытхъушхор ий. Ежь илъэкIэу къытхэлъымкIэ Iофэу тызэрелъэIущтхэмрэ тызэгупшысэщтхэмрэ анахьи, егъэлыягъэу нахьыбэ ышIэн елъэкIы.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

21Тэ Христос Исус зыгухэм арылъэу, чылыс зэlуклэм щыщхэм
мыклодыжьын лъэхъанэу къэклощтхэмкlи лlэшlэгъоу къэклощтхэмкlи
щытхъушхор Тхьэм фэтэжъугъэшl. Амин.

## Ефес 4

### Зыпкъ закъом фэдэ тызэрэхъурэр

1Сэ Зиусхьаным сызэрэфэлажьэрэм пае, хьапсым сычlадзагъэу сычlэсэу
сышъолъэlу: псэуклэу шъуиlэнэу Тхьэр къызфышъоджагъэм тетэу
шъузеклу.

2Мыпэгэныгъэри, гушъэбагъэри, щэlагъэри шъугухэм арыжъугъэлъ,
шlулъэгъуклэ зым зыр ерэщыl.

3Зы пкъэу шъущытынэу Тхьэм ы Псэ Лъапlэ шъуигъэгъотырэр
зэзэгъыныгъэу шъузэзыпхырэмклэ зэрэшъуухъумэным ыуж шъуит.

4Пкъэу тызщыщыр зы, Тхьэм ы Псэ Лъапlи зы, lофэу тызщыгугъэу
тызпаплъэу, Тхьэр къызфышъоджагъэри зы.

5Зиусхьаныри зы, шlошъхъуныгъэри зы, тызклаумэхъырэри зы.

6Тхьэу цlыф пстэуми я Тэ лъапlи зы. Ащ цlыф пстэуми тетыгъо афыриl,
зэклэмкlи lоф ешlэ, тэ зэклэми ар тыгухэм арылъ.

7Тэ тщыщэу хэти Христос ынэшlу къыщифагъ, хэти тынэу къыритынэу
зэрэфигъэшъошагъэм тетэу.

8Джары Тхьэм игущыlэ тхыгъэхэм зыкларытыр: «Ылпшъэклэ зыдэклоежьым,
гъэрхэри игъусэхэу зыдыдищэягъэх, цlыфхэми тынхэр аритыгъ».

9(«Ылпшъэклэ дэклоежьыгъ» зыфиlорэ гущыlэхэм къарыклырэр ылэклэ
чlылъэм ыхэ дэдэм нэс зэрехыгъэр ары.

10Ылхэ дэдэм нэс ехыгъэ дэдэр ары ошъо пстэуми анахьи нахь лъагэу
дэклоежьыгъэр, щыlэ пстэуми щыклагъэ зи ямылэу, икъугъэу ыгъэхъуным
пае.)

11Христос цlыфхэм тынхэр зэраритыгъэр мары: ежь цlыф заулэ
апостолхэу ыгъэнэфагъ, нэмыклхэри пегъымбархэу ыгъэнэфагъэх,
адрэхэри ежь икъэбарышlу агъэlунэу ыгъэнэфагъэх, етlани нэмыклхэри
дин пащэхэуи дин гъэсаклохэуи ыгъэнэфагъэх.

12Тхьэм ахэр зыклигъэнэфагъэхэр ицlыф лъапlэхэр ежь фэлэжьэнхэу
аригъэлъэклынри, Христос ыпкъ щыщхэм гурэ псэрэклэ нахь лъэкl
аригъэгъотынри ары.

13Аущтэу тэ зэклэ Тхьэм ы Къоклэ шlошъхъуныгъэ тиlэу, ари тшlэу, зы
тыхъущт, Христос зишъыпкъагъэ щыклагъэ зи зимылэ зэрэцlыф икъугъэм
фэдэу, тэри зишъыпкъагъэ щыклагъэ зимылэ цlыф икъугъэ тыхъущт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

14 ЕтIанэ тысабыижьыщтэп, хыорхэм адыкIэ мыдыкIэ тызэрамыдзэжьэу, цIыфхэм адрэ цIыфхэр дин Iофхэу зыфагъасэхэрэм яжьыбгъэ пстэуми тызэридзэжьыщтэп. ЦIыфхэу адрэ цIыфхэр дахьыхынхэмкIэ фэIазэхэм ятхьагъэпцIыгъэ тыкъыфэнэжьыщтэп.

15 Аущтэу мыхъоу, шIулъэгъур тыгухэм арылъэу, шъыпкъагъэр къатIозэ, сыд фэдэ лъэныкъокIи Христос тыфэдэнэу тхэхъощт. Ежьыр ары шъхьэр.

16 Ежь Христос ары пкъым кIуачIэ езгъэгъотырэри, пкъыр зэзыпхырэ щыIэ пстэумкIэ пкъыр зэкIэ зэхэзгъэуцорэри, зэкIэзыубытэрэри. Аущтэу пкъым щыщэу сыдрэ Iахьыр зэрэлэжьэн фаем фэдэу зылажьэкIэ, пкъым хэхъо, шIулъэгъуныгъэкIи нахь кIуачIэ егъоты.

### Христос зыгу илъхэм щыIэкIакIэу яIэр

17 Зиусхьаным ыцIэкIэ лъэшэу къышъуфэсэгъэпытэ: хымэ лъэпкъхэм яшъхьэнэкIыгъэкIэ зэрэзекIохэрэм фэдэу шъумызекIу.

18 ЯзэхэшIыкI шIункIы, ягуркъагъэ къыхэкIыкIи зи амышIэу, Тхьэм цIыфхэм къаритырэ щыIэныгъэм пэчыжьэх.

19 Агухэм гулъытэ зи ямыIэу, мыхъо-мышIэ псэукIэм зыратыгъ, загъэшхэкIыни амылъэкIэу, сыд щыщырэ гумыкъэбзагъэм хэтых.

20 Ау Христос икъэбар шъозгъэшIэгъэ цIыфхэм аущтэу шъузекIонэу шъуагъэшIагъэп.

21 Сыда пIомэ, Христос икъэбар шъо зэхэшъухыгъ, ежьыри шъугухэм арылъэу, ежь хэлъ шъыпкъагъэр зэжъугъэшIагъ.

22 ШъуипсэукIэжъ щыщ шъуишэныжъ бзаджэр хэшъунэжьын зэрэфаер зэжъугъэшIагъ. Сыда пIомэ, шъуишэныжъ бзаджэ ихъопсэ мыхъунхэу шъукъэзгъапцIэхэрэмкIэ шъуигъэкIод пэтыгъ.

23 Шъугухэм арылъи шъуигупшысакIи Тхьэм зэрежъугъэхъокIын зэрэфаери зэжъугъэшIагъэ.

24 Шъыпкъагъэрэ гукъэбзагъэрэ шъыпкъэу шъуиIэнэуи, ежь шъуфэдэнэуи, Тхьэм шъукъыгъэхъужьыгъэу, шэныкIэшIур шъуашэу зэшъущэкIын зэрэфаери зэжъугъэшIагъэ.

25 Арышъ, пцIыусыныр хэшъунэжьи, хэти игъунэгъу шъыпкъэр рерэIу, сыда пIомэ, тэ зэкIэри зы пкъы закъом тыщыщ.

26 Шъугубжыми, псэкIод шъумышIэ. Шъугубжыгъэу, тыгъэр къошъумыгъэхьажь.

27 Шэйтаным гъогу ешъумыт.

28 ТыгъуакIор орэмытыгъожь, ау орэлажьи, ыIэхэмкIэ шIу ерэшI, щыкIагъэ зиIэхэм афигощын иIэным пае.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

29Гущыlэ емыкlухэр шъужэхэм къадэшъумыгъэкl, ау адрэ цlыфхэм
зэрящыкlагъэм фэшъуашэу, гурэ псэрэкlэ нахь лъэкl яжъугъэгъотызэ,
гущыlэшlухэр шъужэхэм къадэжъугъэкlых нахь, цlыфхэу зэхэзыххэрэм
шъуишlуагъэ яжъугъэкlыным пае.
30Тхьэм ы Псэ Лъапlэ ыгу хэшъумыгъэкl. Тхьэм шъушъхьэхэр
зищэфыжьыщт мафэм нэсыфэ, ежь ы Псэ Лъапlэ мыхъурым фэдэу,
Тхьэм шъугухэм къарилъхьагъ.
31Сыд фэдэ гужъри, къызэкlэплъыхьанри, губжыни, куо-хьауни, цlыфхэм
lаекlэ атегущыlэни, сыд щыщырэ бзэджагъи хэшъунэжьых.
32Зыр зым шlу фэрэхъу, гукlэгъу зэфэшъушl, зэфэжъугъэгъу, Тхьэм
Христос ихьатыркlэ шъо къызэрэшъуфигъэгъугъэм фэдэу.

## Ефес 5

1Тхьэм шlу шъуилъэгъоу шъузэрибынхэм пае, ежь илъэужхэм шъуарыкlу.
2Христос шlу тилъэгъуи, мэ lэшlу зыпихырэ тынэуи Тхьэм ыгу зэlурэ
къурмэныпхъэуи тэщ пае ыпсэ зэритыгъэм фэдэу, шlулъэгъу шъугухэм
арылъэу шъузекlу.
3Ау Тхьэм ицlыф лъапlэхэм зэряфэшъуашэм фэдэу, зинэ шlэным е сыд
щыщ гумыкъэбзагъэм е нэйпсыягъэм ягугъу шъушlы хъущтэп.
4Емыкlу гущыlэныр, делэгъэ гущыlэныр, мыхъун сэмэркъэуныр шъо
къышъуфэшъуашэп, Тхьэм ищытхъу шъушlын фае нахь.
5Сыда пlомэ, мы lофыр зэжъугъашlэ: зинэ зышlэрэ цlыфым е зыгу
мыкъэбзэ цlыфым е нэйпсые цlыфым – ащ фэдэ цlыфым тхьэ нэпцlыр
ыгъэлъапlэу мэхъу – Христосрэ Тхьэмрэ я Тетыгъошхокlэ lахь
къылъыlэсыщтэп.
6Гущыlэ мыщыухэмкlэ зыми зыкъешъумыгъэгъапцl, сыда пlомэ, ащ фэдэ
lофхэм апае Тхьэм емыдэlухэрэм игубж къалъигъэlэсыщт.
7Арышъ, ащ фэдэ цlыфхэм гъусэ шъуафэмыхъу.
8Сыда пlомэ, зэгорэм шъушlункlыгъ, ау джы Зиусхьаныр шъугухэм
зэрарылъым пае, нэфынэ шъухъугъ. Нэфынэм ибынхэр зекlонхэ
зэрэфаем фэдэу шъузекlу,
9сыда пlомэ, нэфынэм шlугъэу къыхэкlырэр шlугъэ пстэури, зэфэныгъэ
пстэури, шъыпкъэгъэ пстэури ары.
10Зиусхьаным lофхэу игъоу ылъытэхэрэр жъугъэунэфых, зэжъугъашlэх.
11Пкlэ зимыlэ шlункl lофхэм шъуиlоф ахэшъумылъхь, ау а lофхэр
зыфэдэхэр къыхэжъугъэщых.
12Сыда пlомэ, lофхэу шъэфэу ашlэхэрэм ягугъу пшlынри емыкlу.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

13 Ау нэфынэм Iофхэр зэкIэ къызигъэнафэхэкIэ, ахэр къэлъагъох, сыда пIомэ, къэлъэгъорэ пстэури нэфынэ мэхъу.

14 Джары моущтэу зыкIаIорэр: «О, чъыерэр, къэущыжь, лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьи, Христос нэфынэр къыптыригъэпсэщт».

15 Арышъ, шъуузэрэзекIорэм инэу шъуфэсакъ, акъыл зимыIэхэм шъуафэмыдэу, акъылышIу зиIэхэм шъуафэдэу шъузекIу.

16 Игъор блэшъумыгъэкI, сыда пIомэ, мы мафэхэр бзаджэхэшъ ары.

17 Арышъ, шъумыгупшысэу шъумызекIу, Зиусхьаныр зыфаери зыгурыжъугъаIу.

18 СэнэпсымкIэ зышъумыгъэуташъу. Ащ къыхэкIырэр мыхъо-мышIэ псэукIэр ары. Тхьэм ы Псэ ЛъапIи икъугъэу шъугухэм арыжъугъэлъ.

19 ОрэдхэмкIи, тхьэщытхъу орэдхэмкIи, Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ шъугухэм къарилъхьэрэ орэдхэмкIи шъузэдэгущыI. Шъугу етыгъэу Зиусхьаным щытхъу фэшъушIэу, ежь пае орэд къашъуIо.

20 Ти Зиусхьанэу Исус Христос ыцIэкIэ Iоф пстэуми апае Тхьэу Ты лъапIэм щытхъу фэшъушI зэпыт.

21 Христос ишIолыкI шъугухэм зэрарылъым пае, шъузэфэIорышI.

**Шъузымрэ лIымрэ зэрэзэфыщытынхэ фаер**

22 Шъо, шъузхэр, Зиусхьаным шъузэрэфэIорышIэрэм фэдэу, шъуилIыхэми шъуафэIорышI.

23 Сыда пIомэ, Христос чылыс зэIукIэм шъхьэу зэриIэм фэдэу, лIыри ишъуз ышъхь. Чылыс зэIукIэр Христос ыпкъ, ежьыри ары а пкъыр мыкIодэу къэзгъэнэжьырэр.

24 Чылыс зэIукIэр Христос зэрэфэIорышIэрэм фэдэу, шъузыри сыд щыщымкIи илI фэIорышIэн фае.

25 Христос чылыс зэIукIэр шIу ылъэгъоу, ыпсэ ащ зэрэфитыгъэм фэдэу, хэтрэ лIи ишъуз шIу ерэлъэгъу.

26 Христос ыпсэ зыфитыгъэр псыкIи игущыIэхэмкIи чылыс зэIукIэм щыщхэр ыгъэкъабзэхэу, ахэмэ гукъэбзагъэ яIэ хъуныр ары.

27 Ащ нэмыкIэу, Христос ыпсэ зыфитыгъэр чылыс зэIукIэм идэхагъэкIэ, бжьыгъэ е зэлъагъэ, е ащ фэдэ щыкIагъэ зи имыIэу, гукъэбзагъэ иIэу, лажьэ зи имыIэу, ежь ыпашъхьэ ригъэуцоныр ары.

28 Ащ фэдэу лIым ыпкъ иунае фэдэу ишъуз шIу ылъэгъун фае. Зишъуз шIу зылъэгъурэм ышъхьэ шIу елъэгъужьы.

29 Зыми ежь ыпкъ зыкIи ыуджэгъужьыгъэп, ау пкъым ищыкIагъэр регъэгъоты ыкIи егугъу, Зиусхьаныр чылыс зэIукIэм зэрегугъурэм фэдэу;

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

30сыда пӀомэ, Христос ыпкъ тыщыщ, ыл тыщыщ, икупшъхьэхэми тащыщ.

31Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, «Ащ къыхэкӀыкӀэ лӀыр ятэ-
янэхэм ахэкӀынышъ, ишъуз гъусэ фэхъунышъ, тӀури зыпкъ хъущтых».

32А гущыӀэхэм шъэфэу ахэлъыр шъэфышху: сэ къызэрэзгурыӀорэмкӀэ, а
гущыӀэхэр зэхьылӀагъэхэр Христосрэ чылыс зэӀукӀэмрэ ары.

33Аущтэу шъуащыщ пэпчъ ежь ышъхьэ шӀу зэрилъэгъурэм фэдэу,
ишъузи шӀу ерэлъэгъу. Шъузыми илӀ лъытэнығъэ ферэшӀ.

# Ефес 6

### Ятэ-янэхэмрэ ялъфыгъэхэмрэ зэрэзэфыщытынхэ фаер

1Шъо, бынхэр, Зиусхьаныр шъугухэм зэрарылъым пае, шъуятэ-
шъуянэхэм шъуядэӀу. Аущтэу зышъушӀыкӀэ, тэрэзэу шъозекӀо.

2«Уятэрэ уянэрэ лъытэныгъэ афэшӀ» ыӀуи, джары апэрэ унашъоу Тхьэм
мы гъэгугъэныгъэр зэрипхыгъэр, моущтэу ыӀозэ:

3«шӀу къыохъулӀэным ыкӀи бэрэ мы дунаим ущыпсэуным пае».

4Шъо, тыхэри, шъуилъфыгъэхэр шъумыгъэгубжых, ау Зиусхьаным
зэрэшӀоигъом тетэу, шъупӀух, агурыжъугъаӀу.

### УнэӀутхэмрэ тхьэматэхэмрэ зэрэзэфыщытынхэ фаер

5Шъо, унэӀутхэр, мы дунаим шъутетыфэ, шъуитхьэматэхэм
шъуащыщынэу, шъугухэри кӀэзэзхэу шъуядэӀу, гу шъыпкъэкӀи Христос
шъузэредэӀурэм фэдэу, ахэми шъуядэӀу.

6ШъуядэӀу сэӀо, ау агу къызэдгъэӀун шъуӀоу, анэхэмкӀэ гъунэ
къызэрэшъулъафырэм изакъоп, ау Христос шъузэрэфэлажьэрэм пае,
сыдигъуи шъугу етыгъэу шъуядэӀузэ, Тхьэр зыфаер жъугъэцакӀэ.

7ЦӀыфхэм шъузэрафэлажьэрэм фэдэу орэмыхъу, Зиусхьаным
шъузэрэфэлажьэрэм фэдэу, шъуигуапэу шъуитхьэматэхэм шъуафэлажь,

8сыда пӀомэ, хэт щыщ цӀыфми, унэӀутми шъхьафитми, сыд фэдэ шӀугъэ
ышӀэми, иӀахьышӀу Зиусхьаным ащ къызэрэлъигъэӀэсыщтыр шъо
шъошӀэ.

9Шъо, тхьэматэхэр, шъори шъуиунэӀутхэм джащ фэдэу шъуадэзекӀу,
пхъэшагъэкӀэ шъуапэмыгъокӀ, сыда пӀомэ, шъо бгъуитӀуми а зы
Зиусхьаныр уашъом зэрэщышъуиӀэр шъошӀэшъ ары. Ятеплъэ емыплъэу,
ащ цӀыф пстэури изэфэд.

### Тхьэм иӀэшэ-шъуашэхэр

10Аужыпкъэм Зиусхьаным илъэкӀышхокӀэ кӀуачӀэ зижъугъаӀ.

11Тхьэм зэкӀэ иӀэшэ-шъуашэхэмкӀэ зышъуфап, шэйтаным
итхьагъэпцӀыгъэ гухэлъхэм шъуапэуцужьыным пае.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

12Сыда пIомэ, тызэзаохэрэр лымрэ лъымрэ къахэкIыгъэ цIыфхэр арэп, ау джынэпцIэ Iэшъхьэтетхэри, тетыгъо зиIэхэри, мы дунэе шIункIым ипэщэшхоу джынапцIэхэри, бзэджагъэм иджынапцIэу ошъо лъэныкъомкIэ щыIэхэри ары.

13Арышъ, Тхьэм иIэшэ-шъуашэхэр къэшъуIэтых, мэфаер къызыскIэ, шъузэкIэмыкIожьыным, зэкIэми шъузатекIуахэкIэ, шъулъакъохэм шъуатетыным пае.

14Джащ фэдэу пытэу шъущыт; шъыпкъагъэр шъуибгырыпхым фэдэу зижъугъаI; шъыпкъагъэу Тхьэм дэжькIэ тиIэри ашъоджанэм фэдэу зыщышъулъ.

15Тхьэм ежь тызэрэзэригъэшIужьыгъэм икъэбарышIу жъугъэIуным ихьазырыни цуакъэхэм афэдэу зыщышъулъ.

16Ахэмэ анэмыкIэу, шIошъхъуныгъэр мэIум фэдэу къэшъуIэт. АщкIэ шэйтаным ищэ плъыгъэхэр жъугъэкIосэнхэ шъулъэкIыщт.

17ШъумыкIодэу Тхьэм шъукъызэригъэнэжьырэр танджым фэдэу къэшъуIэт. Чатэу Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ къышъуитырэр къэшъуIэт. А чатэр Тхьэм игущыIэхэр ары.

18Сыдигъуи Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ илъэкIыкIэ тхьэлъэIу пстэумкIи шъуелъэIу, шъуищыкIагъэмкIи Тхьэм шъуелъэIу. Шъусакъэу, шъуемызэщэу Тхьэм ицIыф лъапIэхэм зэкIэмэ шъуафелъэIу зэпыт.

19Сэщ паий, сыжэ зызэтесхыкIэ, къэбарышIум ишъэф гушхокIэ къэсIонхэу гущыIэхэр Тхьэм сыгу къырилъхьанхэу шъуелъэIу.

20Iэхъу-лъэхъу къыстыралъхьагъэу, мы къэбарышIум сырилIыкIу. КъэбарышIур гушхокIэ къызэрэсIон фаем фэдэу къэсIонэу Тхьэм шъукъысфелъэIу.

**Аужырэ шIуфэс гущыIэхэр**

21Шъори сикъэбархэмрэ Iофхэу сшIэхэрэмрэ шъушIэнхэм пае, шIу тлъэгъурэ тшы Тихик зэкIэ шъуигъэшIэщт. Ар Зиусхьаным иIофкIэ шъыпкъагъэ зыхэлъ IэпыIэгъу.

22Мы Iоф дэдэу тиIофхэр зытетхэр шъуигъэшIэнри шъуигъэгушхонри ары Тихик шъуадэжь къызфэзгъакIорэр.

23Тхьэу Ты лъапIэмрэ Зиусхьан Исус Христосрэ тшыхэм гупсэфырэ шIулъэгъоу шIошъхъуныгъэ зигъусэмрэ къарарэт.

24МыкIодыжьын шIулъэгъу зиIэхэу, ти Зиусхьан Исус шIу зылъэгъухэрэм Тхьэм ынэшIу къащерэф. Амин.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

# Филиппи

## Филиппи 1

### ШIуфэс

1Сэ сы Паул. Сэррэ Тимофейрэ Христос Исус тыфэлажьэ. Тимофей
сигъусэу шъо, Тхьэм ицIыф лъапIэхэу Филиппи къалэм дэсхэу, Исус
Христос зыгу илъхэм, шъуичылыс
иIэшъхьэтетхэмрэ иIэпыIэгъухэмрэ шъуигъусэхэу, мы тхылъыр
къышъуфэсэтхы.

2Тхьэу тя Тэ лъапIэрэ Зиусхьан Исус Христосрэ анэшIу къышъущарэфи,
гупсэф къышъуарэт.

### Паул шIошъхъуныгъэ зиIэхэу Филиппи дэсхэм Тхьэм зэрафелъэIурэр

3Сыгу шъукъэкI къэси, си Тхьэ щытхъу фэсэшIы.

4Сыдигъуи шъо пстэуми пае Тхьэм сызелъэIукIэ, гушIуагъокIэ селъэIу,

5сыда пIомэ, апэрэ мафэм къыщегъэжьагъэу джырэ нэсыфэ,
къэбарышIум сэ фэсшIэгъэ Iофым шъуиIахь хэлъыгъэшъ ары.

6Шъугухэм ащиублэгъэ Iофыр Исус Христос дунаим къызыкIожьыщт
мафэм нэс Тхьэм зэрэригъэкъущтым сыщэгугъы.

7Шъо пстэуми аущтэу сызэрышъоплъырэр тэрэз, сыда пIомэ, Iэхъу-
лъэхъу къыстыралъхьагъэми, къэбарышIум пэуцухэрэм пэгъокI ястыми,
къэбарышIум ишъыпкъагъэ къэзгъэлъагъоми сыгу шъуилъ зэпыт, шъо
пстэури сигъусэхэу Тхьэм ынэшIу къызщифэхэрэр.

8Исус Христос ишIулъэгъу сыгу илъэу шIу шъузэрэслъэгъурэмкIэ Тхьэр
сишыхьат.

9Тхьэм сызэрелъэIурэр шIэныгъэмрэ зэхэшIыкI пстэумрэ ягъусэу,
шIулъэгъу нахьыбэ шъуиIэ зэпытыныр ары.

10ЕтIанэ нахьышIур зыфэдэр зэхэшъушIыкIын шъулъэкIыщт, шъугухэри
къабзэхэу, зыми шъузэригъэмысэн зи щымыIэу, Христос дунаим
къызыкIожьыщт мафэм нэс шъупсэущт. 11Аущтэу шIугъэу шъыпкъэм
къыхэкIырэр Исус Христос шъугухэм инэу къарилъхьащт, цIыфмэ Тхьэм
щытхъушхо фашIыным, ежь агъэлъэпIэным пае.

### Христос уфэлэжьэныр ары щыIэныгъэ шъыпкъэр

12ШъушIэнэу сыфай, сшыхэр, къэбарышIу гъэIуным иIоф сэ
къысэхъулIэгъэ Iофхэм яшIуагъэ зэрэрагъэкIыгъэр.

13Аущтэу Кайсарым иунэшхо преторие икъэрэгъулхэмрэ адрэ цIыф
пстэумрэ нафэ афэхъугъ, Христос сызэрэфэлажьэрэр ары Iэхъу-лъэхъур
къызкIыстыралъхьагъэр.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

14Ащ нэмыкӀэу, цӀыфхэм Ӏэхъу-лъэхъу къызэрэстыралъхьагъэм пае,
сшыхэу Зиусхьаныр зыгу илъхэм янахьыбэхэм агухэм зыкъаӀэтызэ,
мыщынэхэу Тхьэм игущыӀэхэр нахь гушхокӀэ агъэӀухэу аублагъ.

15Шъыпкъэ, шъугъонымрэ зэщыхьанымрэ агухэм арылъхэу, Христос
икъэбар зыгъэӀухэрэри щыӀэх, ау нэмыкӀ цӀыфхэм агухэм шӀугъэ
зэрарылъым пае, Христос икъэбар агъэӀу.

16Апэрэхэм агухэм зэщыхьаныр арылъэу, гумыкъэбзагъэкӀэ Христос
икъэбар агъэӀу. СиӀэхъу-лъэхъу джыри нахь щэчыгъуае ашӀын агу хэлъ.

17Адрэхэм щӀулъэгъу агухэм зэрарылъым пае, Христос икъэбар агъэӀу.
Христос икъэбарышӀу пэуцухэрэм пэгъокӀ ястыжьынэу Тхьэм
сызэригъэнэфагъэр ашӀэ.

18Ар Ӏофэп. Аущтэуми нэмыкӀыми, гухэлъ бзаджэкӀи гухэлъышӀукӀи
Христос икъэбар агъэӀу хъумэ, сэгушӀо. ЫкӀи сыгушӀо зэпытыщт,

19сыда пӀомэ, Тхьэм шъуузэрелъэӀурэм паий, Исус Христос ы Псэ ЛъапӀэ
ӀэпыӀэгъу къызэрэсфэхъурэм паий, мы къиным сыкъызэрэхэкӀыжьыщтыр
сэшӀэшъ ары.

20ЗыкӀи сызтеукӀытыхьан Ӏоф горэ щымыӀэу, джыри сыдигъуи, сыпсауми,
сылӀэми, спкъыкӀэ Христос гушхокӀэ зэрэзгъэлъэпӀэ зэпытыщтым
сыкӀэхъопсы ыкӀи сыщэгугъы.

21Сыда пӀомэ, сэ щыӀэныгъэ шъыпкъэу зыфасӀорэр Христос
сыфэлэжьэныр ары, сылӀэми ишӀуагъэ къысэкӀыщт.

22Ау мы пкъым сыщыпсэун фаемэ, шӀугъэ къызхэкӀырэ Ӏоф сшӀэн
слъэкӀыщт. Ау а ӀофитӀум язэу къыхэсхыщтыр сшӀэрэп.

23А ӀофитӀумэ сырагъэзы. Мы дунаим сехыжьынышъ, Христос сыригъусэ
сшӀоигъу. Ар бэкӀэ нахьышӀу.

24Ау мы пкъым сыкъыхэнэныр нахь шъуищыкӀэгъэшху.

25Ащ сыщыгугъэу, мыщ дэжьым сыкъызэрэнэжьыщтри, гушӀуагъо игъусэу
шъуишӀошъхъуныгъэ нахь пытэ хъу зэпытыным пае, шъуадэжь
сызэрэщыӀэщтри сэшӀэ.

26Ащыгъум шъуадэжь сыкъызыкӀожькӀэ, Христос Исус къысфишӀэгъэ
Ӏофым лъэшэу шъущыгушӀукӀын шъулъэкӀыщт.

27ЗэкӀэми анахьэу Христос ехьылӀэгъэ къэбарышӀум фэшъуашэу
шъузекӀу. Ащыгъум сыкъакӀоу шъуслъэгъумэ е сыщымыӀэу шъуикъэбар
зэхэсхымэ, зыгу-зыпсэу гъогу занкӀэм шъыпкъэу шъурыкӀоу,
шъузэгурыӀоу, къэбарышӀоу шъушӀошъ хъурэм пае инэу шъузэдэлажьэу,

28къышъупэуцухэрэм зыкӀи шъузэращымыщынэрэри сшӀэщт. Ахэр
зэрэкӀодыжьыщтхэри, шъо шъумыкӀодэу шъукъызэрэнэжьыщтри

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

шъуизекӀуакӀэ нафэу аригъэлъэгъущт. ШъумыкӀодэу шъукъэзгъэнэжьыщтыр Тхьэр ары.

[29]Сыда пӀомэ, ХристоскӀэ шӀошъхъуныгъэ шъуиӀэным имызакъоу, Христос паий къин шъущэчынэу Тхьэм ынэшӀу щыфэныгъэкӀэ фит шъуишӀыгъ.

[30]Сэ бэнэным сыхэтэу зэрэшъулъэгъугъэм фэдэу, шъори джы шъухэт, джыри а бэнэным сызэрэхэтыр зэхэшъухыгъ.

## Филиппи 2

### Христос ары Зиусхьаныр

[1]Христосэу шъугухэм арылъым шъуегъэгушхоба? ИшӀулъэгъу шъуигукъао къышъушъхьэщихырэба? Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ шъугухэм арылъба? Гуфэбагъи гукӀэгъуи зэфышъуиӀэба?

[2]Ащыгъум сигушӀуагъо ижъугъэкъу: шъуигупшысакӀэ зы орэхъу, а зы шӀулъэгъур шъуерэӀ, зыгу-зыпсэ шъухъу.

[3]Зэщыхьанри зышӀошӀыжьынри шъугухэм арылъхэу зи шъумышӀэ, шъумыпагэуи нэмыкӀ цӀыфхэр шъушъхьэ зэрэшъулъытэжьырэм нахьи нахь инхэу шъулъытэх.

[4]Хэти ежь ышъхьэ иӀоф закъо ерэмыплъ, нэмыкӀ цӀыфхэм яӀофми ярэплъ.

[5]ШъуигупшысакӀэ Христос Исус игупшысакӀэ фэдэ орэхъу:

[6]Христос Исус Тхьэм ищытыкӀэ-псэукӀэ хэлъыгъэ пэтми, Тхьэм зэрэфэдэм ишӀуагъэ ежь зэригъэкӀыжьыным ыуж итыгъэп.

[7]Ау ежь зигъэцӀыкӀуи, Ӏофтабгэм ищытыкӀэ-ипсэукӀэ иӀэ хъугъэ. ЦӀыфым фэдэ хъугъэ, итеплъи цӀыфхэм ятеплъэ фэдагъ.

[8]Ежь зигъэцӀыкӀуи, лӀэныгъэм нэсыфэ Тхьэм фэӀорышӀагъ, къащым зэрэтелӀыхьагъэри къыхиубытэу.

[9]Арышъ, Тхьэм ар ыгъэини, цӀыф пстэуми ацӀэхэм анахь цӀэшхор къыритыгъ.

[10]Аущтэу зыкӀэхъугъэр Исус ыцӀэ щытхъу фашӀэу, щыӀэ пстэури лъэгонджэмышъхьэкӀэ тӀысынхэр ары, уашъоми, чӀылъэми, чӀылъэ чӀэгъыми щыӀэхэр ары,

[11]бзэгу пстэуми Исус Христос зэрэ Зиусхьаныр зэкӀэмэ апашъхьэ къыщаӀонри ары. Аущтэуи Тхьэу Ты лъапӀэм щытхъушхо фашӀыщт.

### Жъуагъохэм шъуафэдэу цӀыфхэм шъукъызэрахэлыдыкӀыщтыр

[12]Арышъ, силъапӀэхэр, шъуадэжь сызыщэӀэм, шъукъызэрэсфэӀорышӀэщтыгъэм фэдэу, джы шъуадэжь сызыщымыӀэми,

ащ нахьи бэкIэ нахь шъукъысфэIорышIэн фае: Тхьэм ишIоIыкI шъугухэм арылъэу, шъугухэр кIэзэзхэу, шъумыкIодэу шъукъызэрэнэжьыщтым лъэшэу ыуж шъуит,

13сыда пIомэ, ежь игъоу ылъытэрэ Iофхэм шъуафэенэуи жъугъэцэкIэнхэуи шъозгъэлъэкIырэр Тхьэр ары.

14Сыд шъушIэми, шъумытхьаусхэу, шъуемыхъырэхъышэу шъушIэ,

15лажьэ зи шъуимыIэным, гукъэбзагъэ шъуиIэным пае. Ащ фэдэ зыхъукIэ, зыми шъузэригъэмысэн зи щымыIэу, цIыф къаигъэхэм, къуанчэхэм шъуахэтэу, Тхьэм шъурибыныщт.

16ЩыIэныгъэр тиIэ зыгъэхъурэ гущыIэхэр шъуIэ илъхэу, дунэе шIункIым жъуагъохэм шъуафэдэу а цIыфхэм шъукъахэлыдыкIыщт. Аущтэу зыхъукIэ, хьаулыеу сызэрэмылэжьагъэм ыкIи сызэрэмыулэугъэм Христос дунаим къызыкIожьыщт мафэм сыгушIощт.

17Шъо Тхьэм къурмэныпхъэу фэшъушIырэр шъуишIошъхъуныгъ ары. А къурмэныпхъэм сищыIэныгъэ ылъ текIагъэ хъуми, сыгушIощт, шъори зэкIэ сышъуигъусэу сыгушIощт.

18Арышъ, шъори шъуигопэн фае, шъусигъусэуи шъугушIон фае.

**Тимофейрэ Епафродитрэ**

19Тимофей бэ темышIэу къышъуфэзгъэкIонэу Зиусхьан Исус сыщэгугъы, шъуикъэбархэр зэхэсхыхэмэ, сыгу псэфыжьыным пае.

20Ишъыпкъэу къышъуфэгумэкIэу Тимофей нэмыкI зи сиIэп.

21ЦIыф пстэури яIофхэм ауж итых нахь, Исус Христос игъоу ылъытэрэ Iофхэм ауж итхэп.

22Тимофей ишъыпкъагъэ шъо шъошIэ. Ыкъо ятэ зэрэдэлажьэрэм фэдэу, къэбарышIу гъэIуным иIофкIэ къыздэIэпыIагъ.

23СиIофхэр зэрэхъущтхэр зэрэсшIэу, къышъуфэзгъэкIонкIэ сэгугъэ.

24Сэри бэ темышIэу шъуадэжь сыкъэкIонэу Зиусхьаным сыщэгугъы.

25Ащ нэмыкIэу, Епафродит къышъуфэзгъэкIожьын фаеу сэлъытэ. Ар тэ тшы, ежьыррэ сэррэ тызэдэлэжьагъ, тызэдэулэугъ. Джары шъо шъуилIыкIоу, IэпыIэгъу сищыкIагъэ зэхъум, къыслъыплъэнэу къысфэжъугъэкIогъагъэр.

26Шъо зэкIэми шъуилъэгъужьынэу ар лъэшэу къышъуфэлIэ, зэрэсымэджагъэр зэрэзэхэшъухыгъэм паий мэгумэкIы.

27Шъыпкъэ, лIэным нэсыгъэу сымэджагъ. Ау Тхьэм гукIэгъу къыфишIыгъ, ежь изакъоп, сэри гукIэгъу къысфишIыгъ, сыгу къемыо зэпытыным пае.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

28КъышъуфэзгъэкIожьынэу сызфэгузажъорэр ар шъулъэгъужьмэ, шъо
гушIуагъо шъуиIэнэуи, сэ сигумэкI нахь макIэ хъунэуи ары.

29Зиусхьаныр шъо шъугухэм зэрарылъым фэдэу, ащ ыгуи зэрилъым пае,
гушIогъо пстэумкIэ шъупэгъокI. Ежь фэдэ цIыфхэм лъытэныгъэ
афэшъушI,

30сыда пIомэ, Христос иIоф пае лIэныгъэм пэблагъэ хъугъэ. Шъо сэ
къысфэшъушIэн шъумылъэкIыгъэ IэпыIэгъу къысфэхъуным пае ыпсэ
шъхьасыгъэп.

## Филиппи 3

### Тхьэм дэжь къикIырэ шъыпкъагъэр

1Аужыпкъэм, сшыхэр, Зиусхьаныр шъугухэм зэрарылъым пае шъугушIу.
А Iоф дэдэхэр къышъуфэстхыжьынхэр сэркIэ къинэп, ахэр
къызэрэстхыжьхэрэми ишIуагъэ къышъокIыщт.

2Хьэхэм афэдэ цIыфхэу, бзэджагъэ зышIэхэу, адрэ цIыфхэр сунэт
зышIыхэрэм защышъудзый.

3Шъыпкъэу сунэт ашIыгъэхэр тэры, тэ, Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ илъэкIыкIэ
Тхьэм фэлажьэхэу, Христос Исус рыпагэхэу, пкъым епхыгъэ Iофхэм
ащымыгугъыхэрэр.

4Аущтэу щыт пэтми, сэри ащ фэдэ Iофхэм сащыгугъын слъэкIыщтыгъ.
ЦIыф горэ пкъым епхыгъэ Iофхэм ащыгугъын ылъэкIынэу къышIошIымэ,
сэ а цIыфым нахьи а Iофхэм нахь сащыгугъын слъэкIыщт.

5Сэ мэфий сыныбжьэу сунэт сашIыгъ, израиль лъэпкъым сыщыщ, Бен-
Ямин илIакъо сыщыщ, джуртмэ сакъыхэкIыгъ, Тэурат хабзэм тетэу
сыпсэоу фарисей купым сыщыщыгъ.

6Тхьэ гъэлъэпIэным сыгу етыгъэу сыпылъэу, чылыс зэIукIэм щыщхэм
къин язгъэщэчыщтыгъ. Тэурат хабзэм итхэр бгъэцэкIэнхэм ягъогукIэ
шъыпкъагъэ бгъотыщтыгъэмэ, зыми сызэригъэмысэн зи щыIэщтыгъэп.

7Ау джы Христос зыфэдэр зэзгъэшIэным пае, Iофхэу зишIуагъэ сэркIэ
къакIощтыгъэхэм пкIэ ямыIэжьэу сэлъытэ.

8Шъыпкъэ, Iоф пстэуми пкIэ ямыIэжьэу сэлъытэ. Сыда пIомэ, си Зиусхьан
Христос Исус зыфэдэр зэзгъэшIэныр Iофхэу щыIэ пстэуми анахьи
нахьышIу. Ежь сыфэлэжьэным пае, зэкIэри хэсынагъ, Iоф пстэуми пкIэ
ямыIэжьэу сэлъытэ, Христос сиIахьышIу хъуным,

9ежь сыгу илъыным пае. Тхьэм ежь дэжькIэ шъыпкъагъэ сиIэу
зэрилъытэрэм хэлъэп сэ IофышIухэу сшIагъэхэм яIоф. Сэ зыфасIорэр
Тхьэм ежь дэжькIэ шъыпкъагъэ сиIэу зыкIилъытэрэр ХристоскIэ
шIошъхъуныгъэ зэрэсиIэр ары. Тэурат хабзэм итхэр згъэцэкIэнхэм иIоф

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

ащ хэлъэп. А шъыпкъагъэу сиӏэр Тхьэм дэжь къекӏы, шӏошъхъуныгъэми тет.

10Христос зыфэдэр зэзгъэшӏэнэу сыфай, ар лӏагъэхэм къызэрахэтэджыкӏыжьыгъэм къикӏырэ лъэкӏыр зыфэдэри зэзгъэшӏэнэу сыфай. Христос къинхэу ыщэчыгъэхэм сиӏахь ахэлъынэу сыфай, ежь зэлӏэм, зэрэщытыгъэм фэдэуи сыхъунэу сыфай.

11Аущтэу Тхьэм лӏагъэхэм сыкъахигъэтэджыкӏыжьыным сыщэгугъы.

### Ӏофхэу сызщыгугъыхэрэм сызэралъыӏэсыным ыуж сит

12А Ӏофхэу сызщыгугъыхэрэм салъыӏэсыгъэу е зишъыпкъагъэ щыкӏагъэ зимыӏэ цӏыф икъугъэу сыхъугъэу сӏорэп. Ау а Ӏофхэм сызэралъыӏэсыным ыуж сит, ицӏыфхэм ащыщ сыхъунэу Христос Исус къызэрэслъыӏэсыгъэм фэдэу.

13Сшыхэр, Ӏофхэу сызщыгугъыхэрэм салъыӏэсыгъэу зыслъытэжьрэп, ау зы Ӏоф закъо сыпылъ: блэкӏыгъэ Ӏофхэр сщыгъупшэжьхэу, сапэкӏэ ит Ӏофхэм сызэралъыӏэсыным ыуж сит.

14Зэпэчъэным хахьэрэм фэдэу тыныр къэсхьыным пае, кӏэухым сызэрэнэсыным ыуж сит. А тынэу зыфасӏорэр уашъом сыщыпсэуныр ары, ар къэсхьыныр ары ибынхэм ащыщ сыхъунэу Исус Христос иӏэмыркӏэ Тхьэр къызфысэджагъэр.

15Тэ тщыщэу хэтрэ цӏыфэу Христос иӀофхэм яхьылӏагъэу щыкӏагъэ зи зимыӏэ цӏыф икъугъэу хъугъэр аущтэу гупшысэн фае. Ӏоф горэм ехьылӏагъэу нэмыкӏ гупшысакӏэ шъуиӏэмэ, Тхьэм ари нафэ къышъуфишӏыщт.

16Ау тызнэсыгъэм фэшъуашэу тыгупшысэн фае, ащ тетэуи тызекӏон фае.

17Сшыхэр, силъэужхэм шъуакъырыкӏу. Шъузэрэзекӏон фаем ишапхъэу шъодгъэлъэгъугъэм тетэу зекӏохэрэм шъуакӏырыплъ.

18Сыда пӏомэ, бэрэ къызэрэшъосӏуагъэм фэдэу, джыри сынэпсхэр къехыхэзэ шъосэӏо: цӏыфыбэ Христос икъащ пыи фэхъугъ.

19А цӏыфхэм кӏэухэу афэхъущтыр кӏодыныр ары, ятхьэри ныбэр ары, зэрыпэгэрэ Ӏофхэмкӏи укӏытэжьыпхъэх. Мы дунаим иӀофхэм анэмыкӏ ягупшысэхэрэп.

20Ау тэ тихэку уашъор ары. Зиусхьан Исус Христосэу уашъом къехынышъ, тымыкӏодэу тыкъэзгъэнэжьыщтым тежэ.

21Ежь илъэкӏышхоу зэрылажьэу, Ӏоф пстэури итетыгъо ыӏэчӏэгъ зэрычӏигъэуцорэмкӏи тпкъы тхьамыкӏэхэр зэблихъунхэшъ, ежь ыпкъэу щытхъушхо зиӏэм фэдэ ыгъэхъущтых.

## Филиппи 4

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)

[1]Арышъ, шъо, сшыхэу шIу слъэгъухэу, нэкIэ слъэгъунхэу сызфалIэхэрэм, сигушIуагъори ситанджыри шъоры. ШIу слъэгъухэрэр, Зиусхьаныр шъугухэм зэрарылъым пае, гъогу занкIэм пытэу шъутетын фае.

**Аужырэ Iофхэу Паул агуригъаIохэрэр**

[2]Зиусхьаныр агухэм зэрарылъым пае, бзылъфыгъэхэу Еводиерэ Синтихиерэ зы гупшысакIэ яIэ хъунхэу сялъэIу.

[3]О, къыздэлажьэрэ ныбджэгъу шъыпкъ, ахэмэ уадэIэпыIэнэу сыолъэIу. Ахэри къэбарышIур цIыфхэм язгъэIунымкIэ къыздэлэжьагъэх, Климентрэ адрэ къыздэлажьэхэрэмрэ ягъусэхэу. Ахэмэ ацIэхэр мыкIодыжьын щыIэныгъэ зыгъотыщт цIыфхэм ацIэхэр зэрыт тхылъым итых.

[4]Шъо, Зиусхьаныр зыгу илъхэр, шъугушIо зэпыт. Джыри зэ шъосэIожьы: шъугушIу.

[5]ШъуигушъэбагъэцIыф пстэуми нафэ афэрэхъу. Зиусхьаныр дунаим къызыкIожьыщт мафэр къэблэгъагъ.

[6]Сыд щыщми зешъумыгъэгъап, ау сыд щыщырэ Iофкlи Тхьэм шъуелъэIузэ, щытхъу фэшъушIызэ, шъуиIэпыIэгъу хъунэуи шъуелъэIузэ, шъуищыкIагъэхэр ежъугъашIэх.

[7]ЕтIанэ Тхьэм дэжь къикIырэ гупсэфэу цIыфхэм къагурыIошъущтым нахьи, бэкIэ нахь иным шъугухэри шъуигупшысэхэри Христос Исус шъугухэм зэрарылъым пае къыухъумэщтых.

[8]Аужыпкъэм, сшыхэр, сыд Iоф шъыпкъэми, сыд Iоф лъытэныгъэ ифэшъуашэми, сыд Iоф зафэми, сыд Iоф къабзэми, сыд Iофэу шъугу зэIурэми, сыд Iоф гуапэми, сыд Iофи хэбзэшIу хэлъми, сыд Iоф щытхъу ифэшъуашэми, ащ фэдэ Iофхэм шъуягупшыс.

[9]Iофхэу сэ шъозгъэшIагъэхэри, къышъуфэзгъэнагъэхэри, сэ къасIохэу зэхэшъухыгъэхэри, сэ сшIэхэу шъулъэгъугъэхэри жъугъэцакIэх. Ащыгъум гупсэф къытэзытырэ Тхьэр шъуигъусэ зэпытыщт.

**ШIошъхъуныгъэ зиIэхэу Филиппи дэсхэм ятын**

[10]Джыри зэ сэ шъукъызэрэсэгугъужьыгъэм пае, Зиусхьаныр сыгу илъэу, лъэшэу гопэшхо сиIэ хъугъэ. ЫпэкIи шъукъысфэгумэкIыщтыгъ, ау шъукъыздэIэпыIэнэу игъо шъуифагъэп.

[11]ЩыкIагъэ горэ зэрэсиIэр арэп аущтэу зыкIасIорэр, сыда пIомэ, сэ сыд къысэхъулIэми сырырэзэнэу зызгъэсагъ.

[12]ТхьамыкIагъом сыхэтынри, баиныгъэм сыхэтынри зыфэдэр сэшIэ. СышхэкIыгъэми мэлакIэ сэлIэми, сыбаими сытхьамыкIэми, – сыдигъуи, сыд къысэхъулIэми, сырырэзэнэу зызгъэсагъ.

[13]Исус Христосэу сэзгъэлъэкIырэм ыкIуачIэкIэ зэкIэ сшIэн слъэкIыщт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

14 Ау щытми, гузэжъогъоу сызхэтымкӀэ гъусэ шъукъызэрэсфэхъугъэр дэгъоу шъушӀагъэ.

15 Шъо, Филиппи къалэм дэсхэм, зэрэшъушӀэрэмкӀэ, къэбарышӀур згъэӀунэу сыублагъэу Македоние хэкум сыкъызекӀым, ӀэпыӀэгъу хъунымрэ ӀэпыӀэгъум ипэгъокӀ гъотыжьынымрэ яӀофкӀэ шъощ нэмыкӀэу чылыс зэӀукӀэмэ ащыщэу зи гъусэ къысфэхъугъэп.

16 Фессалоникэ къалэм сызыщэӀэм, сищыкӀагъэхэр заулэрэ шъуилӀыкӀохэм къысфяжъугъэхьыгъэх.

17 Ар зыкӀасӀорэр шъуитын сехъуапсэкӀэ арэп, ау шъуитын ипэгъокӀ фэдэу шӀу жъугъотыныр ары.

18 Шъуитын пстэури къысӀэкӀэхьагъ, сфикъуным нахьыби сиӀэ хъугъэ. Епафродит къысфежъугъэхьыгъэ тынхэр къысӀэкӀэхьагъэхэшъ, щыкӀагъэ зи сиӀэп. Ахэр Тхьэм ыдэрэ къурмэныпхъэу, ыгу зэӀоу, мэӀэшӀу къызпихырэм фэдэх.

19 Си Тхьэ ибаиныгъэшхоу щытхъушхо зиӀэм фэшъуашэу шъуищыкӀагъэхэр зэкӀэ Христос иӀэмыркӀэ къышъуитыщт.

20 Тхьэу тя Тэ лъапӀэ мыкӀодыжьын щытхъушхор ий. Амин.

### Аужырэ шӀуфэс гущыӀэхэр

21 Тхьэм ицӀыф лъапӀэхэу, Христос Исус зыгу илъхэм аӀапэ сфэшъуубытыжь. Сигъусэ сшыхэм шӀуфэс къышъуахыжьы.

22 Тхьэм ицӀыф лъапӀэхэм зэкӀэмэ шӀуфэс къышъуахыжьы, анахьэу Кайсарым иунэшхо щыщхэр ары.

23 Зиусхьан Исус Христос игукӀэгъурэ ишӀугъэрэ шъугухэм арылъ орэхъу. Амин.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

# Колоссэ 1

### ШІуфэс

1Сэ сы Паул. Тхьэм шІоигъуагъэти, Исус Христос иапостол сыхъугъ. Тшы
Тимофей сигъусэу,

2шъо, Тхьэм ицІыф лъапІэхэу, Колоссэ къалэм дэсхэу, Христос зыгу
илъхэу, ежь фэшъыпкъэ тшыхэм, мы тхылъыр къышъуфэсэтхы.

3Тхьэу тя Тэ лъапІэрэ Зиусхьан Исус Христосрэ анэшІу къышъуещарэфи,
гупсэф къышъуарэт.

### ШІошъхъуныгъэ зиІэхэу Колоссэ дэсхэм апае Паул Тхьэм щытхъу зэрэфишІырэр

Тхьэм тышъуфелъэІу къэси, Тхьэу ти Зиусхьан Исус Христос я Тэ
щытхъу фэтэшІы,

4сыда пІомэ, Христос ИсускІэ шІошъхъуныгъэу шъуиІэмрэ шІулъэгъоу
Тхьэм ицІыф лъэпІэ пстэуми афышъуиІэмрэ якъэбар зэхэтхыгъэ.

5Ащ фэдэ шІошъхъуныгъэмрэ шІулъэгъумрэ зыкІышъуиІэр Іахьышlоу
Тхьэм уашъом къыщышъуфигъэхьазырыгъэр къызэрэшъуитыщтым
шъущыгугъэу, шъузэрэпаплъэрэр ары. КъэбарышІоу къышъонэсыгъэм
игущыІэ шъыпкъэхэмкІэ Тхьэм шІугъэу къышъуфигъэхьазырыгъэм
икъэбар зэхэшъухыгъэ.

6Дунаим тыдэкІи къэбарышІум шІугъэ къыхэкІы, цІыф нахьыбэми алъыІэс
зэпыт. Аущтэу шъуадэжьи щыхъугъ, къэбарышІур зэхэшъухи, Тхьэм
ынэшІу щыфэныгъэр шъыпкъэу къызыжъугурыІогъэ мафэм
щегъэжьагъэу.

7ШІу тлъэгъурэ Епафрасэу къыддэлажьэрэм къэбарышІур шъуигъэшІагъ.
Ащ ишІуагъэ къышъуигъэкІэу шъыпкъагъэкІэ Христос фэлажьэ.

8Ащ шъуишІулъэгъоу Тхьэм ы Псэ ЛъапІэ дэжь къикІырэм икъэбари
къытиІотагъ.

9Арышъ, шъо шъуикъэбар зызэхэтхыгъэ мафэм щегъэжьагъэу, Тхьэм
тышъуфелъэІуныр хэтынэжьыгъэп. Тхьэр зыфаер икъугъэу
къыжъугуригъэІонэуи, ы Псэ ЛъапІэ дэжь къикІырэ акъылышІуагъэрэ
гулъытэныгъэрэ зэкІэ шъуиІэнэу телъэІу.

10Ащыгъум лъэныкъо пстэумкІи Зиусхьаным ыгу къызэжъугъэІоу, ежь
шъуфэшъуашэу шъузекІощт. ШъушІэрэ Іоф дэгъу пстэуми шІугъэ
къахэкІыщт, Тхьэри нахьышІоу шъушІэ зэпытыщт.

11Сыд щыщымкІи теубытагъэрэ щэІагъэрэ шъуиІэнэу Тхьэм щытхъушхо
зыхэлъ лъэкІэу иІэмкІэ зэкІэ шъугухэм кІуачІэ къахилъхьанэу орэхъу.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышІур (Инджыл)

12 ГушIуагъокIи Тхьэу Ты лъапIэм щытхъу фэшъушI. Нэфынэр зыдэщыIэ чIыпIэм Тхьэм ежь ицIыф лъапIэхэм Iахьышlоу афигъэхьазырыгъэмкIэ шъори Iахь къышъулъыIэсынэу къышъуфигъэшъошагъ.

13 ШIункIым итетыгъо ыIэчIэгъ тыкъычIихыжьи, ы Къоу шIу ылъэгъурэм итетыгъо ыIэчIэгъ тычIигъэуцуагъ.

14 Ы Къу ары лъэу къащым щыкIэкIыгъэмкIэ тэ тшъхьэхэр зыщэфыжьыгъэр, типсэкIодхэри къытфэзгъэгъугъэр.

**Христос Тхьэм къыгъэхъугъэ пстэуми апшъэ щыI**

15 Христос Тхьэу цIыфхэм амылъэгъурэм итеплъэ иI. Джары Тхьэм къыгъэхъугъэ пстэуми апшъэ щыIэу ы КъокIэ заджэрэр.

16 Тхьэм Христос зэкIэри къыригъэгъэхъугъ, уашъоми чIылъэми щыIэ пстэури, цIыфхэм алъэгъурэ Iофхэри, амылъэгъурэ Iофхэри, пачъыхьэ тIысыпIэхэм тетIысхьэхэрэри, пащэхэри, Iэшъхьэтетхэри, тетыгъо зиIэхэри Тхьэм ежь ы Къо зэкIэри къыригъэгъэхъугъ, ы Къо ищытхъушхо паий щыIэх.

17 Ахэр зэкIэ зыщэмыIэхэм, Къо лъапIэр щыIагъ. Ежьыр зэкIэ зэкIэзыубытэрэр.

18 Чылыс зэIукIэр – пкъы, ащ ышъхьэр ежьыр ары. Ежьыр ары чылыс зэIукIэр зэтезгъэуцуагъэр, апэрэу лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъэри ежьыр ары. Аущтэу зэкIэмкIи апэрэр ежьыр ары.

19 Сыда пIомэ, Тхьэм игъоу ылъытагъэти, ищытыкIэ-псэукIэ зэкIэ ы Къо хэлъ хъугъэ.

20 Лъэу ы Къо къащым щыкIэкIыгъэмкIэ Тхьэм ежь тызэригъэшIужьызэ, ы Къо къыпкъырыкIэу чIылъэми уашъоми щыIэр зэкIэ ежь зригъэшIужьыгъ.

21 Пасэм Тхьэм бэрэ шъупэчыжьагъ, шъугухэмкIэ шъурипыигъ, бзэджагъэхэр шъушIэщтыгъэх.

22 Ау шъугухэр къабзэхэу, лажьэ зи шъуимыIэу, зыми шъузэригъэмысэн щымыIэу, Тхьэм ежь ыпашъхьэ шъуригъэуцоным пае, Христос лымрэ лъымрэ къахэкIыгъэ пкъы иIэу зэрэлIагъэмкIэ джы ежь ышъхьэкIэ шъузригъэшIужьыгъ.

23 Ау шъуиIахьышIу хъун Iофхэу къэбарышIоу зэхэшъухыгъэм шъузщигъэгугъыгъэхэм зыми зыхешъумыгъэнэу, шIошъхъуныгъэм игъогу шъутемыкIэу шъыпкъагъэкIэ шъурыкIон фае. Тхьэм фэлажьэхэрэм а къэбарышIур ошъо чIэгъым щыпсэурэ цIыф пстэуми арагъэIугъ. Сэ, Паул, а къэбарышIум сыфэлажьэ.

**Паул чылыс зэIукIэм зэрэфэлажьэрэр**

24 Джы сэ сишIуагъэ шъозгъэкIызэ, къин сщэчми, сэгушIо, сыда пIомэ, Христос ыпкъэу чылыс зэIукIэм сишIуагъэ езгъэкIыным пае,

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

гузэжъогъухэу сщэчынхэу къысфигъэнэфагъэхэр джы сэ спкъыкIэ исэгъэкъух.

25Тхьэм Iофэу спшъэ къырилъхьагъэм тетэу, Тхьэм икъэбарышIу икъугъэу шъозгъэIуным пае, чылыс зэIукIэхэм сафэлажьэ.

26А къэбарышIур блэкIыгъэ лъэхъанхэмрэ лIэшIэгъухэмрэ ащегъэжьагъэу шъэфым фэдэу Тхьэм цIыфхэм аригъэшIэгъагъэп. Мы уахътэм Тхьэм а шъэфыр ицIыф лъапIэхэм нафэ къафишIыгъ.

27Хымэ лъэпкъхэм щытхъушхо гъэшIэгъонэу а шъэфым афыхэлъыр Тхьэм ицIыф лъапIэхэм аригъэшIэныр игъоу ылъытагъ. А шъэфыр мары: Христос шъугухэм арылъ, ар шъугухэм зэрарылъым паий, щытхъушхо шъуиIэ зэрэхъущтым шъущыгугъэу, шъупэплъэ.

28Аущтэу Христос ехьылIэгъэ къэбарыр тэгъэIу. Хэтрэ цIыфи ыгу Христос илъэу, зишъыпкъагъэ щыкIагъэ зи зимыIэ цIыф икъугъэу Тхьэм ыпашъхьэ идгъэуцоным пае, зэкIэ акъылышIуагъэкIэ гурытэгъаIо, етэгъашIэ.

29Ар згъэцэкIэным пае, Христос зэкIэ лъэкI лъэшэу къысхилъхьагъэмкIэ сишъыпкъэу сэлажьэ ыкIи сэулэу.

## Колоссэ 2

1Шъощ паий, Лаодикие къалэм дэсхэу шIошъхъуныгъэ зиIэхэм апаий, сэ сынапэ зымылъэгъугъэ пстэуми апаий лъэшэу сызэрэлажьэрэр шъозгъэшIэнэу сыфай.

2Лъэшэу сызфэлажьэрэр а цIыфхэр згъэгушхонхэуи, шIулъэгъукIэ зыгу-зыпсэу хъунхэуи ары. Аущтэу Тхьэм ишъэфэу Христос къашIэным пае, осэшхо зиIэ зэхэшIыкIэу икъугъэр яIэ хъущт.

3Осэшхо зиIэ акъылышIуагъэ пстэумрэ шIэныгъэшхо пстэумрэ Христос хэлъых.

4Ар къызкIышъуасIорэр тхьагъэпцIыгъэ гущыIэхэмкIэ зыми шъудимыхьыхыным паешъ ары.

5Сэ спкъыкIэ шъуадэжь сыщымыIэми, сыгурэ спсэрэкIэ шъуадэжь сыщыI. ГъэпсыкIэшIоу шъуиIэри ХристоскIэ шIошъхъуныгъэу шъуиIэм ипытагъи зыслъэгъукIэ, сэгушIо.

**Христос щыIэныгъэ икъугъэр къызэрэтитырэр**

6Христос Исус Зиусхьанэу зэрэшъудагъэм пае, ар шъугухэм арылъэу шъузекIу.

7ШъулъапсэхэрХристос хэжъугъэлъых, шъуищыIэныгъи ащ тежъугъэт. ЗэрэшъодгъэшIагъэм фэдэу, ежьыркIэ шIошъхъуныгъэ пытэ шъуиIэу, щытхъу фэшъушI зэпыт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

8Шъуфэсакъ, мы дунаим изэхэшІыкІ нэкІэу, цІыфхэр зыгъапцІэрэмкІэ
зыми зыдешъумыгъэхьых. Ащ фэдэ зэхэшІыкІыр къызхэкІырэр
Христосэп, тятэжъхэм къакІэныжьыгъэ хабзэхэмрэ мы дунаим
ехьылІагъэу цІыфхэм къызэрыкІо гурыІоныгъэхэу яІэхэмрэ ары нахь.

9Сыда пІомэ, Тхьэм ищытыкІэ-псэукІэ зэкІэ Христос ыпкъ хэлъ.

10Христос шъугухэм зэрарылъымкІэ ежь ищыІэныгъэ икъугъэу
къышъухэлъ. Ежь зэкІэ Іэшъхьэтетхэмрэ тетыгъо зиІэхэмрэ апшъэ щыІ.

11Ежь шъугухэм зэрарылъым пае, сунэт шъуашІыгъэм фэд. Ар цІыфхэм
ІэкІэ ашІыгъэ сунэтэп. Ар къызпкъырыкІыгъэр Христос ары. Ар зыхъугъэр
Христос шъуипсэкІодышІэ шэныжъ зыхышъуигъэнэжьыгъэ мафэр ары.

12Шъузаумэхъым, Христос шъуригъусэу шъучІалъхьажьыгъэм фэд.
Шъузаумэхъым, Тхьэу Исус лІагъэхэм къахэзгъэтэджыкІыжьыгъэм
илъэкІыкІэ шІошъхъуныгъэ шъуиІэ зэрэхъугъэм пае, Тхьэм Христос
шъуригъусэу лІагъэхэм шъукъахигъэтэджыкІыжьыгъ.

13ПсэкІодхэр зэрэшъушІагъэхэм, шъугухэмкІэ сунэт шъузэрамышІыгъэм
пае, лІагъэхэм шъуафэдагъ, ау Тхьэм Христос шъуригъусэу
шъукъыгъэпсэужьыгъ. Тхьэм типсэкІодхэр зэкІэ къытфигъэгъугъ.

14ТичІыфэхэу унашъохэр зигъусэхэр зэрыт тхылъым илъэкІ Тхьэм
ыгъэкІодыгъ. А тхылъыр къытпэуцугъ, ау Тхьэм ар Христос икъащ
тыриІулІэу, лъэныкъокІэ ригъэзэкІыгъ.

15Христос къащым зытелІыхьэм, джынэпцІэ Іэшъхьэтетхэмрэ тетыгъо
зиІэ джынэпцІыхэмрэ ялъэкІ аІихыжьи, ахэмэ зэратекІуагъэр
шъхьэихыгъэу къыщигъэлъагъоу, анапэ тырихыгъ.

16Арышъ, шъушхырэмрэ шъузашъорэмрэ яхьылІагъэуи, мэфэкІ
мэфэшхом, мэзакІэ мэфэшхом, зыгъэпсэфыгъо мафэм ягъэлъэпІэным
ехьылІагъэуи зыгорэм хьыкум къышъутыришІыхьанэу фит шъумышІ.

17А Іоф пстэури къэкІон фэе Іофхэм яжьау ныІэп, ау жьаур зиер Христос
ары.

18Шъо шъушъхьэ егъэлыягъэу жъугъэцІыкІун фаеуи, мэлэІичхэр
жъугъэлъэпІэнхэ фаеуи зыІорэм зыдешъумыгъэхьых. Ащ фэдэ цІыфым
Тхьэм Іофхэу къыригъэлъэгъугъэу зыфиІохэрэм атегущыІэ зэпытэу, мы
дунаим ицІыфхэм ягупшысакІэ зэриІэм пае, хьаулыеу зышІошІыжьы.

19Ащ фэдэ цІыфыр Христосэу шъхьэм гъусэ фэхъурэп. Шъхьэр ары
пкъыр зэзыпхэу, щыІэхэмкІи фэхыгъэхэмкІи пкъым зэкІэм кІуачІэ
езгъэгъотэу, ар зэкІэзыубытэрэр. Аущтэу Тхьэр зэрэфаем фэдэу пкъым
хэхъо.

20Христос шъуригъусэу шъулІагъэм фэд, цІыфхэм къызэрыкІо
гурыІоныгъэхэу мы дунаим ехьылІагъэу яІэхэми тетыгъо

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышІур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

къышъуфыряӀэжьэп. Адэ, Ӏофыр ащ зэрэтетым пае, мы дунаим ицӀыфхэм шъуащыщыгъэм фэдэу сыд пае шъузекӀора, мыщ фэдэ унашъохэм сыд пае шъуядэӀура:

21«Мы шхыным уемыӀ», «Мыр умышхы», «Мыщ унэмыс»?

22Ащ фэдэ унашъохэр зэхьылӀагъэхэр шхынхэу цӀыфхэм къызэраӀэкӀахьэу кӀодыжьхэрэр ары. А унашъохэр цӀыфмэ ашӀыгъэ унашъохэу, нэмыкӀ цӀыфхэм арагъашӀэхэрэр ары.

23ЦӀыфхэм къин ащэчызэ, Тхьэр агъэлъэпӀэнэуи, ашъхьэ егъэлыягъэу агъэцӀыкӀунэуи, апкъыхэм къин арагъэщэчынэуи а унашъохэм зэрэрагъэзхэрэм пае, акъылышӀуагъэ ахэлъэу теплъэ яӀ, ау пкӀэ яӀэп. Сыда пӀомэ, Ӏоф мыхъо-мышӀэхэу цӀыфхэм агу зыкӀэхъопсыхэрэм апэуцунхэу ӀэпыӀэгъу афэхъунхэ алъэкӀырэпышъ ары.

## Колоссэ 3

1Тхьэм шъо Христос шъуригъусэу лӀагъэхэм шъукъахигъэтэджыкӀыжьыгъ. Арышъ, уашъоу Тхьэм иджабгъукӀэ госэу Христос зыдэщыӀэм иӀофхэм ауж шъуит.

2Мы дунаим иӀофхэм шъуямыгупшысэу, уашъом иӀофхэм шъуягупшыс.

3Сыда пӀомэ, шъо шъулӀагъ, шъуищыӀэныгъэ шъыпкъи мыкӀодэу, Тхьэр зыдэщыӀэм дэжь Христос къышъуфегъэнэжьы.

4Христосэу тищыӀэныгъэшӀу шъыпкъэр къызылъагъокӀэ, шъори ащ шъуригъусэу щытхъушхо шъуиӀэу шъукъэлъэгъощт.

5Арышъ, шъуишэныжъ бзаджэ иӀофхэр жъугъэкӀодых: зинэ шӀэнри, гумыкъэбзагъэри, хъопсэ мыхъо-мышӀэхэри, хъопсэ Ӏаехэри, нэйпсыягъэри – нэйпсыягъэр тхьэ нэпцӀ гъэлъэпӀэным фэдэ мэхъу.

6Ащ фэдэ Ӏофхэм апае ежь емыдэӀухэрэм Тхьэр къафэгубжы.

7А цӀыфхэм шъузягъусэм, шъори ащ фэдэ Ӏофхэм шъуапылъыщтыгъ.

8Ау джы мыщ фэдэ Ӏофхэр зэкӀэ хэшъунэжьынхэ фае: губжынри, къызэкӀэплъыхьанри, бзэджагъэри, нэмыкӀ цӀыфхэм ӀаекӀэ атегущыӀэнри, емыкӀу гущыӀэнри.

9ШъузэрэмыгъэпцӀэжь, шъуишэныжъ бзаджэ иӀофхэр игъусэхэу хэшъунэжьи,

10шэнышӀукӀэр шъуашэм фэдэу зэшъущэкӀ. Тхьэу а шэнышӀур къэзгъэхъугъэм ежь ишэн фэдэ хъоу, ар егъэкӀэжь зэпыт, ежь зыфэдэр шъыпкъэу зэжъугъэшӀэным пае.

11Арышъ, зэрэзэтекӀхэрэ зи щымыӀэу, алыджри, джуртри, сунэт ашӀыгъэри, амышӀыгъэри, хымэри, Скит хэкум щыщри, пщылӀри,

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

шъхьафитри зэфэдэх. Христос зэкIэмэ апшъэ щыI, ежьыри шъо зэкIэми шъугухэм арылъ.

12Шъо, гукъэбзагъэ зиIэхэу, Тхьэм къыхихыгъэ цIыфхэу, ежь шIу ылъэгъухэрэм, гукIэгъуи, шIугъэри, мыпэгэнри, гушъэбагъэри, щэIагъэри шъугухэм арыжъугъэлъ.

13Зым зыр ерэщыI, зым адырэм гукъанэ горэ фыриIэмэ, зэфэжъугъэгъу. Христос къызэрэшъуфигъэгъугъэм фэдэу, шъори зэфэжъугъэгъу.

14ЗэкIэмэ анахьэу шIулъэгъур шъугухэм арыжъугъэлъ. ШIулъэгъур ары зы пкъы шъухъунэуи, зишъыпкъагъэ щыкIагъэ зимыIэ цIыф икъугъэхэу шъущытынэуи зэкIэ шъузэзыпхырэр.

15Христос къышъуитырэ гупсэфыр шъугухэм тетыгъор ащыриIэ орэхъу. Зы пкъым шъуфэдэу а гупсэфыр шъуиIэнэу Тхьэр къышъоджагъ. Ащи щытхъу фэшъушI.

16Христос игущыIэхэр шъугухэм куоу арыжъугъэлъ зэпыт. АкъылышIуагъэмкIэ зым адрэм рерэгъашI ыкIи гурерэгъаIу. ШъугухэмкIи Зиусхьаным щытхъу фэшъушIэу, орэдхэри, тхьэщытхъу орэдхэри, Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ шъугухэм къарилъхьэрэ орэдхэри Тхьэм пае къашъуIох.

17Зиусхьан Исус ыцIэкIэ Тхьэу Ты лъапIэм щытхъу фэшъушIызэ, сыд шъушIэми, сыд къашъуIоми, Исус ыцIэкIэ ар шъушIэ.

**ШIошъхъуныгъэ зиIэ унагъохэм язекIуакI**

18Шъо, шъузхэр, шъуилIыхэм шъуафэIорышI, Зиусхьаныр зыгу илъ цIыфхэм зэряфэшъуашэм фэдэу.

19Шъо, лIыхэр, шъуащыщэу хэти ишъуз шIу ылъэгъун фае, фэмыпхъашэуи дэпсэун фае.

20Шъо, бынхэр, шъуятэ-шъуянэхэм зэкIэмкIи шъуядэIу, сыда пIомэ, ар Зиусхьаным игъоу елъытэ.

21Шъо, тыхэри, шъуилъфыгъэхэр шъумыгъэгубжых, агу мыкIодыным пае.

22Шъо, унэIутхэр, мы дунаимкIэ шъузфэлажьэхэрэм зэкIэмкIи шъуядэIу. ШъуядэIу сэIо, ау агу къызэдгъэIун шъуIоу, анэхэмкIэ гъунэ къызэрэшъулъафырэм изакъоп, ау Тхьэм шIолIыкI фызэрэшъуиIэм пае, сыдигъуи шъугу етыгъэу шъуафэлажь.

23Сыд шъушIэми, цIыфхэм зэрафашъушIэрэм фэдэ орэмыхъу, ау Зиусхьаным зэрэфашъушIэрэм фэдэу, шъугу етыгъэу шъушIэ,

24сыда пIомэ, Зиусхьаным ицIыфхэм афигъэхьазырыгъэ Iахьышlур шъо Iофэу шъушIагъэм пае, къызэрэшъулъыIэсыщтыр шъошIэшъ ары. Зиусхьан Христос ары шъузфэлажьэрэр.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

25Тхьэм бзэджагъэ зышIэрэм ибзэджагъэ ригъэпщыныжьыщт; сыда
пIомэ, ятеплъэ емыплъэу, Зиусхьаным цIыф пстэури изэфэд.

## Колоссэ 4

1Шъо, тхьэматэхэр, уашъомкIэ шъори Зиусхьан зэрэшъуиIэр шъошIэшъ,
шъуиунэIутхэм шъузэрадэзекIон фаем тетэуи зафэу шъуадэзекIу.

**Аужырэ Iофхэр**

2Тхьэм шъуелъэIу зэпыт. Тхьэм шъуелъэIу зыхъукIэ, шъумычъыеу
шъусакъ, Тхьэм щытхъуи фэшъушI.

3Тхьэм тэри шъукъытфелъэIу. Христос ехьылIэгъэ Iоф шъэфхэр цIыфмэ
ядгъэIушъуным фэшI, къэбарышIум пае пчъэр тфыIуихынэу Тхьэм
шъуелъэIу. А къэбарышIур цIыфхэм зэрязгъэIугъэр ары хьапсым
сычIадзагъэу сызкIычIэсыр.

4Зэрэзгъэlун фаем фэдэу, а къэбарышIур цIыфхэм зэхэугуфыкIыгъэу
язгъэIушъунэу Тхьэм шъукъысфелъэIу.

5Игъор блэшъумыгъэкIэу, акъылышIуагъэкIэ шъущымыщ цIыфхэм
шъуадэзекIу.

6ГущыIэ мыщыухэр ахэмылъхэу, шъуигущыIэхэр орэгуапэх. Хэти пэгъокI
зэрешъутын фаер зэжъугъашIэ.

**Аужырэ шIуфэс гущыIэхэр**

7ШIу тлъэгъурэ тшы Тихик сикъэбархэр зэкIэ шъуигъэшIэщт. Ар
Зиусхьаным иIофкIэ IэпыIэгъу шъыпкъ ыкIи къыддэлажьэ.

8Мы Iоф дэдэу тиIофхэр зытетхэр шъуигъэшIэнри шъуигъэгушхонри ары
Тихик шъуадэжь къызкIэзгъакIорэр.

9Ащ игъусэу Онесимэу тызщыгугъэу шIу тлъэгъурэ тшыр къэсэгъакIо. Ар
шъуицIыфхэм ащыщ. ИтIум мыщ дэжьым къыщыхъугъэ Iоф пстэури
шъуагъэшIэщт.

10Аристархэу хьапсым къыздычIэсым шIуфэс къышъуехыжьы. Бар-Наббэ
иунэкъощ Марк шIуфэс къышъуехыжьы. Марк ехьылIагъэу унашъо сэ
къышъуфэсшIыгъ: шъуадэжь къакIомэ, дахэу ежъугъэблагъ.

11Исусэу ИустkIэ заджэхэрэми шIуфэс къышъуехыжьы. Тхьэм и
Тетыгъошхо пае къыздэлажьэрэ цIыфхэм джуртхэу ахэтхэр ахэр ары
ныIэп. Ахэмэ инэу сагъэгушхуагъ.

12Епафрасэу шъуицIыфхэм ащыщэу, Христос Исус фэлажьэрэм шIуфэс
къышъуехыжьы. Ар ишъыпкъэу Тхьэм къышъуфелъэIу зэпыт, Тхьэм
игъогу пытэу шъутыригъэтынэуи, сыд фэдэ лъэныкъокIи ежь зыфэе Iоф
пстэури зыфэдэхэр икъугъэу шъуигъэшIэнхэуи.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.

Institute for Bible Translation

13Епафрас шъори, тшыхэу Лаодикиерэ Иераполрэ къалэхэм адэсхэми
инэу къызэрэшъуфэлажьэрэм сыришыхьат.

14ТиIазэ Лукэу шIу тлъэгъурэмрэ Димасрэ шIуфэс къышъуахыжьы.

15Лаодикие дэс тшыхэми, Нимфани, ащ иунэ щызэрэугъоирэ чылыс
зэIукIэм щыщхэми аIапIэ сфэшъуубытыжь.

16Мы тхылъым шъузеджэрэ ужым, Лаодикие щыIэ чылыс зэIукIэм
щыщхэри мы тхылъым ерэджэх. Шъори Лаодикие щыIэ чылыс зэIукIэм
щыщхэми афэстхыгъэ тхылъэу къышъуфарагъэхьыщтми шъуедж.

17«Зиусхьаным о пшъэ къырилъхьэгъэ Iофыр гъэцакIэ» шъуIуи,
Архипп сфешъуIожь.

18Сэ, Паул, мы шIуфэс гущыIэхэр сIэкIэ сэтхых. Мы Iэхъу-лъэхъоу
къыстыралъхьагъэр зыщышъумыгъэгъупшэжь. Христос ынэшIу шъо
пстэуми къышъущерэф. Амин.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

# 1 Фессалоникэ

## 1 Фессалоникэ 1

### ШӀуфэс

1Сэ сы Паул. Силуанрэ Тимофейрэ сигъусэхэу, шъо, Тхьэу Ты лъапӀэмрэ
Зиусхьан Исус Христосрэ зыгу илъхэу, Фессалоникэ къалэм щыӀэ чылыс
зэӀукӀэм щыщхэм, мы тхылъыр къышъуфэсэтхы. Тхьэу Ты лъапӀэмрэ
Зиусхьан Исус Христосрэ анэшӀу къышъуещарэфи, гупсэф къышъуарэт.

### ШӀошъхъуныгъэ зиӀэхэу Фессалоникэ дэсхэм апае Паул Тхьэм щытхъу зэрэфишӀырэр

2Шъо пстэуми апае Тхьэм щытхъу фэтэшӀ зэпыт, Тхьэм тызелъэӀукӀи,
шъуигугъу тэшӀы.

3ШъуишӀошъхъуныгъэ шӀушӀагъэхэр зэрэшъуигъэшӀагъэм ти Тхьэу Ты
лъапӀэм ыпашъхьэ игугъу щытэшӀ зэпыт. ШъуишӀулъэгъу инэу
шъузэригъэлэжьагъэм, ти Зиусхьан Исус Христос шъущыгугъэу
шъузэрэпаплъэрэм пае, теубытагъэ шъуиӀэ зэрэхъугъэми ягугъу Тхьэм
ыпашъхьэ щытэшӀ зэпыт.

4Шъо, тшыхэу Тхьэм шӀу ылъэгъухэрэр, Тхьэм ибын шъухъунэу
шъукъызэрэхихыгъэр тэшӀэ,

5сыда пӀомэ, къэбарышӀур къызэрышъодгъэӀугъэр гущыӀэхэм язакъоп,
кӀуачӀэкӀи Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ илъэкӀыкӀи къэбарышӀур къышъодгъэӀугъ
нахь. Икъугъэуи къэбарышӀур шъушӀошъ дгъэхъугъэ. Тызышъухэтым,
тишӀуагъэ шъодгъэкӀэу тызэрэзекӀощтыгъэр шъошӀэ.

6Тэ тилъэужхэми Зиусхьаным илъэужхэми шъо шъуарыкӀощтыгъ. Сыда
пӀомэ, гузэжъогъушхо шъухэтыгъэ пэтми, Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ гушӀуагъоу
шъугухэм къарилъхьагъэмкӀэ Тхьэм игущыӀэхэр шъудагъэх.

7Аущтэу Македоние хэкумрэ Ахаие хэкумрэ арысхэу шӀошъхъуныгъэ зиӀэ
цӀыф пстэуми шапхъэ шъуафэхъугъ.

8Сыда пӀомэ, Зиусхьаным ехьылӀэгъэ къэбарышӀур шъуадэжь къикӀэу
зынэсыгъэхэр Македоние хэкумрэ Ахаие хэкумрэ язакъоп, ау ТхьэмкӀэ
шӀошъхъуныгъэ шъуиӀэ зэрэхъугъэм икъэбар тыдэкӀи цӀыфхэм щашӀэ
хъугъэ. Арышъ, а Ӏофым ехьылӀагъэу цӀыфхэм ащ нахьыбэ ятӀон
ищыкӀагъэп,

9сыда пӀомэ, дахэу тызэрежъугъэблэгъагъэри, щыӀэныгъэ зиӀэ Тхьэ
шъыпкъэм шъуфэлэжьэным пае, тхьэ нэпцӀхэм шъуакӀыб
зэрафэжъугъэзагъэри ахэмэ къаӀотэжьы.

10Тхьэм ы Къоу лӀагъэхэм къахигъэтэджыкӀыжьыгъэр уашъом
къызэрехыжьыщтым шъупэплъэ – Исусэу Тхьэм игубжэу къэкӀощтым
тыкъыӀэкӀэзыхыжьыщтыр ары.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

# 1 Фессалоникэ 2

## Фессалоникэ Паул Iофэу щишIагъэр

1Шъуадэжь тыкъызэрэкIуагъэр пкIэнчъэ зэрэмыхъугъэр шъошIэ.

2Зэрэшъушlэрэм фэдэу, Филиппи къалэм тызыщэlэм, цlыфхэм къиныбэ
щытагъэщэчыщтыгъэми, къыщытэхъоныщтыгъэхэми, шъуадэжь
цlыфыби къыщытпэуцущтыгъэми, Тхьэм тигъэгушхуи, ежь дэжь къикlырэ
къэбарышlур шъодгъэlугъ.

3Сыда пlомэ, къэбарышlур шъо шъушlошъ хъунэу
тыкъызкlышъолъэlурэр Тхьэм ар дгъэlунэу тпшъэ къырилъхьагъэшъ ары.
Тыгъощагъэп, тыгухэри мыкъабзэхэп, шъудгъэпцlэнэуи тыпылъэп.

4Ау Тхьэм а lофыр дгъэцэкlэнэу къытфигъэшъуаши, къэбарышlур
цlыфмэ ядгъэlунэу тпшъэ къызэрэрилъхьагъэм пае, къэбарышlур
къэтэlотэжьы. Цlыфмэ агу къызэдгъэlуным тыпылъэп, ау Тхьэу тыгухэм
яшъыпкъагъэ зыгъэунэфырэм ыгу къызэдгъэlуныр ары тызпылъыр.

5ГъэшIобзэ нэпцIыкIэ шъо тыкъызэрэшъупэмыгъокIыгъэр шъошIэ,
шъуишIуагъэ къызэдгъэкIынэу гъэбылъыгъэ гухэлъи тиIагъэп. АщкIэ
Тхьэр тишыхьат.

6Шъорми, нэмыкI цIыфхэми щытхъу къызфядгъэшIынэу тыпылъыгъэп.

7Христос тыриапостолэу, тетыгъоу тиIэр дгъэфедэу тыкъышъупэгъокIын
тлъэкIыщтыгъэми, ныр исабыйхэм шIукIэ зэрадэзекIорэм фэдэу, тэри
шIукIэ тыкъыжъудэзекIощтыгъ.

8Ащ фэдизэу шIу шъутлъэгъугъэти, Тхьэм дэжь къикIырэ къэбарышIур
шъодгъэIун закъор арэп тызфэягъэр, тпсэ шъуфэттынэуи тыфэягъ. Ащ
фэдизэу шIу шъутлъэгъугъ.

9Тшыхэр, зызэрэдгъэулэущтыгъэри, къин тлъэгъоу
тызэрэлажьэщтыгъэри, шъугу къэжъугъэкIыжь. Шъуащыщ горэми хьылъэ
тыфэмыхъуным пае, Тхьэм дэжь къикIырэ къэбарышIур къышъодгъэIу
зэхъум, чэщи мафи тылажьэщтыгъ.

10Хэти тызэригъэмысэн щымыIэу, гукъэбзагъэкIи, шъыпкъагъэкIи,
тызэрэшъухэтымкIэ шъо, шIошъхъуныгъэ зиIэхэр, шъутишыхьат, Тхьэри
тишыхьат.

11Тыр илъфыгъэхэм шъабэу зэрадэзекIорэм фэдэу, шъо шъуащыщэу
хэти тызэрэдэзекIощтыгъэр шъошIэ.

12Итетыгъошхо ыIэчIэгъ шъучIэхьанэуи ищытхъушхокIэ Iахь шъуиIэнэуи
къышъоджэгъэ Тхьэм шъуфэшъуашэу шъузекIонэу
къыжъугурыдгъэIуагъ, шъудгъэгушхуагъ ыкIи тышъолъэIугъ.

13Тхьэм щытхъу фэтэшI зэпыт. Сыда пIомэ, Тхьэм игущыIэхэр
зышъотэгъэIухэм, цIыфхэм ягущыIэхэм афэмыдэхэу, ау Тхьэм

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

игущыIэхэм афэдэхэу шъудагъэх, шъыпкъэмкIэ, ахэр Тхьэм игущыIэх. А гущыIэхэр шъо, шIошъхъуныгъэ зиIэхэм, шъугухэм арылъхэу, Iоф щашIэ.

14Христос Исус зыгу илъэу, Иудей хэкум щыIэ чылыс зэIукIэхэм ащыщ
цIыфхэм ялъэужхэм шъуатехьагъ. Сыда пIомэ, джуртхэм ахэмэ къин
зэрарагъэщэчыщтыгъэм фэдэу, шъулъэпкъ щыщхэм шъо къин
шъуагъэщэчыщтыгъ.

15Джуртхэм Зиусхьан Исусрэ пегъымбархэмрэ аукIыгъэх, тэри къин
тагъэщэчыгъ. Ахэр Тхьэм ыгу зэмыIурэ цIыфых, цIыф пстэуми япыих.

16Хымэ лъэпкъхэр мыкIодхэу, Тхьэм къыгъэнэжьынхэм пае, къэбарышIур
зятэгъэIум, къытпэуцунхэу пылъыгъэх. Аущтэу япсэкIодхэм япчъагъэ
рагъэкъу зэпытыщтыгъ. Ау Тхьэм игубж аужыпкъэм къатефагъ.

**ШIошъхъуныгъэ зиIэхэу Фессалоникэ дэсхэр джыри зэ Паул ылъэгъужьынхэу зэрэфэягъэр**

17Тыгурэ тпсэрэкIэ шъуадэжь тыщыIэу, тпкъыкIэ охътэ заулэ
тышъупэIапчъэу къызытэхьым, тшыхэр, тыкъышъуфалIэу
шъузэдгъэлъэгъуным инэу тыпылъыгъ.

18Шъуадэжь тыкъэкIонэу тыфэягъ. Сэ, Паул, мызэу-мытIоу сыкъэкIоным
сыпылъыгъ, ау шэйтаным къыддигъэхъугъэп.

19ТызгъэгушIорэри, тиIахьышIу тыпаплъэзэ, тиIэ зэрэхъущтым
тыщызгъэгугъырэри шъорыба? ТекIоныгъэр къызэрэтхьыгъэр
къэзгъэлъагъорэ танджэу, Зиусхьан Исус къызыкIожьыщт мафэм дэжь
ежь ыпашъхьэ щытиIэу тызэрыпэгэщтыр шъорыба?

20Шъыпкъэ, тищытхъуи, тигушIуагъуи къызхэкIырэр шъоры.

## 1 Фессалоникэ 3

1Ащ нахьыбэ тфэмыщэчыжьэу, тизакъоу Афинэ къалэм тыкъыдэнэнэу
тетыубытагъ.

2,3Тимофей тэ тшы, Тхьэм фэлажьэу, Христос ехьылIэгъэ къэбарышIур
цIыфхэм ягъэIун IофымкIи къыддэлажьэ, ар шъуадэжь къэдгъэкIуагъ. Ар
къызфэдгъэкIуагъэр мы гузэжъогъухэм шъуащыщэу хэти гъогу занкIэм
тырамыгъэкIыным пае, шъугухэм кIуачIэ аригъэгъотынэуи,
шъуишIошъхъуныгъэ шъутетынэу шъуигъэгушхонэуи ары. Ащ фэдэ
гузэжъогъухэм тахэфэн фаеу зэрэхъурэр шъо шъошIэ.

4Шъуадэжь тызыщэIэм, гузэжъогъу тызэрэхэфэщтыр шъотIогъагъэ.
Аущтэуи хъугъэ, шъори ар шъошIэ.

5Арышъ, ащ нахьыбэ сфэмыщэчыжьэу, шъуишIошъхъуныгъэ зытетыр
зэзгъэшIэнэу Тимофей шъуадэжь къэзгъэкIуагъ, шэйтанэу цIыфхэм
псэкIод язгъэшIэнэу ыуж итым зыгорэкIэ шъудихьыхыгъэу, тиIоф
хьаулыеу хъугъакъомэ сэщынэти.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

6Джы Тимофей шъуадэжь къикIыжьи, тадэжь къызэкIожьым, шъуишIошъхъуныгъэрэ шъуишIулъэгъурэ якъэбар дахэхэр къытфихьыгъэх. ШIукIэ шъугу тыкъызэрэкIыжь зэпытри, шъо шъутлъэгъуным тызэрэкIэхъопсырэм фэдэу, шъори тэ тышъулъэгъунэу шъузэрэкIэхъопсырэри ащ къытиIотэжьыгъ.

7Тшыхэр, къин пстэуми, гузэжъогъу пстэуми тахэт пэтми, шъуишIошъхъуныгъэ икъэбаркIэ тыжъугъэгушхуагъ.

8Джы Зиусхьаным игъогу пытэу шъузэрэтетым пае, шъыпкъэмкIэ тэпсэу.

9Шъощ пае гушIуагъоу Тхьэм ыпашъхьэ щытиIэ пстэуми ипэгъокI фэдэу, шъощ пае сыдэущтэу икъунэу Тхьэм щытхъу фэтшIына?

10Шъутлъэгъужьынэуи, шъуишIошъхъуныгъэ ищыкIагъэхэр идгъэкъужьынхэуи чэщи мафи тыгу етыгъэу Тхьэм телъэIу.

11Ежь ти Тхьэу тя Тэ лъапIэрэ ти Зиусхьанэу Исус Христосрэ шъуадэжь тыкъэкIонэу гъогу къытфызэIуарэх.

12Тэ шIу шъузэрэтлъэгъурэм фэдэу, Зиусхьаным нахь лъэшэу шIу шъузэригъэлъэгъужь зэпытынэуи цIыф пстэури шIу шъуигъэлъэгъужь зэпытынхэуи орэхъу.

13Ти Зиусхьан Исус Христос ицIыф лъэпIэ пстэури игъусэу мы дунаим къызыкIожьыкIэ, зыми шъузэригъэмысэн щымыIэу, гукъэбзагъэкIэ Тхьэу Тятэ лъапIэ ыпашъхьэ шъуиуцоным пае, шъугухэр ерэгъэпытэх.

## 1 Фессалоникэ 4

### ЗекIуакIэу Тхьэм ыгу зэIурэр

1Аужыпкъэм, тшыхэр, мыр шъосэIо. Тхьэм ыгу къышъоIуным пае, шъузэрэзекIон фаер шъодгъэшIагъ. Аущтэуи шъозекIо. Аущтэу шъузекIо зэпытынэу Исус ыцIэкIэ тышъолъэIу ыкIи къышъуфэтэгъэпытэ.

2Зиусхьан Исус ыцIэкIэ унашъохэу къышъуфэтшIыгъэхэр шъошIэх.

3Тхьэр зыфаер гукъэбзагъэкIэ шъупсэунри, зинэ шIэным зыщышъудзыенри ары.

4,5Ащ нэмыкIэуи Тхьэм шIоигъор ежь зымышIэрэ хымэ лъэпкъхэм ащыщ цIыфхэу зыгукIэ зыкIэхъопсырэ зинэ мыхъун Iофхэм зязытхэрэм шъуафэмыдэу, гукъэбзагъэкIэ щытхъу хэлъэу, шъуащыщэу хэти ежь ыпкъ тетыгъо зэрэфыриIэщтыр ары.

6ЕтIанэ а IофымкIэ зыми ыш мыхъун римышIэнэу е къымыгъэпцIэнэу Тхьэм шIоигъу. КъызэрэшъотIуагъэм ыкIи къызэрэжъугурыдгъэIуагъэм фэдэу, ащ фэдэ бзэджагъэ зышIэрэ цIыф пстэуми яфэшъуашэр Зиусхьаным аригъэпщыныжьыщт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

7Сыда пIомэ, тыгухэр мыкъабзэу тыпсэунэу арэп Тхьэр
къызфытэджагъэр, тыгухэр къабзэу тыпсэунэу ары нахь.

8Арышъ, мы унашъор зымыдэрэм, цIыфыр арэп ымыдэрэр, Тхьэу зы Псэ
ЛъапIэ тыгухэм къарызылъхьэрэр ары нахь.

9Зэкъошхэм афэдэу, шIу шъузэрэлъэгъун зэрэфаер къышъуфэстхынэу
ищыкIагъэп. ШIу шъузэрэлъэгъунэу Тхьэм шъуигъэшIагъэ.

10Македоние хэкум зэкIэ ис шы пстэури шIу шъолъэгъу. Ахэр нахь
лъэшэу шIу шъулъэгъу зэпытынэу сышъолъэIу.

11Iасэу шъупсэоу, нэмыкI цIыфхэм яIоф шъуиIоф хэшъумылъхьэу,
шъуIэхэмкIэ шъулажьэу шъузэрэпсэущтым ыуж шъуит, унашъо
къызэрэшъуфэтшIыгъэм фэдэу.

12Аущтэу къышъущымыщ цIыфхэм апашъхьэ хабзэм тетэу
шъущыпсэущт, щыкIагъи зи шъуиIэщтэп.

**Зиусхьан Исус мы дунаим къызэрэкIожьыщтыр**

13Тшыхэр, лIагъэхэм яIоф зытетыр шъумышIэу шъукъэдгъэнэнэу
тыфаеп, нэмыкI цIыфхэу гугъапIэ зимыIэхэм агу къызэреорэм фэдэу,
шъугу къемыоным пае.

14Исус лIи, лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыгъэмкIэ шIошъхъуныгъэ тиI.
Арышъ, ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэу лIагъэхэр Исус игъусэхэу Тхьэм
ежь дэжь зэрищэщтхэр тшIошъ мэхъу.

15Зиусхьаным игущыIэхэм атетэу мыр къышъотэIо: Зиусхьаныр дунаим
къызыкIожькIэ, тэ, псэоу къэнагъэхэр, лIагъэхэм апэ тишъыщтэп.

16Тхьэм иунашъо хъоу, апэрэ мэлэIичым ымакъэрэ Тхьэм ыбжъэмыешхо
ымакъэрэ къызыIухэкIэ, ежь Зиусхьаныр уашъом къехыщт. КъызехыкIэ,
ХристоскIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэу лIагъэхэр апэу къэтэджыжьыщтых.

17ЕтIанэ тэ, псэоу къэнагъэхэр, ахэмэ тырягъусэу ошъуапщэхэм тахэтэу,
Тхьэм тыдихьыещт, жьыбгъэм хэтэу жьым Зиусхьаным
тыщыпэгъокIыным пае. ЕтIанэ Зиусхьаным тыригъусэ зэпытыщт.

18Мы гущыIэхэмкIэ шъузэрэгъэгушху.

## 1 Фессалоникэ 5

1Тшыхэр, а Iофхэр къызыхъущт лъэхъанхэми сыхьатхэми яхьылIагъэу
къышъуфэттхыныр ищыкIагъэп.

2ТыгъуакIор чэщым цIыфхэм амышIахэу къызэрякIурэм фэдэу,
Зиусхьаныр дунаим къызыкIожьыщт мафэр къызэрэкIощтыр шъошIэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

3«Джы гупсэфыгъо тиI, щынагъо зи щыIэп», цIыфхэм заIокIэ, етIанэ амышIахэу къинышхо къафэкIощт, хъушъэн ихьэгъэ бзылъфыгъэм къинышхо къызэрэфакIорэм фэдэу. Ащ хэкIыжьыпIэ иIэщтэп.

4Ау шъо, тшыхэр, шIункIым шъухэтэп. Арышъ, а мафэр тыгъуакIом фэдэу шъумышIахэу къышъуфэкIощтэп.

5Шъо, зэкIэри, нэфынэм шъурибын, мафэми шъурибын. Тэ чэщыми шIункIыми ябынхэм тащыщэп.

6Арышъ, адрэ цIыфхэр зэрэчъыехэрэм фэдэу, тычъые хъущтэп, ау тымычъыеу тысакъын фае, щэIэныгъи тиIэн фае.

7Сыда пIомэ, чэщыр ары цIыфхэу чъыехэрэр зычъыехэрэр, чэщри ары ешъохэрэр зешъохэрэр.

8Ау тэ мафэм тырибынышъ, щэIэныгъэ зитэжъугъэгъаI. ШIошъхъуныгъэмрэ шIулъэгъумрэ ашъоджанэм фэдэу зыщытэжъугъалъ, тымыкIодэу Тхьэм тыкъызэригъэнэжьыщтыми тыщыгугъэу, тызэрэпаплъэрэр танджым фэдэу къэтэжъугъэIэт.

9Сыда пIомэ, Тхьэм игубж къыттыригъэфэнэу арэп ибын тыхъунэу тызфигъэнэфагъэр, ти Зиусхьан Исус Христос къыпкъырыкIэу тымыкIодэу тыкъыгъэнэжьынымр ары нахь.

10Тэщ пае Исус лIагъэ, тыпсэуми, тылIагъэми, ежь тыригъусэу тыпсэуным пае.

11Арышъ, шъузэрэгъэгушху, зым адрэми нахь лъэкI гурэ псэрэкIэ рерэгъэгъот.

**Аужырэ Iофхэр**

12Тшыхэр, къышъуфэлажьэхэу, Зиусхьаным иIофхэмкIэ тетыгъо къышъуфызиIэ цIыфхэу къыжъугурызгъаIохэрэм лъытэныгъэ афэшъушIынэу тышъолъэIу.

13Ахэмэ Iофэу ашIэрэм пае лъытэныгъэшхо афэшъушI, шIу шъулъэгъух. ШъузэгурыIу.

14Тшыхэр, тышъолъэIу, лэжьэнхэу зымыдэхэрэм шъуяушъый, зыгу кIодыгъэхэр жъугъэгушхох, IэпыIэгъу зищыкIагъэхэми шъуадэIэпыI, щэIагъэкIэ цIыф пстэуми шъуапэгъокI.

15Хэти зыгорэм ибзэджагъэ бзэджагъэкIэ пэрэмыгъокIыжь. Ау шъо шIу зэрэзэфэшъушIэщтым шъупылъ, цIыф пстэуми шIу зэрафэшъушIэщтыми ыуж шъуит зэпыт.

16Сыдигъуи шъугушIу.

17Зэпымыоу Тхьэм шъуелъэIу.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

18Сыд къышъохъулIэми, Тхьэм щытхъу фэшъушI, сыда пIомэ, шъо, Исус
Христос зыгу илъхэм, аущтэу шъузекIоныр ары Тхьэр зыфаер.

19Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ имашIо шъумыгъэкIуасэ.

20Тхьэм ежь игущыIэхэр цIыфхэм агухэм къарилъхьэхэу,
къызэраригъаIохэрэр пхъэтэпэмыхь шъумышIы.

21Iоф пстэуми яшъыпкъагъэ жъугъэунэфы, дэгъум шъутет.

22Сыд фэдэ бзэджагъэми зыщышъудзый!

23Гупсэф къытэзытырэ Тхьэм шъугухэр икъукIэ ерэгъэкъэбзэжь, иягъи
къышъомыкIэу шъугуи, шъупси, шъупкъи къерэухъум, Зиусхьан Исус
Христос дунаим къызыкIожьыкIэ, зыми шъузэригъэмысэн зи щымыIэным
пае.

24Тхьэу къышъуаджэрэр шъыпкъэ, ащи а Iофыр ыгъэцэкIэщт.

25Тшыхэр, Тхьэм шъукъытфелъэIу.

26Тшы пстэуми гукъэбзагъэкIэ IаплI яшъущэкIэу шIуфэс сфяшъухыжь.

27Мы тхылъым шъушы пстэуми шъукъафеджэнэу Зиусхьаным ыцIэкIэ
унашъо къышъуфэсэшIы.

28Ти Зиусхьан Исус Христос ынэшIу къышъущерэф. Амин.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

# 2 Фессалоникэ

## 2 Фессалоникэ 1

**ШIуфэс**

1Сэ сы Паул. Шъо, Тхьэу Тятэ лъапIэрэ Зиусхьан Исус Христосрэ зыгу
илъхэу Фессалоникэ къалэм щыIэ чылыс зэIукIэм щыщхэм, Силуанрэ
Тимофейрэ сигъусэхэу мы тхылъыр къышъуфэсэтхы.

2Тхьэу Тятэ лъапIэрэ Зиусхьан Исус Христосрэ анэшIу къышъущарэфи,
гупсэф къышъуарэт.

**Тхьэм зафэу цIыфхэм хьыкум къызэратыришIыхьащтыр**

3Тшыхэр, шъощ пае Тхьэм щытхъу фэтшI зэпытын фае. Ари тэрэз, сыда
пIомэ, шъуишIошъхъуныгъэ хэхъо зэпыт, шъуащыщэу хэти адрэм
шIулъэгъоу фыриIэми хэхъо зэпыт.

4Арышъ, цIыфхэм сыд фэдиз къин шъуагъэщэчми, сыд фэдиз гузэжъогъу
шъухэтми, теубытагъэрэ шIошъхъуныгъэрэ зэрэшъуиIэм пае, Тхьэм
ичылыс зэIукIэхэм адэжь шъуищытхъу щытэIо.

5А Iоф пстэуми Тхьэм ихьыкум зафэу зэришIырэр къагъэшъыпкъэ, сыда
пIомэ, теубытагъэ зэрэшъуиIэм пае, Тхьэм и Тетыгъошхоу къин
зыфэшъушэчырэм ыIэчIэгъ шъучIэхьанэу къышъуфигъэшъошэщт.

6Шъо гузэжъогъу шъухэзыдзэрэ цIыфхэр гузэжъогъум хидзэжьынхэр
Тхьэм зафэу елъытэ.

7Шъо, гузэжъогъум хэтхэр, шъутигъусэу гупсэф къышъуитыжьынри Тхьэм
зафэу елъытэ. Ар зыхъущтыр Зиусхьан Исус уашъом къехэу имэлэIичхэу
лъэкI зиIэхэр игъусэхэу къызылъэгъощт мафэр ары.

8Тхьэр зымышIэрэ цIыфхэу, ти Зиусхьан Исус ехьылIэгъэ къэбарышIум
емыдэIухэрэм ябзэджагъэ аригъэпщыныжьыным пае, мэшIотхъуабзэм
хэтэу Зиусхьан Исус дунаим къэкIожьыщт.

9А цIыфхэр Зиусхьаным ынапэрэ, ежь лъэкIышхоу щытхъушхо зиIэмрэ
апэчыжьэхэу, мыухыжьын кIодыныр Iахьэу Тхьэм атырилъхьащт.

10Ар къызыхъущтыр Зиусхьаныр дунаим къызыкIожьыщт мафэр ары. А
мафэм ицIыф лъапIэхэм ежь щытхъу фашIыщт, ежьыркIэ
шIошъхъуныгъэ зиIэ хъугъэ цIыфхэми зэкIэми ежь агъэшIэгъощт. Шъори
а цIыфхэм шъуахэтыщт, сыда пIомэ, тишыхьатныгъэ шъушIошъ
хъугъэшъ ары.

11Джары шъощ пае зэпымыоу Тхьэм тызкIелъэIурэр. Тхьэр
къызэрэшъоджагъэм тетэу, ибын шъухъуныр къышъуфигъэшъошэнэу
телъэIу. ИлъэкIышхокIи шIугъэу шъугухэм арылъ пстэури

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

шъуигъэгъэцэкӀэнэуи, шъуишӀошъхъуныгъэ къыхэкӀырэ ӀофышӀу пстэури рышъуигъэгъэкъунэуи Тхьэм телъэӀу.

12Аущтэу ти Зиусхьан Исус ыцӀэ цӀыфхэм щытхъу фяжъугъэшӀыщт,
Зиусхьаныр шъугухэм зэрарылъым паий, шъори щытхъу шъуиӀэ хъущт.
Ти Тхьэрэ ти Зиусхьан Исус Христосрэ анэшӀу къызэрэшъущафэрэм
тетэу аущтэу хъущт.

## 2 Фессалоникэ 2

### Бзэджэныгъэм ицӀыф

1Ти Зиусхьан Исус Христос дунаим къызэрэкӀожьыщтымрэ ежь дэжь
тызэрэщызэрэугъоижьыщтымрэ яхьылӀагъэу, тшыхэр, моущтэу
тышъолъэӀу:

2Христос дунаим къызыкӀожьыщт мафэр къэсыгъэу, Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ
ежь ыгу къырилъхьагъэу цӀыф горэм ыӀозэ, пцӀы къеусыми, е а мафэр
къэсыгъэу къэбар къаӀуатэми, е тэ тхылъэу къэттхыгъэм аущтэу итэу
цӀыфхэм пцӀы къаусыми, а Ӏофым псынкӀэу зешъумыгъэгъэгумэкӀ,
зешъумыгъэгъэщын.

3Хэт щыщи зыкӀи зыкъешъумыгъэгъапцӀ. ЦӀыфхэм акӀыб Тхьэм
фагъазэным ыпэкӀэ, бзэджэныгъэм ицӀыфэу Тхьэм ыгъэкӀодыжьыщтыр
къэлъэгъоными ыпэкӀэ, а мафэр къэсыщтэп.

4А цӀыфыр тхьэхэу зыфаӀохэрэми, цӀыфхэм агъэлъапӀэрэ Ӏоф пстэуми
апэуцужьыщт, ахэмэ пстэуми анахьи нахь инэу зилъытэжьыщт. Тхьэм
иунэшхуи итӀысхьанышъ, «Сэ сы Тхь» ыӀощт.

5Шъуадэжь сызыщэӀэм, мы Ӏофхэр къызэрэшъосӀуагъэхэр шъугу
къэкӀыжьырэба?

6Бзэджэныгъэм ицӀыф джы гъогу езымытырэри шъо шъошӀэ. Ау игъо
къызыскӀэ, бзэджэныгъэм ицӀыф къэлъэгъощт.

7Сыда пӀомэ, бзэджэныгъэм илъэкӀ шъэф джы Ӏоф ешӀэ. Ау джы нэс
бзэджэныгъэм ицӀыф гъогу езымытыгъэр ыпэ рапшӀэу ӀукӀыжьын фае.

8ЕтӀанэ бзэджэныгъэм ицӀыф къэлъэгъощт. Ау Зиусхьан Исус щытхъушхо
иӀэу къызыкӀожьыкӀэ, ыжэкӀэ къыщэрэ жьымкӀэ ар ыукӀыжьыщт,
ыгъэкӀодыжьыпэщт.

9Бзэджэныгъэм ицӀыф къызыкӀокӀэ, шэйтаным илъэкӀ иӀэу къэкӀощт. ЛъэкӀ
Ӏофышхо нэпцӀхэри зэкӀэ, нэшэнэ гъэшӀэгъон нэпцӀхэри, Ӏофышхо
гъэшӀэгъон нэпцӀхэри цӀыфхэм аригъэлъэгъущт.

10Сыд щыщырэ бзэджэныгъэкӀи цӀыфхэу кӀодыпӀэм игъогу тетхэр
ыгъэпцӀэщтых. Ахэр зыкӀэкӀодхэрэр мыкӀодхэу зыкъагъэнэжьыным пае,
шъыпкъэр шӀу алъэгъунэу зэрамыдагъэр ары.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

[11]Арышъ, пцІыр ашІошъ хъуным пае, Тхьэм ахэмэ ягупшысакІэ зэрегъэкІокІы.

[12]Аущтэу шъыпкъэр зышІошъ мыхъугъэхэу бзэджагъэм зыгу еІурэ цІыф пстэури Тхьэм ыгъэмысэщт.

**ШъумыкІодэу шъукъыгъэнэжьыным пае Тхьэм шъукъыхихыгъ**

[13]Ау шъо, тшыхэу Зиусхьаным шІу ылъэгъухэрэр, шъощ пае Тхьэм щытхъу фэтшІ зэпытын фае, сыда пІомэ, ублапІэм щегъэжьагъэу шъумыкІодэу шъукъыгъэнэжьыным пае, Тхьэм шъукъыхихыгъ. Тхьэм ежь ы Псэ ЛъапІэу шъугухэр зыгъэкъэбзэжьырэм илъэкІыкІи, шъыпкъэр шъушІошъ зэрэхъугъэмкІи шъумыкІодэу шъукъегъэнэжьы.

[14]Тхьэр ибынхэм ащыщ шъухъунэу къызэрэшъоджагъэр къэбарышІоу шъодгъэІугъэр ары. Аущтэу ти Зиусхьан Исус Христос ищытхъушхокІэ Іахь къышъулъыІэсыщт.

[15]Арышъ, тшыхэр, шъукъызэкІэмыкІоу, бзэгукІи тхылъымкІи шъодгъэшІэгъэ Іофхэм пытэу шъуатетэу гъогум шъурыкІон фае.

[16,17]Тхьэу Тятэ лъапІэу шІу тызылъэгъугъэу, зынэшІу щыфэныгъэкІэ сыдигъуи тызгъэгушхорэм шІум тыщегъэгугъы. Ежьыррэ ти Зиусхьан Исус Христосрэ сыд щыщ шІугъэ жъугъэцэкІэным, шъуІоным пае шъуарэгъэгушху, шъугухэри арэгъэпытэх.

## 2 Фессалоникэ 3

**Тхьэм шъукъытфелъэІу**

[1]Аужыпкъэм, тшыхэр, шъуадэжь зэрэщыхъугъэм фэдэу, Зиусхьаным икъэбарышІу цІыфхэм тыдэкІи анэсынэуи, цІыфхэм а къэбарышІум щытхъу фашІынэуи Тхьэм шъуелъэІу.

[2]ЦІыф бзэджэ-наджэхэм тащиухъумэнэу Тхьэм шъуелъэІу, сыда пІомэ, зэкІэ цІыфхэм шІошъхъуныгъэ яІэп.

[3]Ау Зиусхьаным ыІорэр къегъэшъыпкъэ. Ащ шъугухэр ыгъэпытэщт, шэйтанми шъущиухъумэщт.

[4]Тиунашъохэр зэрэжъугъэцакІэхэрэмкІи зэрэжъугъэцэкІэщтхэмкІи Зиусхьаным тыкъышъущегъэгугъы.

[5]Тхьэм ишІулъэгъурэ Христос итеубытагъэрэ Зиусхьаным шъугухэр аферэгъазэх.

**ШІошъхъуныгъэ зиІэхэр мылажьэхэ хъущтэп**

[6]Тшыхэр, хэтрэ тшэу лэжьэныр зымыдэу, къышъуфэдгъэнэгъэ унашъохэм атемытым зыщышъудзыенэу ти Зиусхьан Исус Христос ыцІэкІэ унашъо къышъуфэтэшІы.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышІур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

7Шъор-шъорэу шъошIэ тилъэужхэм шъузэрарыкIон фаер. Шъуадэжь
тызыщэIэм, тымылажьэу къыхэкIыгъэп.

8Зыдгъэхьакlэу зыми ихьалыгъуи тшхыгъэп. Ау тыулэоу, лъэшэу
тылажьэу, шъуащыщэу зыми хьылъэ тыфэмыхъуным пае, чэщи мафи
Iоф тшIэщтыгъ.

9ЗышъодгъэхьакIэнэу фитыныгъэ тимыIагъэп, ау тилъэужхэм
шъуарыкIоным пае, шапхъэ тышъуфэхъунэу тызэрэфэягъэр ары
тызкIэлэжьагъэр.

10Шъуадэжь тызыщэIэм, мы унашъор къышъуфэтшIыгъ: лэжьэнэу
зымыдэрэр орэмышхэ.

11Сыда пIомэ, шъуащыщхэу заулэмэ лэжьэнхэр амыдэу зэхэтхыгъэ.
Ахэмэ Iоф зи ашIэрэп, ау яIоф зыхэмылъым пылъых.

12Ащ фэдэ цIыфхэр самбырэу лэжьэнхэу, ежь яхьалыгъуи ашхынэу ти
Зиусхьан Исус Христос ыцIэкIэ унашъо афэтэшIы ыкIи тялъэIу.

13Шъо, тшыхэр, мыр шъотэIо, шъуемызэщэу шIушIэным шъупылъ.

14ЦIыф горэ мы тхылъым итхэу шъуатIохэрэм ямыдэIумэ, а цIыфым
гъунэ лъышъуф, жъугъэукIытэжьыным паи ащ гъусэ шъуфэмыхъу.

15Ау шъуипыим фэдэу шъуемыплъ, шъушы фэдэу гурыжъугъаIу нахь.

**Аужырэ шIуфэс гущыIэхэр**

16ЗэкIэ гупсэфыр къытэзытырэ Зиусхьаным зэкIэмкIи сыдигъуи гупсэф
къышъуерэт. Зиусхьаныр шъо пстэуми шъуерэгъус.

17Сэ, Паул, сIэкIэ мы шIуфэс гущыIэхэр къышъуфэсэтхы. Мары
зэрэстхырэр.

18Ти Зиусхьан Исус Христос ынэшIу шъо пстэуми къышъущерэф. Амин.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

# 1 Тимофей

## 1 Тимофей 1

### Шlуфэс

1 Сэ сы Паул. ТымыкIодэу тыкъэзгъэнэжьырэ Тхьэмрэ Зиусхьан Исус Христосэу тызщыгугъырэмрэ яунашъокIэ Исус Христос иапостол сыхъугъ.

2 О, Тимофееу, шIошъхъуныгъэ зэрэуиIэм пае скъо шъыпкъэм фэдэ хъугъэм, мы тхылъыр къыпфэсэтхы. Тхьэу Ты лъапIэмрэ Христос Исусэу ти Зиусхьанрэ анэшIу къыпщарэфи, гукIэгъу къыпфарэшIи, гупсэф къыуарэт.

### Дин гъэсэкIо нэпцIхэр

3,4 Сэ Македоние хэкум сыкIо зэхъум, сыкъызэрэолъэIугъэм фэдэу, Ефес къалэм къыдан, цIыфхэм Iоф пхэнджхэр арамыгъэшIэнхэуи, тхыдэжъхэми, гъунэ зимыIэ лIэкъо зэтекIхэми апымылъынхэуи цIыф заулэмэ унашъо афэпшIыным пае. Ащ фэдэ Iофхэм къарыкIырэр зэнэкъокъуныгъэхэр ары. Тхьэм игухэлъэу шIошъхъуныгъэмкIэ зиIоф зыгъэцакIэрэм а Iофхэм яшIуагъэ рагъэкIырэп.

5 Мы унашъор зыкIэтшIырэр мыхъун зи зыдэзымышIэжьырэ гу къабзэмрэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэмрэ къакIэкIырэ шIулъэгъур тиIэ хъуныр ары.

6 ЦIыф заулэхэр ахэмэ атекIыгъэхэу, пкIэ зимыIэ зэнэкъокъухэм зафагъэзагъ.

7 Тэурат егъэджэкIо пащэхэу залъытэми, къаIохэрэри гушхокIэ зытегущыIэхэрэ Iофхэри ашIэхэрэп.

8 Хабзэр зэрэдэгъур тэшIэ, цIыфыр хабзэм зэрэфыщытын фаем тетэу фыщытмэ.

9 Шъыпкъагъэ зиIэ цIыфхэм хабзэр зэрафамыгъэуцугъэр тэшIэ, ау хабзэр зыфагъэуцугъэхэр мыхэр арых: хабзэм текIыхэрэр, хабзэм пэуцухэрэр, Тхьэм шIолIыкI фызимыIэхэр, псэкIод зышIэхэрэр, зыгу мыкъабзэхэр, Тхьэр зымыгъэлъапIэхэрэр, ны-тыхэри зыукIыхэрэр, цIыф укIакIохэр,

10,11 зинэ зышIэхэрэр, хъулъфыгъэхэм шъузпIапкIэу якIуалIэхэрэр, цIыфхэр зыщэхэрэр, пцIы зыусхэрэр, шыхьат нэпцI хъухэрэр, хэт щыщми къэбарышIум тызфигъасэрэ Iофхэу тызщыгугъышъунэу щытхэм атемытхэр. А къэбарышIоу щытхъушхо зиIэр згъэIунэу Тхьэу щытхъушхо зиIэм спшъэ къырилъхьагъ.

### Паул Тхьэм игукIэгъу пае щытхъу зэрэфишIырэр

12 Исус Христосэу, Ти Зиусхьанэу сиIоф сшIэнэу сэзгъэлъэкIыгъэм щытхъу фэсэшIы. Ащ цыхьэ къысфишIи, мы Iофыр спшъэ къызэрэрилъхьагъэм пае, щытхъу фэсэшIы.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

13Сэ ежь згъапцӀэщтыгъ, ицӀыфхэми къин язгъэщэчыщтыгъ, ежь
сехъоныщтыгъэми, гукӀэгъу къысфишӀыгъ, сыда пӀомэ, шӀошъхъуныгъэ
симыӀэу Ӏофхэу сшӀэщтыгъэхэр къызгурымыӀохэу сызекӀощтыгъэти ары.

14Ау ти Зиусхьан ынэшӀу инэу сэ къысщифагъ, Христос Исус сыгу илъ
зэрэхъугъэм паий, шӀошъхъуныгъэрэ шӀулъэгъурэ сыгу илъ хъугъэх.

15Мы гущыӀэхэр шъыпкъэх, цӀыф пстэуми ахэр адэнхэуи яфэшъуаш:
псэкӀод зышӀэхэрэр мыкӀодхэу къыгъэнэжьынхэм пае, Исус Христос мы
дунаим къэкӀуагъ. Ахэмэ ащыщэу апэ итыр сэры.

16Ау Исус Христос зэкӀэмэ апэу гукӀэгъу къызкӀысфишӀыгъэр сэ
къызэрэздэзекӀорэмкӀэ ищэӀэгъэшхо къыгъэлъэгъонэуи ары, ежьыркӀэ
шӀошъхъуныгъэ зиӀэ хъун цӀыфхэу мыкӀодыжьын щыӀэныгъэ
зыгъотыщтхэм шапхъэ сафэхъунэуи ары.

17ЕгъэшӀэрэ пачъыхьэу, мылӀэжьыщтэу, цӀыфхэм амылъэгъоу, Тхьэ
закъом мыкӀодыжьын лъытэныгъэшхомрэ щытхъушхомрэ ий. Амин.

18Скъо Тимофей, Тхьэм ежь игущыӀэхэу о къыохьылӀагъэу цӀыф заулэмэ
агухэм къарилъхьэхи, къаригъэӀуагъэхэм атетэу мы унашъор
къыпфэсэшӀы. А гущыӀэхэм атетэу дзэлӀ дэгъур шӀоу зэрэзаорэм фэдэу,

19шӀошъхъуныгъэ уиӀэу, угукӀэ мыхъун зи зыдэмышӀэжьэу, угу етыгъэу
уиӀоф шӀэ. ЦӀыф заулэмэ агухэмкӀэ мыхъун зи зыдамышӀэжьыныр яӀэнэу
зэрамыдагъэм пае, шӀошъхъуныгъэм игъогу текӀыжьыгъэх.

20Именейрэ Александрэрэ ащ фэдэ цӀыфхэм ащыщых. Ахэр шэйтаным
сэ фэзгъэзагъэх, Тхьэр амыгъэпцӀэнэу зэрагъэшӀэным пае.

## 1 Тимофей 2

### Тхьэм уелъэӀуныр

1ЗэкӀэмэ анахьэу сышъолъэӀу, цӀыф пстэуми апае Тхьэм шъуелъэӀу,
ӀэпыӀэгъу афэхъунэуи шъуелъэӀу, шӀугъэ аригъэгъотынэуи шъуелъэӀу,
Тхьэми щытхъу фэшъушӀ.

2Тхьэм шӀолӀыкӀ фытиӀэу, гукъэбзагъэкӀи, самбырэу ыкӀи гупсэфэу
тыпсэушъуным пае, пачъыхьэхэмрэ тетыгъо зиӀэхэмрэ Тхьэм
шъуафелъэӀу.

3Ар дэгъу, Тхьэу тымыкӀодэу тыкъэзгъэнэжьырэми ар игъоу елъытэ.

4Ежь цӀыф пстэури мыкӀодхэу къыгъэнэжьынхэуи, шъыпкъагъэр
зэрагъэшӀэнэуи шӀоигъу.

5Сыда пӀомэ, Тхьэр зы, Тхьэмрэ цӀыфхэмрэ азыфагу зэгъэшӀужьакӀоу
дэтыр зы, ар цӀыфэу Христос Исус ары.

6Ащ ыпсэ шъхьэщэфыжьэу цӀыф пстэуми апае ытыгъ. Исус аущтэу игъо
дэдэм тефэу, Тхьэм игухэлъ ыгъэшъыпкъэжьыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

7Джы Христос ехьылIэгъэ къэбарышIур згъэIунэуи, апостол сыхъунэуи
Тхьэм сызкIигъэнэфагъэр шIошъхъуныгъэмрэ шъыпкъэмрэ якъэбар хымэ
лъэпкъхэм язгъэшIэнэу ары – сэ шъыпкъэр къэсэIо, пцIы сыусырэп.

8ЛIыхэр тыдэкIи Тхьэм елъэIунхэу сыфай, гукъэбзагъэкIи аIэхэр аIэтызэ,
мыгубжыхэу, Тхьэми емыхъырэхъышэхэу.

9Ащ нэмыкIэу бзылъфыгъэхэри укIытэ ахэлъэу, хэбзэшIум тетэу, екIоу
зафэпэнэу сыфай. Шъхьац благъэкIи, дышъэмкIи, налмэс-
налкъутэхэмкIи, щыгъын лъапIэхэмкIи замыгъэкIэракIэу,

10шIушIагъэхэмкIэ зарэгъэкIэракI, «Тхьэм шIолIыкI фытиIэу тэпсэу»
зыIорэ бзылъфыгъэхэм зэряфэшъуашэм фэдэу.

11Бзылъфыгъэм зи ымыIоу, IорышIэу, Тхьэм иIофхэр зэригъэшIэнхэ фае.

12Бзылъфыгъэм Тхьэм иIофхэр цIыфхэм аригъэшIэнхэуи, лIы горэм
тетыгъо фыриIэнэуи сыдэрэп. Зи ымыIоу псэун фае.

13Сыда пIомэ, Тхьэм апэу къыгъэхъугъэр Адэм ары, етIанэ – Хьао.

14Блэм зыкъезгъэгъэпцIагъэри Адэм арэп, бзылъфыгъэр ары нахь.
Аущтэу бзылъфыгъэр Тхьэм игъогу текIыгъ.

15Ау шIошъхъуныгъэ, шIулъэгъу къэбзагъэ ыгу илъ зэпытхэу
бзылъфыгъэр хэбзэшIум тетэу щыIэмэ, сабый къызэрэфэхъурэмкIэ
мыкIодэу къэнэжьыщт.

## 1 Тимофей 3

### Чылыс зэIукIэм иIэшъхьэтет ишэн зыфэдэн фаер

1Мы гущыIэхэр шъыпкъэх: чылыс зэIукIэм иIэшъхьэтет хъунэу зыгорэм
шIоигъомэ, Iофэу зыуж итыр Iоф дэгъу.

2Iэшъхьэтетыр хэти зэригъэмысэн зыбгъодэмылъэу, зы шъуз нахь
зимыIэу, щэIэныгъи гулъыти зиIэу, хэбзэшIум тетэу, хьакIэхэр
зыгъэлъапIэу, цIыфхэм шъыпкъагъэр язгъэшIэн зылъэкIырэ лIын фае.

3Ащ нэмыкIэуи ешъуакIоу е лIы Iэлмэ хъущтэп, ау Iасэу, мыцIэцIалэу,
мылъкум кIэмыхъопсэуи псэун фае.

4Иунагъо дэгъоу зэрихьэу, ибынхэм лъытэныгъэ къызфаригъэшIэу,
ыгъэIорышIэнхэ фае.

5Сыда пIомэ, ежь иунагъо зезымыхьэшъурэр Тхьэм ичылыс зэIукIэ
сыдэущтэу кIэлъыплъэшъуна?

6Iэшъхьэтетыр шIошъхъуныгъэ зиIэ хъугъакIэхэм ащыщмэ хъущтэп.
Армырмэ зышIошIыжьынышъ, шэйтаныр мысэ зэрэхъугъэм фэдэу, ари
мысэ хъущт.

7Цlыфхэр lаеклэ къытемыгущыlэнхэм, шэйтаным ихъытыу имыфэным
пае, чылыс зэlуклэм щымыщхэри шыхьат дэгъу зыфэхъурэ лlын фае.

**Чылыс зэlуклэм иlэпыlэгъухэм яшэн зыфэдэн фаер**

8Ащ фэдэу чылыс зэlуклэм иlэпыlэгъухэри лъытэныгъэ зифэшъуашэхэу,
бзэгуитlу зыlумылъхэу, сэнэпсым емынэцlхэу, мылъкуми клэмыхъопсырэ
лlыхэу псэунхэ фае.

9Агухэмкли мыхъун зи зыдамышlэжьэу, шlошъхъуныгъэм ишъэф аlыгъын
фае.

10Ау ыпэ рапшlэу яшъыпкъагъэ жъугъэунэфын фае. Ахэр зыми
зэригъэмысэнхэ щымыlэмэ, lэпыlэгъухэм ащыщ орэхъух.

11Ащ фэдэу а lэпыlэгъухэм яшъузхэри лъытэныгъэ зифэшъуашэхэу,
нэмыкl цlыфхэм lаеклэ атемыгущыlэхэу, щэlагъэ зиlэхэу, лъэныкъо
пстэумкlи узщыгугъышъун цlыфынхэ фае.

12lэпыlэгъур зы шъуз нахь зимыlэу, илъфыгъэхэмрэ иунагъорэ дэгъоу
зезыхьэрэ лlын фае.

13lэпыlэгъухэу зиlоф дэгъоу зыгъэцэклагъэхэм лъытэныгъэ агъоты,
Христос Исусклэ шlошъхъуныгъэу яlэм гушхоклэ тегущыlэнхэ алъэклыщт.

**Шъэфэу тишlошъхъуныгъэ хэлъыр**

14Бэ темышlэу уадэжь сыкъэкlонэу сыгугъэу, мы тхылъыр къыпфэсэтхы.

15Сыкъэгужъомэ, Тхьэм иунагъо щыщхэр зэрэзеклонхэ фаер мы тхылъым
уигъэшlэщт. Тхьэм иунагъо щыщхэр щыlэныгъэ зиlэ Тхьэм ичылыс зэlукl
ары. А чылыс зэlуклэр ары шъыпкъагъэр зытет пкъэури лъапсэри.

16Шъыпкъэмклэ, шъэфэу тишlошъхъуныгъэ хэлъыр ины: Тхьэр цlыфэу
къэлъэгъуагъ. Тхьэм ы Псэ Лъапlэ ащ ишъыпкъагъэ
къыгъэшъыпкъэжьыгъ. Мэлэlичхэм заригъэлъэгъугъ. Ежь фэлажьэхэрэм
ежь икъэбар хымэ лъэпкъхэм арагъэlугъ. Дунаим тет цlыфхэм ежьыркlэ
шlошъхъуныгъэ яlэ хъугъэ. Щытхъушхо иlэу Тхьэм ар уашъом
дихьыежьыгъ.

## 1 Тимофей 4

**Цlыфыбэ шlошъхъуныгъэм игъогу зэрэтеклыжьыпэщтыр**

1Тхьэм ы Псэ Лъапlэ нафэу къеlо, дунаим иаужырэ лъэхъанхэм цlыфыбэ
шlошъхъуныгъэм игъогу зэрэтеклыжьыпэщтыр. Цlыфхэр дэзыхьыхырэ
джынэхэми, джынапцlэхэм lофхэу зыфагъасэхэрэми агоуцощтых.

2Джынапцlэхэм цlыфхэр зыфагъасэрэ lофхэр ахэзгъахьэхэрэр нэпитlу
зиlэ цlыфхэр ары. Ахэмэ шlури ери зэхадзыжьын амылъэклэу гъучl
плъыгъэмклэ агухэм тамыгъэ ядзыгъэм фэдэщт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

3Къэщэн-дэкӀонымрэ гъэнэфэгъэ гъомлапхъэр шхынхэмрэ мыхъун
Ӏофхэу а пцӀыусхэм цӀыфхэм араӀо. Ау Тхьэм а гъомлапхъэхэр
къыгъэхъугъэх, шӀошъхъуныгъэ зиӀэхэу, шъыпкъэр зышӀэхэрэм Тхьэм
щытхъу фашӀэу ахэр ашхынхэм пае,

4сыда пӀомэ, Тхьэм къыгъэхъугъэ пстэури шӀу. Тхьэм щытхъу фэпшӀэу
къапштэмэ, зи хэбдзыжьын ищыкӀагъэп,

5сыда пӀомэ, Тхьэм игущыӀэхэмкӀэ, Тхьэм узэрелъэӀурэмкӀэ ар къабзэ
мэхъу.

**Исус Христос шӀоу узэрэфэлэжьэщтыр**

6Мы Ӏофхэр тшыхэм агурыбгъаӀомэ, ащыгъум шӀошъхъуныгъэм
игущыӀэхэмкӀи, тишӀошъхъуныгъэ тызфигъасэрэ ӀофышӀухэу узтетхэмкӀи
лъэкӀ зэбгъэгъотэу, Исус Христос шӀоу фэлажьэхэрэм уащыщ.

7Тхьэм ишӀолӀыкӀ зыхэмылъ мышъо-мыл тхыдэжъхэм защыдзый. Ау
Тхьэм шӀолӀыкӀ фызэрэуиӀэным ыуж ит.

8Пкъыр ебгъэсэным шӀуагъэ къыхэкӀы, ау Тхьэм шӀолӀыкӀ фыуиӀэным сыд
фэдэ лъэныкъокӀи ишӀуагъэ къэкӀо, сыда пӀомэ, Тхьэм шӀолӀыкӀ
фыуиӀэным джырэ щыӀэныгъэмрэ къэкӀощт щыӀэныгъэмрэ апае шӀум
ущегъэгугъы.

9А гущыӀэхэр шъыпкъэх, цӀыф пстэуми ахэр адэнхэр яфэшъуаш.

10Тыулэузэ, тишъыпкъэу тызкӀэлажьэрэр цӀыф пстэури, зэкӀэмэ анахьэу
шӀошъхъуныгъэ зиӀэхэр, мыкӀодхэу къэзгъэнэжьырэ Тхьэу щыӀэныгъэ
зиӀэм тызэрэщыгугъырэр ары.

11Мы ӀофхэмкӀэ цӀыфхэм унашъо афэшӀ, ахэри агурыгъаӀу.

12УиныбжьыкӀагъэ пае зыми нэмыплъ къызэремыгъэт, ау гущыӀэхэмкӀи,
зекӀуакӀэмкӀи, шӀулъэгъумкӀи, шӀошъхъуныгъэмкӀи, гукъэбзагъэмкӀи
шӀошъхъуныгъэ зиӀэхэм шапхъэ афэхъу.

13Сэ сыкъакӀофэ, Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм цӀыфхэм апашъхьэ
укъызэряджэщтми, цӀыфхэм зэрагурыбгъэӀощтми, зэрябгъэшӀэщтми
апылъ.

14Тхьэм ынэшӀу къыпщифэнэу чылыс зэӀукӀэм инахьыжъхэм аӀэхэр о
пшъхьэ къытыралъхьэхэзэ, Тхьэм ежь игущыӀэхэр о къыохьылӀагъэу
ахэмэ агухэм къарилъхьэхи, къызарегъаӀохэ ужым, Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэм
лъэкӀэу къыуитыгъэр умыгъэпсэуалъэу къэмыгъан.

15Мы Ӏофхэм апылъ, уапэкӀэ зэребгъэхъурэр зэкӀэмэ нафэ афэхъуным
пае, а Ӏофхэм ауж ит зэпыт.

16Зыфэсакъыжь, Ӏофхэу цӀыфхэр зыфэбгъасэхэрэми ябгъашӀэхэрэми
афэсакъ. А Ӏофхэм унаӀэ атегъэт зэпыт. Ауштэу пшӀымэ, къыодэӀурэ

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

цӀыфхэр мыкӀодхэу къэбгъэнэжьыщтых, о пшъхьи мыкӀодэу къэбгъэнэжьыщт.

## 1 Тимофей 5

**Шъузабэхэр, нахьыжъхэр, унэӀутхэр**

1Шынахьыжъым уфэмыгубж, ау тым фэдэу гурыгъаӀу; кӀалэхэми пшыхэм узэрафыщытым фэдэу афыщыт;

2бзылъфыгъэ нахьыжъхэми ныхэм узэрафыщытым фэдэу афыщыт, бзылъфыгъэ ныбжьыкӀэхэми шыпхъухэм узэрафыщытым фэдэу гукъэбзэ закӀэкӀэ афыщыт.

3Шъузабэу зизэкъо дэдэхэм лъытэныгъэ афэшӀ.

4Шъузабэ горэм лъфыгъэхэри ахэмэ къакӀэхъухьагъэхэри иӀэхэмэ, ежьхэм яунагъо лъытэныгъэ фашӀынэу ыпэ рапшӀэу зэрарэгъашӀ, ятэ-янэхэм къафашӀагъэри афарэшӀэжь, сыда пӀомэ, ар Тхьэм игуап.

5Шъузабэу зизэкъо дэдэу къэнагъэр Тхьэм щэгугъы, чэщи мафи Тхьэр къыдэӀэпыӀэнэу елъэӀу зэпыт.

6Ау шъузабэу зызэригъэтхъэжьыным нэмыкӀ емыгупшысэрэр, псауми, лӀагъэм фэд.

7ШӀошъхъуныгъэ зиӀэхэр зыми зэригъэмысэнхэ щымыӀэным пае, мы Ӏоф пстэумкӀи унашъо афэшӀ.

8Ау цӀыфэу зиунэкъощхэм, зэкӀэмэ анахьи иунэ исхэм, алъымыплъэрэм ишӀошъхъуныгъэ ыгъэпцӀыгъ. Ар шӀошъхъуныгъэ зимыӀэм нахьи нахь дэижь.

9Шъузабэхэм ацӀэхэр зэрыт тхылъым зыцӀэ ратхэн фаер зыныбжь тӀокӀищым нэсыгъэу, зэ нахь дэмыкӀуагъэу,

10зишӀушӀагъэхэмкӀэ цӀыфхэр шыхьат зыфэхъурэр ары: гущыӀэм пае, бын зыпӀугъэу, хьакӀэхэр зыгъэлъэпӀагъэу, Тхьэм ицӀыф лъапӀэхэм алъакъохэр афэзытхьакӀыгъэу, гузэжъогъу хэтхэм адэӀэпыӀагъэу, шӀушӀэгъэ пстэуми апылъыгъэ шъузабэр ары.

11Шъузэбэ ныбжьыкӀэхэм ацӀэхэр а тхылъым имытхэх. Сыда пӀомэ, хъопсэн агу къихьэмэ, Христос акӀыб къыфагъазэзэ, дэкӀожьынхэм енэцӀыщтых.

12Аущтэу гущыӀэ пытэу Христос ратыгъэр зэрамыгъэцэкӀагъэм пае, мысэ хъущтых.

13Ащ нэмыкӀэуи, а шъузэбэ ныбжьыкӀэхэм Ӏоф амышӀэу унэ ихьэ-икӀэу къакӀухьэу яхабз. Ӏоф зэрамышӀэрэм изакъоп, Ӏоржъорхэу, яӀоф зыхэмылъым яӀоф халъхьэу, амыӀуапхъэхэри аӀох.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

14Арышъ, шъуузэбэ ныбжьыкIэхэр дэкIожьынхэу, быни къакIэхъонэу,
яунагъуи зэрахьанэу, джэгъогъоу шэйтаныр Iаекlэ атегущыIэнэу игъо
рамыгъэфэнэу сыфай.

15Сыда пIомэ, ахэмэ ащыщхэр гъогу занкIэм текIыхи, шэйтаным игъогу
техьагъэх.

16ШIошъхъуныгъэ зиIэ бзылъфыгъэ горэм иунэ шъузабэхэр исхэмэ, ар
ахэмэ алъыплъэн фае. Чылыс зэIукIэм ахэр хьылъэ фэрэмыхъух,
шъузабэу зизэкъо дэдэхэм чылыс зэIукIэр IэпыIэгъу афэхъуным пае.

17Чылыс зэIукIэр дэгъоу зезыхьэхэрэ нахьыжъхэм лъытэныгъэ нахьыбэ
яфэшъуаш, зэкIэмэ анахьэу Тхьэм игущыIэхэр цIыфхэм язгъэIухэу,
язгъашIэхэрэр ары.

18Сыда пIомэ, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт: «Цум лэжьыгъэр ыIо
зыхъукIэ, ыжэ зэтемыпх», ыкIи «ЛэжьакIом илэжьапкIэ ыгъотынэу
ифэшъуаш».

19ШыхьатитIум е шыхьатищым къаIорэмкIэ гъэшъыпкъагъэ мыхъумэ,
зыгорэм чылыс зэIукIэм инахьыжъхэм ащыщ горэ зэригъэмысэрэр
умыдэ.

20ПсэкIод зышIэхэрэм зэкIэмэ апашъхьэ ащыгурыгъаIу, адрэхэр
щынэнхэм пае.

21Тхьэм, Зиусхьан Исус Христос, Тхьэм къыхихыгъэ мэлэIичхэм
апашъхьэ пытэу унашъо къыщыпфэсэшIы, къыпшIошIырэ пхэнджыгъэ
Iоф хэмылъэу, зыгорэм ылъэныкъокIи удимыхьыхэу, мы Iоф пстэури
гъэцакIэ.

22ЦIыф горэ Зиусхьаным фэлэжьэнэу бгъэнэфэным пае, о пIэхэр ышъхьэ
теплъхьанхэм удэмыгузажъу. НэмыкI цIыфхэм япсэкIодхэм уиIахь
ахэмылъхь. Гукъэбзагъэ зигъэIэ зэпыт.

23Псы закъоп узэшъоштыр, ау уныбэрэ бэрэ къыпфакIорэ узхэмрэ апае
сэнэпс тIэкIу ешъу.

24ЦIыф заулэмэ япсэкIодшIагъэхэр нэрылъэгъух, а цIыфхэри унэшъо
шIыпIэм нэмысхэзэ мысэ мэхъух. НэмыкI цIыфхэм япсэкIодшIагъэхэр ауж
итхэу, ыужкIэ нэрылъэгъу мэхъух.

25Ащ фэдэу шIушIагъэхэри нафэх. ШIушIагъэхэу мынэрылъэгъугъэхэри
гъэбылъыгъэу къэнэжьышъущтхэп.

## 1 Тимофей 6

1УнэIутыгъэм ибжь зэкIэ зытелъхэм лъытэныгъэ пстэури ятхьэматэхэм
яфэшъуашэу алъытэн фае, цIыфхэр Тхьэм ыцIэрэ тишIошъхъуныгъэ
тызфигъэсэрэ Iофхэмрэ ямыхъонынхэм пае.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

2Шlошъхъуныгъэ зыгу илъ тхьэматэхэр зиlэ унэlутхэм зэрэзэкъошхэм
пае, ятхьэматэхэм нэмыплъ арарэмыт, ау джыри нахьышlужьэу
афэлэжьэнхэ фае. Сыда пlомэ, lофэу ашlэрэм ишlуагъэ зэкlырэр
шlошъхъуныгъэ зиlэхэу шlу алъэгъухэрэр ары. Мы lофхэр унэlутхэм
ягъашlэх, афэгъэпыт.

**Цlыф заулэм адрэхэр зыфагъасэрэ lоф пхэнджхэмрэ мылъку кlэхъопсынымрэ яхьылlагъ**

3Зыгорэ lоф пхэнджхэм шъуафигъасэу, ти Зиусхьан Исус Христос
игущыlэхэу тызщыгугъышъуштхэм атемытмэ, Тхьэм шlолlыкl фытиlэным
ехьылlагъэу тишlошъхъуныгъэ тызфигъэсэрэ lофхэми атемытмэ,

4а цlыфым зышlошlыжьы ыкlи зи зэхишlыкlырэп. Ар гущыlэхэмкlэ
зэнэкъокъунымрэ зэщыхьанымрэ афалlэ. А lофхэм къарыкlхэрэр
шъугъоныр, зэмызэгъыныр, нэмыкl цlыфхэм lаекlэ атегущыlэныр, зым
адрэм гуцафэ фишlыныр,

5зиакъыл зэщыкъуагъэу, шъыпкъагъэм пэчыжьэ цlыфхэм язэщыхьанэу
пкlэ зимыlэр ары. Тхьэ гъэлъэпlэныр чарэ къэкlуапl ашlошlы. Ащ
фэдэхэм защыдзый.

6Шъыпкъэ сэlо, цlыф горэ иlэм рыразэмэ, Тхьэм шlолlыкl филэмэ,
шlуагъэу ащ хэлъыр иныр.

7Сыда пlомэ, дунаим тыкъызытехьэм, зи къыздэтхьыгъэп, дунаим
тызытекlыжьыкlи зи тетхын тлъэкlыщтэп.

8Ау гъомылэу тшхыщтымрэ щыгъынхэмрэ тиlэхэмэ, ахэмэ тарырэзэщт.

9Ау баи хъунхэу фаехэр псэкlодшlэным фыдэзыхьыхын lофым хэфэх,
шэйтанми lэкlэфэх. Пкlэ зимыlэ хъуапсэу зиягъэ къаклохэу, цlыфхэри
зыгъэунэхъухэу, кlодыпlэм зыlэпызыщэхэрэм а цlыфхэр аубытых.

10Сыда пlомэ, бзэджэгъэ пстэури къызхэкlырэр ахъщэр шlу плъэгъуныр
ары. Цlыф заулэ ахъщэм кlэхъопсэу, шlошъхъуныгъэм игъогу текlыхи,
гухэкl lаджи къызфахьыжьыгъ.

**Шlошъхъуныгъэм шlоу фэлажь**

11Ау о, Тхьэм ицlыф, а lофхэм защыдзый. Шъыпкъагъэр, Тхьэм шlолlыкl
фыуиlэныр, шlошъхъуныгъэр, шlулъэгъур, теубытагъэр, гушъэбэныгъэр
угу зэрилъынхэм ауж ит.

12Шlошъхъуныгъэм шlоу узэрэфэлэжьэным пылъ. Мыкlодыжьын
щыlэныгъэ зэгъэгъот; сыда пlомэ, шыхьатыбэмэ
апашъхьэ шlошъхъуныгъэ зэрэуиlэм шlоу шыхьат укъызыфэхъум, ар
бгъотынэу Тхьэр къыоджагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

13Тхьэу зэкӀэми щыӀэныгъэ къязытырэм ыпашъхьэрэ, Христос Исусэу
Понтый Пилат зэхихэу шъыпкъагъэм шыхьат дэгъу фэхъугъэм
ыпашъхьэрэ, пытэу унашъо къыпфэсэшӀы:

14зи уимылажьэу, зыми узэригъэмысэни щымыӀэу, тиунашъо гъэцакӀэ, ти
Зиусхьан Исус Христос дунаим къызыкӀожьыщт мафэм нэсыфэ.

15Игъо къызыскӀэ, Тхьэм а мафэр къыгъэлъэгъощт – Тхьэу щытхъушхо
зиӀэу, лъэкӀышхо зиӀэ закъор, пачъыхьэхэм я Пачъыхьэжь, тхьэматэхэм я
Тхьэмэтэжь.

16Ежь Тхьэ закъор ары мылӀэжьыщтыр, узэмыкӀолӀэшъущт нэфынэми
хэтыр. ЦӀыфхэм ащыщэу зыми ар ынэкӀэ ылъэгъугъэп, ылъэгъуни
ылъэкӀыщтэп. Лъытэныгъэшхори мыкӀодыжьын лъэкӀышхори ий. Амин.

17Мы дунаим баи щыхъугъэхэр зашӀомышӀыжьынэуи, мылъку нэпцӀым
щымыгугъыхэу, Тхьэм нахь щыгугъынхэуи унашъо афэшӀ. Сыда пӀомэ,
тызгъэтхъэжьынэу зэкӀэ икъоу къытэзытырэр Тхьэр ары.

18ШӀушӀэным пылъынхэуи, шӀушӀэнымкӀэ баи хъунхэуи, ямылъку
шъхьамысыжьхэу, яӀэм щыщ ягуапэу нэмыкӀ цӀыфмэ аратынэуи унашъо
афэшӀ.

19Аущтэу ашӀымэ, мылъкушхо зыфаугъоижьыгъэу мэхъу. МыкӀодыжьын
щыӀэныгъэ зэрагъэгъотыным пае, а мылъкушхор къэкӀощт дунаим лъапсэ
щафэхъу.

20О, Тимофей, Ӏофэу Тхьэм пшъэ къырилъхьагъэм фэсакъ. Тхьэм
ишӀолӀыкӀ зыхэмылъ гущыӀэ мыщыухэмрэ пэгущыӀэныгъэу пцӀыкӀэ
шӀэныгъэ зыфаӀохэрэмрэ защыдзый.

21Сыда пӀомэ, «А шӀэныгъэр тиӀ», зыфаӀожьэу, цӀыф заулэ
шӀошъхъуныгъэм игъогу текӀыгъ. Тхьэм ынэшӀу къыпщерэф. Амин.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)

Institute for Bible Translation

# 2 Тимофей

## 2 Тимофей 1

**ШӀуфэс**

1 Сэ сы Паул. Тхьэм шӀоигъуагъэти, Исус Христос тыгухэм зэрарылъымкӀэ мыкӀодыжьын щыӀэныгъэ дгъотынэу Тхьэм тыкъызэригъэгугъагъэм икъэбар цӀыфхэм язгъэӀунэу Исус Христос иапостол сыхъугъ.

2 ШӀу слъэгъурэ скъоу Тимофей мы тхылъыр фэсэтхы. Тхьэу Ты лъапӀэмрэ ти Зиусхьан Христос Исусрэ анэшӀу къыпщарэфи, гукӀэгъу къыпфарэшӀи, гупсэф къыуарэт.

**Христос икъэбарышӀу фэшъыпкъэнэу Паул Тимофей зэригъэгушхуагъэр**

3 Сятэжъхэм сафэдэу сыгукӀэ мыхъун зи зыдэсымышӀэжьэу, сызфэлажьэрэ Тхьэм щытхъу фэсэшӀы. Тхьэм селъэӀузэ, чэщи мафи уигугъу сшӀы зэпытэу, Тхьэм щытхъу фэсэшӀы.

4 Унэпсхэр сыгу къэкӀыжьых, гушӀуагъо сыгу из хъуным пае, услъэгъу сшӀоигъу.

5 УишӀошъхъуныгъэ шъыпкъэ сыгу къэкӀыжьы. Ащ фэдэ шӀошъхъуныгъэ уянэжъэу Лоидэрэ уянэу Евникэрэ агухэм арылъыгъ; джы ар о угуи зэрилъым сыщэгугъы.

6 Арышъ, сэ сӀэхэр о пшъхьэ къызэрэтеслъхьагъэхэмкӀэ Тхьэм лъэкӀэу къыуитыгъэм имашӀо зэкӀэбгъэнэжьынэу угу къэсэгъэкӀыжьы.

7 Сыда пӀомэ, Тхьэм ежь ы Псэ ЛъапӀэу тыгухэм къарилъхьагъэм щынагъо тыгухэм арылъэу ыгъэхъурэп, лъэкӀи, шӀулъэгъуи, зыщыӀэни тыгухэм арылъхэу егъэхъу нахь.

8 УмыукӀытэу ти Зиусхьан шыхьат фэхъу. Сэри ежь сызэрэфэлажьэрэм пае, хьапсым сызэрэчӀадзагъэм фэшӀ, укъыстемыукӀытыхь, Тхьэм илъэкӀыкӀи къэбарышӀум паий къин къыздэщэч.

9 Тхьэр ары тымыкӀодэу тыкъэзгъэнэжьыгъэри, гукъэбзагъэкӀэ тыпсэунэу къытэджагъэри. Аущтэу зыкӀишӀагъэр ежь ащ фэдэ гухэлъ ышӀыгъэу, ынэшӀу къытщифагъэшъ ары. ТишӀушӀагъэхэм яӀоф ащ хэлъэп. Христос ИсускӀэ Тхьэм ынэшӀу къызытщифагъэр лъэхъан пстэуми апэ ары,

10 ау джы тымыкӀодэу тыкъэзгъэнэжьырэ Исус Христос къызэрэлъэгъуагъэмкӀэ, Тхьэм ынэшӀу щыфэныр нафэ къэхъугъ. Исус Христос лӀэныгъэр ыгъэкӀодыгъ, къэбарышӀумкӀи мыкӀодыжьын щыӀэныгъэр нафэ къытфишӀыгъ.

11 А къэбарышӀур цӀыфхэм язгъэӀунэуи, иапостол сыхъунэуи, а къэбарышӀур цӀыфхэм язгъэшӀэнэуи Тхьэм сыкъыгъэнэфагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

12 Джары мы къиныр зыкlэсщэчырэр; ау сэ сыукlытэрэп, сыда пlомэ, Исус Христосэу шlошъхъуныгъэ зыфысиlэр сэшlэ, ежьыми lофэу сэ спшъэ къырилъхьагъэм а мафэм нэсыфэ къыфэсакъын зэрилъэкlыщтым сыщэгугъы.

13 Христос Исус угу зэрилъыым пае, шlошъхъуныгъэрэ шlулъэгъурэ уиlэхэу, гущыlэхэу сэ къасlохэу зэхэпхыгъэхэу, узщыгугъышъущтхэр шапхъэм фэдэу lыгъхэу уатемыкl.

14 Тхьэм lофэу о ппшъэ къырилъхьагъэр Тхьэм ы Псэ Лъапlэу тыгухэм арылъымкlэ къэухъум.

15 Асие хэкум ис пстэури, ахэмэ ащыщэу Фигелрэ Ермогенрэ, сыкъызэрабгынагъэр о ошlэ.

16 Зиусхьаным Онесифор иунагъо гукlэгъу къыферэшl, сыда пlомэ, бэрэ ащ сыгу ыгъэпсэфыжьыгъ, lэхъу-лъэхъу стелъыгъэми, къыстеукlытыхьагъэп.

17 Ар Рим къэлэшхом къызэкlом, сыкъегъотыфэ, емызэщэу къыслъыхъугъ.

18 Ахърэт мафэм Зиусхьаным ащ гукlэгъу ферэшl. Ефес къалэм бэрэ къызэрэщыздэlэпыlагъэр о нахьышlоу ошlэ.

## 2 Тимофей 2

### Исус Христос фэбанэрэ дзэлlышlу

1 Арышъ, о, скъо, Христос Исусэу тыгухэм арылъым ынэшlу къызэрэпщифэрэмкlэ угу гъэпытэ.

2 lофхэу шыхьат lаджхэми апашъхьэ сэ къасlохэу зэхэпхыгъэхэр, узщыгугъышъун цlыфхэу нэмыкlхэм ахэр язгъэшlэн зылъэкlыщтхэм апшъэ илъхьэх.

3 Исус Христос идзэлl дэгъу фэдэу къин къыздэщэч.

4 Дзэм емыпхыгъэ lофхэм дзэлlым зыдаригъэхьыхырэп – дзэ пащэм ыгу къызэригъэlу шlоигъу.

5 Ащ фэдэу, зэпэчъэныгъэм ихабзэ тетэу мычъэрэм текlоныгъэм итандж къыратырэп.

6 Мэкъу-мэщышlэу зиlоф къин зышlэрэм лэжьыгъэу къахыжьыгъэм щыщэу иlахь апэу къыратын фае.

7 Къасlорэм егупшыс. Зиусхьаным lоф пстэумкlи зэхэшlыкl къыуитыщт.

8 Исус Христос угу игъэлъ; ар пачъыхьэ Даутэ къытекlыгъэ цlыфхэм ащыщыгъ, лlагъэхэми Тхьэм ар къахигъэтэджыкlыжьыгъ. Джары къэбарышlоу згъэlоу,

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

9къин зыфэсщэчэу, бзэджашӀэм фэдэу Ӏэхъу-лъэхъу
къызкӀыстыралъхьагъэр. Ау Тхьэм игущыӀэхэм Ӏэхъу-лъэхъу
атыралъхьан алъэкӀыщтэп.

10Ащ пае, Тхьэм къыхихыгъэ цӀыфмэ сишӀуагъэ язгъэкӀыным пае,
теубытагъэ схэлъэу къин пстэури сэщыӀэ. Аущтэу Христос Исус ахэмэ
агухэм зэрарылъым пае, ахэри мыкӀодхэу къэнэжьыщтых, мыкӀодыжьын
щытхъушхуи яӀэ хъущт.

11Мы гущыӀэхэр шъыпкъэх: Христос тыригъусэу тылӀагъэмэ, тыригъусэуи
тыщыӀэщт.

12Теубытагъэ тиӀэу къиныр тщыӀэмэ, Ежь тыригъусэу тетыгъо тиӀэщт.
«Ежь игъогу рыкӀохэрэм тащыщэп» тӀомэ, ежьыми «Ахэр сигъогу
рыкӀохэрэм ащыщхэп» къытфэгъэхьыгъэу къыӀожьыщт.

13Шъыпкъагъэ тимыӀэми, Ежь шъыпкъагъэ иӀэ зэпытыщт, сыда пӀомэ, ежь
зигъэпцӀэжьын ылъэкӀыщтэп.

**ЦӀыфэу Тхьэм ыгу зэӀурэр**

14А Ӏофхэр агу игъэлъых. ГущыӀэхэм яхьылӀагъэу зэмынэкъокъунхэу
Зиусхьаным ыпашъхьэ лъэшэу щагурыгъаӀу. Ащ фэдэ зэнэкъокъум
ишӀуагъэ къакӀорэп, ащ едэӀухэрэм иягъэ арегъэкӀы нахь.

15Тхьэм зишъыпкъагъэ ыгъэунэфыгъэ цӀыфэу, Ӏофэу ышӀагъэм
теукӀытыхьажьыныр зимыщыкӀагъэу, шъыпкъагъэм игущыӀэхэр тэрэзэу
цӀыфмэ язгъашӀэу Тхьэм дэжькӀэ узэрэпсэущтым ыуж ит.

16Тхьэм ишӀолӀыкӀ зыхэмылъ гущыӀэ мыщыухэм защыдзый; сыда пӀомэ,
ащ фэдэхэм апылъхэм Тхьэм нахь пэчыжьэ зашӀ зэпыт.

17Уз Ӏаем фэдэу Ӏофхэу ахэмэ цӀыфхэр зыфагъасэхэрэр анахьыбэмэ
анэсыщтых. Именейрэ Филитрэ а цӀыфхэм ащыщых.

18ИтӀур шъыпкъагъэм игъогу текӀыгъэх, тэ, шӀошъхъуныгъэ зиӀэхэр,
лӀагъэхэм тыкъахэтэджыкӀыжьыгъэу аӀозэ, цӀыф заулэмэ
яшӀошъхъуныгъэ агъэкӀоды.

19Ау Тхьэм ыгъэуцугъэ лъэпсэ пытэр щыӀэ зэпытыщт. Мыхъурым фэдэу
моущтэу ащ тедзагъ: «Зиусхьаным ежь ицӀыфхэр ешӀэх» ыкӀи «Хэти
Зиусхьаным ыцӀэ зыдэрэм ыкӀыб бзэджагъэм игъогу ферэгъаз».

20Унэшхо горэм дышъэмрэ тыжьынымрэ ахэшӀыкӀыгъэ хьакъу-шыкъухэм
ямызакъоу, пхъэмрэ етӀагъомрэ ахэшӀыкӀыгъэ хьакъу-шыкъухэри итых.
Хьакъу-шыкъу шӀу дэдэхэр ахэтых, къызэрыкӀо хьакъу-шыкъухэри ары.

21Зыгорэм ыгу ыгъэкъэбзэжьэу, мы Ӏоф бзаджэхэм защидзыемэ, хьакъу-
шыкъу шӀу дэдэм фэдэ хъущт. Зиусхьаным зыритыгъэу, ишӀуагъэ
Зиусхьаными ригъэкӀэу, а цӀыфыр шӀушӀэгъэ пстэуми афэхьазыр хъущт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)

[22]Ау ныбжьыкIагъэм ихъопсэ Iаехэм защыдзый. ГукъэбзагъэкIэ
Зиусхьаным елъэIухэрэм урягъусэу шъыпкъагъэмрэ шIошъхъуныгъэмрэ,
шIулъэгъумрэ гупсэфымрэ ауж ит.

[23]Ау пкIэ зимыIэхэу, шIэныгъэ зыхэмылъ зэнэкъокъухэм защыдзый,
зэщыхьаныр къызэрахэкIырэр ошIэшъ.

[24]Зиусхьаным фэлэжьэрэ цIыфыр зэщыхьаным пылъ хъущтэп. Ау цIыф
пстэуми шIу ыгу афилъэу, цIыфхэм шъыпкъэр язгъэшIэн зылъэкIэу,
зызымыгъэгусэрэ цIыфын фае.

[25]Ежь къыпэуцухэрэм гушъэбагъэкIэ агуригъэIон фае. Шъыпкъэр
ашIэным пае, Тхьэм ахэри кIигъэгъожьынхэкIи мэхъу.

[26]Аущтэу хъумэ, зыфаер аригъэшIэнэу шэйтаным зиубытхэрэ ужым, ащ
ихъытыу икIыжьыщтых.

## 2 Тимофей 3

### Дунаим иаужырэ мафэхэм псэущт цIыфхэм яшэн зыфэдэщтыр

[1]Дунаим иаужырэ мафэхэм охътэ къинхэр къызэрэкIощтхэр пшIэн фае.

[2]Сыда пIомэ, цIыфхэм ежь ашъхьэкIэ шIу залъэгъужьыщт, ахъщэри шIу
алъэгъущт, зыщытхъужьыщтых, пэгэщтых, хъонэщтых, ятэ-янэхэм
ядэIужьыщтхэп, рэзэныгъэ ахэлъыщтэп, Тхьэр агъэлъэпIэщтэп,
шIулъэгъуи ахэлъыщтэп;

[3]зэшIужьыныр зыфэдэр ашIэщтэп, нэмыкI цIыфхэм IаекIэ
атегущыIэщтых, зыщыIэныгъэ яIэщтэп, жъалымыщтых, шIугъэр шIу
алъэгъущтэп;

[4]уащымыгугъышъунэу псэущтых, шъхьэпсынкIэщтых, зашIошIыжьыщт;
Тхьэр шIу алъэгъуным нахьи, загъэтхъэжьыныр нахь шIу алъэгъущт;

[5]Тхьэм шIолIыкI фыряIэм фэдэу зыкъагъэлъэгъощт, ау Тхьэм илъэкI
адэщтэп. Ащ фэдэ цIыфхэм защыдзый.

[6]А цIыфхэм ащыщхэу зы заулэ унэмэ арыцIанлъэхэзэ, бзылъфыгъэхэу
зипсэкIодхэм ахэкIуадэхэу, зэмылIэужыгъо хъопсэ мыхъо-мышIэхэм
зыкъырязгъэщэкIыхэрэр дахьыхых.

[7]А бзылъфыгъэхэм сыдигъуи сыд зэрагъашIэми, шъыпкъэр къашIэн
алъэкIырэп.

[8]Ианнылрэ Иамбрыйрэ пегъымбар Мусэ зэрэпэуцугъэхэм фэдэу, мы
цIыфхэри шъыпкъэм пэуцужьых. Ахэр зиакъыл зэщыкъогъэ цIыфых,
зишIуагъэ къэмыкIожьыщт шIошъхъуныгъэ яI.

[9]Ау ахэмэ яIоф бэрэ къадэхъущтэп; сыда пIомэ, Ианнылрэ Иамбрыйрэ
яделагъэ цIыф пстэумкIи нафэ зэрэхъугъэм фэдэу, мы цIыфхэм
яделагъи цIыф пстэумкIи нафэ хъущт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

10 Iофхэу сэ цIыфхэр зыфэзгъасэщтыгъэхэри, сизекIуакIи, сигухэлъи, сишIошъхъуныгъи, сищэIагъи, сишIулъэгъуи, ситеубытагъи ошIэх.

11 Къалэхэу Антиохие, Иконие, Листрэ цIыфхэм къинэу щысагъэлъэгъугъэхэри, къиныбэу щысщэчыгъэхэри ошIэх. Къинышхохэр сагъэщэчыгъэх, ау Зиусхьаным зэкIэми сыкъахищыжьыгъ.

12 Шъыпкъэ, Тхьэм шIоIыкIи фыриIэу Христос Исусри хэти зыгу илъхэу псэунэу фаем цIыфхэм къин рагъэщэчыщт.

13 Ау цIыф бзаджэхэми гъэпцIакIохэми ябзэджагъэ рагъэхъущт; ахэмэ нэмыкI цIыфхэр дахьыхых, ежь ашъхьэкIи зыдахьыхыжьы.

14 Ау о Iофхэу зэбгъэшIагъэхэми узщыгугъыхэрэми атет зэпыт, сыда пIомэ, ахэр озгъэшIэгъэ цIыфхэр ошIэх.

15 Ащ нэмыкIэу, уисабыигъо щегъэжьагъэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэ лъапIэхэм арытхэр зэбгъэшIагъэх. Христос ИсускIэ шIошъхъуныгъэу уиIэмкIэ умыкIодэу, укъызэрэнэжьыщтыр а тхылъхэм арытхэм къыбгурагъэIон алъэкIы.

16 Тхьэм игущыIэ тхыгъэ лъапIэхэм арыт пстэури Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ дэжь къикIыгъэх. ЦIыфхэм шъыпкъэр ябгъэшIэным, уягыиным, бгъэдэIонхэм, шъыпкъагъэр зиIэ псэукIэр ябгъэшIэным пае яшIуагъэ къэкIо.

17 Аущтэу Тхьэм фэлажьэрэ цIыфыр тыдрэ IофышIуи фэхьазырыщт, фэгъэпсыгъэщт.

## 2 Тимофей 4

1 Тхьэм ыпашъхьи, Исус Христосэу псаухэмрэ лIагъэхэмрэ хьыкум атезышIыхьащтым ыпашъхьи, Христос дунаим къызэрэкIожьыщтымкIи тетыгъоу иIэмкIи инэу унашъо къыщыпфэсэшIы:

2 Тхьэм игущыIэхэр цIыфхэм ягъэIу, игъоми имыгъоми ахэр ябгъэшIэнхэм ыуж ит. АгурыгъаIу, ягый, гъэгушхох, зэкIэ щыIагъэмкIэ шъыпкъэр ягъашI.

3 Сыда пIомэ, тишIошъхъуныгъэ тызфигъасэрэ Iофхэу тызщыгугъышъунэу щыIэхэр цIыфхэм замыдэщт уахътэр къэкIощт. ЦIыфхэм атхьакIумэхэу хъупцIхэрэм гущыIэ гохьыхэр рагъэIохэу, агухэр зыкIэхъопсырэ Iофхэр язгъэшIэщт цIыфхэр къызфагъотыжьыщтых.

4 Шъыпкъэр зэхахыныр амыдэу, гъощагъэхэу, тхыдэжъ гъэшIэгъонхэм апылъыщтых.

5 Ау сыд хъуми, о щэIэныгъэ зигъаI, къиныр щэчи, о къэбарышIур зыгъэIурэ уцIыфышъ, уипшъэрылъ гъэцакIэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

6Сыда пIомэ, сэ къурмэныпхъэ сыхъоу, дунаим сехыжьынэу сиуахътэ
къэсыгъ.

7Къэбарышlум пае дэгъоу сыбэнагъ, сичъэн сыухыгъ, сишIошъхъуныгъэ
сыухъумагъ.

8Джы Зиусхьаным шъыпкъагъэм итандж къысфигъэнагъэу хьазыр. А
танджыр Зиусхьанэу шъыпкъагъэ зиIэ хьыкум зышIырэм ахърэт мафэм
къысфигъэшъошэщт, ау сэ сизакъоу арэп, ежь дунаим
къызэрэкIожьыщтым гушIуагъо хэзгъотэгъэ пстэури ары.

**Паулрэ Тимофейрэ ашъхьэхэм яIоф**

9Садэжь шIэхэу укъызэрэкIоным пылъ.

10Сыда пIомэ, Димас мы дунаир шIу елъэгъушъ, сэ сыкъыгъани,
Фессалоникэ къалэм кIуагъэ. Крискент Галатие хэкум кIуагъэ, Тити
Далматие хэкум кIуагъэ. Садэжь къэнагъэр Лука закъор ары.

11Марк къыздащи къакIо, сыда пIомэ, сиIофкIэ ащ иIэпыIэгъу сищыкIагъ.

12Тихик Ефес къалэм згъэкIуагъэ.

13УкъызыкIокIэ, Троадэ къалэм Карп дэжь къэзгъэнэгъэ кIакори,
тхылъхэри, анахьэу шъом хэшIыкIыгъэ тхылъхэр, къыздахьыжьых.

14Гъоплъашlэ Александр лыешхо къысихыгъ. Зиусхьаным ащ иIофхэм
яфэшъуашэ къыригъэпщыныжьыщт.

15Ори ащ уфэсакъын фае, сыда пIомэ, тэ тигущыIэхэм ар лъэшэу
апэуцужьыгъ.

16ХьыкумэшIым ыпашъхьэ зыщызгъэхыенэу апэ дэдэу сызыпэлъым, зы
нэбгыри IэпыIэгъу къысфэхъугъэп, пстэуми гум сыранэжьыгъ.
КъысашIагъэр Тхьэм арерэмыгъэпщыныжь.

17Хымэ пстэуми зэхахыным пае, ежь икъэбарышIу зэкIэ язгъэIунэу
Зиусхьан къызбгъодахьи, кIуачIэ къыситыгъ. Аслъаным ыжэ
сыкъыдихыжьыгъэм фэд.

18Зиусхьаным бзэджэгъэ пстэуми сахищыжьыщт, сиухъумэзэ, ежь и
Тетыгъошхоу уашъом щыIэм ыIэчIэгъ сычIищэщт. МыкIодыжьын
щытхъушхор Зиусхьаным ий. Амин.

**Аужырэ шIуфэс гущыIэхэр**

19Прискиллэ, Акилэ, Онесифор иунагъо щыщхэм аIапэ сфэубытыжь.

20Эраст Коринф къалэм къыдэнагъ, Трофим Милит къалэм сымаджэу
къыдэсынагъ.

21КIымафэр къэмысызэ укъызэрэкIоным пылъ. Эвбул, Пуд, Лин,
бзылъфыгъэу Клаудие, зэкIэ тшыхэми шIуфэс къыуахыжьы.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

22Зиусхьаныр ппсэ гъусэ фэрэхъу. Тхьэм ынэшIу къышъущерэф. Амин.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

# Тит

## Тит 1

### Шlуфэс

1 Сэ сы Паул, Тхьэм сыфэлажьэ, Исус Христос сыриапостол. Апостол сызкlэхъугъэр Тхьэм къыхихыгъэ цlыфхэм шlошъхъуныгъэ ялэ згъэхъунэуи, Тхьэм игъогу ехьылlэгъэ шъыпкъэр язгъэшlэнэуи ары.

2 Аущтэу мыкlодыжьын щыlэныгъэ зэрагъотыщтым щыгугъыхэу, пэплъэщтых. А мыкlодыжьын щыlэныгъэр цlыфхэм аритынэу шъыпкъагъэ зиlэ Тхьэм лъэхъанхэм апэ цlыфхэр къыгъэгугъагъэх.

3 Къэбарышlоу згъэlурэмкlэ Тхьэм икъэбар игъо дэдэм нафэ ышlыгъ. Тымыкlодэу тыкъэзгъэнэжьырэ Тхьэм а къэбарышlур спшъэ къырилъхьи, згъэlунэу унашъо къысфишlыгъ.

4 О, Тит, мы тхылъыр къыпфэсэтхы. А зы шlошъхъуныгъэр зэрэтиlэм пае, сэ скъо шъыпкъэм фэдэ ухъугъ. Тхьэу Ты лъапlэмрэ Зиусхьан Исус Христосэу тымыкlодэу тыкъэзгъэнэжьырэмрэ анэшlу къыпщарэфи, гупсэф къыуарэт.

### Чылыс зэlукlэм фэлэжьэрэ тхьэматэхэм яшэн зыфэдэн фаер

5 Крит хыгъэхъунэм укъызкlэзгъэнагъэр lофхэу къэнагъэхэр ыкlэм нэбгъэсынхэуи сэ унашъо къызэрэпфэсшlыгъэм фэдэу, тыдрэ къали нахьыжъхэр чылыс зэlукlэхэм афэбгъэнэфэнхэуи ары.

6 Нахьыжъыр зыми зэригъэмысэн зыбгъодэмылъэу, зы шъуз нахь зимыlэ лlын фае. Илъфыгъэхэми шlошъхъуныгъэ яlэн фае. Ахэр мыхъо-мышlэ псэукlэмкlи мыдэlоныгъэмкlи мысэхэу хъухэ хъущтэп.

7 Тхьэм иlоф чылыс зэlукlэм иlэшъхьэтет ыпшъэ зэрилъым пае, зыми зэригъэмысэн зыбгъодэмылъ лlын фае: къаигъэу, псынкlэу губжырэр хъущтэп, ешъуакlоуи, лlы lэлэуи, мылъкум кlэхъопсэуи щыт хъущтэп.

8 Ау хьакlэхэр зыгъэлъапlэу, шlур шlу зылъэгъоу, гулъытэ зиlэу, зафэу, гукъэбзагъэ зиlэу, щэlагъэ зиlэ лlын фае.

9 Етlанэ lоф шъыпкъэхэу шъодгъэшlагъэхэм пытэу атетын фае. Аущтэу тишlошъхъуныгъэ тызфигъэсэрэ lофхэу тызщыгугъэушъуущтхэмкlэ цlыфхэр ыгъэгушхонхэ ылъэкlыщт, а lофхэм апэуцухэрэми агуригъэlон ылъэкlыщт.

10 Сыда пlомэ, цlыф мыдаlоу бэ щыlэр, зэкlэми апэу сунэт ашlыгъэхэм ащыщхэр ары. Пкlэ зимыlэ гущыlэхэр къаlо зэпыт, нэмыкl цlыфхэри дахьыхых.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

11Ахэмэ ажэ ябгъэубытын фае, сыда пIомэ, емыкIу шIыкIэкIэ ахъщэ къагъэхъэным пае, цIыфхэр зыфамыгъэсэпхъэ Iофхэм афагъасэхэзэ, унагъохэр зэрэунагъохэу агъэунэхъух.

12Ахэмэ ащыщэу тхакIо горэм къыIуагъ: «Крит цIыфхэм пцIы аус зэпыт, хьэкIэ-къокIэ бзаджэхэм афэдэх, фэмыфых, бэшхых».

13А тхакIом ишыхьат шъыпкъэ. Арышъ, пхъашэу агурыгъаIу, зишIуагъэ къакIорэ шIошъхъуныгъэ яIэ хъуным паий,

14джуртхэм ятхыдэжъхэми, шъыпкъэм зыкIыб фэзгъэзагъэхэм яунашъохэми анаIэ тырамыдзэнэу.

15Зыгу къабзэхэмкIэ зэкIэ къабзэ мэхъу, ау зыгу мыкъабзэхэмкIи, ТхьэмкIэ шIошъхъуныгъэ зимыIэхэмкIи къабзэ зи щыIэп. Сыда пIомэ, яакъыли зэщыкъуагъэ, агухэми шIури ери зэхадзыжьын алъэкIырэп.

16Тхьэр ашIэу аIо, ары шъхьакIэ Iофхэу ашIэхэрэмкIэ Тхьэр зэрамышIэрэр нафэу къагъэлъагъо. Ахэр гущыкIыгъо цIыфых, мыдаIох, зыкIи яшIуагъэ къакIорэп.

## Тит 2

**ТишIошъхъуныгъэ тызфигъасэрэ Iофхэу тызщыгугъышъухэрэр**

1ТишIошъхъуныгъэ тызфигъасэрэ Iофхэу тызщыгугъышъухэрэм уатетэу цIыфхэм ябгъэшIэн фае.

2ЛIыжъхэм ягъашI, зыщэIэныгъэ яIэнэуи, лъытэныгъэ яфэшъуашэу зекIонхэуи, гулъытэ яIэнэуи, зишIуагъэ къакIорэ шIошъхъуныгъэ, шIулъэгъу, теубытагъэ къызхагъэфэнхэуи.

3Ащ фэдэу ныохэми ягъашI, Тхьэм ибзылъфыгъэ лъапIэхэм яфэшъуашэу зекIонхэуи, нэмыкI цIыфхэм IаекIэ атемыгущыIэнхэуи, сэнэпс ешъоным пщылI фэмыхъунхэуи, цIыфхэм шIур арагъэшIэнэуи.

4,5ЕтIанэ Тхьэм игущыIэхэм хэти ямыхъоныным пае, а ныохэм бзылъфыгъэ ныбжьыкIэхэм агурагъэIон фае ялIыхэмрэ ялъфыгъэхэмрэ шIу алъэгъунхэуи, гулъытэ яIэнэуи, гукъэбзагъэкIэ псэунхэуи, яунагъохэм дэгъоу алъыплъэнхэуи, шIоу псэунхэуи, ялIыхэм афэIорышIэнхэуи.

6КIалэхэми гулъытэ яIэнэу агурыгъаIу.

7ШIу зэрэпшIэрэмкIэ лъэныкъо пстэумкIи цIыфхэм шапхъэ афэхъу. Угу етыгъэу, лъытэныгъэ уифэшъуашэу Тхьэм игущыIэхэр ягъашIэх.

8Зыми зэригъэмысэн зыхэмылъ къэбархэу, узыщыгугъышъущтхэр ягъашIэх, къытаIолIэн Iае амыгъотэу, о къыппэуцурэ цIыфхэр укIытэжьынхэм пае.

9УнэIутхэри ятхьэматэхэм зэкIэмкIи афэIорышIэнхэуи, агу къызэрэзэрагъэIуным пылъынхэуи, апэмыгущыIэжьынхэуи ягъашI.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

10 Ащ нэмыкӀэу мытыгъонхэуи, сыдигъуи зэкӀэмкӀи яшъыпкъагъэ
къагъэлъэгъонэуи ягъашӀ. Аущтэу ахэмэ ашӀэрэ Ӏоф пстэумкӀи адрэ
цӀыфхэм Ӏофхэу тишӀошъхъуныгъэ тызфигъасэхэрэм щытхъу
афарагъэшӀыщт. А Ӏофхэр Тхьэу тымыкӀодэу тыкъэзгъэнэжьырэм
ехьылӀагъэх.

11 Сыда пӀомэ, цӀыф пстэури мыкӀодхэу къыгъэнэжьынхэм пае, Тхьэм
ынэшӀу щыфэныр къыгъэлъэгъуагъ.

12 Тхьэм ынэшӀу щыфэныгъэ тызфигъэсэрэ Ӏофхэр мыхэр ары: Тхьэм
ишӀолӀыкӀ зыхэмылъ псэукӀэми, мы дунаим ихъопсэ мыхъо-мышӀэхэми
такӀыб афэдгъэзэнри, гулъытэрэ шъыпкъагъэрэ тиӀэхэу, Тхьэм шӀолӀыкӀ
фытиӀэу, мы лъэхъаным тыпсэунри ары.

13 Аущтэу тыпсэун фае, ти Тхьэшхоу, тымыкӀодэу тыкъэзгъэнэжьырэ Исус
Христос ищытхъушхо къэзылъэгъощт мафэм тыпэплъэфэ. А гушӀогъо
мафэр къызэрэкӀощтым тыщыгугъэу тыпэплъэ.

14 Христос тэщ пае ыпсэ ытыгъ. Ыпсэ зыкӀитыгъэр бзэджэгъэ пстэуми
тыкъаӀэкӀихыжьэу, тэ тшъхьэхэр ыщэфынхэуи, шӀушӀэным тыгу етыгъэу
тыпылъэу, ежь илъэпкъ тыхъуным пае, тыгухэр ыгъэкъэбзэжьынхэуи
ары.

15 А Ӏофхэр ары цӀыфхэм ябгъэшӀэн фаехэр. Тетыгъоу зэкӀэ уиӀэмкӀэ
цӀыфхэр гъэгушхох ыкӀи агурыгъаӀу. Зыми нэмыплъ къызэремыгъэт.

## Тит 3

### ШӀу зэрэпшӀэным пылъ

1 ЦӀыфхэм агу къэгъэкӀыжь Ӏэшъхьэтетхэмрэ тетыгъо зиӀэхэмрэ
афэӀорышӀэнхэуи, ядэӀунхэуи, сыд фэдэ шӀушӀэным фэхьазырынхэуи.

2 Ащ нэмыкӀэу агу къэгъэкӀыжь зыми ӀаекӀэ темыгущыӀэнхэуи,
мыцӀэцӀэлэнхэуи, ӀэсагъэкӀи гушъэбагъэкӀи зэкӀэ цӀыфхэм
афыщытынхэуи.

3 Сыда пӀомэ, тэри зэхэшӀыкӀ тимыӀэу, Тхьэм темыдэӀоу тыпсэущтыгъ.
Тыгъощэгъагъ, тыгухэр зыкӀэхъопсыщтыгъэу, тызгъатхъэщтыгъэ Ӏоф
мыхъо-мышӀэ зэмылӀэужыгъохэм тыряпщылӀыщтыгъ. Бзэджагъэрэ
шъугъорэкӀэ тыпсэущтыгъ, гущыкӀыгъоу тыщытыгъ, тэзэрэуджэгъущтыгъ.

4 Ау тымыкӀодэу тыкъэзгъэнэжьырэ Тхьэм ишӀугъэрэ шӀулъэгъоу цӀыфхэм
афыриӀэмрэ къызытфегъэнафэм,

5 тымыкӀодэу тыкъыгъэнэжьыгъ. Шъыпкъагъэ зиӀэ Ӏофхэу тэ тшӀагъэхэм
яӀоф ащ хэлъыгъэп. Тхьэм гукӀэгъу зэриӀэр ары тымыкӀодэу
тыкъызкӀигъэнэжьыгъэр. Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ тыгухэр
къызэригъэкъэбзэжьыгъэмкӀэ икӀэрыкӀэу тыкъалъфыжьыгъэу тигъэхъугъ,
тыгухэм арылъхэри зэрихъокӀыгъэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

6 ТымыкIодэу тыкъэзгъэнэжьырэ Исус Христос Тхьэм иунашъокIэ Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ икъоу тыгухэм къарилъхьагъ.

7 ТымыкIодэу Тхьэм тыкъызкIигъэнэжьыгъэр ынэшIу щыфэныгъэкIэ ежь дэжькIэ шъыпкъагъэ тиIэу тилъытагъэу, мыкIодыжьын щыIэныгъэу тызщыгугъэу, тызпаплъэрэр тиIахьышIоу къытлъыIэсыныр ары.

8 А гущыIэхэр шъыпкъэх. ТхьэмкIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэр шIушIэным пылъынхэм пае, а Iофхэм унаIэ бэу атебгъэтынэу сыфай. А Iофхэр дэгъух, яшIуагъэ цIыфхэм якIы.

9 ПкIэ зимыIэ зэнэкъокъум, лIэкъо зэтекIхэм, Тэурат хабзэм ехьылIэгъэ зэмызэгъыным, зэщыхьаным защыдзый, сыда пIомэ, ащ фэдэ Iофхэм яшIуагъэ зи къакIорэп, пкIи яIэп.

10 ШъузэгурызымыгъаIорэ цIыфым зэ, тIо еушъый, къыомыдэIумэ, зыщыдзый.

11 А цIыфыр зэщыкъуагъэу, зэрэпсэкIодышIэ цIыфыр ошIэ. Ежь ышъхьэкIэ зигъэмысэжьыгъ.

**Аужырэ гущыIэхэр**

12 Артемасрэ Тихикрэ уадэжь къызызгъакIохэкIэ, садэжь, Никопол къалэм, псынкIэу укъызэрэкIоным пылъ. КIымафэр ащ щызгъэкIон сыгу хэлъ.

13 Очыл Зинэрэ Аполлосрэ ягъогу зытехьэхэкIэ, щыкIагъэ ямыIэнэу гъогумкIэ IэпыIэгъу афэхъу.

14 ТицIыфхэм шIу зэрашIэщтым пылъынхэу зэрарэгъашI, щыкIэгъэшхо зиIэхэм IэпыIэгъу афэхъунхэм пае, яшIуагъи къэмыкIоу къэрэмынэх.

15 Сигъусэ пстэуми шIуфэс къыуахыжьы. ШIошъхъуныгъэ зиIэхэу шIу тызылъэгъухэрэм аIапэхэр сфэубытыжь. Тхьэм ынэшIу шъо зэкIэми къышъуещерэф. Амин.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

# Филимон

## Филимон 1

### ШӀуфэс

1Сэ сы Паул. Исус Христос сызэрэфэлажьэрэм пае, хьапсым
сычӀадзагъэу сычӀэс. ШӀу тлъэгъоу къыддэлажьэрэ Филимон, чылыс
зэӀукӀэм щыщхэу уиунэ щызэрэугъоихэрэм,

2тшыпхъоу Апфие, Христос пае тэ къыддэлажьэрэ Архипп, тшы
Тимофей сигъусэу мы тхылъыр къышъуфэсэтхы.

3Тхьэу тя Тэ лъапӀэрэ Зиусхьан Исус Христосрэ анэшӀу къышъуещарэфи,
гупсэф къышъуарэт.

### Паул Тхьэм щытхъу зэрэфишӀырэмрэ зэрелъэӀурэмрэ

4Тхьэм селъэӀу зыхъукӀэ, Тхьэм щытхъу фэсэшӀ зэпыт ощ пае.

5Сыда пӀомэ, Зиусхьан ИсускӀэ шӀошъхъуныгъэу уиӀэмрэ Тхьэм ицӀыф
лъэпӀэ пстэуми шӀулъэгъоу афыуиӀэмрэ якъэбар зэхэсхыгъэшъ ары.

6ШӀошъхъуныгъэу тиӀэмкӀэ гъусэ укъытфэхъугъ, Христос тыгухэм
зэрарылъым пае, Тхьэм шӀоу къытфишӀэрэ пстэури а гъусэныгъэу оррэ
тэррэ зэфытиӀэм нахьыбэ къыдгуригъэӀонэу селъэӀу.

7УишӀулъэгъукӀэ инэу сыбгъэгушӀуагъ ыкӀи сыбгъэгушхуагъ, сыда пӀомэ,
о, сшы, Тхьэм ицӀыф лъапӀэхэм агу бгъэпсэфыжьыгъ.

### Паул Онесим пае Филимон зэрелъэӀурэр

8Арышъ, Христос тыгухэм зэрарылъым пае, пшӀэн фаер унашъо
пфэсшӀынэу гушхо сиӀэ пэтми,

9шӀулъэгъукӀэ сыкъыолъэӀуныр нахь къэсэштэ. Сэ, Паул, сылӀыжъэу Исус
Христос сызэрэфэлажьэрэм пае, хьапсым сычӀадзагъэу,

10скъо Онесим пае сыолъэӀу, сыда пӀомэ, хьапсым сычӀэсэу ар скъом
фэдэ хъугъэ.

11ЫпэкӀэ оркӀэ Онесим ишӀуагъэ къакӀощтыгъэп, ау джы ори сэри
ишӀуагъэ къытегъэкӀы.

12Ар, спсэ фэдэу шӀу слъэгъурэр, джы къыпфэсэгъэкӀожьы.

13Къэбарышӏур зэрэзгъэӀурэм пае, хьапсым сычӀэсыфэ, о пчӀыпӀэкӀэ
ӀэпыӀэгъу къысфэхъунэу садэжь щызгъэӀэнэу сыфаещтыгъ,

14ау о умыдэу ар сшӀэнэу сыфэягъэп, о уишӀушӀагъэ егъэзыгъэ хэмылъэу,
о ар уигуапэу пшӀэным пае.

15Зы уахътэ горэкӀэ Онесим къыббгъодэкӀыгъэу зыкӀэхъугъэр

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

16унэIутым фэдэу мыхъужьэу, ау унэIутым нахьи нахьышIужьэу, шIу
плъэгъурэ тшы фэдэу егъашIэм бгъотыжьынэу къычIэкIынкIи мэхъу.
СэркIэ ар бэу лъапIэ, оркIи нахь лъэпIэжь, цIыф фэдэу ыкIи Зиусхьаныр
зыгу илъ пшы фэдэу.

17Сыкъыбдэлажьэу сыолъытэмэ, сэ сызэребгъэблагъэщтыгъэм фэдэу,
ари егъэблагъ.

18ЗыгорэкIэ иягъэ къыокIыгъэмэ е уичIыфэ телъмэ, сэ ар къысфэгъаз.

19Сэ, Паул, ар остыжьыщт, сэ сIэкIэ сэтхы, ау Христос угу зэрилъым пае,
сичIыфэ о зэрэптелъыр къыосIонэу ищыкIагъэп.

20Ары, сшы, Зиусхьаным пае уишIуагъэ къысэгъэкI. Зиусхьаныр угу
зэрилъым пае, сыгу гъэпсэфыжь.

21УкъызэрэсэдэIущтымкIэ сицыхьэ птелъэу къыпфэсэтхы.
СыкъызэрэолъэIурэм нахьи нахьыбэ зэрэпшIэщтри сэшIэ.

22НэмыкI горэмкIэ сыолъэIу: хьакIэщ къысфэгъэхьазыр; сыда пIомэ,
Тхьэм шъукъызэрэсфелъэIугъэм ипэгъокI фэдэу сыкъышъуитыжьынэу
сыщэгугъы.

**Аужырэ шIуфэс**

23Епафрасэу, Христос Исус зэрэфэлажьэрэм пае сигъусэу хьапсым
чIадзагъэу чIэсым, шIуфэс къыуехыжьы.

24Сэ къыздэлажьэрэ Марки, Аристархи, Димаси, Луки шIуфэс
къыуахыжьы.

25Зиусхьан Исус Христос ынэшIу шъугумэ къащерэф. Амин.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

# Еврей

## Еврей 1

### Ы Къо ыIупэкIэ Тхьэр къызэрэгущыIагъэр

1Пасэм Тхьэр пегъымбархэм аIупэхэмкIэ бэрэ ыкIи зэтефыгъэу тятэжъхэм къадэгущыIэщтыгъ.

2Ау мы уахътэм, мы дунаим иаужрэ мэфэ дэдэхэм, ы Къо ыIупэкIэ тэ къыддэгущыIагъ. Тхьэм Iоф пстэури ы Къо иIахьышIу хъунэу ыгъэнэфагъ, ащи дунаир къыригъэгъэхъугъ.

3Тхьэм ищытхъушхо инэфынэ ы Къо дэжь къикIэу къепсы; ы Къо ищытыкIэ-псэукIэ Тхьэм ищытыкIэ-псэукIэ фэдэ къабз, игущыIэу лъэкIышхо зиIэмкIи щыIэ пстэури щегъаIэ. Ы Къо цIыфмэ агухэм псэкIодхэр зэрариукъэбзыкIыжьыщт гъогу къафишIыгъ, уашъоми дэкIоежьи, тетыгъошхор зэкIэ зиIэ Тхьэм иджабгъукIэ готIысхьагъ.

4Тхьэм «с Къо» ыIозэ, къызэреджэрэ цIэшхор мэлэIичхэм ацIэ зэрэнахь лъапIэм фэдэу, Тхьэм ежь ы Къо мэлэIичхэм апшъэ ышIыгъ.

### Къо лъапIэр мэлэIичхэм апшъэ щыI

5Сыда пIомэ, Тхьэм мэлэIичхэм ащыщэу зыгорэм, «Оры с Къор, непэ Ты сыпфэхъугъ» риIуагъа? Тхьэм мэлэIич горэми ехьылIагъэу, «Сэ Ты ащ сыфэхъущт, ежьыри с Къо хъущт» къыIуагъа?

6ЕтIани Тхьэм ежь къыхихыгъэ ы Къо кIасэ дунаим къызытырегъахьэм, къыIуагъ: «Тхьэм имэлэIич пстэуми ар арэгъэлъапI».

7МэлэIичхэм яхьылIагъэу Тхьэм моущтэу къыIуагъ: «Тхьэм имэлэIичхэр жьыбгъэм фэдэ ешIых, а IофтабгэхэрмэшIотхъуабзэхэм афэдэхэ ешIых».

8Ау ы Къо ехьылIагъэу Тхьэм моущтэу къыIуагъ: «О Тхьэ, уитетыгъошхо тIысыпIэ егъашIэм утесыщт. Уитетыгъошхо ибэщ – зэфагъэр ары.

9Шъыпкъагъэр шIу олъэгъу, бзэджагъэри оуджэгъу. Ащ пае Тхьэу уи Тхьэ уигъусэхэм анахьи гушIуагъом идагъэ о нахь къыпщифагъ».

10Тхьэм моущтэуи къыIуагъ: «О Зиусхьан, ублапIэм дэжь чIылъэм лъапсэхэр фэпшIыгъ, уашъохэри уиIэшIагъэх.

11Ахэр кIодыжьыщтых, ау о умыкIодэу укъэнэжьыщт. Щыгъыным фэдэу ахэр жъы хъущтых.

12Щыгъыным фэдэу зэкIоцIыпщыхьащтых, зэхъокIыгъэуи хъущтых; ау о узэрэщытым утетэу укъэнэжьыщт, о уиилъэсхэми кIэух яIэщтэп».

13Тхьэм мэлэIичхэм ащыщэу зыгорэми, «О уипыихэр лъэгукIэтын пфэсшIыхэфэ, сиджабгъукIэ къызготIысхь» риIуагъа?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

14Аущтэу мэлэIичхэр Тхьэм фэлэжьэрэ псэх, цIыфхэу мыкIодхэу Тхьэм къызэригъэнэжьыщтхэр зиIахьышIу къызлъыIэсыщтхэм
афэIофтэбгэнхэуи Тхьэм ахэр къегъакIох.

## Еврей 2

**ТымыкIодэу Тхьэм тыкъызэригъэнэжьырэм икъэбарышIу лъапIэ**

1Аущтэу зэрэщытым фэшI Тхьэм игъогу тытемыкIыным пае, гущыIэхэу
зэхэтхыгъэхэм лъэшэу тынаIэ атедгъэтын фае.

2Сыда пIомэ, гущыIэхэу мэлэIичхэм къагъэIугъэхэм уащыгугъынхэу
къычIэкIыгъэх, хэти а гущыIэхэм атекIыгъэми е ямыдэIугъэми, Тхьэм
ифэшъуашэ ригъэпщыныжьыгъ.

3Арышъ, тымыкIодэу Тхьэм тыкъызэригъэнэжьырэм икъэбарышIу лъапIэ
тимыгъапэмэ, тэри къыттефэрэр Тхьэм зэрэтигъэпщыныжьыщтым
сыдэущтэу тыIэкIэкIыщта? Ежь Зиусхьаныр ары ыпэ рапшIэу а къэбарыр
къытэзгъэIугъэр, ащ къыIуагъэхэр зэхэзыхыгъэхэми а къэбарыр
къытфагъэшъыпкъэжьыгъ.

4Тхьэри нэшэнэ гъэшIэгъонхэмкIи, Iофышхо гъэшIэгъонхэмкIи, лъэкI
зыхэлъ Iофышхо зэтефыгъэхэмкIи а къэбарышIум шыхьат фэхъугъ. Ащ
нэмыкIэу Тхьэм зэрэшIоигъом тетэу, ежь ы Псэ ЛъапIэкIэ Iоф
зэфэшъхьафхэр ашIэнхэу цIыфхэм лъэкIхэр афигощыгъэх.

**Христос ары пащэ къытфэхъоу, тымыкIодэу тыкъэзгъэнэжьырэр**

5КъэкIощт дунаеу джы зигугъу тшIырэр Тхьэм зыIэ къырилъхьагъэхэр
мэлэIичхэр арэп.

6Ау Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытэу, чIыпIэ горэм зыгорэм моущтэу
къыщиушыхьатыгъ: «О Тхьэ, сыда цIыфыр зилIэужыгъор, уегупшысэнэу
о ащ, цIыфлъэпкъым ыкъуи, о ащ укIэлъыплъэнэу?

7TIэкIурэ мэлэIичхэм анахьи нахь бгъэцIыкIугъ; Фэбгъэшъощагъэх
щытхъушхорэ лъытэныгъэшхорэ.

8ЩыIэ пстэури ылъэгу чIэгъ чIэбгъэуцуагъ». Тхьэм зэкIэри цIыфым
ылъэгу чIэгъ зычIегъэуцом, ащ ылъэгу чIэгъ чIэмытэу зи къыгъэнагъэп.
Ау джы пстэури цIыфым ылъэгу чIэгъ чIэтэу тлъэгъурэп.

9Ау Исус къин ыщэчэу зэрэлIагъэм пае, Тхьэм ащ щытхъушхорэ
лъытэныгъэшхорэ зэрэфигъэшъошагъэхэр тэлъэгъу. Сыда пIомэ, Тхьэм
ынэшIу щыфэныгъэкIэ Исус цIыф пстэуми ачIыпIэкIэ лIэным пае, Тхьэм
ар тIэкIурэ мэлэIичхэм анахьи нахь ыгъэцIыкIугъ.

10ЦIыфыбэ ибынхэ хъуным ыкIи щытхъушхомкIэ Iахь къалъыIэсыным
пае, Тхьэу зэкIэри къэзгъэхъугъэу, зэкIэри зыфыщыIэм Исус къинэу
ыщэчыгъэмкIэ ифэшъошэ тетыгъор иIэу зэригъэхъугъэр къекIущтыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

Сыда пIомэ, цIыфхэр мыкIодхэу къызэригъэнэжьырэ гъогум
тезгъэахьэхэу, пащэ афэхъурэр Исус ары.

11Сыда пIомэ, Исусэу цIыфхэм агухэр зыгъэкъэбзэжьырэмрэ цIыфхэу
зыгу къабзэ хъухэрэмрэ а зы Ты лъапIэм ибыных. Ащ пае, Исус
темыукIытыхьэу ахэмэ ышыхэкIэ яджэ.

12Ащ Тхьэм моущтэу риIуагъ: «Сэ сшыхэм уикъэбар язгъэшIэщт.
УицIыфхэм язэIукIи сыхэтэу сэ щытхъушхо о къыпфэсшIыщт».

13Моущтэуи къыIуагъ: «Тхьэм сыщыгугъыщт». ЕтIани къыIуагъ: «Мары,
сэррэ Тхьэм къыситыгъэ бынхэмрэ».

14А бынхэр лымрэ лъымрэ къахэкIыгъэ цIыфых. Арышъ, Исуси лымрэ
лъымрэ къахэкIыгъэ цIыф хъугъэ, илIэныгъэкIэ шэйтанэу лIэныгъэм
тетыгъо фызиIэр ыгъэкIодыным паий,

15лIэныгъэм зэрэщыщынагъэхэм фэшI, мэпсэуфэхэ шэйтаным ипщылIхэу
щыIагъэхэр шъхьафит ышIынхэм паий.

16Сыда пIомэ, Исус зыдэIэпыIэхэрэр мэлэIичхэр арэп, Ибрахьимэ
къытекIыгъэ цIыфхэр ары нахь.

17Арышъ, Тхьэм фэлажьэрэ дин пэщэшхоу гукIэгъу зиIэу, Тхьэм
фэшъыпкъэу хъуным пае, ышхэм сыд щыщымкIи афэдэу хъун фэягъ,
цIыфмэ япсэкIодхэр атырихынхэм пае.

18Исус псэкIод ригъэшIэным шэйтаныр зыпэлъым, къин Исус
ылъэгъугъэшъ, псэкIод аригъэшIэнэу шэйтаныр зыуж ит цIыфхэм ежьыри
адэIэпыIэн ылъэкIыщт.

## Еврей 3

### Исус пегъымбар Мусэ нахьи нахь лъапI

1Сшы лъапIэхэр, Тхьэр шъори ежь ибынхэм ащыщ шъухъунэу
къышъоджагъ. Арышъ, тишIошъхъуныгъэ идин пэщэшхо хъунэу Тхьэм
къытфигъэкIогъэ Исус шъуегупшыс.

2Пегъымбар Мусэ Тхьэм иунагъо щыщ цIыф пстэуми шъыпкъагъэ
зэрафыриIагъэм фэдэу, Исуси Тхьэу ежь зыгъэнэфагъэм шъыпкъагъэ
фыриIагъ.

3Унэм нахьи унэ зышIырэм нахь щытхъу зэриIэм фэдэу, Мусэ нахьи
Исуси нахь щытхъу ифэшъуаш.

4Сыда пIомэ, цIыф горэм ымышIыгъэ унэ щыIэп, ау пстэури зышIыгъэр
Тхьэр ары.

5Мусэ Тхьэм фэлажьэу Тхьэм иунэ зэкIэ Iофхэу щишIэщтыгъэхэмкIэ
шъыпкъагъэ иIагъ, Тхьэм къыIощтхэми шыхьат афэхъугъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

6Ау Христос Тхьэм иунагъо зыIэ илъ Къор ары. Тыгу тымыгъэкIодэу Iофхэу тызэрыгушхохэу, тызщыгугъыхэу тызпаплъэхэрэм кIэухым нэс тафэшъыпкъэмэ, тэри ащ иунагъо тыщыщ.

**Тхьэм ицIыфхэм языгъэпсэфыпI**

7Арышъ, Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ зэриIорэм фэдэу, «Непэ Тхьэм ымакъэ зэхэшъухымэ,

8шъугухэр гуркъэхэу щышъумыгъэтых, шъуятэжъхэм шъоф нэкIым зэрэщашIыщтыгъэм фэдэу. Ахэмэ Тхьэм едэIунхэр адэщтыгъэп, Тхьэм ищэIагъэ зынэсырэр агъэунэфынэм пылъыщтыгъэх».

9(Тхьэм моущтэу еIо:) «Шъоф нэкIым шъуятэжъхэр сищэIагъэ зынэсырэри сиIофхэр зыфэдэхэри агъэунэфынхэу щыпылъыщтыгъэх. Илъэс тIокIитIум сиIофхэр алъэгъущтыгъ.

10Ащ пае, а цIыфхэм сафэгубжи, моущтэу сIуагъэ: „Ахэр агухэмкIэ мэгъощэ зэпытых, сигъогухэр зыфэдэхэри ашIэрэп“.

11Аущтэу сафэгубжэу,

„Сэ ахэр сизыгъэпсэфыпIэ къизгъэхьащтхэп“ сIуи, къэсIуагъэр згъэшъыпкъэжьызэ, гущыIэ пытэкIэ сIуагъэ».

12Сшыхэр, шъуащыщэу хэти щыIэнығъэ зиIэ Тхьэм игъогу ыкIыб фигъэзэжьэу, шIошъхъуныгъэ зимыIэ гу бзаджэ зэримыIэным шъуфэсакъ.

13Ау псэкIодшIэным итхьагъэпцIыгъэкIэ шъуащыщэу зыгорэм ыгу гуркъэ мыхъуным пае, мафэ къэси шъузэрэгъэгушху, «Непэ» зыфаIорэ лъэхъаным тытетыфэ.

14Сыда пIомэ, Iофхэу ыпэм тызщыгугъыгъэхэм кIэухым нэс пытэу татетымэ, тэ пстэури Христос фэшъыпкъэхэм ащыщ тэхъу.

15Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, «Непэ Тхьэм ымакъэ зэхэшъухымэ, шъугухэр гуркъэхэу щышъумыгъэтых, шъуятэжъхэм шъоф нэкIым зэрэщашIыщтыгъэм фэдэу».

16Тхьэм ымакъэ зэхэзыхыгъэхэу, едэIунхэу зымыдагъэхэр хэтха? Пегъымбар Мусэ Мысырым къырищыжьыгъэгъэ цIыф пстэури арыба?

17Тхьэр илъэс тIокIитIум цIыфхэу зыфэгубжыщтыгъэхэр хэтха? ПсэкIод зышIагъэхэу, зыпкъыхэр шъоф нэкIым къинэжьыгъэхэр арыба?

18ЕтIани «Сэ ахэр сизыгъэпсэфыпIэ къизгъэхьащтхэп» ыIуи, къыIуагъэр ыгъэшъыпкъэжьызэ, Тхьэм гущыIэ пытэкIэ зэриIуагъэхэр хэтха? ЕдэIунхэу зымыдагъэхэр арыба?

19Аущтэу ахэмэ шIошъхъуныгъэ зэрямыIагъэм пае, Тхьэм изыгъэпсэфыпIэ ихьанхэ амылъэкIэу къызэрэнагъэхэр тэлъэгъу.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

# Еврей 4

1Тхьэм изыгъэпсэфыпIэ тызэрихьанымкIэ тыкъызэригъэгугъэгъэ Iофыр
джыри зытетыгъэм тетышъ, шъуащыщэу зыгорэ ащ имыхьагъэу
къычIэмыкIыным пае, шъузфэсакъыжь.

2А зыгъэпсэфыпIэм икъэбар ахэмэ зэранэсыгъэм фэдэу, тэри
къытэнэсыгъ. Ау ахэмэ къэбарышIоу зэхахыгъэм ишIуагъэ къякIыгъэп,
сыда пIомэ, а къэбарышIур зызэхахым, ашIошъ хъугъэп.

3Ау тэ, шIошъхъуныгъэ зиIэ хъугъэхэр, ары Тхьэм изыгъэпсэфыпIэ
ихьащтхэр, Тхьэм къызэриIуагъэм фэдэу, «Сэ губжым сыхэтэу гущыIэ
пытэкIэ сIуагъэ:

„Ахэр сизыгъэпсэфыпIэ къиизгъэхьащтхэп“». Тхьэм дунаир
къызигъэхъугъэм щегъэжьагъэу иIофхэр ыухыгъагъэхэми, аущтэу ыIуагъ.

4Сыда пIомэ, яблэнэрэ мафэм ехьылIагъэу Тхьэм къызэриIорэр игущыIэ
тхыгъэхэм арытэу чIыпIэ горэм хэт: «Тхьэм иIоф пстэури ыухыгъэу,
яблэнэрэ мафэм зигъэпсэфыжьыгъ».

5А чIыпIэм дэжь Тхьэм къызэриIорэри ит: «Сэ ахэр сизыгъэпсэфыпIэ
къиизгъэхьащтхэп».

6Аущтэу Тхьэм изыгъэпсэфыпIэ ихьанхэу цIыф заулэ джыри щыI. Ау
цIыфхэу пасэм а зыгъэпсэфыпIэм икъэбар зынэсыгъэхэр Тхьэм едэIунхэу
зэрамыдагъэм пае, изыгъэпсэфыпIэ ихьагъэхэп.

7Аущтэу зэрэхъугъэм пае, ащ нэуж бэ тешIагъэу, Тхьэм мы гущыIэхэр
пегъымбар Даутэ ыгу къырилъхьэхи, къызырегъаIом, нэмыкI мафэу
«Непэ» зыфиIуагъэр къыгъэнэфагъ, ыпэкIэ зэрэтIуагъэм фэдэу, «Непэ
Тхьэм ымакъэ зэхэшъухымэ, шъугухэр гуркъэхэу щышъумыгъэтых».

8Сыда пIомэ, Нун ыкъо Ехьошуа Тхьэм изыгъэпсэфыпIэ ахэр
ригъэхьагъэхэмэ, Тхьэм нэмыкI мафэу «Непэ» зыфиIуагъэм икъэбар
къыIощтыгъэп.

9Арышъ, Тхьэм яблэнэрэ мафэм зызэригъэпсэфыжьыгъэм фэдэу, Тхьэм
ицIыфхэри ежь изыгъэпсэфыпIэ джыри ихьащтых;

10сыда пIомэ, хэт щыщи Тхьэм изыгъэпсэфыпIэ ихьэрэм иIоф ыухыгъэу
зегъэпсэфыжьы, Тхьэм иIофхэр ыухыгъэхэу зызэригъэпсэфыжьыгъэм
фэдэу.

11Арышъ, а зыгъэпсэфыпIэм тызэрихьащтым ыуж тижъугъэт. Тятэжъхэр
Тхьэм едэIунхэу зэрамыдагъэм фэдэу, тэ тщыщэу зыгорэ Тхьэм
емыдэIоу орэмыхъу. Армырмэ, Тхьэм изыгъэпсэфыпIэ тихьащтэп.

12Тхьэм игущыIэхэм щыIэныгъэшхорэ лъэкIышхорэ ахэлъ. Ахэр
бгъуитIуцэ чэтэ чаным нахьи нахь чаных. Псэри, гури, къупшъхьэри,

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)

куцӀыри зэхадзыжьынхэу цӀыфым икуупӀэ нэс пхырэкӀых. ЦӀыфым игупшысэхэри игухэлъхэри зэхафых.

13Тхьэм къыгъэхъугъэ пстэуми ащыщэу зи ежь ыпашъхьэ гъэбылъыгъэу щыӀэп. Тхьэм ынэхэм апашъхьэ Ӏоф пстэури шъхьэихыгъэу ыкӀи нафэу щытых. Ежьыр ары пэгъокӀыр зэттыщтыр.

**Дин пэщэшхо къытфэхъугъэр Исус ары**

14Арышъ, уашъом дэкӀоежьыгъэу, Исусэу Тхьэм ы Къо дин пэщэшхоу
тиӀэшъ, шӀошъхъуныгъэу тиӀэм тыфэшъыпкъэу тыжъугъэзекӀу.

15Сыда пӀомэ, дин пэщэшхоу тиӀэр лъэкӀ зэрэтимыӀэр зыгурыӀон зымылъэкӀырэ дин пэщэшхоп. Шэйтаным псэкӀод тигъэшӀэнэу зэрэпылъым фэдэу, лъэныкъо пстэумкӀи тидин пэщэшхуи псэкӀод ригъэшӀэнэу пылъыгъ, ау псэкӀод зи ригъэшӀэшъугъэп.

16Арышъ, ӀэпыӀэгъу тищыкӀагъэ зыхъукӀэ, Тхьэм гукӀэгъу къытфишӀынэу, ынэшӀу къытщифэнэу, гукӀэгъу зиӀэ Тхьэм итӀысыпӀэ лъапӀэ гушхоныгъэ тиӀэу тыӀужъугъахь.

## Еврей 5

1Хэтрэ дин пэщэшхуи цӀыфхэм къахахы Тхьэм фэлэжьэнэуи, тынхэр фишӀынхэуи, цӀыфхэм япсэкӀодхэр апщыныжьынхэм пае, къурмэнхэр фишӀынхэуи.

2Дин пэщэшхор ыгурэ ыпсэрэкӀэ лъэкӀ зэримыӀэм пае, зэхэшӀыкӀ зимыӀэхэу, гъощэгъэ цӀыфхэм гушъэбэныгъэкӀэ адэзекӀон елъэкӀы.

3Арэу зыхъукӀэ, дин пэщэшхом ежь ипсэкӀодхэри цӀыфхэм япсэкӀодхэри ыпщыныжьынхэм пае, Тхьэм къурмэн фишӀын фае.

4Лъытэныгъэ фашӀэу дин пэщэшхо хъуныр зыми ежь-ежьырэу зыфигъэшъошэшъущтэп. Ау Тхьэр Хьарун къызэреджагъэм фэдэу, дин пэщэшхоми къеджэн фае.

5Ауштэу Христоси лъытэныгъи зыфаригъэшӀэу дин пэщэшхо хъуныр зыфигъэшъошагъэп, ау Тхьэм ащ къыриӀуагъ: «Оры с Къор, непэ Ты сыпфэхъугъ».

6Тхьэм къызэриӀуагъэри игущыӀэ тхыгъэхэм арытэу, нэмыкӀ чӀыпӀэм ит: «Мелхиседекъ фэдэу ори егъашӀэм дин пащэу ущытыщт».

7Исус дунаим зытетыгъэ мафэхэм мэкъэшхокӀэ джэзэ, ынэпсхэри къеххэу, Тхьэу лӀэныгъэм къыӀэкӀэзыхышъущтым лъэшэу елъэӀугъ. ИдэӀоныгъэ пае ащ ымакъэ Тхьэм зэхихыгъ.

8Ежь Тхьэм ы Къуагъэми, къинэу ыщэчыгъэхэмкӀэ Тхьэр зэрэфаем тетэу, едэӀуштыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)

9 ИIоф зырегъэкъум, ежь къедэIурэ цIыф пстэури сыдигъуи мыкIодхэу къэзгъэнэжьырэр ежьыр арэу хъугъэ,

10 Тхьэми ар дин пэщэшхоу, Мелхиседекъ фэдэу, ыгъэнэфагъ.

**ШIошъхъуныгъэм игъогу шъутемыкI**

11 Мы Iофым ехьылIагъэу къэтIон фэягъэр бэ. Ау шъутхьакIумэхэр жъажъэ хъугъэхэшъ, а Iофхэр зэхэшъозгъэшIыкIыныр къин.

12 Уахътэу блэкIыгъэм шъузеплъыкIэ, мы уахътэм шъощ нэмыкI цIыфхэм Христос ехьылIэгъэ къэбарышIур яжъугъэшIэн фэягъэ, ау Тхьэм игущыIэхэм яхьылIэгъэ Iофхэу апэ дэдэ зэжъугъэшIагъэхэр зыгорэм шъуигъэшIэжьынхэу шъуищыкIагъ. ШъуищыкIагъэр гъомлапхъэр арэп, быдзыщэр ары нахь!

13 Щэ нахь емышъорэр сабый ныIэп. Шъыпкъагъэм иIоф зэхишIыкIырэп.

14 Гъомлапхъэр зыныбжь икъугъэхэм апае. Ахэмэ шIумрэ емрэ агухэмкIэ зэхадзыжьынхэу есэхи, зэрагъэшIагъ.

## Еврей 6

1 Христос ехьылIэгъэ Iофхэу апэ дэдэу шъуагъэшIагъэхэм таблэжъугъэкIи, цIыфхэу зыныбжь икъугъэхэм зэрагъэшIэн фэе Iофхэм зафэтэжъугъэгъаз. ТишIошъхъуныгъэ ылъапсэхэр икIэрэкIэу дгъэтIылъыным тыфешъумыгъажь. А лъэпсэ Iофхэр мыхэр ары: лIэныгъэ къызхэкIырэ Iоф мыхъо-мышIэхэу шъушIагъэхэм шъуафыкIэгъожьынри, ТхьэмкIэ шIошъхъуныгъэ шъуиIэнри;

2 умэхъыным ехьылIэгъэ Iофхэу зэжъугъэшIагъэхэри, цIыфхэм Iэхэр атеплъхьанри Тхьэм ынэшIу къащифэным пае; лIагъэхэм якъэтэджыжьыни, Тхьэм ихьыкумэу мыкIодыжьыщтыр цIыфхэм атыришIыхьанри.

3 Тхьэм ыIомэ, а Iофхэм таблэкIыщт.

4 Сыда пIомэ, цIыфхэу зэгорэм Тхьэм инэфынэ хэтыгъэхэу, етIани зыкIыб Тхьэм фэзгъэзагъэхэм япсэкIодхэм афыкIэгъожьынхэу къябгъэгъэзэжьын плъэкIыщтэп. Ахэмэ уашъом щыIэ Тхьэм итын зыфэдэр ашIэщтыгъ; Тхьэм ы Псэ ЛъапIи агухэм арылъыгъ;

5 Тхьэм игущыIэхэм яшIугъэри, къэкIощт дунаим илъэкIхэри ашIэщтыгъэх.

6 Ау щытми, акIыб Тхьэм фагъэзэжьыгъ. ЯпсэкIодхэм афыкIэгъожьынхэу къябгъэгъэзэжьын плъэкIыщтэп, сыда пIомэ, Тхьэм ы Къо джыри зэ къащым тыраIулIэрэм фэд, цIыфмэ апашъхьэ ынапэ щытырахырэми фэд.

7 ЧIыгоу бэрэ ощх къызтещхэу, цIыфхэу ар зылэжьхэрэмкIэ зишIуагъэ къэкIорэ лэжьыгъэ къызщыкIырэм Тхьэм ынэшIу къыщефэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

8Ау панэрэ пырэжъыерэ къызщыкIырэ чIыгум пкIэ иIэп. Бэ темышIэу
Тхьэм ынае а чIыгум къыщифэщт. Ыужыпкъэми ар агъэстыжьыщт.

9СилъапIэхэр, аущтэу тIо пэтми, шъуиIоф нахьышIоу зэрэхъурэми,
шъумыкIодэу Тхьэм шъукъызэригъэнэжьыщт гъогум шъузэрэтетми
тащэгугъы.

10Сыда пIомэ, Тхьэр зафэ, Iофэу шъушIагъэр щыгъупшэщтэп. Тхьэм
ицIыф лъапIэхэм IэпыIэгъу шъузэрафэхъугъэмрэ джыри IэпыIэгъу
шъузэрафэхъурэмкIэ шIулъэгъоу Тхьэм фэжъугъэлъэгъуагъэмрэ
щыгъупшэщтэп.

11Iофхэу шъузщыгугъыхэу, шъузпаплъэхэрэр жъугъотынхэм пае,
шъуащыщэу хэти ыгу етыгъэу кIэухым нэс Тхьэм иIофхэм емызэщэу
апылъ тшIоигъу.

12Шъумыфэмыф, ау шIошъхъуныгъэмрэ щэIагъэмрэ зэряIэм пае, Тхьэм
Iофхэу къызэригъэгугъагъэхэр цIыфхэу зиIахьышIу къызлъыIэсыщтхэм
ялъэужхэм шъуарыкIу.

**Тхьэм тыкъызэригъэгугъагъэр ыгъэцэкIэжьыщт**

13Тхьэм игущыIэ Ибрахьимэ къызыретым, ежь нахьи нахь ин
зэрэщымыIэм пае, къыIуагъэр къыгъэшъыпкъэжьызэ, ежь ыцIэкIэ гущыIэ
пытэкIэ моущтэу къыIуагъ

14«ШъыпкъэмкIэ сынэшIу къыпщысфэщт, лъфыгъаби къыптезгъэкIыщт».

15Аущтэу Ибрахьимэ щэIагъэ зыригъаIи, Тхьэм къызэригъэгугъагъэр иIэ
хъугъэ.

16ЦIыфмэ ежьхэм анахьи нахь инэу зыгорэмкIэ тхьарыIо ашIэу яхабз.
ТхьарыIом къаIогъэ гущыIэхэр егъэшъыпкъэжьых, зэнэкъокъун Iофми
кIэух фешIы.

17Аущтэу Тхьэм Iофхэу къызэригъэгугъагъэхэр зиIахьышIу
къызлъыIэсыщтхэм игухэлъ зэрэзэблимыхъущтыр аригъэлъэгъунэу
шIоигъуагъэти, Iофхэу къызэригъэгугъагъэхэр зэригъэцэкIэщтхэр гущыIэ
пытэкIэ къафигъэшъыпкъэжьыгъ.

18Аущтэу зэблэмыхъушъун IофитIу щыI. Ар зэрэ Тхьэм пае, а IофитIур
зэримыгъэцэкIэн гъогу щыIэп. Тэ Тхьэр ухъумакIо къызфэхъунэу, ежь
пэгъунэгъу хъугъэ цIыфхэр Тхьэм тапэ къырилъхьэгъэ Iофхэу
тызщыгугъыхэу, тызпаплъэхэрэр къызлъыдгъэIэсынхэу мы IофитIумэ
тагъэгушхо.

19ГугъапIэу Христос фытиIэр пытэ, цыхьэшIэгъу, гъурзым фэдэу тыгухэм
арылъ. Ащ пае пэIухъоу Тхьэм иунэшхо ыкIоцI щыIэм тыблэкIызэ, унэ
кIоцIэу анахь лъапIэм тихьан тлъэкIыщт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

[20]Тэщ пае Исус а унэ кIоцIэу анахь лъапIэм тапэ ихьагъ. Мелхиседекъ
фэдэу егъэшIэрэ дин пэщэшхо хъугъэ.

# Еврей 7

### Дин пащэу Мелхиседекъ

[1]Мелхиседекъ Салэм къалэм ипачъыхьэу, Тхьэу анахь Лъагэм
фэлажьэрэ дин пэщагъ. Ибрахьимэ пачъыхьабэмэ атекIуи,
къызегъэзэжьым, Мелхиседекъ ащ пэгъокIи, ынэшIу къыщифэнэу Тхьэм
фелъэIугъ.

[2]Джащыгъум Ибрахьимэ мылъкоу заокIэ къыхьыгъэм ызыпшIанэ
Мелхиседекъ ритыгъ. Мелхиседекъ ыцIэ къикIырэм тетэу, ар ыпэ рапшIэу
«шъыпкъагъэ зиIэ пачъыхь», етIанэ Салэм ипачъыхь, ащ къикIырэр
«цIыфхэр зэзгъэшIурэ пачъыхьэр» ары.

[3]Ни-ти имыIэу, лIэкъо зэтекI имыIэу, имафэхэм ублапIэ ямыIэу,
ищыIэныгъи ухыпIэ имыIэу, Тхьэм ы Къо фэдэу Мелхиседекъ егъэшIэрэ
дин пащ.

[4]Мелхиседекъ иинагъэ шъуеплъ: Тятэжъышхоу Ибрахьимэ мылъкоу
заокIэ къыхьыгъэм ызыпшIанэ ащ ритыгъ.

[5]Лэуй къытекIыгъэ цIыфхэм ащыщхэу дин пащэ хъугъэхэм израиль
цIыфхэм къагъахъэрэм ызыпшIанэ къаIахынэу Тэурат хабзэм иунашъо
ит. Ащ къикIырэр, а пшIанэр къызыIаххэрэр ашыхэу Ибрахьимэ
къытекIыгъэ цIыфхэр ары.

[6]Ау Мелхиседекъ, Лэуй къытекIыгъэ цIыфхэм ащымыщыгъэми,
Ибрахьимэ мылъкоу заокIэ къыхьыгъэм ызыпшIанэ къыIихыгъ. Ащ
нэмыкIэуи Мелхиседекъ Ибрахьимэу Тхьэм IахьышIукIэ
къыгъэгугъагъэми Тхьэм ынэшIу къыщифэнэу фелъэIугъ.

[7]Щэч хэмылъэу, нэмыкI цIыфым Тхьэм ынэшIу къыщифэнэу фелъэIугъэ
цIыфыр, адрэм нахьи нахь ин.

[8]ЕтIанэ дин пащэхэу цIыфмэ пшIанэр къаIызыххэрэм яIоф ухаплъэмэ,
ахэр лIэнхэ фэе цIыфых. Ау Мелхиседекъэу Ибрахьимэ пшIанэр
къыIызыхыгъэм иIоф ухаплъэмэ, ар зэрэпсэурэмкIэ Тхьэм игущыIэ
тхыгъэхэр шыхьат фэхъух.

[9]Лэуй къытекIыгъэ цIыфхэм мы лъэхъаным пшIанэр цIыфхэм къаIахыми,
Ибрахьимэ пшIанэр Мелхиседекъ зыретым, Лэуй пшIанэр Мелхиседекъ
ритыгъэу пIоми хъущт,

[10]сыда пIомэ, Мелхиседекъ Ибрахьимэ зыпэгъокIым, Лэуй
къэмыхъугъагъэми, ятэжъышхоу Ибрахьимэ ыпкъ хэлъыгъ пIоми хъущт.

[11]Аущтэу дин пащэхэу Лэуй илIакъо щыщхэм Iофэу ашIагъэмкIэ Тхьэм
игухэлъ икъугъэ хъугъэмэ, (сыда пIомэ, пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

дин пащэхэу Лэуй илӀакъо щыщхэм яӀоф епхыгъ), ащыгъум Хьарун фэмыдэу Мелхиседекъ фэдэу, нэмыкӀ дин пащэ къэкӀон фаеу хъущтыгъэп.

12 Сыда пӀомэ, Тхьэм дин пэщэ лъэпкъыр зызэблихъукӀэ, хабзэри зэблэхъугъэ хъун фае.

13 ЕтӀанэ ти Зиусхьан Исусэу мы Ӏофхэр зэхьылӀагъэхэр нэмыкӀ лӀакъо щыщыгъ. Ежь илӀакъо щыщэу зыми дин пащэу къурмэншӀыпӀэм Ӏоф щишӀагъэп.

14 Сыда пӀомэ, ти Зиусхьан Иудэ лӀакъом зэрэщыщыр нафэ. Пегъымбар Мусэ дин пащэхэм къызатегущыӀэм, а лӀакъом игугъу ышӀыгъэп.

15 Мелхиседекъ фэдэу нэмыкӀ дин пащэ къызэрэлъэгъуагъэм Ӏофэу зыфэсӀуагъэр нахь нафэ ешӀы.

16 Мелхиседекъ илӀэкъо зэтекӀ ехьылӀэгъэ хабзэхэмрэ цӀыф унашъохэмрэ арэп дин пащэ зыгъэхъугъэр, ау зыми ымыгъэкӀодышъун щыӀэныгъэм илъэкӀ ары дин пащэ зыгъэхъугъэр.

17 Сыда пӀомэ, Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм моущтэу арыт: «Мелхиседекъ фэдэу ори егъашӀэм удин пэщэщт».

18 Ыпэрэ хабзэм лъэкӀ зэримыӀагъэм ыкӀи ишӀуагъэ цӀыфхэм зэраримыгъэкӀыгъэм пае, Тхьэм ар зы бгъукӀэ ригъэзыкӀыгъ.

19 Сыда пӀомэ, Тэурат хабзэм Ӏоф щыкӀагъэ зи имыӀэу, икъугъэу ыгъэхъун ылъэкӀыгъэп. Ау джы Тхьэм тызщигъэгугъырэ Ӏофыр нахьышӀу, а Ӏофыми Тхьэм пэблагъэ тыхъунэу тегъэлъэкӀы.

20 Ащ нэмыкӀэу Тхьэм гущыӀэ пытэкӀэ къыгъэшъыпкъэжьыгъ Исус дин пащэ зэрэхъущтыр.

21 НэмыкӀ цӀыфхэр Тхьэм игущыӀэ пытэ хэмылъэу дин пащэ хъугъэх, ау Исус дин пащэ хъу зэхъум, Тхьэм къыӀуагъэр гущыӀэ пытэкӀэ къыгъэшъыпкъэжьыгъ, сыда пӀомэ, моущтэу ит: «Тхьэу Зиусхьаным, къыӀуагъэр къыгъэшъыпкъэжьызэ, гущыӀэ пытэ ышӀыгъэшъ, кӀэгъожьыщтэп: О егъашӀэм удин пэщэщт».

22 Аущтэу зэзэгъыныгъэу Тхьэм ежьыррэ тэррэ тазыфагу къыдилъхьагъэр зэрэнахьышӀум тыщызгъэгугъырэр Исус ары.

23 Ащ нэмыкӀэуи адрэ дин пащэхэр бэ хъугъэх, сыда пӀомэ, дин пащэхэу Тхьэм фэлэжьэ зэпытынхэу лӀэныгъэм фит ышӀыгъэхэп.

24 Ау Исус егъашӀэм зэрэщыӀэщтым пае, идин пэщэ Ӏоф нэмыкӀ горэм къыфигъэнэжьыщтэп.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

Institute for Bible Translation

25Ащ паий Тхьэм пэблагъэ хъунхэу Исус зэригъэлъэкlырэ цlыфхэр
мыкlодхэу къыгъэнэжьынхэ сыдигъуи елъэкlы, сыда пlомэ, Исус а
цlыфхэм Тхьэм афелъэlунэу егъашlэм щыl.

26Ащ фэдэ дин пэщэшхор ары тищыкlагъэр: зыгу къабзэу, зыми
зэригъэмысэн зыбгъодэмылъэу, лажьэ зи зимыlэу, псэкlод зышlэрэ
цlыфхэм ахэкlыжьыгъэу, уашъохэм апшъэ дэкlоежьыгъэу щыlэ дин
пэщэшхор ары.

27Адрэ дин пэщэшхохэм, ыпэ рапшlэу ежьхэм япсэкlодхэр
апщыныжьынхэм пае, етlанэ адрэ цlыфхэм япсэкlодхэри
апщыныжьынхэм пае, мафэ къэси къурмэн ашlынэу зэрящыкlагъэм
фэдэу, Исус ищыкlэгъагъэп; сыда пlомэ, ежь къурмэныпхъэ зызешlым,
цlыфхэм япсэкlодхэр ыпщыныжьынхэм пае, джыри зэ къурмэныпхъэ
мыхъужьынэу, къурмэныпхъэ хъугъэ.

28Зыгурэ зыпсэрэкlэ лъэкl зимыlэ цlыфхэр дин пэщэшхо хъунхэу Тэурат
хабзэм иунашъо егъэнафэх; ау Тэурат хабзэр къызэкlо ужым, Тхьэм
къыlуагъэр гущыlэ пытэкlэ къызегъэшъыпкъэжьым, ы Къоу
зишъыпкъагъэ егъашlэм щыкlагъэ зимыlэ цlыф икъугъэр дин пэщэшхо
хъунэу къыгъэнэфагъ.

## Еврей 8

### Исус – тидин пэщэшху

1Шъыпкъэу зыфатlорэр мары: Уашъохэм ащыlэу, тетыгъошхор зэкlэ зиlэ
Тхьэм итlысыпlэ лъапlэ иджабгъукlэ госэу дин пэщэшхо тиl.

2Чэтэнгъэlэгъэ шъыпкъэу Тхьэр зыдэщыlэм дин пэщэшхоу lоф щешlэ. А
чэтэнгъэlагъэр зыгъэуцугъэр цlыфхэр арэп, Зиусхьаныр ары нахь.

3Тхьэм хэтрэ дин пэщэшхуи тынхэри ежь фихьынхэуи, къурмэнхэр
фишlынхэуи къегъэнафэ. Ащ пае, тидин пэщэшхуи Тхьэм къурмэныпхъэ
горэ фишlын фае.

4Исус дунаим тетыгъэмэ, дин пэщэщтыгъэп, сыда пlомэ, Тэурат хабзэм
ит унашъом тетэу, Тхьэм тынхэр фэзыхьырэ дин пащэхэр щыlэх.

5Ахэр дин пащэхэу lоф зыщашlэрэр Тхьэм иунэшхоу уашъом щыlэм
итеплъэ фэдэ къодый е ижьау ныlэп. Сыда пlомэ, пегъымбар Мусэ
чэтэнгъэlагъэр ыгъэуцоу зыфежьэм, Тхьэм ащ унашъо къыфишlыгъ:
«Къушъхьэм утетэу зэкlэ къызэрэозгъэлъэгъугъэм тетэу, зэрэпшlыщтым
фэсакъ».

6Зэзэгъыныгъэу Исус Тхьэмрэ цlыфхэмрэ азыфагу дэлъэу ыгъэхъугъэр
апэрэ зэзэгъыныгъэм нахьи зэрэнахь лъапlэм фэдэу, Исус дин пэщэшхо
lофэу ышlэрэр адрэ дин пэщэшхохэм яlоф нахьи нахь lофышху, сыда
пlомэ, аужырэ зэзэгъыныгъэмкlэ lофхэу Тхьэм цlыфхэр
къызэригъэгугъагъэхэр нахьышlух.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

7Апэрэ зэзэгъыныгъэм зи щыкIагъэ имыIагъэмэ, нэмыкI зэзэгъыныгъэ ащ ычIыпIэ ихьанэу ищыкIэгъэщтыгъэп.

8Ау пегъымбарым цIыфхэр ыгъэмысэхэу къыIуагъ: «Зиусхьаным моущтэу къеIо: Сэррэ израиль лIакъомрэ Иудэ лIакъомрэ зэзэгъыныгъакIэ тазыфагу зыдэслъхьащт мафэхэр къэсыщтых.

9Ау мы зэзэгъыныгъэр зыфэдэщтыр ятэжъхэр Мысырым къызисэщыжьхэм, зэзэгъыныгъэу сэррэ ахэмрэ тазыфагу дэслъхьэгъагъэм фэдэп, сыда пIомэ, зэзэгъыныгъэу тазыфагу дэслъхьагъэм игъогу ахэр рыкIо зэпытыгъэхэп. Арышъ, ахэмэ пхъэтэпэмыхьэу сяплъы хъугъэ, Зиусхьаным къеIо.

10А мафэхэм ауж зэзэгъыныгъэу сэррэ израиль лъэпкъымрэ тазыфагу дэслъхьащтыр мары: Сиунашъохэр ахэмэ ашъхьэхэм арыслъхьащтых, агухэми атестхэщтых. Сэ ахэмэ сыря Тхьэщт, ахэри сэ слъэпкъыщтых, Зиусхьаным къеIо.

11Аущтэу зыхъукIэ, „Зиусхьаныр зыфэдэр зэгъашIэ“ аIоу, зэгъунэгъухэми зэшхэми зэраIожьыщтэп, сыда пIомэ, цIыкIухэм къащегъэжьагъэу инхэр къыхиубытхэу зэкIэми сашIэщт.

12БзэджашIэхэми сэ гукIэгъу афэсшIыщт. ЯпсэкIодхэри, бзэджагъэу ашIагъэхэри сыгу изгъэлъыжьыщтхэп».

13Тхьэм «зэзэгъыныгъакIэ» зэриIуагъэмкIэ апэрэ зэзэгъыныгъэр жъы зэрэхъугъэр къыгъэлъэгъуагъ. Сыд щыщи жъы хъугъэу, лъэкI зимыIэжьыр бэ темышIэу кIодыжьыщт.

## Еврей 9

### ЦIыфхэм шъыпкъагъэкIэ Тхьэр зэрагъэлъэпIэн фэе шIыкIэр

1Апэрэ зэзэгъыныгъэм тетэу цIыфхэм Тхьэр зэрагъэлъэпIэн фэе шIыкIэм ехьылIэгъэ унашъохэр щыIагъэх. ЦIыфхэм аIэкIэ ашIыгъэу, Тхьэр зыщагъэлъэпIэн чIыпIи щыIагъ.

2Сыда пIомэ, унитIу хъурэ чэтэнгъэIагъэ агъэуцугъагъ. Апэрэ унэм, Унэ КIоцI ЛъапIэу зыфаIорэм, остыгъэ тетыпIэри Iанэу Тхьэм ыпашъхьэ агъэтIылъыгъэ хьалыгъур зытелъыри итыгъэх.

3ПэIухъом ыкIыбкIэ Унэ КIоцI Анахь ЛъапIэу зыфаIорэр щыIагъ.

4МэIэшIу зыпихырэ уцхэм ягъэстыпIэу дышъэм хэшIыкIыгъэмрэ тыдэкIи дышъэ зытебзэгъэ пхъуантэу Тхьэм ежьыррэ цIыфхэмрэ азыфагу дилъхьэгъэ зэзэгъыныгъэм ипхъуантэу зыфаIорэмрэ а унэ кIоцIым итыгъэх. Дышъэм хэшIыкIыгъэ хьакъушыкъоу мэнн зыцIэ шхыныр зэрылъыр, Хьарун ибэщэу тхьапэхэр къызпыкIагъэр, мыжъобгъуитIоу Тхьэм иунашъохэр зытетхагъэхэр а пхъуантэм дэлъыгъэх.

5А пхъуантэм ышъхьагъкlэ Тхьэм ищытхъушхо къэзыушыхьатырэ
Херувим зыфаlорэ мэлэlичхэр щытыгъэх. Ахэмэ атамэхэмкlэ Тхьэм
цlыфхэм япсэкlодхэр къызщафигъэгъурэ чlыпlэр къаухъумэщтыгъэ. Ау
джы мы lофхэм зырызэу татегущыlэн тлъэкlыщтэп.

6Мы lофхэр моущтэу гъэпсыгъэхэу, яlоф агъэцэкlэнэу дин пащэхэр апэрэ
унэ кlоцlым ихьэ зэпытыщтыгъэх.

7Ау ятlонэрэ унэ кlоцlым дин пэщэшхом нэмыкl зи, ари илъэсым зэ нахь,
ихьэщтыгъэп. Къурмэн ышlыгъэм ылъ зыдимыхьэуи ихьэщтыгъэп. А
къурмэныр ышlыщтыгъ ежь ипсэкlодхэри цlыфмэ амышlахэу ашlэгъэ
псэкlодхэри ыпщыныжьынхэм пай.

8Тхьэм ы Псэ Лъапlэ а гъэпсыкlэмкlэ къегъэнафэ, а чэтэнгъэlэгъэжъыр
щэтыфэ, Унэ Кlоцlэу Анахь Лъапlэу уашъом щыlэм екlурэ гъогур
зэрэзэфэшlыгъэр.

9А lоф пстэуми джырэ лъэхъаным lофыр зытетыр къагъэлъагъо:
цlыфхэм тынхэу Тхьэм фахьыхэрэмрэ къурмэнхэу фашlыхэрэмрэ агухэр
икъоу агъэкъэбзэн алъэкlырэп.

10А тынхэри, а къурмэнхэри зэпхыгъэ lоф закъохэр шхэнми ешъонми
яlофрэ, диным ехьылlагъэу зэфэмыдэ шlыкlэхэу цlыфхэм
зызэрагъэкъэбзэжьынхэм яlофрэ ары. Ахэр цlыфхэм апкъ епхыгъэ
унашъох; Тхьэм lофхэр зэкlэ зэблехъужьыфэ, а унашъохэр щыlэнхэ
фэягъ ныlэп.

11Ау Христос джы щыlэ lофышlухэр къыздихьи, дин пэщэшхоу къэкlуагъ.
Мы дунаим тет чэтэнгъэlагъэм нахьи нахь чэтэнгъэlэгъэшхоу
чэтэнгъэlагъэ нахь икъугъэм ыкlоцl дин пэщэшхоу Тхьэм щыфэлажьэ. А
чэтэнгъэlагъэр цlыфхэм аlэкlэ ашlыгъэ чэтэнгъэlагъэп, ащ къикlырэр: а
чэтэнгъэlагъэр мы дунаеу Тхьэм къыгъэхъугъэм щыщэп.

12Къурмэн ашlыгъэ пчэнымрэ танэмрэ алъыр зыдимыхьэу, ау ежь ылъэу
къащым щыкlэкlыгъэр зыдихьи, Унэ Кlоцlэу Анахь Лъапlэу уашъом
щыlэм Христос, джыри зэ ихьан имыщыкlэгъэжьэу, зэ закъо ихьагъ.
Аущтэу ежь ылъкlэ мыкlодыжьын шъхьафитыныгъэ тигъэгъотзэ, тэ
тшъхьэхэр ыщэфыжьыгъэх.

13Дин пащэхэм къурмэн ашlыгъэ пчэнхэмрэ шкlэхэмрэ алъырэ къурмэн
ашlэу агъэстыгъэ чэмым ияжьэрэ цlыфхэу Тхьэм дэжькlэ мыкъабзэхэм
атыраутхэщтыгъэх, ахэр къабзэ хъужьынхэм пае.

14Ащ нахьи нахьыбэу лlэныгъэр къызхэкlырэ lофхэм тапыкlыжьынэуи,
щыlэныгъэрэ шъыпкъагъэрэ зиlэ Тхьэм тыфэлэжьэнэуи Христос ылъ
тыгухэр егъэкъэбзэжьых. Христос щыкlагъэ зи зимыlэ къурмэныпхъэ
икъугъэм фэдэу, Тхьэм ы Псэ Лъапlэу сыдигъуи щыlэм илъэкlыкlэ Тхьэм
зыритыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

15Джащ паий, Христос ары Тхьэмрэ цӀыфхэмрэ азыфагу
зэзэгъыныгъакӀэр дэлъ зыгъэхъурэр, Тхьэм ибынхэм ащыщ хъунхэу
къызэджэгъэ цӀыфхэм мыкӀодыжьын Ӏахьышӏоу къызэригъэгугъагъэхэр
къалъыӀэсынхэм пай. Сыда пӀомэ, цӀыфхэу апэрэ зэзэгъыныгъэм ыӀэчӀэгъ
чӀэтхэу, псэкӀод зышӀагъэхэм ашъхьэхэр Христос илӀэныгъэкӀэ
ыщэфыжьыгъэх.

16Осыет щыӀэмэ, осыетыр къэзышӀыгъэр зэрэлӀагъэр
къагъэшъыпкъэжьын фае,

17сыда пӀомэ, осыетыр зыбгъэцакӀэ хъущтыр, ар къэзышӀыгъэр зылӀэрэ
ыужыр ары ныӀэп. КъэзышӀыгъэр псэумэ, осыетым кӀуачӀэ иӀэп.

18Ащ паий, апэрэ зэзэгъыныгъэри бгъэцакӀэ хъун зэзэгъыныгъэу
зыгъэхъугъэ закъор лъыр ары.

19Сыда пӀомэ, пегъымбар Мусэ Тэурат хабзэм иунашъохэр зэкӀэ цӀыф
пстэуми зарегъэӀум ыуж, цы плъыжь чӀапцӀэр иссоп зыцӀэ куандэ
къутамэм пишӀи, танэхэмрэ пчэнхэмрэ алъ псы игъусэу ышти, а
къутамэхэмкӀэ тхылъымрэ цӀыф пстэумрэ атыриутхагъ.

20Мусэ етӀанэ къыӀуагъ: «Мы лъыр ары зэзэгъыныгъэу Тхьэм унашъо
къызэрэшъуфишӀыгъэм фэдэу шъузэредэӀун фаер
къэзгъэшъыпкъэжьырэр».

21Ащ фэдэуи чэтэнгъэӀагъэмрэ Тхьэр зэрагъэлъэпӀэрэ псэолъэ пстэумрэ
лъыр атыриутхагъ.

22Шъыпкъэ, Тэурат хабзэм зэритым фэдэу, сыд щыщри къэнагъэ шӀагъо
щымыӀэу, лъыкӀэ агъэкъэбзэжьы, къурмэнылъи хэмылъэу псэкӀод
гъэгъуныгъэ щыӀэп.

**Христос къурмэн зызэрафишӀыгъэмкӀэ цӀыфхэм япсэкӀодхэр атырехыжьы**

23Ауштэу а Ӏофхэу зигугъу сшӀыгъэхэу, уашъом щыӀэ Ӏоф шъыпкъэхэм
ятеплъэ фэдэхэр мы къурмэнхэмкӀэ агъэкъэбзэжьын фэягъ. Ау уашъом
щыӀэ Ӏофхэм а къурмэнхэм анахьи нахь къурмэнышӀухэр яфэшъуашэх.

24Сыда пӀомэ, Тхьэр зыдэщыӀэ чӀыпӀэ шъыпкъэм итеплъэ фэдэ зиӀэу
цӀыфмэ ашӀыгъэ чэтэнгъэӀагъэр арэп Христос зэрыхьагъэр, уашъоу
Тхьэр зыдэщыӀэ чӀыпӀэ дэдэр ары зэрыхьагъэр, джы тэщ пае Тхьэм
ыпашъхьэ ихьанэу.

25Дин пэщэшхор Унэ КӀоцӀ Анахь ЛъапӀэу зыфаӀорэм илъэс къэс ежь
ылъэп, къурмэн ашӀыгъэм ылъ зыдихьэу ихьэщтыгъ. Ау Христос уашъоу
Тхьэр зыдэщыӀэ чӀыпӀэм зыкӀихьагъэр бэрэ къурмэн зишӀыныр арэп,
джыри зэ къурмэн зимышӀыжьынэу, зэ закъо къурмэн зишӀыныр ары
нахь.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

26Нэмыкlыгъэмэ, Тхьэм дунаир къызигъэхъугъэм щегъэжьагъэу Христос
бэрэ къин ыщэчын фаеу хъущтыгъ. Ау ежь къурмэн зызэришlыгъэмкlэ
псэкlодыр ыгъэкlодынэу мы лъэхъанхэм якlэух дэжь, джыри зэ
къэмылъэгъожьынэу, зэ закъо къэлъэгъуагъ.

27Цlыф пстэури зэ лlэжьын фае, етlанэ Тхьэм хьыкум атыришlыхьащт.

28Ащ фэдэуи цlыфыбэмэ япсэкlодхэр атырихыжьынхэу Христоси зэ закъо
къурмэн зишlыгъ. Етlани зэ къэлъэгъожьыщт. Къызылъэгъожькlэ,
цlыфхэм япсэкlодхэр атырихыжьынхэу арэп къызфэкlощтыр, цlыфхэу
ежь къызэрэкlожьыщтым щыгугъыхэу, паплъэхэрэр мыкlодхэу
къыгъэнэжьынхэр ары нахь.

## Еврей 10

1Тэурат хабзэр lофышlухэу къэкlощтхэм яжьаугъ ныlэп, а lофышlухэр
зыфэдэщтхэри шъыпкъагъэкlэ къыгъэлъэгъон ылъэкlыщтыгъэп. Арышъ,
а къурмэн дэдэхэу илъэс къэси ашl зэпытыщтыгъэхэмкlэ цlыфхэу Тхьэм
пэгъунэгъу хъунхэу фаехэр Тэурат хабзэм Тхьэм дэжькlэ зишъыпкъагъэ
щыкlагъэ зимыlэ цlыф икъугъэхэу ыгъэхъунхэ ылъэкlыщтыгъэп.

2Ар ылъэкlыщтыгъэмэ, цlыфхэм къурмэншlыныр ханэжьыщтыгъ. Сыда
пlомэ, Тхьэм пэгъунэгъу хъунхэу фаехэр а къурмэнхэмкlэ къабзэ
хъущтыгъэхэмэ, япсэкlодхэр агухэмкlэ зыдашlэжьыщтыгъэхэп.

3Ау а къурмэнхэм илъэс къэси япсэкlодхэр агу къагъэкlыжьыщтыгъэх,

4сыда пlомэ, шкlэхэмрэ пчэнхэмрэ алъ цlыфхэм япсэкlодхэр атырихын
ылъэкlыщтэп.

5Арышъ, Христос мы дунаим къытехьан зэхъум, ащ Тхьэм моущтэу
риlуагъ: «Къурмэнхэми тынхэми уафэягъэп, ау пкъы
къысфэбгъэхьазырыгъ.

6Цlыфхэм машlокlэ агъэстырэ къурмэнхэри, япсэкlодхэр
зытырахыжьынхэм пае ашlырэ къурмэнхэри игъокlэ плъытагъэхэп.

7Етlанэ сэ сlуагъэ:

„О Тхьэ, мары, узыфаер згъэцэкlэнэу сыкъэкlуагъ, уитхылъ сикъэбар
зэритым фэдэу“».

8Христос ыпэ рапшlэу къыlуагъэхэр мыхэр ары: «Къурмэнхэми, тынхэми,
цlыфхэм агъэстырэ къурмэнхэми, япсэкlодхэр зытырахыжьынхэм пае,
ашlырэ къурмэнхэми уафэягъэп ыкlи игъокlэ плъытагъэхэп». Цlыфхэм а
къурмэнхэр Тэурат хабзэм иунашъо тетэу ашlыщтыгъэ пэтми, Христос
аущтэу къыlуагъ.

9Етlанэ моущтэу къыlуагъ: «О Тхьэ, мары, узыфаер згъэцэкlэнэу
сыкъэкlуагъ». Аущтэу Христос апэрэ lофхэр зы бгъукlэ ригъэзыкlыгъ,
ахэмэ ачlыпlэ ятlонэрэ lофыр ригъэуцоным пае.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

10Тхьэр зыфэягъэр Исус Христос зэригъэцэкӀагъэм пае, ежь ыпкъ зэзакъо
къурмэн зэришӀыгъэмкӀэ, джыри зэ къурмэн зимышӀыжьынэу, тыгухэр
ыгъэкъэбзэжьыгъэх.

11Хэтрэ дин пащи мафэ къэс иӀофхэр егъэцакӀэ, пчъагъэрэ цӀыфхэм
япсэкӀодхэр атезыхын зымылъэкӀырэ а зы къурмэн дэдэхэр ешӀы.

12Ау Христос цӀыфмэ япсэкӀодхэр егъашӀэм ыпщыныжьыпэнхэм пае,
къурмэн закъо зешӀ ужым, Тхьэм иджабгъукӀэ щысынэу готӀысхьагъ.

13А уахътэм къыщегъэжьагъэу Христос ежэ ипыйхэр Тхьэм ащ
лъэгукӀэтын зыфишӀыщт мафэм.

14Аущтэу зэзакъо къурмэн зызэришӀыгъэмкӀэ зыгу къабзэ хъухэрэм
егъашӀэм Тхьэм дэжькӀэ зишъыпкъагъэ щыкӀагъэ зимыӀэ цӀыф икъугъэхэу
ыгъэхъугъэх.

15Тхьэм ы Псэ ЛъапӀи мы Ӏофыр къытфеушыхьаты; сыда пӀомэ, ыпэ
рапшӀэу моущтэу къеӀо:

16«Зиусхьаным къеӀо: А мафэхэм ауж зэзэгъыныгъэу сэррэ ахэмрэ
тазыфагу дэслъхьащтыр мыры: Сиунашъохэр ахэмэ агухэм
арыслъхьащтых, ашъхьэхэми арыстхэщтых».

17ЕтӀанэ къеӀо: «ЯпсэкӀодхэри бзэджагъэу ашӀагъэхэри сыгу
изгъэлъыжьыщтхэп».

18Тхьэм цӀыфмэ япсэкӀодхэр зэрафигъэгъугъэхэм пае, ахэр
апщыныжьынхэм фэшӀ, къурмэн ашӀынэу щыкӀагъэ яӀэжьэп.

**Тхьэм пэблагъэ тыжъугъэхъу**

19Арышъ, тшыхэр, Исус ылъэу къащым щыкӀэкӀыгъэм пае, чӀыпӀэ лъапӀэу
Тхьэр зыдэщыӀэм тыгушхозэ тихьан тлъэкӀыщт.

20Сыда пӀомэ, Исус ыпкъ къурмэн зэришӀыгъэмкӀэ щыӀэныгъэ тиӀэ
зыгъэхъурэ гъогукӀэу пэӀухъом блэкӀырэр къытфызэӀуихыгъ.

21Тхьэм иунагъо зыӀэ илъ дин пэщэшхо тиӀ.

22Арышъ, Исус ылъ тыгухэм атыриутхэзэ, тыгухэмкӀэ зи мыхъун
зыдэтымышӀэжьынэу зэригъэкъэбзэжьыгъэхэм паий, тпкъыхэр псы
къабзэкӀэ зэрэттхьакӀыгъэхэм паий, тыгухэм шъыпкъагъэрэ
шӀошъхъуныгъэшхорэ арылъхэу, Тхьэм пэгъунэгъу тыжъугъэхъу.

23Арышъ, тызщыгугъыхэу, тызпаплъэрэ ӀофышӀухэу цӀыфхэм зигугъу
афэтшӀыхэрэм тыкъызэкӀэмыкӀоу тафэжъугъэшъыпкъ, сыда пӀомэ, а
ӀофышӀухэмкӀэ тыкъэзгъэгугъэгъэ Тхьэм шъыпкъагъэ иӀэшъ ары.

24ШӀулъэгъуныгъэ тыгухэм арылъынэуи, шӀушӀэнхэм тапылъынэуи
тызэрэгъэгушхоу тызэкӀэлъыжъугъэплъэжь.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

25Цlыф заулэмэ зэряхабзэм фэдэу тызэlукlэныр хэтэшъумыгъан, ау
тызэрэжъугъэгъэгушху. Зиусхьаным имафэ нахь къэблэгъагъэу
зэрэшъулъэгъурэм пае, нахьи нахьыбэу шъузэрэгъэгушхон фае.

26Шъыпкъэр зэдгъэшlагъэу, тыфаеу псэкlодшlэным тыпылъмэ,
типсэкlодхэр ттезыхын къурмэныпхъэ къэнэжьыгъэп,

27ау хьыкум щынагъоу Тхьэм къыттыришlыхьащтымрэ Тхьэм пэуцухэрэр
зыгъэстыщт мэшlошхомрэ къытэжэх.

28Пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ едэlунэу зымыдэрэм гукlэгъу
фамышlэу, шыхьатитlум е шыхьатищым къаlорэмкlэ укl
тыралъхьэщтыгъ.

29Ау цlыфэу Тхьэм ы Къо зыгъэпыутырэм Тхьэм ащ нахьи бэкlэ нахь къин
ригъэпщыныжьыщт. Сыда пlомэ, а цlыфым Христос ылъ пкlэ имыlэу
елъытэ. Христос ылъэу Тхьэм изэзэгъыныгъэ зыгъэшъыпкъэжьыгъэу, а
цlыфым ыгу зыгъэкъэбзэжьыгъэм пкlэ имыlэу елъытэ. Етlани а цlыфым
Тхьэм ы Псэ Лъапlэ ыгу хегъэкlы. Зынэшlу къытщызыфэрэ Тхьэм ы Псэ
Лъапlэ ыгу хегъэкlы.

30Сыда пlомэ, Зиусхьанэу моущтэу зыlуагъэр тэшlэ: «Цlыфхэм
ябзэджагъэ язгъэпщыныжьыщтыр сэры, яфэшъуашэ язгъэгъотыжьыщт».
Етlани къыlуагъ: «Зиусхьаным ежь ицlыфхэм хьыкум атыришlыхьащт».

31Мыхъо-мышlагъэ зэрэпшlагъэм пае, щыlэныгъэ зиlэ Тхьэм ыlэмычlэ
уифэныр сыдэу щынэгъошхуа!

32Блэкlыгъэ мафэхэу Тхьэм икъэбар къыжъугурыlонэу инэфынэ
къызышъутепсагъэхэр шъугу къэжъугъэкlыжьых. Тхьэм игъогу
шъукъызэкlэмыкlожьэу шъурыкlоу, а мафэхэм къинышхуабэхэр
шъущэчыщтыгъэх.

33Загъорэ цlыфмэ апашъхьэ къыщышъохъоныщтыгъэх, гузэжъогъуми
шъухадзэщтыгъ, загъори аущтэу зыдэзекlуагъэхэм гъусэ
шъуафэхъущтыгъ.

34Хьапсчlэсхэми къин адэшъущэчыщтыгъ. Цlыфмэ шъуимылъку
зэрэшъутырахыгъэр шъуигуапэу шъудэщтыгъ, сыда пlомэ, ащ нахьи нахь
мылъкушхоу мыкlодыжьыщтыр уашъом зэрэщышъуиlэр шъушlагъэшъ
ары.

35Арышъ, шъуигушхуагъэ хэшъумынэжь, сыда пlомэ, гушхо зиlэхэм
яlахьышlу иныщт.

36Тхьэр зыфаер зыжъугъэцакlэ ужым, шъукъызэригъэгугъэгъэ lахьышlур
къышъулъыlэсыным пае, теубытагъэ шъуиlэн фае.

37Сыда пlомэ, Тхьэм игущыlэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, «Бэ дэдэ
темышlэу, къэкlощтыр мыгужъоу къэсыщт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

38Шlошъхъуныгъэ зэриlэм пае, садэжькlэ шъыпкъагъэ зиlэр псэущт. Ау а
цlыфыр зэкlэкlожьмэ, ащ сыгу еlущтэп».

39Ау зызгъэкlодхэу зэкlэкlожьхэрэм тащыщэп, шlошъхъуныгъэм игъогу
тырэкlо, ащ пае, тымыкlодэу Тхьэм тыкъегъэнэжьы.

## Еврей 11

### Пасэм цlыфхэр Тхьэм зэрэщыгугъыщтыгъэхэр

1Шlошъхъуныгъэр зыфэдэр lофхэу тызщыгугъыхэу, тызпаплъэхэрэр
къызэрэтлъыlэсыщтхэр тшlэныр ары, тымылъэгъурэ lофхэм тицыхьэ
телъынри ары.

2Пасэм дунаим щыпсэущтыгъэ цlыфхэм шlошъхъуныгъэ зэряlагъэм пае,
Тхьэр шыхьатышlу афэхъугъ.

3Шlошъхъуныгъэ зэрэтиlэм пае, Тхьэм дунаир игущыlэкlэ
къызэригъэхъугъэр зэхэтэшlыкlы. Аущтэу цlыфым ынэкlэ ылъэгъурэр
ынэкlэ ымылъэгъурэм къыхэкlыгъ.

4Хьавэл шlошъхъуныгъэ зэриlагъэм пае, Каин къурмэнэу ышlыгъэм
нахьи нахь къурмэнышlу ышlыгъ. Тхьэм Хьавэл итынхэр зедэхэм, Хьавэл
шlошъхъуныгъэ зэриlагъэм пае, шъыпкъагъэ зэрэхэлъыгъэмкlэ Тхьэр ащ
шыхьат фэхъугъ. Хьавэл дунаим ехыжьыгъ, ау шlошъхъуныгъэ
зэриlагъэм пае, джыри къэбар къытфехьы.

5Хьанэхъу шlошъхъуныгъэ зэриlагъэм пае, Тхьэм ащ лlэныгъэр
римыгъэлъэгъоу уашъом дихьыежьыгъ. Тхьэм ар уашъом
зэрэдихьыежьыгъэм пае, цlыфхэм агъотыжьын алъэкlыгъэп. Хьанэхъу
уашъом дихьыеным ыпэкlэ, Тхьэм ыгу зэреlугъэмкlэ Тхьэм игущыlэ
тхыгъэхэр шыхьат фэхъух.

6Цlыфым шlошъхъуныгъэ имыlэмэ, Тхьэм ыгу ащ къеlущтэп; сыда пlомэ,
хэти Тхьэм пэблагъэ хъунэу фаем Тхьэр зэрэщыlэмкlи, Тхьэм игъогу
лъыхъухэрэм яlахьышlу зэралъигъэlэсырэмкlи шlошъхъуныгъэ иlэн фае.

7Къэкlощт lофхэу цlыфхэм амылъэгъугъэхэм яхьылlагъэу Тхьэм
Нухьэ зызэхырегъэшlыкlым, Нухьэ шlошъхъуныгъэ зэриlагъэм пае,
Тхьэм щыщыни, иунагъо мыкlодэу къыгъэнэжьыным пае, къухьэр
ышlыгъ. Нухьэ шlошъхъуныгъэу иlагъэмкlэ дунаим ицlыфхэм ямысагъэ
нафэ ышlыгъ. Шlошъхъуныгъэ зэриlагъэм паий, Тхьэм ежь дэжькlэ ащ
шъыпкъагъэ иlэу зэрилъытагъэр иlахьышlу хъугъэ.

8Ибрахьимэ иlахьышlу къызщылъыlэсыщт хэгъэгум кlонэу Тхьэр
къызеджэм, шlошъхъуныгъэ зэриlагъэм пае, Тхьэм едэlуи, зыдэкlощтыр
ымышlэщтыгъэми, гъогум техьагъ.

9Шlошъхъуныгъэ зэриlагъэм пае, Тхьэм къыритынэу къызэригъэгугъэгъэ
хэгъэгум хымэм фэдэу чэтэнгъэlагъэхэм ачlэсэу щыпсэущтыгъ. Исхьакъи

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

Якъуби чэтэнгъэIагъэхэм ачIэсыгъэх. Тхьэм Ибрахьимэ къызэригъэгугъэгъэ Iахьышlyp ащ игъусэхэу ахэми къалъыIэсын фэягъ.

10Сыда пIомэ, къэлэшхоу Тхьэм ыгъэпсыгъэу, ыгъэуцугъэу мыкIодыжьын лъапсэхэр зиIэм паплъэщтыгъ.

11Сарэ сабый хэмыкIызэ ыныбжь блэкIыгъагъэми, шIошъхъуныгъэ зэриIагъэм пае, сабый хэкIынэу Тхьэм кIуачIэ къыритыгъ, сыда пIомэ, Тхьэу гущыIэ къезытыгъэр зэрэшъыпкъэр Сарэ ышIэщтыгъ.

12Аущтэу лIэныгъэм пэгъунэгъу хъугъэ пэтми, лIы закъом лъфыгъэу къытекIыгъэхэр уашъом ит жъуагъохэми япчъагъэ фэдизэу бэ хъугъэх, хыIушъом Iулъэу, умылъытэшъущт пшахъоми фэдизэу бэ хъугъэх.

13Мы цIыфхэр зэкIэ лIагъэх шIошъхъуныгъэ яIэу. Тхьэм Iофхэу къызэригъэгугъагъэхэр ахэмэ агъотыгъэхэп, ау чыжьэкIэ алъэгъухи, а Iофхэм ащыгушIукIыгъэх. «Мы дунаим тыхымэхэу, тыхымэхэсхэу тытет», – аIуагъ.

14Ауштэу зыIохэрэм яхэгъэгу шъыпкъэ ыуж зэритхэрэр къагъэнафэ.

15Хэгъэгоу зэрыкIыжьыгъэхэр арыгъэмэ агу илъыгъэр, агъэзэжьынэу игъо ифэщтыгъэх.

16Ау хэгъэгу нахьышIу горэм кIэхъопсыщтыгъэх – ар уашъом щыIэ хэгъэгур ары. Арышъ, ежьхэм я ТхьэкIэ зеджэхэкIэ, Тхьэр атеукIытыхьажьырэп, сыда пIомэ, ахэмэ зы къалэ афигъэпсыгъ.

17Ибрахьимэ ишъыпкъагъэ Тхьэм ыгъэунэф зэхъум, шIошъхъуныгъэ зэриIагъэм пае, Ибрахьимэ Исхьакъ къурмэныпхъэу ышIыгъ.

18«Исхьакъ къытекIыщт цIыфхэр ары о уибын шъыпкъэхэкIэ зэджэщтхэр» ыIозэ, Тхьэм Ибрахьимэ къыгъэгугъагъэми, Ибрахьимэ ыкъо закъор къурмэн ышIыным фэхьазырыгъ.

19Сыда пIомэ, Тхьэм Исхьакъ лIагъэхэм къахигъэтэджыкIыжьын зэрилъэкIыщтым Ибрахьимэ щыгугъыщтыгъ, Исхьакъи лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъэу Ибрахьимэ ыгъотыжьыгъэу пIоми хъун.

20Исхьакъ шIошъхъуныгъэ зэриIагъэм пае, Тхьэм къэкIощт уахътэм Якъубэрэ Эсаурэ ынэшIу къызэращифэщтыр ариIуагъ.

21Якъуби шIошъхъуныгъэ зэриIагъэм пае, лIэн зэхъум, Юсыф ыкъохэм ащыщэу хэти Тхьэм ынэшIу къызэрэщифэщтыр риIуагъ, ибэщи зытыригъакIэзэ, Тхьэм щытхъу фишIыгъ.

22Юсыфи шIошъхъуныгъэ зэриIагъэм пае, илIэгъу къызэсым, израиль цIыфхэр Мысырым къызэрикIыжьыщтхэм игугъу къышIыгъ, ихьэдэкъупшъхьэхэри зычIалъхьажьын фаемкIэ унашъо къышIыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlyp (Инджыл)
Institute for Bible Translation

23Пегъымбар Мусэ ятэ-янэхэм шIошъхъуныгъэ зэряIагъэм пае, Мусэ
къызэхъум, мэзищым агъэбылъыгъ, сыда пIомэ, сабыир зэрэдахэр
алъэгъугъ, пачъыхьэ Фырхьауным иунашъуи щыщынэщтыгъэхэп.

24Муси шIошъхъуныгъэ зэриIагъэм пае, ины зэхъум, пачъыхьэ Фырхьаун
ипхъурэлъфкIэ еджэнхэр ыдагъэп.

25ПсэкIодшIэнымкIэ охътэ кIэкIкIэ зигъэтхъэжьыным нахьи, Тхьэм
ицIыфхэм къин адищэчыныр нахь къыштагъ.

26Мысырым имылъку пстэуми анахьи Христос пае ежь агъэпыутыныр
нахь баиныгъэу ылъытэщтыгъ, сыда пIомэ, IахьышIоу къылъыIэсыщтым
еплъыщтыгъ.

27ШIошъхъуныгъэ зэриIагъэм пае пачъыхьэм игубж щымыщынэу
Мысырым икIыжьыгъ. ЦIыфхэм амылъэгъурэ Тхьэр ылъэгъущтыгъэм
фэдэу, теубытагъэ ыгу илъыгъ.

28Мусэ шIошъхъуныгъэ зэриIагъэм пае, израиль цIыфмэ IутIыжъ мэфэкI
мэфэшхор апэ дэдэу аригъэгъэлъэпIагъ, япчъэхэми лъы атыраутхэнэу
унашъо афишIыгъ, зыгъэкIодыхэрэ мэлэIичым ящыпэлъфхэр
ымыгъэкIодынхэм пае.

29Израиль цIыфхэм шIошъхъуныгъэ зэряIагъэм пае, чIыгу гъушъэм
рыкIохэрэм фэдэу, Хы Плъыжьым зэпырыкIыгъэх, ау мысыр цIыфхэри
зэпырыкIынхэу зыфежьэхэм, зэкIэри ытхьалагъ.

30Израиль цIыфхэм шIошъхъуныгъэ зэряIагъэм пае, Ерихон
къалэр мэфиблым къызакIухьэ ужым, къалэм идэпкъ къызэхэуагъ.

31Бзылъфыгъэ хэтакIоу Рахьаб шIошъхъуныгъэ зэриIагъэм пае,
шIошъхъуныгъэ зимыIэхэм адэкIодыгъэп, сыда пIомэ, пый плъакIохэр
игуапэу ригъэблэгъагъэх (нэмыкI гъогукIи къалэм дищыжьыгъэх).

32Джыри сыд къэсIон? Гедеон, Барак, Самсон, Иефтэ, Даутэ, Самуел,
адрэ пегъымбархэм якъэбар къэсIотэнэу игъо сифэрэп.

33Ахэмэ шIошъхъуныгъэ зэряIагъэм пае, нэмыкI пачъыхьагъухэм
атекIуагъэх, зэфагъэри агъэпсыгъ, Тхьэм къызэригъэгугъэгъэ Iофхэри яIэ
хъугъэх. Аслъанхэм ажэхэр агъэпытагъэх,

34мэшIошхохэри агъэкIосагъэх, чатэхэми къаIэпыкIыжьыгъэх. КIуачIэ
ямыIагъэми, кIуачIэ яIэ хъугъэ. ЗаомкIэ лъэкI яIэ хъугъэ, хымэхэм
ядзэхэри рафыжьыгъэх.

35Бзылъфыгъэхэм ялIагъэхэр къэхъужьыгъэхэу агъотыжьыгъэх. Тхьэм
къызигъэтэджыжьхэкIэ, щыIэныгъэ нахьышIур агъотыным пае,
шIошъхъуныгъэ зиIэхэм Тхьэр агъэпцIынэу адагъэп. Ауштэу зэхъум,
япыихэм амытIупщыжьхэу, ахэмэ ащыщхэм къин арагъэщэчызэ
аукIыгъэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

36 Шlошъхъуныгъэ зиlэхэм ащыщхэм яхъонхэзэ, къамыщкlи яохэзэ, къин арагъэщэчыгъ, етlанэ lэхъу-лъэхъу атыралъхьи, хьапсым чlадзагъэх.

37 Цlыф заулэхэри аукlыгъэх, мыжъокlэ яохэзэ, заули пхъэм фэдэу зэпахыгъ, заули чатэкlэ аукlыгъ. Шlошъхъуныгъэ зиlэ цlыфхэм мэлышъорэ пчэнышъорэ къящэкlыгъэу къакlухьащтыгъ, щыкlагъэ яlагъ, гузэжъогъум хэтыщтыгъэх, цlыфхэм ахэмэ лые къарахыщтыгъ.

38 Ахэмэ яшlугъэ мы дунаим ифэшъошагъэп. Шъоф нэкlхэмрэ lуашъхьэхэмрэ къакlухьэщтыгъэх, гъочlэгъхэмрэ lошъхьэ тlуакlэхэмрэ ащыпсэущтыгъэх.

39 Ау шlошъхъуныгъэ зэряlагъэм пае, Тхьэр шыхьатышlу ахэмэ зэкlэмэ афэхъугъэми, Тхьэм ежь ицlыфхэр къызэригъэгугъэгъэ lофхэр агъотыгъэхэп.

40 Сыда пlомэ, Тхьэм ыгу хэлъыгъэр тэркlэ нахьышlу – ар ахэм тырямыгъусэмэ, ежь дэжькlэ зишъыпкъагъэ щыкlагъэ зимыlэ цlыф икъугъэхэу ахэр зэрэмыхъущтхэр ары.

## Еврей 12

### Тхьэм ибынхэр зэригъэдаlохэрэр

1 Арышъ, ащ фэдэ шыхьат купышхо тапэ итэу зэрэтиlэм пае, сыд фэдэрэ хьылъэу ттелъымрэ псэкlодэу тызышlуанэрэмрэ зытетэжъугъэдзыхи, теубытагъэ тиlэу, зэпэчъэныгъэу тапэ илъыр тэжъугъэчъ.

2 Исус тинэплъэгъу тетэжъугъэгъэт. Ежьыр ары шlошъхъуныгъэм игъогу тытезгъахьэу, пащэ къытфэхъоу, тишlошъхъуныгъэ зи щыкlагъэ имыlэу, икъугъэу зыгъэхъурэр. Гушlуагъо ыпэ зэрилъыгъэм пае, цlыфхэм къащым зэрэтыраlулlагъэм икъин ащ ыщэчыгъ, къащым иемыкlуми еплъыгъэп, Тхьэм итlысыпlэ лъапlи иджабгъукlэ готlысхьагъ.

3 Кlочlаджэ шъумыхъуным ыкlи шъугу шъумыгъэкlодыным пае, Исус шъуегупшыс. Псэкlодышlэ цlыфхэу ежь ыуджэгъущтыгъэхэм сыдэу къинышхуа рагъэщэчыгъэр!

4 Псэкlодым шъуебэнызэ, лъы къышъукlэкlыфэ, шъупэуцужьыгъэгоп.

5 Тхьэм ибынхэкlэ къышъуаджэу шъузэригъэгушхорэр шъущыгъупшагъ: «Сикlал, Зиусхьаным узигъэдаlокlэ, пхъэтэпэмыхь умышlы, Ар къызыогъыикlи угу умыгъэкlоды,

6 сыда пlомэ, Зиусхьаным шlу ылъэгъурэр егъэдаlо, хэти ибын фэдэу ыдэрэми къин регъэщэчы».

7 Арышъ, Тхьэм шъузигъэдаlокlэ, теубытагъэ зижъугъаl. Шъузэрибыным пае Тхьэр аущтэу къыжъудэзекlо. Сыда пlомэ, тым ымыгъэдаlорэ лъфыгъэ щыlа?

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

[8]Тхьэм ибын пстэури зэригъэдаIохэрэм фэдэу шъуимыгъэдаIомэ,
ибынхэм шъуащыщэп, бзэджэрылъфмэ шъуафэд нахь.

[9]Ащ нэмыкIэу, мы дунаимкIэ тятэхэм тагъэдаIомэ, лъытэныгъэ афэтэшIы.
ТыщыIэным пае, тя Тэ лъапIэу уашъом щыIэм ащ нахьи нахьыбэу
тыфэIорышIэн фаеба?

[10]Охътэ кIэкIым пае, игъоу зэралъытагъэм фэдэу, тятэхэм
тагъэдаIощтыгъ. Ау Тхьэм, ежь илъэпIагъэкIэ Iахь тиIэным пае, ишIуагъэ
къытигъэкIынэу тегъэдаIо.

[11]ТызагъэдаIокIэ, гуапэ тщыхъурэп, а сыхьатым тигуао мэхъу нахь. Ау
ыужкIэ Тхьэм зэригъэдаIохэрэмкIэ ыгъэсэгъэ цIыфхэм шIоу ащ
къафыхэкIырэр шъыпкъагъэмрэ гупсэфымрэ ары.

[12]Арышъ, шъо шъуIэхэу къелэлэхыхэрэмрэ лъэкI зыхэмылъыжь
лъэгуанджэхэмрэ кIуачIэ афэжъугъот.

[13]Лъащэр нахь лъэшэу сэкъат мыхъоу хъужьыным пае, гъогу занкIэм
шъурыкIу.

**Тхьэм ынэшIу щыфэн пхъэтэпэмыхь шъумышIы**

[14]ЦIыф пстэуми шъузэрагурыIонми, гукъэбзагъэ зэрэшъуиIэнми ыуж
шъуит; сыда пIомэ, гукъэбзагъэ имыIэу зыми Зиусхьаныр ылъэгъущтэп.

[15]Шъуащыщэу зыми Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэ зызэрэзыхимыгъэныным
шъуфэсакъ. Зиягъэ къакIорэ лъэпсэ дыджэу цIыфыбэхэр зыгъэушIоирэр
къышъухэкIынэу орэмыхъу.

[16]Шъуащыщ зинэ зышIэрэ цIыфхэм ащыщ орэмыхъу е Эсау фэдэу,
Тхьэм шIолIыкI фызимыIэ цIыфхэм ащыщ орэмыхъу. Эсау къо
нахьыжъым фитыныгъэу иIагъэхэр зэ шхэгъу пае ыщагъэх.

[17]ЕтIани зэрэшъушIэрэм фэдэу, Тхьэм ынэшIу къыщифэнэу Эсау ятэ
тхьэлъэIу ригъэшIынэу фэягъ, ау тым къыфидагъэп. Эсау гъызэ ятэ
елъэIугъэми, ащ ыIогъагъэм тыригъэкIышъугъэп.

[18]Шъузынэсын шъулъэкIынэу, машIом ыстырэ къушхьэм дэжь
шъукъэкIуагъэп. ШIункIым, мэзахэм, жьыбгъэшхом,

[19]бжъэмыешхом ымакъэ, гущыIэ макъэм адэжьи шъукъэкIуагъэп. Тхьэм
ымакъэ зэхэзыхыгъэхэр джыри къадэмыгущыIэжьынэу елъэIугъэх,

[20]сыда пIомэ, а макъэм къыIогъэ унашъор ащэчын алъэкIыгъэп: «ХьэкIэ-
къуакIэри къушъхьэм нэсымэ, мыжъокIэ е щэбзащэкIэ шъуукIын фае».

[21]Къафэлъэгъуагъэр щынэгъошхуагъэти, пегъымбар Муси, «Сэщынэ ыкIи
сэкIэзэзы» къыIуагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

22Ау шъо шъукъыздэкIуагъэр Цион Iуашъхьэр ары, щыIэныгъэ зиIэ Тхьэм
икъэлэшхоу, уашъом щыIэ Ерусалимэу, мин пчъагъэу мэлэIичхэр
зыдэщыIэри ары.

23Тхьэм иапэрэ бынхэу уашъом щыIэ тхылъым зыцIэ итхэм ямэфэшхо
зэIукIэ шъукъэкIуагъ. Тхьэу цIыф пстэуми хьыкум атезышIыхьэрэм дэжь
шъукъэкIуагъ, Тхьэм дэжькIэ зишъыпкъагъэ щыкIагъэ зимыIэ цIыф
икъугъэ хъугъэхэм апсэхэм адэжьи шъукъэкIуагъ.

24Исусэу зэзэгъыныгъакIэр Тхьэмрэ цIыфхэмрэ азыфагу дэлъэу
зыгъэхъугъэмрэ ащ ылъэу къыкIэкIыгъэмрэ адэжь шъукъэкIуагъ. Хьавэл
ылъ нахьи Исус ылъ Iоф нахьышIум тыщегъэгугъы.

25Шъусакъ, къэгущыIэрэм шъуакIыб фэшъумыгъаз. Тхьэм дэжь къикIыгъэ
къэбарыр чIылъэм къыщызыIогъагъэм зыкIыб фэзгъэзагъэхэм къинэу
яфэшъуашэр амыгъотэу къэнэжьыгъэхэп. Арышъ, уашъом къикIэу
къыддэгущыIэрэм тэри такIыб фэдгъазэмэ, ащ нахьи нахь къинэу
тфэшъуашэр дгъотыщтба?

26Джащыгъум Тхьэм ымакъэ чIылъэр ыгъэсысыгъ, ау джы Тхьэм гущыIэ
пытэ ытыгъ: «Джыри зэ чIылъэм имызакъоу уашъори згъэсысыжьыщт»
ыIоу.

27«Джыри зэ» зыфиIорэ гущыIэхэм къагъэнафэ Тхьэм ыгъэсысырэ
пстэури – Тхьэм къыгъэхъугъэхэр ары – ячIыпIэ зэрэригъэкIыжьыщтхэр.
Аущтэу зыхъукIэ, Тхьэм ымыгъэсысырэ Iофхэр ары къэнэжьыщтхэр.

28Аущтэу тетыгъоу зыми ымыгъэсысышъущтыр Тхьэм къызэрэтитырэм
пае, щытхъу фэтэжъугъэшI. ДгъэлъапIэу, шIошIыкI фытиIэу ыгу
къызэдгъэIоу, Тхьэм тыфэжъугъэлажь,

29сыда пIомэ, ти Тхьэ зэкIэри зыгъэстырэ машIом фэд.

## Еврей 13

### Тхьэм ыгу къызэрэзэдгъэIун фаер

1Зэкъошхэм афэдэу шIу шъузэрэлъэгъу зэпыт.

2ХьакIэр жъугъэлъэпIэныр зыщышъумыгъэгъупш; сыда пIомэ, аущтэу
цIыф заулэмэ амышIахэу мэлэIичхэр агъэхьэкIагъэх.

3ХьапсчIэсхэм хьапсым шъуадычIэсым фэдэу, къин зыщэчыхэрэми къин
адэшъущэчырэм фэдэу, зыщышъумыгъэгъупшэх. Шъори мы дунаим тет
цIыфхэм шъуащыщ.

4ЗэлI-зэшъузыныр зэкIэми арэгъэлъапI, лIымрэ шъузымрэ япIэ къабзэу
щэрэт. Тхьэм зинэ зышIэхэрэр ыгъэмысэщтых.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

5Ахъщэм шъукӀэмыхъопс, шъуиӀэми разэ шъурыхъу. Сыда пӀомэ, ежь
Тхьэм къыӀуагъ: «Ныбжьи ухэсынэжьыщтэп, уизакъоуи
укъэзгъэнэжьыщтэп».

6Арышъ, тыгушхозэ тэӀо: «Зиусхьаныр сиӀэпыӀэгъушъ, зыми
сыщыщынэщтэп; сыд къысишӀэна сэ цӀыфым?»

7Шъуитхьэматэхэу Тхьэм игущыӀэхэр къышъозыӀуагъэхэр
зыщышъумыгъэгъупшэх. Дунаим ахэр зэрехыжьыгъэхэм шъуеплъызэ,
яшӀошъхъуныгъэ илъэужхэм шъуарыкӀу.

8Исус Христос тыгъуасэ зытетыгъэм зызэблимыхъоу непи зэрэтет,
егъашӀэми тетыщт.

9Гъэшӏэгъон хымэ шӏэныгъэ зэфэшъхьафхэм зыдяшъумыгъэхьых. Тхьэм
ынэшӀу щыфэныгъэкӀэ шъугухэр жъугъэпытэхэмэ дэгъу, ау шхынхэм
яхьылӀэгъэ унашъохэм пкӀэ яӀэп. А унашъохэм атет цӀыфхэм яшӀуагъэ зи
къякӀыгъэп.

10Тэ къурмэншӀыпӀэ тиӀ. Чэтэнгъэӏагъэм щылажьэхэрэм а шӏыпӏэм
къытырахэу зи ашхын фитыхэп.

11Дин пэщэшхом цӀыфхэм япсэкӀодхэр ыпщыныжьынхэм пае, былымхэм
алъ зыдихьызэ, Унэ КӀоцӀэу Анахь ЛъапӀэу зыфаӀорэм ихьэщтыгъ, ау
былымхэм апкъыхэр къэлэ кӀыбым щагъэстыщтыгъэх.

12Ащ пае Исуси ылъыкӀэ цӀыфхэм агухэр ыгъэкъэбзэжьынхэм пае,
къэлэпчъэ кӀыбым къин щищэчыгъ.

13Аущтэу емыкӀоу рахыгъэр къыдытахы хъунэу, Исус дэжь къэлэ кӀыбым
тыжъугъакӀу.

14Сыда пӀомэ, мыщ дэжьым мыкӀодыжьын къалэ щытиӀэп, къэкӀощт
къалэм тыпэплъэ нахь.

15Арышъ, Исус ыцӀэкӀэ Тхьэм щытхъу фэтэжъугъэшӀ зэпыт – а щытхъур
ары тэ тикъурмэн – ыцӀэ зыгъэлъапӀэрэ Ӏупэхэм къадэкӀырэр ары
тикъурмэныр.

16ШӀу шъушӀэнри зыщышъумыгъэгъупш, шъуиӀэри нэмыкӀ цӀыфхэм
адэжъугощынри зыщышъумыгъэгъупш, сыда пӀомэ, ащ фэдэ къурмэнхэр
Тхьэм игуапэх.

17Шъуитхьэматэхэм аӀохэрэм шъуядэӀу, шъуафэӀорышӀ, сыда пӀомэ,
Тхьэм пэгъокӀ ратыжьын фаехэу, шъупсэхэм афэсакъхэу алъэплъэх.
ЯӀоф хэщэтыкӀыхэзэ агъэцакӀэ мыхъоу, гушӀохэу ашӀэным пае, шъуядэӀу.
ЯӀоф хэщэтыкӀыхэзэ ашӀэмэ, ащ ишӀуагъэ къышъокӀырэп.

18Тхьэм шъукъытфелъэӀу. Мыхъун зи тыгухэм арылъэу зыдэтшӀэжьырэп,
сыда пӀомэ, Ӏоф пстэумкӀи шъыпкъагъэ тиӀэу, тызекӀонэу тыфай.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

19Зэкlэмэ анахьэу сышъолъэlу, шlэхэу шъуадэжь Тхьэм
къысигъэгъэзэжьынэу шъуелъэlу.

**Тхьэлъэlу ыкlи аужырэ шlуфэс гущыlэхэр**

20Гупсэф къытэзытырэ Тхьэм ти Зиусхьан Исус Христосэу мэлхэм
ямэлэхъоошхор лlагъэхэм къахигъэтэджыкlыжьыгъ. Исус ылъ ары
мыкlодыжьын зэзэгъыныгъэу Тхьэм ежьыррэ тэррэ тазыфагу
къыдилъхьагъэр мыхъурым фэдэу къэзгъэшъыпкъэжьыгъэр.
21Тхьэр зыфаер жъугъэцэкlэным пае, шlоу шъуищыкlагъэр зэкlэ
шъуегухэм къарерэлъхь. Исус Христос илъэкlыкlэ Тхьэм игъоу ылъытэрэ
lофхэр шъуерэгъэгъэцакlэх. Мыкlодыжьын щытхъушхор ий. Амин.
22Сшыхэр, къызэрыжъугурызгъаlорэ гущыlэхэр шъудэнхэу сышъолъэlу.
Бэ къышъуфэстхыгъэп.
23Тшы Тимофей шъхьафитэу къызэратlупщыжьыгъэр шъушlэнэу сыфай.
Мыгужъоу къакlомэ, ащ сыригъусэу шъуслъэгъунэу сыкъэкlощт.
24Шъуитхьэмэтэ пстэухэмрэ Тхьэм ицlыф лъэпlэ пстэухэмрэ аlапэ
сфэшъуубытыжь. Италием щыщ тшыхэм шlуфэс къышъуахыжьы.
25Шъо пстэуми Тхьэм ынэшlу къышъущерэф. Амин.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

# Апокалипсис

## Апокалипсис 1

### ГущыIапэмрэ шIуфэсымрэ

1 Мы тхылъым итхэр Тхьэм Исус Христос къыфигъэнэфэгъэ къэбархэр
ары. Тхьэм ахэр къызкIигъэнэфагъэр Исус Христос цIыфхэу Тхьэм
иIорышIэхэм бэ темышIэу къэхъущт Iофхэр аригъэшIэнхэр ары. Исус
имэлэIич ежь иIорышIэ Иуан дэжь ыгъакIуи, къэхъущт Iофхэр
гуригъэIуагъэх.

2 Аущтэу Иуан ылъэгъугъэ пстэури ыIуатэзэ, Тхьэм игущыIэхэми Исус
Христос ишыхьатныгъи шыхьат афэхъу.

3 Мы гущыIэхэу Тхьэм дэжь къикIыгъэхэу къэхъущт Iофхэм яхьылIагъэхэм
яджэрэр гъогу мафэ теуцуагъ. Мы гущыIэхэр зэхэзыххэу,
зыгъэцакIэхэрэри гъогу мафэ теуцуагъэх, сыда пIомэ, уахътэу мы Iофхэр
къызщыхъущтыр къэблэгъагъ.

4 Сэ, сы Иуан, шъо, Асие хэкум ит чылыс зэIукIиблым, шIуфэс
шъосэхыжьы. Тхьэу щыIагъэу, щыIэу, къэкIощт мафэхэми щыIэщтым
ынэшIу къышъуещерэфи, гупсэф къышъуерэт. Тхьэм ипсиблэу итIысыпIэ
лъапIэ ыпашъхьэ итхэми Исус Христосми анэшIу къышъуещарэфи, гупсэф
къышъуарэт.

5 Исус Христос ары шыхьат шъыпкъэр, апэу лIагъэхэм
къахэтэджыкIыжьыгъэр ежьыр ары, чIылъэм тет пачъыхьэмэ япащэр
ежьыри ары. Ащ тэ шIу телъэгъу, лъэу къащым щыкIэкIыгъэмкIэ
типсэкIодхэм ялъэкI тыкъыIэкIихыжьыгъ.

6 Ежь игъусэхэу тетыгъо зиIэхэу, Тхьэу ежь я Тэ фэIорышIэрэ дин
пащэхэу тыхъунэу тигъэнэфагъ. МыкIодыжьын щытхъушхомрэ
лъэкIышхомрэ иех! Амин.

7 ШъукъэдаIу, ошъуапщэхэм ахэтэу ар къэкIожьыщт, нэ пстэуми ар
алъэгъущт, пчыкIэ зыугъоныгъэхэми ар алъэгъущт. Дунаим тет лъэпкъ
пстэури ежь пае гъыхэзэ, абгъэгу еожьыщтых. Джары зэрэхъущтыр.
Амин.

8 ЗэкIэ зыфызэшIокIырэ Зиусхьан Тхьэу щыIагъэу, щыIэу, къэкIощт
мафэхэми щыIэщтым къеIо: «Альфэрэ Омегэрэ, апэрэри аужырэри
Сэры».

### Исус Христос Иуан зыкъызэрэригъэлъэгъугъэр

9 Сэ, Иуанэу шъуушыр, Исус тыгухэм зэрарылъым пае, гузэжъогъоу
шъузыхэтым сыкъыжъудыхэт, сышъуигъусэуи Тхьэм и Тетыгъошхо
ыIэчIэгъ сычIэт, сышъуигъусэуи теубытагъэ сиIэу сэзекIо. Тхьэм

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

игущыІэхэмрэ Исус Христос ишыхьатныгъэрэ цІыфхэм зэрязгъэІугъэхэм пае, саубытыгъэу, хыгъэхъунэу Патмос сащагъэу сыщыІагъ.

10Зиусхьаным имафэ дэжь Тхьэм ы Псэ ЛъапІэ къысфехыгъ. СаужкІэ бжъэмыешхом ымакъэ фэдэ мэкъэшхо горэм къыІоу зэхэсхыгъ: «Альфэри Омегэри, апэрэри аужырэри Сэры.

11Плъэгъурэр тхылъ горэм итхи, чылыс зэІукІиблымэ афэгъэхь: Къалэхэу Ефес, Смирнэ, Пергам, Тиатирэ, Сардис, Филадельфие, Лаодикие щыІэ чылыс зэІукІэхэр ары».

12КъыздэгущыІэрэ макъэр зымакъэр слъэгъунэу зыфэзгъэзагъ. Зызыфэсэгъазэм, дышъэм хэшІыкІыгъэхэу, остыгъэ тетыпІибл слъэгъугъэ,

13остыгъэ тетыпІиблыми ахэтэу, ЦІыф Лъэпкъым ы Къо фэдэу зыгорэ слъэгъугъэ. Ылъакъомэ анэсэу шъошэ кІыхьэ щыгъыгъ, дышъэм хэшІыкІыгъэ бгъэрылъи илъыгъ.

14Ышъхьэ шъхьацэу телъыгъэр цы фыжьым е осым фэдэу фыжьыбзагъ. Ынэхэри мэшІотхъуабзэм фэдагъэх.

15Ылъакъохэри хьакум щагъэплъыгъэ гъуаплъэм фэдэу лыдыщтыгъэх, ымакъи псы къиугъабэмэ амэкъэшхо фэдагъ.

16ЫІэ джабгъукІэ жъогъуибл ыІыгъыгъ, бгъуитІуцэ зиІэ чэтэ чан горэ ыжэ къыдэкІыгъ. Ынэгуи лъэшэу къепсырэ тыгъэм фэдагъ.

17Ар зысэлъэгъум, ылъакъохэм адэжь лІагъэм фэдэу сыщытефагъ. Джащыгъум ыІэ джабгъу къыстырилъхьи, къысиІуагъ: «Умыщын, апэрэри аужырэри сэры.

18ЩыІэныгъэ зиІэр сэры. СылІагъ, ау джы сыщыІ, егъашІэми сыщыІэщт. Амин. ЛІэныгъэми лІагъэхэм ядунаий яІункІыбзэхэр сІыгъых.

19Арышъ, Іофхэу плъэгъугъэхэри, Іофхэу джы щыІэхэри, къэхъущтхэри тхых.

20СІэ джабгъукІэ сІыгъыгъэ жъогъуиблымрэ дышъэм хэшІыкІыгъэ остыгъэ тетыпІиблымрэ къарыкІырэр мары: Жъогъуиблымэ къарыкІырэр чылыс зэІукІиблымэ ямэлэІичхэр ары. Остыгъэ тетыпІиблымэ къарыкІырэр чылыс зэІукІиблыр ары».

## Апокалипсис 2

### Исус Христос Ефес къалэм щыІэ чылыс зэІукІэм къэбарэу фаригъэхьыгъэр

1Ефес къалэм щыІэ чылыс зэІукІэм имэлэІич мы къэбарыр фэтх: ЫІэ джабгъукІэ жъогъуибл зыІыгъэу, дышъэм хэшІыкІыгъэхэу остыгъэ тетыпІиблым ахэтэу къэзыкІухьэрэм мы гущыІэхэр къеІо:

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

2Iофхэу жъугъэцакIэхэрэр сэшIэх, лъэшэу шъузэрэлэжьагъэри, теубытагъэ шъуиIэу шъузэрэзекIуагъэри сэшIэ. ЦIыф бзаджэхэр зэрэшъуфэмыщэчыхэрэри сэшIэ. АпостолхэкIэ зэджэжьхэрэ мыапостолхэр жъугъэунэфыгъэх, пцIы зэраусырэри шъулъэгъугъэ.

3Къиныбэ шъущэчыгъэ, теубытагъэ шъуиIэу шъозекIо, сцIэ пае лъэшэу шъулэжьагъ, шъуезэщыгъэп.

4Ау шъо мыхъун горэ къыжъудэсэлъэгъу: ыпэкIэ шIулъэгъоу къысфышъуиIагъэр зэрэхэшъунэжьыгъэр ары.

5Шъукъызэфэхыгъэр зыфэдизыр зыщышъумыгъэгъупш. ШъуипсэкIодхэм шъуафыкIэгъожьи, ыпэкIэ Iофхэр зэрэжъугъэцэкIагъэхэм фэдэу, жъугъэцакIэх. ШъуипсэкIодхэм шъуафыкIэмыгъожьмэ, сэ сыкъэкIонышъ, шъуиостыгъэ тетыпIэ IузгъэкIотыщт.

6Ау Iофышiу горэ къыжъудэсэлъэгъу: Николас игъогу рыкIорэ цIыф купым Iоф бзаджэхэу ашIэхэрэр шъо шъоуджэгъух, сэ ахэмэ яIофхэр зэрэсыуджэгъухэрэм фэдэу.

7ТхьакIумэ зиIэм Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ чылыс зэIукIэхэм къариIорэр зэхерэх. ТекIоныгъэр къэзыхьырэм Тхьэм иджэнэт ит чъыгэу щыIэныгъэ къэзытырэм къыпыкIэрэм щыщ ышхынэу фит сшIыщт.

**Исус Христос Смирнэ къалэм щыIэ чылыс зэIукIэм къэбарэу фаригъэхьыгъэр**

8Смирнэ къалэм щыIэ чылыс зэIукIэм имэлэIич мы къэбарыр фэтх: Апэрэу ыкIи Аужырэу, лIэгъагъэу къэхъужьыгъэм мы гущыIэхэр къеIох:

9Гузэжъогъоу шъузхэтымрэ шъуитхьамыкIагъорэ сэшIэх, ау щытми шъубай. ДжурткIэ зэджэжьхэрэ мыджуртхэр IаекIэ къызэрэшъутегущыIэхэрэр сэшIэ. Ахэр джуртхэп, ау шэйтаным изэIукIэ щыщых.

10Къинхэу шъущэчыщтхэм шъуащымыщын. Мыр шъосэIо, шъуигъэунэфыным пае, шэйтаным шъуащыщхэу заулэ хьапсым чIидзэщт, мэфипшIым гузэжъогъум шъухэтыщт. ЛIэныгъэм нэс шъукъысфэшъыпкъ. Шъукъысфэшъыпкъэмэ, танджэу мыкIодыжьын щыIэныгъэр къышъостыщт.

11ТхьакIумэ зиIэм Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ чылыс зэIукIэхэм къариIорэр зэхерэх. ЯтIонэрэ лIэныгъэм иягъэ текIоныгъэ къэзыхьырэм ригъэкIыщтэп.

**Исус Христос Пергам къалэм щыIэ чылыс зэIукIэм къэбарэу фаригъэхьыгъэр**

12Пергам къалэм щыIэ чылыс зэIукIэм имэлэIич мы къэбарыр фэтх: БгъуитIуцэ зиIэ чэтэ чаныр зиIэм мы гущыIэхэр къеIох:

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

13Iофхэу жъугъэцакIэхэрэр сэшIэх, шэйтаным итIысыпIэ зыдэщыIэм шъузэрэщыпсэурэри сэшIэ. Сэ сцIэ шъукъыфэшъыпкъ. Шъо шъуздэщыIэ чIыпIэу шэйтаныр зыдэщыIэм сишыхьат шъыпкъэу Антипэ зыцIэр цIыфхэм заукIыгъэ мафэхэми сэркIэ шIошъхъуныгъэу шъуиIэр хэшъунэжьыныр шъудагъэп.

14Ау мыхъун Iоф горэхэр къыжъудэсэлъэгъух: БалаIам зыфигъасэхэрэ ишIэныгъэ тетхэр къышъухэтых. БалаIам ары Балак зыцIэм езгъэшIагъэр израиль цIыфхэм псэкIод аригъэшIэнэу. Хымэ лъэпкъхэм ащыщхэм тхьэ нэпцIхэм афашIыгъэ къурмэным ыл Балак израиль цIыфхэм аригъэшхыгъ, зини аригъэшIагъ.

15Джащ фэдэу Николас цIыфхэр зыфигъасэхэрэ ишIэныгъэ тетхэр къышъухэтых.

16Арышъ, шъуипсэкIодхэм шъуафыкIэгъожь. Армырмэ, шIэхэу шъуадэжь сыкъэкIонышъ, сыжэ къыдэкIырэ чатэмкIэ сязэощт.

17ТхьакIумэ зиIэм Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ чылыс зэIукIэхэм къариIорэр зэхерэх. ТекIоныгъэр къэзыхьырэм гъэбылъыгъэ мэнн гъомылэм щыщ естыщт. КIэу фаусыгъэ цIэр зытетхэгъэ мыжъо фыжьри естыщт. А мыжъор зэстырэ цIыфым нэмыкIэу а цIэр зыми ышIэрэп.

**Исус Христос Тиатирэ къалэм щыIэ чылыс зэIукIэм къэбарэу фаригъэхьыгъэр**

18Тиатирэ къалэм щыIэ чылыс зэIукIэм имэлэIич мы къэбарыр фэтх: Тхьэм ы Къоу зынэхэр мэшIотхъуабзэм фэдэхэу, зылъакъохэри гъоплъэ плъыгъэм фэдэу лыдхэрэм мы гущыIэхэр къеIо:

19Iофхэу жъугъэцакIэхэрэр сэшIэх, шъушIулъэгъуи, шъуишIошъхъуныгъи, IэпыIэгъу шъузэрэзэфэхъурэри, теубытагъэ шъуиIэу шъузэрэпсэурэри сэшIэ. Ыпэм нахьи нахьыбэу шIу зэрэшъушIэрэри сэшIэ.

20Ау мыхъун горэ къыжъудэсэлъэгъу: пегъымбаркIэ зэджэжьырэ бзылъфыгъэу Иезабел шъупэуцурэп. Зинэ ашIэнэуи, хымэ лъэпкъхэм ащыщхэм тхьэ нэпцIхэм афашIыгъэ къурмэным ыл ашхынэуи сиIорышIэхэм арегъашIэх ыкIи дехьыхых.

21Зинэу ышIагъэм фыкIэгъожьынэу игъо изгъэфагъ, ау фыкIэгъожьыгъэп.

22Ащ пае, къин ыщэчынэу пIэм хэзгъэлъыщт. Зинэ дэзышIагъэхэри ашIагъэхэм афыкIэмыгъожьхэмэ, гузэжъогъушхо хэзгъэфэщтых.

23Ащ илъфыгъэхэри згъэлIэщтых. ЕтIанэ цIыфхэм агухэм арылъхэри ягупшысэхэри зыгъэунэфырэр зэрэ Сэрыр чылыс зэIукIэ пстэуми ашIэщт. Шъуащыщэу хэти Iофхэу ышIагъэхэм яфэшъуашэ езгъэгъотыжьыщт.

24Шъуащыщхэу къэнэгъэ цIыфхэу Тиатирэ къалэм дэсхэу, Иезабел зыфигъасэхэрэм дезымыгъаштэхэу, шэйтаным ишъэфышхохэр


Institute for Bible Translation

зэзымыгъэшӀагъэхэм, нэмыкӀ хьылъэ горэ къызэрэшъутесымылъхьащтыр шъосэӀо.

25Сэ сыкъэкӀофэ, шӀошъхъуныгъэу шъуиӀэм шъутемыкӀ.

26ТекӀоныгъэр къэзыхьэу, кӀэухым нэсыфэ сиӀофхэр зыгъэцакӀэрэм лъэпкъхэм тетыгъо афыриӀэнэу сшӀыщт, ся Тэ тетыгъо сиӀэ зэригъэхъугъэм фэдэу.

27«Ащ гъучӀ бэщкӀэ ыгъэӀорышӀэщтых, етӀагъом хэшӀыкӀыгъэ хьакъу-шыкъухэми афэдэу зэхикъутэщтых».

28ТекӀоныгъэр къэзыхьырэм нэфшъэгъо жъуагъори естыщт.

29ТхьакӀумэ зиӀэм Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ чылыс зэӀукӀэхэм къариӀорэр зэхерэх.

## Апокалипсис 3

### Исус Христос Сардис къалэм щыӀэ чылыс зэӀукӀэм къэбарэу фаригъэхьыгъэр

1Сардис къалэм щыӀэ чылыс зэӀукӀэм имэлэӀич мы къэбарыр фэтх: Тхьэм ипсиблырэ жъогъуиблырэ зыӀыгъырэм мы гущыӀэхэр къеӀох: Ӏофхэу жъугъэцакӀэхэрэр сэшӀэх. Шъупсэоу цӀыфхэм аӀо, ау шъулӀагъ.

2Шъумычъыеу шъусакъ, къышъуфэнэжьыгъэ щыӀэныгъэу лӀэныгъэм нэсыгъэм кӀуачӀэ ежъугъэгъот; сыда пӀомэ, Ӏофхэу жъугъэцакӀэхэрэр си Тхьэ дэжькӀэ икъугъэхэу слъытэхэрэп.

3Арышъ, Ӏофхэу зэжъугъэшӀагъэхэри зэхэшъухыгъэхэри шъугу къэжъугъэкӀыжьых. Ахэр жъугъэцакӀэх, шъуипсэкӀодхэми шъуафыкӀэгъожь. Шъучъыеу шъумысакъмэ, шъумышӀахэу тыгъуакӀом фэдэу сыкъэкӀощт. Шъуадэжь сыкъызыкӀощт сыхьатри шъушӀэщтэп.

4Ау зищыгъынхэр зымыгъэушӀоигъэхэу, цӀыф заулэ Сардис къалэм къыщышъухэтых. Ахэр щыгъын фыжьхэр ащыгъхэу къыздэкӀощтых, сыда пӀомэ, ахэмэ яфэшъуашэшъ ары.

5ТекӀоныгъэр къэзыхьырэм ахэмэ афэдэу щыгъын фыжьхэр щыгъыщтых. МыкӀодыжьын щыӀэныгъэ зыгъотыщтхэм ацӀэхэр зэрыт тхылъым ащ ыцӀэ егъашӀэм изгъэкӀыщтэп. Ащ ыцӀэ зэрэсшӀэрэр ся Тэрэ имэлэӀичхэмрэ апашъхьэ къыщысӀощт.

6ТхьакӀумэ зиӀэм Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ чылыс зэӀукӀэхэм къариӀорэр зэхерэх.

### Исус Христос Филадельфие къалэм щыӀэ чылыс зэӀукӀэм къэбарэу фаригъэхьыгъэр

7Филадельфие къалэм щыӀэ чылыс зэӀукӀэм имэлэӀич мы къэбарыр фэтх: ЛъапӀэу, шъыпкъэу Даутэ иӀункӀыбзэ зыӀыгъырэм мы гущыӀэхэр къеӀо. Ащ

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)

зэIуихырэр зыми ыгъэпытэжьышъурэп, ыгъэпытэрэри зыми Iуихыжьышъурэп.

[8]Iофхэу жъугъэцакIэхэрэр сэшIэх. Мары, пчъэу зыми ымыгъэпытэжьышъурэр шъуапашъхьэ щызэIусхыгъ. ЛъэкIышхо шъуиIэп, ау сигущыIэхэр жъугъэцэкIагъэх, сигъогу шъузэрэрыкIорэри цIыфмэ апашъхьэ щышъуушъэфыгъэп.

[9]ШъукъэдаIу, шэйтаным изэIукIэ щыщхэу, пцIы зыусхэу, джурткIэ зэджэжьхэрэ мыджуртхэр, ахэр сэ къэзгъэкIонхэшъ, шъулъакъохэм адэжь лъэгонджэмышъхьэкIэ щызгъэтIысыщтых, шIу шъузэрэслъэгъурэри ашIэщт.

[10]«Теубытагъэ зижъугъаI» зыфэсIогъэ унашъор зэрэжъугъэцэкIагъэм пае, дунаим зэкIэ тетхэм алъэгъущт гузэжъогъу сыхьатым шъущысыухъумэщт. А гузэжъогъу сыхьатыр дунаим тет цIыфхэм яшъыпкъагъэ ыгъэунэфыным пае къэкIощт.

[11]ШIэхэу сыкъэкIощт. Зыми шъуитандж шъуIимыхынэу шIошъхъуныгъэу шъуиIэм шъутемыкI.

[12]ТекIоныгъэр къэзыхьырэр си Тхьэ иунэшхо пкъэу фэзгъэуцущт, а унэшхоми ныбжьи чIэкIыжьыщтэп. Си Тхьэ ыцIэрэ, си Тхьэ икъэлэшхоу ЕрусалимыкIэм ыцIэрэ а цIыфым ынатIэ тестхэщтых. А къалэр си Тхьэу уашъом щыIэм дэжь къикIэу къехыщт. Сэ кIэу сиIэ цIэри а цIыфым ынатIэ тестхэщт.

[13]ТхьакIумэ зиIэм Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ чылыс зэIукIэхэм къариIорэр зэхерэх.

**Исус Христос Лаодикие къалэм щыIэ чылыс зэIукIэм къэбарэу фаригъэхьыгъэр**

[14]Лаодикие къалэм щыIэ чылыс зэIукIэм имэлэIич мы къэбарыр фэтх: АминкIэ заджэхэрэ шыхьат шъыпкъэу, узщыгугъышъун шыхьатэу Тхьэм къыгъэхъугъэ пстэури зыIэ къикIыгъэм мы гущыIэхэр къеIо:

[15]Iофхэу жъугъэцакIэхэрэр сэшIэх. Шъугухэр фабэхэп ыкIи, чъыIэхэп ыкIи. Шъугухэр фэбэгъагъот е чъыIэгъагъот!

[16]Мыфэбэ-мычъыIэу шъузэрэпсэурэм пае, цIыфым ыжэ псыр къызэрэдиутхыкIырэм фэдэу, сыжэ шъукъыдэсыутхыкIыжьыщт.

[17]Шъо моущтэу шъоIо: «Тыбай, бэ тиIэ хъугъэ, зи тищыкIагъэп». Ау гъогу мыгъо шъузэрэтеуцуагъэр, шъузэрэтхьамыкIэр, гукIэгъу шъузэрэщыкIэрэр, шъузэрэнэшъур, шъузэрэпцIанэр шъушIэрэп.

[18]Арышъ, баи шъухъуным пае, машIокIэ гъэкъэбзэжьыгъэ дышъэ сщышъущэфыныр игъоу къышъуфэсэлъытэ. ШъузэрэпцIанэм пае, шъумыукIытэнэу щыгъын фыжьхэри сщышъущэфых. Шъунэхэми алъэгъуным пае, ащышъуфэнэу дагъэри сщышъущэф.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

19ШӀу слъэгъухэрэм агурысэгъаӀо, сэгъэдаӀох. Арышъ, шъуипсэкӀодхэм
шъуафыкӀэгъожьи, шъугу етыгъэу сигъогу шъурыкӀу.

20Мары, пчъэм сыӀутэу сыкъытео. Зыгорэм сымакъэ зэхихэу, пчъэр
къыӀуихымэ, сихьанышъ, сэ ащ сыдэшхэщт, ежьыри сэ къыздэшхэщт.

21ТекӀонычгъэр къэзыхьырэр ситӀысыпӀэ лъапӀэ щысынэу,
къызготӀысхьанэу фит сшӀыщт, сэри текӀоныгъэр къэсхьи, ся Тэ итӀысыпӀэ
лъапӀэ сыщысынэу ежь сызэрэготӀысхьагъэм фэдэу.

22ТхьакӀумэ зиӀэм Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ чылыс зэӀукӀэхэм къариӀорэр
зэхерэх.

## Апокалипсис 4

### Уашъом щыӀэ тӀысыпӀэ лъапӀэр

1Ащ нэужым сызэплъэм, уашъом щыӀэ пчъэ горэ зэӀухыгъэу слъэгъугъэ.
Бжъэмыешхом ымакъэ фэдэу, къыздэгущыӀэу зэхэсхыгъэгъэ макъэм
къыӀуагъ: «Моу къыдэкӀуай, Ӏофхэу джырэ нэуж къэхъун фаехэр
озгъэлъэгъущтых».

2Ардэдэм Тхьэм ы Псэ ЛъапӀэ къысфехыгъ, сызэплъэм, уашъом тӀысыпӀэ
лъапӀэ горэ щыслъэгъугъ, зыгори ащ тесыгъ.

3Ащ тесым итеплъэ мыжъо лъэпӀэ фыжьэу яспис зыцӀэмрэ мыжъо лъэпӀэ
плъыжьэу сардис зыцӀэмрэ ятеплъэ фэдагъ. ТӀысыпӀэ лъапӀэм
ихъурэягъэкӀэ лэгъупкъопсэу зитеплъэ мыжъо лъэпӀэ уцышъоу смарагд
зыцӀэм фэдэр щыӀагъ.

4ТӀысыпӀэ лъапӀэм ихъурэягъэкӀэ къегъэуцокӀыгъэхэу нэмыкӀрэ тӀысыпӀэ
лъэпӀэ тӀокӀырэ плӀырэ щытыгъэх. А тӀысыпӀэ лъапӀэхэм атесхэу тхьэмэтэ
нахьыжъхэу нэбгырэ тӀокӀырэ плӀырэмэ щыгъын фыжьхэр ащыгъхэу,
ашъхьэхэми дышъэм хэшӀыкӀыгъэ танджыхэр ателъхэу слъэгъугъэх.

5ТӀысыпӀэ лъапӀэм пчыкӀэхэр къикӀыгъэх, шыблэ гъогъо мэкъэшхохэри
къыпыӀукӀыгъэх. ТӀысыпӀэ лъапӀэм ыпашъхьэ остыгъибл итыгъ – ахэр
Тхьэм ыпсибл ары.

6А тӀысыпӀэ лъапӀэм ыпашъхьэ апчым хэшӀыкӀыгъэу, кристаллым фэдэу
нэфэу ыкӀи къабзэу, хы теплъэ иӀэу зыгорэ слъэгъугъэ. Гузэгум, тӀысыпӀэ
лъапӀэм ихъурэягъэкӀэ къеуцокӀыгъэхэу псэушъхьиплӀ итыгъ. АгупэкӀи
акӀыбкӀи нэ бэдэхэр яӀагъэх.

7Апэрэ псэушъхьэр аслъаным фэдагъ, ятӀонэрэр шкӀэм фэдагъ,
ящэнэрэм ынэгу цӀыфым ынэгу фэдагъ, яплӀэнэр бгыбырэ бгъэжъым
фэдагъ.

8ПсэушъхьиплӀым щыщ пэпчъ тэмих иӀагъ, тыдэкӀи нэхэр бэу яӀагъ. Чэщи
мафи зэпымыоу ахэмэ моущтэу аӀо: «ЗэкӀэ зыфызэшӀокӀырэ Зиусхьан

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

Тхьэу, щыӀагъэу, щыӀэу, къэкӀощт мафэхэми щыӀэщтыр лъапӀэу, лъапӀэу, лъапӀэ».

9Псэушъхьэхэм щытхъушхуи, лъытэныгъэшхуи, шъхьэкӀэфэныгъэшхуи тӀысыпӀэ лъапӀэм тесэу, егъашӀэм щыӀэщтым

10фашӀы къэс, тхьэмэтэ нахьыжъхэу нэбгырэ тӀокӀырэ плӀырэми тӀысыпӀэ лъапӀэм тесэу егъашӀэм щыӀэщтым ыпашъхьэ зыщырадзыхызэ агъэлъапӀэ. ТӀысыпӀэ лъапӀэм ыпашъхьэ ятанджыхэр агъэтӀылъхэзэ, моущтэу аӀо:

11«О ти Зиусхьан, щытхъушхори, лъытэныгъэшхори, лъэкӀышхори зифэшъуашэр оры, сыда пӀомэ, пстэури къэзгъэхъугъэр оры, о пшӀоигъуагъэти, ахэри къэхъухи, щыӀэныгъэ яӀэ хъугъэ».

## Апокалипсис 5

### Тхылъымрэ Шъынэмрэ

1ЕтӀанэ тӀысыпӀэ лъапӀэм тесым ыӀэ джабгъукӀэ тхылъ горэ ыӀыгъэу слъэгъугъэ. Ар ыкӀоцӀыкӀи ыкӀыбкӀи тхыгъэу, зэкӀоцӀыщыхьагъэу, мыхъурибли тедзэгъагъ.

2ЛъэкӀ зиӀэ мэлэӀич гори слъэгъугъэ мэкъэшхокӀэ къэзыӀоу: «Мыхъурыр тезыхынэу, тхылъыр зэгозыхынэу хэта зифэшъуашэр?»

3Ау уашъоми, чӀылъэми, чӀылъэм ычӀэгъыми а тхылъыр зэгозыхынэу е ыкӀоцӀ дэплъэнэу зылъэкӀырэ цӀыф зи ащыӀагъэп.

4Тхылъыр зэгозыхынэу е ыкӀоцӀ дэплъэнэу зифэшъошэ цӀыф горэ къызэрамыгъотыгъэм пае, лъэшэу сыгъыгъ.

5Ау тхьэмэтэ нахьыжъхэм ащыщ горэм къысиӀуагъ: «Умыгъ, моу къэдаӀу! Иудэ лӀакъом щыщ аслъанкӀэ заджэхэу, пачъыхьэ Даутэ къытекӀыгъэ быын лъапӀэм текӀоныгъэр къыхьыгъ. Мыхъуриблыр тырихынышъ, тхылъыри зэгуихын ащ ылъэкӀыщт».

6ЕтӀанэ Шъынэ шӀуабзыгъэм фэдэу тӀысыпӀэ лъапӀэм ыгузэгу итэу, псэушъхьиплӀымрэ тхьэмэтэ нахьыжъхэмрэ къеуцокӀыгъэхэу слъэгъугъэ. Ащ бжъэкъуибл тетыгъ, нибли иӀагъ. Ниблыр дунаим тыдэкӀи Тхьэм ыгъэкӀогъэ псиблыр ары.

7А Шъынэр кӀуи, тӀысыпӀэ лъапӀэм тесым ыӀэ джэбгъукӀэ ыӀыгъ тхылъыр къыӀихыгъ.

8Ар къызыӀехым, псэушъхьиплӀымрэ тхьэмэтэ нахьыжъхэу нэбгырэ тӀокӀырэ плӀырэмрэ Шъынэм ыпашъхьэ зыщырадзыхыгъ. Хэти шыкӀэпщынэм фэдэу пщынэ лъэпкъ горэ ыӀыгъыгъ, Ӏэгубжъэхэу дышъэм хэшӀыкӀыгъэхэу, мэ ӀэшӀу зыпихырэ уцхэр зэрытхэри аӀыгъыгъэх. А уцхэм апихырэ мэ ӀэшӀур Тхьэм ицӀыф лъапӀэхэм ялъэӀухэр арыгъэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

9Орэдыкlэ къаlуагъ: «Тхылъыр пштэнэу, имыхъурхэри тепхынхэу
уифэшъуаш, сыда пlомэ, цlыфхэм ушlуабзыгъ, о плъыкlи лlэкъо пстэуми,
бзэ пстэуми, хэгъэгу пстэуми, лъэпкъ пстэуми ащыщхэу цlыфхэм
ашъхьэхэр Тхьэм пае къэпщэфыжьыгъэх.

10О уигъусэхэу тетыгъо зиlэхэу, ти Тхьэ фэlорышlэрэ дин пащэхэ
тыхъунэу о тыбгъэнэфагъ; дунаими тетыгъо щытиlэщт».

11Етlанэ сызэплъэм, тlысыпlэ лъапlэм, псэушъхьиплlым, тхьэмэтэ
нахьыжъхэм къяуцокlыгъэхэу мэлэlич бэ дэдэхэм амакъэ зэхэсхыгъэ,
япчъагъи мин бэ дэдэ хъущтыгъ.

12Ахэмэ мэкъэшхокlэ моущтэу аlуагъ: «Лъэкlышхор, баиныгъэшхор,
акъылышlогъэшхор, кlочlэшхор, лъытэныгъэшхор, щытхъушхор,
шъхьэкlэфэныгъэшхор Шъынэу цlыфхэм шlуабзыгъэм ифэшъуашэх».

13Етlанэ уашъом, чlым, чlы чlэгъым, хым, ахэми ащыпсэухэу, Тхьэм
къыгъэхъугъэ псэ зыхэлъ пстэуми къаlоу зэхэсхыгъ:
«Шъхьэкlэфыныгъэшхор, лъытэныгъэшхор, щытхъушхор, тетыгъошхор
егъашlэм тlысыпlэ лъапlэм тесымрэ Шъынэмрэ яй!»

14Псэушъхьиплlыми къаlуагъ: «Амин». Тхьэмэтэ нахьыжъхэу нэбгырэ
тlокlырэ плlырэмэ чlыгум зырадзыхи, сыдигъуи Щыlэщтыр агъэлъэпlагъ.

## Апокалипсис 6

### Мыхъурхэр

1Етlанэ Шъынэм мыхъуриблымэ ащыщэу апэрэр зэрэтырихырэр
слъэгъугъэ. Джащыгъум псэушъхьиплlым щыщэу зым шыблэ гъуагъом
ымакъэ фэдэ макъэкlэ «Къакlо!» ыlоу зэхэсхыгъэ.

2Етlанэ сызэплъэм, пкlэгъуалэ слъэгъугъэ. Шым тесым щабзэ горэ
ылыгъыгъ, мэлэlич горэми тандж къыритыгъ. Текlоныгъэр къэзыхьырэм
фэдэу, текlоныгъэр къыхьынэу ежьагъ.

3Етlанэ Шъынэм ятlонэрэ мыхъурыр зытырехым, ятlонэрэ псэушъхьэм
«Къакlуи еплъ!» къыlоу зэхэсхыгъ.

4Джащыгъум нэмыкl шы горэ, шы пцlэгъоплъэу къыдэкlыгъ. Ащ тесым
дунаим мамырныгъэр тырихынэуи, цlыфхэр зэригъэукlынхэуи Тхьэм
фитыныгъэ къыритыгъ. Мэлэlич горэм ащ чатэ къыритыгъ.

5Етlанэ Шъынэм ящэнэрэ мыхъурыр зытырехым, ящэнэрэ псэушъхьэм,
«Къакlуи еплъ!» къыlоу зэхэсхыгъ. Сызэплъэм, шы къарэ слъэгъугъэ. Ащ
тесым щэчалъэ ылыгъыгъ.

6Етlанэ псэушъхьиплlымэ ахэтэу макъэ горэ къахэlукlэу моущтэу къыlоу
зэхэсхыгъ: «Коцэу лэгъищым арылъыр зы мэфапкlэ мэхъу, хьэу
лэгъибгъум арылъыри зы мэфапкlэ мэхъу. Дагъэми сэнэпсми уиягъэ
ямыгъэкl».

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

7 ЕтIанэ Шъынэм яплIэнэрэ мыхъурыр зытырехым, яплIэнэрэ псэушъхьэм
ымакъэ «КъакIуи еплъ!» къыIоу зэхэсхыгъ.

8 Сызэплъэм, шы джэф слъэгъугъэ. Ащ тесым ыцIагъэр ЛIэныгъ.
ЛIагъэхэм я Дунай зыцIэр ащ лъыкIощтыгъ. Ахэми чатэкIи, гъаблэкIи,
зэпахырэ узхэмкIи, чIылъэм ихьэкIэ-къуакIэхэм яIэпыIэгъукIи цIыфхэр
агъэлIэнхэу чIылъэм ыплIанэ тетыгъо фыряIэ хъугъэ.

9 ЕтIанэ Шъынэм ятфэнэрэ мыхъурыр зытырехым, цIыфхэу Тхьэм
игущыIэхэр къызэрагъэIугъэхэм апаий, а гущыIэхэм шыхьат
зэрафэхъугъэхэм паий аукIыгъэхэм апсэхэр къурмэншIыпIэм ычIэгъ
щыIэхэу щыслъэгъугъэх.

10 Ахэр мэкъэшхокIэ къэджагъэх: «О Зиусхьан лъапI, шъыпкъагъэ зиIэ
Зиусхьан, дунаим тет цIыфхэу тэ тлъы зыгъэчъагъэхэм хьыкум
атепшIыхьанэуи, яфэшъуашэ ябгъэпщыныжьынэуи сыдигъо нэс
тыпэбгъэплъэщт?»

11 Аущтэу мэлэIич горэм ахэмэ ащыщэу хэти шъошэ кIыхьэ къырити,
тIэкIурэ загъэпсэфынэу ариIуагъ, дунаим ицIыфхэм ахэр зэраукIыгъэхэм
фэдэу, ахэмэ ягъусэхэу аукIыщт цIыфхэу Тхьэм фэлажьэхэрэмрэ адрэ
зэшхэу аукIыщтхэмрэ япчъагъэ екъуфэ.

12 ЕтIанэ Шъынэм яхэнэрэ мыхъурыр зэрэтырихырэр слъэгъугъэ.
Джащыгъум чIылъэр лъэшэу къэсысыгъ, тыгъэри пчэныцым хэшIыкIыгъэ
шэкI шIуцIэм фэдэу ушIункIыгъэ, мазэри лъым фэдэу плъыжьы хъугъэ.

13 Уашъом ижъуагъохэри чIылъэм къефэхыгъэх, жьыбгъэшхо
къызепщэкIэ, ынджыр чъыгым пытхэр къызэрэпытэкъухэрэм фэдэу.

14 Тхылъ ущэрахьыгъэм фэдэу, уашъор бзэхыгъэ; къушъхьэ пстэури
хыгъэхъунэ пстэури ячIыпIэхэм арыкIыгъэх.

15 Дунаим ипачъыхьэхэми, тетыгъо зиIэхэми, дзэм ипэщэшхохэми,
байхэми, лъэкIышхо зиIэхэми, пщылIми, шъхьафитми, гъочIэгъхэмрэ
къушъхьэ мыжъошхохэм ачIэгъхэмрэ защагъэбылъыжьыгъ.

16 Ахэмэ къушъхьэхэмрэ къушъхьэ мыжъошхохэмрэ араIуагъ:
«Шъукъыттефи, тIысыпIэ лъапIэм тесым тешъумыгъэлъэгъу, Шъынэм
игубжи тыщышъуухъум.

17 Сыда пIомэ, ахэр зыгубжырэ мэфэшхор къэсыгъ, ахэми хэта
апэуцужьын зылъэкIыщтыр?»

## Апокалипсис 7

**Тхьэм имыхъур мэлэIичхэм нэбгырэ минишъэрэ тIокIитIурэ плIырэм зэратырадзагъэр**

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

1Ащ нэужым чIылъэм икъопиплIмэ мэлэIичиплI атетэу слъэгъугъэ.
Жьыбгъэр чIыми хыми къыщемыпщэнэу, чъыгхэми къямыонэу чIылъэм
икъопиплI къикIырэ жьыбгъэхэм ахэр апэуцужьыщтыгъэх.

2ЕтIанэ нэмыкI мэлэIич горэм щыIэныгъэ къыздикIырэ Тхьэм имыхъур
ыIыгъэу, тыгъэ къокIыпIэмкIэ къикIэу слъэгъугъэ. ЧIымрэ хымрэ яягъэ
арагъэкIынэу фитыныгъэ зиIэ мэлэIичиплIым мэкъэшхокIэ ариIуагъ:

3«Ти Тхьэ фэIорышIэрэ цIыфхэм анатIэ мыхъур тетэдзэфэ, чIым, хым,
чъыгхэм шъуиягъэ яжъугъэкIыкъон!»

4ЕтIанэ цIыфхэу мэлэIичхэм мыхъурыр зытырадзагъэхэм япчъагъэ
зэхэсхыгъ: Израиль илIэкъо пстэуми ащыщхэу мэлэIичхэм мыхъурыр
зытырадзагъэхэр нэбгырэ минишъэрэ тIокIитIурэ плIырэ хъущтыгъэх.

5Иудэ лIакъом щыщхэу нэбгырэ мин пшIыкIутIум мыхъурыр атырадзагъ;
Рубин лIакъом щыщхэу нэбгырэ мин пшIыкIутIум мыхъурыр атырадзагъ;
Гад лIакъом щыщхэу нэбгырэ мин пшIыкIутIум мыхъурыр атырадзагъ;

6Ашер лIакъом щыщхэу нэбгырэ мин пшIыкIутIум мыхъурыр атырадзагъ;
Нафталый лIакъом щыщхэу нэбгырэ мин пшIыкIутIум мыхъурыр
атырадзагъ; Манассэ лIакъом щыщхэу нэбгырэ мин пшIыкIутIум
мыхъурыр атырадзагъ;

7Симеон лIакъом щыщхэу нэбгырэ мин пшIыкIутIум мыхъурыр
атырадзагъ; Лэуй лIакъом щыщхэу нэбгырэ мин пшIыкIутIум мыхъурыр
атырадзагъ; Иссашкар лIакъом щыщхэу нэбгырэ мин пшIыкIутIум
мыхъурыр атырадзагъ;

8Зебулон лIакъом щыщхэу нэбгырэ мин пшIыкIутIум мыхъурыр
атырадзагъ; Юсыф лIакъом щыщхэу нэбгырэ мин пшIыкIутIум мыхъурыр
атырадзагъ; Бен-Ямин лIакъом щыщхэу нэбгырэ мин пшIыкIутIум
мыхъурыр атырадзагъ.

**Пчъагъэ зимыIэ цIыф купышхом Тхьэр зэригъэлъапIэрэр**

9Ащ нэужым сызэплъэм, лъэпкъ пстэуми, лIэкъо пстэуми, хэгъэгу
пстэуми, бзэ пстэуми ащыщхэу умылъытэшъун цIыф купышхо
слъэгъугъэ. Шъошэ фыжь кIыхьэхэр ащыгъхэу, пальмэ чъыгым
икъутамэхэр аIыгъхэу, тIысыпIэ лъапIэмрэ Шъынэмрэ апашъхьэ итыгъэх.

10Ахэр мэкъэшхокIэ къэджагъэх: «Ти Тхьэу тIысыпIэ лъапIэм тесымрэ
Шъынэмрэ ары тымыкIодэу тыкъэзгъэнэжьыгъэхэр».

11ТIысыпIэ лъапIэм, тхьэмэтэ нахьыжъхэм, псэушъхьиплIым
къяуцокIыгъэхэу мэлэIич пстэури щытыгъ. Ахэмэ тIысыпIэ лъапIэм
ыпашъхьэ абгъэгукIэ зыщырадзыхи, Тхьэр агъэлъапIэзэ аIоштыгъ:

12«Амин! ШъхьэкIэфэныгъэшхор, щытхъушхор, акъылышIогъэшхор,
лъытэныгъэшхор, лъэкIышхор, кIочIэшхор егъашIэм ти Тхьэ иех. Амин!»

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

13ЕтӀанэ тхьэмэтэ нахьыжъхэм ащыщэу зыгорэ къысэупчӀыгъ: – Мы
шъошэ фыжь кӀыхьэхэр зыщыгъхэр хэт щыщха, тыда къыздикӀыгъэхэр?

14– Тхьэматэ, ахэр о ошӀэх, – есӀожьыгъ. – Мыхэр ары гузэжъогъушхом
къыхэкӀыгъэхэр, – къысиӀуагъ ащ. – Шъынэм ылъыкӀэ яшъошэ кӀыхьэхэр
агъэкъэбзэжьхи, фыжьыбзэ ашӀыжьыгъэх.

15Ащ пае ахэр Тхьэм итӀысыпӀэ лъапӀэ ыпашъхьэ итых, чэщи мафи Тхьэм
иунэшхо чӀэтхэу, Тхьэр агъэлъапӀэ. ТӀысыпӀэ лъапӀэм тесыри адэпсэущт.

16ЕгъашӀэм мэлакӀэ лӀэжьыщтхэп, псыфалӀи лӀэжьыщтхэп. Тыгъэри
фэбэшхори ахэмэ къягоожьыщтхэп.

17Сыда пӀомэ, тӀысыпӀэ лъапӀэм ыгузэгу тес Шъынэр ахэмэ мэлахъо
афэхъущт, щыӀэныгъэ къэзытырэ псынэхэм адэжьи ахэр ыщэщтых.
Тхьэм ахэмэ анэхэм нэпс пстэури акӀилъэкӀыкӀыжьыщт.

## Апокалипсис 8

### Яблэнэрэ мыхъурымрэ дышъэм хэшӀыкӀыгъэ уц гъэстылъэмрэ

1Шъынэм яблэнэрэ мыхъурыр зытырехым, сыхьатныкъо фэдизкӀэ
уашъом кӀым-сым щыхъугъ.

2ЕтӀанэ Тхьэм ыпашъхьэ ит мэлэӀичиблыр слъэгъугъэ. МэлэӀич горэм
бжъэмыешхуибл ахэмэ аритыгъ.

3НэмыкӀ мэлэӀич горэм мэ Ӏэшӏу зыпихырэ уцхэм апае дышъэм
хэшӀыкӀыгъэ уц гъэстылъэ ыӀыгъэу къакӀуи, къурмэншӀыпӀэм ыпашъхьэ
къиуцуагъ. НэмыкӀ мэлэӀич горэм мэ Ӏэшӏу зыпихырэ уцыбэ а мэлэӀичым
къыритыгъ, Тхьэм ицӀыф лъапӀэхэм ятхьэлъэӀухэу тӀысыпӀэ лъапӀэм
ыпашъхьэ ит къурмэншӀыпӀэм телъхэм ахигъэхъоным пае.

4Мэ Ӏэшӏу зыпихырэ уцхэм яӀугъо Тхьэм ицӀыф лъапӀэхэм ятхьэлъэӀухэм
ягъусэу мэлэӀичым ыӀэ къикӀи, Тхьэм дэжь дэкӀоягъ.

5Ащ нэужым мэлэӀичым уц гъэстылъэр къышти, къурмэншӀыпӀэм имашӀо
щыщ из ышӀи, чӀылъэм къыридзыхыгъ. Джащыгъум шыблэ гъогъо
мэкъэшхохэр къэӀугъэх, пчыкӀэхэри къэджэгугъэх, чӀылъэри къэсысыгъ.

### Бжъэмыешхохэр

6ЕтӀанэ бжъэмыиешхуибл зыӀыгъыхэрэ мэлэӀичиблым ахэмэ къяпщэнхэу
загъэхьазырыгъ.

7Апэрэ мэлэӀичыр ибжъэмыешхо къепщагъ. Джащыгъум ошъу, машӀо,
лъы зэхэкӀухьагъэхэу чӀылъэм къехыгъэх. ЧӀылъэм ызыщанэ хэстыкӀыгъ,
чъыгмэ азыщани хэстыкӀыгъ, уц шхъонтӀэ пстэури стыгъэ.

8ЯтӀонэрэ мэлэӀичыри ибжъэмыешхо къепщагъ. Ащ дэжьым машӀокӀэ
зэкӀэнэгъэ къушъхьэшхом фэдэу зыгорэ хым хэфагъ. Хым ызыщани
лъым фэдэ хъугъэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

9 Хым хэс псэушъхьэхэм азыщани лIагъэ, къухьэхэм азыщани кIодыгъэ.

10 ЕтIанэ ящэнэрэ мэлэIичыри ибжъэмыешхо къепщагъ. Джащыгъум мэшIо пхъэцIакIэм фэдэу жъогъошхо горэ стэу уашъом къехи, псыхъохэмрэ псынэхэмрэ азыщанэ къыхэфагъ.

11 Жъогъошхом ыцIэр Уц Дыдж. Псыхэм азыщанэ дыдж хъугъэ, а псы дыджым ешъуагъэхэу цIыфыбэхэри лIагъэх.

12 ЕтIанэ яплIэнэрэ мэлэIичыри ибжъэмыешхо къепщагъ. Джащыгъум тыгъэм ызыщани, мазэм ызыщани, жъуагъохэм азыщани кIосагъэ. Аущтэу ахэмэ янэфынэ ызыщанэ шIункI хъугъэ. Мафэм ызыщани, чэщым ызыщани ушIункIыгъэх.

13 ЕтIанэ сызэплъэм, ошъогум щыбыбырэ мэлэIич слъэгъугъэ, мэкъэшхокIэ къаджэуи зэхэсхыгъ: «Къэнэгъэ мэлэIичищым ябжъэмыешхохэм къызяпщэхэкIэ, чIылъэм тетхэр сыхьатмыгъо ежьэщтых, сыхьатмыгъо ежьэщтых, сыхьатмыгъо ежьэщтых!»

## Апокалипсис 9

1 ЕтIанэ ятфэнэрэ мэлэIичыр ибжъэмыешхо къепщагъ. Джащыгъум уашъом къикIэу, чIылъэм къехыгъэгъэ жъуагъор слъэгъугъэ. ЕтIанэ чIылъэм икуупIэу чIэ зимыIэм ичIэхьапIэ иIункIыбзэ мэлэIич горэм а жъуагъом ритыгъ.

2 Жъуагъом чIылъэм икуупIэу чIэ зимыIэм ичIэхьапIэ Iуихыгъ. ЗыIуехым, хьакушхом иIугъо фэдэ Iугъо къычIэугъ. А чIэхьапIэм къычIэугъэ Iугъом тыгъэри уашъори ыгъэушIункIыгъэх.

3 ЕтIанэ мацIэхэр Iугъом къыхэкIыхи, чIым къытехьагъэх. ЧIым искорпионхэм акIуачIэ фэдэ кIуачIэ яIэнэу мэлэIич горэм а мацIэхэм аритыгъ.

4 ЧIым иуцхэм, ичъыгхэм, чIым икъэкIыгъэхэм яягъэ арамыгъэкIынэу Тхьэм ариIуагъ. Тхьэм имыхъур зынатIэ темыдзэгъэ цIыф закъохэр ары яягъэ зэрагъэкIын фэягъэр.

5 МацIэхэм а цIыфхэр агъэлIэнхэ фитыгъэхэп, мэзитфэ къин арагъэщэчын фитыгъэх ныIэп. А къинэу арагъэщэчыгъэр, скорпионыр цIыфым зеокIэ, къинэу ыщэчырэм фэд.

6 А мафэхэм цIыфхэр лIэныгъэм лъыхъущтых, ау агъотыщтэп. ЛIэнхэуи фэещтых, ау лIэныгъэр аIэпыкIыщт.

7 МацIэхэм ятеплъэ цIыфхэм заом фагъэхьазырыгъэ шыхэм ятеплъэ фэдагъ. Дышъэм хэшIыкIыгъэ танджхэм афэдэхэр ашъхьэхэм ателъыгъэх, анэгухэри цIыфхэм анэгухэм афэдагъэх.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

8 Ашъхьацхэр бзылъфыгъэ шъхьацхэм афэдагъэх, ацэхэри аслъаным ыцэхэм афэдагъэх.

9 Яашъоджанэхэр гъучӀым хэшӀыкӀыгъэ ашъоджанэхэм афэдагъэх. Атамэхэм макъэу апыӀукӀыщтыгъэр заом ежьэгъэ шыкубэхэмрэ шыбэхэмрэ апыӀукӀырэ мэкъэшхом фэдагъ.

10 Скорпионхэми кӀэхэр зэряӀэм фэдэу кӀэхэри яӀагъэх. КӀэхэми щэхэр апылъыгъэх. А мацӀэхэм лъэкӀ яӀагъ мэзитфэ цӀыфмэ къин арагъэщэчынэу.

11 Ахэмэ пачъыхьэу яӀагъэр чӀылъэм икуупӀэу чӀэ зимыӀэм имэлэӀич ары. Ащ ыцӀэ джуртыбзэкӀэ Абаддон, алыджыбзэкӀэ Аполлион.

12 Аущтэу апэрэ сыхьатмыгъор блэкӀыгъ. Джыри сыхьатмыгъуитӀу къэкӀощт.

13 ЕтӀанэ яхэнэрэ мэлэӀичыр ибжъэмыешхо къепщагъ. Джащыгъум Тхьэм ыпашъхьэ ит къурмэншӀыпӀэу дышъэм хэшӀыкӀыгъэм икъопиплӀымэ къарыкӀэу макъэ горэ зэхэсхыгъэ.

14 А макъэм бжъэмыешхор зыӀыгъырэ яхэнэрэ мэлэӀичым риӀуагъ: «Евфрат псыхъошхом дэжь щырапхыгъэ мэлэӀичиплӀыр шъхьафит шӀыжьи, тӀупщыжьых».

15 Мы сыхьэт дэдэм, мы мэфэ дэдэм, мы мэзэ дэдэм, мы илъэс дэдэм цӀыф пстэуми азыщанэ агъэлӀэнэу Тхьэм афигъэхьазырыгъэгъэ мэлэӀичиплӀыр атӀупщыжьыгъ.

16 А шыудзэм хэтыгъэхэм япчъагъэ миллион шъитӀу хъущтыгъэ. Япчъагъэ зыфэдизыр зэхэсхыгъэ.

17 Шыхэри шыухэри моущтэу къысфэлъэгъуагъэх: ашъоджанэхэр машӀом фэдэу плъыжьхэу, шхъуантӀэхэу, гъожьхэу ащыгъыгъэх. Яшыхэм ашъхьэхэр аслъанышъхьэхэм афэдагъэх. Шыхэм ажэхэми машӀо, Ӏугъо, тхъомзашхъо къьадэкӀыгъэх.

18 МашӀоу, Ӏугъоу, тхъомзашхъоу, а къинышхуищэу а шыхэм ажэхэм къьадэкӀыгъэхэмкӀэ цӀыф пстэуми азыщанэ лӀагъэ.

19 Шыхэм акӀуачӀэ ажэхэм адэлъыгъ, акӀэхэми ахэлъыгъ; сыда пӀомэ, акӀэхэр блэхэм афэдагъэх; акӀэхэм шъхьэхэр апытхэу, ахэмкӀэ яягъэ цӀыфхэм арагъэкӀыгъ.

20 Ау къэнэгъэ цӀыфхэу а къинышхохэм ахэмылӀыхьагъэхэм аӀэкӀэ ашӀыгъэ тхьэ нэпцӀхэм акӀыб афагъэзэжьынэу адагъэп. ДжынапцӀэхэр агъэлъэпӀэнхэм ауж икӀыжьыгъэхэп, дышъэм, тыжьыным, гъуаплъэм, мыжъом, пхъэм ахэшӀыкӀыгъэ тхьэ нэпцӀхэу зылъэгъун, зэхэзыхын ыкӀи къэзыкӀухьан зымылъэкӀхэрэр агъэлъэпӀэнхэми ыуж икӀыжьыгъэхэп.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

21 Джащ фэдэу, Iофхэу зыпылъхэу цIыф укIыным, ушхъухьаным, зинэ шIэным, тыгъоным афыкIэгъожьыгъэхэп.

## Апокалипсис 10

### Мэлэlичымрэ тхылъ цlыкlу зэгохыгъэмрэ

1 ЕтIанэ лъэкI зиIэу, нэмыкI мэлэIич горэ уашъом къехэу слъэгъугъэ; ошъуапщэ горэ шъуашэу щыгъыгъ; лэгъупкъопсыри шъхьэщытыгъ, ынэгуи тыгъэм фэдагъ, илъакъохэри мэшIо пкъэухэм афэдагъэх.

2 Тхылъ цIыкIу горэ зэгохыгъэу ыIэкIэ ыIыгъыгъ. Лъэкъо джабгъур хым хигъэуцуагъ, лъэкъо сэмэгури чIым тыригъэуцуагъ.

3 Аслъанхэр зэрэгъогхэрэм фэдэу, мэкъэшхокIэ къэкууагъ. Ар къызэкуом, ошъо шыблиблым ягъогъо макъэхэр къэIугъэх.

4 Ошъо шыблиблым ягъогъо макъэхэр къызэIухэ ужым, сытхэнэу сыублэ къодыягъ, ау уашъом къикIэу макъэ горэм къыIоу зэхэсхыгъ: – Шыблиблымэ къаIуагъэхэр умытхыхэу ушъэфых.

5 ЕтIанэ мэлэIичэу зылъэкъо лъэныкъо хым хэзгъэуцуагъэу, адрэ лъэкъо лъэныкъор чIым тезгъэуцуагъэу слъэгъугъагъэм ыIэ джабгъу уашъомкIэ диIэтэягъ.

6 Тхьэу егъашIэм щыIэу, уашъохэмрэ уашъохэм ащыIэ пстэумрэ, чIымрэ чIым тет пстэумрэ, хымрэ хым хэс пстэумрэ къэзгъэхъугъэм ыцIэкIэ а мэлэIичым тхьарыIо ышIи, моущтэу ыIуагъ: – Уахътэу бэп къэнэжьыгъэр.

7 Ау яблэнэрэ мэлэIичыр ибжъэмыешхо къызепщэщт мафэхэм Тхьэм ежь фэIорышIэрэ пегъымбархэм къызэраригъэIугъэм фэдэу, игухэлъ шъэф ыгъэцэкIэщт.

8 Уашъом къикIэу зэхэсхыгъэгъэ макъэр джыри зэ къэгущыIи, къысиIуагъ: – КIуи, мэлэIичэу зылъэкъо лъэныкъо хым хэзгъэуцуагъэу, адрэ лъэкъо лъэныкъори чIым тезгъэуцуагъэм ыIыгъырэ тхылъ цIыкIоу зэгохыгъэр къыIых.

9 Аущтэу мэлэIичым дэжь сыкIуи, есIуагъ: – Мы тхылъ цIыкIур къысэт. – Ма, къыосэты, шхы, – къысиIуагъ ащ. – УныбэкIэ дыджыщт, ау ужэкIэ шъоум фэдэу IэшIу хъущт.

10 Тхылъ цIыкIур мэлэIичым къыIысхи, сшхыгъэ. СыжэкIэ шъоум фэдэу IэшIугъ, ау зэсэшхым, сыныбэ дыджы щыхъугъ.

11 ЕтIанэ моущтэу къысиIуагъ: – Хэгъэгу Iаджыми, лъэпкъ Iаджыми, бзэ Iаджыми, пачъыхьэ Iаджыми яхьылIагъэу Тхьэм ежь игущыIэхэу угу къырилъхьагъэхэу, къэхъущт Iофхэм яхьылIагъэхэр цIыфхэм ябгъэIунхэ фае.

## Апокалипсис 11

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

**ШыхьатитIур**

1ЕтIанэ мэлэIич горэм шапхъэм фэдэу къамыл бэщ къыситыгъ. «КIуи,
Тхьэм иунэшхорэ къурмэншIыпIэмрэ къэши, Тхьэр ащ
щызгъэлъапIэхэрэр зыфэдизыр къызэгъашI», – къысиIуагъ. –
2«Ау Тхьэм иунэшхо ыкIыб дэлъ щагур къэпшынэу упымылъ, сыда пIомэ,
Тхьэм а щагур хымэ лъэпкъхэм къафигъэнагъ. Ахэмэ мэзэ тIокIитIурэ
тIурэм къэлэ лъапIэр аулъэгущт.
3Сэ сишыхьатитIу лъэкI ястыщт, ахэми шъыгъо щыгъынхэр ащыгъхэу,
мэфэ минрэ шъитIурэ тIокIищырэ Тхьэм ежь игущыIэхэу агухэм
къарилъхьэхэу, къэхъущт Iофхэм яхьылIагъэхэр агъэIущтых».
4Мы шыхьатитIур чIылъэм и Зиусхьан ыпашъхьэ ит зейтун
чъыгитIумрэ остыгъэ тетыпIитIумрэ ары.
5Зыгорэм иягъэ а шыхьатитIум аригъэкIынэу фаемэ, ахэмэ ажэ машIо
къыдэкIызэ, япыйхэр егъэкIодых. Ахэмэ зиягъэ язгъэкI зышIоигъор джары
зэрэлIэн фаер.
6А шыхьатитIум уашъор агъэпытэнэу тетыгъо яI, Тхьэм ахэмэ агухэм
къарилъхьэрэ гущыIэхэр къызщагъэIурэ мафэхэм къемыщхынэу. Псыр
лъы агъэхъунэу псыхэми тетыгъо афыряI, чIылъэм сыд щыщрэ къиныр
рагъэщэчынэуи зыщыфаехэ уахътэми тетыгъо яI.
7Ахэмэ яшыхьатыгъо заухыкIэ, чIылъэм икуупIэу чIэ зимыIэм къычIэкIырэ
хьэкIэ-къокIэжъыр ахэмэ къатебэнэнышъ, къатекIонышъ, къыукIыщтых.
8Ахэмэ яхьадэхэр къэлэшхоу цIыфхэм ти Зиусхьан къащым
зыщытыраIулIагъэм иурам телъыщтых. А къэлэшхом Содом е Мысыр
раIо, нэмыкI мэхьанэ къырагъэкIызэ.
9Хэгъэгу пстэуми, лIэкъо пстэуми, бзэ пстэуми, лъэпкъ пстэуми ащыщхэу
цIыфыбэ мэфищырэ ныкъорэм а хьадэхэм яплъыщтых, ау
чIалъхьажьынхэу адэщтэп.
10Дунаим тетхэр итIур зэрэлIагъэхэм пае, гушIощтых, тхъэжьыщтых.
Тынхэр зэфахьыщтых, сыда пIомэ, а пегъымбэритIумэ дунаим тет
цIыфхэм къин арагъэщэчыщтыгъ.
11Ау мэфищырэ ныкъорэм ыужым Тхьэм ахэмэ щыIэныгъэм ыпсэ
къахилъхьажьи, тIури алъакъохэм къатеуцожьыгъэх. Ахэр зылъэгъугъэ
пстэури щынэгъошхом хэфагъэх.
12ЕтIанэ а пегъымбэритIум зэхахыгъ уашъом къиIукIырэ макъэ горэм
къариIоу: «Мо шъукъыдэкIуай». Япыйхэр яплъызэ, ошъуапщэм хэтхэу,
ахэр уашъом дэкIоягъэх.
13А сыхьат дэдэм чIылъэр лъэшэу къэсысыгъ, къалэм ызыпшIани
зэхэтэкъуагъ. Аущтэу чIылъэр зэсысым, цIыф минибл хэкIодагъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

МыкӀодхэу къэнэжьыгъэхэри щынэгъошхом хэфагъэх, уашъом щыӀэ
Тхьэм щытхъушхуи фашӀыгъ.

14Аущтэу ятӀонэрэ сыхьатмыгъор блэкӀыгъ. Ящэнэрэ сыхьатмыгъори
къэкӀонкӀэ бэп иӀэжьыр.

**Яблэнэрэ бжъэмыешхор**

15ЕтӀанэ яблэнэрэ мэлэӀичыр ибжъэмыешхо къепщагъ. Джащыгъум
уашъом къиӀукӀыхэзэ мэкъэшхохэм къаӀуагъ: «Ти Зиусхьанрэ ежь и
Христосрэ мы дунаим тетыгъошхо фыряӀэ хъугъэ. Тхьэр ары егъашӀэм
тетыгъошхор зиӀэщтыр».

16Тхьэмэтэ нахьыжъхэу нэбгырэ тӀокӀырэ плӀырэу Тхьэм ыпашъхьэ
ятӀысыпӀэхэм атесхэм абгъэгукӀэ зырадзыхи, Тхьэр агъэлъапӀэзэ,
моущтэу аӀуагъ:

17«О зэкӀэ зыфызэшӀокӀырэ Зиусхьан Тхьэу, щыӀагъэу, джыри щыӀэм
щытхъущхо пфэтэшӀы, сыда пӀомэ, уилъэкӀышхо къэпштагъэу,
тетыгъошхо зэрэуиӀэр къэбгъэнэфагъ.

18Хымэ лъэпкъхэр губжыгъэх; о уигубжи къэлъэгъуагъ. Джы лӀагъэхэм
хьыкум затепшӀыхьащт уахътэр къэсыгъ. О къыпфэӀорышӀэрэ
пегъымбархэми, уицӀыф лъапӀэхэми, шӀолӀыкӀ къыпфызиӀэ цӀыфхэми,
цӀыкӀуми инми, яфэшъошэ ӀахьышӀур зябгъэгъотыщт уахътэри къэсыгъ.
ЧӀылъэр зыгъэкӀодырэ цӀыфхэр о зыбгъэкӀодыщт уахътэри къэсыгъ».

19Ащ нэужым Тхьэм иунэшхоу уашъом щыӀэр зэӀухыгъэ хъугъэ, Тхьэм
ежьыррэ цӀыфхэмрэ азыфагу дилъхьэгъэ зэзэгъыныгъэр
къэзыушыхьатырэ пхъуантэри къэлъэгъуагъ. ЕтӀанэ пчыкӀэхэр
къэджэгугъэх, мэкъэшхохэри, шыблэм игъогъо мэкъэшхохэри къэӀугъэх,
чӀылъэри къэсысыгъ, ошъушхохэри къехыгъэх.

## Апокалипсис 12

**Бзылъфыгъэмрэ блэгъожъымрэ**

1ЕтӀанэ уашъом нэшэнэ гъэшӀэгъон горэ къыщылъэгъуагъ: тыгъэр
шъуашэу щыгъэу, ылъакъохэр мазэм тетхэу, ышъхьэ телъ танджым
жъогъо пшӀыкӀутӀур тетэу бзылъфыгъэ горэ къэлъэгъуагъ.

2Бзылъфыгъэр лъэрмыхьыгъ, хъушъэн ихьагъэти, къинышхом хэтэу
куощтыгъ.

3ЕтӀанэ нэмыкӀ нэшэнэ гъэшӀэгъон горэ уашъом къыщылъэгъуагъ:
блэгъожъ ин плъыжьэу, шъхьибл зышӀотэу, бжъэкъуипшӀыри зытетыр
къэлъэгъуагъ. Шъхьэ пэпчъ зы тандж телъыгъ.

4ЫкӀэкӀэ жъуагъохэм азыщанэ уашъом къыщырилъэшъуажьи, чӀылъэм
къыридзыхыгъэх. Блэгъожъыри хъушъэн ихьэгъэ бзылъфыгъэм
ыпашъхьэ къиуцуагъ, сабыир къызэрэхъоу ыдырыным пае.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)

5Зы кӀэлэхъу къыфэхъугъ. Ащ дунаим тет лъэпкъ пстэури гъучӀ бэщкӀэ
ыгъэӀорышӀэн фэягъ. А сабыир Тхьэмрэ Тхьэм итӀысыпӀэ лъапӀэрэ адэжь
даӀэтэягъ.

6Бзылъфыгъэм кӀитхъужьи, шъоф нэкӀым Тхьэм ащ щыфигъэхьазырыгъэ
чӀыпӀэм кӀуагъэ. Ащ мэфэ минрэ шъитӀурэ тӀокӀищырэ щагъэшхэщт.

7Уашъом зао щыхъугъ. Михаилрэ ащ имэлэӀичхэмрэ блъэгъожъым
езэуагъэх, блэгъожъыри ащ имэлэӀичхэри ахэмэ къязэожьыгъэх.

8Блэгъожъыр Михаил фырикъугъэп, уашъомкӀи блэгъожъымрэ
имэлэӀичхэмрэ чӀыпӀэ къафэнэжьыгъэп.

9Блэгъожъ иныр чӀылъэм къырадзыхыгъ – иблысэу ыкӀи шэйтанэу
зыфаӀорэ блэжъэу дунаим тет цӀыф пстэури дэзыхьыхырэр ары. Ари ащ
имэлэӀичхэри чӀылъэм къырадзыхыгъэх.

10ЕтӀанэ уашъом мэкъэшхо горэ къиӀукӀи, моущтэу къыӀоу зэхэсхыгъ:
«Джы тымыкӀодэу ти Тхьэ тыкъыгъэнэжьыгъ. Джы ти Тхьэ илъэкӀышхорэ
итетыгъошхорэ къэлъэгъуагъэх, Тхьэм и Христос ыкӀочӀэшхуи
къэлъэгъуагъ. Сыда пӀомэ, тшыхэр зыгъэмысэу, Тхьэм ыпашъхьэ чэщи
мафи ахэр щызгъэмысэрэр чӀылъэм къырадзыхыгъ.

11Тшыхэр Шъынэм лъэу кӀэкӀыгъэмкӀи, Тхьэм игущыӀэхэм шыхьат
зэрафэхъугъэхэмкӀи шэйтаным текӀуагъэх. Ахэр лӀэныгъэм игъунэгъу
хъугъэхэми, ежьхэм апсэхэм ашъхьасыгъэхэп.

12Арышъ, шъо, уашъохэри, шъо, уашъохэм ащыпсэухэри, шъугушӀу! Ау
шъо, чӀыри хыри, гъогу мыгъо шъутеуцуагъ, сыда пӀомэ, иблысыр
къышъуфехыгъ. Губжышхо ыгу илъ, ежь къыфэнэжьырэ уахътэр
зэрэмакӀэр ешӀэшъ».

13Блэгъожъым ежь чӀылъэм къызэрэрадзыхыгъэр зелъэгъум, кӀэлэхъур
къызфэхъугъэ бзылъфыгъэм ыуж ихьагъ.

14Бгъашхъом ытэмитӀу бзылъфыгъэм къыратыгъ, блэжъым ыпашъхьэ
икӀыжьынышъ, Тхьэм шъоф нэкӀым щыфигъэхьазырыгъэ чӀыпӀэм
быбыным пае. Ащ илъэсищрэ ныкъорэм а бзылъфыгъэр щагъэшхэщт.

15Ащ дэжьым бзылъфыгъэр псым ригъэхьыным пае, псыхъом фэдэу
блэжъым ыжэ псыр къыдиутхыгъ.

16Ау чӀыр бзылъфыгъэм дэӀэпыӀи, ыжэ зэӀуихи, блэгъожъым ыжэ
къыдиутхыгъэ псыхъор ришъугъ.

17Джащыгъум блэгъожъыр бзылъфыгъэм лъэшэу фэгубжи,
бзылъфыгъэм къытекӀыгъэ нэмыкӀ лъфыгъэу иӀэхэм язэонэу кӀуагъэ, ахэр
Тхьэм иунашъохэр зыгъэцакӀэхэрэри Исус Христос шыхьат фэхъухэрэри
ары.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

# Апокалипсис 13

### ХьэкIэ-къокIэжъитIур

1ХыIушъом сыIутэу, хьэкIэ-къокIэжъ горэ хым къыхэкIэу слъэгъугъэ.
Шъхьибл шIотыгъ, бжъэкъуипшIи тетыгъ. Ыбжъакъохэм ателъыгъ
танджипшI, ышъхьэхэм – Тхьэм зэрехъонхэрэ цIэхэр.

2ХьэкIэ-къокIэжъэу слъэгъугъэр хьашыумышым фэдагъ, ау ылъакъохэр
мышъэ лъакъохэм афэдагъэх, ыжи аслъаным ыжэ фэдагъ. Блэгъожъым
ежь илъэкI, итIысыпIэ, итетыгъошхо хьэкIэ-къокIэжъым ритыгъэх.

3ХьэкIэ-къокIэжъым ышъхьэхэм язым ежь зырылIыкIын уIагъэ иIэм
фэдагъ, ау а уIагъэр хъужьыгъагъэ. ЧIылъэм тет цIыф пстэури
лъыкIощтыгъэх а хьэкIэ-къокIэжъыр агъэшIагъоу. ЦIыфхэм блэгъожъыр
агъэлъэпIагъ, ащ хьэкIэ-къокIэжъым тетыгъо зэрэритыгъэм пае.

4ХьэкIэ-къокIэжъыри агъэлъапIэзэ аIуагъ: «ХьэкIэ-къокIэжъым хэта
фэдэр? Хэта езэон зылъэкIыщтыр?»

5ХьэкIэ-къокIэжъым гущыIэ пагэхэр къыIонхэуи, Тхьэм ехъонынэуи, мэзэ
тIокIитIурэ тIурэ тетыгъо иIэнэуи фит хъугъэ.

6Тхьэми, Тхьэм ыцIи, чIыпIэу Тхьэр зыдэщыIэми, уашъом щыIэ пстэуми
яхъонынэу ыжэ зэтырихыгъ.

7Тхьэм ицIыф лъапIэхэми язэонэу ыкIи атекIонэу фит хъугъэ. ЛIэкъо
пстэуми, хэгъэгу пстэуми, бзэ пстэуми, лъэпкъ пстэуми тетыгъо
афыриIэнэу фит хъугъэ.

8Тхьэм дунаир къызигъэхъугъэм щегъэжьагъэу цIыфхэу зыцIэхэр
шIобзыгъэ Шъынэм итхылъ итхэу, мыкIодыжьын щыIэныгъэ зыгъотыщт
пстэуми анэмыкIэу, дунаим тет цIыф пстэуми хьэкIэ-къокIэжъыр
агъэлъэпIэщт.

9ТхьакIумэ зиIэм зэхерэх.

10ЦIыфхэр хьапсым чIэзыдзэрэр хьапсыми чIадзэщт. ЧатэкIэ зыукIырэри
чатэкIэ аукIыжьыщт. Арышъ, Тхьэм ицIыф лъапIэхэм теубытагъэрэ
шъыпкъагъэрэ ярэI.

11ЕтIанэ нэмыкI хьэкIэ-къокIэжъ горэ чIы чIэгъым къычIэкIэу слъэгъугъэ.
Шъынэм ыбжъакъохэм афэдэу бжъэкъуитIу тетыгъ, ау блэгъожъым
фэдэу къэгущыIагъ.

12Мы ятIонэрэ хьэкIэ-къокIэжъым апэрэ хьэкIэ-къокIэжъым итетыгъо зэкIэ
иIэу, ащ ыпашъхьэ Iоф щишIагъ, чIылъэми чIылъэм тет цIыфхэми зэкIэ
апэрэ хьэкIэ-къокIэжъэу зиуIагъэ хъужьыгъагъэр аригъэгъэлъэпIагъ.

13ЯтIонэрэ хьэкIэ-къокIэжъым нэшэнэ гъэшIэгъонхэри
къыгъэлъэгъуагъэх. ЦIыфмэ апашъхьэ уашъом къикIэу машIо чIылъэм
къыщыригъэхыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

14Апэрэ хьэкlэ-къокlэжъым ыпашъхьэ нэшэнэ гъэшlэгъонхэр
къыгъэлъэгъонхэу ятlонэрэ хьэкlэ-къокlэжъыр фит зэрэхъугъэм пае,
дунаим тет цlыфхэр дихьыхыгъэх. Апэрэ хьэкlэ-къокlэжъэу чэтэ уlагъэ
зытелъыгъэу, ау етlанэ хъужьыгъагъэр агъэлъэпlэным пае, ятlонэрэ
хьэкlэ-къокlэжъым дунаим тет цlыфхэм сурэт фаригъэшlыгъ.

15Апэрэ хьэкlэ-къокlэжъым исурэт псэ хилъхьанэу ятlонэрэ хьэкlэ-
къокlэжъыр фит хъугъэ. Аущтэу а сурэтыр къэгущыlагъ, ежь
зыгъэлъэпlэнэу зымыдэхэрэри аукlынхэу а сурэтым унашъо ышlыгъ.

16Ятlонэрэ хьэкlэ-къокlэжъым цlыф пстэуми, цlыкlуми инми, байми
тхьамыкlэми, шъхьафитми пщылlми аlэ джабгъухэм е анатlэхэм тамыгъэ
атыраригъэдзагъ.

17А тамыгъэр темыдзагъэмэ, зыми ыщэни къыщэфыни фитыгъэп. А
тамыгъэм хьэкlэ-къокlэжъым ыцlэ е ыцlэ ипчъагъэ итыгъ.

18Цlыфмэ акъылышlу ярэl. Акъыл зиlэм хьэкlэ-къокlэжъым ипчъагъэ
ерэлъыт, сыда пlомэ, зы цlыфым ипчъагъэ джары. А пчъагъэр шъихырэ
тlокlищырэ хырэ мэхъу.

## Апокалипсис 14

### Нэбгырэ минишъэрэ тlокlитlурэ плlырэм орэдэу къаlорэр

1Етlанэ сызэплъэм, Цион lуашъхьэм Шъынэр тетэу слъэгъугъэ. Шъынэм
ыцlэрэ ащ я Тэ ыцlэрэ зынатlэ тетхагъэхэу нэбгырэ минишъэрэ
тlокlитlурэ плlырэ игъусагъэх.

2Етlанэ псышхо къиугъабэмэ амэкъэшхорэ шыблэ гъогъо мэкъэшхорэ
афэдэу макъэ горэ уашъом къиlукlэу зэхэсхыгъэ. Мэкъэшхоу зэхэсхыгъэр
шыкlэпщынэм къырагъаlорэ орэдмакъэм фэдагъ.

3Тlысыпlэ лъапlэм, псэушъхьиплlым, тхьэмэтэ нахьыжъхэм апашъхьэ
орэдыкlэ къыщаlуагъ. Нэбгырэ минишъэрэ тlокlитlурэ плlырэм анэмыкlэу
а орэдыр зыми зэригъэшlэн ылъэкlыгъэп. Мы дунаим ицlыфхэм
ащыщхэу ахэр ары Шъынэм зышъхьэ къыщэфыжьыгъэхэр.

4Мыхэр ары бзылъфыгъэхэмкlэ зызымыгъэушlоигъэхэр, сыда пlомэ, ахэр
къэзымыщэгъэ-дэмыкlуагъэхэм афэдэх. Шъынэр тыдэ кlоми, лъэкlох.
Мыхэр ары апэрэхэу, Шъынэм цlыфхэм къахищыхи, зышъхьэхэр
къыщэфыжьыгъэхэу, Тхьэмрэ ежьыррэ апае ыгъэнэфагъэхэр.

5Ахэмэ ажэ пцlы зыхэлъ гущыlэ зи къыдэкlыгъэп. Лажьэ зи яlэп.

### Мэлэlичищым къэбархэу къаlохэрэр

6Ащ нэужым нэмыкl мэлэlич горэ ошъогум щыбыбэу слъэгъугъэ. Дунаим
тет цlыф пстэуми, лъэпкъ пстэуми, лlэкъо пстэуми, бзэ пстэуми, хэгъэгу
пстэуми аригъэlунэу Тхьэм икъэбарышlоу мыкlодыжьыщтыр а мэлэlичым
къыхьыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)

7Мэкъэшхокӏэ къыӏуагъ: – Тхьэм шъущыщын, щытхъушхуи фэшъушӏ,
сыда пӏомэ, Тхьэм цӏыф пстэуми хьыкум затыришӏыхьащт сыхьатыр
къэсыгъ. Уашъори, чӏыри, хыри, псыхэм якъэкӏуапӏэхэри къэзгъэхъугъэр
жъугъэлъапӏэ.

8А мэлэӏичым нэмыкӏ мэлэӏич кӏэлъыкӏуи, къыӏуагъ: – Къэлэшхор
зэхакъутагъ. Къэлэшхоу Бабилэн зэхакъутагъ. А къэлэшхом ихъопсэ
ӏаехэмрэ изинэрэ ясэнэпскӏэ лъэпкъ пстэури ыгъэутэшъуагъэх.

9А мэлэӏичитӏумэ акӏэлъыкӏозэ, ящэнэрэ мэлэӏич горэми мэкъэшхокӏэ
моущтэу къыӏуагъ: – Цӏыф горэм хьэкӏэ-къокӏэжъымрэ ащ исурэтымрэ
ыгъэлъапӏэхэу, хьэкӏэ-къокӏэжъым итамыгъэ ынатӏэ е ыӏэ тедзагъэмэ,

10ари Тхьэм игубж исэнэпс дыдж ешъощт. А сэнэпсэу псы зыхэмытыр
Тхьэм игубж ишъуалъэ хьазырэу ит. Мэлэӏич лъапӏэхэмрэ Шъынэмрэ
апашъхьэ машӏомрэ тхъомзашхъомрэ ахэтэу а цӏыфым къинышхо
ыщэчыщт.

11Къинышхо язгъэщэчырэ машӏом иӏугъо егъашӏэм къыпихэу, уашъом
дэкӏоещт. Цӏыфхэу хьэкӏэ-къокӏэжъри ащ исурэти зыгъэлъапӏэхэрэм чэщи
мафи гъэпсэфыгъо агъотыщтэп. Ащ фэдэу, хэти хьэкӏэ-къокӏэжъым ыцӏэ
зэрыт тамыгъэ зытедзагъэм чэщи мафи гъэпсэфыгъо ыгъотыщтэп.

12Арышъ, Тхьэм ицӏыф лъапӏэхэу ежь иунашъохэр зыгъэцакӏэхэу, Исуси
шъыпкъагъэ фызиӏэхэм теубытагъэ ярэӏ.

13Етӏанэ макъэ горэм моущтэу къыӏоу уашъом къиӏукӏэу зэхэсхыгъ: – Тхы:
Джы щегъэжьагъэу Зиусхьаныр зыгу илъхэу лӏэхэрэр гъогу мафэ
теуцуагъэх. – Ар шъыпкъэ, – еӏо Тхьэм ы Псэ Лъапӏэ. – Яӏоф аухыгъэу
загъэпсэфыщт, сыда пӏомэ, яшӏушӏагъэхэр агъотыжьыщтых.

**Хыныгъор къэсыгъэу, мэлэӏичхэм лэжьыгъэр къызэрахырэр**

14Етӏанэ сызэплъэм, ошъопщэ фыжь слъэгъугъэ. Ошъуапщэм хэсэу
«Цӏыф Лъэпкъым ы Къо» фэдэу, зыгорэ слъэгъугъэ. Ышъхьэ дышъэм
хэшӏыкӏыгъэ тандж телъыгъ, ыӏэкӏи гъупчъэ чан горэ ыӏыгъыгъ.

15Етӏанэ нэмыкӏ мэлэӏич горэ Тхьэм иунэшхо къычӏэкӏи, ошъуапщэм
хэсым мэкъэшхокӏэ риӏуагъ: «Гъупчъэр шти, хы, сыда пӏомэ, чӏылъэм
илэжьыгъэ къэхъугъ, хыныгъори къэсыгъ».

16Етӏанэ ошъуапщэм хэсым игъупчъэкӏэ чӏылъэм щыхи, чӏылъэм
илэжьыгъэ ыугъоижьыгъ.

17Нэмыкӏ мэлэӏич горэ Тхьэм иунэшхоу уашъом щыӏэм къычӏэкӏыгъ. Ащи
гъупчъэ чан горэ ыӏэкӏэ ыӏыгъыгъ.

18Етӏанэ нэмыкӏ мэлэӏичэу машӏом тетыгъо фызиӏагъэр къурмэншӏыпӏэм
къыӏукӏи, гъупчъэ чанэр зыӏыгъым мэкъэшхокӏэ риӏуагъ: «Чӏылъэм исэнэ

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)

къулэхэм апыт сэнашъхьэхэр къэхъугъэшъ, уигъупчъэ чан шти,
къыпыупкӀых».

[19]ЕтӀанэ мэлэӀичым игъупчъэкӀэ чӀылъэм щыӀэ сэнашъхьэхэр
къыпиупкӀыхи, Тхьэм игубж исэнэ фызэлъэшхо ритэкъуагъэх.

[20]Къэлэшхом ыкӀыб щыӀэ сэнэ фызалъэм сэнашъхэхэр щафызыгъэх.
Шыхэм яшхоӀумэ анэсэу, стадие минрэ шъихырэ икӀыхьагъэу сэнэ
фызалъэм лъы къыдэкӀыгъ.

## Апокалипсис 15

### МэлэӀичхэм аужырэ къинышхохэр къызэрахьыхэрэр

[1]Ащ нэужым нэмыкӀ нэшанэ ин ыкӀи гъэшӀэгъон уашъом щыслъэгъугъ:
мэлэӀичиблымэ аужырэ къинышхуиблыр къахьэу слъэгъугъэ. АхэмкӀэ
Тхьэм игубж ухыгъэ мэхъу.

[2]ЕтӀанэ зэхэкӀухьэгъэ машӀомрэ апчымрэ ахэшӀыкӀыгъэу, хым итеплъэ
иӀэу зыгорэ слъэгъугъэ. ХьэкӀэ-къокӀэжъым, ащ исурэт, ащ ыцӀэ
ипчъагъэ атекӀогъэгъэ цӀыфхэр апчым хэшӀыкӀыгъэ хым Ӏутыгъэх. Тхьэм
аритыгъэ шыкӀэпщынэхэр аӀыгъхэу ежъыухэзэ,

[3]пегъымбар Мусэу Тхьэм фэӀорышӀэрэмрэ Шъынэмрэ яорэд къаӀощтыгъ.
«О зэкӀэ зыфызэшӀокӀырэ Зиусхьанэу Тхьэр, Ӏофхэу бгъэцакӀэхэрэр
Ӏофышхох ыкӀи Ӏоф гъэшӀэгъоных. Уигъогухэри гъогу зафэх ыкӀи гъогу
шъыпкъэх, о цӀыф лъапӀэхэм уряпачъыхь.

[4]О Зиусхьан, къыпщымыщынэрэ цӀыфи, щытхъушхо къыпфэзымышӀи зи
щыӀэп. Сыда пӀомэ, лъэпӀэ закъоу щыӀэр оры. ШъыпкъагъэкӀэ хьыкум
зэрэпшӀырэр нафэ зэрэхъугъэм пае, лъэпкъ пстэури уапашъхьэ
къихьанхэшъ, уагъэлъэпӀэщт».

[5]ЕтӀанэ сызэплъэм, Тхьэм иунэшхоу шыхьатныгъэм ичэтэнгъэӀагъэ ипчъэ
зэӀухыгъэу уашъом щыслъэгъугъ.

[6]МэлэӀичхэу къинышхуиблыр къэзыхьыхэрэр Тхьэм иунэшхо
къычӀэкӀыгъэх. Щыгъын фыжьыбзэхэр лыдхэу ащыгъыгъэх, дышъэм
хэшӀыкӀыгъэ бгырыпххэри абгыхэм арылъыгъэх.

[7]ЕтӀанэ Ӏэгубжъиблэу дышъэм хэшӀыкӀыгъэхэу, Тхьэу егъашӀэм
щыӀэщтым игубж зэрытхэр псэушъхьиплӀымэ языρэм мэлэӀичиблымэ
аритыгъэх.

[8]Тхьэм ищытхъушхорэ илъэкӀышхорэ яӀугъо Тхьэм иунэшхо чӀизы хъугъэ.
МэлэӀичиблымэ къахьырэ къинышхуиблыр аухыфэ, цӀыф Тхьэм иунэшхо
чӀэхьан ылъэкӀыгъэп.

## Апокалипсис 16

### Ӏэгубжъэхэу Тхьэм игубж зэрытхэр

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышӏур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

1ЕтIанэ мэкъэшхо горэ Тхьэм иунэшхо къычIэIукIэу, мэлэIичиблым къариIоу зэхэсхыгъ: «Шъукlуи, Тхьэм игубжэу Iэгубжъиблым арытыр чIылъэм тешъукl».

2Апэрэ мэлэIичыр кIуи, иIэгубжъэ итыр чIылъэм тырикIагъ. Джащыгъум хьэкIэ-къокIэжъым итамыгъэ зынатIэ тедзэгъэ цIыфхэу ащ исурэт зыгъэлъапIэхэрэм гущыкIыгъохэу щын зыхэлъ уIагъэхэр ателъ хъугъэ.

3ЯтIонэрэ мэлэIичыми иIэгубжъэ итыр хым хикIагъ. Ащ дэжьым хыр цIыф лIагъэм ылъ фэдэу хъуи, хым хэсхэу, псэ пыт пстэури лIагъэ.

4Ящэнэрэ мэлэIичыми иIэгубжъэ итыр псыхъохэмрэ псынэхэмрэ ахикIагъ. Ахэри лъы хъугъэх.

5ЕтIанэ псыхэм тетыгъо афызиIэ мэлэIичым моущтэу къыIоу зэхэсхыгъ: «О Зиусхьанэу щыIагъэу ыкIи щыIэр, о узаф ыкIи улъапI, аущтэу хьыкумхэр зэрэпшIыгъэхэм пае,

6сыда пIомэ, цIыф бзаджэхэм уицIыф лъапIэхэмрэ уипегъымбархэмрэ алъ зэрагъэчъагъэм пае, лъы ебгъэшъуагъэх. Ар ахэмэ яфэшъуаш».

7ЕтIанэ къурмэншIыпIэм къиIукIэу макъэ горэм къыIоу зэхэсхыгъ: «Ары, о, зэкIэ зыфызэшIокIырэ Зиусхьанэу Тхьэр, цIыфхэм хьыкум зэратепшIыхьэрэр шъыпкъэ ыкIи зафэ».

8ЯплIэнэрэ мэлэIичыми иIэгубжъэ итыр тыгъэм тырикIагъ. Тыгъэми машIокIэ цIыфхэр ыгъэстынхэу фит хъугъэ.

9Аущтэу зэхъум, тыгъэм цIыфхэр фэбэшхокIэ ыгъэстыгъэх. Ахэр мы къинышхомэ тетыгъо афызиIэ Тхьэм ыцIэ ехъоныгъэх, япсэкIодшIагъэхэм афыкIэгъожьыгъэхэп, Тхьэм щытхъу фашIынэуи адагъэп.

10ЕтIанэ ятфэнэрэ мэлэIичым иIэгубжъэ итыр хьэкIэ-къокIэжъым итIысыпIэ тырикIагъ. Джащыгъум хьэкIэ-къокIэжъым итетыгъо къэушIункIыгъ. Узышхо зэряIэм пае, цIыфхэр абзэгухэм яцэкъэжьыщтыгъэх.

11Къинэу ащэчыгъэхэмрэ уIагъэхэу ателъыгъэхэмрэ апае уашъом щыIэ Тхьэм ехъоныгъэх, яIофхэми афыкIэгъожьыгъэхэп.

12ЕтIанэ яхэнэрэ мэлэIичым иIэгубжъэ итыр Евфрат псыхъошхом хикIагъ. Джащыгъум тыгъэ къокIыпIэмкIэ къикIырэ пачъыхьэхэм гъогу аритынэу псыхъошхор игъукIыгъ.

13Ащ нэужым блэгъожъым ыжэ, хьэкIэ-къокIэжъым ыжэ, пегъымбар нэпцIым ыжэ хьантIаркъохэм афэдэхэу джынэпцIищ Iае къадэкIыхэу слъэгъугъэ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

14Мыхэр нэшэнэ гъэшIэгъонхэр къэзгъэлъагъорэ джынапцIэх. ЗэкIэ
зыфызэшIокIырэ Тхьэм имэфэшхо зэонхэу, тыдэкIи дунаим
ипачъыхьэхэм адэжь кIохэзэ, ахэр аугъоих.

15(Исус еIо:) «Мары, амышIахэу тыгъуакIом фэдэу сыкъэкIощт. ЦIыфхэм
алъэгъоу, пцIанэу, укIытэжьэу къымыкIухьаным пае, мычъыеу, сакъэу
зищыгъынхэр зыухъумэрэр гъогу мафэ теуцуагъ».

16ЕтIанэ джуртыбзэкIэ Армагеддон зыцIэ чIыпIэм а джынапцIэхэм
пачъыхьэхэр щаугъоигъэх.

17ЕтIанэ яблэнэрэ мэлэIичым иIэгубжъэ итыр жьыбгъэм хикIагъ.
Джащыгъум Тхьэм иунэшхо чIэт тIысыпIэ лъапIэм дэжь мэкъэшхо горэ
къиIукIи, къыIуагъ: «Iофыр ухыгъэ».

18ЕтIанэ пчыкIэхэр къэджэгугъэх, шыблэ гъогъо мэкъэшхохэри къэIугъэх,
чIылъэри лъэшэу къэсысыгъ. ЦIыфхэр дунаим къызытехьагъэхэм
щегъэжьагъэу чIылъэр ащ фэдэу егъашIэми сысыгъэп.

19Аущтэу къэлэшхор щэ гощыгъэу зэхэкIыгъ, хымэ лъэпкъхэм якъалэхэри
зэхэкъутагъэх. Тхьэм къэлэшхоу Бабилэн ицIыфхэр ыгу зэрилъхэу ежь
ишъуалъэ ит сэнэпсым ригъэшъуагъэх, Тхьэм игубжышхо исэнэпс дыдж
ары зэригъэшъуагъэхэр.

20Хыгъэхъунэ пстэури кIодыгъэ, Iуашъхьэхэри агъотыжьыгъэхэп.

21Ошъу цэшхохэр уашъом къехыхи, цIыфмэ къатефагъэх. Зы ошъуцэм
килограмм шъэныкъо фэдиз ионтэгъогъагъ. ОшъухэмцIыфмэ къин
зэрарагъэщэчыгъэм пае, цIыфхэр Тхьэм ехъоныгъэх, сыда пIомэ, а
къиныр бэу къинышхуагъ.

## Апокалипсис 17

### ХьэкIэ-къокIэжъым тес бзылъфыгъэр

1ЕтIанэ Iэгубжъиблыр зыIыгъырэ мэлэIичиблым язырэр къакIуи, моущтэу
къысиIуагъ: – Моу къакIо, Тхьэм бзылъфыгъэ хэтэкIошхоу псыбэмэ
аIутым къинэу тырилъхьащтыр озгъэлъэгъущт.

2Дунаим ипачъыххьэхэм а бзылъфыгъэм зинэ дашIагъ, ащ изинэ
исэнэпсыкIэ чIылъэм тет цIыфхэри утэшъуагъэх.

3Ащ нэужым Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ къысфехи, мэлэIичым шъоф нэкIым
сищагъ. Ащ дэжьым хьэкIэ-къокIэжъ плъыжь чIапцIэм тесэу бзылъфыгъэ
горэ щыслъэгъугъ. А хьэкIэ-къокIэжъым Тхьэм зэрехъонырэ цIэхэр бэу
темыфэжьхэу телъыгъэх, шъхьибли шIотыгъ, бжъэкъуипшIи тетыгъ.

4Бзылъфыгъэм щыгъыгъэхэри плъыжьыбзагъэх, плъыжь чIэпцIагъэх,
дышъэмкIи, мыжъо лъапIэхэмкIи, налмэс-налкъутэхэмкIи
зигъэкIэрэкIэгъагъ. ГущыкIыгъохэмрэ изинэ шIоигъэрэ изхэу, дышъэм
хэшIыкIыгъэу шъуалъэ горэ ыIыгъыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

5 ЫнатIи цIэ горэ тетхагъ: Мыр шъэфы. Мыр Бабилэнышхоу бзылъфыгъэ хэтэкIо пстэухэмрэ чIылъэм игущыкIыгъохэмрэ ян.

6 А бзылъфыгъэр Тхьэм ицIыф лъапIэхэмрэ Исус шыхьат фэхъугъэхэмрэ алъыкIэ утэшъуагъэу слъэгъугъэ. А бзылъфыгъэр зысэлъэгъум, лъэшэу згъэшIэгъуагъэ.

7 Джащыгъум мэлэIичым моущтэу къысиIуагъ: – Сыда зыкIэбгъэшIагъорэр? Бзылъфыгъэмрэ ар зытес хьэкIэ-къокIэжъэу шъхьибл зышIотэу, бжъэкъуипшIи зытетымрэ къарыкIырэр къыосIон.

8 ХьэкIэ-къокIэжъэу плъэгъугъэр щыIагъ, ау джы щыIэжьэп. ЧIылъэм икуупIэу чIэ зимыIэм къычIэкIыщт ежь икIодыпIэ кIоным пае. Дунаим тет цIыфхэу Тхьэм дунаир къызигъэхъугъэм къыщегъэжьагъэу мыкIодыжьын щыIэныгъэ зыгъотыщтхэм ацIэхэр зэрыт тхылъым чIылъэм тет цIыфхэу зыцIэхэр имытхэм а хьэкIэ-къокIэжъыр залъэгъукIэ, агъэшIэгъощт, сыда пIомэ, хьэкIэ-къокIэжъыр щыIагъ, джы щыIэжьэп, ау къэлъэгъожьыщт.

9 – Акъылышlу цIыфмэ ярэI. А шъхьиблымэ къарыкIырэр бзылъфыгъэр зытес Iошъхьиблыр ары.

10 Ащ нэмыкIэу а шъхьиблымэ къарыкIырэр пачъыхьиблыр ары. А пачъыхьэхэм ащыщхэу тфыр къефэхыгъэх, зыр щыI, зыри джыри къэкIогъэгоп. Ари къызыкIокIэ, тIэкIурэ тетыгъо иIэщт.

11 ХьэкIэ-къокIэжъэу щыIагъэу, джы щымыIэжьым къикIырэр яенэрэ пачъыхьэр ары. Ар пачъыхьиблымэ ащыщ, икIодыпIи мэкIожьы.

12 – БжъэкъуипшIэу плъэгъугъэхэм къарыкIырэр джыри тетыгъо зымыгъотыгъэ пачъыхьипшIыр ары. Ахэр хьэкIэ-къокIэжъым игъусэхэу зы сыхьат закъокIэ пачъыхьэ тетыгъо къалъыIэсыщт.

13 Ахэмэ ягухэлъ зы, ялъэкIи ятетыгъуи хьэкIэ-къокIэжъым ратыщт.

14 Ахэр Шъынэм къеззэощтых, ау Шъынэр ахэмэ атекIощт, сыда пIомэ, ар зиусхьанхэм я Зиусхьаныжь, пачъыхьэхэми я Пачъыхьэжь. Ежь къызэджэгъэ цIыфхэу, къыхихыгъэхэу, ежь фэшъыпкъэхэр игъусэщтых.

15 ЕтIанэ мэлэIичым моущтэу къысиIуагъ: – Бзылъфыгъэ хэтакIор зыдэщыIэрэ псыбэу плъэгъугъэхэм къарыкIырэр цIыф купышхохэри, хэгъэгухэри, лъэпкъхэри, бзэхэри ары.

16 Плъэгъугъэ хьэкIэ-къокIэжъымрэ бжъэкъуипшIымрэ бзылъфыгъэ хэтакIор ауджэгъущт. Ащ иIэ пстэури тырахынышъ, пцIанэу къагъэнэщт. Ыпкъи ашхыщт, къэнагъэри машIокIэ агъэстыщт.

17 Сыда пIомэ, Тхьэм игухэлъ агъэцэкIэнэу агухэм къарилъхьагъ. Аущтэу Тхьэм игущыIэхэр къэшъыпкъэжьыфэ, ахэмэ а зы гухэлъыр зэдашIэу ятетыгъо хьэкIэ-къокIэжъым ратыщт.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

[18]Бзылъфыгъэу плъэгъугъэм къикIырэр къэлэшхоу дунаим ипачъыхьэхэм тетыгъо афызиIэр ары.

# Апокалипсис 18

**Тхьэм Бабилэн къэлэшхор зэрэзэхикъутэрэр**

[1]Ащ нэужым нэмыкI мэлэIич горэ уашъом къехэу слъэгъугъэ. Тетыгъошхо иIагъ, нэфынэшхоу къэзыуцухьагъэми дунаир къыгъэнэфыгъ.

[2]ЛъэкI зиIэ макъэкIэ моущтэу къыIуагъ: «Къэлэшхор зэхакъутагъ. Къэлэшхоу Бабилэн зэхакъутагъ. Джынэхэм яунэ хъугъэ, сыд щыщырэ джынэпцIэ Iаехэми, гущыкIыгъо бзыу шIойхэми япсэупIэ хъугъэ, сыда пIомэ, а къэлэшхом ихъопсэ Iаехэмрэ изинэрэ ясэнэпскIэ лъэпкъ пстэури ыгъэутэшъуагъ.

[3]Дунаим ипачъыхьэхэми а къэлэшхом зинэ дашIагъ. А къэлэшхор мы дунаим имылъкухэмкIэ зэрэнэепсыем пае, дунаим ищэн-щэфакIохэр баи хъугъэх».

[4]ЕтIанэ уашъом къиIукIэу нэмыкI макъэ горэм моущтэу къыIоу зэхэсхыгъэ: «Шъо, сицIыфхэр, а къэлэшхом ипсэкIодхэмкIэ Iахь шъуимыIэным пайй, къинышхоу ыщэчыщтхэр шъумыщэчынхэм пайй, а къалэм шъукъыдэкI,

[5]сыда пIомэ, а къалэм ипсэкIодхэр зэтелъхьагъэхэу уашъом нэсыгъэх, бзэджагъэу ышIагъэхэри Тхьэм ыгу икIыжьыщтхэп.

[6]А къалэр шъо къызэрэжъудэзекIуагъэм фэдэу, шъори ащ шъудэзекIожь. Ащ бзэджагъэу ышIагъэхэр фэдитIоу ешъушIэжь. Сэнэпсэу шъуишъуалъэ къышъуфыригъэхъуагъэм идыджыгъэ фэдитIоу сэнэпс дыдж ишъуалъэ фижъугъэхъожь.

[7]Щытхъушхорэ баиныгъэшхорэ ежь зэрэзыфигъэшъошагъэм фэдэу, къин щэчынырэ гукъаорэ ежъугъэгъотыжь. Сыда пIомэ, ыгукIэ моущтэу еIо:

„Сэ сыпачъыхьэ бзылъфыгъэу мыщ дэжьым сыщыс. Сэ сышъузабэп, шъыгъоныгъи ныбжьи слъэгъущтэп“.

[8]Ащ пае а зы мафэм къинышхохэм ахэфэщт: лIэныгъи, шъыгъони, гъабли. МашIомкIи стыжьыщт, сыда пIомэ, Зиусхьан Тхьэу а къалэм хьыкум тезышIыхьэрэм лъэкIышхо иI».

[9]Дунаим ипачъыхьэхэу зинэ дэзышIагъэхэу, ибаиныгъэшхокIэ дэпсэухэрэм а къэлэшхор зыгъэстырэ машIом иIугъо залъэгъукIэ, гъыщтых, пыхьащтых.

[10]А къэлэшхом къинышхоу ыщэчырэм пае, а пачъыхьэхэр щынагъом хэфэщтых, чыжьэу щытхэу, моущтэу къаIощт: «О Бабилэн къэлэшхоу, лъэкI зиIэр, гъогу мыгъо утеуцуагъ, гъогу мыгъо утеуцуагъ, сыда пIомэ, а зы сыхьатым уифэшъуашэр уагъэпщыныжьыгъ».

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

11А къэлэшхор Тхьэм зэрэзэхикъутагъэм пае, дунаим ищэн-щэфакIохэр
гъыщтых ыкIи шъыгъощтых, сыда пIомэ, ахэмэ ащэхэрэр зыми
ыщэфыжьхэрэп.

12Ядышъи, ятыжьыни, ямыжъо лъапIэхэри, яналмэс-налкъутэхэри зыми
ыщэфыжьхэрэп; чэтэнхэри, шэкI плъыжьыбзэхэри, шэкI плъыжь
чIапцIэхэри, данэхэри зыми ыщэфыжьхэрэп; мэ IэшIу зыпихырэ
пхъэхэри, яIэшIагъэхэу пыл къупшъхьэм, пхъэ лъапIэм, гъуаплъэм,
гъучIым, мраморым ахашIыкIыгъэхэри зыми ыщэфыжьхэрэп;

13мэ Iэшlу зыпихырэ уцхэу синнамон, смирнэ, ладан зыцIэхэри, мэ Iэшlу
зыпихырэ дагъэри, сэнэпсри, зейтун дагъэри, хьаджыгъэ дэгъури, коцыри
зыми ыщэфыжьхэрэп; былымхэри, мэлхэри, шыхэри, кухэри зыми
ыщэфыжьхэрэп; пщылIхэри зыми ыщэфыжьхэрэп.

14ЕтIанэ щэн-щэфакIохэм а къэлэшхом моущтэу раIощт: «Пхъэшъхьэ-
мышъхьэхэу узыкIэхъопсыгъэхэр о пшIокIодыгъэх. Уимылъкушхорэ
уищытхъушхорэ зэкIэ пшIокIодыгъ, ныбжьи бгъотыжьыщтхэп».

15Щэн-щэфакIохэу ахэр къэлэшхом щащэхэзэ, баи хъугъэхэр, къэлэшхом
икъинышхоу ыщэчырэм пае, щынагъом хэфагъэхэу, чыжьэу щытыщтых.
Гъыхэзэ, шъыгъохэзэ, моущтэу аIощт:

16«О къэлэшхор, бзылъфыгъэм уфэдэу, чэтэныр, шэкI плъыжьыбзэр,
шэкI плъыжь чIапцIэр пщыгъхэу, дышъэкIэ, мыжъо лъапIэхэмкIэ, налмас-
налкъутэхэмкIэ зыбгъэкIэрэкIагъ, гъогу мыгъо утеуцуагъ, гъогу мыгъо
утеуцуагъ.

17Сыда пIомэ, а мылъкушхор зэкIэ зы сыхьаткIэ а къалэм шIокIодыгъ».
Къухьэхэм ятхьэмэтэ пстэухэри, къухьэмкIэ зекIорэ пстэухэри, къухьэмэ
ащылажьэрэ пстэухэри чыжьэу щытыщтых.

18А къэлэшхор зыстырэ машIом иIугъо залъэгъукIэ, аIощт: «А къэлэшхом
фэдэ къэлэшхо зи щыIагъэп».

19Гъыхэзэ, шъыгъохэзэ, ягукъао пае ашъхьэхэм сапэ атыратэкъощт,
куощтых: «О къэлэшхор, гъогу мыгъо утеуцуагъ, гъогу мыгъо утеуцуагъ.
О уимылъкукIэ хым къухьэ щызиIэ пстэури баи хъугъэ. Зы сыхьаткIэ зэкIэ
пшIокIодыгъ.

20А къэлэшхор Тхьэм зэрэзэхикъутагъэм пае, шъо уашъори, апостолхэри,
пегъымбархэри, Тхьэм ицIыф лъапIэхэри шъугушIу, сыда пIомэ,
бзэджагъэу къышъуишIагъэр Тхьэм а къалэм ригъэпщыныжьыгъ».

21ЕтIанэ кIуачIэ зиIэ мэлэIич горэм шъхьал мыжъом фэдэу, мыжъошхо
горэ къыIэти, хым хидзи, моущтэу ыIуагъ: «Бабилэн къэлэшхор ащ фэдэ
кIочIэшхокIэ къырадзыхыщт, ныбжьи агъотыжьыщтэп.

22ШыкIэпщынэм, къамылым, бжъэмыем амакъэхэри, орэд макъэхери а
къэлэшхом щызэхахыжьыщтхэп. Сыд щыщырэ IэшIагъэ зиIэри а

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

къэлэшхом щылэжьэжьыщтэп. Шъхьал мыжъо макъэри а къэлэшхом щызэхахыжьыщтэп.

[23]Остыгъэ нэфыни а къэлэшхом щыблэжьыщтэп. Шъаомрэ нысэмрэ амакъэхэри ащ щызэхахыжьыщтэп. А къэлэшхом ищэн-щэфакIохэр мы дунаим ицIыф инхэм ащыщыгъэх. Иушхъухьаныгъэ лъэпкъ пстэури ыгъэгъуащэщтыгъ.

[24]Пегъымбархэм алъ, Тхьэм ицIыф лъапIэхэм алъ, цIыфхэм чIылъэм щаукIыгъэ цIыф пстэуми алъ а къэлэшхом щагъотыгъ».

## Апокалипсис 19

[1]Ащ нэужым уашъом щыIэ купышхо горэм ымэкъэшхо фэдэ мэкъэшхо горэм къыIоу зэхэсхыгъ: «Аллилуя! Тхьэр ары тымыкIодэу тыкъэзгъэнэжьырэр. Щытхъушхори лъэкIышхори ежь ий.

[2]ЦIыфхэм атыришIыхьэрэ хьыкумыр шъыпкъэ, зафэ, сыда пIомэ, бзылъфыгъэ хэтэкIошхоу зизинэ шIэнымкIэ дунаир зыгъэкIодыщтыгъэр ащ ыгъэмысагъ. Тхьэм ежь иIорышIэхэм алъэу а бзылъфыгъэ хэтэкIошхом ыгъэчъагъэр ригъэпщыныжьыгъ».

[3]Джыри зэ а купышхор къэджагъ: «Аллилуя! А къэлэшхор зыстырэ машIом иIугъо егъашIэм къыпихэу уашъом дэкIоещт».

[4]ЕтIанэ тхьэмэтэ нахьыжъхэу тIокIырэ плIырэмрэ псэушъхьиплIымрэ чIым зырадзыхи, тIысыпIэ лъыпIэм тес Тхьэр агъэлъапIэзэ аIуагъ: «Амин, Аллилуя!»

[5]Джащыгъум тIысыпIэ лъапIэм къиIукIэу макъэ горэм къыIуагъ: «Шъо, Тхьэм иIорышIэ цIыф пстэуми, шъо, Тхьэм шIолIыкI фызиIэхэм, цIыкIуми инми, ти Тхьэ щытхъушхо фэшъушI!»

[6]ЕтIанэ цIыф купышхом ымэкъэшхо, псышхо къыиугъабэмэ амэкъэшхо, шыблэм игъогъэ мэкъэшхомэ афэдэ мэкъэшхохэм моущтэу къаIоу зэхэсхыгъ: «Аллилуя! ЗэкIэ зыфызэшIокIырэу, ти Зиусхьан Тхьэм тетыгъошхо зэриIэр къыгъэнэфагъ.

[7]ТыжъугъэгушIу, тыжъугъэчэф, щытхъушхуи фэтэжъугъэшI. Сыда пIомэ, Шъынэм икъэщэгъу къэсыгъ, шъхьэгъусэ хъущт пшъашъэм зигъэхьазырыгъ.

[8]Чэтэн лыдэу ыкIи къабзэу зыщилъэнэу мэлэIич горэм Шъынэм шъхьэгъусэ фэхъущт пшъашъэм ритыгъ».

(Чэтэным къикIырэр Тхьэм ицIыф лъапIэхэм яшъыпкъагъ ары.)

[9]ЕтIанэ мэлэIичым къысиIуагъ: – Мыхэр тхых: «Шъынэм инысащэ къыригъэблэгъагъэхэр гъогу мафэ теуцуагъэх». ЕтIани къысиIуагъ: – «Мыхэр Тхьэм игущыIэ шъыпкъэх».

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

10Джащыгъум згъэлъэпIэнэу мэлэIичым ылъакъохэм адэжь зесыдзыхыгъ.
Ау ащ къысиIуагъ: – Аущтэу умышIы. Оррэ пшыхэу Исус шыхьат
фэхъухэрэмрэ сышъуигъусэу сэри Тхьэм сыфэIорышIэ. Тхьэр ары
бгъэлъэпIэн фаер. Сыда пIомэ, Тхьэм игущыIэхэр пегъымбармэ агухэм
къарилъхьэхи, къызфаригъэIуагъэхэр Исус ехьылIэгъэ къэбарышIур
къаIотэныр ары.

**ПкIэгъуалэм тесыгъэр**

11ЕтIанэ уашъор зэIухыгъэу слъэгъугъэ. Сызэплъэм, пкIэгъуалэ горэ
къэлъэгъуагъ. Шым тесым «Шъыпкъагъэ зиIэ цIыфэу узщыгугъышъункIэ»
еджэх. Шъыпкъагъэ хэлъэу хьыкум ешIы, мэзао.

12ЫнэхэрI мэшIотхъуабзэм фэдэх. Ышъхьи пачъыхьэ тандж Iаджи телъ.
Ежь нэмыкI зыми ымышIэу цIэ горэ ынатIэ тетхагъ.

13Лъым хэгъэуагъэу джэнэ кIыхьэ щыгъ. Ащ ыцIэр: Тхьэм и ГущыI.

14ПкIэгъуалэхэм атесхэу, чэтэн фыжь къабзэхэмкIэ фэпагъэхэу уашъом
идзэхэр ащ лъыкIощтыгъэх.

15Лъэпкъхэм зэряощт чэтэ чан ыжэ къыдэкIыщтыгъ. Лъэпкъхэр гъучI
бэщкIэ ыгъэIорышIэщтых. ЗэкIэ зыфызэшIокIырэ Тхьэм игубжышхо исэнэ
фызалъэм сэнашъхьэхэр рифызэщтых.

16Пачъыхьэхэм я Пачъыхьэжь, зиусхьанхэми я Зиусхьаныжь зыфаIорэ
цIэр ишъошэ кIыхьи ыкохэми атетхэгъагъ.

17ЕтIанэ тыгъэм хэтэу мэлэIич горэ слъэгъугъэ. Ошъогум щыбыбырэ
бзыу пстэуми мэкъэшхокIэ моущтэу ариIуагъ: «Тхьэм игухэхъо Iанэ пае
шъузэрэугъоий, шъукъеблагъ,

18пачъыхьэхэм ал, дзэ пэщэшхохэм ал, лъэкI зиIэ цIыфхэм ал, шыхэм ал,
шыухэм ал, шъхьафитми, пщылIми, цIыкIуми, инми, цIыф пстэуми ал
шъушхыным пае».

19ЕтIанэ хьэкIэ-къокIэжъыр, дунаим ипачъыхьэхэр ядзэхэр ягъусэхэу
слъэгъугъэх. Ахэр шым тесымрэ идзэмрэ язэонхэу зэрэугъоигъэх.

20Ау шым тесымрэ идзэрэ хьэкIэ-къокIэжъыри пегъымбар нэпцIэу ащ
ыпашъхьэ нэшэнэ гъэшIэгъонхэр щызыгъэлъэгъогъагъэри аубытыгъэх. А
нэшанэхэмкIэ хьэкIэ-къокIэжъым цIыфхэу ежь итамыгъэ зытедзагъэхэу,
исурэти зыгъэлъапIэхэрэр дихьыхыгъагъэх. Шым тесымрэ идзэрэ хьэкIэ-
къокIэжъри пегъымбар нэпцIри заубытыхэ ужым, а тIури псаухэу
тхъомзашхъом имашIокIэ стырэ хым хадзагъэх.

21Къэнагъэхэри шым тесым ежь ыжэ къыдэкIырэ чэтэшхомкIэ ыукIыгъэх,
зэкIэ бзыухэми ахэмэ алкIэ загъэшхэкIыгъ.

## Апокалипсис 20

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

## Илъэс минхэр

[1]ЕтIанэ уашъом къехэу мэлэIич горэ слъэгъугъэ. ЧIылъэм икуупIэу чIэ зимыIэм иIункIыбзи блэрыпс ин гори ыIыгъыгъэх.

[2]Блэгъожъыр, а блэжъэу иблыскIэ е шэйтанкIэ заджэхэрэр ыубыти, илъэс минкIэ рипхыгъ.

[3]ЧIылъэм икуупIэу чIэ зимыIэм чIидзи, ыгъэпытэжьи, мыхъури тыридзагъ, илъэс миныр текIыфэ, лъэпкъхэр ымыгъэпцIэнхэм пае. А илъэс миным ыуж охътэ макIэкIэ шъхьафитныгъэ иIэнэу атIупщыжьын фае.

[4]ЕтIанэ тхьэмэтэ тIысыпIэхэри, а тIысыпIэхэм атес цIыфхэу адрэ цIыфхэм хьыкум атезышIыхьанхэу Тхьэм тетыгъо зэритыгъэхэри слъэгъугъэх. Исус шыхьат зэрэфэхъугъэхэм ыкIи Тхьэм игущыIэхэр цIыфхэм зэрарагъэIугъэхэм пае, зышъхьэ паупкIыгъэхэм апсэхэри слъэгъугъэх. Ахэмэ хьэкIэ-къокIэжъыимрэ исурэтрэ агъэлъэпIэгъагъэхэп, анатIэхэми аIэхэми хьэкIэ-къокIэжъым итамыгъэ атырадзэнэу адэгъагъэп. Ахэр къэпсэужьхи, Христос игъусэхэу илъэс миным къыкIоцI тетыгъо яIэнэу хъугъэ.

[5]А илъэс миныр текIыфэ, адрэ къэнэгъэ лIагъэхэр къэпсэужьыгъэхэп. Мыхэр ары апэрэхэу лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъэхэр.

[6]Апэрэхэу лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьхэрэр лъапIэх, гъогу мафэ теуцуагъэх. ЯтIонэрэ лIэныгъэм иягъэ ахэмэ аригъэкIынэу лъэкI иIэп. Ахэр Тхьэмрэ Христосрэ афэIорышIэрэ дин пэщэщтых, Христоси игъусэхэу илъэс миным къыкIоцI тетыгъо яIэщт.

## Шэйтаным зэрэтекIохэрэр

[7]А илъэс миныр зытешIэкIэ, шэйтаныр хьапсым къычIатIупщыжьыщт. Ар кIонышъ, чIылъэм ылъэныкъуиплI щыIэ лъэпкъхэу Гогрэ Магогрэ зыфаIохэрэр ыгъэпцIэщтых. Ахэр зэонхэм пае ыугъоищтых. Ахэмэ япчъагъэ хым ипшахъо фэдизыщт.

[8]Аущтэу чIылъэм ишъомбгъуагъэ зэлъаубытызэ кIохи, Тхьэм ицIыф лъапIэхэм яуцупIэу Тхьэм шIу ылъэгъурэ къэлэшхор къауцухьагъ.

[9]Ау машIор уашъом къехи, ахэр ыгъэкIодыгъэх.

[10]Шэйтанэу ахэр зыгъэпцIагъэр машIорэ тхъомзашхъорэкIэ стырэ хым хадзагъ. А хым хьэкIэ-къокIэжъри пегъымбар нэпцIри хадзэгъагъэх. А хым чэщи мафи егъашIэм къинышхор щащэчыщт.

## Тхьэм цIыфхэм хьыкум зэратыришIыхьэрэр

[11]ЕтIанэ тIысыпIэ лъэпIэ фыжь инымрэ ащ тесымрэ слъэгъугъэх. ТIысыпIэ лъапIэм тесым ыпашъхьэ чIылъэри уашъори зэдэкIодыгъэх, чIыпIи къафэнэжьыгъэп.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

12Цlыф лlагъэхэр, цlыкlуи ини, тlысыпlэ лъапlэм ыпашъхьэ итхэу
слъэгъугъэх. Мэлэlичхэм тхылъ горэхэр зэгуахыгъэх. Нэмыкl тхылъэу
мыкlодыжьын щыlэныгъэ зыгъотыщтхэм ацlэхэр зэрытыр зэгуахыгъ.
Тlысыпlэ лъапlэм тесым лlагъэхэм lофэу ашlагъэхэу а тхьылъхэм
арытхэм ялъытыгъэу хьыкум атыришlыхьагъ.

13Хым цlыф лlагъэхэу хэлъыгъэхэр къытыжьыгъэх. Лlэныгъэми,
Лlагъэхэм я Дунаий цlыф лlагъэхэу ялагъэхэр къатыжьыгъэх, тlысыпlэ
лъапlэм тесым хэти ышlагъэхэм ялъытыгъэу хьыкум тыришlыхьагъ.

14Етlанэ мэлэlичхэм Лlэныгъэри, Лlагъэхэм я Дунаий машlокlэ стырэ хым
хадзагъэх. А хэу машlокlэ стырэр ятlонэрэ лlэныгъэр ары.

15Мыкlодыжьын щыlэныгъэ зыгъотыщтхэм ацlэхэр зэрыт тхылъым
цlыфхэу зыцlэхэр рамыгъотагъэхэр машlокlэ стырэ хым хадзагъэх.

## Апокалипсис 21

### Ошъуакlэмрэ чlылъакlэмрэ

1Етlанэ ошъуакlэри чlылъакlэри слъэгъугъэх, сыда пlомэ, апэрэ уашъори
апэрэ чlылъэри щыlэжьыгъэхэп, хыри щыlэжьыгъэп.

2Ащ нэужым къэлэшхо лъапlэу Иерусалимыкlэр, Тхьэм дэжь къикlэу,
уашъом къехэу слъэгъугъэ. Шъхьэгъусэ хъущт пшъашъэм кlалэм
зызэрэфигъэкlэрэкlагъэм фэдэу, зигъэхьазырыгъагъ.

3Тlысыпlэ лъапlэм къиlукlэу мэкъэшхо горэ моущтэу къыlоу зэхэсхыгъ: –
Мары, Тхьэм ипсэупlэ цlыфмэ ахэт, ежьыри ахэсыщт. Ахэри илъэпкъ
хъущтых. Ежь Тхьэри ахэмэ ягъусэщт, я Тхьэщт.

4Ахэмэ анэхэм нэпс пстэури акlилъэкlыкlыжьыщт. Лlэныгъэри
щыlэжьыщтэп, шъыгъонри, гъынри, узри щыlэжьыщтхэп, сыда пlомэ,
ыпэрэ lофхэр щыlэжьхэп.

5Етlанэ тlысыпlэ лъапlэм тесым къыlуагъ: – Мары, lоф пстэури кlэ
сэшlыжьы. – Мыхэр тхых, – къыпигъэхъожьыгъ етlанэ, – сыда пlомэ,
мыхэр узщыгугъын гущыlэ шъыпкъэх.

6– lофыр ухыгъэ, – къыcиlуагъ етlанэ. – Альфэри Омегэри, ублапlэри
кlэухыри Сэры. Псыфалlэ лlэрэр щыlэныгъэ къэзытырэ псынэкlэчъым
ипс щыщ ыпкlэ хэмылъэу езгъэшъощт.

7Текlоныгъэр къэзыхьырэм мы пстэури lахьышlоу къылъыlэсыщт. Сэ ежь
и Тхьэу сыщытыщт, ежьыри сэ скъоу щытыщт.

8Ау къэрабгъэхэм, шlошъхъуныгъэ зимыlэхэм, зызгъэушlоигъэхэм, цlыф
укlакlохэм, зинэ зышlэхэрэм, ушхъухьаным пылъхэм, тхьэ нэпцlыр
зыгъэлъапlэхэрэм, пцlыусхэм – ахэмэ ялахьыр машlорэ
тхъомзашхъорэкlэ стырэ хыр ары. Ар ятlонэрэ лlэныгъэр ары.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

**ЕрусалимыкIэр**

9 Аужырэ къинышхуиблыр зэрыт Iэгубжъиблыр зыIыгъырэ мэлэIичиблымэ язырэр къакIуи, къысиIуагъ: – Моу къакIуи, Шъынэм ишъхьэгъусэ хъущт пшъашъэр озгъэлъэгъущт.

10 Тхьэм ы Псэ ЛъапIэ къысфехыгъэу, мэлэIичым Iошъхьэ лъэгэшхо горэм сыдищэягъ. Тхьэм дэжь къикIэу, уашъом къехэу, къэлэшхо лъапIэу Ерусалим сигъэлъэгъугъ.

11 А къэлэшхом Тхьэм ищытхъушхо иIагъ. Кристаллым фэдэ къабзэу, яспис зыцIэ мыжъо лъэпIэ фыжьым фэдэу лыдыщтыгъ.

12 Къалэм дэпкъ лъэгэшхоу къэлэпчъэ пшIыкIутIу зыхэтыр иIагъ. Къэлапчъэхэм мэлэIич пшIыкIутIу аIутыгъ, Израиль илIэкъо пшIыкIутIумэ ацIэхэри атетхэгъагъэх.

13 Тыгъэ къокIыпIэмкIэ къэлэпчъищ, тыгъэ къохьапIэмкIи къэлэпчъищ, къыблэмкIи къэлэпчъищ, темырымкIи къэлэпчъищ хэлъыгъэх.

14 А къалэм идэпкъ лъэпсэ пшIыкIутIу иIагъ. А лъапсэхэм Шъынэм иапостол пшIыкIутIумэ ацIэхэр атетхэгъагъэх.

15 МэлэIичэу къыздэгущыIагъэм къалэр, къалэм икъэлапчъэхэр, идэпкъ ышынхэм пае, дышъэм хэшIыкIыгъэ бэщ шапхъэ ыIыгъыгъ.

16 Къалэм икIыхьагъи ишъомбгъуагъи зэфэдизыгъ. МэлэIичым ибэщкIэ къалэр ышыгъ. Къалэм икIыхьагъэ стадие мин пшIыкIутIум фэдизыгъ. Ишъомбгъуагъи илъэгагъи ащ фэдизыгъ.

17 МэлэIичым дэпкъыри ышыгъ. ЦIыфмэ зэрашырэм фэдэу, мэлэIичым зешым, дэпкъым ишъомбгъуагъэ Iэнтэгъуишъэрэ тIокIитIурэ плIырэ хъугъэ.

18 Дэпкъыри яспис мыжъо лъэпIэ фыжьым хэшIыкIыгъагъ. Къалэри апчым икъэбзагъэ фэдэ къэбзагъэ зиIэ дышъэм хэшIыкIыгъагъ.

19 Къалэм идэпкъ лъапсэхэри зэфэшъхьаф мыжъо лъапIэхэмкIэ агъэкIэрэкIэгъагъэх. Апэрэ лъапсэр яспис зыцIэ мыжъо лъэпIэ фыжьым хэшIыкIыгъ; ятIонэрэри сапфир мыжъо шхъуантIэм хэшIыкIыгъ; ящэнэрэри халкидон мыжъо къолэным хэшIыкIыгъ; яплIэнэрэри смарагд мыжъо уцышъуабзэм хэшIыкIыгъ;

20 ятфэнэрэри сардоникс мыжъо къолэн лыдым хэшIыкIыгъ; яхэнэрэри сердолик мыжъо плъыжь хьаплъым хэшIыкIыгъ; яблэнэрэри хризолиф мыжъо гъожьым хэшIыкIыгъ; яенэрэри вирил мыжъо уцышъуабзэм хэшIыкIыгъ; ябгъонэрэри топаз мыжъо гъожьыбзэм хэшIыкIыгъ; япшIэнэрэри хрисопрас мыжъо уцышъом хэшIыкIыгъ; япшIыкIузэнэрэри гиацинт мыжъо шхъонтIашъом хэшIыкIыгъ; япшIыкIутIонэрэри аметист мыжъо плъыжь чIапцIэм хэшIыкIыгъ.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

21Къэлэпчъэ пшІыкІутІур налмэс-налкъут пшІыкІутІоу зэхэлъыгъ,
къэлапчъэ пэпчъ зы налмэс-налкъутэм хэшІыкІыгъ. Къалэм иурам дышъэ
къабзэм хэшІыкІыгъ, узыпхырыплъырэ апчым фэдэу.

22А къэлэ лъапІэм Тхьэм зыщелъэІунхэ унэшхо горэ щыслъэгъугъэп,
сыда пІомэ, зэкІэ зыфызэшІокІырэ Зиусхьанэу Тхьэмрэ Шъынэмрэ а
къалэм зэрэщыІэхэм пае, а къалэм Тхьэм узыщелъэІун унэшхо горэ
ищыкІэгъагъэп.

23А къалэр агъэнэфынэу тыгъэри мазэри ищыкІагъэхэп, сыда пІомэ,
Тхьэм ищытхъушхо а къалэр егъэнэфы, Шъынэри а къалэм нэфынэ
фэхъу.

24Лъэпкъхэри ащ инэфынэ щызекІощтых. Дунаим ипачъыхьэхэми
ящытхъушхо а къалэм къыдахьыщт.

25Мафэми ащ икъэлапчъэхэр агъэпытэщтхэп, сыда пІомэ, ащ чэщ
щыхъущтэп.

26Лъэпкъхэм ящытхъушхорэ ялъытэныгъэшхорэ а къалэм къыдахьащт.

27Къэбзэныгъэ зимыІэр а къалэм дэхьащтэп. ЕмыкІу зышІэрэри
пцІыусыри дэхьащтхэп. ЗыцІэхэр Шъынэм итхылъ итхэу, мыкІодыжьын
щыІэныгъэ зыгъотыщтхэм анэмыкІэу, цІыф зи а къалэм дэхьащтэп.

## Апокалипсис 22

1ЕтІанэ мэлэІичым щыІэныгъэ къэзытырэ псым ипсыхъоу кристаллым
фэдэу къабзэр къысигъэлъэгъугъ. Тхьэмрэ Шъынэмрэ ятІысыпІэ лъапІэ
къикІэу,

2а къалэм иурам гузэгу итэу ар блэчъы. А псыхъом ыбгъуитІукІэ
щыІэныгъэ къэзытырэ чъыгхэри Іутых. Илъэсым пшІыкІутІо къыпэкІэ,
мазэ къэси зэ къыпэкІэ. А чъыгым ытхьапэхэм лъэпкъхэм яузхэр
агъэхъужьых.

3Тхьэм ынае зыщифэрэ гори а къалэм щыІэщтэп. Тхьэмрэ Шъынэмрэ
ятІысыпІэ лъапІэ а къалэм щыІэщт, Тхьэм иІорышІэхэми ежь
агъэлъэпІэщт.

4Ахэмэ Тхьэм ынапэ алъэгъущт, ыцІи анатІэ тетхэгъэщт.

5Чэщ щыІэжьыщтэп. Остыгъэм инэфыни ящыкІэгъэжьыщтэп, тыгъэм
инэфынэри ящыкІэгъэжьыщтэп, сыда пІомэ, Зиусхьан Тхьэм нэфынэ
аритыщт. ЕгъашІэми тетыгъо яІэщт.

### Христос бэ темышІэу къэкІожьыщт

6ЕтІанэ мэлэІичым моущтэу къысиІуагъ: – Мыхэр узщыгугъын гущыІэ
шъыпкъэх. Пегъымбар лъапІэхэм я Зиусхьан Тхьэм бэ темышІэу къэхъун

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
Къэбарышlур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

фэе Iофхэр ежь иIорышIэхэм аригъэлъэгъунхэм пае, имэлэIич къыгъэкIуагъ.

7– КъэдаIу, – къеIо Исус, – бэ темышIэу сыкъэкIожьыщт. Тхьэм дэжь къикIыгъэхэу, мы тхылъым ит гущыIэхэу къэхъущт Iофхэм яхьылIагъэхэм ядэIурэр гъогу мафэ теуцуагъ.

8Сэ сы Иуан, мы Iофхэр зэхэзыхыгъэр, зылъэгъугъэр сэры. Мы Iофхэр зэхэсхыхэу, зысэлъэгъухэрэ ужым, ахэр сэзгъэлъэгъугъэ мэлэIичыр згъэлъэпIэнэу ылъакъомэ адэжь зыщесыдзыхыгъ.

9– Аущтэу умышIы, – къысиIуагъ ащ. – Оррэ пшыхэу пегъымбархэмрэ мы тхылъым итхэр зыгъэцакIэрэ цIыф пстэухэмрэ шъуигъусэу сэри Тхьэм сыфэIорышIэ. Тхьэр ары бгъэлъэпIэн фаер.

10– Тхьэм дэжь къикIыгъэхэу, мы тхылъым ит гущыIэхэу къэхъущт Iофхэм яхьылIагъэхэм мыхъур атемыдз, – къыпигъэхъожьыгъ етIанэ, – сыда пIомэ, уахътэр къэблэгъагъ.

11Бзэджагъэ зышIэрэр бзэджэшIэным джыри пэрэлъ. ШIоигъэм пылъыри джыри пэрэлъ. ШъыпкъагъэрзыгъэцакIэрэри шъыпкъагъэр ыгъэцэкIэным джыри пэрэлъ. Зыгу къэбзэ цIыфми ыгу къэбзэ зэпытынэу орэхъу.

12– Къэдаlу, – къеIо Исус, – бэ темышIэу сыкъэкIожьыщт! Хэти ифэшъошэ Iахь къыздэсэхьы, хэти ышIагъэм фэшъуашэри естыжьыщт.

13Альфэри Омегэри, апэрэри аужырэри, ублапIэри кIэухыри Сэры.

14– Чъыгэу щыIэныгъэ къэзытырэм къыпыкIэрэм щыщ ашхынэуи, къэлапчъэхэмкIэ къалэм дэхьанхэуи фит хъунхэм пае, Тхьэм иунашъохэр зыгъэцакIэхэрэр гъогу мафэ теуцуагъэх.

15Ау хьэхэри, ушхъухьаным пылъхэри, зинэ зышIэхэрэри, цIыф укIакIохэри, тхьэ нэпцIхэр зыгъэлъапIэхэрэри, хэти мышъыпкъагъэр шIу зылъэгъоу ар зыгъэцакIэрэри а къалэм ыкIыб дэтых.

16– Сэ, Исус, шъуичылыс зэIукIэхэм апае мы Iофхэр къышъуфиушыхьатынхэу симэлэIич къэзгъэкIуагъ. Пачъыхьэ Даутэ илIакъо къытекIыгъэ бын лъапIэр сэры. Нэфшъэгъо жъогъо нэфыри сэры.

17Тхьэм ы Псэ ЛъапIэрэ шъхьэгъусэ хъугъэмрэ аIо: «КъакIо». Ар зэхэзыхырэми, «КъакIо» ерэIу. Хэтми псыфалIэ лIэрэр къэрэкIу. Хэт фаеми, щыIэныгъэ къэзытырэ псым щыщ ыпкIэ хэмылъэу ерэшъу.

18Тхьэм дэжь къикIыгъэхэу, мы тхылъым ит гущыIэхэу къэхъущт Iофхэм яхьылIагъэхэр хэтми зэхэзыхырэр зыфэсакъыжьынэу есэIо. ЦIыф горэм мы тхылъым ит гущыIэхэм зыгорэ ахилъхьэмэ, Тхьэм мы тхылъым зикъэбар ит къыинышхохэр ащ тырилъхьащтых.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышIур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

19Тхьэм дэжь къикӀыгъэхэу, мы тхылъым ит гущыӀэхэу къэхъущт Ӏофхэм
яхьылӀагъэхэм цӀыф горэм зыгорэ ахихымэ, Тхьэм а цӀыфым иӀахьышӀу
къыӀихыщт. Сыда пӀомэ, мыкӀодыжьын щыӀэныгъэ зыгъотыщтхэм ацӀэхэр
зэрыт тхылъымкӀи, къэлэ лъапӀэмкӀи, мы тхылъым зикъэбар ит ӀофхэмкӀи
Тхьэм а цӀыфым Ӏахьэу иӀэр къыӀихыщт.

20Мы Ӏофхэм шыхьатэу афэхъурэм еӀо: «Шъыпкъэ, бэ темышӀэу
сыкъэкӀожьыщт». Амин. КъэкӀожь, Зиусхьан Исус.

21Ти Зиусхьан Исус Христос ынэшӀу шъо пстэуми къышъуещерэф. Амин.

© Институт перевода Библии, 1991, 1992, 2014. Стокгольм.
КъэбарышӀур (Инджыл)
Institute for Bible Translation

# Esclarecimento

Trata-se de iniciativa particular, com os seguintes objetivos: (i) colaborar para divulgação dos diversos textos bíblicos disponíveis, e, (ii) facilitar o acesso a esses textos, inclusive por meio de download.

Todo esforço em tornar a Palavra de Deus acessível a todos, em quaisquer localidades e falantes das mais diversas línguas, precisa ser um objetivo de todos os que são guiados pelo Espírito Santo. Ele inspirou o profeta Jeremias a dizer "não ensinará jamais cada um ao seu próximo, nem cada um ao seu irmão, dizendo: Conhece ao SENHOR, porque todos me conhecerão, desde o menor até ao maior deles, diz o SENHOR" (Jer. 31:34).

Jesus, também, falou assim: "e será pregado este evangelho do reino por todo o mundo, para testemunho a todas as nações" (Mat. 24:14).

Muitas organizações foram constituídas com o propósito de fazer a Bíblia disponível nas diversas línguas. Não é uma tarefa simples. Anos de trabalho, dedicação e entrega são necessários para esta tão extraordinária missão.

O texto deste trabalho está disponível na internet, em páginas eletrônicas de organizações que produzem ou divulgam bíblias, sem acréscimos de notas ou comentários. Assim, reconhecendo e respeitando os direitos que possuem sobre seus trabalhos, incumbe a todos os que amam a Palavra de Deus, o esforço em contribuir para amplificar sua divulgação.

Se possível, faça download do texto, para que sejamos, também, guardiões da Bíblia, e, com isso, preservando-a para as futuras gerações.

Divulga a Palavra de Deus, ela mostra o Caminho e permite a todos, que se conheça Sua vontade, em todos os lugares e épocas.

Marcel da Glória Pereira

2021, Vitória/ES - Brasil

Capa: Pôr do sol sobre o mar. Trata-se de imagem disponibilizada na internet, dentre as que não informam haver restrição ao uso.